तेराहके अनुसार

धार्मिताके रास्ता

यी खण्डमे अध्ययन कयल कुछ आदमीसबः

आदम

हब्बा

कैन

हाबिल

हनोक

नोह

अब्राहाम

लोत

इसाहाक

इस्माएल

याकुब

योसेफ

मोशा

हारुन

फारो

यहोशू

रुथ

परमेश्वरके सामने एगो आदमी कइसे धर्मी होएसकी ? अगमवक्ता (अयूब ९:२)

कार्यक्रम १

परमेश्वर बोलले बा

परिचय

ई कार्यक्रम सुनरहल अपने सम्पूर्ण स्रोता, सब मे शान्ति, हम अपने सब के, शान्ति के परमप्रभु परमेश्वरके, नाम मे, नमस्कार करईतबानी, जे सब दिनके लागि, साचो शान्ति के, स्थापना कयलक, आ धार्मिकता के, रास्ताम, अपनने आपके, समर्पण करेके चाहईता । हमनी के, ई धार्मिकता के रास्ता, कार्यक्रम सुनाबे के, मौका मिल्ल, हाम्रा बहुत खुसी लागल । हम ई, रेडियो कार्यक्रम के, धार्मिकता के रास्ता, कार्यक्रम कहईसी, काहेकी ई मे, हमनी अगमवक्ता सब, लेखक सब, खोजतलास करेके योजना करईसी, जौन अधर्मी आदमी सब, कईसे परमेश्रके अगारी, धर्मि बनेसकी, कहके बताबले ।

हमनी सब कउन रास्ता में, चलईतबारी, धार्मिक रास्ताम, की अधार्मिक रास्तामे ? कथी हमनी सब, परमेश्वर से आएल धार्मिकता के, रास्ताके बारेमे जानेके चाहईतबानी ? परमेश्वर के, बचन कहले की : उ आदमी धन्यके बा, जउन धार्मिकता के लेल, भुखाएलबा आ पियासलबा, काहेकी ओकनी सब के, भुख पियास मिटाजाई । (मति ५:६)

शायद ईहा अईसन सोचेबाला सब भी, बा की हमनी सब के, धार्मिक रास्ता पहिले थाह बा । हमनी सब के, पहिलेके अगमवक्ता सबके, लेखक सबके, लिखल बचन से, चिन्तित होएके जरुरी नइखे । हमनी के जउन थाह बा, उहे हमनी सब, के लागि बहुत बा । यदि ई हमनीके, मनके, बात होइ त, सुन, अमवता सोलोमन कथी लिखलक : कउनो रास्ता, आदमीके नजरमे, ठिके लागि, लेकिन अन्त में, उ रास्ता मरेके अवस्था मे पुगादी ।(हितोपदेश १४:१२)

बाइबलके भजनसङग्रह खण्ड में, परमेश्वर के बचन मे, सोलोमन के पिता, अगमवक्ता दाउद के, बनाएल धार्मिकता के, रास्ता के बारेमे, हमनीके जानल जरुरी बा, कहके बहुत जना कहले । उ अईसे, लिखले बा, धर्मि कौनो नइखे, एकजना भी नइखे । यी सब खराब रास्ता मे, लागलबा । यी सब एकेसंगे भ्रष्ट होगेलबा । बन्हिया करेबाला कौनो नईखे, एकजना भि नईख, । (भजनसङग्रह १४:१, ३, रोमी ३:१०,१२)

काहेला, दाउद भी, भजनसङग्रह मे, परमप्रभु के कएल ई प्रार्थना लिखलक की:

हे परमप्रभु, अपने के रास्ता, हाम्रा देखाउ..... अपने के रास्तामे, चलेला हाम्रा सिकाउ । अपने के सत्यता मे, हाम्रा चलाउ । आ हाम्रा के, अपना हात धके चलाउ । (भजनसङग्रह २५:४-५)

यदि हमनी सबके, परमप्रभु परमेश्वर, सत्य के रास्ता में, नचलाईत त, हमनीके परमेश्वर के, धार्मिकता के, रास्ता कहियो न, चले सकती । हमनीके एगो, बरका सहरमे, भुलाएल एगो लईका जइसन, आ मरुभुमी में, भुलाएल एगो भेर, जइसन होखम । लेकिन धर्मशास्त्र बाइबलमे, हमनीके कहले की, परमेश्वर कौनो भी नाश, होऐ कहके, नचाहल, लेकिन, सबजन उद्धार पासके, आ सत्यके ज्ञानम, आओ कहके, इच्छा प्रभु करले । (२पत्रुश ३:९, १ तिमोथी २:४) स्रोता सब, हमनी सब सत्यके, रास्ता में, चलइतबारी त, निश्चित रुपसे थाह बाटे । ई से महत्वपूर्ण बात, कुछो नइखे, जौन हमनीके परमेश्वरके, ओर लेजाई । ई सत्यके रास्ता, कार्यक्रम में, हमनीक, क्रम रुपसे, धर्मशास्त्र सब के, पढम । हमनी सब, एक एक करके, अगमवक्ता सबके, कथा सब शुरुस, अन्त तक पढम । परमेश्वरके किताबके, शुरुवात आ अन्त भी बा । ईहे कारण, हमनी सब, धर्मशास्त्र मे लिखल, कथा सबके खोजतलास करेके चाहम । शुरुवात, जहाँ, परमेश्वर स्वेम, अपने शुरु कएलक, मतलब, एकदम शुरुमे ।

हमनी परमेश्वर आ, अगमवक्ता सब के बारेमे एकदम, महत्वपूर्ण बात, सिखम । हमनी सब, सिखम की, अगमवक्ता सब, पबित्रशास्त्र, लिखलेबा, तैपर भि, केवल लेखक ही, अगमवक्ता सबके, ईलिखेला प्रेरणा, देले रहे । आ उ लेखक, परमेरश्वर ही रहे । अगमवक्ता सब के, शास्त्र मे एकेगो मुख्य, सन्देश भेल बहुत, कथा सब बा । आदमी सब कईसे, परमेश्वर मार्फत, धर्मी ठहरे सकी, ईहे बारेम, सुसामाचार ही, प्रमुख सन्देश बा ।

ईहे कारण हमनीके, यी धार्मिता के, रास्ता, कार्यक्रम के, ध्यान देके, आ विश्वासयोग्यता के साथ सुनु, कहके हम, अपने सबसे, अनुरोध करइतबारी ।

बोलोफ बुद्दि कहलेबा की, धिरेधिरे छुप्केसे, एगो आदमी, बगैचा में, बानरके पकले । ई भी, कहले बा की, पानीके बरतन, इनारमे मेहनत, आ परिश्रमके साथ, रुकेबाला के, भेटाबले । ओईसही, परमेश्वर आपना, बचन में, हमनीके कहलेबाकी, परमेश्वरके खोजेबाला, के प्रभु ईनाम देबले । (हिब्रु ११:६)

परमेश्वरके साचो रुपसे, खोजेबाला सबके, लागि प्रभु प्रतिज्ञा करले की (जब तोहनी सब, अपना सारा हृदय से, हाम्रा खोजबे, तब तोहनी सब, खोजके हाम्रा भेटएबे ।) (यर्मिया २९ :

१३)

ईहा धार्मिकता के, रास्ता कार्यक्रम में, हमनीके परमेश्वर, आ ओकर कहल वचन के बारेमे हमनीके, ज्ञानके बढाएम । की कथि हमनीके, थाह बा की, परमेश्वर कईसन बा ?

आ शैतान काहासे आएल ? कथी हमनीके थाह बा, की परमेश्वर आदमी के, काहेला बनएलक ? या परमेश्वरके बनावल, ई सुन्दर संसारम, पाप कहासे आयल ? कथी हमनी के, कहियो भी, परमेश्वरके अगमवक्ता नोहा, आ जलप्रलय के, अचम्मके कथा, सुनले बारी ? कथी हमनी के, साचो थाह बा, की परमेश्वर के, अगमवक्ता सब, कथी कहले रहे ? कथि थाह बा, कि काह, अब्राहाम के, परमेश्वरके, मित्र कहले रहे ? कथी हमनीके आपना मित्र सबके, अपन बेटाबेटी सबके, आ अगमवक्ता सबके, संन्देश ठीकसे बतएले बारी ?

हजार वर्ष अगारी, अगमबक्ता अयुब, प्रश्न कइले रहे की, परमेश्वरके अगारी, कौन आदमी, अपने आपके, धर्मी ठहराए सकी ? (अयुब ९:२) परमेश्वर अयुब के, प्रश्नके जवाफम, कहल बचन, कथी हमनी के थाह बा ? परमेश्वरकेद्धारा ही, हमनीके धर्मि, ठहरायल, गेल बारी कहके, हमनी कइसे, कहे सकम ? यदि हमनीके ई, प्रश्न के खातिर, परमेश्वरके देल जवाफ, आ औरी बहुत बात सब, जानेके चाहइत बारी, त हमनीके ई, धार्मिकताके रास्ता, कार्यक्रम, ध्यान देके सुनेके परी । सचमे, परमेश्वरके बचन, गहिरा बा, अदभुत बा, जिन्दा आ, क्रीयाशील बा, आ परमेश्वरके बचन, कौनो भी, बात सब, नलुकाबले । ई बचनस, आदमी कईसन बा, कहके हमनीके, बुझम । जईसे धर्मशास्त्र, घोषणा करले, की परमेश्वर के नजरम, ई संसारके कौनो भि, बात छुपल नबा । परमेश्वरके, नजरके सामने, सब बात प्रष्ट बा, परमेश्वरके, हमनीसब, लेखा देबेके परी । (हिब्रू ४:१३)

आजुके बाकी समय में, हमनी सबके, बुझेके महत्वपूर्ण, सत्य बचन, जोन बा, उ ईहे बा, की, परमेश्वर कहलेबा, : (भजनसङग्रह ६०:६) सर्वोच्चके परमेश्वर, कहले बा की, परमेश्वर हमनी से, बोलेके चाहले । यदि हमनी के, एगो बहुत दुर के, देशके महान राजास, एगो पत्र, प्राप्त करम त, कथी उ, हमनी के, पढम ? की उ राजा हमनी के, उ पत्रम, कथी कहेक, चाहइता, कथी हमनी के उ, विचार करइसी ? कथी हमनीके राजाके, लिखल शब्द सबम, ध्यान देहम ? सर्वोच्चके परमेश्वर, हमनीसे बात करेके समय में, हमनीके केतना बेसी, ध्यान देबेके परी ?

परमेश्वर हमनी, मानव जाति से, कईसे बोललेबा ? पवित्रशास्त्र, हमनी सबके, कहले की, शुरु के समय में, हमनी सबके, दादा पुर्खा से, परमेश्वर, अगमबक्ता, सबके द्धारा, बहुत आ, अनेक किसिमस, बोललेबा । (हिब्रु १:१) हूँ, परमेश्वरके आदमी सबसे, बोलेके एगो तरिका, ई बा की, उ अगमवक्ता, सबके द्वारा, बोलले । वितल दिनमे, परमेश्वरके चुनल आदमी, सबके अपन बचनके, घोषणा करेके, लागि किताब सब, आ (किताबके मुठा) सब लिखेके लागि, चुनले रहे । परमेश्वर अपन बचनम, कहलेबा की :

सबसे पहिले, तोहनी सब के, ई बुझेके परी, की पवित्र धर्मशास्त्रके, कौनो भी, अगमवाणी, व्यक्तिगत, व्याख्या के, विषय नइखे । काहेकी, आदमीके इच्छासे, कौनो अगमबाणी, आएले

नइखे। लेकिन परमेश्वरक, पवित्र आत्मास, प्रेरणा पार्क, अगमवक्ता सब, परमेश्वरके, ओरसे बोलले बा । (२ पत्रुस १:२०,२१)

परमेश्वर धर्मशास्त्र, अपने भी, लेखे सकईत, अथवा, परमेश्वर अपन, स्वर्गदुत सबके भी, लिखेला प्रयोग करे सकईत, लेकिन उ, अइसे नकक, सबसे साधारण, आदमी सबके, चुनलक । हमनीके उ, आदमी सबके, अगमवक्ता कहईसी । परमेशरके अगमवक्ता सब, बहुत कम, सचीव जईसन रहे । परमेश्वर ओकईनके, मनमे कथी लिखेके, कहके बचन, राखदे रहे । आ उ सब, परमेश्वरके लागि, लिखलक । जे होस, परमेश्वर, अगमवक्ता सबके, ओकईनीके अपने शब्द में, परमेश्वर के, बोलल बचन सब लिखेके लागि, प्रेरणा देलक । परमेश्वर, हरेक बचनके लागि, प्रेरणा देलक । फीरभी, परमेश्वर, उ अगमवक्ता सबके, व्यक्तीत्वके, वास्ता कएलक । परमेश्वरके किताब में, उनकर सिधा बचन सब, मात्र समावेश, ना भेल रहे, लेकिन अपने आ, हाम्रा जईसन, आदमी सबके, विचार सब, प्रार्थना सब, आ समस्या सब भी, समावेश कएले रहे । परमेश्वर, आदमी सब संग, कएल व्यवहार के, कथा सबसे, परमेश्वर कईसन बा, आदमी परमेश्वरके नजिक कइसे जाएसकि, कहके बचन सब, परमेश्वर हमनीके, बताएके चाहले ।

परमेश्वर, काहे लागि, अगमवक्ता सबके, धर्मशास्त्र लिखेके, लागि प्रेरणा देलक ? हमनीके, सब पुस्ताक, आदमी सबके, कथी जानेके परी, कहके परमेश्वर चाहले । ई बचन, जाने सका, कहके परमेश्वर, अगमवक्ता सबके, प्रेरणा देलक । परमेश्वर, अगमवक्ता सबसे, बोल्लक, काहेकी, अगमबता सबके, लिखल बचन सबसे, परमेश्वर अपने सब, आ हमनी सबसे, बोलेके चाहले । परमेश्वर अपन अगमवक्ता, सबके द्वारा, बोलल सब बचन, अभी हमनीके, जिन्दा आदमी सबके लागि, फाईदा जनक बा । हमनी सब जना, अगमवक्ता सबके, सन्देश सब से, जानकार होउ, कहके परमेश्वर आशा करले ।

शायद कौनो सोची की, हएत, पहिलका अगमबतासब, जेभि लिखा, हाम्रा जानेके जरुरी नबा, परमेश्वरके बचन सब, हाम्रा लागि महत्वपुर्ण नईखे । ई त, सब अगमवक्ता सबके, पुरा करेबाला काम रहे । एगो अगमवक्ता, आवईत रहे, आपना काम पुरा करईत रहे, आ दोसरके जिम्मा देके चलजाईत रहे । आ ईहे, होईत रहे । आजु हमनीके, जिन्दा बारी, आ हमनीके, पहिल्का अगमवक्ता सबके, कहल बात, सुनल जरूरी नईखे । कथी हमनी के, विचार भी, अईसने आदमी सब, जईसन त नईखे ?

हमनी के ई, जानल जरुरी बा, की ई विचार सब, परमेश्वर के विचारसे, सहमत नईखे । परमप्रभु परमेश्बर, हमनीके कथी कहले बा की : काहेसे की, साचो हम तोहनी, सबके कहइसी, की जबतकले, स्वर्ग आ ई, पृथ्वी नाश नहोई, तब तकला, पुरा नहोके, कौनो हालतमे, पवित्रशास्त्र मे से, एगो मात्र, अक्षर वा विन्दु, नास नहोई । ईहे कारण, हमनीके

देहल, आज्ञा मे से, सबसे छोट आज्ञा के, जे पालन नकरी, आ दोस्राके भी, पालन करेके नसिकाई, स्वर्गके राज्यम, उ सबसे छोट होई । (मती ५: १८, १९)

५ ई सब पवित्रशास्त्र, परमेश्वरके प्रेरणा से, आएल बा, आ यी सिखाए के लागि, बुझाएके लागि, धार्मिकता के तालिम, देबेके लागि, लाभदायक बा । (२ तिमोथी ३:१६) सँच मे, अगमवक्ता सबके, लिखल सब बचन के, बहुत मान्यता बा, काहेसे की, सब पुस्ताक, आदमी सब, परमेश्वरके बनाएल, . मुक्तीके रास्ता, चिन्हे सके, कहके लिखले रहे । परमेश्बरके अगमबका सब, कथी लिखले रहे, कहके, कठी हमनीके थाह बा त ? हमनीक, परमेश्वरके बचन के, जानेके, विश्वास करेक, आ बचन अनुसार, चलु, ईहे परमेश्वर चाहले । धर्मशास्त्र कहले की, हमनीके साथम, रहल अगमातासब के, बचन अब, आउर प्रष्ट भेल बाटे । अन्धकार मे, जईसे ज्योती चम्कल, ओईसही, यदि हमनीके, परमेश्वरके बचनमे, ध्यान देम त, बहुते अच्छा होई ।

हँ, कभीकाल परमेश्बरक, बचनके विरुदम, बोलेबाला के, मुहसे अईस, कहईत सुनले होखम की, कौनो परमेश्वरक, बचनमे विश्वास, न करी । यी गल्ती से, भरल बा । ई बदलते, जाईत बा । जे भी होए, यदी कौनो परममेश्वरके, सत्य बचनसे, मुकाबिला करी, उ परमेश्बर के, मुकाबिला करी । एगो अण्डा, पथल से, लरे नसकी (बोलेफ के हितोपदेश), परमेश्वर के, बचन पत्थर, आ आदमी, उ अण्डा बा । आदमी सब, परमेश्वर के, सत्य बचनक, बदले नसकी। लेकिन, परमेश्वर के, सत्य बचन, आदमी के, जीबन बदलदी । परमेश्बर, महान बा, आ उ, अपन कहियो भी, अन्त नहोएबाला, बचन के, रक्षा करले ।

यीहे बात, इन्जील ५ कहेबाला, किताब में, परमप्रभु कहले बा की, स्वर्ग आ पृथ्वी, तलजाई लेकीन, हमर बचन, ना तली । (मती २४:३५) बहुत आदमी सब, परमेश्बर के, बचनके बिरुद, लरेके कोसिस करले । काहेसे की, परमेश्बर आदमीकै, मनके सब बात जानले । परमेश्वर, अपन बचनके बारेमे, कहलेबा की : काहेसे हमर बचन, जीन्दा आ, क्रियाशील बा, आ कौनो भी, दुगो धार बाला, तरबारसे भी, तेज बा, जोन प्राण आ, आत्मा के, जोर्नी जोर्नी, आ हडीमे के, मास तक, वारपार चिरके, मनके बिचार, आ इच्छा जानले । (हिब्रु ४:१२)

हँ, परमेश्वरके वचन, जीन्दा आ, क्रीयाशील बा, आ उ बचन, हृदयमे बोलले । पवित्र शास्त्र, ई सारा, संसारके ही, सबसे पुरान सडग्रह बा । लेकिन, अबिभी ई, हरेक आदमी सबक, लागि महत्वपुर्ण बा । परमेश्वर के बचन से, महत्वपुर्ण, ई संसारमे, कौनो अईसन चिज, या बात नईखे । जोन भि होखे, परमेश्वर के बचन, अच्छा से पकाएल, मछरी आ भात,

जईसन बा । जईसे मछरी, आ भात खाएके, बहुत स्वादिष्ट लागले, आ शरीरके लागि, फाईदा, करले ई हमनी सबजना के, थाह बा । लेकिन, जबतकक उ भात आ, मछरी, हमनी के, नखाएम,

करेला, अपने सबसे, आग्रह करईत बारी । परमेश्वरके बचन, कहलेकी ईसे, अगाडीके बचन सब, हमनीके ज्ञानके लागि, लिखल रहे । ई उद्देश्यसे, की पवित्र शास्त्रसे, आएबाला स्थिरता, आ उत्साह, माध्यमसे, हमनीके आशा, प्राप्त करे सकु । (रोमी १५:५)

कथी हमनीसब ई, बातके लागि, निश्चित होए सकम ? परमेश्वर कहले बा, आ उ हमनी, हरेकके, अपन बोलल, बचन के, पालन कके, सुखी आ सम्पन्न, जीवन जियईत देखेके चाहले बुद्ध आ जवान आदमीसब, पुरुष आ स्त्रीसब, धनी आ गरीब, हमनी सब के, परमेश्वर कहले बा की : हाम्रा काँहा आ, और ध्यान देके सुन । सुन, ताकि तोहनीके जीवन पएबे। हम तोहनीसंग, अनन्तके करार, बान्हेबाला बारी । (यसैया ५५: ३)

प्रिय स्रोता सब, यी कार्यक्रम, सुनके साथ देलि, एके लागि बहुत बहुत धन्यबाद । हमनीके दोसरका कार्यक्रममे, परमेश्वरके इच्छामे, दोसर पाठ प्रस्तुत करम । जेकर शिर्षक बा, परमेश्वर कइसन बा ?

आजु जेतना भी, हमनीके परमेश्वरके, बचनसब सुनली, ईमे यदि अपने सबके, मनमे कौनो प्रश्न बा, त सम्पर्क करेके लागि, निम्न ठेगानामे सम्पर्क कर सकइत बारी ।

परमेश्वरके बचन, अपनेसब ध्यान देके सुनली, एसे परमेश्वर अपने सबके आशीश देवे । हमरा कहा आओ, आ तोहनीके, कान खोलके सुन । सुन आ तोहनीके, जीवन पएबे । (यसैया ५५:३)

तबतक हमनीके शरीरक, कौनो फाइदा नकरी । ईहेके लागी, हमनी के, उ बन्हियास, पकाएल मछरी, आ भात, खाहीके परी । ओईसही यदि, हमनीके सुखी आ, सम्पन्न जीवन, जिएके चाहईसी, त परमेश्वरके बचनमे, ध्यान देबेके परी । यी हमनी के, हृदयके, प्यास मुझाएके, काम करले । उत्पतिमे अगमबक्ता, लिखलेबा कि : आदमी भोजन से, न, लेकिन परमेश्वर के, मुहसे, निकलल हरेक, बचन से, जीन्दा रही । (व्यबस्था ८:३) आ प्रभु येश, मसीह कहलक की, धार्मिकता के लागि, भुखाएल, आ पियासल, सब धन्यके बा, काहेकी उ, सबके भुख, आ पियास मिटाजाई । (मती ५: ३)

कथी हमनी के, परमेश्वर के, बचन के लागि, भुखाएल बारी ? परमेश्वर के बचन, भोजन बा, स्वादिष्त भोजन । ई भोजन से, हमनी के शारीर के, भुख आ, पियास त, न मेटी । लेकिन, हृदय आ, आत्मा के, भुख मिटाएक, काम करी ।

ओहिसे हमनीके, अनुरोध करईसी की : यदि अपने सब भि, परमेश्वरके डर, भयमे, सुखी सम्पन्न, आ शान्तिके जीवन, जीएके चाहईत बारी त, निरन्तर रुपसे, परमेश्वरे बचन सुनु ।

अईसही, बहुत बर्ष पहिले से ही, परमेश्बर अपना, अगमबता सबके, माध्ययमसे, बोलल बचनके, ज्ञानमे, हमनीके अगारी, बढे सकम, आ पवित्र, परमेश्वरके अगारी, हमनीके, धर्मी ठहरे सकम । परमेश्बर बोलले बा, आ हमनी संग, बोलेके चाहले ।

आजु, ई कार्यक्रमसे, बिदा होएसे पहिले, अपने सबके, ई जानकारी, कराएके चाहइत बारी, कि, हमनीके ई, धार्मिकताके रास्ता कार्यक्रममे, परमेश्वर के, अगमवक्ता सबके, लेखल बचन सबमे, पाएल गेल बचन, बाहेक दोसर कौनो बचन, या आदमीमे, हमनीके भरोसा न करु । हमनीके ई, जोन कार्यक्रमके, तयारी कयले बारी, धर्मशास्त्र में, परमेश्वरके कहल सत्य, बचन बाहेक, दोसर कौनो भी, बचन हमनी के, थाह नबा । जकरिया के पुत्र, अगमवक्ता युहन्नाके, सुसामाचारके घोषणा, कएल बचन सत्य बा, कि आदमी के, स्वर्ग से जबतक, कुछो न दि, तबतक, आदमी कौनो भी, चिज ना पाए सकी । (युहन्ना ३:२७)

हमनीके अपने, ज्ञानमे भरपरेके, कोसीस नकरु । हमनीक, परमेश्वरके बचन, मे मात्र भर परु । परमेश्वर अपन, अगमवक्ता सबके, माध्यमसे जोन, अपन बचनके, घोषणा कएलेबा, उहे बचन, मात्र अपने सबके, हृदयम, भरेके हमनीके चाहना बा ।

कथी हमनी सबके, थाह बा, अगमबता सबके, माध्यमसे, लिखल बचनम, परमेश्वर, कथी कहले बा ? कथी हमनीके, दोसरके न, खाली अपने फाईदा, करे सकेबाला, परमेश्वरके बचन, आ धार्मिकताके लागि, भुखाएल बारी त ?

परमेश्वरके पवित्र बचनमे, परमेश्वर अपनेआपके, अपन मुक्तिक, धार्मिकता बतएले बा । हमनी सब, परमेश्वरके बोलल बचन, बुझेके लागि, हमनीसंगे धर्मशास्त्रके, खोजतलास

कार्यक्रम २

परमेश्वर कईसन बा ?

उत्पति १

धार्मिकता के रास्ता, कार्यक्रम सुनरहल, अपने सम्पूर्ण, स्रोतासबमे शान्ति । शान्तिके परमप्रभम, परमेश्र के नाम, मे हमनीसब, धार्मिकता के, रास्ता बुझेक, चाहेबाला आ, अपन जिवन, परमेश्वरमे समरपन, करेबाला, अपने सब, स्रोता सबके, हम नमस्कार करइतबारी ।

परमेश्वर शान्ति, बनएले बा, आ परमेश्वरके शान्ति, सबदिनके लागि बा । आज फीर, हम धार्मिकताके रास्ता, कार्यक्रम में, परमेश्बरके बचन, अपने सबके बिच, बोलके मौका पईंली बोलके बहुत खुसी लागल ।

हमनीके, एसे पहिलेके कार्यक्रममे, अगमवक्ता सबके, बारेमे बुझली । बहुत अगमवक्ता सब, पवित्र शास्त्र लिखले बा, लेकिन उ सबके लेखक, एक जना मात्र बा । उ परमेश्वर बा, कहके हमनी सब बुझली ।

पहिलेके पाठमे हम एगो महत्पूर्ण विचारके साथ अन्तिम निष्कर्षमे पुगल रहली, उ निष्कर्ष ई रहे, की परमेश्वर अगमवक्ता सबके माध्यमसे मानव जातिसे बोलले रहे । परमेश्वर अगमवक्ता सब के लिखल बचनके, माध्यमसे हमनीसे बोलेके चाहले । परमेश्वर कहियो न बदली, न उनकर बचन बदली । सब पुस्तामे परमेश्वर, अपन बचन के सुरक्षीत रखलेबा । जउन कारणसे परमेश्वरके बोलल बचन धर्मशास्त्र लाघे नसकी । (युहन्ना १०:३५) ई संसार वितजाई लेकिन परमेश्वरके बचन सबदिनके लागि रही । (१ युहन्ना २:१७, १पत्रुस १:२५)

आजु हमनीसब पवित्र शास्त्रके, प्रथम खण्डमे जाएके चाहइतबारी । एका उत्पति भि कहले । लगभग ३५०० वर्ष अगारी, मोसा नाम भेल एक जना अगमवक्ताके मनम, परमेश्वर एगो पुस्तकके बिया रोपदेल । परमेश्वर मोशाके, उ पुस्तकमे लिखेके कहलक, आ मोशा ओका लिखलक । उत्पति के पुस्तकम, पचास गो अध्याय सब बा । पहिलका पुस्तकके उत्पति कहले, काहेकी शुरुमे कथि होएल, कहके ई पुस्तकसे हमनी के जानईसी ।

हमनीके उत्पतिके पहिलका पुस्तकके बुझला महत्पुर्ण बा । काहेकी एकरे बादमे आएबाला अगमवक्ता सबके लिखल पुस्तकमे परमेश्वर कथि कहले बा, कहके हमनीके बुझे सकम । अगमवक्ता सबके लिखल पुस्तक परमेश्वरके बसाएल जग बा ।

जब हमनी के यी पुस्तकके अध्ययन कराईसी, तब हमनीके बहुत, महत्वपूर्ण सत्यसबके ज्ञानके गहिराईमें, अपने आपके लेजाईसी । हमनीके आजके, ई कार्यक्रममे परमेश्वर कईसन बा ? कहके जानम । हमनीके स्वर्गदुत, आ शैतान, स्वर्ग आ पृथ्वी, जनाबर आ आदमी सबके, बारेमे जानम । पाप आ, लाजशरम संसार में, कइसे प्रवेश कलक ? आउ कईस, बरकी बिनाश आ दुख, लेअलक कहके, हमनी के देखम । जे भी होए, हमनीके परमेश्वरके, योजना आ प्रबन्ध कयल, पापीसब आ, अपन पापसे मन फीराके, आए बाला आदमीसब, आ परमेश्वर सँगे अदभुत सम्बन्ध, राखे बाला मुतिके रास्ता के, बारेमे होसियारीके साथ बुझम ।

पहिलेके अध्यायम, हमनीके पहिलेके आदमी, पहिलेकै पाप, आ पहिलेकै हत्या के बारेमे देखम । हमनीके पहिलैके झूठा धार्मिकता, पहिलेके अगमवक्ता आ पहिलेकै जाति सब राष्ट सबके बारेमे बुझम । हमनीके आदम आ हब्बा, कयिन आ हाबिल, नोह आ जलप्रलय, परमेश्वर के अगमवक्ता, अब्राहाम आ ओका काहे, परमेश्बरके मित्र, कहले रहे, कहके ई अध्यायमे फेरु देखेम । हमनीके ईस्माएल, आ ईसाहक, एसाब आ याकुब, योसेफ आ एकर दुष्ट भाई, सबके बारेमे देखम । ई सब बात सब, उत्पतिके पुस्तक में, समावेश कयल बा आ ई से बेसी अउर घटना सब भी, उमे देख सकम । ईहेसे मित्र सब, यी कार्यक्रमके ध्यान देके सुनु, कहके, हम आग्रह आ बिन्ति करइतबारी, काहेसे हमनीके अगमबता सबके लिखल, पुस्तकके बुझके आ परमेश्वरके देखाएल रास्तामे सँगेसँगे चलेके समय आगेल बा ।

उत्पतिके पहिलका पुस्तकमे, १अध्यायके १ पदमे हमनीके देखम : शुरुमे परमेश्वर स्वर्ग आ पृथ्वी बनलक । (उत्पति १:१) पवित्रशास्त्रके पाठ हमनीके, ईहबेसे शुरु करईसी, काहेसे की परमेश्वर इहबेसे अपन पुस्तक शुरु कलक ।

।

....

आउ हमनीके ई पुस्तकके पदमे रहल कुछ प्रयोगसबके बिचार करु । परमेरश्र स्वर्ग आ पृथ्वी बनाएसे पहिले कोन चिज अस्तित्वमे रहे ? संसार बनाएसे पहिले ईहा कौन चिज अस्तित्वमे रहे ? धर्मशास्त्र हमनीके कहले की परमेश्वरके बाहेक ईहा अस्तित्व मे कौनो चिज न रहे । ईहे कारणसे ई पद कहले की : शुरुमे परमेश्वर । हमनीके देखेबाला आ छुएबाला सब चिजके शुरुवात बा । बहुते समय अगारी, ई आकाश आ पृथ्वी नरहे, शुरुमे परमेश्वर स्वर्ग आ पृथ्वी बनाएसे पहिले ई सूर्य, चन्द्रमा, आ तारासब न रहे । शुरुमे आदमी सब आ स्वर्गदुतसब नरहे । आज हमनीके ई जेतना जानल आ बुझल बात, चीज सब बा ई सब नरहे । ईहा परमेश्बर बाहेक दोसर कौनो भि चिज नरहे ।

ईहे कारण पवित्रशास्त्रके पहिलका पुस्तकके पहिलका पदमे हमनीके देखईसी की : शुरुमे परमेश्वर स्वर्ग आ पृथ्वी बनलक । शुरुमे परमेश्वर स्वर्गदुत आ आदमीसब बनलक कहके धर्मशास्त्र नकहले । धर्मशास्त्र कहले सुरुमे परमेश्वर बाहेक कौनो चिजके अस्तित्व नरहे । स्वर्गदुतसब आ आदमी सब अस्तित्वमे आएसे पहिले एक जना व्यक्ति मात्र अस्तित्वमे रहे उ परमेश्वर रहे।

ई संसारमे केतना जन कहले : हम परमेश्बरके देखे नसकम, उहेसे परमेश्वर ई संसारमे नईखे । परमेश्बरके अस्तित्वके ईन्कार करेवाला उ आदमीसबसे कुछ प्रश्न करेके चाहईत बारी । कथी अपने एटम (परमाणु) देखलेवारी ? अथवा अपने श्वास फेरेबाला अक्सिजन देखले बारी ? कथि अपने हावाके देखले बारी ? अपने हावाके देखे नसकम फीर भि अपने हावाके अस्तित्वके जानईसी काहेसेकी हावा कथि करले अपने के थाह बा । हावा के चललासे गाँछी सबके पाता हिलईत अपने देखेसकमक लेकिन हावाके केहु भी देखे नसकी । हावाके अपने अपन हातमे राखे नसकम लेकिन हावा अपने के हातके ठण्डा करदेई ई अपने महसुस करसकम । परमेश्वर भी अईसनके बा । हमनी के परमेश्वरके देखे नसकम काहेसेकी परमेश्बर अदृष्य आत्मा बा । जे भी होए, हमनीके जनईसी की परमेश्वरके अस्तित्व बा काहेसेकी परमेरश्बरके बनाएल चिज सब हमनीके देखे सकईसी । धर्मशास्त्र कहले कि : परमेश्वरके अदृश्य गुण अर्थात ओकर अनन्त शक्ति आ ओकर ईश्वरीय स्वभाव संसारके शुरुवाते से ही बनाएल चिज सबमे हमनीके स्पष्ट रुपसे देख सकईसी । ओहिसे आदमी सबके कौनो किसिमके बहाना नईखे । (रोमी १:२०)

उत्पतिके पहिल्का पदसे हमनीके बुझेबाला दोसर बात ई बा किः परमेश्वरके कौनो शुरुवात नईखे । शुरुमे परमेश्वर सृष्टि कयले नरहे । उ अनन्तके प्रभु बा । हमनीके ई संसारमे जानल आ देखल सब चिजके शुरुवात बा । लेकिन परमेरश्वरके शुरुवात न बा । परमेश्वरके उत्पति न बा । परमेश्वरके बराबरी होएबाला संसार मे कौनो नईखे । शुरुमे परमेश्वर मात्र अस्तित्वमे रहे

परमेश्वरके केहु जन्म देले न बा । परमेश्वरके केहु बनएले भी न बा, आ परमेश्वर खुद अपने भी बनल नबा ।

ईहेकारण, शुरुमे परमेश्वरके बचन से हमनीके पवित्रशास्त्र परहईसी । परमेश्वरके मात्रै शुरुवात नबा । उहे मात्र सबदिन अस्तित्वमे रहेबाला व्यक्ति बा, आ परमेश्वर मात्र सदासर्वदा जिन्दा बा । ओकर नाम परम प्रभु परमेश्वर बा ।१४

परमेश्वर काल्हे जईसन रहे आज भी औसने बा । परमेश्वर काल्हे जईसन रहे, सबदिन औसनके रही । परमेश्वर कहियो न बदली ।

शुरुमे परमेश्वर स्वर्ग आ पृथ्वी बनलक, कहके ई पदसे हमनी के जे बुझली । उ ईहे बा कि परमेश्वर जे हरेक चीज बनलक, उहे सब चिज, आ सब आदमी सबसे महान बा । उ सृष्टि के परमेश्वर बा । सचमे, हमनी के सारा हृदय से ई घोषणा करईसी : कि परमेश्वर महान बा । परमेश्वरके बराबरी होएबाला केहु नईखे । संसारमे रहल हरेक चिजसे परमेश्वर महान बा । समुन्द्रमे, हावामे, सूर्य आ तारासबम, परमेश्वर सब आत्मासब आ आदमी से बुद्धिमान आ शक्तिशाली बा । परमेश्वर सबदिन आदर के योग्य बा । काहेसेकी, बनल घरसे भी घर बनाएबाला आदरणीय होखले । हिब्रु ३:३, ४) ईहेसे परमेश्वर सब चिजसे महान बा । काहेकी परमेश्वर सब चिजसबके बनलक । परमेश्वर महान बा । परमेश्वर आपने शक्ति से जियले । परमेश्वर कौनो चिजमे भर नपरले । परमेश्वर कौनो संगे भी भर नपरले । परमेश्वर सब चिजसे महान बा । परमेश्वर के कौनो चिजके जरुरत नपरले । परमेश्वरके कौनो आदमीके जरुरी नपरले । परमेश्वर महान बा ।

हमनी आदमी सबके बहुत अगमवक्तासब बा । हरसमय, हमनीके शास फेरईसी, सुतईसी, खाईसी आ पिअईसी । हमनीके सूर्य आ बर्षात, भोजन आ पानी, कपरालाता आ घर, बाबु आ माइ, साथीभाइ, रुपीयाँपैसा आ अईसही और बहुत चिजके जरुरी परले । हमनीके आवश्यकता सब केतना बहुत बा। लेकिन परमप्रभु, जे सब चिजके सृष्टि कलक । परमेश्वरके कौनो चिजके भी आवश्यकता नपरले । परमेश्वरके भुख आ प्यास नलागले । परमेश्वर कहियो नथाकले । परमेश्वरके हमनी जईसन शरीरके आवश्यकता नपरले । परमेश्वर असिमित बा । परमेश्वरके अन्त नबा । परमेश्वर अमर बा । परमेश्वर सर्वशक्तिमान बा । अब ईहा एगो महत्वपूर्ण प्रश्न बा कि : यदि परमेश्बर हमनी जईसन नईखे बा त परमेश्वर कईसन बा ? धर्मशास्त्र ई प्रश्न के प्रष्ट उतर देबले । धर्मशास्त्र कहले, परमेश्वर आत्मा बा । परमेश्वरके आराधना करेबालासब, आत्मा आ सत्यता मे परमेश्वरके आराधणा करेके परी (युहन्ना ४: २४)। परमेश्वर कइसन बा ? परमेरश्वर आत्मा बा । आदमीके शरीर आ आत्मा से बनल बा, लेकिन परमेश्वर आत्मा बा । परमेश्वरके आत्मा के कौनो सिमा नइखे । परमेश्वर सर्बव्यापी बा । हमनीसब समयके साथ सीमित बारी । लेकिन परमेश्वर समयसे भी बाहर जीयले । परमेश्वर सब चिजसे और सब आदमी से उपर बा । परमेश्वर सब चिजके पुरा करले । परमेश्वर सब चिजके देखले । परमेश्वरके लागि रातदिन एकसमान बा ।

यदि अपनेसब अपन घरमे लोकाएम त, परमेश्वर अपनेके घरमे बा, आ परमेश्बर अपनेके देखईता। परमेश्वर सब चिज जानले । परमेश्वर अपने के सोचविचार आ हृदयके गुप्त विचारसब जानले । परमेश्वर महान बा ।

यदि परमेश्वर महान बा, त परमेश्वर कइसन बा ? शायद आजु हमनीक, अध्ययन कयल बचन सब के, ई किसिमसे बुझेसकम : परमेश्वर कौनो आदमी जइसन नईखे । परमेश्वर परमेश्वरे बा । आ परमेश्वर, केको बराबरी नईखे । धार्मिकता के रास्ता, ई कार्यक्रममे परमेश्वरके चरित्र सबके बारेमे, हमनी के बुझाई अगारी बढाम । पवित्रशास्त्र मे परमेश्वरके सयौ नाम आ शीर्षक सब बा । उ परमप्रभु बा। परमेश्वर सबसे उच्चा बा । परमेश्वर सर्वशक्तिमान बा । परमेश्वर सृष्टि कर्ता बा । परमेश्वर जीवन के लेखक भि बा । परमेश्वर धार्मिक न्यायकर्ता बा । परमेश्बर पवित्र बा । परमेश्वर दयालु बा । उ प्रेमके परमेश्वर बा । उ जीवित आ सत्य परमेश्वर बा, उ राजाके राजा प्रभुके प्रभु बा ।

आहा, परमेश्वरके शक्ति आ बुद्धि ज्ञान केतना गहिरा बा । काहेसे की, सब चीज परमेश्वर से बनल बा । परमेश्बरके लागि आ परमेश्वरके लेल बनल बा । परमेश्वरके ही सबदिन महिमा होखो । (रोमी ११: ३३ ३६)

धन्य आ सर्वोच्च, राजासबके महाराजा, प्रभुसबके महाप्रभु, ठीक समय में ख्रिष्ट के आबेबाला दिन देखाई । परमेश्वर ज्योती बा । आ परमेश्वर उ ज्योती मे रहले, जेकर नजिक कौनो जाए नसकले । परमेश्वरके कौनो कभिभि देखे नसकले । परमेश्वरके ही, आदर आ पराक्रम सबदिन रहो । आमेन (१तिमाथी ६:१५ १६)

दोसर पाठमे अगमवक्ता मोशा, एगो सुन्दर भजन गाके परमेश्वरके प्रशंसा कयलेबा । जोन भजन अईसे बा : हे परमप्भु सर्वशक्तिमान, अपने के काम महान बा, आ अचम्मके बा । राष्टसबके महाराजा अपनेके रास्ता धार्मिक आ सत्य बा । हे परमप्रभु अपनेके डर, के नमानी, आ अपनेके नामके महिमा, के नकरी, काहेसे की, अपने मात्र, पवित्र बारी (प्रकाश १५:३ ४) ।

परमेश्वर सबसे महान बा, कहके हमनीके परमेश्वरके बचनके पहिलका पद से बुझईसी । ओहिसे प्रिय मित्र सब, शुरुमे हमनीसब परमेश्वरके यी सत्य बचनके मनमे राखु ।

शुरुमे सृष्टि करेबाला परमेश्वर मात्र अस्तित्वमे रहे । आ इहेसे, परमेश्वर मात्र शुरुमे कथि भेल रहे कहके हमनीके बता सकले ।

परमेश्वर मात्र, बादमे कथि होएबाला बा कहके हमनी सबके बताई । ओहिसे स्वयम परमेश्वर ही, परमेश्वर कईसन बा कहके बताएसकी । हमनीके थाहबा कि, कौनो आदमी सब कहले, परमेश्वर के कौनो न चिन्हे सकले । आ बादमे कथी होइ केको थाह नईखे । तपर भी, हमनीसब परमेश्वरके चिने सकईसी आ हमनी सब अन्तमे कहा रहम कहके अगमवक्ता सबके पुस्तक हमनीके बाताबले, काहेकी परमेश्वरके बचन कहले :

तोहनी सब अनन्त जीबन पालेले कहके जान, ईहे आशासे परमेश्वरके पुत्र प्रभु येशु खिष्ठ के नाममे विश्वास करेबाला, तोहनी सबके ई पत्र लिखईत बारी । प्रभु येशु ख्रिष्ट एकमात्र सत्य बा । प्रभु येशु ख्रिष्ट मे मात्र सत्य अनन्त बा । (१ युहन्ना ५:१३ २०)

आँखसे नदेखल आ कानसे नसुनल आदमीके मनमे नसोचल ई बचन परमेश्वर परमेश्वरके प्रेम करेबालाके लेल तयार कयल बा । परमेश्वर हमनीके लेल पवित्र आत्मा से लिखले बा (१ कोरन्थी २ : ९ १०) ।

आजु यी कार्यक्रम हमनी सब सुनईतबारी त कथि हमनी सब परमेश्वरके अपन ब्यक्तिगत रुपमे चिन्हले बारी ? आ कथि परमेश्वर हमनीके लागि महान सृष्टि कर्ता बा ? कथिक परमेश्वर हमनीसे बहुत दुर बा ? जहासे हमनीसबके परमेश्वर न चिन्हले ? प्रिय स्रोतासब, परमेश्वर हमनीके चिन्हेके आ हमनी सँगे सबदिन आनन्दसे जिएके चाहईता । अगमवक्ता सबके लेखल धर्मशास्त्र सब हमनीके परमेश्वर संगे अदभुत किसिमसे घनिष्ट सम्बन्ध राख सकम कहके बताबले । जे भी होय, हमनीके अपन कान, मन आ हृदय सब, परमेश्वर कथि कहेके चाहईता ई सुनेला खोलेके परी । परमेश्वर अपन पवित्र बचन मे कथि कहले सुनु : हाम्रा ओर देख, आ उद्धार पाव, काहेसे हम परमेश्वर बारी दोसर कौनो परमेश्वर नईखे । (यसैया ४५:२२)

प्रिय स्रोता सब, आजुके ई बचन हम एतने राखेके चाहम । यदि अपनेसब ई कार्यक्रम के अडियो सुनेके चाहईत बारी त हमनीके ठेगाना मे सम्पर्क कर सकईसी ।

आजके ई कार्यक्रम अवधीभर हमनीके साथमे रहली एकालेल अपने सबके धन्यबाद । हमनीके दोसर कार्यक्रम मे परमेश्वरके ईच्छा मे शैतान आ स्वर्गदुत सबके बारेमे एगो आकर्षक अध्याय देखम । ओकनी सब कहासे आयल रहे कहके सत्यतथ्य के बारेमे जानम ।

पवित्रशास्त्रके ई बचन के अध्ययन करेके कममे परमेश्वर हमनीके आशिष दी । परमेश्वर आत्मा बा, आ परमेश्वरके आराधना करेबालाके आत्मा आ सत्यता मे परमेश्रके आराधना करेके चाही ।

कार्यक्रम ३

शैतान आ स्वर्गदुत सब

यशैया : १४, ईजकिएल : २८

बितल कार्यक्रम में, हमनीके पवित्रशास्त्रके, पहिल्का पदके, बारेमे बात कएले रहली, जौन कहले : शुरुमे परमेश्वर, स्वर्ग आ पृथ्वी बनएलक । (उत्पति १ : १) परमेश्वरके बाहेक, सब चिजके शुरुवात बा, हमनीके जनली । शुरुमे जब संसार, शून्य रहे, उ समय एक जना मात्र, जिन्दा रहे । उ परमेश्वर रहे, साँचो आ जिन्दा परमेश्वर ।

शुरुमे परमेश्वर मात्र, अस्तित्वमे रहे । परमेश्वर कहियो अन्त न होएबाला, अनन्त के प्रभु बा । परमेश्वर महान बा । आ परमेश्वर के बराबरी केहु करे न सकी । परमेश्वरके शुरु आ अन्त न बा । परमेश्वरके कौनो चिजक, आवश्यकता न परले । परमेश्वर, असिमित बा । परमेश्वर, आत्मा बा । आ एकेबेर मे परमेरश्वर चारुओर बा । परमेश्वर, सबसे उच्च बा । परमेश्वर, संसार के हरेक चिज, सबके आशिस देबले । परमेश्वर ई संसारमे रहल, हरेक चीजके देखले । परमेश्वर के, सब बात के, जानकारी रहले । परमेश्वर महान बा । ईहे से, धर्मशास्त्र भि कहले, की परमेश्वर अमर बा । आ परमेश्वर, ज्योतीमे रहले, जेकर नजिक केहू जाए न सकले । परमेश्वर के, कौनो आदमी, कहियो न देखले बा, न देखेसकी। परमेश्वर के ही, हर समय आदर, आ पराक्रम होखो । आमेन (१ तिमोथी ६:१६)

आजु हमनीके, परमेश्वरके, धर्मशास्त्र मे रहल, तिसरका पाठमे आएल बारी । परमेश्वर, शैतान आ स्वर्गदुत के, बारेमे कथी कहल, ई बिषय में, हमनीके बुझम । स्वर्गदुत सब, काहाँ से आएल रहे, कथी हमनीके थाह बा ? आ शैतान आ भुत आत्मा सब, काहाँ से आएल रहे, कथी हमनीके थाह बा ? यदि एका बारेम, परमेश्वर हमनीके, न बतएले रहईत त, हमनी सब भी, अन्जान रहती । लेकिन ई सबके बारेमे, हमनीके परमेश्वर के, बचन से जान सकईसी । एहि से, आउ हमनीके पवित्रशास्त्रके, होसियारी के साथ पढु, ताकि हमनीके, स्वर्गदुत सब, आ शैतान सबके बारेमे सत्य बात सब जानेसकु ।

धार्मिकता के रास्ता, कार्यक्रम मे हमनी सब जना, शुरु से अन्त तक, अगमवक्ता सबके लिखल, कथा सब, क्रम मिलाके पढम, कहके जानकारी कराईत बारी ।

हमनीके, परमेश्वर के बारेम, जनली कि, शुरुमे अस्तित्व मे रहेबाला, एक मात्र व्यक्ती स्वेम परमेश्बर रहे। आ, संसार आ, ई मे रहल सब चिज सब, परमेश्वर अपन ईच्छा मे बएलक कहके एसे पहिलेके, कार्यक्रम से बुझली । जे भि होए, परमेश्वर आदमी, आ ई संसारके बनाएसे पहिले, जेका बनएलक, उ स्वर्गदुत रहे ।

*

परमेश्वरके बचनसे, हमनीके स्वर्गदुत सबके बारेमे, बहुते बात सब जानम । आजु हमनीके ई महिमित प्राणीसब (स्वर्गदुत) के बारेमे, बहुत महत्पूर्ण सँच्चाई सब, बताएके कोसिस करम । परमेश्वरके बचन कहले की : बहुते वर्ष पहिले, परमेश्वर, जे आत्मा बा, उहे, और, आत्मा सबके, बनएलक । जौन आत्मा सबके, स्वर्गदुत कहले । धर्मशास्त्र कहले, की सब आत्मा स्वर्गदुत सब बा । (हिब्रु १:१४) ओईसही, धर्मशास्त्र हमनीके कहले, की स्वर्गदुत सब, परमेश्वर

जईसन, अदृश्य आत्मा सब बा । स्वर्गदुत सबके, रुपके आगी आ हावास, बराबरी कएले बा । जईसे हमनी के हावाके, देखे न सकम । आगिके छुवे न सकम । परमेश्वर के स्वर्गदुत सब भि, अईसने बा । परमेश्वर, स्वर्गदुत सबके, हमनीके जईसन शरिर, आ आत्मासे न बनएलक । हमनीके मानव जाति, सब शरीर आ आत्मा से, बनाएल बारी । स्वर्गदुत सब, खाली आत्मा मात्र बा । ओहिसे, हमनीके स्वर्गदुत सबके, देखे न सकईसी । परमेश्वर, कएगो स्वर्गदुत सब, बनएले रहे ? धर्मशास्त्र एकर बारेम, कथी कहले ? धर्मशास्त्र कहले की : केहु भी, गिन्ती न करेसकी, एतना आत्मा सब, परमेश्वर बनएले रहे । परमेश्वरके उपस्थिति में, बहुते स्वर्गदुत सब रहे..... स्वर्गदुत सबके सङ्ख्या, लाखौ आ करोरो मे रहे । (प्रकाश ५:११) परमप्रभु हमनीके परमेश्र, महान बा : परमेश्वर आपना लागि, लाखौ, करोडौ, सुन्दर आ बुद्धिमान, स्वर्गदुत सब बनएलक । परमेश्वरके स्वर्गदुत सबम, बरकी शक्ति बा, कहके धर्मशास्त्र हमनी के बतावले । स्वर्गदुत सब, मानव जाति से, बहुते शक्तिशाली बा । लेकिन आउरी, बनाएल चिज सब लेखा, स्वर्गदुत सबके भि, एगो सिमा बा | स्वर्गदुत सब, एके चोटि सबओर होए न सकले । आ स्वर्गदुतसब, सब बात जाने न सकले । स्वर्गदुत सब, बनाएल मात्र बा । ओहिसे, असिमित एक जना मात्र बा, आउ परमेश्वर बा ।

हमनी के जानेबाला, महत्वपूर्ण बात ई हे बा की, परमेश्वर स्वर्गदुतसब के, बनाएखान सब पूर्ण, आ पबित्र रहे । कौनो दुष्ट स्वर्गदुत न रहे । शुरुमे दियाबलस (शैतान) के, कौनो अस्तित्व भि न रहे । उहाँ दुष्ट आ खराब, आत्मा सब न रहे ।

।

परमेश्वर, कौनो खराब स्वर्गदुत बनएले न रहे । हमनीके, यी सत्यके जानेके परी: परमेश्वर जथी खराब, आ दुष्ट बा, उ चिज कभि, आ कहियो न बनाई । हमनीके ई बात के बुझ, कि : जौन काम दुष्ट बा, उ काम परमेश्वर, न करी काहेकी परमेश्वर सबके भलाई, चाहेबाला परमेश्वर बा । परमेश्वर, गल्ति न करी, काहेकी परमेश्वर, सिद्ध बा, आ परमेश्वरके ओरसे पाप, आहि न सकि, काहेसे परमेश्वर, शुद्ध आ पवित्र बा । परमेश्वरके सोचल, बोलल, आ कएल काम, सब शुद्ध आ सिद्ध बा । ई हे से धर्मशास्त्र कहले कि : कौनो खराबीस, परमेश्वरके परीक्षा न होखले, आ परमेश्वर अपने भि, केको परीक्षा न करले । (याकुब १:१६)

लेकिन खराबी सब, काहाँ से आबले ? एकर बारेम, परमेश्वर कथी कहले, हमनी के छोटकरीमे जानम : ये से पहिले, हमनीके स्वर्गदुत सबके बारेमे जानेके परी ।

परमेश्वर, स्वर्गदुत के काहेला बनएलक ? ता कि, स्वर्गदुत सब, परमेश्वरके प्रेम करे, प्रशंसा करे, आ स्वर्गमे सबदिन के लागि, आनन्दके साथ, परमेश्वरके सेवा करे । ई बात, हमनीके धर्मशास्त्रमे भि, देख सकम की, परमेश्वर सब स्वर्गदुतके, स्वामित्व लेलक, काहेसे कि, परमेश्वर उ सबक, बनएले रहे । स्वर्गमे सबसे उच्च मे, सुर्य, चन्द्रमा, तारा सबसे भि उपर, परमेश्वरके घर में, परमेश्वर संग, स्वर्गदुत सब रहे । कथी हमनीके थाह बा, की स्वर्ग मे, एगो बिशेष ठाउँ बा, जाहाँ परमेश्वर रहले ? सँच मे, ई से पहिलका कार्यक्रम में, हमनी के परमेश्वर, सर्वव्यापी बा, कहके बुझले रहली । जईसे की, धर्मशास्त्र हमनी के, ब्रहमाण्ड के, एगो अदभुत ठाउँके बारेम, बताबले जहाँ पुरा रुपसे, ईन्जोत, सौन्दर्य आ पवित्रता से, भरल बा, जहाँ परमेश्वर, अपने रहले, जहाँसे परमेश्वर, आपन महिमा, हमनीके देखाबले । उहे ठाउँ के, परमेश्वरके अगमवक्ता सब, परमेश्वरके उपस्थिति, स्वर्ग, बैकुण्ठ, आ स्वर्गलोक कहले । ईह, ठाउँमे परमेश्वर, अपन पवित्र स्वर्गदुत सब सँगे रहले । स्वर्गदुत सब, एकनास के न बा, कौनो स्वर्गदुत, बेसी महिमित बा, कौनो

स्वर्गदुत बेसी बुद्धिमान बा । अउर स्वर्ग दुत सब, स्वर्गमे परमेश्वरके सिंहासन के, रक्षा करले, औरो स्वर्गदुत सब, आदमी सब के सुरक्षा, आ सहायता करले । गाब्रिएल आ माइकल नामके, और स्वर्गदुत सब, पृथ्वी मे विशेष काम पुरा करले ।

कथी हमनीके, कहियो लुसिफरके नाम, सुनले बारी ? पबित्र शास्त्र कहले की, स्वर्गमे एगो अईसन समय रह, जहाँ लुसिफर, सब स्वर्गदुत सबके प्रमुख रहे । हमनीके, लुसिफरके कथास, शैतान कहाँ से अएलक कहके बुझम ।

धर्मशास्त्र कहले की : स्वर्गदुत सबमें, लुसिफर, नामके एगो स्वर्गदुत बहुत सुन्दर, बहुत शक्तिशाली, और दोसर स्वर्गदुत सबस, बहुत बुद्धिमान रहे। (इजकिएल २८) लुसिफरके अर्थ, चम्केबाला होखले । लुसिफर, और स्वर्गदुत सबसे, ज्ञान, बुद्धि, शक्ति आ, अधिकारमे उच्च रहे । परमेश्वर, लुसिफरके, सब स्वर्गदुत सबसे बेसी, सुन्दरता, बौद्धिकता देले रहे । लुसिफरके, परमेश्वरके आराधना, प्रेम, आ हर समय परमेश्वर के आज्ञा पालन करेक, परईत रहे । काहेकी परमेश्वर, लुसिफरके बनएले रहे, आ बहुत आशिष देले रहे ।

पबित्रशास्त्र कहले की : एकदिन लुसिफर, परमेश्वरके अवहेलना कएलक, आ ओकर हृदय, घमण्ड से भरगेल । लुसिफर, आपन मनम, कहलक कि, हम स्वर्गम, सबसे उच्च होखम, आ तारा सबके उपर, अपन सिंहासन उच्च करम । पवित्र पर्वत के सबसे, उच्च टुप्पामे सभासद के पर्वतम, हम विराजमान होखम । हम बादलके टुप्पास, उच्च रहम, हम अपने आपके, सबसे उच्चा करम । हम परमेश्र जईसन होजाम । (यशैया १४:१३,१४)

न पतियाए बाला लुसिफर : जेका पास परमेश्वरके दहेल, चिजसे बेसी कुछो न रहे, उहे परमेश्वरके महिमा, चोराए के खोजलक । अउर, लुसिफर, परमेश्वरके बारेमे, विद्रोह मात्र न कएलक, लेकिन स्वर्गमे रहल, आधा से बेसी स्वर्गदुत सबके, अपन बसमे कलेल, आ ओक पछारी चलेबाला सबके उपर, अपन हुकुम चलाए लागल ।

लेकिन परमेश्वर, परमेश्वर बा, लुसिफर आ ओकर पछारी चलेबाला, सब स्वर्गदुत के योजना, परमेश्वर जानईत रहे । काहेसे, परमेश्वर, सबके मन, हृदय के बात जानले, ई हमनीके, पहिले भी जानगेल बारी । लुसिफर के, हृदयमे रहल पाप, आ ओकर पछारी परेबाला स्वर्गदुत सबके, मनमे रहल पाप सब, परमेश्वरके थाह रहे । (प्रकाश १२:४)

एकाबाद कथी भेल ? परमेश्वर कथी कहलक ? लुसिफरके, उ स्थानसे हटाएके लेल, परमेश्वर कथी कठोर होएलक ? कथी परमेश्वर, पापके बेवास्ता कएलक ? कथी परमेश्वर, अपन राज्यम, घमण्ड, विद्रोह आ पाप देखेसकी ? कबिभि न, काहेसे परमेश्वर, हमनीके पापके, सजाय देवले । काहेसे, अगमवक्ता सब कहलबा कि, परमेश्वरके नजर, शुद्ध बा आ कौनो भि, खराबी परमेश्वर, देखे न सकी । (हबकुक १:१३)

परमेश्वर, पाप सहे न सकी, आ उ अपन महिमा, दोसरके देबे न सकी । परमेश्वर, अद्धितिय बा, आ ओकर स्थान, दोसर जना छिने न सकी । धर्मशास्त्र कहले की, लुसिफर आ उनकर पछारी परेबाला, सब स्वगृदुत के, परमेश्वर, अपन उपस्थिति से, हतादेल । लुसिफर आ उनकर पछारी, चलेबाला सब स्वर्गदुत सब, आब परमेश्वरके घर मे, कहियो न रहे सकी । काहेस की, उ सब अपने आपके, परमेश्वरके स्थानमे राखेक, ईच्छा कएलक । ई हे से, परमेश्वर, लुसिफर आ

ओकर साथी सब के, स्वर्ग से निकालदेल । परमेश्वर पवित्र बा, आ परमेश्वर के, बिद्रोह करेबाला के, परमेश्वर न्याय करले, आ सजाय देबले ।

जब लुसिफर पाप कएलक, तब ओकर नाम परिवर्तन होगेल । अब ओकर नाम, लुसिफर (चम्केबाला) न लेकीन, शैतान होगेल । शैतान के अर्थ, शत्रु बा । लुसिफर, परमेश्वरके शत्रु बा, आ हमनी के भेल जानकारी अनुसार, आजकाल शैतान आ ओकर साथी सब, परमेश्वर के बन्हिया बात के, बिरोध करले । शैतानके पछारी परेबाला, स्वर्गदुत सबके, भुत आत्मा कहले । शैतान सब परमेश्वरके, बिरुद्ध लराई करले, आ परमेश्वरके योजना सबम, रोकावट लेयाक, नाश करेके कोसिस करले । जे भि होए, परमेश्वर महान, आ सिद्ध न्याय कर्ता बा । आ परमेश्वरके न्यायस, केहु भी बाँचे न सकी । जईसे, अण्डा चटानसे लरे न सकि, ओईसही परमेश्वर, चटान बा, आ शैतान अण्डा बा । आ एगो अण्डा, चटान से जीते न सकि ।

पवित्रशास्त्र कहले कि, परमेश्वर, शैतान आ ओकर पछारी लागेबाल स्वर्गदुत सबके, निकाल देलाके बाद, परमेश्वर उ सबके लागि, नरक बनादेल । जाहाके के आगि कहियो, न भुताबले । आ एक समय मे, उ शैतान सबके, परमेश्वर नरक में, सबदिन के लागि, दुख भोगेला फेकदी । आ यी पवित्रशास्त्र मे भी लिखल बा की : नरक मे उ सब, दिन रात सब दिन, दुःख भोगी । (प्रकाश २०:१०)

लेकिन, पवित्र शास्त्रमे हमनीके, देख सकम की : शैतान के, परपेश्वर अभिला नरक में, न फेकले बा । परमेश्वर के बचन कहले कि, शैतान ई संसार मे बा, आ उ परमेश्वरके विरुद्धम, आदमी सब के, लराई कराबले । शैतान, नाश करेबाला बा । आ उ परमेश्वरके, हरेक काम, नास करेके चाहले । शैतान, परमेश्वर के बनाएल, आदमीसब के, अपने संगे

नास होएला, नरक के रास्ता मे लेजाए के चाहले । परमेश्वर के बचन, कहले कि, आदमी सब, शैतानके बश मे बा, आ ई बात से, आदमी सब अन्जान बा, काहेशे शैतान, छली बा, आ उ, छल करले । पवित्रशास्त्र कहले कि, शैतान आपन भेष बदलले ।(२ कोरिन्थी ११,१४) शैतान, पुरुष, महिला, बालबच्चा, सब जनके परमेश्वरक, बचन न बुझेके लागि, छल करेके कोसिस करले । एहीस, परमेश्वर के बचन कहले कि : होसियार रह, शैतान दियाबलस, कब केका भेटाजाई आ नाश कदी, शैतान चारुओर आदमी सबके, नाश करेला मौका खोजईत रहले । (१ पत्रुस ५:८)

होसियार रहु, शैतान, हमनीके सदासर्वदा के लेल, नाश करेके चाहले । लेकिन, परमेश्वरके प्रशंसा होखा, जौन असिम रुपमे, शैतान से भि महान बा । आ परमेश्वर, हमनी के अपन बचन देलेबा । जौन बचन, हमनीके दुष्तता से, बचाबले । परमेश्वरके बचन कहले कि, सत्य के जान, आ उ सत्य तोहनी के स्वतन्त्र करी । (युहन्ना ८:३२)

कथी हमनी के, शैतान के, भयानक चाल सब से, स्वतन्त्र करेबाला, सत्यता थाह बा ? हमनी के, ई नभुलु कि, शैतान हमनीसे चलाख बा, लेखिन परमेश्वर, असिमित रुपमे शैतानस, बुद्धिमान बा । शैतान हमनीसे बरियार बा, लेकिन परमेश्वर असिमित रुपसे, शैतानसे बरियार बा । शैतान आ भुतआत्मा सब, कौनो रुपसे परमेश्वरसे मेल नखाबले । कथी हमनीके, शैतानके शक्तिस, स्वतन्त्र करेबाला परमेश्वरके, सत्यता थाह बा ? बहुत आदमी सब परमेश्वरके, सत्य बचनके सुनेके न चाहले । काहे आदमी सब, सत्य के जानेला ईन्कार करले ? काहेकी शैतान, उ सब के छल कके, सत्य के छोरके, असत्य के विश्वास करेला, बहकाबले । ई होखले, सत्य सब दिन सुनेके निमन न लागी, काहेकी,

हितउपदेश कहले कि, सत्य एगो करु मर्चा बा । लेकिन, यदि हमनीके, परमेश्वरके बचनके, सत्यताके जानले बारी, आ विश्वास कएले बारी, त हमनी के शैतानक, शक्तिसे स्वतन्त्र बारी । परमेश्वरके सत्यता, आदमी सबके, शैतानके बन्धन से, स्वतन्त्र करले । लेकिन, हमनीके सत्यके जानेके परी, आ उ मे विश्वास करेके परी ।

परमेश्वरके सत्य बचन कथी कहले की :

पिय्र हो, सब आत्मा के विश्वास न कर, लेकिन उ आत्मा परमेश्वरके ओरस, आएल बा कि न, विचार कर । काहेकि, बहुत झूठा अगमवक्ता सब, ई संसारमे फैलल बा । (१ युहन्ना ४:१,२०) अगमवाणी सबसे अन्जान न होउ, सबके जाँच कर, आ जौन सत्य बा, उहेमे दृढ रह । सब किसिमके खराबी से, अलग रह । (१ थेसलोनिकि ५:२०)

परमेश्वरके अगमवक्ता सब, कथी लिखले बा, कथी हमनी के थाह बा ? कथी हमनीके सत्य के, बचन मे चलईतबारी ? कथी हमनीक, सत्य बचनमे विश्वास कएले बारी ?

प्रिय स्रोता सब, ई धार्मिकताके रास्ता कार्यक्रम, सुनके साथ देली, अपने सबके बहुत बहुत धन्यबाद । परमेश्वर, ई संसारके कईसे बनएलक ? ई अपने सबके, दोसर प्रसारणमे बुझेक लेल आमन्त्रित करईत बारी । दोसरका प्रसारण में, अपने सबसे फेर भेट होखेम, कहके

प्रतिज्ञां करईत बारी । परमेश्वर अपन बचन में, रहल शक्तिशाली प्रतिज्ञाक, विचार करके हमनी के आशिष देव ।

सत्य कथी हई, उ तोहनीके जान, आ उ सत्य तोहनीके, स्वतन्त्र करी । (युहन्ना ८: ३२)

कार्यक्रम ४

परमेश्वर संसारके कईसे बनएलक

उत्पति १

ईसे पहिले, हमनीके परमेश्वरके अगमवक्ता (नवी) सब, स्वर्गदुतसब आ, शैतानके बारेमे बुझली । हमनीके जानली कि, शुरुमे, परमेश्वर लाखो, आ करोडो आत्मासब बनएलक, उ आत्मासब, स्वर्गदुत सब रहे ।

उ स्वर्गदूत सब मे से, एगो स्वर्गदूत, आउरी स्वर्गदूतसब से एकदम सुन्दर, आ बुद्धिमान रहे । उ स्वर्गदूतके नाम, लुसिफर रहे । स्वर्गमे, एकदिन लुशिफर, अपन हृदयमे अपने आपके, उच्चा कएलक, आ परमेश्वरके स्थानमे, अपने आपके राखेके, ईच्छा कएलक । आधासे बेसी, स्वर्गदूत सब, लुशिफरके पापम, चलेके चुनलक । आ उहेस, परमेश्वर, जे ओकर, विरुद्धमे विद्रोह करले, उ सबके सहे नसकी, परमेश्वर अपन पवित्र, उपस्थितिसे लुशिफर आ दुष्ट, स्वर्गदुतसबके निकालदेल । लुशिफरसे, शैतान होगेल, जेकर मतलब शत्रू बा । परमेश्वर शैतानके, आ ओकर दुष्ट स्वर्गदूत, सबके निकालदेल, परमेश्वर शैतान सबके, लागि नरकके आगि बनएलक, जोन आगी कहियो, न भुटाबल । एकदिन परमेश्वर, शैतान आ ओकर, पछारी चलेबाला सबके, उ आगि के भठीमे, फेकदी । लेकिन शैतान के, अभिला नरकमे, नईखे फेकले बा । शैतान अखनी, अपने छल करेसके बाला सबके, ई सब भि नष्ट होजाव, कहके, छल करईत संसारे कमे बा ।

आजु, अगमवक्ता सबके, लेखोट सबके बारेम, हमनीके चौथका, पाठ के पलहा बा । उत्पति नाम भेल, तोराहके पहिलका खण्डमे, पहिल्का अध्यायके, पहिलका दुगो पद, सबमे हमनीके अईसे परहईसी : शुरुमे परमेश्वर, स्वर्ग आ पृथ्वी बनएलक । पृथ्वी, आकार विनाके, आ शुनसान रहे । अथाह समुद्रके उपर, अन्धकार रहे, आ परमश्वरके, आत्मा, पानी उपर घुमईत रहे । (उत्पति१:१, २)

शुरुमे, जब परमेश्वर, स्वर्ग आ पृथ्वी बनएलक, उ बखत, सब चिज, विना आकारेके रहे, आ अन्हार रहे । लेकिन परमेश्वर, आदमी बनाएके, योजना कएलक, जेकर क्षमता, परमेश्वरके चिन्हे सकि, आ परमेश्वरके, प्रेम करेसकि, आ सबदिनके लागि, परमेश्वरके आज्ञा पालन करेसकि। लेकिन परमेश्वर पहिलका पुरुष आ स्त्री बनाएसे पहिले,

आदमीसब साँचा, समृद्धिमे जिए सके कहके, परमेश्वर एगो, सुन्दर संसार बनायके, योजना बनएलक 1

आब, आजु हमनीके, परमेश्वरके सृष्टि करेके योजना बनाएल आदमीसबके लागि, परमेश्वर कईसे संसारके बनएलक आ, आदमीसबके लागि, तैयार कदेल, कहके बिषयमे देखम |

•

परमेश्वर कईस, संसारके बनएलक, ईके बारेमे धर्मशास्त्र, कथी कहले त ? धर्मशास्त्र कहले, : छव दिनमे परमप्रभु, आकाश, पृथ्वी, समुद्र आ, ईमे रहल सब चिज बनएलक । (प्रस्थान २०:११) आब आउ हमनीके, उ छव दिनमे परमेश्वर, कथि कथि बनएलक, कहके देखेला उत्पति के पहिलका, अध्याय से देखम ।

१. पहिलका दिनके बारेम, धर्मशास्त्र कहले,

कि परमेश्वरके, आत्मा पानी उपर, घुमईत रहे । ३ आ परमेश्वर, कहलक, ईजोत होख, तब ईजोट होलक । परमेश्वर ईजोट के देखलक, उ असल रहे । परमेश्वर, ईजोट आ अन्हारके, अलग अलग कएलक । परमेश्वर, ईजोट के दिन, कहलक आ अन्हारके, रात कहलक । साँझ होएलक, आ विहान भेलक, पहिलका दिन । (उत्पति १:१, ५)

सृष्टिके पहिलका दिन, परमेश्वर, कथि कएलक ? परमेश्वर, अन्हारके चिरेला, ईजोट के आज्ञा कएलक । बादमें, सूर्य पृथ्वीमे चमकलक, लेकिन पहिलका दिनमे न । परमेश्वर ही, ईन्जोत के, स्रोत बा यी बातके, हमनीके जान, कहके परमेश्वर चाहले । धर्मशास्त्र कहले, परमेश्वर ज्योति बा, आ परमेश्वरमे कौना, अन्धकार नबा । (१ युहन्ना १:५)

२. सृष्टिके, दोसरका दिनके बारेमे, धर्मशास्त्र कहले :

आ परमेश्वर, कहलक, पानीके बिचमे एगो क्षेत्र होखो, आ उ पानीके दु भाग करो । परमेश्वर उ, बनाके क्षेत्रके, निचाके आ उपरके पानीके अलग, अलग कलक । तब औसनक, भेगेल । परमेश्वर, ई अन्तरिक्ष के, आकाश कहलक । (उत्पति १:६, ८)

परमेश्वर, दोसरका दिन बनएलक, जेका हमनीक, वातावरण कहईसी, पृथ्वीके आसपास के, आकाश मण्डल । वातावारण, संसारके आसपास रहल, आ ई हमनीके फेरेबाला, श्वास देबले । इहे वातावरण, सूर्यके तापसे, हर चिजके आ, हरेक व्यक्तिके सुरक्षा देयके काम करले, साथे वातावरण, आउर बहुत बिपती, सबसे बचाएके काम करले ।

हमनीक, सर्वशक्तिमान परमेश्वरक, दोसरका दिनमे बनाएल, यी विशेष अकाशमण्डल, बिना हमनीके यी, पृथ्वीमे बाँचे न सकम ।

३. तिसरका दिनम, परमेश्वर समुद्र सब, सुख्खा जमिन, आ वनजङगल बनलक । धर्मशास्त्र कथि कहले सुनु :

आ परमेश्वर, कहलक, आकाशके निचाके, पानीसब एक ठाउँमे, जम्मा होखो, आ सुखा जमिन, देखा परो । तब औसने भेगेल । परमेश्वर, सुखा जमिनके, पृथ्वी कहलक आ, जम्मा भेल पानीके, समुद्र कहलक । आ परमेश्वर, देखलक उ असल रहे । परमेश्वर कहलक, भुमी वनस्पति, बिया होएबाला गाँसब्रिस, आ आपना आपना किसिमके बिया होएबाला, फल फलेबाला, गाँसब्रिस सब उमारो। तब औसने भेगेल । ..... आ परमेश्वर देखलक, उ असल रहे । साँझ होएलक, आ बिहान होएलक, तिसरका दिन । (उत्पति १:९,१३)

उहे से, हमनीके देखईसी की, तिसरका दिनम, महान डिजाइनर परमेश्वर, समुद्र सब आ नदि सबके, साथे हजारा, अनेक किसिमक, गाँसब्रिस सब बनएलक । हरेक के, अपने अपने किसिमके, फलसब आ, बिया सब रहे । परमेश्वरके बनाएल, सब किसिमके स्वादिष्ट, भोजनसब रहे : आम सब, केरा सब, नरिवल सब, खरबुजा सब, टमाटर सब, बन्दाकोभी सब, गाँजर सब, धान सब, कोदो सब, बदाम सब, आ अउर भी, हजारौ किसिमके, खाएबाला सब । आ परमेश्वरके, बनाएल सब चिजसबके बारेमे परमेश्वर कहलक, ई सब

असल बा ।

परमेश्वरके बनाएल, आ करल सब काम, असल, अदभूत आ सिद्ध बा । परमेश्वर, खराब चिज बनाए, आ खराब काम करे, नसकि काहेसेकी परमेश्वर, सिद्ध आ भला बा, कहके हमनीके पहिले हि, जानगेल बारी ।

शायद, हमनीमे से केतना जना, सोचईत होम, यदि परमेश्वर भला बा, त संसार काहे दुष्टता, आ भैझगडा से भरल बा ? ई साल, हमर जमिन, काहे बन्हिया उत्पादन, न कएलक ? हमर बच्चा, काहे बिरामी परगेल ? यदि परमेश्वर, भला बा, त आदमी सबके काह, खराबी होवले ? साँचो, ई प्रश्नसब महत्वपूर्ण बा, आ पवित्र धर्मशास्त्र, ई प्रश्न सबके सन्तोषजनक, उतर देबले, जोन हमनीके, आएबाला कममे सुनम । आजके लागि, हमनीके केवल, ईं महत्वपूर्ण सत्यता, के हमनीके मनमे राखू : परमेश्वर भला बा, आ परिणामस्वरुप, परमेश्वरके बनाएल, सब चिज सब असल रहे ।

हमनीके परमेश्वरके, उद्धार आ भलाई के, विचार करेला, छोट समय लु । हमनीके भल, परमेश्वर कईस, तिसरका दिनमे, गाँसब्रिसके बनएलक, कहके सुनली । कथि हमनीके, थाह बा, काहे परमेश्वर, गाँसब्रिस आ ओकर, फल सब सहित बनएलक ? कथि परमेश्वरके, यी सबके जरुरी, रहे त ? कथि परमेश्वर, अपने भूख मिटावेला, यी असल फलसबसे, भरिपूर्ण गाँसबृस सब बनएलक त ?

ना, सबके सृष्टि करेबाला, परमेश्वर, कहियो नभुखाबले, आ परमेश्वरके, कौनो चिजके, आवश्यकता नपरले । त, काहे, परमेश्वर गाँसबृसके बनएलक त? धर्मशास्त्र हमनीके, कहले कि परमेश्वर, अपन भलाई में, मानव जातिके सब चिज, बनएलक जेका, परमेश्वर छव दिनमे बनएले रहे ।

कथि, हमनीके परमेश्वरके, भलाई के, चिनहे सकली त ? कथि, हमनीके आम के, मिठ स्वाद थाह बा ? अथवा, बन्हिया बास्ना आएबाला, फूलके सुबासना के, थाह पएले बारी, फिर भि, परमेश्वरके भलाई के, लागि धन्यबाद नदेले बारी ? कथि हमनीके गाँसब्रिसके, देखे सकम, आ हमनी के, लागि ई बनादेबे बाला, परमेश्वरके धन्यवाद, देबे नसकल बारी ? गाँसब्रिस बिना, जिवन भयाभव होजाई । बिना गाँसब्रिसके, हमनीके स्वादिष्ट फलसब खाए नपाएम, अथवा दिनके घामम, आराम करेला छाया न पाएम, अथवा चाए (चिया) आ दबाईके, लागि पातासब न पाएम । गाँसबृष बिना हमनीके, जराबेला जरना, घर बनाएला, जहाज बनाएला, कुर्सि बनाएला काठ सब, न पाए सकम । गाँसब्रिस बिना, चरा सब अपन, रहेबाला, गुँडसब कहाँ बनाईत ? जंगलके जनावरसब कहाँ रहईत ? गाँसबृक्ष बिना, पृथ्वीमे जीवन असम्भव रहे। गाँसब्रिस सब, कार्बनडाईअक्साईड () के वातावरणसे हटाईए । आ हावामे हमनीके, स्वास फेरेबाला अक्सिजन() के, उत्पादन करईए । आ गाँसेब्रिस मात्र, हजारो किसिमक, चिज सब मे से एक बा, जोन परमेश्वर हमनीके, जिए सकू आ खुशी रहे सकू, कहके हमनीसबके लागि, बनादेल रहे । परमेश्वरके भलाई, हमनीके चिनेसकु, कहके परमेश्वर चाहले । उहेकारण, अगमवक्ता (नवी) दाउद, भजनसङग्रहमे अईसे लिखले बा : परमप्रभुके, जाँच के त देख, उ केतना भला बा । (भजनसंग्रह ३४:८)

४. चौथका दिनमे,

परमेश्वर कहलक, अन्तरिक्षम, दिन आ रात, छुट्यायके लागि, ज्योतिसब होखो । उ सब ऋतुसब, दिनसब आ, वर्षसब छुट्याएला, चिन्हा के रुपमे काम करो, (उत्पति १:१४)

परमेश्वर, केवल सूर्य, चन्द्रमा आ तारा सबके, आकाशमे अस्तित्वमे आएक, लागि आदेश मात्र देले रहे । परमेश्वर, दोसर बचन बोललक, आ पृथ्वीके परिक्रमा करेलागल । परमेश्वर संसारमे, रहल यावत थोकसब, बनाए बखत कोन चिजके, प्रयोग कएले रहे ? धर्मशास्त्र हमनीके कथि कहले ? धर्मशास्त्र कहले :

सारा विश्व, परमेश्वरको बचनस, सृष्टि होएलक, आ जोन देखेबाला बा, उ न देखेबाला चिजसे बनएलक । (हिब्रु ११:३)

शुरुमे बचन रहे, बचन परमेश्वरसँगे रहे, आ बचन परमेश्वर रहे। बचन शुरुमे,

परमेश्वरसँगे रहे । ३ सब चिज बचनसे बनएलक, आ बनाएल कौनो भी चिज बचन बिना ना बनएलक । (युहन्ना १:१, ३)

हमनीके पहिले हि, पढकलेली की, पहिलका दिन परमेश्वर, केवल कहलक आ बोललक, ईजोट होखो, आ ईजोट होगेल । दोसरका दिन परमेश्वर कहलक, दु भाग होखो, आ दुभाग होगेल । तिसरका दिन परमेश्वर, फेन बोललक आ परमेश्वर, जथी कहले रहे, उ अस्तित्व मे आगेल, आ ओईसने होएते गेल । आब, उहे कारण, परमेश्वर संसारमे, सब चिज बनाएके लागि, कौन चिज के सहायता लेलक ? परमेश्वर अपन, बचनसे बाहेक, और कौनो चिजके सहायता, न लेलक । परमेश्वर के, कएल काम केवल, बोलल मात्र बा, परमेश्वर बोललक, आ परमेश्वर, जथि बोललक, उहे होगेल । परमेश्वर अपन, बचनसे सब चिज, सृष्टि मात्रे नकलक, लेकिन परमेश्वर, अपन बचनसे सब चिजक, नियन्त्रण भि करले (सब चिजके, एके सँगे थाम्हले) । परमेश्वरके बचनके, शक्तिसे हि आकाश, चन्द्रमा आ तारासब, अपन तोकल, स्थानमे रहले । परमेश्वरके आज्ञा, से ही सूर्य अपने आपके, तोकल समय में, हरेक दिन उदाएक, आ अस्ताएके काम करले । बिहान सूर्य, उदाएके बा कि न, कहके हमनीके न जानम त, हमनीके जीवन केतना, दुखित होईत, कहके सोचू त, परमेश्वर विश्वासयोग्य बा, कहके हमनी के, धर्मशास्त्र कहले । (१ कोरिन्थी १:९) हमनीके परमेश्वर में, भर पर सकईसी । परमेश्वर जौन बोलले, तौन करले । परमेश्वर कहियो, न बदली । परमेश्वरके बचन सबदिन, रहले रही । (१ पत्रुस १:२५)

५. पाचौ दिन, जीबनके लेखक, परमेश्वर हजारो हजार, किसिमके मछरीसब, आ चरासबके सृष्टि कएलक । धर्मशास्त्र कहले :

परमेश्वर कहलक, पानी जीवित प्राणी सबसे, बहुत मात्रामे भरजाओ, आ पंक्षीसब पृथ्वी उपर, आकाशमे उरो । ईहे से, समुद्रके विशाल जलचरसब, पानीसबमे भरके, चलहल करेबाला किसिम किसिमके, सब जीवित प्राणी सब, आ जात जातके, प्वाँख भेल सब, पंक्षीसब परमेश्वर बनएलक । आ परमेश्वर देखलक, उ असल रहे । आ परमेश्वर उ सबके, अईसे कहके, आशिष देलक, फलईत फुलाईत, आ बरहईत, आ समुद्रमे भरईत जाओ । आ पंक्षी सब भि, पृथ्वीमे बरहते जाओ । आ साँझ परलक, आ बिहान होलक, पाँचवा दिन । (उत्पति १:२०,२३)

६. छवबा दिनमे, परमेश्वर जनावर सब, आ आदमी सबके बनएलक । दुर्भाग्य वंस, आजु हमनीसँगे यी महत्वपूर्ण घटणा, विवरणके वारेमे वर्णन, करेके समय नबा । लेकिन, परमेश्वरकें ईच्छामे, हमनीके दोसर कार्यक्रम में, धर्मशास्त्रमे परमेश्वर, पहिलका आदमीके कईसे बनएलक, आ आदमीके काहे बनएलक, कहके बारेम, धर्मशास्त्र कथी कहले, कहके बन्हियासे पढम ।

आज हमनीक, परमेश्वरके भलाईक, बारेमे विचार कईली । हमनीके अगमवक्ता (नवी) दाउदके, कहल यी बात सुनली की, परमप्रभुके जाँच कके देखु, परमप्रभु केतना भला बा । प्रिय स्रोता सब, कथी हमनीके, परमेश्वरके भलाई, देखले बारी (पारख कयले बारी), साँचमे जाँचके, देखले बारी त? हरेक दिन, हमनीके परमेश्वरके, जुटाएल बहुत किसिमके, खाएबाला चिजसब, हमनीके खएले बारी, लेकिन हमनीके कथी साँचो परमेश्वरके, भलाईके देखल, बारी आ चिनहले बारी ? यदि हमनीक, साँचो परमेश्वरके, भलाईके देखेक, चाहईसी त, हमनीके परमेश्वरके, बचनके सुनेके परी, आ विश्वास करेके परी । पवित्रशास्त्र कहलेः आदमी खाली रोटीसे न, लेकिन परमेश्वरके, मुहसे निकलल हरेक, बचनसे जीवित रहि । (व्यवस्था ८:३, मति ४:४)

हमनीके दोसर पाठमे, पता लगाम की, आदमीके शरीर, मात्रै नबा, लेकिन आत्मा भी बा । हमनीके आत्माके, परमेश्वरके बचन खियायके परी । परमेश्वरके बचन, स्वादिष्ट रुपमे असल, आ अतुलनीय रुपम, अदभुत बा, लेकिन, हमनीके एका लागि, भुखायके परी । जईसे भोजनके लागि, हमनीके पेट भुखाबले, कथी हमनीके आत्मा, परमेश्वर आ उनकर अनन्त, बचनके जानेके लागि, भुखाबले ? यदि हमनीक, परमेश्वरके बचनके लागि, ई किसिमसे भुखाम त, हमनीके ई पृथ्वीम, आ उपर स्वर्गके अविनाशी, उतराधिकारमे परमेश्वरके सिद्ध, शान्ति देएबाला, ई सत्यताके पता लगाएम। यी सत्य बात बा, कहके हमनीके थाह बा, काहेकी परमेश्वरके, बचन कहले : धार्मिकताके लागि, भुखाएल आ पियासल सब, धन्यके बा, काहेकी उ सब, तृप्त होई । आमेन । (मति ५:६)

ध्यान देके, सुनेके लागि धन्यवाद । परमेश्वर कईसे, पहिलका आदमीके, बनएलक आ, परमेश्वर काहेला, आदमीके बनएलक, कहके ई बारेमे महत्वपूर्ण, बातसब सिकेके लागि, दोसर समयम, भेटेके लागि हम, अनुरोध करईतबारी । हमनीके, परमेश्वरके देहल, ई अदभुत, निमन्त्रणाके हमनीके, सम्झईत आ पालन करईत, परमेश्वर हमनी सब, जनके आ हमनीक, परिवारके समेत आशिष देओ । परमप्रभुके जाँचके देख, कि परमेश्वर केतना, भला बा । (भजनसंग्रह ३४:८)

कार्यक्रम ५

परमेश्वर काहे आदमीके बनएलक

उत्पति १,२

हमनीके, बितल कार्यक्रममे, परमेश्वर कईसे स्वर्ग, आ पृथ्वी, समुद्र, आ उमे, रहेबाला सब, चिजके बनएलक, ई विषयमे सुनले रली । परमप्रभु बोलके, हरेक चिज सब, छव दिनमे बनएलक । परमेश्वर संसारके, काहे बनएलक कहके, हमनीके देखले रली ।

परमेश्वर, अपन महिमाके लागि, आदमी सबके लागि, ई संसारके बनएले रहे । आदमी सब, साँचो समृद्धिम, जिएसके बाला सुन्दर, आ अद्भूत ठाउँ बनाके, परमेश्वर कईसन निमन, काम कएले बा ।

आजु हमनीक, परमेश्वर पहिलका आदमीके, इसके कईसे बनएलक, कहके जानेके लागि, धर्मशास्त्रके जाँच, करेके प्रयास करम । परमेश्वर काहे, आदमीके बनएलक, ई सच्चाईके परमेश्वरके सहायतामे, बुझेके कोसिस करम । तोराहमे (शुरुमे), उत्पतिके पुस्तकके, पहिलका अध्यायके २६ पदम, परमेश्वरके बचन कहले,

परमेश्वर कहले, आदमीके अपने स्वरुपमे, अपने प्रतिरुपमे बनाउ । आदमीसब, समुद्रके मछरीसब, आकाशके पंक्षीसब, पाल्तु पशुसब आ, जमिनमे चलहल करेबाला, सब जन्तु उपर अधिकार करो । ईह े कारण, परमेश्वर आदमीके, अपने स्वरुपमे बनएलक । परमेश्वरेके प्रतिरुपम, आदमीके परमेश्वर बनएलक । नर आ नारी कके, परमेश्वर आदमी के, सृजना कएलक । (उत्पति १:२६, २७)

ईहाँ हरेक के, बुझेबाला एगो, गहिरा आ अदभुत सत्य, हमनीके अगारी बा, परमेश्वर पहिलका पुरुष, आ स्त्रीके परमेश्वर, अपने स्वरुपमे बनएले रहे ।

यी बारेमे सोचु : परमेश्वर मानवजातिक, हर तरहसे, अपने जईसन, देखेबाला आ, काम करेबाला बनएलक । साँचो, मानवजाति परमेश्वरके, बनाएल आउर सब, बनाएल चिज जन्तु, सबसे बरी महत्पूर्ण रहे । मानवजाति मात्र, परमेश्वरके स्वरुपमे बनाएल रहे ।

लेकिन आब, धर्मशास्त्रके, यी कहेके मतलब कथी बा त ? परमेश्वर आदमीके, अपने स्वरुपमे बनएले रहे । २ अध्यायके ७ पदमे हमनीके अईसे पढम :

तब परमप्रभु परमेश्वर, भूमिके माटिस, आदमी बनएलक, आ ओकर नाकम, जीवनके सास फुकदेल, आ आदमी, जीवित प्राणी होगेल । (उत्पति २:७)

जब परमेश्वर, पहिलका आदमीके बनएलक, तब परमेश्वर, आदमीके शरीर बनएलक, आ ओका बाद, परमेश्वर उ शरीरम, जीवनके सास, आ अपन आत्मा राख्देल, आ आदमी जीवित प्राणी होगेल । परमेश्वर, आदमी के दुगो चरणमे बनएलक । धर्मशास्त्र, कथि कहले फेरी एकबेरी सुनु: पहिले परमप्रभु परमेश्वर, आदमीके भूमीके, माटिसे बनएलक । दोस्रो, परमेश्वर आदमीके, नाकमे जीवनके सास, फुकदेल आ आदमी, जीवित प्राणी होगेल । धर्मशास्त्रके, यी खण्डसे

हमनीक, यी सिखईसी कि, परमेश्वर आदमीके, बनाए बखत परमेश्वर सबसे पहिले, शरीर बनएलक । परमेश्वर सबसे पहिल, काहे शरीर बनएलक त ? परमेश्वर सबसे पहिले, शरीर बनएलक, काहेसे ईहे शरीरमे परमेश्वर, आदमीके अनन्त आत्माके, बासस्थान बनाएके चाहले । हमनीके शरीर, हमनीके घर बा, यी अस्थाई तम्बु बा, जे मे बास्तविक रुपमे, हमनीके बास करईसी, कहके कथि हमनीके थाह बा ? अईसे कहके, धर्मशास्त्र हमनीके, सिकावले कि : पृथ्वीमे हमनीक, जौन शरीरमे जीअईसी, उ एगो तम्बु जईसन बा । (२ कोरिन्थी ५:१ बोलोफसे) हमनी के आत्माके, रहेके लागि परमेश्वर, मानव शरीर सृष्टि कएले बा ।

सबसे पहिल, मानव शरीर सृष्टि करेला, परमेश्वर कौन चिज प्रयोग कएलक ? परमेश्वर पृथ्वीक, धुरा(माटी) के प्रयोग कएलक । कथी हमनीके थाह बा, माटिमे कुछ विशेषता सब, बा, जौन आदमीके शरीरमे, भि मिलले ? हमनीके आजु पाएल ज्ञान, अनुसार हमनीके जानईसी की, पृथ्वीके माटी, लभभग बीसगो, प्राथमिक रसायनसबसे बनल बा । उ रासायनिक पदार्थ सब, मानव शरीरमे भेटावल, कहके हमनी सबके, बैज्ञानिक सब बताबले । उहे कारण अगमवक्ता (नवी) दाउद, भजनसंग्रहमे लिखले बा :

हमनी के कईस, बनाएल गेल बारी, कहके परमप्रभु जानले, हमनीके मटिये बारी, कहके परमेश्वर सम्भले । (भजनसंग्रह १०३:१४)

हाँ, शरीर माटिएसे बनलबा, लेकिन एकर मतलब, मूल्यबान नबा कहके न । मानव शरीरम, सतरी हजार, हजार, हजार, हजार (७० टिलियन ७ निल) से बेसी, बालुवा के जईसन, भागसब रहले, जेका हमनीके कोष कहईसी ।

एक दो सारा के

आ उ सब, भागसब एकअर्का में, सँगेसँगे बुनाएल रहले, आ सही सद्भावमे, काम करेके लागि, बनाएल बा (वा डिजाइन) कएल बा । मानव शरीर, एगो आश्चर्य कर्म बा । हमनीके शरीरम, परमेश्वरके दिमाग, मुटु फोक्सो, पेट, कलेजो, आन्द्रा, हडी, मांसपेसी, छाला, आँख, नाक, मुह, आ अउर भी बहुत, अचम्म लागेबाला, अंग सब राखदेल बा । हरेक अंगके, अपन अपन भूमिका कथि बा, कहके जानले । परमेश्वर मात्र, यी सबके बनएलक । अगमवक्ता (नवी) दाउद, भी यी लिखलेबा, हे परमप्रभु.....हम, अपनेके प्रशंसा करईसी, काहेसे की हम, भयानक आ अदभुत, रीतिसे बनाएल बारी । अपनेके काम सब, अदभुत बा आ यी बात सब, पूरा रुपसे जानईसी । (भजनसंग्रह १३९:१,१४)।

हा, मानव शरीर एगा, अविश्वासनीय आश्चर्य बा । लेकिन, कथि यी उहे शरीर बा, जेका परमेश्वर उ अपने, स्वरुप मे बनएले रहे ? ना, अउसन होईए नसकि, काहेसेकी परमेश्वर, आत्मा बा। परमेश्वर आदमीके शरीरके, उ अपने स्वरुपमे बनएले नरहे । फीर, परमेश्वर आदमीके अपने स्वरुपम, बनएलक कहके, धर्मशास्त्र के कहेके अर्थ कथी बा त ? एकर कहेके मतलब ई बा कि, परमेश्वर आदमीके आत्मा, उ अपने स्वरुप मे बनएलक ।

परमेश्वर सबसे, पहिला आदमीके शरीरके, बनएखान पृथ्वी के माटिसे बनएलक, आउ शरीर, एगो लास जईसन रहे, जे मे जीवन न रहे, कहके हमनीके पहिलही, बुझलेल बारी । परमेश्वर आदमीके, शरीरमे प्राण, न राखके सबसे पहिल, काहे शरीर बनएलक त ? सर्वशक्तिमान परमेश्वर, काहे अउर बनाएल चिज, सबके जईसन आदमीके, केवल एउटा मात्र चरणमे सृष्टि नकएलक ? शायद परमेश्वर, हमनीके जीवन उपर, आदमीके कौनो शक्ति न रहले, कहके सिकाएके लागि, ई किसिमसे बनएले बा । आदमी अपने आपके, जीवन देबे न सकी, आ आदमी कौना, जीवित प्राणीके बनाए भी

न सकी । परमेश्वर जीवनके, परमप्रभु बा, आ परमेश्वरमे मात्र, जीवन भेटाए सकी । जीवन आदमीके, ओरसे न आबले, यी त परमेश्वरके बरदान बा ।

फिर भी, धर्मशास्त्र कहले : परमप्रभु परमेश्वर आदमीके नाकमे, जीवनके सास

.....

फुकदेल, आ आदमी, जीवित प्राणी होगेल । परमेश्वर के बनाएल शरीर, जीयेके शुरु करदेल । उ शरीर, काहे जीवित भेल रहे ? काहेसे की जीवनके, परमप्रभु उ लाश में, अपन आत्मा फुकदेल रहे । परमेश्वरमे रहल जीवन, अब आदमीमे आएल रहे। अईसही आदमी, शरीर प्राण आ आत्मा, सहितसे बनाएल जीवित प्राणी होगेल ।

शरीर केवल घर, (वा तम्ब) ही रहे, जे मे परमेश्वर, आदमीके प्राण आ आत्मा फुकदेल ।

प्राणमे, आदमीके व्यक्तिगत बौद्धिकता, भावना सब, आ ईच्छा रहे, जे आदमीके सोचेके लागि, महसुस करेके लागि, आ छनोट करे के लागि, सम्भव बनादेल ।

आत्मा परमेश्वर सँग, जोरल रहे । शरीर देखेबाला, संसारसँगे जोरेके लागि, बनाए बखत, आत्मा अदृष्य परमेश्वरसँग, जोरेके लागि बनाएल गेल रहे ।

मानव जाति परमेश्वरके, चिन्हो कहके परमेश्वर चाहले रहे । आदमी सब, परमेश्वरके विशेष गाडधन सब होई, कहके परमेश्वरके ईच्छा रहे ।

जवन, निश्चित विशेषता सब, हमनीके परमेश्वरमे भेटाईसी, उहे विशेषता, सब आदमीमे भी भेटाबल, कहके कथी हमनीके थाह बा ? आज हमनीके, आजुके पाठके अन्त करेसे पहिले, हमनीके परमेश्वरमे भेटाएबाला, तीन गो विशेषता सब, (वा गुण सब) आदमी सबमे भी भेटाबल, कहके विचार करेके चाहईसी ।

हमनीके परमेश्वरसँग, मिलेबाला तीन गो, विशेषतासबके बारेम, सोचे बखत, परमेश्वर आदमीके, अपने स्वरुपमे बनएलक, कहके धर्मशास्त्र के अर्थ, कथि बा, कहके हमनीके, अझ निमनसे बुझे सकम । परमेश्वर आदमीके शरीरम में, राख्देल तीनगो विशेषतासब बा :

एकः परमेश्वर आदमीके, मन(आत्मा) देलक, जे से आदमी, परमेश्वरके जाने सको ।

दुई : परमेश्वर आदमीके, हृदय(भावनासब) देलक, जो से आदमी, परमेश्वरके प्रेम करे सको

तीन : परमेश्वर आदमीके, इच्छा देलक, जे से आदमी, परमेश्वरके आज्ञा पालन करे सको ।

जईसे परमेश्वर मन, हृदय आ ईच्छाके मालिक बा, औसही परमेश्वर, आदमीके आत्मामे मन, हृदय आ इच्छा राख्देल । एकर अथ, कथि बा विचार करु ।

१. पहिले, परमेश्वर आदमीके, ओका चिने सकेबाला, आ परमेश्वरके विचार सब, बुझे सकेबाला दिमाग देलक । परमेश्वर आदमीके, अईसन शक्तिशाली, दिमागके साथ बनएलक, काहेकी, परमेश्वर आदमीके, अपनासँगै घनिष्ट

संगतिक, योजना बनएलक । जब, बादमे हमनीक, अगमवक्ता(नवी) अब्राहामके कथामे आएम, हमनीके देखम की, अब्राहमके परमेश्वर मित्र कहले बा । अब्राहाम परमेश्वरके, व्यक्तिगत रुममे, चिन्हईत रहे आ, परमेश्वरसँगे अब्राहामके, घनिष्त सम्बन्ध रहे । जे भि हो, अब्राहामके मात्र, परमेश्वर घनिष्ट मित्र बनेके, अवसर नदेलक । लेकिन, हमनीके भी परमेश्वरक, मित्र बनसकिले । हमनीके परमेश्वर सँग, घनिष्ट संगती करु, कहके परमेश्वर चाहले । ईहे कारण, परमेश्वर आदमीके, अपन मन(आत्मा) सँग, मेल खाएबाला मन(आत्मा) देलक ।

शयद, हमनीके एगो प्रश्न पुछ के, हमनीके कथि, कहईतबारी कहके, स्पष्ट पारे सकम । आदमी जनावर से, कथि फरक बा ? दिमाग । आदमीके मन, आदमीके आत्मा जनावरके मनसे, बहुत फरके बा । ई रेडियो कार्यक्रम, जनावर सब काहे बुझे ना सकी ? काहेकी उ सबसँग, हमनीके जईसन मन, न रहले । प्रिय स्रोता सब, आज हमनीके, बोलल बचन सब अपने सब काहे, बुझे सक्जाईत बारी ? काहेसे कि हमनीक, एके किसिमके दिमाग बा । औसहीए, आदमीके आत्मा परमेश्वरके आत्मास, मिलेबाला किसिमसे बनएले बा । (एकदोस्रा सँगे संचार करेलागि, सूचना आदान प्रदान करेलागि आ संगती करेलागि) ।

बास्तवमे, यी सब कहईत कममे, हमनीके मन, आ परमेश्वरके मन, ज्ञान आ बुद्धिम, बराबर बा, कहके हमनीके विचार न करु । अईसन भूल कहियो न करु ।

परमेश्वरके बुद्धि, असिमित रुपमे गहिरा बा, आ परमेश्वरके ज्ञान, सम्पूर्ण रुपमे आदमीमे रहल, हरेक बातके पूर्ण रुपसे, पार करईकए । हमनीके बुझेके आवश्यक, बात ई बा की : परमेश्वर, आदमीसँगेके अर्थपूर्ण सम्बन्धक, आनन्द ले सकेबाला आत्मा देलेबा । एक सच्चा परमेश्वर, हमनीके ओका चिने न सकेबाला, जनावर सब जईसन नबन कहके चाहले । जनावरसबके दिमाग त रहले, लेकिन उ सब परमेश्वरके, बारेमे सोचे न सकले । जनावर सबके मुह त रहले, लेकिन उ सबके लागि, हरेक दिन भोजन जुटाय बाला, परमेश्वरके उ सब, धन्यबाद देएक न सकले । जनावर सबके आँख त रहले, लेकिन उ सब सृष्टिके जटिलता, आ आश्चर्यके कदर करे न सकले । जनावर सबके कान त बा, लेकिन उ सब परमेश्वरके बचन, सुने ना सकले । जे भि होए, परमेश्वरके अपने स्वरुपमे, सृष्टि कएल, आदमी सब त, कम्तीमे परमप्रभु परमेश्वरके चिने सकईत बा ।

ह, आज हमनीके जेतना जन सुनईत बारी, हमनीके परमेश्वरके चिने सक्जाम । यदि हमनीके विश्वास करम, आ परमेश्वरके स्थापना कएल, मुक्तिके धार्मिक रास्ताके, प्राप्त करम त, हमनीके आपन सृष्टि कर्तासँग, घनिष्ट सम्बन्ध राख े सकम । अगारीके पाठसबम, हमनीके परमेश्वरके, मुक्तिके रास्ताक, स्पष्ट रुपसे ब्याख्या करम, लेकिन हमनीके आज, बुझेके कथि बा कि, परमेश्वर आदमीके, ओका चिने सकेबाला आत्मा देलेबा ।

परमेश्वर आदमीके, अपने स्वरुपमे, बनाएखान आदमीके, आत्मामे परमेश्वर, कुछक रखदेल रहे, : उ हृदय (मन या आत्मा) बा । परमेश्वर आदमीके, हृदय देलक, ता कि, आदमी परमेश्वरके, प्रेम करे सको । हमनीके रगतके, पम्प करेबाला मुटुके, बारेमे बात न करईत बारी, लेकिन हमनीके आत्मा, भावनासब, आ हमनीके विचार सब, मे हमनीके कथि महसुस

करईसी, कहके ई बारेमे बात करईत बारी । हमनीके अपन हृदयके विचार, वा मनसाय के बारेमे बात करईत बारी ।

परमेश्वर पहिलका आदमीसबके, उ भावनासबके महशुस, करेके लागि क्षमता देहलक जवन, परमेश्वर भि महशुस करले ।

परमेश्वर प्रेम करे सकी, घृणा करेसकी, आनन्दित होए सकि, आ उ दुःखकष्ट आ दयाके,

महसुस करे सक्जाई । ईहे कारण से परमेश्वर आदमीके आत्मामे प्रेम, आ घृणा जईसन भावनासबके, महसुस करे सके के, क्षमता भेल हृदय राख्देल । परमेश्वर आदमीक, जौन बातके, उ प्रेम करले, ओका प्रेम करेके आ, जौन बातके घृणा करल, ओका घृणा करेके चाहले । हमनीके परमेश्वरके, अपन सारा हृदय से प्रेम करु, कहके चाहले । उहे कारण, परमेश्वर आदमीके, अपने स्वरुपमे बनएलक आ, ओके हृदय देएलक ।

३. परमेश्वर जौन आदमीके, अपने स्वरुपमे बनएलक, उ आदमीके कुछ देएलक । परमेश्वर आदमीके, आत्मामे, ईच्छा भि राखदेल । हरेक व्यक्ति, अपन रास्ता चुने सको, कहके परमेश्वर अनुमति देबले । परमेश्वर कोनो भि बात करके, कि नकरेके, कहके उ ओकर अपने अधिकार बा । उहे कारण, परमेश्वर मानव जातिके, ओकईन के अपने लागि, महत्वपूर्ण बात सबके, छनोट करेके अधिकार, आ जिम्मेवारी देएके सृष्टि कएलक । परमेश्वर आदमीके, स्वचलित रुपमे अपन ईच्छा, पूरा करो आ, यी विषयमे कौनो विकल्प, न होखो, कहके भी सृष्टि कर सकईत । जे भि होखो, परमेश्वर आदमीके, उ अपना लागि, परमेश्वरके, आज्ञा पालन करेक, कि न करेक, कहके छानेके लागि, जिम्मेबारी देएलक । परमेश्वर केवल, रोबर्ट जईसन मेशिन, वा औजार न बनएलक । परमेश्वर आदमीके, बनाय बखत हरेकदिन उदायबाला, सूर्य जईसन, न बनएलक, लेकिन यी विषयमे कौनो विकल्प, न रहे । सूर्य हरेक दिन, आपसे आप परमेश्वरके ईच्छा, पूरा करले । आदमीमे यी बात, लागु न होवले । आदमी एगा, विशेष सृष्टि बा । परमेश्वर हमनीके, अपना लागि, सृष्टि कएले बा ।

परमेश्वर हमनीक, ओके प्रेम करु आ ओक, आराधना करेक, हमनीके छानेके चाहले ।

परमेश्वर आदमीके, स्वतन्त्र ईच्छा देले बा । आदमी, परमेश्वरके पछारी लाग, कि शैतानके पछारी लाग, कहके छानेके परी, आदमी परमेश्वरके बचनमे, रमायके, कि बचनके तिरस्कार करेक, छनोट करही के परी ।

परमेश्वर अपन बचनके, विश्वास करेके लागि, केको भी जबर्जस्ती, न करले । परमेश्वर हमनीके, कहियो भी अपनाके, प्रेम करे लागि आ, आज्ञा पालन करे लागि, जबर्जस्ती न करले । जबर्जस्ती करी, त उ प्रेम नईखे । परमेश्वर हमनी, हरेकके कौन रास्ता के, पछारी लागेके कहके, हमनीके लागि हमनीके अपने, निर्णय करु कहके अनुमति देबले । लेकिन अन्तमे, परमेश्वरके राज्यके, ईन्कार करेबालाके, परमेश्वर न्याय करी, काहेसेकी परमेश्वर आदमीके, अपने लागि बनएलक । हमनीके ई पृथ्वीमे, परमेश्वरके लागि बारी । हमनीके ई पृथ्वीम, अपने लागि नबारी, वा रुपैंया पैसाके लागि न, वा कौनो कुछो वा केको लागि न । परमेश्वर हमनीके, अपना लागि, अपना खुसीके लागि, आ परमेश्वरेके महिमाके लागि मात्र, सृष्टि कएलक । परमेश्वर हमनीके, उहाँके चिनेके, प्रेम करेके आ सबदिन परमेश्वरेक, आज्ञापालन करेक, क्षमता के साथ सृष्टि कएलक । ह, सधैभरी, अनन्तके परमेश्वर, हमनी हरेकके अनन्त, आत्मा देलेबा । हमनीके आज परमेश्वरसँगे, बिहान आ सदासर्वदा अनन्त तक, गहिरा आ अदभूत सम्बन्धम, रहू कहके परमेश्वरके ईच्छा बा । ईहे कारण, परमेश्वर आदमीके, अपने स्वरुपमे सृष्टि कएले बा ।

सुनेके लागि धन्यबाद । परमेश्वरके इच्छामे, हमनीके दोसर कार्यक्रम मे, आदम आ हव्वा आ स्वर्गलोकके बगैचाके बारेमे सिकम ।

धर्मशास्त्रके यी पदके, साथ हमनीके बिदा होखम, जे आदमीसबके लागि परमेश्वरके अभिप्रायके सम्भाबले :

परमप्रभु हमनीके परमेश्वर, एउटे परमप्रभु बा : तू परमप्रभु अपन परमेश्वरके, अपन सारा

हृदय, अपन सारा प्राणसे, सारा समझ आ, सारा शक्तिसे प्रेम कर। (मर्कुस १२:२९, ३०)

कार्यक्रम ६

आदम आ हव्वा

आ स्वर्गलोक के बगैंचा

उत्पति २

शुरुमे कथी भेल रहे, एकर बारेमे, हमनीके अध्ययनके, निरन्तरता देईतबारी । आजु के पाठ मे, हमनी के आदम आ हव्वा से भेटम, आ ओकनी सबके, ई पृथ्वीमे पहिलका दिन, कथी भेल रहे, ई के बारेमे सिखम । छ दिन तक, परमप्रभु, स्वर्ग आ पृथ्वी, समुद्र आ उ मे रहल यावत थोक सब, बनएलक कहके हमनीक, पहिले ही, उत्पति मे पढलेल बारी । (प्रस्थान २०:११)

छवबा दिनमे परमेश्वर, कईसे पहिलका आदमीके, बनएले रहे कहके, हमनी सब देखली । परमेश्वर, आदमी के शररीर, आत्मा आ प्राण सहित बनएले रहे । परमेश्वर आदमी के, शरीर, पृथ्वी के माटिसे बनएलक । आ ओकाबाद, परमेश्वर, आदमी के शरीर मे अनन्त प्राण, आ आत्मा के श्वास फुकदेल । परमेश्वर आदमी के, अपने प्रतिरुप मे बनएलक । एकर मतलब परमेश्वर के, आदमी सब, चिन्हो कहके, आदमीके प्राण मे, विशेष मन (आत्मा) राख्देल । परमेश्वर के, आदमी सब प्रेम करे सको, कहके हृदय (भावना सब) भी देलक । आ परमेश्वर के आज्ञा, पालन करके कि न करके, कहके अपना लागि, छनोट करेके लागि, आदमीके, परमेश्वर, ईच्छा (छनौट करेके चाहना) देलक ।

काम

परमेश्वर, पहिलका आदमी के, बनएलाके बाद, परमेश्वर अपन सृष्टिके काम से, आराम करेसे अगारु, परमेश्वरके, अउरो काम सब भि करेके रहे । परमेश्वरके कएल ईहे, सबके बारेमे, आजु हमनीके सिखेला चाहईतबारी । आउ, हमनी सब पुराना करार में, रहल उत्पतिके पुस्तक के दोसर अध्याय के, निरन्तरता देउ । धर्मशास्त्र कहले :

परमप्रभु परमेश्वर, पूरुब ओरी, अदनमे, एगो बगैंचा लगएलक, आ परमेश्वरके, बनावल आदमी के, ओहिलङ राखदेल । (उत्पति २ : ८)

परमेश्वर, जौन आदमी के बनएले रहे, उ आदमीके लागि, परमेश्वर कईसे एगो रमाएबाला(आनन्दके) बगैंचा बनएलक, कहके धर्मशास्त्र हमनीके बताबले ।

उ बगैचाके, अदनके बगैंचा कहले । आ स्वर्गलोक के बगैचा कहले । जौन बगैंचा म, परमेश्वर, पहिलका आदमीके राखले रहे, उ बगैंचा स्वर्गमे रहे, कहके कौनो कौनो आदमी सब सोचविचार करले । जे भी होए, उ बगैचा ईहे पृथ्वी में अदनके पूरुब ओरि रहे, कहके धर्मशास्त्र बाइबल हमनीके बाताबले । सकभर, उ ठाउ, आजके ईराक देशम, होएके चाहि । परमेश्वरके आगमवता (नवी) सबके, लिखल बचन सब, पृथ्वी मे रहल स्वर्गलोक के, बगैचा (अदन) सँग, उपर

परमेश्वरके उपस्थिति में, रहल स्वर्गिय बगैचा सँगे कहियो, भ्रमित न करले । पछारु के पद सब मे, धर्मशास्त्र अईसे कहले :

पिछारुके पद सबमे धर्मशास्त्र अईसन कहले की :

देखे मे निमन, खाएमे अच्छा फल रहल, हरेक किसिमके गाँसी, परमप्रभु परमेश्वर, जमिन से उब्जएलक । परमेश्वर, बगैँचाके बिचमे, जीवन के गाँछी, आ अच्छा, आ खराब के, ज्ञान देबे बाला गाँछी, लगएलक । बगैंचा भिजाबे के लागी, अदन से एगो नदि निकलल रहे, आ ओलङ से निकल के, चारगो साखा भेल नदि निकलल रहे । परमप्रभु परमेश्र, आदमी के अदनके बगैचा मे लेयाक, बगैंचाके देखभाल, करेके लेल, राखदेल रहे । (उतपति २: ९,१०,१५)

अईसहिए, हमनीके जानईसी की, परमेश्वर पहिलका आदमी, आदमके लागि, एगो सुन्दर ठाउँ बनएलक । जहाँ उ आनन्दसे रहे सकईत । परमेश्वर ओकाके फल फलाबे के लेल, सुन्दर, आ खाए के लागि, स्वादिष्ट गाँछी सबसे भरल, असल बगैचामे राखदेल । उ मन मोहे बाला, ठाउँमे मे, सब चिज बन्हिया आ अदभुत रहे । आदम के ईन्डिय सब जीवित रहे, आदम, सुन्दर चिजसब देखलक, आदमके कान, गाँछीमे गावे बाला, चिरई सबके आवाज सुनलक, आ उनकर ईन्डियसब बगैचामे फैलल फुला सब के, सुवासना लेलक । परमेश्वर आदमके, आनन्दके लागि सब चिज देलक । हमनीसब ई भि पढम की, कईसे परमेश्वर, अपन भलाई में आदम के, बगैचाके खनजोत करेके आ रेखदेख करेके, सन्तोसजनक काम देलक ।

अदन कहेबाला ठाउँमे, एगो बहुत अच्चमके बात कथि रहे की, परमेश्वर अपने स्वरुपमे बनाएल आदमीसँगे घुमे आ बात करे, बगैंचामे, साँझके समय में, आईत रहे । (उत्पति ३:८) परमेश्वर, आदमी से काहे भेट करईत रहे ? काहेसे की, हमनी सब पहिलही बुझले बारी की, परमेश्वर आदमीके, अपन मित्र के रुपमे बनएले रहे । परमेशवरके योजना कथी रहे की, परमेश्वर आ आदमी सब के बिचमे संगती रहो, बातचित होखो, आदमी सब परमेश्वर संगे आनन्द से रहे सको, आ एकता मन, आ हृदय के साथ, परमेश्वर संगे अनन्त मे भि समय बिताए सको, कहके परमेश्वर चाहईत रहे । हूँ, परमेश्वर मानव जातिके, परमेशवर संगे सब दिन, गहिरा आ अदभुत रितीसे सम्बन्धमे बढेके चाहईत रहे ।

अब परमेश्वर, पहिलका आदमीके राख्ले, उ बगैचाके बारेमे कुछ बात हमनीके जानल जरुरी बा । बंगैचाके बिचमे, परमेश्वर दुगो बहुत महत्पूर्ण गाँछी सब रोपले रहे । एगो गाँछीके जीवनके गाँछी कहले रहे । आ दोसर गाँछीके, असल आ खराबके ज्ञान, देबेबाला गाँछी कहले रहे ।

परमेश्वर आदमके, परमेश्वर सँगे अनन्त, जीवनके हिस्सेदार, बनाएके परमेश्वरके योजना रहे, कहके आदमके, याद दिलाएला, परमेश्वर, बगैंचामे जीवन के गाँछी राखदेले रहे । असल आ खराबके ज्ञान, देबेबाला गाँछी के सम्बन्धमे, परमेश्वर आदमके, जाँच करेला, उ गाँछिके, बगैँचाके बीचमे राखदेले रहे । धर्मशास्त्र कथी कहले सुनु :

आ परमेश्वर, आदमीके ई आज्ञा देलक, “बगैँचाके, सब गाँछिके फल तु संका न करके खाए सक्ब, लेकिन असल आ खराबके, ज्ञान देबेबाला गाँछीके फल न खईह, काहेकी जौन दिन तु उ खइब, तु निश्चित मर जएब । ” (उत्पति २:१६,१७)

परमेश्वर काहे, आदमके असल आ खराबके, ज्ञान देएबाला गाँछीके फल, खाएके लागि माना कदेल ? कथी परमेश्वर कंजुस बा ? अहँ, परमेश्वर कंजुस न बा । वास्तवमे, परमेश्वरके नाम सब मे से, एगो नाम उदारचित से देएबाला बा

(याकुब १:५ बोलोफमे) । परमेश्वर आदमके कहलक, “तु एगो गाँछीके फल बाहेक और सब गाँछीके फल, संका न कके, खा सक्ब ।” कथी यी आज्ञा कठीन रहे ? अहँ, कठीन न रहे । परमेश्वर, आपन अनुग्रह मे, आदमके आवश्यकता अनुसार सब चिज सब देले रहे । आदमके कौनो भि असल चिजसे, परमेश्वर बन्चित न कएले रहे । लेकिन, परमेश्वर अपन सिद्ध योजना अनुसार, आदमके परमेश्वरके आज्ञापालन करेके लागि, बहुते रुपसे प्रेम करी, कहके परमेश्वरके देखाएके लागि, आदमके मौका देएला, एगो सामान्य किसिमके जाँच राख्देल रहे । जईसे परमप्रभु परमेश्वर कहले, “जे हाम्राके प्रेम करी, उ हमर बचनके पालन करी... हाम्राके प्रेम न करेबाला, हमर बचनके पालन न करी । ” (युहन्ना १४:२३, २४) । परमेश्वर, आदमके हृदय काहाँ रहे, कहके देखेला, आदम के प्रेम आ बफादारीता के जाँच करेके चाहईत रहे । उहेकारणसे, परमेश्वर आदमके, ई सामान्य किसिमके आज्ञा देहलक । परमेश्वर रोबोट न बनएलक । आदम अपन स्व ईच्छा से, परमेश्वरके प्रेम करेके आ आज्ञापालन करेके, चुनो कहके परमेश्वर मन, हृदय आ स्वतन्त्र ईच्छा भेएल, आदमी के सृजना कएलक ।

,

यदि, आदमके निषेध कएल गाँछी के फल, खएला से कथी होई, कहके परमेश्वर चेतावनी भि देले रहे त ? परमेश्वर, आदमके कहले रहे,“ तोराके असल आ खराब के ज्ञान देएबाला गाँछीके फल खाएके नईखे, काहेकी जौन दिन तु, उ खएबे तु उ हे दिन, मर जएबे । अईसही, आदमके परमेश्वर, आज्ञापालन न कएला से मृत्यु लेआई, कहके जानकारी भि करादेल रहे । परमेश्वर, सृष्टि कएल आदमीके प्रेम करईत रहे, उहे से, परमेश्वर आदमके चेतावनी देलक की : आदम, यदि तु हमर आज्ञापालन न करबे, त तु मर जएबे, काहेकी हमर धर्मी कानुन, पाम करेबाला आदमीके मृत्यु के माग करले ।

सायद केहु, प्रश्न करईत होई : पाप कथी बा ? धर्मशास्त्र कहले : पाप ही, व्यवस्था के भङग बा । (यूहन्ना ३:४) । सब धार्मिकता पाप बा (१ युहन्ना ५:१७) । जे भलाई करेके जानकर भी, भलाई न करले त, उ पाप करले । (याकुब ४:१७) (यशैया ५३:६)

परमप्रभु पवित्र परमेश्वर सँगे, सहमत न होएल पाप बा (यशैया ५३:६) । परमेश्वर के बिरुद्धमे पाप करेबाला सबके, कथी होई ? परमप्रभु परमेश्वरके बचनमे हमनीके अईसे पढईसी : उ प्राण, जे पाप करी, उ उजने मरी । (इजकिएल १८:२०) । दोसर पद कहले : पामके फल मृत्यु बा । (रोमी ६:२३)

आ, मृत्यु कथी के कहले ? केहु, अस्तित्व मे रहेके छोरला, मृत्यु बा कहले, सब खतम होगेल, आ अब से हम कुछो न जनईसी, कहके बिचार करले । लेकिन यदि हमनीके, धर्मशास्त्र मे भरोसा करम त, मृत्यु उ न बा, कहके हमनीके थाह पाएम । धर्मशास्त्र के, पहिलका भाग लिखल हिब्रु भाषामे, मृत्यु अलग होएके, कहके बुझाबले । उहे से, मृत्यु के मतलब जीवन से अलग होएके बुझाबले ।

जब परमेश्वर आदमके कहलक, “असल आ खराबके ज्ञान देएबाला गाँछी के फल तु न खईहे, काहेकी जौन दिन तु, उ गाँछीके फल खएब, तु निश्चत मरबे । ” (उत्पति २:१६,१७), यीहे बात परमेश्वर कहईत रहे : आदम, यदि तु हमर

माना कएल गाँछीके फल खएबे, त तु उहे दिन, हमरा से अलग होएबे । यदि तु हमर, आज्ञाके उलङघन करबे, त हमरा सँगे के तोहर घनिष्ठ सम्बन्ध, टुटजाई । हम पवित्र बारी, आ हम पापके सहे न सकम ।

हम लुसिफर आ ओकर स्वर्गदूत सबके, उ सबके पाप के कारण निकाल देली, आ यदि तु भि, पाप कर ब, त हम तोराके भी निकालदेम । यदि तु निषेध कएल, गाँछी के फल खए ब त, तोहर शरीर भी बुरहाएत लागि, आ अन्तमे उ शरीर मरजाई, जेकर मतलब बा की, तोहर प्राण शरीरके छोरदेई । आ ओतने मात्रे न । यदि तु हमर आज्ञा, उलंघन करबे, त तोहर शरीर मात्र नमरी, लेकिन तोहर आत्मा भि, हम शैतान आ ओकर दूतसबके लागि बनाएल नरक में जाई । आ हाम्रासे अलग होके, तु सदा के लागि, नरक के उ आगमे जएबे

हँ, पाप तिन गो, डर लागेबाला अलगपन सब लेआबले । पहिलका, हमनीके प्राण (आ आत्मा) यी हे पृथ्वीमे, परमेश्वर से अलग, होखले । एकर मतलब हमनीके हृदय मे रहल पापके कारण, पवित्र परमेश्वर सँगे, हमनी के सम्बन्ध न होखले । दोसर, हमनीके मरेके दिन, हमनी के शरीर से, हमनी के प्राण, अलग होखले । एकर मतलब, हमनीके शरीर मरजाई, आ प्राण न्याय के लागि, परमेश्वर कहाँ जाई । तिसरका, हमनी के आत्मा, शरीर आ प्राण सदाके लागि, आगी के कुण्ड में जाए लागि, परमेश्वर से अलग होई ।

,

परमेश्वर के बचन के अधिकार के आधारमे, मृत्यु केका कहले ? छोटकरी मे, मृत्यु के अर्थ, परमेश्वर से अलग होएल, बा । पाप, आदमी के जीवन के स्रोत, परमेश्वरसे अलग करले । परमेश्वर पवित्र बा, आ पाप सँगे सहभागी होए न सकले । पाप करेबाला प्राण, काटके फेकल गाँछी के डारह जईसन बा । डारह गाँछी के एगो भाग होएके छोर देलाके बाद कथी होई ? डारह कटदेला के बाद, कथी उ जीवित रही ? अहँ, उ जीवित न रही । उ त मरजाई । पातासब तुरुन्ते नसुकी, लेकिन, उ सब धिरे धिरे मरे लागि ।

औसहिए, यदि हमनीके परमेश्वर के तरिका से पापके क्षमा, न पएले बारी त, हमनी के त जिन्दे बारी, कहे के लागि, हमनीके अगमवक्ता (नवी) सबके धर्मशास्त्र कहले : कि परमेश्वर के सामने, हमनीके अपन पाप, आ अपराध सब से मरल जईसन होखम । (एफिसी २:१)

2

तोहनी सबके अधर्म, तोहनी सबके, अपन परमेश्वर से, अलग कएले बा, आ तोहनीके पाप के कारण, परमेश्वरके मुहार तोहनी सबसे छेकाएल बा (यशैया ५९:२) तोहनी सब डारह जईसन बाहर काट्के फेकाएल बार, आ.... सुख गेल बार : अईसन डारह सबके आदमी सब बहार के, आ आगि मे फेक देबले, आ उ जरके नास होजाबले । (युहन्ना १५ : ६)

गाँछीमे न जुटल डारह, फल फलाए नसकले । परमेश्वर मे नजिक, एगो पापी आदमी भी ओईसने बा । उ परमेश्वरके खुस करेके लागि, कौनो फल फलाए न सकी, काहेसे की, साँचो गाँछी, जीवनके स्रोत, परमेश्वर सँगे ओकर कौनो सम्बन्धे नईखे ।

पापी सब केवल परमेश्वरके, धर्मी न्याय के मात्र आशा करे सकी । जथी भि होए, अगमवक्ता (नवी) सबके लिखल सबमे, परमेश्वर हमनीके ओका सामने, हमनीके कईसे धर्मी बने सकम, आ हमनीके पाप सब क्षमा होगेल बा, कहके कईसे निश्चित होए सकम, कहके हमनीके बतएले बा । हमनीके आगे आएबाला पाठ सबमे, यी हे मुक्तिके सन्देश के, खोजी

करम ।

आज, हमनीके अन्त करेसे पहिले, हमनीके ई अध्यायके बाँकी भागके पढम, जौन हमनीके परमेश्वर पहिलका स्त्री, कईसे बनएलक, कहके बताबले । सुनु :

परमप्रभु परमेश्वर कहलक, “आदमी अकेले रहला ठीक नईखे । हम ओका लागि सुहाएबाला, एक जना सहयोगी बनाएम।”... परमप्रभु परमेश्वर आदमीके मस्त निन्द मे कएलक, आ उ सुतले बखत ओकर करङ्ग सबमे के एगो करङ निकालके ओकर ठाउँमे मास भरदेल । जौन करङ, परमप्रभु परमेश्वर आदमी से निकालले रहे, उहे करङ से एगो स्त्री बनाके आदमी लङ लेएलक । आदमी कहलक, “ई त हमरे हडी के हडी, आ मास के मास बा । यी स्त्री कहलाई । काहेकी उ पुरुषसे निकालल रहे ।” ई हे कारण, आदमी अपन बाप आ मातार के छोर के अपन पत्नी सँगे मिलके रहले, आ उ एउटे शरीर होखले । आदमी आ ओकर पत्नी दुनु लङटे रहे, न लजाईत रहे । (उत्पति २:१८, २१.. २५)

हँ, विवाह परमेश्वर स्थापना कयले रहे । उ सब, एक दोस्राके प्रेम करो, सँगेसँगे जियो, आ अपन सृष्टि कर्ताके उ सब अपन परिवार से प्रकट करो, आ परमेश्वर के महिमा करेबाला खुसी परिवार होखो कहके, परमेश्वर एगो पुरुष आ एगो स्त्री के बनएलक । परमेश्वर, जे आदमके प्रेम करईत रहे आ ओका पूरा रुपसे खुशी देखेके चाहईत रहे, परमेश्वर आदमके एगो अदभूत किसिमके उपहार भि देलक, उ उपहार, आदमके लागि ओकर पत्नी रहे । परमेश्वर आदमके ओकर पत्नीके खुस करेके, ओका लागि प्रबन्ध कदेल, आ अपने जईसन प्रेम करो, कहके चाहईत रहे । आ सबसे बन्हिया बात, परमेश्वर, उ पुरुष आ स्त्री दुनु जने परमेश्वर सँगे के, गहिरा सम्बन्ध मे आनन्द करो, कहके चाहईत रहे । परमेश्वरके जाने सके, प्रेम करे सके, आ सदासर्वदा परमेश्वरके, आज्ञापालन करे सके कहके चाहईत रहे । देखु एफिसी ५)अईसहीए, परमेश्वर अपन सृष्टि काम पूरा कएलक । धर्मशास्त्र अईसे कहले

अपन बनाएल, हरेक चिज परमेश्वर देखलक, बास्तवमे उ सब, बहुत निमन रहे । आ साँझ परलक, आ बिहान होलक, छव बा दिन । अईसहिए, स्वर्ग आ पृथ्वी आ उ मे रहल, सब चिज बनाके सुधादेल । अपन कएल काम परमेश्वर सात दिनमे सुधएलक । आ सातवा दिनमे, अपन कएल सब कामसे परमेश्वर विश्राम कएलक । आ परमेश्वर सातवा दिनके आशिष देलक, आ उ दिनके पवित्र कएलक, काहेसे की परमेश्वर अपन सृष्टि में, कएल सब कामसे उ हे दिन आराम कएलक । (उत्पति १:३१...२:३)

परमेश्वर सातवा दिनमे, काहे विश्राम लेलक त ? कथी परमेश्वरके थकाई लागल रहे त ? ना, परमेश्वर कहियो भी न थाकले । परमेश्वर अपन काम सुधाएके कारण से उ विश्राम कएले रहे । हरेक बात सिद्ध रहे । छवबा दिन तक, परमेश्वर सृष्टि करके सातवा दिनमे विश्राम करके परमेश्वर, सात दिनके एक हप्ता बनएलक, आ ई सात दिनमे विश्राम लेबेबाला प्रचलन भी ई संसारमे कायम बा ।

बुद्धिमान आ प्रेमिलो पिताके रुपमे परमप्रभु, आदमी आ ओकर पत्नीके बास्ता कएलक । हरेक साँझ, परमेश्वर बगैंचामे उ सब सँगे घुमफिर करे, आ बात करे के लागि, आवईत रहे । परमेश्वरके उपस्थिति में, उ सब सहज आ खुशी रहे ।

पाप आ शर्मरहित संसार, दुःखि, बिरामी आ मृत्यु रहितके संसारके कल्पना करु त । आपन सिद्ध सृष्टिकर्ता सँगेके सम्बन्ध बरहते जाईत दम्पतिके कल्पना करु त । हँ, सुरुमे ओईसने रहे । गल्ती कथी भेल होई त ? दोसर कार्यक्रममे, परमेश्वरके ईच्छा मे, पाप आ शर्म संसारमे कईसे प्रवेश कलेल, कहके विषयमे हमनीके सिखम । साथै, परमेश्वरके पवित्र बनावट के ई घोषणाके, सम्झना करईत परमेश्वर हमनीके आशिष देव ।

पापके कमाई मृत्यु बा, लेकिन परमेश्वरके सितैकें बरदान ... अनन्त जीवन बा । (रोमी ६:२३)

कार्यक्रम ७

संसारमे पाप कईसे प्रवेश कएलक

उत्पति ३

हमनीके बितल दुगो अध्यायसब मे, पहिलका दु जना आदमी सबके, परमेश्वर कईसे बनएलक कहके बुझली । धर्मशास्त्र कहले : परमेश्वर आदमीके, अपने स्वरुप मे बनएलक, नर आ नारी करके परमेश्वर उ सबके बनएलक । (उत्पति १:२७)

पुरुष आ स्त्रीके हृदथ भितर परमेश्वर, उनकरा चिन्हे सकेबाला आत्मा, आ प्रेम करे सकेबाला हृदय राखदेल । परमेश्वर उ सबके, स्वतन्त्र ईच्छा भि देलक, जेसे उ सब आपना लागि परमेश्वर के आज्ञाके पालन करेके कि, न करेके कहके छाने सकईत । हमनीके ई भि देखली कि, परमेश्वर आदमीके शरीरके एक ओर से स्त्री बनाए से पहिले, परमेश्वर आदमीके लागि तयार कएल, अदन नाम के स्वर्गलोक के सुन्दर बगैँचा मे राखदेल । परमेश्वर पहिलका पुरुष आदम, आ पहिलका स्त्री हव्वा के, शान्ति आ आनन्द मे जिएला, जरुरी परेबाला सब चिज, देलक । आदमी सब, सबदिन तक परमेश्वर के चिनो, आ प्रेम करो, आ परमेश्वर के आराधना करो, कहके परमेश्वर चाहले रहे ।

परमेश्वर आपन सिद्ध योजना में, उ सृष्टि कएले आदमीके सामने, एगो सामान्य जाँच राखदेल रहे । बगैँचा के बिचमे, परमेश्वर असल आ खराब के ज्ञान देएबाला गाँछी रोप्देल रहे, आ एका बाद, “बगैँचा के सब गाँछी के फल, शंका न करके, तु खा सक्ब, लेकिन असल आ खराब के ज्ञान देएबाला गाँछी के फल, न खईह, काहेसे की, जौने दिन तु उ खईब, तु निश्चित मर ब,” कहके आज्ञा देले रहे, यी सब हमनीके देखली । (उत्पति २:१६,१७)

यी किसिमसे परमेश्वर काहे, आदमके जाँच कएले होखी ? परमेश्वर, आदमके हृदय के, अवस्था कईसन रहे, कहके देखाएके चाहईत रहे । आदम पाप करो कहके, परमेश्वर आदमके जाँच न कएले रहे, लेकिन आदम के आशिष देएके, आ बरियार बनाएके, चाहईत रहे । परमेश्वर के बनाएल आदमी मे, कौनो खोट न रहे, आदमी मे कौनो किसिमके पाप न रहे, लेकिन एकर मतलब, आदमी सँगे परिपक्क चरित्र रहे, अथवा आदमी मे परमेश्वरके लागि गहिरा, किसिम के हृदय, प्रेम करेबाला गुण रहे, कहके अईसन भी नईखे । उहेसे, आदम के सामने परमेश्वर, आदमके प्रेम के जाँच करेला, यी किसिमके जाँच राखदेल रहे ।

यदि आदम, यी जाँचमे पक्का होके खडा रहे, आ उ परमेश्वर के आज्ञा पालन कएले रहईत त, उ अपन हृदय से ही परमेश्वर के प्रेम करले, कहके प्रमाणित कर देईत । आ यी भी होईत, की, यदि आदम उ जाँच मे पक्का होके खडा रहईत त, आ उ पाप के ईन्कार करईत त,उ जाँच आदमके बारियार बनादेईत, काहेकी धर्मशास्त्र कहले की, सहनशीलता से चरित्र उब्जले (रोमी ५:४) ।

आज हमनी के उत्पत्ति के पुस्तक के, तिसरका अध्यायमे आगेल बारी । यी अध्याय से हमनी के, संसार मे पाप कईसे प्रवेश कएलक, कहके देखम । यदि हमनीके यी अध्याय के बारेमे जानकार बारी त, आदमी के हृदय, काहे खराब आ दुष्ट बा, आ काहे यी संसार पाप आ शरम, कष्ट आ मृत्यु से, भरल बा, कहके हमनी के जानेम ।

शुरुमे आदम आ हब्बा, स्वर्गलोक के बगैंचा में रहे, जहाँ आदम आ हब्बा पूरा रूपसे सन्तुष्ट रहे, आ उ सब सँगे आनन्द के लागि हरेक चिज रहे, यी हमनी के पहिलही देखलेली । बात कथी रहे की, परमप्रभु परमेश्वर हरेक दिन साँझ मे बगैंचा मे आईत रहे, ता कि परमेश्वर आदम आ हव्वा सँगे, बात चित करे सको, आ उ सब अपन रचईता, आ मित्र से सिके सको । परमेश्वर आदम आ हव्वा लङ आईत रहे, काहेकी परमेश्वर, आदम आ हव्वा सँगे अर्थ पूर्ण आ अदभुत सम्बन्ध राखेके चाहईत रहे ।

लेकिन उ बगैंचा मे दोसर भि व्यक्ति रहे, कहके धर्मशास्त्र हमनीके बताबले । कथी हमनीके थाह बा, उ कौन रहे ? उ व्यक्ति परमेश्वर के विरोधी, दियाबलस, शैतान रहे ।

परमेश्वर संसार आ ई मे रहल यावत् चिज सब सृष्टि करे समय मे, शैतान देखईत रहे । परमेश्वर आदमके असल आ खराब के ज्ञान, देएबाला गाँछी के फल न खईह, कहके कहईत समय मे शैतान, सुनईत रहे । आ शैतान खाली उ बात के देखते आ सुनते, न, लेकिन उ परमेश्वर के आचम्मके कामके नष्ट करेके योजना भि कएलक । आदमी परमेश्वर के आज्ञा उलङ्घन करके पाप करो, परमेश्वर से अलग होखो, आ नास होजाव, कहके शैतान, परमेश्वर के बनाएल आदमी के परीक्षा लेबेके योजना बनएलक । वास्तवमे, शैतान के बनाएल सब योजना सब परमेश्वर के थाह रहे, लेकिन आदम आ हव्वा के यी बिषय मे कुछो भि थाह न रहे ।

एकदिन आदम आ हव्वा, उ माना कएल गाँछी के पास रहे, उ हे समय मे, शैतान एगो साँपके रुपमे अएलक, आ आदम आ हव्वा सँगे बात करेलागल । धर्मशास्त्र कहले : परमप्रभु परमेश्वर के बनाएल जनावर सब मध्ये, साँप सबसे धूर्त(चलाख) रहे, उ साँप स्त्री के

कहलक,"कथी परमेश्वर तोहनी के, यी बगैंचा के, कौनो भि गाँछी के फल नखाएला कहले हौ ? " (उत्पत्ति ३:१)

आउ अब हमनी के ईहा एक तईका रुकजाउ । शैतान काहे साँपके रुमपे, अएलक ? धर्मशास्त्र एकर जवाफ अईसे देबले : परमप्रभु परमेश्वर के बनाएल वन पशु सब मध्ये, साँप सबसे धूर्त रहे । शैतान परीक्षा करी, आ उहेकारण साप अपने आपके एगो बुद्धिमान व्यक्ति जईसन देखएलक ।

आदम आ हव्वा, तोहनी सबके शान्ति । हम दियाबलस, परमेश्वर के शत्रू, तोहईन के पिठ, जीवन के परमप्रभु के फिराएके लागि, तोहनीके परीक्षा करे, हम आएल बारी, ता कि तोहनीके सदासर्बदा नास होख" कहके एगो बहुत बरका लाल अजिङ्गर रुपमे, आदम आ हव्वा काहाँ शैतान न अएलक । शैतान उ किसिम से काम न करले । यदि अईसे न अएलक, त फेरु कईसे आ कौन प्रकार से शैतान आदम आ हव्वा काँहा अएलक त ? एगो सुन्दर आ बुद्धिमान सृष्टि के रुपमे, शैतान आदम आ हव्वा काँहा अएलक । उ साँप के माध्यम से बोलेके चुनलक, काहेसे उ समय, संसार मे पाप आएसे पहिले, साँप और जनावर सब से, चलाख रहे ।

शैतान अपने भि, उ हे किसिमके बा । शैतान चलाख आ धूर्त बा । अपन काम के लागि शैतान, अपने आपके बहुत बन्हिया तरिका से प्रस्तुत करले । धर्मशास्त्र कहले : शैतान भि ज्योति के स्वर्गदूत के रुपमे, अपन भेष धारण करले । (२कोरिन्थी ११:१४)

परिणाम के रुपमे, परमेश्वर अपन बचन मे हमनी के, अईसे कहके चेतावनी देबले : झुटा अगमवक्ता सबसे होसियार रह, जौन तोहनी लगे भेर के भेष मे आई, लेकिन भित्री से व्वाँसा सब जईसन रहले । (मत्ती ७:१५)

शैतान छली बा । उहेसे शैतान आदम आ हव्वा काँहा, एगो बुद्धिमान के रुपमे देखा परलक । उहे कारणसे भि, शैतान आदम से बात करेसे अच्छा, हव्वा से बात करेके रोजलक, काहेसे कि, शैतानके आदम से सजिलो, हव्वाके परीक्षा कर सकम, कहके आशा कएले रहे । परमेश्वर हव्वा के बनाएसे पहिले, आदमके गाँछी के बारेमे आज्ञा कएले रहे, यी बात शैतान के थाह रहे । जे भि होए, हव्वा के भि परमेश्वर के आज्ञा थाह रहे । दियाबलस एकदम बौद्धिक ज्ञान से भरल रहे, आ उ कथी हासिल करेके चाहईत रहे, उ ओका निमन से थाह रहे । यदि उ स्त्रीके असल आ खराब के ज्ञान देएबाला, गाँछी के फल खाएके देम,

सफल होजाई त, शायद आदम भि परमेश्वरके आज्ञा उलंघन करेला हव्वाके बात मान्जाई, कहके शैतान सोचलक ।

अईसही, साँप स्त्रीके कहलक, “कथी परमेश्वर तोहनीके बगैचाके कौनो भि गाँछी के फल, न खाएला कहले हौ ?”(उत्पत्ती ३:१) शैतान हब्बाके कथी कहलक, कहके कथी हमनी के सुनली ? शैतान कहलक, “कथी साँचो परमेश्वर तोहनीके बगैंचा के कौनो गाँछी के फल, न खाएला कहले हौ त ?” शैतान कथी करेके खोजईत रहे कथी हमनीके थाह होलक त ? परमेश्वर के साँचो बचनमे शंका राखेके प्रयास शैतान करईत रहे । उहे कारण, शैतान कहलक, “कथी परमेश्वर कहले हौ की ? कथी परमेश्वर साँचो कहले हौ...?” शैतान यी तरिका अबि भि प्रयोग करले ।

शैतान सत्यके बचन के विरुद्ध युद्ध करले, काहेसे शैतान के थाह बा कि परमेश्वरके बचनमे शैतान के कमजोर करेबाला आ ओकर फुटके निष्काम के बनाएबाला शक्ति बा । जईसे ईजोट, अन्धकार के हटादेबल, औसन के सत्य, झूठ के हटादेबले ।

अब आउ हमनी के शैतान, आ स्त्री के बिच भेल बाँकी बात सब सुनु । धर्मशास्त्र कथी कहले :

स्त्री साँपके कहलक, “बगैंचाके गाँछी सब के फल हमनी के खा सकम, लेकिन बगैंचा के बीचमे रहल गाँछी के फल, के विषयमे परमेश्वर कहले बा, न खाएला आ न छुएला, नत तोहनी के मरजएबे ।”

साँप स्त्री के कहलक, "तोहनी के साँचो न मरबे, काहेसे परमेश्वर जानई सई कि, जौन दिन तोहनी के उ खएबे, उहे दिन तोहनी के आँख खुल जतउ, आ असल आ खराब के ज्ञान पाके, तोहनी सब भि परमेश्वर जईसन हो जएबें ।” (उत्पत्ति ३:२,५)

यी अचम्मके बा, यदि आदम आ हव्वा, निषेध कएल गाँछी के फल खएला से ओकनी के कथी होई कहके परमेश्वर कहले रहे ? परमेश्वर कहले रहे, "तोहनी के निश्चय मर जएबे ।” शैतान कथी कहलक त ? शैतान कहलक, “तोहनी के साँचो न मरबे ।” याद करु कि शैतान, परमेश्वर के बचन मे शंका मात्र कके न छोरलक । शैतान सिधे खुलेआम उ बात के बिरोध कएलक । यी बारेम, कथी हमनी के बिचार करईसी ? के साँच बोलले रहे ? परमेश्वर कि शैतान ? परमेश्वर सत्य बा, आ परमेश्वर झूठ, न बोलले कहके धर्मशास्त्र कहले । शैतान के बात करम त, सत्य से शैतान के कौनो वास्ता नईखे, काहे से शैतान में कौनो सत्यता

नईखे । जब शैतान झूठ बोलले, उ अपने स्वभाव अनुसार बोलले, काहेसे कि शैतान कुठ बा, आ झूठ के पिता बा । (यूहन्ना ८:४४)

आ शैतान झुठ मात्रे न, उ छली भि बा, कहके हमनी के सम्झे के परी । शैतान धूर्त बा, उ जौन बात सत्य न बा, उहे बात सत्य मे मिला देबले । शैतान हव्वाके अईसे कहईत हमनी के देखली : “जब तु उ गाँछी के फल खएबे, तब तोहर आँख खुल्जतउ आ तु भि परमेश्वर जैसने होजए बे । " जब शैतान “तु भि परमेश्वर जईसन हो जएबे," कहलक, उहे बात शैतान के झुठ रहे, काहेसे, जे पाप करले, उ परमेश्वर जईसन न, लेकिन शैतान होवले । लेकिन जब शैतान, "तोहनी सब असल आ खराब के ज्ञान पएबे" कहलक, उ बखत शैतान सत्य बोलले रहे, काहेकी आदम आ हव्वा, पाप कएला के बाद, उ सब के, खराब कथी बा कहके थाह होगेल । जे भि हो, उ किसिमके खराबी, ओकनी के जीवन मे तितोपना लेआदी, कहके शैतान उ सबके न कहलक ।

।

परमेश्वर कहलक, “यदि तोहनीके उ गाँछी के फल खएबे, त तोहनी के निश्चित मर जएबे ।” लेकिन शैतान कहलक, “यदि तोहनी के उ गाँछी के फल खएबे, त तोहनीके न मरबे ।” शैतान कुटा बा । झूट बोलल शैतान के मातृ भाषा बा । उहे कारण, परमेश्वर

"

कहलक, “तोहनी के न मरबे, ” शैतान ई बात के ईन्कार कदेल, आ कहलक" तोहनी के न मरबे ।”

परमेश्वर के बचन, आ शैतान के बचन के बीचमे, केकर बचनके स्वीकर करेके, कहके छानेके समय आदम आ हव्वा के आगएल । आदम आ हव्वा के लागि छनोट करेके काम सामान्य रहे : उ सब परमेश्वर के बचन मे विश्वास करेके की शैतान के बचन मे विश्वास करेके ? उ सब सत्य के अपनाएके कि, झूट के अपनाएके वा स्वीकार करेके ? उ सब ज्योति के प्रभु के पछारी लागेके, कि अन्धकार के प्रभुके पछारी लागेके ?

आउ अब हमनीके, आदम आ हव्वा कथी छनोट कएलक, यी बारेमे पढ़ू । धर्मशास्त्र कहले : जब स्त्री, उ गाँछी के फल खाएके लागि असल आ देखेमे खाउँ खाउँ लागेबाला आ बुद्धि पाएके लागि, उ गाँछी के देखलक, तब उ स्त्री उ गाँछी के फल तोर के खएलक, आ अपन पति के भि देलक, आ उ भि खएलक । (उत्पति ३:६)

अचम्म, आदमी परमेश्वरके चिनो, परमेश्वर के प्रेम करो आ सदासर्वदा परमेश्वरे के आज्ञा पालन करो, कहके परमेश्वर आदमी के, अपने स्वरुपमे बनएलक । लेकिन, आदमी कथी

कएलक ? कथी आदमी परमेश्वरके आज्ञापालन करेके लागि, परमेश्वर के प्रेम कएलक त ? अहँ, न कएलक । बरु, आदमी प्रेमके परमेश्वर के आज्ञा उलङ्घन कएलक आ परमेश्वर आ आदमी दुनु के शत्रू के पछारी लागेल ।

हव्वा निषेध कएल गाँछी के फल खालेल काहेकी, हव्वा शैतान के चाल से बहक गेल रहे । आदम उ फल खएलक, काहेकी आदम परमेश्वर के, रास्ता मे चलेके छोर के, अपने रास्ता मे चलेके चुनलक । उ सब अपन, प्रेमी सृष्टि कर्ता के, अधीन मे चलेके छोरके, परमेश्वर शत्रू के अधीन मे, रहेके चुनलक । हमनी के पहिलका पुरखा सब पाप कएलक ।

के

उ कईसन दःख के दिन रहे । हमनी के पुर्खा आदम आ हव्वा, परमप्रभु अपन परमेश्वरके अपन अपन पिठ देखादेल, आ उ सब के पाप हमनी सबके उपर भि आगेल ।

यी समस्या के बारेमे बोलोफ के हितोपदेश कहले :

माहामारी जहाँ से उब्जले, उहबा मात्र सीमित नरहले ।

आ परमेश्वर के बचन घोषणा करले : एक जना आदमी से संसार मे पाप अएलक, आ पापसे मृत्यु, अईसहिए सब आदमी, पाप करेके कारण आदमीमे मृत्यु फैलगेल । (रोमी ५:१२) दोसरका हितोउपदेश कहले : जंङगल भारमे कूदेबाला हरिण, झारेसे सन्तान उत्पादन न करले । ठीक लागो चाहे, न लागो, अपने सब आ हमनीसब सारा मानव जाति आदमसे ही आएल बारी । हमनी के पापीए होके, जनम लेले बारी आ हमनी के, मरही के परी, काहेकी हमनी के आदम से ही आयल बारी । परमेश्वर के आज्ञा उलंङघन करेबाला, पहिलका आदमी हमनी के पुर्खा बा, आ हमनी के भि आदम जईसने बारी ।

हमनी के कहियो भि, परमेश्वर के आज्ञाके उलंङ्घन, न कएले बारी कहके, हमनी सबमे से, के कहे सकी ? हमनी सब में से केहु भि, ना कहे सकी । लेकीन, परमेश्वर के आज्ञा के उलंघण करेके स्वभाव हमनी के केका से सिखली त ? आदम से । एगो भयानक सरुवा रोग जईसन, आदम मे रहल पाप, हमनी सब जन मे फैलगेल बा । साँचो एगो माहामारी, जेका कारण से आबले, उ उनकरे मे मात्रै सिमित न रहले । जे भि हो, सब आशा टुटल त न बा, काहेसे की परमेश्वर के, वचन भि अईसे घोषणा करले :

अईसहिए जईसे एकेगो आदमी के अमराध से, सब आदमी दण्द के भागीदार बनएलक, ठीक अईसहिए एकेगो आदमी के धार्मिकता के कामसे, सब आदमी के लागि धर्मी ठहरा के,

जीवन मे लेआई । काहेकी जईस, एकेगो आदमी के अन आज्ञाकारीता बहुते जना के पापी बनएलक, ओहिलेखा एकेगो आदमी के आज्ञाकारीता बहुते जनेके धार्मिक बनाई । (रोमी ५:१८,१९)

उ धर्मी आदमी के बा, कहके कथी हमनी के थाह बा ? अब आएबाला दुगो कार्यक्रम में, हमनी के मुक्ति के रास्ता के प्रबन्ध, मिलादेए बाला, एगो मुक्तिदाता पठाएके परमेश्वर के योजना के बारेमे सिखेम, जेका द्वारा हराएल, अलग कएल, पापी आदमी सब परमेश्वर काहाँ फिर के आए सकी ।

प्रिय स्रोता सब, धार्मिकता के रास्ता, हमनी के अपने कार्यक्रम बा । दोसरका बेर, हमनी के आदम आ हव्वा परमेश्वर के धार्मिकता के रास्ता के छोरके, अपने अधार्मिकता के रास्ता मे गेला के बाद, कथी भएल, यी बारेमे सिकेके लागि उत्पत्ती के ३ अध्याय के निरन्तरता देएके योजना बनाईत बारी ।

हमनी के यी जगके सत्यता के बारेमे, बिचार करईत परमेश्वर हमनी सब के आशिष देवे । एक जना आदमी से संसार मे पाप अएलक, आ पाप से मृत्यु, अईसहिए, सब आदमीके पाप के कारण आदमी मे मृत्यु फैलगेल । (रोमी ५:१२)

कार्यक्रम ८

आदम के पाप कथी उत्पन्न कएलक

उत्पत्ती ३

हमनी के उत्पत्ति के अध्ययन में, हमनी के परमेश्वर, पहिलका आदमी सबके, अमने स्वरुप मे सृष्टि कएलक, कहके सिकले रली । परमेश्वर उ सब के, काहे बनएले रहे, यी भि हमनी के सिकले रली । आदमी सब परमेश्वर के, अपन सारा हृदय, सारा मन आ सारा शक्ति से प्रेम करो, आ परमेश्वर सँगे नजिक के आ गहिरा, आ अदभुत सम्बन्ध मे जिए सको कहके परमेश्वर चाहईत रहे, कहके सिखली ।

अईसहिए, परमेश्वर कईसे आदम के सामने, उ परमेश्वर के केतना प्रेम करईट रहे, कि न रहे, आदम के जाँच करेला सामान्य जाँच राखदेल रहे, कहके हमनी के देखली । परमेश्वर पहिलका स्त्री बनाएसे पहिले, उ पुरुष के यी आज्ञा देले रहे : " बगैंचा के सब गाँछी के फल तु शंका न कके खा सक बे, लेकिन असल आ खराब के ज्ञान देए बाला गाँछी के फल न खईहे, काहेकी जौन दिन, तु उ गाँछी के फल खएबे, तु निश्चित मर जएबे । " (उत्पत्ती २:१६,१७) अईसही परमेश्वर, आदमके जाँच कएले रहे, आ अनाज्ञाकारीता के परिमाण मृत्यु होई, आ परमेश्वर से अलग होए के परी, कहके चेतावनी भि देले रहे । परमेश्वर आदमके प्रेम करईत रहे, आ सदासर्वदा परमेश्वर संगे के संगति मे, आनन्दित रहो, कहके चाहईत रहे । लेकिन, हमनी के ईसे पहिलेके कार्यक्रम मे सुनली की, आदम आ हव्वा शैतान के बात मे परके, असल आ खराब के ज्ञान देएबाला गाँछी के फल खाके, परमेश्वर के आज्ञा उलंङघन कएलक ।

अब, आज हमनी के आदम, परमेश्वर के विरुद्ध मे पाप कएला के बाद, कथी भेएल, कहके सुनेला तोराह मे रहल उत्पत्ति ३ अध्याय के पढम । ३ अध्याय के ७ पदमे धर्मशास्त्र कहले : आ दुनु जने के आँख खुलगेल, आ नाङ्गे बारी कहके उ सब के थाह होगेल । आ अन्जिर के, पातासब बुन के अपना लागि, उ सब वस्त्र बनएलक । (उत्पत्ति ३:७)

आदम आ हव्वा पाप कएला के बाद, उ सब पहिलका काम कथी कएलक ? उ सब अपन पाप लोकाए के आ अपन लाज शरम लुकाएके कोसिस कएलक । उ सब असल आ खराब गाँछी के फल खाएसे पहिले, आदम आ उनकर पत्नी दुनो जने नाङ्गे रहे आ न लजाईत रहे, यी बात हमनी के पहिले ही, देखलेल बारी । (उत्पत्ति २:२५)

सुन्ली

लेकिन उ सब के शरीरके बारेमे, उ सबके सोच बिचार, परिवर्तन भेएल बा । अब उ सब दोषी महशुस कएले बा, आ उ सब के न्याय करेबाला, पवित्र परमेश्वरके सामने, उ सब लज्जित भेएल बा । उ सब के शरम लुकाए बाला, एगो उपाय मे, उ सब अन्जिर के पाता सब बुनके अपन नाङ्गा शरीरके छोपेके प्रयास कएलक । जे भि होए, उ सब अपन शरीर के ढाकेके लागि, प्रयोग कएल, उ पाता सब, ओकिन के हृदय मे रहल, दोष के मिटाए न सकलक । धर्मशास्त्र के दोसरका पद कहले : आ साँझ के समय मे, परमप्रभु परमेश्वर बगैंचा मे घुमईत रहे, उ हे समय मे उ सब

परमेश्वर के, आवाज सुनलक, आ आदमी आ ओकर पत्नी बगैचा के गाँछी सब के बीचमे परमप्रभु परमेश्वर के नजरसे लुकागेएल । (उत्पत्ति ३:८)

आदम आ हव्वा पाप कएला के बाद, यी सब मे कईसन फरक पन आएल रहे त ? यी सब परमेश्वर के आज्ञा उलंङघन करेसे पहिले, यी सब सँगै घुमफिर करे, आ बात करेके लागि परमप्रभु परमेश्वर जब जब, बगैंचा मे आईत रहे, तबतब उ सब खुशी, आ आनन्दित होखईत रहे । लेकिन अखुनी, जब परमेश्वर, नजिक आईत देखलक, उ सब डर आ शरम से कापे लागल आ, बगैंचा के गाँछी सब के बीचमे, लुकाएके प्रयास कएलक । आदम काहे डेरा गएल, आ लुकाए लागल त ? यी बात पत्ता लगाएके कठीन न बा । यदि केहु दोसरके बारी मे से, कुछो चोराईत रही, आ उ बारी के मालिक के आएके आवाज, उ सुनी त कथी करी ? उ लुकाएके प्रयास करी । औसही, परमेश्वर के निषेध कएल फल, आदम खा के, लुकाएके प्रयास करईत रहे । आदमके अच्छा से थाह रहे कि, उ परमेश्वर के विरुद, पाप कएले रहे । ईहे कारण, आदम आ उनकर पत्नी शर्म मे पर गएल ।

परमेश्वर के आज्ञा उलङ्घन कएला बाद, कथी आदम के डेराएके परईत त ? अवश्वय, ही डेराएके परईत, काहे ? काहेसे कि परमेश्वर आदम के साफ कहले रहे, " जौन दिन तु, असल आ खराब के ज्ञान देएबाला गाँछी के फल खएबे, तु निश्चय मर जएबे ।"

कथी परमेश्वर अपन बचन पूरा करी ? कथी आदम साँचो मर जाई ? हमनी के कथी विचार करईसी ? कथी परमेश्वर अपन बनाएल आदमी के, सजायँ देई त ? बोलोफ सब कहले की, एगो प्रश्नके जवाफ, दोसर प्रश्न से देएके न चाही, लेकिन हमनी के यी प्रश्न के उत्तर, कुछ प्रश्नसब के द्धारा उत्तम रुपसे देए सकम । परमेश्वर के नियम के, लुशिफर नाम भेएल शैतान ईन्कार कएला के बाद, परमप्रभु उ शैतान के कथी कएलक ? कथी परमेश्वर पाप करेबाला शैतान आ ओकर दूत सब के निर्दोष कहके, औसने छोर देल त ?

अहँ, निर्दोष कहके उ सबके न छोर लक । परमेश्वर उ सबके, अपन उपस्थिति से निकालदेल । ओतने न, परमेश्वर उ सबके लागि, अनन्त के आगी भि बनएलक । शैतान जईसन, आदम भि परमेश्वर के नियम सबके उलंङ्घन कएलक । कथी परमेश्वर अईसे कहे सकईत, " यी कौनो बरकी बात न बा, आदम के स्वतन्त्र छोरदिउ ?"

आदम पाप कएला के बाद, परमेश्वर आदम के कथी कएलक त ? परमेश्वर आदमके खोजलक, आ बोलएलक, "आदम तु काहाँ बारे ?" कथी आदम परमेश्वर के खोजईत गेएलक ? अहँ, न खोजलक । बरु, आदम परमेश्वर से लुकाएके, प्रयास कएलक । परमेश्वर आदम के काहे बोलएलक ? आदम काहाँ रहे, कथी परमेश्वर के थाह न रहे ? सब कुछ देखे बाला आ जाने बाला परमेश्वर के, आदम कहाँ लुकाएल रहे, कहके थाह रहे । परमेश्वर आदमके बोलएलक, काहेकी आदम अपन पापके थाह करो, आ स्वीकार करो, कहके परमेश्वर चाहईत रहे । आदम परमेश्वर के आज्ञा उलंङ्घण कएले रहे, फीर भि परमेश्वर आदम के प्रेम कएलक ।

'आदम तु काहाँ बारे ?" कहके परमेश्वर पुछलक, त आदम कथी जवाफ देलक ?

आदम कहलक, “हम अपने के सोर बगैँचा मे सुनके, हम डेरागेली, काहेकी हम, नाङ्गे रली आ हम डेरागेली, आ लुकागेली ।” परमेश्वर कहलक, " तु नाङ्गे बारे कहके, के तोहराके कहलौ ? जौन गाँछी के फल न खईहे, कहके हम तोहरा आज्ञा देले रली कथी तु, उ फल खाएले ?” आदम कहलक "जौन स्त्री अपने हाम्रा, देएले रली, उहे स्त्री हाम्रा, उ फल देएलक त हम खईली ।" आ परमप्रभु परमेश्वर स्त्री के कहलक, “तु ई कथी कएले ? "स्त्री कहलक, “साँप हम्राके छल कएलक आ हम उ फल खालेली ।” (उत्पत्ति ३:१०,,, १३)

कथी हमनी के सुनली त, आदम आ हब्बा, परमेश्वर के कईसन जवाफ देएलक ? उ सब एक दोस्रा के आरोप(दोष) लगाएके कोसिश कएलक । आदम, परमेश्वर आ हव्वा दुनो जने के दोष लगाईत कहलक, “यी हमर गल्ती नईखे । जौन स्त्री अपने हाम्रा देले रली, उहे स्त्री के गल्ती बा ।" हव्वा भि ओईसहीए साँपके, दोष लगएलक, “हाम्रा दोष न लगाउ, साँप हाम्रा छल कएलक । ”जे भि हो, परमेश्वर जे, आदमी के हृदय जानले, उहाँ के थाह रहे, की दुनु जने दोषी रहे। परमेश्वर, उ सबके, उ गाँछी के फल खाएके न कहले रहे । शैतान भि खाएके न कहलक । शैतान आदमी के परीक्षा करे सकी, छल करे सकी, लेकिन शैतान केको भि पाप करेला, जबरजस्ती करे न सकी । शैतान स्त्री के छल कएलक, लेकिन शैतान जथी कएलक, उ परमेश्वरके नजर मे पाप रहे । आदमी के सम्बन्ध मे धर्मशास्त्र कहले, की,

आदमकै छल ना कएले रहे (१तिमोथी २:१४) आदम अपने रास्ता मे चलेके रोजले रहे । परमेश्वर आदमके कथी आज्ञा कएले रहे, उ आदम के अच्छा से थाह रहे, लेकिन आदम धार्मिकता के रास्ता छोरके, अधार्मिकता के रास्ता में, चलेके रोजलक । आ आदम परमेश्वरके आज्ञा उलंङ्घन करेके न छोरलक, लेकिन आदम, दोस्राके दोष लगाएके प्रयास करईत, एगो पाप से दोसर पाप करते रहगेल ।

आजके दिन भि आदमी सब, अपन पाप आ अपराध सबके लागि, दोस्रा के दोष लगाएके प्रयास करले । लेकिन सत्य कथी बा, उ परमेश्वर के थाह बा । पवित्रशास्त्र के द्वारा परमेश्वर, आदमी सब सँगे, अईसे कहईत बोलईत बा : तु काहाँ बारे ? हम्रा जवाफ दे । तु कथी कएले ? तु हमर बचन के विश्वास करेके, आ आज्ञापालन करेके, काहे ईन्कार कएले ? हमर भलाई के, तु काहे तिरस्कार कएले ? तु अपने पापके लागि, काहे दोसर के दोष लगाएके कोसिस करईसे ? परमप्रभु कहले, “जईसे हम जीवित बारी, हरेक आदमी हमर अगारी झुकी, आ हरेक मुह परमेश्वर के प्रशंसा करी ।” यीहेसे हमनी के सब जन, परमेश्वर के अपन लेखा देएके परी । (रोमी १४ : ११...१२)

आउ, अब हमनी के, परमेश्वर कईसे आदम आ हव्वाके, साँप आ शैतान के न्याय कएलक कहके देखे लागि, यी अध्याय के निरन्तरता दिउ । धर्मशास्त्र कहले :

तब परमप्रभु परमेश्वर, साँपके कहलक, “तु अईसे कएले, ई कारण से, तु सब पाल्तु पशु सब आ सब, वन पशु सबसे बेसी श्रापित होएबे । पेट से तु चलबे आ तोहर जीवन भर तु माटी खएबे । तोरा स्त्रीके बिचमे, आ तोहर सन्तान आ स्त्री के सन्तान, के बिचमे हम दुष्मनी राखदेम । उ तोहर शिर कुची, आ तु ओकर कुर्कुचा डस्बे ।” स्त्री के परमेश्वर कहलक, "तोहर सुत्केरी बेदना, हम बेसी बरहादेम । दुःख से तु बालक जन्मए बे । तोहर ईच्छा पति तरफ होई, आ उ तोहरा अधीन मे राखी ।” आदम के परमेश्वर कहलक, “तु अपन पत्नी के बात मे परके, हम न खाएके कहले रली, उ गाँछी के फल तु खएले, तोरा कारण, यी भूमी श्रापित होगेल बा । तोहर जीवन भर, दुःख से, भूमीके उब्जनी तु खएबे । भूमि तोरा लागि काँट आ भारपात उब्जाई आ, तु खेत के सागपात खएबे । जब तब तु माटी मे न मिलबे, तबत

क,तु अपन पसिना से कमाएल भोजन खएबे । काहेसे की, माटी से तु बनाएल बारे । तु माटी बारे, आ माटिए मे मिलजए बे ।“ (उत्पत्ति ३:१४... १९)

उ सब के पाप कथी उत्पादन कएलक, कहके हमनी के देखली ? उ सब के पाप, दुःख, आ कष्ट, काँट आ सिउडी, कारा मेहनत आ पसीना, रोग बिमारी आ मृत्यु उत्पन्न कएलक । ह, पाप के परिणाम मृत्यु बा । (रोमी ६:२३)

निषेध कएल गाँछी के फल खएला से कथी होई, कहके परमेश्वर आदम आ हाबा के कहले रहे ?परमेश्वर कहले रहे, “ जौन दिन तु उ गाँछीके फल खएबे, तु निश्चित मरबे ।” जौन दिन आदम आ हव्वा उ फल खएलक कथी उ हे छन उ सब के जमिन मे गार देएल त ? अँह, न गारलक । लेकिन उहे दिन, कथी उ सब मरलक त ? वास्तवमे उ सब मरगेल । उ सब आत्मीक रुपमे मरलक । उहे दिन, आदम आ हव्वा अपन आत्मा मे मरलक, काहेसे की परमेश्वर सँगे उ सब के सम्बन्ध अब टुट गेल ।

हमनी के पहिलही, सिखली की, मृत्यु के मतलब परमेश्वर से अलग होएके, बा । जब आदम आ हव्वा परमेश्वर के आज्ञा उलंङ्घन कएलक, उ सब जीवन के स्रोत परमेश्वर से अलग भेगेल । जब उ सब शैतानके विश्वास कके, शेतान के पछारी चलेके रोजलक, तब परमेश्वर सँगे, के उ सब के सम्बन्ध खारेज भेगेल, आ परमेश्वर के देल जीवन से बिमुख भेगेल । उ सब परमेश्वर के शत्रू होगेल काहेकी उ सब परमेश्वर के विरोधी शैतान के पक्षमे गेल रहे । परमेश्वर सँगे के, उ सब के सम्बन्ध मरगेल । जईसे की, यदि हमनी के शत्रू बा, आ हमनीके साथी उ शत्रूके पक्ष में, चलजाई त, अब कथी उ साथी हमनी के शत्रू होई यी बात साँच नईखे त ? हमनी के साथी सँगे के, हमनी के सम्बन्ध मरजाई । जईसे हमनी के कहई सी : हमनी के साथी के दुष्मन, हमनीयो के दुष्मने त बा । अईसहिए, जे शैतान के आज्ञा पालन करी, उ परमेश्वर के शत्रू बा । पाप आदमी के परमेश्वर से अलग करले ।

हमनी के आजु के ई पाठके अन्त करेसे पहिले, हमनी के बुझेबाला आ सम्झेबाला कुछ बात बा । हमनी के सब जन यी संसार मे, अपन अपराध आ पाप मे मरलसब (एफिसी २:१) जईसन जन्म लेले रहली, आ परमेश्वर के जीवनी से विराना होगेल रहली (एफिसी ४:१८)। हमनी के अउसन, न होए भि सकम, लेकिन परमेश्वरके बचन यी बात कहले ।

1.

जौन दिन आदम पाप कएलक, उ हे दिन उ पापी होगेल । आदम, जे पाप कएलक, उहे व्यक्ति, मानव जाति के पिता रहे । आ आदमके पापके परिमाण स्वरुप, ओका बादमे जन्म भेल ओकर सब, सन्तान सब पापी स्वभाव मे जन्म लेलक । मुस जथी खन्हले, उ हे पावले । आदम के पाप ओका, परमेश्वर से भि अलग करदेल । आदम, जे ओका उपर राखदेल,

नियमके उलंघन कएलक, उहे व्यक्ति सब मानव जाति के पिता बा । परिणाम स्वरुप आदमके सब सन्तान सब, परमेश्वर से अलग होईएके जन्म लेले बा । हितोपदेश के भनाई अनुसार,: माहामारी जेका से उत्पन्न होखले, ओका

मे मात्र सिमित न रहले । परमेश्वर के बचन ठीक ई हे सिकाबले । जब ई कहले : पाप एगो आदमी से, संसार मे प्रवेश

कएलक,आ पाप से मृत्यु, अईसहिए मृत्यु सब आदमी सब में फैल गेल, काहेकी सब पाप कएले रहे ।(रोमी ५:१२)

हमनी के पुर्खा आदम, जे परमेश्वर से, अपने आपके अलग कएलक, उ गाँछी से अलग कएल झारपात जईसन होगेल । यदि गाँछी मे झारपात न रही, त कथी होई ? उ झारपात सुक जाई । आ काँटल झारपात के टुका सब के कथी होई ? कथी उ सब जीवीत रही ? न, उ सब मरजाई, काहेसे उ सब सुखल झारपात बा ।

औसनके, आदमके सब सन्तान सब, उहे भार पातके टुका सब जईसन बा, जेका काट्देल बा । आदम के पाप के कारण, आदम उ सुखल भार जईसन बा, आ हमनी के भी भारके सँगे रहल, टुका जईसन बारी । हमनी के पुर्खा आदमके पाप हमनी सब जन के संक्रमित कदेल बा । ओकर चरित्र आ दोष मे, हमनी सब भि सहभागी होएल बारी ।

भजनसंग्रहमे अगमवक्ता(नवी) दाउद अईसे लिखलेबा : साँचो हम जन्मे से पापी रली, आ हमर माई, हमरा गर्भधारण करे बखत से ही हम पापी रली । (भजनसंग्रह ५१:५) पाप एच.आई.भी एड्स जईसन बा । पाप एगो खतरनाक रोग बा, जौन पूरा संसार भर फैलल बा । एक पटक आदमी के शरीर भितर प्रवेश कएला के बाद, उ कहियो निकलके न जाबले एड्स लागल आदमी सब अपन शैतान सबके फैलादी । एच. आई.भि एडस एगो ज्यान मारेबाला रोग बा, जेका लागि मानव जाति के पास ओकर ईलाज नईखे । पाप भि अईसने बा । यी दुःख दायी बिपत्ती बा, जौन सारा पृथ्वी भर फैलल बा । पाप एगो ज्यानमारा बा जे आदमी सब के सदाके लागि नास कदेबले, आ हमनी के अपने सँगे एकर उपाय नईखे ।

जे भि होए, हमनी के खुशी हृदयसे आज परमेश्वरके प्रशंसा करईत बारी, काहेसे की परमेश्वर अपने हमनी के पाप के सजायँ आ शक्ति से बचाएके लागि, छुटकारा के प्रबन्ध करदेल बा । जे भि हाए, हमनी के परमेश्वर के छुटकारा के विश्वास करके परी आ ओका ग्रहण करेके परी ।

1

परमेश्वर के ईच्छा मे, हमनी के दोसर कार्यक्रम मे हमनी के परमेशवर कईसे आदम आ हव्वा के साथे, उ सब के सन्तान के समेत पापी सब के पाप, शैतान आ नरक से छुटकारा

करेके लागि, आएल शक्तिशाली मुक्तिदाता के बारेमे, अदभूत प्रतिज्ञा देलक कहके बिषय मे देखम ।

ध्यान देके सुनदेली एकालेल धन्यबाद ।

अगमवक्ता (नवी) दाउद के बोलल ई बचनसब के बारेमे सोचईत क्रममे परमेशवर हमनी के आशिष देव ।

साँचो हम जन्मे से पापी रली, आ हमर माई हमरा गर्भधारण करे समय में हम पापी रली | (भजनसंग्रह ५१:५)

कार्यक्रम ९

अदभुत प्रतिज्ञा

उत्पत्ति ३

हमनी के वित्तल दुगो कार्यक्रम मे, हमनी के आदम आ हव्वा कईसे आसल आ खराब के ज्ञान देएबाला, गाँछी के फल खाके, परमेश्वर के आज्ञा उलंङ्घण कएले रहे कहके देखली । उ आदमी, जौना के परमेश्वर अपने प्रतिरुप मे बनएले रहे, उहे परमेश्वर के शत्रू, शैतान पछारी चलेके रोजलक ।

आदम आ हव्वा पाप करेसे पहिले, परमेश्वर उ सब सँगे बातचित करे आईत रहे, त उ सब आनन्दीत रहे, लेकिन जब उ सब परमेश्वर के आवाज सुनलक, तब उ सब डेरागेल, आ शरम मे परगेल, आ बगैंचा के गाँछी सब के बीचमे परमेश्वर से लुकाएके प्रयास कएल । लेकिन परमेश्वर, आदम आ हव्वा के खोजलक, आ उ सब से बोललक, आ उ सबके पाप के कारण संसार मे श्राप लेआई कहके, उ सब के बतादेल : दुःख आ कष्ट, काँट आ सिउँडी, रोग बिमारी आ मृत्यु ।

उ दिन से आज तक मृत्यु के छायाँ, आदमके सन्तान सब मे परईत बा । आदम के सब सन्तान सब पाप मे जन्म लेले बा, आ पापी स्वभाव के साथ जन्म लेले बा । चाहे हमनी के यी सँच्चाई मन परो या न परो, हमनी सब जन मे, हमनी के पुर्खा आदम के गुण वा चरित्र बा । मुस जथी कोरले, तथीए पाबले । आदम के कएल पापके कारण, हमनी के सब जना पाप मे जन्म लेईसी । साँचो एगो माहाँमारी जहाँ से, सुरु होवल, खाली उहबे न रहले । आ जईसे आदमके पाप, आदमके परमेश्वर से अलग कएलक, अउसही हमनी के पाप भि हमनी के परमेश्वर से अलग कर देबले । धर्मशास्त्र उहे कहले :

एक जना आदमी मे से संसार मे पाप अएलक, आ पाप से मृत्यु, आ अईसही सब आदमीके पाप के कारण सब आदमी मे मृत्यु फैल गेल (रोमी ५:१२)

सब जना पाप कएले बा, आ परमेश्वर के महिमा से अलग हो गएल बा । (रोमी ३:२३) तोहनी के अधर्म, तोहनी सब के अपन परमेश्वर से अलग कएले बा, आ तोहनी के पाप के कारण, परमेश्वर के मुह तोहनी सबसे छेकाएल बा । (यशैया ५९:२)

यी सन्देश सुनेके लागि, ओतेक खुशी लागेबाला त नईख, लेकिन सत्यता करु मर्चा बा । एगो आदम के पाप, सारा मानव जाति के परमेश्वर से अलग करदेल । आदम जौन दिन पाप कएलक, ओही दिनसे आदम आ अब जन्मेबाला मानवजाति सब ज्योति के राज्य छोड देल आ अन्धकार के राज्य मे प्रवेश कलेल । अबसे मानव जाति सब, परमेश्वर के राज्य मे कौनो हिस्सा न पएलक ।

उ सब के पाप के कारण से, उ सब के हिस्सा शैतान सँगे रहे, जे उ सबके अपन बन्दी आ नोकर के रुपमे लेले रहे । जौना के परमेश्वर के स्वरुपमे, सृष्टि कएले रहे, उ सब, पाप आ शर्म आ मृत्यु के डर के अधीन से बाहेक, यी जीवन

मे आ यी संसारके जीवनके बाद भि, अनन्त आगी मे रहेबाला अन्तहीन सजायँ से बाहेक अउर कौनो भि, आशा न करेबाला भेल

बा ।

यदि धर्मशास्त्र के अन्त ईहे रहईत त, हमनी के यी कार्यक्रमके ईहबे बन्द कर सकम आ छुटकारा के आशा मार के समुद्र मे भुलाके निराश, भेल कुछ व्यक्ति जईसन रहती । यदि परमेश्वर, आदम के सन्तान सब के लागि मुक्ति के रास्ता न खोलदेल रहईत त, हमनी के सदाके लागि नास होजईती । लेकिन, परमप्रभु परमेश्वर के धन्यबाद होखो, अगमवक्ता (नवी) सबके धर्मशास्त्र सब आदम के पाप आ शरम के कथा ईहबे अन्त न करले । परमेश्वर के पुस्तक के बाँकी भाग, उहाँ के मुक्ति के योजना के बारेमे बा । ई कारण परमेश्वर के बचन अईसे घोषना करले:

जहाँ पाप बढलक, उहाँ अउर अनुग्रह बेसी बढलक ।...न डेरा । हम तोहनी के बरी आनन्द के सुसमाचार सुनाम, जौन सब मानव जाति के लागि बहुत आनन्द के कारण होई 1.. काहेसे की सब आदमी सब के मुक्ती के लागि, परमेश्वर के अनुग्रह प्रकट भेल बा ।

हमनी के पहिलही के बुझाई अनुसार, परमेश्वर पवित्र बा, आ उहे कारण, परमेश्वर पापी सब के न्याय करी । परमेश्वर धर्मि बा आ उ पापके बेवास्ता करे न सकी । परमेश्वर खराबी के न्याय करी । परमेश्वर पाप के न्याय करी । पाप के सजाय मृत्यु बा... परमेश्वर से अनन्त के लागि अलग रहेके । परमेश्वर कहियो परीवर्तन न होई, आ पाप के लागि देएल सजाय, कहियो परिवर्तन न होई । जे भि होए, आज हमनी के, पवित्र परमेश्वर, कईसे उ पाप के सजायँ से पापी सब के, छुटकारा देएके योजना बनएलक कहके बुझेके शुरु करम । परमेश्वर धर्मि मात्र न बा, लेकिन उ कृपालु भि बा कहके हमनी के देखम । हमनी के न्याय कर्ता परमेश्वर, अपने मुक्तिदाता बनके आए के, योजना बनएलक ।

आज हमनी के आदम आ हव्वा जौन दिन पाप कएलक, उ दिन कईसे परमेश्वर पापी के सजाय न देके, पाप के मात्र सजायँ देएके, आ पापी आदमी के उद्धार करेरे कहके, अदभुत योजना बनएलक, यी बारेमे हमनी के देखम । आउ अब हमनी के तोराहमे रहल उत्पत्ति के पुस्तक के निरन्तरता देउ, जेसर मद्दत से हमनी के यी शुभ सन्देश के बारेमे अउर बन्हिया से बुझे सकम । आउ हमनी के ३ अध्याय के १५ पदके पढू : साँप मे रहल शैतान के परमेश्वर कहलक, “तोहर आ स्त्री के बीचमे, आ तोहर सन्तान आ स्त्रीके सन्तान के बीचमे हम दुश्मनी राखदेम । उ तोहर शिर कुची आ तु ओकर कुर्कुचा डस्बे ।”

यी कठीन पदमे, बहुत गहिरा आ महत्वपूर्ण सत्य सब बा, जेका परमेश्वर के अगमवक्ता (नवी)सब बादमे बिस्तार मे बताई । छोटकरी मे परमेश्वर, आदमके सन्तान सब के, शैतान के शासन के छुटकारा देएला, उद्धार कर्ता के संसार मे लेयाएके अपन योजना बतएले रहे । उ पहिलका पद ई हे बा, जौन आएबाला पवित्र छुटकारा, देएबाला व्यक्तिके बारेमे बतावले । आउ हमनी के ई पदमे परमेश्वर पठाए के लागि प्रतिज्ञा कएल, मुक्तिदाता के बारेमे चार गो सत्यता के बिचार करु ।

१. पहिला, यी छुटकारा देए बाला व्यक्ति, उहे स्त्री के सन्तान होई, कहके परमेश्वर सुचना देईत रहे । हमनी सबके पुरुष आ स्त्री अभिभावक सब (बाबु,, माई सब) बा । जे भि होए, छुटकारा देएबाला व्यक्ति, परमेश्वर के शक्ति से स्त्री से मात्र जन्म लेई । ओकर संसारीक बाप न रही। पापी सबके मुक्तिदाता आदमसे न आए सकईत, काहेकी आदम के सन्तान सब मे पाप के दाग लागल बा । छुटकारा देएबाला व्यक्ति मे कौनो पाप न रही । उ स्वर्ग से, परमेश्वर के ओर से आई । अईसही, यी प्रतिज्ञा से हमनी के सिकेबाला पहिलका बात छुटकारा देबेबाला व्यक्ति, स्त्री के सन्तान से जन्म ली, पुरुष के सन्तान से न ।

२. आदम आ हव्वा जौन दिन पाप कएलक, उ दिन परमेश्वरके देहल सुचना मे कुछ बा । प्रतिज्ञा कएल छुटकारा देबेबाला व्यक्ति के सम्बन्ध मे, परमेश्वर शैतान के कहलक, “तु ओकर गोर मे डस्बे ।” अईसन के परमेश्वर स्वर्ग से पठाएबाला मुक्तिदाता के शैतान नास करेके खोजी, कहके परमेश्वर सुचना देबे लागल । अब आएबाला पाठ सब मे, हमनी के कईसे अगमवक्ता (नवी) सब, शैतान आदमी सब के उदारकर्ता के सताएके, यातना देएके आ मारे के उक्साई कहके भविश्यवानी कएले रहे कहके देखम । एगो पिडा मे परल उद्धारकर्ता परमेश्वरके योजना के हिस्सा होई । हमनी के परमेश्वर मे लेजाएके लागि संसारके मुक्तिदाता पाप के लागि बलिदान के रुपमे उहाँ के खुन बहाएके परी, धर्मीजन हमनी के

अधर्मी सब के लागि मरेके परी । उ खुसी के साथ हमनी के पापके, सजायँ मृत्यु के लागि मुल्य चुकाबेला अपन जीवन अर्पन करी ।

३. छुटकारा देबेबाला व्यक्तिके बारेमे के, तिसरका सत्य ई रहे की, साँप मे के शैतानके परमेश्वर कहलक की उ(छुटकारा देबेबाला व्यक्ति) ओकर (शैतान के) शिर कुची । शैतानके लागि उ खराब सन्देश रहे, लेकिन शैतान के शक्ति, पाप, मृत्यु, आ नरक से छुटकारा पावेके चाहेबाला हरेक के लागि असल सन्देश (सुसामाचार) रहे ।

४. अन्त में, परमेश्वर संसारमे सन्तान के -आदमीसबके) द गो लाईन सब रही कहके घोषणा करेलागल : शैतान के आदमी सब, आ परमेश्वर के आदमी सब । शैतान के आदमी सब, उ आदमी सब बा, ज े परमेश्वर के मुक्ति के रास्ता के, विश्वास करेसे ईन्कार करी । परमेश्वर के आदमी सब, उ बा, जे प्रतिज्ञा कएल छुटकारा देबेबाला व्यक्ति मे अपन भरोसा राखी ।

आ एही से, आदम आ हव्वा जौन दिन पाप कएलक, उ दिन परमेश्वर पापी सबके छुटकारा करेके, परमेश्वर के योजना के सुचना देबे लागल । यी बहुत भविश्यवाणी सब मध्ये पहिलका भविष्यवाणी रहे, जौन मे परमेश्वर आदमी सब के शैतान, पाप, आ मृत्यु से छुटकारा देबेके अपन योजना के धिरे धिरे बताई । लेकिन उ योजना शैतान आअ ठोकर अनुयायी सब से लुकाएके लागि, परमेश्वर भविष्यवाणी के संकेत मे राखदेल ।

"

अगारु के कार्यक्रम सब मे, हमनी के कईसे परमेश्वर के सब अगमवक्ता (नवी) सब, पापी सब के शैतान के चाल से मुक्त करेबाला, पवित्र मुक्ति दाता के आगमन के घोषणा कएलक कहके हमनी के देखम । यदि हमनी के भरखर छलफल कएल बात हमनी के दिमाग मे अभि स्पष्ट नहोई त, हमनी के धर्मशास्त्र के गहिराई से बुझम त, परमेश्वर के सन्देश स्पष्ट होई। शायद हमनी के यी हितउपदेश के सुनले होखम : पानी के बरतन, ईनारमे

मेहनत आ लगनशीलता के साथ रुकेबाला के भेटाबले । कथी हमनी के पवित्र धर्मशास्त्र के

“ईनार" मे रुकल बारी ? बन्हीया, अगमवक्ता (नवी) सोलोमन अईसे लिखले बा : यदि चाँदी जईसन परमेश्वरके सत्यता के खोजबे, आ गाड धन जईसन उ खन्बे, तब तु परमेश्वर के ज्ञान पाएबे । (हितोपदेश २:४, ५)

अब आउ हमनी के, तिसरका अध्याय मे रहल, हमनी के पाठ के अन्त करु ।

परमप्रभु परमेश्वर, आदम आ उनकर पत्नी हव्वा के लागि, छाला के लुगा बनाके लगादेल । तब परमप्रभु परमेश्वर कहलक, “आदमी हमनीके जईसन, असल आ खराब के ज्ञान जानेबाला होगेल । अब उ सब जीवन के गाँछी के फल भी तुरके खाए नपाव, नत उ सदा के लागि जीवित रहजाई ।” ईहे कारण जौन माटिसे उ बनाएल रहे, ओकरे खेती किसानी करेके लागि, परमप्रभु परमेश्वर ओका अदन के बगैंचा से निकाल देल । परमेश्वर आदमी के बगैंचा से निकाल देला के बाद, जीवन के गाँछी ओर के रास्ता के पहरा (सुरक्षा) देबेला परमेश्वर बगैंचा के पूरुब ओर करुब सब आ चारु ओर घुमेबाला ज्वाला से भरल तरबार राखदेल । (उत्पत्ति ३:२१..२४)

कथी हमनीके देखली, आदम आ हव्वाके लागि, परमेश्वर कथी कएलक ? धर्मशास्त्र कहले : परमप्रभु परमेश्वर, आदम आ ओकर पत्नी के लागि, जनावर के छाला के लुगा, बनाके लगादेल । असल आ खराब के ज्ञान देए बाला, गाँछी के फल, खएला के बाद, आदम आ हव्वा कथी कएलक, कथी हमनी के ई बात के सम्झईसी ? उ सब अपन शरम के ढाकेके लागि, अन्जीर के पाता सब बुनके अपन कम्मर मे बाधलेल । कथी उ सब अपन शरीर ढाकेला, उ अन्जीर के पाता सब बुनके, बनाएल कपरा सबके परमेश्वर स्वीकार कएलक त ? अहँ, परमेश्वर स्वीकार न कएलक । काहे परमेश्वर उ सब अपन शरम ढाकेबाला बात के, कोसिस कएल परमेश्वर स्वीकार न कएलक त ? काहेसे परमेश्वर, सिद्ध बा आ उ आदमी के असिद्ध काम सबके स्वीकार करे नसकी कहके, परमेश्वर आदम आ हव्वा के, सिकाएके चाहईत रहे । यी बिषयमे धर्मशास्त्र कहले : हमनी के अशुद्ध आदमी जईसन होगेल बारी, आ हमनीके सब धार्मिक काम, फुहर लुगा जईसन बा । (यशैया ६४:६) परमेश्वर के सामने, आदमी अपन पाप, आ शरम ढाकेबाला किछो नईखे ।

लेकिन परमेश्वर आदमी के लागि कुछ कएलक । परमेश्वर कुछ जनावर सब के मारलक, आ उ सब के छाला काढ के, आदम आ हव्वाके लागि छाला के लुगा बनाके लगादेल । ह, परमेश्वर, जनावरके बलिदान पहिले चोटि कएलक । परमेश्वर के मारल जनावरसब के खुन बहईत देखल, आदम आ हव्वा के लागि बहुत अचम्म के दृष्य रहे । जनावरसब के बहईत खुन से, परमेश्वर आदम आ हव्वाके पाप के कमाई, मृत्यु बा कहके सिकाएके चाहईत रहे (रोमी ६:२३) आ खुन बहएला बाहेक क्षमा नबा । (हिब्रू ९:२२) आदम आ हव्वा के ओकिन के पाप के लागि, मरे के परईत, लेकिन उ सब के ठाउँ मे निर्दोष जनावर के मरेके परलक ।

पाप के कमाई लेहीके परी । पाप के कमाई मृत्यु बा । मृत्यु भुक्तानी के साथ भुक्तान कएल, पाप सब के, मात्र परमेश्वर क्षमा करेसकी । एगो शुद्ध आ निर्दोष पीडा मे रहल

आदमी दोषी पापी के ठाउँ मे मरेके परी । परमेश्वर अपन धार्मिकता मे सम्झौता न करके, आदमी सबके उसब के पाप सब क्षमा करे सके के यी मात्र एगो तरिका बा । पापी सब के पाप के दण्ड मृत्यु बा, कहके सम्झाएला परमेश्वर पशुबलि सब स्थापना कएलक । जनावर के बलिदान, पापके भुक्तानी के रुपमे अपन खुन बहाएला, संसार मे आएबाला पवित्र उद्धार कर्ताके प्रतिक रहे । हमनी के यी के बारेम, बादमे अउर जाने सकम, लेकिन अखनी के लागि, हमनी के याद राखु कि, परमेश्वर अपन न्याय आ कृपामे पाप करेबाला, आदम आ हव्वा के स्थान मे निर्दोष जनावरके खुन बहएलक, ओका बाद परमेश्वर के अनुग्रह में, परमेश्वर उ सब के लागि छाला से सुन्दर लुगासब बनादेल आ सब के देहमे लगादेल । जनावरके खुन से उ सब के पाप ढाकदेल । जनावरके छालाके लुगा से, उ सब के लाज छोपदेल । उ दिन आदम आ हव्वा, मरेके लागि योग्य रहे, लेकिन उ सब के ठाउँ मे निर्दोष जनावर मरल रहे ।

एका बाद परमेश्वर आदम आ हव्वा के, अदन मे रहल स्वर्गलोक के बगैंचा से निकाल्देल । परमेश्वर जीवन के गाँछी ओरके रास्ता पहरा करेला, आगी से भरल तरबार सब, लेल करुब सब राखदेल । आदम आ हव्वा, परमेश्वर के निषेध कएल फल खाहीके बखत उ सब मृत्यु के रास्ता चुनलेल रहे । केवल सिद्ध आदमी सब मात्र, परमेश्वर के सिद्ध स्वर्गलोक के बगैंचा मे जिए सकईत । अब, आदम आ हव्वा सिद्ध ना रहलक । उ सब पाप कएले रहे, आ अब उ सब के उमेर ढलके एक दिन मरहीके परी । लुसिफर नाम के शैतान के पाप के कारण आदम आ हव्वा के, परमेश्वर कईसे स्वर्गीय बगैंचा से, निकालदेल कहके हमनी के पहिलही देखलेल बारी । अब अखनी हमनी के आदम आ हव्वा के कएल पाप के कारण, परमेश्वर उ सबके पृथ्वी के बगैंचा से निकालईत देखम ।

1

उहेसे प्रिय मित्रसब, आउ हमनी के यी दुगो विचारसबके मनमे राखू । पहिलका, परमेश्वर धर्मि बा । परमेश्वर पाप सहे न सकी । उहेकारण, परमेश्वर आदम आ हव्वा के बगैंचा से निकालदेल । दोसरका, परमेश्वर कृपालु बा । आदम आ हव्वा, परमेश्वर के क्षमादान के योग्य न रहे । उ सब केवल, परमेश्वर के क्रोध आ न्याय के मात्र योग्य रहे । लेकिन परमेश्वर, आदमी नाश होव, कहके न चाहले । ईहे कारण, परमेश्वर आदम आ हव्वा के सट्टा मे जनावर सब के मारलक । आ ईहे कारण परमेश्वर, यी संसार मे पापी सब के, शैतान के अन्धकारके राज्य से, छुटकारा कराए के आ परमेश्वरके राज्य के, ज्योति आ महिमा में लेजाएबाला, मुक्तिदाता के पठाएके प्रतिज्ञा कएलक । छल मे नपरु । परमेश्वर के कृपासे, परमेश्वर के धार्मिकता के, वेवास्ता करे ना सकी । परमेश्वर के ई, विशेषता सब,

सँगे काम करके परी । भविष्य के पठ सब मे, हमनी के अझ स्पष्ट रूप से, देखम की कईसे, परमेश्वर अपन धार्मिकता के विरोध न करके पापी सब के दया, देखाए सक्जाई ।

ध्यान देके सुनदेली, एका लेल धन्यबाद । कैन आ हाविल : बलिदान के रास्ता, शिर्षक के हमनी के दोसर कार्यक्रम मे, सहभागी, होए के लागि अपने सब के आमन्त्रण करईत बारी । धर्मशास्त्र के यी पद कथी कहले, कहके होशियारी के साथ, विचार करईत, परमेश्वर हमनी सबके आशिष देले होखो :

जहाँ पाप बढलक, (परमेश्वरके) अनुग्रह अउर बेसी मात्रा मे बढलक । (रोमी ५:२०)

कार्यक्रम १०

कयिन आ हाबिल

बलिदान के रास्ता

उत्पत्ति ४

बित्तल समय मे हमनी के तोराह के अध्ययन मे आदम आ हव्वा, पाप कएला के बाद, परमेशवर शैतान, पाप, मृत्यु आ नरक के शक्ति से छुटकारा देबेबाला, मुक्तिदाता के संसार मे लेयाए के, परमेश्वर के योजना के, सुचना देबेलागल कहके बारेमे देखली । आदम आ हव्वा, अपन शरम ढाकेके लागि, अन्जीर के पाता के, परमेश्वर कईसे ईन्कार कएलक, एकर बारेमे भि देखली । परमेश्वर उ सब के, आ हमनी के भि, पापी सबके पाप ढाकेके लागि, और दोसर कौनो रास्ता नईखे, कहके सिकाएके चाहईत रहे ।

परमेश्वर मात्र पापी सबके, दण्ड से बचाए सकी । परमेश्वर कईसे अपने, कुछ जनावर सबके बलिदान कएलक आ उ सब के छाला काढ के आदम आ हव्वाके लगादेल, कहके हमनी के देखली । आदम आ हव्वा के ठाउँ मे, निर्दोष जनावर सबके मरेके परलक । जनावर के खुनसे, उ सब के पाप ढाकागेल । जनावर के, छाला के लुगासे उ सबके लाज ढाकागेल । परमेश्वर अपने, खुद पहिलका खुन, बलिदान कएलक, जेसे हमनी के पापसब से हमनी के, बचाएके लागि, परमेश्वर प्रतिज्ञा कएले, मुक्तिदाता के जनाबले । पृथ्वी मे, आदमी के, दुगो लाईन रही, कहके परमेश्वर कईसे सुचना देले रहे, कहके भि हमनी के देखली : परमेश्वरके योजना के विश्वास करेबाला आ विश्वास न करेबाला ।

आज हमनी के, आदम आ हव्वा के पहिलका दुगो, बेटा के बारेमे पढम : कयिन, जे परमेश्वर के विश्वास करेसे ईन्कार कएले रहे, आ हाबिल, जे परमेश्वर के विश्वास कएले रहे । हमनी के देखल अनुसार, आदम आ हव्वा अखनी, अदन के बगैंचा (स्वर्गलोक) से बाहर

होएके परलक । उ सब के अधर्म के कारण से, परमेश्वर उ सब के, बगैंचा से निकाल्देल । उ सबके पाप के कारण, उ सब स्वर्गलोक के बगैचा के आषिश सब मे, अब से जिए न सकेबाला भेगेल । उ सब के पाप के कारण, परमेश्वर सँगे के, उ सब के सम्बन्ध बिगरगेल । लेकिन, फिर भि, परमेश्वर उ सब के, प्रेम कएलक आ उ सब के वास्ता कएलक ।

अब ओका बाद, आउ हमनी के तोराह से, सँगै सँगे पढू । उत्पत्ति के पुस्तक के चौथका अध्याय मे,

अपन पत्नी सँगे, आदम के सहवास, भेलक, आ हव्वा गर्भवती होके कयिन के जन्म देलक, आ कहलक, "परमप्रभु के सहायता से हम, एगो पुरुष के जन्म देली । "फेर उ हाबिल के जन्म देलक । हाबिल चरबाह रहे आ कयिन, भूमी के खेती किसानी करबाला रहे । (उत्पति ४:१..२)

आदम आ हव्वा कयिन आ हाबिल, नाम कएल दु गो बालकके जन्म देलक कहके हमनी के थाह पईली । उ सब आदम आ हाव्वा जईसन पापी रहे । आदम के पाप सरेबाला रोग जईसन, ओकर सन्तान सब के फैलल रहे । कयिन

आ हाबिल पापेमे गर्भधारण कएले रहे । धर्मशास्त्र कहले कि आदम अपन स्वरुप आ प्रतिरुप मे बेटा सब जन्म ले रहे । (उत्पत्ति ५:३) जईसन बाप, ओईसन बेटा । कयिन आ हाबिल पाप स्वभाव मे जन्म लेले रहे ।

शारीरीक रुपमे सन्तान के बृदि भेलक, आ उ सब ज्ञान मे बढ्ते गेल । कयिन किसान भेलक । उ बहुत मिहिनेती आ परिश्रमी रहे । हाबिल चरबाह भेलक । उ दुनु जने परमेश्वर के चिनले रहे । परमेश्वर के अस्तित्व बा, आ परमेश्वर पवित्र बा, आ पाप के घृणा करले

,

कहके उ सब के थाह रहे । दुनु जमा के यी भि थाह, होए के चाहि की, परमेश्वर के नजिक जाएके लागि, उ सब खुनके बलिदान के रास्ता से आएके जरुरी बा, जौन परमेश्वर नियुक्त कएले रहे ।

एक दिन कयिन आ हाबिल, दुनो जने के जीवन में, उ सब परमेश्वर के आराधना करेक, आ परमेश्वर के लागि, बलिदान करेके समय आगेल । धर्मशास्त्र अईसे कहले : कुछ समय बितला के बाद, कयिन परमप्रभु के लागि, भुमी के उब्जनी से कुछ लेएलक । हाबिल भि अपन भेर के झुण्ड से, पहिलका बियाएल पाठा सब के भाग लेएलक । परमप्रभु, हाबिल आ ओकर भेटी ग्रहन कएलक । लेकिन कयिन आ ओकर भेटि ग्रहन न कएलक । एही से कयिन बहुत रिसियागेल, आ ओकर मुह अन्हार होगेल । (उत्पत्ति ४:३..५)

ऋउ हमनी के एका बाद, कथी भएल, कहके विचार करु । दु जना आदमी, परमेश्वर के अराधना करेके चाहले रहे । दुनु जना परमेश्वर के लागि, बलिदान चढएलक । लेकिन धर्मशास्त्र कहले : परमप्रभु, हाबिल आ ओकर भेटी ग्रहन कएलक, लेकिन कयिन आ ओकर भेटी, ग्रहन न कएलक । परमेश्वर काहेला, हाबिल आ कर भेटी, ग्रहन कएलक आ कविन आअोकर भेटी, ग्रहन न कएलक त ? उ दुनो बलिदान मे, कथी फरक रहे ? साँचमे, कयिन के भेटी, आ हाबिल के भेटि मे बहुत फरक रहे । कयिन परमेश्वर के लागि, सुन्दर सागपात सब, फलफूल लेयाल रहे । हाबिल, कौनो खोट न भेल, निष्कलंङ्क थुमा के खुन परमेश्वर के लागि, लेयाएल रहे । परमेश्वर, हाबिल के पाप, क्षमा कदेल, लेकिन कयिन के पाप क्षमा न कएलक ।

परमेश्वर हाबिल के पाप, काहे क्षमा कएलक, जे थुमा के खुन बहएले रहे, आ परमेश्वर काहे, कयिन के पाप, क्षमा न कएलक, जे सागपात आ फलफूल सब लेअएले रहे ? कथी परमेश्वर के सागपात आ फलफूल मन न परले त ? न कारण, यी न बा । फिर, काहे परमेशवर, हाबिल के धर्मी ठहरएलक, आ कयिन के ओकर पापेमे छोरदेल त ? यीहाँ, एकर

कारण बा :

हाबिल परमेश्वर के, माग अनुसार के, बलिदान लेके आएल रहे, लेकिन कयिन, माग बाहेक के बलिदान लेके आएल रहे । परमेश्वर, अपन धार्मिकता के सम्झौता न कके, कयिन आ

हाबिल के, पाप क्षमा करे सकेबाला, कईसन बलिदान के माग कएले रहे त ? परमेश्वर, एगो निष्कलंक आ निष्खोट जनावरके खुन के, जीवन के माग कएले रहे । हाबिल परमेश्वर के विश्वास कएलक, आ खुन के बलिदान लेके अएलक । धर्मशास्त्र कहले : विश्वास के साथ, हाबिल परमेश्वर के लागि कयिन से बेसी ग्रहन होखेबाला बलि चढएलक, आ उहे कारण हाविल धर्मि ठहरलक । हाबिल के भेटि ग्रहन करके, परमेश्वर आपन संगती जनएलक ।(हिब्रु ११:४)

हाबिल, परमेश्वर के योजनाके स्वीकार कएलक, लेकिन कयिन स्वीकार ना कएलक । हाबिल परमेश्वर के विश्वास कएलक, लेकिन कयिन विश्वास ना कएलक ।

परमेश्वरके विश्वास करेके अर्थ कथी बा ? परमेश्वर के विश्वास करेके मतलब, परमेश्वर के बचन के पालना आ भरोसा करु कहके बा । परमेश्वर के विश्वास करेके मतलब, परमेश्वर, जथी बोलले उ सत्य बा, कहके ग्रहन करु । यदि हमनी के "परमेश्वर के विश्वास करईसी" कहके कहम, लेकिन परमेश्वर के अगमवक्ता (नवी) सब के धर्मशास्त्र में, परमेश्वर के बोलल बचन में, विश्वास न करम त, हमनी के सँचमे परमेश्वर के विश्वास न करईसी । परमेश्वर आ उहाँके बचन एउटे बा । यदि हमनी के परमेश्वर मे विश्वास करईसी त, हमनी के उनकर बचन मे विश्वास करईसी, आ उ बचन के पालन करईसी । परमेश्वर हाबिल के ग्रहण कएलक, काहेकी हाबिल परमेश्वर के बचन मे विश्वास कएलक आ परमेश्वर के माग कएल, थुमा के खुन लेके परमेश्वर कहाँ अएलक । परमेश्वर कयिन के ईन्कार कएलक, काहेसे कयिन ईमान्दारी से, परमेश्वर के बचन मे विश्वास, ना कएलक । कयिन परमेश्वर के विश्वास करईसी, कहके दाबी त कएलक, लेकिन ओकर काम, उ बात के ईन्कार कएले रहे, काहेसे परमेश्वर के माग कएल अनुसारके, खुन के बलिदान, लेके कयिन ना अएलक

कुछ लोग, ई प्रश्न करईत होई, "परमेश्वर काहे, जनावर के बलिदान के माग, कएलक ? "बिना खुन बहएले, पाप के क्षमा न होवले" कहके परमेश्वर काहे कहले बा ? एकर कारण बा : परमेश्वर के पवित्र व्यवस्था घोषणा करले की, पाप के कमाई मृत्यु बा । यीहे कारण, खुन बहाएके परईत । "पाप के कमाई, फलफुल आ सागपात दियाजाई, कहके परमेश्वर ना कहलक । न त परमेश्वर, पाप के कमाई, प्राथना करके, उपवास रहके, आ असल काम कके तिराजाई कहके, कहलक । लेकिन परमेश्वर त, अपन पवित्रता मे कहलक, "पाप के लागि, माग कएल कमाई मृत्यु बा ।"

अगमवक्ता सबके लेखौट मे, परमेश्वर हमनी के, बतावले की : हरेक आदमी। ऋादम के हरेक पुस्ता, पाप कएले बा आ हरेक पापी सँगे, पवित्र परमेश्वर के बरका रिण बा । पापी के मरही के परी, आ एका बाद, उ नरक मे, सदा के लागि अपन पाप के रिण, तिरही के परी । पाप के रिण बरका बा, आ परमेश्वर के सामने उ पाप के रद्ध करेके लागि, हमनी के कहियो पर्याप्त असल काम उत्पन्न करे सकम । पाप के कमाई, मृत्यु आ नरक बा, जेका लागि, असल काम सब एकर रिण तिरे नसकी ।

1

एकरा यी किसिम से बुझेके प्रयास करू । कल्पना करु की, हामारा, एगो आदमी के बहुत जादा ऋण तिरेके बा, आ हम उ आदमी कहाँ जा के कहम, " हमरा अपने के, बहुत जादा ऋण तिरेके बा, कहके हमरा थाह बा । जे भि होए, हम पूरा रुप से टुट गेल बारी, आ हम अपन ऋण तिरे न सकम, लेकिन अपने के ऋण तिरेके, हमर एगो, दोसर योजना बा । हमर योजना अईन बा की, " यी बर्ष हरेक दिन, हम अपने के घरके बारान्दा सफा करम । यी

किसिमसे, हम अपने के ऋण, जब तक ना चुकी, हम अपने के घर मे का करम ।" उ ऋण देवेबाला आदमी, हमर प्रस्ताव के कईसे उत्तर दी ? सायद उ रिसियाजाई, आ उ हामरा उपर हसी भी । लेकिन निश्चित रुपमे कथी बा की, उ हमर विचार के ग्रहन ना करी । रिण दाता हमर योजना के काहे ग्रहन न करी त ? काहे की, हम अपन, सब से कमजोर प्रयास से, अपन बरकी ऋण तिरे न सके बाला अवस्था देखली ।

अईसही, कौनो भि अपन असल काम करके पाप के ऋण तिरे ना सकी । एकेगो बात मात्रे, पाप के ऋण तिरे सकी, पैसा से न, असल काम भि न, लेकिन मृत्यु मात्र, हमनी के पाप के ऋण तिरे सकी । पाप के कमाई मृत्यु आ न्याय बा । परिणाम के रुपमे, परमेश्वर कयिन वा हाबिल के पाप के ऋण, उ सब के अपने हात के असल काम के आधारमे रद्ध करे सक्जाईत । उ सब के पाप के ऋण, रद्ध करेके परमेश्वर के योजना, बलिदान के खुन मात्रे रहे । दोषी के ठाउँ मे निर्दोष मरही के रहे ।

पाप के क्षमा, आदमी के योजना के आधारमे न, लेकिन परमेश्वरके योजना के आधारमे होवले । प्रतिष्थापन बलिदान के आधारमे, परमेश्वर आदम के सन्तानसबके लागि क्षमा आ मुक्ति के ढोका खोलदेल । आदमी के शुरु के पुस्ता मे, परमेश्वर हरेक पापी निर्दोष जनावर लेयायके परी, कहके आज्ञा देले रहे । पापी के लागि प्रतिष्थापन के रुपमे, निर्दोष जनावर मरेके रहे । अईसन बलिदान के कारण, परमेश्वर आदम के सन्तान सबके लागि, कुछ समय धिरज धर सकळीआ उ सब के पाप सब कुछ समय के लागि ढाके सक्जाई । लेकिन जनावर के खुन से, आदमी के पाप के ऋण, मिटाए न सकी, काहेकी जनावर के मूल्य, आदमी के बराबर न होवले । उहे कारण धर्मशास्त्र कहले की : पशु बली सब, अब आएबाला, बन्हिया बात के छायाँ मात्र रहे, लेकिन खास रुप ना रहे। काहेसे की साँढ आ बोका के खुन से पाप मोचन होएके असम्भव बा । (हिब्रु १०:१, ४)

जनावर के बलिदान के बारेमे, सम्झेबाला सबसे महत्पूर्ण बात कथी बा की, उ सब मुक्तिदाता के बुझाएके लागि, प्रयोग कएल दृष्टान्त सब मात्र रहे, जौन आदम के सन्तान सबके पापके ऋण तिरे संसार मे आएबाला रहे । परमेश्वर जेका बारेमे प्रतिज्ञा देले रहे, हमनी सबके परमेश्वर कहाँ लेजाए के लागि, अधर्मी सब के लागि, धर्मीजन सदाके लागि एक बेर मरेबाला रहे । (१ पत्रुस ३:१८) सुसामाचार मे अईसे लिखल बा : सब अगमवक्ता (नवी) सब उहाँ के गवाही देले बा, की उहाँ के विश्वास करेबाला, उहाँके नाम से पाप के क्षमा पाई । (प्रेरित १०:४३)

परमेश्वर पशुबली के माग करेके छोर देल, (काहेकी प्रतिज्ञा कएल, मुक्तिदाता आएल बा आ उ अपन खुन बहादेल बा), लेकिन विगत के पुस्ता मे परमेश्वरके, मुक्तिके योजना मे, उ किसिमके माग, परमेश्वर कएले रहे । लेकिन, कयिन परमेश्वर के योजनाके बेवास्ता कएलक आ दोसर तरिका अपनएलक, अपने बनाएल धर्मकर्म के रास्ता, अपनएलक । कयिन हि झुठा धर्मके बाप बा । कयिन परमेश्वर कहाँ अपने हात के काम, ले अएलक । कयिन परमेश्वर के बलिदान त चढएलक, लेकिन उ अपने खेती कएल, मतलब श्रापित भूमी के उब्जनी लेअएलक । कथी परमेश्वर उ किसिमके खुन, न भेल बलिदान के ग्रहण कएलक त ? अहँ, परमेश्वर ग्रहण ना कएलक ।

दोस्रा ओर, हाबिल निष्खोट आ निष्खोट आ निष्कलंक थुमा परमेश्वर कहाँ लेआके मारलक आ खुन चरहएलक । ओका बाद, हाविल ओके जरएलक । उ बलिदान के कारण, परमेश्वर के सामु हाबिल के बिबेक स्पष्ट रहे । हाबिल के थाह रहे, की उ अपन पाप के लागि मरेके योग्य रहे, लेकिन निर्दोष थुमा, ओकर ठाउँ मे मरगएल । यी प्रकार से, हाबिल छुटकारा देएबाला मे अपन विश्वास के गवाही देएलक, जे ई संसार मे पापी सब के ठाउँमे, उ सब के पाप के सजाय, स्वरुप कष्ट भोगे आ मरेके लागि आए बाला रहे ।

1

आज के कथा के एगो प्रश्न के साथ बुके सकम : परमेश्वर कयिन के बलिदान काहे ग्रहन ना कएलक ? कथी कयिन हाविल से भि, जादा पापी रहे ? ना, एकर कारण ई नईखे । उ दुनो जने पापीए रहे । उ दुनो जन परमेश्वर के लागि बलिदान चरहएले रहे । कयिन एगो धार्मिक आदमी रहे । सतही रुपमे, शायद हमनी के, कह सकम की, कयिन के बलिदान हाबिलके बलिदान से बेसी सम्मान जनक रहे । तरकारी आ फलफुल सुन्दर बा, जब की भेडा के मारके, खुन बहायके सुन्दर दृष्य अवश्य न बा । लेकिन पाप परमेश्वर के लागि अपमानजनकं आ परमेश्वर के पवित्र व्यवस्था, पाप के कमाई मृत्यु के माग करले, उहेसे धर्मशास्त्र सिकावले की, बिना खुन बहएले पाप के क्षमा न बा । (हिब्रु ९:२२)। परमेश्वर कयिन आ ओकर बलिदान के ईन्कार कएलक, काहेकी कयिन परमेश्वर के पवित्र स्वभाव

आ मुक्तिके रास्ता के आदर ना कएलक । परमेश्वर के बनाएल धार्मिक रास्ता के बिना, कौनो भि परमेश्वर कहाँ आए नसकी । परमेश्वर के रास्ता सिद्ध आ सटीक बा । यी गणित जईसन बा । यदि स्कुल मेँ मास्टर बच्चा के "दु मे दु जोरम, त केतना होई ?" कहके पुछम त, ओकर सही जवाफ एगो मात्रे होई । दु मे दु जोरम, त चार होई । जौन बच्चा सब, दु मे दु जोरम त तीन होइ, कहके जवाफ दी उ गल्ती होई । यदि केहु पाँच होई कहके कही त उ हो गल्तीए होई । यदि कौनो विधार्थी साढे चार होई कही, उभि गल्ती होई । दु मेदु जोरम त चार मात्रे होई । परमेश्वर के स्थापना कएल धार्मिक रास्ता मे भि ईहे होखले । परमेश्वर एक मात्र बा, आ पापी सबके लागि पवित्र परमेश्वरसँगे मिलाप करेबाला रास्ता भि एउटै मात्रे रास्ता बा । यी रास्ता एकदम सिद्ध बलिदान के रास्ता बा ।

आजके ई कार्यक्रम सुनरहल प्रिय स्रोता सब, परमेश्वर के उपलब्ध कराएल, पबित्र बलिदान से हमनी के सब पापसबके ऋण, सदाके लागि स्थाई रुपमे, रद्ध करदेल बा कहके बारेमे, परमेश्वर के बचन कथी कहले, कथी हमनी के थाह बा ? कथी हमनी के थाह बा की, परमेश्वर पृथ्वीमे एगो सर्वशक्तिमान मुक्तिदाता हमनी के लागि, पठादेलक, ताकि हमनी के अपन पाप के क्षमा पाए सकु, आ परमेश्वर में शुद्ध हृदय पाए सकू ? आए बाला पाठ सब मे, हमनी के उहे मुक्तीदाता के बारेमे बहुत कुछ बुझम । उहाँके बारेमे धर्मशास्त्र कहले : दोसर कौनो मे मुक्ती नईखे, काहेकी हमनी के, मुक्ति पाएला स्वर्ग के निचा आदमी सबमे कौनो नाम देले नईखे । (प्रेरित ४:१२)

प्रिय स्रोता सब, आज हमनी के यी कार्यक्रम ईजगे समाप्त करईत बारी । परमेश्वर के ईच्छा मे, दोसर बेर हमनी के परमेश्वर कयिन के बलिदान के ईन्कार कएलाके बाद, कयिन कथी कहलक कहके बारेमे देखम ।

हमनी के परमेश्वर के यी आधारभुत व्यवस्थाके मनन करेला समय मिलाएके लागि

परमेश्वर हमनी के आशिष देब । परमेश्वर के बचन ई घोषणा करले : खुन बहाए बिना कौनो क्षमा नईखे । (हिब्रु ९:२२)

कार्यक्रम ११

पश्चाताप नकरेबाला कयिन

उत्पत्ति ४

हमनी के बित्तल कार्यक्रम मे, हमनी सब कयिन आ हाबिल नाम भेल, आदम आ हब्बा के बेटासब के बारेमे जनली । उ सब जने कईसे परमेश्वर के, आराधना करेके चाहईत रहे आ कईसे उ सब परमेश्वर के लागि बलिदान चरहएले रहे, कहके हमनी के सुनली । कयिन अपन खेतिकिसानी करके, कुछ भाग लेअएलक, आ परमेश्वर के चरहएले रहे ।

लेकिन हाबिल निष्खोट आ निष्कलंक थुमा लेआके, मारलक आ पाप के क्षमा करेबाला किसिमके बलिदान परमेश्वर के चरहएलक । धर्मशास्त्र घोषणा करले की, परमप्रभु हाबिल आ ओकर भेटि ग्रहण कएलक, लेकिन कयिन आ ओकर भेटि ग्रहण ना कएलक ।

परमेश्वर हाबिल के भेटि, काहे ग्रहण कएलक आ कयिन के भेटि ग्रहण ना कएलक ? काहेकी परमेश्वर के धार्मिकता के रास्ता पापके लागि, खुन के बलिदान, मांग करले । परमेश्वर हाबिल के एगो धार्मिक आदमी के रुपमे न्याय कएलक, काहेकी हाबिल परमेश्वर के बचन मे विश्वास कएले रहे, आ परमेश्वर के मागं अनुसार के भेटि, लेआएल रहे । कयिन के बारेमे कहम त, कयिन अपने कोसिस करके, परमेश्वर के नजिक आएके खोजले रहे, जेकर कारण से परमेश्वर, कयिन के ग्रहन ना कएलक ।

आज हमनी के, कयिन आ हाबिल के बारेमे, हमनी के बुझाईके अन्त करेके योजना मे बारी । परमेश्वर कयिन के बलिदान ईन्कार कएला के बाद, कठी भेलक त, थाह बा ? उत्पत्तिके ४ अध्याय के निरन्तरता देईत धर्मशास्त्र कहले : कयिन बहुत खिसिआएल, आ ओकर मुह अन्हार होगेल । (उत्पत्ति ४:५)

कयिन काहे खिसियाल रहे त ? यी बात के जानल मुस्किल नवा ।

कथा

जागि, यदि न,

"तुगली करके व पनी के तीरा सुधार करेके परी ।" कलले कक्ति जं, हम ओख न उ पदवी के उस कई जवाफ देहम त ? कितनों के पेशल सोह ज. मुकषि के कम हो बर्ग, कि सेहरी के बाद से विज

परमेश्वर कयिन के डाटलक, ताकि कयिन के अपने हात के काम सब, जौन बलिदान के रूपमे, कयिन परमेश्वर के चरहएले रहे, उ ओकर पवित्र सृष्टिकर्ता के नजरमे, मुल्यहिन रहे कहके कयिन जानो ।

कयिन पश्चाताप कके हाबिल जईसन, निष्खोट आ निष्कलंक थुमाके बलिदान परमेश्वर के सामु लेके आओ कहके, परमेश्वर चाहईत रहे । परमेश्वर कयिन के धार्मिकता के सहि रास्तामे चलाएके चाहईत रहे । लेकिन कईन अपने घमण्डमे, परमेश्वर के सामने, अपन अधर्म स्वीकार करेके न चाहलक । बरु खिसियाके निराश होगेल । धर्मशास्त्र निरन्तर रुपमे अईसे कहले :

परमप्रभु कथिन के कहलक, “तु काहे खिसियएले ? तोहर मुह काहे अन्हार हौ ? यदि तु जौन ठीक बा, उहे करबे त, कठी तु ग्रहण के योग्य न होएबे ? लेकिन यदि तु ठीक काम न करबे, त पाप तोहर अगारी ढुका लागल रही । पापके ईच्छा तोरा उपर रही, लेकिन तोरा पापके अधीन करही के परी । " (उत्पत्ति ४:६-७)

परमेश्वर कयिन से काहे प्रश्न कएलक ? परमेश्वर कयिन से प्रश्न कएलक, काहेसे की परमेश्वर कयिन नास नहोखो, कहके चाहईत रहे । परमेश्वर कयिनके, अपन गलत सोचविचार आ गलत

काम सब के बारेमे, पश्चाताप करके, सही रास्ता मे चलो, कहके चाहईत रहे । परमेश्वर कयिन के भयानक शत्रुके बारेमे, चेतावनी देईत रहे, जौन कयिन के आ ओकर सन्तान सब के नास करके, चुनौती देले रहे । उ शत्रु के पाप कहले ।

पाप केका कहले ? पाप संसार के समस्या बा । ई हमनी के एकदम बरका शत्रू बा । पाप साँप जईसन बिख से भरल रहले । ई बरका जंगल के सखाप करेबाला, एगो छोट आगि के झिल्का जईसन रहले । पाप एजो मसाल बा, जेका मदत से शैतान संसारके जराईत बा । परमेश्वर के बचन कहले : जे भलाई करेके जानके भि, नकरले, उ पाप करले । (याकुब ४:१७) व्यवस्था उलंघन कएला पाप बा, जे पाप करले उ दियाबलस के बा, काहेकी दियाबलस त शुरुसे पाप करते आएल बा । (१ युहन्ना ३: ४, ८) पाप हमनीके शरीर मे चलेबाला शक्ति बा आ सत्य आ बन्हिया कामके बिरुद्ध मे, लडले परमेश्वर के ईच्छा मे सहमत नहोए बाला, कौनो भि काम पाप बा । पाप के मतलब, बचन मे बिश्वास न करेके, आ परमेश्वर के, बचन पालन करेसे अस्विकार कएला पाप बा । अपने रास्ता मे चलला पाप बा । (यशैया ५३:६०६

अपने रास्ता मे चलल, आ परमेश्वर के विश्वास आ आज्ञा पालन करेसे, ईन्कार करेबाला के अन्त, कठी होई त ? धर्मशास्त्र कहले उ सब अनन्त विनाश के दण्ड, आ प्रभु के उपस्थिति आ परमेश्वर के शक्ति के महिमा से अलग होएके दण्ड भोगी । (२ थेस्लोनिकी १:९) मुक्ति के रास्ता से आएबाला के लागि परमेश्वर, अनन्त जीवन देबेके घोषणा कएले बा । लेकिन जे सत्य के बिरुद में, अपन हृदय कठोर कएले बा, उ सब के परमेश्वर के कोध आ न्याय के सामना करेके परी । अदि धर्मशास्त्र घोषणा करले की : परमेश्वर केहु भि अपन पाप मे नास न होखो, लेकिन सब जने पश्चाताप करो कहके परमेश्वर चाहले । (२पत्रुस ३:९)

परमेश्वर, कयिन पश्चाताप करो, अपन चुनल अधर्म के रास्ता छोडके धार्मिकता के रास्ता मे, चलो कहके कयिन से परमेश्वर चाहईत रहे ।

हमनी के बित्तल कार्यक्रम मे बुझली की, परमप्रभु परमेश्वर एगो योजना प्रकट कएले रहे, जौना से पापी सब, परमेश्वर के नजर मे धर्मी ठहरे सकी । हाबिल परमेश्वर के योजना के विश्वास कएलक, आ ओकर पाप क्षमा करे सकेबाला बलिदान के रुपमे, एगो निष्खोट आ निष्कलंक थुमा के मारलक ।

परमेश्वर जठी कहले रहे, परमेश्वर के बचन मे हाबिल विश्वास कएलक, पाप के कमाई मृत्यु बा आ बिना खुन बहएले, पाप क्षमा न होवले ।(पाप के ऋण नतिराबले) । (रोमी ६:२३, हिब्रु ९:२२)

थुमा के खुन बहएला के कारण, परमेश्वर के नजरमे हाबिल के विवेक स्पष्ट रहे । हाबिल के थाह रहे की, उ परमेश्वर के सजायँ पायके लागि, योग्यके दोषी पापी रहे, लेकिन हाबिल के यी भि थाह रहे की, परमेश्वर के माग

कएल अनुसार के, एगो निर्दोष थुमाके हाबिल परमेश्वर के चढले रहे । हाबिल के बलिदान कएल थुमा, सदाके लागि आदमी के पाप के रिण, रद्ध करेबाला बलिदान के रुपमे, अपन जीवन अर्पन करे, आएबाला मुक्तिदाता के दृष्टान्त रहे । कयिन के बारेमे कहम त, कयिन परमेश्वर मे बिश्वास करेके अभिनय कएले रहे, लेकिन ओकर काम, ई बात के ईन्कार कएले रहे । कयिन अपन मुह से मात्र, परमेश्वर के आदर कएले रहे, लेकिन ओकर हृदय, परमेश्वर से दुर रहे । थुमा के खुन परमेश्वर माग कएले रहे, लेकिन कयिन के काम उ बात के ईन्कार करदेल । कयिन के कएल आराधना, परमेश्वर के नजरमे साफा मुल्यहीन रहे, काहेकी कयिन परमेश्वरके तरिका के ग्रहन ना कएलक ।

कयिन के चढाएल मुल्यहीन बलिदान के लागि, परमेश्वर कयिन के डाटला के बाद कयिन कठी कएलक, तलाक इनकी दीना देख । धर्मशास्त्र कहले: “कयिन अपन भाई हाबिल के कहलक, "चल, हमनी के बाहर खेतमे जाऊ।” आ जब उ सब खेतमे रहे, तब कयिन अपन भाई हाबिल के आक्रमण करके मारदेल । (उत्पत्ति ४:८) कयिन कठी कएलक ? कठी कयिन पश्चाताप कएलक त ? कठी कयिन परमेश्वर के विश्वास कएलक, आ पाप के लागि बलिदानके रुपमे थुमाके खुन, परमेश्वर काहाँ लेअएलक त ? अहँ, ना लेअएलक । लेकिन, कयिन अपन भाई हाबिल के आक्रमण करके, मारके अउर दोसर पाप कलेल ।

न पतियायबाला ! कयिन, जे परमेश्वर से क्षमा पाएके लागि, थुमा के खुन बहाएके लागि ईन्कार कएले रहे, उहे अब अपन भाई हाबिल के खुन बाहादेल । एकर बारेमे कठी हमनी के बिचार करईसी ? कयिन के मनमे ओकर भाई हाबिल के, हत्या करेके बिचार के राखदेल ? कयिन केकर रास्ता मे चलईत रहे ? कईन शैतान के रास्ता मे चलईत रहे । धर्मशास्त्र कहले की, कयिन अपन भाई के हत्या कएलक, काहेकी कयिन दुष्ट ओरसे रहे । (१ युहन्ना ३:१२) संसारमे, परमेश्वर के आदमी सब, आ शैतान के आदमी सब कके, आदमी सब के दुगो समूह सब बा, कहके कईसे परमेश्वर घोषणा कएलक । हाबिल परमेश्वर के रहे, काहेकी हाबिल परमेश्वरके बचन के पालन करेला बहुत रुपमे विश्वास कएले रहे । कयिन शैतान के समुह के रहे, काहेकी कयिन परमेश्वर के बचन के बिश्वास ना कएलक ।

अब कयिन अपन भाई हाबिल के हत्या कएला के बाद, परमेश्वर कयिन के कठी कहलक त ? धर्मशास्त्र कहले : परमप्रभु कयिन से पुछलक, "तोहर भाई हाबिल काहाँ बा ?” कयिन कहलक, हम्रा थाह न बा । कठी हम अपन भाईके चरवाह बारी ? ” परमप्रभु कहलक, “यी तु कठी कएले ? तोहर भाईके खुन से जमिन से दुहाई तु हम्रा देईत बारे । तु अब श्रापित होके ई जमिन से खेदाएल बारे, जौन तोहर भाई के खुन तोहर हात से लेबेके लागि अपन मुह उघारलक ।

तु जमिन के खेती करबे, अब एका बाद तोहरा ई जमिन, अपन उब्जनी ना दी । तु ई संसार मे बिना चैन के डुलुबा रहबे ।” (उत्पत्ति ४:९-१२)

1

ई किसिम से कयिन के परमेश्वर, अईसे कहके सजायँ देलक, " तु जमिनके खेती करने लेकिन अबसे जमिन तोरा अपन उब्जनी ना दी ।" बोलोफ के हितोपदेश कहले, “गाई अपन बाछा के लात से मारले, लेकिन ओका घृणा न करले ।” अईसही, परमेश्वर कयिन के दोष लगाएला सजायँ ना देलक, लेकिन परमेश्वर कयिन के, पश्चाताप करेला, परमेश्वर के रास्ता मे समर्पित होके चलेला, आ ओकर पापके लागि क्षमादान के, ग्रहण करेके लागि चलाएके चाहलक । लेकिन फिर भि कयिन कठी कएलक त ? कठी कयिन पश्चाता कएलक त ? अहँ कयिन पश्चाताप ना कएलक ।

धर्मशास्त्र कहले, कयिन परमप्रभुके उपस्थिति से निकलके.....नोद कहेबाला देश मे रहे लागल । (उत्पत्ति ४:१६) कयिन, परमेश्वर के बचन के वास्ता न कएलक, उ परमेश्पर के अपन पिठ देखएलक, आ परमेश्वर के अपन जीवन से बाहर निकालके, परमेश्वर से दुर होगेल । कयिन से अपने आपके अलग करेबाला परमेश्वर ना, लेकिन कयिन अपने आपके परमेश्वर से अलग कएलक ।

आजु, आदम के बहुते सन्तान सब, अपन तरिका के निरन्तरता देईत, आ परमेश्वरके आवाज के लागि अपन हृदय के बन्द करके, कयिन सँगे मिलईत जुलईत बा । अपन ओठ से उ सब "परमेश्वर महान बा," कहले, लेकिन उ सब के हृदय में उ सब "परमेश्वर अलग बा, परमेश्वर के केहु चिन्हे ना सकले, " कहके सोचले । जे भि होए, धर्मशास्त्र हमनी के कहले की, परमेश्वर हमनी सब से अलग न बा, काहेकी, परमेश्वरे सबके जीवन आ सास आ हरचिज देबले (प्रेरित १७:२५ २८)। परमेश्वर हमनी के हृदय के धड्कन से भि नजिक बा । परमेश्वर हमनी के व्यक्तिगत रुपमे चिन्हले, आ हमनी के परमेश्वर के भि व्यक्तिगत रुप से चिन्हु कहके परमेश्वर हमनी से चाहले । फिर काहे, बहुत लोग सब परमेश्वर के चिन्हे न आबले त?

धर्मशास्त्र मे परमप्रभु परमेश्वर, अपने ई प्रश्न के जवाफ अईसे कहके देबले :

फैसला ईहे बा, कि ज्योति संसार मे आएल बा, आ आदमी सब ज्योति छोर के, अन्धकार के चुन्लक, काहेकी उ सब के काम दुष्ट रहे । दुष्ट काम करेबाला हरेक जना, ज्योति के घृणा करले आ

ज्योति मे न आबले, न त उ सब के काम प्रकट होजाई । (युहन्ना ३:१९-२०)

आदमी सब परमेश्वर के ना चिन्हले काहेकी, कयिन जईसन उ सब, परमेश्वर के बचन के, अपन पिठ देखादेल बा । भजन संग्रह मे अगमवक्ता दाउद अईसे लिखले बा :

अपने के बचन (हे परमेश्वर) हमर गोर के लागि बत्ती आ रास्ता के लागि ईन्जोत बा (भजनसंग्रह ११९:१०५) । यदि हमनी के परमेश्वर के बचन के ज्योति में, अपन पिठ देखएले बारी त, हमनी के अभि भि पाप आ लाज के अन्धकार मे बारी, आ हमनी के परमेश्वरके कहियो ना चिन्हले बारी । परमेश्वर हमनी से अलग होएल जईसन लागी । लेकिन, परमेश्वर हमनी से अलग न बा, कहके हमनी जानु, परमेश्वर चाहले । परमेश्वर ठीक हमनी के पछारी बा ।

•

परमेश्वर हमनी के आसपास मे बा । परमेश्वर ठीक हमनी के अगारी बा । परमेश्वर हमनी के प्रेम करले आ परमेश्वर हमनी से घनिष्ट सम्बन्ध राखेके चाहले । लेखिन हमनी के कयिन जईसन न होउ, जे अपन हृदय के कठोर बनएले रहे आ परमेश्वर के धार्मिक रास्ता के ग्रहन करेसे ईन्कार कएले रहे । कयिन पश्चाताप करो, आ परमेश्वर के ओर आओ, आ परमेश्वर के बचन मे विश्वास करो, कहके परमेश्वर चाहलक ।

"

पश्चाताप कएला कठी बा, हमनी के थाह बा ? एकर अर्थ हमनी के अपन सोच बिचार के परिवर्तन करु । पश्चाताप कएला के मतलब, परमेश्वर के सामने मे " अपन योजना मे, रहल मुक्तीके रास्ता के बारेमे, हमर सोचाई मे गलत बारी" कहके स्वीकार कएला पश्चाताप बा । पश्चाताप कएल, कहेके मतलब, हमनी सँगे परमेश्वर के धार्मिक न्याय से

अपने आपके बचाएके कौनो सम्भावित तरिका न बा, कहके परमेश्वर सँगे सहमत होखला पश्चाताप बा । आ एकाबाद अपने आपके परमेश्वर के मुक्ति के रास्ता मे समर्पित कएला, पश्चाताप बा ।

मानू, हमनी के कौनो एगो खास शहर में यात्रा करेके चाहईतबारी । बसमे चढलाके बाद हमनी के गलत बसमे चढल बारी कहके महसुस करम । ओका बाद हमनी के कठी करम ? हमनी के अपन गल्ती स्वीकार करम, उ बसमे से उत्रम, आ सही बसमे चढम । पश्चाताप के अर्थ भि ईहे बा ।

पश्चाताप के मतलब, अपन मन के परिवर्तन बा, गलत से फिरके आ सत्य के लागि समर्पित होखल ही पश्चाताप कएल बा । परमेश्वर के सामने मे पश्चाताप के अर्थ ई न बा की हमनी के अपन पाप के लागि अपने आपके सजाय देबेके परी । एकर मतलब, ई बा की हमनी के अपन पाप के, परमेश्वर के नजर से देखेके परी, आ परमेश्वर के मुक्ति के रास्ता के स्वीकार करेके परी ।

पश्चाताप के अर्थ अपन गलत विचार सब, अपन पाप सब, अपन मूर्ति सब आ आत्म प्रयास सब से वापस आएल, आ परमेश्वर के मुक्तिके रास्ता मे अपन विश्वास राखईत, परमेश्वर मे अएला पश्चाताप बा । उ हे सँच्चा पश्चाताप बा । लेकिन कयिन अपन विचार, सब आ तरिका सब परिवर्तन करेला अस्विकार कएलक । कयिन पश्चाताप ना कएलक । कयिन अपने तरिका के निरन्तरता देबेके चाहलक । कयिन परमेश्वर के स्थापना कएल, क्षमा के तरिका में अपने आपके समर्पित करेस, अस्वीकार कएलक । उहेकारण, धर्मशास्त्र कहले की, कयिन अपने अधार्मिकता के रास्ता मे नष्ट होगेल, जेका लागि सबदिन के लागि घोर अन्धकार राखल बा । (यहुदा १३) पद

प्रिय स्रोता सब, हमनी के कयिन जईसन होए के नपरो, परमेश्वर के यी गम्भीर चेतावनी मे ध्यान देऊँ, परमेश्वर कहले : “यदि तोहनी सब पश्चाताप ना करबे, त तोहनी सब कयिन जईसन नाश होजएबे”(लुका १३:३) । पमेश्वर के न्याय निश्चित बा, आ पाप से क्षमा नपाएल सब के उपर, न्याय होई

हमनी के अपन बन्हिया कामके आधार में कहियो धर्मी न होखम । कयिन जईसन, बहुत आदमी सब, अपन धर्म के नियम, सब के पछारी परके, परमेश्वर के न्याय से बाँच जाएम कहके विश्वास करले । लेकिन धार्मिक होपुल, आदमी के धर्मी न बनाबले ।

परमेश्वर के बचन कहले : व्यवस्था के काम सब से, परमेश्वर के दृष्टि मे केहू भि धर्मी ना ठहरले... (रोमी ३:२०) । काहेकी हमनी के सब अशुद्ध आदमी जईसन होगेल बारी, आ हमनी के सब धार्मिक काम, फुहर कपडा जईसन बा । (अगमवक्ता यशैया ६४:६)

काहेकी विश्वास के अनुग्रह से, तोहनी सब उद्धार पएले बारे, तोहनी सब अपने से ना, यी त परमेश्वर के वरदान बा, कामसे ना, न त केहु घमण्ड करी । (एफिसी २:८-९)

सुनके साथ देली, अपने सबके बहुत बहुत धन्यबाद । परमेश्वर के ईच्छा मे, दोसर का बेर हमनी के आदम के पछिल्का सन्तान सब मे से, कुछ सन्तान सब के बारेमे देखम, जे मे परमेश्वर के अगमवक्ता (नवी) हनोक भि बा ।

आज, हमनी के जौन सुनली, यीमे विचार करईत प्रभु हमनी के आशिष देले होखे । धर्मशास्त्र कहले :

परमेश्वर हमनी सँगे धैर्य बा, हमनी सब केहु भि नाश होऊ, परमेश्वर ई न चाहले, लेकिन, सब जना पश्चाताप करो कहके परमेश्वर चाहले... लेकिन तोहनी सब पश्चाताप ना करने त तोहनी सब नाश होएबे । (२ पत्रुस ३: ९, लुका १३:३)

कार्यक्रम १२

अगमवक्ता(नवी) हनोक

उत्पत्ति ४.. ५

हमनी के बित्तल कार्यक्रम सब मे, हमनी के आदम आ हव्वा के दुगो बेटा सब, कयिन आ हाबिल के बारेमे सुनली । परमेश्वर के आराधना करेके लागि, उ दुनु जने कईसे परमेश्वर के बलिदान चढएले रहे कहके हमनी के सुनली । हाबिल परमेश्वर के विश्वास कएलक आ परमेश्वर के लागि थुमा के खुन लेअएलक, लेकिन कयिन अपने प्रयास से परमेश्वर काहाँ जाएके प्रयास कएलक ।

परमेश्वर हाबिल के भेटी ग्रहण कएलक, लेकिन कयिन के भेटी के ग्रहण ना कएलक । परमेश्वर कयिन के पश्चाताप करेला बोलएलक, लेकिन कयिन त खिसिया गेल, आ उ अपन भाई हाबिल के मार के मुआदेल ।

आज हमनी के तोराह मे रहल उत्पत्तिके पुस्तक के ४ आ ५ अध्याय के निरन्तरता देने के योजना मे बारी । आदम आ हव्वा के आउर भि बेटाबेटी रहे, कहके परमेश्वर के बचन हमनी के बताबले । (उत्पत्ति ५:४) जे भि होए, आदम के सन्तान सब मे से, परमेश्वर हमनी के केवल द गो पारिवारिक लाईन सबके कथा सब बतएले बा, कयिन के पारिवारिक लाईन, आ सेत के पारिवारिक लाईन । सेत कयिन के भाई मध्ये एक रहे ।

पहिले हमनी के कयिन के लाईन के बारेमे देखम । कयिन अपन नातेदार सब के बीच से पत्नी ले आएल रहे, आ सन्तान जन्म ले रहे ।

जे भि होए, जईसे जंगल झार मे कुदेबाला हरिण सन्तान उत्पादन ना करले, ओईसने कयिन के सन्तान भि अपन बाबु के नक्कल, आ सोचेके तरिका से अलग नहोएक ।

उ सब अपन बाबुए जईसन, परमेश्वर के आदर नाकएलक । उ सब के ज्ञान आ बौद्धिकता बहुत बरका रहे, लेकिन उ सब परमेश्वर के चिन्हे ना सकल । उ सब संसारिक चिज सबके मात्र मान्यता देलक । उ सब शहर के निर्माण कएलक, सामग्री सब बनएलक, बाँसुरी आ बिना बनएलक आ अउर बहुत सुन्दर चिज सब बनएलक । कयिन के सन्तान सब मे से आएल, दोसर एक जना कयिन तुबाल नाम भेल आदमी रहे। उ भि चलाख किसिम के रहे, आ उ काँसा आ लोहा के चिज सब बनएलक । लेकिन, सुन्दर हस्तकला, सुन्दर मन नबनाबले ।

कयिन के सन्तान सब मे से, लेमेक नाम भेल एक जना आदमी रहे, उ आदम के बाद सातौं पुस्ता के रहे ।

लेमेक अपन पुर्खा कयिन के बिचार अपनएले रहे, उ अउर खराब रहे ।

हनोक के समय में, परमेश्वर के साथ रहला सजिलो न रहे, काहेकी उ समय अभि के समय जईसन भ्रष्ट आ दुष्ट रहे । हनोक के समय मे, जिएबाला बहुत अईसन आदमी सब, सुखविलास के पछारी लागेबाला आ अशुद्धता मे जियईत रहे । लेकिन हनोक के थाह रहे, कि परमेश्वर आदमी के अशुद्धता मे न, लेकिन पवित्रता मे जिएके लागि बनएले रहे । उहे कारण से, हनोक परमेश्वर के नचिनेवाला अपन परोसी जईसन, अपने आपके लोभके नियन्त्रण मे,

परे ना देल । परमेश्वर जईसन हनोक भि, धार्मिकता के प्रेम करईत रहे, आ अधर्म के घृणा करईत रहे । हनोक के धार्मिक जीवन शैली के देखके आदमी सब हनोक के घृणा करईत रहे, आ सताईत रहे, लेकिन यी बात हनोक के निराश ना कएलक । काहेकी हनोक के थाह रहे की परमेश्वर सँग, शान्ति मे रहेसे बेसी महत्वपूर्ण, अउर कौनो बात न बा ।

उ दुष्ट समय मे भि परमेश्वर, हनोक के अपन सेवक आ अगमवक्ता (नवी) होएके लागि चुनलक । सब सँच्चा अगमक्ता (नवी) सब जईसन, हनोक भि आएबाला उद्धार कर्ता के बारेमे गवाही देलक । पश्चाताप के ईन्कार करेबाला सब, आ परमेश्वर मे विश्वास न करेबाला, सब आदमी सब के सजायँ देबेके लागि, एक दिन उद्धार कर्ता आबेबाला बा, कहके हनोक घोषणा कएलक । हनोक के कएल प्रचार के सुनु : "देख, परमप्रभु अपन हजारो पवित्र जन सब सँगे अबईत बा, सब के ईन्साफ करे, सब आदमी सब के दण्ड देबे, जे अधार्मिक रीति से भक्तिहीन काम सब कएले बा, आ उ भक्तिहीन आदमी सब के दण्ड देबे, जे परमेश्वर के विरुद्ध मे कठोर बात बोलले बा ।'

,

अगमवक्ता(नवी) हनोक के बारेमे जानेवाला, एगो बहुत अचम्म लागेबाला बात कठी बा की, हनोक के मृत्यु ना भेलक । उ ठीक बा । परमेश्वर के बचन हनोक के मृत्यु न होलक कहके बताबले । परमेश्वर के बचन कहले, हनोक ३०० बर्ष तक परमेश्वर के साथ साथ रहलक... आ उ अल्प (विलागेल) होगेल, काहेसे की परमेश्वर हनोक के उठालेल । (उत्पत्ति ५ : २२, २४)

परमेश्वर हनोक के ई किसिम से काहे उठाके लेगेल त ? हनोक के जीवन से परमेश्वर साँचो भरोसा करेबाला, आ परमेश्वर के खुसी करेबाला के बारेमे परमेश्वर, कठी सोचले कहके हमनी के बताबेके चाहले । धर्मशास्त्र कहले : विश्वास से मृत्यु न होके, हनोक स्वर्ग मे चलगेल, आ उ केनहु ना भेटएलक, काहेकी परमेश्वर हनोक के लेगेल । हनोक स्वर्ग मे उठाएसे पहिले परमेश्वर के, उ खुसी कएले रहे कहके पुष्टी भेल रहे । विश्वास बिना परमेश्वर के खुसी कएला असम्भव बा । काहेकी जे परमेश्वर के नजिक आबले, उ परमेश्वर बा आ परमेश्वर के खोजेबाला के परमेश्वर प्रतिफल देबल, कहके पक्का विश्वास करेके परी। तीन सय बर्ष तक, हनोक परमेश्वर के खुसी कएले रहे, काहेकी हनोक परमेश्वर के विश्वास कएले रहे, प्रेम कएले रहे आ आदमी सब परमेश्वर के ईच्छा आ बचन के कौनो बास्ता न करेके समय मे, भि हनोक, परमेश्वर के आज्ञा पालन कएले रहे । ईहे कारण, परमेश्वर एक दिन हनोक के नाम लेके बोलएलक, आ अचानक हनोक अपने आपके, सदासर्बदा परमेश्वर के महिमा के घर, स्वर्गलोक में खलगेल

हनोक के कथा मे, परमेश्वर हमनी के देखाए बाला बहुत महत्वपूर्ण कुछ बात बा । उ ईहे बाः यदि हमनी के हनोक के जईसन, परमेश्वर में विश्वास ना करम त, परमेश्वर के कहियो खुस करे न सकम

। जे भि होए, यदि हमनी के परमेश्वर के विश्वास करईसी, आ हनोक के जईसन हमनी के, परमेश्वर के योजना मे विश्वास कएले बारी त, परमप्रभु परमेश्वर हमनी के धार्मिकता मे गन्ती करी आ हमनी के कहियो, मृत्यु के डर न मानेके परी । परमेश्वर हमनी के लागि मृत्यु के जीत लेल बा, कहके हमनी के जानम, काहेकी यदि हमनी के परमेश्वर के बचन, सुनम आ विश्वास करम त, पृथ्वी मे हमनी के जीवन पूरा होएला बाद, हमनी के सदासर्वदा के लागि, हनोक जईसन परमेश्वर के उपस्थिति मे रहेके लेल स्वर्ग मे चलजाम । जे भि होए, परमेश्वर के कहल पापी

सब के लागि परमेश्वर के प्रबन्ध कएल, मुक्ति के धार्मिक रास्ता के बारेमे, हमनी के बुझेके परी आ विश्वास करेके परी ।

यी बुझाई के, हमनी के संक्षेप मे अध्ययन कएल, आदम के दुगो सन्तान सब : लेमेक आ हनोक बीच तुलना करम । लेमेक आ हनोक दुनु जने, आदम के बाद के सातौँ पुस्ता रहे । लेमेक कयिन के वंश से आएल रहे, आ हनोक सेत के वंश से आएल रहे । लेमेक आ हनोक एकेगो युगमे जियईत रहे, लेकिन उ सब के विचार मिलईत जुलईत रहे । उ सब के जीवन शैली दिन आ रात जईसन, फरक किसिमके रहे । लेमेक परमेश्वर आ ओकर बचन के विश्वास ना कएलक, लेकिन हनोक परमेश्वर के विश्वास कएलक आ परमेश्वर के बचन से प्रेम कएलक । लेमेक अपन अशुद्धता मे, शैतान सँगे चललक आ हनोक परमेश्वर के पवित्रता में, परमेश्वर सँगे चललक । लेमेक परमेश्वर के बनाएल, मुक्ती के रास्ता के वास्ता न कएलक, लेकिन हनोक आपन पाप सब ढाकेके लागि, थुमा के खुन परमेश्वर के चढएलक ।

लेमेक, पैसा, स्त्री, खाना, लुगा आ आनन्द चाहईत रहे, लेकिन हनोक ओका जीवन देबेबाला सँगे घनिष्ट संगती के जीवन चाहईत रहे । लेमेक अपन पाप मे मरलक आ नरक मे गेलक, लेकिन परमेश्वर हनोक के स्वर्ग मे अपना सँगे लेगेल । अन्त में, ईहा एगो महत्वपूर्ण प्रश्न बा : हमनी के लेमेक जईसन बारी की हनोक जईसन बारी ? हमनी के कयिन आ लेमेक के आदमी बारी की सेत आ हनोक के आदमी सब बारी ? हमनी के जीवन हनोक के विश्वास के अपनएले बा, कि हमनी के लेमेक जईसन अपने रास्ता में, चलईत बारी ? परमेश्वर कहले : तोहनी सब विश्वास मे कट्टर बारे की न, कहके अपने आपके जाँचके देख.. (परमेश्वर आ ओकर बचन मे) विना विश्वास परमेश्वर के, खुस कएला असम्भव बा (२कोरिन्थी १३:५, हिब्रु ११:६) ।

प्रिय स्रोता सब, हमनी के आज ई कार्यक्रम ईहबे अन्त करम । दोसर बेर, परमेश्वर के ईच्छामे, हमनी के परमेश्वर के दोसर एक अगमवक्ता (नवी) के जीवन के बारेमे देखेके शुरु करम, अगमवक्ता (नवी) नोह । परमेश्वर के यी पवित्र वचन से विचार करईत परमेश्वर हमनी के आशिष देव ।

विना विश्वास के, परमेश्वर के खुसी कएला असम्भव बा, काहेकी जे परमेश्वर के नजिक आवले, उ परमेश्वर बा आ परमेश्वर के खोजेबाला के परमेश्वर, प्रतिफल देबले कहके पक्का विश्वास करेके परी । (हिब्रु ११:६)

दुगो पत्नी सब लेयायबाला में, लेमेक पहिलका व्यक्ति रहे, आ कयिन जईसन, लेमेक हत्यारा रहे । धर्मशास्त्र हमनी के जानकारी काराबले की, लेमेक दुगो आदमी के हत्या कएलक, आ ओकाबाद लेमेक कयिन से भि बेसी खराब रहे, कहके घमण्ड कएलक । कयिन आ ओकर सब सन्तान सब जईसन, लेमेक भि परमेश्वर के बारेमे कौनो बास्ता ना कएलक । लेमेक स्वार्थी रहे, आ उ रुपैंयापैसा से प्रेम करईत रहे । लेमेक घमण्डी आ अभिमानी रहे । उ परमेश्वर के प्रेम करेसे बेसी, सुख बिलास के प्रेम करेबाला किसिम के रहे । शैतान लेमेक के गुरु रहे, लेकिन लेमेक यी बात के महसुस ना कएलक । लेमेक अईसने रहे, काहेकी उ अपन पुर्खा कयिन के रास्ता चुनलक । आउ, हमनी के अपन मनमे लेमेक के नाम राखु, काहेकी आज हमनी के यी पाठके अन्त करेसे पहिले, हमनी के यी सब लगे फेरु आएम ।

परमेश्वर के स्तुति होखो, धर्मशास्त्र कयिन आ कयिन के सन्तान के कथा के अईसहिए ना रोकले । धर्मशास्त्र सेत के पारिवारिक लाईन के बारेमे, भि हमनी के बताबले, आ यी अईसे कहले की, परमेश्वर आदम आ हव्वा के हाबिल के सट्टा मे, दोसर एगो पुत्र देलक, काहेकी कयिन हाबिल के मारके मुआदेल रहे (उत्पत्ति ४ : २५) । ओकर नाम सेत रहे । सेत के अर्थ, चुनल (छानल) होखले । परमेश्वर हाबिल के ठाउँमे, सेत के चुनलक । सेत के हाबिल के ठाउँ मे, लेआएके आवश्यकता रहे त ? एकर जवाफ ईहा बा । पृथ्वी मे रहल स्वर्गलोक के बगैंचा म, शैतान के जितेला आ ओकर शक्ति से आदम के सन्तान सब के छुटकारा कराए के लागि, परमेश्वर एक जना व्यक्ति के पठाएके प्रतिज्ञा कएले रहे । उ मुक्तिदाता हाबिल के पारिवारिक लाईन से आए सक्जाईत, जे परमेश्वर के विश्वास कएले रहे । जे भि होए, शैतान, हाबिल के मारेला कयिन के उक्सएलक । शैतान मुक्तिदाता के यी संसार मे लेआएक, परमेश्वर के योजना मे बाधा देबेके चाहईत रहे । लेकिन शैतान के योजना सब से बेसी, परमेश्वर के बुद्धि महान बा । आदम के सन्तान सब के, उ सब के पाप से छुटकारा कराबेके परमेश्वर के अदभुत योजना रहे आ उ योजना के केहु भि रोके ना सकईत, आ उ योजना के शैतान भि बाधा देबे ना सकईत । आ उहे से परमेश्वर अपन उ योजना के मन मे राखईत, आदम आ हव्वा के हाबिल के जगह मे सेत के देलक । अईसहिए, उद्धार कर्ता पठाबेला, परमेश्वर अपन योजना अगारी बढएलक ।

सेत एगो सँच्चा विश्वासी रहे । हाबिल जईसन, सेत अपन दाजु के, परमेश्वर से स्थापना भेल मुक्ति के रास्ता चुनलक । सेत भि, आदम के अउरो सन्तान सब जईसन, पाप मे जन्मल रहे । जे भि होए, आएबाला मुक्तिदाताके विषय में, परमेश्वर के कएल प्रतिज्ञा उ विश्वास कएले रहे, आ अपन पाप सब, ढाकेबाला बलिदान के रुपमे, थुमा के खुन, परमेश्वर के चढाके, अपन विश्वास प्रस्तुत कएले रहे । सेत के बारेमे, दोसर उल्लेख होए बाला बात कठी रहे की, उ अपन बेटाबेटी सब के परमेश्वर के सत्यता के ज्ञान मे बढएलक । औसने धर्मशास्त्र कहले : सेत के भि एक जना बेटा होलक... उहे समय से आदमी सब परमप्रभु के नाम के पुकारा करेलागल । (उत्पत्ति ४:२६)

अउर अईसे हमनी के थाह बा, यी दुगो लाईन सब कठी देखाबले ? यी दु गो लाईन सब, आदम के समय से अभि तक, दु किसिम के आदमी सब के देखाबले । परमेश्वर के नजर मे, पृथ्वी मे केवल दु

किसिके आदमी सब बा । परमेश्वर करिया छाला बाला, आ उजर छाला बाला, बोलोफ आ पुलार, पुरुष आ स्त्री, धनी आ गरीब बीच कौनो फरक ना देखले । परमेश्वर पूर्वाग्रही न बा, फिर भि, परमेश्वर संसार के, आदमी सब के, दुगो फरक समूह मे विभाजन करले । आदमी सब के यी दुगो समूह सब कठी कठी बा त ? उ दुगो समूह यीहे बा जे परमेश्वर के बचन मे विश्वास करले, आ परमेश्वर के बचन मे विश्वास ना करले । परमेश्वरके चिन्हे बाला सब, आ परमेश्वर के न चिन्हे बाला सब, ज्योति मे चलेबाला आ अन्धकार मे चलेबाला सब, पाप से क्षमा होएल सब आ पाप से क्षमा न पाएबाला सब । सेत आ ओकर परिबार के परमेश्वर जईसे बचएलक, परमेश्वर उ सब के बचाबले, जे परमेश्वर के विश्वास करले । आ परमेश्वर के स्थापना कएल, धार्मिकता के रास्ता चुनी उ सब मुक्ति पाई आ स्वर्ग मे जाई । जे केहु भि, परमेश्वर के रास्ता के ग्रहण ना करी, उ कयिन आ ओकर परिवार जईसन नाश होई आ नरक में जाई ।

आदम ९३० वर्ष बाचलक आ ओका बाद उ मरगेल, कहके धर्मशास्त्र हमनी के जानकारी देबले । उ शुरु के समय सब मे, आदमी सब बहुत, बुरह होके मात्र मरईत रहे, आ अभि भि, आदमी सब अउर आदमी जईसे मरले, ओईसही मरले ।

आदम आ हव्वा के जईसे परमेश्वर कहले रहे, ओईसही उ सब मरलक । जब परमेश्वर पहिलका दुगो आदमी सब के बनएलक, उ समय मे उ सब मरी, कहके परमेश्वर के ईच्छा न रहे। लेकिन उ सब बाँचो कहके परमेश्वर के ईच्छा रहे । लेकिन आदम आ हव्वा काहे मरगेल त ? काहेकी उ सब परमेश्वर के बिरुद्ध मे पाप कएलक, आ उहे पाप, परमेश्वर से उ सब के अलग करदेल, आ उ पाप मृत्यु लेअएलक ।

अब एकाबाद, हमनी के अउर बाँकी भाग, सेत के परिवारिक लाईन मे रहल, परमेश्वर के एक जना आदमी के कथाके सनम, जे परमेश्वर के विश्वास कएले रहे । उ आदमी हनोक रहे, अगमवक्ता (नवी) हनोक । केहु केहु हनोक के ईडिस भि कहले । उत्पत्ति ३० के पाँचौ अध्याय मे, हमनी के हनोक के

बँशावली सुनम

धर्मशास्त्र हमनी के बताबले कि, आदम सेत के पिता रहे, सेत हनोक के बाबु होएक, हनोक केनान के बाबु होक, केनान महलेल के बाबु होमुक, महलेल येरेद के बाबु रहे, येरेद हनोक के बाबु होशक । अईसहिए हनोक सेत के लाईन के, आदम के बाद के सातौं पुस्ता के रहे ।

।

सब आदमी सब जईसन, हनोक भि पापी रहे । जे भि होए, जब हनोक उमेर से ६५ बर्ष के भेलक, हनोक पश्चाताप कएलक, परमप्रभु परमेश्वर ओर अएलक, आ पाप उठाके लेजाए बाला सिद्ध बलिदान होखेला, यी संसार मे आएबाला मुक्तिदाता के बारेमे, कएल प्रतिज्ञा के विश्वास कएलक । हनोक अपन पापके ढाकेके लागि जनावर के खुन, परमेश्वर के चरहाके अपन विश्वास देखएलक । फलस्वरुप, परमेश्वर हनोक के विश्वास के धार्मिकता मे गिन्ती कएलक, आ हनोक के पाप क्षमा करदेलक ।

आ हनोक के हृदय शुद्ध करदेल । धर्मशास्त्र अईसे कहले : हनोक ३०० बर्ष तक परमेश्वर के साथे साथै रहलक । (उत्पित्ति ५:२२)

कार्यक्रम १३

अगमवक्ता (नवी) नोह :

परमेश्वर के धैर्यता आ क्रोध

उत्पत्ति ६

पवित्र धर्मशास्त्र के हमनी के यात्रा मे, परमेश्वर संसार के सृष्टी कएल समय मे, सब चिज असल आ सिद्ध रहे, हमनी के सुनती। लेकिन जब हमनी के पुर्खा आदम, परमेश्वर के आज्ञा उलङ्घण कएलक, तब दुष्टता आदम से, सँसार मे प्रवेश कएलक, आ सब आदमी में फैल गेल ।

साँचो, एगो माहामारी जहाँ से आवले, उहा नरहले । हमनी के अगारी के कार्यक्रम मे, आदम से आएल दुगो लाईन के बारेम, थाह पईली : कयिन के सन्तान सब, आ सेत के सन्तान सब । कयिन के सन्तान सब, परमेश्वर आ ओकर योजना मे, विश्वास ना कएलक । जे भि होए, सेत के सन्तान सब मध्ये परमेश्वर के क्षमादान के रास्ता मे, समर्पित होएबाला सब रहे, परमेश्वर उ सब के, पाप सब क्षमा कएलक । सेत के ओरसे आएल, एक जना के नाम हनोक रहे । हनोक के समयमे बाचल, बहुते आदमी सब, पाप के पछारी लागेबाला, शैतान के पछारी परलक, फिर भि हनोक पवित्रता मे, परमेश्वर के साथसाथ चललक । आज हमनी के दोसर एक जना, आदमी के बारेमे जानम, जे एगो कुटिल आ भ्रष्ट युग मे समेत, परमेश्वर के साथसाथ चलईत रहे । उ आदमी के नाम हनोक के पनाती अगमवक्ता (नवी) नूह रहे । हमनी के जनले बारी की, शूरु के समय मे, आदमी सब बहुत लाम्बा समय तक बाचईत रहे । कठी हमनी के थाह बा, संसार के ईतिहास मे, सबसे बुढ आदमी के रहे ? उ आदमी हनोक के बेटा मतुसेलह रहे । उ ९६९ बर्ष के उमेर तक जिन्दा रहे । मतुसेलह लेमेक के पिता रहे, जे नोह के पिता रहे । नोह के पिता लेमेक से, फरक किसिम के आदमी रहे । उ कयिन के सन्तान रहे, जेकर बारेमे हमनी के आगाडी सुन्ली । नोह आदम के बाद, दशौं पुस्ता के रहे । सेम, हाम आ येमेत पिता होएके समय मे, नोह ५०० बर्ष के रहे। हमनी के नोह के बारेमे अध्ययन करेके योजना, हमनी के लागि, बहुत मूल्यवान होई, काहेकी नोह के दिन सब, आज हमनी के चलईत दिन जईसन रहे । नोह के समय मे, संसार पाप से भरल रहे । धर्मशास्त्र कहले : पृथ्वी मे आदमी सब के दुष्टता बेसी होगेल रहे, आ उ सब के हृदय के बिचार, के हरेक भावना, हरदम खराब मात्र रहे, परमेश्वर देखलक । (उत्पत्ति ६:५)

1

आदम के सन्तान सब के हृदय, दुष्ट विचार, लोभ, छल, कामुकता, ईर्ष्या, निन्दा, अहँकार, कलह, लडाई, व्यभिचार, चोरी, हत्या आ मूर्खता से भरल रहे । आदमी सब संसार के, भ्रष्ट करईत रहे, जौन परमेश्वर उ सब के लागि, सृष्टि कदेल रहे । बहूतो जन धर्म करईत रहे, लेकिन उ देखावटी मात्र रहे। शारीरिक सुखबिलास, उ सब के देवता रहे, आ उ सब के पाप एक से दोसर बढते जाईत रहे ।

तोराह मे रहल उत्पत्ति के पुस्तक ६ अध्याय में धर्मशास्त्र कठी कहले सुनु :

तब परमप्रभु कहलक, "हमर आत्मा आदमी सँगे हरदम संघर्ष न करी, काहेकी आदमी मरणशील बा । ओकर उमेर १२० वर्ष के होई ।" पृथ्वी मे आदमी सब के दुष्टता बेसी बरहल, आ उ सब के हृदय के विचार के सब भावना, निरन्तर खराब रहल परमप्रभु देखलक । पृथ्वी मे आदमी सब के बनएला से, परमेश्वर अफसोस कएलक, आ परमेश्वर अपन हृदय में, बहुत दुःखित होलक । परमप्रभु कहलक, “हमर बनाएल आदमी के पृथ्वी से हम मिटादेम, कठी आदमी, कठी सम्रेबाला जन्त, कठी आकाश के पंक्षी, सबके, काहेकी उ बनाएला मे हम्रा बहुत दुःख लागल बा ।” (उत्पत्ति ६:३, ५-७)

हमनी के सुनली की, कईसे परमेश्वर आदम के सन्तान सब के, उ सब के दुष्टता के कारण पृथ्वी से मिटाएके योजना कएलक । जे भि होए, हमनी के यी भि देखम की कईसे परमेश्वर, अपन कृपा मे, पापी सब के उ सब नाश न होखो कहके, पश्चाताप करेके समय देबेके लागि, परमेश्वर धैर्य करले । लेकिन जब, उ सब के दुष्टता, सिमा पार कएलक, तब परमेश्वर पश्चाताप नकरेबाला, आ ओकर धार्मिकता के रास्ता के, अस्विकार करेबाला सबके न्याय करले ।

ईसे हमनी के, परमेश्वर के चरित्र के बारेमे, कठी सिखे सकम ? हमनी के यीहे सिखम की, परमेश्वर बहुत धैर्यवान बाते, लेकिन परमेश्वर के धैर्य के भि सीमा बा । परमेश्वर आदमी के पश्चाताप करेके हरेक मौका देबले, आ ओका लागि प्रयास भि करले । लेकिन यी काम, परमेश्वर सब दिन ना करी । उहे कारण, परमेश्वर नोह के समय में, कहले रहे, "हमर आत्मा हरदम आदमी से संघर्ष ना करी...।" परमेश्वर कुछ समय के लागि, धैर्य धारण करले, यदि उ सब अपन पाप सब के, पश्चाताप करके विश्वास में, परमेश्वर के ओर फिरे के लागि ईन्कार करले, तब मात्र न्याय करेके लागि परमेश्वर धैर्य करले । हमनी के परमेश्वर के दुगो चरित्र सब देखईसी : परमेश्वर के धैर्यता आ परमेश्वर के कोध । परमेश्वर भला बा, आ परमेश्वर बहुत धैर्य होए सक्जाई, लेकिन परमेश्वर धर्मी भि बा आ परमेश्वर बहुत खिसियाए भि सक्जाई ।

केहुकेहु परमेश्वर के, अपना उपर बरका लाठी घुमाएबाला, जल्दीए खिसियाए बाला, आ आदमी सब के सताएबाला, आ चोट देके निमन मानेबाला, व्यक्ति के रुपमे सोचले । लेकिन परमेश्वर, अउसन न बा । परमेश्वर कहियो न खिसियाबले, आ परमेश्वर क्षमा मात्र करले, आ हमनी के पाप सब बिस्राजाले, अउर बहुत आदमी सब सोचले । “परमेश्वर भला बा !” मात्र उ सबके थाह बा। लेकिन परमेश्वर औसनो भि नईखे ।

पवित्र धर्मशास्त्र, हमनी के परमेश्वर के, चरित्र के बारेमे सत्य बात बताबले । परमेश्वर असल आ धर्मी दुनो बा । परमेश्वर धैर्य कर सकले, आ परमेश्वर क्रोधित भि हो सकले । परमेश्वर के भलाई आ कृपामे परमेश्वर पापी सब सँगे, धैर्य करते, लेकिन उ सब परमेश्वर के धार्मिकता आ पवित्रता के विरुद्ध मे; कएल पाप से परमेश्वर कोधित होखले । परमेश्वर, मुक्तिदाता आ न्यायकर्ता दुनु बा । अगमवक्ता(नवी) सब परमेश्वर के धैर्य आ क्रोध के बारेमे बहुत बात सब लिखले रहे । आऊ अब हमनी के उ सब के कुछ काहावत सुनु :

धर्मशास्त्र कहले :

यी एगो बात नभुला, की प्रभु के लागि एक दिन हजार वर्ष जईसन, आ हजार वर्ष एकदिन जईसन होखले । अपन प्रतिज्ञा के बारेम, प्रभु ढिला करले कहके केको केको कहावत बा, तपर भि परमेश्वर देर ना करले, लेकिन केहु भि

नाश न होखो, सब जना पश्चाताप करो कहके ईच्छा करके परमेश्वर उ सब प्रति धैर्यबान रहले । लेकिन प्रभु के दिन त चोर जईसन अचानक आई (२पत्रुस ३:८ - १०) । परमप्रभु आदमी सब के न्याय करी । जीवित परमप्रभुके हात मे परला भयानक बात बा...। बोलेबाला के ईन्कार नकर... काहेकी हमनी के परमेश्वर भस्म करेबाला आग बा (हिब्रु १०:३० - ३१,१२:२५,२९)।

भजनसंग्रह मे लिखल बा, परमेश्वर निष्पक्ष न्यायधीश बा, परमेश्वर पश्चाताप न करेबाला पापी सब मे प्रतिदिन अपन क्रोध व्यक्त करले । (भजनसंग्रह ७:११-१२)

सुसामाचार मे अईसे लिखल बा;

परमेश्वर के क्रोध, उ आदमी सब के सारा भक्तिहीनता, आ दुष्टता के बिरुद्ध, स्वर्ग से प्रकट होएल बा, जे सत्यता के, उ सब के अधर्म दबाके रखले बा । ... सत्य अनुसार, परमेश्वर के ईन्साफ, ठीक से परी कहके हमनी के जानईसी... कठी परमेश्वर के, ईन्साफ से भागे सकम त ? अथवा परमेश्वर के कृपा तोहनी के पश्चाताप मे, लेआई कहके न जानके कठी तु परमेश्वर के दया, सहनशीलता आ धैर्य के प्रशस्तता के तुच्छ सम्भईसे ? लेकिन परमेश्वरके धार्मिक ईन्साफ प्रकट होएबाला, उ क्रोध के दिन के लागि अपन कठोर, आ अपश्चातापी हृदय के कारण, तु अपना लागि क्रोध जम्मा करईत बार, काहेसे परमेश्वर हरेक आदमी के ओकर काम अनुसार देई । " (रोमी १:१८, २:२-६)।

परमेश्वर के कोध, आदमी के क्रोध जईसन न बा । आदमी जादा खिसियाए सकि, लेकिन ओकर खिस धिरे धिरे घट्टे जाईए । परमेश्वरके खिस औसन न बा । समय बितला से परमेश्वर के खिस न मरले । परमेश्वर धार्मिक न्यायकर्ता बा, आ परमेश्वर पाप के बेवास्ता न करी । पश्चाताप करेसे ईन्कार करेबाला के लागि, परमेश्वर के खिस न घटले, बरु बढले । धर्मशास्त्र मे हमनी के यी बात भल अन्त कएले बारी, लेकिन परमेश्वर के धार्मिक ईन्साफ, प्रकट होएबाला उ कोध के दिन के लागि, अपन कठोर आ पश्चाताप न करेबाला हृदय के कारण, तु अपन क्रोध जम्मा करईत बार (रोमी२:५) । नोह के समय के आदमी सब, उ सब अपने लागि परमेश्वर के क्रोध, जम्मा करईत रहे । लेकिन पृथ्वी मे एक जना आदमी रहे, जे परमेश्वर के अपन सारा हृदय से प्रेम करईत रहे, आ परमेश्वर के बचन मे विश्वास कएले रहे । उ आदमी नोह रहे । धर्मशास्त्र कहले : लेकिन नोह परमेश्वर के दृष्टि में, परमेश्वर के निगाह (अनुग्रह) पएले रहे । नोह अपन समय के आदमी सब मध्ये, धर्मी आ निर्दोष आदमी रहे । नोह परमेश्वर सँगे सँगे चलईत रहे । (उत्पत्ति ६:८-९)

परमेश्वर नोह के काहे, अपन अनुग्रह देखएलक त ? कठी नोह परमेश्वर के अनुग्रह पाएके लागि योग्य रहे त ? ना ! योग्य बनाएबाला त अनुग्रह बा । अनुग्रह के मतलब त, अयोग्य होके भि निगाह पाएबाला बात बा । परमेश्वर नोह के, अनुग्रह देलक आ अउर आदमी सब के न देलक ?

यी बारेमे धर्मशास्त्र कठी कहले ? धर्मशास्त्र कहले की, नोह परमेश्वर के विश्वास कएलक, जब कि अउर सब परमेश्वर के विश्वास न कएलक । नोह, परमेश्वर पापी सब के छुटकारा देबेके लागि, यी संसार मे पठाम कहके प्रतिज्ञा कएल उद्धार कर्ता के बिषयमे विश्वास कएलक । आदम के सन्तान सब जईसन, नोह भि पाप कएले रहे, लेकिन परमेश्वर नोह के धर्मी, आदमी के रुपमे देखलक, काहेकी नोह परमेश्वर मे विश्वास कएलक, आ अपन पापके लागि परमेश्वर के

आज्ञा कएल बमोजिम, खुन के बलिदान चढएलक । ईहे कारण धर्मशास्त्र कहले की अपन पुस्ता में नोह, धर्मी आ निर्दोष आदमी रहे । (उत्पत्ति ६:९)

एकदिन परमेश्वर नोह के कहलक, सब आदमी के अन्त करेके हम, निर्णय कएले बारी, काहेकी पृथ्वी उ सब के उपद्रव से भरगेल बा । देख, हम उ सब के पृथ्वी सहित नाश करेबाला बारी । तु गोपे काठ के एगो जहाज बनईहे, आ ओका अलकत्रा से बाहर भितर लिप दिहे । तु अईस े बनईहे: जहाज के लम्बाई १५० मिटर, चौदाई २५ मिटर, आ उचाई १५ मिटर रखिहे । तु जहाज मे छाना बनईहे । जहाज के बगल मे दुआरी बनईहे। पहिला दोसर आ तेसर तला बनईहे । जीवन के सास भेल, आकाश के निचा के, सब प्राणी के हम, सर्वनाश करेके लागि, पृथ्वी मे जलप्रलय लेआम, आ पृथ्वी मे रहल हरेक प्राणी मरजाई । लेकिन तोरा सँगे हम अपन करार स्थापित करम । तोहर बेटा सब, तोहर पत्नी, आ तोहर पतोह, सब जन जहाज मे आई । सब जीवित प्रणी मे से, हरेक जात के, भाले आ पोथी दुदु गो कके जहाज मे लेकेआ, आ उ सब भि तोरा सँगे बाँची । हरेक किसिमके आहार भि, तु अपन साथ मे जम्मा करके राख । उ तोहरा आ उ सबके लागि आहार होई । (उत्पत्ति ६:१३ - १९, २१) परमेश्वर नोह के बतएलक की, परमेश्वर पश्चाताप आ सत्य मे विश्वास, करेसे अस्विकार करेबाला, सब के नष्ट करेला, पृथ्वी मे जलप्रलय लेआएके योजना बनएलक । परमेश्वर नोह के, जलप्रलय से बचेला, एगो बरका जहाज बनाएके कहलक । जहाज के लम्बाई १५० मिटर होएके चाही । यी नोह आ ओकर परिबार, साथ, बहुत जनावर सब, आ परमेश्वर के वचन मे विश्वास करेबाला, सब जन के लागि, शरणस्थान होई । परमेश्वर नोह के, जहाज के भितर के भागमे, एगो मात्र दुवारी होएके चाही कहके निर्देशन देलक । नोह के समय के, आदमी सबके लागि, परमेश्वर के सन्देश रहे,: पश्चाताप कर ! न्याय से बचेके चाहेबाला जे केहु भी जहाज के दुवारी से, भितर प्रवेश करेके परी, नत उ नाश होई ! उहेसे नोह जहाज बनाए लागल । यी बहुत बरका काम रहे । नोह आ ओकर तीन जना बेटा सबके, सयौँ बरकी गाँछी सब काटेके परलक, बरकी बरकी फल्याक सब बनाएके परलक, उ सब के उ फल्याक के आकार देबेके रहे । आ उ सब के भितर, आ बाहर अलकत्रा से लिपेके रहे । नोह के पत्नी आ पतोह सब, उ सब के कठिन काम मे मद्धत कएलक । नोह, यी विशाल निर्माण परियोजना मे मद्धत करेला, अउर जन के भि काममे लगएले होई । शरणस्थान के यी विशाल जहाज, निर्माण करेके लागि, आवश्यक बुद्धि, हरेक दिन सय बर्ष तक, परमेश्वर नोह के देलक । लेकिन नोह, अपन क्रियाकलाप सब, के कहियो भि, जहाज बनाएबाला, काम मे, अपने आपके, सिमित न कएलक । नोह अपन समय के, आदमी सब के, प्रचार भि कएलक । शायद नोह, कहले होई, सुन ! परमप्रभु, अपन कोध के बारेमे तोहनी सब के चेतावनी देले बा ! तोहनी के पाप के कारण, परमेश्वर के क्रोध खौलईत बा । पश्चाताप करेसे ईन्कार करेबाला सब के, नष्ट करेला परमेश्वर पृथ्वी मे जलप्रलय लेआएके निश्चित कएले बा ।

लेकिन, परमेश्वर जलप्रलय से बाचेला रास्ता भि देले बा । परमेश्वर, अपन कृपा मे, हम्रा शरण स्थान के लागि एगो जहाज निर्माण करेके आदेश देलेबा । पश्चाताप कर आ परमेश्वर में विश्वास कर !" नोह आदमी सब के, बारमबार चेतावनी देईत रहे । नोह उ सब के, भ्रष्ट पुस्ता के दुष्ट रास्ता से, फिरे के आग्रह कएलक ।

हमनी के कठी लागले ? नोह के युग के आदमी सब, परमेश्वर अपन अगमवक्ता (नवी) के माध्यम से घोषणा कएल बचन मे विश्वास कएले होई त ? हमनी के अखनी जवाफ देबे नसकम, काहेकी अखनी हमनी के समय पूरा होगेल । जे भि होए, हमनी के दोसर बेर, प्रभु के ईच्छा मे, अगमवक्ता नोह के कथा के याद राखम, आ देखम कि कईसे

परमेश्वर, अपन वचन मे विश्वास करेबाला सबके जोगएलक, आ परमेश्वर के वचन के विश्वास नकरेबाला सब के, कईसे न्याय कएलक, आ उ सब के भयानक जलप्रलय मे डुबे देलक ।

सुनके साथ देली, बहुत धन्यबाद बा। आज हमनी के धर्मशास्त्र मे सुनल बात सब के बारेमे, सोचईत क्रम में, परमेश्वर हमनी के, सब जन के आशिष देले होए :

अपन प्रतिज्ञा के बारेमे प्रभु देर करले कहके केको कहावत बा, लेकिन परमेश्वर देर न करले, लेकिन

केहु भि नाश न होखो, लेकिन सब जन पश्चाताप करो कहके ईच्छा कके प्रभु तोहनी सब प्रति धैर्यबान बा । लेकिन प्रभु के दिन (ईन्साफ के दिन) चोर जईसन आएबाला बा । (२पत्रुस ३:९-१०)

3:5

कार्यक्रम १४

नोह आ जलप्रलय

उत्पत्ति ७

हमनी के बितल कार्यक्रम मे, हमनी के अगमवक्ता (नवी) नोहके गम्भिर कथा के देखईत रली, जे आदम के दशौं पुस्ता के बाद, जन्म लेले रहे । दुष्ट आ भ्रष्ट युगमे नोह, परमेश्वर सँगे चललक । आदम के सन्तान सब के, पाप के कारण, परमप्रभु अपन हृदय में, कईसे दुःखित भेल रहे, हमनी के सुन्ली । धर्मशास्त्र कहले : पृथ्वी मे आदमी के, दुष्टता बेसी भेगेल, आ उ सब के, हृदय के विचार के भावना, हरदम खराब रहे, परमप्रभु देखलक । (उत्पत्ति ६:५) उहे कारण, परमेश्वर अपन धार्मिक, क्रोध मे, पश्चाताप न करेबाला पापी सब के पृथ्वी से हटादेबेके चाहलक । लेकिन परमेश्वर के अनुग्रह, नूह सँगे रहे, काहेकी नूह परमेश्वर से प्रेम करईत रहे, आ परमेश्वर के बचन मे विश्वास करईत रहे । उहेसे एकदिन परमेश्वर नोह के, पृथ्वी दुष्टता से भरेके कारण, परमेश्वर सारा मानव जाति के, न्याय करेमे लागल बा, कहलक । परमेश्वर नोह के पृथ्वी मे, बरका जलप्रलय लेआके, आकाश के निचे रहल, सब जीवित प्राणी सब के, नष्ट करेके, परमेश्वर के योजना बतएलक । परमेश्वर नोह के आ, नोह के परिवार के लागि, एगो बहुत बरका, जहाज बनाबेके कहलक ।

एक सय वर्ष तक नोह, आ ओकर परिवार, मिलके जहाज बनएलक । लेकिन नोह जहाज बनाबेके लागि मात्र, अपने आपके सिमित ना राखलक । उ अपन आसपास के आदमी सब के, प्रचार कएलक, अपने सब अपन पाप के पश्चाताप करु, आ परमेश्वर ओर आउ ! धर्मी परमेश्वर संसार के न्याय करे जाईत बा ! कठी नोह के समय के आदमी सब, अपन गलत सोच, आ दुष्ट जीवन से फिर के परमेश्वर के अपन अगमवक्ता (नवी) मार्फत घोषणा कएल, वचन मे विश्वास कएलक त ? हमनी के कठी लागले ? पृथ्वी मे रहल आदम के, हजारौ सन्तान सब मध्ये, केतना जन पश्चाताप कएलक, परमेश्वर के विश्वास कके, आ जहाज मे गेलक त ? एकर जवाफ धर्मशास्त्र अईसे देबलेः कम मात्र अथवा आठ जना मात्र पानी से बाँचलक... (१ पत्रुस ३:२०) । केतना आदमी परमेश्वर के विश्वास कएलक ? केवल आठ जना : नोह आ ओकर पत्नी, उ सब के तीन गो बेटा आ पतोह सब । अउर दोसर केहु, परमेश्वर के बचन मे विश्वास ना कएलक । केहु नोह के कएल प्रचार के, वास्ता न कएलक, त केहु ओकर प्रचार के ठट्टा मे उरादेल । उ पानी न रहल ठाउँ मे, पानी जहाज बनाईत देखके, नोह पागल बा, कहके आदमी सब विचार कएलक । आदमी सब नोह के, यी किसिम से ठट्टा उरएलक : अए भाई सब ! आके देख त ई आदमी के, ई उजाड स्थान में, बरकी जहाज बनाईत बा ! नोह पागल होगेल बा ! कठी यी मरुभूमी मे जलप्रलय ? असम्भव ! ई बाहेक, परमेश्वर भला बा, परमेश्वर अपन बनाएल, आदमी सब के, नष्ट ना करी । तु पागल बार नोह ! लेकिन नोह, उ सबके कएल बेईज्जत के वास्ता न कएलक, काहेकी परमेश्वर नोह के जठी कहले रहे, उ मे नोह विश्वास कएलक । नोह जहाज बनाके प्रचार करईत, कहलक, पश्चाताप कर ! परमेश्वर संसार के धार्मिकता मे न्याय करी !

अपने सब काहे परमेश्वर के बचन के, विश्वास न करईत बारी ? अपने सब काहे, नाश होएके चाहईत बारी ?

लेकिनः उ दिन अएलक, जब नोह आ ओकर परिवार, जहाज बनाएके काम पूरा कएलक । उत्पत्ति के

पुस्तक के छैटौं अध्याय के अन्तिम पदमे, हमनी के पढमः नोह, परमेश्वर के आज्ञा कएल सब बात सब कएलक(उत्पत्ति ६:१२) । जहाज तयार रहे । सब चिज पूरा होगेल । अब नोह आ ओकर परिवार के सदस्य सब, जहाज भितर जाएके समय आगेल बा । हमनी के कल्पना करे सकम की, नोह आदमी सब के विश्वस्त करेला, एक बेर अईसे कोसिस कएले रहे : परमेश्वर के बचन सुनु ! पश्चाताप करु आ परमेश्वर के बचन मे विश्वास करु ! जलप्रलय जल्दिए होई! समय मे जहाज भितर आउ ! ढोका खुला बा ! जे केहु भि, ढोका से भितर आई, उ बाँची । यदि अपने सब विश्वास करेसे अस्विकार करम त, अपने सब न्याय से कईसे बचम ? नोह आदमी सब के कडा चेतावनी देलक, लेकिन उ सब ना सुनलक । परिणाम स्वरुप, ७ अध्याय मे धर्मशास्त्र कहले : परमप्रभु परमेश्वर नोह के कहलक, " तु आ, तोहर सब परिवार जहाज भितर जो । काहेकी यी पुस्तामे हम, तोरा धर्मी देखले बारी । सब जात के शुद्ध पशु सब मध्ये के, सात जोरी, भाले आ पोथी, आ जौन जौन शुद्ध न बा, उ सब मध्ये दुगो, आ पक्षी सब मध्ये के भि सात जोडी, समस्त पृथ्वी मे उ सब के जाति, जीवित राखेके लेल उ सब के लेआ। सातौं दिन मे हम पृथ्वी मे, चालिस दिन आ चालिस रात पानी बर्षाहम । जेतना प्राणी हम बनएले बारी, उ सब के हम पृथ्वी से, नाश करेबाला बारी । तब परमप्रभु के हुकुम कएल बमोजिम नोह कएलक । (उत्पत्ति ७:१-७)

1

,

नोह आ नोह के परीवार काहे जहाज भितर गेलक ? कठी उ सब बादल से ढाकल, आकाश के देखके जहाज भितर गेलक ? कठी उ सब पानी परेके गन्ध थाह पाके, जहाज भितर गेलक त ? नईखे । उ सब जहाज भितर जाएके समय मे भि, आकाश सफा रहे। फिर काहे उ सब जहाज भितर गेलक त ? एकर एकेगो कारण बा । उ सब जहाज भितर गेलक, काहेकी परमेश्वर के कहल वचन के उ सब विश्वास कएलक । शायद जहाज के बाहर के आदमी सब, अईसे सोचले होई : हम भि परमेश्वरके विश्वास करम, लेकिन हम उ जहाज मे न जाम ! हम परमेश्वर में विश्वास करईसी, लेकिन नोह के कएल प्रचार के, ग्रहण नकरम ! उ आदमी सब के बारेमे हमनीके कठी कहे सकम ? उ सब परमेश्वर के अगमवक्ता के माध्यम से, कहल बचन मे विश्वास न करेके कारण, उ सब साँच्चो परमेश्वर के, विश्वास न कएले रहे, कहके हमनी के कह सकम । उ सब अपन पाप से फिरे के लागि, अस्वीकार कएलक, आ नोह के माध्ययम से, परमेश्वर उ सब के, प्रबन्ध कदेल रास्ता, के स्वीकार न कएलक । उ सब परमेश्वर के, अपन ओठ से मात्र परमेश्वर के आदर करईत होई, लेकिन उ सब के हृदय परमेश्वर से अलग रहे । धर्मशास्त्र कहले : नोह, अपन बेटा सब, अपन पत्नी आ ओकर पुतोह सब जल प्रलय के पानी से बचेके लागि जहाज मे गेलक । शुद्ध पशु सब आ अशुद्ध सब, पँक्षी सब आ जमिन मे घसेबाला हरेक प्राणी परमेश्वर के हुकुम के बमोजीम जोरी जोरी, अर्थात भाले आ पोथी नोह के जहाज मे अएलक ।..एका बाद परमप्रभु जहाज के ढोका बन्द कदेल । (उत्पत्ति ७:७-९,१६)

परमप्रभु जनावर सब, घस्रेबाला जनावर सब, किरा सब आ पंक्षी सब के जोरी लेअएलक । उ सब जहाज भितर गेला के बाद, आ जहाज के हजारो कोठा सब मे, गेला के बाद कईसन दृश्य होई ! आ जनावर के जोरी आ नोह, आ ओकर परीवार जहाज मे गेला के बाद, परमेश्वर कठी कएलक, हमनी के सुनली त ? धर्मशास्त्र कहले : परमेश्वर ढोका बन्द करदेल । परमेश्वर के क्रोध के दिन आएल रहे । परमेश्वर आदमी सब के उ पुस्ता के लागि, बहुत समय तक धैर्य

धारण कएले रहे । लेकिन अब परमेश्वर के धैर्य पूरा होगल रहे । अब केवल परमेश्वर के न्याय के दिन मात्र बाँकी रहे । परमेश्वर ढोका बन्द कदेल, आ जब परमेश्वर ढोका बन्द करदेबले, तब केहु भि खोले ना सकले ।

परमेश्वर अपन प्रतिज्ञा अनुसार, पृथ्वी मे जलप्रलयके पानी लेअएलक । आकाश अन्हार होएलागल, हावा चलेलागल । उहा बादल, गर्जन, बिजुली, भुकम्प सब रहे । अब आदम के सन्तान सब, डर से कापईत रहे । सब कुछ शान्त रहल समय मे, उ सबके लागि अपमानजनक शब्द सब, आ काम सब से परमेश्वर नोह के चुनौति देबेला सजिलो भेल रहे । लेकिन अब उ सब के उपर, परमेश्वर के न्याय प्रकट होएल रहे, उ सब के मुह बन्द होगेल रहे । उ सब के लागि परमेश्वर के, धार्मिक न्याय के सामना, करेके समय आएल रहे, आ उहा, उ सब के लुकाएला जगह भि ना रहे । नोह के जीवन के, छ सय बर्ष के दोसर महिना के सत्रबा दिन मे, बरका बरका अगाध के सब मूल सब फुटगेल, आ आकाश के ढेका खुल गेल । आ चालीस दिन आ रात तक पृथ्वी मे पानी परलक । (उत्पति ७:११-१२) पृथ्वी के गहिराई से, पानी के विशाल जलाशय सब, फुट के निकले लागलक । आकाश से पानी के धारा खसेलागल । नदी सब भरगेल, दाहर अएलक आ महासागर सब उठलक, आ हरेक सहर आ गाउँ के डुबाए लागल । आदमी सब बचेके लागि उच्च जमिन सब खोजईत, भागेलागल । नोह के गिल्ला करेबाला सब, आ परमेश्वर के बचन के अस्विकार करेबाला सब के, अब थाह होखे लागल कि परमेश्वर, अपन अगमवक्ता (नवी) के माध्यम से बोलल बात सत्य रहे । लेकिन यी ज्ञान से, उ सब के कौनो फाईदा न भेल । काहेकी पश्चाताप करेके मौका चलगेल रहे । मुक्ति के समय बितगेल रहे । शायद केहु केहु त नोह से, अईसे भि बोलईत होई, नोह ! ए नोह ! हमनी के भी मद्दत कर ! हमनी के बचाब ! तोकर कहल बात ठीक रहे ! हमनी के भि विश्वास करम ! लेकिन यी बहुत देर होगेल रहे । परमेश्वर ढोका बन्द कदेल रहे । मुक्ति के दिन समाप्त होगेल रहे । न्याय के दिन आगेल रहे । प्राथना करेबाला, रोएबाला, ढोका मे मुर पटकेबाला, सत्य के जानके भि अब त, परमेश्वर के मन के परिवर्तन केहु भि करे ना सकी । जब परमेश्वर मुक्ति के रास्ता के बन्द करदेबले, तब केहु भी खोले ना सकले चालिस दिन आ रात तक, मुसल के धार जईसन पानी परलक, आ सब पहाड सब जब तब न ढकलक तबतक शक्तिशाली दाहर आएल रहे । लेकिन नोह के बनाबल जहाज पानी उपर चलेलागल । धर्मशास्त्र कहले:

पृथ्वी में चलहल करेबाला सब प्राणी मरगेल... आ जेतना प्राणी जमिन मे रहे-कठी आदमी, कठी पशु, कठी घस्रेबाला जन्तु, कठी पंक्षी, सब नाश होगेल । उ सब पृथ्वी से नास होगेल, केवल नोह आ जेतना जन जहाज मे रहे, उ सब मात्र बाचलक । (उत्पत्ति ७:२१, २३)

20:34

विश्वव्यापी दाहर, ईतिहास के सबसे खराब प्रकृतिक प्रकोप रहे । जहाज मे रहल आठ जना आत्मा सब बाहेक, सारा मानवजाति के विनाश होगेल । परमेश्वर जठी करेके प्रतिज्ञा कएले रहे, कठी उ कएलक त ? हँ, वास्तव मे कएलक । कठी परमेश्वर पश्चाताप करेसे अस्वीकार करेबाला पापी सब के न्याय कएलक त ? परमेश्वर पक्का कएलक । परमेश्वर जहाज मे ना रहल सब के न्याय जईसे करम कहके कहले रहे, औसही कएलक ।

प्रिय स्रोता सब, आज हमनी के नोह के कथा ईहबे अन्त करम । परमेश्वर के ईच्छा में, हमनी के दोसर कार्यक्रम मे, जहाज मे नोह आ नोह के परिवार के कठी भेल रहे, कहके देखम । लेकिन आज, हमनी के अपने सब से बिदा लेबेसे पहिले, एगो गम्भिर बात बा, जौन परमेश्वर हमनी के बरका जलप्रलय के माध्यम से सिकाबे के चाहले । उ ईहे बा :

परमेश्वर ई संसार के आदमी सब के न्याय करेके लागि, दोसर दिन के भि, योजना बनएले बा, आ उ दिन, नोह के दिन से भि, अउर भयानक होई 13 दिन के बारेमे परमेश्वर के अगमवक्ता कठी कहले सुनु तब हम एगो बरका उजर सिंहासन आ ओका उपर विराजमान होएबाला के देखली । ओकर सामने से पृथ्वी आ आकाश भागेल, आ उ सब के लागि कहबो जगह ना मिललक। हम छोट आ बर, सब मृतक सब के सिंहासन के सामने खरा भेल देखली, आ किताब सब खुललक । दोसर एगो किताब भि खोललक, जौन जीवन के पुस्तक रहे । उ पुस्तक मे लिखल अनुसार, उ सब के काम अनुसार ईन्साफ भेलक ।.. जेकर नाम जीवन के किताब मे लिखल ना रहे, उ अग्नी कुण्ड मे फेकागेल । (प्रकाश २०:११-१२,१५)

प्रिय स्रोता सब, उ डरलागेबाला न्याय के दिन के मनन् करईत कठी हमनी के निर्धक्क बारी त ? कठी हमनी के नाम अनन्त जीवन के किताब मे लिखल बा ? कठी हमनी के मुक्ति के ढोका से पार पएले बारी, जे परमेश्वर हमनी के लागि खोलदेल बा ? परमेश्वर के बचन कहले ग्रहण करेबाला समय अबही बा । देख मुक्ति के दिन अभिए बा । (२ कोरिन्थी ६ : २) कईसे परमेश्वर नोह के दिन, आदमी सब के पश्चाताप करेला, आ मुक्ति पाएके लागि समय देलक, लेकिन अन्त में, परमेश्वर मुक्ति के ढोका बन्द कदेल, कहके आज हमनी के देखली । जहाज के ढोका से भितर जाएके ईन्कार करेबाला सब, परमेश्वर के कठोर न्याय के सामना कएलक, उ दिन के आगमन के सम्बन्ध में, जब परमेश्वर, संसार के न्याय करी, धर्म शास्त्र कहले : काहेकी तोहनी के निमनसे जानईत बारे, प्रभु के दिन त, रात मे चोर आएल जईसन आई । जब आदमी सब शान्ति आ सुरक्षा कहईत रही, तब गर्भवती स्त्री के व्यथा जईसन, अचानक उ सब के उपर विनाश आई, आ उ सब कौनो रिति से ना बाँची । (१ थेसलोनिकि ५:२-३)

उ दिन मे परमेश्वर आदम के सन्तान के लागि, खोलदेल मुक्ति के ढोका से भितर जाएबाला सब बाहेक, परमेश्वर के कोध से केहु भि ना बाँची ।

कठी हमनी के परमप्रभु परमेश्वर, असहाय पापी सब के लागि, खोलदेल ढोका के बारेमे थाह बा ? परमेश्वर हमनी के लागि बनादेल, छुटकारा के रास्ता कठी हमनी के थाह बा ? नोह के समय मे जलप्रलय के न्याय से के के बच्लक त ? जहाज के ढोका से भितर जाएबाला मात्र । बाचलक

न्याय के दिन के बारेमे, धर्मशास्त्र हमनी के स्पष्ट रुपमे देखाबले की, परमेश्वर हमनी के पाप आ लाज के साथ, आदम के सन्तान सब के लागि, मुक्ति के एगो मात्र ढोका, उपलब्ध करएले बा । कठी हमनी के उ मुक्ति के ढोका के बारेमे थाह बा ? परमेश्वर के स्वर्ग से पृथ्वी मे पठाएल मसीह के माध्ययम से बोलल यी खास बचन सुनु । उ कहलक, “ढोका हम बारी, यदि कौनो आदमी हमर माध्यम से भितर जाई त उ बाँची " (युहन्ना १०:९) । “साँच हम तोहनी के कहईत बारी, जे बचन सुनी आ हम्रा पठाएबाला के उपर विश्वास करी, ओका पास अनन्त जीवन बा । उ न्याय मे ना आई, लेकिन मृत्यु से उ जीवन में प्रवेश करी ।"

प्रिय स्रोता सब, आज हमनी के यीहबे रोकेके परी, लेकिन भविश्य के कार्यक्रम सब मे हमनी के यी पवित्र मुक्ति दाता के बारेमे, अउर बहुत बात सब सिखम, जे कहले बाः " ढोका हम ही बारी, यदि केहु हमर माध्यम से भितर आई, उ बाँची । (युहन्ना ५:२४)

सुनके साथ देली बहुत बहुत धन्यबाद । परमेश्वर के ईच्छा मे, हमनी के दोसर बेर अगमवक्ता (नवी) नोह के बारेमे, एगो कथा सुनम आ सत्य आ जीवित परमेश्वर के बारेमे दोसर रोचक कथा सुनम ।

परमेश्वर के पुस्तक के पाएल गेल, यी गम्भिर प्रश्न में, हमनी के जौन सोचले बारी, आज हमनी के विचार कएल सब बात मे, परमेश्वर हमनी के अन्तरदृष्टि देवः

यदि हमनी के एतना बरका मुक्ति के बास्ता न करम त, हमनी के कईसे बाँचम ? (हिब्रू २:३)

कार्यक्रम १५

नोह आ विश्वासयोग्य परमेश्वर

उत्पत्ति ८-९

आज हमनी के परमेश्वर के अगमवक्ता (नवी) नोह के कथा के समाप्त करेके योजना मे बारी । पहिले हमनी के नोह आ बरका जलप्रलय से विगत के दुगो कार्यक्रम सब मे कथी कथकी सिखले रहली कहके याद करु । उत्पत्ति के पुस्तक के ६ अध्याय मे हमनी के नोह के समय मे आदमी के दुष्टता बहुत रहे, कहके सुनली ।

आदमी के हृदय के विचार सब के झुकाव, उ समय मे हरदम खराब रहे। उहे कारण, परमेश्वर अपन दुष्ट रास्ता से फिर के साँचो आ जीवित परमेश्वर ओर फिरेला स्वीकार न करेबाला, सब पापी सब के मिटाएला पृथ्वी मे जलप्रलय लेआएके उद्धेश्य राखलक ।

उ कुटिल आ भ्रष्ट पुष्ता मे, एक जना आदमी मात्र परमेश्वर के खुस कएलक । उ आदमी नोह रहे । नोह परमेश्वर में भरोसा राखलक आ परमेश्वर के प्रेम कएलक । उहे कारण परमेश्वर एक दिन नोह से बात कएलक आ नोह के एगो बरका जहाज बनाएके आदेश देलक, जौन ओकर परिवार आ बहुत जनावर सब के लागि शरण स्थान होई, उ सब के जलप्रलय से लेआएके लागि आ उ सबके जीवन बचाए के लागि । नोह जहाज बनाएला आ आदमी सब के पश्चाताप करेला आ परमेश्वर के बचन मे विश्वास करेला विन्ती करईत सय वर्ष बितएलक । फिर भि नोह के प्रचार मे केहु ध्यान न देलक । अबईत जलप्रलय के बारेमे नोह उ सब के कथकी कहले रहे, कहके केहु न पतिअएलक ।

तपर भि, जहाज तयार भेल दिन अएलक । परमेश्वर यी दुष्ट संसार के न्याय करेके समय आगेल रहे । परमेश्वर गिल्ला करेबाला के लम्बा समय तक धैर्य धारण कएले रहे, लेकिन अब परमेश्वर के धैर्य समाप्त भेगेल रहे ।

परमप्रभु नोह के अपन परिवार सहित जहाज भितर जाएला आ हरेक किसिमके जनावर सब (बलिदान के लागि असल जनावर सब) आ हरेक अशुद्ध पशु सब मध्ये एगो भाले आ एगो पोथी कके दुगो के अपने सँगे लेजाएला कहले रहे । नोह आ ओकर परिवार सब आ जनावर सब परमेश्वर के आज्ञा अनुसार जहाज भितर गेलक । आ धर्मशास्त्र कहले : तब परमप्रभु जहाज के ढोका बन्द कदेल (उत्पत्ति ७:१६) । आदम के सन्तान सब के लागि मुक्ति के ढोका, खोलदेबेबाला परमेश्वर एका भि बन्द करदेल ।

परमेश्वर के कृपा के दिन चलगेल, परमेश्वर के डर लागेबाला क्रोध के दिन आएल रहे । एका बाद बिजुली, गर्जन आ पृथ्वी के हिंस्रक के हल्ला अएलक । भारी मेघ से बरका दाहर आगेल । सब जाना पहाड खोजईत भागे लागल, लेकिन परमेश्वर के पवित्र क्रोध से केहु भि बाचे न सकी । नोह के गिल्ला करेबाला सब आ परमेश्वर के बचन के स्वीकार न करेबाला सब अब सत्य थाह पएलक ।

लेकिन अब बहुत देर होगेल रहे । मुक्ति के समय बित्गेल । रहे । न्याय के समय आएल रहे । आ परमेश्वर अपने ढोका बन्द कदेल रहे । चालिस दिन आ रात तक आकाश से पानी परते रहगेल आ पृथ्वी से बरका बरका मुहान

सब निकलके, हिमाल सब सहित ढाकदेल । लेकिन जहाज पानी उपर तैरे लागल । धर्मशास्त्र कहले : पृथ्वी मे चलहल करेबाला सब जीवित प्राणी सब मरगेल .. कठी पंक्षी, कठी पालेबाला पशु... कठी वन पशु कठी जमिन मे घस्रेबाला सब प्राणी सब आ सब आदमी सब मरगेल । उ सब पृथ्वी से नष्ट होगेल । नोह आ ओका सँगे जहाज मे जेतना जन रहे उ सब मात्र जीवित रहे । (उत्पत्ति ७:२१, २३)

परमेश्वर प्रतिज्ञा कएल बमोजिम दण्ड देलक कहके धर्मशास्त्र कहले । जहाज बाहर रहल सब के मृत्यु होगेल । परमेश्वर अपन बचन पुरा करेके लागि विश्वासयोग्य रहे । जहाज भितर रहेबाला सबके कठी भेल ? कठी परमेश्वर नोह आ ओकर परिवार के विसर्लक त ? हावा मे उरेबाला पंक्षी सब के परमेश्वर खियाएबाला परमेश्वर के ईच्छा बाहेक, उ सब मध्ये एगो भि पृथ्वी मे ना खसले, परमेश्वर नोह आ नोह के परिवार के ना विसर्लक । उत्पति के पुस्तक ८ अध्याय मे कठी लिखल बा पढम ।

परमेश्वर नोह आ नोह सँगे जहाज मे रहल सब वन पशु आ पालेबाला पशु सब के सम्झना कएलक, आ परमेश्वर पृथ्वी में बतास चलादेल, आ पानी घटेलागल । सातौं महिना के सत्र दिन मे जहाज आरारत के पहार मे आँड लेलेल । (उत्पत्ती ८:१,४)

परमेश्वर नोह आ नोह सँगे जहाज मे रहल सब के सम्झना कएलक । परमेश्वर पृथ्वी मे पानी । रुको कहके शक्तिशाली बतास चलएलक । परमेश्वर जहाज के अरारत के पहाड़ मे लेजाके राखेके लागि जहाज के चलएलक, उ पहाड अखनी टर्की कहके चिनेबाला बिशाल पहाड मे अवस्थित बा । नोह आ नोह के परीवार जहाज मे रहला एक बरिस आ एक हप्ता बितला के बाद, पृथ्वी के ढाकल पानी सुक्गेल । एका बाद परमेश्वर नोह के कहलक, “तु आ तोहर पत्नी, तोहर बेटा सब आ तोहर पुतोह सब, सब जहाज से निकल (उत्पत्ति ८ः१६) । उहेसे नोह आ नोह के परिवार अउर सब जनावर सब जहाज से बाहर निकलक । जहाज से बाहर निकलला के बाद नोह एगो वेदी बनएलक, तईका शुद्ध पशु आ पंक्षी सब लेके परमेश्वर के होमबलि के रुपमे वेदिमे चढएलक । नोह जहाज से निकलला के बाद कठी कएलक कहके हमनी के सुन्ली ? उ कुछ निर्दोष जनावर सब के लेके बलिदान चरहएलक, उ सब के अपन बनाएल जहाज के बेदी मे बली जरएलक, जे प्रतिकात्मक रुपमे स्वर्ग आ पृथ्वी के बीचमे, परमेश्वर आ आदमी बीचके बलिदान के निलम्बन कएलक । परमेश्वर अपन व्यवस्था के खारेज ना कएलक, जे मे कहले रहेः बिना खुन बहएले पाप के क्षमा न होई । (हिब्रु ९:२२) जब बरका जलप्रलय बहुत पापी सबके नाश कदेल, यी आदम के सन्तान सब के हृदय मे रहल पाप के जरा के नष्ट ना कएलक । उहेसे नोह आ नोह के परिवार के सन्तान सब उ सब के परमेश्वर के सम्बन्ध पुनर्स्थापित करेके लागि, अभि पाप के लागि बलिदान चढाएके रहे ।

हमनी के पुर्खा सब शुरुके समय मे मारल यी बलिदान सब से आदम के सन्तान सब के लागि पाप के रिण तिरेला अपन खुन बहाएबाला उद्धारकर्ता के प्रतिक रहे ।

उहे कारण, जब नोह जहाज से निकलक, उ पहिला काम निर्दोष जनावर के खुन बहएलक । अपन बेटा बेटी सब के परमेश्वर के नियम सब परिवर्तन न भेल बा, उ बाहेक, पाप के कमाई मृत्यु बा (रामी ६:२३) आ बिना खुन बहएले पाप के क्षमा न होवले (हिब्रू ९:२२) कहके देखाए के रहे । धर्मश

पहले

ओकर मिठ बास्ना (बलिदानके) परमप्रभु लेला के बाद.. परमेश्वर नोह आ अपन बेटासब के आशिष कहलक, “फरईत फूलाईत आ बेसी होईत पृथ्वी मे भरते जाब ..। तोहनी सब आ तोहनी सब के भावी सन्तान सँगे हम अपन करार स्थापना करईत बारी.. कि सब प्राणी फेरु कहियो, जलप्रलय के पानी से नष्ट न होई । आ पृथ्वी के फेरु नाश करेके लेल कहियो जलप्रलय ना होई । जौन करार हमर आ तोहनी सब आ तोहनी सब के साथ मे रहल हरेक जीवित प्राणी के बीचमे सब पुस्ता तक के लागि हम ठहराईत बारी, एकर चिन्ह यीहे रही । हम बादल मे अपन ईन्द्रेनी राखम आ हम्रा आ पृथ्वी के बीच मे उ एगो करार के चिन्हा रही । जब जब हम पृथ्वी में बादल लगाम, आ बादल मे ईन्द्रेनी देखाई दी । हमर आ तोहनी सब आ हरेक किसिम के जीवित प्राणी के बीच मे रहल हमर करार हम सम्झम । पानी फेरु कहियो सब प्राणी के नाश करेबाला प्रलय न लेयाई । ” (उत्पत्ति ८:२१,९:१,९, ११- १५

१५)

इमनी के भर

सबसे नोह के परमेश्वर बारम्बार चार बेर कहईत एगो शब्द बा । कठी हमनी के उ शब्द सुन्ली ? उ शब्द बा करार । परमेश्वर के बचन मे उ करार परमेश्वर आदमी सब से कएल विशेष प्रतिज्ञा बा । करार के पूरा करेबाला परमेश्वर बा । परमेश्वर विश्वासयोग्य बा, आ परमेश्वर आदम के सन्तान के अपन विश्वासयोग्यता देखाए के चाहले । ईहे कारण, परमेश्वर के भलाई मे, परमेश्वर नोह के आ नोह के बाद मे आएबाला सन्तान सबके लागि “पानी के जलप्रलय से सब कहियो नाश न होई” कहके एगो करार स्थापना कएलक । परमेश्वर उ हे प्रतिज्ञा कएलक । आ परमेश्वर केवल शब्द से मात्र अपन प्रतिज्ञा ना कएलक, लेकिन उ बादल मे ईन्द्रेणी राख के उ प्रतिज्ञा के पक्का कएलक ।

कठी हमनी के थाह बा की हमनी के पानी परला के बाद बादल मे कभिकाल सुन्दर ईन्द्रेणी परमेश्वर के विश्वासयोग्यता के घोषण करेबाला संकेत बा ? हरेक बेर जब हमनी के ईन्द्रेनी देखईसी, परमेश्वर हमनी के अपन विश्वासयोग्यता के सम्झना कराबेके चाहले, जौन पुस्ता से पुस्ता तक रहले रही । परमेश्वर अपन करार के पुष्टि करेके लागि बादल मे ईन्द्रेणी राखदेल, जौना मे परमेश्वर प्रतिज्ञा कएलक की पानी फेरु कहियो सब जीवित जीवात के नष्ट करेके लेल जलप्रलय जईसन न आई । साँच्चो, परमेश्वर अपन करार के रक्षक बा । परमेश्वर बफादार बा । नोह के जीवन में अन्य महत्वपूर्ण घटणा सब बा, लेकिन हमनी सँगे उ सब के ईहा प्रस्तुत करेके लेल समय न बा । फिर भि, तोराह मे रहल उत्पत्तिके किताब ९ अध्यायमे हमनी के आ हमनी के पढ सकम । हमनी के देख सकम की जलप्रलय के बाद, नोह अउर ३५० वर्ष बाँच्लक, आ उ बहुत बुरह भेला के बाद, भरोसा कएल आज्ञाकारी भे विश्वासयोग्य परमप्रभु अपन उपस्थिति के नोह के बोलएलक ।

संक्षेप मे शायद हमनी के परमेश्वर के अगमवक्ता (नवी) नोह के बारेमे हमनी के बातचित के एक या दु प्रश्न के साथ समाप्त करसकम । नोह आ नोह के समय के आदमी सब बीच के भिन्नता रहे ? परमेश्वर के प्रसन्न करेबाला काम नोह कठी कएले रहे त ? नोह परमेश्वर के बचन मे विश्वास कएले रहे । उहे कारण, उ अपन पुस्ता के आदमी सब सँगे नाश ना होलक । नोह के बारेमे परमेश्वर अपने कठी कहले सुनु :

विश्वास के भरमे नोह ओतना दिन तक अदेख रहल घटणा के बारेमे परमेश्वर से चेतावनी पा के भक्ति साथ अपन घराना के बचाएला एगो जहाज बनएलक । अईसही संसार के दोषी ठहराके विश्वास के माध्यम से नोह आएबाला धार्मिकता के उत्तराधिकार भेलक । विना विश्वास परमेश्वर के प्रसन्न कएला असम्भव बा (हिब्रू ११:७,६) ।

1

आज हमनी के बिदा होएसे पहिले, हमनी के दिमाग मे दुगो विचार सब राखेके परी । हमनी के भल यी दुगो विचार मध्ये पहिलका के विचार कईली । नोह कईसे परमेश्वर के प्रसन्न कएलक ? अपन विश्वास से । नोह परमेश्वर के विश्वास कएलक, नोह परमेश्वर के कहल बात के विश्वास कएलक । नोह परमप्रभु मे भरोसा राखले रहे, आ नोह के परोसी सब परमेश्वर के बचन स्वीकार न कएला पर, भि नोह परमेश्वर के बचन पालन कएलक । यी नोह के विश्वास रहे जेका कारण से परमेश्वर नोह के दुष्ट पुस्टा से छुटकारा देलक, जौन विश्वास मे जिअईत रहे । प्रिय स्रोता सब, कठी हमनी के परमेश्वर के कहल बातमे साँचो विश्वास करईसी ? हमनी के सब के लागि परमेश्वर के ईच्छा ईहे बा की हमनी के परमेश्वर के वचन में नोह के जईसन विश्वास करु ।

नोह के कथा से हमनी के सम्झेबाला दोसर बात, नोह के विश्वास से भी महत्वपूर्ण बा । कठी हमनी के थाह बा उ कठी होखी ? उ परमेश्वर के विश्वास योग्यता बा । नोह के विश्वास से भि परमेश्वर के विश्वासयोग्यता काहे महत्वपूर्ण बा ? काहेकी यदि परमेश्वर अपन करार आ प्रतिज्ञा सब पालन करेला विश्वासयोग्य न रहईत त, नोह मे रहल विश्वास के कौनो फाईदा न होईत ।

जब हमनी के अपन प्रतिज्ञा न करेबाला व्यक्ति मे भरोसा राखम त, कठी होई, हमनी के थाहे बा । मानु, कि हमर एगो साथी बा जे हमनी के अईसे कहके वचन देबले : “बिहान हम तोरा लागि एक बोरा चामल लेआदेम" हमनी के ओका मे विश्वास करम, हमनी के उ आदमी में विश्वास बा । उ न लआई त कठी होई ? हमनी के निराश होजाम आ शायद भुखाजाम ! हमनी के साथी मे रहल हमनी के विश्वास बेकार रहे । काहे ? काहेकी हमनी के साथी के कएल प्रतिज्ञा पूरा न कएलक ।

हमनीके अविश्वासयोग्य आदमी के विश्वास कईली । परमेश्वर सँगे अईसे न होखले ।

धर्मशास्त्र कहले : हमनी के विश्वास करम त, परमेश्वर विश्वासयोग्य रही, काहेकी परमेश्वर अपने आपके ईन्कार करे न सकी (रतिमोथी २:१३) । काहेकी सब प्रणी घाँस जईसन बा आ उ सब के सब गौरव घास के फूला जईसन बा । घाँस सुखजाई आ फुला भरजाई, लेकिन प्रभु के बचन सबदिन रहले

२४:४

रही... जे परमेश्वर में विश्वास करी उ निराश न होई (ह !) परमेश्वर विश्वासयोग्य बा । (१ कोरिन्थी

१:९) (१पत्रुस १:२४-२५; २:६)

परमेश्वर जठी प्रतिज्ञा कएले बा उ परमेश्वर करी ।

परमेश्वर अपन कएल प्रतिज्ञा कईसे, पूरा कएलक कहके हमनी के, नोह के कथा मे स्पस्ट रुमसे देखली । कईसे परमेश्वर जहाज भितर, रहल सब जन के बचएलक, आ जईसे न्याय करम कहके कहले रहे, अएसही जहाज के बाहर रहल, सब के न्याय कएलक कहके हमनी के पढली । हमनी के ई भी देखली कि कईसे परमेश्वर, नोह के पाप सब के क्षमा कएलक, आ नोह के धर्मी कहके घोषणा कएलक, काहेकी नोह परमेश्वर के, माग अनुसार पशु के खुन, बलिदान के रुपमे परमेश्वर के अर्पण कएले रहे । आ नोह आ सब आदमी सब परमेश्वर विश्वासयोग् बा कहके नविस्राओ कहके, परमेश्वर अपन ईन्द्रेनी कईसे बादल मे राखलक कहके हमनी के सिखली ।

प्रिय स्रोता सब, यदि हमनी के एगो बात बाहेक आज विचार कएल सब बात विस्राजाम त, हमनी के यी सम्भु : परमेश्वर विश्वासयोग्य बा । परमेश्वर अपन वचन से ना फिरे सकी । परमेश्वर जठि प्रतिज्ञा कएले बा तठी करी, भले उ करेके लागि परमेश्वर देर करी । परमेश्वर विश्वास योग्य बा ... परमेश्वर के विश्वास करेबाला, केहु भि निराश ना होए के परी (१ कोरिन्थी १:९, १पत्रुस २:६) ।

ईहे से, अब हमनी के परमेश्वर के विश्वास करु आ परमेश्वर के बचन के नम्रता के साथ ग्रहन करु । आ अगमवक्ता(नवी) नोह के कथा आ नोह के अनुकरण कके विश्वव्यापी जलप्रलय से लाभ उठा सकम । नोह, जे परमेश्वर के बचन के विश्वास कएलक, लेकिन नोह के आसपास के आदमी सब परमेश्वर के ईन्कार कएलक ।

1

आज हमनी के ईहबे रुकेके परी । सुनेके लागि अपने सब के बहुत बहुत धन्यबाद बा । हमनी के दोसर कार्यक्रम मे परमेश्वर के ईच्छा मे, हमनी के नोह के सन्तान सब के कठी भेलक कहके देखम । बाबेल के धरहरा मे संसार के बहुत भाषा सब कईसे अस्तित्व मे आएल कहके हमनी के सुनम । हमनी के यी विश्वास के प्रेरणा देबेबाला सत्ययता के याद करईत परमेश्वर हमनी के आशिष देव : “परमेश्वर विश्वासयोग् यबा आ जे परमेश्वर में भरोसा करले, उ कहियो शर्म मे न परले ।” (१ कोरिन्थी १:९, १ पत्रुस २:६)

कार्यक्रम १६

बाबेल के धरहरा

उत्पत्ति १०-११

हमनी के बितल कार्यक्रम मे परमेश्वर के अगमवक्ता (नवी) नोआ के बारेमे कएल अध्ययन के निष्कर्ष

मे

पुगल रहली, कहके, अपने सब सम्झईत होखम । परमेश्वर कईसे आदम के सन्तान सब के उ सब के दुष्टता के कारण जलप्रलय से नाश कएलक कहके सुनली ।

नोआ परमेश्वर के वचन मे विश्वास करेके लागि शरणस्थान के रुपमे रहेबा जहान जब नोआ बनाईत रहे, तब परमेश्वर पापी सब के, पश्चाताप करेक, मौका सयौं बर्ष तक देले रहे । फिर भि केहु अपन पाप से, ना फिरलक, अथवा, नोआ आ ओकर परिवार बाहेक केहु भि परमप्रभु परमेश्वर के सन्देश के विश्वास ना कएलक । अईसही, अन्त में, धर्मी आ विश्वासयोग्य परमेश्वर जईसन प्रतिज्ञा कएले रहे, उहे अनुसार परमेश्वर काम भि कएलक । परमेश्वर जहाज के ढोका, से भितर न आएबाला सब के, नास करदेल आ जहाज के ढोका से, भितर आएबाला के, परमेश्वर बचालेल ।

आज हमनी के, उत्पत्ति के, पुस्तक के, निरन्तरता देहम, आ नोह के समय से पहिले, कठी कठी भेल रहे, कहके सुनम । नोआ के बारेमे हमनी के नोह के तीनगो बेटा रहे, जेकर नाम शेम, हाम, आ येपेत रहे कहके हमनी सुनली। यीहे तीन जना नोआ के, बेटा सब से, ही संसार के सब आदमी सब, अएलक कहके धर्मशास्त्र हमनी के कहले । शेम यहूदी सब, आ अरब के पिता रहे, एशिया आ अफ्रीका के, बहुत आदमी सब, हामके सन्तान सब बा । युरोपीयन सब, येपेत के सन्तान सब बा ।

यदी हमनी के राष्ट्र सब के, शुरुवात के बारेमे, हमनी के ज्ञान के, बढाएके चाहम त, हमनी के तोराह के पहिलका पुस्तक के १० आ ११ अध्याय के अध्ययन करे सकम । जे भि होए, आज के हमनी के पाठ मे, हमनी सँगे नोआ के, तीन जना बेटा सब शेम, हाम, आ येपेत के ईतिहास के बारेमे वर्णन करेके मात्र समय बा । उ यीहे बा, शेम उहे आदमी रहे, जेका परमेश्वर संसार मे आएबाला मुक्तिदाता के पुर्खा होएके लागि चुनले रहे । उहे कारण से, पवित्र शास्त्र, शेम के वंश के कथा के, मात्र व्याखया कएलके बा । शेम के सन्तान से ही, परमेश्वर संसार के लागि, अगमवक्ता सब, धर्मशास्त्र, आ संसार के मुक्तिदाता के प्रबन्ध कएलक ।

पृथ्वी के सब आदमी, नोआ के तीन जना बेटा से, आएल बा । अपने आ हम, सिनेगल के सब आदमी सब, जाम्बिया के आदमी सब, माउरिटानिया के ३४ आ अफ्रिका के सब आदमी सब साथै संसार के सब आदमी सब समेत आज तक, बाचल सब आदमी, नोआ के सन्तान बा । ईहे कारण, हमनी के कहे सकम की, नोआ परमेश्वर के विश्वास कएलक, आ नोआ के परिवार के बचाबे के लागि, जहाज बनाबे के कारण, आज हमनी के यीहा बारी, काहेकी नोआ अपन परिवार के जलप्रलय से बचएले रहे, नोआ, अपने सब आ हमनी सब के अपन परिवार सँगे बचएलक ।

नाहक परमखर ४:४४

परमेश्वर नोआ आ नोआ के बेटा सब के, अईसे कहके आशिर्वाद देलक, “फरईत फूलईत आ बृद्धि होईत, आ पृथ्वी मे भरईत जाब ” (उत्पत्ति ९:१) । अईसहिए, जलप्रलय के बाद, सय वर्ष तक पृथ्वी मे रहेबाला आदमी के, संख्या फेन बृहत रुप मे बढटे गेल । आ फिर भि, एक बेर संसार, पाप से भ्रष्ट होएलागल । हमनी के पहिलही सुनली कि, नोआ आ नोआ के बेटा सब, आदम के सन्तान सब भेला के कारण से, उ सब भि, पाप मे जन्म लेले रहे । जब उ सब जहाज भितर गेलक, आदम के पापी स्वभाव भि, उ सब सँगे भितर आएल रहे । आ जब ओकनी सब, जहाज से बाहर निकललक, उ सब के हृदय मे रहल उ पाप के जर, उ सब सँगे बाहर आएल रहे । जलप्रलय, आदमी के पापमय स्वभाव के ना बदललक । हितोपदश कहलेः एगो मुस उहे जन्माबले जथी उ खन्हले । उहे कारण, संसार के आदमी सब नियमित रुपमे पाप मे जन्मले, काहेकी उ सब नोआ के सन्तान बा, जोन आदम के भि सन्तान रहे ।

अईसे लिखल बा, लेकिन उ सँच भि बा, उ बरकी जलप्रलय के कुछ सय बर्ष पछारी नोआ के बहुत सन्तान सब परमेश्वर आ परमेश्वर के ईच्छा पालन करेके छोडलक । उ सब अपन पुर्खा शेत, हनोक आ नोआ, जईसन परमेश्वर के बचन मे विश्वास ना कएलक । उ सब परमेश्वर के भुलागेल आ परमेश्वर के देल जीवन, आ सास आ घाम के, प्रकाश आ बर्षात मे आएबाला पानी आ खाएबाला चिज सबके लागि, परमेश्वर के धन्यबाद ना देलक । परमेश्वर अपन विश्वासयोग्यता के, सम्झना कराबे बाला ईन्द्रेनी (पॅन्सोका) जेका परमेश्वर बादल मे राख्ले रहे, उ सब ओकर अर्थ के, उ सब मध्ये बहुत जन जानेके छोरदेल रहे । उ सब के बारेमे, परमेश्वर के वचन कठी घोषणा करले, उ सुनु : काहेकी परमेश्वर के जानके भि, उ सब परमेश्वर के देबेबाला महिमा ना देलक, न धन्यबाद चढएलक, लेकिन उ सब अपन विचार मे बेकम्मा भेगेल, आ उ सब के मूर्ख मन अउर अन्हार होगेल । बुद्धिमान बारी कहेके दाबी कएलक, लेकिन उ सब मूर्ख ठहरलक.... काहेकी उ सब परमेश्वर के सत्यता के, झुट सँगे बदलके सबदिन के, परमेश्वर सृष्टिकर्ता के छोरके, सृष्टि कएल चिज सब के पूजा आ सेवा कएलक । (रोमी १:२१-२२,२५)

कयिन आ कयिन के सन्तान जईसन, नोआ के बहुत सन्तान सब भि, सत्यता के छोरके, अधर्म के पछारी लागल रहे । उ सब के धर्म रहे, लेकिन उ झूठ धर्म रहे, काहेकी उ धर्म परमेश्वर के स्थापना कएल, धार्मिकता के रास्ता मे ना चलईत रहे । उ सब परमेश्वर के सत्य वचन के ना सुनके उ सब शैतान के बात सुनईत रहे ।

उहबा निम्रोद नाम भेल एक जना आदमी रहे, जे नोआ के एक जना बेटा हाम के, सन्तान रहे । निम्रोद एगो बरकी लडाकु रहे, जे जलप्रलय के बाद, पाँच सय वर्ष बाचल रहे । ओकर नाम के अर्थ विद्रोही बा । निम्रोद- एकदम उच्च बौद्धिक खाल के आदमी रहे, लेकिन उ परमेश्वर के ना चिन्हले रहे । उ परमेश्वर के बचन के, वास्ता न कएलक आ शैतान के रास्ता मे चलेलागलक, कयिन के रास्ता अपनएलक, आ नोआ के पुस्ता मे रहल आदमी सब के पछारी परलक । निम्रोद बहुत बरकी बरकी शहर सब बनएलक, जे मे संसार के सारा आदमी सब, सँगे सँगे एक होके, रहे सकईत ।

विनाश १५: गलत

आउ अब हमनी के निम्रोद आ निम्रोद के आदमी सबके, बनाबेला योजना कएल उ बरकी बरकी शहर के बारेमे धर्मशास्त्र हमनी के कठी कहले, कहके देखेके लागि, उत्पति के किताब के ११ अध्याय के पढ़ । धर्मशास्त्र कहले :

"

उ समय मे पूरा पृथ्वी मे एके गो भाषा, आ एके किसिम के बोली रहे । आदमी सब पुरुबओरी जब जाएलागल, शिनार देश मे एगो मैदान भेटएलक, आ उहे मैदान मे रहेलागल । उ सब आपस मे कहलक, “अब हमनी के ईटा बनाके पकाउ । उ सब ईटा आ अलकत्रा प्रयोग कएलक । उ सब, हमनी के अपना लागि एगो शहर, आ स्वर्ग मे पुगेबाला एगो धरहरा बनाउ, आ अपन नाम राखु आ हमनी के पृथ्वी भर न फैईलु” (उत्पत्ति ११:१-४)।

आ अईसहीए, आदम के सन्तान सब, स्वर्ग मे पुगेबाला बरका बरका शहर आ उच्च धरहरा बनाएके योजना कईसे बनएलक, कहके जानम । उ सब उच्च धरहरा काहे बनाएके चाहईत रहे ? निम्रोद आ निम्रोद सँगे सहमत भेल आदमी सब, संसार मे अपन नाम राखेके चाहईत रहे । उ सब शक्तिशाली बनेसकु आ पृथ्वी मे फैलेके न परो कहके, उ सब सारा संसार के आदमी सब के, एक ठाउँ मे जम्मा करेके चाहईत रहे । जे भि होए, उ सब जठी करेके योजना कएले रहे, उ से परमेश्वर खुस न रहे । परमेश्वर नोआ के सन्तान सब के, पृथ्वी मे भर जाब, कहके कहदेल रहे । आदमी के बनाएबाला परमेश्वर, संसार के आदमी सब के लागि, कठी बन्हिया होई कहके जानईत रहे । जे भि होए, नोआ के बहुत सन्तान सब, परमेश्वर के विचार सब, के कौनो वास्ता ना कएलक । उ सब अपने आपके परमेश्वर से बेसी बुद्धिमान बारी कहके सोचलक । शैतान के झोक जईसन, उ सब के हृदय परमेश्वर के विरुद्ध मे, घमण्ड आ विद्रोह से भरल रहे । लेकिन धर्मशास्त्र कहले जे अपने आपके उच्च करले, उ निचा होई, आ जे अपने आपके निचा करी, उ उच्च होई (मत्ती २३:१२) । आः जे अपने आपके आदमी के बीच मे उच्च करी, उ परमेश्वर के दृष्टि मे घृणित बा ।

आदमी के बरका कएल आ अपन नाम उच्च करला, परमेश्वर के नजर मे पाप बा, काहेकी प्रशंसा आ महिमा के योग्य नाम एगो मात्र बा । उ नाम परमप्रभु परमेश्वर के नाम बा, जे स्वर्ग आ पृथ्वी बनएलक । जईसे धर्मशास्त्र कहले : लेकिन जे घमण्ड करी, उ प्रभु मे घमण्ड करो। (लुका १६:१५) काहेकी जे अपने आपके प्रशंसा करले, उ अनुमोदन पाएल आदमी न बा, लेकिन अनुमोदन पाएल आदमी के प्रभु प्रशंसा करले । (२कोरिन्थी १०:१७-१८)

जे भि होए, निम्रोद के समय मे आदम के अधिकांस सन्तान सब परमप्रभु के आदर ना कएलक । परमेश्वर आ परमेश्वर के वचन के आवश्यक्ता नबा कहके उ सब सोचलक । उ सब केहुके कुछो कहेके आवश्यक न बा, कहके सोचलक । उ सब मे स्वतन्त्रता आ विद्रोह के भावना रहे। आज तक उहे मन्साय आदम के सन्तान सब के हृदय मे भेटाबले । हमनी के यी बात छोट छोट लईका सब मे भि देखईसी, जब उ सब अपन पाखुरा बढले आ कहले, “ना हम ना करम !" आ ईहे आत्मा बुढ सब मे बेसी रहले । संसार के घर घर आ राष्ट्र सब मे, रहल कलह के कारण कठी बा ?

*

यी स्वतंन्त्रता के भावना के छोरके दोसर किछो नई खे, जे सोचले, “हम अपन ख्याल अपने राखे सकम । हम अपन बाबु के धर्म के पालन करम (चाहे उ अगमवक्ता (नवी) सब के धर्मशास्त्र के विरोध काहेन करो)। हमर परम्परा सबसे निमन बा । हमर सम्प्रदाय सही बा । हमर आदमी सब श्रेष्ठ बा । हमर जनजाति, सब से चलाख बा । हमर नाम सबसे महत्वपूर्ण वा । हमर बात सब ! हमर ईच्छा ! हमर काम सब ! हमर पैसा ! हमर ! हमर !! हमर !!!

उ आत्मकेन्द्रित, स्वतन्त्रता के स्वार्थ खोजेबाला, भावना के कारण संसार झगडा, लडाई आ युद्ध से भरल बा । लेकिन परमेश्वर उ आत्मा के घृणा करले, काहेकी परमेश्वर के नाम मात्र महिमा के योग्य बा । उहेसे परमेश्वर अपन बचन मे कहले, " हम परमप्रभु बारी । उ हमर नाम बा । हम अपन महिमा दोसर के न देम । " (यशैया ४२:८)

२४:

100

हम अपन

महिल

लेकिन स्वर्ग मे, पुगेला धरहरा बनाएबाला सब, परमेश्वर के महिमा के वास्ता ना कएलक । उ सब अपन महिमा मात्र खोजलक । बहुत जनेके, अपन बनाएबाला के नाम भि थाह न रहे । पक्का, उ समय के बहुत आदमी सब धार्मिक रहे, लेकिन परमेश्वर सँगे उ सबके कौनो सम्बन्ध ना रहे । उ सब अपने तरिका से स्वर्ग पुगेके आशा कएलक । यी सुनु ! जलप्रलय के पाँच वर्ष बाद, आदमी सब फेर अपने रास्ता मे लागल रहे आ उ सबके जीवन आ सास देबेबाला परमप्रभु के उ सब वास्ता न करईत रहे । उ सब धोएला के बाद, किचर मे गिरेबाला भेडा जईसन रहे (२पत्रुस २:२२) । परमेश्वर आ परमेश्वर के योजना से अलग जीवन बिताएके खोजल, आदमी के मूर्खता आ दुष्टता बा । परमेश्वर कठी कएलक त ? कठी परमेश्वर अपना से, अलग रहेबाला आदमी सब के योजना के वास्ता ना कएलक ? कठी परमेश्वर अपन विरुद्ध मे, विद्रोह करेबाला के स्वीकार कएलक ? ना, परमेश्वर स्वीकार ना कएलक । परमेश्वर कठी कएलक सुनु । धर्मशास्त्र कहले : आदमी सब के सन्तान के बनाईत शहर आ धरहरा देखेला परमप्रभु निचा अएलक । आ परमप्रभु कहलक, "यदि एकेगो भाषा बोलेबाला एउटे जाति के स्थान मे अभि ई सब अईसे करी त, अब ई सब के योजना कएल कौनो काम असम्भव न होई । आउ, निचा जाके ई सब के भाषा खलबलादु, आ ई सब एक दोस्रा के बोली नबुझो ।" तब परमप्रभु उ सब के पृथ्वी भर तितर बितर करदेल, आ उ सब शहर बनाएके छोरदेल । ईहे कारण, ओकर नाम बाबेल राखदेल, काहेसेकी परमप्रभु उहबे सारा पृथ्वी भर के भाषा खलबलादेले रहे । उहेसे परमप्रभु उ सब के सारा पृथ्वी भर तितर बितर कदेल । (उत्पत्ति ११:५-९)

अईसहिए परमेश्वर निम्रोद आ अपन महिमा के लागि, एगो बरकी शहर बनाएबाला आउरी आदमी सब के योजना के बिगारदेल । उ समय तक आदमी एकेगो भाषा बोलईत रहे । लेकिन उ दिन परमेश्वर उ सब के भाषा खलबलादेल, जेकर कारण से उ सब एक दोस्रा के भाषा बुझे नासकल । अपने सब याद करम की, परमेश्वर नोआ के सन्तान सब के, पृथ्वी मे भरते जाब आ सारा संसार मे फैलते जाब कहके आदेश देले रहे (उत्पत्ति ९:१) । लेकिन निम्रोद आ निम्रोद के पछारी चलेबाला सब अपन तरिका से काम करेके आ संसार के सब आदमी सब के एक ठाउँ मे जम्मा करेके चाहईत रहे । परमेश्वर उ सब के नयाँ भाषा देके, उ सब के मनसाय के पराजित कदेल ।

अईसहिए परमेश्वर उ सब के सारा पृथ्वी के सतह मे तितर बितर करदेल । ईहे कारण से आज संसार मे हमनी सँगे सयौँ राष्ट्र आ हजारौँ भाषा सब बा ।

परमेश्वर संसार के भाषा सब खलबलाएके एगो निमन काम कएलक ! यी देश मे मात्र कएगो भाषा बोलले, सोचु त । आहा, हमनी के परमेश्वर केतना महान बा ! कौनो भि आदमी सर्वशक्तिमान परमेश्वर के विरद्ध मे जाए आ समृद्ध होए न सकी । एगो अण्डा चट्टान से लरे के नचाही ! आदमी परमेश्वर सँगे कुस्ती लरेके खोजलक आ हारगेल ।

कठी अपने के उ शहर के नाम थाह बा, जौन शहर मे आदमी सब परमेश्वर के विरुद्ध मे, विद्रोह करेके खोजलक ? हँ, उ शहर के नाम बाबेल बा । बाबेल के अर्थ भ्रम बा । परमेश्वर आ परमेश्वर के बचन से अलग के जीवन, एगो भ्रम मात्र बा ।

उ बाबेल शहर आ अपने नाम उच्च करेके चाहेबाला आदमी सब के कथा बा । कठी हमनी के भि, कहियो बाबेल के आदमी सब जईसन भेल बारी ? कठी हमनी के भि कहियो अपने आपके उच्च कएले बारी ? उ कएला पाप बा कहके परमेश्वर हमनी के कहले ।

आदरणीय स्रोता सब अपने सब केकर नाम, उच्च करेके चाहईत बारी ? कठी अपन नाम ? अथवा कठी अपने परमप्रभु परमेश्वर आ ओकर नाम के मात्र उच्च करेके खोजईत बारी ? केकर प्रशंसा आ अनुमोदन खोजईत बारी ? आदमी के अनुमोदन ? कि अपने परमेश्वर के अनुमोदन खोजईत बारी ? एगो बात एकदम पक्का बा । आदमी सब से आएल अनुमोदन बितके चलजाई, लेकिन परमेश्वर से आएल अनुमोदन सदासर्वदा रहलेरहजाई । परमेश्वर के बचन कहले : काहेकी सब प्राणी घाँस जईसन बा, आ ओकर सब गौरव फूल जईसन । घाँस सुखजाबले आ फुल झरजाबले, लेकिन परमप्रभु के वचन सदासर्वदा रहलेरही (१ पत्रुस १:२४) ।

परमप्रभु के कहल ई बचन सुनु : “बुद्धिमान आदमी अपन बुद्धि मे घमण्ड न करो, अथवा बरियार आदमी अपन बल मे घमण्ड न करो, अथवा धनी आदमी अपन धन मे घमण्ड न करो। लेकिन जे घमण्ह करले उ ई विषय मे घमण्ड करो : हम परमप्रभु के जानईसी आ चिन्हईसी, आ, उहे परमेश्वर बा, जे पृथ्वी मे दया, न्याय, आ धार्मिकता, के व्यवहार करले । काहेकी यीहे मे हम खुसी रहईसी, " परमप्रभु कहले ।

परमेश्वर के ईच्छा में, हमनी के दोसर कार्यक्रम मे हमनी के शुरु से अभि तक अध्ययन कएल सब बात के समीक्षा करम । अपने सब परमेश्वर के पुस्तक के ई बचन के विचार करईत परमेश्वर अपने के आशिष देले होए :

काहेकी अपन तारिफ अपने करेबाला आदमी स्वीकार ना होखले, लेकिन परमप्रभु के तारिफ कएल आदमी स्वीकार होई । (२ कोरिन्थी १०:१८)

कार्यक्रम १७

शुरु के समीक्षा

उत्पत्ति १-११

आज परमेश्वर के सहायता से, हमनी के अगमवक्ता (नवी) मोशा के, तोराह मे ईहा तक अध्ययन कएल बात सब के समिक्षा, आ संक्षेप करेके योजना बनएले बारी तोराह के मतलब, अगमवक्ता (नवी) सब के लिखल पवित्र धर्मशास्त्र सब मे रहल पहिलका खण्ड बा ।

यी खण्ड बहुत महत्वपूर्ण बा, काहेकी यी परमेश्वर अपने राखल जग बा, जेकर माध्यम से हमनी के सुनल बात सब जाँच करे सकम, जेसे हमनी के यी बचन परमेश्वर के, ओरसे आएल बा भारत । तोराह मे पाँच गो भाग सब, वा पुस्तक बा । पहिलका भाग के हमनी के उत्पत्ति कहईसी । उत्पत्ति के पुस्तक मे पचास गो अध्याय सब था । हमनी के बितल कार्यक्रम सब मे, हमनी के १ अध्याय से ११ अध्याय तक सुनहलेबारी ।

कठी अपने परमेश्वर के, पुस्तक के पहिलका पदमे लिखल बचन सम्झे सकम ? आउ हमनी के एका पढम । यी कहले : शुरु मे परमेश्वर, स्वर्ग आ पृथ्वी सृष्टि कएलक (उत्पत्ति १:१) । परमेश्वर अनन्त के परमप्रभु बा । शुरु मे जब संसार अभि अस्तित्व मे ना रहे, उ समय मे परमेश्वर मात्र अस्तित्वमे रहे । परमेश्वर अनन्त के आत्मा बा, जेकर शुरुवात नईखे । परमेश्वर समय से भि, बाहर जिअईत रहे । ईहे कारण, धर्मशास्त्र के पहिलका पद कहले : शुरु मे परमेश्वर ।

एका बाद, हमनी के, सन्नी कि कईसे परमेश्वर संसार के, बनाएसे पहिले, हजारो हजार शक्तिशाली आत्मा सब सृष्टि कऍलक, उ सब के स्वर्गदूत सब कहले । उ स्वर्गदूत सब मध्ये, उहाँ एक जना रहे जे अउर सब से बुद्धिमान आ सुन्दर रहे। लुसिफर रहे, जेका परमेश्वर स्वर्गदूत सब के प्रमुख कहके नियुक्त कएले रहे । लेकिन धर्मशास्त्र हमनी के बताबले कि, कौनो समय मे लुसिफर अपने आपके उच्च कएलक, आ हृदय में परमेश्वर के तुच्छ समझलक, उ परमेश्वर के स्थान में, रहे के चाहईत रहे | स्वर्गदुत सब के, एक तिहाई लुसिफर के पाप के, पक्ष मे रहेके चुनलक । ईहे कारण, पाप के सहे नसके बाला परमेश्वर, लुसिफर आ दुष्ट स्वर्गदुत सब के निष्कासित कएलक । परमेश्वर लुसिफर नाम शैतान कहके बदलदेल, जेकर अर्थ विरोधी बा । परमेश्वर शैतान आ ओकर स्वर्गदूत सब स्वर्ग से निकालला के बाद, परमेश्वर उ सब के लागि कहियो नभुताएबाला, नरक के आगी बनएलक ।

धर्मशास्त्र कहले कि, अन्तिम न्याय के दिन मे, धर्मी परमेश्वर, उ शैतान के आ शैतान के पछारी चलेबाला के, उ आगी के भट्टी मे फेकदि ।

एका बाद, हमनी के परहम की, कईसे परमप्रभु परमेश्वर के वचन, बाहेक अउर किछो के प्रयोग न कके, ६ दिनमे आकाश आ पृथ्वी, आ यीमे रहल बात सब बनएलक, जेका परमेश्वर अपन खुसी आ महिमा के लागि, सृष्टि करेके योजना बनएले रहे ।

आदमी सब, परमेश्वर के बनाएल, सबसे महत्वपूर्ण प्राणी सब बा, काहेकी उ सब परमेश्वर के स्वभाव मे बनाएल रहे । परमप्रभु परमेश्वर आदमी सब सँगे, गहिरा आ अर्थपूर्ण सम्बन्ध राखेके चाहईत रहे । ईहे से परमेश्वर, आदमी के आत्मा मे एक बुद्धिमान आत्मा (मन) राखदेल, ता कि आदमी परमेश्वर के चिन्हे सको, परमेश्वर आदमी के हृदय देलक, ताकि आदमी परमेश्वर के प्रेम करे सको, आ परमेश्वर आदमी के स्वतन्त्र ईच्छा प्रदान कएलक, ताकी आदमी अपना लागि परमेश्वर के आज्ञा, पालन करेला वा परमेश्वर के, आज्ञा पालन करेके कि नकरेके, कहके छनोट करे सको । तोराह के देसर अध्याय मे, परमेश्वर मध्यपूर्व मे, एगो सिद्ध बगैंचा बनएले रहे, आ उ मे आदमी अर्थात आदम के राख्ले रहे कहके हमनी के पढम । परमेश्वर अपन भलाई में, आदम के पूर्ण शान्ति आ आनन्दित जीवन, के लागि

आवश्यक परेवाला, सब चिज ४७ देले रहे। 6:00 परमेश्वर आपण भलाई

एका साथै, परमेश्वर जहिया आदम के बनएलक, आदम के कहलक, " बगैंचा के सब गाँछी के फल तु स्वतन्त्र रुपमे खाए सकबे, लेकिन असल आ खराब के ज्ञान देबेबाला, गाँछी के फल न खईहे । काहेकी जौन दिन, तु उ फल खएबे, तु निश्चय मरबे" (उत्पत्ति २:१६ - १७) । यीसे हमनी के सुनली की, कईसे परमेश्वर आदम के सामने मे, सरल किसिमके परीक्षा देलक । परमेश्वर अपन बनाएल आदमी सँगे अर्थपूर्ण सम्बम्ध होखो, कहके चाहईत रहे । ईहे कारण, परमेश्वर आदम के जाँच कएलक, परमेश्वर आदमी के आज्ञा पालन करेके कि नकरेके, परमेश्वर के पर्याप्त मात्रा मे, प्रेम करेके कि न करेके कहके छनोट करके लागि, अधिकार भि देलक ।

,

जब आदम के परमेश्वर बनएलक, परमेश्वर आदम के लागि, उहे दिन एगो तुलना न करेसकेबाला, अदभुत पत्नी, उपहार के रुपमे देलक, कहके हमनीके पढम । परमेश्वर आदम के करंग से स्त्री बनएलक आ एका बाद आदम के देलक । ने आदम उ स्त्री के नाम हव्वा राखलक । उ स्त्री भि, परमेश्वर के स्वरुप, आ प्रतिरुप मे बनाएल रहे । ६ दिन मे परमेश्वर, अपन सृष्टि के काम पूरा कएलक । धर्मशास्त्र कहले : परमेश्वर अपन बनाएल, सब चिज देखलक, आ उ बहुत असल रहे । (उत्पत्ति १:३१)

सातौँ दिन मे परमेश्वर, विश्राम कएलक अर्थात, परमेश्वर अपन सृष्टि के काम रोकलक, आ अपन बनाएल सब चिज से खुसी होलक ।

३. अध्याय में, हमनी के ई संसार मे पाप कईसे अएलक, कहके सुनम । धर्मशास्त्र हमनी के कहले कि, परमेश्वर के निषेध कएल, गाँछी के नजिक आदम आ हव्वा, रहल अवस्था मे कईसे शैतान, एगो धुर्त साप के रुपमे, आके अईसे कहलक, “कठी परमेश्वर तोहनी सब के, बगैँचा के कौनो गाँछी के फल, न खाएला कहले हौ ? स्त्री साप के कहलक, बगैँचा के गाँछी सब फल हमनी के खा सकम, लेकिन बगैँचा के बीच मे, रहल गाँछी के फल के बारेमे, परमेश्वर कहले बा, " उ न खईहे आ न छुईहे, न त तोहनी के मरजएबे ।" साप स्त्री के कहलक, "तोहनी के साँचो न मरबे, काहेकी परमेश्वर जानले कि, जौन दिन तोहनी के उ सब खएबे, उ हे दिन तोहनी के आँख खुलजतउ आ असल आ खराब के ज्ञान, पा के तोहनी सब, परमेश्वर जईसन हो जएबे ।”

शैतान कईसे, परमेश्वर के विरोद्ध कएलक, कहके हमनी के जानली । परमेश्वर के निषेध कएल, गाँछी के फल खाएला के नतिजा के बारेमे, परमेश्वर आदम के कठी कहले रहे ? " तु मरजएबे” कहके परमेश्वर कहले रहे । आ

शैतान कठी कहलक त ? शैतान कहलक, "तोहनी के न मरबे" आदम आ हव्वा केकर वचन मे विश्वास करेके आ अनुसरण करेरे चुनलक: परमेश्वर के बचन मे, की शैतान के बचन मे ? खाश, धर्मशास्त्र कहले बा की, आदम आ हव्वा शैतान के वचन में, विश्वास करेके आ परमेश्वर के निषेध कएल, गाँछी के फल खाएके चुनलक । शैतान हव्वा के धोका देलक, जेकर कारण से हव्वा पाप कएलक । आदम जानईत रहे, फिर भि परमेश्वर के आज्ञा उलंघन करेके, आ शैतान के पछारी चलेके छानलक । * पवित्र धर्मशास्त्र कहलेः एक जना आदमी से पाप संसार मे अएलक, आ पाप से मृत्यु होएलक; आ अईसहिए, सब आदमी पाप करेके कारण, सब आदमी मे मृत्यु फैलगेल (रोमी ५:१२)

उ सब के पाप के कारण, परमेश्वर आदम आ हव्वा के, पृथ्वी के स्वर्गीय बगैंचा से निकालदेल । लेकिन परमेश्वर, उ सब के बगैचा से बाहर निकालेसे पहिले, परमेश्वर पतिज्ञा कएले रहे, की एक दिन परमेश्वर उ सब के लागि, एक जना मुक्तिदाता पठाई, जे आदम के पाप से, ध्वस्त भेल जाति के उ सब के पाप, आ शर्म, आ शैतान के शक्ति, मृत्यु, आ नरक से, मुक्ति के रास्ता प्रदान करी । यी प्रतिज्ञा के निश्चित करेला, आ परमेश्वर के न्याय, दया, आ अनुग्रह देखाबे के लागि, परमेश्वर कुछ जनावर सब के मारलक, आ छाला के लुगा बनादेलक, आ आदम आ हव्वा के लगादेल । उ पशु बली से, परमेश्वर आदम, आ हव्वा के पाप के ज्याला मृत्यु बा, कहके सिखाईत रहे (रोमी ६:२३) आ बिना खुन बहएले, पाप के क्षमा न होखले (पाप के रिण चुक्ता नहोखले) कहके सिखाईत रहे (हिब्रु ९:२२) ।

3

अध्याय ४ मे हमनी के, आदम के पहिलका दुगो सन्तान, कयिन आ हाबिल के कथा सुनली । हमनी के सुनली की, कईसे हाबिल परमेश्वर के निर्दोष थुमा चढएलक, आ उ थुमा के पाप के बलिदान के रुपमे मारलक, जईसे परमेश्वर हाबिल के बाबु माई के लागि कएले रहे । लेकिन कयिन अपने तरिका से, परमेश्वर के सामु पुगेके प्रयास कएलक, अपने खेती कके पृथ्वी से उब्जाएल चिज सब, लेअएलक, जेका परमेश्वर श्राप देले रहे । अईसहिए धर्मशास्त्र कहले, परमप्रभु हाबिल आ हाबिल के भेटी के, स्वीकार कएलक, लेकिन परमेश्वर, कयिन आ कयिन के भेटी के स्वीकार न कएलक (उत्पत्ति ४:४-५)। परमेश्वर कयिन के लेखा देबेला बोलएलक, ताकि कयिन पश्चाताप करो आ परमेश्वर के धार्मिकता के रास्ता मे अपने आपके समर्पित करो, लेकिन कयिन क्रोधित होके, अपन भाई हाबिल के हत्या कएलक ।

बादमे, परमेश्वर आदम आ हव्वा के, सेत नाम भेल दोसर बालक देलक । सेत हाबिल जईसन, परमेश्वर मे विश्वास करेबाला, परमेश्वर के पवित्र व्यवस्था के सम्मान करेबाला, आ बलिदान के खुन लेके, परमेश्वर के सामने जाएबाला आदमी रहे । यीमे हमनी के आदम से, आएल दुगो वंशावली सब के बारेमे जनली ; अर्थात कयिन के सन्तान सब आ सेत के सन्तान सब । कयिनके सन्तान सब विश्वास न कएलक, आ परमेश्वर में समर्पित न भेल । लेकिन सेत के सन्तान सब मध्ये, उ आदमी सब रहे, जे परमप्रभु परमेश्वर में भरोसा राखलक, आ परमेश्वर के आदर कएलक ।

•

सेत से आएल, एक जना के नाम हनोक रहे । हनोक भ्रष्ट पुस्ता मे भि, परमेश्वर के साथ चलईत रहे । हनोक के, नोआ नाम भेल, एक जना नाति भि रहे ।

नोआ के दिन में, परमेश्वर आदम के सन्तान सब के, उ सब के दुष्टता के कारण, जलप्रलय से विनास करेके उद्धेश्य राखलक । उ समय मे, नोआ मात्र परमेश्वर के विश्वास कएलक, उहेसे परमेश्वर नोआ के आ नोआ के परिवार के लागि, शरण स्थान के रुपमे, एगो विशाल जहाज बनाएला कहलक, आ सब प्राणी के एक एक जोरी, आ जे केहु भि उ सब से फिरी । पाप करईसी की परमेश्वर में विश्वास करईसी, नोआ जहाज बनाईत समय मे, सयौं वर्षतक परमेश्वर पापी सब के धैर्य के साथ सहलक । जे भि होए, केहु भि पश्चाताप न कएलक । नोआ आ नोआ के परिवार बाहेक, केहु भि परमेश्वर के सन्देश के विश्वास न कएलक । अईसहिए, अन्त में, परमेश्वर अपन प्रतिज्ञा कएल अनुसार, सब काम कएलक । सत्य के विश्वास नकरेबाला, सब आदमी के परमेश्वर न्याय कएलक । नोआ आ नोआ के परिवार बाहेक, सब आदमी विश्वव्यापी, जलप्रलय मे मरगेल । नोआ के शेम, हाम आ येपेत नाम के तीन जना, बेटा सब रहे । संसार के आदमी सब, यीहे तीन जना पुरुष सब से आएल बा । दुःख के बात ईबा की, उ सब के सन्तान परमेश्वर, आ परमेश्वर के बचन भुलागेल ।

कईसे परमेश्वर निम्रोद आ निम्रोद सँगे, परमेश्वर के विरुद्ध मे विद्रोह करेके लागि, एगो बरका शहर आ बरका उच्च धरहरा, बनाके संसार के आदमी सब के, एके ठाउँ मे जम्मा करेके योजना बनएले रहे, कहके हमनी के अगारी के कार्यक्रम मे सुनली ।

लेकिन परमेश्वर, उ सब के भाषा के खलबलादेल रहे, आ उ सब के पृथ्वी भर तितर बितर कदेल । उ सब के बनाबल, शहर के बाबेल कहलक, जेकर अर्थ भ्रम बा । छोटकरी मे हमनी के उत्पत्तिके पुस्तक मे, अध्याय १ से ११ मे यीहे घटना तक, अध्ययन कएले बारी । हमनी के कथा सबमे, देखल बात कईसे कहेसकम ? विश्व इतिहास के शुरुमे भेल घटना सब से, परमेश्वर हमनी के कठी सिकाबेके चाहले ? सिकेके लागि बहुत पाठ सब बा, लेकिन आज हमनी के उ सब मे, दुगो के मात्र व्याख्या करेके समय बा ।

एगो पाठ मानवजाति अधर्मी बा । आ सिकेबाला दोसर सत्य परमेश्वर धर्मी बा ।

हमनी के नजर मे, हमनी के बारबार आदमी के अधर्म देखले बारी । हमनी के देखली की, कईसे अदन के बगैंचा शुरु भेलक, जब आदम निषेध कएल गाँछी के फल खएलक । हमनी के यिहे बात आदम के जेठ बेटा, कयिन मे फेरु सुनली, जे परमेश्वर के स्थापना कएल, बलिदान के रास्ता मे चलेके स्वीकार न कएलक । हमनी के कयिन के सन्तान सब में, नोआ के पुस्ता के आदमी सब मे, आ बाबेल के धरहरा बनाएके प्रयास करेबाला, सब आदमी में अईसने अधर्म सुनली । छोटकरी मे, आदम के सन्तान के कथा, अईसन बा की, आदमी अधर्मी बा । जईसे धर्मशास्त्र मे लिखल बा, : हमनी सब पाप के अधीन मे बारी,... धर्मी केहु न बा, अँह एक जना भि नईखे.. उ सब भटक गेलबा ।

,

उ सब एक साथ बेकम्मा होगेल बा । केहु भि भलाई न करले, भलाई करेबाला एक जना भि नईखे (रोमी ३:९-१०,१२)। जईसे हमनी के आदमी के अधर्म देखले बारी, औसही हमनी के परमेश्वर के धार्मिकता भि देखले बारी । धर्मशास्त्र हमनी के बताबले की, परमेश्वर ज्योती बा, आ परमेश्वर मे कौनो भि अन्धकार नईखे (१ युहन्ना १:५) । हमनी के परमेश्वर के धार्मिकता देखली, जब परमेश्वर लुसिफर के, ओकर घमण्ड आ विद्रोह के कारण, स्वर्ग से निकालदेल । हमनी के सुनली, जब परमेश्वर, आदम आ हव्वा के उ सब के, अनाज्ञाकारीता के कारण, बगैंचा से

निकालदेल । आदम के सन्तान सब के, पाप के रिण, तिरे सकेबाला पवित्र, उद्धारकर्ता के, संसार मे पठाबेके प्रतिज्ञा कके, परमेश्वर अपन धार्मिकता भि प्रकट कएलक । आ हमनी के, परमेश्वर के वचन मे प्रकट भेल, परमेश्वर के पवित्र चरित्र के बारेमे, बुझले बारी, जे अईसे कहले, बिना खुन बहएले पाप के क्षमा न होखले (हिब्रु ९:२२) । परमेश्वर हाबिल के ग्रहण कएल, समय मे परमेश्वर अपन धार्मिकता के प्रकट कदेल रहे, काहेकी हाबिल परमेश्वर काहा, थुमा के खुन लेअएले रहे, लेकिन परमेश्वर कयिन के ईन्कार कएलक, काहेकी कयिन परमेश्वर के क्षमादान के तिरस्कार कएले रहे । फेरु, हमनी के, नोआ के समयमे परमेश्वर के धार्मिक स्वभावसुनली, जब आदमी सब के, पश्चाताप करेला सय बर्ष देलाके बाद, परमेश्वर के विश्वास स्वीकार न करेबाला, सब के मिटाबेके लागि संसारभर, एगो शक्तिशाली जलप्रलय पठएलक । आ हमनी के अन्तिम कार्यक्रममे, हमनी के परमेश्वर के धार्मिकता के प्रकट भेल सुनली, जब परमेश्वर बाबेल शहर के, आदमी के भाषा के खलबलादेल, जे परमेश्वर के विरुद्ध मे, विद्रोह करईत रहे ।

हँ, परमेश्वर धर्मी बा आ परमेश्वर के धार्मिकता अनुसार, परमेश्वर, आदमी सब के न्याय करेके चाही । अधर्मी पापी सब, परमेश्वर के असल काम, कएल आधार मे परमेश्वर के नजिक जाए ना सकी । परमेश्वर, पाप से दाग लागल, कौनो भि बात के न्याय आ निन्दा करेके चाही । धर्मशास्त्र कहले : हमनी के परमेश्वर, भष्म करेबाला आग बा,.. परमप्रभु अपन आदमी सब के न्याय करी । जीवित परमेश्वर के हात मे परल, भयानक बात बा (हिब्रु १२:२९, १०:३०-३१) आ ईहे से हमनी के देखईसी, कि तोराह के पहिलका ११ अध्याय सब मे, परमेश्वर स्पष्ट रुपमे अपन पूर्ण धार्मिकता के बारेमे, महत्वपूर्ण सत्यता हमनी के बतएले बा ।

एकर मतलब कठी अधर्मी आदमी के परमेश्वर स्वीकार करेके आशा न बा त ? परमेश्वर के प्रशंसा होखो, अपने आ हमनी जईसन पापी सब के लागि, आशा बा ! परमेश्वर अपन अनुग्रह मे, आदम के अधर्मी सन्तान सब के, अपन सामु सही बनाएबाला तरिका प्रकट कएले बा । परमेश्वर, पापी सब के लागि स्थापना कएल, मुक्ति के रास्ता कठी अपने सब के थाह बा ? यदि अपने अभि भि परमेश्वर में, धार्मिकता के रास्ता, न बुझले बारी त, हमनी के अपने सब के, परमेश्वर के मित्र कहेबाला अगमवक्ता(नवी) अब्राहाम के बारेमे, सुनेके क्रम मे अगारी के कार्यक्रम सबमे हमनी सँगे सहभागी होएके लागि स्वागत करईत बारी । अब्राहाम के अचम्म के कथा में, हमनी के परमेश्वर के योजना देखम, जेका माध्यम से अधर्मी सब के, परमेश्वरके नजर मे धर्मी बनाए सकम ।

सुन्के साथ देली, अपने सब के बहुत बहुत धन्यबाद ! आज हमनी के सुनल बचन सब में, परमेश्वर हमनी के आशिष देल । परमेश्वर के वचन अईसे कहले :

काहेकी अगारी लिखल बात सब, हमनी के, शिक्षा के लागि लिखल रहे, यी उद्धेश्य से की, पवित्र शास्त्र से आएबाला स्थीरता आ उत्साह से, हमनी के आशा प्राप्त करे सकु । (रोमी १५:४)

,

उ सब एक साथ बेकम्मा होगेल बा । केहु भि भलाई न करले, भलाई करेबाला एक जना भि नईखे (रोमी ३:९-१०,१२)। जईसे हमनी के आदमी के अधर्म देखले बारी, औसही हमनी के परमेश्वर के धार्मिकता भि देखले बारी । धर्मशास्त्र हमनी के बताबले की, परमेश्वर ज्योती बा, आ परमेश्वर मे कौनो भि अन्धकार नईखे (१ युहन्ना १:५) । हमनी के परमेश्वर के धार्मिकता देखली, जब परमेश्वर लुसिफर के, ओकर घमण्ड आ विद्रोह के कारण, स्वर्ग से निकालदेल । हमनी के सुनली, जब परमेश्वर, आदम आ हव्वा के उ सब के, अनाज्ञाकारीता के कारण, बगैंचा से निकालदेल । आदम के सन्तान सब के, पाप के रिण, तिरे सकेबाला पवित्र, उद्धारकर्ता के, संसार मे पठाबेके प्रतिज्ञा कके, परमेश्वर अपन धार्मिकता भि प्रकट कएलक । आ हमनी के, परमेश्वर के वचन मे प्रकट भेल, परमेश्वर के पवित्र चरित्र के बारेमे, बुझले बारी, जे अईसे कहले, बिना खुन बहएले पाप के क्षमा न होखले (हिब्रु ९:२२) । परमेश्वर हाबिल के ग्रहण कएल, समय मे परमेश्वर अपन धार्मिकता के प्रकट कदेल रहे, काहेकी हाबिल परमेश्वर काहा, थुमा के खुन लेअएले रहे, लेकिन परमेश्वर कयिन के ईन्कार कएलक, काहेकी कयिन परमेश्वर के क्षमादान के तिरस्कार कएले रहे । फेरु, हमनी के, नोआ के समयमे परमेश्वर के धार्मिक स्वभावसुनली, जब आदमी सब के, पश्चाताप करेला सय बर्ष देलाके बाद, परमेश्वर के विश्वास स्वीकार न करेबाला, सब के मिटाबेके लागि संसारभर, एगो शक्तिशाली जलप्रलय पठएलक । आ हमनी के अन्तिम कार्यक्रममे, हमनी के परमेश्वर के धार्मिकता के प्रकट भेल सुनली, जब परमेश्वर बाबेल शहर के, आदमी के भाषा के खलबलादेल, जे परमेश्वर के विरुद्ध मे, विद्रोह करईत रहे ।

हँ, परमेश्वर धर्मी बा आ परमेश्वर के धार्मिकता अनुसार, परमेश्वर, आदमी सब के न्याय करेके चाही । अधर्मी पापी सब, परमेश्वर के असल काम, कएल आधार मे परमेश्वर के नजिक जाए ना सकी । परमेश्वर, पाप से दाग लागल, कौनो भि बात के न्याय आ निन्दा करेके चाही । धर्मशास्त्र कहले : हमनी के परमेश्वर, भष्म करेबाला आग बा,.. परमप्रभु अपन आदमी सब के न्याय करी । जीवित परमेश्वर के हात मे परल, भयानक बात बा (हिब्रु १२:२९, १०:३०-३१) आ ईहे से हमनी के देखईसी, कि तोराह के पहिलका ११ अध्याय सब मे, परमेश्वर स्पष्ट रुपमे अपन पूर्ण धार्मिकता के बारेमे, महत्वपूर्ण सत्यता हमनी के बतएले बा ।

एकर मतलब कठी अधर्मी आदमी के परमेश्वर स्वीकार करेके आशा न बा त ? परमेश्वर के प्रशंसा होखो, अपने आ हमनी जईसन पापी सब के लागि, आशा बा ! परमेश्वर अपन अनुग्रह मे, आदम के अधर्मी सन्तान सब के, अपन सामु सही बनाएबाला तरिका प्रकट कएले बा । परमेश्वर, पापी सब के लागि स्थापना कएल, मुक्ति के रास्ता कठी अपने सब के थाह बा ? यदि अपने अभि भि परमेश्वर में, धार्मिकता के रास्ता, न बुझले बारी त, हमनी के अपने सब के, परमेश्वर के मित्र कहेबाला अगमवक्ता(नवी) अब्राहाम के बारेमे, सुनेके क्रम मे अगारी के कार्यक्रम सबमे हमनी सँगे सहभागी होएके लागि स्वागत करईत बारी । अब्राहाम के अचम्म के कथा में, हमनी के परमेश्वर के योजना देखम, जेका माध्यम से अधर्मी सब के, परमेश्वरके नजर मे धर्मी बनाए सकम ।

सुन्के साथ देली, अपने सब के बहुत बहुत धन्यबाद ! आज हमनी के सुनल बचन सब में, परमेश्वर हमनी के आशिष देल । परमेश्वर के वचन अईसे कहले :

काहेकी अगारी लिखल बात सब, हमनी के, शिक्षा के लागि लिखल रहे, यी उद्धेश्य से की, पवित्र शास्त्र से आएबाला स्थीरता आ उत्साह से, हमनी के आशा प्राप्त करे सकु । (रोमी १५:४)

लेकिन एक दिन परमप्रभु परमेश्वर, अब्राम काहाँ देखापरलक आ अब्राम सँगे बोललक, कहके धर्मशास्त्र हमनी के कहले । शुरु के समय मे कभि कभि परमेश्वर, आदमी सब सँगे सिधे बोलईत रहे, काहेकी उ सब सँगे अगमवक्ता सब के लेखल न रहे, कहके जानल ठीक रही । आज परमेश्वर पवित्र धर्मशास्त्र के माध्यम से, आदमी सब सँगे बोलले । जब परमेश्वर अभि भि, दर्शन आ सपना सब के माध्यम से, आदमी सब तक पुगले, तब हमनी के, परमेश्वर के धार्मिकता के, बारेमे जानेवाला बात परमेश्वर के पुस्तक मे मिलले, यी बुझला महत्वपूर्ण बा । जब हमनी के पवित्र बाईबल पढम आ मनन करम, तब हमनी के परमेश्वर के आवाज सुने सकम ।

आउ अब हमनी के, परमेश्वर अब्राम के कठी कहलक सुनु । १२ अध्याय के १ पदमे, हमनी के देखम : अब परमप्रभु अब्राम के कहलक, "तोहर देश आ तोहर कुटुम्ब, आ तोहर पिता के घरसे निकलके, जौन देश हम तोरा देखाहम, उहाँ तु जो ।"

परमेश्वर अब्राम के, कठी आज्ञा देले रहे, हमनी के सुनली ? परमेश्वर अब्राम के, अपन पिता के घर छोरेला, अपन आफन्त सब से, बिदावारी होखेला, अपन देश छोरेला आ परमेश्वर अब्राम के लेजाएबाला देश मे, जाएके कहलक । आदमी के सोचेबाला तरिकामे, परमेश्वर अब्राम के, जठी करेला कहलक, उ एकदम मुस्कील रहे, लेकिन परमेश्वर, अब्राम के लागि, अदभुत योजना सब, राखदेल रहे । आउ अब हमनी के, परमेश्वर अब्राम के, अपन घर छोरके दोसर देशमे जाएके लागि, काहे बोलएलक कहके जानु ।

परमप्रभु अब्राहाम के कहलक, "तोहर देश, आ तोहर कुटुम्ब आ तोहर पिता के घर से निकलके, जौन देश हम, तोरा देखाहम उहाँ तु जो । हम तोरा से एगो बरका जाति, खरा करेबाला बारी, आ तोरा आशिष देम । हम तोहर नाम, प्रसिद्ध करादेम, आ तु आशिष के जर होखबे । तोरा आशिष देबेबाला के हम आशिष देम, आ तोरा श्राप देबेबाला के, श्राप देम । तोरा से हि, पृथ्वी के सब कुल सब, आशिष पाई ।"

परमेश्वर अब्राम के, काहे दोसर देश मे जाएके आज्ञा देलक ? यीहे कारण, परमेश्वर अब्राम के, एगो बरका नयाँ जाती, (राष्ट्र) बनाएके योजना कएले रहे, जेका से, भविष्यवक्ता सब, धर्मशास्त्र सब आ सँसार के मुक्तिदाता आएबाला रहे । यीहे कारण, परमेश्वर अब्राम के अईसे कहके पतिज्ञा कएलक, “हम तोरा से, एगो बरका जाति खरा करेबाला बारी, आ तु आशिषित होएबे, आ पृथ्वी के सब कुलसब तोहरा से आशिष पाई । "यीहाँ महान सत्यता बा । कठी अपने सब, बुझई सी ? परमेश्वर अब्राम के पुर्खा सब के पिता, बनेके चुन्लक, जेका माध्यम से, प्रतिज्ञा कएल उद्धार कर्ता, मानव परिवार मे जन्मेबाला बा । यी उद्धारकर्ता के, सँसार के सब आदमी के मुक्तिदाता बनेके लागि नियोजित कएले रहे, ताकि परमेश्वर मे विश्वास करेबाला, जे केहु भि, शैतान के पाप, आ मृत्यु, आ अनन्त आग से बाँचो । हमनी के सुनली की, जब परमेश्वर अब्राम के बोलएलक, उ समय मे परमेश्वर पापी सब के, मुक्तिदाता के, पृथ्वी मे पठाएके, अपन योजना के साथ, अगारी बरहईत रहे ।

अब्राम अपने संसार के, मुक्तिदाता के पृथ्वी मे, पठाएके अपन योजना के, साथ अगारी बरहईत रहे । अब्राम अपने, संसार के मुक्तिदाता नरहे, लेकिन उ प्रतिज्ञा कएल मुक्तिदाता, आएबाला जाति के पिता बनल रहे ।

उहे प्रतिज्ञा (करार) बा, जे परमेश्वर अब्राम के कएले रहे, यी शर्त मे कि, उ अपन जन्मभूमि छोरके, परमेश्वर के देखाबल देश मे, ओका जाएके रहे । कठी अब्राम, परमेश्वर के आज्ञा पालन कएलक त ? अपने के विचार कठी बा ? परमेश्वर के वचन हमनी के बताबले :

की, परमेश्वर अब्राम के कहल बमोजिम, अब्राम चलगेल.. हारान से निकल के गेलक त, अब्राम ७५ बर्ष के रहे । अब्राम ओकर पत्नी साराई, आ ओकर भतिजा लोत, आ उ सब के जम्मा कएल, सब धन सम्पत्ति आ हारान मे प्राप्त कएल, आदमी सब के लेके कनान देश मे जाएके लागि, निकल गेल, आ उहाँ चलगेल । (उत्पत्ति १२:४-५)

अब्राहाम काहे, परमेश्वर के आज्ञा पालन कएलक, आ अपन पिता के घर आ धर्म से पछारी हटलक ? एकर कारण एगो बा । अब्राम परमेश्वर में, भरोसा राखलक । अब्राम के थाह नरहे, उ काहाँ जाईत बा । लेकिन अब्राम, परमप्रभु के बचन मे विश्वास कएलक, जे अब्राम के अईसे कहले रहे, “निकल के जो, यदि तु निकल के चलजएबे त, हम तोहरा, बहुत आशिष देहम ।”

अब्राम परमेश्वर मे भरोसा राखलक, आ परमप्रभु परमेश्वर के, आज्ञा अनुसार अब्राम अपन देश छोरदेल । परमेश्वर के विश्वासयोग्यता मे, परमेश्वर अब्राम के कनान देश मे लेगेलक, जेका आज प्योस्टाईन, ईस्राएल कहले । धर्मशास्त्र कहले : अब्राम उ देश से, होके गेलक.. उ समय उ देश मे कनानी सब रहईतरहे । परमप्रभु अब्राम कहाँ देखापरलक आ कहलक, “हम यी देश तोहर सन्तान सब के देहम” (उत्पत्ति १२:६-७)

हमनी के जनईसी की, अब्राम के नयाँ जाति, वा राष्ट्र के पिता बनाए के प्रतिज्ञा, करेबाला परमेश्वर, अब्राम के उ देश मे रहेबाला, आउ देश के एगो नयाँ राष्ट्र के वा जाति के स्थापना करेबाला नयाँ भुमिके प्रतिज्ञा भि देलक । परमेश्वर अब्राम कहाँ देखापरके “हम यी देश तोहर सन्तान सब के देहम” कहके प्रतिज्ञा करेके अर्थ भि ईहे बा । हमनी के ईहा मानव बुद्धि के माथ करेबाला बात देखम । उहबा कनान मे रहेबाला आदमी सब रहे । अब्राम आ अब्राम के सन्तान सब, उ देश कईसे प्राप्त करे सकईत ? अब्राम ७५ बर्ष के होगेल रहे । अब्राम के पत्नी, पैंसठी वर्षके, सन्तान विहिन रहे । कठी ओईसने बुढ दम्पती, उ देश के भरिभराउ करे, आ उ देश उपर शासन करेबाला, बेटाबेटी सब आ सन्तान जन्माए सकईत त ? यी कईसे सम्भव होए सकी ?

,

परमेश्वर अब्राहाम के प्रतिज्ञा कएले रहे, एकर बारेमे आउ, हमनी के उदाहरण देबेके कोसिस करु । सन्तान नभेल, आ दुर के देश से भ्रमण करे आएल एगो बृद्ध आदमी के बारेमे विचार करु । उ अपन वृद्ध होएल पत्नी सँगे आबले, जे कहियो गर्भधारण करे नसकल बा। जब उ सब उहाँ पुग्लक, केहु उ सबके कहलक, “एक दिन अपने आ अपने के सन्तान सब, सेनेगल के सम्पूर्ण जमिन अधिकार करी !”

उ बुढ आदमी हँस्के कहलक, " अपने बहुत हस्मुख बारी ! केरौ सन्तान यी जमिन कब्जा करी ? हमरा कौनो सन्तान नईखे, आ हमर पत्नी गर्भधारण करेसे असमर्थ बा, आ अपने हम्रा कहईसी की, हमर सन्तान सेनेगल के, भरिभराउ कके अधिकार करी ? कठी अपने बिमार बारी ? यी परमेश्वर, अब्राम के देल, प्रतिज्ञा बा । परमेश्वर अब्राहम के १३ अध्याय में कथी प्रतिज्ञा देलक सुनु ।

“काहेकी तोहर देखल सब ठाउँ, हम तोरा आ तोहर सन्तान के सदाके लागि देहम। हम तोहर सन्तान के पृथ्वी के धुरा जईसन बरहादेम, केहु धुरा गिन्ती करे सक्जाई त, तोहर सन्तान के भि गिन्ती करे सक्जाई । उठ, देश के चारुओर जो, काहेकी हम उ तोहरा देहम ।” (उत्पत्ति १३:१५-१७)

कठी परमेश्वर अपन, प्रतिज्ञा कएल अनुसार कएलक त ? कठी परमेश्वर अब्राम के एगो बरका राष्ट्र बनएलक त ? कठी परमेश्वर प्यालेष्टाईन के जमिन, अब्राम के सन्तान सब के देलक त ? परमेश्वर पक्का अपन प्रतिज्ञा अनुसार कएलक । पहिले के कार्यक्रम मे, हमनी के अब्राम हिब्रू राष्ट्र के, वा जाति के पिता बनल सुनली, जेका परमेश्वर आज पवित्र भूमी देलक । धर्मशास्त्र कहले : अब्राम परमप्रभु के लागि, एगो वेदी बनएलक, जहाँ परमप्रभु अब्राम कहाँ देखा परल रहे । उहाँ से अब्राम बेथेल के पूरुब ओर, पहाड मे चलगेल, आ बेथेल के पश्चिम, आ ऐ शहर के पूरुब ओरी अपन पाल लगएलक । उहाँ अब्राम, परमेश्वर के लागि एगो वेदी बनाके, परमप्रभु के नाम के पुकारा कएलक । (उत्पत्ति १२:७-८)

अब्राम परमेश्वर के, प्रतिज्ञा कएल देश मे अएला के बाद, अब्राम पहिला काम कठी कएलक त ? अब्राम एगो जनावर मारलक आ अपन बनाएल वेदी मे जरएलक, पाप के बलिदान के स्वर्ग आ पृथ्वी के बीचमे, परमेश्वर आ आदमी के बीच मे रुकगेल । जईसे हाबिल, शेत, हनोक आ नोआ कएले रहे, अउसहिए, अब्राम भि परमेश्वर के पशुबलि चढएलक । अब्राम काहे अईसे कएलक त ? अब्राम अईसे कएलक, काहेकी परमेश्वर अपन देल व्यवस्था रद्ध ना कएलक, जे मे कहल बा : बिना खुन बहरले पाप के क्षमा न होबले (हिब्रु ९:२२) । आदम के सन्तान सब जईसन, अब्राम भि पापी रहे । परमेश्वर अब्राम के पाप सब के बास्ता, न करेके एगो कारण रहे, काहेसे की अब्राम परमेश्वर के विश्वास कएलक, आ परमेश्वर के बलिदान के खुन चरहएलक, जे पापी सब के ठाउँ में, दुःख भोगेला आ मरेला संसार मे. आएबाला पवित्र उद्धारकर्ता के प्रतिक रहे । हमनी के समय पूरा होगेल बा । आज हमनी के अध्ययन कएल, बात सब बहुत महत्वपूर्ण बा आ हमनी के उ सब के भुलाएके नचाही ।

परमेश्वर अब्राम के, अपन पिताके घर त्याग के, दोसर देशमे जाएके लागि, काहे बोलएले रहे कहके, कठी अपने सब, अब बुझली ? हैं, परमेश्वर अब्राम के, एगो नयाँ जाति, आ राष्ट्र बनाएके चाहईत रहे, जौन पृथ्वी के, सब आदमी के लागि, आशिष के दुआर होई । परमेश्वर अब्राम सँगे, जठी करेके योजना बनएले रहे, उ अदभुत योजना के एगो हिस्सा रहे, जौन परमेश्वर अदन के बगैंचा मे आदम आ हव्वा पाप कएल दिन मे, घोषणा कएले रहे । आदम के सन्तान सब के शैतान के शक्ति से छुटकारा देबेके लागि, संसार मे आएबाला आदमी के परमेश्वर कईसे प्रतिज्ञा कएले रहे, कहके कठी अपने के याद बा ? दु हजार बर्ष बाद, अब्राम के समय में, परमेश्वर अपन प्रतिज्ञा ना भुलएलक ।

परमेश्वर अपन विश्वासयाग्यता मे, अब्राम के बोलएलक, ताकि उ एगो राष्ट्र के पिता बने सको, जेका माध्यम से प्रतिज्ञा कएल मुक्तिदाता संसार मे आएबाला रहे । कारण परमेश्वर अब्राहम के अईसे कहके प्रतिज्ञा कएलक,

हम तोरा से एगो बरका जाति खडा करम, आ तोहरा आशिष देम । हम तोहर नाम प्रसिद्ध करादेम, आ तु आशिष के जर होखबे । तोहरा आशिष देबेबाला के हम आशिष देहम, आ तोरा श्राप देबेबाला के हम श्राप देम । तोहरे से पृथ्वी के सब कुल के आशिष मिली । ” (उत्पत्ति १२:२-३) ।

।

कठी अपने आजुके बचन बुझली त ? आज हमनी के अध्ययन कएल बात से, कुछ प्रश्न सब पुछेके

चाहम ।

काहे परमेश्वर, अब्राम के अपन घर छोरके, नयाँ देश मे जाए के कहलक ? काहेकी परमेश्वर अब्राम के नयाँ राष्ट्र वा जाती बनाएके योजना कएले रहे । काहे परमेश्वर, अब्राम के, नयाँ राष्ट्र बनाएके चाहलक ? काहेकी उ, राष्ट्ररहे जहाँसे परमेश्वर के लागि अगमवक्ता (नवी) सब, पवित्र धर्मशास्त्र, आ अन्त मे उद्धार कर्ता प्रदान करेके चाहईत रहे । हमनी के देखम की, जब परमेश्वर अब्राम के बोलएलक, तब परमेश्वर, अपने सबके आ हमनी सब के, हमनी के परिवार सबके, आ भाषा सबके आशिर्वाद देबे के अपन योजना के साथ अगारी बरहईत रहे ।

प्रिय स्रोता सब, सुन्के साथ देली अपने सबके बहुत बहुत धन्यबाद । हमनी के दोसर कार्यक्रम में, अब्राम के काहे, परमेश्वर के मित्र कहले, कहके जानम । अब्राम के परमेश्वर देल, प्रतिज्ञा मे मनन् करईत परमेश्वर हमनी के आशिषित होएल होएम :

हम तोहरा से एगो बरका जाति खरा करम.. तु आषिश के जर होखबे । तोरा माध्यम से पृथ्वी के सब कुल सब आशिष पाई । (उत्पति १२:२-३)

कार्यक्रम १९

परमेश्वर के मित्र अब्राहम

उत्पत्ति १३-१५

कठी अपने अगमवक्ता (नवी) अब्राहाम के, जीवन से शक्तिशाली सत्यता सब पत्ता लगाएके लागि, तयार बारी ? बितल कार्यक्रम मे हमनी के सुनली की, शुरुमे ओकर नाम अब्राहाम नारहे, लेकिन अब्राम रहे ।

अब्राम के कल्दी देश मे, जन्म भेल रहे, जेका ईराक कहले । उ देश के आदमी सब, मुर्ति पूजा करईत रहे । एकदिन परमप्रभु परमेश्वर, अब्राम कहाँ देखा परलक, आ अब्राम के अपन, पिता के घर छोड़ के, परमप्रभु परमेश्वर, के देखाबल देश मे जाएला कहलक ।

परमेश्वर अब्राम के, दोसर देशमे जाएके आज्ञा देलक, कठी अपने के याद बा ? परमेश्वर कहले रहे, काहेकी, परमेश्वर अब्राम के एगो नयाँ राष्ट्र वा जाति बनाएके योजना बनएले रहे, जेका से परमेश्वर अगमवक्तासब, पबित्र धर्मशास्त्र, आ अन्त मे संसार के मुक्तिादाता आएबाला रहे । परमेश्वर अब्राम के बोलएलक, परमेश्वर जौन उद्धारकर्ता के संसार मे लेआएके अपन योजना के साथ अगारी बरहईत रहे, ई बात हमनी के पत्ता लगएले रहली । ईहेसे परमेश्वर अब्राम के कहलक, "तु आशिष के जर होखबे... तोहरे से पृथ्वी के सब कुल आशिष पाई । " (उत्पत्ति १२:२-३)

हमनी के सुनलीकी, अब्राम परमेश्वर के आज्ञा पालन कएलक, आ अपन शहर छोरदेल । परमेश्वर अब्राम के, कहाँ लेजाईत बा थाह नरहे । जब अब्राम अपन पिता के घर छोरलक, उ समय मे अब्राम ७५ वर्ष के रहे । अब्राम अपन साथ मे, अपन पत्नी साराई, आ अपन जेठ दाजु के बेटा लोत, भेडा आ बाख्रा, गाई वस्तु के बगाल, आ बहुत नोकर सब भि लेके गेल रहे । उ सब कनान ओर गेलक । कनान देश उहे बा, जौन आज प्यालेस्टाईन वा ईस्राएल कहके चिन्हले ।

जब अब्राम कनान देश पुगेल, तब परमप्रभु अब्राम कहाँ प्रकट भेलक आ कहलक, “हम यी देश तोहर सन्तान सब के देहम ।” (उत्पत्ति १२:७) नयाँ राष्ट्र वा जाति के पिता, बनादेहम कहके, अब्राम के प्रतिज्ञा करेबाला परमेश्वर, अब्राम के सन्तान सब के लागि, भि एगो नयाँ राष्ट्र देहम कहके प्रतिज्ञा कएलक । अविश्वासनीय ! अब्राम आ अब्राम के पत्नी वृद्ध भेगेल रहे, आ उ सब के कौनो सन्तान न रहे । फिर कईसे उ सब, उ देश सन्तान से भरे सकईत त ? हमनी के जल्दीए एकालागि, परमेश्वर के जवाफ सुनम ।

आउ, अब हमनी के अब्राम के कथामे अगारी बढु । हमनी के

उत्पत्ति के पुस्तक के अध्याय

मे अध्ययन करईसी । ई अध्याय मे हमनी के अब्राम आ अब्राम के भतिजा, लोत बीच कठी भेलक कहके सुनु । धर्मशास्त्र कहले :

पालल पशु, सोना आ चाँदी से अब्राम, बहुत धनीक रहे । अब्राम नेगेब से यात्रा कके, बेथेल के उ ठाउँ मे आगेल, जहाँ शुरुमे बेथेल, आ ए के बीच मे अब्राम पाल टाँगले रहे, आ जहाँ अब्राम पहिले बेदी बनएले रहे । उहाँ अब्राम, परमेश्वर के पुकारा कएलक । अब्राम के साथमे चलेबाला, लोत के भि भेडाबाखा आ गाईबस्तु सब के बगाल, आ पाल सब रहे । उ जमिन अब्राम आ लोत के, अवस्था धाने ना सकलक, काहेकी उ सब के भेडाबाखा, आ गाईबस्तु सब के सम्पत्ति, एतना जादा रहे की, उ सब साथ मे रहे नसक्लक । अब्राम आ लोत के गाई बस्तु के, चरवाहा सब के बीचमे, झगडा भि भेलक ।

अब्राम लोत के कहलक, "तोहर आ हमर बीचमे, आ तोहर आ हमर चरवाहा सब के बीचमे, झगडा न होखो, काहेकी हमनी के त नातेदार बारी । सारा देश तोहर अगारी बा । तु हम्रा से अलग होजाव । तु बायाँ जएब त, हम दायाँ जाहम, अथवा तु दायाँ जएब त हम बायाँ जाहम । "

लोत अपन आँख उठाके देखलक, आ यर्दन के बेसी परमप्रभु के बगैंचा जईसन, आ सोअर ओर के मिश्र देश जईसन, चारुओर प्रसस्त पानी से भिजल रहे । (परमप्रभु सदोम आ गमोरा सर्वनाश करेसे अगारी के बात बा) ईहे कारण लोत यर्दन के सब बेसी, रोज के पूरुब ओर लागेल । अब्राम आ लोत छुटगेल ।

अब्राम कनान देश मे रहे लागल । लोत बेसी के शहर सब मे रहे लागल | अब्राम अपन पाल सदोम तक फैललक । सदोम के आदमी सब दुष्ट रहे, आ परमप्रभु के विरुद्ध मे बहुत पाप करईत रहे । (उत्पत्ति १३:२-१३)

लोत के कएल छनोट के विषय मे, अपने सब कठी विचार करईसी ? लोत हराभरा खेत सब छानलक, आ अपन काका अब्राम के सुख्खा खेत सब सँगे छोरदेल । लेकिन लोत के चुनल भाग सदोम के ईलाका रहे, जौन शहर दुष्टता से भरल रहे ।

लोत अपने ईच्छा के रोजलक, जब कि अब्राम परमेश्वर के ईच्छा रोजले रहे । अब आएबाला दुगो अध्ययन सब के प्रभु के ईच्छा में, हमनी के अपने ईच्छा के चुनेबाला लोत के कठी भेल कहके सुनम । अन्त मे लोत सब चिज गवादेल । सब चिज, परमप्रभु अपन परमेश्वर के हात मे, सुम्पेबाला अब्राम के बात करम त, परमेश्वर अब्रामके बहुत आशिष देलक ।

लोत आ अब्राम के कथास, हमनी के कईसे लाभ उठाए सकम त ? सायद हमनी के अपने आपके एगो साधारण प्रश्न पुछ्के बुझ सकम । उ दु जन मध्ये, हमनीके मन परेबाला आदमी के बा ? लोत कि अब्राम ? कठी हमनीके लोत के जईसन, संसार के चिज सब खोजईत बारी ? कि अब्राम जईसन अनन्त के चिज खोजईत बारी ? अब्राहाम आ लोत जईसन, हमनी के सब जन, अपन ईच्छा आ परमेश्वर के ईच्छा छनोट करेके परी । जे बुद्धिमान बा, उ परमेश्वर के ईच्छा खोजले । धर्मशास्त्र कहले

काहेकी आदमी सारा संसार, अपन हात मे लेके, अपन जीवन गुमादि, त उ आदमी के कठी लाभ होई त ? (मर्कुस ८:३६) संसार वा संसार मे रहल चीजसब के प्रेम नकर... (काहेकी) संसार अपन अभिलाषा सहित बिजाई, लेकिन जे परमेश्वर के ईच्छा अनुसार चली, उ आदमी सदाकाल जीवीत रही । (१ युहन्ना २:१५,१७)

अपने सब ई से बेसी, अउर कठी चाहईत बारी ? बितके जाएबाला चीज सब, कि सदासर्वदा रहेबाला परमेश्वर के बचन ?

अब अब्राम के कथा के निरन्तरता देउः

लोत अब्राम से अलग भेला के बाद, परमप्रभु परमेश्वर, अब्राम के कहलक, “अब तोहर आँख उठा के अपन ठाउँ से उत्तर, दक्षिण, पूर्व आ पश्चिम ओर देख । तोहर देखल सब ठाउँ, हम तोहरा आ तोहर सन्तान के सदा के लागि देहम । हम तोहर सन्तान के, पृथ्वी के धुरा जईसन बरहाम, ईहा तक की केहु धुरा गन्ली, त तोहर सन्तान भिगने सक्जाई । उठ देश के चारुओर जो, काहेकी उ हम तोहरा देहम । तब अब्राम अपन पाल, फैला के हेब्रोन मे अएलक । उहाँ आके अब्राम रहे लागलक । उहाँ परमप्रभु के लागि अब्राम एगो बेदी बनएलक ।(उत्पत्ति १३:१४-१८)

एकाबाद, दर्शन मे अब्राम कहाँ परमप्रभु के ई बचन अएलक, “अब्राम, तु नडेरा । तोहर ढाल हम ही बारी, आ तोहर ईनाम बहुत बरका होई ।” लेकिन अब्राम कहलक, “हे परमप्रभु परमेश्वर, अपने हम्रा कठी देहम ? काहेकी हम सन्तान विहिन बारी, हमर घर के उत्तराधिकारी, दमस्कस के एलीजर होई ।" फीर अब्राम कहलक, “देख, अपने हमरा सन्तान न देली, आ हमर घरमे जन्मेबाला दास हमर उत्तराधिकारी होई ।” तब परमप्रभु के यी बचन अब्राम कहाँ अएलक, “यी आदमी तोहर उत्तराधिकारी न होई, लेकिन जे तोहर अपन बेटा होई, उहे तोहर उत्तराधिकारी होई ।” आ परमेश्वर अब्राम के बाहर लेजाके कहलक, "आकाश ओर देख, तारा गीन्ती करे सकब की न सक्बे, गिन्ती करके देख ।” परमप्रभु अब्राम के कहलक, "तोहर सन्तान सब भि तारा जेतना होई ।” अब अब्राम परमप्रभु मे विश्वास कएलक, आ यी अब्राम के धार्मिकता मे गिन्ती होलक । (उत्पत्ति १५:१-६)

अब्राम के परमेश्वर के कएल यी प्रतिज्ञा पत्याएला केतना गाह्रो भेल होई, विचार करु त । अब्राम आ अब्राम के पत्नी बृद्ध रहे, आ उ सब के कौनो सन्तान न रहे। फिर भि, परमेश्वर अब्राम के जारी कएल महान आदमी सब के बारेमे, प्रतिज्ञा सब करते रहगेल । यी कईसे होखे सकी : अब्राम कईसे महान राष्ट्र के, वा जाति के पिता बनेसकईत ? जहाँ एगो जहाफ बा : एक साँचो सत्य परमेश्वर, सब कुछ करेसकेबाला बा । परमेश्वर महान बा ! परमेश्वर के लागि कौनो काम असम्भव न बा । परमेश्वर अपन प्रतिज्ञा कएल काम पूरा करले ।

अब्राम के बारेमे कठी कहम त ? कठी अब्राम परमप्रभु के विश्वास कएलक त ? धर्मशास्त्र कहले :अब्राम परमप्रभु मे विश्वास कएलक, जे अब्राम के धार्मिक ठेहरएलक । परमेश्वर अब्राम के प्रतिज्ञा कएल बात, केतना अचम्म लागेबाला बा, जौन आदमी के रुपमे, कहम त असम्भव काम रहे ।

आ अब्राम कईसन प्रतिज्ञा कएलक त ? परमेश्वर अब्राम के प्रतिज्ञा कएल बात, मे अब्राम विश्वास कएलक । आ परमेश्वर कठी कएलक त ? परमेश्वर अब्राम के, परमेश्वर आ परमेश्वर के योजना सब, विश्वास करेके कारण धर्मी ठहरएलक । परमेश्वर के धर्मी ठहराएल, आदमी सब के हृदय के, यी सत्यता खुशी बनाएले होई । काहे परमेश्वर अब्राम के धर्मी ठहरएलक त ? कठी अब्राम अपना मे, एक सिद्ध आ धर्मी आदमी रहे त ? नारहे। हमनी के दोसर कार्यक्रम मे, आदम के सब सन्तान, अपने आ हम्रा जईसन, पापी स्वभाव रहे कहके सुनम । लेकिन काहे परमेश्वर, अब्राम के धर्मी ठहरएलक त ? परमेश्वर अब्राम के धर्मी ठहरएलक, काहेकी अब्राम, परमेश्वर के कहल बचन मे, विश्वास कएलक । धर्मशास्त्र कहलेः अब्राम परमप्रभु मे विश्वास कएलक, आ अब्राम के विश्वास के कारण, परमप्रभु अब्राम के धार्मिक ठहरएलक (उत्पत्ति १५:६) ।

परमेश्वर के विश्वास कएला के अर्थ कठी बा ? अगमवक्ता सब के धर्मशास्त्र सब, हिब्रू भाषा मे लिखल रहे, कहके हमनी के थाह बा । हिब्रू मे विश्वास शब्द के लागि, अमेन शब्द चलाएल बा, जेका से हमनी के, " आमेन" कहेबाला शब्द भेटाईसी । जब हमनी के आमेन कहईसी, तब हमनी के “हँ, यी बात सत्य बा” वा “हँ, हम ई बात मे सहमत बारी” कहके कहईसी । विश्वास के मतलब ईहे बा । जब परमेश्वर अब्राम के प्रतिज्ञा कएलक, अब्राम के हृदय के प्रतिकृया रहे : " आमेन । हँ । यी सत्य बा । हम अपने के बचन, मे विश्वास करईसी ।” परमप्रभु के बचन के लागि, उ सरल आमेन के आधारमे परमेश्वर अब्राम के धर्मी कहके घोषना कएलक ।

आ, अपने अपन बारेमे कठी कहईसी ? परमेश्वर अब्राम के, जईसे धर्मी ठहरएलक, परमेश्वर अपने के भी, धर्मी ठहराएके चाहले । लेकिन, जईसे अब्राम परमेश्वर में भरोसा कएले रहे, अपने के भि परमेश्वरमे भरोसा करेके परी । अपने के परमेश्वर के कहल बचन मे, विश्वास करही के परी, चाहे उ असजिलो काहेन होखो । अपनेके परमेश्वर के सत्य बचन के, स्वीकार करही के परी, चाहे अपनेके नातेदार वा साथी सब, विश्वास नकरो । परमेश्वर अपने के अपन धार्मिकताके लुगा, लगाबेके चाहले आ अपन पवित्र उपस्थिति में, सबदिन के लागि बाँचेके अधिकार देबेके चाहले, लेकिन अपने के परमेश्वर, आ परमेश्वर के मुक्ति के रास्ता मे, भरोसा करही के परी । पवित्र धर्मशास्त्र अईसे कहले : विना विश्वास परमेश्वर के प्रसन्न कएला असम्भव बा.. (हिब्रू ११:६), काहेसे अनुग्रह से विश्वासद्धारा, तोहनी सब उद्धार पएले बारे, आ यी तोहनी के अपने से न, ई त परमेश्वर के बरदान बा, कर्मसे न, नत केहु घमण्ड करी (एफिसी २:८ - ९) ।

अब शरीर अनुसार हमनी के, पुर्खा अब्राहाम के सम्बन्ध मे हमनी के कठी कहू त ? यदि अब्राहाम काम से धर्मी ठहरईत, त अब्राहाम के घमण्ड करेला ठाउँ रहईत, लेकिन परमेश्वर के अगारी त न । काहेकी पवित्र शास्त्र कहले ? " अब्राहाम परमेश्वर मे विश्वास कएलक, आ उ अब्राहाम के लागि धार्मिकता मे गिन्ती होलक । " (रोमी ४:१-३)

परमेश्वर अब्राम के सिद्ध धार्मिकता के बरदान देलक, कहके परमेश्वर के कहल बचन में अब्राम विश्वास कएलक । आ सबसे अचम्म के बात धर्मशास्त्र कहले :

धार्मिकता गिन्ती भेल बा कहके, यी बचन अब्राम के खातिर मात्र न लिखल बा, लेकिन हमनी के लागि भि बा । हमनी के प्रभु येशु मरके जीन्दा होएल मे विश्वास करईसी, यी हमनी के लागि भि, धार्मिक गिन्ती होई। प्रभु येशु हमनी के अपराध के लागि मरलक, आ हमनी के धर्मी ठहराएला, जीन्दा होगेल । (रोमी ४:२३ - २५)

हमनी के प्रभु येशु, परमेश्वर मे धार्मिक बने सकु, कहके हमनी के, लागि पाप बनएलक । (२ कोरिन्थी ५:२१) बसेकी ? कठी अपने साँचो परमेश्वर के विश्वास करईसी ? अपने परमेश्वर के अस्तित्व बा, कहके विश्वास करईसी की न, कहके हमनी के न पुछईत बारी, अथवा परमेश्वर एक मात्र बा कहके यी बात मे अपने विश्वास करईसी कि न कहके भि हमनी के अपने से, न पुछईत बारी । धर्मशास्त्र कहले : तोहनी सब विश्वास करईसे, की परमेश्वर एगो बा । उ असल बा । भूतात्मा सब भि विश्वास करले आ थर थर कापले (याकुब २:१९)

शैतान के भि थाह बा कि, उहाँ एक मात्र परमेश्वर बा । एगो परमेश्वर बा, कहके विश्वास कएला से मात्र, परमेश्वर अपने सबके पाप, क्षमा नकरी आ अपने सब के धर्मी घोषणा न करी । अपने के परमेश्वर के बचन में विश्वास करेके आ उ बचन मे अपने समर्पित होउ कहके परमेश्वर चाहले । अगमवक्ता के लिखल बचन के माध्यम से,

परमेश्वर अपने सँगे बात करेके चाहले । अपने कईसे सदाके लागि, परमेश्वर आ पवित्र जन सब के सामने, धर्मी बने सकम कहके यी देखाबले ।

प्रिय स्रोता सब, कठी परमेश्वर अपनेके अपन धार्मिकता के बस्त्र पेन्हएले बा ? वा कठी अपने धार्मिकता के बस्त्र मात्र लगागे बईथल बारी, कठी अपने परमेश्वर के विश्वायोग्य बचन सुनईत बारी, वा आदमी सब के अविश्वासनीय बचन सब सुनईत बारी ? पवित्र धर्मशास्त्र परमेश्वर के माध्ययम से स्थापित धार्मिकता के रास्ता के बारेमे, कठी घोषणा करले कहके कठी अपने के थाह बा ? कठी अपने एका विश्वास कएले बारी त ? अब्राम के बारेमे कहम त, अब्राम परमेश्वर के बचन के विश्वास कएलक, एकर अर्थ अब्राम अपन नातेदार सब, आ अपन बाबु के धर्म छोरदेल रहे । यीहे कारण से अब्राम के परमेश्वर के मित्र कहले । धर्मशास्त्र हमनी के ईहे कहले । “अब्राहाम परमेश्वर के विश्वास कएलक, आ यी अब्राहाम के लागि धार्मिकता मे गिन्ती होलक, " (याकुब २:२३) । आ, अब्राहाम के परमेश्वर के मित्र कहलक । अपने के बारेमे कठी त ? कठी अपने परमेश्वर के मित्र बारी ?

आज हमनी के एहिजे रुकेके परी । सुनेके लागि बहुत बहुत धन्यबाद । दोसर कार्यक्रम मे हमनी के अब्राम आ ईस्माएल के कथा के लागि, हमनी के अपने सब के फेर हमनी से जुरेके लागि आमन्त्रण करईत बारी । परमेश्वर के बचन से यी शक्तिशाली पद के स्मरण करईत परमेश्वर अपने सब के आषिश देले होखी

'अब्राहाम परमेश्वर के विश्वास कएलक, आ यी अब्राहाम के लागि धार्मिकता गिन्ती होलक, " (याकुब २:२३) । आ अब्राहाम के परमेश्वरके मित्र कहलक । (याकुब २:२३)

कार्यक्रम २०

अब्राहाम आ ईस्माएल

उत्पत्ति १६-१७

हमनी के वितल कार्यक्रम मे पवित्र धर्मशास्त्र के अगमवक्ता अब्राहाम के कथा के बारेमे, जानकारी देबेके शुरु कएले रहली । शूरु मे ओकर नाम अब्राम रहे। लेकिन आज के, कार्यक्रम मे हमनी के काहे परमेश्वर अब्राम के नाम, परिवर्तन कके अब्राहाम राखदेल, यी बात के पत्ता लगाहम ।

आज के कार्यक्रम के पहिलका भाग दुःख लागेबाला बा, जे अब्राम के कएल कुछ बात के, बताबले जौन बात से परमेश्वर के दुःख लागले । केतना आदमी सब, परमेश्वर के अगमवक्ता सब पाप नकरले कहके सोचले, लेकिन पवित्र धर्मशास्त्र यी घोषणा करले :

उहाँ कौनो भिन्नता न बा, काहेकी सब पाप कएले बा, आ परमेश्वर के महिमा तक पुगेसे चुकगेल बा (रोमी ३:२२-२३) । यदि हमनी के पाप नकएले बारी, कहम त हमनी के परमेश्वर के झुठा ठहराम, आ हमनी मे परमेश्वर के बचन नरही (१ युहन्ना १:१०) ।

हमनी के पहिलहि सुन्ली की, कईसे आदम के पाप सब, आदमी सब मे फैलगेल, - जवान आदमी आ वृद्ध, पुरुष आ महिला, मूर्तिपूजक आ अगमवक्ता सब समेत मे । आदम के पाप के कारण एक जना आदमी मे मात्र, पाप के दाग न लागल रहे । उ व्यक्ति एक पवित्र उद्धारकर्ता बा, जेका परमेश्वर हमनी के ठाउँ मे, पाप के दण्ड तिरेके लागि पृथ्वी मे पठएले रहे । ओका मे पाप के दाग लागल न रहे, काहेकी उ उपर से, परमेश्वर के पवित्र उपस्थिति से आएल रहे । उ मानव परिवार मे अएलक, लेकिन मानव परिवार से उत्पन्न ना भेल रहे ।

हमनी के पहिलका दुगो पाठ सब मे, परमेश्वर कईसे अब्राम के एगो बरका राष्ट्र के पिता बनाएके प्रतिज्ञा कएले रहे, जेका से एक जना मुक्तिदाता आएबाला बा, कहके बारेमे देखले रली । अब्राम आ अब्राम के पत्नी एतना वृद्ध भेगेल रहे की, उ सब के कौनो सन्तान न रहे, आ उ बात अब्राम के परमेश्वर के बचन मे शंका लगाए न सकलक । अब्राम के परमेश्वर सन्तान देहम, कहके पहिले प्रतिज्ञा कएला के दश वर्ष बाद, अब्राम परमेश्वर के प्रतिज्ञा के पूरा करेला, सहायता करेके कोसिस कएलक, आ उ काम से कईसे, अब्राम के अधैर्यता के कारण, अब्राम के कईसन बहुत समस्या सब अएलक कहके हमनी के देखम |

आउ आब हमनी के, अब्राम आ साराई परमेश्वर के प्रतिज्ञा कएल बेटा जन्माएके प्रयास मे कईसे बातचित सब व्यवस्थीत कएलक कहके तोराह में निरन्तरता देउ । उत्पत्तिके पुस्तक अध्याय १६ मे हमनी के पढम :

1

अपन पत्नी साराई से, अब्राम के कौनो सन्तान ना भेल रहे । लेकिन हागार नाम भेल, साराई के एगो मिश्री कमारी रहे । साराई अब्राम के कहलक, " देखु, परमप्रभु हमर कोख बन्द कदेल बा । यीहेकारण हमर कमारी कहाँ जाउ । शायद ओका से हमरा लागि सन्तान होजाई ।" अब्राम कनान मे रहला दश वर्ष के बाद, अब्राम के पत्नी साराई

अपन कमारी, हागार के, अपन पति अब्राम के पत्नी, होए के लागि कहलक । आ अब्राम हागार कहाँ गेलक, आ हागार गर्भवती होगेल । जब हागार, हम गर्भवती बारी कहके जनलक, तब उ अपन मालिक्नी के तुच्छ दृष्टि से देखे लागल । साराई अब्राम के कहलक,“हम्मा उपर के अन्याय अपनही के उपर परो । हम अपन कमारी अपने के काखमे देली, आ उ गर्भवती होएते, मातुर हम्मा तुच्छ दृष्टि से देखे लागलक । परमप्रभु अपने आ हमर बीच मे ईन्साफ करदेव ।” लेकिन अब्राम साराई के कहलक, “देख, तोहर कमारी तोहरे हात मे बा । ओका के जठी करके मन बा, तु कर।" तब साराई हागार से कठोर व्यवहार करेलागल, आ हागार साराई के सामने से भागेल । (उत्पत्ति १६:१-६)

अब्राम के पाप, ओकर घर परिवार मे कईसे कटुत आ द्धन्द्ध, उत्पन्न करादेल कहके हमनी के देखईसी । हागार गर्भवती भेलासे साराई ईर्ष्यालु रहे । हागार साराई के, दुर्व्यवहारके डर से भागेल ।

धर्मशास्त्र कहले :

परमप्रभु के दूत हागार के उजाड स्थान मे.. भेटएलक । आ पुछलक, “ए साराई के दासी हागार, काहाँसे अएले आ काहाँ जाईत बारे ?" हागार कहलक, "हमर मालिक्नी साराई से भागईत बारी ।” परमप्रभु के दूत हागार के कहलक, तोहर मालिक्नी कहाँ फिर के जो, आ ओके अधिन मे रह ।” परमप्रभु के दूत फेर हागार के कहलक, “हम तोहर वंश के एतना बरहादेबौ, कि उ बहुते ज्यादा होएके कारण केहु गिन्ती करे नसकी ।” परमप्रभु के स्वर्गदूत कहलक," तु गर्भवती बारे, आ तु एगो बेटा जन्मएबे । तु ओकर नाम ईस्माएल राखिहे, काहेकी, परमप्रभु तोहर दुख देखले हौ । अनी सद से, उ जमी यथा । ओकर हात सबके विरुद्ध मे उठी, आ सबके हात ओकर विरुद्ध मे उठी । अपन सब नातेदार के, शत्रूता मे उ रही । (उत्पत्ति १६: ७-१२) ।

उ दिन परमप्रभु हागार के लागि, एक दम बन्हिया आ विशेष किसिम के प्रेम, आ वास्ता देखएलक । उहेसे हागार, अपनासँगे बातचित करेबाला परमप्रभु के अईसन नाम देलक, "हम्मा देखेबाला परमेश्वर अपने बारी ।" काहेसे हागार कहलक, “हम साँचो परमेश्वर के देखले बारी, आ परमेश्वर के देखके, हम जीवीत बारी ।” (उत्पत्ति १६:१३) एका बाद हागार, परमप्रभु के दुत के आज्ञा कएल अनुसार, अपन मालिक्नी साराई कहाँ फीरके गेलक ।

आ हागार अब्राम के लागि एगो बेटा जन्मएलक । अब्राम, हागार के जन्माएल बेटा के नाम, ईस्माएल राखलक । जब ईस्माएल जनम लेलका तब अब्राम छयासी बर्ष के पुगल रहे । (उत्पत्ति १६:१५-१६)

परमेश्वर ईश्माएल के देखभाल कएलक । ईश्माएलके लागि, परमेश्वर के एगो योजना रहे, लेकिन ईश्माएल, परमेश्वर के प्रतिज्ञा कएल, अब्राम के बेटा न रहे ।

13

अब्राम के नयाँ राष्ट्र बनाएके, परमेश्वर के अद्भुत योजना, परिवर्तन भेल ना रहे । अब्राम के जईसन परमेश्वर के, कौनो जल्दी न रहले । परमेश्वर अपन प्रतिज्ञा पूरा करेला, देर करले, लेकिन परमेश्वर अपन प्रतिज्ञा पूरा करले ।

ईश्माएल के जन्म के बाद, तेह्र बर्ष तक अब्राम के कुछो न कहके, परमेश्वर चुपचाप रहलक । लेकिन एकदिन परमेश्वर अब्राम सँगे फेर बोललक । लम्बा समय के मौनता के बाद, अब्राम के परमेश्वर कएल घोषणा सुनु । धर्मशास्त्र कठी कहले :

जब अब्राम निन्यान्बे वर्ष के भेलक, तब परमप्रभु अब्राम कहाँ देखा परलक, आ अब्राम के कहलक, "हम सर्वशक्तिमान परमेश्वर बारी । हमर साथ चल आ निर्दोष बन्के रह । हमर आ तोहर बीचमे हम अपन करार पक्का करम, आ हम तोहरा बहुत वृद्धि करदेम ।" तब अब्राम घोप्टो परगेल आ परमेश्वर अब्राम के कहलक, “देख, यी हमर करार तोहरा सँगे बा । तु असंख्य जाति, समुह के पिता होखने । अब के बाद तोहर नाम अब्राम न रही, लेकिन अब्राहाम रही, काहेकी हम तोहरा, असंख्य जाति समूह के पिता ठहरएले बारी । हम तोहरा अत्यन्त फरईत फूलईत तुल्याम, आ तोरा से बहुत जाति सब उत्पन्न करम | तोहरा से राजा सब उत्पन्न होई । तु आ तोहरा बादके, तोहर सन्तान सब के बिच मे, हम अपन करार युगयुग तक स्थापित करम । तोहर प्रवास कएल ई देश, अर्थात सारा कनान देश, तु आ तोहर भावी सन्तान के, अनन्त अधिकार के लागि देहम, आ हम तोहनी के परमेश्वर रहम ।” परमेश्वर अब्राहाम के कहलक,“ तोहरा के हमर करार पालन करेके परी, तु आ तोरा बादके तोहर सन्तान सब, आ ओकर पुस्ता तक । हमर आ तोहर, आ तोहरा बाद के सन्तान सब के बीच मे पालन करेबाला हमर करार ईहे बा: तोहनी सब मध्ये हरेक पुरुष के खतना होएके परी । तोहनी के अपन खलडी के खतना होएके परी । हमर आ तोहनी के बीच के, करार के चिन्हा ईहे रही । तोहनी सब के पुस्ता मे हरेक पुरुष आठ दिन मे खतना करो, आ उ सब भि, जे तोहनी सब के सन्तान न बा, चाहे घरमे जन्म लेले होए, अथवा विदेशी से दाम तिर के किनल होए ।”

फेर परमेश्वर अब्राम के कहलक, "तोहर पत्नी साराई के, अब से साराई नाम से न बोला, आज से ओकर नाम सारा रही । हम ओका आशिष देहम, आ उ बहुत जाति सब के माई होखी । जाति जाति के राजा सब ओका से उत्पन्न होई ।" तब अब्राहाम मनेमने हस्के कहलक, "कठी सय बर्ष के आदमी के सन्तान होई ? नब्बे वर्ष पुगल सारा बालक जन्माई त ?” अब्राहाम परमेश्वर के कहलक, "ईश्माएल अपने के आशिष मे बाँचि त होई ।” तब परमेश्वर कहलक, “हँ, लेकिन तोहर पत्नी सारा, तोरा लागि एक जना बेटा के जन्म दी, आ तु ओकर नाम ईसाहाक राखने । हम ओकासे आ ओका बाद आएबाला सन्तान से अपन करार स्थापित करम । आ इश्माएल के विषय मे हम तोहर विन्ती सुनली । देख, हम ओका आशिष देम आ हम ओका फरईत फूलाईत प्रशस्त बृद्धि करम । बाह शासक के उ पिता होई आ हम ओका से एगो बरका जाति खरा करम । लेकिन हमर करार त हम, ईसाहाक सँगे स्थापित करम, जेका के सारा आएबाला साल, यी महिना मे जन्माई ।” (उत्पत्ति १७:१-१२, १५-२१)

अब्राम कईसे, अपन पत्नी के सल्लाह सुन्के, अपन नोकर्नी हागार सँगे सुते गेल रहे, ई बात के विवरण इहे बा । अब्राम जठी कएलक उ गलत रहे। ईश्माएल, परमेश्वर के प्रतिज्ञा कएल सारा आ अब्राहाम के बेटा न रहे। लेकिन आदमी सब के अविश्वास, परमेश्वर के विश्वासयोग्यता के विफल करे नसकी

हमनी के भरखर सुनली की, अब्राम ९९ बर्ष के समय मे, परमेश्वर अब्राम सँगे कएल प्रतिज्ञा के पुष्टि करेला अब्राम कहाँ पुनः देखा परलक । उहेसे परमप्रभु कहलक, सर्वशक्तिमान परमेश्वर हम हि बारी,.. तुही असंख्य जाति के पिता होखबे । अब से तोहर नाम अब्राम न रही, लेकिन तोहर नाम अब्राहाम होई, काहेकी हम तोहरा बहुत जाति के पिता

बनएबाला बारी ।" अपन मुक्ति के योजना ध्यान मे राखईत, परमेश्वर अब्राम के नाम अब्राहाम मे बदलदेल रहे, जेकर अर्थ बहुत जन के पिता रहे । परमेश्वर साराई के नाम भि सारा कहके राख्देल, जेकर अर्थ राजकुमारी बा ।

एकर बारेमे सोचु । ईहा एगो वृद्ध भेल दम्पत्ति बा, जेका अपन कौनो सन्तान न बा : अब्राम आ साराई । अब कठी होई, ई घोषणा करेके लागि परमेश्वर, उ सबके नयाँ नाम सब देलेबा । बहुत वृद्ध भेल अब्राहाम आ अब्राहाम के पत्नी साराई के, सारा कहले, जेकर अर्थ राजकुमारी बा । हँ, परमेश्वर अब्राहाम आ सारा के, एगो बेटा देई आ उ बेटा से एगो राष्ट्र देई । उ राष्ट्र मार्फत बहुत राजा सब आ भविश्यवक्ता सब उत्पन्न होई, आ अन्ततः संसारके मुक्तिदाता आएबाला बा । साँचो परमप्रभु महान आ, सदासर्वदा प्रशंसा के योग्य बा । परमेश्वर अब्राहाम के बहुत अगारी प्रतिज्ञा कएल बात न भुलएलक ।

परमेश्वर अब्राहाम के, बुढेसकाल मे, बच्चा देबेके प्रतिज्ञा, निश्चित कएला के बाद, अब्राहम कठी कएलक त ? धर्मशास्त्र कहलेः अब्राहाम मनेमने हस्के कहलक, " कठी सय वर्ष पुगेल आदमी के सन्तान होई ? नब्बे वर्ष के सारा बालक जन्माई त ?" (उत्पत्ति १७:१७) अब्राहाम हँसलक ! लेकिन अब्राहाम अविश्वास के कारण न हँसलक, परमेश्वर के प्रतिज्ञा के, आनन्द से अब्राहाम हँसले रहे । ईहे कारण, धर्मशास्त्र कहले :

"तोहर सन्तान भि अईसने असंख्य होई," परमेश्वर के कहल अनुसार, आशा न रहे फिर भि अब्राहाम आशा राखके विश्वास कएलक, आ अब्राहाम बहुत जातिके पिता बनलक । प्रायः सय वर्ष के अब्राहाम मरल, जईसन भेल अपन शरीर, आ सारा के कोख बाँझ बाँ, ई बुझके भि विश्वास मे कमजोर न भेलक । परमेश्वर के प्रतिज्ञा के बारेमे, कौनो शंका अब्राहाम के डगमगाए न सकलक, लेकिन अपन विश्वास मे दहिलो होके अब्राहाम, परमेश्वर के महिमा देलक । प्रतिज्ञा कएल काम, परमेश्वर करे सकी कहके, अब्राहाम के पूरा निश्चय रहे । (रोमी ४:१८-२१)

फिर भि, अब्राहाम अपन नोकर्नी, हागार के बेटा के कठी होई, यी जानेके चाहईत रहे । परमेश्वर जवाफ देलक; देख हम इशमाएल के आशिष देहम, आ हम ओका फरईत फूलईत तुल्याके प्रशस्त कके ओकर वृद्धि करम । बाह्र शासक के उ पिता होई, आ हम ओका से, एगो बरका जाती उत्पन्न कराम ।

लेकिन हम अपन करार त ईसाहाक सँगे स्थापित करम, जेका के सारा, आएबाला साल, ईहे समय मे जन्माई ।" परमेश्वर कहलक, "तोहर पत्नी सारा तोहरा लागि एक जना बेटा जन्माई, आ तु ओकर नाम ईसाहाक राख्ने । हम ओका सँगे, आ ओका बाद आएबाला सन्तान से अपन करार स्थापित करम । (उत्पत्ति १७:२०-२१,१९)

परमेश्वर ईसहाक के सन्तान से, आदमी सब के अगमवक्ता, धर्मशास्त्र आ संसार के मुक्तिदाता, उपलब्ध कराएके अपन, उद्धेश्य के निश्चित कएलक ।

दोसर कार्यक्रम मे परमेश्वर के ईच्छा मे, हमनी के अब्राहाम के भतिजा, लोत के (सदोम मे) कथी भेलक कहके सुनम, आ प्रतिज्ञा कएल अब्राहाम के बेटा, ईसहाक के जन्म के बारेमे सुनमा

साँचो परमेश्वर विश्वासयोग्य बा । परमेश्वर अपन प्रतिज्ञा कएल, सब बात सब पूरा करले । परमेश्वर के लागि कौनो भि काम कठीन न बा । सुसामाचार से यी सुन्दर पद सुनु ।

आहा !परमेश्वर के वैभव आ बुद्धि आ, ज्ञान केतना गहिरा ! परमेश्वर के ईन्साफ सब केतना अगम बा आ परमप्रभु के रास्ता, बुझे नसकेबाला ! काहेकी परमप्रभु के मन के जनले बा ? अथवा परमेश्वर के सल्लाहकार के भेल बा ? अथवा के परमेश्वर के कौनो उपरहार देलेबा, आ परमेश्वर ओका फिरता देबेके परी ? काहेकी सब चिज परमेश्वर से, परमेश्वर के माध्यम से, आ परमेश्वर के लागि बा । परमेश्वर के सदा सर्वदा महिमा होखो ! आमेन् ।

सुन्के साथ देली अपने सब के बहुत बहुत धन्यबाद बा । पवित्र धर्मशास्त्र के यी शक्तिशाली बचन के विचार करईत परमेश्वर हमनी के आशिष देले होखे :

हमनी के अविश्वासी बारी त, परमेश्वर विश्वासयोग्य रही, काहेकी परमेश्वर अपने आपके ईन्कार करे ना सकी । (२ तिमोथी २:१३)

कार्यकक्रम २१

अब्राहाम : सदोमके विनास

आ ईसहाकके जन्म

उत्पत्ती १८..२१

तोराहके हमनीके कार्यक्रममे, हमनीके संसारके लागि अनन्त आशिषके स्रोत, बनेला एगो नयाँ राष्ट्रके पिता बनाबेके लागि परमेश्वर अब्राहामके, कईसे प्रतिज्ञा कएले रहे, कहके सुनली । लेकिन, अब्राहाम आ साराके कथामे, जन्म ना भेल, आएबाला नयाँ राष्ट्र, आ उ सबके बेटाके बारेमे सुनम ।

आजके कार्यक्रम सुरु करेसे पहिले, हमनीके अब्राहामसे भेट करे आएल, तीन जना आदमी सबके बारेमे सुनम । अपनेसब, यी तीन जना आदमी सब, केवल सामान्य आदमी सब मात्र नरहे, कहके जानम । उ दुनो जने, आदमी न रहे, स्वर्गदुत रहे आ दोसर आदमी परमप्रभु परमेश्वर रहे। उ तीन जना अपन सन्देश सुनाबेके लागि, आ अपन मिशन पूरा करेके लागि, आदमीके रुपमे आएल रहे । हैं, उहे परमेश्वर, जे बगैँचामे आदम आ हव्वा सँगे, घुमले रहे आ उ सबसे बात कएले रहे, परमेश्वरके मित्र अब्राहामके भि, व्यक्तिगत रुपमे भेट करे आएल रहे ।

अब हमनी के उत्पत्तिके पुस्तक-१८ अध्यायते सुनम :

जब दिन के गर्मी में अब्राहाम, अपन पाल के दुआरीमे बैठल रहे, तब परमेश्वर अब्राहाम कहाँ अएलक । अब्राहाम अपन अगारी, तीन जना आदमी के खरा भेल देखलक । अब्राहाम, उ आदमी सबसे भेट करे गेलक, आ निहुरके दण्डवत कएलक, आ अब्राहाम कहलक, " हे हमर प्रभु, हमरा उपर अपनेके प्रेम बा त, कृपा कके अपन दासके घरसे, खाली नजाऊ । हम पानी लेआईत बारी, आ अपने सब अपन गोर धोउ आ आराम करु ।"

हम, रोटी लेआईतबारी, आ खाके अपने सब आराम करु, ओका बाद ही अपने सब जाऊ । काहेकी ईहे के लागि, अपने सब अपन दास कहाँ आएल होखम । उ सब कहलक, " जाव, तु अपन कहल अनुसार कर । "तब अब्राहाम, दही, दूध आ उ पकावल मास, लेआके उ सबके देलक । जब उ सब भोजन खाईत रहे, तब अब्राहाम उ सबके नजिकमे खरा रहे । तब, उ सब अब्राहामसे पुछलक, "तोहर पत्नी सारा कहाँ बा ?" अब्राहाम कहलक, " उ त पालमे बा ।" तब परमप्रभु कहलक, " आएबाला साल यीहे समयमे, हम पक्का तोरा लगे आएम, आ देख तोहर पत्नी सारा एकजना बेटाके जन्म देई ।" अब्राहाम आ सारा वृद्ध होगेल रहे । यीहे कारण, सारा अपन मनमने हस्के कहलक, "हम बृद्ध होगेल बारी, आ हमर पति भि बृद्ध होगेल बा, आ कठी यी सुख हमरा मिली त ?" तब परमम्रभु अब्राहमके कहलक, "बृद्ध होके भि हमरा सन्तानके सुख होई, कहके सारा काहे हस्लक ?" परमप्रभुके लागि, कौनो काम कठीन बा त ?..

तब परमप्रभु कहलक, "सदोम आ गमोराके विरुद्धमे, बरका आवाज उठल बा, आ उ सबके पाप बहुत बरहगेल बा । अब उहे आवाज अनुसार, उ सबसे यी काम भेल बा की न, कहके हम उहाँ जाहम । यदि न होखी त हम्रा थाह होई ।" उ तीनजना पुरुषसब उहाँसे सदोमके ओर चलगेल । लेकिन अब्राहाम अभि भि, परमप्रभुके सामु खरा रहे । तब अब्राहाम परमप्रभुके नजिक जागे कहलक, " कठी दुष्ट सबके साथ, धर्मी सबके भि सर्वनाश करम ? यदि उ शहरमे

पचासजना धर्मीजन होई त, कठी उहाँ रहल, पचास धर्मीजनके लागि, उ शहरके नबचाके नष्ट करम त ? दुष्टके साथमे धर्मी जनके मारेबाला काम, अपनेसे दूर रहो । सारा पृथ्वीके न्यायकर्ता, उचित न्याय कठी नकरी ?" तब परमप्रभु कहलक, "सदोम शहरमे पचास धर्मीजन होई, त हम उ ५० जनाके खातिर, हम पूरा आदमी सबके छोरदेम ।" अब्राहाम कहलक, "देख हम केवल माटी आ खरानी मात्र होके भि, परमप्रभु से बात करके, कोसिस कएले बारी । कम पचासजना धर्मीजन उहाँ होई त, केवल पाँच मात्र घटी होई त, सारा शहर अपने नाश करम ?" परमप्रभु कहलक, "उहाँ पैंतालीस जन धर्मी होई, त हम नाश न करम । " फेर अब्राहाम कहलक, उहाँ चालीस धर्मीजन होई त ? "परमप्रभु कहलक, "चालीसजना के खातिर भि हम, उ शहर के नाश न करम । " तब अब्राहम कहलक, " परमप्रभु न खिसियाई त हम और बोलेके चाहम । यदि उहाँ तीसजना धर्मीजन होई त ? " परमप्रभु, कहलक, "उहाँ तीसजना धर्मीजन होई त हम, उ शहर के नाश नकरम ।" अब्राहम कहलक, "देखु, हम परमप्रभु से बोलेके कोसिस करईत बारी । यदि बीसजना धर्मी होई त ?" परमप्रभु कहलक, " बीसजना के खातिर भि, हम नाश नकरम ।" तब अब्राहाम कहलक, "परमप्रभु अपने न खिसियाहम त, हम एक बेर मात्र बोलम । यदि दशजना होई त ?" परमप्रभु कहलक, " दशजना के खातिर भि हम उ शहर नाश न करम ।" अब्राहाम से बोलला के बाद, परमप्रभु उहाँसे चलगेल, आ अब्राहाम अपन ठाउँमे चलगेल । (उत्पत्ति १८:१-३३)

८)

साँझमे, उदुनो स्वर्गदूत, सदोम मे अएलक । उ समयमे लोत, सदोम के मुख्य दुआरीमे बेईथल रहे । उ सबके देखके लोत, भेट करे उठलक आ झुकके दण्डवत कके कहलक, "कृपा अपन दासके घरमे रहु, अपने सब अपन गोर धोउ, आ बिहान सबेरे जाउ ।"उ दुनो स्वर्गदूत कहलक, "ना, हमनी के उ चौकमे Z रहम । "लोत उसबसे बहुत बिन्ती कएलक । उसब लोत के घरमे गेलक । लोत उसब के भोजन देलक, आ खमिर नलागल रोटी बनाके, उ सब के सामु राख्देल, आ उसब खएलक । लेकिन उसब सुते जाएसे पहिले, सदोम शहरके युवा, आ बृद्ध सब मिलके लोत के घर चारुओरसे घेरदेल । युवा आ बृद्ध सब लोत के बोलाके पुछलक, " साझ मे जोन आदमी तोरा घरे अएलक, उ सब काहाँ बा ? उ सब के बाहर निकाल, आ हमनी के उ सबके भोग करु ।" (उत्पत्ति १९: १-५) सदोम के आदमी सब समलिङ्गी रहे । लोत दुआरीके बाहर, उसब कहाँ जाके पछारीसे दुआरी बन्द कदेल, आ कहलक, "हे भाई सब, कृपा कके अईसन दुष्ट काम नकरु। कौनो आदमीसे सहवास भेल हमर दुगो बेटी बा । बरु हम उसबके अपनेसब कहाँ बाहर लेआदेईत बारी । अपने सबके ईच्छाअनुसार उसबसे व्यवहार करु । लेकिन यी आदमीसब के कुछो नकरु, काहेकी उसब हमर घरमे आएल, मेहमान ब बा ।" लेकिन उसब कहलक, "पछारी हट ।" हमनी के शहर मे आएल यी सब, हमनी के न्यायकर्ता बनेके खोजईत बा । अब, उसबसे बेसी हमनीके तोरासे खराब व्यवहार करम ।"

फिर, उ सब लोत के घिसिअएलक, आ ढोका तोरेके लागि अगारी बरहलक । लेकिन भितर के उ दुनो आदमी, अपन हात बरहाके ढोकाके नजिक रहल सबके अन्धा बनादेल । तब उसब ढोका देखे ना

सकल ।

उ दुनु आदमी लोत के कहलक, "तोरासँगे ईहा और केहु बा ? दमाद, बेटिसब, अथवा शहरमे तोहर अउर केहु बा, त सब के लेके ईहासे जाव, काहेसे हमनी के ई ठाउँ के नष्ट करेबाला बारी, काहेकी यीहाँ के आदमी सबके विरुद्ध मे, उठल आवाज परमप्रभुके सामनेमे एतना बा, की यी शहर के सर्वनाश करेके लागि, परमप्रभु हमनी के पठएले बा ।

ईहेकारण अपन बेटीसबसे विवाह होएबाला दमाद सब काहाँ जाके, लोत उ सब के कहलक, “उठ, यी ठाउँ से चलजाऊ, काहेकी परमप्रभु यी शहरके नाश करेबाला बा ।” लेकिन जवाई सबके त, लोत मजाक करईतबा जईसन लागलक । बिहान होईत समयमे, उ दुगो स्वर्गदूत लोत के कहलक, “उठ, तोहर पत्नी आ तोहर दुगो बेटी के लेके चलजाब, नत यी शहर सँगे तुहो भष्म होजएब ।” जब लोत आलटाल करेलागल, तब उ दुगो स्वर्गदूत, लोत के पत्नी के दुनु बेटी के हात पकरके, शहर के बाहर लेअएलक । काहेसे की परमप्रभु के दया, उ सबके उपर रहे । उ सब के बाहर लेआके कहलक, "तोहनी सब अपन जान बचाएके लागि भाग, फिरके पछारी नदेख, कहबो नरुक, लेकिन पहाड के ओर भाग, नत तोहनी के भष्म होजएब !" तब परमप्रभु सदोम आ गमोरा के उपर आकाशसे आणि आ गन्ध बर्सादेल । अईसनी, परमप्रभु उ शहर आ शहरक मे रहेबाला आदमीसब आ जमिन मे रहल सब चीजके सर्वनाश कदेल । लेकिन लोतके पत्नी पछारी मुरके देखलक, आ उ नुन के थाम होगेल । अब्राहाम सबेरे उठके परमप्रभु के सामने खराभेल ठाउँमे गेलक । सदोम आ गमोरा ओर देखलक । आ उ ठाउँ से धुँवा भट्टीके धुँवा जईसन उपर जाईत देखलक ।

उ शहर के सर्वनाश करेसे पहिले, परमप्रभु अब्राहाम के याद कएलक । उ शहर के सर्वनाश के बीच से परप्रभु, लोत के निकाललक । (उत्पत्ति १९:६- २९) आकाश से आएल उ आणि आ गन्धकसे सदोम, आ गमोरा के आदमीसबके परमेश्वर कईसे न्याय कएलक, कहके यी गम्भीर कथा बा । पाप के पछारी लागल बुद्धिमानी कि नबा । पापके न्याय करेके लागि परमेश्वर गम्भिर बा । आज हमनीके, बाँकी समयमे, परमेश्वरके प्रतिज्ञा कएल अनुसार, अब्राहाम आ सारा के उ सबके वृद्धावस्थामे, बेटाके जन्मके आसपास के कुछ घटनासबके बारेमे जानेके चाहम । अपन बोलल बचन अनुसार साराके उपर, परमप्रभु अपन कृपा देखएलक, आ अपन प्रतिज्ञा बमोजिम कएलक । सारा गर्भवती भेलक, आ अब्राहामके बृद्धावस्थामे, परमेश्वर अब्राहामके कहल समयमे एक जना बेटाके जन्म देलक । अब्राहाम, सारा से जन्म भेल, अपन बेटाके नाम ईसहाक राखलक । ईसहाक के जन्मके आठ दिनके बाद, अब्राहाम परमेश्वरके आज्ञा अनुसार ईसाहाक के खतना कएलक । जब ईसहाक के जन्म भेल, तब अब्राहाम सय वर्षके रहे । सारा कहलक, “परमेश्वर हम्मा एगो हँसेके कारण देलक । यी सुनेबाला सबजन हम्मा सँगे हँसी ।" सारा कहलक, “ बालक के दूध, खियाबले कहके अब्राहामके के कहेसईत ? फिरभि, अब्राहाम के बुढेसकालमे हम एक जना बालक के जन्म देली ।" बालक बढटे गेल, आ दूध पिएके छोरदेल । आ जहिया ईसहाक दूध पिएके छोरदेल उ दिन अब्राहाम बरका भोज देलक । लेकिन मिश्री हागार अब्राहाम से जन्म लेल बालक के ख्याल ठट्टा करईत सारा लेकलक ।

OP SHIOS

यीहेकारण सारा, अब्राहाम के कहलक, “यी कमारी के एकर बेटा के साथ निकाल्दु, काहेकी यी कमारी के बेटा हमर बेटा इसहाकसँगे उत्तराधिकारी होए नपाई ।" इस्माएल, अब्राहाम के अपने बेटा होएके कारण, अब्राहाम के दुःख लागेल । लेकिन परमेश्वर अब्राहाम के कहलक, “उ बालक आ तोहर कमारी के लागि, तु चिन्ता नकरके, सारा तोरा कठी कहईत बा उ कर, काहेसे की इसहाक से हि तोहर वंशके नाम रही । हम उ कमारी के बेटासे भि, एगो जाती खरा करम, काहेसे उभि तोहरे सन्तान बा ।” अब्राहाम सबेरे उठके, रोटी आ पानी के एगो मशक हागार के काँधमे राख्देल, आ बालक के भि हागार के साथ, बिदा करदेल । आ हागार बेर्शेबाके, उजाड - स्थान होखईत चलगेल । इशमाएलके प्रस्थान, अब्राहामके लागि पीडादायी रहे। लेकिन यी भेला जरुरी रहे, काहेसे परमेश्वर इशमाएलके, नयाँ जाति वा राष्ट्र, जेकासे “पृथ्वीके सब परिवारके आशिष मिली" कहले रहे (उत्पत्ति १२:३०) । आ उ नयाँ जाति, इशमाएल से ना, ईसहाक के परिवार से, आई कहके परमेश्वर कहले रहे । ईसहाक के दूध छोरला पन्ध्र वर्षके उमेर मे, ईश्माएल अपन

सौतेला भाई के खिल्ली उरएलक, आ ईसहाक के पृथ्वीके सब आदमी के लागि, एगो बरका आ नयाँ जाति के रुपमे आशिषके माध्यम बनाएके, परमेश्वर के योजनाके कदर करेसे चुकगेल । (१ कोरिन्थी १०:११) उहे नयाँ जाति से वा राष्ट्रसे अगमवक्तासब, पवित्र धर्मशास्त्रसब, आ प्रतिज्ञा कएल मुक्तिदाता आबेबाला बा, कहके ईशमाएल के थाह नरहे । फिर ईशमाएलके कठी भेलक त ? हागार आ इश्माएल निकालला के बाद भि, परमप्रभु उसब प्रति दयावान रहे । धर्मशास्त्र कहले, : परमप्रभु उ बालकके साथसाथ रहलक, उ बालक बट्टे गेल, आ उजाड स्थान मे रहके धनुर्धारी बन्गेल । उ पारानके मरुभूमी मे रहईत रहे, आ ओकर माई ओका लागि, मिश्र देशसे एगो पत्नी लेआदेल । (उत्पत्ति २१:२०-२१)

ईशमाएल, शक्तिशाली अरब जाति के पिता बन्गेल, जेका परमेश्वर बहुत तरिकासे आशिष देलेबा । लेकिन परमप्रभु अब्राहाम के, ईशमाएल आ ईसहाकके सन्तानके बीच प्रतिस्पर्धा होई, कहके प्रकट कएलक, जौन आज तक सत्य बा । अब सुसामाचार कठी बा की, परमेश्वर सबजाति वा राष्ट्रके आदमीसबके, प्रेम करले, आ ईमे अपने आ अपने सबके परिवार भि परले । परमेश्वर सबके पश्चाताप आ विश्वास मे परमेश्वर ओर फिरेके, आ अब्राहाम परमेशवरके मित्र जईसन, परमेश्वर सँगे समय बिताएके, आ अनन्त के लागि घनिष्ट सम्बन्ध के आनन्द, लेबेके लागि आमन्त्रित करले ।

प्रिय स्रोतासब, हमनी के समय समाप्त होगेल बा । लेकिन एकबेर फेरु, हमनीके परमेश्वर कईसे विश्वासयोग्य आ पवित्र परमेश्वर बा, जे हमनी के बचाएके लागि, आ न्याय करेके लागि अपन प्रतिज्ञा पूरा करले, कहके बुझले बारी । यीहेकारण, सदोम आ गमोरा के आदमीसब, के उसबके पापके लागि, आगि बर्षाएसे पहिले, परमप्रभु अपन बोलल बचन अनुसार, अब्राहाम के भतिजा लोतके बचएलक । अईसहीए, पच्चिस वर्ष अगाडि प्रतिज्ञा कएल अनुसार, अब्राहाम आ साराके, उसबके बृद्ध अवस्थामे एगो बेटा देलक । अपनेसब ध्यान देके सुन्ली, बहुत बहुत धन्यवाद बा । हमनीके अपने सबके, अब्राहामके जीवनके सबसे, पीडादायी आ प्रसिद्ध घटना बुझेके लागि, दोसर कार्यक्रममे, हमनी सँगे सहभागी होएके लागि, अनुरोध करईत बारी । यी अब्राहामके महान बलिदानके कथा बा, यी एगो अईसन उत्सव बा, जेकर बारेमे अर्थ नबुझ के, आदमीसब ई उत्सवके मनाबले ।

अब्राहाम, लोत, सदोम आ गमोरा के कथासबसे सिकेके लागि, हमनीके परमेश्वरके, यी चेतावनीके साथ, अन्त करईत बारी : यी कामसब उसबके, उदाहरण के लागि भेल रहे, आ हमनीके शिक्षाके लागि लिखल बा.. (१ कोरिन्थी १:११)

कार्यक्रम २२

अब्राहामके बलिदान

उत्पत्ति २२

तोराहके हमनीके सिकाईमे, हमनीके परमेश्वरके अगमवक्ताके बारेमे, बहुत अदभुत आ अन्तरदृष्टिपूर्ण कथासब, अनवेषण कएले बारी । आज हमनीके, अब्राहामके जीवनके, सबसे प्रसिद्ध घटनामे आएल बारी :

मुस्लिम संसारमे, वार्षिक रुपमे मनाएबाला पर्वके, पछारीके सत्य कथा: ईद अल-अधा वा तबस्की, बलिदानके पर्व ।

बित्तल कार्यक्रममे, परमेश्वर कईसे अब्राहाम आ साराके बृद्ध अवस्थामे, एगो बच्चा देलक आ परमेश्वर बहुत बर्ष अगारी कएल, अपन प्रतिज्ञा पूरा कएलक, कहके बारेमे बुझलौ । अब्राहाम आ साराके बेटाके नाम, ईसहाक रहे । ईसहाकसे पृथ्वीमे, हरेक जातिके वा राष्ट्रके आशिष देबेके, नयाँ जाति वा राष्ट्र लेआहम, कहके प्रतिज्ञा कएले रहे। ईश्माएल आ ईशमाएलके माई हागार, घरबार छोरके मिश्रमे कईसे गेल रहे, कहके हमनीके जानगेल बारी । आ जहासे आजुके कथा शुरु होई, परमेश्वरके प्रतिज्ञा कएल अनुसार, ईसहाक मात्र घरमे रहे ।

एकदिन परमेश्वर, अब्राहामके एगो अचम्मके, कठीन काम करेला कहलक । तोराहमे, उत्पत्तिके पुस्तकके २२ अध्यायमे धर्मशास्त्र कहले : कुछ दिन बाद, परमेश्वर अब्राहामके बहुत बरका जाँच कएलक, आ अब्राहामके परमेश्वर कहलक, "तोहर बेटा ईसहाकके लेके, मोरीयाहके देशमे जाके, हम तोहरा देखाईत बारी, उ ठाउँमे होमबलि दे । " (उत्पत्ति २२:१-२) परमेश्वर अब्राहामसे कठी माँगईत रहे ? परमेश्वर अब्राहामके अपन एगो मात्र प्यारा बेटाके, दुरके पहाडमे लेजाके चढाएके आज्ञा देईतरहे ! यी कईसे हो सकत? ईसहाक अब्राहामके परमेश्वरसे प्रतिज्ञा पाके पच्चिस वर्षतक धैर्य करके पाएल बेटा रहे, आ अवही परमेश्वर कईसे ईसहाकके, बलिदानके रुपमे मार, कहके कहईत बा ! अब्राहाम परमेश्वरके कईसे जवाफ देलक त ? कठी अब्राहाम यी बात स्वीकार कएला, गाहो बा कहके परमेश्वरसे विवाद कएलक त ? धर्मशास्त्र कहले : अब्राहाम, सबेरे उठके अपन गधामे काठी कस्के, अपन कमारा सबमध्ये दु जना, आ ईसहाकके साथमे लेके, होमबलीके लागि, जरना चिरके परमेश्वर जौन ठाउँमे कहले रहे, उ ठाउँमे चलगेल । (उत्पत्ति २२:३)

तीन दीन तक, अब्राहाम आ अब्राहामके बेटा, आ उ दुजना परमेश्वरके कहल पर्वतमे गेलक । जब उ सब पर्वतके नजिक अएलक, अब्राहाम अपन बेटाके मारे आ जलाएबाला ठाउँमे पुगेसे पहिले, अब्राहाम बहुत दुखित भेलक । वास्तवमे, आज हमनीके परमेश्वर अब्राहामके विश्वासके आँच मात्र करईत रहे, लेकिन उ बात अब्राहामके थाह नरहे । परमेश्वर जठी मागले रहे, उ अब्राहामके लागि एगो भयानक आ पीडादायी जाच रहे ।

तिसरका दिन, अब्राहाम दुरसे उ ठाउँ देखलक । तब अब्राहाम अपन कमारा सबके कहलक, "तोहनी सब ई गधाके साथ ईहबे रुक हम ईसहाकके लेजाके पुजा करके आईत बारी । अब्राहाम होमबलीके जरना अपन बेटा ईसाहाकके बोकाके, आ आगि आ छुरी अपन हातमे लेलक, आ दुनु जन सँगे - सँगे होम बेदीमे गेलक । ईसाहाक, अपन पिता अब्राहामके कहलक, पिता जी यी आगी आ जरना त बा, लेकिन होमबलीके थुमा काहाँ बा ?" अब्राहाम कहलक, "बेटा, परमेश्वर हि होमबलीके लागि थुमा जुटाई। आ उ दुनो जने बेदीमे गेलक । परमेश्वरके कहल ठाउँमे, पुग्लाके बाद

अब्राहाम, जरनासबके तह लगाके राखलक । ओका बाद अब्राहाम, अपन बेटा ईसाहाकके बाँधके वेदीमे जरना उपर राखदेल । तब अब्राहाम अपन बेटाके, बली करेके लागि छुरी उठएलक । लेकिन, परमप्रभुके एकजना दूत, स्वर्गसे अब्राहामके डाट्के कहलक, “ ए अब्राहाम, तु अपन हात उ बालक उपर नउठा”, आ "उ बालक के कुछो नकर" काहेसे हम जानगेली की तु, परमेश्वरके लागि अपन एकमात्र बेटाके, भि तु हम्मासे रोकके नराख्ल । तब अब्राहाम एगो भेडा झाडीमे सीङ्ग फसल देखलक । अब्राहाम, उ भेडाके लेअएलक, आ ईसहाकके सट्टामे भेडाके होमबली कएलक । यीहेकारण, अब्राहाम उ ठाउँके नाम “परमप्रभु जुटावले” कहके राखदेल । (उत्पत्ति २२:४-१४) अब्राहामके बलिदानके, यी कथामे, तीनगो पक्षसब बा, एगो ऐतिहासिक पक्ष, एगो प्रतीकात्मक पक्ष आ एगो भविश्यवाणीय पक्ष । अब्राहामके बलिदानके पूर्ण अर्थ बुझेला हमनीके तीनगो बातके बुझेके परी : पहिला, कठी भेल रहे, दोसर, बलिदान कठी संकेत करले, आ तीसरका, भविश्यवक्ता अब्राहाम, भविश्यमे होखेबाला घटणाके बारेमे भविश्यवानी कएल बात ।

ऐतिहासिक पक्षके सन्दर्भमे, हमनीके भरखरे सुन्ली, की कईसे परमेश्वर अब्राहामके विश्वासके जाँच कएलक आ ईसहाकके ठाउँमे बलिके लागि थुमा जुटाके, अब्राहामके बेटा ईसहाकके मृत्युसे बचएलक । यी घटना लगभग ४००० बर्ष पहिले, आजके यरुशलेम कहेबाला ठाउँमे भेल रहे । छोटकरीमे कहम त, अब्राहामके बलिदानके कथाके ऐतिहासिक पक्ष यीहे बा ।

कथाके प्रतीकात्मक पक्षके बारेमे कहम त, परमेश्वरके बचन हमनीके बताबले की, हमनीके सबजने अब्राहामके बेटा जईसन बारी । परमेश्वर अपन न्यायमे, अब्राहामके बेटा ईसहाकके मृत्युदण्ड पाएके दोषी बनएलक । हमनीके सबजन दोषी, पापीसब बारी, आ परमेश्वरके न्यायके योग्य बारी । लेकिन परमेश्वर, अपन अनुग्रहसे अब्राहामके बेटाके मृत्युसे बचएलक । परमेश्वर अपन कृपासे, हमनीके बचाएके रास्ता, आ उपाय देले बा । उ मुक्तिके उपाय, अथवा रास्ता कठी बा त ? अब्राहामके बलिदानके कथा, हमनीके सिकाबले की, परमेश्वर अपने, हमनीके सिद्ध बलिदानके रास्ता वा उपाय बा । आजके कथामे हमनीके, परमेश्वर अब्राहामके बेटाके सट्टामे, मरेके लागि एगो थुमा जुटादेल, कहके बुझली । थुमाके सिङ्गमात्र भारमे फसेके कारण, थुमाके छालामे दाग नरहे अथवा थुमाके चोटपटक लागल नरहे । यदि थुमाके चोटपटक लागल रहईत त, अब्राहामके बेटाके सट्टामे बलिदानके योग्य नरहईत । लेकिन उ परमेश्वरके जुटएलाके कारण, निष्खोट रहे । हमनीके अध्ययन तोराहके पहिला अध्यायसबमे, हमनीके परमेश्वरसे स्थापित, मुक्तिके रास्ताके बारेमे सिखली ।

आदम आ हव्वा पाप कएलाके बाद, पापके दण्ड मृत्यु भेलासे, पापके क्षमाके लागि, मृत्युके भुक्तानी चाहले, कहके परमेश्वर निर्णय कएले रहे । अपन पापसबके क्षमा पाएके चाहेबाला, पापीसब निष्खोट जनावरसब, मारके, आ परमेश्वरके लागि होमबलीके रुपमे चढाएके परईत रहे । दोषी आदमीके सट्टामे, निर्दोष जनावर मरेके परईत रहे । परमेश्वर अपन न्यायमे सम्झौता नकरके, आदमीके पापसब क्षमा करे सक्जाईत । हमनीके याद करेबाला बात यी बा की, : बास्तवमे, बलिदानके जनावर, परमेश्वरके माग कएल चिजके, एगो प्रतिक मात्र बा, कहके धर्मशास्त्र कहले । मारलगेल जनावर, आएबाला उत्तम चिजके एगो परछाई मात्र रहे, लेकिन खास रुप नरहे... काहेकी साढे आ बोकासबके खुनसे पाप हरण कएला असम्भव बा (हिब्रू १०:१, ४) । जनावरसबके खुन, पापके ज्याला तिरे नसकी, काहेसे जनावरसब आ आदमीसब बरावरी रुपमे मूल्यबान नबा । अब्राहामके बेटा, वेदीमे प्रतिस्थापन करेबाला थुमा, संसारके पापके लागि परमेश्वरके योजना कएल, सिद्ध बलिदानके चित्रण मात्र कएले रहे । छोटकरीमे कहम त, अब्राहामके बलिदानके थुमा ओका संकेत करले । यी मुक्तिदाताके कएले रहे, जेका

परमेश्वर, पापीसबके अपन धार्मिक न्यायसे, बचाएके लागि संसारमे पठाएके प्रतिज्ञा कएले रहे । कथाके भविश्यवाणीय पक्षके सम्बन्धमे, अब्राहाम अपन बेटाके पहाड चढईत कममे कठी कहले रहे, अपनेके याद बा ? अब्राहाम कहले रहे, “परमेश्वर बलिदानके लागि होमबलीके थुमा जुटाई ।" आ अब्राहाम थुमाके मारके, अपन बेटा ईसाहाकके सट्टामे जरएलाके बाद, कठी घोषना कएले रहे, अपनेके थाह बा ? उ बलिदान कएल ठाउँके नाम अब्राहाम “परमप्रभु जुटाबले" कहके राख्देल । आ अगमवक्ता मोशा, जे तोराह लिखले रहे, उ कहले: “परमप्रभुके पहाडमे जुटी” कहके आज तक कहले । एकर कारण कठी रहे ? अगमवक्ता अब्राहाम काहे “परमप्रभु जुटाबले" कहलक ? अब्राहाम काहे “परमप्रभु के प्रशंसा होखो ! परमप्रभु बलिदानके लागि जुटादेल बा" कहलक ? प्रिय स्रोतासब, यी बहुत महत्पूर्ण प्रश्न बा, काहेकी एकर जवाफमे परमेश्वरके सुसामाचार समावेश बा, जेका यदि हमनीके परमेश्वरके धार्मिक न्यायसे छुटकारा पाएके चाहईत बारी, त हमनीके हरेकके बुझेके परी, आ विश्वास करेके परी । काहेकी अब्राहाम उ ठाउँके नाम परमप्रभु जुटावले कहके राखले बा ? एकर कारण बा, जब अब्राहाम एगो घटणाके बारेमे घोषणा करईत रहे, जौन उहे पहाडमे होखेबाला रहे, जहाँ बेदी बनाके अब्राहाम अपन बेटाके बलिदान करेजाईत रहे । छोटकरीमे कहम त, अब्राहाम यी घोषणा करईत रहे, की हम परमेश्वरके प्रशंसा करईसी, काहेसे परमेश्वर हमर बेटांके सट्टामे बेदीमे चरहाबेके लागि थुमा जुटादेल । हम अपनेके कहईसी, की एक दिन यीहे पहाडमे, परमेश्वर दोसर बलिदान देई, जौन थुमा भि असिम रुपमे महान होई, जे आजु हमर बेटाके छुरा आ आगीसे बचएलक । परमेश्वरके देल बरदानमे आदमके सन्तानसब, कहियो नबुझाएबाला आगीमे, अनन्त मृत्युके दण्डसे बचाबेके शक्ति होई ।, ओका उपर विश्वास करेबाला केहु भि नाश न होखो, कहके परमेश्वर एक पवित्र उद्धारकर्ता पठाई, जे दोषीसबके लागि निर्दोष व्यक्ति बलिदानके रुपमे मरी । यी सारा आदमीसबके लागि, परमेश्वरके सुसामाचार बा, जौन अब्राहाम घोषणा करके कहलक, “परमेश्वर हमर बेटाके सट्टा होमबलिके थुमा अपने जुटादेई । आज हमनीके, अब्राहामके बलिदानके कथाके अन्त करेसे पहिले, हमनीके सबजन यी बुझल जरुरी बा, की पापीसबके लागि परमेश्वर, अपन बलिदान प्रदान करी, कहके भविश्यवाणी कएला लगभग दू हजार बर्षबाद, परमप्रभु परमेश्वर अब्राहामके भविश्यवाणी पूरा कएलक ।

-

1

हमनीके आज, एकर बारेमे बहुत कहे नसकम, लेकिन सुसमाचार सुनेबाला अपनेसबमध्ये केतनाजन मसीह मुक्तिदाताके कथा थाहे बा । परमेश्वरके प्रतिज्ञा अनुसार अब्राहाम आ ईसहाकके परिवारके वंशसे मुक्तिदाताके जन्म, कन्या कुमारी स्त्रीसे भेल बा, अपनेके थाह बा । पापीसब मरेबाला ठाउँमे, मरेबाला यी उद्धारकर्ता के कौनो शारीरिक पिता नरहे । उ स्वर्गसे आएल रहे, आ आदमके पापी स्वभाव ओकमे नरहे । ओकामे कौनो पाप नरहे, उ निष्खोट रहे । उहेसे आदमके पापी सन्तानसबके विकल्पमे, उ सिद्ध बलिदानके रुपमे मरेके योग्य रहे । उ मुक्तिदाताके नाम येशु बा । येशु नामके अर्थ “परमप्रभु बचाबले ", कहके बा । केहु केहु येशुके “ईशा” कहले । बादमे जब हमनीके सुसामाचारके लेखमे आईसी, तब हमनीके अगमवक्ता युहन्नाके बारेमे सुनम । जेका परमेश्वर येशु मसिहसे पहिले ओका लागि रास्ता तयार करेके लागि पठएले रहे । जब युहन्ना येशुके अपना ओर आईत देखलक, तब युहन्ना कहलक, “देख, संसारके पाप उठाके लेजाएबाला परमेश्वरके थुमा !” (युहन्ना १:२९) अगमवक्ता युहन्ना काहे येशुके परमेश्वरके थुमा कहलक ? काहेकी येशु बलिदानके लागि जन्म लेले रहे, जे पाप ढाकेके काम मात्र न करईत रहे । येशुके खुन पापके हटादेवले । अब्राहामके बेटाके लागि मरेबाला थुमा, ओका शारीरिक मृत्युसे बचालेलक । लेकिन

येशु, परमेश्वरके थुमा त सारा संसारमे ओका विश्वास करेबालाके अनन्त मृत्युसे बचाबेके लागि मरेआएल रहे । येशु सिद्ध आ अन्तिम बलिदान बा । जेकर बारेमे अब्राहाम अगमवाणी कएलक, " परमेश्वर, अपना लागि बलिके थुमा जुटाई।" सुसमाचारमे हमनीके सुनम, की कईसे येशु मसीह अपन ईच्छासे, अपने-आपके अपन शत्रूसबके हातमे सुम्पदेल, आ कईसे उसब येशुके रोमी क्रूसमे किला ठोकदेल । परमेश्वरके पठाएल उद्धारकर्ता येशु, अब्राहामके बलिदानके थुमाके प्रतीकात्मक अर्थके पूरा कएलक । ईहेसे येशु मरेसे ठीक अगारी " आब सिद्धगेल !" कहके कहलक । (युहन्ना १९:३०) आ तीनदिन के बाद, परमेश्वर, येशुके मृत्युसे जीन्दा करके, उद्धारकर्ताके बलिदानमे परमेश्वरके सृष्टिके निश्चित कएलक । अब्राहामके बलिदानके अर्थ पूर्णरुपसे पूरा करेबाला येशू हि बा । जईसे अब्राहामके बेटाके ठाउँमे, थुमा मरेके परलक, औसही हमनीके ठाउँमे, येशु मसीह मरेके परलक । आ कठी अपनेके थाह बा, जौन स्थानमे पापीसबके ठाउँमे येशु मरलक, उहे स्थानमे उ पहाड रहे, जहाँ अब्राहाम अपन बेटाके सट्टामे थुमाके मारले रहे ? कठी अपनेके दुगो बलिदानके ठाउँ थाह बा ? हँ, उ ठाउँ यरुशलेम बा ।

प्रिय स्रोतासब, अपने सब जेभि बारी, जहाँ भि बारी, परमेश्वर अपनेके, अपन गलत विचारसब आ व्यर्थके कामसबसे फिरेके, आ परमेश्वर अपनेके लागि प्रदान कएल सिद्ध, आ अन्तिम बलिदानमे अपन आशा पूर्णरुपसे राखेके लागि आज्ञा कएलक । काहेकी धर्मशास्त्र कहले, की हमनीके पापके खातिर मरके धार्मिकताके खातिर जीउ, कहके येशू क्रूसमे अपने शरीरमे हमनीके पाप बोक्लक । येशुके चोटसबसे हमनीके रोग विरामीसे चंङ्गा होखली । (१पत्रुस २:२४) | अब्राहामके बेटाके सट्टामे, परमेश्वर मरेके लागि, पठाएल बलिदानके ग्रहन कएलक कहके हमनीके बुझली । अपनेके बारेमे कठी त ? कठी अपने भि परमेश्वरके प्रबन्ध कएल, बलिदानके ग्रहन कईली त ? मोरियाहके पहाडसे, अब्राहामके कहल बचनसबके गहिरा अर्थके, ध्यानपूर्वक विचार करईत परमेश्वर हमनी के आशिष देव :

"परमेश्वर अपना लागि थुमा जुटाई।" आः परमप्रभुके पहाडमे जुटी ।" (उत्पत्ति २२:८, १४)

कार्यक्रम २३

एसाव आ याकूब : अस्थायी आ अनन्त

उत्पत्ति २५

हमनीके बितल कार्यकक्रममे, अब्राहामके बलिदानके कथा सुन्ली । सुसामाचार हमनीके यी महत्वपूर्ण कथाके एगो सारांश देबले, यी कहले : विश्वाससे अब्राहाम अपन परीक्षामे ईसहाकके बलिदान चढाएके लागि तयार होगेल (जे प्रतिज्ञा अनुसार जन्म लेले रह) । उ प्रतिज्ञा पएले रहे, तैपरभि अपन एगो बेटाके बलिदान चढाएके लागि तयार भेगेल । यी विषयमे परमेश्वर कहले रहे, "ईसहाकसे भि तोहर नाम रही ।" परमेश्वर आदमी सबके मृत्युसे फेर जीन्दा करे सकी कहके, अब्राहाम सोचलक, आ कहम त अब्राहाम ईसाहाकके फिर्ता भि पलक ।(हिब्रू ११:१७-१९)

1

हमनीके अन्तिम पाँचगो पाठसब, अगमवक्ता अब्राहामके, जीवनके कथासबसे लेहल बा । तोराहमे अब्राहामके बहुत कथा सब बा, लेकिन दुर्भाग्यबंश, हमनीसँगे उ पढेके समय नबा । जेभिहोए, हमनीके अब्राहामके छोरके, ओकर सन्तानके कथासबमे जाएसे पहिले, हमनीके बुझेबाला परमेश्वर अब्राहामके कहल कुछ बात बा । एकदिन परमेश्वर अब्राहामके कहलक :

ई निश्चय बुझ, कि तोहर सन्तानसब कौनो एगो देशमे प्रवासी होके रही, जौन देश उसबके नबा, आ उ देशके आदमी सब कमाराकमारी होई, आ चारसय बर्षतक उसब थिचोमिचोमे परी । लेकिन उसब जौन जातिके दास होखी, उ सबके भि हम ईन्साफ करम, आ बादमे उसब, बहुत सम्पत्ति लेके निकली

यी बचनसब परमेश्वर, अब्राहामके सन्तानसब मिश्रके भूमिमे दास बनी कहके घोषणा करईत रहे । परमेश्वर चारसय बर्षबाद, उसबके मिश्रके आदमीसबके शासनसे छुटकारा देबेके प्रतिज्ञा कएलक । अबसे चारगो पाठसब, परमेश्वरके ईच्छामे, हमनीके यी भविश्यवाणीसब परमेश्वर अब्राहामके कहल अनुसार कईसे पूरा होलक कहके सुनम । एकाबाद, अध्याय २५ मा, धर्मशास्त्र कहले :

अब्राहाम, जम्मा एकसय पचहत्तर बर्षतक बाचलक । अब्राहाम दीर्घायु होके, पूरा बुढेसकालमे मरलक, आ अपन पिता पूरखासब काहाँ चल्गेल । अब्राहामके बेटासब, ईसहाक आ ईशमाएल अब्राहामके हित्ती सोहोरके बेटा एप्रोनके खेतमे रहल, मम्रेनके मक्मेलाके ओडारमे गारदेल, उ खेत अब्राहाम हित्तीसबसे किनले रहे । उहे अब्राहाम, अपन पत्नी सारासँगे जमिनमे गारलगेल । (उत्पत्ति २५:७-१०)

अईसहिए, परमेश्वरके मित्र अब्राहाम, परमप्रभुके उपस्थितिमे प्रवेश कएलक, जेका परमेश्वर चिन्हलक आ प्रेम कएलक । लेकिन, हमनीके कईसे परमेश्वरके अगमवक्ता अब्राहामके बारेमे, हमनीके बुझाईके निष्कर्ष आ संक्षेप करेसकम त ? शायद हमनीके दुगो प्रश्नसब, आ उ प्रश्न सबके जवाफसे संक्षेप करेसकम । पहिलका प्रश्न बाः परमेश्वर अब्राहामके काहे दोसर देशमे जाएके कहलक ?

उत्तर: काहेकी परमेश्वर अब्राहामके, एगो नयाँ जाति वा राष्ट्र बनाबेके योजना कएले रहे, जेकासे प्रतिज्ञा कएल उद्धारकर्ता यी संसारमे आएबाला रहे । दोसर प्रश्न बाः काहे परमेश्वर अब्राहामके धर्मी ठहरएलक आ अब्राहामके अपन पवित्र उपस्थितिमे सदाके लागि स्वीकार कएलक ? उत्तरः काहेकी अब्राहाम परमेश्वरके प्रतिज्ञामे विश्वास कएलक । अब्राहाम परमेश्वरके प्रतिज्ञामे विश्वास करके मुक्ति पएले रहे, लेकिन ओकर अपने कामसे न । यी धर्मशास्त्रके घोषणा कएल बात बा, जे कहलक, “अब्राहाम परमेश्वरमे विश्वास कएलक, आ यी अब्राहामके लागि धार्मिकतामे गिन्ती भेलक, आ उ परमेश्वरके मित्र कहएलक । (याकूब २:२३) उत्पत्तिके पुस्तक २५ अध्यायमे, धर्मशास्त्र ईसहाक आ ईसहाक के जुडवा बेटासब के कथाके निरन्तरता देवले ।

अब्राहामके बेटा ईसहाकके बृतान्त यीहे बा । अब्राहाम ईसाहाकके पिता होगेल । ईसहाक चालीस बर्षके उमेरमे - आरामके आरामी बतएलके बेटी, आरामी लाबानके बहिन रिबेकासे विवाह कएलक । रिबेका बाँझी होएके कारण ईसहाक रिबेकाके लागि परमप्रभुसे प्राथना कएलक । तब परमप्रभु ईसहाकके प्रार्थना सुनलक, आ रिबेका गर्भवती भेलक । गर्भमे रहल बालकसब एक दोस्रेसे लरेलागल । “काहे हम्रा अईसन होलक ?” कहके रिबेका परमप्रभुसे पुछेलागल । परमप्रभु कहलक, "तोहर कोखमे दुगो जातिसब बा, तोहर गर्भसे दुगो जाति अलग होके जन्म लेई । एक जना दोसरसे बलवान होई बरकी भाई छोटके सेवा करी ।” रिबेकाके सुत्केरी होएके बेला आगेल आ रिबेका के कोखमे जुम्लयाहा बेटा रहे । जेठका बेटा लालबर्णके शरीरभर, रौं के लुगा लगाएल जईसन जन्म लेलक । ईहेकारण, ओकर नाम एसाव राखदेल । एकाबाद ओकर भाई एसावके कुर्कुच्चा हातसे पकरके निकलक । ईहेकारण ओकर नाम याकूब राखलक । रिबेका जब उ सबके जन्मदेलक ईसहाक साठी बर्षके पुगल रहे । जब दुनु भाई बढलक, तब एसाव सिपालु शिकारी आ मैदानमे घुमेबाला आदमी होलक, आ याकुब पालमे बईथेबाला शान्त स्वभावके आदमी रहे । (उत्पत्ति २५:१९-२७) हमनीके सुनली कि, ईसहाक आ रिबेकाके जुदवा बेटासब रहे । उसब जुदवा रहे लेकिन एके जईसन नरहे । जब एसाब बरका होलक तब उ संसारके अस्थाई चीजसबके मात्र प्रेम कएलक, लेकिन याकूब सबदिन रहेबाला परमेश्वरके बातसबके मात्र महत्व देलक । एसाव अपन बाबा, अब्राहाम आ बाबु ईसहाकके परमेश्वर आएबाला नयाँ जाति वा राष्ट्रके बारेमे, कएल प्रतिज्ञासबके वेवास्ता कएलक । लेकिन याकूब उ प्रतिज्ञाके बास्ता कएलक । एसाव जेठ रहे, ईहेसे मानवीय रुपमे एसाव उत्तराधिकार प्राप्त करेबाला व्यक्ति रहे, महान जाति आ राष्ट्र पिता बनेबाला रहे, जे परमेश्वर अब्राहाम आ ईसहाकके प्रतिज्ञा कएले रहे । जेभि होए, जुदवा बच्चा जन्म लेबेसे पहिले ही, परमेश्वर उ सब माई रिबेकाके, “बरकी बेटा अपन छोट भाईके सेवा करी" कहदेल रहे (उत्पत्ति २५:२३)। परमेश्वर अपन पूर्वज्ञानमे, नयाँ जाति वा राष्ट्रके जेठा आ सन्तानसबके उत्तराधिकार एसाव न करके, याकुबसे आई कहके घोषणा करईत रहे । याकूबके बारेमे कहम त,अपन तोकल समयमे उत्तराधिकार देबेसकेबाला शक्तिशाली परमेश्वरके हातमे सबचिज सुम्पके परमेश्वरके प्रतिक्षामे रहे । आउ अब हमनीके, याकुब अपन जेठ दाजु एसावसे पैतृक सम्पत्ति लेबेके लागि कईसन व्यवहार कएलक कहके सुनु । धर्मशास्त्र बाईबल कहलेः याकुब सुरुवा पकाईत समयमे एसाव मैदानसे अएलक । एसावके बहुत जोरसे भूख लागल रहे। एसाव याकुबके कहलक, "हम्रा उ लाल सुरुवा तईका खाएके दे, हम्रा बरी गसके भुख लागल बा । "

याकुब कहलक, “पहिला हम्रा तु अपन ज्येष्ठ अधिकार बेच ।” एसाव कहलक, “देख हम त भुखसे मरईत बारी, अब हम्रा उ ज्येष्ठ अधिकारके कौन काम ?” याकूब कहलक, “पहिला शपथ खाके हम्रा कह । " तब एसाव, शपथ खाके अपन ज्येष्ठ अधिकार बेचदेल । ओकाबाद याकुब एसावके रोटी आ दालके सुरुवा देलक । खा पिके एसाव अपन

रास्ता लागेल । अईसही, एसाव अपन ज्येष्ठ अधिकारके लात मारदेल । (उत्पत्ति २५ : २९-३४) एसाव कठी कएलक, कठी अपनेसब सुनली ? उ अपन उत्तराधिकारके खाएबाला चिजके लागि साटलक । एगो धनी आदमीके कल्पना करु, जेकर दुगो बेटासब बा । उ धनी आदमीके खेतबारी आ घरसब, साथै धन सम्पत्ति आ बहुते रुपैंयापैसा बा । अपन उ बहुते सम्पत्तिके उत्तराधिकारी होखेबाला जेठ बेटा बा । लेकिन एकदिन बरका बेटा जंगलसे आबले आ अपन छोट भाईके रास्ताके छेउमे मास भात पकाईत देखी । तब बरका भाई छोट भाईके कही, हम्रा भोक लागल बा, उ भात हम्रा खाएके दे, लेकिन भाई कही हम उ भात तोरा देबे नसकम लेकिन तोहर ज्येष्ठ अधिकारसे बेच सकम । बरका बेटा कही, ल हम उ अधिकार तोरा बेचदेली, हम भुखसे मरईत बारी आ हमर जन्मसिद्ध अधिकारके हम्रा कौन काम ?, अईसहि, बरका भाई अपन छोट भाईके अपन सब उत्तराधिकार सुम्पेके बाचा करी । ओकाबाद उ बरका भाई, खाई पिई आ उहासे उठके हम कठी गुमईली, कहके नसोच्चे अपन रास्ता लाग्जाई । एक कचौरा भात आ मछरीके लागि, खेतबारी आ घरसब, आ धनसम्पत्ति आ अधिकार बदलेबाला, यी जेठ बेटाके हमनीके कठी कहम ? हमनीके एगो बात कहेसकम की, केतना मूर्ख बा ! लेकिन एसाव, ठीक उहे काम कएले रहे । आ एसावके घृणा कएल चिजसब, संसारके धनसम्पत्तिसे बहुत मूल्यवान रहे, काहेसे की एसाव जौन बातके तुच्छ ठानलक, उ नयाँ राष्ट्रके वा जातिके हिस्सा बनेके अधिकार रहे, जेकासे संसारके मुक्तिदाता आएबाला रहे । एसाव आ याकुबके कथासे, आज परमेश्वर हमनीके, कठी सिखाबेके चाहईत बा त? परमेश्वर हमनीके बित्के जाएबाला संसारके आनन्दके लागि, अनन्त कालके धनके व्यापार करके, एसावके पछारी नपरेके चेतावनी, देबेके चाहईत बा । प्रभुके बचन कहले: एगो आदमी, सारा जगत प्राप्त करके, अपन प्राण गुमाली त, आदमीके कठी लाभ होई ? अथवा आदमी अपन प्राणके सट्टा कठी देबेसकी ? (मत्ती १६:२६) ध्यान देब, कि कौनो भि आदमी परमेश्वरके अनुग्रह पाप्त करेसे बन्चित नहोखो, अथवा एसाव जईसन अधर्मी न होखो, जे एकछाक भोजन केलागि अपन ज्येष्ठ अधिकार बेचदेल (हिब्रु १२:१५-१६) । एसाव परमेश्वरके अनुग्रह गुमालेल काहेकी उ परमेश्वरके बचनके कदर न कएलक । हमनीके एसावके बारेमे, कथा सुनाके परमेश्वर हमनीके चेतावनी देले बा, आ परमेश्वर हमनीके कहले : एसावके रास्तामे न चल, आ हम तोहनीके जोन अनन्तके आशिष देबेके चाहईत बारी ओके तुच्छ नठान । अपने बारेमे कठी बा त ? कठी अपने सब परमेश्वरके अनन्त आशिष चाहईत बारी त ? परमेश्वर अपनेसबके प्रेम करले आ अपनेसबके बहुत आशिष देबेके चाहले, लेकिन अपनेके परमेश्वरके अपन जीवनमे पहिला स्थान देबेके परी । अपनेके भोजन आ रुपैंयापैसासे बेसी परमेश्वरके बचनके महत्व देबेके परी । तब अपने धर्मशास्त्रके अर्थ, कठी बा कहके बुझेके शुरु करम । परमेश्वरके बचन कहले :"आँखसे नदेखल, कानसे नसुनल आ आदमीके मनमे नसोचल, यी चिजसब परमेश्वर अपन प्रेम करेबालाके लागि तयार कएले बा ।" (१ कोरिन्थी २:९) परमेश्वर हमनीके बहुते आशिष देबेके चाहले । परमेश्वर हमनीके सब पाप, क्षमा करेके चाहले, हमनीके दुष्ट हृदय परिवर्तन करेके चाहले, हमनीके शुद्ध करेके लागि, आ अपन प्रेम, आनन्द, शान्ति आ निश्चयता भरेके चाहले । यी आशिषसब परमेश्वरमे भरोसा करेबालासबके, परमेश्वर देबेबाला सम्पत्तिके अंशसब मात्र बा, जेभिहोए, अपने अपन सम्पूर्ण हृदयसे अनन्तके चिजसबके खोजेके परी । जे परमेश्वरके अनन्त आशिषसब नचाहले, उ कहियो प्राप्त करे नसकले । जईसे हमनीके कभिकाल सुनईसि, जेका महके जरुरी परले, ओका मौरीके घारमे जाएके साहस करेके परले । कठी अपने परमेश्वरके आशिष प्राप्त करेके चाहईसी ?

अपनेके, परमश्वरके बचनमे, प्रतिज्ञा कएल बचन बुझेके परी । कठी अपनेके, परमेश्वरके अदभूत प्रतिज्ञासब थाह बा, जे आदमीके समझसे बाहर बा ? कठी अपने परमेश्वरके प्रतिज्ञाके कदर करईसी ? कि अपने संसारके चिजसब खोजईसी ? परमेश्वरके बचन हमनीके कहले, की संसारमे दु किसिमके आदमी सब बा : पृथ्वीके क्षणिक चीजसब के

मूल्यवान ठानेबाला, आ अनन्तके लागि रहेबाला चिजसबके मूल्यबान ठानेबाला । अपने कौन किसिमके आदमी बारी ? भजनसंग्रहके पहिलका खण्ड मे कठी लिखले बा सुनु : धन्य बा उ आदमी, जे दुष्टसबके सल्लाहमे न चलले, जे पापी सबके मार्गमे खरा नहोखले, आ गिल्ला करेबालाके संगतमे नरहले । लेकिन परमप्रभुके व्यवस्थामे प्रसन्न रहले, आ उ दिनरात परमेश्वरके व्यवस्थामे मनन करले । उ नदी के छेउमे रोपल गाँछी जईसन बा, जे अपन समयमे फल देबले, आ ओकर पात सबदिन हराभरा रहले । उ जठी करी, उमे सफल होई । दुष्टसब बतासे उराके लेजाएबाला भुसा जईसन रहले । यीहेसे दुष्टसब, न्यायके दिनमे न टिकी, आ पापी सब धर्मीसबके सभामे स्थान नपाई । काहेकी परमप्रभु धर्मीसबके मार्गके रक्षा करले, लेकिन दुष्टसबके मार्ग नष्ट होजाई । (भजनसंग्रह १:१-६)

अपनेके बारेमे कठी त ? अपने कौन रास्तामे चलईतबारी ? कठी अपने परमेश्वरके प्रतिज्ञासबके कदर करेबालाके मार्गमे चलईत बारी ? कि अपने एसाव जईसन बारी, जे संसारके वित्केजाएबाला चिजसबके लागि परमेश्वरके प्रतिज्ञासबके व्यापार कएले रहे ? परमेश्वरके बचन हमनीके अईसे चेतावनी देवले : एगो आदमी, सारा जगत अपन हातमे लेके भि, अपन प्राण गुमादी, त उ आदमीके कठी लाभ होई ? अथवा आदमी अपन प्राणके सट्टामे कठी देबेसकी ? (मत्ती १६:२६) नष्ट होखेबाला भोजनके लागि परिश्रम नकर, लेकिन अनन्त जीवन तक रहेबाला भोजनके लागि परिश्रम कर, जे (उद्धारकर्ता) अपने सब के देई । काहेकी परमेश्वर अपन छाप लगएलेबा । (युहन्ना ६:२७) हमनीके देखेबाला न, लेकिन नदेखेबाला अदृष्य चिज देखईसी, काहेकी देखेबाला चिजसब क्षणिक रहले, लेकिन अदृष्य बात अनन्त तक रहले । (२कोरिन्थी ४:१२)

प्रिय स्रोतासब, दोसर कार्यक्रममे, परमेश्वरके ईच्छामे, हमनीके तोराहमे रहल याकूबके कथाके निरन्तरता देहम । अपने परमेश्वरके, यी चेतावनीके ध्यानपूर्वक विचार करईत, परमेश्वर अपनेसबके बहुते आशिष देबे : ध्यान देब, कि केहु आदमी परमेश्वरके अनुग्रह प्राप्त करेसे, बन्चित नहोखो... अथवा एसाव जईसन अधर्मी नहोखो, जे एकछाक भोजनके लागि अपन ज्येष्ठ पुत्रके जन्मसिद्ध अधिकार बेचदेल । (हिब्रू १२:१५-१६)

कार्यक्रम २४

याकूब ईस्राएल रहले उत्पत्ति २८-३२

हमनीके बित्तल कार्यक्रममे, एसाव आ याकुब नाम भेल दुजना जुडवाके, ईसहाक जन्म देले रहे, कहके सुनले रहली। एसाव अपन बाबा अब्राहामके, देहल प्रतिज्ञाके अवहेलना कएलक, आ एक कचौरा भोजनके लागि, अपन जेठ पुत्रके जन्मसिद्ध अधिकार बेचदेलक । याकुबके बारेमे कहम त, याकुब परमेश्वरके प्रतिज्ञाके महत्व देले रहे। लेकिन एकर मतलब, यी नबा की याकुब कौनो गल्ती ना कएले रहे । याकुबके अर्थ छली बा । अब आज, हमनीके तोराहके निरन्तरता देहम, आ याकुब जईसन छली आदमीके, परमेश्वर कईसे आदमीमे परिवर्तन कएलक, एकर बारेमे सुनम । याकुब एगो साँचो ठग- छली रहे । अगमवक्तासबके कमिकमजोरीके उजागर करेबाला धर्मशास्त्र, हमनीके लागि विवरण देबले कि कईसे, याकूब अपन जेठ दाजु एसावके, दु बेजी छल करके ओकर जन्मसिद्ध अधिकारके अपन हातमे कएलक । यीहेकारण एसाव, अपन क्रोधमे अपन भाईके मारेके योजना बनएले रहे । परिणाम स्वरुप, उ सबके माई रिबेका, याकुबके गोप्य रुपमे बोलएलक, आ याकुबके हारानमे रहेबाला अपन मामा लाबानकहाँ भागके जाएला कहलक, आ अपन भाईके रिस शान्त नभेला तक, उहबे रहेके सल्लाह देलक । अब आउ हमनीके, याकुब अपन बुबा ईसहाकके घर छोरके, अपन मामा लाबान कहाँ गेलाके बाद, कठी भेलक कहके सुनु । उत्पत्तिके पुस्तक २८ अध्याय पढम । धर्मशास्त्र कहले : बेर्शेबा छोरके याकूब हारान ओर गेलक । (अब्राहाम कनानमे जाएसे पहिले उ हारान मे रहे) साझमे याकूब हारानमे रात रहलक । उ ठाउँके पत्थर एगो लेके अपन सिरानी बनाएके सुत्गेल । याकूब एगो सपना देखलक: की जमिनमे खरा कएल एगो सिरही बा, आ ओकर टुप्पा आकाशमे पुगल बा, आ परमेश्वरके दूतसब, उ सिरहीसे चरहईत आ उत्रईत रहे । परमप्रभु उ सिरहीमे खडा होलक, आ कहलक, “हम परमप्रभु तोहर पिता अब्राहामके परमेश्वर, आ ईसहाकके परमेश्वर । जौन जमिनमे तु सुतल बारे, उ हम तोरा तोहर सन्तानसबके देहम । तोहर सन्तान सब पृथ्वीके धुरा जेतना रही। पूर्व पश्चिम उत्तर दक्षिण तु फैलके जएब । तु आ तोहर सन्तानसबसे हि, पृथ्वीके सब आदमीसब आर्शिबाद पाई। देख, हम तोरासँगे बारी, तु जहाँ भि जब हम तोहर रक्षा करम, आ तोहरा यी ठाउँमे वाया । जब तक हमर बचन तोरामे पूरा नहोई, तब तक हम तोहरा न छोरम ।" तब याकुब उठलक आ कहलक, " निश्चय यी ठाउँमे परमप्रभु परमेश्वर बा, आ यी हम्रा थाह न रहे।” याकुब डेरागेल आ कहलक, “यी ठाउँ कईसन भययोग्य बा । यी त परमेश्वरके घर बाहेक, दोसर किसो नबा । यी त स्वर्गके ढोका बा ।" याकुब सबेरे उठलक, आ अपन सिरानाके पत्थर लेके, खम्बा जईसन खरा कएलक, आ ओकर टुप्पामे तेल खन्यएलक । याकुब, उ ठाउँके नाम बेथेल राखलक, (बेथेलके अर्थ परमेश्वरके घर बा) । (उत्पत्ति २८:१०-१९)

1

परमेश्वर कईसे सपनामे, याकुबके सामु देखापरलक, आ याकुबके बाबा अब्राहाम, आ बाबु ईसहाकके देहल प्रतिज्ञा, याकुबके भि देलक, कहके हमनीके सुन्ली : उ प्रतिज्ञा, पृथ्वीके सब आदमीसबके आशिर्वाद पाएल सन्तानसे, एगो बरका राष्ट्र बनाबेके परमेश्वरके योजना रहे।

याकुब अपन जेठ दाजुसे, जोन जन्मसिद्ध अधिकार लेले रहे, अन्तमे परमेश्वर याकुबके देलक । याकुब, उद्धारकर्ताके संसारमे लेआएबाला, नयाँ राष्ट्र वा जातिके पिता बनेके योग्य न रहे। लेकिन, परमप्रभु कृपा आ अनुग्रहके परमेशवर बा, जे ओकामे भरोसा करेबालासबके, असल चिज सब देबले ।

।

याकुब कौन सपना देखईत रहे ? धर्मशास्त्र कहले कि, याकुब पृथ्वीमे सिरही लागल देखलक, आ उ सिरही स्वर्ग तक पुगल रहे । परमेश्वरके दूतसब, उ सिरहीमे चरहईत आ उबईत रहे । याकुब देखलक उ असाधारण किसिमके रहे । उ पृथ्वीसे स्वर्गतक पुगेबाला, आ परमेश्वरके उपस्थितमे पुगेबाला बहुत बरका रहे । उ बरकी सिरहीबाला सपनासे परमेश्वर, याकुबके अपनासँगे अदभुत आ घनिष्ठ सम्बन्ध राखेके चाहईत रहे । परमेश्वर, याकुबके यी संसारमे पृथ्वीसे स्वर्गतक पुगेबाला, सिरही जईसन, परमेश्वर आ आदमीके बीचमे एगो साँचो मध्यस्थकर्ता बन्के आबेबाला, मुक्तिदाताके भि देखाबेके चाहईत रहे । आजके दिनमे, एगो आदमी अपन असल कामसे, स्वर्गलोकमे जाबले, कहके बहुत जन विचार करले । परमेश्वरके बचन, हमनीके परमेश्वर आ आदमीके बीचमे एगो मात्र सिरही बा, आ उ सिरही आदमीसे न, लेकिन परमेश्वरके ओरसे आएल बा । हमनीके आदमके सन्तानसब बारी, हमनीके अपन बलसे परमेश्वरके उपस्थितिमे, प्रवेश करेबाला कौनो माध्यम नबा । ई हमनीके पाप आ पवित्र परमेश्वरके, खुस करेबाला हमनीके अपने शक्तिके कमीके कारणसे बा । लेकिन कृपासे भरिपूर्ण परमेश्वरके, आदमीसबप्रति महान प्रेमके कारण, आदमके सन्तानसबके लागि मुक्तिके रास्ता, परमेश्वर प्रदान कएले बा । उहेसे, याकुबके सपनामे रहल सिरही, मध्यस्थकर्ताके प्रतिक रहे, जेका परमेश्वर पापीसबके बचाबेके लागि, यी संसारमे पठाबेके प्रतिज्ञा कएले रहे । मध्यस्थकर्ता, उ सिरही जईसन बा, जेका याकुब स्वर्ग आ पृथ्वीके बीचमे देखले रहे । धर्मशास्त्र हमनीके उहे बात बताबेके चाहले, जब बचन कहले, "काहेकी परमेश्वर एगो बा, परमेश्वर आ आदमीसबके बीचमे मध्यस्त भि एगो बा : आदमी, ख्रीष्ट येशु । परमेश्वर, छुटकाराके मोलके लागि अपनेआपके सुम्पदेल... ताकि विश्वास करेबाला, केहु भि नाश न होखो, लेकिन उ अनन्त जीवन पाव (१ तिमोथी २:५-६ युहन्ना ३:१६) । 'बारेमे परमेश्वरके वचन स्पष्ट का : स्वर्गसे परमेश्वरके पठाएल, पवित्र मध्यस्थकर्तासे बाहेक, दोसर केको माध्यमसे, कौनो आदमी परमेश्वर काँहा आए नसकी । अब, याकुब अपन मामाके घरमे अएलाके बाद, कठी भेल सुनु । परमेश्वरके बचन कहले, कि आदमी जथी रोपले, तथीए कटनी करले (गलाती ६:७) । याकुब अपन जेठ दाजुके कईसे धोका देलक, कहके हमनीके सुन्लेल बारी । अब, याकुबके मामा, याकुबके कईसे धोका देलक, कहके हमनीके सुनम । याकुबके मामाके नाम, लाबान रहे, आ लाबान धुर्त आदमी रहे। हमनीके उत्पत्ति २९ अध्यायमे, धर्मशास्त्र कहले : याकुब लाबानके सब बात बतादेल । लाबान याकुबके कहलक, “बास्तवमे तु हमर हडी आ मांस बार ।” याकुब लाबानसँगे एक महिना रहला के बाद, लाबान याकुबके कहलक, " तु हमर नातेदार बार, एकर मतलब तु हमर फिरी मे सेवा करब ? ज्याला केतना होएके चाहि हम्रा कह ।” लाबानके दुगो बेटीसब रहे । बरका बेटीके नाम लेआ, छोट बेटीके नाम राहेल रहे । लेआके आँख धमिला रहे, लेकिन राहेल सुन्दरी रहे । याकुब राहेलसे प्रेम कएलक, आ लाबानके कहलक, “ अपनेके छोट बेटी, राहेलके लागि, सात वर्षतक हम अपनेके सेवा करम ।”लाबान कहलक, “राहेलके दोसरजनसे विवाह करेसे निमन, तोहरासे विवाह करादेला ठीक होई, हम्रेसँगे रह ।” याकुब राहेलके लागि, सात बर्षतक लाबानके सेवा कएलक । याकुब राहेलसे एतना प्रेम करईत रहे, कि उ समय याकुबके बहुत कम लागलक । ओकाबाद, याकुब लाबानके कहलक, “हम अपनेके सेवा करदेली । अब हमर पत्नी होएके लागि, राहेलके हम्रा देउ । हम ओका साथै रहेके चाहईसी ।" तब लाबान, उ ठाउँके सब आदमीके जम्मा करके भोज देलक ।

लेकिन साँझमे, लाबान अपन बेटी लेआके, याकुब कहाँ लेआदेल, आ याकुब लेआसँगे सहवास कएलक । याकुब बिहान देखलक त, लेआ रहे । तब याकुब, लाबानके कहलक, “अपने हम्रा साथे काहे अईसे कईली ? हम कठी राहेलके लागि, सेवा न कईली ? अपने हम्रासँगे काहे अईसन छल कईली ?” लाबान कहलक, "हमर देशमे जेठसे पहिले, छोटके विवाह न होखले । लेआ सँगे एक हप्ता रह, आ दोसर वर्ष हमर सेवा कर, तब हम राहेलके भि तोहर पत्नीके रुपमे देहम ।” याकुब लेआसँगे एक हप्ता पूरा कएलक । तब लाबान, अपन बेटी राहेलके भि, याकुबके पत्नीके रुपमे देलक । याकुब लेआसे बेसी राहेलके, प्रेम करईत रहे आ दोसर साल याकुब, लाबानके सेवा कएलक (उत्पत्ति २९:१४-२३,२५- २८,३०)। अईसहिए, लाबान अपन भान्जा याकुबके धोका देलक । जौन होलक उ ठीक बात नरहे, लेकिन हमनीके निश्चित होखम की, याकुबके जीवनमे भेल घटनामे परमेश्वरके हात रहे, आ उ घटनासबके परमेश्वर, याकुबके भलाईके लागि प्रयोग कएले रहे । अन्तमे, याकुब बाह्रजनाके पिता होलक । याकुब अपन मामाके घरमे, बीस वर्षतक रहलक । उ बर्षसबमे, परमेश्वर अपन प्रेममे, याकुबके बहुत दुखदायी परीक्षासब, पार करेके कहलक जेकासे परमेश्वर, याकुबके अनुशासित होखेला आ अपन विश्वासके याकुब, सोना जईसन शुद्ध करेसकल । अईसन दिन अएलक, जब परमेश्वर याकुबकहाँ देखापरलक, आ कहलक, " तु अपन पिता पुर्खा आ कुटुम्ब काँहा फिरके जो, आ हम तोरा सँगे रहम, ” (उत्पत्ति ३१:३) । याकुब उठलक, अपन सामान सब बोकके, याकुब आ ओकर परिवार उहाँसे निकलगेल । उ सब कनान देशमे चलगेल, जौन भूमि परमेश्वर अब्राहाम, ईसहाक आ याकुब आउ सबके सन्तानसबके, देबेके प्रतिज्ञा कएले रहे । जब याकुब आ याकुबके परीवार कनान जाएबाला रास्तामे रहे, परमप्रभु याकुब कहाँ एगो विशेष तरिकासे देखापरलक, आ याकुबके नाम परिवर्तन कएलक । हमनीके यी घटनाके ३२ अध्यायमे पढम । याकुब अकेले होगेल, आ एकजना आदमी याकुबसे रातभर कुश्ती लडलक । जब उ आदमी याकुबेसे जीते नसकल, तब याकुबके कम्मरके खोक्रो भाग छलक आ कुस्ती लरईत-लरईत, याकुबके कम्मरके हड्डी टुटगेल । तब उ आदमी, याकुबके कहलक, “ईन्जोट होईत बा, हम्रा जाए द ।”लेकिन याकुब कहलक, "जब तक हम्रा आशिर्वाद नदेब, तबतक हम तोहरा जाए नदेम।” उ आदमी याकुबसे पुछलक, “तोहर नाम कठी बा ?” उ कहलक “ याकुब "उ आदमी कहलक, अबसे तोहर नाम याकुब न रही, लेकीन ईस्राएल रही, काहेकी तु परमेश्वर आ आदमी सँगे लडाई कएल, आ जीत्ल ।” याकुब उ आदमीसे पुछलक, "कृपा करके, हम्रा बताउ अपनेके नाम कठी बा ?” लेकिन उ आदमी उत्तर देलक, "हमर नाम तु काहे पुछईत बार ?” आ उ आदमी याकुबके आशिर्वाद देलक । यीहे कारण, याकुब उ ठाउँके नाम पनीएल राख्देल, (जेकर अर्थ, परमेश्वरके सम्मुख वा परमेश्वरके रुप होखले), काहेकी “परमेश्वरके सम्मुख होलाके बाद भि, हमर जान बचगेल कहके याकुब कहलक (उत्पत्ति ३२:२४-३०) । यी अचम्मके कथा, महत्वपूर्ण पाठसबसे भरल रहे । हमनीके ईहा परमेश्वर, याकुब कहाँ आदमीके रुपमे देखा परलक, आ याकुबसँगे कुश्ती लरईत सुनली । परमेश्वर याकुबसँगे काहे कुश्ती लडलक ? काहेकी याकुब परमेश्वरके सामु अपन कमजोरी स्वीकार कएल परमेश्वर चाहले रहे । परमेश्वर याकुबके सब साँचो शक्ति आ बुद्धि, परमेश्वरसे मात्र आबले कहके जानो कहके चाहईत रहे । याकुबके लागि, परमेश्वरके अदभुत योजना सब रहे, लेकिन परमेश्वरके सबसे अच्छा आशिर्वाद, केवल उ आदमीके मात्र मिलले, जे अपन शक्तिसे परमेश्वरके, खुस न करेसकम कहके जानले । अपनामे परमप्रभु परमेश्वरके सामु, कौनो शक्ति नबा कहके, याकुबके महसुस होगेल रहे । उ रात परमप्रभु परमेश्वर, याकुबके ईस्राएल नाम रखदेल । याकुबके अर्थ धोका देबेबाला बा । लेकिन ईस्राएलके अर्थ, परमेश्वरसँगे शासन करेबाला आदमी बा । अब्राहाम, ईसाहाक आ याकुबके सन्तानसबमे से, जन्म लेबेबाला परमेश्वरके प्रतिज्ञा कएल, नयाँ राष्ट्र वा जातिके नाम ईस्राएल होई । याकुबके बाह्रगो बेटासबसे हि, ईस्राएल राष्ट्र वा जातिके उत्पत्ति भेल बा ।

आ ईहे इस्राएल जातिसे, मुक्तिदाता ई संसारमे अएलक । केहु सोचईत होई, काहे परमेश्वर याकुब जईसन छली के चुनलक, आ प्रतिज्ञा कएल मुक्तिदाताके, यी संसारमे लेआबेके राष्ट्र वा जातिके पिता बनएलक त ? एकर जवाफ धर्मशास्त्रसे सुनुः लेकिन बुद्धिमानसबके शर्ममे पारेला, परमेश्वर संसारके मूर्ख चिजसबके चुनलक, आ शक्तिशालीके शर्ममे पारेला, परमेश्वर संसारके निर्वल चिजके चुनलक । परमेश्वर संसारके निच आ तुच्छ चिजसबके चुन्लक । ई तक की, नगन्य विजसबके पुलक, ताकि उ चिज सब व्यर्थ ठहरो, आ कौनो आदमी परमेश्वरके सामने अहंकार नकरो (१ कोरन्थी १:२७-२९)। याकुब एगो छली आदमी रहे । याकुब पापी रहे । याकुब अपने शक्तिसे, परमेश्वरके न्यायसे अपने आपके बचाबे नसईत, आ अपने आपके परमेश्वरमे ग्रहन योग्य, तुल्याय न सकईत । याकुबमे यी चिज बाहेक, कौनो चिज असल नरहे: याकुब परमेश्वरके विश्वास कएलक । याकुब परमेश्वरके बचनके कदर करईत रहे । याकुबके लागि, संसारके सब चिजसे बेसी, परमेश्वरके आशिष प्राप्त करेबाला बात, महत्वपूर्ण रहे । यीहेकारण परमेश्वर याकुबकहाँ, अपनाके चिन्हएलक, आ याकुबके आशिष देलक । परमेश्वर अपन अनन्त उद्देश्वयसबमे, धोका देबेबाला छली हृदय भेल, याकुबके परमेश्वरके आदमी ईस्राएल कहके परिवर्तन करदेल । अपनेके बारेमे कठी त ? कठी अपने याकुब जईसन अपनाके बचाबेके लागि, अपन कमजोरी बुझले बारी ? कि अपन शक्ति आ अपन कएल असल काममे, घमण्ड करईत बारी ? एकर बारेमे परमेश्वर कठी कहले सुनु : काहेकी कौनो भेद नबा ... सब पाप कएले बा, आ परमेश्वरके महिमा तक पगेसे चुकल बा (रोमी ३:२२-२३) परमेश्वर अहंकारी सबके विरोध करले, लेकिन नम्रसबके अनुग्रह करले । यीहेकारण परमेश्वरके शक्तिशाली बाहुलीमे, तोहनी सब विनम्र होख, आ परमेश्वर उचित समयमे, तोहनी के उच्च करी । (१ पत्रुस ५: ५ - ६) धन्य आत्मामे दीन होखेबाला सब, काहेकी स्वर्गके राज्य उहे सबके बा । (मत्ती ५:३)

सुन्के साथ देली अपने सबके बहुत बहुत धन्यवाद बा। हमनीके दोसर कार्यक्रममे, परमेश्वरके ईच्छामे, हमनीके याकुबके बाह्र बेटासबमध्ये एगो बेटा योसेफके, अचम्मके कथा सुनेके सुरुकरम । परमप्रभु अपनेसबके, अपने समय परिवारके, आ अपनेके समुदायके आशिष देले होखे । हमनीके अपनेसबके लागि, अगमवक्तासबके कहल यी बचन कहईतबारी फिर भि परमप्रभु, अपनेसबके उपर कृपालु होएके चाहईत बा । परमेश्वर अपनेके दया देखाबेला खरा होई । काहेकी परमप्रभु न्यायकर्ता परमेश्वर बा । परमेश्वरके लागि स्थीर रहेबाला सब धन्यके बा! (यशैया ३०:१८)

कार्यक्रम २५

योसेफके अपमान

उत्पत्ति ३७-३९

1

हमनीके वित्तल कार्यक्रममे, परमेश्वरके अगमवक्ता अब्राहामके नाती, याकुबके बारेमे सुनले रहली, आ याकुबके परमेश्वर, कईसे “ईस्राएल" नाम राखदेलक कहके सुन्ली । याकुबके अर्थ छल करेबाला होखले, लेकिन ईस्राएलके अर्थ, परमेश्वरसँगे राज्य करेबाला बा । अब याकुबके दुगो नाम रहे : याकुब आ ईस्राएल । ईस्राएल भि एगो नयाँ जाति, वा राष्ट्र के नाम बा । जेका परमेश्वर, अब्राहाम, ईसहाक आ याकुबके सन्तानसबसे बनाबेके प्रतिज्ञा कएले रहे । याकूबके बाह्रजना बेटासब रहे । यीहे बाह्र जना बेटासबसे ईस्राएलके आदमीसब उत्पन्न भेल रहे, आ यी उ जाति वा राष्ट्र रहे, जेकासे यी संसारमे मुक्तिदाता आबेबाला रहे। कठी अपनेके याकूबके तीनजना बेटासबके नाम थाह बा ? उ सबके नाम, रुबेन, सिमियोन, लेवी, यहुदा, जबुलुन, ईश्साकार, दान, गाद, आशेर, नप्ताली, योसेफ, आ बेन्जामिन रहे । आज हमनीके, याकुबके बेटासबके बारेमे कथा सुरु करम, विशेष कके योसेफ नामके बाहौ बेटाके कथा सुरु करम । आउ, अब हमनीके योसेफके कथामे प्रबेश करु । हमनीके तोराहमे रहल

उत्पत्तिके पुस्तकके ३७ अध्यायमे पढम : याकुबके वृतान्त यीहे बा । योसेफ सत्र बर्षके रहे, जब योसेपफ अपन दाजुसब सँगे, भेडाबाखासबके बगाल चराईत रहे । एकदिन योसेफ, अपन पिताके पत्नीसब बिल्हा आ जिल्पाके बेटासबके, खराब व्यवहारके बात अपन बुबा कहाँ लेअएलक । अपन बुढेसकालके बेटा होएके कारण, ईस्राएल और बेटासबसे बेसी योसेफके बेसी माया करईत रहे, आ ईस्राएल योसेफके लागि, निमन बुट्टासब भेल बरका लबेदा बनादेल । लेकिन, योसेफके बाबु, और बेटासबसे बेसी, योसेफके माया करईत देखके, योसेफके दाजुसब योसेफसे दुस्मनी राखलक, आ योसेफसे निमनसे नबोलईत रहे । एकबेर योसेफ एगो सपना देखलक । योसेफके सपना ओकर दाजुसब सुन्के, और बेसी दुश्मनी राखेलागल । योसेफ अपन दाजुसबके कहलक, "हमर सपना सुनु, हमनीके खेतमे अन्नके बिटा बाँन्हईत रली । हमर बीटा खरा भेलक, आ तोहनीसबके बिटासब, हमर बिटाके चारुओर जम्मा होके दण्डवत कएलक ।” प्रभुत्व हमनीके उपर होखेलागल ?” योसेफके सपना आ योसेफके बातसबके कारण, उसब योसेफसे अउर बेसी दुश्मनी राखेलागल । तब योसेफ, दोसर सपना देखलक, आ अपन दाजुसबके बतएलक, “सुनु, हम दोसर सपना देखली । सूर्य, चन्द्र आ एघार गो तारासब, हम्रा दण्डवत करईत रहे । योसेफके दाजुसब, योसेफके कहलक, “कठी तु हमनीके उपर राज्य करेबाला होगेल बारे ? कठी तोहर प्रभुत्व हमनीके उपर होई ?” जब योसेफ अपन बाबु आ दाजुसबके बतएलक, तब योसेफके बाबु योसेफके हप्काके कहलक," तोहर देखल यी सपना कठी बा ? कठी साँचो हम, तोहर माई, आ तोहर दाजुसब आके तोराके भुईतक झुकके दण्डवत करम ? तब योसेफके दाजुसब योसेफसे जरेलागल । लेकिन योसेफके बाबु, यी बातके मनेमे राखलक । एक बेर योसेफके दाजुसब, अपन बाबुके बगालसब श्केममे चराबेके लागि गेल रहे । आ ईस्राएल योसेफके कहलक, “ तोहर दाजुसब श्केममे भेडासब चराईत बा । आ, हम तोहरा उ सबके सँगे पठाईतबारी ।”

योसेफ कहलक, “हम तयार बारी।” ईस्राएल योसेफके कहलक, “जाके देख, तोहर दाजुसब, आ भेडाबाख्रासब निम्नेसे बा, की न बा । आ हम्रा कहाँ समाचार लेआब ।" तब ईस्राएल, योसेफके हेब्रोनके बेंसीसे शकेम पेठादेल आ योसेफ सकेममे आगेल । अपन दाजुसबके खोजईत क्रममे, योसेफ उ सबके दोतानमे भेटएलक । योसेफके दाजुसब, योसेफके अपनासब ओर आईत देखलक, योसेफ नजिक आएसे पहिले, उसब योसेफके मारेके योजना बनएलक । उसब आपसमे कहलक, “उ स्वप्न-दर्शी आईत बा । चल अब हमनीके, योसेफके मारके खंडिलामे फेकदेउ । जङ्गगली पशु खालेल कहके, हमनीके कहु आ तब ओकर सपना कठी होई हमनीके देखम ।” यी सुन्के रुबेन योसेफके बचाएके लागि, अईसे कहलक, “हमनीके योसेफके जान लेबेके नचाही ।" रुबेन कहलक, “रक्तपात न करु । यीहा मरुभूमिके खाल्डोमे योसेफके फेकदु । लेकिन योसेफके उपर हात नउठाउ । "उसबके हातसे बचाके, योसेफके अपन बुबा कहाँ पठादेबेके ईच्छासे, रुबेन अईसे कहले रहे । जब योसेफ नजिक अएलक, तब योसेफके निमन बुट्टासब भेल उ बरका लबेदा छिनके, आ योसेफके एगो गहिरा खाल्डोमे फेकदेल । उ खाल्डोमे पानी नरहे सुख्खा रहे । जब उसब उपर देखलक, तब मिश्रओर सुगन्धित मसला, लेप, आ मुर्र ऊँटसबमे लादके लेजाईत गिलादसे आएल, एक ईशमाएली यात्रीके दलके देखलक । तब यहुदा अपन दाजुभाईसबके कहलक, "हमनीके अपन भाईके मारके, ओकर खुन लोकाके हमनीके कथी फाईदा होई ? आउ, अब एका ईश्माएलीसबके हातमे बेचदेउ । हमनीके एका उपर हात नउठाउँ । काहेकी यी हमनीके भाई, हमनीके शरीर जईसन बा ।” ओकर दाजु भाईसब ओकर बात मान्लेल । यीहेकारण, जब मिधानी व्यापारीसब, उ रास्ता होके अएलक, तब योसेफके दाजुसब, योसेफके खाल्डोसे निकाल्के ईश्माएलीसबके हातमे, चाँदीके बीस सिक्कामे बेचदेल । आ उ ईश्माएलीसब, योसेफके मिश्रमे लेगेल । जब रुबेन खाल्डोमे गेलक, तब योसेफके खाल्डोमे नदेखके, अपन लुगा फारलेल, भाईसबके नजिक जाके कहलक भाई त खाल्डोमे नबा त ? अब हम काहाँ जाऊँ ? " तब उसब एगो बोका मारके योसेफके लबेदा, बोकाके खुनमे भिजाके, उ बुट्टासे भरल लबेदा, अपन बाबु इस्राएलकहाँ लेआके कहलक, “देख, ई अपनेके बेटाके बा कि नबा ?” ईस्राएल उ लुगा चिन्हके कहलक, “यी त हमर बेटा योसेफके लबेदा बा । जङ्गली पशु योसेफके खालेल होई ! साँचोके योसेफके धुजा धुजा करदेल होई ।” तब याकुब, अपन लुगा फारके, अपन कम्मरमे भाङ्ग्रा लगाके, योसेफके लागि बहुत दिनतक, शोक कएलक । याकूबके बेटाबेटीसब, सान्त्वना देबेके बहुत प्रयास कएलक, लेकिन याकूबके शान्ति न भेल । याकूब कहलक, " हम अपन शोकमे, अपन बेटाकहाँ चिहानमे जाहम ।" अईसही, योसेफके बाबु योसेफ लागि, बिलौना कएलक । (उत्पत्ति ३७:२-१४,१७-३५)

।

अब योसेफके, ईश्माएलीसब मिश्रमे लेगेल । फारोके एकजना अधिकृत, अंगरक्षकके कप्तान, पोतीफर कहेबाला एकजना मिश्री, योसेफके ईशमाएलीसबके हातसे किन्लेल । परमप्रभु योसेफके साथमे रहे, आ मिश्रमे योसेफके उन्नति भेलक । योसेफ, अपन मिश्री मालिकके घरमे रहईत रहे । योसेफके मालिक परमप्रभु योसेफके साथमे रहल, आ योसेफके सब काममे, परमप्रभु उन्नति कराईत देखलक । यीहेसे उ मालिकके निगाह, योसेफके उपर रहे। योसेफ अपन मालिकके सेवा करईत रहे, आ उ मालिक योसेफके, अपन घरके मुख्य करिन्दा बनएले रहे, घरमे रहल सबचिजके जिम्मा योसेफके देलक, आ उ दिनसे परमप्रभु, योसेफके लागि उ मालिकके घरमे, आशिष देलक ।

परमप्रभुके आशिष, योसेफके मालिकके घर, अन्न आ सबचिजमे रहे । योसेफ देखेमे, सुन्दर आ निमन रहे । कुछ समयके बाद, योसेफके मालिकके पत्नी, योसफके उपर नजर लगाके, अपनासँगे सुतेके कहलक । लेकिन योसेफ, अस्वीकार करके कहलक, “देख, हम यी घरमे बारी, ईहेसे हमर मालिकके यी घरमे, कौनो किसोके फिक्री नबा, आ

अपन सब कुछ, हमरा जिम्मा देलेबा । यी घरमे, हम्मासे बरका केहु नईखे । हमर मालिक, अपने बाहेक सब कुछ हम्मा देलेबा । काहेकी अपने, हमर मालिकके पत्नी बारी । तब कईसे अईसन घोर, दुष्ट काम करके, हम परमेश्वरके विरुदमे पाप करु ?" आ ओकर मालिक्नी, दिनदिने योसेफसे बात कएलक, फिरभि योसेफ ओकासँगे सुतेके, आ बईथेके नमान्लक । एक दिन योसेफ, अपन काम करे घरभितर गेल रहे, घरमे दोसर केहु काम करेबाला नरहे, योसेफके लुगा थामके मालिक्नी कहलक, हम्मासँगे सुत, लेकिन योसेफ अपन लुगा छोरके भागेल, आ घरसे बाहर आगेल । योसेफके लुगा, अपन हातमे लेके मालिक्नी घरके नोकरसबके बोलाके कहलक, देख, हमर पती ईहा एगो हिब्रुके, हमर बेजत करेला लेआएल बा । यी आदमी हम्मासँगे सुतेला, घरके भितर अएलक आ हम, चिच्याके हल्ला कईली । हमर हल्ला सुन्के, ई अपन लुगा हम्माकहाँ छोरके घरसे बाहर भागेल ।" जब ओकर पति अएलक, तब उ स्त्री अपन पतीके भि यीहे बात सब सुनएलक, तब ओकर पती रीससे आगी होगेल । योसेफके कैदी थुनेबाला, झ्यालखानामे हाल्देल । लेकिन परमप्रभु, योसेफके साथमे रहे । परमप्रभु योसेफके झ्यालखानाके हाकिम बनादेल । झ्यालखानाके सब कैदीसब, योसेफके जिम्मामे राख्देल । उहाँ जौन भि काम होखईत रहे, योसेफके ईसारामे होईत रहे । योसेफके जिम्मामे रहल, कौनो भि काममे, हाकिम सब फिक्री नकरईत रहे, काहेसे परमप्रभु योसेफके साथमे रहे । योसेफ जठी करईत रहे, परमप्रभु उ काममे, सफलता करादेईत रहे । (उत्पत्ति ३९:१:२३) यी याकूबके बेटा, योसेफके कथाके शुरुवातमात्र बा। आज हमनीके, सुनल कथाके आधारमे बुझली की, योसेफ धार्मिकताके प्रेम करईत रहे, आ दुष्टताके घृणा करईत रहे । योसेफ, पापके क्षणिक सुख भोगेसे निमन, झ्यालखानाके कष्ट भोगेके रुचएलक । उहेकारण, जब योसेफके मालिकके पत्नी, अपनासँगे सुतेके आ व्यभिचार करेके कहलक, तब योसेफ सिधे अस्वीकार कएलक आ कहलक, हम कईसे यी घोर दुष्ट काम आ परमेश्वरके बिरुद्ध पाप करेसकम ?" योसेफ पापके मतलब, गलत काम बा कहके बुझले रहे । योसेफके थाह रहे कि, पापके सेवा आ परमेश्वरके सेवामे, बहुत अन्तर बा । यासेफ अपन हृदय, परमेश्वरके देले रहे । उहेसे योसेफ धार्मिकताके प्रेम कएलक, आ दुष्टताके घृणा कएलक । अपन बाबा अब्राहाम जईसन, योसेफ भि आदमके सन्तानके, पापसबके लागि कष्ट भोगेके, आ मरेके लागि पृथ्वीमे आबेबाला, मुक्तिदाताके बारेमे परमेश्वरके प्रतिज्ञा कएल, बचनमे विश्वास कएले रहे । परमेश्वर योसेफके ठर्मी ठहरएलक, काहेकी योसेफ परमेश्वरके, बचनमे विश्वास कएलक । योसेफके विश्वासके कारण, परमेश्वर योसेफके हृदय शुद्ध करदेल, आ पापके जितेबाला ईच्छा आ शक्तिसे भरदेल, आ दुष्ट संसारमे योसेफ, धार्मिक जीवन बितएलक । परमेश्वर योसेफसँगे चललक, काहेकी योसेफ परमेश्वरसँगे चललक, योसेफ पापके आनन्द उठाबे नसकलक, काहेसे योसेफके हृदय, परमेश्वरके लागि समर्पित रहे । जे हृदयसे परमप्रभु परमेश्वरमे, विश्वास करले, परमेश्वरके आराधना करले, उ परमेश्वरके मन पराएबाला चिजसे, प्रेम करले आ परमेश्वरके घृणा करेबाला चिजसे घृणा करले, : केहु दुगो मालिकके सेवा करेनसकी, काहेकी उ एगोके घृणा करी, आ दोसरके प्रेम करी ।

अथवा उ एगो प्रति भक्तिके भावना राखी, आ दोसरके तुच्छ सम्भी । (मत्ती ६:२४) काहेकी धार्मिकता आ अधर्मके कठीके सङ्गती ? अथवा अन्हार आ ईन्जोटके कठीके सम्बन्ध ? (२कोरिन्थी ६:४) परमेश्वर ज्योती बा, आ परमेश्वरमे कौनो अन्धकार नबा । यदि हमनीके परमेश्वरसँगे संगती करईसी, आ अन्धकारमे चलईसी त, हमनीके झूठ बोलईसी आ हमनीमे सत्यता नबा । (१ युहन्ना १: ५ - ६) जौनसब साँचो परमेश्वरके बा, उसब परमेश्वरके बचनमे, विश्वास करले आ उ पालन करले । लेकिन जे परमेश्वरसे सम्बन्धित नबा, उ सब पापमे रहले । उसबके धर्मके बाहिरी रुप होए सकी, लेकिन पाप, अबिभि, उ सबके विचारसब, उसबके हृदयके मनसाय, उ सबके बचन आ कामके नियन्त्रण करले । पापके जितेके चाहले, लेकिन पापके जिते नासकी, काहेकी पाप उ सबसे शक्तिशाली बा । उ

सबके हृदयमे, पवित्र आत्माके शक्ति नबा, जेका परमेश्वर अपन बचनमे, विश्वास करेबाला, आ ओकर प्रदान कएल मुक्तिके धार्मिक रास्ताके, ग्रहण करेबाला सबके देबले । अपने सब, जे आजके ई कार्यक्रम सुनईत बारी, कठी परमेश्वर अपन पवित्र आत्मासे, अपनेके हृदयके नवीकरण कएलक त ? कठी अपने अपन हृदयके, पापसे शुद्ध करेके शक्ति, देबेबालाके बारेमे सुनावल, सुसामाचारके विश्वास कएले बारी ? की अपने अबिभि, पापके दासत्वमे जियईत बारी ? धर्मशास्त्र कहले : काहेकी सब आदमीके मुक्तिके लागि, परमेश्वरके अनुग्रह प्रकट भेल बा, जे हमनीके भक्तिहिनता आ संसारिक चाहतसब छोरेके, आ संसारमे संयमी, सोझ, आ भक्तीमे जीवनयापन करेके तालिम देबले (तीतस २:११-१२) । यी हमनीके बुझेके परी की, औसन धार्मिक जीवन, हमनीके महान परमेश्वर आ मुक्तिदाता येशु ख्रीष्टके कारण, मात्र सम्भव बा, जे हमनीके, सब अधर्मसे मोल तिरके, उद्धार कएलक । सुकर्ममे अपने लागि, एक बिशेष जाति शुद्ध करेला, अपनेआपके समर्पन करदेल । (तीतस २:१३-१४) हमनीके दोसर कार्यकक्रममे, योसेफके कथाके, निरन्तरता देबेके योजना बनएले बारी, आ योसेफ कईसे इ्यालखानासे बाहर अएलक, आ मिश्रके भूमिमे सर्वोच्च शासक बनल रहे, कहके सुनम । अपने पवित्र धर्मशास्त्रसे, यी आधारभूत सत्यतामे मनन् करईत, परमेश्वर अपने सबके आशिष देवे : परमेश्वर ज्योति बा, आ परमेश्वरमे तन्को अन्हार नबा । यदि परमेश्वरसँगे, हमनीके संगती बन्हिया बा, हमनीके कहम आ अन्धकारमे चलम त, हमनीके हमनीके झूठ बोलईसी, आ सत्यमे नचलईसी (१ युहन्ना १:५-६)

कार्यक्रम २६

योसेफके पदोन्नती

उत्पत्ति ४०-४२

हमनीके बितल कार्यक्रममे, याकूबके बाह्रजना बेटामध्ये, योसेफके बारेमे सुन्ली । कईसे योसेफके दाजुसब, एकदिन योसेफके दण्डवत करी कहके, सपना देखलक हमनीके बुझली । योसेफके दाजुसब, योसेफमे विश्वास न करईत रहे, लेकिन आज हमनीके कईसे परमेश्वर, योसेफके सपना पूरा कएलक आ योसेफके दाजुसब योसेफके सामु, कईसे झुकएलक कहके देखम । हमनीके बुझाई अनुसार, योसेफके दाजुसब, योसेफके सपनाके कारण, घृणा कएलक, आ सतएलक । उसब ईर्ष्या आ क्रोधमे, योसेफके ईश्माएली, व्यापारीसबसे बेचदेल । ईशमाएली सब योसेफके मिश्रमे लेगेल, आ मिश्रके राजा फारोके, एकजना अधिकारीसे बेचदेलक । योसेफके बारेमे कहम, त योसेफ एक विश्वासयोग्य सेवक रहे, आ अपन काममे ईमान्दार रहे, काहेकी उ परमेश्वरसँगे चलईत रहे ।

योसेफ बहुत सन्दर भि रहे, जेकाकारण योसेफके मालिकके पत्नी, योसेफसँगे सुतेके खोजलक । लेकिन योसेफ ओका कहलक, “हम कईसे अईसन घोर दुष्ट काम करके, परमेश्वरके विरुद्धमे पाप करु ?” (उत्पत्ति ३९:९) । जब योसेफ ओकासँगे व्यभिचार करेसे ईन्कार कएलक, तब उ स्त्री योसेफके विरुद्धमे बोलके, झ्यालखानामे हालदेल । योसेफ, पापके क्षणिक शुख भोगेसे अच्छा, झ्यालखानामे जाएके स्वीकार कएलक । योसेफ अपन जीवनमे, परमेश्वरके पहिला स्थान देले रहे । दु बर्षतक योसेफ कालकोठरीमे रहलक, लेकिन परमेश्वर योसेफके न बिस्रलक ।

अब, हमनीके तोराहमे निरन्तरता देहम, आ सुनम कि कईसे परमेश्वर, योसेफके परिस्थिति परिवर्तन कएलक । हमनीके उत्पत्तिके पुस्तक ४१ अध्यायमे सुनम, जहाँ हमनीके बुझ्म कि, योसेफ दु वर्ष पूरा झ्यालखानामे रहलाके बाद, मिश्रके राजा फारो एगो सपना देखलक : फारो नदीके किनारमे खरा रहे । नील नदीसे सातगो, खुब मोटाएल गाई सब अएलक, आ काँसके घारीमे चरेलागल । ओकाबाद अउर सातगो, हड्डी आ छाला मात्र भेल, कम्जोर गाईसब नील नदीसे निकलक, आ निल नदीके किनारमे खरा भेल, पहिलाके गाईसब सँगे खरा भेलक । उ हड्डी आ छाला मात्र, भेल कम्जोर गाईसब, उ सातगो मोटाएल गाईसबके खालेल । आ फारो राजाके निन्द खुलगेल । एकाबाद फारोके, फेर निन परगेल आ दोसर सपना देखलक । सात गो भरल आ असल अनाजके बाला, एकेगो डाँठमे फरल रहे । ओकाबाद पूर्वीय बतास आके, सुखल सातगो अन्नके बालासब पेठएलक । आ उ सुखल बाल सब, उ भरल सातगो असल बालासबके खालेल । आ फारोके निन खुलगेल । उ सपना बा कहके, फारोके थाह भेगेल । बिहानकर फारोके चिन्ता भेगेल, आ उ मिश्रके सब जादूगर, आ उहाँके सब ज्ञानी पुरुषसबके बोलएलक । फारो उ सबके, अपन सपना बतएलक। लेकिन फारोके सपनाके अर्थ, केहु बताए नसकलक । तब, एगो मूख्य व्यक्ति फारोके कहलक, " हमर भुल आजु हम्रा याद आगेल ।

फारो अपन नोकरसबसे, खिस माफ करके हम्रा आ मुख्य पकाएबालाके, अङ्गगरक्षकके कैदमे राखले रहली, त उहाँ हमनीके अपने अर्थके सपन देखली । उहाँ अङ्गरक्षकके कप्तानके, एकजना हिब्रू जवान नोकर, हमनीसँगे रहे, आ जब हमनीके अपन सपना ओका बतईली, हमनीके दुनुजनके अपन सपना अनुसारके अर्थ बतादेल । उ हमनीके, जईसे अर्थ

बतएले रहे, ठीक औसनके होलक । हम अपन काममे फेर नियुक्त भेगेली, लेकिन उ मुख्य पकाएबाला मरगेल ।" यीहेकारण, फारो योसेफके बोलाएला पठएलक, आ इ्यालखानासे निकालके लेअएलक, आ योसेफ अपन दाही आ कपाल काट्लक, आ लुगा फेरलेल । आ फारोके सामने हाजिर होगेल । फारो योसेफके कहलक, "हम एगो सपना देखली, लेकिन यीहा केहु सपनाके अर्थ, बताए नसकलक । हम तोहर विषयमे सुन्ली, कि सपना सुन्के, तु अर्थ बतादेबल ।" योसेफ फारोके कहलक, "अईसन ज्ञान त हम्रामे नईखे । लेकिन परमेश्वर अपनेके सही उत्तर देई ।" (उत्पत्ति ४१:१-१६) एहीसे फारो अपन सपना, योसेफके सुनएलक आ एकाबाद कहलक, : हम जादुगरसबके भि ई सपना कहली, लेकिन हम्रा एकर अर्थ केहुभि खोलेनसकलक ।" तब योसेफ फारोके कहलक, "फारोके सपनासब एकेगो बा । परमेश्वर जठी करेजाईत बा, उ फारोके प्रकट भेल बा । उ सातगो खुब मोताएल गाईसब सातबर्ष, आ उ सातगो असल बालासब भि सातवर्ष बा । आ उ सातगो पूर्वीय बतास चलाएल बालासब भि अनिकालके सात बर्षसब बा ।" यी हम फारोके निबेदन कएल जईसन बा, अपन कएल काम फारोके परमेश्वर देखएले बा । मिश्रदेशभर जहाँतहाँ सातबर्षतक बरका सहकाल होई, लेकिन ओकाबाद सातबर्ष अनिकाल आई, आ मिश्रभर उ सहकालके बिसरजाई, आ अनिकालसे, देश स्वाहा होजाई । बादमे आएबाला अनिकालसे, देशमे रहल सहकालके याद नरही, काहेसे उ अनिकाल भयानक होई । फारोके यी सपना दोहराएल के अर्थ, यी परमेश्वर निर्णय कलेल बा, आ परमेश्वर जल्दिए पूरा करी ।" यीहेकारण अब फारो, एकजना चतुर आ बुद्धिमान आदमी छानके, सारा मिश्र देशके अधिकार चलाबेला नियुक्त करो। फार्रो, अनिकालके सात बर्षतक मिश्रदेशके उब्जनीके, पाँचवा हिस्सा उठाबेके लागि, देशमे कामदारसब नियुक्त होखो । उ सब आबेबाला, सहकालके सातबर्षके अनाजसब जम्मा करो, आ शहरशहरमे खाएके लागि, फारोके अख्तियारमे अनाजसब जम्मा करो । अनिकालसे देश विनाश होए नपाओ कहके, मिश्रदेशमे आएबाला उ सातवर्षके अनिकालके लागि, देशके उ अनाजसब, सुरक्षित राखाओ ।" यी सुझाव फारो आ फारोके सारा अधिकारीसबके मन परलक । आ फारो उसबके कहलक, "एका जईसन परमेश्वरके आत्मा भेल दोसर कौन आदमी हमनीके भेटाबेसकम ?" तब फारो योसेफके कहलक, "परमेश्वर तोहरा सब देखादेल बा, आ तोरा जईसन चतुर आ बुद्धिमान आदमी, दोसर केहु नईखे । यीहेकारण, हमर महलके अख्तियार चलाबेबाला तु हि बार, आ तोहरे आज्ञा अनुसार, हमर सब प्रजा चली। केवल सिँहासनके सम्बन्धमे मात्र, हम तोरासे उपर रहम ।" आ फारो योसेफके कहलक, "देख, हम तोहरा सम्पूर्ण मिश्रदेश उपर अधिकार देलेबारी ।" तब फारो अपन छाप-औँठी औँलासे, निकालके योसेफके औँलामे लगादेल, आ योसेफके मलमलके लुगा पहिरादेल, आ योसेफके गलामे सोनाके सिकी लगादेल । फारो योसेफके अपन दोसरका पोसाक जईसन, रथमे सवार करएलक । आदमी सब अगारी - अगारी "गोर धरतीमे टेक्के भुक" कहके हल्ला करईत गेलक । अईसहीए, फारो योसेफके सम्पूर्ण मिश्रदेश उपर अधिकार देदेल । फारो फिर योसेफके कहलक, "हम फारो बारी, लेकिन हम यी कहईत बारी कि, तोहर ईच्छाबाहेक दोसर कौनो आदमी, मिश्रदेशभर किछो करे नपाई ।" फारो योसेफके नाम सापनत-पानेह राखदेल (जेकर अर्थ" जीवन बचाबेबाला" होखले), आ फारो योसेफके विवाह, ओनके पुजाहारी पोतीपेराके बेटी, आसनतसँगे करादेल । मिश्रके राजा फारोके, राजसेवामे नियुक्त भेलापर, योसेफ तीस बर्षके पुगल रहे । सहकालके सात वर्षतक जमिन, प्रशस्त उब्जनी देलक ।

योसेफ सहकालके सातवर्षतक, मिश्रके सब अन्न जम्मा कएलक, आ शहर-शहरमे अनाजसब भण्डार कएलक । योसेफ हरेक शहरमे, आसपासके अनाज जम्मा करके राखलक । योसेफ समुद्रके बालु जईसन, बहुत मात्रामे अनाजसब सञ्चय कएलक, ईहातक की, बेसी अनाजके कारण, हिसाब राखेके भि छोरदेल । मिश्रके सात बर्षके, बरका सहकाल अन्त भेगेल । तब योसेफके कहल बमोजिम, सात वर्ष अनिकाल आएलागल । सब देश-देशमे अनिकाल परलक,

लेकिन सारा मिश्रभर अन्न रहे । जब सारा मिश्र अनिकालसे दुःख भोगेलागल, तब प्रजासब फारोसे अनाजके लागि बिन्ती कएलक । फारो सब मिश्रीसबके कहलक, " योसेफकहाँ जाब । योसेफ तोहनीके जठी करेला कही उ कर ।" जब सारा देशभर अनिकाल परलक, तब योसेफ सब धनसारसब खोलके, सब मिश्रीसबके अनाज बेचेके सुरु करदेल, काहेकी मिश्रभर घोर अनिकाल परल रहे ।

एहीसे, सब देशके आदमीसब, मिश्रमे योसेफकहाँ अनाज किने अएलक । काहेकी पृथ्वीभर, भयङ्कर अनिकाल परल रहे । (उत्पत्ति ४१:२४-४९, ५३-५७) मिश्रमे अनाज बा, कहके थाह भेलाके बाद, याकुब अपन बेटासबके कहलक, "तोहनीसब काहे एक- दोस्राके मुह देखके बईथल बार? मिश्रमे अनाज बा, कहके हम सुनले बारी । हमनीसबके जीन्दा रहेके बा, त जाके हमनीके लागि अनाज किन्के लेआब ।" यीहेकारण, योसेफके दाजुसब मिश्रमे अनाज किनेगेलक । लेकिन याकुब, योसेफके भाई बेन्यामिनके उ सब सँगे, न पठएलक । काहेकी बेन्यामिनके उपर, कौनो खतरा आजाई कहके याकुब डेराईत रहे । अईसहिए, अउर जाएबालाके साथमे, ईस्राएलके बेटासब भि, अनाज किनेगेलक, काहेकी कनान देशमे भि अनिकाल परल रहे । उ समयमे, योसेफ मिश्रके अधिपति रहे । देशके सारा आदमीसबके अनाज बेचेबाला भि उहे रहे । यीहेकारण, योसेफके दाजुसब भुईतक झुकके योसेफके दण्डवत कएलक । योसेफ अपन दाजुसबके देखके चिन्लेल, लेकिन योसेफ, उसबके नचिन्ले जईसन, कडासे उ सबसे पुछलक,"तोहनीसब काहाँसे आएल बार ?" योसेफ अपन दाजुसबके त चिन्हलेल, लेकिन उ सब योसेफके न चिन्लक । तब योसेफ, उ सबके विषयमे अपन देखल सपना याद कएलक, आ उ सबके कहलक," तोहनी सब जासुस बारे । यी देशके कमजोरी, पत्ता लगाए आएल बार।" (उत्पत्ति ४२:१-९) कठी भेल रहे, कठी अपनेसब सुन्ली त ? यीहा हमनीके, योसेफ बीसवर्ष अगारी देखल सपना अनुसार, योसेफके दाजुसब योसेफके अगारी, झुकल देखली । उहे योसेफ, जेका उसब घृणा करईत रहे, ईन्कार करईत रहे, आ मारेके खोजईत रहे, उसब अब योसेफके अगारी झुकल रहे ! योसेफ अपन दाजुसबके चिन्हलेल, लेकिन सब योसेफके न चिन्लक, काहेकी उ सब योसेफके बीस वर्षसे नदेखले रहे । हमनीके दोसर कार्यक्रममे, परमेश्वरके ईच्छामे, यी मानक कथाके, अन्त करम आ कईसे योसेफ, अपन दाजुसबके सामने, अपनेआपके चिनएलक, एकर बारेमे सुनम । लेकिन, आजके कथाके बारेमे, कठी होई त ? योसेफ आ योसेफके दाजुसबसे परमेश्वर, हमनीके कठी सिकाबेके चाहले ? यी कथासे परमेश्वर, हमनीके योसेफ आ योसेफके दाजुभाइसब बीच, कठी भेलक कहके, संसारके मुक्तिदाता आ आदमके सन्तानसबबीच, कठी होई, कहके बताबेके चाहले । प्रिय स्रोतासब, यदि हमनीके आजुके कार्यक्रमसे, एगो बात समझली त, यी अईसन होई,: योसेफके जीवन, मुक्तिदाताके एगो छाँया, वा तस्विर रहे, जेका परमेश्वर, यी संसारमे पठाबेके, प्रतिज्ञा कएले रहे । अचम्मके बात कठी बा की, योसेफके कथामे कम्तीमे, सय गो घटनासब सय बा, जौन योसेफके समय से १८०० वर्षबाद, यी धर्तीमे आएल मसिहके कथासे, मिलईतजुलईत बा ।

हमनीके, यी कार्यक्रममे, सब बात बताबेके समय नईखे, लेकिन हमनीके यीहाँ, तीनगो बात बताहम । पहिला, हमनीके योसेफके दाजुसब, योसेफ आ योसेफके सपनाके ईन्कार कएलक कहके सुन्ली । उ सब योसेफके घृणा कएलक, अपमान कएलक, आ बेचदेल । परमेश्वरके संसारमे पठाएल, मुक्तिदातासँगे भि ठीक अईसने भेलक । संसारके आदमीसब, मुक्तिदाता आ ओकर सन्देश, दुनोके अस्वीकार कएलक, उ सब मुक्तिदाताके अपमान कएलक, सतएलक, बेचलक आ अन्तमे क्रुसमे झुण्डयाके मारदेल । दोसरका चित्र यी बाः शुरुमे, आदमीसब योसेफके तुच्छ ठान्लक, बेवास्ता कएलक, दुव्यवहार कएलक, आ इ्यालखाना मे हालदेल । फिरभि परमेश्वर, अपन चुनल समयमे, मिश्रके राजा योसेफके, देशके सर्वोच्च शासकके रुपमे, नियुक्त कएलक, भोक आ मृत्युसे बाँचेके चाहेबाला सबके, जीवनके रक्षक

योसेफकहाँ जाब, कहके घोषना कएलक ! अलसी, परमप्रभु परमेश्वर कहले, : यदि तु अनन्तके मृत्युसे मुक्ति पाएके चाहईत बार, त हमर नियुक्त कएल मुक्तिदाता कहाँ जाब ! उहे जीवनके रक्षक बा, जे कहले, “जीवनके रोटी हम हि बारी । हम्राकहाँ आएबाला केहु भि, न भुखाई... साँचो हम तोहनीके कहईसी, हम्रा विश्वास करेबालासँगे अनन्त जीवन बा ।" (युहन्ना ६:३५, ४७) योसेफ आ उद्धारकर्ता बीचके, तीसरका तुलना गम्भीर बा । अन्तमे योसेफके दाजुसब, योसेफके अख्तियार बईथलक । अपन ईन्कार कएल, आ अनादर कएल भाईके सामु, दण्डवत करेके बाहेक, उ सबसँगे कौनो विकल्प न रहे । औसही, परमेश्वरके बचन घोषना करले कि, संसारके मुक्तिदाता, जेका बहुत जन, आजतक ईन्कार आ अपमान करले, उ एकदिन धार्मिकतामे, संसारके न्याय करे फिर आई । उ दिन संसारके, सब आदमी सब, परमेश्वरके सामु झुकी। सब के थाह होई, की ओका ही परमेश्वर, हमनी सबके मुक्तिदाता वा न्यायकर्ता नियुक्त कएले बा । हमनीके यी कार्यक्रम सुनरहल, प्रिय स्रोतासब, अपनेके बारेमे कठी बा त बात ? कठी अपने, अपनाके उ मुक्तिदाता कहाँ समर्पित कएले बारी, जेका परमेश्वर, अपनेके अनन्त न्यायसे बचाबेके लागि, नियुक्त कएले बा ? कि अपने ओकर सामु, झुकेके लागि बाध्य होखेके लागि डेर नहोखेतक रुकल बारी ? हमनीके दोसर कार्यक्रममे, योसेफके कथाके बाँकी पूरा अंश सुनम । आज अपने सबके सुनल सब बातमे, परमेश्वर अपनेके आशिष आ अन्तरदृष्टि देलेहोखे । हमनीके परमेश्वरके पुस्तकसे, यी बचनसब सुनाईतबारी : हमनीसँगे रहल अगमवक्तासबके बचन, अउर निश्चित भेल बा । ईन्जोत नहोखे तक, आ तोहनीके हृदयमे विहानके तारा, न उडाएतक, अन्धकारमे बरईत दिया जईसन, तोहनीसब उ वचनके ध्यान देब, त असल होई । (२ पत्रुस १:१९)

।

1

कार्यक्रम २७

योसेफकेः बाँकी कथा

उत्पत्ति ४२-५०

बित्तल दुगो कार्यक्रमसबमे, हमनीके याकूबके बेटा, योसेफके बारेमे सुनईत रहली । आज हमनीके योसेफके कथाके, सम्पूर्ण बाँकी अंश सुनम, जे हमनीके तोराहके पहिलका खण्डके, अन्तमे ले आई। हमनीके सुनली, अब्राहामके नाति याकूबके, बाह्रजना बेटासब रहे । योसेफ एघारवा बेटा रहे । उ सब कनानमे रहईत रहे, जौन भूमि परमेश्वर, अब्राहाम ईसहाक आ याकूबके सन्तानसबके देबेके प्रतिज्ञा कएले रहे । योसेफ जब जवान रहे, तब उनकर दाजुसब, एकदिन योसेफके सामु झुकी कहके सपना देखले रहे । लेकिन योसेफके दाजुभाईसब योसेफ, आ योसेफके सपनासबके तुच्छ ठानलक, आ योसेफके मिश्रदेशमे दाशके रुपमे बेचदेल । लेकिन परमेश्वर, योसेफके समस्यासे छुटकारा देलक, आ मिश्रके राजा फारोके सपनाके, व्याख्या करेके बुद्धि देलक । अईसही, योसेफ देशभर आबेबाला, सातवर्षके अनिकालके, भविष्यवाणी कएलक । योसेफके बुद्धिसे प्रभावित होके, फारो योसेफके मिश्रदेशके सर्वोच्च शासक, नियुक्त कएलक । सातवर्षके सहकालके बाद, योसेफके भविष्यवाणी कएल अनिकाल, मिश्र आ कनान देशमे अएलक । लेकिन परमेश्वर, योसेफके देहल अनुग्रह आ बुद्धिके कारण, मिश्रदेशमे प्रशस्त मात्रामे अनाज जम्मा रहे। जब याकूब मिश्रदेशमे, अनाज बा, कहके सुनलक, तब याकूब योसेफके, दशजना दाजुसबके कुछ अन्न, मिश्रसे किनेके लागि पठादेल । लेकिन योसेफके भाई, बेन्यामिनके हानी होईकी, यी डरसे याकुब, उ सबसँगे न पठएलक । अईसही, दशजना दाजुसब मिश्रदेशमे अएलक, आ योसेफके बहुत पहिले, देखल सपना अनुसार, उ सब दण्डवत कएलक । योसेफ अपन दाजुसबके चिन्हलेल, लेकिन उ सब योसेफके ना चिन्हलक । उसबके दिमागमे, योसेफ बहुत समयसे मरगेल रहे । आज हमनीके, योसेफ कईसे अपन दाजुसबके, अपनाके चिनएलक, कहके सुनम, योसेफ तुरन्त, अपन दाजुसबके सामु, अपनेआपके न चिनएलक, काहेकी उ सबके दुष्ट, छली हृदय परिवर्तन भेल बा, कि नबा कहके जानेके लागि, योसेफ पहिला, अपन दाजुसबके जाँच करेके चाहईत रहे । योसेफ, अपन दाजुसबके देख्तेमातुर चिन्हलेल, लेकिन योसेफ उसबके नचिन्हल जईसन, व्यवहार कएलक आ कडा होके, उसबसे पुछलक, "तोहनीसब कहाँसे आएल बार ?" उ सब कहलक, "हमनीसब कनान देशसे अनाज किने आएल बारी ।" (उत्पत्ति ४२:७) योसेफ, उ सबसे बहुत प्रश्न कएलक, उसबके जासुसके आरोप लगाके, जेलमे थुनदेल । योसेफ उसबके जीवन, आ परमेश्वरके अगारी, उ सबके हृदयके अवस्थाके बारेमे, सोचेला मद्दत करेके चाहईत रहे। तीन दिनके बाद योसेफ उसबके छोरेके अनुमती देलक, लेकिन योसेफ, उसबमध्ये एकजनाके जेलमे राखलक, आ बाँकीके उ सबके छोट भाई (अन्तिम बेटा) बेन्यामिनसँगे, मिश्र देशमे फिरके, आएके लागि कहलक । बहुत महिनाके बाद, योसेफके दाजुसब, बेन्यामिनके साथमे लेके, थप अनाज किनेके लागि, मिश्रदेशमे अएलक । जब उ सब मिश्रदेशमे अएलक, उसब देशके शासक, योसेफके दण्डवत कएलक, लेकिन उसब योसेफके अभि भिन चिन्लक । योसेफ उसबके अपन घरमे लेअएलक, जेका कारण उ सब, बहुत डरसे कापईत रहे । ओक्यबाद योसेफ उसबके लागि बरका भोज कएलक, जेठसे छोटतक उसबके उमेरके क्रम अनुसार, टेबलके आसपास बईथेके, व्यवस्था मिलएले रहे । बेन्यामिन अउर सबसे पाँचगुणा बेसी खाना पएलक । योसेफ अपन

दाजुसबके, बेन्यामिनके ईर्ष्या करी, की कहके जाँचईत रहे, जईसे उ सब योसेफके डाह कएले रहे । उसबमध्ये केहुभि, अपन छोट भाईप्रति ईर्ष्या न देखएलक ।

भोज खएलाके बाद एकजना नोकर, उसबके बारेमे अनाज भरेके, आ बेन्यामिनके बारेमे, अपन विशृष चाँदीके कचौरा लोकाबेके आदेश देलक । योसेफके दाजुभाईसब, गेलाके बाद उसबके पछारी लागेके, आ चोरी कएल आरोप लगाबेके लागि, अपन मुख्य भण्डारेके पठएलक । जब मुख्य भण्डारे उसबके पकरलक, तब उ कहलक, "तोहनीसब काहे भलाईके बदला खराबी कएल ? कठी यीहे कचौरा नबा, जौनसे हमर मालिक पियईत रहे ?" (उत्पत्ति ४४:४-५) । उसब जवाफ देलक, "हमनीके न लेले बारी । जे लेले होई, अपने ओका पकरलेम, ओका मरेदु, आ हमनीके अपनेके, दास बनके रहम । " मुख्य भण्डारे जवाफ देलक, " जेकासे उ कचौरा भेटाई, उ हमर दास होई, लेकिन अपने सब, अपन घरे जासकम ।" प्रमुख भण्डारे जेठसे शुरु करके, छाटेके बोरातक अन्त करईत, सब बोरसबमे खोजलक । आ उ कचौरा, बेन्यमिनके बोरामे भेटएलक । यीमे, योसेफके दाजुसब, अपन लुगा फारलेल, आ शहरमे फिरगेल, आ योसेफके अगारी जमिनमे लम्पसार परगेल । योसेफ उसबके कहलक, "तोहनीसब यी कठी कएल ? कठी तोहनीसब हम्रा धोका देबे सकब, कहके तोहनीके सोचले रहल ? याकूबके काईलो बेटा यहूदा कहलक, "हमनीके अपनेके कथी कहु, अथवा अब हमनीके कईसे, अपन सफाई देबे सकम त ? अपनेके दास सबके अपराध, परमेश्वर प्रकट कएले बा । देख, अब हमनीके अपनेके कमारा भेली । हमनीके आ उभि, जेकर हातमे उ कचौरा फेला परलक । "लेकिन योसेफ कहलक, "हम्रासे अईसन कहियो न होई । जेकर हातमे, उ कचौरा फेला परलक, उहे मात्र हमर कमारा होई । लेकिन तोहनीके अपन बुबाकहाँ शान्तिपूर्वक जाब ।" (उत्पत्ति ४४:१६-१७) तब यहुदा योसेफके नजिक अएलक, आ बेन्यामिनके मिश्रमे साथ देबेके लागि, योसेफके बाबुके भोगले पीडाके बारेमे बतएलक । एकाबाद यहुदा, योसेफके उसब उपर दया देखएलक, आ बेन्यामिनके अपन बुबाकहाँ जाएदेबेला बिन्ती कएलक । यहुदा भि बेन्यामिनके सट्टा, योसेफके दास बनेके आग्रह कएलक । जब योसेफ, अपन विगतके पापसबके कारण, भाईसबके महसुस कएल पीडा देखलक, आ उ सब अपन बुबा, आ छोट भाईके लागि दया देखलक, योसेफ अपन दाजुसबके दुष्ट हृदय, साँचो परिवर्तन होएल पएलक । योसेफके अपन भाईसबके, अपनाके चिनाबेके समय आएल रहे । धर्मशास्त्र कहलेः तब अपन आसपास खरा भेल, सब सेवकके सामनेमे, अपनाके सम्हाले नसक्के, योसेफ चिच्याके कहलक, "सब जनाके ईहासे बाहर पठाद ।" एहीसे योसेफ, अपन दाजुभाइसबसँगे, अपनाके जब प्रकट कएलक, तब उहाँ केहु न रहे । आ उ एतना गस्के रोलक, कि मिश्रीसब यी सुनलक, आ फारोके परिवारके सबजन यी बात जन्लक । योसेफ अपन दाजुभाईसबके कहलक, "हम योसेफ बारी । कठी हमर बाबु जीन्दा बा ? "लेकिन योसेफके दाजुसब, योसेफके जवाफ देबेनसक्लक, काहेकी योसेफके सामने, उ सब डेरायल रहे । तब योसेफ, अपन दाजुभाई सबके कहलक,"कृपा कके हमर नजिक आब ।" उ सब नजिक अएलाके बाद, योसेफ कहलक, "तोहनीसब जेका मिश्रमे बेचले रहल, हम उहे बारी । तोहनीसब हम्रा बेच्ल, एकर दुःख नमान । अपना उपर नखिसियाब, काहेकी जीवन बचाबेके लागि, परमेश्वर हम्राके तोहनीसबसे अगारी यीहाँ पठएले बा । देशमे अनिकाल अएला दु बर्ष होगेल, आ अबिभि पाँच बर्षतक कहबो हर नजोताई, आ अनाजके कटनी भि न होई । आ तोहनीसब, एगो भागके रुपमे, पृथ्वीमे जोगाके राखेला, आ तोहनीसबके जीवन बचाबेके लागि, परमेश्वर हम्राके तोहनीसे अगारी, यीहाँ पठएलक । एहिसे, हम्रा यीहाँ पठाबेबाला तोहनीके न, लेकिन परमेश्वर बा । परमेश्वर हम्रा, फारोके बाप जईसन आ ओकर सारा परिवारके मालिक, आ मिश्रभरके शासक बनएले बा । अब, जल्दी हमर बाबुकहाँ जाके कहद, अपनेके बेटा योसेफ अईसे कहलक, परमेश्वर हम्रा सारा मिश्रके, मालिक बनादेल बा ।

तईको देर न करके, हम्राकहाँ आब । अपने गोशेन पर्वतमे बसोबास करम । अपने आ अपनेके बालबच्चासब, आ अपनेके नाति नातिनासब, आ अपनेके बगालसब, आ अपनेसँगे जठि बा, सब हमर नजिक होई ।

उहाँ हम, अपनेके पालनपोषण करम, काहेकी अनिकालके अबिभि पाँच बर्ष बाँकी बा, नत अपने आ अपनेके परिवार, आ अपनेसँगे रहल सब दरिद्र होजाई । अब तोहनीसबसँगे, बोलेबाला हम योसेफ बारी, कहके तोहनीके अपने आँखसे आ हमर भाई बेन्यामीनके, भि देखईत बार । मिश्रदेशमे हमर सब गौरव, आ तोहनीके जठी देख्ल, उ सब बात हमर बाबुके जरुर कहिह, आ जल्दिए हमर बाबुके ईहाँ ले अईह ।" तब अपन भाई बेन्यामीनके गलामे, अँगालो हालके योसेफ खुब रोएलक, आ बेन्यामिन भि योसेफके गलामे टासके रोएलक । योसेफ अपन सब दाजुसबके, चुम्बन कएलक आ उसबसँगे रोएलक 1, ओकाबाद ओकर दाजुसब भि योसेफसे बात कएलक । (उत्मत्ति ४५:१-१५) अहिए, योसेफके दाजुसब, अपन बाबुके घर फिरेके तयार होगेल । योसेफ उसबके फारेके आज्ञा बमोजिम, गाडासब देलक आ उ सबके, यात्राके लागि प्रबन्ध करदेल । अईसहीए, उ सब मिश्रसे कनान देशमे, अपन बाबुकहाँ अएलक । उ सब याकुबके कहलक, "योसेफ त अबिभि जीन्दा बा, आ मिश्रके अधिपत्ति उहे बा ।" यी बात सुन्के, याकुबके हृदयके चाल रुकगेल । याकुब उ सबके बात, न पतिअएलक । लेकिन उसबके बताएल, सब बात सुन्लाके बाद, आ अपनाके लेआएला पठाएल, गाडासब देखलाके बाद, उसबके बाबु याकुबके होश आगेल । ईस्राएल कहलक, " एतनासे हम्रा पुगेल । हमर बेटा योसेफ जीवित बा । हम जाएम, आ हम मरेसे अगारी योसेफके देखम । " (उत्मत्ति ४५:२५-२८) एकाबाद, याकुब आ याकुबके परिवार, कनानसे मिश्रदेशमे कईसे गेलक, कहके धर्मशास्त्र हमनीके बतावले । यात्रामा, याकूब बलिदान चढएलक, आ उहाँ परमेश्वर ओकासँगे फेर बोल्लक, "हम परमेश्वर, तोहर बाबुके परमेश्वर बारी । मिश्रमे जाएसे नडेरा, काहेकी उहाँ हम तोरासे एगो बरका जाति बनाएम । हम तोरासँगे मिश्रमे जाहम, हम तोहरा निश्चय फेर फर्काके लेआहम, आ जब तोहर मृत्यु होई, तब योसेफके हात तोहर आँख छोपी । अपन हात तोहर आँख उपर राखी ।" (उत्पत्ति ४६ : ३ - ४) एहिसे, याकूब आ याकूबके परिवार मिश्र आगेल । अपन प्यारा बेटा, योसेफके बहुत बर्षके बाद देखके, याकुब बहुत खुसी भेलक ! याकुब, जेका ईस्राएल भि कहले, उ मिश्रमे बसोबास करेलागल । याकुब आ याकुबके परिवार, गोसेन क्षेत्रमे बसाई करेलागल। याकूब १७ बर्षतब मिश्रमे रहलक । जब उ १४७ बर्षके भेलक, तब ईस्राएलके कुलसबके पिता याकूबके मृत्यु होगेल, आ परमप्रभु अपन परमेश्वरसँगे, सदाके लागि रहे चलगेल । योसेफ आ योसेफके दाजुभाईसब आ मिश्रके सब आदमीसब, याकूबके लागि ७० दिनतक शोक कएलक । याकूबके बेटासब, अपन बाबुके कनान देशमे, अपन बाबा अब्राहामके चिहानमे गाँडदेल । उत्पत्तिके पुस्तक अन्तिम अध्याय पचासमे, हमनीके सुनम : अपन बाबुके मृत्यु भेल देखके, योसेफके दाजुभाईसब आपसमे कहलक, "शायद योसेफ अब हमनीसँगे दुश्मनी करी, आ हमनीसे खराबीके बदला लेई ।" यीहेकारण, उसब योसेफके खबर पठएलक, "मरेसे पहिले अपनेके बाबु, यी आज्ञा देले रहे । तोहनीसब योसेफके कह : कृपा करके उसब तोरासँगे, जोन खराबी कएले रहे, उ क्षमा कर । अब बिन्ती बा, कृपा कके अपनेके बाबुके, परमेश्वरके दाससबके अपराध क्षमा कर ।" उ सबके बात सुन्के, योसेफ रोएलक ।" (जब बादमे योसेफ, अपन दाजुसबके विचार सुनलक), तब योसेफ अपन दाजुसबके कहलक, "नडेराब, कठी हम परमेश्वरके स्थानमे बारी त ? तोहनीसब हमर विरुद्धमे, खराबी करेके विचार कएले रहल, लेकिन परमेश्वर, उहे कामसे भलाई करेके विचार कएलक, ताकि जईसे आज होईत बा, औसही सब जना आदमीसब बाँचो । यीहेकारण नडेराब, तोहनीसब अपन बालबच्चा, समेतके हम पालनपोषण करम ।" योसेफ अपन दाजुसबके, ढाडस आ सान्त्वना देलक । योसेफ आ ओकर बाबुके परिवारसब, मिश्रमे रहेलागल, आ योसेफ एक सय दश वर्षतक बाँचलक । तब

योसेफ अपन दाजुभाईसबके कहलक, "हमर मरेके दिन आगेल बा, लेकिन परमेश्वर निश्चय तोहनीसबके रेखदेख करी, आ परमेश्वर अब्राहाम, ईसहाक, आ याकुबसँगे शपथ खाके, प्रतिज्ञा कएल देशमे, यी देशसे तोहनीके लेजाई ।"

योसेफ ईस्राएलके सन्तानसबके, शपथ खाएके लागि कहलक, "परमेश्वर तोहनीके रेखदेख करी, आ दिन, तोहनीसन, हमर अस्थिसन पीहाँसे लेनईह । " योसेफ एक सय दश वर्षके उमेरमे मरगेल, आ. उसब योसेफके लाश, सुगन्धित लेप मल्के बाकसमे हालके मिश्रमे राख्लक । (उत्पत्ति ५०:१५, १९- २२,२४-२६) उत्पत्तिके पुस्तक समाप्त होखले । योसेफके मृत्यु होगेल, आ मिश्रदेशमे बाकसमे (कफिनमे) राखलक । परमेश्वरके, जीवनसे सृष्टि कएल कथासे शुरु होके ई पुस्तक मृत्युके कथामे आके समाप्त होखले । आदमके पापके कारण, मृत्यु सब आदमीसबमे अएलक । योसेफ जईसन असल आदमी, जे जीवनके रक्षकके उपाधी बोकले रहे, योसेफके मरेके परलक, काहेकी उ भि अपन हृदयमे पापके जरा भेल, आदमके सन्तान रहे । परमेश्वरके सहायतामे, मिश्रके आदमीसब आ परिवारके भोकमरीसे, मरेसे जोगाबेके लागि योसेफ सफल भेलक, लेकिन अन्तमे योसेफ उ सबके बचाए नसकलक । फीरभि, हमनीके आनन्दित हृदयसे, परमेश्वरके प्रशंसा करेसकम, काहेकी उत्पत्तिके पुस्तकमे, हमनीके मृत्युके जितेके लागि, शक्तिशाली मुक्तिदाता पठाबेके, परमेश्वरके प्रतिज्ञाके बारेमे, भि सुनम । मृत्यु पापके परिणाम बा । मुक्तिदाता परमेश्वर, आदमके सन्तानसबके, पापके दण्डसे आ जरसे बचाबेके प्रतिज्ञा कएलक । पापके दण्ड मुत्यु, आ परमेश्वरसे अनन्तके लागि, अलग होखेबाला बात बा । पापके जर आदमीके हृदयमे बा । परमेश्वरके पठाएल मुक्तिदाता, शैतान, पाप, मृत्यु आ नरकके पराजित करेके लागि, आ परमेश्वरमे भरोसा करेबाला सबके हृदयमे, परमेश्वरके आत्मा पठाबे अएलक । अपनेसब जे आज सुनईत बारी, कि अपने शैतान आ भुतात्मासब, पाप आ शर्म, मृत्यु आ नरकके पराजित कएल, आ परमेश्वरमे विश्वास करेबाला सबके, अनन्त जीवन देबेबाला, यी महिमित मुक्तिदाताके चिन्हईसी ? यीहे उद्धारकर्ताके बारेमे, अगमवक्ता जकरिया कहले रहे, " ईस्राएलके परमप्रभु परमेश्वरके प्रशंसा होखो, काहेकी उ आएल बा, आ अपन आदमीसबके उद्धार देलेबा । जईसे परमेश्वर, अपन पवित्र अगमवक्ताके मुहसे बोल्लक ।"

हमनीके दोसर कार्यक्रममे परमेश्वरके ईच्छामे, हमनीके तोराहके दोसरका पुस्तक शुरु करम, जेका प्रस्थानके पुस्तक कहले । उत्पत्तिके पुस्तकके संक्षेप करेबाला, पवित्र धर्मशास्त्रके यी पदके विचार करईत परमेश्वर हमनी सबके आशिस देव : जहाँ पाप बढलक, (परमेश्वरके) उहाँ अनुग्रह अउर बेसी बढ्लक (रोमी ५:२०) ।

कार्यक्रम २८

तोराहके पहिलका पुस्तकके समीक्षा

उत्मत्ति १ - प्रस्थान १

हमनीके अबिभि, अगमवक्ता मोशाके लिखल, तोराहमे अध्ययन करईत बारी । अपनेसब बुझसकम, अगमवक्ता सबके लिखल, तोराहके पाँचगो खण्डसब, वा पुस्तकसबमे विभाजित बा । पहिलका पुस्तकके उत्पत्ति कहले । हमनीके वितल प्रसारणमे, उत्पत्तिके पुस्तकके अध्ययन करलेल बारी । अब आज हमनीके, परमेश्वरके ईच्छामे, तोराहके दोसरका पुस्तक शुरु करम, जौन पुस्तकके प्रस्थान आथवा बाहर जाएके कहले, काहेकी यी परमेश्वर कईसे, ईस्राएलके सन्तानसबके ४०० वर्षतक, मिश्र देशके दासत्वसे छुटकारा देलक एकर बारेमे सुनम । प्रस्थानके पुस्तकमे प्रवेश करेसे पहिले, आउ हमनीके तोराहके पहिला खण्डमे, हमनीके अध्ययन कएल बातके समिक्षा करु । यी बात एकदम महत्वपूर्ण बा कि, हमनीके उत्पत्तिके पुस्तकके, पूर्ण ज्ञान रहलासे परमेश्वर, हमनीके लागि राखल जग बा, जेकासे हमनीके अगमवक्तासबके, अन्य पुस्तकसबमे लिखल सब बात, निमनसे बुझे आ विश्वास करेसकम । कठी अपने उत्पत्तिके पुस्तकके, पहिलका पद याद बा ? उ हमनीके बताबले : आदिमे परमेश्वर, स्वर्ग आ पृथ्वी सृष्टि कएलक (उत्पत्ति १:१) यी महत्वपुर्ण बा । आदिमे परमेश्वर स्वर्गदुतसब, आदमीसब, ग्रहसब आ तारासबसे पहिले, खाली परमप्रभु परमेश्वर मात्र रहे । ओकाबाद हमनीके सुन्ली, कि कईसे परमेश्वर अपन, अनन्त बचन आ परमेश्वरके पवित्र आत्माके शक्तिसे, लाखौँ पवित्र स्वर्गदूतसबके सृष्टि कएलक । परमेश्वर स्वर्गदुतसबके सृष्टि कएलक, ताकि उ सब परमेश्वरके चिनेसको, परमेश्वरके सेवा करो, आ सदासर्वदा परमेश्वरके प्रशंसा करो । स्वर्गदूतसब मध्ये एगो स्वर्गदूत उच्च बुद्धिमान आ सुन्दर रहे । उ स्वर्गदुतसबके प्रमुख लुसिफर रहे । लेकिन धर्मशास्त्र हमनीके कहले की, उ लुसिफर अहंकारी बन्गेल आ अपन हृदयमे परमेश्वरके तुच्छ ठान्हका लुसिफर आ अउर स्वर्गदूतसब, परमप्रभु परमेश्वरके परास्त करेके योजना बनएलागल । लेकिन, परमेश्वरके केहु हटाबे नासकी । आ परमेश्वरके विरुद्धमे, विद्रोह करेबालासबके परमेश्वर, ना सहेसकी । फलस्वरुप, परमेश्वर लुसिफर आ उनकर दुष्ट स्वर्गदुतसबके, निष्कासित करदेल आ लुसिफरके नाम शैतानमे परिवर्तन करदेल, जेकर अर्थ शत्रु बा । आ परमेश्वर शैतान आ उनकर स्वर्गदूतसबके, निस्कासन कएलाके बाद, परमेश्वरके शैतानके लागि नरकके आगी बनएलक । धर्मशास्त्र कहले की न्यायके दिनमे, धर्मी परमेश्वर शैतानके, आ उनकर स्वर्गदूतसबके उ अनन्त आगीमे फेकदेई । एकाबाद, हमनीके कईसे परमप्रभु परमेश्वर, छवबा दिनमे

सृष्टि करेके लागि आदमीसबके लागि एगो सुन्दर, आ अचम्मके ग्रह बनएलक कहके सुन्नी । आदमी

"परमेश्वरके बनाएल, सब प्राणीसबमध्ये सबसे बरका बा, काहेकी आदमी अपन सृष्टिकर्ताके, स्वरुपमे बनाएल बा । परमेश्वर अपन महिमा देबेके लागि आ आनन्द उठाबेके लागि, सृष्टि कएल पुरुष आ स्त्रीसँगे गहिरा आ अदभूत सम्बन्ध राखेके चाहईत रहे ।

एहिसे, परमेश्वर आदमीके आत्मामे, परमेश्वरके चिन्हे, परमेश्वरके प्रेम करेसकेबाला हृदय, आ परमेश्वरके आज्ञापालन करेके लागि, छानेसकेबाला स्वतन्त्र ईच्छाभेल सक्षम मन राख्देल । एकाबाद हमनीके कईसे परमेश्वरके सृष्टि कएल

पुरुष, आ स्त्रीके अगारी परीक्षा देलक कहके सुन्ली । परमेश्वर आदमके, अईसे कहके चेतावनी देलक की, “बगैँचाके सब गाँछीके फल तु संका न कके खाब, लेकिन असल आ खराबके ज्ञान देबेबाला गाँछीके फल नखईह, काहेकी जौन दिन तु उ खएब, तु मरजएब ।”(उत्पत्ति २:१६-१७) परमेश्वरके विरुद्धमे पाप कएलासे, आदमीसब परमेश्वरसे सदाके लागि अलग होजाई । आ हमनीके पूर्खासब, आदम आ हव्वा कईसे निषेध कएल गाँछीके फल, खाके शैतानके रास्तामे चलेके रोज्लक हमनीके सुन्ली । एहिसे परमेश्वरके बचन कहले, यीहेकारण, एकजना आदमीसे ई संसारमे पाप अएलक, आ पापसे मृत्यु । एहिसे, सब आदमी पाप कएलाके कारण सब आदमीमे मृत्यु फैलगेल ।” (रोमी ५:१२) जेका उपरसे माहामारी फैलले, उ आदमीमे मात्र नरहले यी केतना सत्य बा । आदमके पापके कारण, हमनीसब पापी बारी । आदमके पापके कारण, हमनीसब मरेके आ परमेश्वरके न्यायके सामना करेके योग्य बारी । एकाबाद हमनीके कईसे परमेश्वर, आदम आ हव्वाके उ सबके पापके कारण, अदनके उ सुन्दर बगैँचासे निकाल्देल कहके सन्ली । लेकिन परमेश्वर उ सबके, बगैँचासे निकालेसे पहिले परमेश्वर, कईसे संसारमे उद्धारकर्ता पठाबेके योजना बनएलक (आदमके सन्तानसबके शैतानके शक्तिसे, पापके दण्डसे बचाबेला) । परमेश्वर अपन अदभूत डिजाईनमे, पापीसबके योजना कएले रहे । आदमके पापसे दुषित नभेल, सिद्ध आदमीके पृथ्वीमे पठाबेके लागि, परमेश्वर योजना बनएले रहे । उ एगो स्त्रीके सन्तान होई । ओकर माई मानिस होखी, लेकिन बाप मानिस न रही । यीहे धर्मी आदमी, परमेश्वर कईसन बा कहके देखाई, आ ओकाबाद आदमके सन्तानसबके पापके ऋण चुकाबेला, आपन ईच्छासे खुन बहाई। एहिसे, परमेश्वर अपन न्यायमे सम्झौता न करके, आदमीसबके पापसब क्षमा करे सकईत । साँच्चो, आबेबाला उद्धारकर्ताके बारेमे कएल, यी भविश्यवाणी एगो अदभूत प्रतिज्ञा रहे, जे पापी आदमीके आशाके किरण देलक । हमनीके सुन्ली की, कईसे परमेश्वर उ प्रतिज्ञाके, कुछ जनावर सबके बलिदान देके, आदम आ हव्वाके लागि छालाके लुगासब बनाके, पुष्टी कएलक । परमेश्वर आदम आ हव्वाके, पापके कमाई मृत्यु बा, आ बिना खुन बहएले पापके क्षमा नबा, कहके सिखाईत रहे (रोमी ६:२३, हिब्रू ९:२२) एकाबाद हमनीके, कयिन आ हाबिल नामके आदमके बेटासबके बारेमे सुन्ली । हाबिल कईसे निर्दोष थुमा, परमेश्वरके अर्पण कएलक, आ मारलक कहके हमनीके सुन्ली, यी बात पापीसबके ठाउँमे, दुःख भोगेबाला आ मरेबाला उद्धारकर्ताके प्रतिक बा, कहके बुझली । कयिनके बारेमे कहम त, कयिन अपन प्रयाससे, परमेश्वरसे मिलेके प्रयास कएलक, कयिन श्रापित जमिनमे खेती कएल फल, परमेश्वरके अर्पन कएलक । लेकिन कयिनके भेटीमे खुन नरहे, पापके लागि तिरेबाला ज्याला नरहे, अथवा भुक्तानी नरहे । परिणामके आधारमे, परमप्रभु हाबिलके ग्रहन कएलक, लेकिन कयिनके ग्रहन न कएलक । परमेश्वर काहे कयिनके बलिदानके, ग्रहन न कएलक त ? काहेकी परमेश्वरके व्यवस्था “पापके कमाई असल कामसब बा” नकहले । बरु पापके कमाई, मृत्यु बा आ बिना खुन बहएले पापके क्षमा नबा । परमेश्वर कयिनके, पापके पश्चाताप करेला आ परमेश्वरके धार्मिकताके रास्ताके, स्वीकार करेला आग्रह कएलक, लेकिन कयिन खिसिअएलक, आ अपन भाई हाबिलके हत्या कदेल ।

आदमके अधिकांश सन्तानसब, कयिनके रास्तामे चलले, एहिसे अगमवक्ता नोआके समयमे धर्मशास्त्र कहले : पृथ्वीमे आदमीके दुष्टता बेसी भेल, आ उ सबके हृदयके विचारके सब भावना, निरन्तर खराबे मात्र रहल, परमप्रभु परमेश्वर देखलक । (उत्पत्ति ६:५)

आदमीके दुष्ट हृदयके कारण, परमेश्वर विद्रोही पापीसबके मिटाबेबाला, विश्वव्यापी जलप्रलय पठाबेके उद्देश्य राख्लक । उ भ्रष्ट समयमे, नोआ आ नोआके परिवार मात्र, परमेश्वरके विश्वास करईत रहे, एहिसे परमेश्वर नोआके एगो

विशाल जहाज (डुङ्गा) बनाबेके कहलक, जेमे भितर जाएबाला सब आदमीके, शरण स्थान होई । जब नोआ जहाज निर्माण करईत रहे, परमेश्वर पापीसबसे लम्बा समयतक धैर्य कएलक, लेकिन नोआ आ नोआके पत्नी, आ तीनजना बेटासब शेम हाम आ येपेत आ उनकर पत्नीसब बाहेक, केहु पश्चाताप ना कएलक आ जहाजमे प्रवेश ना कएलक । उ सब जम्मा आठ जना आत्मासब रहे । अगमवक्ता अब्राहाम शेमसे आएल रहे । कईसे परमेश्वर, अब्राहामके अपन बाबुके घर छोरके जाएके आज्ञा कएले रहे, कहके हमनीके सुनम । परमेश्वर अब्राहामके, एगो नयाँ राष्ट्र बनाबेके योजना कएलक, जेकर माध्यमसे परमेश्वर, अगमवक्तासब, धर्मशास्त्रसब, आ प्रतित्रा कएल मुक्तिदाता पठाई । यीहेकारण, परमेश्वर अब्राहामके कहलक, “तु आशिषके ढोका रहबे, तोरासे हि पृथ्वीके सब परिवारसब, आशिषीत होई । (उत्पत्ति १२:२-३) परमेश्वरके प्रतिज्ञा कएल, अनुसार कईसे अब्राहाम अपन बुढेसकालमे ईसहाकके पिता बनलक, कहके हमनीके सुन्ली । ईसाहाक याकुबके पिता बनलक, आ याकुब, जेका परमेश्वर ईस्राएल नाम राख्देल रहे, ओकर बाह्र जना बेटासब रहे, आ उ बाह्रगो बेटासबसे, ईस्राएल राष्ट्र वा जाति अएलक । बितल तीनगो कार्यक्रमसबमे, हमनीके याकुबके बाह बेटासबके अचम्मके कथा सुन्ली । यी कथा मुख्यरुपमे याकुबके एघारौं बेटा, योसेफमे केन्द्रित रहे । योसेफके दाजुसब योसेफके घृणा कएलक, आ दासके रुपमे बेचदेल, लेकिन परमेश्वर, योसेफके प्रेम कएलक, आ योसेफके मिश्रदेशके सर्वोच्च शासक बनएलक । एक समयमे, मिश्र आ कनान देशमे अनिकाल परलक, जौन अनिकाल बहुत बरका दुःख लेअएलक, जेका कारण, याकुब आ याकुबके बेटासबके लागि खाएबाला चिजसब ओरागेल । जब याकुब मिश्रदेशमे अन्न बा कहके सुन्लक, तब उ अपन बेटासबके, अन्न किनेके लागि पठएलक । ओकाबाद हमनीके, कईसे योसेफ अपन दाजुभाई सबके सामु अपनेआपके चिनएलक, उसबके क्षमा कएलक, आ अपन बाबु, आ दाजुभाईसबके आ उ सबके परिवारसबके, कनानसे मिश्रदेशमे जाएके व्यवस्था करदेल, कहके सुन्ली । अईसही, उत्पत्तिके पुस्तकके अन्तमे, हमनीके जनलीकी ईस्राएलके सन्तानसब, अब कनानमे न रहे, जे परमेश्वर, अब्राहामके देहम कहके प्रतिज्ञा कएले रहे, लेकिन उसब त मिश्रदेशमे रहे । यी सब, परमेश्वर अब्राहामके पहिले कहल बात, पूरा करेके लागि भेल रहे, परमेश्वर कहले रहे : यी निश्चय जान कि तोहर सन्तानसब, कौनो एगो देशमे प्रवासी होके रही, जौन देश उसबके नईखे, आ उ देशके आदमीसब कमारा - कमारी होखी, आ चारसय वर्षतक उ सब, थिचोमिचोमे परी । लेकिन उ सब जौन जातीके दास बनी, उ सबके भि ईन्साफ करम, आ पछारीसे उ सब, बहुत धनसम्पत्तिसब लेके आई । उत्पत्ति १५:१३-१४) ईस्राएलके सन्तानसब उपर भेल, सब बातसबमे परमेश्वरके हात रहे । काहे परमेश्वर अब्राहामके नाति नातिनासब, ईस्राएलीसबके कनान देशमे लेजाबेके प्रतिज्ञा करईत-करईत परमेश्वर उसबके मिश्रमे रहेके आज्ञा कएलक ?

काहेकी मिश्रके भूमिमे, ईस्राएलीसबके उपर जठी होखेबाला रहे, उ बातमे परमेश्वर अपन महिमा, आ अपन शक्ति प्रदर्शन करेके चाहईत रहे । परमेश्वर अपन अचम्मके शक्तिसे ईस्राएलके सन्तानसबके छुटकारा देबेके योजना बनएले रहे, जेसे सब जन परमेश्वर हि, राजासबके राजा आ प्रभुसबके प्रभु, सर्वशक्तिमान बा कहके जानेसकईत ।

प्रिय स्रोतासब, आजु हमनीके छुटेसे पहिले प्रस्थानके पुस्तकके पहिला अध्याय सुनम : योसेफ आ योसेफके सब दाजुभाईसब, आ योसेफके पुस्ताके सब जना मरगेल । लेकिन ईस्राएलका सन्तान फरईत फूलईत, आ संख्यामे बहुत बेसी बरहते गेल, यीहाँतक की सारा देश उ सबसे भरगेल । तब मिश्रमे योसेफके नचिनेबाला एक जना नयाँ राजा शासन करेलागल । उ अपन प्रजाके कहलक, “देख, ईस्राएलीसब संख्यामे हमनीसे बहुत बेसी, आ अति शक्तिशाली भेल बा । अब हमनीके उसबसँगे बुद्धिसे काम लेबेके परी, नत उ सब संख्यामे अभि बरहते जाई, आ यदि युद्ध होई त,

हमनीके शत्रुसँगे मिलके अपने विरुद्धमे लडाई करी, आ देश छोड्के चलजाई ।" यीहेकारण, उसबके कठोर काममे लगाके सताबे के लागि, उ सबके उपर नाईकेसब खटादेल, आ उसब फारोके लागि, पिताम आ रामसेस कहेबाला भण्डारके शहरसब बनएलक । लेकिन जेतना उसब सताएलक, ओतना उ सबके संख्या बरहेलागल, आ उ सब झन-झन फैलते चलगेल । ईस्राएली जातिसबसे, उ सब डेराएलागल । यीहेकारण, मिश्रीसब ईस्राएली जातिसबके दुःख देके काममे लगएलक, आ मसला आ ईटाके आ खेतके सब, किसिमके कठोर काममे लगाके उसबके जीवन, कष्ठकर बनादेल । तब मिश्रके राजा शिप्रा, आ पुआ नाम भेल हिब्रु सुँडेनीसबके बोलाके कहलक, "जब हिब्रु स्त्रीसब बच्चा जन्माबले, आ उ सबके जन्माबेके पिडामे देखरेख कर, तब बेटा होई त ओके मार द। लेकिन बेटी बा त, ओका जीन्दा राख ।" लेकिन सुडेनीसब परमेश्वरसे डेराईत रहे, मिश्रके राजाके आज्ञा अनुसार, न कएलक, लेकिन बेटासबके भि जिन्दा छोरदेल । यीहेसे मिश्रके राजा सुँडेनीसबके बोलाके पुछलक, "तोहनी सब बेटा सबके काहे छोर देल ? अईसे काहे कएल ?" सुडेनीसबके फारो कहलक, " हिब्र स्त्रीसब मिश्री स्त्रीसब जईसन नबा । उ सब हट्टाकट्टा बा आ सुडेनी पुगेसे पहिले, बच्चा जन्मालेबले ।" आ परमेश्वर सुडेनीसबके उपर, दया देखएलक, आ ईस्राएलीसबके संख्या, अउर बेसी बरते गेल आ शक्तिशाली होगेल । सुडेनी सब परमेश्वरके डर मानेके कारण, परमेश्वर उ सबके सन्तान देलक । तब फारो अपन सारा प्रजाके अईसे कहके आज्ञा देलक, "हिब्रु सबके जाति बेटा जन्मले उसबके नील नदिमे फेक द, लेकिन बेटासबके जीन्दा राख ।" (प्रस्थान १:६-२२) प्रस्थान पुस्तकके पहिलका अध्याय यीहबे समाप्त होखले दोसर प्रसारणमे हमनीके यी असाधारण कथाके गहिराईमे जाएके, योजना बनएले बारी, आ कईसे परमेश्वर याकुब, अर्थात ईस्राएलके सन्तानसबके मिश्रके ४०० वर्षके दासत्वसे, आ राजा फारोके क्रूर हातसे छुटकारा देबेके लागि, एकजना छुटकारा देबेबाला व्यक्तिके खरा कएलक कहके देखम । कठी अपनेके, उ छुटकारा देबेबाला व्यक्तिके नाम थाह बा ? हँ, उ व्यक्तिके नाम मोशा बा, मोशा परमेश्वरके अगमवक्ता रहे । ध्यान देके सुन्देली, अपने सबके बहुत बहुत धन्यबाद । परमेश्वरके यी पुस्तकसे विचार करेला देल यी पदके विचार करईत परमेश्वर हमनीके आशिष देबे : अगारी अगारी लिखल, बातसब हमनीके शिक्षाके लागि लिखल रहे, यी उद्देश्यसे कि पवित्रशास्त्रसे आबेबाला स्थीरता, आ उत्साहसे हमनीके आशा प्राप्त करेसकू । (रोमी १५:४)

कार्यक्रम २९

अगमवक्ता मोशा

प्रस्थान १-२

तोराहमे पाँचगो पुस्तक बा, उ सब अगमवक्ता मोशा के लिखल बा । हमनीके बितल कार्यक्रममे, हमनीके अपन यात्राके उत्पत्तिके पुस्तकसे शुरु करके अन्त करदेल बारी आ प्रस्थान के पुस्तकमे आगेल बारी । हमनीके धर्मशास्त्रमे हमनीके यात्राके जारी राखईत क्रममे, परमेश्वर हमनीके दिमाग आ हृदयके निर्देशन देव कहके हमनीके प्रार्थना बा । यीसे पहिले हमनीके तोराहके दोसरका पुस्तक शुरु होखे से आवार पहिलका पुस्तक के अन्त होखले कहके हमनीके जनली । अब्राहाम, ईसाहाक आ याकुबके सन्तानसब अर्थात ईस्राएली सब कईसे परमेश्वर उसबके देहम कहके प्रतिज्ञा कएल कनान देशसे दुर मिश्रमे रहलक कहके हमनीके सुन्ली । प्रस्थानके पुस्तक यी बचनसबसे शुरु होखले : अपन-अपन परिवार लेके याकूबसँगे मिश्रमे आएल ईस्राएलके बेटासबके नाम ईहे बा : रुबेन शिमियोन, लेवी, आ यहुदा, ईस्साखार, जबूलून आ बेन्यामिन, दान, नप्ताली, गाद, आ आशेर । याकूबके सन्तान मे जम्मा सत्तरी जना रहे। योसेफ अगारुसे मिश्रमे रहे । योसेफ आ योसेफके सब दाजुभाईसब आ उ पुस्ताके सब जना मरगेल । लेकिन ईस्राएलके सन्तानसब फरईत, फूलईत आ संख्यामे बेसी बरहईत गेल, यीहाँतककी सारा देश उ सबसे भरगेल । तब योसेफके मिश्रमे नचिन्हेबाला एकजना नयाँ राजा शासन करेलागल । उ राजा अपन प्रजाके कहलक, “देख, ईस्राएलीसब संख्यामे हमनीसे बहुत बेसी आ बहुत शक्तिशाली भेल बा । अब हमनीके उसबसे बुद्धिसे काम लेबेके परी, नत उ सब संख्यामे अभि बरही, आ यदि युद्ध होई त, हमनीके शत्रुसँगे मिलके हमनीए के विरुद्धमे लडाई करी आ देश छोरके चलजाई ।” यीहेकारण, उ सब कठोर काम लगाके सताबेके लागि, उ सब उपर गुन्डा खटएलक, आ उसब फारोके लागि पिताम आ रामसेस कहेबाला, भण्डारके शहरसब बनएलक ।

1

लेकिन, जेतना उसब सतएलक ओतना उसबके संख्या बरहेलागल, आ उ सब अउर फैलेलागल । एहिसे ईस्राएली जातिसे उ सब डराएबे लागल । यीहेसे, मिश्रीसब ईस्राएली जातिसबके निर्दयीसे काममे लगएलक, आ मसला आ ईटाके आ खेतके सब, किसिमके कठोर काम, करके लगाके उ सबके जीवन तीतो बनादेल । (प्रस्थान १:१-१४) आउ हमनीके ईहा तईका रुकु । योसेफके मृत्युभेल, तीनसय वर्षसे बेसी बित्गेल रहे । मिश्रके आदमीसबके लागि, योसेफके कएल सब काम, बिस्राएल एगो दोसर राजा फारो, मिश्रमे शासन करईत रहे । फारो ईस्राएलके, अपन दास बनाके अत्याचार कएलक । उ ईस्राएली सबके कडा परिश्रम करेला कहलक ! परमेश्वर ईस्राएलीसबके एगो महान राष्ट्र, बनाबेके बारेमे अपन पुर्खा अब्राहाम सँगे, परमेश्वरके कएल प्रतिज्ञा उ बिसरगेल होई, कहके उ सब सोचईत रहे । लेकिन परमेश्वर, कौनो बात न बिस्राएल रहे । वास्तवमे, परमेश्वर बहुत पहिले प्रतिज्ञा कएल बात, पूरा करेके प्रकृयामे रहें । साँच्चो, परमेश्वर विश्वासयाग्य बा । परमेश्वर अपन करार पूरा करले । आदमीसब, परमेश्वर अपन प्रतिज्ञा पूरा करेला देर करी, कहके सोचलक भिरभि, परमेश्वर अपन प्रतिज्ञासबके पूरा करी ।

नयाँ राष्ट्र वा जातिके स्थापना करेके लागि, योजना बनाबेबाला परमेश्वर हि रहे, जौन राष्ट्र वा जातिसे भविश्यवक्ता, आ उद्धारकर्ता आबेबाला रहे, आ परमेश्वरके योजनाके उपलब्धिमे, कौनो बात भि बाधा न लेआई । जब परमेश्वर पहिलाबार उ विशेष राष्ट्र, वा जातिके सिर्जना करेके लागि, अपन योजनाके प्रकट कएलक, तब परमेश्वर एक वृद्ध जोडी अब्राहाम, आ सारासे यी काम करेके शुरु कएलक कहके हमनीके बुझईसी । अब्राहाम जब एक सय वर्षके रहे, तब ईसाहाकके जन्म होलक ।

ईसहाक याकुबके जन्म देलक, आ याकुब अपन बाह्र जना बेटासबके जन्म देलक, आ उ सब ईस्राएलके बाह्र कुलसबके जन्म देलक । उसब ईस्राएलके, बाह्र कुलसबके जन्म देलक । जब उ सब मिश्रके भुमिमे, गेलक तब उसब ७० जना रहे। लेकिन अब लगभग, तीनसय वर्षके बाद, उ सब दु वा तीन लाख, आदमीसबके बरका भिर होगेल रहे । कठी परमेश्वर, बहुत पहिले कएल अपन प्रतिज्ञाके पूरा कएलक त ? कठी परमेश्वर, अब्राहामके सन्तानसबके, एगो नयाँ आ विशाल राष्ट्र वा जाति, बनएले रहे ? हैं, परमेश्वर अपन प्रतिज्ञा पूरा कएलक । परमेश्वर विश्वासयोग्य बा । परमेश्वर अपन बचन पूरा करले । फारो ईस्राएलके जनजाति सबके, कईसे दास बनाके अत्याचार कएलक, एकर बारेमे हमनीके आजके कार्यकक्रममे सुनम : जेभि शाखे, फारो हरेक समय ईस्राएलके जनजातिसब, उपर प्रभुत्व जमाबेके लागि, आ उ सबके घटाबेके प्रयास कएलक, लेकिन परमेश्वर उ सबके, फरईत फूलईत आ बृद्धि होईत जाएके सहायता कएलक । यीहेकारणसे, फारो अपन मानिससबके, यी आज्ञा कएलक : "हिब्रूसबके जेतना बेटासब जन्म लेबले, उसबके नील नदीमे फेक द" (प्रस्थान १:२२) । अपने यी बारेमे कठी सोचईसी ? यी दुष्ट योजनामे फारोके नेतृत्वके करईत रहे ? शैतान । काहे शैतान ईस्राएलीसबके दमन करेके लागि, आ नाश करेके खोज्लक त ? काहेकी शैतानके थाह रहे, कि परमेश्वर संसारमे एक जना उद्धारकर्ता, पठाबेके प्रतिज्ञा कएले रहे, जे आदमके सन्तानके पाप, आ मृत्युके शक्तिसे छुटकारा दि । अईसन लागले कि, शैतानके यी प्रतिज्ञा कएल उद्धारकर्ता, ईस्राएल राष्ट्र वा जातिसे निकली कहके थाह रहे । यीहे कारणसे, शैतान फारोके ईस्राएलके सन्तानसबके, सताबेके लागि उक्सएलक आ उ सबके सब बेटासबके, नील नदीमे फेक्के उ सबके मिटाबेके खोज्लक । लेकिन परमेश्वर, जे शैतानसे असिमित रुपमे, शक्तिशाली बा, उहे फारोके हातसे अपन चुनल, आदमीसबके छुटकारा देबेके लागि, ईस्राएलके कुलसवभित एकजना आदमीके प्रयोग करेके योजना बनएलक । कठी अपनेके उ हिरोके नाम थाह बा ? हँु, उ परमेश्वरके प्रख्यात अगमवक्ता मोशा बा । लेकिन मोशाके बाबु आई,, आ योकेबेद भि हिरोसब हि रहे, काहेकी उसब राजाके आज्ञासे न डेराईत रहे । (हिब्रू ११:२२, प्रस्थान ६:२०) धर्मशास्त्र कहले : अब लेवीकुलके एक जना आदमी - याकूबके तिसरका बेटा) लेवी के कुलके एगो लरकीसे विवाह कएलक । आ उ स्त्री गर्भवती भेलक, आ एक जना बेटाके जन्म देलक । उ बालकके सुन्दर देख्के तीन महिना तक लोकाके राखलक । जब उ स्त्री लोकाबे न सकलक, तब ओका लागि एगो कुशके टोकरी लेअएलक, आ तारपीन आ अलकत्रासे लिपके बालकके राख के नील नदीके तीरमे नर्कट झाडीके बीचमे राख्देल । आ बालकके दिदि ओका कठी होईत बा कहके देखेला दुरसे देखेलागल । यी बीचमे फारोके बेटी नहाबेके लागि, नील नदीमे अएलक । उनकर सहेलीसब नदी के किनारमे घुमे लागल । उ भारीके बीचमे टोकरी देखलक, आ अपन दासीके उ टोकरी लआबेके लागि पठएलक । जब उ टोकरी खोललक तब उ बालकके देखलक । उ बालक रोईत रहे, आ उ टिठयाके बालकके देखलक आ कहलक, " यी हिब्रुसबके एगो बालक बा ।" तब उ बालकके दिदि फारोके बेटीके कहलक, “कठी हम जाके हिब्रु स्त्रीसबमध्ये कौनो धाईके अपनेके लागि, यी बालकके दूध पियायके लागि बोलाके लेआउ ?” तब फारोके बेटी कहलक,“हँ, जाब बोलाके लेआब ।” आ उ लरकी गेलक आ बालकके माईके बोलाके लेअएलक । तब फारोके बेटी कहलक, “ यी बालकके लेजाके हम्रा लागि दुध मियाल आ हम तोहर ज्याला देहम।” एहिसे उ स्त्री बालकके लेजाके दुध पियाबे लागल |

जब बालक बरका होगेल, तब उ स्त्री बालकके फारोके बेटी कहाँ लेअएलक आ अपन बेटा बनालेल । फारो उ बालकके नाम मोशा राख्देल, काहेकी फारोके बेटी कहईत रहे," हम एका पानीसे निकालले बारी ।" (प्रस्थान २:१-१०) कठी अपने ईमे परमेश्वरके हात देखईसी ? दोसर बेटासब मारेके कममे बालक मोशाके, अपने मातार पालनपोषन करईत रहे, आ दुष्ट राजा फारोसे उनकर सुरक्षा भेल रहे । उहा जठी होखईत रहे उमे परमेश्वरके हात रहे । परमेश्वर ईस्राएलके सन्तानसबके उसबके दासत्वसे छुटकारा देबेके लागि, मोशाके प्रयोग करेके योजना बनएले रहे । परमेश्वरके बुद्धि केतना गहिर बा, परमेश्वर के बुद्धि शैतान आ आदमी के बुद्धिसे बहुत दुर बा ! कठी अपने के थाह बा दूध छुटलाके बाद मोशा के पालनपोषण कहाँ होलक ? हैं, मोशाके पालनपोषन फारोके घरमे होलक, जेका ईस्राएलके आदमी सब दमन करईत रहे । हो, परमेश्वर ईस्राएलीसबके फारोके हातसे छुटकारा देबेके लागि मोशाके प्रयोग करेके चाहईत रहे । अपन योजनामे, परमेश्वर मोशाके रक्षा करेके लागि राजाके बेटीके प्रयोग करेके चुन्लक । राजाके घर मोशाके लागि सबसे सुरक्षित आ उत्तम ठाउँ होई कहके परमेश्वरके थाह रहे, मोशाके सिखेला आवश्यक चिज सब उहाँ बहुत बा, जेकाकारण मोशा ईस्राएलके सन्तानसबके ठीकसे नेतृत्व करेके तयार होईत, कहके परमेश्वरके थाह रहे । धर्मशास्त्र कहले : मोशाके मिश्रीसबके सब बुद्धिमे निर्देशन देले रहे । मोशा अपन बचन आ काममे शक्तिशाली रहे । लेकिन मोशाके अभि बहुत कुछ सिखेके बाँकी रहे । (प्रेरित ७:२२) मोशाके कथाके निरन्तरता यी किसिमसे बा जब मोशा बरका होलक, तब उ अपन भाईबन्धुसबकहाँ गेलक, आ उ सबके कठीन काम देखलक । मोशा अपन भाईबन्धुसबमध्ये एकजनाके, अर्थात एकजना हिब्रूके एक जना मिश्री सताईत देख्लक । तब मोशा एनेओने देखलक, जब केहु नदेख्लक तब उ मिश्रीके मारके बालुमे तोपदेल । बिहान पहर उहबा गेलक त दुगो हिब्रु आपसमे मारपित करईत देखलक । मोशा अन्याय करेबाला के कहलक, "तु अपने हिब्रु आदमीके काहे सताईत बार ? "उ आदमी मोशाके कहलक, "के तोहरा हमनीके शासक आ न्यायकर्ता बनएलक ? जईसे उ मिश्रीके मार ल, औसन्के हम्नीयोके मारेके चाहईत बार ? "तब मोशा डेरागेल आ मनमने कहलक, "साँचो ई बात फैलईत बा ।" फारोके यी बात पता लागेल आ उ मोशाके मारेके विचार कएलक । तब मोशा फारोसे भागके मिद्यान देशमे चलगेल आ उहवा एगो किनारमे बईथलक ।(प्रस्थान २:११-१५) शुरुमे मोशा अपन बुद्धि आ शक्तिसे, ईस्राएलके सन्तानसबके छुटकारा देबेके प्रयास कएलक । लेकिन परमेश्वर उ नचाहलक । परमेश्वर ईस्राएलके सन्तानसबके मुक्त करेके लागि मोशाके एक साधनके रुपमे प्रयोग करेके चाहईत रहे । लेकिन उसब के छुटकारा मोशासे न, लेकिन परमेश्वरसे आएल रहे । परमेश्वर अपन शक्ति जबतक मोशाके नदेलक, मोशा अपनेमे ईस्राएलके आदमीसबके फारोके हातसे छुटकारा देबेके शक्ति भेल आदमी न रहे । धर्मशास्त्र हमनीके बताबले की, मोशा चालीस वर्षतक मरुभूमिमे, मिद्यान देशमे रहलक । उ गरम, सुख्खा उजाडस्थानमे मोशाके सिखाबेला परमेश्वरसँगे बहुत महत्वपूर्ण पाठसब रहे । परमेश्वरके बचन मे एगो पद बा, जे कहलेः जे कम मे ईमान्दार रहले, उ बहुत मे भि ईमान्दार रहले, आ जे बहुत कममे बेईमान रहले उ बहुतमे भि बेईमान रहले । (लुका १६:१०) परमेश्वर मोशाके ईस्राएलके आदमीसबके चरवाह बनेके गहकिला काम देबेसे पहिले, मोशा पहिले अपनाके छोट कामसबमे विश्वासयोग्य होएके जरुरी रहे । धर्मशास्त्र हमनीके देखाबले कि, उहाँ मिश्रसे दुरके देशमे जाके मोशा चरवाह बन्लक, विवाह कएलक आ दु जना सन्तान जन्मएलक । चालीस बर्षतक मोशा विश्वासयोग्य चरवाह बन्लक । मोशा उजाडस्थानमे जब अपन ससुराके चरवाहके काम करईत रहे, उहेसमयमे परमेश्वर मोशाके ईस्राएल जातिके वा राष्ट्रके चरवाह बनेके लागि तयार करईत रहे । मोशा आ उनकर आदमी ईस्राएलके लागि परमेश्वरके अचम्मके योजना रहे । धर्मशास्त्र कहले : बहुत दिन बितलाके बाद मिश्रके राजा मरगेल । ईस्राएली जाति दासत्वके कारण सुस्केरा लेके पुकारा करेलागल ।

दासत्वके बन्धनमे उ सबके कएल पुकारा, परमेश्वर कहाँ पुगेल । परमेश्वर उसबके सुस्केरा सुन्लक, आ अब्राहाम, ईसहाम, ईसहाक आ याकूबसे कएल अपन करार याद कएलक । एहिसे परमेश्वर ईस्राएली सबके उपर नजर राख्लक, आ परमेश्वर उसबके, अवस्थामे चिन्तित होलक । (प्रस्थान २:२३-२५) मिश्रमे ४०० वर्षतक ईस्राएलके सन्तानसब दासत्वमे रहलक, जहाँ उसब बरका उत्पीडन भोगेके परलक । लेकिन परमेश्वर उसबके न बिसरलक ।

परमेश्वर ईस्राएलके आदमीसबके उसबके दासत्वसे छुटकारा देबेके योजना कएलक । हमनीके पुछेसकम: काहे परमेश्वर ईस्राएली सबके फारोके हातसे मुक्त करेके योजना बनएलक ? कठी उसब अउरसबसे बन्हिया रहे उहे कारण से ? ना, मिश्रके आदमीसब जईसन, सब आदमीसब जईसन ईस्राएलीसब भि पापी रहे । फिर काहे परमेश्वर उसबके लागि यी बिशेष योजनासब राख्लक त ? परमेश्वरके दया आ विश्वासयोग्यताके कारणसे । अन्तिम पदके फेरसे सुनु । परमेश्वर उसबके सुस्केरा सुन्लक, आ अब्राहाम, ईसहाक आ याकूबसँगे कएल अपन करार याद कएलक । ईहेसे परमेश्वर ईस्राएलीसबके उपर नजर राख्लक, आ परमेश्वर उसबके अवस्थामे चिन्तित होलक । (प्रस्थान २:२४- २५) परमेश्वर जब यी प्रतिज्ञा कएलक, तब परमेश्वर अब्राहामसँगे कएल करारके सम्झना कएलक : हम तोहरा से एगो बरका जाति खरा करम, तोहरासे हि पृथ्वीके सब परिवारसब आशिष पाई । (उत्पत्ति १२:२-३)। त्ब परमप्रभु कहलक, "यी याद राख, कि तोहर सन्तानसब कौनो एगो देशमे प्रवासी होके रही, जौन देश तोहनीके न बा आ उ देशके आदमीसबके कमाराकमारी होखी, आ चार सय वर्षतक उसब थिचोमिचोमे परी । लेकिन उ सब जौन जातिके दास बनी, उसबके भि हम ईन्साफ करम, आ पछारीसे उसब बहुत धन-सम्पतिसब लेके आई । " (उत्पत्ति १५:१३-१४) आबेबाला कार्यक्रमसबमे हमनीके यी जातिके रक्षा करेबाला परमेश्वरके देखम त यी सम्झेके लागि सहायता पुगी, कि जब परमेश्वर ईस्राएलके रक्षा कएलक त परमेश्वर हम्रा आ अपनेके भि आशिर्वाद देबेके परमेश्वरके योजनाके रक्षा करईत रहे, काहेकी यी जातिसे हि अगमवक्तासब, धर्मशास्त्रसब आ उद्धारकर्ता आएल रहे । दोसर कार्यक्रममे, प्रभुके ईच्छामे, हमनीके कईसे परमेश्वर मोशाके सामु बहुत असामान्य तरिकासे देखापरलक आ अब्राहामके बहुत पहिले हि प्रतिज्ञा कएल अनुसार ईस्राएलीसबके उसबके दासत्वसे छुटकारा देबेके लागि मिश्रदेशमे जाएके लागि बोलएलक कहके सुनम । सुन्के साथ देली अपने सबके बहुत बहुत धन्यवाद बा । परमेश्वर अपनेके आशिष देव । भजनसंग्रहके यी बचनके साथ हमनीसब अपनेसबसे बिदा होईत बारी । परमप्रभुके धन्यवाद चढाब, परमेश्वरके नामके पुकारा कर, जातिसबके बीचमे परमेश्वरके कएल कार्यसबके प्रचार कर । परमेश्वर अपन करार सदा स्मरण करले, यी बचन जौन परमेश्वर हजारौँ पुस्तासबके देले रहे, उहे करार, जौन परमेश्वर अब्राहामसँगे बाँध्लक, उहे सपथ जौन परमेश्वर ईसहाकसँगे कएले रहे । (भजनसंग्रह १०५: १, ८-९)

कार्यक्रम ३०

मोशा परमेश्वरके भेटाबले

प्रस्थान ३-४

बितल कार्यक्रममे, हमनीके मिश्रके राजा फारो कईसे अब्राहामके सन्तानसबके अपन दाससब बनाके आ उसब उपर निर्दयी होके थिचोमिचो कएले रहे कहके सुन्ली । उ सब जेतना उ सबके सतएलक, ओतना बहुत संख्यामे उसब वृद्धि होलक आ झन-झन फैलगेल । एहिसे ईस्राएली जातिसबसँगे उ सब (मिश्रीसब) डेराएलागल (प्रस्थान १:१२) कहके हमनीके सुन्ली । एहीसे फारो ईस्राएलीसबके लागि जन्मलेल सब बालकके मरेके लागि, नील नदीमे फेकदेबेके आदेश जारी कएलक । लेकिन परमेश्रके योजना विफल न होखले । एकदिन फारोके बेटी नदीमे टोकरीमे तैरईत अवस्थामे, एगो बालकके देखलक । उ बालकके दया देखएलक आ अपन बेटाके रुपमे ग्रहन कएलक, आ ओकर नाम मोशा राखदेल । बालक मोशा फारोके घरमे बरका होलक, आ फारो ईस्राएलके आदमीसबके नाश करेके खोजईत रहे । परमेश्वर अपन आदमीसबके दुष्ट राजाके हातसे छुटकारा देबेके लागि, मोशाके प्रयोग करेके योजना बनएलक । मोशा जब चालीस वर्षके होगेल तब फारोसे भागल रहे । फारो मोशाके मारेके चाहईत रहे । चालीस वर्षतक मोशा उजाडस्थानमे रहलक, जहाँ उ पत्नी देलक, बालबच्चासब के जन्म देलक, आ अपन ससुरके भेडाबाख्रा चरएलक । अब आउ, हमनीके मिश्रसे ईस्राएलीसबके अगुवाई करेके लागि मोशाके फारो कहाँ फिर्ता पठाबेके लागि, परमेश्वर मोशा के सामु अपनाके कईसे प्रकट कएलक कहके जानेके लागि, हमनीके अगारी बरहु । हमनीके प्रस्थानके पुस्तक ३ अध्यायके पढेजाईत बारी : अब मोशा अपन ससुर यित्रोके भेडाबाख्रा चराईत रहे, आ उ भेडाबखा चराईत उजाडस्थानके पारी ओर परमेश्वरके पर्वत (सिनै) तक लेगेल । उहाँ एगो जरईत पोथ्राके ज्वालामे परमप्रभुके दूत मोशा कहाँ प्रकट भेगेल, आ उ पोथ्राके देखलक । उ पोथ्रा जरईत रहे, फिरभि भष्म ना होईत रहे । मोशा कहलक, “अब हम छेउमे जाके यी गजबको दृष्यके देखम । उ पोथ्रा काहे भष्म न होइत बा कहके ।” जब उ पोथ्रा देखेजाईत मोशा के देखलक, तब परमेश्वर पोथ्राके बिचसे “मोशा ए मोशा " कहके ओका बोलएलक । आ मोशा कहलक, “हम एहिजे बारी "। तब परमेश्वर कहलक, “नजिक न आब । तोहर गोरके जुटा निकाल, काहेसे तु जहाँ खरा बार उ पवित्र बा ।" हम तोहर पिता पुर्खाके परमेश्वर बारी । अब्राहमके परमेश्वर, ईसहाकके परमेश्वर आ याकूबके परमेश्वर बारी ।" तब मोशा अपन मुह छोपलक, काहकी उ परमेश्वर के देखेसे डेरागेल । तब परमप्रभु कहलक, “मिश्रमे रहल हमर प्रजाके दुःख हम देखले बारी, आ कामदारसबके अत्यचारमे उसबके पुकार कएल हम सुन्लेबारी । उसबके दुःख हम्रा थाह बा ।

एहीसे उसबके मिश्रीसबके हातसे छुटकारा देके, उ देशसे एगो असल आ बरका देश, अर्थात दूध आ मह बहेबाला देश - कनानी, हित्ती एमोरी, परिज्जी, हिव्वी आ यबुसीसबके देशमे लेआबेके लागि हम ईहा आएल बारी । अब देख, ईस्राएलीसबके पुकारा हम्रा कहाँ आगेल बा । मिश्रीसब उपर कएल अत्याचार हम देखले बारी । यीहेकारण अब जाब, हमर प्रजा अर्थात ईस्राएलीसब के मिश्रसे निकालके लागी हम तोहरा फारो कहाँ पठाईत बारी ।”

लेकिन मोशा परमेश्वरके कहलक, “फारो कहाँ जाके ईस्राएलीसबके लेआएबाला हम के बारी,?" परमेश्वर कहलक, “हम तोहरा सँगे रहम, आ हम तोहरा पठएले बारी एकर चिन्ह तोरा ई होई, जब तु उ आदमीसबके मिश्रसे निकालके

लेअएब, तब तोहनीसब यीहे पर्वत मे परमेश्वरके अराधना कर ब ।"मोसा परमेश्वरके कहलक, "देखु, जब हम ईस्राएलीसबकहाँ जाके उ सबके कहम, तोहनीसबके पितापुर्खाके परमेश्वर हम्रा तोहनीसबकहाँ पठएले बा, तब उसब ओकर नाम कठी बा त ? कहके हम्रासे पुछी त, हम उ सबके कठी कहम ? " तब परमेश्वर मोशाके कहलक, "हम बारी, जे हम बारी ।" फिर परमेश्वर कहलक, ईस्राएलीसबके तु कहिह "हम बारी" कहेबाला तोहनीसबकहाँ हम्रा पठएले बा । परमेश्वर मोशाके यी भि कहलक, "ईस्राएलीसबके कह, परमप्रभु तोहनीके पिता पुर्खाके परमेश्वर, अर्थात अब्राहामके परमेश्वर, ईसहाकके परमेश्वर, इसहाकके परमेश्वर आ याकूबके परमेश्वर हम्रा तोहनीसब कहाँ पठएले बा । हमर नाम सदा यीहे रही, आ सब पुस्तासब हमर नामके सम्झना यीहे रही, (प्रस्थान ३:१-१५) सीनै पर्वतमे जरईत पोथ्रासे परमेश्वर, मोशाके बतावल बातसे हमनीके परमेश्वरके चरित्रके बारेमे कम्तीमे भि चारगो बात सिखईसी ।

१. पहिला, हमनीके परमेश्वर पवित्र बा कहके सिखईसी । जब मोशा आगीके ज्वाला देखलक, तब उ अनुसन्धान करेके लागि उ ज्वालाके नजिक आके देखलक आ परमेश्वरके आवाज सुन्लक । मोशा भयभित होके कापेलागलक आ देखेके आँट ना कएलक । मोशा काहे डेरागेल त ? काहेकी उ एगो पवित्र परमेश्वरके उपस्थितिमे खरा भेल रहे । परमेश्वर मोशाके अपन पवित्रताके घोषणा करईत कहलक, "ईहाँ नजिक न आब । अपन जुत्ता निकाल, काहेकी तु जौन ठाउँ मे खरा बार उ पवित्र बा !" साचो आगीके ज्वालामे मोशाके साम्नेमे देखापरेवाला परमेश्वर पवित्र बा । परमेश्वर अपन पवित्रता सबजन चिन्हो कहके चाहले । परमेश्वरके सामने खरा होखेबाला स्वर्गदूतसबके बारेमे धर्मशास्त्र कहले : उ सब विश्राम न लेके दिनरात कहईत रहे, "पवित्र, पवित्र, पवित्र परमप्रभु सर्वशक्तिमान परमेश्वर, जे रहे आ जे बा, जे आबेबाला बा !" (प्रकाश ४ : ८) । स्वर्गदूतसब परमेश्वरके पवित्रताके चिन्हले । आदरणीय स्रोतासब, कठी अपने सब परमेश्वरके पवित्रताके चिन्हईसी ? आउ अब हमनीके एकर अर्थ कठी बा कहके विचार करु । हमनीके अगारी के कार्यक्रममे सुन्ली, परमेश्वरके पवित्रतासे आदम आ हव्वा जब पाप कएलक तब परमेश्वर उ सबके अदनके बगैंचासे निकालदेल । परमेश्वरके पवित्रता परमेश्वरके कयिनके बलिदानके अस्वीकार करेला कहलक । परमेश्वरके पवित्रता नोआके दिनके आदमीसबके परमेश्वर जलप्रलयसे मिटादेलक । ओकाबाद, परमेश्वर संसारके भाषाके मिश्रीत कएलक, बाबेलके आदमीसबके तितर वितर करदेल, जौनसब परमेश्वरके विरुद्धमे विद्रोह करेके खोजईत रहे ।

फिर अब्राहामके समयमे, परमेश्वरके पवित्रतासे परमेश्वरके सदोमके आदमीसब उपर आकाशसे आगीके बर्षा कराएके बाध्य बनएलक, उ आदमीसब दुष्टतामे आनन्द लेईत रहे । दुर्भाग्यवंश, आजतक बहुत आदमीसब परमेश्वरके पवित्रताके आदर ना करले । उ सब परमेश्वर के बा कहके ना बुझले । उ सब परमेश्वरके पुण सिद्धताके ना चिन्हले बा । हमनीके एका आदमीसबके पाप करेबाला आ उमे आनन्द लेबेबाला तरिकामे हमनीके देखईसी । हमनीके ई भि सुनली की, आदमीसब परमेश्वरके पवित्रताके केतना कम महत्व देबले जब उ सब धर्मके लुगा जईसबन पेन्हले लेकिन परमेश्वरके सत्यता बुझेके लागि पवित्र धर्मशास्त्रके जाँच कहियो भि ना करले ।

बहुत आदमीसब, परमेश्वरके नामके असत्य अभिव्यक्तिमे प्रयोग करेके बाणी परल बा । उ सब, "बि इजम अल्लाह" (अरबी: परमेश्वरके नाम), अथवा "ईसाअ अल्लाह" (यदि परमेश्वर चाही त) कहके व्यर्थमे परमेश्वरके नाम पुकारले, जबकी परमेश्वरके ईच्छा उ सबके दिमागसे बरी दुरके बात बा । मसिहसब परमेश्वरके पवित्रता बुझे ना सकल बा । काहेही उ सब परमेश्वरके अगारी अपन धार्मिकता स्थापित करेके खोजले आ परमेश्वरके मुक्तिके धार्मिक रास्ताके स्वीकार ना करले । केहु केहु बहुत दिन तक उपवास रहके, दोहरा प्रार्थना करके वा नहाबेके समारोह करके अपनाके

परमेश्वरके सामने शुद्ध बनाएसकम कहके विचार करले । लेकिन हमनीके अगमवक्ता सबके लेखसबमे स्पष्ट रुपमे देखईसी, उ बाहिरी कामसबस परमेश्वरके सन्तुष्ट करे नसकी । आदमीसब अपनाके भितरसे शुद्ध कएला जरुरी बा । प्रिय स्रोतासब, परमेश्वर पवित्र बा ! एहिसे परमेश्वर मोशाके कहलक, “यीहाँ नजिक न आब । अपन जुत्ता खोल, काहेकी तु जहाँ खरा बार, उ ठाउँ पवित्र बा ।”

२. दोसर, जरईत पोथ्रासे परमेश्वर मोशाके कहल बातके आधारमे, हमनीके परमेश्वर पवित्र मात्र ना, लेकिन परमेश्वर विश्वासयोग्य भि बा । कठी अपने परमेश्वर मोशाके कहल सबसे पहिले कहल बात याद कईली ? परमेश्वर कहले रहे, "हम तोहर पिताके परमेश्वर, अब्राहामके परमेश्वर, ईसहाकके परमेश्वर आ याकूबके परमेशवर बारी । " (प्रस्थान ३:६) यी बचनसब परमेश्वरसँगे नजिक होखेके आ परमेश्वरसँगै घनिष्ट सम्बन्धके आनन्द उठाबेके चाहेबाला जे केहु भि हृदयमे आनन्द लेआबेके चाही । अब्राहाम, ईसहाक आ याकूबसँगे एगो करार स्थापना करेबाला एकमात्र परमेश्वर पवित्र बा । परमेश्वर विश्वासयोग्य बा । सयौँ वर्ष वित्लाके बाद भि परमेश्वर अब्राहाम, ईसहाक, आ याकूब आ उसबके सन्तानसबके प्रतिज्ञा कएल सबबात ना विस्रएलक । अपनेके बारेमे कठी बा त ? कठी अपने परमेश्वरके विश्वासयोग्यताके कदर कएले बारी ? कठी अपने अब्राहाम, ईसहाक आ याकूबसँगे बोलेबाला पवित्र आ विश्वासयोग्य परमेश्वरसँगेके सम्बन्धके आनन्द लेईसी ? यी जीवनमे आ आबेबाला जीवनमे परमेश्वरके शान्तिके आनन्द लेबेके चाहेबाला जे केहुके लागि भि यी महत्वपूर्ण प्रश्न बा । हमनीके अपनेसबसे धर्म बा कि न बा कहके ना पुछईत बारी, काहेकी धर्मके नियमसब पालन कएलासे अपनेके परमेश्वरके सामु धर्मी बनाबे ना सकी । हमनीके कठी पुछईत बारी की : कठी परमेश्वरसँगे अपनेके सम्बन्ध ठीक बा ? कठी अपने परमेश्वरके मुक्तिके रास्ता बुझली आ विश्वास कईली ? कठी अपने धर्म मानेके आ परमेश्वरसँगे सम्बन्ध राखेके यी दुगो बातसब फरक बा कहके देखले बारी ? आज संसारमे हजारो धर्मसब बा ।

उदाहरणकै लागि ब्राजिलमे मात्र ४००० से बेसी धर्म आ सम्प्रदायसब बा, कहके विशेषज्ञसब हमनीके बतएले बा । ४००० धर्म ? चार हजार देवतासब बा ? अर्थात चारहजार रास्तासब बा, जे परमेश्वर कहाँ लेजाबले ? ना । धर्मशास्त्र कहले कि परमेश्वर एकेगो बा, आ परमेश्वर आ आदमीसबके बिचमे मध्यस्तकर्ता एगो बा । (१ तिमोथी २:५) फिर काहे आज संसारमे हजारौं धर्म आ हजारौं विभिन्न समप्रदायसब बा त ? काहेकी आदमके बहुत सन्तानसब परमेश्वर के अब्राहाम, ईसहाक आ याकुबसँगे स्थापना कएल सत्यके जगके बेवास्ता कएले बा । आदमके सन्तानसबके पापके दन्ड आ शक्तिसे छुटकारा देबेके लागि संसारमे आबेबाला मध्यस्तकर्ताके सम्बन्धमे परमेश्वर अब्राहाम आ ओकर सन्तानसबके कएल प्रतिज्ञासबके बारेमे उसबके थाह न बा । उ सबके कहियो परिवर्तन नहोखेबाला पवित्र परमेश्वरके कथा आ सन्देश थाह नबा । उ सब विश्वासयोग्य परमेश्वरके ना चिन्हले ।

३. जब परमप्रभु आगीसे जरईत पोथ्रामे मोशाकहाँ देखा परलक, उहाँ परमेश्वर अपन दोसर विशेषता वा चरित्रके प्रकट कएलक । उ चरित्र दया रहे । परमेश्वर केवल पवित्र आ विश्वासयाग्य मात्र न बा, लेकिन परमेश्वर दयालु भि बा । एहिसे परमेश्वर मोशाके कहलक : "मिश्रमे रहल हमर प्रजासबके दुःख हम देखले बारी, आ कामदारसबके अत्याचारमे उसबके पुकारा हम सुन्ले बारी । उ सबके दुःख हम्रा थाह बा । एहिसे उसबके मिश्रीसबके हातसे छुटकारा देके उ देशसे एगो असल आ बरका देश मे लेआबेके लागि हम आएल बारी । (प्रस्थान ३:७) काहे परमेश्वर ईस्राएलके आदमीसबके मुक्त करेके आ उसबके असल भूमीमे लेजाबेके योजना कएलक त ? कठी ईस्राएलीसब परमेश्वरके कृपाके योग्य रहे ? कठी उ सब अन्य राष्ट्रसब वा जातिसबसे निमन रहे ? ना, उ सब औसन ना रहे। फिर काहे

परमेश्वर उ सबके आशिष देबेके उद्देश्य राख्लक त ? परमेश्वरके विश्वासयोग्यता आ परमेश्वरके कृपाके कारण से । परमेश्वर उसबके चितकारके सुन्लक, आ परमेश्वर अब्राहाम, ईसहाक, आ याकूबसँगेके अपन करारके सम्झना कएलक । परमेश्वर ईस्राएलके सन्तानसबके देखलक, आ उ सबके उपर दया कएलक । (प्रस्थान २:२४-२५) ह, परमेश्वर दयालु बा ।

४. अन्तमे हमनीके जरईत पोथ्रासे अवलोकन करेबाला उहाँ दोसर पक्ष भि बा । परमेश्वरके व्यक्तिगत नाम बा । मोशा परमेश्वरके अपने के नाम कठी बा, कहके प्रश्न कएल हमनीके सुन्ली । कठी अनन्तके परमेश्वरके स्वभावके एगो नामसे वर्णन करे सकम ? बहुत महान आ मवित्र परमेश्वर, विश्वासयोग्य आ दयालु परमेश्वरके, आदमीसब अपन आँखसे देखे नासकी । सब कुछ सृष्टि करेबाला परमेश्वर सब देखले, सब बात जानले, आ परमेश्वर किछो भि करसकी- परमेश्वरके नाम कठी बा ? केको केको परमेश्वर अल्लाह बा कहके लागले । साँचो परमेश्वर, परमेश्वर बा । जेभिहोखे परमेश्वर के नाम परमेश्वर न बा । परमेश्वर बा जौन उ बा । हमनी के आदमी बारी, लेकिन हमर नाम आदमी न बा । हमनीमध्ये हरेक के नाम बा जेका से हमनीके पहिचान होखले । परमेश्वरके नाम कठी बा त ? परमेश्वर मोशाके कठी जवाफ देलक त ? परमेश्वर यी जवाफ देलक, “हम बारी जोन हम बारी ।" फेर परमेश्वर कहलक,“ ईस्राएलीसबके कह, परमप्रभु तोहनीके पिता पूर्खाके परमेश्वर, अर्थात अब्राहामके परमेश्वर, इसहाकके परमेश्वर, आ याकूबके परमेश्वर हमरा तोहनीसब कहाँ पठएले बा । हमर नाम सदा यी रही, आ सब पुस्तातक हमर नामके सम्झना यीहे रही । " (प्रस्थान ३:१४-१५)

अपन अनन्त स्वभावके वर्णन करेबाला परमेश्वरके नाम कठी बा ? अपने यी सुन्ली ? ओकर नाम परमप्रभु बा । हिब्रूमे, उ नाम यहोवे बा । एकर अर्थ उ बा, वा हम बारी । पवित्र धर्मशास्त्रमे, अगमवक्तासब परमेश्वरके सयौं नाप आ उपाधीसब लिखले, लेकिन यहोवेके नाम दोसर कौनो भि नामसे बेसी प्रयोग कएल बा । लगभग ६,५०० चोटि यी नामके प्रयोग भेल बा । परमप्रभु हि परमेश्वर बा, परमेश्वर कहलक, अनन्त हम हि बारी, जे रहे, बा आ जे सदासर्वदा रही। परमेश्वरके कौनो शुरुवात नईखे । परमेश्वर के कौनो अन्त नईखे । परमेश्वरके कौनो सिमा नईखे । परमेश्वर के बराबरी केहु नईखे । परमेश्वर मात्र अपन शक्तिसे अवस्थित एक बा । परमेश्वर काल्हे, आज आ सदासर्वदा रहेबाला बा । परमेश्वर कहियो परिवर्तन ना होखी । उहाँके नाम परमप्रभु बा ! आदरणीय स्रोतासब, कठी अपने परमप्रभुके चिन्हले बारी ? कठी अपने परमेश्वरके विश्वासयोग्यतामे आनन्दित बारी ? कठी अपने परमेश्वरके कृपा पएले बारी ? कठी अपने अब्राहाम, ईसहाक, आ याकूबके परमेश्वरसँगै घनिष्ठ सम्बन्धमे प्रवेश कएले बारी ? आगीसे जरईत पोथ्रासे मोशासँगे बोलेबाला परमप्रभुके कठी अपने चिन्हली ? परमेश्वर के ईच्छामे, दोसर कार्यक्रममे हमनीके मोशाके कथाके निरन्तरता देहम आ देखम कि कईसे परमेश्वर मोशा के फारो कहाँ पठएलक । हमनीके आज विदा होखेसे पहिले, हमनीके अपनेसबके परमेश्वर के अपन नामके बारेमे, ओकर अगमवक्तासबके धर्मशास्त्रमे प्रकट कएल बातमे विचार करेके आमन्त्रीत करईसी : हम बारी जौन हम बारी ..यीहे हमर नाम सदासर्वदा रही । आ परमप्रभुके नाम पुकारेबाला हरेक उद्धार पाई ! (प्रस्थान ३:१४-१५,६:२, योएल २:३२)

कार्यक्रम ३१

फारो : परमप्रभु के बा ?

प्रस्थान ४-७

हमनीके तोराहके पुस्तकके, निरन्तरता देईत बारी, जे परमेश्वरके अगमवक्ता, मोशा आ मिश्रमे रहल, ईस्राएलीसबके कथा बताबले । वितल कार्यक्रमसबमे, हमनीके मिश्रके राजा फारो, ईस्राएलीसबके कईसे अपन दास बनाके, सतएले रहे कहके सुन्ली । लेकिन, सब दुःखके बिचमे, फारोके कएल दुष्टताके पल्टादेबेके योजना, परमेश्वर सँगे रहे। परमेश्वर अपन आदमीसबके, फारोके हातसे छुटकारा देबेके लागि, ईस्राएलके सन्तानसब मध्येके, मोशा नाम भेल एकजन आदमीके, प्रयोग करेके योजना बनएलक । मोशा मिश्र देशके, सब ज्ञानमे शिक्षित रहे, आ जब मोशा चालीस वर्षके भेलक, उ अपन तरिकासे अपन आदमीसबके, छुटकारा देबेके प्रयास कएले रहे, कहके हमनीके सिकले रहली । फिरभि मोशाके, उ प्रयास, समस्या मात्र उत्पन्न कएलक, आ मोशाके फारोसे भागेके, आ उजाडस्थानमे लुकाबेके बाध्य बनएलक। परमेश्वर, ईस्राएलके आदमीसबके, छुटकारा देबेके लागि, अपनाके शक्ति न देलातक, अपनामे कौनो किसिमके शक्ति, न बा कहके सिखेके परल रहे । मोशा, चालीस वर्षतक, उजाड स्थानमे परिवार बढानेके, आ अपन ससुराके, भेडाबकरीके बगालके, रेखदेख करेमे, समय बिताईत रहे । मोशा, जब ८० वर्षके भेलक, परमेश्वर मोशाके सीनै कहेबाला पहाडमे, एगो पोथ्राके आगिके ज्वालामे देखा परलक । उ पोथ्रामे आगी लागल रहे, लेकिन उ भष्म ना होईत रहे । यी देखके मोशा छक्क परगेल । जब मोशा, उ पोथ्रा देखे नजिक पुगलक, तब मोशा परमेश्वरके आवाज, सुन्लक, “हम तोहर पिताके परमेश्वर, अब्राहामके परमेश्वर, ईसहाकके परमेश्वर, आ याकूबके परमेश्वर बारी । "(प्रस्थान ३:६) यी सुन्के मोशा, डरसे कामेलागल आ देखेके आँट भि ना कएलक । तब परमेश्वर, कहलक, “अपन जुत्ता निकाल, काहेकी तु जाहाँ खरा बारे, उ ठाउँ पवित्र बा । हम मिश्रमे रहल, हमर प्रजाके दुःख पक्का देखले बारी, आ उ सबके कामदारसबके कारण, उ सबके चित्कारके सुन्ले बारी, आ उ सबके छुटकारा देबेके लागि, हम निचा उतरके आएल बारी, एहीसे आब हम तोहरा फारोकहाँ पठाहम । " आउ, अब हमनीके कइसे, परमेश्वर, मोशासँगे अपन बातचित पूरा कएलक, आ मोशाके मिश्रके राजा फारोकहाँ पठएलक, यी बारेमे सुनु । अध्याय ३ मे हमनीके सुन्ले रहली, की परमेश्वर मोशाके साथमे, फारो आ मिश्रके आदमी सबके सामुमे, बृद्धि आ अधिकार देबेके प्रतिज्ञा कएले रहे । फिरभि मोशा जाएके न चाहईत रहे । अब हमनीके ४ अध्यायमे यी प्रकारसे पढम : मोशा जवाफ देलक, “यदि उ सब हमरा न पत्याई, आ हमर बात नसुनके, परमप्रभु तोहरा देखा नपरल बा, कहके जवाफ दि, त हम कठी करम ?” तब परमप्रभु, मोशाके कहलक, "तोहर हातमे कठी बा ?” मोशा कहलक "लाठी ।” परमप्रभु कहलक, “उ भूईयामे फेक ।" मोशा उ लाठी भुइयामे फेकदेल, आ उ लाठी एगो साप बन्गेल, आ मोशा डेरागेल । तब परमेश्वर, मोशाके कहलक, “तु अपन हातसे, उ साँपके पुच्छर थाम ।" तब मोशा, हात बरहाके थामलक, आ उ हातमे फेर लाठी होगेल । परमप्रभु कहलक, "उसब अपन पिता पुर्खाके परमेश्वर, अर्थात अब्राहामके परमेश्वर, ईसहाकके परमेश्वर आ याकूबके परमेश्वर, तोहरा कहाँ देखा परलबा, कहके उ सब यीहे कामसे पत्याई ।” ओकाबाद मोशा परमप्रभुके कहलक, “प्रभु हम बोलेमे सिपालु नबारी, न त अगारी हम सिपालु रहली, न अभि अपने कहलाके बाद, हम चलाख भेल बारी, काहेकी हम बोलेमे, आ जिब्रो चलाबेमे ढिला बारी । "परमप्रभु मोशाके कहलक, “ आदमीके मुहके बनएलक ? आदमीके लाटो वा बहिर, कि देखेबाला, वा अन्धा, के बनाबले ? कथी परमप्रभु न ? अब जाब, हम तोहरा बोलेला सहायता करम, आ तोहरा कठी कठी बोलेके बा, उ हम सिखाहम । "

मोशा कहलक, "हे प्रभु बिन्ती बा, दोसर जनाके पठाउ ।" तब परमप्रभुके क्रोध, मोशामे आगेल, आ कहलक, "कठी लेवी, हारुन, तोहर दाजु नबा त ? हम्रा थाह बा, की उ ठीकसे बोले सकी । उ तोहरा से भेट करे आईत बा, आ तोहरा देखके उ खुसी होई । ओके से बात कर, ओका कहेबाला बात तु बताब, आ हम तोहनीके दुनुजनासँगे रहम, आ तोहनीसबके कठी करेके बा, उ हम बताहम । लेकिन उ लाठी, तु अपन हातमे लेजाब । उहे लाठीसे, तु यी आश्चर्य काम, चिन्ह सब कर ब ।" एकाबाद, मोशा फिरके अपन ससुरा यित्रो काहाँ आके कहलक, "बिन्ती बा, मिश्रमे रहल हमर दाजु भाई सब, बाचल बा कि न बा, जाके देखेके अनुमति देउ ।" यित्रो मोशाके कहलक, “ठीक बा, तु शान्तिसे जाब । "परमप्रभु मिद्यान देशमे, मोशाके कहले रहे, “मिश्रमे फिरके जाब, काहेकी तोहर जान लेबेके खोजेबाला, सब मरगेल बा ।" यीहेकारण, अपन पत्नी आ बेटासबके एगो गधामे चरहाके, मोशा मिश्रदेशमे अएलक । मोशा परमेश्वरके लाठी, हातमे लेके गेलक । तब परमप्रभु, मोशाके कहलक, "जब तु मिश्रमे जएब, तब हम तोहर हातके शक्तिमे राखल, सब कामसब फारोके सामने कर, तब तु फारो के कह, "परमप्रभु कहले, ईस्राएल हमर जेठ बेटा बा । हम तोहरा कहली, "हमर बेटाके जाए द, आ उ हमर सेवा करो । लेकिन तु, जाएदेबेसे ईन्कार कएल। एहिसे, हम तोहर जेठ बेटाके मारदेम ।" परमप्रभु हारुनके कहलक, "मोशासे भेट करे उजाड स्थानमे जो ।" तब हारुन, परमेश्वरके पर्वतमे मोशासे भेट करे गेलक । परमेश्वरके आज्ञा कएल, सब आश्चर्य चिन्हसबके बारेमे, मोशा हारुनके बतएलक । तब मोशा आ हारुन गेलक, आ ईस्राएलीसबके पूरा धर्मगुरुके भेला कएलक । परमेश्वर, मोशाके कहल सब बातसब हारुन उ सबके बतादेल । मोशा आदमीसबके आँखके सामने, उ चिन्हसब देखएलक, आ आदमीसब पत्यागेल । परमप्रभु, ईस्राएलीसबके चिन्ता देखले, आ उ सबके कष्ट भि देखले बा, कहके जब उ सब सुन्लक, तब उ सब अपन शिर निहुराके, दण्डवत करके आराधना कएलक ।(प्रस्थान ४:१-३१) एकाबाद, मोशा आ हारुन फारो कहाँ जाके कहलक, “परमप्रभु ईस्राएलके परमेश्वर कहले, उजाडस्थानमे हमरा लागि, चाड मनाबेके लागि हमर प्रजाके जाए द ।" फारो कहलक, “परमप्रभुके बा जे हम ओकर बात मान्के, ईस्राएलीसबके जाए दु ? परमप्रभुके, हम न चिन्हईसी, ईस्राएलीसबके हम जाए भि न देम । " (प्रस्थान ५:१-२) आउ, अब हमनीके यीहाँ, मोशा आ हारुनके मुहसे, परमेश्वर फारोसे कईसे बात कएलक सुन्ली । कठी फारो परमेश्वरके बचनमे विश्वासकएलक त ? अँह, ना कएलक । फारो मोशा आ हारुनके, कईसे जवाफ देलक कठी अपने सुन्ली ? फारो कहलक, “परमप्रभु के बा, हम ओकर बात मान्के, ईस्राएलीसबके जाए दु ? परमप्रभुके हम ना चिन्हईसी, ईस्राएलीसबके हम ना जाएदेहम ।" मिश्रके धर्म रहे, लेकिन एगो साँचो परमेश्वरसे उ सबके सम्बन्ध ना रहे । उ सब अपन पुर्खाके धर्म पालन करेके परी, कहके मात्र ख्याल राख्ले रहे । उ सब अब्राहाम, ईसहाक आ याकूबके परमेश्वर, यहोवाके चिन्हेबाला बातके, कौनो बास्ता ना कएलक । फारो आ मिश्रीसब, उ सबके चालचलनसब, सबके मूर्तिसब, उसबके कामसब आ उ सबके धार्मिक अगुवासबमे, भरोसा राख्लक, लेकिन उ सब, परमप्रभु आ परम्रभुके योजनासबमे, विश्वास ना कएलक । अध्याय ६ मे हमनीके सुनम : तब परमप्रभु मोशाके कहलक, "हम फारोके कठी करम, अब तु देख्ब । उ हमर शक्तिशाली हातके कारण, उ सबके अपन देशसे भागाई।" आ परमेश्वर मोशाके कहलक, “हम परमम्रभु बारी ।" अब्राहाम, ईसहाक आ याकूबकहाँ, हम सर्वशक्तिमान परमेश्वरके रुपमे देखा परम, लेकिन परमप्रभु अपन नामसे उसबकहाँ हम ना गेली । उ सबके प्रवास कएल देश, अर्थात कनान देश, उ सबके देबेके हमर करार, हम उसबसँगे बाँधले बारी । यी बाहेक मिश्रीसब दासत्वमे राखल ईस्राएलीसबके कष्टके सुस्केरा हम सुन्ले बारी, आ हम्रा अपन करारके सम्झना भेल बा । यीहेकारण ईस्राएलीसबके कह, "हम परमप्रभु बारी ।" हम तोहनीसबके मिश्रीके बोझासबसे निकालम, आ उ सबके दासत्वसे छुटकारा देहम । अपन हात उठाके उसबके बरका दण्ड देके हम तोहनीके उद्धार करम ।

हम तोहनीसबके अपन प्रजा बनेके लागि ग्रहण करम, आ हम तोहनीसबके परमेश्वर होखम । हम तोहनीसबके परमप्रभु परमेश्वर बारी, जे तोहनीसबके मिश्रीसबके दासत्वसे निकाल्लक कहके तोहनीसब जान्ब । आ हम तोहनीसबके उ देशमे लेआहम, जौन अब्राहाम ईसहाक आ याकूबके देबेके हम शपथ खाके प्रतिज्ञा कएले रहली । हम उ तोहनीसबके अधिकारमे देहम । हम परमप्रभु बारी । " (प्रस्थान ६:१-८) लेकिन फारो तोहनीसबके बात ना सुनी। तबह म अपन शक्ति मिश्रउपर देखाहम, आ बरका ईन्साफ करके हम अपन दलसब, अर्थात अपन प्रजा ईस्राएलीसबके मिश्रसे निकाल्के लेआहम । जब हम मिश्रउपर अपन हात उठाके उसबके बिचसे ईस्राएलीसबके निकाल्के लेआहम, तब मिश्रीसब के थाह चली, कि हम परमप्रभु बारी ।" मोशा आ हारुनके परमप्रभु हुकुम कएल बमोजिम उ सब कएलक । जब फारोसे बात कएलक तब मोशा असी वर्षके रहे आ हारुन त्रियासी वर्षके रहे । (प्रस्थान ७:४-७) परमप्रभु फारो आ मिश्रके आदमीसबके अपन शक्तिके अदभूत प्रदर्शनके साथ न्याय करके योजना कएले रहे, कहके हमनीके बुझईसी । परमेश्वर अपन धार्मिकतामे, मिश्रीसबके अब्राहामके सन्तानसबमे लेआएल सयौं वर्षके पीडाके लागि दण्ड देबेके उद्देश्य राख्ले रहे । एकासाथे परमेश्वर मोशाके हातके आश्चर्यकर्मसबसे, परमप्रभु अपन महिमा आ शक्ति प्रदर्शन करेके चाहईत रहे । परमेश्वर मिश्रके आदमीसब आ सारा अब्राहाम, ईसहाक, याकूब आ मोशासँगे बोलेबाला परमप्रभु जीवित आ साँचो परमेश्वर बा कहके देखाबले । परमेश्वर दयालु बा, आ केहु भि नाश न होखो, लेकिन सबजन पश्चाताप करो आ सत्यके ज्ञान पाओ कहके चाहले । एहिसे परमेश्वर मोशासे बोलल सन्देशके प्रमाणित करेबाला आश्चर्यकाम सब करेके योजना बनएलक । मोशासे बोलेबाला परमेश्वर एगो साँचो परमेश्वर बा कहके संका न करके जानेसको परमप्रभु चाहले । मिश्रमे सयौं मूर्तिसब रहे, जेका मिश्रीसब देवता मानईत रहे, यी बात हमनीके बुझ । लेकिन परमेश्वर उसब एकमात्र साँचो परमेश्वरके चिनो कहके चाहईत रहे । परमेश्वर चाहईत रहे कि, अब्राहाम, ईसहाक, आ याकूबसँगे अपन करार स्थापना करेबाला एगो साँचो परमप्रभु परमेश्वर बा । उ सबसे एगो जाति वा राष्ट्र बनाबेके प्रतिज्ञा करईत, जेकर माध्यमसे परमेश्वर अगमवक्तासब, धर्मशास्त्रसब तथा संसारके मुक्तिदाताके उपलब्ध कराहम कहके प्रतिज्ञा कएले रहे । जेभि होए, फारो एगो साँचो परमेश्वरके चिन्हेके नचाहईत रहे । जब परमेश्वर अपन अगमवक्तासब, मोशा आ हारुनके माध्यमसे फारोसे बात करेके खोज्लक, लेकिन फारो उसबके जवाफ देके कहलक, “परमप्रभु के बा, जे हम ओकर बात सुनु आ ईस्राएलीसबके जाए दु । हम परमप्रभु के नचिन्हईसी, आ ईस्राएलीके भि जाए नदेहम । " (प्रस्थान ५:२) फारो परमेश्वर के नचिन्हईसी कहईत क्रममे फारो साँचो बोलईत रहे । अब्राहाम, ईसहाक आ याकूबसँगे अनन्तके करार स्थापित करेबाला परमेश्वरके फारो चिन्हले ना रहे। फारोके धर्म रहे, लेकिन परमेश्वरसँगे फारोके सम्बन्ध ना रहे। फारोके हृदय कठोर रहे। फारोके दिमाग बन्द रहे । एहिसे फारो मोशा आ हारुन के माध्यमसे आएल परमेश्वरके सन्देशके वास्ता ना कएलक । आजके दिनतक, संसारके बहुत आदमीसब फारोके रास्तामे बा । उसब परमेश्वरके बारेमे बात करले, लेकिन बचनमे उसब वास्ता नकरले । परिणामस्वरुप, उ सब परमेश्वरके नचिन्हले । उसब परमेश्वरके बारेमे कुछ बात सब जानले, लेकिन उसब अपन परमेश्वरके नजानले । उसका उसबके बाबु आ माई के देहल धर्म बा, लेकिन उसबसँगे अपनाके मोशा के सामु प्रकट करेबाला जीवित परमेश्वरसँगेके व्यक्तिगत सम्बन्ध न बा । अब अपनेके बारेमे कठी बा त ? कठी अपने परम्रभुके चिन्हले बारी ? कठी अपने परमेश्वरके अगमवक्ताके लेखकसबमे, प्रकट भेल बातसब बुझईसी आ विश्वास करईसी ? कठी अपने मुक्तिदाताके चिन्हईसी, जेकर बारेमे अगमवक्तासब लिखले रहे, मसिह, जे धर्मशास्त्र के अनुसार, एक चोटी पापके लागि कष्ट भोग्लक, अधर्मिसबके लागि धर्मी जन, ताकि मसिह अपनेके परमेश्वर कहाँ लेआए सको ? (१ पत्रुस ३:१८) । कठी अपने येशू ख्रीष्टमे विश्वास करईसी ?

कठी अपने, येशू ख्रीष्टके अपन सारा हृदयसे प्रेम करईसी ? कठी अपने, येशु ख्रिष्टके आज्ञा पालन करेके चाहईसी ? कि फारो जईसन, अपन पुर्खाके धर्मके मात्रे मानईसी ? हे प्रिय स्रोतासब, हमनी मध्ये केहु एकजना भि, फारोजईसन न होउ, जे अनन्त परमेश्वरके सन्देश सुनेसे, आ विश्वास करेसे ईन्कार कएलक ! परमेश्वरके बचनसे यी चेतावनी सुनु : भाई सब, होश कर, तोहनीसबमध्ये केको मे रहल, दुष्ट आ अविश्वासी हृदयसे, तोहनीसबके जीवित परमेश्वरसे दुर न करो । " (हिब्रू ३:१२) आज, यदि अपने परमेश्वरके आवाज सुनईसी त, "परमप्रभु के बा, जे हम ओकर आज्ञा पालन करु ? " कहके फारो जईसन अपन हृदयके कठोर नकरुँ ।

सुन्के साथ देली अपनेसबके बहुत बहुत धन्यबाद बा ।

परमेश्वरके ईच्छामे, हमनीके दोसर कार्यक्रममे, यी मनमोहक कथाके निरन्तरता देहम, आ परमेश्वर फारो आ मिश्रीसब उहे परमेश्वर बा, कहके जानेके लागि, कईसे उसबके उपर, दश विपत्तिसब लेअएलक कहके सुनम । परमेश्वरके पवित्र वचनके यी गम्भीर चेतावनीके ध्यान देईत, परमप्रभु परमेश्वर अपने सबके आशिष देव : आजे तोहनीसब, परमेश्वरके बचन सुन्ल त, विद्रोहके दिनमे अपन हृदय कठोर नबनाउ (हिब्रू १३:१५) ।

कार्यक्रम ३२

विपत्तिसब

प्रस्थान ७-१०

अण्डा चट्टानसे कुस्ती करेके नचाही । यी वोलोफके हितोपदेशसे हमनीके आज, धर्मशास्त्रके अध्ययन करम । अण्डा आ चट्टान लरी त कठी होई ? अण्डा फुट्जाई, लेकिन चट्टान जईसनके तईसने रही । मिश्रके राजा फारो, परमप्रभुके विरुद्धमे लरेके खोजलक त कठी भेल ? कहके, आज हमनीके सुनम, जेकर बारेमे मोशा कहले: “परमेश्वर चट्टान बा, परमेश्वर कामसे सिद्ध बा, काहेसे परमेश्वरके सब चाल न्यायोचित बा" (व्यवस्था ३२:४)। वितल कार्यक्रममे, परमेश्वर मोशा आ हारुनके मिश्रके दासत्वसे, ईस्राएलके आदमीसबके मुक्त करेके लागि, फारोकहाँ पठएलक कहके सुन्ली । उसब फारोके कहलक : परमप्रभु ईस्राएलीसबके परमेश्वर कहले: “उजाड - स्थानमे हमरा लागि, चाड मनाबेला हमर प्रजाके जाएद छ।” फारो कहलक, "परमप्रभुके बा, जे हम ओकर बात मानके ईस्राएलीसबके छोरदु ?, परमप्रभुके हम ना चिन्हईसी, आ ईस्राएलीसबके हम जाए ना देहम । " (प्रस्थान ५:१-२), ईस्राएलके आदमीसबके छुटकारा देबेला, परमेश्वर निश्चय कएलक, जब कि फारो उ सबके दास बनाबेके, निश्चय कएले रहे । लेकिन अण्डा चट्टानसँगे कुश्ती लरेके नचाही । फारो कईसे परमेश्वरसँगे लराई करेके खोज्ले रहे, आउ हमनीके तोराहके दोसरका भाग प्रस्थान ७ अध्यायके सुनु । धर्मशास्त्र कहलेः संध, परमेश्वर ईस्राएलके आदमीसबके, मुक्त करेके लागि, दृढ संकल्प कएलक, जब कि फारो उसबके, दासत्वमे राखेके निश्चय कएले रहे। लेकिन अण्डाके, चट्टानसे कुस्ती लरेके नचाही । धर्मशास्त्र कहले : तब मोशा आ हारुन, फारो कहाँ जाके परमप्रभुके, आज्ञा कएल बमोजिम कएलक । हारुन अपन लाठी लेके, फारो आ फारोके अधिकारीसबके सामनेमे फेकदेल, आ उ साँप बन्गेल, तब फारो भि ज्ञानी आदमी आ टुनामुना करेबालासबके बोलएलक, अ उ मिश्रके जादूगरसब भि, अपन गोप्य सीपसे अपन अचम्मके कला देखएलक । सबजन अपन लाठी फेकलक, आ उ साँप बन्गेल । लेकिन हारुनके लाठी, उसबके लाठिके खालेल । " (प्रस्थान ७:१०-१२) फारो आ परमप्रभुके, बिचके कुश्ती, खेलके शुरुवातके ध्यान देउ । एक ओर फारोके ज्ञानी आदमीसब, आ जादुगरसब बा, आ दोसर ओरी मोशा आ हारुन । जब हारुनके लाठी, साँपमे परिणत होगेलक, तब फारोके जादूगरसब, अपन तन्त्रमन्त्रसे आश्चर्यकर्म करेके नाटक कएलक । काहेकी उसब, अपन अपन लाठी फेकलक आ साँप बन्गेल । लेकिन हारुनके लाठी, उसबके लाठिके निल्लेल । यी सबके बारेमे हमनीके कठी कहेसकम ? मोशा आ हारुनके कएल, आश्चर्यकामसब परमेश्वरसे आएल रहे, कहके हमनीके थाह बा । जेभिहोए, फारोके जादुगरसब भि अचम्मके काम कएलक । उसब अपन शक्ति कहाँसे पएले रहे त ? कठी उसब परमेश्वर पएले रहे ? अँहँ, परमेश्वर अपन विरुद्धमे अपने कहियो ना लरले । फिर, उसबके शक्ति कहाँसे आएल रहे त ? फारोके जादुगरसब छलके कला, आ शैतानसे आबेबाला शक्तिमे भर परल रहे । पवित्र धर्मशास्त्र हमनीके कहले कि, शैतान बहुत धूर्त बा, आ आदमीसबके उ धोका देबेके मन पराबले, उ बहुत शक्तिशाली बा, आ उभि चमत्कार करेसकी ।

परमेश्वर शैतानसे असीम रुपमे शक्तिशाली बा, कहके हारुनके लाठी, जादुगरके लाठीके

खालेल, यीसे निश्चित होखले । मित्र, यीसे फारोके पश्चाताप करेके आ परमेश्वरके बचन सुनेला बाध्य न कएलक । धर्मशास्त्र कहले : तब परमप्रभु मोशाके कहलक, “फारोके हृदय कठोर होगेल बा । उ आदमीसबके जाए नदेई । तु

बिहाने जब फारो नील नदीके किनार जाई, तु अपन लाठीसँगे लेके जईह आ फारोके कहिह, " परमप्रभु हिब्रूके परमेश्वर, हमरा यी कहके पठएले बा की हमरा प्रजाके उजाड स्थान मे हमर आराधना करेके लागि जाए द। लेकिन तु अभिभि न मान्ल । यीहेकारण, परमप्रभु कहले, "हम परमप्रभु बारी कहके अईसे जान ब । देख हम नील नदीके पानी हमर हातमे रहल लाठी से छुई आ उ खुन बन्जाई । तब मोशा आ हारुन परमप्रभुके अज्ञाबमोजिम कएलक । फारो आ फारोके अधिकारीसबके सामुन्ने अपन लाठी उठाके नील नदीके पानीमे छुलक, तब पानी खुन मे परिवर्तन होगेल । नील नदीके मछरी सब मरगेल, आ नदी गन्हाए लागलक, आ मिश्रीसब उ नदीके पानी खाए नासकल । मिश्रके सब पानी खुन होगेल । लेकिन मिश्रके जादुगरसब भि अपन गोप्य सीपसे औसने कएलक । फेर परमप्रभुके कहल बमोजिम फारोके हृदय कठोर होगेल, आ फारो उ सबके बात नसुन्लक । तब फारो फिरके अपन महलमे गेलक, आ यी बातके ख्याल ना कएलक । सारा मिश्रीसब नील नदीके आसपास पानीके लागि खनेलागल, काहेकी नील नदीके पानी खाएके योग्य न रहे । परमप्रभु के प्रहार नदीउपर सात दिन रहलक । प्रस्थान ७:१४-१७,२०-२५) फेर परमप्रभु मोशाके कहलक, “जाके फारोके कह, परमप्रभु कहले : हमर प्रजासबके हमर आराधना करेके लागि जाए द । यदि तु उसबके जाए नबे त, हम तोहर सारा देशके बेटा सब पठाके सताए । आ नील नदी बेटासे भरजाई, आ उ तोहर महल, सुतेबाला कोठा, पलङ्ग, अधिकारीसबके घरघरमे, आ तोहर चुलासब आ पीठो मुछेबाला आह्लीसबमे आई ।(प्रस्थान ८:१-३) लेकिन फारो परमेश्वरके अगमवक्ता मोशासे आएल परमेश्वरके चेतावनीके वास्ता न कएलक । तब परमप्रभु मोशाके कहलक, “ हारुनके कह, अपन लाठी लेके नदिसब, कुलासब आ पोखरीसब उपर हात पसार, आ मिश्रभर बेटा सब आओ ।" एहिसे हारुन अपन हात मिश्रके पानीसबउपर पसारलक आबेडन्हा सब निकलके पूरा मिश्र देश ढाकदेल । लेकिन जादुगरसब भि अपन गोप्य सीपसे औसनके कएलक, आ मिश्रमे बेटास निकालदेल । तब फारो मोशा आ हारुनके बोलाएके पठादेल, आ कहलक, “परमप्रभुसँगे बिन्ती कर, कि उ हमर प्रजासे बेटा सब लेजाउ, तब परम्रभुके लागि बलि चढाबेके लागि तोहर आदमीसबके हम जाए देहम । " तब मोशा आ हारुन फारोकहाँसे निकलके चलगेल । परमप्रभु फारोउपर पठाएल बेटा सबके बारेमे मोशा पुकारा कएलक । बेटास मरगेल । आदमी सब उ जम्मा करके ढेरी लगादेल आ देश गन्हाएलागल । लेकिन फारो अब सब शान्त देखलक, तब परमप्रभु के कहल अनुसार अपन हृदय कठोर कएलक, आ मोशा आ हारुनके बात सुन्लक । फेर परमप्रभु मोशा के कहलक, " हारुन के कह, अपनेके लाठी लेके जमिनके धुरामे भारतक तब उ मिश्रभर भुषा बनो।" उसक पौसने कएलका । जब हारुन लाठी लेके अपन हात पसारलक जमिनके धुराउपर मारलक तब आदमीसबमे आ पशुसबमे भुसुना लागेल । सारा मिश्रभरके धुरा भुसुना होगेल । उ जादुगर सब भि अपन गोप्य सीपसे भुसुना बनाबेके खोजलक लेकिन ना सकलक । आदमीसब आ पशुसबमे भुसुना रहले रहगेल । जादुगरसब फारोके कहलक, “यीमे त परमेश्वरके हात बा ।"

9

लेकिन परमप्रभु कहल बमोजिम फारोके हृदय कठोर होगेल, आ फारो उसबके बात ना सुन्लक । (प्रस्थान ८:५-८,१२,१४-१९) कठी अपने यहाँ जादूगरसब, फारोके मन्त्रतन्त्र करेबालासँगे जे भेल रहे उ सुन्ली ? उ सबसँगे शैतानसे प्राप्त कएल केवल निश्चित शक्ति मात्र रहे। एहिसे उ सब अपन गोप्य सीपसबसे परमेश्वरके शक्तिके नक्कल करेके आ मिश्रीसबके पानीमे अउर खुन आ उसबके ओछ्यानमे कुछ बेंङ्गसब लेआके कम पानीके खुनमे परिवर्तन करेके लागि आ बेंङ्गसब निकालेके लागि व्यवस्था कएलक । लेकिन उसबके शक्ति सिमित मात्र रहे । फारोके जादूगरसब सर्वशक्तिमान परमेश्वर मिश्रके भुमिमे लेआएल विपत्तिसब हटाबेसे असमर्थ होगेल । हारुन अपन लाठी भुईमे

चलएलक आ धुरा भुसुना होगेल आ जादुगरसब भि अपन गोप्य सीपसे औसनके कएलक । उसब भि धुराके भुसुनामे परिणत करेके प्रयास कएलक । लेकिन उसब ना सकलक । उसब फारोके, “यी त परमेश्वरके औँलाके काम बा" कहके स्वीकार करेके परलक ! निश्चित रुपसे शैतानमे भि शक्ति बा आ उ आदमीके भि कुछ मात्रामे अपन शक्ति देबे सकले, लेकिन उ शक्तिसबसे परमेश्वरके तोकल सीमाके कहियो भि पार करेनासकी । परमेश्वर मात्र सर्वशक्तिमान बा । परमेश्वर मात्र सब कुछ करेसकी । परमेश्वर मात्र सिमारहित बा । फारोके मन्त्र-तन्त्र करेबालासब वा जादूगरसब परमेश्वरके असिमित महानताके बारेमे बुझेलागल रहे, लेकिन फारो अबिभि परमेश्वरमे अपनाके समर्पित करेसे ईन्कार करईत रहे । फारो निरन्तर रुपसे अपन हृदयके कठोर बनाके राख्लक आ उ ईस्राएलके परमप्रभु परमेश्वरसँगे कुश्ती लडेसकम आ जितेसकम कहके कल्पना कएलक । मोशा आ हारुनके हातसे परमेश्वर, फारो आ मिश्रके भूमिमे कईसे सातगो विपत्तिसब ले आएल रहे कहके धर्मशास्त्र विवरण देबले । दुर्भाग्यवश, प्रत्येक विपत्तिके बारेमे बतावेके लागि हमनीके पास समय नईखे । अभिके लागि उसबके नाम मात्र कहेसकम | चौथका विपत्तिमे झिँगाके हुलसब रहे, जे जमिन, आदमीसबके घरसब समेत भरदेल रहे, जेका कारण बहुत विनाश होलक । पाँचौँ विपत्तिसे गाईवस्तुसबमे भयानक किसिमके रोगसब अएलक, आ बहुतके मृत्यु होगेल । जेभिहोए, ईस्राएलके सन्तानके बथानसबमध्ये एगो भि ना मरलक । फिरभि, फारो अपन हृदय कठोर बनएलक आ ईस्राएलके आदमीसबके जाएदेबेके स्वीकार नकएलक । ओकाबाद आदमीसब आ जनावरसबमे भयानक खटिरासब फैलगेल । धर्मशास्त्र कहले कि जादुगरसब खटिराके कारण मोशाके सामु खरा होए नसकल, जादूगरसब आ मिश्रीसबमे खटिरासब रहे(प्रस्थान ९:११) । सातौँ विपत्तिमे मिश्रमे पहिले कहियो न आएल अनुपातके भयानक असिना आ बिजुलीके चमक सहितके आँधी सब खेतसब ध्वस्त करदेल । एकाबाद, जमिन सलहसे भरगेल, आ असिनाके छोरल सब खालेल । यी आठवा विपत्ति रहे । नवौँ विपत्तिमे, परमेश्वर मोशाके कहलक, "तोहर हात आकाश ओर पसार, आ मिश्रमे अन्हार होजाव । छुला के बाद थाह चलेबाला अन्धकार होखो ।” (प्रस्थान १०:२१) तीन दिनतक केहु भि कुछो देखे नसकलक । लेकिन ईस्राएलके सन्तानसब रहेबाला ठाउँमे ईन्जोट रहे । उ सब उपर एकोगो विपत्ति न परलक । अनि, यी विपत्तिसब फारोके पश्चाताप करेला आ ईस्राएलके आदमीसबके जाए नदेल । धर्मशास्त्र हमनीके कहले की फारो मोशा आ हारुनके कहलक, "हमर सामुनेसे तोहनीसब चलजाब । होशियार रह, हमर सामने फेर न आब, काहेकी जौन दिन तु हमर मुह देख ब, उ दिन तु मरजए ब ।” (प्रस्थान १०:२८) उहाँ एगो अउर विपत्ति भि बा, जौन परमेश्वर फारो आ मिश्रीसबमे ले आएल रहे, लेकिन एकर बारेमे सुनेके लागि दोसर चोटी रुकेके परी, काहेकी हमर अखनीके समय लगभग वितगेल बा । आज हमनीके सुनल बचन सबके कइसे संक्षेप करेसकम ? शायद अईसे करेसकम : फारो परमप्रभु परमेश्वरके विरुद्धमे लरेके कोसिस कएलक । कठी फारो आ फारोके जादूगरसब सर्वशक्तिमान परमेश्वरके जित्ले रहे त ? कठी उ सब परमेश्वरसे जिते सकईत त ? अँ हँ, केहुभि परमेश्वरसे लरे आ परमेश्वरसे जिते नसकी। अण्डा चट्टानसे लरके नचाही । आज हमनीके सुनल बचनसे हमनीके कठी बुझेसकम ?

*

|

धर्मशास्त्र कहले : यी बातसब उसबके उदाहरणके रुपमे भेल रहे आ हमनीके शिक्षाके लागि लिखल रहे, जेकाउपर युगयुगके अन्त्य आगेल बा । (१ कोरिन्थी १०:११) परमेश्वर हमनीके चेतावनी देबेके चाहले | हमनीके अपन जीवन आ मनोवृत्तिके बन्हियासे बुझु आ परमेश्वरके चेतावनीसबके ध्यान देऊ कहके परमेश्वर चाहले । अपने सब, जे आज

सुनईत बारी, कठी अपने परमेश्वरके साँचो वचनमे ध्यान देईसी ? कि अपने फारो जईसन परमेश्वरसँगे लरईत बारी ? अपन हृदयके जवाफ देबेके कहु । कठी अपने परमेश्वरके बचन मे समर्पित बारी ? एकर मतलब अपने अपन पुर्खासबके परम्परा आ धर्मके अधीनमे रहेके परी कहके न । बरु कठी अपने नम्र के साथ परमप्रभुके बचन ग्रहण कएले बारी ? कि अपने परमेश्वरसे लरेके चाहईत बारी ? अण्डा चट्टानसे कुश्ती लरेके न चाहि । आदमी कमजोर अण्डा जईसन बा आ परमेश्वरके बचन बरका चट्टान जईसन बा । धर्मशास्त्र कहले : सब प्राणी घाँसजईसन बा आ उ सबके गौरव घाँसके फूला जईसन । घाँस ओईलाजाबले आ फूला झरजाबले । लेकिन प्रभुके बचन सदासर्वदा रहले रहजाई । (१ पत्रुस १:२४-२५) अनन्त परमेश्वरके बचन एगो ठोस चट्टान बा आ उ चट्टानमे अपन जीवन निर्माण करेबाला सब अपन जीवनके बरियार जगमे राखले रहले । जेभिहोए, यदि अपने उ चट्टानमे अपन जीवनके निर्माण करेसे स्वीकार नकरम त, एक दिन परमेश्वरके बचनके चट्टान अपनेके उपर खसी आ अपनेके कुचदेई । अण्डा चट्टानसे लरे आ जिते नसकी । न त आदमी परमेश्वरके अनन्त वचनसे लरे सकी आ सजाँय से बाचे सकी । अब आज हमनीके यीहबे रुकेके परी । सुन्के साथ देली, अपने सबके बहुत बहुत धन्यवाद । परमेश्वर के ईच्छामे, हमनीके दोसर कार्यक्रममे निस्तारके थुमाके बारेमे सुनम, जे फारोके कठोरताके तुरदेल आ इस्राएलके सन्तानसबके मिश्र छोरके जाएला ओका बाध्य करके छोरलक । अगमवक्ता मोशा तोराहमे लिखल बातसबके बारेमे विचार करईत परमेश्वर अपनेके आशिष देव: परमेश्वर चट्टान बा, परमेश्वरके काम सिद्ध बा आ परमेश्वर के सब चाल न्यायोचित बा । एगो विश्वासयोग्य परमेश्वर जे भूल नकरले, न्यायी आ सत्य परमेश्वर बा । (व्यवस्था ३२:४)

कार्यक्रम ३३

निस्तारके थुमा

प्रस्थान ११-१२

वितल कार्यक्रममे, तोराहके हमनीके अध्ययन मिश्रके राजा फारो परमेश्वरसँगे लरेके खोज्ले रहे उ बारेमे रहे । परमप्रभु ईस्राएलके आदमीसबके मिश्रके दासत्वसे छुटकारा देबेके चाहईत रहे, लेकिन फारो उसबके अपन दासके रुपमे राखेके कटिबद्ध रहे ।

लेकिन अण्डाके चट्टानसे कुश्ती लरेके नचाही । केहु परमेश्वरसँगे लरे आ जितेनासकी । परमप्रभु मिश्रमे भयानक विपत्तिसब लेअएलक आ राजा फारोके नौ बेर लगले हारेके परलक । फिरभि फारो हिब्रू दाससबके उहाँसे जाएदेबेसे इन्कार कएलक । आज हमनीके कईसे परमेश्वर मिश्रमे दशवा आ अन्तिम विपत्ति लेअएलक जेसे फारो ईस्राएलके आदमीसबके उहाँसे जाए देलक कहके सुनम । नवबा विपत्तिके बाद, फारो मोशा आ हारुनके कहले रहे, " हमर सामुन्नेसे चलजाब, होसियार रह, हमर सामने फिर न अईह, काहेकी जौन दिन तु हमर मुह देख्न, उ दिन तु मरब ! " (प्रस्थान १०:२८) परमेश्वर मोशाके मुहसे अपने कईसन जवाफ फारो राजाके देलक सुनु । मोशा फारोके कहलक, "परमप्रभु कहले, मध्यरातमे हम मिश्र के बीचसे जाहम । सिंहाशनमे बईथेबाला फारोके जेठ बेटासे लेके जाँता पिँधेबाला कमारीके जेठ बेटातक, गाईबस्तुके सब पहिलका बियाएल समेत, मिश्रके पहिलका जन्मल सब मरजाई । सारा मिश्रभर पहिले कहियो नसुनल कन्दन सुनाई, जे फेर न सुनाई। लेकिन पशुके विरुद्धमे रहो वा आदमीके विरुद्धमे रहो, ईस्राएलीसबके बीचमे एगो कुना भि ना भुकि । तब तोहनीके थाह चली कि परमप्रभु मिश्रीसब आ ईस्राएलीसबके बीचमे भेद राखले । आ तोहर सब अधिकारीसब हमरा कहाँ आके हमरा दण्डवत कके कही अपनेके पछारी लागेबाला सब आदमी सहित अपने चलजाऊ । एकाबाद हम चलजाहम" तब मोशा बहुत खिसियाके फारोकहाँ गेलक । (प्रस्थान ११:४ -८) हूँ, परमेश्वर मिश्रके भूमिमे दशौं विपत्ति लेआबेके योजना कएलक जौन पहिले हि आएल नौ विपत्तिसबसे अउर खराब रहे । परमेश्वर मिश्रके हरेक जेठ बेटाके मृत्युके घोषणा कएलक । कईसन भयानक विपत्ति ! आ ईस्राएलके जेठ बेटासबके कठी होई त ? कठी उ सब मिश्रीसबसँगे मरी त ? उसब परमेश्वरके न्यायसे बचेके योग्यके न रहे, काहेसे उ सब भि मिश्रके सब आदमीसब जईसन पापी रहे । लेकिन परमेश्वर, जे विश्वासयोग्य आ दयालु बा, उ ईस्राएलके आदमीसबके उ विपत्तिसे बचाबेके लागि योजना बनएलक । आउ अब हमनीके परमेश्वर मोशाके ईस्राएलीसबके मृत्युसे बचेके लागि अपन जेठ सन्तानके कठी करेके कहलक कहके सुनु । परमप्रभु मोशा आ हारुनके कहलक,... ईस्राएलके सारा समुदायके कह, कि महिनाके दशवा दिनमे उ सबजन अपन परिवारके लागि, हरेक घराना के आधारमे एगो पाठो लेआके राखो । ... तोहनीसबके पाठा खोटरहित होखो, एक वर्षके पाठो । तोहनीसब उ भेडा वा बाखाके पाठो लेअईह । उ पाठा तोहनीसब उ महिनाके चौध दिनतब राखिह, आ ईस्राएलके समुदायके सब आदमीसब उ पाठा साझमे मारो। तब उ सब उ खुन लेके, जोन घरमे खाई, उ ढोकाके चौकोसके दुनुओर खम्बासब आ उपरके भाग लेआओ ।

उ सब उहे रात, उ मास आगीसे पकाके बिना खमिरबाला रोटीसँगे खाव । तिता सागसँगे उ खाब । उ काँचे नखाब, पानीमे उमाल्के भि न, लेकिन आगीसे पकाके ओकर शिर, गोर सब आ भित्रीभागसब समेत खाब । उ एकेगो घरमे खाई । उ माससे केहु भि घरसे बाहर न लेजईह, न त ओकर कौनो ढाड तुरिह ।" (प्रस्थान १२:१,३,५-९,४६)

।

जब परमप्रभु, तोहनीसब आ तोहनीसबके पिता पुर्खासे शपथ खाके प्रतिज्ञा कएल अनुसार, कनानीसबके देशमे तोहनीसबके लेजाके, उ देश तोहनीसबके दिई, तब हरेक गर्भके पहिलका फल परमप्रभुके दिह । तोहनीके पशुसबसे पहिलका वियाएल, परमप्रभुकै लागि होई । पहिला बियाएल बाछाके एगो पाठा देके छोडीईह, लेकिन उ नछुटएब त, ओकर घेट टुरदिह । अपन बेटासबमध्ये जेठके छोईह । - प्रस्थान १३:११-१३) कठी अपने ईस्राएलके जेठ बेटासबके मृत्युसे बचाबेके, आ मिश्रके दासत्वके बन्धनसे ईस्राएलके आदमीसबके छुटकारा देबेके लागि, परमेश्वरके आदेश कएल योजनाके सुनली ? यी एगो अचम्मके योजना रहे । यी एगो अईसन योजना रहे, जीन योजना आदमीचे दृष्टिकोणमे

साब। परमेश्वर उसबके, एगो थुमाके खुनसे छुटकारा देबेके उद्धेश्य राख्लक, निर्दोष थुमाके खुन, उ खुनसे उसब अपन घरके चौकसमे लगाई आ उमे दाग बनाई कहके परमेश्वर, उ सबके आदेश देले रहे । थुमाके उहे खुनसे मात्र, उ सब अपन जेठ बेटाके मरेसे बचाएसकईत । परमप्रभु, मोशा आ हारुनसे बात कएलाके बाद, उ सब ईस्राएलके सब बुढापाकासबके जम्मा कएलक, आ थुमाके खुनके बारेमे परमेश्वर उ सबके, जठि कहले रहे उ बतादेल । जब ईस्राएलके (बुढा प्रधानसब, परमेश्वर उ सबके जेठ बेटासबके मरेसे बचाबेके, परमेश्वरके योजनाके बारेमे सुनलक, तब उसब झुकके दण्डवत करके, परमप्रभुके आराधना कएलक । आ बुढा प्रधानसब आ ईस्राएलके आदमीसब, परमेश्वर मोशाके आज्ञा कएल अनुसार कएलक । (प्रस्थान १२:२९-३०) मध्यरातमे सिंहाशनमे बईथेबाला फारोके जेठ बेटासे लेके, झ्यालखानामे रहेबाला कैदीके जेठ बेटातक, सब गाईवस्तुसबके पहिले बियाएल, सबके परमप्रभु मारदेल । फारो, सब अधिकारीसब, आ सारा मिश्रीसब रातीपहर उठलक । मिश्रमे बरका रुवाबासी भेलक, काहेकी उहाँ नमरल कौनो घर नरहे । (प्रस्थान : १२:२९-३०)

उ वा रातमे, कठी भेल रहे अपने सुनली ? कठी परमप्रभु, मिश्र देशके अपन कहल बमोजिम, न्याय कएलक त ? हूँ, परमप्रभु अपन कहल बमोजिम न्याय कएलक । मध्यरातमे, विनाशके दूत मिश्रके भूमिसे गेलक, राजा फारोके जेठ बेटासे लेके, झ्यालखानामे रहल सबके जेठ बेटातक, प्रहार करके मारदेल । उ मिश्रमे न मरल, कौनो घर बाँकी नरहे ! लेकिन, ईस्राएलीसबके घरमे कठी भेल त ? कठी परमेश्वर, उ सबके जेठ बेटासबके, मृत्युके विपत्तिसे बचएलक त ? एमे अपनेके कठी विचार बा ? परमेश्वर उ सबके, ई प्रतिज्ञा देले रहे, " जब हम खुन देखम, हम तोहनीसबसे होके जाहम ।" ईस्राएलके आदमीसब, परमेश्वर उसबके आज्ञा कएल बमोजिम, हरेक घरपरिवार थुमाके खुनके बलि चढाएल खुनसे, अपन घरके चौकसमे दाग लगएले रहे । परिणामस्वरुप, उसबके पहिलाके जन्म भेल केहु ना मरलक । लेकिन, मिश्रीसबके घरमे रहल, उसबके जेठ बेटासब मरगेल, काहेकी उ सब थुमाके खुनसे, छुटकारा देबेबाला परमेश्वरके रास्तामे ना चललक ।

धर्मशास्त्र कहले, फारो उहेरात, मोशा आ हारुनके बोलाबेला पठएलक आ कहलक, "तोहनीसब आ ईस्राएलीसब, हमर प्रजाके बीचसे निकल्के चलजाब, आ तोहनीके कहल बमोजिम परमप्रभुके आराधना कर !.. आ हमरा आशिष द ! मिश्रीसब ईस्राएलीसबके, देशसे जल्दी निकालेके खोजलक । उ सब कहलक, नत हमनीके सब जन मरजाएम ।"

(प्रस्थान १२:३१-३३) अन्तमे, फारोके हार मानेके, आ ईस्राएलीसबके जाए देबेके दोसर उपाय न रहे। कईसे फारो मोशा आ हारुनके “परमप्रभुके बा, जे हम ओकर बात सुनु, आ ईस्राएलीसबके जाए देउ ? हम परमप्रभुके न चिन्हईसी, आ हम ईस्राएलीसबके जाए भि ना देहम” कहके कहल बात हमनीके, पहिलही सुन्लेल बारी । लेकिन अन्तमे, फारो आ सब मिश्रीसब, ईस्राएलके परमेश्वर एकमात्र साँचो परमेश्वर बा, उ सबके मूर्तिसब, मन्त्र-तन्त्र करेबाला सब आ जादुगरसबसे शक्तिशाली बा, कहके स्वीकार कएलक । अण्डा चट्टानसे लरेके नचाही । केहु परमेश्वरसे लरे आ जिते नसकी । उ रात ईस्राएलीसब, मिश्रसे प्रस्थान कएलक, आ परमप्रभु मिश्री आदमीसबके देबेके लागि, उत्प्रेरित कएल बहुत धन-सम्पत्ति लेके, उसब उहाँसे चलगेल - उसब बहुतवर्षतक दासके रुपमे, सेवा कएल वापत हासिल कएल, एक किसिमके भुक्तानी ।) मोशाके कहल बमोजिम, ईस्राएलीसब कएलक, आ उसब मिश्रीसबके सोनाके गहना, चाँदीके गहना आ लुगाकपरा मागलक । परमप्रभु, मिश्रीसबके ईस्राएलीसब उपर कृपालु बनादेल रहे, आ मिश्रीसब उसबके माग अनुसार सब देलक । ईस्राएलीसब मिश्रमे प्रवास कएल, चार सय तीस वर्ष भेल रहे । (प्रस्थान १२:३५ - ३६, ४०) सयौं वर्ष अगारी परमेश्वर, अब्राहामके कएल प्रतिज्ञा पूरा करेके लागि, यी सब भेल रहे, तब परमप्रभु अब्राहामके कहलक, “यी जान, कि तोहर सन्तानसब कौनो एगो देशमे, प्रवासी होके रही, जौन देश उसबके नबा, आ उ देशके आदमीसबके कमाराकमारी होई, आ चार सय वर्षतक उ सब थिचोमिचोमे परी । लेकिन उ सब जौन जातिके दास बनी, उ सबके भि ईन्साफ हम करम, आ बादमे उसब बहुत धन-सम्पत्ति लेके आई ।” (उत्पत्ति १५:१३-१४) यी ऐतिहासिक घटणा लुकाएल खजानासे भरल गहिर, आ फराकिलो समुन्द्र जईसन बा । हमनीके कहेबाला बात बहुत बा । स्पष्ट बा, हमनी सँगे निस्तार चाडके बारेमे सब सत्यतासब, व्याख्या करेबाला समय नबा । लेकिन ईहा हमनीके अपन दिमागमे राखेबाला एगो महत्वपूर्ण सत्यता बा । उ सत्यता, ईस्राएलीसबके लागि परमेश्वर के कएल यी प्रतिज्ञा बा : “जब हम खुन देखईसी, तब हम ईस्राएलीसबसे होके जाहम ।” मिश्रके जेठ बेटासबसँगे इस्राएलके जेठ बेटासब काहे न मरलक त ? उ सब न मरलक, काहेसे परमेश्वरके थुमाके खुनसे उ सबके लागि, मुक्तिके रास्ता तयार करदेलेरहे । घरके ढोका उपर, चौकोसमे थुमाके खुन लागल हरेक घरमे, पहिला जन्मेबाला बाची, लेकिन खुन न लागल, हरेक घरमे जेठ बेटाके मृत्यु होई, कहके परमेश्वर प्रतिज्ञा कएले रहे । आदरणीय स्रोता सब, यीहाँ अपनेके लागि एगो महत्वपूर्ण प्रश्न बा । उ पवित्र रातमे सब मिश्रीसबके घर, आ हिब्रुसबके घरसबके बारेमे विचार करईत : केतना परिवारसब मृत्युके, प्रत्यक्ष साक्षी भेल होई त ? अपने यी प्रश्नके जवाफ देबेसे पहिले, निमनसे सोचु । एकर सही उतर बा : हरेक घरपरिवार मृत्युके देखले रहे । ह, हरेक घरमे मृत्यु भेल रहे । कि त जेठ बेटा मरगेल वा जेठ भेडा मरगेल । उहाँ कौनो अपवाद नरहे । हिब्रू घरसबमे एगो जेठ बेटा, उ रात अपन बाबुके पुछलक कल्पना करु, “बाबु, हमर निर्दोष भेडा काहे मरेके परलक त ?” फेर बाबु अपन बेटाके जवाफ देलक, “बेटा, तोहरा थाह बा, परमेश्वर कौनो अपवाद बिना देशमे हरेक, जेठ बेटाके दोषी ठहरएले रहे ।

हमनीके पापके कारण, हमनीके सबजन परमेश्वरके, न्यायके योग्य रहली । लेकिन, परमेश्वरके कृपामे, परमप्रभु हमनीके कहलक कि, यदि हम निष्खोट थुमाके बलिदान करम, आ ओकर खुन हमनीके दरबाजाके उपर, चौकसमे दलम त, मृत्युके विपत्ति हमनीके प्रहार न करी । जईसे हमनीके पुर्खा अब्राहाम, अपन बेटाके ठाउँमे थुमाके बलिदान देले रहे, औसही आजके रात हमनीके तोहर ठाउँमे थुमाके बलि चढईली । जब हम खुन देखईसी, हम तोहनीसबके घर होके जाहम, कहके प्रतिज्ञा करेबाला हमनीके विश्वासयोग्य परमेश्वर, अपन बचन पुरा कएले बा !” प्रिय स्रोतासब, परमेश्वरके सामु, आदमके सब सन्तानसब, मिश्र आ ईस्राएलके आदमीसबके, जेठ बेटासब जईसन बा । परमेश्वरके पवित्र व्यवस्था, हमनीके हरेकके मरेके आ परमेश्वरके धार्मिक न्यायके सामना करेके लागि, देषी ठहराबले । पापके

सजाय, अनन्तके लागि दोषी रहल बा, परमेश्वरके सामुसे अलग भेला बा । (२ थेस्लोनिकी १:९) फिर हमनीके उद्धार पाएके लागि, कठी करेके परी त ? परमेश्वर अपन धार्मिकतामे सम्झौता न करके, पापीसबके पापके दण्डसे, कईसे बचाए सकी ? आज हमनीके बुझेबाला बात यी बा : मृत्युके विपत्तिसे, बचेके लागि, ईस्राएलीसब बलिदान कएल थुमा, हमनीके पापके दण्ड भोगेके लागि, आएबाला आ अपन खुन बहाएबाला, उद्धारकर्ताके प्रतिक रहे । उ उद्धारकर्ता येशु मसीह बा, जेकर बारेमे अगमवक्ता युहन्ना घोषणा कएले रहे, "देख ! संसारके पाप उठाके लेजाएबाला, परमेश्वरके थुमा !" (युहन्ना १:२९) परमेश्वरके उ युगके बारेमे, धर्मशास्त्र कहले : काहेकी हमनीके परमेश्वरकहाँ ले आबेके लागि, येशुमसीह भि हमनीके पापसबके लेल, सदाके लागि एकबेर मरगेल.....काहेसे वास्तवमे ख्रीष्ट हमनीके, निस्तार चाडके थुमा बा, जे हमनीके पापके लागि, हमनीके मरेबाला ठाउँमे बलिदान होगेल (१पत्रुस ३:१८, १ कोरन्थी ५: ७) | ईस्राएलीसब अपन घरके दुआरीके चौकोसमे, लगाएल थुमाके खुन करिब १५०० वर्षके बाद परमेश्वरके थुमा येशूके, कुसमे बहाबल खुनके बारेमे बताबले । येशू ख्रीष्टमे विश्वास करेबाला, केहु भि नाश नहोखो, लेकिन उ अनन्त जीवन पाओ, कहके येशू कुसमे उ खुन बहएले रहे । (युहन्ना ३:१३) ऋनि, अपनेके बारेमे कठी बा त ? न्यायके दिनमे, कठी परमेश्वरके भयानक न्याय, अपनेके उपर रही ? कि थुमाके खुन, अपन दुआरीके चौकोस उपर, नदल्के उ न्याय परल जईसन, अपनेमे भि परी ? हमनीके कार्यक्रममा, परमेश्वरके ईच्छा अनुसार, हमनीके ईस्राएलीसबके कथाके, निरन्तरता देहम आ कईसे परमेश्वर, समुद्रके बीचसे उसबके बचेके रास्ता खोलदेल कहके देखम । यी बीचमे, अपने परमेश्वरके, शुरुके आदमीसबके अपन, प्रतिज्ञाके यी गहिरा अर्थके विचार करईत, परमेश्वर अपने सबके आशिष देव : जब हम खुन देखम, हम तोहर दुआरी होके जाहम (प्रस्थान १२:१३)

कार्यक्रम ३४

समुद्रसे होके जाएबाला रास्ता

प्रस्थान १३-१५

बितल कार्यक्रममे, हमनीके कईसे परमेश्वर, मिश्रीसबके जेठ बेटासबके मारके, ईस्राएलीसबके उ सबके बन्धनसे, छुटकारा देले रहे कहके देखली । लेकिन, परमेश्वर उ सबके घरके दुआरीके, चौकोसमे उसबके पोतल थुमाके, खुनसे ईस्राएलके पहिलका जन्म भेल, जेठ बेटासबके बचएलक ।

परमेश्वर अपने, उ सबके यी कहके प्रतिज्ञा कएले रहे, "तोहनी सबके घरमे, उ खुन तोहनीसबके लागि चिन्हा रही । जब हम उ खुन देखम, तब तोहनीसबके छोरदेहम, आ हमर मिश्रमे प्रहार कएल विपत्ति तोहनीसबके छुवे नासकी ।" (प्रस्थान १२:१३) हमनीके भि सुन्ली कि कईसे, उ रात ईस्राएलीके सब कुलसब, मिश्रसे बाहर निकलके गेलक । निस्तार चाडके उ रात, उसबके लागि बरका आनन्दके रात रहे । उ दृष्यके कल्पना करु त ! सयौं वर्षतक मिश्रके शासकसब, उ सबके दुर्व्यवहार आ कडा परिश्रम कराके, उ सबके थिचोमिचो करईत अत्याचार कएले रहे, जहाँ उसबके जीवनमे, कौनो भि खुशी कहेबाला बात बाँकी नरहे । लेकिन अब उ सब, स्वतन्त्र भेल रहे ! निस्तार चाडके उ रातमे, परमप्रभु परमेश्वर उसबके छुटकारा देलक । उसबके दासत्वके साङ्लासब छिनाल रहे आ अब, उ सबके एक राष्ट्रमे संगठित करेबाला, आ ओकबाद उसबके कनानके भुमीमे फिर्ता लेजाएके योजनाके साथ, परमेश्वर अपने उसबके, उजाड स्थानके रास्तासे चलएले रहे, जौन भूमि आज, प्यालेस्टाईन वा ईस्राएल कहके चिनाबले । उ भूमि परमेश्वर, अब्राहाम, ईसहाक आ याकूबके सन्तानसके, देबेके प्रतिज्ञा कएले रहे । कनान, उ भूमि रहे, जहाँ चारसय वर्ष पहिले, याकूब आ याकूबके बेटासब, योसेफके सर्वोच्च शासक बनल देश, मिश्रमे जाएसे पहिले रहल रहे । आज परमेश्वर, इस्राएलके सन्तानसबके, फारोके सेनासे कईसे छुटकारा देलेरहे, कहके ऐतिहासिक विवरण सुनम । यहाँ अगमवक्ता मोशासे, रेकर्ड कएल तोराहसे, एगो कथा बा : ईस्राएलीसब, रामसेसस से सुक्कोत मे चलगेल । स्त्रीसब आ बालकसब, छोरके करिब ६ लाख पैदल चलेबाला आदमीसब रहे । उसब अपन, साथमे अउर आदमीसब, आ बहुत भेडाबाख्रा आ गाईबस्तु भि लेगेल । (प्रस्थान १२:३७-३८) मोशा योसेफके अस्थिसब साथमे लेगेल, काहेसे मोशा ईस्राएलीसबके, यी बातमे यी कहके सपथ खाएके कहले रहे, “परमेश्वर अवश्य तोहनीसबके देखरेख करी । उ समयमे तोहनीसब, हमर अस्थिसबके यीहासे लेजईह ।" ऋनि उसब रातदिन चले सको, कहके उ सबके रास्ता देखाबेके लागि, परमप्रभु दिनमे बादलके खामा, आ रातमे आगीके खामामे, उसबके अगारी अगारी जाईत रहे । दिनमे बादलके खामा आ रातमे आगीके खामा आदमीसबके अगारी अगारी जाएके कहियो न छोरलक । (प्रस्थान १३:१९, २१ - २२) तब परमप्रभु मोशाके कहलक, “ईस्राएलीसबके आज्ञा द, कि उ सब फिरके मिग्दोल आ समुद्रके बीचमे, पी-हहीरोत के नजिक वास करो ।

ब

समुद्रके नजिक बाल सेफोनके अगारी, डेरा बनाके रहो, फारो ईस्राएलीसबके विषयमे कही, उ सब त अलमल्लमे परके, मुलुक घुमईत बा, आ उजाड - स्थान उसबके बन्दी बनालेल बा । फेर हम फारो हृदय कठोर करदेहम, आ उ ईस्राएलीसबके खेदि ।

लेकिन फारोके सारा सेनाके मद्धतसे, हम अपना लागि महिमा पाहम, आ मिश्रीसब हम भि परमप्रभु बारी कहके जानी ।" तब ईस्राएलीसब औसनके कएलक । जब मिश्रके राजा कहाँ उ आदमीसबके भागेके खबर पुग्लक, तब उसबके उपर फारो आ फारोके अधिकारीसबके मन बदलगेल । उसब कहलक, "यी हमनीके कठी कईली ? ईस्राएलीसबके त हमनीके सेवा नकराके छोरदेल बारी !" तब फारो अपन रथ तयार करके, सेनाके साथमे लेलक । फारो ६०० असल असल रथसब आ मिश्रके अउर रथसब, आ उ सबउपरके अधिकृतसबके भि साथमे लेलक । तब मिश्रीसब, अर्थात फारोके सारा घोरा, रथ, घोडचढीसब आ सेना उसबके खेदलक, आ उ सबके पी-हहीरोत के सामने बाल्सेफोनके अगारी समुद्र के किनारमे डेरा बनाके बईथल समयमे भेटएलक । जब फारो बढलक, तब ईस्राएलीसब आँख उठाके देखलक त मिश्रीसब उसबके पछारी पछारी आईत देखलक । ईस्राएलीसब डेरागेल आ परमप्रभुके पुकारा करेलागल । उ सब मोशाके कहलक, “कठि मिश्रमे चिहानसब न रहे, जे अपने हमनीके यहाँ उजाड - स्थानमे मरेके लागि लेअईली ? हमनीके मिश्रसे लेआके ई कठी कएल ? कठी मिश्रमे हमनीके मिश्रीसबके सेवा करेला छोरदु कहके हमनीके न कहले रहली का ? उजाड - स्थानमे मरेसे अच्छा त हमनीके मिश्रीसबके सेवा करेके ठीक रहे । " (प्रस्थान १४:१-७,९-१२) ईस्राएलके आदमीसब कठी कहईत रहे ? काहे उसब परमप्रभुमे भरोसा ना कएलक ? कठी उ सबके दासत्वके बन्धनसे छुटकारा देबेबाला परमेश्वर उ सबके फारोके सेनासबसे छुटकारा देबे ना सकईत त ? पक्का परमेश्वर छुटकारा देईत, लेकिन ईस्राएलीसब यी बारेमे नासोचलक काहेकी उसब बहुत डेराएल रहे । उसबके अगारी समुद्र रहे। पहाडसब उसबके दाँया आ बाँया ओर रहे । उसबके पछारी, फारोके सेनासब उसबके फेर कब्जा करेके वा उसबके मारेके लागि अगारी बरहईत रहे । अब अईसन अवस्थामे उसब कठी करईत ? उसब कठी करेसकईत ? उसब उ अवस्थासे कईसे बाँचे सकईत ? धर्मशास्त्र हमनीके बताबले की : मोशा आदमीसबके कहलक, “तोहनीसब नडेराब, स्थिर रह, आ परमप्रभु आज तोहनीसबके देबेबाला छुटकारा देख । यी मिश्रीसब, जेका तोहनीसब आज देखले बार, उसबके तोहनीसब फेर कहियो ना देखब। परमप्रभु तोहनीसबके लागि लरी । तोहनीसब केवल स्थिर रह ।" तब परमप्रभु मोशाके कहलक, “तु काहे हमर पुकारा करईस ? ईस्राएलीसबके अगारी बरके आज्ञा द । तु अपन लाठी उठाके अपन हात समुद्रके ओर पसारके दु भाग कर, कि ईस्राएलीसब समुद्रके बीचभागसे जमिनमे चलके जाओ । हम मिश्रीसबके मन कठोर करदेहम, आ उ सब पछारीसे आई । आ फारो आ फारोके सेना, फारोके रथसब आ ओकर घोडचढीसबसे हमर महिमा होई । तब मिश्रीसब हम हि परमप्रभु बारी कहके जानेसकी । तब ईस्राएलके सैनिकसबके अगारी चलेबाला परमेश्वरके दूत हट्के उसबके पछारी चलगेल, आ बादलके खामा उसबके अगारीसे हटके पछारी खरा होगेल । उ मिश्रीके सेना आ ईस्राएलके सेनाके वीचमे आगेल । रातभर एकओर बादल अन्हार करदेल आ दोसर ओर ईन्जोत करदेल । उसब रातभर एक- दोस्राके नजिक ना अएलक । तब मोशा अपन हात समुद्रमे पसारलक, आ परमप्रभु रातभर जोरसे पूरुबसे हावा चलादेल, आ समुद्रके पछारी पन्छादेल, आ पानी दु

भाग होके समुद्रमे खाली जमिन होगेल । ईस्राएलीसब समुद्रके बीच भागसे खाली जमिनमे चलके गेलक, आ पानी उसबके दायाँ आ बाँया उसबके लागि पर्खाल होगेल । मिश्रीसब, फारोके घोरासब, रथसब, आ घोडचढीसब उसबके खेदके समुद्रभितर उसबके पछारी लागेल ।

आ रातके पछारी पहरामे, परमप्रभु मिश्रीसबके सेनाके आगी आ बादलके खम्बासे देखलक, आ मिश्रीसबके सेनाके अलमल्ल करदेल । परमप्रभु उसबके रथके पाङ्ग्रासब फुस्कादेल आ उसबके रथ चलाएके कठीन होगेल । मिश्रीसब कहेलागल, "हमनीके ईस्राएलसबके छोरके भागईजाऊ, काहेकी परमप्रभु उसबके पक्षमे होके मिश्रीसबके विरुद्धमे लरईत

बा !" तब परमप्रभु मोशाके कहलक, "तु अपन हात समुद्रमे पसार, आ मिश्रीसब आ उसबके रथसब आ घोडचढीसब उपर उ पानी फेर बरहके आओ ।" मोशा अपन हात समुद्रमे पसारलक, आ बिहान ईन्जोत होईत फेर समुद्र फिरके अपन जगह मे आगेल । मिश्रीसब बिपरित दिशाके ओर भागेलागल, लेकिन परमप्रभु मिश्रीसबके समुद्रमे फेकदेल । पानी फिरके अएलक, आ रथसब, घोडचढीसब, अर्थात ईस्राएलके पछरी आएल फारोके पूरा सेनाके दुबादेल, आ उसब एकजना भि न बाँच्लक । लेकिन ईस्राएलके सन्तानसब समुद्रके बीचसे खाली जमिनमे चलके गेलक । पानी उसबके दाँया आ बाँया पर्खाल होगेल । उ दिन परमप्रभु ईस्राएलीसबके मिश्रीसबके हातसे बचएलक, आ ईस्राएलीसब मिश्रीसबके समुद्र के किनारमे मारके लरईत देखलक । परमप्रभु मिश्रीसबके उपर कएलक उ बरकी काम जब इस्राएलीसब देखलक, तब उसब परमप्रभुके डर मानलक, आ परमप्रभु आ परमप्रभुके दास मोशामे विश्वास कएलक । (प्रस्थान १४:१३-३१) एकाबाद मोशा आ ईस्राएली मिलके यी गीत गएलक, “हम परमप्रभुके स्तुती गाहम, काहेकी परमप्रभु बहुत उच्च भेल बा, परमप्रभु हमर सामर्थ्य आ गति बा, आ परमप्रभु हमर मुक्ति भेल बा । " (प्रस्थान १५:१-२) अईसहीए उसब गाबेलागल आ परमप्रभु उसबके लागि पूरा कएल बरका छुटकाराके लागि परमेश्वरके धन्यवाद देबेलागल । हारुन आ मोशाके बहिनी मरियम एगो खैंजडी लेके सब स्त्रीसब खैंजडी बजाईत, गाईत आ नाचईत मरियमके पछारी लागेल । मरियम यी गीत गएलक : “परमप्रभुके स्तुती गाँब, काहेकी परमप्रभु बहुत उचा भेल बा । घोरा आ घोराके सवारके परमप्रभु समुद्रमे फेकदेल बा । " (प्रस्थान १५:२१) आ, प्रिय मित्रसब, परमेश्वर ईस्राएलके आदमीसबके लागि लाल समुद्रसे भि रास्ता खोलदेले रहे, यी बातके एगो महत्वपूर्ण अभिलेख बा । फिर हमनीके कईसे आज यी कथाके निष्कर्ष करेसकम त ? शायद यी प्रश्न करके हमनीके निष्कषृ निकाले सकम कि : के ईस्राएलीसबके फारोके सेनासबसे बचाबे सकी ? कठी उसब अपनाके बचाबे सकईत ? उसबके अगारी समुद्र रहे। दायाँ आ बायाँ ओर पहार रहे । आ, फारो के सेनासब उसबके पछारी आईत रहे । कठी ईस्राएलके सन्तानसब अपनाके बचाबे सकईत ? कठी उ सब समुद्रके सुकाबे सकईत ? अथवा कठी उसब पहारके समतल बनाए सकईत ? वा कठी उसब फारोके सेनासबसँगे लरे सकईत ? ना, उ सब ना सकईत । फिर के उसबके बचाबे सकईत त ? केवल परमेश्वर मात्र उसबके बचाबे सकईत । केवल परमप्रभु परमेश्वर मात्र उसबके छुटकारा देवें सकईत । एहिसे मोशा उसबके कहलक, " तोहनीसब नडेराब, स्थिर होख, आ परमप्रभु आज तोहनीके देबेबाला छुटकारा देख ।” केवल परमेश्वर मात्र उसबके बचाबे सकईत । यीहेकारण उसब समुद्र पार कएलाके बाद उसब यी गीत गएलक :" परमप्रभु हि हमर शक्ति आ गीत बा, परमप्रभु हमर मुक्ति भेल बा ।” परमप्रभु मात्र उसबके मुक्ती रहे । फारोके सेनासबसे अपनाके बचाबेके लागि

ईस्राएलीसबके करेसकेबाला एगो काम, समुद्रके बीचमे परमेश्वर जोन उसबके लागि खोलदेल रहे उ रास्ताके पछारी लागेके रहे आ एकाबाद उसबके निश्चित मृत्युसे छुटकारा देबेके लागि परमप्रभु के प्रशंसा करेके रहे ।

आदरणीय मित्रसब, हमनीके भि ईस्राएलके सन्तानसब जईसन बारी कहके बुझ इहे परमेश्वर हमनीसे चाहले । ईस्राएलीसब जईसन हमनीके भि परमेश्वर छुटकारा ना दि त हमनीके भि आबेबाला विपत्ति वा प्रकोपसे बचेके करे नसकम। शायद हमनीके अगारी उ किसिमके समुद्र न होई, लेकिन परमेश्वरके पवित्रता हमनीके घेरईअ आ हमनीके दोषी ठहराबले । फारो आ फारोके सेनासब हमनीके पछारीसे खेदईत न होई, लेकिन शैतान आ हमनीके पापसब हमनीके उपर भरईत आई आ हमनीके सदाके लागि नाश पारेके धम्की देबले । परमेश्वरके धार्मिक न्यायसे हमनीके के बचाबे सकी ? पापीसबके कहियो नभुटाबेबाला आगीसे के बचाबे सकी ? आदमीके शैतानके शक्तिसे के बचाबे सकि

? के हमनीके पाप आ लाजसे छुटकारा देबेसकि ? के हमनीके पापके समुद्रके दोसर छेउमे आ परमेश्वरके पवित्र स्वर्गमे पुगाए सकी ? केवल परमेश्वर मात्र सकी । केवल परमेश्वर मात्र हमनीके बचाबे सकि । आदमी अपनाके आ दोसरा के बचाबे नसकी । धर्मशास्त्र यी घोषणा करले की : काहेसे विश्वासद्धारा अनुग्रहसे तोहनीसब उद्धार पएले बार, आ यी तोहनीसब अपनासे न, यी त परमेश्वर के बरदान बा, कामसबसे न, नत केहु घमण्ड करी (एफिसी २:८ - ९) । पप आ मृत्यु आ न्यायके समुद्रसे परमेश्वर आदमके सन्तानसबके लागि खोलदेल मुक्तिके रास्ता हमनीके अपन बलमे कठी करेसकम यी बातमे आधारित न बा, नत यी कौनो धर्मके आवश्यकताके पछारी परेबाला बातेमे आधारित बा । परमेश्वर कहले कि यी कामसे ना, नत केहु घमण्ड करी । फिर अपने आ हमरा जईसन असहाय पापीसबके लागि परमेश्वरके उपलब्ध कराएल मुक्तिके रास्ता कठी बा त ? हमनीके पापके लागि अपन खुन बहाबेके आ मृत्युके जितेके लागि स्वर्गसे आबेबाला उद्धारकर्ता हि उ रास्ता बा । परमेश्वर मात्र हमनीके शैतान आ पापके दासत्वसे मुक्त करेसकी, आ हमनीके मृत्यु आ न्यायसे बचाबे सकी । परमेश्वरके बारेमे धर्मशास्त्र कहले : दोसर कौनोमे मुक्ति नबा, काहेकी हमनीके मुक्ति पाएके लागि स्वर्गके निचा आदमीसबमे दोसर कौनो नाम देले बा ! (प्रेरित ४:१२) ह, परमेश्वर अपने आ हमरा लागि क्षमा आ अनन्त जीवन देबेके लागि निन्दा आ न्यायके समुद्रसे रास्ता खोलदेल बा । मुक्तिके यी रास्ताके बारेमे, परमेश्वर संसारमे पठाएल मुक्तिदाता येशु मसीह कहलक । “साँचो हम तोहनीसबके कहईतबारी, जे हमर बचन सुनी आ हमरा पठाएबालामे विश्वास करी, ओकामे अनन्त जीवन बा । उ न्यायमे न आई, लेकिन मृत्युसे उ जीवनमे प्रवेश करी (युहन्ना ५:२४) प्रिय मित्रसब, कठी अपने मृत्युसे जीवनमे प्रवेश कएले बारी ?

सुन्के साथ देली अपनेसबके बहुत बहुत धन्यबाद बा । दोसर कार्यक्रममे प्रभुके ईच्छामे परमेश्वर मरुभूमिमे ईस्राएलीसबके कईसे खिअएलक कहके बारेमे हमनीके सुनम । मोशा ईस्राएलीसबके देल सन्देशके मनन् करईत परमेश्वर अपनेके आशिष देव : तोहनीसब न डेराब, स्थिर रह, आ परमप्रभु आज तोहनीसबके देबेबाला छुटकारा देख । (प्रस्थान १४:१३)

कार्यक्रम ३५

मरुभूमिमे खाएबाला चिज

प्रस्थान १६-१७

'

हमनीके बितल कार्यक्रममे परमेश्वर कईसे ईस्राएलके आदमीसबके फारो आ फारोके रथसब आ सेनासबके हातसे बचएलक कहके सुन्ली । जब ईस्राएलीसब लाल समुद्रके किनारमे आगेल, उसबसँगे फारो के सेनासे उम्केबाला कौनो उपाय न रहे। आ उ सब सुख्खा जमिनमे समुद्रके बिचसे चलेसको कहके परमप्रभु उसबके लागि पानीके कईसे दु भाग बनादेल कहके हमनीके सुन्ली । लेकिन जब फारोके सेनासब पार करेके खोजलक, तब उ सब दुब्के मरगेल । अईसही परमप्रभु परमेश्वर ईस्राएलीके फारो आ फारोके सेनासबके हातसे बचएलक । आ जब ईस्राएलीसब परमप्रभुके अचम्मके शक्ति देखलक, तब उसब परमेश्वरके भय माने लागलक, आ परमेश्वर के लागि गीत गएलक, “हम परमप्रभुके लागि गाहम, काहेकी परमप्रभु हमर मुक्तिदाता बा ! (प्रस्थान १५:१-२) कथाके यी भागमे, ईस्राएलीसब मिश्र आ कनानबीचके मरुभूमिसे यात्रा करईत रहे । कनान उ देश बा, जौन परमेश्वर उसबके पुर्खा अब्राहाम आ ओकर सन्तान सबके देबेके प्रतिज्ञा कएले रहे। आज हमनीके परमेश्वर मरुभूमिमे ईस्राएलीसबके कईसे खिअएलक यी बारेमे सुने जाईत बारी । दिनमे छाया देबेके लागि बादलके खामा आ रातमे ईन्जोत देबेके लागि आगीके खामासे कठिन मरुभुमीमे समेत उसबके चलाके परमप्रभु परमेश्वर अपने उसबके अगारी अगारी गेलक । एगो बात निश्चित बा, यदि परमेश्वर उसबके अउसे न चलाईत आ उसबके रेखदेख नकरईत त, उसब मरुभूमिमे हि नष्ट होजाईत । ईस्राएलीसब उसब कठी खाएम आ कठी पिएम, यी सम्बन्धमे चिन्ता कएलक कि परमेश्वरमे भरोसा कएलक त ? निश्चित रुपमे उसब परमप्रभु परमेश्वरमे भरोसा करेके रहे जे उसबके लागि बहुत अचम्मके कामसब कएले रहे । परमेश्वर उसबके दश विपत्तिसबसे दासत्वके बन्धन से मुक्त कएले रहे । परमेश्वर थुमाके रगतसे उसबके जेठ बेटासबके मृत्युसे छुटकारा देले रहे । परमेश्वर समुद्रके बीचसे सुख्खा रास्ता खोलदेले रहे । परमेश्वर उसबके शत्रुसबके नाश करदेल रहे । आ अब परमेश्वर उसबके पुर्खा अब्राहामके प्रतिज्ञा कएल अनुसार परमेश्वर उसबके कनानके भूमिमे फिराए के लागि बादलमे उसबके अगारी अगारी जाईत रहे । यीमे अपनेके कठी विचार बा ? कठी ईस्राएलके आदमीसब अपन महान परमेश्वरमे भरोसा कएले रहे ? परमेश्वरके शक्ति आ परमेश्वर उसबके कएल रेखदेखके लागि यी सब

प्रमाणसबके साथ परमेश्वर अपन कएल प्रतिज्ञा पूरा करेसकी कहके कठी उसब विश्वास कएले रहे ? हमनीके मोशाके तोराहमे प्रस्थानके पुस्तकके १६ अध्यायमे एकर जवाफ पाएसकम ।

धर्मशास्त्र कहले : ईस्राएलीसबके सारा समुदाय एलीमसे यात्रा करके मिश्रसे निकलल दोसरका महिनाके पन्ध्र दिनमे, एलीम आ सीनै पर्वतके बीचमे रहल सीनैके उजाड स्थानमे आगेल । तब सारा समुदाय उहाँ मोशा आ हारुनसे गनगनावे लागल | ईस्राएलीसब उसबके कहलक, “हमनीके मिश्रमे मासके कराहीसबके आसपास बईथके पेटभर खाईत रहली । उ समय हमनीके परमप्रभुके हातसे मरजईती त असल रहईत । लेकिन अपनेसब हमनीके आ हमनीके यी

सब समुदायके भुखसे मारेके लागि यी उजाडस्थानमे लेआएल बारी । " (प्रस्थान १६:१-३) फिर, कठी ईस्राएलीके कुलसब परमप्रभु उसबके परमेश्वर में भरोसा कएले रहे त ? अह, उसब ना कएले रहे । परमेश्वरके विश्वासयोग्य आ मायालु रेखदेखके लागि परमेश्वरके धन्यबाद देबेके सट्टा, उसब परमेश्वर आ परमेश्वरके अगमवक्ता मोशाके विरुद्धमे गनगन करईत रहे । परमेश्वर उसबके कईसे जवाफ देलक सुनु । परमप्रभु मोशाके कहलक, “ईस्राएलीसबके गनगन हम सुन्लेबारी । उसबके कह, साझमे तोहनीसब मास खएब, आ बिहान रोटीसे अघएब । तब हम परमप्रभु तोहनीसबके परमेश्वर बारी कहके तोहनीके जन्ब ।" तब परमप्रभु मोशाके कहलक, “हम तोहनीसबके लागि स्वर्गसे रोटी बर्साएम । आदमीसब दिनदिने बाहर जाके एक दिनके हिस्सा राखो । उसब हमर आदेशमे चली कि ना चली उ हम जाँच करेसकम ।" तब साझमे बटई चिरईसब आके छट ढाकदेल, आ सबेरे छटके चारुओर शीत परते रहगेल । जब उ शीत सुक्गेल, तब जमिनमे तुसार जईसन छोटछोट डल्ला उजाडस्थान भर रहगेल । ईस्राएलीसब उ देखके अपसमे कहेलागल, यी कठी बा ? काहेकी उसब उ कठी बा कहके नजानईत रहे । मोशा उसबके कहलक, “यी परमेश्वर तोहनीसबके देल रोटी बा । ईस्राएलीसब उ रोटीके नाम मन्न राखलक । उ धनीयाँ जईसन उजर रहे । ओकर स्वाद महमे बनाएल बराबर रहे । (प्रस्थान १६:११- १२,४,१३-१५,३१) अईसहिए, परमेश्वर मरुभूमिमे उ बरका भिरके कनान देशके सिमानामे नपुगलातक खिअएलक । उ सबके भोजन कहाँसे अएलक ? उ भोजन स्वर्गसे आएल रहे । साँझमे बट्टाई चिरईके मास आ मन्न कहेबाला रोटी । धर्मशास्त्र कहले : जब रातमे छट उपर शीत परईत रहे, तब छट उपर रोटी भरईत रहे ।" (गन्ती ११:९) जब उ शीत सुखलक, तब जमिनमे परल तुसार जईसन छोट-छोट डल्ला उजाड ठाउँभर बा (प्रस्थान १६:१४, ३१)। उ सबके दिन दिनके भोजन परमप्रभु उसबके परमेश्वरसे अएलक । कठी ईस्राएलीसब उ भोजनके लागि योग्य रहे ? पक्का, उ भोजनके योग्यके न रहे। उसबके अविश्वास आ धन्यबादी नभेलाके परमेश्वरके न्याय बाहेक उसब कौनो कामके योग्य न रहे। जब कुछ दिनके लागि आदमीसब पानी पिए नपएलक, तब कथी भेलक यी बारेमे हमनीके सुनु । ईस्राएलीसबके सारा समुदाय

सीनके उजाड ठाउँसे परमप्रभुके आज्ञा अनुसार ठाउँठाउँ मे यात्रा करके रपीदीममे आगेल । उहाँ उसब डेरा बनएलक, लेकिन आदमीसबके लागि उहा पिएबाला पानी न रहे । यीहेकारण, उसब मोशासे झगडा करके कहलक, “हमनीके पिएला पानी देउ ।" मोशा उसबके कहलक, "तोहनीसब काहे हमरा से कलह करल ? तोहनीसब काहे परमप्रभुके परीक्षा करल ?" लेकिन आदमीसबके पियास लागल रहे, आ उसब मोशाके विरुद्धमे गनगनाके कहलक, “अपने हमनीके, हमनीके बालबच्चा आ पशुसबके पियाससे मारेके लागि काहे मिश्रसे यीहाँ लेअएल ? " तब मोशा अईसे कहके परमप्रभुके पुकारा कएलक, “हम यी आदमीसबके कठी करूँ ? यीसब त हमरा पथलसे मारेमारे करईत बा ।" परमप्रभु मोशाके कहलक, “ईस्राएलीसबके धर्मगुरुमध्ये कुछ लोगके साथमे लेके आदमीसबके अगारी अगारी जाब, आ तु नील नदीके जौन लाठिसे चलएल उ लाठी भि अपन हातमे लेके जाब । हम होरेबमे रहल चट्टान तोहर अगारी खरा होई । तु चट्टानके अपन लाठीसे चलईह, अअ आदमीसबके पिएके लागि उहाँसे पानी निकली ।" तब मोशा ईस्राएली सबके धर्मगुरुके सामने उहे कएलक । (प्रस्थान १७:१-६) मोशा परमेश्वरके आज्ञा अनुसार कएलक । मोशा बरका चट्टानके प्रहार कएलक आ परमप्रभु उ चट्टानके फोरदेल, आ उ चट्टानसे पानी निकलक आ सुखल ठाउँसबमे पानीके नदी बहेलागल (भजनसंग्रह १०५ : ४१) । आ उ सब आ उसबके बालबच्चासब आ सब आदमीसब साथे उसबके गाईवस्तुसब समेत उ पानी पिलक । आउ अब हमनीके यहाँ तईका रुकके आजके सुनल कथाके बारेमे सोचु । परमेश्वर यी सब कामसब ईस्राएलीसबके लागि कएलाके बाद कठी उसब परमेश्वरमे विश्वास कएले रहे त ? परमेश्वर उसबके लागि कएल कामके लागि कठी उसबके हृदय प्रशंसा आ कृतज्ञतासे भरल रहे त ? अँहँ, न रहे ।

उसब परमेश्वरमे भरोसा ना कएले रहे । उसब परमेश्वरके धन्यबाद ना देलक आ प्रशंसा भि ना कएलक । बरु उ सब गुनासो कएलक आ परमप्रभु के विरुद्धमे गनगन कएलक । जे उसबके पहिलही छुटकारा देले रहे आ उसबके बहुत खतरासबसे बचएले रहे । परमेश्वर कठी कएलक त ? परमप्रभु परमेश्वर अपन धैर्यता विश्वासयोग्यता, भलाई, दया, आ अनुग्रहमे उसबके मरुभूमिमे समेत भोजन आ पानी देलक । कठी ईस्राएलके आदमीसब परमेश्वरके कृपा आ अनुग्रहके योग्य रहे त ? अँह, न रहे । उसब त केवल परमेश्वरके न्याय के योग्य रहे । काहे परमश्वर उसबके दया कएलक त ? काहेकी परमेश्वर दयालु आ विश्वासयोग्य बा । एहीसे, ईस्राएलीसब अकृतज्ञी पापी होलाके बाबजुद भि, परमेश्वर उसबके भोजन आ पानीके व्यवस्था कएलक । यदि भुख आ पियाससे मुक्ति पाएबाला बात आदमीसबके भलाई आ वफादारीतामे निर्भर रहईत त, उसब मरुभुमीमे नष्ट होजाईत । यी बात बुझला जरुरी बा । परमेश्वरके भलाईके कारण परमेश्वर उसबके रक्षा अब्राहामसँगे कएल करारउपरके परमेश्वरके विश्वासयोग्यताके कारण मात्र परमेश्वर यी काम कएले रहे । कठी अपने परमप्रभु अब्राहामके कएल दुगो बरका प्रतिज्ञासब याद बा ? पहिला,

|

परमेश्वर अब्राहामके कहले रहे : "हम तोहरासे एगो बरका जाति वा राष्ट्र बनाहम । " (उत्पत्ति १२:२) परमेश्वर अपन बचन पालन कएलक ।

अब्राहामके पुत्र ईसहाक रहे, ईसहाकके पुत्र याकूब रहे आ याकूबके बाह्र जना बेटासब रहे जेका परिवारसब ईस्राएलके बाह्र कुलसब होगेल । आ अब उसबी मरुभूमीमे करिब तीस लाख आदमीसबके परमेश्वर अपने उसबके अब्राहाम आ अब्राहामके सन्तानसबके देबेके प्रतिज्ञा कएल भूमिमे लेजाईत रहे ! परमेश्वर अब्राहामके यी प्रतिज्ञा कएले रहे : तोहरासे हि पृथ्वीके सब परिवारसब आशिष पाई ।" (उत्पत्ति १२:३) परमेश्वर अपन प्रतिज्ञाके उ अंश भि पालन कएलक । यी नयाँ राष्ट्र वा जातिसँगे काम करके, परमेश्वर पृथ्वीके सब आदमीसबके अपने कईकन बा आ पानीसब कईसे हमराकहाँ आएसकी कहके देखादेल । जब परमेश्वर ईस्राएलके सन्तानसबके रक्षा कएलक तब परमेश्वर अपने आ हमरा के भि आशिष देबेके परमेश्वरके योजनाके रक्षा करईत रहे, जईसे हमनीके बहुत चोटी सुनले बारी, की यी जातिसे वा राष्ट्रसे अगमवक्तासब, पवित्र धर्मशास्त्रसब आ प्रतिज्ञा कएल मुक्तिदाता आएल रहे । हैं, परमेश्वर विश्वासयोग्य बा । ईस्राएलके कुलसब परमेश्वरके सुरक्षा आ परमेश्वरके रेखदेखके योग्य नरहे । जेभिहोए, उसब परमेश्वरके आज्ञाकारी होके परमेश्वरके विरुद्धमे बोललक फिरभि परमेश्वर उसबके स्वर्गसे स्वादिष्ट भोजन आ चट्टानसे ताजा पानी जुटादेल । शायद केहु अईसे सोचईत होई : ईस्राएलके सन्तानसबके बारेमे कहल यी सब कथासब हमनीके लागि कठी मूल्यवान बा त ? परमेश्वर के बचनसे यी प्रश्नके जवाफ यी किसिमसे देबले । यी घटना सब उसबके उदाहरणके लागि भेल रहे, आ हमनीएके शिक्षाके लागि लिखल बा... उसब जईसन हमनीके खराबीके ईच्छा नकरु कहके यी सब हमनीके चेतावनीके लागि बा (१ कोरिन्थी १०:११, ६) हमनीके ईस्राएल जाति वा राष्ट्रसे पाठ सिखु कहके परमेश्वर चाहले । आजके कथासे हमनीके सिकेबाला पाठ यीहाँ बा । हमनीके अपने सबसे पुछईतबारी : ईस्राएलीसब मरुभुमिमे उबसके नाश नहोएके लागि कठी करेके रहे ? उसब केवल पानी पिएके रहे आ परमेश्वर उसबके लागि जुटादेल भोजन खाएके रहे । उसबके छुटकारा कहाँसे आएल ? अपन प्रयाससे आएल रहे ? ना, उसबके छुटकारा परप्रभुसे आएल रहे । परमेश्वरविना उसब भुख, भुखमरी, आ मृत्युसे अपनाके बचाएके असहाय रहे । पवित्र धर्मशास्त्र हमनीके बताबले की, हमनीके सब ईस्राएलके आदमीसब जईसन पापी बारी आ जब अपनाके बचाबेके बात आबले, तब हमनीके भि वास्तवमे असहाय बारी । हमनीके ईस्राएलीसब जईसन सुख्खा मरुभुमिमे

चलईत त न बारी, लेकिन फिर भि मृत्युके छाया अभिभि हमनीके ना छोरले बा । परमेश्वरके स्पष्ट बचन बा : परमप्रभुके उपलब्ध कराएल, मुक्तिके साधनसब प्राप्त करेसे अस्वीकार करेबाला सब अपन पापमे मरी आ उसब के अन्त अनन्त आगीमे होई । यी भयानक विचारसब बा । पापमे मरेबाला ! न्यायमे आएबाला ! नरक कहेबाला ठाउँमे अन्त होई,

आ परमप्रभु परमेश्वरसे सदाके लागि अलग होएके बातसब भयानक चिरासब बा ! जेभि होए, अपन पापमे मरेके नपरी कहेबाला बात सुसमाचार बा ।

जईसे परमेश्वर ईस्राएलीसब के उसब बाचेसको आ मरुभूमिमे भुख आ पियाससे मरेके नपरो कहके भोजन आ पानी देलक अउसही परमेश्वर आज हमनीके सबके लागि सदाके लागि अनन्ततक रहेबाला शान्ति आ आनन्दके जीवनके लागि आवश्यक आत्मिक भोजन आ पानी देले बा । अनन्त जीवन देबेबाला भोजन कठी बा त ? कठी हमनीके परमेश्वरके उपस्थितिमे सदाके लागि बाँचेबाला शक्ति देबे सकेबाला किसिमके भोजन बजारमे किनेसकम ? अहँ, ना सकम, अनन्त जीवन देबेबाला भोजन बजारमे ना मिलले । फिर अनन्त जीवन देबेबाला यी भोजन, यी रोटी कहाँ मिलले आ यी कठी भोजन बा ? परमेश्वर मरुभूमिमे ईस्राएलीसबके स्वर्गसे रोटी खिअएलाके लगभग १५०० वर्षबाद, संसारके उद्धारकर्ता, मुक्तिदाताके पठएलक । उ हमनीके पाप आ मृत्यु, न्याय आ नरकसे बचाबेके लागि प्रदान कएल भोजन वा रोटी बा । उ पृथ्वीमे अएलक त कठी कहलक हमनीके सुनु । उ कहलक, : “साँचो हम तोहनीसबके कहईतबारी, जे विश्वास करी ओकामे अनन्त जीवन बा । हम जीवनके रोटी बारी । तोहनीसबके पिता- पुर्खासब उजाडस्थान मे मन्न के रोटी खएलक फिर भि उसब मरगेल । स्वर्गसे आएल रोटी यीहे बा, जे यी खाई उ ना मरी । स्वर्गसे आएल जीन्दा रोटी हमनी बारी । केहु यी रोटी खाई त उ सदाकाल जीन्दा रही आ जौन रोटी हम संसारके जीवनके लागि देहम, उ हमर देह बा । हमरा कहाँ आएबाला नभुखाई आ हमरा उपर विश्वास करेबालाके कहियो पियास नलागी । ” (युहन्ना ६:४७-५१,३५)

प्रिय स्रोतासब, आज हमनीके यीहबे रुकेके परी । परमेश्वरके ईच्छामे, हमनीके दोसर कार्यक्रममे, हमनीके कईसे परमेश्वर अपन आदमीसबके दश आज्ञा देले रहे कहके देखम । मसीह अपने अपनेके जीवनके यी अदभुत बचनसब खियाईत समयमे परमेश्वर अपनेके आशिष देव : जीवनके रोटी हम हि बारी । हमरा कहाँ आएबाला न भुखाई, आ हमरा उपर विश्वास करेबालाके कहियो पियास नलागी । (युहन्ना ६:३५)

कार्यक्रम ३६

आगीसे भरल सीनै पहाड

प्रस्थान १९-२०

हमनीके बितल कार्यक्रममे, कईसे परमेश्वर बाँझ मरुभुमिमे ईस्राएलके कुलसबके देखलक, उसबके मरेके नपरो कहके चट्टानसे पानी आ आकाशसे भोजन देलक कहके सुनली । कईसे ईस्राएलीसब, उसबके कृतज्ञताके कमीके कारण समय- समयमे परमेश्वरके क्रोधित कएले रहे कहके सुनली । आज हमनीके परमेश्वर, ईस्राएलीसबके मरुभूमीमे देखापरलक आ परमेश्वर उसबके अपन व्यवस्था देलक कहके सुनली । हमनीके तोराहमे रहल प्रस्थानके पुस्तक १९ अध्यायमे पढेजाईत बारी, यी अईसे सुरु होखले, ईस्राएलके सन्तानसब मिश्रके भूमि से निकलल तिसरका महिनामे, उहे दिन उसब सिनैके उजाड-स्थानमे आगेल (प्रस्थान १९: १) | मोशा आ ईस्राएलीसब मरुभूमिमे यात्रा करईत समय काहाँ रहे त ? उसब सिनै पहाडमे आएल रहे । कठी अपनेके याद बा, जब परमेश्वर मोशाके पहिलाबेर जरईत लेकिन भष्म नहोईत पोथ्रासे बोलएले रहे ? उ भूमि सीनैके उ ठाउँ रहे । परमेश्वर मोशाके कहले रहे : मिश्रमे रहल हमर प्रजासबके दुःख हम देखले बारी, उसब छुटकारा देबेके लागि, हम आएल बारी, यीहेकारण अब जाब, हमर प्रजा, अर्थात ईस्राएलीसबके मिश्रसे निकालके लेआबेके लागि हम तोरा फारो कहाँ पठाईत बारी । निश्चय हम तोरासँगे रहम आ एकर चिन्ह यी रही, जब तु उ आदमीसबके मिश्रसे निकालके लेअएब, तब तोहनीसब यीहे पहाडमे हमर आराधना कर ब ।" (प्रस्थान ३:७-८) कठी परमेश्वर मोशाके लागि प्रतिज्ञा कएल काम परा कएलक त ? परमेश्वर उ प्रतिज्ञा पूरा कएलक कहके हमनीके सुनली । जब परमेश्वर जरईत पोथ्रासे बोलएलक तब परमेश्वर मोशाके प्रतिज्ञा कएलअनुसार अखनी उ आ करिब तीसलाख आदमीसबके भिड सीनै पर्वतके निचा बा । अब हमनीके कईसे परमेश्वर मोशाकहाँ देखापरलक आ सीनै पहाडमे ईस्राएलके आदमीसबसे बोललक कहके सुनम । धर्मशास्त्र कहले : तब मोशा परमेश्वर कहाँ गेलक आ परमप्रभु मोशके कहलक, " याकुबके घराना आ ईस्राएलीसबके तु कह, हम ईस्राएलीसबके कठी कईली उसबके कईसे गरुरके देंगमे जईसन बोकके अपना कहाँ लेअईली, उ तोहनीसब देखले बार । अब तोहनीसब हमर बात साँचो सुनब आ हमर करार पूरा करब, त सब जातिसबमध्ये तोहनीसब हमर बहुमुल्य धन होखब । सारा पृथ्वी हमर बा फिर भि, तोहनीसब हमरा लागि पूजाहारीसबके एक राज्य आ एक पवित्र जाति होखब । ईस्राएलीसबके तोरा कहेबाला बात ईहे बा ।" रिणी मोशा निचा अएलक, आ आदमीसबके धर्मगुरुसबके बोला पठएलक, आ परमप्रभु

मोशाके बोल कहके आज्ञा कएल, यी बातसब उसबके बतादेल । सारा आदमीसब एकसाथ कहलक, "परमप्रभुके कहल व बातसब हमनीके पालन करम ।" तब मोशा आदमीसबके जवाफ परमप्रभुके सुनएलक । (प्रस्थान १९:३-९) ईस्राएलीसब परमेश्वरके कईसे जवाफ देलक, कठी अपने सुनली ? उसब कहलक, "परमप्रभुके कहल सब बात हमनीके मानम ।" कठी उसबके कहल बातसब सत्य बा त ? कठी उसब परमेश्वरके व आज्ञासब पालन करे सकईत त ?

परमेश्वरके आज्ञा कएल सब बात, ईस्राएलीसब करे नसकी कहके परमेश्वरके थाह रहे । वास्तवमे, उसब परमेश्वरके खुश करेके अपन असक्षमता, अपन पापी अवस्थाके स्वीकार कएल आ पापीसबके छुटकारा देबेला पृथ्वीमे आबेबाला उद्धारकर्ताके बारेमे सुसामाचारमे विश्वास कएल परमेश्वर चाहईत रहे । परमेश्वरके प्रतिज्ञासबमे उसबके कएल विश्वासके आधारमे परमेश्वर उसबके पुर्खासब अब्राहाम, ईसहाक आ याकूबके पापसब क्षमा कएले रहे । परमेश्वर

ईस्राएलीसबके लागि भि ईहे चाहईत रहे । परमेश्वरके मुक्तके रास्ता हरदम परमेश्वरमे मात्र विश्वास आ परमेश्वरके मुक्तिके धार्मिक रास्ता बा । धर्मशास्त्र कहले, अब परमेश्वरके सामने कौनो भि आदमी व्यवस्थासे धर्मी ना ठहरी, काहेकी, “धर्मीजन विश्वाससे जिई ।” (गलाती ३:११, हबकुक २:४) यीहा तक ईस्राएलके आदमीसब कल्पना कएले रहे की, उसब अपने प्रयाससे परमेश्वरके नजरमे धार्मिकता प्राप्त करेसकी । उसबके बात केतना मूर्खतापूर्ण बा ! उ सब परमेश्वरके बहुत बेर अपमान कएले रहे, कहके विसरगेल रहे । परमेश्वरके सामु उसबके पाप बहुत बरका रहे कहके उसब बुझले नरहे । उ सबके विचारमे, पाप उ गम्भिर विषय न रहे, लेकिन उसब न्याय करेबाला परमेश्वरके दृष्टिमे पाप एगो भयानक मामला बा । परमेश्वर सिद्ध आ पवित्र बा, परमेश्वर कौनो भि असिद्ध कामसबके स्विकार करे नसकी, लेकिन ईस्राएलीसब यी बातके अभिभि पहिचान कएले नरहे । एहिसे उसब (अभिमानके साथ) कहलक, “परमप्रभुके कहल सब बात सब हम पालन करम ।” फिरभि, उसब “परमप्रभुके कहल सब बात" करे नसकी (आ नकरी) कहके देखाबेके परमेश्वरके योजना रहे। फिर, हमनीके, परमेश्वर कईसे सिनै पर्वतमे निचा अएलक आ ईस्राएलके कुलसबके दश आज्ञा देलक कहके थाह करेके लागि धर्मशास्त्रमे देखेके निरन्तरता देहम । धर्मशास्त्र कहले : परमप्रभु मोशाके कहलक, “आदमीसब कहाँ जाके, उसबके आज आ विहान शुद्ध कर । उसब अपन अपन लुगा ढोओ । आ तीसरका दिनके लागि, उसब तयार रहो । काहेकी तिसरका दिन सीन पर्वतमे सब आदमीसबके आँखके सामने परमप्रभु आई । तु आदमीसबके लागि चारुओर यी कहके बार लगईह, होशियार रह, तोहनीसब पर्वतउपर न जईह, आ ओकर सिमाना न छुईह । जे पहाडके छुई उ निश्चय मरी । केहु भि ओकरा नछुईह, लेकिन पथरसे मारके मोआदिह । पशु होखो या आदमी, उ जीवित ना रही । जब तुरही बजी उसब पर्वततक आओ ।"

तिसरका दिन जब बिहान भेलक, तब पर्वतमे गड्यागुडु भेलक आ विजुली चमकलक आ मोट बादल पर्वतमे उठलक, आ तुरहीके आवाज बरी जोरसे सुनएलक । छाउनीमे जेतना जन रहे सब कामेलागल । तब मोशा आदमीसबके छाउनीसे परमेश्वरसे भेट करेला लेअएलक । उसब पर्वतके फेदीमे खरा होलक । परमप्रभु आगीके रुपमे अएलाके कारण, सीनै पर्वत विलकुल धुवाके भरगेल । पर्वत से धुवा भट्टि जईसन निकलक आ सारा पर्वत जोरसे कापेलागल । आ जब तुरहीके आवाज जोर जोरसे बाजेलागल । तब परमप्रभु सीनै पर्वतमे उतरके अएलक । (प्रस्थान १९:१०-१३, १६-२०) आ यी सब बात परमेश्वर कहलक : “हम परमम्रभु तोहनीके परमेश्वर बारी, जे तोहनीसबके मिश्रमे, अर्थात दासत्वके देशसे निकालके लेअएलक ।

१. हम्रा बाहेक दोसर कौनो देवी-देवतासब नमानिह

२. अपना लागि कौनो किसिमके मूर्ती नबनईह, काहेकी हम तोहनीसबके परमप्रभु परमेश्वर बारी ।

३. मूर्तिसबके सामू नझुकिह, उसबके पूजा न करिह, काहेकी हम परमप्रभु तोहनीके डाह करेबाला परमेश्वर बारी । हमरा अवहेलना करेबालाके हम सहे नसकम ।

४. विश्राम दिन मानेके परी, यी बातके याद राख ।

५. अपन बाबु आ माईके आदर कर ।

६. हत्या नकरिह

७. व्यभिचार नकरिह

८. चोरी नकरिह

९. अपन छिमेकीके विरुद्धमे झुटा गवाही नदिह ।

१०. अपन परोसीके घरके लालच नकरीह । अपन परोसीके पत्नीके लालच नकरीह, अपन परोसीके कमारा, कमारी, गोरु, गधा वा ओकर कौनो भि लालच नकरीह ।

ज्ब सारा आदमीसब गर्जन, बिजुली आ तुरहीके आवाज सनलक आ पर्वतसे धुवाँ उठल देखलक, तब उसब थरथर काँप्लक आ दुर खरा रहलक । उसब मोशाके कहलक, “अपने हम्मासे बात कर आ हमनीके सुनम, लेकिन परमेश्वर हमनीसे नबोलो, नत, हमनीके मरजाएम ।" मोशा आदमीसबके कहलक, "नडेराब, काहेकी परमेश्वर तोहनीसबके जाँचेके लागि, आ ओकर भय तोहनीके सामने रहो आ तोहनीके पाप नकर कहके आएल बा ।” तब आदमीसब दुर खरा रहलक । (प्रस्थान २०:१-५) परमेश्वरके ईच्छामे, हमनीके दोसर कार्यक्रममे, परमेश्वर मोशाके सीनै पर्वतमे देहल दश अमज्ञाके बारेमे सुनम । लेकिन आज हमनीके अपने सबसे बिदा होखेसे पहिले, हमनी भरखे सुनल बातसबसे परमेश्वर हमनीके सिकाएके चाहेबाला बातसब कठि कठि बा कहके सुनु । उ बातसब यीहे बा: परप्रभु परमेश्वर पूर्णतया शुद्ध आ पवित्र बा आ, परमेश्वर हमनीके अपनाकहाँ आएबाला रास्ता जब तक न देई, तबतक हमनीमे घातक आ गम्भिर समस्या होई, काहेकी हमनीके अपनेमे शुद्ध आ पवित्र न बारी ! धर्मशास्त्र घोषणा करले की सब शरीर घाँसजईसन बा (१ पत्रुस १:२४) आ हमनीके परमेश्वर भस्म करेबाला आगी बा (हिब्रु १२:२९) । यदि घाँस जंगलके आगीमे बा त कठी होई कहके हमनीके सबके थाह बा । कठी उ आगीसे सकि त ? ना सकी! ठीक ओईसही, एगो पापी भि पवित्र परप्रभु परमेश्वरके उपस्थितिमे बाँचे ना सकि! आजके हमनीके पाठके शूरुमे, हमनीके मोशाके ईस्राएलीसब कठी कहलक सुनली, " परमप्रभुके कहल सब बात मानम ।" उसब यी कहलक, काहेकी उसब परमेश्वरके पवित्रताके अभिभि ना चिन्ले रहे । उसबके अपने प्रयाससे परमेश्वरके खुशी करेसकि कहके उसब सोचले रहे । लेकिन सीनै पर्वतमे परमेश्वर उसबकहाँ देखा पर्लाके बाद उसबके विचारमे बरका परिवर्तन अएलक ।

जब उसब गर्जन, बिजुली, आगी आ धुवाँसे निकलल अनुभव कएलक, पर्वतमे दशगो पवित्र आज्ञा सब उसबके सामने प्रतिध्वनी कएल परमप्रभुके आवाज सुनलक, तब उसब थरथर काँपके दुर रहलक । उसब मोशाके कहलक, " हमनीसँगे बात करु, हमनीके अपनेके बात सुनम । लेकिन परमेश्वर हमनीसे नबोलो, नत हमनीके मरजाएम । " (प्रस्थान २०:१८ - १९) आदमीसब परमेश्वरके पवित्रता आ परमेश्वरके नजिक जाएके उसबके असक्षमताके चिने लागल रहे। सीनै पर्वतके फेदमे उसब धर्मशास्त्रके यी सत्यताके बारेमे सचेत भेगेल : सब शरीर घाँस जईसन बा, आ हमनीके परमेश्वर भस्म करेबाला आगी बा (१ पत्रुस १:२४, हिब्रू १२:२९) । पवित्र परमेश्वरके उपस्थितिमे, ईस्राएलीसब ईमान्दारीसे कहेबाला ई बात बुझेलागल, “कौनो समस्या न बा, परमप्रभुके कहल सब बात हमनीके पालन करम ।” बरु, अब उसब अपने अपवित्रता आ परमेश्वरके सिद्ध व्यवस्था पालन करेके लागि असमर्थताके महसुस कएलक । उसब सुखल घाँसमे आगी लागल जईसन महसुस कएलक । अपनेके बारेमे कठी बा त ? कठी अपने परमेश्वरके पवित्रताके चिन्ले बारी ? कठी अपनेके हृदय आ अपनेके सबसे अच्छा प्रयाससब परमेश्वरके दृष्टिमे अधर्मी बा कहके कठी अपने महसुस कएले बारी ? कि अपने भि ईस्राएलीसब जईसन “कौन समस्या न बा ! परमेश्वरके ईच्छा कएल सब काम हम करम । हम अपन असल कामसबसे परमेश्वरके नजिक आएम" कहके सोचईत बारी ? साँचो, औसन विचारसब परमेश्वरके विचारसबसे मेल न खाबले । कठी फुहर आ पापसे दाग लागलसब पवित्र आ शुद्ध

होखेबालासँगे रहे सकी ? अँ, हँ, न सकी । कठी परमेश्वर आधा असल आ आधा खराब बातके स्वीकार करेसकी ? अँ, हँ, नसकी । परमेश्वर उ सहे नसकी, आ करी भिना । परमेश्वर सिद्धताके माँग करले । कठी अपने यी बातके महसुस करईसी ? की अपने न्यायके दिनमे, “अपने कएल असल कामसबसे अपनेके खराब कामसबके मिटादेई” कहके आशा करईत बारी ? यदि औसे बा त, परमेश्वर धर्मी न्यायकर्ता रहेबाला नरहे । “अपने हत्याके दोषी बारी, लेकिन अपनेके विगतमे कल असल कामसबके कारणसे हम अपनेके सजाय न देहम, अपने स्वतन्त्र हो सकम" कहके कहेबाला न्यायधिसके बारेमे अपने कठी विचार करईसी ? औसे करेबाला न्यायधिसके हमनीके कठी कहे सकम ? उ न्यायधिसके हमनीके अन्यायपूर्वक न्याय करेबाला न्यायधिस घोषणा करम । आदरणीय स्रोतासब, परमेश्वर धर्मि न्यायधिस बा । परमेश्वर पापके बेवास्ता करे नसकी । संसारके न्याय करेबाला परमेश्वर हमनीके पापसबके ज्याला मृत्यु आ हमनीके परमेश्वरसें अलग करेबाला सजाय देएके परी कहके माग करले । हमनीके “असल कामसब " हमनीके पापके ऋणसबके रद्ध करे नसकी । धर्मशास्त्र कहले : हमनीके सबजन अशुद्ध आदमीसब जईसन बारी, आ हमनीके सब धार्मिक काम फूहर झुत्रा जईसन बा । हमनीके सबजन पाता जईसन सुखजाएम, आ हमनीके पाप हमनीके बतास जईसन उडाके लेजाई । (यशैया ६४:६) परमेश्वर भस्म करेबाला आगी जईसन बा आ आदमके सन्तानसबके “असल कामसब " सुखल घाँस जईसन बा । हमनीके अपने धार्मिकतामे हमनीके परमेश्वरके पवित्र न्यायके ज्वालामे नबाचम । कठी ईस्राएलीसब सीनै पर्वतमे उतरके आएल परमेश्वरके आगीके नजिक जाए के साहस कएलक त ? कठी उसब परमेश्वर रहल ठाउँमे परमेश्वरकके पर्वतमे चढेके प्रयास कएले रहे ? कठी उसब बिजुली चम्कल, कम्पन भेल आ भट्टीसे निकलल धुवाँ जईसन निक्लईत उ पहाडमे पुगेके प्रयास कएलक त ? अँहँ, उसब नजिक आए नसल । धर्मशास्त्र कहले कि उसब डरसे काप्लक ।

लेकिन उ डर निमन बात रहे । अगमवक्ता सोलोमन लिखले बा : परमप्रभुके भय ज्ञानके शुरुवात बा (हितोपदेश १ : ७) प्रिय स्रोतासब, सुन्के साथ देली अपने सबके बहुत बहुत धन्यवाद । दोसर कार्यक्रममे हमनीके दश आज्ञासबमध्ये प्रत्येक आज्ञासबके बारेमे बात करेके आशा करम, जौन परमेश्वर सीनै पर्वतमे ईस्राएलीसबके देले रहे । हमनीके पापके समस्या सामाधान करेबाला परमेश्वरके देहल यी बचनमे अपने विचार करईत समयमे परमेश्वर अपनेके आशिष देबे : पापके याला मृत्यु बा लेकिन परमेश्वके बरदानन हमनीके प्रभु येशु मसीहमे अनन्त जीवन बा । (रोमी ६:२३ साधारण अंग्रेजीमे अरामी बाइबल)

कमर्यक्रम ३७

पवित्र आज्ञासब

प्रस्थान २०

हमनीके वितल कार्यक्रममे, परमप्रभु परमेश्वर ईस्राएलके सन्तानसबके दशश आज्ञा देबेके लागि आगी, गर्जन आ विजुलीके साथ निचा अएलक त कईसे सीनै पर्वतमे धुवा उडईत रहे कहके सुनली । परमेश्वर ईस्राएलीसबके जौन पर्वतमे परमेश्वर रहे उ पर्वतके नछुअ, नत उसब मरजाई कहके चेतावनी देते रहे । परमेश्वर केतना पवित्र बा कहके उसबके सिखाईत रहे । आज हमनीके हरेक दश आज्ञाके सुनेके चाहईसी आ हमनीके कईसे पवित्र परमेश्वरके अगारी खरा होखे सकम कहके थाह पाएके लागि हमनीके उसबके अपन जीवनसे तुलना करेके चाहईसी । हमनीके तोराहमे रहल प्रस्थानके पुस्तकके २० अध्यायके पढईत बारी । परमेश्वर आगी आ धुवाँके बीचमे सीनै पर्वतमे उतरके अएलाके बाद, परमेश्वर यी वचनसब बोल्लक: हम तोहनीके परप्रभु परमेश्वर बारी, जे तोहनीके मिश्रदेश, अर्थात दासत्वके देशसे निकालके लेअएलक (प्रस्थान २०:१-२)

१. पहिलका आज्ञा परमप्रभु कहलक : "हम्रा बाहेक और कौनो देवता- देवीसब नमानिह" (प्रस्थान २०:३) । परमेश्वर आदमीसबके उहे मात्र उसबके परमेश्वर बा कहके बुझेके चाहले । परमेश्वर अपन महिमा दोसरके न देई । सृष्टिकर्ता परमेश्वरके मात्र हमनीके आराधना करेके चाहि । यी देशमे आ विश्वभर हमनीके जठी देखईसी उ एकदम फरक बात बा । आदमीसब और आदमीसबके औसन ठाउँमे उपर उठाबेके काम करले, जेका लागि केवल परमेश्वर मात्र योग् यबा । परमेश्वरके नाम मात्र पवित्र आ महान बा । परमेश्वर मात्र हमनीके पूर्ण भक्ति बा विश्वासके योग् यबा । फिरभि, जब आदमीसब समस्यामे परले बा उसब बाधासबके सामना करेके परले, तब उसबके पहिलका विचार परमेश्वरमे जाएके आ सब बात सृष्टि कएल आ जेभि करेसकेबाला परमेश्वरमे प्राथना चढाबेके परी कहके नहोखले । बरु, उसब अपने जईसन और आदमीसबमे अपन आशा राखले आ उसबके उ स्थान देबले जौन स्थान केवल परमेश्वरके मात्र बा एक साँचो परमेश्वरके सामने औसे करेबालासबके दोसर देवता - देवीसब रहले । अईसही दोसर देवता होखला पाप बा ।

२.दोसरका आज्ञामे, परमेश्वर कहलक, “अपना लागि कौनो किसिमके मूर्ती नबनईह, उसबके सामने नझुकिह, उसबके पूजा नकरिह, काहेकी परमप्रभु हम तोहनीसबके डाह करेबाला परमेश्वर पदर बारी” (प्रस्थान २०:४-५) यी आज्ञामे परमेश्वर हमनीके मूर्तिसबसे अलग होखेके कहले । मूर्तिसब उ मूर्तिकलासबमे मात्र सिमित न बा जे कौनो निश्चित ठाउँसबमे वा घरसबके कोठासबके पूजा होखले । मूर्तिके मतलब हमनीके आ परमेश्वरके बीचमे आएबाला सब बात बा । कुछ आदमी सबके लागि, फुटबल उसबके परमेश्वर बा, काहेकी फुटबल उसबके लागि परमेश्वरसे बेसी महत्वपूर्ण बा । दोसरके लागि टि.बी. वा ईन्टरनेट उसब आ परमेश्वरके बीचमे आबले । उसब परमेश्वरके वचनके बुकेके लागि परमेश्वरके वचन देखेबाला बातमे कौनो वास्ता नकरले ।

उसबसँगे टि.बी. आ ईन्टरनेट देखला बाहेक, और दोसर किसो करेके लागि फुर्सद नरहले । ठीक ओईसही, दोसर बातसब भि उहाँ होखले जौन अपनेके थाह बा, उसबके लागि परमेश्वर स्वयम प्रयाप्त नबा कहके उसब बहानासब

बनाईत कहले । आ अभि और सबके लागि, परमेश्वरके प्रतिस्थापन करेबाला दोसर चिज, उसबके धन-सम्पत्ति बा । उ सब अपन जीवनमे परमेश्वरके पहिला स्थान नदेबले, लेकिन रुपैँया पैसाके उसब अपन जीवनमे पहिला स्थान देबले । उसब बहुत रुपैंयापैसा कमाएके लागि परमेश्वरके मन नपरेबाला काम सबमे भि सामेल होखले । अईसन आदमीसबके लागि पैसा हि देवता बा । एक सच्चा परमेश्वरके प्रतिस्थापन करेबाला जौन भि बात मूर्ति बा ।

३. तिसरका आज्ञामे, परमप्रभु परमेश्वर कहलक, "परमप्रभु अपन परमेश्वरके नाम व्यर्थमे नलिह, काहेकी परमेश्वरके नाम व्यर्थमे लेबेबालाके परमेश्वर निरपराध न ठहराई" (प्रस्थान २०:७) | द अपने एगो साँचो परमेश्वरमे अपने आपके समर्पित होएके दाबी करईसी, लेकिन ओका चिनेला आ वचन पालन करेके न खोजईत बारी त, अपने परमेश्वरके नामके दुरुपयोग करईत बारी । हमनीके परमेश्वरके नामके दुरुपयोग करु कहके परमेश्वर न चाहले । फिर भि लगभग हरेक दिन अपने अपन छिमेकीके "ईन्शा अल्लाह (अरबीः यदि परमेश्वर चाहि त), हम यी वा उ करम, वा हम अईसन आ औसन ठाउँमे जाएम" कहके केको प्रतिज्ञा कएल सुनसकम, जब कि ओकर हृदयमे यी करेके कौनो मनसाय न रहले । परमेश्वरके ईच्छा ओकर दिमागसे सबसे दुरके बात बा । उ अपन छिमेकीके ओकर झुटके पत्याए लागि, परमेश्वरके नाम मात्र प्रयोग करले । उ पाप वा । ओउरीजन कहले, "बिलाए (अरबीः परमेश्वरसे) हम अईसन वा औसन न कईली", जब कि उसबके अपने उ काम कएले बारी, कहके अच्छासे थाह रहले । केहु कहले, "हम यी वा उ काम न कएले बारी कहके परमेश्वर जानले" लेकिन उसब झुट मात्र बोलले । अईसन काम करेबाला आदमीसब, परमेश्वरके नामके दुरुपयोग करले । परमेश्वरके बचन कहले, "लेकिन तोहनीसबके कहल वचन "हँ" बा त "ह" आ "न" बा त "न" मात्र होखो । यीसे बेसी दुष्टतासे आबले ।" (मत्ती ५:३७)

1

४. चौथका आज्ञामे, परमेश्वर अईसे कहके ईस्राएलके सन्तानसबसे बोललक, "शबाथ - दिन पवित्र मानेके परी कहके याद राख, छ दिनतक परिश्रम करके अपन सब काम कर, काहेकी छ दिनमे परमप्रभु आकाश, पृथ्वी, समुद्र आ उमे रहल यावत् थोक बनएलक लेकिन सातवा दिनमे विश्राम कएलक । " (प्रस्थान २०:८ - १०) । यीमे हमनीके सुनम कि परमेश्वर ईस्राएलीसबके सन्तानसब परमेश्वरके सम्मान करेला प्रत्येक सातवा दिनमे आराम करेके चाहईत रहे ।

५. परमेश्वरके देहल पाँचवा आज्ञामे, परमेश्वर कहलक, " अपन बाबु आ माईके आदर कर, कि जौन देश तोहनीसबके परमप्रभु अपन परमेश्वर देबले, उहाँ तोहनीसबके आयु बरका होखे ।" (प्रस्थान २०:१२) । यीहा हमनीके देखम कि हमनीके बाबु, माईसब बहुत विशेष बा आ सम्मानके योग्य बा, आ हमनीके उसबके योग्यके सम्मान देबे परी । लेकिन आजके पुस्तामे यी बात नदेखईसी । लेकिन आज हमनीके अईसन बेटाबेटीसब देखईसी, जे अपन बाबु माईसे खरा जवाफ देबले, नाक मुह चम्काबले आ अपन रास्तामे चलले । उसब अपन बाबु माईके सम्मान नकरले ।

•

यी जीवन जिएबाला तरिका न बा, जौन हमनीके पाँचवा आज्ञासे सिखले बारी । बेटाबेटीसबके लागि परमेश्वरके ईच्छा यी बा कि, उसब अपन माई, बाबुके मायाँ करेके चाहि, उसबके आदर करेके चाहि आ परमेश्वर के खुशी करेबाला आ ओकर ईच्छासँगे सहमत होखेबाला बातमे उसबके आज्ञापालन करेके परी ।

६.छवबा आज्ञामे परमेश्वर कहलक, " हत्या नकरिह ।" (प्रस्थान २०:१३) यहाँ परमेश्वर हमनीके बताबले कि, जे आदमीके मारले, उ परमेश्वरके विरुद्धमे पाप करले, काहेकी प्रत्येक व्यक्तिके जीवन आ आत्मा देबेबाला परमेश्वर बा । आदमीसके हत्या करेके मतलब परमेश्वरके घृणा कएला बा, काहेकी परमेश्वर आदमीके अपने स्वरुपमे बनएले बा । परमेश्वरके वचन हमनीके यी भि देखाबले कि हत्या एगो आदमीके मारेबाला बातमे मात्र सिमित नबा, काहेकी धर्मशास्त्र कहले : "जे अपनके भाईके घृणा करले उ हत्या बा ।" (१ युहन्ना ३:१५) । बहुत जनाके वास्ता नकएल बात कठी बा की, परमेश्वर कौनो आदमीके ओकर कएल कामके आधारमे मात्र न, लेकिन ओकर करेके ईच्छाके आधारमे भि न्याय करले । उ ओकर नियत अनुसार । परमेश्र हृदयके देखले, घृणा आ हत्या परमेश्वरके नजरमे बराबर बा ।

७. साँतवा आज्ञामे परमप्रभु कहलक : "व्यभिचार नकरिह" (प्रस्थान २० : १४) विवाह परमप्रभुके देहल अनमोल उपहार बा । हमनीके लागि कठी निमन बा परमेश्वरके थाह बा । एहिसे आदमी अपन पत्नीसे मात्र सिमित रहके, और स्त्रीसबप्रति कामुक अभिलासा करेके नचाहि आ ओका ईन्कार करेके परी कहके परमेश्वर चाहले । परमेश्वरके वचन कहले की, पतिसब भि अपन पत्नीके अपने शरीर जईसन प्रेम करेके चाहि (एफिसी ५:२८) आ जे अपन पत्नीके व्यभिचारके कारण बाहेक त्यागपत्र देई, आ दोसर पत्नी विवाह करी, उ व्यभिचार करले (मत्ती १९:९) । जब आदमीसब परमेश्वरके व्यवस्थाके उलङ्गन करईए आ उसबके निषेध कएल कामसब करईए, तब उसब प्रायः अपने शरीरमे उसबके कामके परिणाम भोगईए । यीहेकारण परमेश्वरके तोकल विवाहके सिमासे बाहर यौन सम्बन्ध राखेबालाके बहुत बरका घातक रोगसब आबले । लेकिन व्यभिचार हमनीके अपन शरीरसे करेबाला काममे मात्र सिमित नरहले कहके हमनीके बुझेके परी । यीमे हमनीके अपन सोचमे करेबाला काम भि समावेश होखले । धर्मशास्त्र कहलेः जे केहु भि स्त्रीके काम वासनाके दृष्टिसे देखले, उ अगारीऐसे अपन हृदयमे ओकासे व्यभिचार करले

।(मत्ती ५:२८)

८. आठवा आज्ञामे परमेश्वर कहलक : "चोरी नकरिह" (प्रस्थान २०:१५) । यदि अपने कहियो दोसरके सामान लेले रहली वा परीक्षामे चिट चोरले रहली त, अपने यी व्यवस्थाके उलङ्गन कएले रहली । चोरीके बहुत पक्षसब रहले । उदाहरणके लागि, यदि अपनेके रोजगारदाता अपनेके एगो काम देई, आ उ अपनेके उ काम करेके लागि पैसा देई, आ उ अपने काम करईत बारी कहके विश्वास करले रही, लेकिन अपने काम नकरके बेकारमे समय बर्बाद मात्र करईसी त, अपने चोरी करईत बारी । हैं, अपने अपन रोजगारदाताके नाफासे चोरी करईत बारी । आ चोरी आ और सब पापके लागि कठी सजाय होखले त ? एकर सजायँ मृत्यु आ नरकके कहियो नभुताएबाला आगी फेकएला बा ।

९. नवबा आज्ञा कहले: " अपन परोसीके विरुद्धमे झुटा गवाही नदिह" (प्रस्थान २०:१६) । परमप्रभु परमेश्वर सत्यके परमेश्वर बा आ झुटसे परमेश्वरके कौनो सरोकार न बा । समस्यासे बाँचेके लागि आ शान्ति कायम राखेके लागि छोट झुट बोलला उचित होखले कहके आदमीके लागलें । लेकिन सत्यमे परमेश्वरसे एगो छोट से भि छोट कुट समेत न रहले । परमप्रभु परमेश्वर कहले कि झुट बोलेबाला हरेक आदमी शैतानके चरित्रके आत्मसात करले, काहेकी उ झुट बा, आ झुटके पिता बा (युहन्ना ८:४४) । शैतान हमनीके पुर्खासब, आदम आ हव्वासे झुट बोललक आ उ अपन झुट बातसबसे आदमीसबके धोका देईत बा । जे झुट गवाही देबले उ शैतान जईसन बा ।

१०. दशवा आज्ञामे परमप्रभु कहले : " अपन परोसीके घरके लालच नकरिह । अपन परोसीके पत्नीके लालच नकरिह । अपन छिमेकीके कमारा, कमारी, गोरु, गधा वा ओकर कौनो भि थोकके लालच नकरीह" (प्रस्थान २०:१७) । यी आज्ञा हमनीके आदमीके हृदय केतना कुटिल आ दुष्ट बा कहके परमेश्वरके थाह बा कहके स्पष्ट रुपमे देखएले बा । आदमके सन्तानसबके हृदयमे लोभ आ लालच भेटाबले । हमनीके दुष्ट हृदय हमनीके, दोसरके पत्नीसे कामवासनाके अभिलाषा देबेके काम करले वा हमनीके साथ न रहल चिज जौन दोसरके रहले, उ चिज प्रति हमनीके आँख लगाएके लागि परीक्षा करले । यी कएला पाप बा, काहेकी परमेश्वरके वचन कहले : काहेकी हमनीके न त यी संसारमे किछो लेके अईली, न यीहासे कुछो लेके जाएसकम, लेकिन (खाएके आ लगाएके लागि बा त हमनीके उहेमे सन्तुष्त रहम । यी अन्तिम आज्ञा हमनीके केको कौनो चिज लेबेके चाहना कएला भि गल्ति बा कहके बताबले । परमेश्वर हमनीके हृदयमे रहल पापके देखले । यीहे दश आज्ञासब परमेश्वर मोशा आ ईस्राएलके सन्तानसबके सुम्पदेल रहे । आज हमनीके यी कार्यक्रमके कईसे समाप्त करम ? शायद एगो प्रश्न करके समाप्त करेके परी, जौन प्रश्नके जवाफ हमनीके हरेकके देबेके परीः कठी हम अपने यी दश आज्ञासबमध्ये प्रत्येकके पालना कएले बारी ? पवित्र उद्धारकर्ता यी संसारमे अएलाके बाद, यी दश आज्ञासबके दुगो भागमे संक्षिप्त रुपमे परिणत कएल बात अपनेके पहिले थाह होई । उ अईसे कहलकः १) तु परमप्रभु अपन परमेश्वरके अपन सारा हृदय, आ अपन सारा प्राण, आ अपन सारा समझसे प्रेम करिह, आ

२) तु अपन छिमेकीके अपने जईसन प्रेम करिह । सारा व्यवस्था आ अगमवक्तासबके शिक्षाके आधार यी दुगो आज्ञासब बा (मत्ति २२:२७, ३९-४०) ।

अपनेसब, अपने आपके यी प्रश्नसब पुछके परमेश्वर मोशाके देहल दश आज्ञासब पूर्ण रुपमे पालन करे सकईत बारी कि न कहके मूल्यांकन करसकम : पहिला : परमेश्वरसे हमर सम्बन्ध कईसन बा ? कठी हम परमेश्वरके अपन सारा हृदयसे प्रेम करईसी ? दोसरकाः आदमीसबसे हमर सम्बन्ध कईसन बा ? कठी हम अपने आपके प्रेम कएल जईसन, अपन परोसीके प्रेम करईसी ? परमेश्वरसँगे अपने के सम्बन्ध कठी बा ? अपनेके हृदयसे ईमान्दारीपूर्वक जवाफ देऊ । कठी अपने अपन सम्पूर्ण मनसे परमेश्वरके प्रेम करईसी ? कठी अपने परमेश्वरके अपन सम्पूर्ण हृदयसे प्रेम करईसी ? कठी परमप्रभु आ उहाँके वचन अपनेके जीवनमे हरसमय पहिला स्थान राखले ?

आदमीसंबसे अपनेके सम्बन्ध कईसन बा ? कठी अपने अपना जईसन अपन परोसीके प्रेम करईसी ? कठी अपने हरेक बातमे दोसरके अगारी राखईसी ? कठी अपने अपना जईसन अपन संगी आदमीके वास्ता करईसी ? कठी अपने अपन शत्रुके प्रेम करईसी ? आदमीसब अपनेके लागि कुछ करदेई कहके, कठी अपने उसबके लागि भि कुछो करईसी ? यदि अपने यी सब प्रश्नके जवाफ "हँ" कहके देबे नसकम त, परमेश्वरके सामु अपने एगो अपराधी बारी कहके बुझु । अपनेके अपन प्रयाससे, अपने परमेश्वरके धार्मिक न्यायके अधिकार बाहेक और दोसर कुछोके लागि आशा करेनसकम । धर्मशास्त्र कहले : लेकिन डरपोकसब, अविश्वासीसब, घिनलागल जईसन भेल आदमीसब, हत्यारासब, व्यभिचारीसब, जादूगरसब, मूर्तिपूजकसब आ झुट बोलेबाला, सबके हिस्सा आगी आ गन्धक दन्केबाला कुण्डमे होई, यी दोसरका मृत्यु बा । (प्रकाश २१:८) परमेश्वर पवित्र बा आ अपवित्र भेल कौनो भि बात वा चिज सहे नसकी । परमेश्वर सिद्ध बा आ उ कौनो भि असिद्ध कामके ग्रहन करेनसकी । एहिसे परमेश्वर कहलकः यी व्यवस्थाके वचन पूरा करके पालन नकरेबाला आदमी श्रापित होखो । (व्यवस्था २७:२६) आ, जे सम्पूर्ण व्यवस्था पालन करी

लेकिन एगो बातमे चुक्जाई त, व्यवस्थाके सब बातमे उ दोषी ठहरी । (याकुब २:१०) केवल दश आज्ञासब पालन करेके प्रयास मात्र, केको (परमेश्वरके दृष्टिकोणमे) धर्मी न ठहराई । काहेकी सब जन पाप कएले बा आ परमेश्वरके महिमातक पुगेसे चुकल बा (रोमी ३:२०, २३) हैं, प्रिय स्रोतासब, परमेश्वरके वचन स्पष्ट बा: सब जन पाप कएले बा आ व्यवस्थाके कामसबमे भर परेबाला सब श्रापित बा (गलाती ३:१०) । शायद केहु पुछी, "यदि हमनीमध्ये केहु दश आज्ञाके केहु भि पालन करे नसकी त, परमेश्वर हमनीके उ आज्ञासब काहे देलक त ?" यी एगो बहुत महत्वपूर्ण प्रश्न वा आ, प्रभुके ईच्छामे, हमनीके दोसर कार्यक्रममे हमनीके परमेश्वर एकर जवाफ कईसे देई कहके सुनम । परमेश्वर यी पुस्तकमे उल्लेख कएल यी भनाईके आधारभूत सत्यताके प्रकट कएले होखे आ आशिष देले होखे ।

जे सम्पूर्ण व्यवस्था पालन करले, लेकिन एगो बातमे चुकले त, व्यवस्थाके सब बातमे उ दोषी ठहरले । (याकुब २:१०)

कार्यक्रम ३८

आज्ञासबके उद्धेश्य

प्रस्थान २०

हमनीके वितल दुगो कार्यक्रमसबमे कईसे परमेश्वर आगी, गर्जन आ बिजुलीके चमकमे सीनै पर्वतमे उतरके आएलक आ ईस्राएलके कुलसबके दशगो आज्ञासब देलक कहके सुनली । पहिलका आज्ञामे परमेश्वर कहलक : हमरा बाहेक दोसर कौनो देवता - देवीसब नमानिह । दोसरका आज्ञामे : अपना लागि कौनो किसिमके मूर्ति न बनईह । तिसरका : परमप्रभु अपन परमेश्वरके नाम व्यर्थमे नलिह । चौथका आज्ञामे : शबाथ-दिन पवित्र मानेके परी कहके याद राखिह । पाँचवा आज्ञामे : अपन बाबु माईके आदर करिह । छैठवा आज्ञामे : हत्या नकरिह । सातवा आज्ञामे : व्यभिचार नकरिह । आठवा : चोरी नकरिह । नवबा : झुट नबोलिह । दशवा : लोभ नकरिह । यी दश आज्ञासब परमेश्वर मोशा आ ईस्राएलके नयाँ जाति वा राष्ट्रके पठएले रहे । परमेश्वर अपन जनसबके यदि उसब परमेश्वरके आज्ञा पालन करी त उसब और सब राष्ट्रसबमे आशिष पाई, लेकिन यदि उसब अनाज्ञाकारी होई त उसब श्राप पाई कहके प्रतिज्ञा कएलक । मोशा उसबके परमेश्वरके यी वचनसब देलक : देख, आज हम तोहनीसबके सामु अशिष आ अभिशाप राखईत बारी । हम आज तोहनीसबके आदेश देल जईसन परमप्रभु तोहनीसबके परमेश्वरके आज्ञासब पालन करब त, आशिष पाई । आ परमप्रभु तोहनीसबके परमेश्वरके आज्ञासब न मानके तोहनीसबके नजानल अन्य देवतासबके पछारी लागके हम आज आदेश कएल रास्तासे अलग हाणून त 4 तोहनीसब सराप पएब । (व्यवस्था ११:२६-२८) परमेश्वरके आज्ञा कईसे श्राप लेआएसकी ? हमनीके उसब पहिला बार परमेश्वर, उसबके अपन नियमसब देई कहके थाह पएलक कहके आदमीसबके प्रतिक्रिया पहिले हि सुनले रहली । उ समयमे उसब जवाफ देले रहे, " परमप्रभुके कहल सब बात हमनीके पालन करम ।" लेकिन उसब अपन चाहल सब काम अपने करे नसकी कहके परमेश्वर जानईत रहे । परमेश्वर सिद्ध धार्मिकताके माग करले कहके ईस्राएलीसब अभिभि न बुझले रहे । यी दश आज्ञासे परमेश्वर ईस्राएलके कुलसब परमेश्वरके पवित्रता आ पवित्र नियमसब पालन करेके लागि उसबके असक्षमता प्रकट करेके चाहईत रहे । ईस्राएलीसब आजके धार्मिक आदमीसब जईसन रहे जे परमेश्वर उसब असल काम करेके मात्र चाहले कहके सोचले, आ न्यायके दिनमे, यदि उसबके असल कामसब उसबके खराब कामसबसे बेसी बा त, परमेश्वर उसबके कही : स्वर्गीय बगैंचामे स्वागत बा ! आब आ सबदिनके लागि हमरा सँगे रह ! जे अईसन विचार करलें, उसब गलत बा आ उसब धर्मशास्त्र वा परमेश्वरके पवित्रताके नजानले । परमेश्वर धर्मी न्यायकर्ता बा आ ओका पापके न्याय करहीके परी । यीहा एगो प्रश्न बा । हमनीके पुर्खासब आदम आ हव्वा स्वर्गीय बगैंचासे परमेश्वर उसबके निकालेसे पहिले केतना बेसी पाप कएले रहे ? एगो मात्र पाप कएले रहे । उ एगो पापके कारण भि उ परमेश्वरके सामु सिद्ध न भेलक । एगो पापके कारण उसब अब परमेश्वरसँगे रहे नसकल । एगो पापके कारण ओका मरेके परलक । एगो पापके कारण उ अनन्त आगीमे अपना लागि ठाउँ कमएलक । हँ, परमेश्वर पवित्र बा आ उ पापके हल्का,

नसोचु

परमेश्वरके बचन कहले : जे सम्पूर्ण व्यवस्था पालन करी, लेकिन एगो बात मे चुकी त, व्यवस्थाके सब बातमे उ दोषी ठहरी । (याकूब २:१०) अब यदि परमेश्वरके पवित्रता यीहे बा त, उसब दश आज्ञा पालन करे नसकईत त काहे परमेश्वर यी आज्ञासब ईस्राएलीसबके देलक त ? कहके हमनीके जानेके चाहईसी । एका लागि परमेश्वरके जवाफ सुनु : यीहेकारण व्यवस्थाके कर्मसे केहु आदमी परमेश्वरके दृष्टिमे धर्मी न ठहरेसकी, काहेकी व्यवस्थासे हि पापके चेतना होखले (रोमी ३:२०) । फिर दश आज्ञाके उद्धेश्य कठी बा त ? पापके हटाबेके ? न, परमेश्वर कहले, आज्ञासबके उद्धेश्य (अपनेके) पापके चेतना देबेके बा । कठी यी स्पष्ट बा ? काहे परमेश्वर मोशा आ ईस्राएलीके सन्तानसबके अपन दश पवित्र आज्ञासब देलक त ? कठी उसब उ आज्ञासब पालन करी त, परमेश्वर उसबके अपन उपस्थितिमे सदाके लागि बाँचेके अधिकार पाए सको कहके परमेश्वर उसबके उ आज्ञासब देले रहे त ? न, उ न होएसकी। काहेकी परमेश्वर कहले : जे सम्पूर्ण व्यवस्था पालन करले लेकिन एगो बातमे चुकी त, व्यवस्थाके सब बात मे उ दोषी ठहरले । (याकूब २:१०) कठी आदमके सन्तानसब, परमेश्वरके आज्ञा कएल सब कामसब पूर्णरुपसे पालन करे सकी त ? कठी केहु फहर, प्रदूषित पानीके भरियासे शुद्ध सफा पानी निकाले सकी त ? वास्तवमे उ असम्भव बा । आज्ञासबके उद्धेश्य हमनीके पापके प्रकट कएला बा कहके पवित्र धर्मशास्त्र हमनीके बताबले । परमेश्वर हमनीके न्यायसे बचाबेके लागि आज्ञा सब देले नबा । हमनीके पापी बारी आ हमनीके मुक्तिदाताके आवश्यक्ता बा कहके देखाबेके लागि परमेश्वर उसबके आज्ञासब देले रहे । कठी यी अपनेके दिमागमे स्पष्ट भेलक ? दश आज्ञासब अस्पतालके एक्स-रे मेसिन जईसन बा । यदि हम बिरामी बारी आ हमरा कठी भेल बा कहके बात हमरा थाह नबा त, शायद हमरा डाक्टर एक्स-रे करके जाँच करी । एक्स-रे करेके उद्धेश्य कठी बा त ? एकर एकेगो उद्धेश बबा : हमर शरीरमे कठी भेल बा कहके प्रकट करेके । औसही, परमेश्वर मोशाके सत्श पवित्र व्यवस्था अस्पतालके एक्स-रे मेसिन जईसन बा । एकर उद्धेश्य कठी गलत बा कहके प्रकट करेके बा : हमर हृदय आ आत्मामे रहल पापके प्रकट करेके बा । दश आज्ञा हमरामे रहल पापके कईसे प्रकट करेसकी त ? उसब हमर पापके अईसे प्रकट करी : यदि हम अपन आचरणके परमेश्वरके पवित्र व्यावस्थासे तुलना करम त, हमर वचनमें, हमर काममे, आ हमर विचारमें हम परमेश्वरसे केतना दुर बारी कहके थाह पाए सकम । जब हम परमेश्वरके व्यवस्थाके देखईसी, आ ओकाबाद हम अपनाके देखईसी, तब हमरा थाह होखले की हम, परमेश्वरके विरुद्धमे आ आदमीके विरुद्धमे केतना पाप कएले बारी, आ हम अपन सृष्टिकर्ता पवित्र परमेश्वरके शुद्ध आ पवित्र उपस्थितिमे प्रवेश करे नसकम । जईसे अस्पतालके एक्स-रे मेसिन आदमीके शरीरमे कठी ठीक नबा कहके देखाबेके लागि उपयोगी रहले, औसही आदमीके हृदयमे कठी ठीक नबा कहके देखाबेके लागि दश आज्ञासब उपयोगी होखले । आ जइसे एक्स-रे मेसिन विरामीसबके निमन करे नसकी, औसही दश आज्ञासब हमर पापसे पूर्ण भेल हृदयके निमन करे नसकी । उ होएके लागि, हम महान डाक्टर, अर्थात परमप्रभु परमेश्वर कहाँ आएक परी । हमरा भितर रहल पापके कारण हमराला रुकल मौत आ निन्दासे हमरा बचाबेके उपाय परमेश्वरमे मात्र बा । शायद केहु कहि, “एक मिनेट रुकू ! हम निमन आदमी बारी, चोरी, ठगी, आ व्यभिचार करेबाला और आदमीसब जईसन हम नबारी ।" यदि यी अपनेके मनोवृत्ति बा त, स्पष्ट रुपमे अपने परमेश्वरके पवित्रताके बुझले नबारी ।

।

अपने कौन बात जानेके जरुरी बा की, न्यायके दिनमे, परमेश्वर अपनेके पापी परोसीसे तुलना नकरी । परमेश्वर अपनेके अपन पवित्र आ सिद्ध मानकसे तुलना करी, जेमे कहल बा : जे सम्पूर्ण व्यवस्था पालन करी, लेकिन एगो

बात में चुक्जाइ त, व्यवस्थाके सब बातमें उ देषी ठहरी । (याकूब २:१०) जौन परमेश्वर “व्यभिचार नकरिह" कहले बा, उहे परमेश्वर, "तु झुट नबोलिह" भि कहले । यदि अपने व्यभिचार नकएले बारी, लेकिन झुट बोलले बारी त, अपने पूरा व्यवस्थाके उलङ्घन कएले रहईसी, आ अपने कहियो भि परमेश्वरके स्वर्गीय बगैँचामे रहे नसकम, काहेकी धर्मशास्त्र कहलेः लेकिन थुमाके जीवनके पुस्तकमे नाम लिखलबालासब बाहेक कौनो चिज, घृणित काम करेबाला आ झुट बोलेबाला कौनो किसिमसे भि स्वर्गीय बगैँचामे प्रवेश करे नपाई । (प्रकाश २१:२७) एगो बात कठी निश्चित बा की, हमनीके अपने आपन प्रयाससे परमेश्वरके खुसी करे नसकम । परमेश्वरके बचन उहे बातके घोषणा करले : हमनीके सब जन अशुद्ध आदमी जईसन भेल बारी, आ हमनीके सब धार्मिक काम फुहर लुगा जईसन बा । हमनीके सबजन पाता जईसन सुखजाएम, आ हमनीके पाप हमनीके हावा जईसन उराके लेजाई । (यशेया ६४:६) धर्मी केहु नईखे, एक जना भि नईखे, उ सब तितरबितर होगेल बा, उसब एकसाथ बेकम्मा होगेल बा । केहु असल नकरले, असल करेबाला एक जना भि नईखे । काहेकी कौनो भेद नबा, काहेकी सबजन पाप कएले बा, आ परमेश्वरके महिमातक पुगेसे चुकल बा । (रोमी : १०,१२,२२-२३) अब हमनीके न्याय करेबालाके सामु अइसने बारी त, परमेश्वरके दण्डसे हमनीके कईसे बाचे सकम त ? हमनीके मुक्ति पाएला कठी करेके परी ? कठी हमनीके आशारहित बारी ? यदि मुक्ति हमनीके अपने प्रयासमे निर्भर रही त हमनीके आशारहित होखम । लेकिन परमेश्वरके धन्यबाद, उ आदमके सन्तानसबके पापके दण्डसे छुटकारा देबेके योजना बनएलक । परमेश्वरके सामु पापीके सजायँ नदेके, पापके दण्ड देबेके उपाय बा । आऊ, अब हमनीके प्रस्थानके पुस्तक २० अध्यायके निरन्तरता देउ, आ परमेश्वर ईस्राएलके सन्तानसबके अपन पवित्र व्यवस्थाके लेआएल श्रापसे बचाबेके लागि प्रबन्ध कएल उ उपायके सुनु । परमेश्वर ईस्राएलीसबके दश आज्ञा देलाके बाद कठी भेलक कहके यीहा सुनम : जब सारा आदमीसब गर्जन, बिजुली आ तुरहीके आवाज सुन्लक आ पर्वतसे धुवाँ उठईत देखलक, तब उ सब थरथर काँपके दुर खरा रहलक । परमेश्वर भेल उ बादलमे उहाँके नजिक मोशा गेलक । परमप्रभु मोशाके कहलक, "तु ईस्राएलीसबके अईसे कह, स्वर्गदूतसे हम तोहनीसबसे बातचित कएल तोहनीसब अपने सुन्ले बार, हमरा लागि माटीके बेदी बनाके उहेमे तोहनीसबके होमबली, मेलबलि, भेडाबाखा आ गाईबस्तुसब चढईह । जहाँ-जहाँ हम अपन नामके आदर कराएम, उहाँ उहाँ आके हम तोहनीसबके आशिष देहम । " (प्रस्थान २०:१८, २१-२२,२४) । एहिसे, विहान सबेरे मोशा परमेश्वरके आज्ञा अनुसार सीनै पर्वतके फेदमे एगो वेदी बनएलक । बेदी स्वर्ग आ पृथ्वीके बीचमे, परमेश्वर आ आदमीके बिचमे, बलिदानके स्थगित करी । एकाबाद, मोशा जवान आदमीसबके होमबलीके रुपमे पशु बलि चढाबेके लागि, कचौरामे खुन जम्मा करेके लागि आ बेदीमे मास जलाबेला पठएलक । तब मोशा खुन लेके बेदीमे छीलक, जौनमे उ दश आज्ञासब लिखले रहे, आ उ खुन भीडमे भि छीलक, आ उसबके कहलक, “यी उ करारके खुन बा, जेका परमेश्वर अपन यी सब बचन अनुसार तोहनीसबसे बाँधले बा (प्रस्थान २४:४-७) । एकाबाद, परमेश्वर मोशाके यी बलिदानसब काहे आवश्यक बा कहके बतएलक : काहेकी जीवधारीके प्राण ओकर खुनमे रहले ।

हम- खुन वेदीमे तोहनीसबके लागि प्रायश्चित केरेके लागि देले बारी, काहेकी खुन आदमीके जीवनके लागि प्रायश्चित करले (लेवी १७:११) यी सबके कारण कठी रहे त ? परमेश्वर ईस्राएलीसबके उसबके पुर्खासब आदम, हाबिल, नोआ, अब्राहाम, ईसहाक आ याकुबके पापके दण्ड मृत्यु बा, आ बिना खुन बहले (पापके रिण) क्षमा नहोवले कहके सिकाएल बात सम्भाबेके चाहईत रहे (हिब्रू ९:२२) । परमेश्वरके नजिक जाएके चाहेबाला हरेक आदमी प्रतिस्थापन कएल बलिदानके आधारमे परमेश्वरके नजिक जाए परईत रहे । परमेश्वरके पवित्र व्यवस्था बताबले की छोट छोट पापसबके लागि भि सजायँ मृत्यु आ परमेश्वर आ उनकर महान महिमासे दुर होएके अनन्त दण्ड बा । आ

ईस्राएलके सन्तानसब परमेश्वरके पवित्र आज्ञासब पालन करे नसकेके कारण, उसब परमेश्वरके निष्खोट बलिदान ले आबेके रहे, ताकि निर्दोष पिडित दोषी अपराधीके ठाउँमे प्रतिस्थापित होए सको । अईसही परमेश्वर पापीके सजायँ नदेके पापके दण्ड देलक । लेकिन पशुके बलिदान पापके हटाबे नसकी, उसब परमेश्वरके पवित्र उद्धारकर्ताके संसारमे नपठाएतक उसब आदमीके पापके केवल छोपे मात्र सकईत कहके हमनीके पहिले हि सिखले बारी । उस उद्धारकर्ता स्वईच्छासे अपनाके पापके लागि साँचो आ अन्तिम बलिदानके रुपमे अर्पण करेबाला रहे । यी मुक्तिदाता आएल बा, आ हमनीके पापसबके लागि सबके लागि सदाके लागि एके बेर मोल तिरदेल बा कहके बुझलाके बाद केतना खुसी बारी । कठी अपनेके उनकर नाम ठाह बा ? उनकर नाम येशु हैं। उनकर नामके अर्थ बा परमप्रभु बचाबले । येशु मसीहके कौनो शारीरिक पिता नरहे । उनकर उपाधीसब मध्ये एगो उपाधी परमेश्वरके बचन बा । उ स्वर्गसे आएल रहे । उस आदमके सन्तानसबमे भेटावेबाला पापी स्वाभाव न लेले रहे । येशू दश आज्ञासब पूर्णरुपसे पालन कएलक आ परमेश्वरके धार्मिक मागसब पूरा कएलक । उ पापरहित होला के कारण उ संसारके पापकें ऋण तिरेके लागि परमेश्वरके थुमाके रुपमें अपन जीवन देबेके योग्य रहे । यदि अपने उद्धारकर्ताके सिद्ध बलिदानमे विश्वास करम त, परमेश्वर अपनेके धर्मी घोषणा करी । धर्मशास्त्र कहले : हमनीके येशुमे परमेश्वरके धार्मिकता बनेसकू कहके पाप नचिनेबालाके उ हमनीके लागि (पाप बली) बनएलक, कि विश्वास करेबालासब नाश नहोखो, लेकिन उसब अनन्त जीवन पाओ (२ कोरिन्थी ५:२१, युहन्ना ३:१६) । एहिसे आज हमनीके यी कार्यक्रमके समाप्त करईत, फिर एकबेर हमनीके यी प्रश्न पुछम : दश आज्ञाके मुख्य उद्धेश्यसब मध्ये एगो उद्धेश्य कठी बा ? एकर उद्धेश्य यीहे बाः दश आज्ञासब हमरा मुक्तिदाताके आवश्यक्ता परल एगो पापी बारी कहके देखाबले । सुसामाचारके यी बचन सुनु : व्यवस्थाके काममे भर परेबाला सब श्रापित बा, काहेकी धर्मशास्त्रमे यी लिखल बा, “व्यवस्थाके पुस्तकमे लिखल सब बातमें न रहेबाला आ उ पालन नकरेबाला हरेक आदमी श्रापित होई ।” परमेश्वरके दृष्टिमे व्यवस्थासे केहु आदमी धर्मी न ठहरले कहके यी बात प्रत्यक्ष बा । काहेकी “धर्मी विश्वाससे जीवन जिई ।" व्यवस्था विश्वासउपर आधारित न बा, बरु “ जौन आदमी यी काम करले, उ यीहेसे जीयले ।” हमनीके लागि सराप बनके (येशू ख्रीष्ट) हमनीके व्यवस्थाके श्रापसे मोल तिरके छुटएलक । (गलाती ३:१०-१३) काहेकी परमेश्वर एकेगो बा, परमेश्वर आ आदमीसबके बीचमे मध्यस्थ भि एकेगो बा, आदमी ख्रीष्ट येशु, जे सबके छुटकाराके मोलके लागि अपने आपके सुम्पलक (१ तिमोथी २:५-६) । सुनके साथ देली अपने सबके बहुत बहुत धन्यवाद बा ।

दोसर कार्यक्रममे हमनीके मोशा उपर पहाडमे परमेश्वरके उ व्यवस्थासबके ग्रहन कएल समयमे, ईस्राएलके आदमीसब कईसे परमेश्वरके व्यवस्थासबके उलङ्घण कएले रहे कहके यी दुःखद कथा सुनम । परमेश्वर अपनेसबके आशिष देले होए आ यी प्राथमिक सत्यतासबके बुझेके लागि अन्तरदृष्टि देले होखे । व्यवस्थाके कर्मसे कौनो प्राणी परमेश्वरके दृष्टिमे धर्मी न ठहरी, काहेकी व्यवस्थासे हि पापके चेतना होखले । (रोमी ३:२०)

।

कार्यक्रम ३९

उलङ्घन कएल आज्ञासब

प्रस्थान ३२

हमनीके वितल तीनगो कार्यक्रमसबमे हमनीके परमेश्वर सीनै पर्वतसे उतरके आके आगी, धुवाँ, बिजुलीके चमक आ गर्जनसे परमेश्वर ईस्राएलके आदमीसबसे बोलचक कहके बुझली, जौन पहाडसे परमेश्वर अपन दश आज्ञासब देले रहे । परमेश्वर मोशाके सीनै पर्वतके फेदमें एगों बेदी बनाबेके आ निर्दोष जनावरके पाप बलिके रुपमे चढाबेके लागि आज्ञा कएल बात सुनले रहली । परमेश्वर उ जनावरसबके बलिदानसब काहे माग कएले रहे ? परमेश्वर उ जनावरसबके बलिदान माग कएलक काहेसे परमेश्वर पवित्र बा, आ परमेश्वरके धार्मिक व्यवस्था पापके ज्याला मृत्युके भुक्तानीके माग कएले रहे । ईस्राएलीसब परमेश्वरके व्यवस्थासब पालन करे नसकेबाला भेलासे उसब पापके लागि होमबली लेके परमेश्वरसे भेटेके परईत रहे, जेमे दोषी आदमीके सट्टामे एगो स्वास्थ्य जनावरके मृत्यु होइत रहे । पापीके मृत्यु दण्ड नहोखो कहके उहाँ जनावरके अपन जीवन गुमाबेके परईत रहे । उलङ्घन कएल आज्ञा हमनीके आजके पाठ बा । अगमवक्ता मोशा आ ईस्राएलके कुलसबके कथाके यी बिन्दुमे, उसब अभिभि मरुभूमिमें सीनै पर्वतके अगारी छाउनी बनाके रहईत बा । परमेश्वर सीनै पर्वतसे दश आज्ञा घोषणा कएलाके बाद कठी भेल कहके सुनेके लागि ये जायें। हमनीके प्रस्थानके पुस्तक २४ अध्यायमे पढम : परमप्रभु मोशाके कहलक, " पर्वतउपर हम्रा कहाँ आके यहाँ बईथ । तु के सिकाबेके लागि हमर देहल व्यवस्था आ आज्ञासबके शिला-पाटीसब तोहराके देहम । " तब मोशा आ उनकर सेवक यहोशु उठके परमेश्वरके पर्वतमे गेल । मोशा धर्म-गुरुसबके कहलक, “हमनीके ईहाँ नआएतक तोहनीसब यीहबे हमनीके लागि रुक । हारुन आ हूर तोहनीसँगे बा । केको किछोके विवाद होखी त उसब कहाँ जाव ।" तब मोशा पहाडमे गेलक आ पहाडके बादल ढाक्देल । परमप्रभुके महिमा सीनै पर्वतमे रहगेल आ बादल छ दिनतक पर्वतके ढाकले रहगेल । सातवा दिनमे परमप्रभु बादलके बीचसे मोशाकें बोलएलक । ईस्राएलीसबके दृष्टिमें परमप्रभुके महिमाके रुप पर्वतके टुप्पामे भस्म करेबाला आगी जईसन रहे । तब मोशा बादलके बीचसे होके पर्वतमे गेलक, आ उ पर्वतमे चालिस दिन आ चालीस रात रहलक । (प्रस्थान २४:१२-१८) दोसर कार्यक्रममे, प्रभुके ईच्छामे, हमनीके उ चालीस दिनके अवधिमे सीनै पर्वतमे परमेश्वर मोशाके कहल कुछ बातसबके बारेमे सुनम । लेकिन आज हमनीके ईस्राएलीसब पर्वतके फेदमे रहल छाउनीमे मोशाके फिरेके प्रतिक्षा करईत कठी कएलक कहके हमनीके सुनम । परमेश्वरके लागि धैर्यके साथ रुकला सजिलो बात न बा कहके हमनीके सबके थाह बा । परमेश्वरके बचनके बेवास्था करेके आ अपने रास्तामे गेला बहुत सजिलो बा । ईस्राएलीसब भि यीहे कएलक । परमेश्वर हमनीके यी अचम्मके कथासे चेतावनी देबेके चाहले । ३२ अध्यायमें हमनीके सुनम । जब आदमीसब मोशाके पर्वतसे फिरेके ढिला करईत देखलक तब, उसब हारुनकहाँ भेला होके कहेलागल, “उठू आ हमनीके अगारी अगारी जाएके लागि देवतासब बनाउ, काहेकी हमनीके मिश्रसे निकाल्के लेआबेबाला मोशाके कठी भेल हमनीके न जनईसी ।”

हारुन उसबके कहलक, "तोहनीसबके पत्नीसबके आ बेटाबेटीसबके कानमे रहल सोनाके कुण्डलसब हम्मा कहाँ लेआब ।" तब सब आदमीसब अपन अपन कानमे रहल सोनाके कुण्डल सब हारुन कहाँ लेअएलक । हारुन हतियारसे खोपलक, आ ढालके बाछाके आकार के एगो मूर्ति बनएलक । तब उसब कहलक, "हे ईस्राएलीसब, तोहनीसबके मिश्रसे निकालके लेआएबाला तोहनीसबके देवतासब यीहे बा । " (प्रस्थान ३२:१-४) अपने सब सुनली, ईस्राएलीसब कठी करईत रहे ? “परमप्रभुके कहल सब बात हमनीके करम" कहके उसबके कहल यी बात समय नबितईत परमेश्वरके देहल पहिला आ दोसरका आज्ञा उलङ्घन कएलक कहके सुनली । परमेश्वर उसबके आज्ञा देले रहे, “हमरा बाहेक दोसर कौनो देवी देवतासब नमानि हँ” आ " अपना लागि कौनो मूर्ति नबनईह ।” लेकिन ईस्राएलीसब कठी कएलक ? उसब परमेश्वरसे फिरगेल आ उसब मिश्रमे देखल मूर्तिसब जईसन उसबके लागि एगो बाछाके आकारके मूर्ति बनएलक । ईस्राएलीसब काहे एतना जल्डी परमप्रभु अपन परमेश्वरसे अपन पीठ फर्कएलक त ? शायद उसब पूर्ण धार्मिकताके आवश्यक्ता नपरेबाला ईश्वर चाहईत होखी ; उसब देखें आ छुवे सकेबाला खालके देवता । उसब आजकलके आदमीसब जईसन रहे, जे परमेश्वरके वचनके बेवास्ता करले, आ आदमीसबके परम्पराके अपनाबेके छनौट करले । आँखसे देखे सकेबाला आदमीमे पछारी लाग्ला, केहु देखे नसकेबाला परमेश्वरके पछारी लाग्लासे सजिलो बा । आउ अब हमनीके ईस्राएलीसब सोनाके बाछा बनएलाके बाद कठी भेलक के सुनु । धर्मशास्त्र कहले; यी देखके हारुन बाछाके सामु एगो बेदी बनएलक, आ हारुन घोषणा कएलक कि, “बिहान परमप्रभुके लागि एगो चाड होई ।” बिहानके दिन आदमीसब सबेरे उठके होमबली चढएलक, आ मेल बलि भि लेअएलक । तब उसब खानपान करके मोजमे डुबे लागल | (प्रस्थान ३२:५-६) हारुन कठी कहलक कठी अपने सुन्ली ? धर्मशास्त्र हमनीके बताबले कि, हारुन उ बाछाके अगारी एगो बेदी बनएलक, आ कहलक, “बिहान परमप्रभुके लागि एगो चाड होई ।” कठी उ बात साँचो रहे त ? कठी ईस्रालीसब उ वेदीमे परमप्रभुके आराधना करे सकईत ? पक्का नसकईत । उसबके आयोजना कएल पूजाके उत्सवमे परमेश्वरके कौनो भाग नरहे । अब उसब पहिला आ दोसर आज्ञा मात्र उलङ्घन कएले नरहे, लेकिन तिसरा आज्ञा भि भङ्ग कएले रहे : जे कहले : तोहनीसब परमप्रभु अपन परमेश्वरके नामके दुरुपयोग नकरिह । “परमप्रभु परमेश्वर ! परमेश्वर, परमेश्वर !” कहेबाला शब्दसब उसबके मूहमे रहे, लेकिन उसबके हृदय परमेश्वरसे दुर रहे । उसबके आराधना व्यर्थके रहे । उसबके प्राथनासब अर्थहिन ढोंगसब बाहेक दोसर कुछो नरहे, जे परमप्रभुके क्रोधित मात्र करेबाला काम रहे । धर्मशास्त्र कहले : तब परमप्रभु मोशाके कहलक, "निचा उतर, काहेकी तु मिश्रसे निकाल्के लेआएल तोहर आदमीसब अपने आपके भ्रस्त कएले बा । उसबके जौन रास्तामे हम चलेला आज्ञा कएले रहली, उ रास्तासे उसब एतना जल्दी दोसर रास्तामे लागल बा । उसब अपना लागि बाछाके आकारमे एगो मूर्ती बनाके ओका पुजले बा आ उहेके लागि बलि चढाके कहले बा, "हे ईस्राएलीसब, तोहनीसबके मिश्रसे निकाल्के लेआएबाला तोहनीसबके देवतासब यीहे बा ।” परमप्रभु मोशाके कहलक, “हम यी आदमीसबके देखली । यीसब हठी आदमीसब बा। अब हमरा नरोक, आ हमर क्रोध यीसब उपर परी। हम यीसबके भस्म करदेम । आ तोहरा से हम एगो बरका जाति बनाहम । "

,

लेकिन मोशा अपन परमप्रभु परमेश्वरके आग्रहपूर्वक कहलक, “हे परमप्रभु, अपने अपन बरका सामर्थ्य आ शक्तिशाली हातसे मिश्रसे निकाल्के लेआएल, अपन आदमीसब उपर अपनेके क्रोध काहे एतना बेसी बा ? मिश्रीसब काहे यी कहेके मौका पाओ ?, “भलाई छोरहे पर्वतसबके उसबके मारेके लागि, आ उसबके पृथ्वीसे नाश करेके लागि परमेश्वर उसबके

लेअएलक ।" अपने अपन भयङ्कर कोधके शान्त करु, आ अपन आदमीसबके हानी करेसे अपन मन बदल्दु । अपन दाससब, अब्राहाम, ईसहाक आ याकुबके सम्भु, जेकासे अपने अपन नाममे शपथ खाके कहले रहली, "हम तोहनीसबके सन्तानके आकाशके तारासब जईसन बढादेम । हमर प्रतिज्ञा कएल यी सारा देश तोहनीसबके सन्तानके देहम, आ उसब सदाके लागि ओकर अधिकारी होखी ।" तब अपन आदमीसबके हानी करेसे परमप्रभु अपन मन बदल्देल । आ मोशा फिरके अपन हातमे गवाहीके दुनो शिला पाटी लेके पहाडसे उतरलक । उ पाटीसबमे अगारी आ पछारी दुनु ओर लिखल रहे । उ पाटीसब परमेश्वरके काम रहे । उनकर लेखोट परमेश्वरसे लिखाएल रहे । यहोशू (जे मोशाके सघाईत रहे) आदमीसबके चिच्याहत सुनके मोशाके कहलक, "छाउनीमे त लडाईके सोर जईसन सुनाईत बा ।" उ कहलक, "यी सोर न त जितेबालाके बा, न हारेबालाके बा, लेकिन हम त गाएबालासबके जईसन सुनईत बारी ।" छाउनीके नजिक अबईत अबईत मोशा बाछा आ नाच देखलक । मोशाके बहुत रीस उठगेल, आ मोशा उ पाटीसब अपन हातसे पर्वतके फेदमे फेकके फोरदेल । तब उसबके बनाएल उ बाछा लेके आगीमें जरादेल, आ ओका धुरा बनाके पानीमे फेकदेल । आ उ ईस्राएलीसबके पिएला कहलक । ओकाबाद मोशा हारुनके कहलक, " यी आदमीसब अपनेके कठी कएलक, जे अपने यी सबके अईसन बरका पापमे लगईली ?" हारुन कहलक, " अपनेके रीस हमरा उपर न उठो । अपने त यी आदमीसबके जनते बारी । यीसब केतना खराबीके ओर लागल बा । यीसब हमरा कहलक, "हमनीके लागि हमनीके अगारी अगारी चलेबाला देवतासब बनाब, काहेकी हमनीके मिश्रसे निकाल्के लेआबेबाला मोशाके कठी भेल हमनीके न जनईत बारी ।" तबह म यीसबके कहली, "जेका जेका लगे सोनाके गहनासब बा, उ निकाल्के लेआब ।" आ यीसब निकाल्के हमरा देलक । उ सोनासबके हम आगीमे राख्देली, आ उ बाछा निकललक ।" जब मोशा आदमीसबके खराब होईत देखलक, काहेकी हारुन उसबके खराब होएदेलक, एतना तक की उसब शत्रुके सामने हँसीके कारण बनल रहे । तब मोशा छाउनीके ढोकामे खरा होके कहलक, " जे-जे परमेश्वर ओर बा, उसब हमराकहाँ आव ।" तब लेवीकें सारा सन्तान मोशा कहाँ जाके जम्मा भेलक । मोशा उसबके कहलक, "परमप्रभु ईस्राएलकके परमेश्वर कहलेः तोहनीसब अपन-अपन तरवारसे छाउनीके यीहाँसे उहाँतक जाके अपन भाई आअ पन मित्र आ अपन परोसीके मार । तब लेवीके सन्तानसब मोशाके कहल अनुसार कएलक । उदिन आदमीसब मध्ये तीन हजार पुरुष मरलक । तब हारुनके बनाएल बाछाउपर उसब जौन कएलक ओका लागि परमप्रभु आदमीसबके रुढीसे मारदेल । (प्रस्थान ३२:७-२८,३५) एकाबाद परमप्रभु मोशाके उ फुटल पत्थरके पाटीसब फेरसे देलक । ईस्राएलके सन्तानसबके उलङ्घन कएल दश आज्ञासब परमप्रभु उ पाटीमें फेरसे लिखलक । ईस्राएलीसब केतना बरका पाप कएले रहे ! उसब परमेश्वरके पवित्र व्यवस्थाके उलङ्घन कएले रहे । फिर भि आदमीके दुष्ट हृदय प्रकट भेल रहे । परमप्रभु ईस्राएलके आदमीसबके लागि, कदेल सब चिजके बावजुद भि उसब एगो साँचो परमेश्वर आ परमेश्वरहे सत्यतासे केतना जल्दी अलग होगेल रहे हमनीके सुन्ली ।

उसब दोसर तरिका, उसबके अपने धर्म अपनाबेके छनोट कएलक । उसबके ओठमे परमेश्वरके नाम रहे, लेकिन उसबके हृदय परमेश्वरसे दुर रहे । यी कथासे परमेश्वर हमनीके कठी सिखाबेके चाहईत बा ? परमेश्वरसँगे सम्बन्ध हमनीके आज कहाँ बारी कहके हमनीके सोच परमेश्वर यी चाहले । शायद उहबा यी सोचेबाला भि होई कि: "हम ईस्राएलीसब जईसन नबारी । हम कहियो भि परमेश्वरके अपन पीठ फर्काके मूर्ति पूजा न कएले बारी ।" यी तरिकाले सोचेबाला अपनेसब, कठी अपने कहियो भि मूर्ति पूजा कएले नबारी कहके सकरात्मक रुपमे निश्चित बारी त ? आदमीसबके पूजा करेबाला मूर्तिपूजा मूर्तिकलामे मात्र सिमित न बा । मूर्तिके मतलब हमनीके आ परमेश्वरके बीचमें आबेबाला सब चिज बा । मूर्तिके मतलब पैसा, भोजन, लुगा, यौन, खेलकुद, टि.भि., स्वयम, दोसर आदमी, कीर्ति, शक्ति,

परम्परा, पुर्खा, कामुकता, सुन्दरता वा सयौँ चीजसब होए सकी ! केतना आदमीसबके लागि, उसबके धार्मिक दायित्वसब उसबके मुर्तिसब बा, उसब परमेश्वरके सत्यता खोजेके आ परमेश्वर आ उनकर पवित्र वचनमे समर्पित हाखेसे भि प्राथना आ उपवासके बेसी महत्व देबले । परमेश्वर आ परमेश्वरके सत्यताके प्रतिस्थापन करेबाला कौनो भि बात मुर्ती पूजा बा । अपनेके परमेश्वर के बा ? अपने केकर पुजा करईसी ? परमप्रभु परमेश्वरके ? कि मूर्तिके ? कठी अपनेके ओठमे परमप्रभुके नाम मात्र बा, अथवा कठी अपने परमेश्वरके साँचो चिन्हईसी आ प्रेम करईसी ? साँचो परमेश्वरके आराधना करेबालासबके मूर्तिपूजा करेबाला सबसे अगल करेसकेबाला बात यीहा बा । उ बात परमेश्वरके बचन बा । परमेश्वर अपन अगमवक्तासबके धर्मशास्त्रमे प्रकट कएल बात उपर अपनेके दृष्टिकोण कईसन बा ? कठी अपनेके धर्मशास्त्रके यी पदसब थाह बा ? कठी अपने उपदसबमे समर्पित होएल बारी ? अथवा कठी अपने ईस्राएलीसब जईसन बारी ? उसबमध्ये कुछ लोगके बारेमे परमेश्वर कहले बा, " यी आदमीसब हमरा ओठसे मात्र आदर करले, लेकिन यीसबके हृदय हमरासे दुर बा । आ यीसब व्यर्थमे हमर उपासना करले, लेकिन उसबके शिक्षा आदमीसबके सिकावल विधि मात्र बा । " (मत्ती १५:८ - ९) आज हमनीके सुनल कथाके सम्बन्धमे धर्मशास्त्र कहले : भाईसब, तोहनीसब यी बात जान कहके हम चाहईसी, कि हमनीके पुर्खासब बादलके निचा रहे, आ सब समुद्रके बीचसे गेलक, फिर भि उसबमध्ये बहुतजनासे परमेश्वर खुसी नभेल, आ उसब मरुभूमिमें नष्ट भेलक । उसब जईसन हमनीके खराब ईच्छा नकर कहके यी बात हमनीके चेतावनीके लागि बा । उसबमध्ये केतना जन मूर्तिपूजक नहोख । यी बातसब उसबके उदाहरणके रुपमे भेल रहे आ हमनी के शिक्षाके लागि लिखल बा । यीहे कारण प्रिय स्रोतासब, मूर्तिपूजासे भाग । (१ कोरिन्थी १०:१,५ - ७,११,१४) दोसर कार्यक्रममे, परमेश्वरके ईच्छामे, हमनी के एगो विशेष पालके बारेमे सुनम, जौन परमप्रभु परमेश्वर ईस्राएलके पापी आदमीसबके परमेश्वर उसबके बीचमे बास करेसको आ उसब भि परमेश्वरकहाँ जाएसको कहके बनाबेके लागि परमेश्वर आग्रह कएले रहे । परमेश्वरके बचनके यी चेतावनीके अपने मनन करईत परमेश्वर अपनेसबके आशिष देले होखे, छोटचालक सर्व, तोहनीसब अपनाचे मर्तिषणापे अलग सच । (१ युहन्ना ५:२१)

।

कार्यक्रम ४०

भेट होखेबाला पाल

प्रस्थान २४ - ४०, लेवी १६

बितल कार्यक्रममे हमनीके ईस्राएलीसब उसबके मिश्रदेशसे छुटकारा देबेबाला परप्रभु परमेश्वरसे उसब कईसे अलग होलक कहके सनली। मोशा सीनै पर्वतमे परमेश्वरके व्यवस्था पाईत समयमे ईस्राएलीसब सोनाके बाछा बनाके पूजा कएलक ! उसब मूर्तिपूजा कएलक जेका कारण लगभग ३००० आदमीसब मरगेल । आज हमनीके बहुत खुसीके कथा सुनम । लेकिन हमनीके यी कथा सुनईत क्रममे ध्यान देला जरुरी बा, काहेकी यी कथा गहिरा अर्थसे भरल बा । परमेश्वर मोशा आ ईस्राएलीसबके उसबके बिचमे रहे सको आ उसब भि परमेश्वरकहाँ आएसको आ कईसे परमेश्वरके आराधना करेके कहके सिखेसको कहके परमेश्वर एगो विशेष पाल बनाबेला उसबके कहलक कहके सुने जाईत बारी । ईस्राएलीसब मिश्र से कनानके ओर जाईत क्रममे उसब छाउनीमे राखेबाला उ पाल केन्द्र होखो कहके परमेश्वर पालके डिजाईन बनएले रहे । प्रस्थानके पुस्तक २४ अध्यायमे धर्मशास्त्र कहले : परमप्रभुके महिमा सीनै पर्वतमे रहगेल, आ बादल छ दिनतक पर्वतके ढाकले रहगेल । सातवा दिनमे परमप्रभु बादलके बीचसे मोशाके बोलएलक । ईस्राएलीसबके दृष्टिमे परमप्रभुके महिमाके रुप पर्वतके टुप्पामे भस्म करेबाला आगी जईसन रहे । तब मोशा बादलके बीचसे होके अएलक, आ उ पर्वतमे चालीस दिन आ चालिस रात रहलक । (प्रस्थान २४:१६ - १८) परमप्रभु मोशाके कहलक, “ ईस्राएलके सन्तानसबके कह, कि उसब हमरा लागि भेटी लेआवो । हरेक आदमी अपन मनके राजीखुसीअनुसार चढावल भेटी तु हमरा लागि ग्रहन कर । उसबके भेटि यीहे रही : सोना, चाँदी, काँसे, नीलो, लाल धागा, आ मलमलके कपरा, बाखाके भुत्ला, लाल रङ्ग भेल भेडाके छालासब, सीलके छालासब, बबुलके काठ, बत्तीके लागि भद्राक्षके तेल, अभिषेक करेबाला तेल आ सुगन्ध धूपके लागि मसला, एपोद आ छाती-पातामे जोरेके लागि आनिक्स आ और रत्नसब । हम तोहनीसब सँगे रहेके लागि उसब हमरा लागि एगो पवित्र रहेबाला ठाउँ बनाब । हम तोहरा देखाएम कै नमूना बमोजिम पवित्र रहेबाला ठाउँ आ ओकर सब सामानसब तु बनईह । (प्रस्थान २५:१-९) परमेश्वर मोशाके कहल बात एकदम अचम्मके बा । परप्रभु परमेश्वर ईस्राएलीसबके बीचमे, परमेश्वरके विरुद्धमे बहुत बेर (पाप करेबालासबके बीचमे रहेके योजना बनएलक ! असीम महान आ पवित्र परमेश्वर काहे औसन पापीसबसँगे रहेके चाहले ? परमेश्वर जे आत्मा बा, आ परमेश्वरके कौनो चिजके आवश्यक्ता नहोखले, परमेश्वर काहे अपनासे दुर भेल आदमके सन्तानसबसे सम्बन्ध राखेके चाहले त ? हमनीके पहिले सुनल अनुसार परमेश्वर आदमीसबके अपने स्वरुपमे बनएलक, काहेकी परमेश्वर उसबसँगे संगति करेके चाहईत रहे । आदमीके पापके कारण, उ संगति टुटगेल, लेकिन परमेश्वर एगो धार्मिक रास्ता स्थापना कएलक जेकासे पापीसब परमेश्वरके ओर आए सकईत । अद्धितीय पाल (तम्बु) आ विस्तृत व्यवस्थासबसे, परमेश्वर आदमके सन्तानसब परमेश्वरके नजिक कईसे आए सकी कहके चित्रण करेके योजना बनएलक । आ हमनीके पहिले सिखला अनुसार परमेश्वर पवित्र होएके कारणसे पापीसब कौनो भि तरिकासे परमेश्वर कहाँ जाए जसकइत

यीहे कारण परमेश्वर ईस्राएलीसबके अउर जईसन पाल बनाबेके आदेश देलक, ताकि परमेश्वर उसबके बीचमे, अपन पवित्रता आ महिमाके योग्य तरिकामे होए सको । एका साथे, यीहे वासस्थानके माध्यमसे, परमेश्वर भावी पुस्ताके उ

कईसन बा कहके बारेमे आ परमेश्वर सँसारमे पठाबेके योजना कएल मुक्तिदाताके बारेमे बहुत महत्वपूर्ण पाठसब सिकाबेके योजना बनएलक । ईस्राएलीसब परमेश्वरके लागि बनाबेबाला बासस्थानके बारेमे परमेश्वर मोशाके कठी कहले रहे कहके जाँच करेसे पहिले, हमनीके यी बुझेके परी कि, परमेश्वर अपना रहेके लागि उ बासस्थान न बनाईत रहे । संसार आ यीमे रहल सब चिजके बनाबेबाला सर्वोच्चके परमेश्वर आदमीके बनाएल घरमें न रहलें । अगमवक्तासबके लेखसबमे, परमप्रभु अपने यी घोषणा करले, "स्वर्ग हमर सिंहासन बा, आ पृथ्वी हमर पाउदान बा । हमरा लागि तोहनीसबके बनाबल भवन कहवा बा ? हमर विश्राम करेबाला ठाउँ काहाँ बा ? काहेकी हमरे हातसे यी सब चिजसब बनल बा ।" (यशैया ६६: १-२) फिर काहे परमेश्वर इस्राएलीसबके अपना लागि एगो पवित्र स्थान बनाबेके आदेश देलक त ? परमेश्वर ईस्राएलीसब आ संसारके सब आदमीसबके उसब सँगे संगति करेके चाहले कहके सिखाबेके चाहईत रहे । परमेश्वर उसबके अगारी धार्मिक ओरसे चित्र राखेके चाहईत रहे जेकासे आदमीसब अपन पापके ऋण चुक्ता करे आ स्वर्गमे परमेश्वरसँगे सदाके लागि बाँचेके अधिकार प्राप्त करेसकी । आईसी, परमेश्वर मोशा आ ईस्राएलीसबके अपना लागि एगो बिशेष पाल बनाबेके आदेश देलक ताकि, परमेश्वर उसबके बीचमे रहेसको । लेकिन भेट होखेबाला पाल कौनो साधारण पाल जईसन नरहे । भेट होखेबाला पालके काम कईसे करेके रहे कहके धर्मशास्त्रमे पचास गो अध्यायसबमे लिखल बा । उसब प्रसिद अध्यायसब बा आ उ सबके बारेमे सुनाबेके हमनीके पास समय नबा । लेकिन हमनीके कुछ बातके छोटकरीमे बताबेके प्रयास करेंसकम । अपनेके भेट होखेबाला पालके बारेमे जानेवाला पहिला बात यीहे बा की परमेश्वर मोशाके भेट होखेबाला पालमे दुगो कोठासब होएके परी कहके कहले रहे । पहिलका कोठाके पवित्रस्थान कहले । उ कोठामे तीनगो बातसब रहे : एगो सोनाके टेबुल रहे जौनमे उसब हरेक दिन धूप बारईत रहे, एगो तेलके दिया आ एगो टेबुल जेमे परमेश्वरके आराधनामे चढाबेबाला रोटी रहे । उ कोठामे पुजारीसब बाहेक केहु भितर जाए नसकईत रहे । पुजाहारीसब उ आदमीसब रहे जेका परमेश्वर आदमीसबके पापसब ढाकेके लागि बलिदानके रुपमे पशुसब मारेके लागि हारुनके

(सन्तानसबसे छान ले रहे । पालके दोसरका कोठा सबसे पवित्र स्थान (महापवित्रस्थान) रहे । एका महा पवित्रस्थान कहईत रहे, काहेकी पाल बनाके पूरा भेलाके बाद परमेश्वर उहाँ अएलक आ अपन महिमासे उ कोठाके पूरा भरदेल । यी महापवित्र स्थान स्वर्गके चित्रण करले, जहाँ परमेश्वर रहले । उ विशेष कोठा केवल परमेश्वरके मात्र रहे । भेट होखेबाला पाल एकेगो पाल रहे, लेकिन उमे एगो सुन्दर पर्दा रहे, भारी पर्दासे पाल दुगो कोठामे विभाजन होगेल रहे । यी पर्दा आदमीके असीम पवित्र परमेश्वरके महिमामय उपस्थितिसे अलग करेके काम कएले रहे । एकबेर सबके लागि उ पर्दा अईसे घोषणा कएले रहे : बाहरे रह कित मर ! वर्षमे एकबेर मात्र पालके भितर प्रवेश करेबाला पुजाहारी बाहेक दोसर केहु भि उ महाँपवित्र स्थानमे प्रवेश करे नसकईत रहे । आ यीमे प्रवेश करेके लागि प्रधान पुजाहारी अपन पाप आ आदमीसबके पापके लागि बलिदानके खुन लेआबेके रहे । महापवित्रस्थान भितर परमेश्वर मोशाके बबूल काठसे बनल एगो बाकसके सोनासे मोडके राखेके कहलक ।

उ बाकसके करारके सन्दुक कहले । करारके सन्दुकभितर उसब पत्थरके दुगो पाटीसब राखेके परईत रहे, जेमे दश आज्ञासब लिखल रहे । उसब सन्दुकके उपर दुगो विशेष स्वर्गदूतसबके साथ सोनाके ढक्कन भि राख्लक । सन्दुक स्वर्गमे रहल परमेश्वरके सिंहासनके चित्रण कएले रहे । प्रत्येक वर्ष एक चोटी प्रधान पूजाहारी सन्दुकमे, बोकाके खुन छर्केके परईत रहे, ताकी परमेश्वर ईस्राएलीसबके पापसब क्षमा करेसको । एहीसे परमेश्वर यी ढक्कनके प्रायश्चितके आवरण, वा कृपा आसन कहलक । एकाबाद परमेश्वर मोशाके भेट होखेबाला पाल आ चोकके आसपास बरका

पर्खालके रुपमे सेवा करेके लागि उसब कईसे उजर बरका पर्दा बनाबेके परी, कहके सिकएलक । पालके आसपासके पर्दामे उसब एगो ढोका (प्रवेशद्धार) बनावेके परईत, ताकि केहु भि उ ढोकासे नहोके भेट होखेबाला पालमे जाएके नपरो । आँगन भितर, प्रवेशद्धारके अगारी, परमेश्वर मोशा आ ईस्राएलीसबके काँसासे बनल वेदी राखेके आज्ञा देलक । चोकके ढोकासे जाएबाला हरेक आदमी काँसाके वेदीमे आएके परईत रहे । परमेश्वर ईस्राएलीसबके आ आदमके सब सन्तानके खुनके बलिदानके रास्ता मात्र उसब परमेश्वरसँगे सम्बन्ध राखेसकेबाला एक मात्र तरिका बा कहके सिकाबेके चाहईत रहे । परमेश्वरके वासस्थानमे प्रवेश करेके चाहेबाला हरेकजन पापके प्रायश्चितके रुपमे पशुबलि चरहाके मात्र प्रवेश करेके परईत रहे । प्रायश्चितके अर्थ कठि बा ? यी पापसब ढाकेके लागि, शुद्ध करेके लागि, आ क्षमा करेसकेबाला मूल्य चुकाबेबाला बातसे सम्बन्धित बा । खुनके बलिदानके माग कएले बा । परमेश्वर ईस्राएलीसबके पापके लागि मृत्यु भुक्तानीके आधारसे बाहेक केहु भि परमेश्वरके नजिक जाए नसकी कहके सिखाईत रहे । एहीसे परमेश्वर मोशाके कहलक : काहेकी जीवनधारीके प्राण ओकर खुनमे रहले, हम खुन वेदीमे तोहनीसबके लागि प्रायश्चित करेके लागि देले बारी, काहेकी खुनसे हि आदमीके जीवनके लागि प्रायश्चित होखले । (लेवी ११:१७) परमेश्वरके आराधना करेके चाहेंबाला पहिले अपन पाप क्षमाके लागि पशुबलि चढाएके परईत रहे । आराधना करेबाला भेट होखेबाला पालके चोकमे साँढ, भेडा वा चरा लेआबेके परईत रहे । वेदीके अगारी आराधकसब अपन लेके आएल बलिदानके मुरमे अपन हात राखके उसब अपन पापसबके लागि हमनीके मरेके योग्य बारी कहके, परमेश्वरके सामु स्वीकार करेकेपरईत रहे । एकाबाद, पुजाहारी उ जनावरके मारेके परईत रहें । एकाबाद पुजाहारी बलिदानके खुन लेके वेदीमें आ वेदीके आसपास भुईयामे छर्केके आ एकाबाद बलिदान बेदीमे जराएके परईत रहे । अईसही परमेश्वर दोषी व्यक्तिसबके पापके क्षमा करेबाला वा ढाकेबाला काम करेसकईत, काहेकी उसब मरेबाला ठाउँमे निर्दोष जनावर मरेके परल रहे । ईस्राएलीसब यी बलिदानसब बारम्बार दोहराबेके परल रहे । लेकिन पशु बलिसब परमेश्वरके पवित्रताके हरदम सन्तुष्ट करे नसकल । उसब पापीसबके ठाउँमे आबेबाला आ मरेबाला उद्धारकर्ताके अस्थायी दृष्टान्टसब मात्र रहे, जेसे परमेश्वर अपन धार्मिकतामे सम्झौता नकरके, आदमीके पापके ऋण सदाके लागि मिटाबेसको । प्रधान पुजारी भेट होखेबाला पालके दोसरका कोठा अर्थात महापवित्रस्थानमे प्रवेश करेके लागि मुक्तिदाता, पापीसबके लागि कठि करेबाला बा कहके चित्रण करेके लागि, परमेश्वर वर्षके एकदिन छुट्एले रहे । उ दिनके प्रायश्चितके दिन कहईत रहे । उ दिन आ उ दिनमात्र हरेक बर्ष अक्टोव एकबेर प्रधान पूजाहारीके महापवित्रस्थानमे प्रवेश करेबाला आ करारके सन्दुकके प्रायश्चितके आवरणमे खुन छर्केके अधिकार रहे ।

ओकर अपने पाप आ आदमीसबके पापसब ढाकेके लागि निष्खोट जनावरके खुन नलेआके उ कहियो भि महापत्रिस्थानमे प्रवेश करे नकईत । अईसही परमेश्वर पापीसबके क्षमा करेके लागि, आ परमेश्वरके उपस्थितिमे सदाके लागि स्वागत करेसको, कहके उद्धारकर्ता अपन खुन बहाबेंबाला दिनके प्रतिक्षा करईत रहे । प्रिय मित्रसब, हमनीके अभि बहुत कहेके बा, लेकिन हमनीके समय लगभग पूरा होगेल बा । लेकिन हमनीके अपनेसबके बिदा देबेसे पहिले, भेट होखेबाला पालके बारेमे बुझेबाला दोसर महत्वपूर्ण बात बा । प्रस्थानके अन्तिम अध्यायमे हमनीके पढम : परमप्रभु मोशाके देहल आज्ञा बमोजिम सब काम ईस्राएलीसब कएलक । तब मोशा उ कामसब देखलक, आ जईसे परमप्रभु मोशाके आज्ञा कएले रहे, उसब उहे कएले रहे । आ मोशा उ सबके आशिर्वाद देलक ..... तब भेट होखेबाला पालके बादल छेकदेल, आ परमप्रभुके महिमा पवित्र वासस्थान भरगेल । आ मोशा भेट होखेबाला पालमे प्रवेश करे नसकल, काहेकी उ बादल भेटहोखेबाला पालमे रहगेल, आ परमप्रभुके महिमासे पवित्र वासस्थान भरगेल । (प्रस्थान ३९:४२-४३) भेट होखेबाला पाल बनएलाके बाद, सूर्यके ज्योतिसे भि बरहके परमेश्वरके ज्वलन्त महिमा भेट होखेबाला

पालमे अएलक आ पवित्र स्थानमे भरगेल ! यी सब बात प्रतिज्ञा कएल मुक्तिदाताके देखाबले, जे स्वर्गसे आदमके सन्तानसबके बीचमे रहेके लागि आबेबाला बा । भेट होखेबाला पाल आ यी से जोरल सब बात उनकर चित्रण कएले रहे । जईसे पवित्र धर्मशास्त्र मे लिखल बा : शुरुमे वचन रहें, आ वचन परमेश्वरसँगे रहे, आ वचन परमेश्वर रहें, आ वचन देहधारी होके, हमनीके बीचमे रहलक । हमनीके उनकर महिमा अनुग्रह आ सत्य पूर्ण भेल देखली (युहन्ना १:१,१४)। तु उनकर नाम येशू राख्ब, काहेकी उ अपन आदमीसबके उसबके पापसे बचाई । अगमवक्तासे परमप्रभुके बोलल वचन पूरा होएके लागि यी सब भेल बा, सुन कन्या गर्भवती होई, आ उ एगो पुत्र जन्माई, आ उनकर नाम ईमानुएल होई," जेकर अर्थ बा, "परमेश्वर हमनीसबसँगे ।" (मत्ती १:२१-२३) हेर, संसारके पाप उठाके लेजाबेबाला परमेश्वरके थुमा (युहन्ना १:२९) । भेट होखेबाला पालके सब प्रतिकात्मक बातसब येशु पूरा करदेल । येशु ख्रीष्ट पवित्र बा, जे स्वर्गसे मानव शरीरके पालमे रहे अएलक । येशु ख्रीष्ट परमेश्वरके थुमा भि बा, जे समय आ अनन्तके लागि परमप्रभु परमेश्वरसँगै घनिष्ट सम्बन्धकें आनन्द लेबेके लागि हमनीके सम्भव बनाबेके लागि अपन खुन बगएलक । तोराह आ एगो सुसमाचारके यी दुगो पदसबके मनन करईत परमेश्वर अपनेके अशिष देबे : हम उसबके मध्यमे रहेके लागि उसब हमरा लागि एगो पवित्रस्थान बनाओ ।

सुन, कुमारी गार्भधारण होई, आ उ एगो पुत्र जन्माई, आ उनकर नाम इम्मानुएल रही, जेकर अर्थ परमेश्वर हमनीसँगे बा । (प्रस्थान २५:८, मत्ती १:२३)

*

कार्यक्रम ४१

ईसएलीसबके अविश्वास गन्ती १३-१४

हमनीके तोराहके हरदम अनबेशण करम । तोराह अगमवक्ताके लेखोटसबके पहिलका भाग बा आ यीमे पाँचगो पुस्तकसब बा कहके हमनीके बुझले बारी । उत्पत्ति कहेबाला पहिलका पुस्तकमे हमनीके कष्ट, मृत्यु आ दोश लेआईत संसारमे पाप कईसे प्रवेश कएलक कहके सिखली, कि परमेश्वर आदम आ आदमके सन्तानसबके पापके दण्ड नरकके अनन्त आगीसे बचाबेके योजना कएले रहे । कईसे परमेश्वर, अपन धार्मिकतामे सम्झौता न करके, पापीसबके क्षमा करेसको कहके, पापी सबके लागि, मरेके लागि उद्धारकर्ताके पठाबेके प्रतिज्ञा कएले रहे कहके हमनीके बुझले रहली । उत्पत्तिके किताब हमनीके कईसे परमेश्वर अब्राहामके छानलक, आ परमेश्वरसे एगो बरका जाति आ राष्ट्र बनाबेके प्रतिज्ञा कएलक । जौन जाति वा राष्ट्रसे भविश्यवक्तासब आ संसारके मुक्तिदाता आबेबाला बा कहके बतावले। तोराहके दोसरका पुस्तक अथवा प्रस्थानके पुस्तकमे कईसे, परमेश्वर अब्राहामके सन्तान, ईस्राएलीसबके मिश्रदेसके सयौ वर्षके दासत्वसे छुटकारा देलक कहके हमनीके सुन्ली । मोशाके ईस्राएलीसबके अगुवाके रुपमे परमेश्वर, ईस्राएलीसबके कुलसबके मिश्रसे बाहर निकालके उजाड- स्थानमे लेगेल, उसबके सीनै पहाडमे लेअएलक, जहाँ परमेश्वर ईस्राएलीसबके अपन व्यवस्था देलक आ उसबके खुनके बलिदान करेके तरिकाके बारेमे सिकएलक जेकासे परमेश्वर अस्थायी रुपमे उसबके पापसब ढाकदेल रहे । वितल कार्यक्रममे कईसे परमेश्वर मोशा आ ईस्राएलीसबके उसबके बीच मे परमेश्वर बास करेसको कहके अपना लागि एगो सुन्दर आ विशेष पाल बनाबेके आज्ञा देलक कहके हमनीके थाह पईली । सब चिज तयार भेलाके बाद, बादल भेट होखे बाला पालके ढाकदेल रहे, आ परमप्रभुके महिमासे रहेबाला स्थान भरल रहे (प्रस्थान ४० : ३४) । परमेश्वर कईसे ईस्राएलीसबसे घनिष्ठ सम्बन्ध राखेके चाहले कहके देखाबईत रहे। लेकिन भेट होखेबाला पालके बेदीमे चढाबेबाला बलिदानके खुनके माध्यम बाहेक, दोसर कौनो माध्यमसे भि कौनो आदमी परमेश्वरके नजिक जाएनसकी । भेट होखेबाला पाल आ यीमे करेबाला पशुके बलिदान, केवल स्वर्गसे यी पृथ्वीमे आबेबाला, आ पापके उठाके लेजाबेके लागि, बलिदानके रुपमे खुन बहाबेके लागि, आबेबाला उद्धारकर्ताके एगो छायाँ मात्र रहे आ ओकर चित्रण मात्र कएले रहे । तोराहके तिसरका खण्डके लेवी कहले, जेमे परमेश्वर मोशाके ईस्राएलीसबके पापके कईसे ढाकेके आ परमेश्वरके धन्यवाद, प्रशंसा आ आराधना व्यक्त करेबाला बलिदानसब प्रस्तुत करेबाला परमेश्वरके देल नियमसब विस्तृत रुपमे वर्णन कएले बा, जौन नियमसब लिखेके लागि परमेश्वर मोशाके प्रेरणा देले रहे । यी पुस्तक गहन बा, आ यीमे रहल बातसब बताबेके हमनीके पास समय नबा । यदि अपनेसब यी पुस्तकके अध्ययन करम त, उहाँ अपने पवित्र आ खुन कहेबाला दुगो शब्दसब भेटाएम, जौन शब्द लगभब २०० बेर भेटाएम । यी दुगो शब्दसब, सम्पूर्ण पुस्तकके सन्देशके सारके व्यक्त करले । काहे, यी दुगो शब्दसब यी पुस्तकमे बारम्बार भेटाबले त ?

काहेकी एगो आदमीके बुझेसकेबाला सबसे महत्वपूर्ण सन्देशसबमध्ये एगो सन्देश, परमप्रभु परमेश्वर पवित्र बा (लेवी ११:४५) आ खुन जीवनके लागि प्रायश्चित करेबाला एगो माध्यम बा (लेवी १७:११) । तोराहके तीसरका पुस्तकके मान्यता कईसे भ्रष्ट आ पापके दाग लागल आदमी शुद्ध आ पवित्र परमेश्वरके नजिक जाएसकी कहके

ईस्राएलीसबके सिकाबेके रहे । परमेश्वर उसबके पाप बलिके खुन बाहेक केहु भि परमेश्वरके नजिक जाएनसकी, आ उ एगो बलिदानसे संसारमे आके पापीसबके ठाउँमे मरेबाला पवित्र उद्धारकर्ताके पूर्णचित्रण करले कहके स्पष्ट रुपसे बतादेले रहे । आउ अब हमनीके मोशाके लिखल तोराहके चौथका खण्ड परहु, जेका गन्तीके पुस्तक कहले । यी पुस्तकमे हमनीके ईस्राएलीसब एक बर्षतक सीनै पर्वतके फेदमे रहलक कहके सुनम । उ बर्षके अन्तरालमे परमेश्वर उसबके पवित्र जाति वा राष्ट्र कईसन रहेके चाहि कहके सिखएलक । परमेश्वर मोशाके तोराहके बहुत भागसब लिखेके लागि प्रेरित कएलक जेकासे आज हमनीके पढेके सुरु करईत बारी । लेकिन परमेश्वर अपन जाति सबदिन उजाड - स्थानमे रहो कहके मनसाय ना राखले रहे । यीहेकारण, एकदिन परमेश्वर मोशाके उसबके समान सब बोकके, उहाँसे निकलके उसबसे प्रतिज्ञा कएल प्रशस्तताके देश कनानमे जाएके लागि अगारी बरहेके आदेश देलक । जौनदिन उसब सीनैसे प्रस्थान करेलागल रहे, उहेदिन भेट होखेबाला पालके ढाकेबाला परमेश्वरके महिमाके बादल उठगेल आ उसबके अगारी अगारी चलेलागल । अईसही, परमेश्वर उसबके अपन उपस्थितिके महशुस करादेल आ उ सबके दिनमे बादलके खम्बा आ रातमे आगीके ज्वालाके खम्बासे चलएलक। अईसही, ईस्राएलीसब परमेश्वर अब्राहाम आ अब्राहामके सन्तानसबके सयौं वर्ष अगारी प्रतिज्ञा कएल देश, कनानके सिमानामे नअएलातक बादल उसबसँगे चलतेगेल । परमेश्वर उसबके कएल अपन कौनो भि प्रतिज्ञासब न विस्रएलक । परमेश्वरके विश्वासयोग्यता आ शक्तिके कारण, ईस्राएलीसब कनान देशके सिमानामे आगेल रहे, जेका आज हमनीके प्यालेस्टाईन वा ईस्राएल कहईसी । लेकिन कनान उहाँके बासिन्दासबसे भरल रहे । कनानके बासिन्दासब बहुत रहे आ उसब बहुत शक्तिशाली भि रहे। फिर ईस्राएलीसब उ देश कईसे हासिल करेसकईत त ? उहाँ एगो मात्र तरिका रहे : परमेश्वर उसबके उहाँके भूमि देई । परमेश्वरके लागि कौनो भि काम कठीन न बा । परमेश्वर अब्राहामके यी प्रतिज्ञा कदेल रहे : "हम यी भूमी तोहर सन्तानसबके देहम । " (उत्पत्ति १२:७) परमेश्वर कनानके आदमीसबके नाश करेके आ उ भूमि अब्राहामके सन्तानसबके देबेके योजना बनएलक । यी बात बुझला महत्वपूर्ण बा कि कनानके आदमीसबके पापसब बहुत बरका रहे । उसब घोर अनैतिकताके दोषी रहे । अपन बेटाबेटीसबके उसबके झूठा देवतासबके बलिक चढाईत रहे। कनानके आदमीसबसँगे परमेश्वर बहुत धैर्य कएले रहे, लेकिन उसब अपन पापी आ लाजमर्दो कामसब करते रहे । परिणाम स्वरुप, परमेश्वर ईस्राएलके कुलसबके उसबके भूमि देबेके योजना कएलक । अब आउ हमनीके ईस्राएलसब जब कनान देशके सिमानामे अएलक त कठी भेलक कहके तोराहके चौथका खण्ड पढु । गन्ती १३ अध्यायमे हमनीके अईसे पढईसी : परमप्रभु मोशाके कहलक “कनान देशभितर गुप्तचरसब पठान । उ देश हम ईस्राएलीसबके देहम । अपन अपन पुर्खाके कुलसे एक-एक जना नायक पठान ।” यीहेकारण, परमप्रभुके आज्ञाअनुसार मोशा पारानके मरुभूमिसे उसबके पठएलक, यीहेसे उसब जाके उ देशके बारेमे पता लगएलक । चालीस दिनके अन्तमे उ देशके भेद लेलाके बाद उसब फिरगेल ।

।

उसब फिरके पारानके मरुभूमि भेल देशमे मोशा, हारुन आ ईस्राएलीके सारा समुदायकहाँ अएलक, आ सारा समुदायके सम्पूर्ण वृतान्त बतादेल, आ उसबके उ देशके फलफूल देखादेल । उसब मोशाके कहलक, “अपनेके पठावल ठाउँमे हमनीके पुगेली । साँचो उहाँ दूध आ मह बहले, आ ओकर फलफूल यी बा । जेभि होए, उहाँ रहेबाला आदमीसब बलवान बा आ शहरसब पर्खालसे घेरल आ बहुत बरका बरका बा । उ बाहेक हमनीके उहाँ कनानके सन्तानसब - उसबके दैत्य कहले) भि देखली । तब कालेब मोशाके सामने आदमीसबके शान्त बनाके कहलक, “हमनीके तुरन्त उहाँ

जाके उ देश कब्जा करु, काहेकी उ हमनीके अवस्य जिते सकम । लेकिन उसबसँगे जाएबाला आदमीसब कहलक, उ आदमीसबके विरुद्धमे जाए सकम, काहेकी उ हमनीसे बरियार बा ।" पता लगाके आएल देश त अपने बसिन्दासबके निलईत बा, आ हमनीके उहाँ देखल आदमीसब दैतयजईसन बा । उहाँ हमनीके नेफिलीमसब -दैतयसब) देखली । हमनीसबके त उसबके सामनेमे अपनाके चिउटी जईसन लागलक । उसबके नजरमे हमनीसब औसनके देखली । - गन्ती १३:१-३, २१, २५-२८, ३०-३३) उ रात सारा समुदाय चिच्चिया चिच्याके रोएलक । सब ईस्राएलीसब मोशा आ हारुनके विरुद्धमे गनगनएलक, आ सारा समुदाय उसबके कहलक, “हमनीके मिश्र देशमे मरल रहती त ठीक रहईत, अथवा यी उजाड स्थानमे मरल रहती त ठीक रहईत । काहे परमेश्वर हमनीके तरवारसे मरेके लागि यी ठाउँमे लेआईत बा ? हमनीके जहान आ बालबच्चा लूट स्वरुप पकाई । अब मिश्रदेशमे फिरेके हमनीके उचित न बा ?" आ उसब अपसमे कहलक, “हमनीके एगो अगुवा चुनके मिश्रदेश फिरु ।" तब मोशा आ हारुन ईस्राएलीसबके सारा समुदायके सामने झुकगेल । देशके भेद पता लगाबेगेल मध्येके नूनके बेटा यहोशू आ युपन्नेके बेटा कालेब अपन लुगा फारलक, आ ईस्राएलीसबके सारा समुदायके उसब कहलक, " हमनीके भेद लेबेगेल देश बहुत असल देश बा । यदि परमप्रभु हमनीसे प्रसन्न होखी त, उ हमनीके उ देशमे लेआई, आ उ दूध आ मह बहेबाला देश हमनीके देई । केवल परमप्रभूके विरुद्धमे खड़ा नहोख । आ उ देशके आदमीसबसे नडेराब, काहेकी उसब त हमनीके शिकार होई । उसबके सुरक्षा उसबसे हटगेल बा, लेकिन परमप्रभु हमनी ओर बा । उसबसे नडेराब ।” लेकिन सारा समुदाय उसबके पथरसे मारेके परी कहके योजना कएलक । उ बखत परमप्रभुके महिमा भेट होखेबाला पालमे सब ईस्राएलीसबकहाँ देखा परलक । आ परमप्रभु मोशाके कहलक, “यी आदमीसब हमरा केतना तिरस्कार करी ? यिसबके बीचमे हमर कएल चिन्हसब देखके भि यीसब कहियातक हमरा उपर अविश्वास करी ? (गन्ती १४:१-११) । कठी अपने सुनली ईस्राएलीसब कईसे परमेश्वरके अपमान कएलक आ उनकर विरुद्धमे पाप कएलक ? उसबके अविश्वासके कठी अपने सुन्ली ? कईसे उसब परमेश्वरके अपन बचनसे बरका आरोप लगएले रहे कहके कठी अपने याद कईली ? हँ, उ दिन, ईस्राएलीसब बरका पाप कएले रहे, काहेकी उसब कनान देश देहम, कहके परमेश्वरके कएल प्रतिज्ञाके विश्वास नकएलक । परमेश्वर अब्राहाम, ईसहाक, याकूब, योसेफ आ मोशाके कएल प्रतिज्ञासबमे उसब विश्वास नकएलक । उसब आजके बहुत आदमीसब जईसन रहे, जे कहले “हमनीके परमेश्वर आ अगमवक्तासबमे विश्वास करईसी" लेकिन बास्तवमे उसब परमेश्वरके विश्वास नकरले, न त उसब अगमवक्तासबके विश्वास कएले रहले । काहेकी परमेशवर अपन अगमवक्तासबसे पवित्र धर्मशास्त्रमे प्रकट कएल बातके उसब विश्वास न करले । परमेश्वरके सामने अविश्वास एगो भयानक, पाप बा ।

परमप्रभु मोशा आ हारुनके कहलक, "हमर विरुद्धमे यी दुष्ट समुदाय केतना गनगनाई ? उसब हमर विरुद्धमे गनगनाएल हम सुनले बारी । उसबके कह, जईसे हम जीवीत बारी परमप्रभु घोषना करले, हमरा सुनाके तोहनीसब जठी कहले रहल, हम उहे करम । तोहनीसबके लाश यीहबे उजाड स्थानमे छोरदियाई, आ यपुन्नेके बेटा कालेब आ नूनके बेटा यहोशू बाहेक गणना भेल आ हमर विरुद्धमे बोलबाला बिस बर्षसे उपर केहू भि रहेके लागि देहम कहके शपथ खाके प्रतिज्ञा कएल देशमे जाए नपाई । लूट स्वरुप पकाई कहके कहल तोहनीसबके बेटाबेटीसबके हम उहाँ पुगाहम, आ तोहनीसब अबहेलना कएल ठाउँ उसब प्राप्त करी लेकिन तोहनीसबके लाश यीहे उजाड स्थानमे रही । यी बोलेबाला हम परमप्रभु बारी, आ हमर विरुद्धमे भेला होखेबाला यी दुष्ट समुदायके हम अईसने करम । यीहे उजाड स्थानमे उसब मरके मिट्जाई । मोशा भेद पता करेके लागि जब पठएलक तब खराब समाचार देबेबाला आदमीसब परमप्रभुके सामने रुढीसे मरगेल, काहेसे उसब अशुभ खबर लेआके सब जनके मोशाके बिरुद्धमे बोलेके लगएलक ।

लेकिन देशके भेद लेबे जाएबाला मध्ये केवल यहोश आ युपुन्नेके बेटा कालेब मात्र जीवित रहलक । काहेकी उसब परमप्रभुके बचनमे विश्वास कएले रहे । (गन्ती १४:२६-३२), हमनीके सुनली कि परमप्रभु फारोके हातसे छुटकारा देके कनान देशके सिमानामे लेअएलक फिरभि, उसब विश्वास ना कएलक । परमेश्वरके बचनमे विश्वास नकरेबाला के परमेश्वर कठी कएलक त ? परमेश्वर उसबके उजाड - स्थानमे मरेदेलक । ईस्राएलीसबके यी पुस्ता काहे कनान देशमे प्रवेश करे ना पएलक त ? काहेकी उसब परमप्रभुके बचनके विश्वास ना कएलक । प्रिय स्रोतासब, परमेश्वरके बचनके विश्वास नकएला दुःखद नतिजा सहितके दुष्ट बात बा। परमेश्वर अपन पवित्र बचनमे घोषणा कएल बातसबके घृणा आ उदासीनताके साथ व्यवहार करेबाला आदमीसब परमेश्वरके झूठा बनाबले, आ परमेश्वरके अनन्तके राज्यमे उ कौनो भाग लेबे नसकी । केहू भि अविश्वास करके नष्ट होखो यी परमेश्वरके ईच्छा न बा । परमेश्वर अपने स्थापना कएल मुक्तिके धार्मिक रास्ताके बारेमे सुसामाचार सबजना विश्वास करो कहके परमेश्वर चाहले । लेकिन हरेक व्यक्ति अपना लागि छनौट करेके परी । परमेश्वरके बचनके ईन्कार करेबाला सब नाश होई । अगमवक्तासबके मार्फत परमेश्वरके पवित्र आत्मासे यी चेतावनीके सुनु : एहिसे पवित्र आत्मा कहले, “आज तोहनीसब परमेश्वरके शब्द सुन्लेबार त, उजाड - स्थानमे परीक्षाके समयमे विद्रोहके दिनमे करईत जईसन अपन हृदयके कठोर नपार, भाईसब विचार करु, नत हमनीसबमध्ये केकोमे रहल दुष्ट आ अविश्वासी हृदय तोहनीसबके जीवित परमेश्वरसे दुर नलेजाओ ।" (हिब्रू ३:७-१२, भजनसंग्रह ९५: ७-११) । दोसर कार्यक्रममे, प्रभुके ईच्छामे, हमनीके परमेश्वरके विश्वास नकरेबालासब मरुभूमिमे कईसे नष्ट होगेल कहके सुनम । परमेश्वर अपनेके, आ अपनेके परिवारके आ अपनेके समाजके यी चेतावनीके मनन करईत अशिष देव : होस कर, नत तोहनीसबमे से केकोमे रहल दुष्ट आ अविश्वासी हृदय तोहनीसबके जीवित परमेश्वरसे दुर नलेजाओ । (हिब्रू ३:१२)

कार्यक्रम ४२

काँसाके साप

गन्ती २०-२१

गेल समयमे, हमनी तोराहके चौथा खण्ड गन्तीके पुस्तकमे ईस्राएलीसब परमेश्वर अब्राहम, इसाहक, याकूब आ ओकनीसबके सन्तानके देहम कहके प्रतिज्ञा भूमि कनानके सिमानामे कैसे आगेल कहके सुनले रहि ।

परमेश्वर उ देशमे बसोबास करेबाला बरियार आ शक्तिशाली जातिसबके भेगाएबाला आ उनकर आदमिसबके उ देश सुम्पिदेवेला योजना बनएले रहे । लेकीन बहुत आदमिसबके ओलङके डर लागेबाला दैत्य जैसन आदमिसबसँगे डेराईत रहे आ ओकनीसबके कनान देश देवेबाला परमेश्वरके प्रतिज्ञामे विश्वास नकैलक । ओहिकारण ओकनीके अविश्वासके कारण दण्ड पएलक आ ओकनीसबके अईसे कहलकः

यपुन्नेके बेटा कालेब आ नुनके बेटा यहोशु बाहेक गडणा होएल आ हमर विरुदमे गनगन करेबाला बिस वर्षसे उपर प्रभुके प्रतिज्ञा कैल कनान देशमे जाएनसकि । लुटस्वरुप पकडाई कहके तोहनीके बेटाबेटीसबके हम उ देशमे पुगाएम । लेकिन तोहनीसबके लास यीहे उजाडस्थानमे रहि । (गन्ती १४ः ३०-३२)

परमेश्वर अपन जनसबके प्रशस्त मात्रामे आशिष देवेके चाहैत रहे, लेकिन परमेश्वर ओकनीसबके आशिष देवे नसकल काहेकि ओकनीसब परमेश्वर उपर विश्वास नकैलक । परमेश्वर अईसे ओकनीसबके मरुभूमिमे भौतारेके लागि दण्ड देलै ओलङ २० विर्षसे उपरके आदमिसब मरगेल । आउ अब हमनी ४० वर्षके अन्त्यमे कथि होएल कहके सुनेला गन्तीके पुस्तकमे निरन्तरता देम । गन्ती २० अध्यायमे पढमः

इस्राएलीसबके सारा समुदाय पहिला महिनामे उजाडस्थानमे आगेलि आ वास बस्गेल जहाँ ओकनीसब पहिले परमेश्वरके विश्वास करेला आ उनकर प्रतिज्ञा कैल कनानके भूमिमे प्रवेश करेला इन्कार कैले रहे । तब मोशाके दिदी मिरियम ओहिलङ मरगेल आ गाडदेल ।

सामुदायके लागि ओलङ पानि नरहे, तब आदमिसब मोशा आ हारुनके विरुदमे जम्मा भेल । ओकनीसब मोशासे झगडा करके अईसे कहलक, हमनीके दाजु भाई परमप्रभुके सामने मरेखुना हम भि मरति त ठिक रहे, काहेकि अब हमर गाईबस्तु समेत मरजाई । काहे परमप्रभुके समुदायके अपने यी उजाड-स्थानमे लेआएल ? मिश्रसे हमनीकीके काहे यी खराब ठाउँमे लेअईली ? यी उजाड-स्थानमे नेभार, दाख, अनार किछो नबा । एलङ पिएला पानि भि नबा । (गन्ती २०ः१-५)

कथि अपने इस्राएलीके बात सुनली ? परमेश्वर ओकनीआ ओकनीसबके पितापुर्खासबके लागि सब चिज कैलाके बाद कथि ओकनीके हृदय कृतज्ञतासे भराएल रहे ? नरह, ओकनीसब अपन पितापुर्खा जैसन करैत रहे । ओकनीसब गनगन करैत रहे । ओकनसब मरुभूमिमे जीवनसे थाकगेल रहे, लेकिन ओकनीके अविश्वासके कारण जहाँके त्यही रहे । यी बात साच बा कि ओकनीसँगे पिएला पानी नरहे । लेकिन ओकनीसब काहे परमेश्वरसे

प्रार्थना नकैलक ? ४० वर्षतक मरुभूमिमे हेरचाह करेबाला परमेश्वर कथि ओकनी पानी देवे नसक्तीअई ? परमेश्वर ओकनीसबके हरेक आवश्यकता पुरा करेके चाहैत रहे, ओकनीसब परमेश्वर उपर पूर्ण रपमे विश्वास नकैले रहे । आउ अब हमनी पढुः तब मोशा आ हारुन समदायके सामसे भेट बाला पालके ढोकामे जाके झकगेल, आ परमपभके महिमा ओकनीलङ देखा परलक । परमपभ मोशाके कहलक, यी लाठी लेके तु आ हारुन जाके समदायके जम्मा कर । ओकनीसबके आँखके सामने यी चट्टानके हुकुम कर, आ चट्टानसे पानी निक्ली आ तु यी चट्टानसे ओकनीसबके लागि पानी निकालबे । अईस तु समुदाय आअ ोकनीके गाईबस्तुसबके पानी देवे । तब परमपभके आज्ञा कैल मोशा लाठी लेके परमेश्वरके सामनेसे चलगेल, तब मोशा आ हारुन समुदायके जम्मा कैलक । तब ओकनीसबके कहलक, सुन ए, विद्रोही आदमिसब ! कथि यीहे चट्टानसे हमनी तोहनीसबके लागि पानी निकालदु ?तब मोशा अपन हात उठाके दुबेजी अपन लाठीसे चट्टानमे मारलक । तब ओलङसे प्रसस्त पानी फुटके निकल्लक, तब ओकनीके समुदाय आ गाईवस्तुसब पिलक । तब परप्रभु मोशा आ हारुनके कहलक, हमरा इस्राएलीसबके अगाडि पवित्र तुल्याएके लागितोहनीसब हमरा उपर विश्वास नकैलासे हम ओकनीसबके देवेबाला देशमे तोहनीसब यी समुदायके पुगाए नपएबे । । (गन्ती २०ः६-१२)

कथि भेल रहे कहके अपने बुझली ? समुदायके लागि उपलब्ध कराएला परमेश्वर मोशाके कथि आज्ञा देले रहे ? परमेश्वर कहले रहे, चट्टानसँगे बात कर । चट्टानसँगे बात करके कथि मोशा परमेश्वरके आज्ञा पालन कैलक ? अहँ नकैलक, मोशा अपन खिसके झोकमे चट्टानके दुबेजी लाठीसे मारलक । यी कामसे परमेश्वरके अप्रसन्न तुल्याएल । ओहीकारण परमेश्वर मोशाके कहलक, हमरा इस्राएलीसबके सामने पवित्र तुल्याएके लागि तोहनीसब हमरा उपर विश्वास नकैलासे ह मतोहनीके देम कहेबाला देशमे तोहनीसब यी समुदायके पुगाए नपएबे । (गन्ती २०ः१२)

सायद हमनीके सोचाईमे, परमेश्वर मोशाके देल सजाय बहुत कठोर होई । जथिभि होखे, हमनी याद करेके परि कि परमेश्र उनकर वचनमे विश्वास आ उनकर वचनमे हमनी आज्ञाकारी होएके परि कहके चाहले । परमेश्वर उनकर वचनके जाएबाला कौनो भि बाके कहियो भि स्वीकार नकरि, चाहे उ मोशा जैसन अगमवक्तासे काहे होखो ।

परमेश्वर पष्क्षपात नदेखावले । मोशा एक महान अगमवक्ता रहे, लेकिन उ हमनी जैसन आदमि रहे । ओहिसे मोशा भि आदमके सन्तान जैसन पापी रहे । परमेश्वरके अगमवक्ता मोशा भि अपन असल कामसबसे अपने आपके बचावे नसकल । मोशा परमेश्वरके धार्मिकताके पुरा नकैले रहे । अगमवक्ता मोशा इस्राएलीसब जैसन उनकर स्थापना कैल मुक्तिके रास्ता, खुनके बलिदानद्वारा परमेश्वरलङ आएके परलक । मोशाके अनाज्ञाकारीताके कार्यद्वारा परमेश्वर हमनीके हमनी पापी बाडि कहके सम्झाएके चाहैता । सबजना पाप कैले बा आ परमेश्वरके महिमातक पुगेसे चुकल बा । (रोमी ३ः२३) धर्मी कौनो नबा, हमनीके पाप आ लाजसे बचाएला पृथ्वीमे आएल पवित्र उद्धारकर्ता बाहेक दोसर कौनो नबा ।

अब अध्याय २० के अन्त्यमे, हमनी मोशाके दाजु हारुन होर पहाडमे मरगेल आ इस्राएलके समुदाय होर पहाडमे ३० दिनतक हारुनके शोक करल हमनी थाह पाएम । ओकराबाद, २१ अध्यायमे, धर्मशास्त्र अईसे कहलेः

ओकनीसब एदोम देशके घुमके जाएम कहके होर पर्वतसे लाल समुन्द्रके रास्ता हाके गेल । तब ओकनीसब मोशा आ परमेश्वरके विरुदमे अईसे कहेलागल, यी उजाड स्थानमे हमनीके मरेला काहे मिश्रदेशसे लेअएल ? यहाँ रोटी नबा, पानी नबा । यी तुच्छ खानासे हमनीके वाक्क लागल बा । तब परमप्रभु उ आदमिसबके बिचमे विषालु सापसब पेठादेल आ सापसे डसल बहुत आदमिसब मरगेल । तब मोशाकहाँ आके आदमिसब कहलक, परमप्रभु आअ पनेके विरुदमे बोलके हमनी बहुत बडका पाप कैले सि परमेश्वर हमनीसे साप हटादो कहके प्रार्थना कदु । तब मोशा उ आदमिसबके लागि प्रार्थना कैलक । परमप्रभु मोशाके कहलक, तु एगो विषालु सापके प्रतिमा बनाके एगो खामामे टाङ । सापसे डसल आदमिसब एकरावरि देखि त बाँचि । तब मोशा एगो काँसाके साप बनाके खामामे टाडदेल । सापसे डसल जोन व्यक्ति रहे उ देखलक आ बाचगेल । (गन्ती २१ःः४-९) परमेश्वर इस्राएलीसबके बिचमे काहे विषलु साप पेठएलक ? इस्राएलीसब कैसे परमेश्वर आ मचोशाके विरुदमे बोलले रहे आ परमेश्वरके पेठावल खानेकुराके घृणा कैले रहे कहके हमनी सुनली । ओहिकारण परमेश्वर ओकनीके डसेके लागि विषलु सापके पेठएले रहे जेकरा कारण बहुतके मृत्यू होगेल । सापके घातक विषसे बाचेके लागि कथि करे सक्तीअई ? कथि ओकनीसब अपने आपके मृत्यूसे बचाए सक्तीअई ? न नसक्तीअई । ओईसन बा त ओकनीसब कथि करे सक्तीअई ? ओकनीसब परमेश्वरके पुकारा करे सक्तीअई । तब इस्राएली पुकारा कैलक । हमनी सुनली कि इस्राएलीसब कैसे पश्चताप कैलक, आ मोशाकहाँ गेल आ कहलक, हमनीसब अपने आ परमेश्वरके विरुदमे पाप कैले सि, हमनीके लागि परमेश्वरसे प्रार्थना करदु आ परमेश्वर हमनीके उपर कृपा करि आ यी सापसबके हटादी ।

कथि परमेश्वर ओकनीसबसे साप हटादेल ? परमेश्वर उसे भि निमन काम करदेल । परमेश्वर मोशाके काँसाके साप बनाएके ओकरा एगो काठके खामामे टाङगलक ओहिसे सापसे डसलसबमेसे जौन ओकराके देखलक उहे बाँचलक । (गन्ती २१ःः९) यी परमेश्वरके उपहार रहे । यदि साप केकरो डसल व्यक्ति काँसाके सापके देखैत त ठिक होईत । यी परमेश्वरके योजना रहे कि देख आ बाँच । काँसाके सापके देखेबालासबके ठिक पारेला परमेश्वर प्रतिज्ञा कैले रहे । ओमे नदेखेबालाके पिडादाई मृत्यू होगेल । लेकिन परमेश्वरमे विश्वास करेबाला आ काँसाके सापके देखेबालासबके छुटकारा पएलक काहेकि परमेश्वर ओकनीसबके अईसे कहके प्रतिज्ञा कैले रहे, सापसे डसल व्यक्ति जौन उ काँसाके सापके देखि त बाचजाई ।

आदरणीय श्रोता मित्रसब, पापसे ल्याल श्रापसे बचाएके लागि परमेश्वर कथि कैलक कथि अपनेके थाह बा ? मोशा उजाडस्थानमे काँसाके सापके उठाएल १५०० वर्षबाद पवित्र उद्धारकर्ताके घोषणा कैले रहे कहके अब सुनु । येशू मसिह कहलकः

जैसे मोशा सापके उजाडस्थानमे उठएलक, ओईसहि मानिसके पुत्र (संसारके उद्धारकर्ता) उचालिएके परि, आ जौन व्यक्ति उनकरा उपर विश्वास करि, ओकरा अनन्त जीवन मिली । (यून्ना ३ःः१४-१५)

पवित्र सुसमाचारके यी पदसे, मोशा मरुभूमिमे उठाएल काँसाके साप प्रतिज्ञा कैल उद्धारकर्ताके दृष्टात छायाँ रहे जौन मृत्यूके शक्ति, शैतानके शक्तिसे छुटकारा देवेके लागि क्रुसमे अपन खुन बहाएके लागि यी पापी संसारमे येशूके पेठएले रहे । (हिब्रू २ःःः१४) खामामे टागल काँसाके सापसे मसिह कथि करेला आएल रहे कहके चित्रण करलेः येशू शैतान, पाप आ मृत्यू उपर विजय होएके लागि आएल रहे । साचोके यी सन्देश केतना रोमान्चक बा ! उद्धारकर्ताके मृत्यू आ पुनरुत्थानद्वारा, परमेश्वर आदमके सन्तानसबके लागि अनन्त जीवन, शान्ति आ आन्नदके ढोका खोलदेलेबका कहके हमनी भविश्यके कार्यक्रममे लेके आएम । अपने पाप आ मृत्यूके शक्तिसे अपने आपके बचावे नसकम कहके स्वीकार करल आअ पनेके पापके ऋण चुक्ता करेला क्रुसमे मरेबाला मुक्तिदाताके बारेमे परमेश्वर गवाही देल बातके अपन हृदयमे विश्वास करेला परमेश्वर चाहले । परमेश्वर अभि भि कहलेः देख आ बाँच । उद्धारकर्ताके देखु आ अपने नष्ट नहोउ । येशूमे विश्वास करु तब परमेश्वर अपनेके पापके विषसे ठिक करि आअ पने धार्मिकता आ अन्नत जीवनके उपहार पाएम ।

जवान, वृद्ध, पुरुष, महिला, धनी आ गरिब अपनेसबके परमेश्वर कहलेः हमरावरि देख आ बाँच । परमेश्वरके पेठावल शक्तिशाली उद्धारकर्ताके देखु आअ पने बाँचम । लेकिन परमेश्वर यी भि कहले बाः यदि तु नदेखबे आ हमराके अस्वीकार करके देरबे, यदि तु पापके विषसे उपचार करेबाला येशू उपर विश्वास नकरबे त, अपन पापमे मरबे । (यहूहन्ना ८ःः२४)

परमेश्वरके धार्मीक व्यवस्था यी घोषणा कैले बाः कि उनकर प्रदान कैल उपचारके जौन स्वीकार नकरि उ नष्ट होजाई । परमेश्वरसँगे दोसर कौनो उपाय नबा जेकराद्वारा आदमके सन्तानसबके उ पापके विषसे ठिक पारे सकि । कथि अपने उद्धारकर्ताके देखले सि ? यदि अपने उनकराके विश्वास करम त, येशू अपनेके शुद्ध कदि आ अन्नत जीवन दिई । धर्मशास्त्र कथि कहले सुनुः

जैसे मोशा उजाडस्थानमे सापके उठएलक ओईसहि मानिसके पुत्र संसारके उद्धारकर्ता उचालिएके परि आ जौन व्यक्ति उनकरा उपर विश्वास करि ओकरा अन्नत जीवन मिली । (यहून्ना ३ःः१४-१५)

आज हमनीके समय सुधगेल । सुनली ओकरा खातिर अपनेसबके बहुत धन्यवाद बा । दोसर पटक परमेश्वरके इच्छामे, हमनी अगमवक्ता मोशाके अन्तिम वचनके विचार करम आ पवित्र तोराहके हमनी अध्ययनके समाप्त करम ।

अपनेके परमप्रभु परमेश्वरके यी प्रतिज्ञा ध्यान देवेके समय परमेश्वर अपनेके आशिष देवे ःः

हमराके देख आ बाँच, हे पृथ्वीके आदमिसब काहेकि हम हि परमेश्वर बाडि, आ दोसर कौनो नबा । (यशैया ४५ःः२२)

*

कार्यक्रम ४३

मोशाके अन्तिम सन्देश

व्यवस्था

वितल बयालीसगो पाठसबमे, हमनीके पवित्र धर्मशास्त्रके पहिलका पुस्तक तोराहसे बचन सुनईत रहली । अपनेसबके थाह भेल अनुसार अगमवक्ता मोशाके कठी लिखेके परी कहके प्रेरणा देईत उनकर बचन मोशाके मनमे राखेबाला परमेश्वर रहे । मोशाके तोराहके पुस्तक लिखला लगभग ३५०० बर्ष वितगेल बा, लेकिन फिरभि यी आज हमनीके लागि ओतने अतुलनीय रुपमे बहुमूल्य बा । यी तोराह परमेश्वर अपने राख्ले रहे, उ जग बा जेकाद्धारा हमनीके सुनल सब बात जाँचेसकम, आ यी परमेश्वरसे आएल बा कि न कहके बुझेसकम । तोराहमे रहल शिक्षासब शुद्ध आ सत्य शिक्षा बा । यि शिक्षासबके विरोध भाषा मे विरोधाभास आबेबाला जेतना भि शिक्षा बा उ सब झूठा शिक्षा बा । परमेश्वरके तोराहमे लिखल बातसबसे मिलले । सर्वशक्तिमान परमेश्वर करेनसकेबाला एगो काम बा । कठी

सत्यतारख

अपनेके थाह बा, उ कौन काम बा ? उ काम बा परमेश्वर अपनेआपके कहियो विरोध करेनसकी ।

,

तोराहमे मोशा यी वचनसब लिखले बा : परमेश्वर न ढाटले, कारण परमेश्वर आदमी नबा, परमेश्वर अपन मन नबदलले, कारण परमेश्वर आदमीके सन्तान न बा । परमेश्वर जठि कहले कठी उ नकरले त 2 अथवा परमेश्वर प्रतिज्ञा कएलाके बाद कठी उ पूरा नकरले त ? (गन्ती २३:१९) । मोशाके

तोराहमे हमनीके कएल अध्ययनसे, परमेश्वर हमनीके बहुत गहिरा रहस्यके बातसब प्रकट करदेल बा । आज हमनीके पवित्र तोराहसे कएल हमनीके यात्राके समाप्त करेके योजनामे बारी, लेखिन हमनीके अन्तिम अध्यायके बचनसब सुनेसे पहिले, हमनीके पहिलका दिनसे आजतक कठी सुनली कहके याद करु । तोराहके पहिलका खण्डमे, उत्पत्तिके पुस्तकमे हमनीके सुन्ली कि कईसे परमेश्वर पहिलका आदमीके अपने स्वरुपमे बनएलक । परमेश्वर आदमीसबसे अदभुत आ अर्थपूर्ण सम्बन्ध राखेके चाहईत रहे । । परमेश्वर, आदमीके आत्मामे एगो मन (आत्मा) राख्देल, जेसे आदमी परमेश्वरके चिन्हेसको आ आदमी परमेश्वरके प्रेम करेसको कहके परमेश्वर आदमीके हृदय भि राख्देल । आ परमेश्वर आदमीके ईच्छा भि राख्देल, जेसे आदमी परमेश्वरके आज्ञा पालन करेके या नकरेके कहके चुनेसको । तिसरका अध्यायमे हमनीके, पहिलका आदमी आदम, कईसे शैतानके आज्ञा पालन करके, परमेश्वरके निषेध कएल, गाँछीके फल खाएके चुन्लक कहके सुन्ली । अईसही, धर्मशास्त्र कहले एक जना आदमीसे संसारमे पाप अएलक, आ पापसे मृत्यु । सब आदमीके पापके कारण आदमीमे मृत्यु फैलगेल (रोमी ५:१२) । पापके कमाई मृत्यु बा, आ परमेश्वरसे अनन्तके लागि अलग होखला बा । कईसे परमेश्वर आदम आ हव्वाके उसबके पापके कारण अदनके बगैंचासे उसबके निकालदेल कहके सुनली । लेकिन परमेश्वर उसबके बाहर निकालेसे पहिले, परमेश्वर घोषणा कएले रहे की, शैतानके शक्ति आ पापके दण्डसे परमेश्वरमे विश्वास करेबालासबके बचाबेके लागि परमेश्वर एकदिन, आदमके सन्तानसबके लागि मुक्तिके ढोका खोलेके लागि संसारमे उद्धारकर्ता पठाबेके योजना कएले रहे ।

१० जना

कईसे परमेश्वर अब्राहामके बोलएलक, अब्राहामसे एगो नया जाति वा राष्ट्र बनाबेके प्रतिज्ञा कएलक, जेकासे अगमवक्तासब, धर्मशास्त्रसब आ उद्धारकर्ता पठाई कहके हमनीके सुनले रहली । समयमे, अब्राहाम इसाहकके जन्म देलक, ईसहाक याकूबके जन्मएलक आ याकूब बाह्र जना बेटासबके जन्मएलक । बादमे परमेश्वर याकूबके नाम परिवर्तन करके ईस्राएल राख्देल । ईस्राएलके बाह्रजना बेटासब एगो नयाँ जाति वा राष्ट्र बन्लक जे परमेश्वर अब्राहामके प्रतिज्ञा कएले रहे (दशजना दाजुसब अपन भाई योसेफके दासके रुपमे बेचदेल रहे जेका मिश्रमे लेगेल रहे । लेकिन आदमी जठी रोपले उहे काटले (गलाती ५:८) । परिणाम स्वरुप ईस्राएलके सन्तानसब मिश्रदेशमे दास बनगेल । लेकिन परमेश्वर अब्राहाम आ उनकर सन्तानसबके कएल प्रतिज्ञा ना विसरलक । प्रस्थानके पुस्तकमे परमेश्वर कईसे ईस्राएलीसबके दासत्वके पीडासे मुक्त करेके लागि मोशाके तयार करके पठाके अपन प्रतिज्ञासब पूरा कएलक कहके हमनीके सुन्ने रहली । मोशाके कथा सुनके हमनीके, परमेश्वर ईस्राएलीके भीडके फारो आ मिश्रके आदमीसबके दमनसे कईसे छुटकारा देलक कहके अचम्म के विवरण सुनली । हमनीके यी भि सुनली, की कईसे परमेश्वर अब्राहामके उसबके मरुभूमिमे रक्षा कएलक, आ रेखदेख कएलक, आ उसबके कनान देशके सिमानामे लेअएलक, जौन भूमि परमेश्वर उसबके पुर्खा अब्राहामके देहम कहके बहुते बर्ष पहिले प्रतिज्ञा कएले रहे । लेकिन बहुत ईस्राएलीसब कनानके दैतयसे डेराएल रहे, आ परमेश्वर अपन प्रतिज्ञा कएल बातसब उसबके लागि पूरा करी कहके उसब विश्वास ना कएले रहे । उ सब अबिश्वासके कारणसे, परमेश्वरके विश्वास नकरेबाला सब पुरान आदमी मरके नगेला तक, ईस्राएलीसब चालीस बर्षतक मरुभुमीमे बौवाईत रहगेल । लेकिन, तोराहमे हमनीके अध्ययनके यात्रा पूरा करेके समय आगेल बा । याद करु, परमेश्वर ईस्राएलीसबके उसबके लागि ताडना देबेके कारण उसब मरुभुमै रहे । कनान देशके बारेमे परमेश्वर प्रतिज्ञा कएल बातके विश्वास करेसे ईन्कारकरेबाला बीस बर्षसे बेसी उमेरके हरेक आदमीके मृत्यु होगेल । एकोगो बाँकी ना रहलक । अब उसबके बेटाबेटीसब कनानके सिमानामे रहे । मरुभूमिमे चालीस वर्षके बाद, ईस्राएलके सन्तानसब अब उसबके बाबुमाई दावी करेके लागि असफल भेल भूमीमे रहेके लागि उत्सुक रहे । आज हमनीके सुनाई तोराहके पाँचौं खण्ड व्यवस्थाके पुस्तकसे बा । यी अन्तिम खण्डमे मोसा परमेश्वरके पवित्र व्यवस्थाके समीक्षा करले आ ईस्राएलके कुलसबके सिकाबले । यी अचम्मके पुस्तकमे अन्तिम सन्देश समावेश बा, जौन सन्देश मोशा आदमीसबके परमेश्वर उसबके देहम कहके प्रतिज्ञा कएल भूमिमे प्रवेश करेके लागि तयार करेके लागि प्रचार कएले रहे । आज हमनीके पास मोशाके सब उपदेश पढेके समय त न बा, लेकिन हमनीके मोशाके सन्देशसबके यी कुछ शब्दसबमे संक्षेप करे सकम: “न बिसराब !” (व्यवस्था ४:९;२३; ६,१२,८:१,११ आदि । छोटकरीमे कहम त, मोशा ईस्राएलीसबके यी बात कहलक : तोहनीके मिश्रमे दास रहले कहके नबिसरई हैं। मिश्र आ नयाँ देशके बीचके रास्तामे जहाँसे तोहनीसब पईसेके चाहईत बार, परमेश्वर तोहनीसबके लागि कएल बात सब नबिसरईह । परमप्रभु तोहनीसबके बालु माई के उसबके अविश्वासके कारण कईसे न्याय कएले रहे आ उहेकारण उसबके लाशसब मरुभुमीमे रहे कहके नभुलईह । परमेश्वर तोहनीसबके बापमातारके लागि भला रहे लेकिन उसब कठोर रहे आ उसब परमेश्वरके विश्वास करेसे इन्कार कएले रहे कहके नबिसरई ह ।

नबिसरई हँ ! परमेश्वर, जे विश्वासयोग् यबा, उहे तोहनीसबके यी अचम्मके ठाउँमे लेके आई, जौन परमेश्वर तोहनीसबके पुर्खासबके देहम कहके प्रतिज्ञा कएले रहे । लेकिन तोहनीसब अपन परमप्रभु परमेश्वरके नबिसरईह, जे

तोहनीसबके ४० वर्षतक नम्र तुल्यएलक, तोहनीसबके भुखएलक आ ओकाबाद मन्न खिअएलक, जे न तोहनीसब जनले रहल, न त तोहनीसबके पिता पुर्खा जनलक, तोहनीसबके यी सिकाबेके लागि परमेश्वर यी सब कएले रहे, कि आदमी रोटीसे मात्र ना लेकिन परमेश्वरके मुहसे निकलल हरेक बचनसे जीन्दा रहले । नबिसराब ! (व्यवस्था ८:३) मोशा अपन सन्देश बाट्के पूरा कएला बाद परमप्रभु मोशाके कहलक : “यरीहोके सामने अबारीमके डाँडाउपर जाब, आ हम ईस्राएलीसबके अधिकारमे देबेबाला कनान देशके देख | जब तु उहाँ जएब, उहाँ तु मरजएब । काहेकी तोहनीसब हमरा उजाड - स्थानमे ईस्राएलके सन्तानसबके बीचमे विश्वासघात कएल । काहेकी तोहनीसब ईस्राएलके सन्तानसबके बीचमे हमर पवित्रताके कायम ना राख्ल । यीहेकारण हम ईस्राएलीसबके देबेबाला देशके तु दुरसे मात्र देख्ब, लेकिन उहाँ तु जाए ना पएब ।” (व्यवस्था ३२:३९- ५२) एकाबाद मोशा मोआबके मैदानसे यरीहोके सामने रहल नेबो डाँडामे गेलक, परमप्रभु मोशाके समस्त देश देखएलक । पश्चिमके समुद्रके सब यहुदी देश देखएलक । परमप्रभु कहलक, "तोहर भावी सन्तानके देहम कहके हम अब्राहाम, इसहाक आ याकुबसे शपथ खाके प्रतिज्ञा कएल देश यीहे बा हम तोहरा यी तोहर आँखसे देखेदेली, लेकिन तु उहाँ जाए ना पएब ।” तब परमप्रभुके बचन अनुसार परमप्रभुके दास मोशा मोआब देशमे मरगेल । परमेश्वर मोशाके मोआब देशमे गाड्देल । लेकिन, आजतक केहूके भि मोशाके चिहान थाह नबा । मोशाके मृत्यु समयमे मोशा १२० बर्षके रहे । मोशाके आँख कमजोर होगेल रहे, मोशाके बल भि घटल ना रहे । मोआबके मैदानमे ईस्राएलीसब मोशाके लागि तीस दिनतक विलाप कएलक । आब नूनके बेटा यहोशू (जेका मोशाके ठाउँमे नयाँ अगुवाके रुपमे चुनले रहे) बुद्धिके आत्मासे परिपूर्ण रहे, काहेकी मोशा अपन हात यहोशूके उपर राख्ले रहे । तसर्थ, यहोशूके बात ईस्राएलीसब सुन्लक, आ परमप्रभु मोशाके देहल आज्ञासब पालन कएलक । उ समयसे आज तक मेशा जईसन कौनो अगमवक्ता खडा ना भेल बा, जेका परमप्रभु चिन्हईत रहे । मोशाके मिश्रमे फारो आ उनकर सब अधिकारीसबकहाँ उनकर समस्त देशमे आश्चर्य चिन्ह आ अचम्मके कामसब देखाबेके लागि परमप्रभु पठएलक । काहेकी समस्त ईस्राएलीसबके दृष्टिमे मोशाके कएल भयानक कामसब वा उनकर प्रबल शक्ति अउर केहु कहियो ना देखएले बा । आमेन । (व्यवस्था ३४:१- २) पहिले प्रिय स्रोतासब, यीहबे तोराह समाप्त होखले । हमनीके ज्ञान प्राप्त करेसकु कहके तोराहमे लिखल सब बातसब रेकर्ड कएल बा, उ ज्ञान जे परमप्रभु परमेश्वरमे आ मुक्तिके रास्तामे हमनीके विश्वास करेके लागि चलाबले । साँचो मोशा परमप्रभु परमेश्वरके आमनेसामने चिन्हेबाला एगो महान अगमवक्ता रहे । उ परमेश्वरके माध्यमसे बहुत आश्चर्य चिन्हसब कएलक । मोशाके हातसे परमेश्वर ईस्राएलीसबके फारोके दमनसे छुटकारा देलक । साथै मोशाके हातसे परमेश्वर हमनीके अपन अगमवक्तासब मार्फत पवित्र धर्मशास्त्रमे प्रकट कएल सब बातके जग तोराह देले बा । अगमवक्ता मोशा उहाँ कठी लिखले रहे कहके हरेक आदमी जानेके परी । जेका मोशाके लिखल तोराहमे कठी बातसब बा थाह न बा, उसब गलत करईत बा, आ उसब गैर-धार्मिकताके रास्तामे बहुत खतरा बा ।

हमनीके तोराह परमेश्वरके अपने बसाएल जग बा, जेमे परमेश्वर अन्य सब अगमवक्तासब मार्फत

अपन पवित्र पुस्तकके बाँकी बातसब निर्माण करी कहके हमनीके न बिसराउ । व्यवस्था १८ अध्यायमे, परमेश्वर दोसर महान अगमवक्ता खरा करेके योजना बनएलेबा, जे परमेश्वरके लागि प्रत्यक्ष रुपमे बोली कहके मोशा ईस्राएलीसबके कहलक । मोशा ईस्राएलीसबके कठी कहले रहे सुनु : “परमप्रभु तोहनीसबके परमेश्वर तोहनीसबके अपने दाजुभाईसबमे से हम्मा जईसन एक जना अगमवक्ता तोहनीसबके लागि खरा करी । तोहनीके ओकर बात सुनिह । काहेकी अबसे परमप्रभु हमरा परमेश्वरके सोर सुनेके नपरो आ यी डरावना अग्नि कहियो देखेके नपरो, नत

हमनीके मरजाएम कहके होरेब पर्वतमे सभाके दिन परप्रभु तोहनीसबके परमेश्वरसँगे तोहनीसब यी बिन्ती कएले रहल । परमप्रभु मोशाके कहलक, “उसब ठिके कहले बा । उसबके लागि उसबके दाजुभाईमे से तोहरा जईसन हम एक जना अगमवक्ता खरा करम । हम अपन बचन ओकर मुहमे राखदेम, आ हमर आज्ञा कएल सब बात उ तोहनीसबके कही । उ अगमवक्ता हमर नाममे कहल हमर बचनसब नसुनेबालाके लेखा हम लेहम । " (व्यवस्था १८:१५-१९) । मोशाके यी घोषनासे, परमेश्वर हिब्रु जातिसे वा राष्ट्रसे आबेबाला दोसर अगमवक्ताके आगमनके घोषणा करईत रहे, उ आदमी जे सम्पूर्ण सिद्धता आ शुद्धतामे परमेश्वरके बचन बोली, उहे अगमवक्ता होई, जे परमेश्वर आ आदमीके बीचमे मध्यस्थता करी । अपनेके थाह बा उ अगमवक्ता के रहे ? कौन अगमवक्ता मोशासे भि बरका अधिकारके साथ बोलले रहे, कठी अपनेके थाह बा ? कठी अपनेके थाह बा कौन अगमवक्ता मोशाके कएल आश्चर्यकर्मसबसे बरका आश्चर्यकर्मसब कएले रहे ? ह, मोशाके कहल यी धर्मी अगमवक्ता मसीह बा, जे यहुदी कन्यासे जन्म लेले रहे । उनकर बारेमे, मोशा ईस्राएल जातिके वा राष्ट्रके परमेश्वरके ओरसे एगो प्रारम्भिक चेतावनी जारी कएलक : “तोहनीसब उनकर बात सुन उ अगमवक्ता हमर नाममे कहल हमर बचनसब नसुनेबालाके लेखा हम लेहम” (व्यवस्था १८:१५,१९)

प्रिय स्रोतासब, हमनीके तोराहके अध्ययनके हमनीके यीहबे समाप्त करेके परी । यी विशाल आ गहिरा आ उच्च पुस्तकमे हमनीके कईसे अपन यात्रा समाप्त करेसकम त ? आउ, अब हमनीके मोशा अपने अपन मृत्युके दिन उ राष्ट्र वा जातिके घोषणा कएल बातके लेके एकर अन्त्य करु । मोशा यी घोषणा कएले रहे : अए, आकाश, सुन, हम बोलईत बारी, अए पृथ्वी ध्यान दे, हमर मुहके बोलीसबमे । हम परमप्रभुके नामके घोषणा करम । हमनीके परमेश्वरके महानताके प्रशंसा कर ! उहे चट्टान बा । उनकर काम सिद्ध बा, आ उनकर सब चाल न्यायोचित बा । एगो विश्वासयोग्य परमेश्वर जे भूल नकरले, न्यायी आ सत्य उहे बा । (व्यवस्था ३२:१,३-४) मोशाके मुहसे निकलल परमेश्वरके यी शक्तिशाली शब्दसे हमनीके अपनेसबके विदा करईसी । दोसर कार्यक्रममे, हमनीके दोसर पवित्र पुस्तक, यहोशूके पुस्तकसे बचन सुनेके योजना करम, जेमे कईसे परमेश्वर ईस्राएलीसबके अपन प्रतिज्ञा कएल बमोजिम दूध आ मह बहेबाला देशमे लेअएलक कहके सुनम । परमेश्वर, जे सदासर्वदा महिमित आ महिमाके योग्य बा, उ अपनेसबके मोशाके यी बचनके विचार करईत अशिष देले होखी : आदमी रोटीसे मात्र नबाचले, लेकिन परमप्रभुके मुहसे निकलल हरेक वचनसे जीवित रहले (व्यवस्था ८:३)

बहुत

कार्यक्रम ४४

यहोशू आ कनानके भूमि

यहोशू

हमनीके वितल कार्यक्रममे अगमाक्तासबके लेखोटके पहिलका भाग मोशाके तोराहके अध्ययनके समाप्त कईली । उ धर्मशास्त्रसबमे हमनीके पाप कईसे संसारमे अएलक आ एकर साथमे श्राप अएलक कहके सुनली, लेकिन हमनीके यी भि सुन्ली कि कईसे परप्रभु परमेश्वर पृथ्वीमे एक जना मुक्तिदाता पठाबेके प्रतिज्ञा कएलक, जे आदमके सन्तानसबके पापसे लेआएल श्रापसे छुटकारा देई । अपन योजनाके अगारी बढाबेके लागि, परमेश्वर अब्राहामके अपन बाबुके घर, धर्म आ देश छोरके दुरके देश कनानमे जाएके लागि बोललक । परमेश्वर अब्राहामके एगो नयाँ जाति वा राष्ट्र बनाबेके योजना कएलक जेकासे उद्धारकर्ता संसारमे आबेबाला रहे। आज हमनीके कईसे परमप्रभु अब्राहामके सयौं वर्ष अगारी कएल प्रतिज्ञा पूरा कएलक कहके सुनम । परमेश्वर मोशाके कहले रहे : तोहर प्रवास कएल देश, अर्थात सारा कनान देश तू आ तोहर भावी सन्तानके अनन्त अधिकारके लागि देहम, आ हम तोहनीसबके परमेश्वर होखम ।" (उत्पत्ति १७:८) वितल समयमे, तोराहके अन्तिम अध्यायमे हमनीके कईसे मोशा कनान छेउके पहाडमे (मरलक) कहके सुनले रहली । मोशाके मृत्युके बात, उन्कर सहायक नूनके बेटा यहोशू 3 नयाँ अगुवा बनलक । यहोशूके परमेश्वर मोशाके ठाउँमे नियुक्त कएले रहे । हमनीके यहोशुके बारेमे बेर सुन्लेल बारी । यहोशूके विशिष्ट विशेषता यी रहे कि बहुत ईस्राएलीसबके अविश्वासके कारण भि मोशा परमेश्वरके प्रतिज्ञा कएल सब बातमे विश्वास कएलक । ईस्राएलीसब पहिला बार कनान देशके सिमानामे अएलाके बाद परमेश्वरमे विश्वास करेबाला दु जना जासुससबमे यहोशू एक रहे । ईस्राएलीसब ओका पथलसे मारेके लागि तयार रहे, काहेकी उ ईस्राएलीसबके परमप्रभुमे विश्वास करेके लागि आ कनान देशके अधिकार करेके लागि प्रोत्साहन देले रहे । आज हमनीके चालीस वर्ष पहिले अस्वीकार करेबाला यहोशू यीहे रहे जेका परमेश्वर कि कनानमे लेजाबेके लागि उसबके अगुवाके रुपमे चुन्लक कहके सुनम । यहोशूके पुस्तक जौन आज हमनीके सुनईत बारी, पवित्र धर्मशास्त्रमे, तोराह आ भजनसंग्रहके बीचमे मिलले । कईसे सब बाधासबके विरुद्धमे, परमप्रभु परमेश्वर अपन आदमीसबके कनान देश, एक बेर मे एगो शहर उसबके हातमे सुम्पेके लागि अगारी गेलक कहके यहोशूके पुस्तक हमनीके बताबले । हमनीके अध्ययनके यी विन्दुमे ईस्राएलीसबके अपने देश न रहे । उसब अभिभि मरुभुमिमे घुमफिर करईत रहे, आ उसब रहेबाला कनान देशमे शक्तिशाली दैतय योद्धासबसे भरल रहे । लेकिन सर्वशक्तिमान परमेश्वर कनानके बासिन्दासबके उसबके बहुत घृणित पापसबके कारण नष्ट करेके आ उ प्रशस्त्रत भूमी ईस्राएलीसबके सुम्पेके योजना बनएलक । आउ अब हमनीके यहोशू आ ईस्राएलीसब कईसे प्रतिज्ञा कएल भूमिमे प्रवेश कएलक, आ ओका कब्जा कएलक आ अधिकार कएलक कहके सुनु । पहिलका अध्यायमे धर्मशास्त्र कहले : अब परमप्रभुके दास मोशाके सहायक नूनके बेटा यहोशूके परप्रभु कहलक, "हमर दास मोशा मरगेल, यीहेकारण उठ् तु यी सब आदमीसबके लेके यर्दन नदिके पार हम ईस्राएलीसबके देबेबाला बारी उ देशमे जाब ।

|

हम मोशाके प्रतिज्ञा कएल जईसन तोहर पैताला कुल्चेबाला सब जग्गा हम तोहराके देहम । मरुभुमीसे लेबनानतक लेके महानदी, अर्थात युफ्रेटिस नदिसे हित्तीसबके सब देश पश्चिमओर महासागरतक तोहनीसबके सिमाना रही । तोहर जीवनभर तोहर सामने केहू आदमी खडा ना होए सकी । जईसे हम मोशाके साथ रहली, औसही हम तोहरा सँगे रहम । हम तोहरा न छोरम न त्यागम । " बलिया आ खुब साहसी बन, काहेसे हम तोहनीसबके पिता पुर्खासबके देहम कहके प्रतिज्ञा कएल देश उसबके अधिकारमे कराबेके लेल उसबके अगुवाई करब । तोहरा हमर आज्ञा बा बलिया आ खुब साहसी होख, नडेराब, निराश नहोख, काहेसेकी तु जहा भि जएब, परमप्रभु तोहर परमेश्वर तोहर साथमे रही ।" तब यहोशू आदमीसबके अधिकृतसबके हुकुम कएलक, छाउनीके बीचस जाके (आदमीसबके आदेश देके कह, अपन अपन खाएबाला सामान तयार कर, काहेकी तीन दिन भितर परमप्रभु तोहनीसबके परमेश्वर तोहनीसबके देहल देश अधिकार करेके लागि तोहनीसब यी यर्दन पार जाएके परी । " (यहोशू १:१-६,९- ११) एकाबाद कईसे यहोसशू दुगो जासुससबके “उ देशमे जाब आ विशेष करके यरीहोके निरिक्षण कर " कहके पठएलक । उ दुगो जासुससब जाके यरीहो शहर आ शहरके घेरेबाला उच, आ विशाल देबालसबके खोजी कएलक । रातमे उ दुगो जासुससब राहाब नाम भेल बेश्याके घरमे लुकाएकै खोजईत यरीहोमे लुकागेल । लेकिन यरीहोके कुछ आदमीसब राहाबके घरमे ईस्राएली जासुससब पसईत देखलक । उसब राजाके कहलक, “कुछ ईस्राएली जासुससब जासुस करेके लागि शहरमे पसल बा ।” राजा उसबके पक्रेके लागि उ बेश्याके घरमे सिपाहीसब पठएलक, लेकिन राहाब उसबके छतमे लुकादेले रहे । सिपाहीसब गेलाके बाद राहाब छतमे जाके उ दु जना जासुसके कहलक : हमरा थाह बा यी देश परमप्रभु अपनेसबके देले बा, आ हमनीसबके बीच अपनेसबके कारण आतङ्क फैलल बा, आ यीहाके बासिन्दासब अपनेके भयसे कापईत बा । अपनेसब मिश्र देशसे निकलके अईली त अपनेसबके सामनेमे परमेश्वर लाल समुद्रके पानी सुकादेल रहे आ यर्दन पार यमोरीसबके दुनु राजा, सिहोन आ ओगके अपनेसब नाश करदेली कहके भि हमनीके सुनले बारी । यी सुन्के हमनीके ब्याकुल होगेल आ अपनेसबके कारण हमनीसब केकोमे साहस ना रहलक, काहेकी परमप्रभु अपनेसबके परमेश्वर भि उपर स्वर्गमे आ निचा पृथ्वीमा परमेश्वर बा ।" (यहोशू २:९-११) राहाब जासुससबके यरीहो जित्लाके बाद उसबके आ उसबके परीवारके सुरक्षा करेके लागि आग्रह कएलक । उ दु जना जासुससब राहाबके घरमे भेला होएल सबके पूर्ण सुरक्षा देबेके बाचा कएलक । तिसरका अध्ययनमे, धर्मशास्त्र ईस्राएलके आदमीसबके कनान देशमे प्रवेश करेके लागि कईसे यर्दन नदी पार करेके आवश्यक रहे, लेकिन नदी गहिर आ चौरा रहे कहके बताबले । बीस तीस लाख आदमीसबके भीर कईसे उ नदी पार करे सकईत त ? ओका लागि वास्तवमे, कौनो समस्या ना रहे, काहेकी लाल समुद्रसे उसबके लागि रास्ता खोलेबाला सर्वशक्तिमान परमप्रभु परमेश्वर परिवर्तन ना भेल रहे । परमेश्वर ईस्राएलीसबके लागि यर्दन नदीके रास्ता खोलदेल, जेसे उसब सुख्खा जमिनमे पानीके बीचसे होके पारी जाए सकल । सब ईस्राएलीसब. नदी पार करके यरीहोके बरका शहरके अगारी आगेल । यरीहोके आदमीसब शहरके ढोकासब बन्द कएले रहे, जेका कारण केहु भि शहर भितर पैसे आ बाहर निकले ना सकईत रहे । पाँच अध्यायमे धर्मशास्त्र कहले : जब यरीहोके नजिक अएलक उ अपन आँख उठाके देखलक, आअ पन सामने हातमे तरवार लेले एक जना आदमी खरा भेल बा ।

यहोशू उ आदमी काहाँ जाके, “अपने हमरासँगे बारी की हमनीके शत्रुसँगे बारी ? कहके पुछलक । उ आदमी कहलक, “ना, लेकिन परमप्रभुके फौजके कप्तान होके हम यहाँ आएल बारी ।” तब यहोशू जमिनमे झुकके दण्डवत कएलक, आ कहलक, “हमर प्रभु, अपन दासके कठी कहले ?” आ परमप्रभुके फौजके कप्तान यहोशूके कहलक, "तोहर गोरसे जुत्ता निकाल, काहेकी तु खरा भेल ठाउँ पवित्र बा ।” आ यहोशू यीहे कएलक । (यहोशू ५:१३-१५) आदरणिय स्रोतासब,

कठी अपनेके थाह वा यहोशूसँगे के बात करईत रहे ? उ परमप्रभु रहे । कईसे परमेश्वर अब्राहामकहाँ देखा परलक आ अब्राहामसे बोललक आ कईसे परमेश्वर जरईत पोथ्रामे मोशाके सामु देखा परलक कहके हमनीके पहिले सुनलेल बारी । आ अब हमनीके परमेश्वर यहोशूक सामनेमे तरवार बोकले शक्तिशाली सेनापतिके रुपमे देखापरल कहके सुनली । परमप्रभु परमेश्वर यहोशूके कहलक: परमप्रभु यहोशूके कहलक, “देख, यरीहो, उहाँके राजा आ वीर योद्धासब समेत हम तोहर वशमे पारदेले बारी । सब सशस्त्र लडाकूसब उ शहरके घेरके एकबेर घुम्के जाब । छ दिन तक तोहनीसब उहे कर । सात जना पूजाहारीसब सातगो भेडाके सीडके तुरही सन्दूकके अगारी लेके चलो, आ सातौँ दिनमे तोहनीसब उ शहर सातचोटि घुमिह, आ पुजाहारीसब तुरही फुको । आ जब उसब भेडाके सीडके तुरही बहुत देर तक फुकी, तब तोहनीसब तुरहीके आवाज सुनके सबजना जोरसे चिच्याओ । आ शहरके देवार निधानक जी या हरेक आदमी अपन अगारी सीधे बढ्के जाओ ।" (यहोशू ६:२-५) तब परमप्रभु यहोशूसे बात कएलाके बाद चलगेल । आ यहोशू जल्दीए ईस्राएलीसबकहाँ गेलक आ परमप्रभुके आज्ञा कएल सब बात उसबके बतादेल । तब यहोशू उसबके करारके सन्दुक लेके शहरके आसपास घुमेके आदेश देलक । लेकिन यहोशू उसबके कहलक, “ जौन दिन हम तोहनीसबके चिच्याबेके आज्ञा नादेहम, तोहनीसब न चिच्यई हँ, तोहनीसबके सोर भि नसुनाओ, तोहनीसबके मुहसे भि कौनो बात ननिकालि हँ । हम चिच्या ब, कहम तब चिच्याईह, ।” (यहोशू ६१०) उसब एकबेर शहरके परिक्रमा कएलाके बाद उसब छाउनीमे अएलक आ उहाँ रात बितएलक । दोसरका दिन उसब शहरके परिक्रमा कएलक आ छाउनीमे अएलक । पहिलका छ दिनतक उसब उहे कएलक । लेकिन सातवा दिनमे उसब बिहाने सबेरे निकलक आ शहरके आसपास सात बेर घुम्लक । उसब सात बेर शहरके परिक्रमा कएलाके बाद पूजारीसब तुरही बजएलक । तब यहोशू भीडके आज्ञा देलक, "चिच्या ब ! काहेकी परमप्रभु तोहनीसबके शहर देले बा !” (यहोशू ६:१६) जब ईस्राएलीसब तुरहीके आवाज सुनलक, उसब जोरसे चिच्यएलक, आ शहरके देवारसब भरकगेल, उ शक्तिशाली किल्लासब जमिनमे भग्नावशेषके थुप्रा होगेल । एकाबाद ईस्राएलके आदमीसब उस शहरमे प्रवेश कएलक, हरेक आदमी सीधे प्रवेश कएलक । अईसही यहोशू आ ईस्राएलीसब कनान देशके पहिलका शहरके जितले रहे । उ दिन दु जना जासुससब प्रतिज्ञा कएल अनुसार राहाब आ उनकर परिवार बाहेक यरीहोके सब आदमीसब मरगेल । राहाबके घर ना भरकलक, काहेकी राहाब अपन मूर्तिसबसे फिरके ईस्राएलके परमप्रभु परमेश्वरमे भरोसा राखले रहे । यहोशू आ ईस्राएलीसब काहे उ कठीन किल्लासे भरल शहरके जिते आ परमेश्वर उसबके प्रतिज्ञा कएल भूमिमे प्रवेश करेमे सक्षम होगेल त ? उसब उ शहरके जितलेल काहेकी उसब परमेश्वरके वचनमे विश्वास कएलक । परमेश्वरमे भरोसा करेबालासब सँगे परमेश्वर रहले । राहाब आ उनकर परिवार यरीहोके आदमीसब सँगे उस शहर गीरल अवस्थामे काहे न मरलक त ?

काहेकी उसबके परमेश्वरके शक्ति छक्क मात्र न पारले रहे, लेकिन उस अपन शहरमे आएल विनाश आ मृत्युसे अपने आअ पन परिवारके बचाबेके लागि परमेश्वरमे भरोसा भि कएले रहे । धर्मशास्त्र कहले : सात दिनतक परिक्रमा कएलाके बाद विश्वाससे यरीहोके देवालसब गीरगेल । जासुसबके निमनसे स्वागत कएलासे अनाज्ञाकारीसबके साथमे राहाब बेश्या नास ना भेल, विश्वासविना परमेश्वरके खुस कएला असम्भव बा, काहेकी जे परमेश्वरके नजिक आबले, उ परमेश्वर बा आ परमेश्वरके खोजेबालासबके परमेश्वर प्रतिफल देबले कहके पक्का विश्वास करेके परी । (हिब्रू ११:३०-३१,६) । हमनीके चाहईसी की यहोशूके पुस्तकमे समावेश भेल कथासब सुनाबे सकु, लेकिन समय हमनीके सुनाबेके अनमति ना देबले । संक्षेपमे, अपनेसब यी पुस्तकमे परमेश्वर यहोशू आ ईस्राएलीसब सागे कईसे रहे आ कईसे परमेश्वर उसबके कनान देश, शहर-शहर, क्षेत्र-क्षेत्र, परमेश्वर प्रतिज्ञा कएलबमोजिम उसबके देलक कहके विस्तृत रुपमे वर्णन करले कहके जानेके परी । एहीसे धर्मशास्त्र कहले : परमप्रभु ईस्राएलीसबके सब देश देलक, आ उसब उ अपन

अधिकारमे लेके रहेलागल । आ परमप्रभु उसबके सब शत्रुसबके उसबके हातमे सुम्पदेल । (यहोशू २१:४३ - ४४) । प्रिय स्रोतासब कठी परमेश्वर अब्राहाम आ उनकर सन्तानसबके बहुत पहिले प्रतिज्ञा कएल बातसब पूरा कएलक त ? कठी परमेश्वर कनानके भूमि परमेश्वर कहलअनुसार ईस्राएलीसबके देलक त ? हूँ, परमेश्वर कहल अनुसार उसबके देलक । परमेश्वर अपन करार सब पालन करेके लागि विश्वासयाग्य बा । परमेश्वर अपन प्रतिज्ञा कएल सब बात उ करबे करी, भले उ देर करी कहके आदमीसब सोचले । परमप्रभु परमेश्वर ईस्राएलके सन्तानसबके उपर कृपालु बा आ उसबके कनानके प्रशस्त भूमि देबेके चाहईत रहे, लेकिन परमेश्वर उसबके अपनाउपर भरोसा करेला रुकल रहे । ईस्राएलीसब परमेश्वर उसबके देई कहके प्रतिज्ञा कएल बातके स्वीकार करेसे पहिले बहुत बर्बाद कएले रहे । ईस्राएलीसबके सब पुस्ता कनान देशको आशिषसब प्राप्त करेके लागि असफल भेगेल काहेकी उसब परमेश्वरके प्रतिज्ञासबमे विश्वास ना कएलक । आ अपनेके बारेमे कठी बा त ? कठी अपने परमेश्वरमे विश्वास करईसी ? हमनीके अपनेसे यी प्रश्न ना पुछईत बारी की अपने परमेश्वरके अस्तित्वमे विश्वास करईसी कि परमेश्वरके एकत्वमे विश्वास करईसी ? परमेश्वरके अस्तित्व बा आ उ एकमात्र परमेश्वर बा, कहके शैतानके थाह बा । अपनेके आज जवाफ देबेबाला प्रश्न यी बा की कठी अपने अपन सारा हृदयसे परमेश्वरके वचनमे विश्वास करईसी ? कठी अपने स्वयम् परमेश्वरके विश्वास करईसी ? कठी अपने परमेश्वरके प्रेम करईसी ? आदरणिय स्रोतासब, परमेश्वर अपनेसे प्रेम करले, आ अपनेके कल्पनासे बेसी परमेश्वर अपनेके आशिष देबेके चाहले लेकिन अपने परमेश्वरके धार्मिकताके रास्तामे विश्वास करु कहके परमेश्वर चाहले । राहाब जईसन एक साँचो परमेश्वरके पछ्याएके चुनेबाला मूर्तिपूजक सामाजके दोसर एगो स्त्री रुथके बारेमे मिठ कथाके लागि हमनीके दोसर कार्यक्रममे भि सहभागि होएम । परमेश्वरके यी वचनके विचार करईत परमेश्वर अपनेके आशिष देले होखे : " आँखसे नदेखल आ कानसे नसुनल आ आदमीसब मनमे नसोचल, यीहे आषिश परमेश्वर अपनाके प्रेम करेबालासबके लागि तयार कएले बा" (१ कोरिन्थी २:९) ।

45 के बा

न्यायकर्ताहरु

हमनी के आखिरी कार्यक्रम में हमनी के देखनी जा कि कइसे मूसा के सेवक यहोशू इस्राएलियन के कनान में ले गइलन आ कइसे प्रभु परमेश्वर ओह लोग के दुश्मनन के भगावे खातिर ओह लोग से आगे बढ़ गइलन आ ओह लोग के ऊ बड़हन आ बढ़िया भूमि, दूध आ शहद से बहत देश, जइसे कि ऊ दे दिहलन उनुका से वादा कईले रहले। (निर्गमन 3:8) के बा।

आज हमनी के संक्षेप में यहोशू के किताब के बाद आवे वाली दू गो पवित्र किताबन के देखे के योजना बा: न्यायाधीश अउर रूथ। एह दुनो किताब में यहोशू के समय से लेके भविष्यवक्ता राजा दाऊद के समय के बीच के घटना के बारे में बतावल गईल बा।

न्यायकर्ता के किताब के देखे से पहिले, आईं यहोशू के मौत से पहिले के अंतिम संदेश सुनल जाव। उनकर नाम वाला किताब के अंतिम अध्याय में, यहोशू इस्राएल के बुजुर्ग लोग से मिल के उनकरा के चेतावे अउर उनकरा के प्रभु से प्यार करे अउर आज्ञा माने खातिर प्रोत्साहित करे, जे उनकरा के गुलामी से मुक्त कर दिहले अउर भरपूर आशीष के देश में ले अइले जहाँ उ लोग अब रहत रहले. यहोशू अपना अंतिम संदेश में ओह लोग से कहले रहले कि:

15 “जदि तोहनी के प्रभु के सेवा कइल अवांछनीय लागत बा, त आजु अपना खातिर चुनीं कि तू केकर सेवा करबऽ, ऊ देवता लोग जवना के सेवा तोहनी के पुरखा यूफ्रेटिस नदी के ओह पार करत रहले, या फिर अमोरी लोग के देवता के, जेकरा बीच तू रहत बानी। "लेकिन रहल बात हमरा अवुरी हमरा घर के त हमनी के प्रभु के सेवा करब।" 16तब लोग कहलस, “हमनी से प्रभु के छोड़ के दोसरा देवता के सेवा कईल दूर होखे।” 18 हमनी के भी प्रभु के सेवा करब जा, काहेकि उ हमनी के परमेश्वर हवे।” (यहोशू 24:15, 16, 18)।

इहे कहल ज्ञानी लोग। अब देखल जाव कि असल में ऊ लोग का कइल. न्यायकर्ता अध्याय 2 में पवित्रशास्त्र कहत बा कि:

7 इस्राएली लोग यहोशू के पूरा दिन आ उनकर पीछे आवे वाला सरदारन के पूरा दिन में प्रभु के सेवा करत रहले, जवन लोग प्रभु इस्राएल खातिर कइल सब बड़हन काम देखले रहले। 8 यहोशू

लगभग 100 साल के उमिर में मर गइलन। 9उ लोग ओकरा के एप्रैम के एगो पहाड़ी इलाका में दफना दिहल।

10 उ पीढ़ी के सब लोग अपना पुरखन के लगे जुट गईल रहले। तब एगो अउरी पीढ़ी आइल जवन प्रभु के ना जानत रहे आ ना ही उ इस्राएल खातिर कइल काम के जानत रहे। 11 इस्राएली लोग प्रभु के नजर में बुराई कइल आ बाल के पूजा कइल। 12 उ लोग मिस्र से निकाले वाला अपना पुरखन के परमेश्वर प्रभु के छोड़ के अपना आसपास के लोग के देवता के पीछे चल गईले। उ लोग ओह देवता लोग के प्रणाम क के भगवान के क्रोधित कईले। 13 उ लोग प्रभु के छोड़ के बाल देवता के सेवा कईले। (न्यायकर्ता 2:7-13) के बा।

इस्राएली लोग अपना परमेश्वर प्रभु के भुलावे लगलन, उनकरा से पीठ फेरलन अउर अपना आसपास के राष्ट्रन के धर्म के पालन करे लगलन जवन सच्चा परमेश्वर के ना जानत रहे अउर उनकर वचन के ना जानत रहे। उ लोग झूठा देवता बाल के पूजा करत रहले, जवना के कनान के लोग पूजा करत रहले। अपना खातिर मूर्ति बना के पूजा करत रहले। शैतान से धोखा खा के अधिकतर इस्राएली मूसा के व्यवस्था के अनदेखी कइले आ अपना पाप के ढँके खातिर वेदी पर जानवरन के बलि चढ़वले। भगवान के धर्मी रास्ता पर चले के बजाय उ लोग अपना आसपास के लोग के रास्ता पर चलल। उ लोग दस आज्ञा में से पहिला आज्ञा के तोड़ले, जवना में कहल गईल बा कि:

3 हमरा से पहिले तोहार कवनो दोसर देवता ना होई.... 5 तू ओह लोग के प्रणाम ना करीं ना ओकर सेवा करीं, काहे कि हम तोहार भगवान प्रभु ईर्ष्यालु भगवान हईं। हम ओह बाप के अधर्म के सजा देब जे हमरा के ना मानेले, ओकरा के अपना लइकन पर तीसरा आ चउथा पीढ़ी तक दंड देब। बाकिर हम ओह लोग के हजारन पीढ़ी पर दया करब जे हमरा से प्यार करेला आ हमरा आज्ञा के पालन करेला. (निर्गमन 20:3, 5-6) के बा।

इस्राएली लोग के सच्चा अउर जीवित परमेश्वर से मुँह मोड़े के फैसला के विनाशकारी परिणाम सामने आइल। न्यायकर्ता के किताब के अध्याय 2 के जारी रखत पवित्रशास्त्र कहत बा कि:

11 इस्राएली लोग प्रभु के नजर में बुराई कइल आ बाल के सेवा कइल... 14 अपना गुस्सा में प्रभु ओह लोग के लूटपाट आ लूटपाट के हवाले कर दिहलन। ऊ ओह लोग के चारो ओर दुश्मनन

के हाथ में बेच दिहलन आ ऊ लोग अपना दुश्मनन का सोझा खड़ा ना हो पावल. 15 हर बेर जब उ लोग लड़ाई करे निकलत रहले त प्रभु ओ लोग के ठीक ओसही विपत्ति ले आवत रहले, जईसे उ ओ लोग के चेतावनी देले रहले अवुरी उ लोग बहुत परेशानी में रहले। (न्यायकर्ता 2:11,14-15) के बा।

न्यायकर्ता के किताब में कहानी के बाद कहानी दर्ज कइल गइल बा कि कइसे इस्राएली लोग प्रभु के छोड़ के दोसरा देवता के पीछे चल दिहल। ऊ लोग बार-बार आपन दिल कड़ा करत रहे आ ओह लोग के खिलाफ विद्रोह करत रहे जे ओह लोग के एगो लोग भा राष्ट्र बनवले रहे. एह से परमेश्वर उनकरा के दुश्मनन के हाथ में सौंप दिहलन, खाली सजा देवे खातिर ना, बल्कि उनकर पाप के स्वीकार करे अउर पश्चाताप करे में मदद करे खातिर भी। जब इस्राएली लोग अपना दुष्ट तरीका से सही मायने में पश्चाताप कइल, त परमेश्वर न्यायकर्ता (मुक्त करे वाला) के खड़ा कइलन ताकि उ लोग के अत्याचारी लोग से बचावल जा सके। हम रउआ सभे के गिदोन जइसन मुक्तिदाता के कहानी बतावल चाहत बानी, जे महज 300 आदमी के साथे 135,000 योद्धा लोग के सेना के हरा दिहले; या हमनी के सैमसन के कहानी बतावल चाहत बानी जा, जे 1000 सैनिकन के हरा दिहलस।

हमनी के 1000 सैनिक के हरा दिहनी जा - लेकिन समय हमनी के अयीसन ना करे देवेला।

संक्षेप में, न्यायकर्ता के किताब हमनी के देखावेला कि हर बार जब इस्राएली परमेश्वर अउर उनकर वचन से भटकत रहले, त प्रभु उनकरा के सजा देत रहले ताकि उ लोग अपना पाप से मुड़ के उनकरा लगे वापस आ जास। जब उ लोग पश्चाताप कईले त भगवान एगो शक्तिशाली नेता के खड़ा कईले, जवन कि उ लोग के दुश्मन से बचावे। आ ऊ लोग फेर से अनन्त भगवान के भुला के अपना राह पर चल जइहें. उहे विद्रोह अउर मोक्ष के चक्र ह जवन न्यायाधीश के किताब में दर्ज बा।

बीच-बीच में इस्राएली लोग परमेश्वर के खिलाफ पाप करत रहे, लेकिन का उनकर अविश्वास परमेश्वर के योजना के नाकाम कर सकेला? अरे ना, हम ना कर पवनी। दरअसल, परमेश्वर पाप

करे वाला लोग के सजा दिहलन, लेकिन उ पूरा इस्राएल राष्ट्र के बचा लिहलन काहे कि परमेश्वर बहुत पहिले से कहले रहले कि उ इब्राहीम से आपन वादा पूरा करीहे, "तोहरा में धरती के सब परिवार के आशीष मिली" (उत्पत्ति 12:3).

परमेश्वर के अद्भुत डिजाइन के कवनो भी चीज नाकाम नईखे कर सकत: इस्राएली, फिरौन, मिस्र में गुलाम मालिक, कनान के लोग, बाल जइसन झूठा धर्म, अउर शैतान तक के पाप परमेश्वर के अद्भुत योजना के नाकाम नईखे कर सकत। इस्राएल के राष्ट्र या जाति के माध्यम से मसीहा के भेजे के परमेश्वर के योजना में कवनो भी बाधा ना हो सकेला; मुक्तिदाता अपना लोग के पाप से बचाई (मत्ती 1:21)।

आज जवन समय बाचल बा, ओह में हमनी के संक्षेप में ओह किताब के देखल चाहब जा जवन न्यायकर्ता के किताब के बाद आवेला। ई किताब रूथ के किताब ह। रूथ के कहानी गजब के बा। ई कचरा के बदबूदार ढेर के बीच में उगे वाला एगो सुन्दर फूल जइसन बा, काहे कि एहमें एगो सुन्दर युवती के कहानी बा जवन एगो टेढ़ आ भ्रष्ट पीढ़ी के बीच भगवान भगवान के पीछे चले के चुनले रहे।

हमनी के लगे रूथ के पूरा कहानी बतावे के समय नइखे, जवन इतिहास के कठिन समय के दौरान एगो युवती के जीवन में काम करत भगवान के एगो आकर्षक अउर जटिल विवरण ह। बाकिर हम कम से कम उनुकर परिचय रउरा से कर सकीले.

रूत एगो जवान विधवा रहली जवन इस्राएल राष्ट्र के ना रहली। उ मोआब देश में रहत रहली जवन इस्राएल के दक्खिन में रहे। मोआब के लोग मूर्तिपूजक रहले जे इस्राएल आ इस्राएल के भगवान से नफरत करत रहले। रूत मोआब राष्ट्र के रहली, लेकिन उ इस्राएल के परमेश्वर के कहानी सुनले रहली अवुरी उ इस्राएल के लोग के मिस्र में गुलामी से बचावे खाती कईले अद्भुत चमत्कार के बारे में सुनले रहली। एकरा अलावा उ कई गो सच्चाई सीखली जवन पैगम्बर मूसा

तोराह में लिखले रहले। रूत अपना पूरा मन से प्रभु पर भरोसा कइली अउर उनकर वचन अउर धार्मिकता के स्वीकार कइली।

लेकिन रूत मोआब में मूर्तिपूजक लोग के बीच रहत रहली। रूथ के माई-बाबूजी बुतपरस्त रहले अवुरी रूथ के जन्म उनुका धर्म में भईल रहे, लेकिन अब उ अपना पिता के धर्म में विश्वास कईल छोड़ देली। इस्राएल के परमेश्वर ही एकमात्र परमेश्वर रहले जेकरा पर रूथ आपन भरोसा रखले रहली। रूथ के लगे विकल्प रहे, आ ओकरा खातिर ई आसान ना रहे। का रूथ के अपना पिता के घर में रहे के चाहीं, अपना पिता के धर्म के पालन करे के चाहीं आ अइसन आदमी से बियाह करे के चाहीं जे सच्चा भगवान के ना जानत होखे? भा ओकरा अपना बाप के घर आ धर्म से मुड़ के सच्चा आ जिंदा भगवान के पालन करे के चाहत रहे? रूथ खातिर एह तरह के चुनाव कइल मुश्किल रहे।

एह से पहिले कि हमनी के पता चल जाव कि रूथ कवन रास्ता चुनले रहली, त रउआ इहो जान लेवे के चाहीं कि रूत के बहिन ओरपा भी उहाँ रहली, आ उहो एगो विधवा रहली। रूथ के तरह ओरपा भी इस्राएल के परमेश्वर के जानत रहली। ओकरा अपना पिता के धर्म जारी राखे भा अब्राहम, इसहाक आ याकूब के प्रभु परमेश्वर के पालन करे में से कवनो एक के चुने के पड़ी.

रूत आ ओरपा कवन रास्ता चुनले रहले? ओरपा बाहर निकले के आसान रास्ता चुनले। माने कि उ अपना पिता के घर में रहे के फैसला कईली अवुरी अपना पिता के धर्म के पालन करेवाला आदमी से बियाह कईली, जवना में इस्राएल के देश में जाए के भी शामिल रहे। रूथ पूरा तरह से जानत रहली कि एक सच्चा परमेश्वर के पूजा के मोआबी मूर्तियन के पूजा से मेल ना मिल सकेला। रूथ चाहत रहली कि उनकर परिवार अउर दोस्त प्रभु के पीछे चले के उनकर इच्छा के समझस, भले ही उ लोग उनका के गलत समझत होखे। जइसे कि वोलोफ कहाउत में कहल गइल बा कि जेकरा शहद चाहीं ओकरा मधुमक्खी के बहादुरी करे के पड़ी.

प्रभु के द्वारा तय परिस्थिति के माध्यम से रूथ अपना लोग के छोड़ के इस्राएल के एगो छोट शहर बेतलेहेम में चल गईली।

बेतलेहेम में बोअज नाम के एगो आदमी रहे। बोअज राहाब के बेटा रहले। राहाब यरीहो के एगो औरत रहली जे इस्राएली जासूस लोग के आश्रय देत रहली आ अपना शहर पर भइल तबाही आ मौत से बच गइली। (जवन हमनी के पिछला कार्यक्रम में देख चुकल बानी जा)। उनकर बेटा बोअज एगो दयालु आदमी रहले जे प्रभु से प्यार करत रहले अउर उनकर वचन के आदर करत रहले। बोअज बेतलेहेम में एगो धनी जमीन मालिक रहले, लेकिन अभी तक उनुकर पत्नी ना रहे।

अब बेतलेहेम शहर में रहे वाली रूथ के आदत रहे कि उ खेत में जौ के डंठल टोले। रूत एगो गरीब किसान रहली आ जवन व्यवस्था परमेश्वर मूसा के माध्यम से इस्राएली लोग के देले रहले, ओकरा अनुसार गरीब लोग के भूखे ना रहे के चाहीं।

एह तरह से पत्थर बटोरे के अनुमति मिल गइल. शास्त्र में कहल गइल बा कि: त रूथ कटनी करे वाला लोग के पीछे-पीछे खेत में कटाई करे गइली। उ खेत के ओ हिस्सा में आ गईली जवन बोअज के रहे।

बोअज रूथ के अपना खेत में कूदत देखले। जइसे-जइसे समय बीतत गइल, उनकर चरित्र आ सुंदरता आ भगवान से उनकर प्रेम देखले। उ समझ गईले कि बोअज एगो धर्मी आदमी हवे अवुरी रूत एगो सद्गुणी महिला हई। का रउरा अंदाजा लगा सकीलें कि तब का भइल? एकर पता लगावल बहुते मुश्किल नइखे. हँ, बोअज आ रूथ के बियाह हो गइल. रूथ अपना जीवन में भगवान के सबसे पहिले रखली अवुरी एकरा खाती भगवान उनुका के आशीर्वाद देले।

रूत के किताब हमनी के एह निष्कर्ष पर पहुँचावेला कि बोअज आ रूथ के एगो बेटा रहे जेकर नाम ओबेद रहे। ओबेद के जनम यिशै के भइल आ यिसे दाऊद के जनम भइल, जे इस्राएल के इतिहास के सबसे बड़ राजा आ कई गो भजन लिखे वाला भविष्यवक्ता बनले। आ दाऊद के एह वंश से (हजार साल बाद) वादा कइल मुक्तिदाता, मरियम के बेटा यीशु के जनम भइल।

राहाब के कहानी के तरह रूथ के कहानी भी हमनी के एगो अउरी अद्भुत उदाहरण देले बा कि परमेश्वर के प्रेम अउर स्वीकृति के सब लोग बा जे उनकरा के निश्छल दिल से खोजत बा। राहाब के तरह रूथ भी एगो बुतपरस्त राष्ट्र से आइल रहली। भले ही बहुत सारा इस्राएली लोग अपना भगवान, प्रभु से पीछे हट के आसपास के राष्ट्रन के धर्म के पालन कइल, रूथ इस्राएल के परमेश्वर के पालन करे के चुनली, जे ओकरा के बेतलेहेम ले गइल, बोअज से बियाह कइलस, आ अपना लोग के धर्म के छोड़ दिहलस, आ... राजा दाऊद के दादी। एह सब में, हमनी के परमेश्वर के हाथ एगो उद्धारकर्ता के दुनिया में ले आवे के उनकर योजना के विवरण के आर्केस्ट्रा करत पावेनी जा-उनकर समय में अउर उनकरा तरीका से-काहे कि कहल गइल रहे कि मुक्तिदाता राजा दाऊद के वंश से पैदा होई अउर... बेतलेहेम शहर में भइल।

हमनी के अब इहाँ रुके के बा। अगिला बेर भगवान के इच्छा होखे त हमनी के दाऊद नाम के एगो भविष्यवक्ता आ राजा के जीवन के देखल शुरू करब जा।

परमेश्वर रउवां के आशीर्वाद देस जब रउवां इस्राएल के लोग खातिर यहोशू के एह अंतिम शब्दन के मनन करीं:

आज अपना खातिर चुनीं कि केकर सेवा करब... लेकिन रहल बात हमरा आ हमरा घर के त हमनी के प्रभु के सेवा करब जा (यहोशू 24:15)।

3

कार्यक्रम ४६

शमूएल, शाऊल आ दऊद

१ शामूएल १ - १६; भजनसंग्रह २३

हमनीके वितल कार्यक्रममे, यहोशूके मृत्युके बाद ईस्राएल जाति वा राष्ट्रके ईतिहासमे भ्रष्ट अवधि रहे कहके हमनीके सुनली । लेकिन उ अन्धकारके युगमे भि हमनीके परमेश्वरके भलाई आ

।

विश्वासयोग्यताके ज्योति देखली । लेकिन परमप्रभु अब्राहाम आ उनकर सन्तानसबके एगो ईस्राएल जाति वा राष्ट्रके स्त्रीसे जन्मेबाला उद्धारकर्ताके जन्मके बारेमे परमेश्वरके देहल प्रतिज्ञाके बिसरल नारहे है । रुथ नाम भेल स्त्रीके जीवनमे परमेश्वर कईसे काम करईत रहे कहके हमनीके सुनले रहली । रुथ ईस्राएली स्त्री रहे, लेकिन उ अपन सारा हृदयसे ईस्राएलके परमप्रभु परमेश्वरके अपन सारा हृदयसे विश्वास कएले रहे । आ जब बहत ईस्राएलीसबके आसपासके राष्ट्रसबके मूर्तिपूजक, धर्मसब पछ्यायके लागि परमप्रभु उसबके परमेश्वरसे फिरलक, तब रुथ अब्राहाम आ उनकर सन्तासब सँगे बातचित करेके परमेश्वरसँगे अपनाके प्रतिबद्ध करेके लागि अपन बाबु माईके धर्मके छोरेके छनौट कएलक । रुथ ईस्राएलके भूमिमे अएलक आ बेथलेहेम शहरमे रहेलागल जहाँ उ राहाबके बेटा बोअजसँगे विवाह कएलक । बोअज आ रुथके ओबेद नाम भेल बेटा भेलक आ ओबेद अगमवक्ता दाऊदके पिता यिशैमे (जनम देलक । आदमके सन्तानसबके उसबके पापसे छुटकारा देबेके परमेश्वरके योजना अगारी बरहईत रहे, काहेकी यी दाऊदके सन्तानसबसे उद्धारकर्ता संसारमे प्रवेश करेके योजना रहे। आ यी दाऊदके गृह नगर बेथलेहेममे मुक्तिदाताके जन्म होखेके परमेश्वरके योजना रहे । आबेबाला पाठसबमे कईसे परमेश्वरके अगमवक्तासब यी भविश्यके घटनासबके बारेमे लिखलक आ एकाबाद कईसे उद्धारकर्ता उसबके सयौंवर्ष बाद पूरा कएलक कहके हमनीके सुनम । परमेश्वर मात्र कौनो भि घटना होखेसे पहिले ईतिहास लिखे सकी । दाऊद पवित्र धर्मशास्त्रमे प्रसिद्ध बा । धर्मशास्त्रमे उनकर नाम एक हजारसे बेसी देखा परले । दाऊदके बारेमे अपनेके कठी थाह बा ? उ एगो जवान आदमी रहे जे एगो बरका दैतय गोल्यतके घुयँत्रो चिल्ला ढुङ्गासबसे परास्त करदेले रहे । दाऊद ईस्राएलके सबसे प्रसिद्ध राजा आ बहुते भजनसँग्रह लिखेबाला अगमवक्ता रहे । लेकिन दाऊदके ज्ञान एतनेमे सिमित ना रहले । यदि हमनीके दाऊद एगो महान राजा रहे कहके जानईसी, लेकिन दाऊदके कौन चिज महान बनादेल कहके ना जानेम त, हमनीके अईसन ज्ञानसे कठी फाईदा होई ? अथवा यदि हमनीके परमेश्वर दाऊदके धर्मशास्त्रके अंश लिखेके लागि प्रेरित कएलक लेकिन उनकर बताएल सन्देश हमनीके थाह ना होई त कठी फाईदा होई ? प्रिय स्रोतासब, यदि अपने भविश्यवक्ता दऊदके बारेमे अपन ज्ञान बढाबेके चाहईसी त, आ दाऊदके अपन भजनमे लिखल कुछ अद्भुत आ शक्तिशाली शब्दसब सुनेके चाहईसी त, हमनीके अपनेके आजके अध्ययन आ दोसर पाँचगो कार्यक्रमसबके लागि हमनीसँगे सहभागी होएके आमन्त्रण करईसी । कठी अपनेके दाऊदसे अगारी आएल परमेश्वरके अगमवक्ताके नाम थाह बा ? यी यी अगमाक्ताके नाम शामूएल बा । ईस्राएलके आदमीसबके उसबके हृदय परमप्रभुसे दुर भेलाके बाद उसबके परमप्रभुओर घुमाबैके लागि परमेश्वर अगमवक्ता शामूएलके चुन्लक ।

आज हमनीके शामूएलके पहिलका पुस्तकसे पढम । यी पवित्र पुस्तक अगमवक्ताके लेखसबमध्ये महत्वपूर्ण बा काहेकी यीमे शामूएलके जीवन आ ईस्राएलके प्रथम तीनजना राजासब शाऊल, दऊद आ सोलोमनके बहुमूल्य कथासब बा । हमनीके सुनल अनुसार, परमेश्वर ईस्राएलीसबके चलाबेके लागि आ न्याय करेके लागि मोशा, यहोशू आ शामूएल जईसन अगुवासब देलक, लेकिन उसबके मिश्रके दासत्वके बन्धनसे छुटकारा देबेबाला परम्रभु परमेश्वर उसबके सही राजा रहे । परमेश्वर अपन महिमा उसबके माझमे राखे सको कहके परमेश्वर उसबके एगो विशेष पाल बनाबेके आज्ञा देबेबाला परमेश्वर अपने उसबके शासक होखेके चाहईत रहे । उसब परमेश्वरके पछ्याबेके उनकर आज्ञापालन करो कहके परमेश्वर चाहईत रहे । लेकिन बहुत ईस्राएलीसब केवल परमप्रभुके अपन राजा मात्र भेलासे सन्तुष्ट ना रहे । उसब अपन आसपासके राष्ट्रसब वा जातिसब जईसन आदमके सन्तानसे ही केहु राजा होके उसबके माझमे शासन करो कहके चाहईत रहे । पहिलका शमूएलके पुस्तक ८ अध्यायमे, धर्मशास्त्र कहले : यीहेकारण ईस्राएलके सब धर्म-गुरुसब भेला होके स शामूएलकाहाँ अएलक । उससब शामूएलकके कहलक, “अपने अब बृद्ध होगेली, आ अपनेके बेटासब अपनेके आज्ञामे ना चलले । यीहेकारण अउर जातिसब जईसन हमनीके उपर शासन करेके लागि एकजना राजा नियुक्त करु । " लेकिन शासनके लागि राजाके माग सुनके शमूएल दुःखित होगेल, आ उ परमप्रभुसे प्रार्थना कएलक । तब परमप्रभु शमूएलके कहलक, “आदमीसबके कहल सब बात सुन । उसब अपनेके ईन्कार कएले नबा । उसब हमरा ईन्कार कएले बा, हमरा उसब अपन राजा बनाबेसे इन्कार कएले बा । मिश्रसब उसबके लेआबेके दिनसे उसब हमरा जठी कएलक अब उसब तोहरा करईत बा । उसब हमरा छोरके दोसर देवतासबके पूजा कएले बा । उसब अब कठी कहईत बा, उस सुन लेकिन उसबके गम्भीर चेतावनी देके बतादे कि राजा उसबके उपर कईसन शासन करी । ” (१ शमूएल ८:४-९) आदमीसबके उसबके आवश्यक चिज देबेके आ उसबके लागि राजा नियुक्त करेके लागि परमेश्वर शामूएलके काहे कहलक कहके हमनीके अचम्म लाग सकी । परमेश्वर ईस्राएलीसबके उनकारा बाहेक दोसर राजा होखो कहके ना चाहले रहे । लेकिन उसब परमेश्वरके शासनके ईन्कार कएलाके कारण, परमेश्वर उसबके अपन रास्ता रोजेके देलक । परमेश्वर उसबके उपर बलजफ्ती शासन करेके ना चाहलक । अईसही, अगमवक्ता शमूएल ईस्राएलीसबके लागि शाऊल नाम कएल आदमीके राजा नियुक्त कएलक । धर्मशास्त्र कहले : तब शमूएल तेलके भरिया लेके उनकर मुरीमे जाक्देल (१ शमूएल १०:१) । ईस्राएलीसब नेतृत्वके विशेष काममे केको नियुक्त करेके लागि अईसही करईत रहे । उसब अगमाक्ता, पुजाहारी वा राजाके मुरीमे तेल जाकके अलग करईत रहे । शमूएल शाऊलके मुरीमे तेल जाकलाके बाद उस सब आदमीसबके कहलक, “परमप्रभुके चुनल आदमीके देख । यी पूरा जातिमे एका जईसन और दोसर केहू नबा ।” तब उस आदमीसब नारा लगाके चिच्यएलक, “राजा दिर्घायु होखो !” (१ शमूएल १०:२४) । शुरुमे ईस्राएलीसब अपन राजा शाऊलमे बहुत खुसी भेल । शाऊल बलिया आ साहसी, जवान आ सुन्दर रहे, आ ईस्राएलके अन्य सन्तानसबसे लम्बा रहे । बाहीरी रुपसे शाऊल उत्कृष्ट राजा रहे । लेकिन परमेश्वर आदमीके अजईसन बातसबके मूल्यांकन ना करले । आदमी बाहिरी रुप देखले, लेकिन परमेश्वर आदमीके हृदयके देखले । राजा शाऊल निमन शुरुवात कएलक, लेकिन समय बित्लाके बाद उ घमण्डी, ईर्ष्यालु आ आत्मनिर्भर होगेल ।

शाऊलं अपन ओठसे परमप्रभुके आदर कएलक, लेकिन उनकर हृदय परमेश्वरसे दुर रहे । शाऊल परमेश्वरके वचनके आदर आ पालन ना कएलक । शाऊल परमेश्वरके चाहल काम करेके अपन चाल काम कएलक । एहीकारण शाऊल

राजा नियुक्त भेलाके कुछ बर्षबाद धर्मशास्त्र हमनीके बताबले, तब परमप्रभु शमूएलके कहलक, “शाऊलके राजा बनाके हम पछताईत बारी, काहेकी उ अपन मुह हमरासे मोरलेल बा, आ हमर आज्ञा उ पालन ना कएले बा ।" शमूएल विचलित होगेल, आ उस रातभर परप्रभुके पुकारा करईत रहगेल । विहानभेला सबेरे शमूएल शाऊलसे भेट करे चलगेल । शमूएल शाऊलकहाँ आगेल आ शाऊल शमूएलके कहलक, " परमप्रभुके आशिष अपनेमे रहो ! हम परमप्रभुके आज्ञा पालन कईली ।" शमूएल कहलक, “होमबली आ बलिदानसे बेसी कठी परमप्रभु आज्ञापालन ना रुचाबले ? आज्ञापालन बलिदानसे उत्तम बा, आ उनकर वचन मानला भेराके बोसोसे असल बा । परमेश्वरके आज्ञा उलंघन कएला तन्त्रमन्त्रमे पाप जईसन बा, आ हठी होखला मूर्तिपूजा कएल जईसन खराब बा । अपने परमप्रभुके वचनके त्यागदेली, यीहेकारण परमप्रभु अपनेके राजाके पदसे त्यागदेल बा ।”(शमूएल १५:१-१३) अईसही शमूएल शाऊलसे राज्य लेके दोसरके देई कहके बतादेल । दोसर अध्यायमे हमनीके सुनम : परमप्रभु शमूएलके कहलक, “हम शाऊलके ईस्राएलउपर राजा होखेसे ईन्कार कएलासे तु ओका लागि कहियातक विलाप करते रहबा ? तोरासागे रहल उ सीङमे तेल लगाके तोहर साथमे लेजाबा । हम तोहरा बेथलेहेमके यीशैकहाँ पठाईत बारी । काहेकी हम उनकर बेटासब मध्ये एकजनाके राजा चुनलेबारी ।” लेकिन शाऊल कहलक हम कईसे जाए सकम ? शाऊल यी बात सुनके हमरा मारदेई ।” परमप्रभु कहलक, “एगो कोरली तोहरासँगे लेजाबा । परमप्रभुके लागि बलिदान चढाबेके लागि आएल बारी कहके कह, । यिशैके भि यी बलिदानमे निम्तो द, आ तोरा कठी करेके बा हम तोहरा बताहम । जौन आदमीके हम देखाएम, तु ओका अभिषेक कर ।" शमूएल परमप्रभुके कहल बमोजिम कएलक । उ बेथलेहेममे गेलक । शहरके धर्मगुरुसब शमूएलसे भेटके थरथरागेल । उसब पुछलक, “अपने शान्तिसे आगेली ?” शमूएलक कहलक, “शान्तिसे । हम परमप्रभुके लागि बलिदान चढाए आएल बारी । तोहनीसब अपने-आपके शुद्ध करके बलिदानके लागि आबा ।" तब उसब यिशै आ उनकर बेटासबके शुद्ध करके बलिदानके लागि उसबके बोलएलक । जब उसब अएलक तब शमूएल एलीआबके देखके विचार कएलक, “परमप्रभुके सामु उनकर अभिषिक्त राजा यीहे बा ।" लेकिन परमप्रभु शमूएलके कहलक, “उ सुन्दर आ लम्बा होई त का ओकर ख्याल ना कर । हम ओका इन्कार कएले बारी । परमप्रभु आदमीसब जईसन ना देखले । आदमीसब रुप देखके विचार करले, लेकिन परमप्रभु हृदयभितर देखके विचार करले ।” तब यिशै अबीनादाबके बोलएलक, आ शमूएलके सामने चलेके कहलक । लेकिन शमूएल कहलक, "ना, परमेश्वर एका चुनले ना बा ।" तब यिशै शम्माके हाँजिर करएलक । लेकिन शमूएल कहलक, “परमप्रभु एका भि नईखे चुनले ।” यिशै अपन सात जना बेटासबके शमूएलके अगारी हाँजिर कएलक, लेकिन उ कहलक, " परमप्रभु यि सबमध्ये केको नबा चुनले ।” तब शमूएल पुछलक, “कठी सब एतने बा ?” यिशै जवाफ देलक, “अभि छोटका भि बा, लेकिन उ त भेरा चराईत बा ।" शमूएल यिशैके कहलक, "ओका बोला ब । ऊ न अएलातक हम ना बईथम ।” यीहेकारण यिशै उनकारा लेआबेके लागि आदमी पेठसएलक । उ राता-रात गाला चम्किला आँख भेल सुन्दर युवक रहे । परमप्रभु कहलक, “उठ्के ओका अभिशेक कर । व्यक्ति यीहे बा ।”

शमूएल तेलबाला सीङ लेके उनकर दाजुसबके सामु उनकारा अभिशेक कएलक । तब परमप्रभुके आत्मा दाऊदउपर अएलक, आ उ दिनसे दाऊदसँगे रहलक । (शमूएल १६:१-१३) ही परमेश्वर दाऊदके शाऊलके बाद ईस्राएलके राजा नियुक्त कएलक । लेकिन उ दिन दाऊद राजा ना भेलक, उ समय दाऊद युवक मात्र रहे, आ परमेश्वर ओका राजाके रुपमे शासन करेके लागि नियुक्त करेबाला समय अभि ना आएल रहे । वास्तवमे दाऊद ईस्राएलके सिंहासनमे बईथेसे पहिले दश वर्षतक रुकेके परलक । एहिसे दाऊद अपन बाबुके बगाल चराबेके लागि आ उसबके रेखदेख करेके लागि बेथलेहेमके खेतमे चलगेल । दाऊद एक विश्वासयोग्य, आ साहसी गोठालो युवक रहे । दाऊदके कौनो किसोके

डर ना रहे, काहेकी परमप्रभु परमेश्वर साथमेबा कहके ओका थाह रहे । उदाहरणके लागि, एक दिन दाऊद अपन बाबुके बगाल चराईत समयमे, एगो सिंह एगो भेराके पकरलेल । दाऊद उ सिंहके पछारी गेलक, आ प्रहार कएलक आ भेडाके सिंहके मूहसे बचएलक । जब सिंह दाऊदके प्रहार करेअएलक, तब दाऊद सिंहके पकरके मारदेल । (१ शमूएल १७:३५) दाऊद असल गोठालो मात्रे ना रहे, लेकिन उगाए आ वीणा बजाईत रहे । परमेश्वरके आत्मा दाऊदके बहुत प्रशंसाके गीतसब, संकटके समयके लागि करेबाला प्रार्थनासब आ प्रतिज्ञाके मसीही भविश्यवाणीसब आ भजनसंग्रहके पुस्तक लिखेके लागि भि प्रयोग कएलक । हो, दाऊद परमप्रभु परमेश्वर आ उनकर वचनके केतना प्रेम करईत रहे ! भजनसंग्रहके पुस्तकमे १५० गो गीतसब बा । दाऊद उमध्ये आधा जेतना लिखले बा । दाऊदके लिखल सबसे प्रसिद्ध गीत भजन २३ पढके आजके कार्यक्रम हमनीके समाप्त करके चाहईत बारी । यी भजनमे दाऊद परमेश्वरसँगेके अपन सम्बन्धके बारेमे लिखले बा । दाऊद अपनाके भेडासँगे तुलना करले आ परप्रभुके अपन असल आ विश्वासयोग्य चरवाद्य रुपमे बोलले । खेतमे जवान दाऊद अपन बाबूके भेडासबके बीचमे चलईत, अपन वीणा बजाईत आ परमप्रभुके लागि यी गीत गाईतके कल्पना करु : परमप्रभु हमर चरबाहा बा, हमरा कुछोके कमी न होई । उ हमरा हरियर खर्कमे लेटाबले, आ हमरा शान्त पानीके छेउमे डोरयाबले । उ हमर प्राणके पुनर्जिवित करले । उ अपन नामके लागि हमरा धार्मिकताके मार्गमे डोरयाबले । मृत्युके अन्धकारमय घाँटी होके जाएके परो तापर भि हम कौनो खतरासे ना डेराएम, काहेकी अपने हमरा साथमे बारी । अपनेके लाठि आ अपनेके लहुरो हमरा सान्तावना देवले । हमर शत्रुसबके सामुन्ने अपने हमरा लागि भोज तयार करईसी । अपने हमर शिर तेलसे अभिशेक करईसी, हमर कचौरा भरके उफियाबले । निश्चय अपनेके भलाई आ करुणा हमर जीवन भर हमरा पछारी आई, आ परमप्रभुके घरमे हम सदासर्वदा वास करम । (भजनसंग्रह २३:१-६)

कथा सुनेके चाहम ।

।

दोसर कार्यक्रममे हमनीके युवक दाऊद आ विशाल गोल्यतबीचके पतिर्वा परमेश्वर शमूएलके कहल यी बातके बारेमे मनन् करईत परमेश्वर अपनेके आशिष देले होखे :"परमप्रभु आदमी जईसन ना देखले । आदमी रुप देखके विचार करले, लेकिन परमप्रभु हृदयभितर देखके विचार करले ।" (१ शमूएल १६:७)

कार्यक्रम ४७

दाऊद आ गोल्यत

१ शमूएल १७, भजनसंग्रह २७

वितल कार्यक्रममे हमनीके अगमवक्ता दाऊदके बारेमे सुनली । परमेश्वर दाऊदके बारेमे कठी गवाही देलक, सुनु : "हम यिशैके बेटा दाऊदके हमर हृदय अनुसारके आदमी पईली, जे हमर सब ईच्छा पूरा करी" (प्रेरित १३:२२) ।

पहिलका राजा शाऊल परमप्रभुके आज्ञाके पालन नकएलाके कारण कईसे परमेश्वरके आज्ञा बमोजिम अगमवक्ता शमूएल बेथलेहेममे गेलक आ दाऊदके ईस्राएलके राजा अभिषेक कएलक कहके हमनीके सुनली । लेकिन दाऊद उ समयमे अभि युवक रहे, आ राज्य प्राप्त करेके लागि अभि परमेश्वर ओका लागि तोकल समय ना आएल रहे । एहिसे दाऊद अपन बाबुके बगाल चराबेके लागि खेतमे फिरके गेल रहे कहके हमनीके सुनली ।

आज हमनीके उ कथा सुनम जे दाऊदसँगे परमप्रभु अपन परमेश्वरके प्रसन्न करेबाला हृदय भेलाके कारण परमेश्वर दाऊदसँगे रहे कहके बताबले । हमनीके पाठके दाऊद आ गोल्यतके कथा कहले । हमनीके यी कथा पहिलका शमूएलके १७ अध्यायसे सुनम । धर्मशास्त्र कहले : अब पलिश्तिसब (जौन ईस्राएलके जालिम दुश्मन रहे) अपन फौजसबके युद्धके लागि जम्मा कएलक । शाऊल आ ईस्राएलीसब भि भेला होके एलाहके बेसीमे छाउनी लगएलक । उसब पलिश्तीसबके सामु(पँक्ति बाँधलक । पलिश्तीसब एगो डाँडामे आ ईस्राएलीसब दोसर डाँडामे ठाउँ जफट करके रहेलागल, उसबके बिचमे एगो बेंसी रहे । पलिश्तीसबके छाउनीमे गातके नामके एकजना वीर निकलके अएलक । उ तीन मिटरसे लाम्बा रहे । ओकर मुरीमे काँसाके टोप रहे, आ साठ किलो ओजन भेल काँसाके झिलम उ लगएलके रहे । गोरमे काँसाके झिलम रहे आ उनकर हतियारसबमध्ये एगो काँसाके बर्छा ढाडमे उ बोक्लेल ओकर भालाके लाठी कपडासे बुनल जुलाहाके डन्डा जेतना लम्बा रहे, आ भालाके नोव जौन लोहाके रहे, ओकर ओजन सात किलो रहे । उनकर ढाल बोकेबाला अगारी अगारी चलईत रहे । ईस्राएलके फौजके कहलक, “तोहनीसब काहे लाडाई करेला अबईसा ? हम पलिश्ती बारी । कठी तोहनीसब शाऊल के सेवक नबा र ? हम्मासँगे लडेला तोहनीसबके आदमी चुन । यदि अकेले लरके उ हमरा मार देई त, हमनीके तोहनीसबे कमारा होएम। लेकिन यदि हम ओका जितके मारदेम त तोहनीसब हमर कमारा होके हमर सेवा करेके परी । तब उ पलिश्ती कहलक, आजके दिन हम ईस्राएलके फौजके तुच्छ गिन्ती करईतबारी । एक जना आदमी पठाब आ हमनीके लडाई करु ।" जब शाऊल आ ईस्राएलीसब उ पलिश्तीके बात सुनलक, तब उसब आत्तगेल, आ बहुत खिन्न भेगेल (१शमूएल १७:१-११) गोल्यत ईस्राएलीसबके गाली देईत समयमे, बेथलेहेमके २० किलोमिटर दुरीमे दाऊद अपन बाबुके बगाल चराबईत रहे, आ परमेश्वरके वचन मनन् करईत रहे । लेकिन दाऊदके तीन जना दाजुसब रहे, जे ईस्राएलके सेनाके सिपाहीसब रहे ।

दाउद

एकदिन दाऊदके बाबु दाऊद कहाँ आके कहलक, "तोहर दाजुसबके लागि यी तीनपाथी चिउरा, आ यी दशगो रोटी लेके जल्डी उसबके छाउनीमे जाब । यी दशगो पनीर तु सहस्रतिके लागि लेजाब । तोहर दाजुसब कुशल बा कि नबा देख, आ उसब कहाँसे कुछ आश्वासन लेके आब । उसब शाऊल आ ईस्राएके सब आदमीसबसे एलाहके बेंसीमे

पलिशतीसबके विरुद्धमे युद्ध करईत बा ।" दोसरका दिन सबेरे दाऊद भेडासब केको रेखदेखके जिम्मा देके यिशैके अह्माएलअनुसार अपन काममे चलगेल । सेना युद्धध्वनी लगाईत अपन-अपन स्थानमे जाईत अवस्थामे दाऊद छाउनीमे पुगेल ।(१ शमूएल १७:१७-२०) दाऊद अपन दाजुसबसँगे बात करईत समयमे, गोल्यत ईस्राएलके सिपाहीसबके सामना करेके लागि अपन लाइनसे बाहर निकलगेल आ उसबके बित्तल चालिस दिनसे देईत धम्की देबे लागल । जब ईस्राएलके सिपाहीसब गोल्यतके देखलक, उसब गोल्यतसे डेराके भागेलागल ।(दाऊद आसपासके Z आदमीके देखके कहलक, "यी पलिश्तीके मारेबाला आ ईस्राएलके अपमान हटाबेबाला आदमीके कठी ईनाम बा ? जीवित परमेश्वरके सेनाके तुच्छ कहेबाला यी खतना नभेल पलिश्ती के बा ? सिपाहीसब दाऊदके जवाफ देलक, यी पलिश्तीके मारेबाला आदमीके राजा प्रचुर ईनाम देई, अपन बेटीके भि उ आदमीसे विवाह करदेई, आ उ आदमीके घरानाके ईस्राएलमे अनिवार्य करसे मुक्त करदेई । जब दाऊद आदमीसबसँगे बात करईत रहे तब उनकर जेठ दाजु एलीआब सुनलक आ उ रीससे चूर होगेल । एलीआब दाऊदसे पुछलक, "तु यीहा कठी करईत बार । जङ्गलमे रहल उ भेडाससबके रेखदेखके जिम्मा केका देके अएल ? हम तोहरा चिन्हईसी, घमण्डी आ दुष्ट ह्रदय भेल । तु लडाई देखे मात्र आएल बार ! (१शमूएल १७:२६, २५, २८) । (लेकिन दाऊदके साहसी वचन सुनके उ शाऊलके खबर कएलक । एहीसे शाऊल दाउदके बोलाबेके लागि पठएलक । दाऊद शऊलके कहलक, "उ पलिश्तीके कारण केहु भि हतास न होखो । हम जाके उ पलिश्तीसे लरेम ।" शाऊल दाऊदके कहलक, "तु जाके उ पलिश्तीसँगे लरे नासक्ब । तु त अभि छोट बार, आ उ जीवनभर लराई करईत आएल बा ।" दाऊद शाऊलके कहलक, "हम, अपन पिताके भेरासब रेखदेख करईत आएलबारी । जब सिंह अथवा भालु आके बगालसे भेडासब लेके जाईत रहे, तबह म ओकर पछारी पछारी जाके आक्रमण करके ओकर मुहसे उ शिकारके छोराबईत रहली । यदि हमरा आक्रमण करेके लागि उ फिरके आईत रहे त हम, ओकर रौँ पकरके पिटपिटके ओका मारईत रहली । हम सिंह आ भालु दुनुके मारले बारी । यी बेखतना पलिश्तीके दशा उसबसे असल ना होई, काहेकी यी जीवित परमपेश्वरके सेनाके विरोध कएले बा । सिंह आ भालुसे बचाबेबाला परमेश्वर यी पलिश्तीके हातसे भि हमरा बचाई।" शाऊल कहलक, "फिर जाब, आ परमप्रभु तोहरा साँथे होखे ।" तब शाऊल अपन लबेदा दाऊदके पहिरादेल, आ फिलम लगाके उ काँसाके टोप दाऊदके शिरमे लगादेल । एकाबाद दाऊद अपन तरबार फिलम उपर कसदेल, लेकिन दाऊद आनाकानी कएलक, काहेकी उसब लगाबेके दाऊदके बानी ना रहे। दाऊद शाऊलके कहलक, "यी लगाके हम जाए ना सकम, काहेकी हमरा यी सब लगाबेके बानी ना बा ।" तब दाउद उ सब निकालदेल । एकाबाद दाऊद अपन लाठी उठएलक, आ नदीसे पाँचगो चिल्ला चिल्ला ढुङ्गा चुनलक आ उ अपन के भोरामे राख्लक । तब दाऊद अपन गुलेली लेके उ पलिश्तीसे लरेके लागि गेलक अपन हतियार बोकेबालाके अगारी पठाके उ पलिश्ती दाऊदके ओर बढलक । पलिश्ती दाऊदके देखके घृणा करेलागल ।

29

22

गोल्यत दाऊदके कहलक, "कठी हम कुता बारी, जे लाठी लेके हमरासे लरे आएल बार ?" गोल्यत अपन देवतासबके नाममे दाऊदके सरापे लागल । गोल्यत कहलक, "आब, हम तोहर मास आकाशके चिरईसब आ जमिनके जनावरसबके खाएके देहम ।" दाऊद जवाफ देलक, "तु त हमरासे लरेके लागि तरबार, भाला आ बर्छा लेके आएलबार, लेकिन हम तोहरासे लरेके लागि, तोहर विरोध कएल ईस्राएलके फौजसबके परमेश्वर, सर्वशक्तिमान परमप्रभुके नाममे आएल बारी । आजके दिन परमप्रभु तोहरा हमर हातमे सुम्पदेई, आ हम तोहरा मारके तोहर घेट काट्देम । आज पलिश्तीसबके

लाश आकाशके चिरई आ जमिनके जनावरसबके खियाएम, आ ईस्राएलमे एगो परमेश्वर बा कहके सारा संसारके थाह होई । यीहा रहल सब आदमी जानी कि परमप्रभु न त तरबार न भालासे बचाबले । काहेकी लडाई परमप्रभुके बा, आ परमप्रभु तोहनीसबके हमर हातमे सम्पदेई ।" जब उ पलिश्ती दाऊदके ओर बरहे लागल, तब दाऊद उ पलिश्तीसे लरेके लागि अगारी कुदके गेलक । दाऊद अपन हात झोरामे लगाके एगो पत्थर निकाललक, आ गुलेलीमे राख्के पलिश्तीके कपारमे मारदेल । उ पत्थर पलिश्तीके कपारेमे गारागेल आ उ भुईयामे गिरगेल । अईसहीए दाऊद अपन घुयत्रो आ पत्थरसे विजयी होगेल । अपनासँगे तरवार नभेलाके बाद भि दाऊद गोल्यतके (मारके मोआदेल । दाऊद जाके उ पलिश्ती गिरल ठाउँमे गेलक, आ छेऊमे खडा भेगेल । आ दाऊद पलिश्तीके तरबार म्यानसे निकालके ओका खतम करके ओकर घेट काट्देल । जब पलिश्तीसब अपन वीर पुरुषके मरईत देखलक, तब उसब भागेल । ईस्राएल आ यहुदाके आदमीसब तुरन्त युद्धध्वनी उठएलक आ गात आ एक्रोनके मूल दुआरीतक उसबके खहेदके लेगेल । (१शमूएल १७:३२-५२) अईसहीए, एगो युवक दाऊद अपन राष्ट्रके वा जातिके उसबके शत्रुसबसे घुयेत्रो आ पत्थर आ परमप्रभु परमेश्वरमे उनकर कएल विश्वाससे बचएलक । दाऊद आ गोल्यतके यी कथा बहुत महत्वपूर्ण पाठसबके समावेश करले । शाऊल आ ईस्राएली सिपाहीसब गोल्यतसे कईसे डेराएल रहे कहके सुनली । उसबमेसे केहु भि गोल्यतसे लरेके साहस ना कएलक, लेकिन दाऊद गोल्यतसे ना डेरएलक । दाऊद गोल्यतके भुईमे गिराके मारदेल । शाऊल आ उनकर सिपाहीसब गोल्यतसे काहे डेराएल रहे त ? आ दाऊद काहे ना डेरअएलक ? दाऊद आ ईस्राएली सिपाहीसबमे कठी फरक रहे ? हमनीके उसबके बीचके भिन्नताके यी किसिमसे बताबेसकम : दाऊद उ गोल्यतसे ना डेरएलक काहेकी दाऊदके परमप्रभु परमेश्वरमे भरोसा रहे । लेकिन शाऊल आ उनकर सिपाहीसबके परमेश्वरमे भरोसा ना रहे । यीहे कारण ईस्राएलीसब गोल्यतसे डेराईत रहे । शाऊल आ उनकर सिपाहीसब शक्तिशाली गोल्यतके देखलक । लेकिन दाऊद सर्वशक्तिमान परमेश्वरके देखलक । शाऊल आ ईस्राएली सिपाहीसबके एक किसिमके धर्म रहे, लेकिन य धर्म ईस्राएलीसबके परमप्रभु परमेश्वरसँगेके साँचो सम्बन्ध ना देले रहे । धर्ममे आबद्ध होएके कारण अपनेके परमेश्वरके होखे ना देई । शाऊल आ उनकर सिपाहीसबके निमनसे थाह रहे कि परमेश्वर बा, आ परमेश्वर एक बा आ उ महान आ शक्तिशाली बा । लेकिन यी ज्ञानसे मात्र उसबके गोल्यतसे बचाबे ना सकल । लेकिन दाऊदके परमेश्वरसँगे साँचो सम्बन्ध रहे । दाऊद परमप्रभुके साँचो चिन्हले रहे आ उ रातदिन परमेश्वरसँगेके उपस्थितिके आनन्द उठाबईत रहे । आ दाऊद अगारीके अगमवक्तासबके धर्मशास्त्रमे लिखल परमेश्वरके प्रतिज्ञासबमे विश्वास कएले रहे । यीहे कारण दाऊद गोल्यतसे ना डेरएलक । अपनेसब आजु जे सुनईतबारी, अपनेके सबसे मन परेबाला के बा ? दाऊद कि शाऊल आ उनकर सिपाहीसब ?

कठी अपने परमेश्वरके व्यक्तिगत रुपमे चिन्हईसी ? कठी अपनेके एगो साँचो परमेश्वरके प्रतिज्ञासब थाह बा ? कठी परमेश्वरके वचन अपनेके हृदय शान्ति आ आनन्दसे भरल बा ? कि अपने अपन धार्मिक दायित्व पूरा करेके मात्र प्रयास करईत बारी ? कठी अपने जीवित परमेश्वरसँगे बलिया आ आनन्दित सम्बन्धमे बारी ? की अपनेसँगे केवल कठोर सुख्खा धर्म बा ? अगमवक्ता दाऊद परमेश्वरसँगेके सम्बन्धके बारेमे भजनसंग्रहमे कठी लिखले बा सुनु दाऊद कहले बा : परमप्रभु हमर चरवाहा बा, हमरा कौनो चिजके कमी ना होई मृत्युके अन्धकारमय घाँटी होके जाएकेपरो फिरभि हमरा कौनो खतरासे ना डेराएम, काहकी परमेश्वर अपने हमरा साथमे बारी । निश्चय ही भलाई आ करुणा हमर जीवनभर हमरा पछारी लागी, आ हम परमप्रभुके घरमे सदासर्वदा वास करम । (भजनसंग्रह २३:१,४,६) अपनेके बारेमे कठी बा त ? कठी अपने दाऊद जईसन परमेश्वरसँगेके सम्बन्धके आनन्द उठाईसी ? कठी अपने परमप्रभुके अपन चरबाहाके रुपमे चिन्हले बारी ? कठी अपने परमेश्वरके प्रेम करईसी ? कठी अपने परमेश्वरके घरमे सदासर्वदा

वास करम कहके पक्का निश्चित बारी ? परमेश्वरके प्रतिज्ञासब थाह भेल दाऊदके अईसन भरोसा रहे । आ दाऊद उ प्रतिज्ञासबके अपन दिमागसे मात्र जानले ना रहे, लेकिन उ प्रतिज्ञासब दाऊद अपन हृदयमे विश्वास कएले रहे । दाऊदके कल विश्वास साँचो रहे । उनकर कएल विश्वास आदमीसबके अविश्वासनिय शब्दसबमे आधारित ना रहे । उनकर कएल विश्वास परमेश्वर अपन आदमीसबके कहियो न छोरेबाला परमेश्वरके वचनसबमे आधारित रहे । दाऊद भजनसंग्रहमे कठी लिखलबा सुनु : परमप्रभु हमर ज्योती आ हमर मुक्ति बा, हम केकर डर मानु ? परमप्रभु हि हमर जीवनके किल्ला बा, केकासे हम भयभित होउ, सेना हमर विरुद्धमे छाउनी बनाएला परभि, हमर हृदय ना डेराई। हमर विरुद्धमे लडाई चली फिरभि उ समय हम पूरा आत्मविश्वास राखम । एउटे बात हम परमप्रभुसे माँगईतबारी, हमर खोजल यीहे बा, कि जीवनभर हम परमप्रभुके भवनमे रामाए सकू, आ परमेश्वरके सुन्दरताके देखे सकु, आ उनकर मन्दिरमे परमेश्वरके खोजे सकू । हे परप्रभु, जब हम उच्च स्वरसे चिच्याईसी, तब सुनु, हमराउपर कृपालु होउ आ हमरा जवाफ देऊ । हमर हृदय अपनेके विषयमे कहले, परमेश्वरके मुहारके खोजी कर । हे परमप्रभु, अपनेके मुहारके हम खोजी करम । (भजनसंग्रह २७:१, ३-४, ७-८) हे परमप्रभु, हमर शक्ति, हम अपनेके प्रेम करईसी । परमप्रभु हमर चट्टान, हमर किल्ला आ हमर उद्धारक बा, जेमे हम शरण लेईसी । परमेश्वर हमर ढाल, आ हमर शक्तिशाली उद्धारक बा, हमर गढ । अपनेके सहायतासे हम फौजउपर आक्रमण करेसकम, आ हमर परमेश्वरके सहायतासे हम देवार नाघेसक्जाएम । परमेश्वरके विषयमे कहम त, उनकर रास्ता सिद्ध बा, परमप्रभुके वचन सच्चा बा । परमेश्वरमे शरण लेबेबाला सबके उ ढाल बा । (भजनसंग्रह १८:१-२,२९-३०) सुन्के साथ देली अपने सबके बहुत बहुत धन्यवाद बा । हमनीके दोसर कार्यक्रममे, प्रभुके ईच्छामे हमनीके दाऊदके कथाके निरन्तरता देहम आ उ कईसे ईस्राएल राष्ट्रमे राजाके रुपमे शासन करेलागल कहके सुनम । परमेश्वर अपनेसबके आशिष देले होखे । भजनसंग्रह चरबाहा दाऊदके लिखल भजनमे यी बचनसबके साथ हमनीके अपनेसबके विदा करईसी : परमप्रभुके पारख करके देख, कि उ केतना भला बा । उनकारामे शरण लेबेबाला आदमी धन्यके बा । (भजनसंग्रह ३४:३८)

कार्यक्रम ४८

राजा दाऊद आ परमेश्वरके प्रतिज्ञा

१ शमूएल १८ - २शमूएल ७

वाहनको अगमवक्ता दाऊदके अध्ययनके निरन्तरता देहम । दुगो पाठसबसे अगारी दाऊदके अभिषेक कएल दिनसे दाऊद शासन ना कएलक फिरभि जवान दाऊदके ईस्राएलके दोसर राजाके रुपमे परमेश्वर कईसे चुन्लक कहके सुनले रहली । पहिलका राजा शाऊलके परमेश्वर ईन्कार कएलक, काहेकी परमेश्वरके ईच्छाके पालन करेके लागि शाऊल समर्पित ना भेलक । दोसर ओर, परमेश्वर दाऊदके विषयमे यी गवाही देलक, "हम यिशैके बेटा दाऊदके हमर हृदय अनुसारके आदमी भेटईली, जे हमर सब ईच्छा पूरा करी ।" (प्रेरित १३:२२)

वितल कार्यक्रममे, हमनीके दाऊद एगो पलिश्ती गोल्यतके घुयेत्रो, पत्थर, आ जीवित परमेश्वरके दृढ विश्वासके साथ मारके मुवादेन कहके सुनली। शमूएलके पहिलका पुस्तकमे यी लिखल बा : जब दाऊद पलिश्तीसबके ध्वंश पारके आदमीसब फिरईत रहे, तब स्त्रीसब ईस्राएलके सब शहरसे निकलक, आ उसब सितार आ खैंजडी बजाईत, गाँईत, आ नाचईत शाऊल राजाके भेटेके लागि अएलक । स्त्रीसब आनन्दित होके गाईत रहे: "शाऊल हजारौ हजारके ध्वंश करदेल, आ दाऊद त लाखौं लाखके ध्वंश करदेल ।" शाऊल बहुत खिसियागेल, आ उ शब्दसबसे शाऊलके चोट लागलक । शाऊल कहलक, "दाऊदके लागि उसब लाखौँ लाख ठहरएलक, लेकिन हमरा हजारौं मात्र । अब दाऊदके राजा बनाएके मात्र त बाँकी रहगेल बा ।" उ दिनसे शाऊल दाउदके डाहके नजरसे देखेलागल | (१ शमूएल

१८:६-९)

ईस्राएलीसब दाऊदके बहुत प्रेम करईत रहे । लेकिन उसब दाऊदके जेतना बेस माया करईत रहे, शाऊल दाऊदके ओतने घृणा करईत रहे । ईर्ष्यासे शाऊलके हृदय भरगेल रहे, आ उ दाऊदसे छुटकारा पाएके लागि कठी करेके परी कहके सोचेके लागि नियन्त्रण कएले रहे । परिणामस्वरुप, दाऊद भागेल आ दाऊदप्रति बफादार ईस्राएलके चारसय आदमीसबसँगे मरुभूमिमे लोकरगेल । शाऊद आ उनकर सिपाहीसब दाऊद आ उनकर आदमीसबके खोजलक ।

शाऊल अपन शक्तिमे दाऊदके पकरके मारेके लागि सकेभर सब कएलक, लेकिन परमप्रभु दाऊसँगे रहे एहीसे उ कुछो करे ना सकलक । फिरभि, शाऊल दाऊदके बहुत दुःख देलक । आठ वर्षतक दाऊद आ उनकर आदमीसब क्रोधित राजा शाऊलसे भागके लुकाएके बाध्य भेगेल ।

लेकिन, शाऊलके दाऊदप्रति देखाएल ईर्ष्या आ रिसके कारण दाऊद शाऊलके घृणा ना कएलक । दाऊदके मारेला खोजेबाला शाऊलके दाऊद काहे घृणा ना कएलक त ? दाऊद शाऊलके घृणा करे ना सकल, काहेकी दाऊदके प्रेम कएल परमप्रभु परमेश्वरसँगे दाऊद चलईत रहे । धर्मशास्त्र कहले : प्रिय सब, हमनीके एकदोस्राके प्रेम करु, काहेकी प्रेम परमेश्वरके ओरसे आबले ।

जे प्रेम करले उ परमेश्वरके ओरसे जन्मल बा, आ परमेश्वरके चिन्हले । प्रेम नकरेबाला परमेश्वरके ना चिन्हले, काहेकी परमेश्वर प्रेम बा । हमनीके प्रेम करईसी, काहेकी पहिले परमेश्वर हमनीके प्रेम कउलक । यदि केहु, "हम परमेश्वरके प्रेम करईसी कहले, लेकिन अपन भाईके घृणा करले त, उ झुटा बा, काहेकी अपन देखल भाईके प्रेम नकरेबाला नदेखेबाला परमेश्वरके प्रेम करेनासी । (१ युहन्ना ४:७- ८,१९-२०)

हमनीसँगे शाऊल आ दाऊदके बीचमे भेल सब बातसब पढेके लागि समय न बा, लेकिन यीहा एगो कथा बा, जे दाऊदके प्रेम आ नम्रताके प्रकट करले । एकदिन शाऊलके कुछ आदमीसब आके कहलक : "देख, दाऊद एन-गदीके उजाड-स्थानमे बा कहके उ थाह कलेल ।" यीहेकारण शाऊल जम्मे ईस्राएलसे चुनल तीन हजार आदमीसब लेके दाऊद आ उनकर आदमीसबके खोजेके लागि घोरल- पहराके नजिक चलगेल । उहाँ रास्ताके नजिकमे कुछ भेराके गोठसब रहे, छेउमे एगो गुफा रहे । गुफाके कुछ दुर कुनामे दाऊद आ उनकर आदमीसब लोकरके बईथल रहे । शाऊल उ गुफामे आके दिसा करेके लागि भितर गेलक ।

दाऊदके आदमीसब दाऊदके कहलक, "दिन ईहे बा जेकर बारेमे परमप्रभु प्रतिज्ञा कएलक कि परमेश्वर अपनेके शत्रुके अपनेके हातमे सुम्पदेई, आ अपनेके जठी ईच्छा लागि उ करेसकम ।" दाऊद लौसिन: जाके शाऊलके खास्टोके एक छेऊ काट्देल । लेकिन दाऊद शाऊलके खास्टोके छेऊ काट्लामे

उनकर विवेक दाऊदके सताबेलागल । दाऊद अपन आदमीसबके कहलक, "हम अपन मालिक परमप्रभुके अभिषिक्त जनके कुछो हानी करेबाला बात हमरासे दुर रहो । काहेकी परमेश्वर परमप्रभुके अभिषिक्त जन बा।" एहीसे दाऊद अपन आदमीसबके हप्कएलक, आ राजाउपर कुछो हानि करे नादेलक । शाऊल उठ्के गुफा छोरके अपन रास्ता लागेल । तब दाऊद गुफासे बाहर निकलक, आ

शाऊलके कहलक," हे हमर प्रभु महाराज ।" जब शाऊल पछारी फिरके देखलक, तब भुईयामे झुक्के दण्डवत करके दाऊद कहलक, "दाऊद अपनेके हानी करेके चाहईए कहके आदमीसब कहईतबा त अपने काहे उसबके बात सुनईसी ? आज अपने देखली की गुफा भितर परमप्रभु अपनेके हमर हातमे सुम्देल रहे । केतना जन अपनेके मारेके लागि दबाब देले रहे, लेकिन हम अपनेके छोरदेली, आ रही, हमर हात हमर मालिकके विरुद्धमे उठावे ना सकम, काहेकी उ त परमप्रभुके अभिषिक्त जन बा । देख, हमर पिता, हमर हातमे भेल यी अपनेके लुगाके टुक्र देखु ! हम ऊ काट्देली, लेकिन अपनेके ना मारली । यीसे थाहा होखो कि अपनेके बिरुद्ध उपद्रव करेला आ धोकाबाजी करेके लागि हम चिताएल नबारी । हम अपनेके कुछो खराबी नईखे कएले, फिरभि अपने त हमर प्राण लेबेके लागि हमरा खोजईत बारी । परमप्रभु हमनीके बीचमे न्याय करदेव । परमेश्वर हमरा लागि अपनेसे बदला लेओ लेकिन हम त अपनेके विरुद्धमे हमर हात कहियो ना उठाएम । खराबी खराबीए जन्माबले । यीहेकारण हमर हात अपनेके विरुद्धमे कहियो ना उठाएम । जब दाऊद बोललेल, तब शाऊल, "कठी उ तुहे बार, हमरा बेटा दाऊद ?" आ शाऊल रोएलक । तब शाऊल कहलक, "तु हमरासे भि धर्मी बार । तु हमरासँगे असल व्यवहार देखएल, लेकिन हम तोहराप्रति खराब व्यवहार देखएले बारी । तु भरखे हमराप्रति कएल भलाई के विषयमे कहल । परमप्रभु हमरा तोहर हातमे सम्पदेल रहे, लेकिन तु हमरा ना मारल हँ ।

कौनो आदमी अपन शत्रुके भेटाके ओका सकुसल जाए देबले ? यीहेकारण आजके दिन तु हमरा उपर कएल काममे परमप्रभु तोहरा असल ईनाम देव । अब हमरा यी थाह होगेल कि तु निश्चय राजा होखब । ईस्राएलके राज्य तोहर शासनमे उन्नति करी । (१ शमूएल २४:१-१३,१६-२०)

एकाबाद, शाऊल घर गेलक, लेकिन ईर्ष्या शाऊलके फिरसे कब्जा करेके लागि आ मरुभूमिमे फिरके दाऊदके खोजी करेके लागि उक्साबेला बेसी समय ना लागलक । ईर्ष्यासे शाऊल आठवर्षतक अईसे कएलक । फिरभि, हरेक बेर, परमेश्वर दाऊदके शाऊलसे बचएलक । अन्तमे, शाऊल अपन रोपल खराबीके कटनी कएलक । धर्मशास्त्र कहले : अब पलिश्तीसब ईस्राएलके विरुद्धमे लडाई कएलक, आ ईस्राएलीसब पराजित होगेल, आ गिल्बो डाँडामे अपन लाशसब छोरके भागेल । पलिश्तीसब शाऊल आ उनकर बेटासबके खूबे खहेदलक, आ उनकर तीनजना बेटासब, जोनाथन, अबीनादाब आ मल्कीशूअलके मारदेल । शाऊलके चारुओर लराई मचगेल, आ जब धनुर्धारीसब शाऊलके भेटाके सख्त घायल बनादेल । तब शाऊल अपन हतियार बोकेबालाके कहलक, “तु अपन तरबार थुत्के हमरा रोप, आ यी खतना ना भेल दुष्टसबके निन्दा करके हमर तामाशा नदेखाओ ।" लेकिन उ हतियार बोकेबाला ईन्कार करदेल । उ आँट ना कएलक । यीहेकारण शाऊल अपन तरबार थुत्लक आ उहेमे मरगेल । (१ शमूएल ३१:१-४)

96

एकाबादके अध्यायसबमे, धर्मशास्त्र कईसे परमेश्वरके राज्य दाऊदके सुम्पदेल कहके बताबले । राजा दाऊद एगो न्यायीक शासक रहे जे धार्मिकताके प्रेम करईत रहे आ (अधर्मके घृणा करईत रहे । दाऊद as परमप्रभु परमेश्वरके अपन सम्पूर्ण हृदयसे प्रेम करईत रहे । परमेश्वरके वचन आ परमेश्वरके महिमा दाऊदके विचारमे पहिलका स्थान लेले रहे । यीहे कारण, जब दाऊद ईस्राएल उपर शासन करेलागल, तब दाऊद भेट होखेबाला पाल आ करारके सन्दुकके यरुशलेममे लेआबेके पहिलका काम करेके चाहले रहे । उ समयमे यरुशलेम ईस्राएलके राजधानी बनल रहे । एहीसे दाऊद उहबा आराधना करेबाला पाल आ बलिदानके वेदी स्थापना करेके चाहईत रहे । दाऊद पालके यरुशलेममे लेगेलाके बाद, उ परमप्रभुके नामके आदर करेके लागि एगो सुन्दर मन्दिर निर्माण करेके योजना बनाबे लागल | दाऊद एगो अईसन मन्दिर बनाबेके चाहईत रहे जेमे करारके सन्दुक राखे सको, आ जहाँ पापीसब अपन पापसब ढाकेके लागि बलिदानसब लेके परमेश्वरके आराधना करे आए सको । लेकिन परमेश्वर दाऊदके कहलक कि उ परमेश्वरके लागि एगो भवन बनाबे ना सकी, लेकिन परमेश्वर उनकारा एगो अईसन भवन देई, जे सदासर्वदा रहले रहजाई । परमप्रभु दाऊदके कहलक : जब तोहर दिन पूरा होई, आ तु अपन पित्रसबसँगे विश्राम करब, तबह म तोहर सन्तानमध्ये, तोहर शरीरसे एकजना, तोहर उत्तराधिकारी होखेके लागि उठाएम, आ उनकर राज्य स्थिर कराएम। एहीसे हमर नामके लागि एगो बनाई, आ हम उनकर राजकीय सिंहासन सबदिनके लागि स्थिर करम । हम होकर पिता होखेम आ उ हमर बेटा होई | तोहर घराना आ तोहर राज्य हमर सामुन्ने सबदिन रहलेरहजाई, आ तोहर सिंहासन सबदिनके लागि स्थिर होई । (२शमूएल ७:१२-१४,१६)

कठी अपने उ दिन राजा दाऊदसँगे परमेश्वरके स्थापना कएल करार (सम्झौता) के बुझईसी ? परमेश्वर दाऊदके शाही परिवार, राज्य आ राजवंशके कहियो अन्त न होखेबाला प्रतिज्ञा कएलक ।

राजा दाऊद कईसे अनन्तके राज्य पाए सकईत त ? केवल एकमात्र आदमीके रुपमे दाऊद कईसे सदासर्वदा रहेबाला सरकार होए सकईत त ? यीहा एकर उत्तर बा : परमेश्वर दाऊदके वंशजसबमध्ये एक जना अनन्ततक रहेबाला

सरकार स्थापना करी कहके प्रतिज्ञा कएले रहे । स्वर्ग आ पृथ्वीमे सदासर्वदा शासन करेके अधिकार सहित दाऊदके शाही परिवारमे एकजना आदमीके जन्म होई । उ शान्तिके राजकुमार आ महिमाके राजा कहलाई । दाऊदके समयबाद सयौ वर्ष पछारी, आयी राजकुमारके जन्म भेल ७०० वर्ष पहिले, भविश्यवक्ता यशैया यी वचनसब लिखले रहे ।

काहेकी हमनीके लागि एकजना बालकके जन्म भेल बा । हमनीके लागि एक जना बेटा देले बा । शासन ओकर काँधमे होई । उ अचम्मके सल्लाहकार, शक्तिशाली परमेश्वर, अनन्तके पिता, शान्तिके राजकुमा कहलाई । ओकर शासन आ शान्तिके बृद्धिके अन्त कहियो ना होई । दाऊदके सिंहासन आ उनकर राज्यउपर ओका न्याय आ धार्मिकताके साथ स्थापित करके स्थिर कराव, उ समयसे सदाके लागि उ राज्य करी । सर्वशक्तिमान परमप्रभुके जोश यी पूरा करी । (यशैया ९:६-७)

कठी अपनेके थाह बा, दाऊदके सन्तानसबमध्ये केका सदासर्वदा शासन करेके अधिकार देले बा ? न्यायके दिनमे के संसारके न्याय करी आ अनन्त कालतक के शासन करी कहके कठी अपनेके थाह बा ? हँ, यी प्रतिज्ञा उ मसीहके बारेमे कएल प्रतिज्ञा बा, जे एगो कन्यासे जनम भेल रहे, आ उ कन्या राजा दाऊदके घरानामे जनम भेल दाऊदके सन्तान रहे । यी राजा मसीहके बारेमे धर्मशास्त्र कहले : यीहे कारण परमेश्वर ओका बहुत उच्च पारलक, आ ओका उ नाम प्रदान कएलक, जौन नाम सब नामसे उच्च बा ।

एहिसे, अपन परिवार मार्फत प्रतिज्ञा कएल उद्धारकर्ताके पठाबेके परमेश्वरके अद्भुत योजना सुनलाके बाद दाऊद कईसन प्रतिज्ञा देखएलक त ? धर्मशास्त्र कहले : तब दाऊद राजा परमप्रभुके उपस्थितिमे हाजिर भेलक, आ उहाँ बईतथके कहलक, “हे परमप्रभु परमेश्वर हम के बारी, हमर घराना कठी बा, जे अपने हमरा यीहातक लेके अईली ? यी सब अपनेके दृष्टिमे एगो विषय जईसन ठानके अपने त अपन दासके ओकर घरानाके भविश्य बतादेली । हे परमप्रभु, कठी यी सब अपनेके सबदिन करेबाला व्यवहार

बा त ?

यीहेकारण, हे परमप्रभु परमेश्वर, अपने साँचो महान बारी । अपने जईसन दोसर केको विषयमे हमनीके ना सुनलेबारी । हे परमप्रभु परमेश्वर, अपने परमेश्वर बारी । अपनेके वचन विश्वासयोग्य बा । आअ पने अपन दाससँगे यी उत्तम प्रतिज्ञासब कएले बारी । एहीसे अब अपन दासके घरानाके आशिष देऊ, आ उ अपनेके नजर अगारी रहो । काहेकी हे परमप्रभु परमेश्वर, अपने बोलले बारी, आ अपनेके आशिषसे हि अपनेके दासके घराना सदासर्वदाके आशिष पाई ।” (२शमूएल ७:१८-१९)

दाऊद अपन सन्तानसबसे मुक्तिदाता - राजा पठाबेके परमेश्वरके प्रतिज्ञाके लागि परप्रभुके धन्यवाद देलक । आ पवित्र धर्मशास्त्र जानेबाला सबके थाह बा कि, परमेश्वर यी प्रतिज्ञाके पूरा करदेल बा । काहेकी दाऊदके समयके एक हजार वर्षबाद परमेश्वर कुछ चरवाहा सबकहाँ स्वर्गदूत पठएलक, जे बेथलेहेमके उ खेतमे अपन भेडासब चराईत रहे, जहाँ दाऊद अपन बाबुके वगाल चराईत रहे, कहके सुसामाचार हमनीके जानकारी देबले । आ परमप्रभुके दूत चर्वाद्य सबके कहलक : “तब स्वर्गदूत उसबके कहलक, नडेराब, काहेकी, हम तोहनीसबके बड़ा आनन्दके सुसामाचार सुनाएम, जे सब आदमीसबके लागि होई । आज दाऊदके शहरमे तोहनीसबके लागि एक जना मुक्तिदाताके जन्म भेल बा, जे

ख्रीष्ट प्रभु बा ।" (लूका २:१०-११) हँु, परमेश्वर दाऊदके सन्तान मार्फत पठाबेके प्रतिज्ञा कएल राजाके जन्म भेल बा ! वर्तमानमे परमेश्वर स्वर्गमे फिरगेल बा, उ भयानक आ महिमित दिनके ईन्तीजारमे परमेश्वर धार्मिकतामे संसारके न्याय करेके लागि फेर आई । उ दिनमे यी कहाई, संसारके राज्य हमनीके प्रभु आ उनकर ख्रीष्टके राज्य भेल बा । उ सदासर्वदा राज्य करी !! (प्रकाश ११:१५)

आज हमनीके ईहबे रुकेके परी । सुन्के साथ देली अपने सबके बहुत बहुत धन्यबाद बा । दोसर कार्यक्रममे हमनीके, परमेश्वरके ईच्छामे, हमनीके राजा दाऊदके कथाके निरन्तरता देबेके योजनामे बारी आ हमनीके एगो घटनाके बारेमे सुनम, जे अपनेके अचम्म पारदेई । परमेश्वर अपनेके आशिष देवे । दाऊद अपन शत्रुके भि कईसे प्रेम कएलक कहके हमनीके सम्झना कराबेबाला धर्मशास्त्रके यी वचन आज हमनीके अपने सबसे छुटेके चाहम । प्रेम नकरेबाला परमेश्वरके ना चिन्हले, काहेकी परमेश्वर प्रेम बा । हमनीके परमेश्वरके प्रेम करईसी, काहेकी परमेश्वर हमनीके पहिले प्रेम कएलक ।(१ युहन्ना ४:८, १९)

कार्यक्रम ४९

दाऊद आ बतशेबा

२ शमूएल ११-१२, भजनसंग्रह ५१, ३२

हमनीके वितल कार्यक्रममे, अगमवक्ता दाऊद कईसे ईस्राएलके सिंहासनमे रहलक कहके सुनली । दाऊद धर्मी आ दयालु राजा रहे, जे परमेश्वरके वचनमे खुशी रहे आ परमेश्वरके ईच्छा पालन करेबाला उनकर हृदय रहे । जेभि होए, आज हमनीके, दाऊदके बारेमे कुछ बातसब सुनाएबे जाईत बारी, जौन बात सुनम त हमनीके निमन नलागी । राजा दाऊद परमेश्वरके नजरमे घिन लागेबाला काम कएलक ।

यीहा हमनीके बुझेबाला बात बा । पवित्र धर्मशास्त्र अगमवक्तासबके पापके न लुकाबले । यदि अगमवक्तासबके लेखसब केवल मानव पुस्तकसब रहईत त, पक्का उसब पाप आ गल्तीसबके लुकाबेके, बेवास्ता वा बहाना बनाबेके प्रयास करईत । लेकिन साँचो धर्मशास्त्र हमनीके सत्य बताबले । फिर, आज हमनीके अध्ययनमे, "काहे अईसन भयानक कथा पवित्र धर्मशास्त्रमे मिलले ?" कहके यदि अपने अपनाके प्रश्न करम त, धर्मशास्त्र अपनेके प्रश्नके जवाफ अईसे कहके देबले : अगारीके लिखल बातसब हमनीके शिक्षाके लागि लिखल रहे (रोमी १५:४) आ हमनीके चेतावनी देबेके लागि लिखल रहे (१कोरिन्थी १०:११) । परमेश्वर अपन जनसबके पापसब ना लुकाबले काहेकी परमेश्वर पवित्र बा आ हमनीके एउटे पापके खाडलमे नपरेके लागि हमनीके सहायता करेके लागि मूल्यवान पाठसब सिकाबेके चाहले । ननिमन उदाहरणसबसे हमनीके बहुत कुछ सिखेसकम । आज हमनीके राजा दाऊदके खराब उदाहरणसे आ एकाबाद उनकर असल उदाहरणसे भि सिखम ।

मन और अधिकृतसब आ

जब राजासब लडाई करेके लागि निकलेके समय भेलक, दाऊद सब ईस्राएलके फौजके पठएलक, आ उसब अम्मोनीसबके ध्वंस पारदेल, आ रब्बाके घेरदेल । लेकिन दाऊद यरुशलेममे रहगेल । साझके समयमे दाऊद पलङ्गसे उठ्के कौसीउपर घुमईत समयमे दाऊद एगो स्त्रीके नाहाईत देखलक, आ उ स्त्री अती सुन्दरी रहे । एलीआमके बेटी हित्ती उरियाहके पत्नी बतशेबा रहे । दाऊद उ स्त्रीके लेआबेके लागि आदमीसब पठएलक, आ उ स्त्री अएलक, आ दाऊद उ स्त्रीसँगे सहवास कएलक । एकाबाद उ स्त्री अपन घरमे गेलक । उ स्त्री गर्भवती भेगेल, आ उ "गर्भवती भेगेल" कहके दाऊद कहाँ समाचार पठएलक । (२शमूएल ११:१-५)

एकाबाद दाऊद कईसे अपन पाप ढाकेके खोजलक कहके धर्मशास्त्र कहले । जब दाऊद बतशेबा गर्भवती बा कहके सुनलक, तब उ अपन सेनाके अगुवा योआबके खबर पठएलक आ ओका ईस्राएलके सेनामे बतशेबाके पति उरियाहके पठाबेके आदेश देलक । आ जब उरियाह अएलक तब दाऊद योआब आ फौजके समाचार आ लडाई कईसन चलईत बा कहके पुछलक । एकाबाद दाऊद उरियाहके कहलक, "तु घर जाके अपन गोर धोअ ।" उ महलसे निकललाके बाद राजा ओकर पछारी पछारी उपहार पठादेल ।

लेकिन उरियाह अपन घरमे ना गेल, तब राजाके दाससबसँगे महलके मूल ढोकामे सुत्गेल । “उरियाह त अपन घरमे नबा गेल” कहके दाऊद जब सुनलक तब उरियाहके कहलक, “तु त दुरके यात्रासे आएल न बार ? तु काहे अपन घर ना गेला ?” उरियाह दाऊदके कहलक, “ईस्राएल आ यहुदा आ सन्दुक भि पालमे बा, आ हमर स्वामी योआब आ अपनेके अधिकृतसब खुला मैदानमे पालमे बा । हम त कईसे खाउ आ पिउ आ हमर पत्नीसँगे सुतेला घरमे जाउँ ? अपनेके जीवनके सपथ खाके कहईतबारी, कि हम उ करे ना सकम ।" तब दाऊद उरियाहके कहलक, “अईसन बात बा त और एकदिन ईहबे रह आ विहान हम तोहरा जाए देहम।" एहीसे उरियाह उ दिन आ बिहान यरुशलेममे रहगेल । दोसरदिन बिहाने दाऊद याआबके एगो चिठी लिखके उरियाहके हातमे पठएलक । दाऊद चिठीमे लिखलक, “शत्रुके, मुहमे, जहाँ लडाई खूब मच्चल बा, उहाँ उरियाहके पठाके तोहनीसब पछारी हट्जा, आ उ मरजाव ।” यीहेकारण जब योआब शहरके घेरा हाल्ले रहे, तब उ उरियाहके आईसन ठाउँमे खटादेल, जहाँ बहुत जोरसे मुकाबिला होई कहके ओका थाह रहे । शहरके आदमीसब एक्कासी निकलके योआबसे लराई करेलागेल, आ दाऊदके कुछ सिपाहीसब मरगेल । हित्ती उरियाह भि मरगेल । तब योआब दाऊद कहाँ लडाईके सब सामाचारके साथ एक जना आदमीके पठादेल ।

अपनेके दास हित्ती उरियाह भि मरगेल । तब उरियाहके पत्नी अपन पति मरेके सुसामाचार सुनलक, तब ओका लागि शोक कएलक । आ जब शोकके समय पूरा भेगेल, तब दाऊद आदमीसब पठाके ओका अपना घरे लेअएलक । उ दाऊदके पत्नी होगेल, आ एक जना बेटा जन्मएलक । लेकिन जठी दाऊद कएले रहे, उमे परमप्रभु दुःखित रहे । (२शमूएल ११:७-१२)

यीहेकारण परमप्रभु राजाकाहाँ नातान नाम भेल एकजना अगमवक्ताके पठएलक । यीहाँ दाऊदके परमेश्वरसे नातानके सन्देश अईसन रहे : परमप्रभु नातान अगमवक्ताके दाऊद कहाँ पठएलक, आ उ दाऊदके उपस्थितिके हाजिर होके कहलक, “एक समय, एगो शहरमे दु जना आदमी रहईत रहे । एक जना धनी आ दोसर गरीब । धनी आदमीके बहुत भेरबकरी बगाल आ गाई-गोरुके बथान रहे, लेकिन उ गरीब आदमीके अपनासे किनल एगो छोट पाठीबाहेक अपना किछो ना रहे । उ ओका अपने पालन पोषण कएलक, आ अपने घरमे अपने बेटाबेटीसँगे उ बरका होगेल । उ ओके छिपाने खाईत रहे, आ ओके कचौरामे पियईत रहे, आ ओके काखमे सुतईत रहे, ओका उ अपने बेटी जईसन माया करईत रहे । एक दिन एगो परदेशी उ धनी आदमीके घरमे अएलक, आ उ धनी आदमी पाहुनाके अपने बगाल आ बथानसे किछो देबेके मन ना कएलक, लेकिन उ गरीब आदमीके पाठी लेआके उ पाहुनाके निम्ति भोजन तयार कएलक । दाऊदके उ बातसे बहुत रीस उठगेल आ उ चिच्याके कहलक, “जीवित परमप्रभुके नाउँमे हम कहईत बारी, कि अईसन काम करेबाला आदमी मृत्युके योग्य बा ! उ दया माया ना करके अईसन काम करेके कारण उ पाठीके सट्टा चार गुणा तिरेके परी । ”

तब नातान दाऊदके कहलक, “उ आदमी अपनही बारी ! परमप्रभु ईस्राएलके परमेश्वर कहले, हम तोहरा ईस्राएलके राजा अभिषेक कईली । हम तोहरा शाऊलके हातसे छुट्यईली । हम तोहरा तोहर मालिकके घर आ ओकर पत्नीसब तोहर होएके लागि देली ।

हम तोहरा ईस्राएल आ यहुदाके घरानासब देली । आ एतनासे ना पुगल त हम तोहरा अउर बेसी देती । लेकिन तु परमेश्वरके दृष्टिमे जे खराब रहे उहे करके काहे परमप्रभुके बचनके तुच्छ ठान्ल ? तु हित्ती उरियाहके तरबारसे मार ल, आ तु ओकर पत्नीके अपन बनाबे लाग ल । तु उ आदमीके अम्मोनीसबके तरबारसे मरे देल । तु हमरा तुच्छ

ठान्ल एहीसे आ हित्ती उरियाहके पत्नीके तु अपन पत्नी बनाबेके कारण, तोहर घराना कहियो तरबारसे विश्राम ना लेपाई । “परमप्रभु कहले हम तोहर अपन घरानाभितर तोहरा उपर विपद लेआएम । हम तोहर पत्नीसबके लेके तोहर आँखके सामनेमे तोहर नजिकके आदमीके देहम, आ उ दिनेमे उसबसँगे सुती । तु जठी कई ल, उ गुप्तमे कए ल, लेकिन हम उ सारा ईस्राएल देखो कहके दिनके ईन्जोतमे करम ।" तब दाऊद नातानके कहलक, “हम परमप्रभुके विरुद्धमे पाप कईली ।" नातान ओका जवाफ देलक, “परमप्रभु अपनेके पाप लेगेल बा । अपने ना मरेम । लेकिन यी कामसे अपने परमप्रभुके भयङ्कर घृणाके मोका देली, एहीसे अपनेसे जन्म भेल बेटासब मरजाई ।” (२शमूएल १२:१-१४)

दाऊदके लोभ, व्यभिचार, हत्या, झूट, आ अईसने अन्य पापसबके कारण ओकर परिवारभितर भयानक समस्या आ त्रासस‍ब उ कटनी करी । हैं, परमेश्वर पापसब क्षमा करले लेकिन परिणामसबके ना मिटाबले । दाऊद परमेश्वरके चिनेके कारण परमप्रभु दाऊदके ना त्यागी कहके जानके उ हरेक परिणामसबके सामना ओका करेके रहे । धर्मशास्त्र कहले; जहाँ पाप बरहगेल (परमेश्वरके) अउर बेसी मात्रामे बरहगेल (रोमी ५:२०) । आजके बाँकी समयमे हमनीके कईसे परमेश्वर दाऊदके उनकर क्षमा आ अनुग्रह विस्तार करेसकल कहके सुनम ।

नातान दाऊदके “ऊ आदमी अपनही बारी” कहलक त दाऊद कईसन प्रतिकृया देखएले रहे कहके कठी अपने सुनली ? (परमेशवरके अगमवक्ता नातान ईस्राएलके महान राजाके अईसन बात कहेला बरी सहिस कडले रहे ।) यीमे दाऊद कईसन प्रतिकृया देखएलक त ?

कठी दाऊद नातानके जेलमे हालदेल, वा बहुत राजासब जईसे करले औसही नातानके मृत्युदण्ड देलक त ? ना, दाऊद ओईसे ना कएलक । “परमेश्वर यीहे चाहईत रहे" वा परमेश्वर भलो होलासे शायद उ हमर असल कामसबके कारण हमर खराब कामसबके उ मेटादेई” कहके अपन पापसबके न्यायोचित ठहराबेके प्रयास दाऊद कएले रहे ? कठी दाऊद नातानके यीहे प्रतिकृया देलक त ? ना, दाऊद औसन प्रतिकृया ना देलक । फिर, दाऊद कईसन प्रतिकृया देखएलक त ? दाऊद कहलक, “हम परमप्रभुके विरुद्धमे पाप कएले बारी ।”

दाऊदके हृदय देखेके लागि, दाऊद बतशेबासँगे कएल पापके लागि नातान दाऊदके हप्कएलाके बाद दाऊद परमेश्वरके सामु कएल स्वीकारोक्तिके पढेके परले । यहाँ दाऊदके कएल स्वीकारोक्तिके एगो अंश बा, जेका भजनसंग्रह ५१ अध्यायमे उल्लेख बा : हे परमेश्वर, अपनेके अचुक करुणाअनुसार हमरा उपर कृपा करु, अपनेके अपार अनुकम्पामे हमर अपराधसब मेटादेऊ । हमर सब अधर्मसे हमरा पूर्णरुपमे धो देऊ, आ हमर पापसे हमरा शुद्ध करु ।

काहेकी हमर अपराधसब हम जानईसी, आ हमर पाप सदा हमर सामने बा । अपनेके विरुद्धमे, केवल अपनेके विरुद्धमे हम पाप कएले बारी, आ अपनेके दृष्टिमे जौन खराबी बा, उहे कएले बारी । यीहेकारण बोलेमे अपने ठीक प्रमाणीत होखईसी, आ न्यायमे अपने न्यायी ठहरईसी । साँच्चो हम जन्म लेली त हम पापीए रहली, आ हमर माई हमरा गर्भधारण कएलक उ दिनसे हम पापी रहली । निश्चय हि हृदयके सत्यता अपने चाहना करईसी, अन्तस्करणमे हमरा अपने बुद्धिके बात सिकाईसी । हिसपसे हमरा शुद्ध करु, आ हम शुद्ध होखेम । हमरा धोऊ, आ हम बरफसे भि उजर होजाएम । है, परमेश्वर, हमरामे शुद्ध हृदय सृजना करु, आ हमरा भितर एगो स्थिर आत्मा पुनजीवित करु । हमरा अपनेके उपस्थितिसे न हटाऊ नत हमरासे अपनेके पवित्र आत्मा लेजाऊ । अपनेके मुक्तिके आनन्द हमरा

फिरसे देऊ, आ हमरा सम्हालेबाला ईच्छुक आत्मा देऊ । टुटल आत्मा हि परमेश्वरके लागि बलिदान बा । हे परमेश्वर, टुटल आ पश्चातामी हृदयके अपने तिरस्कार ना करईसी । (भजनसंग्रह ५१:१-७)

यी प्रार्थना केवल परमेश्वरसँगे कएल दाऊदके स्वीकारोक्तीके प्रार्थना रहे । दाऊद अपन पापके कारण बहुत शोक कएलक, दाऊदके हृदय टुटल रहे, आ परमेश्वरके सामु चकनाचुर भेल रहे । राजा दाऊद धर्म मानेबाला आदमीसब जईसन ना रहे, लेकिन उ हरेक दिन पाप करेबाला आदमी सब जईसन रहे । साँच्चो, दाऊद पापके खडिलामे फसल रहे, लेकिन पापके घृणा करेबाला आ परमेश्वरके प्रेम करेबाला भेलासे उ पापमे रहे ना सकल । , दाऊद अपन कएल पापसबके केतना घृणा करईत रहे ! दाऊद अपन पापके पश्चाताप कएलाके बाद, अगमवक्ता नातान मार्फत परमेश्वर दाऊदके कठी कहलक त ? कठी नातान दाऊदके यी कहले रहे ? “जाऊ, कुछ असल काम करु आ परमेश्वर अपनेके पापसबके मेटादेई ।” ना, नातान दाऊदके कहलक, “परमप्रभु अपनेके पापसब भि हटादेल बा । अपने ना मरेम ।' एकाबाद दाऊद दोसर भजन लिखलक, जेमे अपन कामसब बाहेक परमेश्वरके क्षमा कएल आदमीके आशिर्वादके वर्णन करईत धन्यवादी भेल बात लिखल बा, जहाँ यी प्रकारसे लिखल बा : धन्य बा उ आदमी, जेकर अपराध क्षमा भेल बा, आ जेकर पाप ढाकल बा । उ आदमी धन्य बा, जेका परमप्रभु दोषी ना ठहराई, आ ओकर मनमे छलकपट ना बा । (भजनसंग्रह ३२:१-२) परमेश्वर दाऊदके क्षमा कएलक आ ओका धर्मी घोषित कएलक । एकर मतलब दाऊदके पापसे उत्पन्न कएल विपत्तिसबके परमेश्वर खारेज कएलक यी बात नईखे । एकर मतलब यी रहे की न्यायके दिनमे, परमेश्वर दाऊदके पापसब ना सम्झी । परमेश्वर उ सबके अपन पुस्तकसे मेटादेल रहे । परमेश्वर उ काम कईसे करे सकईत त ? परमेश्वर कईसे दाऊदके सब पापसब मेटाबे सकईत आ अभिभि धर्मी न्यायकर्ता रहे सकईत त ? कठी परमेश्वर दाऊदके कएल सब खराबीसबके बेवास्ता कएलक त ? पक्का भि परमेश्वर अउसे ना कएलक । परमेश्वर धर्मी न्यायकर्ता बा । परमेश्वर आदमके सन्तानसबके पापसबमे केवल अपन आँख मात्र बन्द करे ना सकी । फिर, परमेश्वर अपन धार्मिक मागसबमे सम्झौता ना करके कईसे दाऊदके क्षमा कएलक त ? दाऊद अपन पापके लागि शोक कएलाके बाद परमेश्वरसे कईसे पार्थना कएले रके कठी अपनेके याद बा ? दाऊद अईसे प्रार्थना कएले रहे, "हमर सब अधर्मसे हमरा पूर्णरुपमे धो देऊ हिसपसे हमरा शुद्ध करु, आ हम शुद्ध हो जाएम । हमरा धोऊ, आ हम हिउँसे उजर होजाएम" (भजनसंग्रह ५१:२,७) । परमेश्वर ईस्राएलीसबके हिसपके गाँछीके दारहके वेदीमे आ आसपास बलिदानसबके खुन छिटेके आज्ञा देले रहे ।

30

छिटल खुन उद्धारकर्ता के बहावल खुन संसारके पापके ऋण चुक्ता करेके लागि प्रदान करेबाला शुद्धताके चित्रण करईत रहे । परमेश्वर दाऊदके पापसब क्षमा करे सकईत, पवित्र उद्धारकर्ताके कारण जे राजा दाऊद, अपने आ हमरा लागि भि पापके लागि हमनीके देहल दण्ड सही । दाऊद अईसे कहईत रहे, “हे परमप्रभु, हम पापीउपर दया करु ! हमरा उद्धारकर्ताके पवित्र खुनसे धोदेऊ आ हम शुद्ध होजाम !”

कठी परमेश्वर अपन अनुग्रहमे दाऊदके सब पापसब क्षमा करदेल त ? कठी परमेश्वर दाऊदके हृदय सफा कएलक आ ओका धर्मी ठहरएलक त ? हँ, हँ ! परमेश्वर उ कएलक । परमेश्वर यी कठीके आधारमे कएलक त ? परमेश्वर दाऊदके क्षमा कएलक काहेकी दाऊद पवित्र परमप्रभु परमेश्वरके सामु अपन पापपूर्ण अवस्था स्वीकार कएलक आ पापके सजायँ भोगेबाला उद्धारकर्ताके बारेमे परमेश्वरके कएल प्रतिज्ञामे विश्वास कएलक ।

हमनीके दोसर दुगो कार्यक्रमसबमे अगमवक्ता दाऊद उद्धारकर्ताके बारेमे कठी अगमवाणी कएले रहे, कहके भजनसंग्रहके पवित्र पुस्तकमे देखेके योजना बनाईतबारी, जे हमनीके पापसब सदाके लागि क्षमा करेके लागि हमनीके लागि दण्ड भोग्देई । राजा दाऊद आनन्दित होके यी घोषणा कएल बारेमे अपने विचार करईत परमेश्वर अपनेसबके आशिष देले होखे : धन्य उ आदमी, जेकर अपराध क्षमा भेल बा, आ जेकर पाप ढाकल बा । उ आदमी धन्य बा, जेका परमप्रभु दोषी ना ठहराबले, आ जेकर मनमे छलकपट ना बा । (भजनसंग्रह ३२:१-२)

कार्यक्रम ५०

अगमवक्ता दाऊद आ मसीह

भजनसंग्रह १-२

बितल चारगो कार्यक्रममे हमनीके अगमवक्ता राजा दाऊदके बारेमे सुन्ले रहली । दाऊद चरवाहा

संगीतकार, गायक, गीतकार, परमेश्वरके वचनके विधार्थी, याद्धा, राजा, आ अगमवक्ता रहे कहके हमनी जानली । आ हमनीके अन्तिम कार्यक्रममे आदमके व सन्तानसब जईसन राजा दाऊद भि पापीए रहे कहके हमनीके थाह पईली । अपने ईच्छासबसे प्रलोभनमे परके दाऊद भि पापके गहिर खदिलामे परल रहे, लेकिन उमे दाऊद रहे नसकल । दाऊदसँगे परमप्रभुके खुशी करेबाला हृदय रहे । दाऊद परमेश्वरसे क्षमा पएलक, काहेसे दाऊद अपन पापके कायल भेलक आ परमेश्वरके थुमा संसारके 2 पापके ऋण तिरेके लागि आबेबाला मसीह कमला परमेश्वर उनकर पापके थुमाके खुनसे मेटादेई कहके दाऊदके थाह रहे । आज हमनीके पवित्र धर्मशास्त्रके बीचमे पाएबाला अद्भूत पुस्तकमे मनन् करेके योजना बनाईत बारी । कठी अपनेके ओकर नाम थाह बा ? उ भजनसंग्रहके पुस्तक बा । भजनसंग्रहके पुस्तकमे १५० गो भजनसब बा । सयौं वर्षतक परमेश्वर बहुत आदमीसबके भजनसब लिखेके लागि प्रेरित कएले रहे । उ लेखकसबमे मोशा, सोलोमन, आसाप, कोरहके बेटासब आ निःसन्देह, दाऊद रहे जे लगभग आधाजेतना भजनसब लिखले रहे । आज हमनीके पहिलका दुगो भजनसबके विचार करेके चाहईसी । भजनसंग्रहके भजन १ दु प्रकारके आदमीसबके बारेमे बताबले : धार्मिकताके रास्तामे चलेबाला आदमीसब आ दुष्टके रास्तामे चलेबाला आदमीसब । अब पहिलका भजनके सुनु : धन्य बा उ आदमी, जे दुष्टसबके सल्लाहमे ना चलले, जे पापीसबके रास्तामे खरा ना होखले, आ गिल्ला करेबालासबके संङ्गतमे ना बईथले । लेकिन परमप्रभुके व्यवस्थामे उ खुशी रहले, आ उ दिनरात परमेश्वरके व्यवस्थाके मनन् करले उ नदीके किनारमे रोपल गाँसी जईसन होखले, जे अपन समयमे फद देबले, आ जेकर पाता कहियो ना सुखले । उ जे भि करले उमे सफल होखले । दुष्टसब ओईसन ना रहले, उसब हावासे उराके लेजाएबाला भुसा जईसन रहले । यीहेकारण दुष्टसब न्यायके दिनमें ना टिकी, आ पापीसब धर्मीसबके सभामे स्थान ना पाई । काहेकी परमप्रभु धर्मीसबके मार्गके रक्षा करले, लेकिन दुष्टसबके मार्ग नष्ट होजाई । (भजनसंग्रह १:१-६) कठी अपने यहा दुगो विकल्पसबके याद कईली ? अपने आशिर्वादी होखेके छनोट करसकम, वा अपने नष्ट होखेबाला रास्ता रोजे सक्जाएम । सबजना आशिर्वाद पाएके चाहले । केहु भि नाश होखेके ना चाहले । परमेश्वर अपनेके आशिषित होखेके चाहले, लेकिन अपने परमेश्वरके स्थापित कएल रास्तामे चलेके परले । आ उ परमेश्वर आशिष देबेके तरिका कठी बा त ? एकर बारेमे यी भजन दुगो विचारसब संक्षेपमे देले बा पहिलका : परमेश्वरके साँचो वचनके खिल्ली उडाएबालाके पछारी नलागु । दोसरका : परमेश्वरके वचनमे मनन करेके लागि समय लेऊ ताकी अपने परमेश्वरकै मुक्तिके धार्मिक मार्गके बुझेके, विश्वास करेके आ उमे समर्पित होखे सकम । यदि अपने परमेश्वरके बचनमे रमाईसी आ उमे निरन्तर ध्यान देईसी वा मनन करईसी त, अपने पानीके नदिके नजिक रोपल एगो गाँसी जईसन होखम ।

अपनेके जीवन प्रेम, आनन्द आ शान्ति जईसन निमन फल फलाई । लेकिन यदि अपने परमप्रभु आ परमेश्वरके वचनके प्रेम ना करम त अपने बतासे उराके लेजाएबाला भूस जईसन होखम । अब हमनीके दोसर भजन पढ़ू । यीहा परमेश्वर राजा दाऊदके आबेबाला मसीह राजाके वारेमे लिखेके प्रेरित कएले बा ।

यी गम्भीर सन्देशके ध्यान देके सुनु । अगमवक्ता दाऊद अईसे लिखले बा : जाति-जातिसब काहे षडयन्त्र रचले, आ आदमीसब काहे व्यर्थके जाल रचले ? परमप्रभु आ उनकर अभिषिक्त जन (मसीह) के विरुद्धमे पृथ्वीके राजासब खरा होखले, आ शासकसब आपसमे सल्लाह करले । उसब कहले, “हमनीके उसबके साङ्गलासब छिनु,” आ उसबके बन्धनसब फुकाऊ ।” स्वर्गमे विराजमान होखेबाला हाँसले, परमप्रभु उसबके उपहास करले । तब अपन क्रोधमे परमेश्वर उसबके हप्काई आअ पन बरईत कोपमे उसबके यी कहईत त्रस्त करदेई, “हम अपन पवित्र पर्वत सियोनमे हम अपन राजाके नियुक्त कएले बारी ।” परमप्रभुके यी आदेश हम घोषणा करम, परमेश्वर हमरा कहलक, “तु हमर पुत्र बार, आज हम तोहरा जन्म देले बारी । हमरासँगे माग, आ हम जातिसबके तोहर उत्तराधिकार बनाएम, आ समस्त पृथ्वी तोहर निजी सम्पत्ति बनादेहम |

लोहाके राजदण्डसे तु उसब उपर शासन कर ब, आ कुमालेके भरियाके जईसन तु उसबके चकनाचूर करदेब । यीहेकारण हे राजा सब, बुद्धिमान होख, पृथ्वीके शासक सब, सावधान ! भय मानके परमप्रभुके सेवा कर, आ कम्पनसाथ आनन्द मनाब । पुत्रके चुम्बन कर, नत उ खिसियाजाई, आ तोहनीसब

रास्तामे नष्ट होजएब, काहेकी परमेश्वरके क्रोध बहुत जल्दि उठले । उ सब धन्य वा, जेन्वदमननरके जे परमेश्वर के शरणमेआबले ।(भजनसंग्रह २:१-१२) यी अगमवाणीमे, परमेश्वर मुक्तिदाताके तीनगो अचम्मके

शीर्षकसब अ जे परमेश्वरमे भरोसा करेबाला सबके मुक्ति देबेके लागि पृथ्वीमे अएलक । उद्धारकर्ताके तीनगो उपाधिसब बा : मसीह राजा आ पुत्र । अब हमनीके यी तीनगो शीर्षकसबके बारेमे विचार करु । पहिला, हमनीके सुनली कि परमेश्वर उद्धारकर्ताके मसीह कहले । यी एगो हिब्रू शब्द बा जेकर अर्थ परमेश्वरके नियुक्त कएल होखले । प्रतिज्ञा कएल मुक्तिदाताके मसीह कहके सम्बोधन करके, परमेश्वर आदमके सन्तानसबके घोषणा करईत रहे कि परमेश्वर संसारके मुक्तिदाता आ न्यायकर्ता होएके लागि चुनल व्यक्ति उहे रहे । बहुत आदमीसब परमेश्वरके चुनल मुक्तिदातके अस्वीकार करी कहके पहिलका तीनगो पदसबमे भि देखम । जाति जातिसब काहे षडयन्त्र रचले, आ आदमीसब काहे व्यर्थके जाल रचले ? परमप्रभु आ उनकर अभिषिक्त जन (मसीह) के विरुद्धमे पृथ्वीके राजासब खरा होखले, आ शासकसब आपसमे सल्लाह करले । उसब कहले, “हमनीके उसबके साङ्लासब छिनु,” आ उसबके बन्धनसब फुकाऊ ।” परमेश्वरके पठाएल मसीहके आदमीसब काहे अस्वीकार करले ? उसब ओकाके स्वीकार ना करी काहेकी उ जनम लेबेबाला एकमात्र सिद्ध व्यक्ति बा, आ धर्मशास्त्र हमनीके बताबले कि दुष्ट काम करेबाला सब ज्योतिके घृणा करले, आ उसबके कामसब पर्दाफास होखेके डरसे ज्योतिमे ना आबले (यहन्ना ३:२०) । यी पदसबमे, परमेश्वर संसारके जाति जाति संसारके संसारके मुक्तिदाता आ न्यायकर्ताकि कईसे मारेके खोजी कहके भविश्यवाणी करईत रहे । लेकिन परमेश्वर दुष्ट आदमीसबके योजनासबके देखले, आ जानले आ प्रयोग भि करले ।

यीहेकारण भजन कहले; स्वर्गमे विराजमान होखेबाला हाँसले, परमप्रभु उसबके उपहास करले । (भजनसंग्रह २:४) आाहीसे पी भजनमे उद्धारकर्ताके लागि परमेश्वरके प्रयोग कएल पहिलका नाम मसीह बा । हिब्रू शब्द मसीहके अर्थ

ग्रीक शब्द ख्रीष्टसँगे मिलईत बा कहके जानेके अपनेके ईच्छा होई । यी दुनुके अर्थ परमेश्वरके नियुक्त कएल व्यक्ति होखले ।

दोसरका उपाधि राजा बा । मसीह राजा भि बा । उ उपाधिके साथ परमेश्वरके अपने समयमे मसीह संसारके न्यायकर्ता आ शासक बा कहके बात सबजन जानो परमेश्वर चाहले । न्यायके उ महान दिनमे सबजना परमेश्वरके सामने झुकी, काहेकी ओकेके परमेश्वर राजा आ न्यायकर्ता नियुक्त कएले बा । यी बात अपने के ठिक लागो या नलागो उ अपनेके मुक्तिदाता वा अपनेके न्यायकर्ता वा । काहेकी उहे राजा बा जेका परमेश्वर शासन करेके लागि आ राज्य करेके लागि नियुक्त कएले बा । मसीहके लागि यी भजनमे प्रयोग कएल तिसरका उपाधि पुत्र बा । यी उपाधि हमनीके बहुत ध्यानपूर्वक विचार करेके परी । बहुत आदमीसब परमेश्वरके पुत्र कहेबाला शब्दके स्वीकार ना करले, काहेसे उसब एका कहियो ना बुझले बा । लेकिन हमनीके कुछो नबुझेके कारण उ साँचो नबा कहके हईले नईखे । परमेश्वरके वचन हमनीके चेतावनी देवले की, पवित्र धर्मशास्त्रमे कुछ बातसब बा जेका बुझेके लागि कठीन बा, जेका अज्ञानी आदमीसब मोरेके काम करके अपने विनाश लेआबेके काम करले । (२ पत्रुस ३:१६) अज्ञानता एगो भयानक बात बा, विशेष करके जब यी पवित्र उद्धारकर्तासँगे सम्बन्धित बात रहले, जेका परमेश्वर पापीसबके फिर्ता किने आ उसबके शैतान, पाप, मृत्यु आ नरकस बचाबेके लागि पृथ्वीमे पठएलक । एगो वोलोफ हितोपदेश कहले, अपने यी थाह पाएसे अगारी, अज्ञानता अपनेके मारदेई । हमनीके यी दोसरका भजन मार्फत विचार करईत् उ विचारके भि दिमागमे राखू । आऊ हमनीके ७ पदके फिरसे पढ़, जहाँ हमनीके मसीह यी कहले बा : परमप्रभुके यी आदेश हम घोषना करम, परमेश्वर हमरा कहलक, " तु हमर पुत्र बार, आज हम तोहर बाबु भेली । " (भजनसंग्रह २:७) । परमप्रभु मसीहके कठी कहलक कठी अपने सुनली ? परमेश्वर कहलक, “ तु हमर पुत्र बार, हम तोहर पिता बारी ।” कठी अपनेके थाह बा, परमेश्वर काहे मसीहके अपन पुत्र कहलक ? कठी अपनेके थाह बा, यी नाउँके अर्थ कठी बा ? हमनीके आशा करईसी कि अपनेके यि नामके अर्थ कठी नबा कहके अपनेके थाह बा । परमेश्वरस्मो पत्नी विवाह करपैट बेटा गटारले

जनम ना देबले ।

। परमेश्वर आत्मा बा, आ परमेश्वर आदमी जईसन बेटाबेटीके

फिर काहे परमेश्वर, मसीहके “तु हमर पुत्र बार" कहके कहलक त ? परमप्रभु परमेश्वर हमनीके ओकर कारण बतएले बा । आज हमनीसँगे यी विषयमे बहुत गहिराईमे जाएके समय नबा, लेकिन हमनीके अपनेके धर्मशास्त्रसे काहे परमेश्वर मसीहके परमेश्वरके पुत्र कहलक कहके तीनगो कारणसब देबेके चाहईसी । पहिला परमेश्वर मसीहके परमेश्वरके पुत्र कहलक काहेकी मसीह उपरसे अर्थात स्वर्गसे आएल रहे । मसीहके संसारीक पिता ना रहे। आदमी जईसन दाऊदके परिवारके माध्यमसे आएल रहे, मसीह एगो कन्यासे जनम लेले रहे, जे राजा दाऊदके वंशके रहे । उनकर माईके पक्षमे, मसीह मरियमके पुत्र रहे, लेकिन उनकर पिताके पक्षमे, उ परमेश्वरके पुत्र रहे ।

एकोगो वचन, जेकर माध्ययमसे परमेश्वर संसारके सृष्टी कएलक, उहे आवाज जौन आगीके सिनै पर्वतसे गर्जल रहे, जौन जनम लेबेबाला एकमात्र सिद्ध बालक रहे । धर्मशास्त्र कहले; आदिमे वचन रहे, वचन परमेश्वरसँगे रहे, आ वचन परमेश्वर रहे । उ शूरुमे परमेश्वरसँगे रहे । आ वचन देहधारी होगेल, आ अनुग्रह आ सत्यतासे पूर्ण होके

हमनीके बीचमे रहलक । (युहन्ना १:१ - २,१४) यीहे कारण परमेश्वर ओका कहे सकल, “तु हमर पुत्र बार। आज हम तोहर पिता बारी ।"

परमेश्वर मसीहके अपन पुत्र भि कहलक काहेकी परमेश्वर आ मसीहके एगो पवित्र चरित्र बा, जईसन पिता, औसन पुत्र । प्रतिज्ञा कएल उद्धारकर्ता शुद्ध आ पवित्र होखेके रहे, जईसे परमेश्वर शुद्ध आ पवित्र बा । मसीह पापके दाग लागल आदमके सन्तान जईसन ना रहे। हमनी के सन्ती महान अगमवक्तासब भि पापी स्वभावके रहे । लेकिन मसीह पाप करे ना सकल । उ हरदम परमेश्वरके ईच्छ पूरा कएलक । उ सिद्ध आदमी रहे । धर्मशास्त्र कहले कि उ पवित्र, निर्दोष, पापीसबसे अलग रहेबाला आ स्वर्गसे उच्च रहे । (हिब्रू ७:२६) एहीसे परमेश्वर ओका अपन पुत्र कहले । अन्तमे, अपनेके जानेके परी कि परमेश्वर मसीहके अउर सब अगमवक्तासबसे फरक होखेके लागि उनकर पुत्र कहके बोलएलक ।

अब्राहामके परमेश्वरके मित्र कहलक । मोशाके परमेश्वरके आदमी कहलक । दाऊदके परमेश्वरके अपने हृदयअनुसारके आदमी कहलक । लेकिन मसीहके परमेश्वरके वचन कहले । यीहे कारण जब उ वचन देहधारी होलक, परमेश्वर आनन्दसाथ ओकर बारेमे कहलक, "तु हमर पुत्र बार। आज हम तोहर पिता भेल बारी !”

अपनेसब जे आज सुनईत बारी, कठी अपने यी मसीह राजाके चिन्हईसी जेका परमेश्वर अपन पुत्र कहले ? हमनीके ओका चिन्ह, ओकर बात सुनु, आ ओकामे विश्वास करु परमेश्वर चाहले । राजा दाऊदके निष्कर्ष फिरसे पढ़ू : यीहे कारण, हे राजा, बुद्धिमान होख, पृथ्वीके शासकसब सावधान ! भय मानके परमप्रभुके सेवा कर, आ कम्पनसाथ अनन्द मनाब । पुत्रके चुम्बन कर, नत उ खिसियाजाई, आ तोहनीसब रास्तामे नष्ट हो जएब, काहेकी उनकर कोप जल्दिए दन्कले । उ सब, धन्य बा, जे उनकर शरण परले । (भजनसंग्रह २:१०-१२) " पुत्रके चुम्बन कर" के अर्थ ओका आदर कर ! मसीह परमेश्वरके पिता कहेके कारण एकदिन धार्मिक आदमीसबके समूह - येशू ख्रीष्टके कईसे गिल्ला कएले रहे कहके सुनु । येशू उसबके कहलक : “काहेकी पिता केको न्याय ना करले, लेकिन सब न्याय करेके काम पुत्रके देले बा, ताकि सब पुत्रके आदर करो, जईसे उसब पिताके आदर करले । पुत्रके आदर नकरेबाला ओका पठाबेबालाके पिताके भि आदर ना करले । साँचो हम तोहनीसबके कहईसी, जे हमर वचन सुनी आ हमरा पठाबेबालाउपर विश्वास करी, ओकासँगे अनन्त जीवन बा । उ न्यायमे ना आई, लेकिन मृत्युसे (उ(जीवनमे प्रवेश करले । (युहन्ना ५:२२-२४) कठी अपने पुत्रके आदर करईसी ? सुन्के साथ देली अपनेसबके बहुत बहुत धन्यवाद वा । अगमवक्ता दाऊदसे लिखल दोसर गहिरा भजन मार्फत हमनीके सोचेके क्रममे हमनीके अपनेके दोसर बेर सहभाग होएके आमन्त्रन करईत बारी । राजा दाऊदके लिखल यी पदमे अपनेके गम्भीर होके सोचईत समयमे परमेश्वर अपनेके आशिष देबे : पुत्रके चुम्बन कर उसब धन्यके बा जे ओकामे शरण लेबले (भजनसंग्रह २:११-१२)

कार्यक्रम ५१

भजनसंग्रहसे अउर कुछ बातसब

भजनसंग्रह २२

वितल समय, हमनीके भजनसंग्रहके पुस्तकके पहिलका दुगो अध्यायसबके जाँच कईली । हमनीसँगे हमनीके प्रसारणमे हरेक अध्याय पढेके समय बा त बन्हिया रही, लेकिन बादमे भजनसंग्रहके पुस्तकमे १०० सय पचास अध्यायसब भेलाके कारण यी सम्भव ना होई । लेकिन हमनीके यी पुस्तकके बन्द करेसे पहिले हमनीके परमेश्वर दाऊदके दिमागमे राख्देल एगो दोसर भजनके सुनाबेके चाहम : भजनसंग्रह २२ । यी अध्याय बहुत महत्वपूर्ण बा, काहेकी यी आदमके सब सन्तानसबके लागि पापके ऋण तिरेके लागि मसीह कईसे दुःख भोगेके परी आ मरी कहके भविष्यवाणी करले । भरणा आहे, मसीह आएसे एकहजार वर्ष अगारी जियल दाऊद मसीहके मृत्यु होएबाला दिनमे होएबाला तीसगो घटनासबके बारेमे भविष्यवाणी कएले रहे । जब हमनीके मसीहके कथा समावेश भेल सुसामाचार (इन्जिल) पढईसी तब हमनीके उहाँ देखईसी कि सब बात परमेश्वरके अगमवक्ता दाऊद भविश्यवाणी कएल जईसन होलक । एहीसे हमनीके निश्चित होखेसकम कि दाऊदके वचनसब ओकर अपने दिमागसे आएल नईखे, लेकिन परमेश्वरके दिमागसे आएल बा । केवल परमेश्वर मात्र पूर्ण सटीकता के साथ भविश्यके बारेमे भविश्यवाणी करेसकी । भाइ अन दाऊद संसारके पापसबके लागि कष्ट भोगे आ मरेबाला दिन मसीहके दिमागमे होखेबाला विचारसबके रेकर्ड करईत भजनसंग्रहमे कठी लिखल रहे कहके सुनु । हे हमर परमेश्वर, हे हमर परमेश्वर, अपने हमरा काहे त्यागदेल बारी ? हमरा बचाबेके लागि अपने काहे एतना दूर बारी ? आ हमर करुण - क्रन्दनके शब्दसबसे एतना दूर ? फिरभि अपने परमपवित्र, सिंहासनमे विराजमान बा अपने ईस्राएलके प्रशंसा होखे । लेकिन हम त एगो किरामात्र बारी, आ हम अपन सारा हडीके जोर्नीसब ढिल्लागा। हमर मुटु मैनबत्ती जईसन भेल बा, हमर छातीभितर उ पगिलगेल वा । माटीके खपरा जईसन हमर बल सुगेल बा, आ हमरशरिर तालुमे टासागेल बा । अपने हमरा मृत्युके धूरामे मिलादेल बारी । कुकर्मीसबके समूह हमरा घेरदेल बा । उसब हमर हात आ हमर गोरसब छेडदेल बा । (भजनसंग्रह २२:१, ३,६,१४-१६) । व्याठ हमनीकके एकाईका से । अगमवक्ता दाऊद मसीहके बारेमे लिखले बातसबके अपने बुझली ? मसीह संसारमे आबेसे अगारी, दाऊद अईसे लिखले रहे : दुष्टसबके समूह हमरा घेरले बा । उ सब हमर हात आ गोर छेडले बा । आदमके बेटासब मसीहके क्रूसमे कीला ठोकके उनकर हात आ गोर छेडी कहके दाऊद यी वचनसबसे भविश्यवाणी कएले रहे । अगमवक्ता दाऊद काहे दुष्ट आदमीसब मसीहके हात गोर छेडी कहके भजनसंग्रहमे लिखलक त ? मसीहके अईसन पीडा दायी आ लाजसे मरेबाला मृत्यु काहे मरेके परल रहे त ? काहे परमेश्वर आदमीसबके उ पठावल पवित्र उद्धारकर्ताके हत्या करेके अनुमती देलक ? परमेश्वरके वचन हमनीके एकर जवाफ देवले । मनी लेनेवो हमनीके पापके लागि आवश्यक दण्ड भोगेके लागि उद्धारकर्ता अईसन पीडा आ लाज भोगेके आ अईसन कठोर मृत्यु मरेके आवश्यक रहे ।

पापके ज्याला मृत्यु आ नरकमे अनन्त दण्ड भेलाके कारण, यी आवश्यक रहे की मसीह नरकके अ आ त्रासके स्वाद लेबेके लागि आवश्यक रहे, जेकरा लागि हमनीके अपन पापके कारण उ स्वाद लेबेके योग्य रहली । उ अपन स्वतन्त्र ईच्छासे सबके लागि मृत्युके स्वाद चिखे सको कहके परमप्रभु परमेश्वर अपन महान प्रेम आ अनुग्रहसे मुक्तिदाताके

पठाबेके योजना बनएलक, जे पापसे निर्दोस रहे (हिब्रू २:९) । अईसही परमेश्वर आदमके सन्तानसबके लागि अपन न्यायसे सम्झौता ना करके पापसे क्षमा देबेके आ अनन्त जीवनके लागि रास्ता खोले सकी ।

मसीह हमनीके पापसबके दण्ड तिरी । उनकर पीडा आ मृत्यु ही परमेश्वर पाप क्षमा करेके लागि आ उनकरामे विश्वास करेबालासबके धर्मी घोषित करेसकेबाला कारण बा ।

अगमवक्ता दाऊद मसीहके बारेमे जठी लिखलक उ साँचो अचम्मके बा । यी बारेमे विचार करु : मसीहके जनम होखेसे एक हजार वर्ष अगारी, उद्धारकर्ता कईसे कुसमे कष्ट भोगेके परी जेमे उनकरा किला ठोकी कहके विस्तृत रुपमे दाऊद लिखले बा । सायद हमनीके बुझेबाला आ सम्झेबाला बात यी बा: क्रुसिकरण नाम भेल मृत्युदण्डके विधि के स्थापना करेबाला रोमीसब बा, यी अभितक बनावल (राज्यके प्रयोजित कएल) सबसे भयानक मृत्युदण्डके विधि बा । भयानक पीडा भेल समयमे सार्वजनिक रुपमे शर्म थपेके लागि, रोमी सिपाहीसब पीडीतसबके उनके हात आ गोरमे कीलासब, क्रूस वा गाँसीमे चढाबेसे पहिले नाङ्गे करदेईत रहे । जब दाऊद भजनसंग्रहमे एकर बारेमे लिखलक, रोम राष्ट्र (रोमी साम्राज्य) उ समयमे अभिभि अस्तित्वमे ना आएल रहे । फिरभि, परमेश्वर अपन अगमवक्ताके कुसमे होखेबाला मसीहके मृत्यूके बारेमे लिखेके लागि घटना होखेसे बहुत पहिले प्रेरित कएले रहे, ताकी उनकर पीडा आ रोमी कुसमे होखेबाला मृत्युसे हमनीके लागि हमनीके पाप आ शर्म, आ शैतान, मृत्यु आ अनन्त नरकके दण्डसे बचाबेके लागि परमेश्वरके योजना रहे कहके हमनीके जाने सकू । यी अध्यायके सत्यता पूर्ण रुपमे स्पष्ट बा, आ हमनीके यीमे ध्यान देबेके परी । यद्यपी सन परमेश्वरके यी सत्यताके स्वीकार ना करी । आजतक, केहु केहु कुसमे भेल मसीहके मृत्युके बारेमे भजनसंग्रहमे परमेश्वरके अगमवक्ता दाऊदके लिखल बात के विरोध करले । उसब कहले, “परमेश्वर मसीहके अईसन लाजसे मरेबाला आ पीडादायी मृत्यु कहियो होखे ना देई ।” अईसे कहेबाला अगमवक्तासबके धर्मशास्त्र आ पापीसबके उद्धार करेबाला परमेश्वरके योजनाके बारेमे अनभिज्ञ बा । प्रिय श्रोतासब परमेश्वरके मुक्तिके रास्ताके बेवास्ता ना करेके लागि सावधान रहू । हितोपदेश कहलेः अपनेके थाह होखेसे पहिले, अज्ञानता अपनेके मारदेई ।" आ परमेश्वरके वचन कहले, “काहेकी नष्ट होरहलसबके लागि कुसके सन्देश मूर्खता बा, लेकिन हमनीके उद्धार पाईतसबके लागि परमेश्वरके शक्ति बा ।" आऊ अब हमनीके अगमवक्ता दाऊद मसीहके पीडाके अवस्थाके बारेमे लिखल बातसबमे भित्री रहस्यमे जाऊ । हमनीके मुक्तिदाता हमनीके पापके लागि जब कुसमे झुण्डएलक, उनकर मनमे आ हृदयमे होखेबाला यी प्राथना अगमाक्ता दाऊद लिखले रहे : हमरा देखेबाला सब हमर ठट्टा करले । उसब ओठ लेर्व्याबले आमुह घुमाके कहले, “उ परमप्रभु उपर भरोसा करले, ओका उहे छुटाव । उहे उनकर उद्धार करो, काहेकी ओकासँगे उ प्रसन्न बा ।" हम त पानी जईसन हेराएल बारी आ हमर सारा हडीके जोर्नीसब ढिला गेला । हमर मुर मैन जईसन भेगेल बा, हमर छाती भितर उ पगिलगेल बा । माटीके खपटा जईसन हमर बल सुकगेल बा, आ हमरशरिर हमर तालुमे टाँसागेल बा । अपने हमरा मृत्युके धुरामे मिलादेले बारी ।

3

कुकुरसब हमर चारुओर बा, कुकर्मीसबके समूह हमरा घेरले बा, उसब हमर हात आ हमर गोर छेडले बा । हमर सब हडीसब हम गनेसकम, आदमीसब द्वेषसाथ हमरा एक टक लगाके देखले । उसब हमर वस्त्रसब आपसमे बाडले, आ हमर पोशाकके लागि उसब चिठा लगाबले । (भजनसंग्रह २२:१) यी वचनसबसे, दाऊद भविश्यवाणी करईत रहे, कि आदमीसब हमनीके उद्धारकर्ताके कुसमे कीला ठोकलाके बाद, उसब उनकरा अपमान करी, उनकारा गिल्ला करी, उनकारा एक टक लगाके देखईत उनकराके लागि भि आपसमे चिठा लगाई। दाऊदके यी लिखला एकहजार वर्षबाद

ठीक अईसने भेगेल । सुसामाचारमे कठी लिखल बा सुनु : उसब उहाँके कुसमे टाँगके, चिठा लगाके उनकर बस्त्रसब आपसमे बाँडलक, तब उहाँ रहके उनकरा पहरा देबे लागल । उहाँसे आबेबाला आ जाएबाला अपन अपन मुर हिलाके उनकरा गिल्ला कएलक आ कहलक “यदि तु परमेश्वरके पुत्र बार त, कुससे उत्तरके निचा आब ।” मुख्य पूजारीसब भि शास्त्रीसब आ धर्म-गुरुसबके सँगेसँगे उनकरा गिल्ला करईत कहलक, “यी दोसरके त बचएलक, अपनाके बचाबे ना सकी । यी ईस्राएलके राजा बा । अखईन कुससे निचा उत्तरके आवो, आ हमनीके विश्वास करम । यी

परमेश्वरमे भरोसा राखले । परमेश्वर एका चाही त छुटकारा देवो, काहेकी यी हम परमेश्वरके पुत्र बारी कहके कहईत रहे । (मत्ती २७:३५)

अईसही सुसामाचार दाऊदके लिखल बातसब पूरा भेल कहके पुष्टि कहले । ख्रीष्ट अपन शरीर आ प्राण आ आत्माके गहिराईमे प्यास आ बहुत कष्ट भोगी, कहके दाऊद कईसे भविश्यवाणी कएले रहे कहके बारेमे आज हमनीके सुनली । एहीसे ख्रीष्ट पहिले पदमे कहले, "हे परमेश्वर मस काहे त्याग्देल बारी

“हे हमर परमेश्वर, हे हमर परमेश्वर, अपने हमरा काहे त्याग्देलेबारी ?” कहके कुसमे ख्रीष्ट काहे चिच्यएलक ? काहेकी जईसे भजनसंग्रह २२ मे भि कहल बा, परमेश्वर पवित्र बा (भजनसंग्रह २२:३) आ उ पापके सहे ना सकी । संसारके विगत, वर्तमान आ भविश्यके पापसब ख्रीष्टमे थोपएलाके कारण, स्वर्गके परमेश्वर उनकरा वेवास्ता करेके परलक अर्थात त्यागेके परलक काहेकी धर्मशास्त्र कहले : उनकर आँख खराबीके देखेके लागि बहुत शुद्ध बा(हबकूक

१:१३) ।

धर्मशास्त्र कहले कि हमनीके उनकरामे परमेश्वरके धार्मिकता बनेसकु कहके परमेश्वर पाप नचिनेवाला (मसीह) के हमनीके लागि पाप (पापके बलिदान) बनएलक । (२ कोरिन्थी ५:२१)

आ, परमेश्वरके प्रशंसा होखे, उहाँ अगमवक्ता दाऊद भजनसंग्रहमे भविश्यवाणी कएल दोसर बात भि बा, उ बा, बहुत निमन सुसामाचार ! सोह्र अध्यायमे दाऊद ख्रीष्टके विचार आ वचनसब अईसे कहके लिखलक : अपने (परमेश्वर) हमर प्राणके चिहानमे ना छोरेम, न त अपने अपन पवित्र जनके शरीर गलेदेहम । अपने हमरा जीवनके मार्ग देखएले बारी (भजनसंग्रह १६:१०-११) यी किसिमसे, परमेश्वर ख्रीष्टके चिहानसे जीवित करी आ उनकरामे भरोसा करेबाला सबके लागि अनन्त जीवनके ढोका खोल्देई कहके दाऊद भविश्यवाणी कएलक । सुसमाचार हमनीके बताबले कि पवित्र धर्मशास्त्रअनुसार येशू ख्रीष्ट हमनीके पापके लागि मरलक, उ गारल गेल, आ पवित्र धर्मशास्त्र अनुसार तिसरका दिनमे उ पुनर्जीवित भेल (कोरिन्थी १५:३-४) ।

उहे धर्मशास्त्रमे दाऊद भि भविष्यवाणी कएले रहे कि प्रभु मृत्युसे बौरी उठ्लाके बाद, उ पृथ्वीके आदमीसबके न्याय करेके लागि फिरता नहोखेतक स्वर्गलोकमे लेजाई आ परमेश्वरके दहिना हातपटि विराजमान होई । यी बात दाऊद भजनसंग्रह ११० मे अईसे कहके लिखले रहे : परमप्रभु हमर प्रभुके कहले, “तु हमर दाहिने हातपटि बईथा, जबतक हम रूपरसे ।” अध्यायके अन्तमे, अगमवक्ता दाऊद कहले :

समस्त पृथ्वीके सब जातिसब स्मरण करी, आ परमप्रभुके ओर फिरी । जाति-जातिके सब परिवारसब ओका दण्डवत करी । भावी सन्तान उनकारा सेवा करी, भावी पुस्ताके परमप्रभुके बारेमे बताई । अभितक जनम न भेल एगो जातिके उसब ओकर धार्मिकताके घोषणा करी काहेकी उ यी कएले बा (भजनसंग्रह २२:२७) ।

ए यी कएलक कहके निष्कर्षके यी वचनके न भुलाऊ । ख्रीष्ट कठी करी ? उ पापीसबके ठाउँमे मरेके रहे । उ आदम आ हब्बाके परमेश्वर प्रतिज्ञा कएल सब बात पूरा करी जे उससब आ उसबके सन्तानसबके क्षमाके धार्मिक मार्ग प्रदान करी ख्रीष्ट मरी, धर्मशास्त्र कहलेः धर्मीजन अधर्मीसबके लागि हमनीके परमेश्वरकहाँ लेआवेके सदाके लागि एक बेर मरलक (१ पत्रुस ३:१८) ।

क्रुसमे उनकर मृत्युसे, उ पहिलेके समयमे पापीसबसे परमेश्वर माग कएल प्रतीकात्मक पशुबलीसबके पुरा करी आ रद्ध करी । अब्राहामके बेटाके ठाउँमे मरल थुमा जईसन, परमेश्वरके थुमा येशू ख्रीष्ट पापीसबके ठाउँमे पापके लागि अन्तिम आ सिद्ध बलिदानके रुपमे मरी ।

यी अपनेके लागि परमेश्वरके सुसामाचार बा : अपनेके ठाउँमे मसीह मरलक । अपन विश्वास उनकरामे राखु आ अपने अनन्त न्यायसे बचाएल जाम यी बातसबके विश्वास करेबाला सबके लागि मुक्तिके ढोका खुला बा । एहीकारण येशू ख्रीष्ट मरेसे ठीक पहिले, “अब सिद्धगेल” (यूहन्ना १९:३०) कहके चिच्यएलक । ह, उ यी कएलक ! (भजनसंग्रह २२:३१) आ परमेश्वर ख्रीष्टके सिद्ध बलिदानके तिसरका दिनमे उनकरा मृतकसे बौरी उठाके स्वीकृति देलक । सुसामाचारके अभिलेखके अध्ययन करम त हमनीके यी बातके बारेमे विस्तृत रुपमे देखम । यीहेबीच हमनीके यी बात बुझेसकम कि : येशू ख्रीष्टके जनम होखेसे एक हजार वर्ष अगारी, अगमवक्ता दाऊद दुष्ट आदमीसब उनकर हात आ गोर छेडदेई कहके भविश्यवाणी कएले रहे । मसीह अईसही दुःख भोगेके बातके रोज्लक काहेकी उ अपनेके प्रेम करले आ अपने सबदिन उनकरासँगे रहूँ कहके चाहले । येशू कहलक : “हम असल चरबाहा बारी । असल चरबाहा अपन भेडासबके लागि अपन प्राण अर्पन करले । पिता हमरा यीहेकारण प्रेम करले, काहेकी हम अपन प्राण फिर फिर्ता लेबेके बजेसे अर्पण करईसी । केहू हमरासे हमर प्राण फिर्ता लेबे ना सकी, लेकिन हम अपने ईच्छासे अपन प्राण अर्पण करईसी । अपन प्राण अर्पण करेके अधिकार हमरामे बा, आ फिर फिर्ता लेबेके अधिकार भि हमरामे बा । यी आज्ञा हम हमर पितासे पले बारी । ” (युहन्ना १०:११)

प्रिय स्रोतासब, कठी अपने कहियो परमप्रभु परमेश्वरके असल चरबाहके लागि धन्यबाद देले बारी, जे अपनेके लागि अपन जीवन अर्पण करेके रोजले बा ? हमनीके आज सुनल सब बात परमेश्वर अपनेके स्पष्ट पारदेले होखे । परमेश्वर चाहले, हमनीके दोसर कार्यक्रममे, हमनीके राजा दाऊदके पुत्र, सोलोमनके बारेमे सिकेके लागि अगमवक्तासबके लेखमे अगारी बढम । अगमवक्ता दाऊद १००० वर्ष पहिले ख्रीष्ट यी संसारमे आएसे अगारी हमनीके पापसबके लागि रोमीसबके क्रुसमे मरी कहके लिखले रहे यी बातके विचार करईत परमेश्वर अपनेसबके आशिष देले होखे आ अपनेके मन आ हृदयके निर्देशन देले होखे । उसब हमर हातसब आ गोरसबके छेडलक (भजनसंग्रह २२:१६) ।

कार्यक्रम ५२

अगमवक्ता सोलोमन

१ राजा २- १०, भजनसंग्रह ७२

यदि परमेश्वर एक रात अपनेकहाँ देखा परी आ "तोहरा जठी ईच्छा लागि माग आ हम तोहराके उ देहम" कहके अपनेके कही त, अपने कठी मागेके छनोट करम ? कठी लम्बा आयु ? बहुत धनसम्पत्ति ? लोकप्रियता ? कि अउर कुछ ? एक दिन परमेश्वर दाऊदके पुत्र सोलोमनकहाँ समनामे देखापरलक आ कहलक, "तोहरा जठी ईच्छा बा माग, हम तोहरा उ देबेके चाहईसी ।" अपनेके थाह बा सोलोमन कठी मागलक ? हमनीके छोटकरीमे दाऊद परमेश्वरके देहल जवाफ सुनम ।

विगतके छ गो पाठसबमे हमनीके परमेश्वरके अगमवक्ता दाऊदके कथा सुनईत रहली । हमनीके भजनके पुस्तकमे उनकर लिखल कुछ गीतसब सुनली । हमनीके वितल पाठमे आदमके सन्तानसब खीष्टे उनकर हात आ गोर छेडके मारी कहके दाऊद कईसे, भविश्यवाणी कएलक कहके हमनीके सुनले रहली । परमेश्वर खीष्टके मृतकसे जीवित करी कहके भि दाऊद भविश्यवाणी कएले रहे । आज हमनीके दाऊदके कथा छोडके, उनकर बेटा सोलोमनके कथा सुनेके योजना बनएले बारी । पहिलका राजा पुस्तक २ अध्यायमे, पवित्र धर्मशास्त्र कहलेः

जब दाऊदके मरेके समय नजिक अएलक, तब उ अपन बेटा सोलोमनके यी आखिरी जिम्मा देलक । “संसारके रीत जईसन हम भि मरईत बारी” उ कहलक । “एहीसे तु साहसी होख, आ अपनाके मर्द जईसन देखाब, आ परमप्रभु अपन परमेश्वरके ओरसे आएल कर्तव्य पूरा कर, आ उनकर मार्गमे चल । मोशाके व्यवस्थामे लिखल उनकर विधिसब आ आज्ञासब, उनकर नियमसब आ आदेशसब पालन कर, ताकी तु जेजे करब, आ तु जहाँकही भि जएब, उमे तोहर उन्नति होखे ।” तब दाऊद अपन पित्रसबसँगे सुतेगेल, आ दाऊदके शहरमे गाडलगेल । उ ईस्राएलमे चालीस वर्षतक राज्य कएलक । आ सोलोमन अपन पिता दाऊदके सिंहासनमे रहलक, आ उनकर शासन सुदृढसे स्थापित भेलक (१

राजा २:१-३)

सोलोमन अपने उनकर पिता दाऊदके बनावल धार्मिक-विधानसबके पालन करईत परमप्रभुके प्रेम देखएलक । गिबोनमे परमप्रभु परमेश्वर रातमे सपनामे देखा परके उनकरा कहलक, “तु हमरासे जठी माग ब, उ हम तोहरा देहम । " सोलोमन कहलक, “हे परमप्रभु हमर परमेश्वर, अपने अपन दासके हमर पिता दाऊदके सट्टामे राजा बनएलक । लेकिन हम त छोट बालक बारी आ हमर कर्तव्य हम ना जनईसी । यीहेकारण अपनेके प्रजासबके ठीकसे शासन करेके लागि बुझेके मन अपन दासके देउ, आ उ असल आ खराबके भेद छुट्याबे सको । काहेकी अपनेके यी बरका प्रजाके के शासन करेसकी ?” सोलोपन यी बात मागलासे परमप्रभु प्रसन्न भेगेल ।

यीहेकारण परमेश्वर उनकरा कहलक, “तु यी बात माग्ल एहीसे, आ तु अपना लागि लम्बा आयु अथवा धनसम्पत्ति वा तोहर शत्रुसबके प्राण न माग्ल, लेकिन ठीकसे न्याय करेके लागि बुद्धि मागेके कारण, तोहर माग हम पूरा करम । हम तोहरा बुद्धिमान आ निर्णय करेसकेबाला मन देहम, कि तोहर अगारी तोहरा जईसन कहियो केहु भि न बा, न तोहरा बाद दोसर केहु होई । यी बाहेक तोहर नमागल उ चिजसब अर्थात धनसम्पत्ति आ मान भि हम तोहरा देहम

यीहातक की, तोहर जीवन कालमे राजासबमध्ये केहु भि तोहर बरबरी ना होखी । आ तोहर पिता दाऊद जईसन, त तु हमर मार्गमे चलब, आ हमर धर्मविधिसब आ आज्ञासब पालन करब त, हम तोहरा दिर्घायु बनाएम । "

i

तब सोलोमन उठलक, आ यी त सपना बा कहके उ जानलक । एकाबाद उ यरुशलेममे फिरगेल, आ परमप्रभुके करारके सन्दुकके सामु खरा भेगेल, आ होमबली आ मेलबली चढएलक । तब उ अपन सारा भारदारसबके भोज देलक

एकाबाद दु जना बेश्यासब राजाके सामने अएलक । उमध्ये एकजना कहलक, “हे हमर प्रभु, यी आइमाई आ हम एउटे घरमे रहईसी । आ उहाँ यी हमरासँगे रहे त हम एकजना बालकके जनम देली । हमर बालक जनमलाके तीनदिन बाद उभि बालकके जनम देलक । उहाँ हमनीके मात्र रहली । उ घरमे हमनीके दुजना बाहेक दोसर केहु ना रहे।” रात यी आइमाई अपन बेटाके दाबके मोआदेल । मध्यरातमे उ उठके हम, अपनेके दासी निदाएल अवस्थामे हमर नजिकसे हमर बेटा लेजाके अपना लगे राखलक, आ अपन मरल बेटाके हमरा लगे राख्देल । विहान जब अपन बेटाके दुध पियावे उठली त हम अपन बेटाके मरल देखली । लेकिन हम एका इन्जोतमे निमनसे देखली त यी हमर जन्माएल बेटा ना

रहे ।

दोसरका आइमाई कहलक, “ना, उ जिन्दा बेटा हमर बा ।" अईसही उसब राजाके सामुन्ने बहस करेलागल । तब राजा सोलोमन कहलक, “यी कहईत बा हमर बेटा बा । मरल तोहर बा । आ उ कहईत बा, ना, तोहर बेटा मरल बा, जिन्दा बेटा हमर बा ।" तब राजा कहलक “हमरा एगो तरबार लेआके द ।” तब उसब राजाके लागि तरबार लेआदेल । तब राजा हुकुम कएलक, “यी जीन्दा बालकके दु टुक्रा काट, आ आधा एगोके आ आधा दोसरके द ।”

तब अपन बेटाके मायासे भरके जिन्दा बालकके माई राजाके कहलक, “हे प्रभु यी जिन्दा बालक उनकरेके द । लेकिन यी बालकके नमारु ।” लेकिन दोसरकी आईमाई कहलक न त हम न त यीहे लेजाए । एका दु टुक्रा काट्टू ।”

तब राजा अपन न्यायके फैसला सुनएलक, “उ जिन्दा बालक पहिलका आईमाईके दे द । ओका नमार । उनकर माई उहे ह ।” जब राजाके देहल फैसला सारा ईस्राएल सुनलक, तब राजाप्रति भयके आत्मा उत्पन्न भेगेल, काहेकी न्याय करेके लागि ओका पास परमेश्वरके ओरके बुद्धि बा कहके उसब देखलक । (१राजा ३:३) परमेश्वर सालोमनके बुद्धि आ बहुत अन्तरदृष्टि आ समुद्रके बालु जईसन अनगिन्ती समझशक्ति देलक । सोलोमनके बुद्धि पूर्वके सब आदमीसब आ मिश्रदेशके सब आदमीसबके बुद्धिसे बहुत बेसी रहे । काहेकी सोलोमन अउर सब आदमीसबसे बुद्धिमान रहे । आ उनकर ख्याति आसपासके सब जाति-जातिसबके बीचमे फैलगेल ।

उ तीन हजार हितोपदेशके रचना कएलक, आ उनकर गीतसबके संख्या एक हजार पाँचगो रहे । सोलोमनके बुद्धिके बारेमे थाह भेल संसारके सब राजासबसे पठावल सब जातिके आदमीसब उनकर बुद्धिके बात सुने सोलोमन कहाँ अबईत रहे । (१राजा ४:२९-३२) एकाबाद धर्मशास्त्र कहले की, उ समयमे शेवाकी रानी सोलोमनके गहिरा बुद्धि आ महामहिमके बारेमे सुनले रहे । एहीसे रानी सोलोमनसे भेटेके लागि यरुशलेम जाएके योजना बनएलक, रानी उनकर बारेमे सुनल बात सब सत्य बा, की न कहके जानेके चाहईत रहे । उ रानी साउदी अरेयिबाके दक्षिणमे परेबाला शेबाके भूमिमे यरुशलेमसे दूरके भूमिमे रहईत रहे । उ देश आ यरुशलेमके बीच करिब २००० किलोमिटर दुरी बा ।

लेकिन उ कठोर मरुभूमिके दुरीसे शेबाकी रानीके सोलोमनसे भेटे जाएके लागि यात्रा करेला निरुत्साहित ना कएलक । धर्मशास्त्र कहले : जब शेबाकी रानी सोलोमनके कीर्ति आ परमप्रभुके नामप्रतिके उनकर सम्बन्धके बारेमे सुनलक, कठीन कठीन प्रश्नसब लेके सोलोमनके जाँच करेके लागि अएलक । उ एगो बहुत बरका लावालस्कर लेके यरुशलेममे अएलक, मसलासब, बहुत सोना आ बहुमुल्य रत्नसब लदाके बोकल ऊँटसबके साथमे उ सोलोमन कहाँ अएलक, आअ पन मनमे रहल सब बातसबके विषयमे सोलोमनसे बात कएलक । सोलोमन उनकर सब प्रश्नसबके जवाफ देलक । उ व्याख्या करेके लागि राजाके कुछो कठीन ना भेल ।

as

जब शेबाकी रानी सोलोमनके सब बुद्धि उ निर्माण कएल सब राजमहल, उनकर टेबुलके भोजन, उनकर आसपास रहल अधिकारीसब, अपन उर्दी पोशाक लगाके सेवा - हल करेबाला नोकर-चाकरसब, उनकरा मद्य पियाबेबालासब आ परमप्रभुके मन्दिरमे उनकर चढावल होमबलीसब देखलक, तब उ अवाक होगेल ।

उ राजाके कहलक, “अपनेके उपलब्धिसब आ बुद्धिके बारेमे हम अपन देशमे सुनल बात साँच बा । लेकिन आके अपने आँखसे नदेखला तक हम ना पत्याईत रहली । साँचो यी त हमरा आधा भि ना सुनएले रहे । अपनेके बुद्धि आ धन- सम्पत्ति हमर सुनाई से भि बहुत ज्यादा बा । अपनेके आदमीसब केतना खुसी होई! अपनेके सामने निरन्तर खरा होखेबाला आ अपनेके बुद्धि सुने पाएबाला अपनेके यी अधिकारीसब केतना सुखी होई! अपनेसे प्रसन्न होके ईस्राएलके सिंहासनमे अपनेके विराजमान करावेबाला परमप्रभु अपनेके परमेश्वरके प्रशंसा होखो । ईस्राएलके लागि उनकर अनन्त प्रेम भेलाके कारण न्याय आ धार्मिकता कायम राखेके लागि उ अपनेके राजा तुल्यएले बा ।” (१ राजा १०:१-९) हमनीके यीहा राजा सोलोमनके कथामे रुकेके परी लेकिन कठी अपनेके थाह वा सोलोमनके ९०० वर्षके समयके बाद ख्रीष्ट शेबाकी रानीके विषयमे बात कएले रहे ? येशू ख्रीष्ट कहलक, “दक्षिणके महारानी न्यायके दिनमे यी पुस्ताके साथ खरा होई, आ एकरा दोषी ठहराई, काहेकी उ पृथ्वीके दुरसे सोलोमनके बुद्धिके बात सुनेके लागि अएलक । लेकिन देख, सोलोमनसे महान केहु यीहा बा । (मत्ती १२:४२) ख्रीष्ट कठी कहलक, कठी अपने सुनली ? उ कहलक कि सोलोमनके महिमा आ बुद्धिके बारेमे अनुसन्धान करेबाला शेवाकी रानी ख्रीष्टके महिमा आ बुद्धिके बारेमे अनुसन्धान करेसे अस्वीकार करेबाला सबके निन्दा करी । शेबाकी रानी सोलोमनके महिमाके देखेके लागि आ उनकर बुद्धिके बात सुनेके लागि अपन सब शक्ति लगएले रहे ।

उनकर सुनल बातसब सत्य बा कि न बा कहके जानेके लागि उ ४,००० किलोमिटर यात्रा समेत कएले रहे । यीहा हमनी सबके लागि महत्वपूर्ण पाठ बा । स्वर्गसे आएल ख्रीष्ट, महिमा, बुद्धिमे, ज्ञानमे, आ शक्तिमे सोलोमनसे बहुत महान बा, लेकिन आदमके बहुत सन्तानसब उनकर महिमाके ना चिन्हले, न सत्य जानेके लागि यी विषयमे अनुसन्धान करेके इच्छुक बा । एहिसे खीष्ट कहलक : (“दक्षिणके महारानी न्यायके दिनमे यी पुस्ताके साथ खरा होई, आ एका दोषी ठहराई, काहेकी उ पृथ्वीके दुरसे सोलोमनके बुद्धिके बात सुनेके लागि अएलक । लेकिन सोलोमनसे यीहाँ केहु बा । (मत्ती १२:२४) प्रिय मित्रसब, कठी अपने परमेश्वरके पठावल पवित्र मसीहके महिमाके चिन्हले बारी ? कि अपने उनकरा अगमवक्तासबके स्तरमे राखले बारी ? कठी अपनेके याद बा कि मसीह उपाधिके अर्थ कठी बा ? ह, एकर अर्थ परमेश्वरके नियुक्त कएल व्यक्ति बा । परमेश्वर संसारके मुक्तिदाता आ न्यायकर्ता होखेके लागि चुनल एकमात्र व्यक्ति ख्रीष्ट बा । फिर भि, आजतक बहुत आदमी सब ख्रीष्टके वेवास्ता करले । खीष्ट के बा कहके उसब ना चिन्हले । काहेकी उसब अगमवक्तासबके लेखसबमे उनकरा कहियो ना खोजले बा । हमनीके

समय लगभज सिद्धगेल बा, लेकिन हमनीके अपनेसबसे विदा होएसे पहिले, हमनीके यी बात बताबेके चाहईसी कि राजा सोलोमन तीनगो अदभूत आ गहन पुस्तक लिखले रहे, जौन पवित्र धर्मशास्त्रके एगो भाग बा । उ पुस्तकसब बा : हितोपदेश, उपदेशक, आ श्रेष्ठगीत । अपन पिता दाऊद जईसन सोलोमन भि कुछ भजनसब लिखले रहे । आजके कार्यक्रमके अन्त्य करेके लागि हमनीके अगमवक्ता सोलोमनके लिखल (बहर) भजन पढेके चाहम । यी गीतमे, सोलोमन भविश्यवाणी कएले बा की ख्रीष्ट एकदिन आदमीके न्याय करे पृथ्वीमे आई । उनकरा बुद्धि आ महिमामे पार करबेबाला सिद्ध राजाके बारेमे राजा सोलोमन कठी भविश्यवाणी कएलक कहके सुनु : उ अपनेके प्रजाके धार्मिकतामे न्याय करी, अपनेके पीडित जनसबके न्यायसाथ ईन्साफ करी । उ एगो समुद्रसे दोसर समुद्रतक पृथ्वीके सिमान्ततक राज्य करी ।

मरुभूमिके जातिसब एनके सामने झुकी, हम उनकर शत्रुसब धुरा चाटि । शेवा आ शेबाके (अरेबियाके) राजासब उनकरा भेटी चढाई । सब राजासब उनकरा अगारी झुकि आ सब जातिसब उनकर सेवा करी ।

उनकर नाम सदा रहो। उनकर किर्ति सूर्य जईसन निरन्तर रहो । जाति जातिसब उनकराद्धारा आशिष पाई, आ उसब ओका धन्यके कही । परमप्रभु परमेश्वर, ईस्राएलके परमेश्वरके प्रशंसा होखो । उहे मात्र उदेकके काम करले । उनकर महिमामयं नामके सदासर्वदा प्रशंसा होखे ! सारा पृथ्वी उनकर महिमासे भरपूर होखे । आमेन आमेन । (भजनसंग्रह ७२:२-१९)

।

अईसही राजा सोलोमन भविश्यवाणी कएलाके एकदिन पृथ्वीके सबै आदमीसब खीष्ट, राजासबके राजा आ संसारके न्यायकर्ताके अधीनमे होई । निःसन्देह, हमनीके छनौट करेके लागि स्वतन्त्र भेला आज हमनीके अपनाके उनकरामे समर्पण कएल परमेश्वर चाहले । आ अपनेके बारेमे कठी त ? कठी अपने साँचो परमप्रभु परमेश्वरके अधीनमे बारी ? कठी अपने ख्रीष्टके महिमा आ अख्तियारके चिन्हले बारी, जेका परमेश्वर पठएले बा आ संसारके धार्मिकतामे न्याय करेके लागि फेरु पठाई ? कि अपने येशू ख्रीष्टके अगमवक्तासबके स्तरमे राख्ले बारी ?

आदमीसब पत्याओ या नपत्याओ, येशू हि ख्रीष्ट बा, जेकर बारेमे अगमवक्तासब लिखले रहे । धर्मशास्त्र कहले : रूष अगमवक्तासब उनकर गवाही देले बा, कि उनकरा उपर विश्वास करेबाला हरेक उनकर नामसे पाप क्षमा पाई । (प्रेरित १०:४३) कठी अपने अगमवक्तामे विश्वास करईसी ? (प्रेरित २६:२७)

सुन्के साथदेली अपनेसबके बहुत बहुत धन्यबाद । परमेश्वरके ईच्छामे, हमनीके स्वर्गसे आगी बोलाबेबाला अगमवक्ताके बारेमे दोसर कार्यक्रममे सुनम । ख्रीष्ट यी पृथ्वीमे जब आई, उ अपन बोलल यी वचनसबके मनन् करईत परमेश्वर अपनेके आशिष देले होखी: सोलोमनसे महान केहू यीहा बा (मत्ति १२:४२) ।

कार्यक्रम ५३

एलिया अगमवक्ता

१ राजा ६-१८

1

बितल कार्यक्रममे, हमनीके अगमवक्ता दाऊदके पुत्र सोलोमनके कथाके अध्ययन कएले रहली । कईसे परमेश्वर सोलोमनके बुद्धि आ विवेक देले रहे कहके हमनीके सुनली । सोलोमनके समयमे, यरुशलेम शहर विश्वके सबसे सुन्दर शहर रहे।

लेकिन यरुशलेममे सोलोमनके निर्मान कएल सब भवनसबमध्ये, परमप्रभुके मन्दिरके सुन्दरताके कौनो भि बात जिते ना सकईत । राजा सोलोमन भेट होखेबाला पाल, आराधनाके विशेष पालके बदलेके लागि मन्दिरके डिजाईन कएले रहे । परमप्रभु परमेश्वर उसबके बीचमे बास करेसको कहके परमेश्वर मोशा आ ईस्राएलीसबके उजाड-स्थानमे यी भेट होखेबाला पाल बनाबेके लागि निर्देशन देले रहे । राजा सोलोमन यी सुन्दर आराधना करेबाला स्थान निर्माण करेके लागि सात वर्षतक दु लाख कामदारसब खटएले रहे । आज भि यरुशलेममे मन्दिरके जगके भागके बरका पत्थरसब देखे सकम । जब मन्दिर निर्माण करेके काम सम्पन्न भेलक, तब पुजाहारीसब उद्धारकर्ताके प्रतीकके रुपमे पापीसबके लागि अपन खुन बहाएबाला हजारो भेड आ गारुसब लेआके बलिदान चढएलक । अईसही उसब उनकर नामके लागि बनावल मन्दिरके पवित्र (अर्पण, समर्पण) कएलक । उसब उ पशुसबके बलिदान चढएलाके बाद आ मन्दिरके काँसाके वेदीमे जलएलाके बाद, पूजाहारीसब भेट होखेबाला पालमे रहल करारके सन्दुक बोक्के नयाँ मन्दिरके महाँपवित्रस्थानमे राख्लक । जब पूजाहारीसब महापवित्रस्थान छोरलक, तब तुरुन्त परमप्रभुके महिमा उ कोठाके भरदेल । जईसे मोशा आ ईस्राएलीसब उजाद्ध-स्थानमे बनावल भेट होखेबाला पाल परमेश्वरके महिमासे भरल रहे, औसही सोलोमन यरुशलेममे बनाएल मन्दिरके भि परमेश्वरके महिमासे भरदेल । राजा सोलोमनके बाँकी जीवनके बारेमे, उनकर जीवनके पछिल्का भाग उनकर शूरुके जीवन जईसन ना रहे कहके धर्मशास्त्र हमनीके बताबले ।

अब पहिलका राजा ११ अध्यायमे कठी लिखल बा सुनु । परमेश्वरके पवित्र वचन अगमवक्तासबके पापके बेवास्ता आ लुकाबेके काम ना करी कहके हमनीके फिर याद करईसी । धर्मशास्त्र कहले : फिरभि सोलोमन राजा बहुत विदेशी स्त्रीसबके प्रेम कएलक सोलोमन जब वृद्ध भेलक उनकर पत्नीसब उनकर मन अउर देवतासब ओर घुमादेरहे आ उनकर अपन पिता दाऊद जईसन सम्पुर्ण रुपसे परमप्रभु अपन परमेश्वरके भक्त ना भेलक । (१ राजा ११:१-४) एकाबाद सोलोमन यरुशलेमके पहाडके पूर्व ओर अपन सब विदेशी पत्नीसबके लागि धूप बाले आ उसबके देवतासबके बलिदान चढाबेके लागि उच्चस्थानसब बनएलक । परमेश्वर सोलोमनसँगे क्रोधित रहे, काहेकी उ परमेश्वरके वचनसे फिरल रहे। एहीसे परमप्रभु सोलोमनके कहलक : “तु अईसे कएल आ हमर करार आ हमर विधिसब जौन हम तोहरा आज्ञा कएले रहली, उ पालन न कएलाके कारण हम निश्चय यी राज्य तोहरा से छिनके निचा दर्जाके एकजनाके देहम | फिरभि तोहर पिता दाऊदके खातिर यी तोहर जीवनकालमे हम ना करम । हम यी राज्य तोहर बेटाके हातसे छिनलेहम । फिरभि, उसे सब राज्य त ना छिनाई, लेकिन हमर दास दाऊदके आ हमर चुनल शहर यरुशलेमके खातिर हम एगो कुल ओका देहम।” (१ राजा ११:११-१३)

धर्मशास्त्र हमनीके बताबले कि सोलोमनके मृत्युके बाद ईस्राएल राष्ट्र युद्ध आ कलह भेलक । इस्राएलके १२ कुलसब, जे याकूबके परिवारसे आएल रहे, उसब परमेश्वर सोलोमनके कहल जईसन कहके दुगो भागमे विभाजित भेलक ।

उसब अब एक राष्ट्र ना रहे, अब उसब दुगो फरकफरक राष्ट्र भेगेल : ईस्राएल आ यहुदा । भूमिके उत्तरमे ईस्राएलके दश कुल ईस्राएल राज्यके गठन करी त यहूदाके कुल, बेन्यामिनके छोट कुलसे मिलके यहुदाके दक्षिणी राज्यके गठन भेलक । यहूदा राजा दाऊदके कुल रहे आ यी, उ वंश रहे जेकासे ख्रीष्टके जनम भेलक । यहुदाके आदमीसब अन्तत : यहुदीसब कहके चिन्हएलक ।

ईस्राएल आ यहुदाके बहुत राजासब रहे आ उसब मध्ये बहुत परमप्रभुसे फिरके अपन आसपासके राष्ट्रसबके धर्मसब पालन करे लागल रहे । ईस्राएलके सब राजासबमध्ये एगो राजा दोसर राजासबसे बहुत दुष्ट आ खराब रहे ।

अपनेके थाह बा उ राजा के रहे ? उ राजा आहाब रहे । उ सोलोमनके बादके आठौ राजा रहे । धर्मशास्त्र कहले : ओम्रीके बेटा आहाब अपन अगारीके सब राजासबसे परमप्रभुके दृष्टिमे बहुत दुष्टयाई कएलक । (१ राजा १६:३०) राजा आहाब परमप्रभुके घृणा करेबाला दुष्ट स्त्री ईजबेलसे विवाह कएलक । रानीसे सञ्चालित, राजा आहाब ईस्राएलमे बाललके नाममे मन्दिर बनएलक । (बाल एगो झुठा देवता रहे जेका कनानके आदमीसब पुजा कएले रहे ।) अईसही आहाब ईस्राएलीसबके अपन झुठा अगमवक्तासबके अधीनमे रहल खाली झुटा धर्मके अनुसरण करेके अगुवाई करके परमप्रभुके रिस उठएले रहे ।

जेभि होए, उहे समयमे, ईस्राएलमे एकजना अगमवक्ता रहे, जे परमप्रभु परमेश्वरसँगे चलईत रहे । उनकर नाम उलिया रहे । एकदिन परमेश्वर एलियाके राजा आहाबकहाँ पठएलक । एलिया आहाबके कहलक, “परमप्रभु ईस्राएलके परमेश्वर, जेकर हम सेवा करईसी, उनकर जीवित नाममे शपथ खाके हम कहईत बारी, कि हमर वचनविना आबेबाला कुछ वर्षभर ना शीत परी ना पानी परी । ” (१ राजा १७:१) । आ जईसे अगमवक्ता एलिया भविश्यवाणी कएले रहे, साढे तीन वर्षतक ईस्राएलके भूमिमे पानी ना परलक । देश पूरा भोकमरीके चपेटामे परगेल । अध्याय १८ मे धर्मशास्त्र कहले : बहुत समयके बाद तेस्रो वर्षमे परमप्रभुके वचन एलियाकहाँ अएलक, “जाके आहाब कहाँ तु अपने उपस्थित होख, आ हम देशमे वृष्टि पठाहम ।” यीहेकारण एलिया आहाबकहाँ अपने उपस्थित होएके लागि गेलक । जब आहाब एलियाके देखलक, तब उ एलियाके कहलक, “ईस्राएलके कष्ट देबेबाला तुही बार ?” एलिया कहलक, “ईस्राएलकके कष्ट हम ना देलेबारी, लेकिन अपने आअ पनेके पिताके परिवार बा । अपने परमप्रभुके आज्ञा छोरके बाल देवतासबके पछारी लागल बारी । अब अपने हमरा कर्मेल डाँडामे भेट करेके लागि ईस्राएलसे सारा आदमीसबके बोलाऊ ।

आ बालके उ चारसय पचास अगमवक्ता आ अशेरके चारसय अगमवक्ता, जे ईजबेलके टेबिलमे बैठके खाबले, उ भि लेके आऊ ।” एहीसे आहाब समस्त ईस्राएलीसबमे सममाचार पठएलक, आ सब अगमवक्तासबके कर्मेल डाँडामे भेला करएलक । एलिया आदमीसबके अगारी आके कहलक । "तोहनीसब केतना दिनतक दोधारमे रहब ? यदि परमप्रभु परमेश्वर बा त ओकर पछारी लाग । लेकिन यदि बाल परमेश्वर बा त ओका पछयाव ।” लेकिन आदमीसब किछो ना कहलक । तब एलिया उसबके कहलक, “परमप्रभुके अगमवक्तासबमे केवल हम मात्र बाँकी रहल बारी, लेकिन बालके त चारसय अगमवक्तासब बा । अब हमनीके लागि दुगो साँढे लेआब । उसब अपना लागि छानके टुक्रा-टुक्रा

करके काट्के आगी न लगाके जरनाउपर राखो । आ हम उ दोसरका के तयार करके आगी नलगाके जरनाउपर राखेम । तब तोहनी सब अपन देवताके पुकार, आ हम परमप्रभुके नाम पुकारम । उ देवता जे आगीसे जवाफ देबले, उहे परमेश्वर बा ।" तब सब आदमीसब कहलक, "अपनेके कहल बात असल बा ।"

एलिया बालके अगमवक्तासबके कहलक, "एगो साँढे छान, आ ओका पहिला तयार कर, काहेकी तोहनीसब एतना बेसी बार । अपन देवताके नाम पुकार, लेकिन आगी न लगाब । एहिसे अपनासबके देहल साँढे उसब लेके तयार कएलक । तब बालके नाम लेके उसब बिहानसे मध्यानतक अईसे कहके पुकारलक, "हे बाल, हमनीके जवाफ देउ ।"

लेकिन कुछ पत्युत्तर ना अएलक । आ अपनासबके बनावल वेदीके आसपास उससब खुब कुद्के नाचलक । मध्यदिनमे एलिया अईसे कहके उसबके ठट्टा करे लागेल, "अभि जोरसे पुकार । निश्चय उ त देवता ह ! शायद ऊ घोर ध्यानमे मग्न होई, अथवां काममे व्यस्त होई वा यात्रामे गेल होई । शायद ऊ सुतल होई आ उठाबेके परी ।"

एहीसे उसब जोरसे चिच्अएलक, आ उसबके दस्तुरअनुसार तरबार आ भालासे खुन न बगाएल तक अपनाके चोट पारलक मध्यदिन बित्गेल आ साँझको बलिदान चढाबेके बेलातक उसब बरबराईत अगमबाँणी करतेरहगेल । लेकिन कौनो प्रत्युत्तर ना अएलक, केहू जवाफ ना देलक, न केहू ध्याने देलक । तब एलिया सब आदमीसबके कहलक, "यीहाँ हमरा कहाँ आब ।" उसब आके परमप्रभुके भरकल वेदीसे मर्मत कएलक । एलिया १२ गो ढुङ्गा लेके हरेक ढुङ्गा याकूबसे आएल एक-एक कुलके लागि, जेकरा लङ्ग परमप्रभुके यी वचन आएल रहे, "तोहर नाम ईस्राएल होई।" उ ढुङ्गासब लेके उ परमप्रभुके नाममे एगो बेदी बनएलक । उ बेदीके आसपास पन्ध्र लिटर जेतना बीया जाएबाला बरका खाडल खनलक । उ जरना मिलाके आ उ साँढेके टुक्रा-टुक्रा काट्के जरना उपर राख्लक । तब उ उसबके कहलक, "चार गाग्रा पानी भरके यी बली आ जरना उपर राख्द ।" उ कहलक, "फेरु एहे कर।" तब उसब उहे कएलक । उ हुकुम कएलक, "तिसरका खेप भि उहे कर।" उसब तिसरका खेप भि उहे कएलक । पानी वेदीके चारुओर गीरके खाडल भि भरगेल । बलिदानके समयमे एलिया अगमवक्ताके अगारी बरहके प्रार्थना कएलक, "हे परमप्रभु, अब्राहाम, इसहाक आ इस्राएलके परमेश्वर, इस्राएलमे अपने परमेश्वर बारी, आ हम अपनेके दास बारी, आ यी सब काम अपनेके आज्ञाअनुसार हम कएले बारी कहके आज थाहा होखे । हमरा जवाफ देऊ, हे परमप्रभु जवाफ देऊ, आ यी आदमीसब जानो की अपने परमप्रभु हि परमेश्वर बारी, आ अपने हि उसब मन फर्कादेइत बारी ।" तब परमप्रभुके आगी बर्सेलक आ आगी बलिदान, जरना, ढुङ्गासब आ माटी समेत भष्म करटेल आ खाडलके पानी भि सुकादेल ।

जब ये आदमीसब यी देखलक, तब उसब भुईमे झुकके पुकारके कहलक, "परप्रभु, उहे परमेश्वर बा ! परमप्रभु, उहे परमेश्वर बा !" तब एलिया उसबके हुकुम कएलक, "बालके अगमवक्तासबके पक । केहू भागे नपाओ।" उसबके पकरके, आ किसोन नदीमे लेआके मारदेल । ऋणि एलिया आहाबके कहलक, "जाके खानपान कर, काहेकी हम बरका झरी आईतबा कहके सुनईत बारी ।" तब आहाब खानपान करेके लागि गेलक, लेकिन एलिया कर्मेल डाँडाके टुप्पामे चढलक, आ उहाँ भुईयामे निहुरके अपन मुर गोरसबके बीचमे राख्लक । यी बीचमे काला बादलसे आकाश ढाक्गेल, आँधी अएलक, आ बरका पानी परेलागल, आ आहाब अपन रथमे चढके यिजरेलमे गेलक । (१राजा १-२)

कठी अपने अगमवक्ता एलिया ईस्राएलके आदमीसबसे पुछल प्रश्न सुन्ली ? बालके चार सय पचास झुटा अगमवक्तासब चुनौति देबेसे पहिले एलिया आदमीसबसे पुछलक, "तोहनीसब कहियातक दोधारमे बईथल रहम ? यदि परमप्रभु हि परमेश्वर बा त ओकरा पछयाब । लेकिन यदि बाल परमेश्वर बा त, ओका पछयाब ।" (१ राजा १८:२१)

शुरुमे, इस्राएलीसब कौनो जवाफ ना देले रहे, लेकिन जब उसब कईसे परमप्रभु एलियाके पार्थनाके उनकर बेदीमे स्वर्गसे आगीके मेघसे जवाफ देईत देखलक, तब सारा भीड झुकके चिप्अएलक । “परमप्रभु, उहे परमेश्वर बा ! परमप्रभु, उहे परमेश्वर बा !"

अईसहिए, एक दिनमे परमेश्वरके अगमवक्ता एलिया बालके झुटा अगमवक्तासबके सार्वजनिक रुपमे पर्दाफास आ बदनाम करदेल आ इस्राएलीसबके हृदय परमप्रभु उसबके परमेश्वर ओर फिरादेल ।

परमेश्वर एलियाके प्रार्थनाके जवाफ काहे देलक ? काहेकी एलिया परमप्रभु प्रेम करईत रहे आ उनकर वचनमविश्वास करईत रहे आ उनकर आदमीसब परमेश्वरके ओर फिरो कहके चाहईत रहे।

परमेश्वर बालके अगमवक्तासबके प्रार्थनाके काहे बेवास्ता कएलक ? काहेकी तोहनीसब परमेश्वरके वचनके बेवास्ता कएलक आ अपने धार्मिक परमपरासबके पछअएलक । उसब अपन अनुष्ठानसब पालन करेके जोसिला रहे, लेकिन उसब जीवित परमेश्वरके सेवा ना कएलक । एहिसे उसबके सब धार्मिक जोश बिल्कुल व्यर्थ रहे । उसब यी हितोपदेशमे समावेश कएल आदमीसब जईसन रहे जे कहले : दश जना आदमीसब गहिरा खाडल खन्हले, आ अउर दश जना उ खाडलके भरेके काम करले, जहाँ बहुत धुस वा लेकिन प्वाँल नावा।

अईसही, बालके झूठा अगमवक्तासबसँगे प्रशस्त धर्म रहे, उसब अपन प्रार्थना आ बलिदानसबके साथमे बहुत हल्ला कएलक, लेकिन यी सब व्यर्थ रहे काहेकी यी जीवित परमेश्वरके वचनमे आधारित ना रहे। बहुत बुरा लेकिन प्वाँल ना भेख जईसन मात्र

उ महत्वपूर्ण दिनमे, एलिया ईस्राएलीसब परमप्रभु परमेश्वर आ उनकर अनन्त जीवनके रास्ता पछ्याएम कि आदमीके खाली संसार सहितके धर्मके पछ्याएम ? यी छनोट करेके लागि चुनौति देले रहे । उ कहले रहे, कहियातक दु पक्षबीच डगमगाएल रहम ? परमेश्वरके सत्यता आ आदमीसबके झुटा परमपराके बीचमे अपनेसब कहियातक डगमगाएम ?

पवित्र धर्मशास्त्र कहले : केहु भि दुगो मालिकके सेवा करे नसकम काहेकी उ एगोके घृणा करी आ दोसरके प्रेम करी । अथवा एकजना उपर भक्ति राखी, आ दोसरके उ तुच्छ थानी । तोहनीसब परमेश्वर आ धनके सेवा करे ना सकी । (मत्ती ६:२४) । अपने परमप्रभुके सेवा आ खाली धर्मके सेवाके मिश्रण करे ना सकम ।

प्रिय मित्रसब, सुन्केसाथदेली अपनेसबके धन्यबाद बा । दोसर कार्यक्रममे हमनीके एकजना अगमवक्ताके कथा सुनेके चाहम जौन बहुत मछरीभितर तीन दिन बितएले रहे । कठी अपनेके यी अगमवक्ताके नाम थाह बा ? हमनीके अपनेके अगमवक्ता एलियाके कएल प्रश्नके साथ विदाई करेके चाहम ।

तोहनीसब कहियातक दोधारमे बइथल रहम ? यदि परमप्रभु हि परमेश्वर बा त उनकरा पछ्याब, लेकिन यदि बाल परमेश्वर बा त ओकरा पछ्याब । (१ राजा १८ २१)

कार्यक्रम ५४

अगमवक्त योना

योना

हमनीके वितल कार्यक्रममे, हमनीके परमेश्वरके अगमवक्ता एलियाके कथाके सुन्ले रहली । परमेश्वरके आत्माके शक्ति एलियामे रहे । पानी नपरो कहके उ परमेश्वरसँगे प्राथना कएले रहे आ साँचो ईस्राएलमे साढे तीन वर्षतक पानी ना परलक । साथै एलिया बालके अगमवक्तासबके सामना भि कएले रहे आ उसबके झुठा धर्मके बारेमे सब इस्राएलीसबके सामु पर्दाफास भि करदेल ।

अईसही परमेश्वर अगमवक्ता एलियाके बहुत इस्राएलीसबके हृदय उसबके परमेश्वर ओर फिराबेके लागि प्रयोग कएले रहे । आज अगमवक्तासबके धर्मशास्त्रके माध्यम से हमनीके निरन्तर यात्रामे हमनीके दोसर अगमवक्ताके कथा सुनेके चाहईसी, जौन एलियाके कुछ समयके बाद बाचल रहे उनकर नाम योना रहे । हमनीके योनाके पुस्तकमे पढम पहिलका अध्यायमे : परमप्रभुके यी वचन अमित्तैके बेटा योनाकहाँ अएलक : उठ्, उ बरका शहर निवेमे जाब, आ उनकर विरुद्धमे प्रचार कर, काहेकी उ दुष्टयाई हमर सामने आएल बा ।" (योना १:१-२)

परमप्रभु योनाके कौन काम करेके आज्ञा देलक, अपने बुझली ? परमेश्वर योनाके निन्बे शहरमे जाके आदमीसबके दुष्ट मार्गसे फिरेके चेतावनी द, न त उसबके नष्ट करदेई कहके आज्ञा कएलक । निनवे अश्शूर राष्ट्रके राजधानी रहे आ अश्शुरके आदमीसब ईस्राएलीसबके नाश करेके चाहेबाला दुष्ट आदमीसब रहे ।

इस्राएलीसबके घृणा करेबाला आ तिरस्कार करेबाला विदेशीसब कहाँ परमप्रभु परमेश्वर योनाके काहे पठाबेके चाहईत रहे त ? कठी परमेश्वर इस्राएलके शत्रुसबके भि वास्ता करईत रहे ? ह, परमेश्वर उसबके भि वास्ता करईत रहे । परमेश्वर निनवेकें आदमीसबके न्याय करे जाईत रहे, काहेकी उसबके पापसब स्वर्गतक पुगल रहे ।

लेकिन परमेश्वर पापीसबके नाश करेमे कौनो आनन्दके बात ना रहे । परमेश्वर सबजन पश्चाताप करो, उनकर वचनमे विश्वास करो, उसबके मन आ हृदयके परिवर्तन करो, आ मुक्ति पाओ कहके चाहले । एहीकारण, उसब भि अपन पापके पश्चाताप करो, परमेश्वरमे फिरे सको आ मुक्ति पाए सको कहके परमप्रभु योनाके निनवेके आदमीसबकहाँ जाके उसब चेतावनी देबेके लागि कहले रहे ।

लेकिन योना जाके अपन शत्रुसबके चेतावनी देबेके ना चाहईत रहे । उ निनवे शहरके लागि अगमवक्ता बनेके ना चाहईत रहे। परमेश्वर निनवेके आदमीसबके उसब उपर भि परमेश्वर दया देखाए सको कहके उसब पश्चाताप करेके चाहईत रहे, लेकिन योना परमेश्वर उसबके दण्ड देव कहके चाहईत रहे । एहीसे योना अपन जिम्मेबारीके अस्वीकार कएलक आ परमप्रभु परमेश्वरसे भागेके प्रयास कएलक । योना परमेश्वरके उपस्थितिसे भागके कहाँ जाए सकईत त ? एकाबाद योना कठी कएलक कहके देखेके लागि यी कथाके निरन्तरता देबेके परी । धर्मशास्त्र कहले : लेकिन योना परमप्रभुसे भागगेल आ तर्शीशओर लागेल । (उ शहर निन्बेसे बहुत दुर रहे) उ योप्पा शहरमे गेलक, आ उहाँ तर्शीशमे जाएबाला एगो जहाज भेटएलक । परमप्रभुसे भागेके लागि तर्शीश जाएके लागि जहाजमे भाडा देके उ चढलक । तब

परमप्रभु समुद्रमे एगो बरका बतास चलएलक, आ उ प्रचण्ड आँधी चललक कि उ जहाजके नष्ट करी जईसन भेलक । सब नावीकसब डेरागेल आ हरेक अपन देवताके पुकार कएलक । आ उसब जहाज हलुका करेके लागि व्यापारके मालसमानसब समुद्रमे फेकदेल । लेकिन योना जहाजके निचाके भागमे सुतल रहे । जहाजके कप्तान योना कहाँ आके कहलक, “कईसे तु सुतल बार! उठके अपन परमेश्वरके पुकार ।

८

शायद उ हमनीके ख्याल राखीआ हमनीके नष्ट ना होखेम ।" तब नावीकसब आपसमे कहे लागल, “आब, यी आपत्तिके जिम्मेबार के बा, सो जानेके लीग हमनीके चिठा लगाऊ ।” उसब चिठा लगएलक आ चिठा योनाके नाममे परलक । तबत उसब योनासे पुछलक, “हमनीके कह, हमनीके उपर यी आपत लेआबेमे जिम्मेबार के बा ? तोहर काम कठी बा ? तु कहबासे आएल बार ? तोहर देश कौन बा ? तु कौन जातिके बार ?" योना जवाफ देके कहलक, “हम एक हिब्रू बारी, आ हम स्वर्गके परमेश्वरके आराधना करईसी, जे समुद्र आ जमिन दुनु बनएलक।” यी बातसे उसब डेरागेल आ पुछलक, “तु कठी कएले बार ?” समुद्रके छालसब अउर प्रचण्ड होईत बा। एहीसे उ पुछलक, “तोहरा अब हमनीके कठी करु जे समुद्र हमनीके लागि शान्त होई ?” उ जवाफ देलक, “हमरा यी समुद्रमे फेक द, आ समुद्र शान्त होई । काहेकी हमरे कारणसे तोहनीसबके उपर प्रचण्ड आँधी चललक कहके हम जनईत बारी ।" फिरभि जहाजके किनार लगाबेके लागि उ आदमीसब कोसिस कएलक, लेकिन उसब ना सकलक, काहेकी उसबके विरुदमे समुह अउर खराब होएते चलगेल । यीहेकारण उसब परमप्रभुसे पुकारा करके कहलक, “बिन्ती बा, हे परमप्रभु, यी आदमीके जान लेबेके कारण हमनीके मरेके ना परो, आ एक निर्दोष आदमीके हत्याके दोष हमनीके नलागो, काहेकी हे परमप्रभु, अपनेके जईसन ईच्छा लागल रहे उ कएले बारी ।" तब उसब योनाके समुद्रमे फेकदेल, तब समुद्र शान्त होगेल । यी देखके उ आदमीसब परमप्रभु के भय मानलक, आ उसब परमप्रभुके लागि बलिदान चढएलक आ उनकरासे भाकल कएलक । लेकिन योनाके निलेके लागि परमप्रभु एगो बरका मछरी जुटएलक, आ तीन दिन आ तीन राततक योना उ मछरीके पेटभितर रहलक । (योना १:३-१७) ।

।

कइसे परमेश्वर योनाके पछ्यएलक कहके हमनीके सुनली । योना भाग्के गेलक फिरभि उ परमेश्वरके हातसे उम्के ना सकल । परमेश्वर काहे योनाके पछारी लागलक त ? काहेकी परमेश्वर योनाके प्रेम करईत रहे आ परमेश्वर योनाके कुछ महत्वपूर्ण पाठ सिकाबेके चाहईत रहे । योनाके हृदय भि परमेश्वरके हृदय जईसन होखो कहके परमेश्वर चाहईत रहे । एहीसे परमेश्वर योनाके निलेके लागि एगो बरका मछरी तयार कएलक, लेकिन योनाके ना मारलक । बिचरा योना परमेश्वरके अनाज्ञाकारिताके कारण योना अब अपनाके बरका मछरीके पेटमे भेटएलक ! योना अपनाके बचावेके लागि अब कठि करेसकईत त ? अब योनाके लागि कौनो उपाय ना रहे । परमप्रभु परमेश्वरके पुकार करेके बाहेक योनाके लागि दोसर कौनो उपाय ना रहे । केवल परमेश्वर मात्र योनाके बचाबे सकईत । तीन दिनतक, परमेश्वर योनाके समुद्री प्राणी भितर राख्लक । उ समयमे योना बहुत प्रार्थना कएलक । तिसरका दिनमे, योना अपन ईच्छाके परमेश्वरके ईच्छमे समर्पित कएलक, आ कहलक, “हम जौन भाकल कएले बारी, उ हम पूरा करम । उद्धार परमप्रभुसे होखले ।” योना “उद्धार परमप्रभुसे होखले" कहईत समयमे परमप्रभु मछरीके आज्ञा कएलक, आ उ मछरी योनाके समुद्रके पाखामे उगिल्देल । (योना २:९-१०)

दोसर अध्यायमे हमनीके सुनम : तब परमप्रभुके वचन दोसरका बेर योनाकहाँ अएलक: "उ बरका शहर निनबेमे जाब, आ हम जौन समाचार तोहरा देहम, उ निनबेमे जाके घोषणा कर ।" तब योना उठलक आ परमप्रभुके वचन अनुसार निनबेमे गेलक । अब निनबे बरी प्रख्यात शहर रहे । उ देखेके लागि तीन दिन लागईत रहे । पहिलका दिन योना शहर भितर पईसलक । योना घोषणा कएलक, “अबके चालीस दिनमे निनवे नष्ट होजाई ।”

निनवेके आदमीसब परमेश्वरमे विश्वास कएलक, उसब उपवासके घोषणा कएलक, आ उसब बरका छोट सब भाङ्ग्रा लगएलक । जब उ खबर निनबेके राजाकहाँ पुगलक, तब उ अपन सिंहासनसे उठलक, उ अपन राजपोशाक उतारलक आ भाङ्ग्रा लगाके खरानीमे बईथलक । तब योना निनवेमे घोषणा कएलक, “राजाके आ भारदारके उर्दीअनुसार : कौनो आदमी वा पशू, गाई-गोरु व भेडाबाख्रा, केहूभि कौनो खाएबाला चिज़सब नखाओ, न त किशो पिओ । लेकिन आदमी भाङ्ग्रा लगाओ, आ परमेश्वरमे पुकार करो । उसब अपन कुमार्गसे फिरो, उसब अपन उपद्रव त्याग करो । 2 परमेश्वरके मन नरम करी आ दया करके अपन भयानक रीससे फिरजाई ।

अईसही हमनीके नष्ट ना होखेम । उसब कठी कएलक आ कईसे उसब अपन कुमार्गसे फिरके अएलक कहके परमेश्वर देख्लक । तब परमेश्वरके दया अएलक, आ उसबके सर्वनाश करम कहके कएल धम्की अनुसार परमेश्वर ना कएलक । (योना ३:१-१०)

यीहेकारण परमेश्वर निनवेके आदमीसब उपर कृपा कएलक, काहेकी उसब परमेश्वरके सेवक योना मार्फत पठाएल उनकर वचनमे विश्वास कएलक । टुटल हृदय, निनवेके वासीसब अपन दुष्ट मार्गसे पश्चाताप कएलक आ परमप्रभु ओर फिरगेल । लेकिन परमेश्वर निनवेके आदमीसब उपर कृपा देखएलक ऐसे योना खुशी ना रहे । धर्मशास्त्र कहले : लेकिन योनाके यी बहुत मन ना परलक, आ योनाके रिस उठगेल । आ परमप्रभुके उ यी कहके प्रार्थना कएलक, “हे परमप्रभु, हम अपन घरमे रहली त कठी हम यी न कहली ? यीहेकारण त तर्शीशमे भागके जाएके हम आतुरी कएले रहली । अपने अनुग्रह कारी आ करुणामय, रीस करेमे धैर्यवान, दयामा प्रशस्त, आ दुःख देबेमे बेखुशी होएबाला परमेश्वर बारी कहके हम जानईत रहली, अब हे परमेश्वर, हमर प्राण लेलु, काहेकी हमरा लागि बाँचेसे त मरला असल बा ।” लेकिन परमप्रभु जवाफ देलक, “कठी रीस कएला तोहर हक बा त ?” तब योना शहरसे निकलके, शहरके पुर्वपट्टिके ठाउँमे जाके रहलक । उ एगो छाप्रो बनएलक, आ उ शहरके कठी होई कहके देखेला छाप्रोके छायामे

बईथगेल । तब परमप्रभु परमेश्वर एगो लौका उमारलक, आ योनाके शिरमे उ छाया होखे आ योनाके दुःख हरण होखो कहके उ लौका बढएलक । एहीसे लौकाके कारण योना बहुत खुसी होगेल ।

लेकिन बिहान भेला जब घाम उगलक परमेश्वर एगो कीरा पठएलक, उ कीरा लौकाके खालेल, आ लौका मरगेल । सूर्य उदएलाके बाद परमेश्वर पूरुबसे तातल हावा चलादेल, एतना तक कि घाम टन्टलापुर जईसन योनाके देहमे परलक आ योना मुर्छा परगेल, आ मरेके इच्छा करके कहलक, “हमरा बाचला से त मरले ठीक बा ।”

लेकिन परमेश्वर योनाके कहलक, “लौकाके कारण खिसियाएके तोहर हक बा ?” योना कहलक, “हमर हक बा । हम मरुन्जेलतक खिसियाएम।” लेकिन परमप्रभु कहलक, "तोहर न स्यहारल अथवा न उमारल यी लौकाके लागि एतना चिन्तित होगेल । एके रातमे बढलक, आ एके रातमे नष्ट भि होगेल । लेकिन निनवेके शहरमे एक लाख बीस हजार

से बेसी आदमीसब बा, जे बाया आ दहिना हात चिनहे ना सकले, आ उहाँ गाईबस्तुसब भि बा । कठी हम उ बरका शहरके लागि फिक्री न करु ? " (योना ४:१-११) अईसही योनाके पुस्तकके अन्त होखले ।

आदरणीय श्रोतासब, अगमवक्ता योनाके कथासे परमेश्वरके स्वाभाव आ आदमीके स्वभावके बारेमे बहुत बातसब सिके सकम । यीसे हमनीके सिकेबाला एगो बात कठी बा की, परमेश्वर आदमीसबके आदर ना करले । परमेश्वरके हृदय योनाके हृदयसे बहुत फरक रहे । योनाके हृदय पक्षपातसे भरल रहे, लेकिन परमेश्वरके हृदय सण आदमीसबके लागि दयासे भरल बा । योना अपन आदमीसबके प्रेम कएलक आ अपन शत्रुसबके घृणा कएलक, लेकिन परमेश्वर ईस्राएलके आदमीसब आ निनवेके आदमीसबसे भि प्रेम कएलक । निनवेके आदमीसब ईस्राएलके शत्रुसब भेलासे उसबके विनाश होखो कहके योना चाहले रहे, लेकिन परमेश्वर उसब पश्चाताप करके परमेश्वर ओर फिरो आ मुक्ति पाएसको कहके चाहईत रहे ।

।

परमेश्वर पक्षपात ना करले । अपने चाहे जे केहुभि रहु, परमेश्वर अपनेके प्रेम करले । परमेश्वर अपनेके पाप आ विद्रोहके घृणा करले, लेकिन अपनेके प्रेम करले । परमेश्वर संसारके आदमीसबके प्रेम करले आ सबजने पश्चाताप करो आ परमेश्वरके मुक्तिके सन्देशमे विश्वास करो कहके चाहले । पश्चाताप कएला अपन मनके परिवर्तन कएला बा । अपन गल्तीसे सत्यता ओर फिरला बा । पश्चाताप कएल के मतलब अपन रास्तामे चलेके छोरके आ परमेश्वरके मार्गमे चलला बा ।

परमेश्वर केकरो नरकके आगीमे जलाबेके आ केकरो स्वर्गीय वगैँचामे लेजाबेके लागि स्वेच्छिक तरिकासे चुनले बा कहके केतना आदमीसब सोचले । जेभिहोए, यी बात सत्य बा कि बहुत आदमीसब अपन पापमे मरी आ परमेश्वरके धार्मिक क्रोधके सामना उसब करेके परी, लेकिन परमेश्वर आदमीसबके नरकमे अन्त्य करेके चाहले कहके सोचला दुष्ट सोच बा । पवित्र धर्मशास्त्र कहले : राज आदमीसब मुक्ति पाओ आ उसब सत्यके ज्ञानमे आओ कहके परमेश्वर ईच्छा करले (१तिमोथी २:४)। दोसरका पद कहले, केहु भि नष्ट ना होखो, लेकिन सबजना पश्चाताप करो कहके ईच्छा करके प्रभु हमनीसब उपर धैर्यवान रहले (२ पत्रुस ३: ९) । लेकिन धर्मशास्त्र कहले कि, अन्तमे पवित्र परमप्रभु परमेश्वर सत्यके प्रेम करेसे ईन्कार करेबाला सबके न्याय करी आ सत्यके विश्वास नकरेबाला लेकिन अधर्ममे रमाबेबाला सब दोषी ठहरी । (२थेसलोनिकि २:१०) । यी परमप्रभुके वचन ह ।

ह, परमेश्वर भला आ दयालु बा आ हरेक आदमीके लागि परमेश्वर क्षमादानके रास्ता प्रदान कएले बा । लेकिन परमेश्वर पवित्र भि बा आ उनकर मुक्तिके धार्मिक मार्ग स्वीकार न करेबाला हरेक आत्माके परमेश्वर न्याय करेके

रहले । जईसे लिखल बा :

आदमीसब मुक्ति पाओ कहके परमेश्वर ईच्छा करले (१ तिमोथी २:४) । यदि अपने

पश्चाताप ना करम त, अपने सब एके तरिकासे नाश होखेम । (लुका १३:३)

दोसर कार्यक्रममे हमनीके परमेश्वरके इच्छामे, पापीसबके बचाबेके लागि संसारमे आबेबाला मुक्तिदाताके बारेमे बहुत अचम्मके भविश्यवाणीसब लिखेबाला अगमवक्ता यशैयासे सिखम ।

परमेश्वर अपन अविश्वायोग्य अगमवक्ताके सिकाबेके चाहईत यी दुगो पाठसबके अपने समझना करईत समय अपनेके आशिष देवे ।

एक : उद्धार परमप्रभुसे आबले (योना २:९) । दुः परमेश्वर पक्षपात ना करले । (प्रेरित १०:३४)

कार्यक्रम ५५

अगमवक्त यशैया

यशैया

वितल कार्यक्रममे हमनीके योनाके कथाके अध्ययन कएले रहली, जे परमप्रभुसे भागेके खोजलक । योना पश्चाताप आ पाप क्षमाके बारेमे परमेश्वरके सन्देश अपन शत्रुसबसे परमप्रभु योनाके कहल अनुसार जाएके ना चाहलक । लेकिन परमेश्वरके उपस्थितिसे भागेके खोजला अपने छायासे भागल लेखा बा । परमेश्वर योनाके पछ्अएलक आ योनाके एगो

बरका मछरीसे निलेके प्रबन्ध मिलएलक । योना पश्चाताप कएलक, उद्धार पएलक आ अन्तमे अपन मिशन पूरा कएलक ।

आज हमनीके योनाके समयके बाद आएल अगमवक्ताके बारेमे सुनेके योजना बनएले बारी, आ उनकर नाम धर्मशास्त्रमे प्रख्यात बा । उ अगमवक्ताके नाम यशैया ह, जे मसीहके जनम होखेसे सात सय अगारी बाचल रहे । यशैया एक पुजारी रहे जे यरुशलेममे सोलोमनके बनाएल मन्दिरमे काम करईत रहे । हरेक विहान आ साँझ यशैया आअ न्य पुजाहारीसब वेदीमे एगो थुमा बलिदान चढाबेके परईत रहे । यी बलिदानसब संसारके पापके लागि अपन खून बहाएबाला ख्रीष्टके प्रतिक रहे । एकदिन यशैया मन्दिरमे बलिदान चढाईत समयमे कठी भेल रहे कहके हमनीके सुनम । यशैयाके पुस्तक ६ अध्यायमे, अईसे लिखल बा :

उज्जियाह राजामे मृत्युके वर्षमे हम परमप्रभुके बरका उच्च सिंहासनमे विराजमान होएल देखली । उनकर वस्त्रके छेउसे मन्दिर ढाकल रहे । उनकर मास्तिर सराफसब खडा रहे, हरेकेक छ-छ गो पखेटा रहे । दुगो पखेटासे उसब अपन मुह ढाकले रहे, उ दुनु अपन गोर छोपले रहे, आ दुनुसे उसब उरईत रहे । आ एक दोसराके उसब यी कहके पुकारईत रहे, “सर्वशक्तिमान परमप्रभु पवित्र पवित्र, पवित्र बा, सारा पृथ्वी उनकर महिमासे भरिपूर्ण बा !” उसबके सोरसे ४ ढोकासब आ जगसब हिलगेल, आ मन्दिर धूवासे भरगेल । हम कहली, “धिक्कार ! हम नष्ट होगेली, काहेकी इम अशुद्ध ओठ भेल आदमी बारी, आ अशुद्ध ओठ भेल आदमीसबके बीचमे हम रहईसी, आ हम आँखसे सर्वशक्तिमान परमप्रभु महाराजाधिराजके देखले बारी !” चिम्टासे वेदी परके भुङ्ग्रो हातमे लेके सराफसबमध्ये एकजना हमरा कहाँ उड्के अएलक । उ हमर मुह उ भुङ्ग्रोसे छुके कहलक, “देख, यी तोहर ओठ छुलेबा । अब तोहर अधर्म मिट्गे, आ तोहर पापके प्रायश्चित भेगेल ।” तबह म परमप्रभुके यी आवाज सुनली, “हम केकरा पठाऊँ, आ हमरा लागि के जाई ?” तबह म कहली, “हाजिर बारी । हमरा पठाउ !” (यशैया ६:१-८) ५

अईसही परमप्रभु यशैयाके अपन महिमा आ पवित्रता प्रकट कएलक आ ईस्राएलीसब अर्थात यहुदीसबके अपन सन्देश घोषणा करेके लागि ओका बोलएलक। परमेश्वर यशैयाके भविश्यके पुस्तासबके फाईदाके लागि परमेश्वरके सन्देश पुस्तकमे लिखेला भि अगुवाई कएलक । यशैयाके पुस्तक लम्बा आ गहन बा, लेकिन आज हमनीके यशैयाके मुख्य सन्देशके दुगो बरका विचारसबके संक्षेपीकरण करके अध्ययन करेसकम ।

पहिला यशैया यहूदीसबेक उसबके पाप आ उसबके सजायके बारेमे ननिमन खबर सुनएलक । दोसर, यशैया उसबके अपन पापके सजाय भोगेके लागि संसारमे आएबाला पवित्र मसीहके बारेमे सुसामाचार प्रस्तुत कएलक । अगमवक्ता यशैयाके सन्देशके दोहराएके लागि : (१) पाप आ एकर दण्डके बारेमे खराब सामाचार, आ (२) पापीसबके लागि पापके सजाय तिरदेबेबाला प्रतिज्ञा कएल मुक्तिदाताके बारेमे सुसामाचार ।

आउ, अब हमनीके पहिले परमेश्वर यशैयाके सुनावल खराब समाचारके बारेमे पढ़ू ताकि सुनेबाला जे केहू भि यी घोषना करेसको ।

यशैया अईसे लिखले बा :

हे आकाश सुन हे पृथ्वी कान थाप काहेकी परमप्रभु कहले बा : “हम बेटाबेटीसबके पालनपोषन करके बरका कइली, लेकिन उसब हमर विरुद्धमे अटेरी भेगेल बा । गोरु ऋपन मालिक चिन्हले, आ गधा अपन स्वामीके डुड चिन्हले, लेकिन ईस्राएल ना चिन्हले, हमर आदमीसब ना बुझले ।” हाय, पापी, जाति, दोषसे लादल आदमीसब, दुष्ट काम करेबालासबके बच्चा, भ्रष्टाचार करेबाला सबके सन्तान । उसब परमप्रभुके त्यागदेल बा, उसब इस्राएलके परमपवित्रके

हेला कएले बा, आ परमेश्वर ओर अपन पिठिउँ फर्कएले बा । व्यर्थके बलिसब नलेआब । तोहनीसबके धुप त हमरा लागि घिनलाग्दो बा । औसी, शबाथ, आ सभासबके साथसाथे तोहनीसबके दुष्ट जमघटसब हम सहे ना सकम । तोहनीसबके औसीके दिनसब आ ठहराएल चाडसबके हमर हृदय घृणा करले । उ त हमरा लागि भार भेगेल बा, उ बोकईत बोकईत हम थाकगेल बारी ।

तोहनीसब प्रार्थनामे जब अपन हात पसारल, हम अपन आँख तोहनीसबसे छोपलेम । तोहनीसब बहुत प्रार्थना करब फिरभि हम ना सुनम (यशैया १:२-४) ।

अईसही परमप्रभु इस्राएलके आदमीसबके उसबके कपटके लागि हप्कएलक । परमेश्वर उसबके पापके यी बचनसबसे संक्षेपीकरण करदेल : परमप्रभु कहलक, “यी जातिसब हमरा उसबके ओठ आ मुहसे मात्र आदर करले, लेकिन उसबके हृदय हमरासे दुर बा, आ उसब व्यर्थमे हमर उपासना करले, लेकिन उसबके शिक्षा आदमीसबके सिकाएल विधि मात्र बा । (मत्ती १५:८, यशैया २९:१३)

यशैया आदमीसबके उसबके हठी आ पापीपनके लागि हप्कएलाके बाद, उसबके विश्वास करेके चाहेबाला सन आदमीसबके हृदयके शुद्ध करेबाला शक्ति भेल परमेश्वरके सुसामाचार बताबेलागेल । आउ अब हमनीके आबेबाला ख्रीष्टके बारेमे परमेश्वर अपन अगमवक्ताके प्रकट कएल भविश्यवाणीसब सुनु । अगमवक्ता यशैया लिखले बा : परमप्रभु कहले, “अब आब, हमनीके सँगेसँगे बईथके अपन बातके छलफल करु । तोहनीसबके पापसब सिन्दूरे रङ्गके भेई तपरभि उ हिउँ जईसन उजर होई, गाढा लाल रङ्गके भेई तपरभि उ उनजईसन होई ।” (यशैया १:१८)

“परमेश्वर कहले, हमर प्रजाके सान्त्वना, सान्त्वना । केहू बोलाईत एगो आवाज सुनाबले : “मरुभूमिमे परमप्रभुके लागि रास्ता तयार कर ! उजाड स्थानमे हमनीके परमेश्वरके लागि मूल रास्ता समतल बनाब । हरेक उपत्यका उच्च बनी, हरेक पर्वत आ डाँडा होचा होखी ।

टेढ जग्गा सीधा बनी, आ खाल्टाखुल्टी समतल बनी । आ परमप्रभुके महिमा प्रकट होखी, आ सारा मानव जाति उ एकेसाथ देखी, काहेकी परमप्रभुके मुहसे कहल बा ।" सियोनके शुभ समाचार सुनाबेके बा, तु उच्च पर्वतमे जाब । यरुशलेमके शुभ समाचार सुनाबेके बा, जोरसे तु आपन स्वर उचाल, सोर उच्च कर, नडेराब | यहूदाके नगरसबके कह, "देख तोहनीसबके परमेश्वर यीहबे बा !" (यशैया ४०:१)

"यीहेकारण परमप्रभु अपने तोहनीसबके एगो चिन्ह देई । देख, कन्या गर्भधारण करी, आ उ एगो पुत्रके जनम देई, आ उनकर नाम इम्मानुएल" होई । जेकर अर्थ "परमेश्वर हमनीसबसँगे" बा ।" (यशैया ७:१४) परमप्रभु अगमवक्ता यशैयासे बरका रहस्य प्रकट करदेले रहे ।

परमेश्वर अपन आत्माके कन्याके गर्भमे पठाबेके योजना बनएलक (एगो स्त्री जे कहियो पुरुषसे घनिष्ठ रुपमे सम्पर्कमे ना रहे) । अईसही संसारमे पापरहित, पवित्र ख्रीष्टके जनम होखेबाला रहे ।

अपनेके थाह भेल बात बा, ख्रीष्टके कौनो शारीरिक पिता ना रहे । ख्रीष्टके जनम होखेसे अगारी, उ स्वर्गमे रहे, काहेकी उहे वचन ह, जे आदिमे परमेश्वरसँगे रहे (युहन्ना १:१-५) । यशैया अपन दर्शनमे खीष्टके अपन उच्च सिंहासनमे विराजमान होएल देखले रहे (यशैया ६:१, युहन्ना १२:४१) । यशैयाके भविश्यवाणी अनुसार, ख्रीष्ट हमनीसँगे पृथ्वीमे मानव शरीरमे आएल परमेश्वर बा । परमेश्वर जे आत्मा बा, उहे अपन आत्मा आ वचनके कन्याके गर्भमे राखेके आ

बालकके रुपमे संसारमे जनम लेएके योजना बनएलक । यशैया भविरश्यवाणी करईत रहे । कन्या गर्भधारण करी, आ उ एगो पुत्रके जनम देई आ उनकर नाम इम्मानुएल राखी, (जेकर अर्थ परमेश्वर हमनीसँगे) बा । (यशैया ७:१४)

यशैया ख्रीष्टके आगमनके बारेमे, उ कईसन होई आ उ कठी करी कहके बहुत बात सब लिखले बा । उदाहरणके लागि : अन्धकारमे चलेबाला आदमीसब एगो बरका ज्योति देखले बा । मृत्युके छाँयाके देशमे रहेबालाउपर एगो ज्योति उदाएल बा । काहेकी हमनीके लागि एकजना बालकके जनम भेल बा । हमनीके लागि एकजना बेटा देहल बा । शासन उनकर काँधमे होई । उ अचम्मके सल्लाहकार, शक्तिशाली परमेश्वर, अनन्तके पिता, शान्तिके राजकुमार कहलाई ।" (यशैया ९:२,९)

तब अन्धासबके आँख खुली, आ बहिरासबके कान खुली । तब लङ्गडासब मृग जईसन उफ्रि, आ गुंगासबके जिउ स्तुति करी । उजाड स्थानमे पानी फुटके निकली आ मरुभूमिमे नदीसब बही ।(यशैया ३५:५-६)

यी पदसबमे, यशैया ख्रीष्ट पृथ्वीमे परमेश्वरके पवित्रता आ करुणा आ शक्ति लेआई कहके भविश्यवाणी कएले बा । उ राव अगमवक्तासबके लिखल प्रतिज्ञा कएल ख्रीष्ट उहे बा कहके, आदमीसब चिन्हो कहके खीष्ट केहु कहियो न कएल शक्तिशाली कामसब करी कहके बारेमे भि भविश्यवाणी कएले बा । यशैया ख्रीष्टके कठी कहके बोलाई कहके भि घोषणा कएले रहे : अचम्मके सल्लाहकार, शक्तिशाली परमेश्वर, अनन्तके पिता, शान्तिके राजकुमार (यशैया ९:६) । अगमवक्ता यशैया आजके आदमीसब जईसन ना कएलक, जे ख्रीष्टके अगमवक्तासब जईसन स्तरमे राखेके चाहले । यशैया स्वर्गसे पृथ्वीमे आएबाला असीम महिमाके चिन्लक । सब धर्मशास्त्रसबमे सबसे अचम्मके अध्यायसबमध्ये एक यशैया ५३ अध्याय बा । यीमे अगमवक्ता ख्रीष्ट कईसे दुःख भोगी, आ हमनीके पापसबके सजाय भोगेके लागि थुमा होके उ कईसे मरी कहके बारेमे भविश्यवाणी कएले बा । ख्रीष्टके जनम होएसे ७०० वर्ष अगारी परमेश्वर अपन

अगमवक्ता यशैयाके प्रकट कएल बात यीहा लिखल बा : हमनीके सामाचारमे के विश्वास कएले बा ? आ परमप्रभुके बाहुवल केका प्रकट भेल ? उ परमेश्वरके सामु कलिलो बोट जईसन आ सुख्खा जमिनसे निकलल जरा जईसन बढलक । ओकामे हमनीके आकर्षन करेबाला न कौनो सुन्दरता न त महत्व रहे । उनकर मुहमे हमनीके मन परेबाला किसो ना रहे । ऊ आदमीसबसे घृनित रहे, आ इन्कार कएलगेल, अफसोसमे परल आदमी आ कष्टसे परिचित । उ ओका जईसन रहे, जेका देखके आदमीसब अपन मुह फर्काबले । ऊ घृणित रहे, आ हमनीके उनकरा कौना मोलके ना गन्ली । निश्चय उ हमनीके निर्वलतचसब बोक्लक, आ हमनीके दःख भोग्लक, फिरभि हमनीके उनकरा परमेश्वरसे हिल, पिटाएल आ दुःखमे परल समझली ।

1

लेकिन उ त हमनीके अपराधसबके लागि छेडलगेल । हमनीके अधर्मके लागि ऊ सतावल गेल । हमनीमे शान्ति लेआएबाला दण्ड ओकाउपर परलक, आ उनकर कोर्राके चोटसे हमनीके निमन होइली । हमनीके सबजन भेडा जईसन छरपस्त बारी । हमनीके हरेक अपन रास्तामे लागल बारी, आ परमप्रभु ओकामे हमनीके सबके अधर्म राख्देल बा । ऊ थिचोमिचोमे परलक, आ ओका कष्ट परलक, फिरभि उ अपन मुह ना खोललक । मरेके लागि लेगेल थुमाजईसन ऊ लेजाबलगेल । अपन उन कत्रेबालाके सामु भेडा मौन भेलजईसन उ भि अपन मुह ना खोललक । अतयातार आ इन्साफसे उ लेजावलगेल । उनकर सन्तानके बारेमे के विचार करेसकी ? काहेकी ऊ जीवितसबके देशसे अगल भेलक, आ हमर प्रजाके अपराधके लागि उनकराउपर पिटाई परलक ।

उनकर चिहान दुष्टसहित बनावलगेल, आ मृत्युमे धनीसब उनकर साथमे रहे, यद्यपी उ कौनो उपद्रव ना कएले रहे, न त उनकर मुहमे कौनो छल रहे । फिरभि उनकरा चकनाचुर आ कष्टमे पारेके लागि परमप्रभुके ईच्छा रहे, आ परमप्रभु

उनकर प्राणके दोषबलि बनएलक फिरभि, उ अपन बेटाबेटीके देखी, आअ पन दिन बरहाई आ परमप्रभुके ईच्छा उनकर हातमे उन्नत होई ।

उनकर प्राणके वेदनाके बाद उ जीवनके ज्योति देखी आ सन्तुष्ट होई । अपन ज्ञानसे हमर धर्मी दास बहुतजनके धर्मी बनाई, आ उसबके अधर्म बोकी । यीहेकारण महानसबसँगे ओका भि हम एक भाग देहम, आ उ लुटके माल सामर्थीसबसे बाड़ी । काहेकी उ अपन जीवन मृत्युमे खन्यादेल, आ उ अपराधीसबके गन्तीमे गनएलक । काहेकी उ बहुतके पाप बोकलक आ उ अपराधिसबके लागि मध्यस्थता कएलक । (यशैया ५३:१-१२) ।

यीहे बात यशैया ख्रीष्टके बारेमे लिखले रहे, जे हमनीके लागि अपन खून बहाबेबाला रहे, ताकि परमेश्वर उनकर धार्मिकतामे सम्झौता ना करके हमनीके पाप क्षमा करे सको । संसारके परमेश्वरके सन्देश देईत यशैया संक्षेपमे यी लिखलक : उ त हमनीके अपराधसबके लागि छेडलगेल ।

हमनीके अपराधसबके लीग ऊ सतावलगेल, हमनीके सबजन भेडाजईसन छरपस्त बारी । हमनीके हरेक अपन रास्तामे लागल बारी, आ परमप्रभु ओकाउपर हमनीके सबजनके अधर्म राख्देल बा । (यशैया ५३:५-६)

हमनीके सुसमाचार आ खराब समाचार बुझला महत्वपूर्ण बा । हमनीके सब असहाय पापीसब बारी, आ हमनीके परमेश्वरकहाँ पुगेबाला दोसर रास्ता ना बा कहके खराब समाचार बा । एहीसे अगमवक्ता लिखलक : हमनीके सब भेडा जईसन छरपस्त बारी । हमनीके हरेक अपन रास्तामे लागल बारी ।

अपने आ हमरा जईसन पापीसब परमेश्वरकहाँ आएसकु कहके परमेश्वर एगो योजना बनएले बा उहे सुसामाचार बा । एकर बारेमे यशैया लिखले बा : उ त हमनीके अपराधसबके लागि छेडलगेल । हमनीसबके अपराधके लागि ऊ कष्ट सहलक, हमनीके सब भेडा जईनसन छरपस्त बारी । हमनीके हरेक अपने रास्तामे लागल बारी, आ परमप्रभु उनकरा उपर हमनीके सब अधर्म राख्देल बा । (यशैया ५३:५-६)

यशैया यी बात भि लिखले रहे : हमनीके समाचार के विश्वास कएले बा ? आ परमप्रभुके बाहुबल केका प्रकट भेल बा ? (यशैया ५३:१) । प्रिय स्रोतासब, कठी अपने अगमवक्तासबके सन्देशके विश्वास कएले बारी ? कठी अपनेके न्यायसे बचाबेके लागि कठी अपनेके परमेश्वरकहाँ लेआबेके लागि परमप्रभुके हात बा कहके अपन हृदयमे विश्वास करईसी ?

आज हमनीके परमप्रभुके यी निमन्त्रणाके साथ विदा होखेम :

“परमप्रभु कहले, “अब आब, हमनीके सँगेसँगे बइथके अपन बात छलफल करु । तोहनीसबके पापसब सिन्दुरे रङ्गके भेई फिरभि उ हिउँजईसन उजर होई । गाढा लाल रङ्गके होई फिरभि उनजईसन होई ।” (यशैया १:१८)

कार्यक्रम ५६

अगमवक्ता यर्मिया

यर्मिया

हमनीके वितल कार्यक्रममे भविश्यवक्ता यशैयासे सुनली जे आबेबाला मसीहके बारेमे लिखले रहे । खीष्टके जनम होखेसे सात सय वर्ष अगारी, पापीसबके मुक्तिदाता (परमेश्वरके उपस्थितिसे कन्यासे जनम लेई, पूर्णतया पवित्र जीवन विताई, आ महान चमत्कारसब करी कहके परमेश्वर यशैयाके प्रकट कएलक । यशैया ख्रीष्ट दुःख भोगेबाला बा, आ हमनीके पापसबके सजाय लेबेके लागि बलिदान चढाबेबाला थुमाजईसन अपन खुन बगाई कहके भि भविश्यवाणी कएले रहे । आ एक बेर उनकर बलिदान पूरा भेलाके बाद, उनकरा धर्ना आदमीके चिहानमे गाडी, आ उ फिर जीवित होई आ उनकरामे विश्वास करेबाला सबके उ धर्मी ठहराई कहके भि यशैया भविश्यवाणी कएले रहे ।

आज हमनीके परमेश्वरके दोसर महान अगमवक्ता यर्मियाके बारेमे अध्ययन करेके योजना बनएले बारी । यर्मिया अगमवक्ता यशैयाके बादके लगभग एक सय वर्ष बाँचल रहे हमनी के सुन्ली ईस्राएल अब एकताबद्ध भेल राष्ट्र ना रहे । यी अब दुगो राज्य भेगेल रहे : ईस्राएल आ यहुदा । यर्मियाके समयमे, उत्तरमे रहल ईस्राएलके राज्य नष्ट भेगेल । परमेश्वर ईस्राएलके आदमीसबके उसबके शत्रुसबके हातमे सुम्पदेल, काहेकी उसब अपन गलत मार्गसे पश्चाताप ना कएलक आ अगमवक्तासबके सन्देशके विश्वास ना कएलक । ईस्राएलके आदमीसबके दुगो राष्ट्रमध्ये अब यहुदा मात्र बाँकी रहे । यहुदा दक्षिण ओरके राष्ट्र रहे । एकर राजधानी यरुशलेम रहे, जहाँ सोलोमनके बनाएल मन्दिर रहे। हमनीके पहिले हि सुनलेबारी, यहूदा उ कुल रहे, जेकासे परमेश्वर ख्रीष्टके संसारमे लेआएके प्रतिज्ञा कएले रहे । यर्मिया एक यहूदी रहे । उ यरुशलेमसे पाँच किलोमिटर दूर एगो छोट शहरमे जनम लेले रहे, जहा उनकर बाबु मन्दिरमे पुजारीके रुपमे सेवा कएले रहे । उ समयमे, यरुशलेमके अधिकांश यहूदीसब अभिभि उसबके पितापुर्खाके परम्परासब पछ्याईत धर्मकर्ममे बेसी चासो राखईत रहे । लेकिन उसब परमप्रभु परमेश्वरके वचनके ध्यान ना देले रहे । तथापी, यर्मिया परमेश्वरके वचनके कदर करेबाला आ पालन करेबाला आदमी रहे । आऊ, अब कईसे परमेश्वर यर्मियाके अपन अगमवक्ता होएके लागि बोलएलक कहके हमनीके सुनु । अपन नाम रहल पुस्तकके अध्याय १ मे यर्मिया लिखले बा : परमप्रभुके वचन हमरा कहाँ अएलक, “हम तोहरा गर्भमे रचेसे पहिले तोहरा अलग कईली । हम तोहरा जाति जातिसबके लागि एक अगमवक्ता नियुक्त कईली ।" हम कहली, “हे परमप्रभु परमेश्वर हम त बोलेके न जानईसी हम त बालक बारी ।" लेकिन परमप्रभु हमरा कहलक, “हम त बालक बारी कहके ना कह । जेकाकहाँ हम तोहर पठाएम उ हरेक कहाँ तोहरा जाहिके परी आ जठी जठी हम तोहरा आज्ञा करईत बारी, उ तोहरा कहीके परी । उसबसँगे नडेराब, काहेकी तोहरा बचाबेके लागि हम ताहर साथमे बारी” परमप्रभु कहले । तब अपन हात पसारके परमप्रभु हमर मुह छुलक, आ हमरा कहलक, “अब हम अपन वचन तोहर मुहमे राख्देल बारी ।

सुन उखेले लागि आ भत्काएके लागि, नाश करेके लागि आ भत्काएके लागि, निर्माण करेके लागि आ भताभुङ्ग पारेके लागि, निर्माण करे आ रोपेके लागि हम आज तोहरा जाति जातिसब आ राज्या राज्यसबउपर नियुक्त करईत बारी । ” (यर्मिया १:४-१०) अईसही परमेश्वर यर्मियाके अपन अगमवक्ता होएके लागि बोलएलक । परमेश्वर उनकरा अपन संगी यहूदीसबकहाँ जाएके आ उसबके अपन पापसे पश्चाताप करके परमप्रभु आ उनकर वचनमे ना फिरी त

परमेश्वर उसबके न्याय करी कहके बताबेक लागि नियुक्त कएलक । यर्मियाके काम भारी आ कठीन रहे, काहेकी यहूदीसब उसबके धार्मिक कामसब परमेश्वरके खुश करे ना सकल केहू कहो कहके ना चाहईत रहे ।

९५०

लेकिन अगमवक्ता यर्मिया आदमीसबके खुशी करेबाला किसिमके ना रहे । आ अईसही चौबीस वर्षतक, उ यरुशलेम आ यहूदाके सम्पूर्ण भुमिमे यी कहईत प्रचार कएलक : “यदि तोहनीसब पश्चाताप ना करब आ परमप्रभुके वचन पालन ना करब त, परमेश्वर बेबिलोनके राष्ट्रके यरुशलेममे प्रवेश करेसे, शहर आ मन्दिर दुनुके नष्ट करेके लागि आ जलाबेके अनुमति देई, आ उसब तोहनीसबके कैदी बनाके दुरके भुमिमे लेजाई” कहके परमेश्वर कहले हम तोहनीसबके चेतावनी देबेके चाहईत बारी । यहुदामे रहेबाला यहुदीसबके यर्मिया घोषणा कएल सन्देश यीहे बा । आउ अब हमनीके यर्मियाके लेखसबसे कुछ अंशसब सुनु, जहाँ उ अपन संगी यहुदीसबके चेतावनी देले रहे । अध्याय ७ मे हमनीके सुनम : यर्मियाकहाँ आएल परमप्रभुके वचन यीहे बा : “परमप्रभुके भवनके मूलढोकामे खरा होके यी सन्देश घोषणा कर : परमप्रभुके आराधना करेके लागि यी मूल ढोकासबसे पईसे बाला हे यहूदाके सब आदमीसब परमप्रभुके वचन सुन । सर्वशक्तिमान परमप्रभु ईस्राएलके परमेश्वर यी कहले, "तोहनीसबके चाल आ तोहनीसबके कामसब सुधार कर, आ हम तोहनीसबके यी ठाउँमे रहे देहम । छली बातमे भरोसा करके यी न कह, “यी परमप्रभुके मन्दिर बा, परमप्रभुके मन्दिर बा, परमप्रभुके मन्दिर बा ! यदि तोहनीसब अपन चाल आ कामसब साँच्चो सुधार ब, आ तोहनीसब एक दोसरासे न्यायसङ्गत व्यवहार करब त, यदि तोहनीसब विदेशी, टुहुरा टुहुरी आ विधवासबउपर अत्यचार ना करब त, अथवा यी ठाउँमे निर्दोषके रगत ना बगएब त, आ यदि तोहनीसब अपन हानीके लागि और देवतासबके पछारी न लाग्ब त, हम तोहनीसबके यी ठाउँमे रहेला देहम, यीहे देशमे, जौन हम तोहनीसबके पिता पुर्खाके युग युगतक रहेके लागि देले रहली । लेकिन देख, तोहनीसब छली बातमे भरोसा रार्खेल, जौन व्यर्थके बा । "कठी तोहनीसब चोरी करेल, हत्या करल, व्यभिचार करल, झुटा देवतासबके नाममे सपथ खाबल, बाल देवतासबके धुप बालल आ तोहनीसब नजानेवाला देवतासबके पछारी लागेल, आ एकाबाद हमर नामके यी भवनमे आके हमर सामुने खरा होके कहल, “हमनीके सुरक्षित बारी" आ फिर यी घृणित कामसब करेके लागि ढुक्क रहईसी ?” (यर्मिया ७:१-१०) । यी प्रकारसे, यर्मिया परमेश्वरके चिनेके ढोंग करेके लेकिन अपन कामसे परमेश्वरके इन्कार करेबाला यहुदीसबके हप्कएलक । यर्मिया १७ अध्यायमे उ अभि अईसे कहले : परमप्रभु कहले, “श्रापित होखो उ आदमी, जे आदमीउपर भरोसा राखले, आ शारीरिक शक्तिउपर भर परले, जेकर हृदय परमप्रभुसे तर्कल बा ।” आदमीसबके हृदय सबसे छली होखले, आ एका निमन करे ना सकी । एका के जाने सकी ? “हरेक आदमीके उनकर चाल अनुसार आ उनकर कर्मके फल अनुसार ईनाम देबेके लागि हम परमप्रभु आदमीके हृदय तलाश करईसी, उनकर मनके जाँच करईसी । (यर्मिया १७:५, ९-१०)

यर्मिया यहुदाके आदमीसबके यदि उसब पश्चाताप ना करी आ परमप्रभु ओर ना फरकी त, बेबिलोनके सेनासब यरुशलेम शहर आ उनकर मन्दिर नष्ट करी आ उसब बेबिलोनमे दास होके रही कहके थप चेतावनी देलक । एकर बारेमे अपनेके कठी लागले ? यहूदाके आदमीसब यर्मियाके मुहसे उसबके कहल परमप्रभुके वचनके आदर कएलक कहके कठी अपनेके लागले ? बहुत आदर ना कएलक । यर्मियासे आएल वचनके मन्दिरमे बलिदान चढाबेवाला पुजाहारीसब समेत भि विश्वास ना कएलक ।

वास्तवमे, जब पुजाहारीसब उनकर कहल बात सुनलक, उसब ओकरा घुमाएलक कोरा लगएलक, आ दिनभर उनकर गोरमे साङ्गलासे बाधलक । परमेश्वर उसबके शत्रुसब, बेबिलोनीसबके यरुशलेममे प्रवेश करेके लागि, आ सोलोमनके बनाएल शहर आ मन्दिरके ध्वस्ता करी कहके पुजाहारीसब विश्वास करे ना सकल । उसबके विचारमे यी बात कहियो होए ना सकईत रहे ! उसब यर्मियासँगे खिसिअएलक काहेकी उ यरुशलेमके विनाशके भविश्यवाणी कएले रहे आ परमेश्वरके वचनसबके पुस्तकमे लिखले रहे । आदमीसब आ पुजाहारीसब मात्र परमेश्वरके अगमवक्ता यर्मियाके वचनसबके स्वीकार करेसे इन्कार ना कएलक, यहुदाके राजा भि उ इन्कार कएलक । जब राजा यर्मियाके लिखल पुस्तक पढलक, तब उ ओका चक्कुसे काटलक आ सम्पूर्ण पुस्तक भष्म होखो कहके आगीके भरियामे फेकदेल ।

यहुदाके राजा औसने कएलक । उ अपन पापके पश्चाताप ना कएलक । ह, राजा यर्मियाके पुस्तक जलएलक, परमेश्वरके आदेशके परिवर्तन करे ना सकल ।

लेकिन उ

परमेश्वर यर्मियाके अपन सब वचनसब दोसर पुस्तकमे लिखेके पुन: निर्देशन देलक । यदि अपने यर्मियाके पुस्तकके अध्ययन करम त, अपने कईसे राजा, पुजाहारीसब, आ यहूदाके आदमीसब उनकरा बहुत सतएलक, आ बारम्बार कैदमे राख्लक कहके सुनम । एक बेर उसब उनकरा गहिरा किचरके खाडलमे हालदेल, लेकिन परमेश्वर उनकरा उहाँसे छुटकारा देबे अएलक, उनकरा उ खाडलसे बाहर निकोलेके लागि परमेश्वर एगो अफ्रिकी आदमीके पठएलक । विचार करेबाला महत्वपुर्ण बात कठी बा की, बहुत अईसन यहुदीसब अगमवक्ता यर्मियाके बात सुनेके अस्वीकार कएलक फिरभि, उसब सबके बात सुनईत रहे । उसब अपनाके अगमवक्ता कहके बोलाबेबाला आदमीसबके बात सुनईत रहे, लेकिन उसब झुटा अगमवक्तासब रहे । धर्मशास्त्र हमनीके बहुत आदमीसबके बारेमे बताबले जे अपनाके परमेश्वर बनावल अगमवक्ता कहके दाबी कएलक, लेकिन उ त वास्तवमे उसबके कप्टयाई आ धोका रहे, काहेकी उसबके सन्देशसब परमेश्वरसे आएल ना रहे । परिणाम स्वरुप, यर्मिया यरुशलेममे आएल परमेश्वरके न्यायके बारेमे घोषणा करईत समयमे, झुटा अगमवक्तासब यहूदाके आदमीसबके कहईत रहे, “ना, ना ! यर्मिया भविश्यवाणी कएल जईसन विपत्ति आएबाला ना बा । बेबिलोन यरुशलेमके विनाश करे ना सकी । परमेश्वरके मन्दिरके केहु नष्ट करे ना सकी । अपनेसब विपति ना देखम । अपनेसब शान्ति मात्र पाए । शान्ति बाहेक कुछो नईखे !"

लेकिन यर्मिया सब यहूदीसबके यी कहलक :

सेनासबके परमप्रभु यी कहले, “अगमवक्तासबके बात तोहनीसब नसुन, उसब झुटा आशासे तोहनीसबके भरिपूर्ण पारले । उसब परमप्रभुके मुहसे ना लेकिन अपने मनसे दर्शनसब बताबले ।

22

यी अगमवक्तासबके हम पठएलक, फिरभि उसब अपन सन्देश लेके कुदके गेलक । उसबसँगे हम ना बोलली, फिरभि उसब अगमवाणी कहलक । लेकिन उसब हमर सभामे रहईत त उसब हमर प्रजाके हमर वचन घोषणा करईत, आ उसबके अपन खराबचाल आ खराब कामसबसे फर्काईत । "(यर्मिया २३:१६, २१ - २२) अईसही यर्मिया यहुदीसबके झुठा प्रचार करेबालासबके वचनसबसे होशियार होएके चेतावनी देलक । दुःखके बात, यहुदाके अधिकांश आदमीसब परमेश्वरके अगमवक्ता यर्मियाके चेतावनीके ध्यान ना देलक । बरु उसब झुटा अगमवक्तासबके वचनमे विश्वास

कएलक । यद्यपी, अन्तमे, बहुत देर भेलाके बाद, राजा, पुजाहारीसब, आदमीसब आ झुटा अगमवक्तासब परमेश्वरके साँचो वचन के घोषणा कएले रहे कहके पत्ता लगएलक । उसब थाहा पएलक काहेकी यर्मिया यरुशलेमके विनाशके बारेमे घोषणा कएलक वे बातसब पूरा भेलक । परमेश्वरके वचन हरदम सत्य रहले । धर्मशास्त्र कठी कहले सुनु : सिदकियाके राजाकालके नवौं वर्षमे बेबिलोनके राजा नबूकदनेसर अपन सब सेनाके साथ यरुशलेमके विरुद्धमे अएलक । उसब यरुशलेमके बाहर छाउनी हाललक आ एकर आसपास घेरा लगएलक । अईसही उ शहर घेरामे परगेल । चौथका महिनाके नवौं दिनमे शहरमे अईसन घोर अनिकाल परल रहे कि देशके आदमीसबके लागि कुछ खाएबाला चिजसब ना रहलक । तब शहरके पर्खाल भत्कावल गेल - नबूकदनेसरके सिपाहीसब यहूदाके राजाके कब्जा कएलक) । आ उसब राजाके बेबिलोनके राजाकहाँ लेअएलक, आ उ उनकरा उपर दण्डके आज्ञा देलक । आ उहाँ बेबिलोनके राजा सिदकियाह (यहुदाके राजा) के बेटासबके आकर आँखाके सामुन्ने मारदेल । तब उ सिदकियाके आँख निकालदेल, आ उनकरा काँसाके साङ्गलासे बाँधलक आ बेबिलोनमे लेगेल । (आ बेबिलोनके राजा नबूकदनेशर आ उनकर सिपाहीसब परमप्रभुके घरके जलादेल, आ यरुशलेमके सब घरसब आ बरकाबरका भवनसब आगीसे नष्ट करलेल । आ यरुशलेमके आसपासके सब पर्खालसब भत्कादेल ।

।

आदमीसबमे सबसे गरीबसब आ शहरमे छुटल आदमीसब आ बेबिलोनके राजाकहाँ भागके गेल आदमीसब आ बाँकीरहल कारीगरसबके अङ्गरक्षकके सेनापति नबुजरदान निर्वासनमे लेगेल । लेकिन नबुजरदान देशके दाखबारी आ खेतमे काम करेके बहुत गरीब आदमीसबके राख्देल । अईसही यहुदा अपन देशसे कैदमे लेजावलगेल ।(यर्मिया, ५२:४- ७) यीसे हमनीके बुझेसकम कि कईसे परमेश्वर अपन अगमवक्ता यर्मियाके मुहसे भविश्यवाणी कएल सब बात पूरा

कएलक ।

अब सब यहुदीसबके थाहा होगेल कि यर्मियाके वचनसब सत्यके वचनसब रहे, लेकिन ज्ञानसे उसबके थौरै मात्र फाईदा कएलक का उसब अब बेबिलोनी सिपाहीसबके हातमे बन्दी भेगेल रहे । अब आजके पाठ हमनीके कइसे समाप्त करम त ? शायद हमनीके यी विचारके लेके आजके पाठ समाप्त करेके परी, न्यायके दिनमे आदमके हरेक सन्तान अनन्त : कठी सत्य आ फुट कठी बा कहके थाह पाई। लेकिन परमेश्वर अपनेके अभिएसे कठी साँचो बा आ कठी झुठो बा कहके छुट्याए सको कहके चाहले, काहेकी न्यायके दिनमे अपने पृथ्वीमे अपनेके जीवनकालमे घृणा कएल सत्यताके जानेके लागि कौनो फाईदा ना होई । न्यायके दिनमे पश्चाताप करेसे बहुत देर होगेल रही । काहेकी उ समयमे अपने अपन पापसबमे नष्ट होजाएम । एहीसे परमेश्वरके वचन कहले : ग्रहन करेबाला समय अभि बा । मुक्तिके समय अभिए बा (२कोरिन्थी ६:२) ।

प्रिय स्रोतासब, हरेक आत्माके विश्वास नकरु लेकिन आत्मासब परमेश्वरसे आएल बा कि ना कहके उनकर जाच करु काहेकी बहुत झुटा अगमवक्तासब यी संसारमे निकलल बा (१ युहन्ना ४:१) । दोसर पाठमे हमनीके बेबिलोनमे लेगेल यहुदीसबके कठी भेलक कहके देखम । अगमवक्ता यर्मियासे लिखल परमप्रभुके यी निश्चित प्रतिज्ञाके अपने विचार करईत परमेश्वर अपनेके आशिष देले होए : जब तोहनीसब अपन सारा हृदयसे हमरा खोजब, तब तोहनीसब हमरा खोज्के भेटएब (यर्मिया २९:१३)

कार्यक्रम ५७

अगमवक्ता दानिएल

दानिएल १,६

वितल कार्यक्रममे हमनीके यर्मियाके पुस्तकके सुन्ले रहली । अगमवक्ता यर्मिया ख्रीष्ट संसारमे आएसे करिब छ सय वर्ष अगारी बाँचल रहे । यर्मिया अपन संगी यहूदीसबके यदि उसब अपन पापसबसे पश्चाताप करके परमेश्वरओर नघुमि त, बेबिलोनके सेना यरुशलेम शहरके ध्वस्त पारदेई आ उसबके बन्दी बनाके लेजाई कहके चेतावनी देले रहे । दुःखके बात, बहुत यहूदीसब यर्मियासे आएल परमेश्वरके सन्देशके विरोध करेबाला झूठा अगमवक्तासबके बात सुनलक । परिणामस्वरुप बेबिलोनी सेनासब आके यरुशलेमके ध्वस्त करदेल आ यहुदीसबके बहुत दुरके देश बेबिलोनमे लेगेल । परमेश्वर उनकर अगमवक्ता यर्मियाके मुहसे भविश्यवाणी कएल बमोजिम सब बात कएलक ।

लेकिन यरुशलेमके विनाशके मतलब यी ना बा कि परमेश्वर यहुदीसबके त्याग्ले रहे, उ आदमीसबके परमेश्वर बहुत पहिले रोज्ले रहे । परमेश्वर अब्राहाम, इसहाक, आ याकुबसँगे कएल करारके ना विसराई । परमेश्वर उसबके यी कहक करार बाँधले रहे, “तोहराद्वारा पृथ्वीके सब कुलसब आशिष पाई” (उत्पत्ति १२:३) । अब्राहामसे आएल जाति वा राष्ट्रसे उद्धारकर्ताके संसारमे पठाबेके अपन योजनाके परमेश्वर ना विसरएलक । आ एहीसे धर्मशास्त्र बताबले कि कइसे परमेश्वर यहुदीसबके यरुशलेममे फिर्ता न लेआएतक बेबिलोनमे सत्तर वर्षतक उनकर प्रतिज्ञा अनुसार रेखदेख कएलक । हमनीके दोसर कार्यक्रममे उ कथाके सुनम । आ हमनीके बेबिलोनमे लेगेल कैदीसबमध्ये एकजना जवान यहुदीके बारेमे सुनम । उ जवान आदमी परमेश्वरके दोसर विश्वासयोग्य अगमवक्ता दानिएल रहे । दानिएल नामके अर्थ परमेश्वर हमर न्यायकर्ता होखले, आ उ छोटकरीमे दानिएलके गवाही रहे । दानिएल सर्वशक्तिमान परमेश्वर बाहेक केकोसँगे ना डेराईत रहे, जेकर सामु हरेक व्यक्ति एक दिन हिसाब देबेके परी । आदमीसब उनकर बारेमे कठी सोची कहके उनकरा कौनो चिन्ता ना रहे । उनकरा लागि त केवल परमेश्वरके विचारसब महत्वपुर्ण रहे ।

परमेश्वर दानिएलके न्यायकर्ता रहे । दानिएल अगमवक्ता सोलोमनके बहुत पहिले लिखल यी बातमे विश्वास कएले रहे : आदमीके डर एगो पासो जईसन बा, लेकिन परमप्रभुमे भरोसा राखेबाला आदमीसब सुरक्षित रहले (हितोपदेश २९:२५) ।

परमेश्वर दानिएलके अत्यन्त गहन पुस्तक लिखेके लागि प्रेरित कएलक । दानिएलके पुस्तकमे बहुत प्रकाशसब बा जेका कौनो भि मानव दिमागसे अविष्कार करे ना सकी । परमेश्वरके मात्र भविश्यमे कठी होई कहके बात थाह होखले । तपरभि अगमवक्ता दानिएल संसारके बहुत राष्ट्रसबके बारेमे लिखले रहे आ उ राष्ट्रसब अस्तित्वमे होएसे पहिले सयौ वर्ष अगारी उसबके इतिहास लिखले रहे । उदाहरणके लागि, दानिएल फारस, ग्रीस आ रोमके राज्यसब कईसे अस्तित्मे आई आ उसबके राजासब कठी करी कहके लिखलक । एकरा साथे, परमेश्वरके बहुत अगमवक्तासब जईसन, दानिएल भि संसारके मुक्तिदाता आ न्यायकर्ताके पहिलका आगमन आ दोसरका आगमनके बारेमे । लिखलक । दानिएल भविश्यवाणी कएलक कि ख्रीष्टके पहिलका आगमनमे उनकरा हटादेई (दानिएल ९:२६), अर्थात पापके बलिदानके रुपमे उनकरा मारदेई, लेकिन ख्रीष्ट पृथ्वीमे फिरके आई आ उ धार्मिकतामे संसारके न्याय करी ।

मसीहके दोसरका आगमनके बारेमे अगमवक्ता दानिएलके दर्शन सुनु : जईसे हम देखली, सिंहासनसब बईथाएल गेल, आ बहुत प्रचीन अपन सिंहासनमे बईथलक । उनकर लुगा हिउँजईसन उजर रहे, उनकर शिरके केश उनजईसन रहे । उनकर सिंहासन बरईत आगीके ज्वाला रहे, आ उनकर चक्कासबमे दन्कल आगी रहे ।

उनकर सामुसे आएल आगी एगो नदी बहल रहे। हजारो हजार उनकर सेवा करईत रहे, दश हजार गुणा दशहजार उनकर सामु खरा रहे । न्यायके लागि अदालतके बैठक बईथल रहे, आ पुस्तकसब खोललगेल ।

रातमे हम दर्शनमे देखली, आ उहाँ हमर सामु आकाशके बादलके साथ आईत एक जना आदमीके पुत्र जईसन रहे । उ अति प्राचीन कहाँ अएलक, आ उनकर सामु उपस्थित भेलक । उनकरा अधिकार महिमा आ सार्वभौमिक शक्ति देहलगेल आ हरेक भाषा बोलेबाला सब आदमीसब आ जातिसब उनकर आराधना कएलक । उनकर पभुत्व अनन्ततक रहेबाला प्रभुत्व बा, जौन कहियो ना टली, आ उनकर राज्य उ बा, जौन कहियो नष्ट ना होखी । दानिएल ७९-१०) समय हमनीके दानिएलके अन्य बहुत भविश्यवाणीसब खोलेके अनुमति ना देबले, एहीसे दानिएलके कथामा मात्र हकमनीके अपन ध्यान केन्द्रित करु । दानिएलके पुस्तकके पहिलका अध्यायमे, बेबिलोनके राजा नबूकदनेसर कुछ यहुदी युवा सबके अपन सरकारमे सेवाके लागि तालिम देबेके लागि छनौट कएल हमनीके देखईसी । उ बेबिलोनके कठिन वर्णमाला आ भाषामे निपुण भेल जईसन हरेक किसिमके सिकाईके लागि योग्यता सहितके सबसे सुन्दर आ बुद्धिमान व्यक्तिसबके छानलक । राजा चिनहल आदमीसबमध्ये दानिएल भि एक रहे । बेबिलोनमे शिक्षा लेबेबाला अपन पहिलका दिनमे दानिएल दुविधाके सामना करेके परल रहे । बेबिलोनके महान राजा अपन विद्यालउके युवासब सबसे असल दाखमद्य पिएके परी आ उत्तम भोजन करेके परी कहके निर्णय कएले रहे । लेकिन उ दाखरस आ भोजन मूर्तिसबके अर्पण कएल रहे । कठी दानिएल मूर्ति पूजामे सहभागी होए सकईत त ? अँहँ पक्का न सकईत । त काहे ना सकईत ? काहेकी दानिएल परमप्रभु अपन परमेश्वरके भय मानईत रहे । दानिएल परमप्रभु अपन परमेश्वरके मन नपरेबाला काम करेसे बरु मृत्युके रोजलक । एहीसे धर्मशास्त्र कहले : लेकिन दानिएल राजकिय भोजन आ दाखमद्य खाके अपनाके अशुद्ध न करेके निर्णय कएलक, आ उ अईसे अपनाके अशुद्ध न करेके लागि प्रमुख अधिकृतसे अनुमति लेलक (दानिएल

१:८)

-

फरक

परमेश्वर दानिएलके उ दुबिधासे बचएलक, ओका आशिष देलक आ उनकरा गहिरा ज्ञान आ बुद्धि भि देलक । धर्मशास्त्र कहले : राजा बुद्धि आ समझके बारेमे उसबके जे भि प्रश्न पुछलक, अधिराज्यभरके जादूगरी आ मन्त्रतन्त्र करेबालासबसे उसबके दश गुणा असल भेट्टएलक (दानिएल १:२०) । सत्तरी वर्षतक दानिएल चारजना फरक राजासबके लागि काम कएलक, आ परमेश्वर दानिएलसँगे रहे । दानिएलके जीवनके एगो कथा पढेके लागि हमनीसँगे समय बा, एगो अईसन कथा बा जौन दानिएल परमेश्वरसे बाहेक और दोसर केकरोसँगे भि ना डेराईत रहे कहके देखाबले । राजाके लागि काम करेबाला अन्य अधिकारीसबसे उ कईसे फरक खालके रहे कहके अब हमनीके सुनम । और आदमीसब औसन किसिमके आदमीसब रहे जे सत्यके मोरेके आ घूस लेईत देईत करईत रहे, यी उसबके बानी रहे । काहेकी उसबके हृदयसे परमेश्वरके भय मानेबाला बात दुर रहे। लेकिन दानिएल सब अधर्म आ फुटके ईन्कार

करईत रहे । काहेकी परमेश्वरके भय उनकर हृदय भरल रहे । उ परमप्रभु अपन परमेश्वरके अप्रसन्न पारेसे भि सिंहके खोरमे जाएके लागि रुचएलक । हमनीके अध्ययन जहाँसे सुरु होखले, उ समय दानिएल अब बेबिलोनके चौथका राजाके अधिनमे रहके सेवा करईत रहे । उ अब वृद्ध भेगेल रहे । अगमवक्ता दानिएलके भविश्यवाणी कएल अनुसार बेबिलोन राज्यके अस्तित्व अब समाप्त भेगेल रहे काहेकी मादी आ फारसीसब एकरा जितले रहे आ दु भागमे विभाजन कएले रहे ।

धर्मशास्त्र कहले : सम्पूर्ण राज्यके शासन करेके लागि एक सय बीस जना प्रान्तके बडा हाकिमसब नियुक्त करेके लागि दारा(राजा) के मन लाग्लक । ओकरा उपर तीन जना अध्यक्ष नियुक्त कएलक, जेकरामध्ये दानिएल एक । राजाके काममे हानी नहोखो कहके उ प्रान्तके बडा हाकिमसब ओकरा प्रति उत्तरदायि कराएलगेल ।

अब दानिएल असाधारण गुणसबसे अपनाके उ अध्यक्षसब आ प्रान्तके बडाहाकिमसबके बीचमे अईसन फरक देखएलक कि राजा दानिएलके सम्पूर्ण राज्यके शासक नियुक्त करेके योजना बनएलक । तब अध्यक्षसब आ प्रान्तके

बडाहाकिमसब दानिएलके विरुद्ध अभियोग लगाबेके लागि सरकारी कामकार्वाहीसबमे उनकर दोष खोजे लागल, लेकिन उ करेसे उसब असमर्थ भेगेल । उसब दानिएलमे कौनो भ्रष्टाचार ना भेट्टएलक, काहेसे दानिएल विश्वासयोग्य रहे, उ न त भ्रष्ट न लापर्वाही रहे ।

95

अन्तमे उ आदमीसब कहलक, “हमनीके यी दानिएलके विरुद्धमे अभियोगके लागि उनकर परमेश्वरके व्यवस्थामे बाहेक, कौनो भि आधार कहियो ना भेट्टाबे सकम ।” यीहेकाण अध्यक्षसब आ प्रान्तके बडाहाकिमसब एगो समूह होके राजाकहाँ जाके कहलक, “हे महाराजा दारा, अमर रहो ! राजकीय अध्यक्षसब, प्रान्तके बडाहाकिमसब, इलाका अधिकारीसब, राज्यपालसब, आ सल्लाहकारसब सबजन यी मञ्जुर कएले बा, कि राजा एगो आदेश निकालेके परी, आ उ आदेशके लागु करेके परी, जेका अनुसार अगामी तीस दिन अपनेके बाहेक कौनो देवता वा आदमीके केहु प्रार्थना करी, त हे महाराजा उ आदमी सिंहके खोरमे जाई । अब हे महाराजा, लिखित रुपमे यी आदेश निकालु, (आ खारेज होए नसकेबाला मादी आ फारसीसबके ऐनबमोजिम यी आदेश बदली ना होई ।” यीहेकारण राजा दारा लिखित रुपमे यी आदेश निकाललक । जब दानिएल यी आदेश प्रकाशित भेल थाहा पएलक, उ अपन घरके उपर तलाके कोठामे गेलक, (जहाँ (झ्यालसब यरुशलेमओर खुला रहे । पहिलेजईसन उ दिनमे तीन चोटि घुडा टेकके परमेश्वरके धन्यवाद देईत प्रार्थना करईत रहे ।

तब उ आदमीसब समूह बनाके गेलक, आ दानिएल परमेश्वरसँगे सहायताके लागि प्रार्थना करईत उसब भेटएलक । यीहेकारण उसब राजाकहाँ गेलक आ उनकर राजकिय आदेशके बारेमे कहलक, “हे महाराजा, कठी अगामी तीस दिनके अवधिभर जे अपनेके बाहेक अन्य कौनो देवता वा आदमीके प्रार्थना करी, उ सिंहके खोरमे जाई कहके अपने एगो आदेश प्रकाशित कएले ना रहली ?” राजा जवाफ देलक, “ह, मादीसब आ फारसीसबके ऐनबमोजिम, जौन खारेज ना होएसकी, उ आदेश स्थायी बा ।" तब उसब राजाके कहलक, “हे महाराजा, यहुदासे देश निकाला भेलमध्ये एक जना दानिएल अपनेके लिखित रुपमे जारी कएल आदेशके वास्ता ना करले । उ अविभि दिनमे तीन चोटि प्रार्थना करले ।”

जब राजा यी बात सुनलक, उ अत्यन्त दुःखित भेलक । दानिएलके छुटकारा देबेके उ निर्णय कएलक आ उनकरा बचाएके लागि सूर्यास्ततक हरप्रयास कएलक । एकाबाद उ आदमीसब समूहमे होके राजाकहाँ जाके कहलक, “हे महाराजा, याद करु कि मादीसब आ फारसीसबके एन बमोजिम राजाके कौनो भि आदेश वा उर्दी बदले ना सकी । " यीहेकारण राजा हुकुम देलक, आ उसब दानिएलके लेजाके सिंहके खोरभितर फेकदेल । राजा दानिएलके कहलक, "तोहर निरन्तर सेवा कएल तोहर परमेश्वर तोहरा छुटकारा देव !” खोरके मुखमे एगो पत्थर लेआके राख्देल, आ दानिएलके अवस्थामे कौनो परिवर्तन ना आवो कहके राजा अपन लालमोहर आ उनकर भारदारसबके औठीके छाप लगएलक । तब राजा अपन दरबारमे आगेल आ उनकर सामने राखल खाना नखाके आ कौनो मनोरञ्जन न करके उ रात बितएलक । आ राजा निन्द ना लागलक । बिहान झिसमिसेके पहिलका किरणमे राजा उठके आतुरीसाथ सिंहके खोरमे गेलक । जब उ सिंहके खोरके नजिक अएलक, उदानिएलके वेदनापूर्ण स्वरमे बोलएलक, “ए दानिएल, जीवित परमेश्वरके सेवक, कठी तु निरन्तर सेवा करईत रहला उ परमेश्वर तोहरा सिंहसे बचएलक ?” दानिएल उत्तर देलक, “महाराजा अमर रहो ! हमर परमेश्वर अपन स्वर्गदूत पठएलक, आ परमेश्वर सिंहसबके मुह बन्द करदेल । उसब हमरा कौनो चोट ना पुगएलक, काहेकी परमेश्वरके दृष्टिमे हम निर्दोष भेट्टएलक । महाराजा, अपनेके सामु हम भि कौनो गल्ती ना कएले बारी ।" राजा अत्यन्त खुशी होके दानिएलके खोरसे निकालेके आज्ञा देलक । आ जब दानिएल खोरसे निकलक, उनकरामे कौनो भि चोट ना रहे, काहेकी उ अपन परमेश्वरउपर भरोसा कएले रहे ।

दानिएलके झुटा आरोप लगाएबाला आदमीसब राजाके हुकुममे भित्र लेअएलक आ श्रीमति आ बच्चासब उसब सिंहके खोरमे फेकदेल । आ उसब खोरके मुहमे पुगते मातुर सिंहसब उसब उपर झमत्के उसबके हडीसमेत उ सिंहसब खालेल ।

तब राजा दारा साम्राज्यभितरके हरेक भाषा बोलेबाला सब आदमीसब आ जातिसबके यी लिखलक : “तोहनीसबके कल्याण होखो ! हम यी आदेश जारी करईसी कि हमर राज्यभरके आदमीसब दानिएलके परमेश्वरके भय मानिह आ आदर करेके परी । “काहेकी उ जिन्दा परमेश्वर बा, आ उ सबदिन रहले । उनकर राज्य नष्ट ना होई, उनकर प्रभुत्वके अन्त कहियो ना होई । परमेश्वर छुटकारा देबले । परमेश्वर स्वर्ग आ पृथ्वीमे आश्चर्यकर्मसब करले । परमेश्वर दानिएलके सिंहसबके शक्तिसे छुटकारा देले बा " । (दानिएल ६:१-२७)

1

परमेश्वर दानिएलके सिंहसबसे कईसे बचएले रहे, कहके देखलाके बाद राष्ट्रके राजा कठी कहले रहे अपने सुन्ली त ? उ कहलक, “हम एगो आदेश देईत बारी कि हमर राज्यके सम्पूर्ण शासनमे भेल सम्पूर्ण आदमीसब दानिएलके परमेश्वरके भय मानेके कापेके बा ।

काहेकी परमेश्वर भि जीवित परमेश्वर बा !” आदरणीय श्रोतासब, कठी अपने दानिएलके परमेश्वरके भय मानईसी ? शायद अपने प्रश्न करेम, “दानिएलके परमेश्वर के बा ?” दानिएलके परमेश्वर अब्राहाम, इसहाक आ याकूबके परमेश्वर कहले । दानिएलके परमेश्वर मोशा अगमवक्ता आ दाऊदके परमेश्वर बा । दानिएलके परमेश्वर उ परमेश्वर बा जे हमनीके पवित्र धर्मशास्त्र देलक आ हमनीके सिंहके शक्तिसे बरियार शक्तिसे बचाबेके लागि पृथ्वीमे उद्धारकर्ता पठाबेके प्रतिज्ञा कएलक । परमेश्वर हमनीके शैतान पाप, मृत्यु आ नरकके शक्तिसे बचाबेके लागि अएलक । दानिएलके परमेश्वरके एकमात्र साँचो परमेश्वर बा । कठी अपने दानिएलके परमेश्वरके भय मानईसी ? अपने अपन

परिवार आ साथीसब आ उसबके विचारसे डेराबले ? वा अपने अपन पुर्खासब आ उसबके चालचलनसब की अपके आ उसबके मागसबसे डेराईसी ? कहके प्रश्जसब ना पुछईत बारी । प्रश्न यी बा कठी अपने परमेश्वरके भय मानईसी ? कठी अपने परमप्रभु परमेश्वरके खुशी पारेके आ उनकर पवित्र वचन पालन करेके चाहईसी ? दानिएल परमप्रभु अपन परमेश्वरके अप्रसन्न पारेके सट्टा बरु सिंहसबके खोरमे फेकाएके छनौट करेके चाहलक । आ अपने ? कठी अपने परमेश्वरके भय मानईसी ? कठी अपने अधर्मके दानिएल जईसन घृणा करले ? कठी अपने परमेश्वरके वचनके दानिएल जईसन कदर करईसी ?

हमनीके दोसर कार्यक्रममे दानिएलके बाद आएल दोसर अगमवक्ता जकरियाके लिखल कुछ अचम्मके भविश्यवाणीसब सुनेके योजनामे बारी । हमनीके यी आधारभूत सत्यतामे मनन करईत परमेश्वर अपनेके आशिष देलेहोए : आदमीके डर एक पासोजईसन बा, लेकिन परमप्रभुमे भरोसा राखेबाला आदमी सुरक्षित रहले (हितोपदेश २९:२५)

कार्यक्रम ५८

अगमवक्ता जकरिया

जकरिया

दुगो कार्यक्रमसे अगारी, हमनीके कईसे अगमवक्ता यर्मिया अपन संगी यहुदीसबके उर्दि उसब परमप्रभुके वचनके ध्यान ना देई त, परमेश्वर बेबिलोनके सिपाहीसबके भितर आए देई, उसबके देश नष्ट करी आ उसबके दुरके देशमे लेजाई कहके चेतावनी देल बातके सुनले रहली । बहुत अईसन यहुदीसब यर्मियाके चेतावनीके ध्यान ना देलक । परिणामस्वरुप, अगमवक्ता यर्मिया भविश्यवाणी कएल अनुसार, बेबिलोनमे सेना पूर्वसे अएलक, यरुशलेमके ध्वस्त पारदेल आ यहूदीसबके बन्दी बनाके उनके बेबिलोनमे पुगादेल । आ अईसही, यहुदीसब तितर बितर भेल रहे काहेकी उसब परमेश्वरके अगमवक्तासबके वचनके विश्वास करेके आ पालन करेके लागि अस्वीकार कएलक । लेकिन कठी यहुदीसबके अविश्वास परमेश्वरके विश्वासयोग्यताके निराश करे सक्लक त ? अपन पापके कारण बेबिलोनमे कैदी भेल यहुदीसबके अगमवक्ता यर्मिया कठी कहले रहे, सुनु : यरुशलेमसे बेबिलोनमे अपन निर्वासन करके लेगेल सबके सर्वशक्तिमान परमप्रभु इस्राएलके परमेश्वर अईसे कहले, बेबिलोनके लागि सत्तर वर्ष पूरा भेलाके बाद हम तोहनीसब कहाँ आएम, आ हम तोहनीसबके यी ठाउँमे फिराके लेआई कहके हमर कृपालु प्रतिज्ञा हम पूरा करम । काहेकी जौन योजनासब हम तोहनीसबके लागि बनएले बारी, हम उ जानईसी उ तोहनीसबके उन्नतिके लागि बा, नोक्सानीके लागि ना, तोहनीसब आशा आ भविश्य देबेके लागि" (यर्मिया २९:९) । यी घोषणाके साथ उसब परमेश्वरके विस्रल बा फिरभि, परमेश्वर उसबके ना विसरल बा कहके अगमवक्ता यर्मिया यहुदीसब जानकारी देईत रहे । सत्तरी वर्षके बाद, परमेश्वर उसबके पुर्खासबके भुमिमे ल्यायके योजना कएले रहे । बेबिलोनमे कैदी भेल यहुदीसब यर्मिया यीहे कहले रहे । साँच्चो, परमेश्वर विश्वासयोग्य बा ।

अब्राहाम, इसहाक, आ इस्राएलके सन्तानसबसे संसारके सब जाति वा राष्ट्रसबके परमेश्वर आशिष देबेके प्रतिज्ञा कएले रहे, कहके परमेश्वर अपने ना विसराएल रहे । परमेश्वर आदमके सब सन्तानसबके अपन सत्यता ईस्राएलीसबके सुम्पदेएके उद्धेश्य राखल बातके ना बिस्रएलक । हमनीके सुनलीकी कईसे परमेश्वर यहुदीसबसे उसबके उनकर पवित्र वचन घोषणा करेके लागि आ भावी पुस्ताके आदमीसब प्रेरित करेके लागि अपन अगमवक्तासबके चुनलक । कईसे परमेश्वर मोशाके दिमागमे तोहर आ दाऊदके हृदयमे बहुत भजनसब राखदेल रहे कहके बात हमनीके जानले बारी । यहोशू, शमूएल, सोलोमन, यशैया, यर्मिया आ दानिएल जईसन अन्य यहुदीसबके परमेश्वरके वचन लिखेके लागि परमेश्वर कईसे प्रेरित कएलक कहके बात हमनीके सुनलेल बारी । आ कईसे परमेश्वरके अगमवक्तासबके सब लेखसब ईस्राएल राष्ट्र मार्फत संसारके मुक्तिदाताके पठाबेके परमेश्वरके अदभूत योजनाके घोषणा करले कके बात भि हमनीके सुनलेली । आज हमनीके कईसे परमेश्वर यहूदीसबके यहूदाके भुमिमे फिर्ता लेअएलक, जहाँ ख्रीष्टके जनम होएबाला रहे, अईसही उद्धारकर्ताके संसारमे लेआएके उनकर योजनाके साथ उ अगारी बरहईत रहे कहके हमनीके सुनम ।

परमेश्वरके अगमवक्ता यर्मिया भविश्यवाण कएल अनुसार सत्तर वर्षके कैदके बाद यहूदीसब कईसे यरुशलेममे फिरलक कहके हमनीके सुनम । हमनीके सुनेके करईत हमनीके याद करु कि बेबिलोनके भूमिमे अब फारस कहले, काहेकी फारस बेबिलोनके जितले रहे । एजाके पुस्तकके अध्याय १ मे धर्मशास्त्र कहले : फारसके राजा कोरेसके

पहिला वर्षमे यर्मियासे कहल परमप्रभुके वचन पूरा होएके लागि परमप्रभु फारसके राजा कोरेसके हृदयके उत्तेजित पारलक ।

फलस्वरुप उ अपन राज्यभर मौखिक आ लिखित रुपमे यी घोषणा कएलक : “फारसके राजा कोरेस यी कहलक, परमप्रभु स्वगृका परमेश्वर पृथ्वीकि सब राज्य हमरा देले बा ।

हलक,

उहे हमरा यहुदाके यरुशलेममे उनकर निम्ति एगो मन्दिर बनाबेके आज्ञा कएले बा । तोहनीसबके बीचमे होएबाला उनकर प्रजाके हरेक आदमीसँगे परमेश्वर रहो । सो यहुदाके यरुशलेममे उत्तरके जाओ, आ यरुशलेममे होएबाला परमेश्वर, इस्राएलके परमेश्वर, परमप्रभुके मन्दिर उ पुननिर्माण करो । एकराबात यरुशलेममे परमप्रभुके भवनके पुननिर्माण करेके लागि परमेश्वर उत्तेजित कएले यहूदा आ बेन्यामिनके परिवारके मुख्य आदमीसब आ पुजाहारीसब आ लेवीसब सब जाएके लागि तयार भेलक । उसबके छिमेकीसब ब राजीखुशीसे देहल भेटीके साथ सुन आ चाँदीके बस्तुसब, धन सम्पत्ति, गाईबस्तु आ बहुमूल्य पदार्थसब देके उसबके सहायता कएलक । एका बाहेक नबूकदनेसर यरुशलेमसे लेआके अपन देवताके मन्दिरमे राखल परमप्रभुके भवनके भाँडासब राजा कोरेस निकाल ।(एज्रा १:१-३) कठी परमेश्वर उनकर अगमवक्ता यर्मियाके मुहसे बहुत पहिले प्रतिज्ञा कएल बातके पूरा कएलक त ? पक्का भिउ यी बात पूरा कएलक । यर्मिया भविश्यवाणी कएलअनुसार कईसे परमेश्वर बेबिलोनके राजाके यरुशलेमके नष्ट करेके लागि आ परमेश्वरके मन्दिर भत्काबेके लागि अनुमति देलक कहके हमनीके पहिले हि सुनली । आ अब हमनीके अगमवक्ता यर्मिया भविश्यवाणी कएलअनुसार कईसे फारसके राजा कोरेसके चाहल कौनो भि यहूदीसबके अपन भूमिमे फर्केके आ मन्दिर आ यरुशलेम शहरके पुननिर्माण करेके आदेश देलक कहके सुनम ।

साँच्चो परमेश्वर राजासबके राजा बा । समय आ ऋतुसबके नियन्त्रन करेबाला उहे बा । परमेश्वर अपन घोषणा कएल सब बात पूरा करले । आ जईसे सोलोमन लिखले बा : राजाके हृदय परमप्रभुके हातमे रहले, नदीके पानी जईसन जहा मन लगएब उहबे फर्काए सक्ब (हितोपदेश २१:१) ।

एकराबाद कईसे यहूदीसबके एगो समूह फारसके भूमि छोरके यहूदाके भूमि आ यरुशलेम शहरमे फिरगेल कहके

धर्मशास्त्र वर्णन कएले बा । यरुब्बाबेल नाम कएल यहूदी उसबके अगुवा रहे । जब उसब यरुशलेममे अएलक, उसब बहुत चिन्तित भेलक काहेकी सारा शहर ध्वस्त भेल रहे आ सोलोमनके बनाएल मन्दिर समेत भरकल रहे । खरानी आ पत्थरके टुक्रासब बाहेक उहाँ किछो भि बाँकी ना रहे ।

एकाबाद धर्मशास्त्र परमप्रभुके मन्दिर भेल ठाउँमे कईसे यी यहूदीसब पहिला चोटि सभा कएले रहे कहके बताबले । उहाँ उसब वेदीच पुननिर्माण कएलक आ कुछ पशुसब बलिदान देलक । उसब सत्तरी वर्षतक बेबिलोन आ फारसमे उसबके रक्षा कएलासे आ उसबके अपन मार्तभूमि फिर्ता लेअएलासे उसब सँगे सँगे मिलके परमप्रभुके धन्यबाद देलक आ उनकर प्रशंसा कएलक । वपू

परमेश्वर उ यहुदीसबके मद्दत करेके लागि आ उसबके बलिया बनाबेके लागि उसबके साथमे रहे, जेकरा कारण बरका विरोधके बाबजुदमे भि बहुत वर्षके साहसी कामके बाद उसब परमप्रभुके मन्दिर, यरुशलेमके शहर आ एकर आसपासके पर्खालसब पुननिर्माण कएलक । यी आकर्षक कथासब एज्रा आ नहेम्याहके पुस्तासबमे रेकर्ड कएल रहे ।

।

शयद अपनेसबमध्ये केतनाजन पुछम : यहूदीसब यरुशलेम फिरेके कथा हमनीके लागि कठी सान्दर्भिक बा ? यहुदीसब अपन भूमिमे फिरला हमनी सबके लागि महत्वपूर्ण बा काहेकी यी प्यालेस्टाइनके दक्षिणी भाग यहुदाके उ भूमिमे ख्रीष्ट जनम लेबे बाला रहे । संसारके उद्धारकर्ता, अपने आ हमर मुक्तिदाता उहाँ जनम लेले होखे कहेके लागि भि यहुदीसब यहुदाके भुमिमे फिरेके आवश्यक रहे । यहूदीसब यरुशलेममे फिरेके समयमे, परमेश्वर उसबसँगे जकरिया नामके अगमवक्ताके पठएलक । यी जकरिया अगमवक्ता युहन्नाके बाबु जकरियासे फरक बा ।

परमेश्वरके विश्वास आ उनकर प्रतिज्ञामे यहूदीसबके बलिया बनाबेके लागि परमेश्वर जकरियाके पठएले रहे । जकरियासँगे बाँडेके लागि एगो महत्पूर्ण सन्देश रहे । ख्रीष्ट पठाबेके लागि परमेश्वर तोकल समयके नजिक आईत रहे । ख्रीष्ट संसारमे आएके अब पाँचसय वर्ष मात्र बाँकी रहे ।

बाळ अब हमनीके परमेश्वर जकरियाके मनमे राखदेल कुछ वचनसब देखु । जकरियाके पुस्तक अध्याय १ मे धर्मशास्त्र कहले : दारा राजाके दोसरका वर्षके आठवा महिनामे परमप्रभुके यी वचन इदोनके नाती बेरेक्याहके बेटा जकरिया अगमवक्ता कहाँ अएलक : परमप्रभु तोहनीसबके पिता पुर्खासँगे बहुत खिसिअएलक । तोहनीसब अपन पिता पुर्खासबजईसन न होख, जेकरा अगारीके अगमवक्तासब यी कहके घोषणा कएलक : सर्वशक्तिमान परमप्रभु कहले, तोहनीसब अब अपन दुष्ट चाल आ अपन दुष्ट व्यवहारसे फिर । लेकिन उसब ना सुनलक, न त हमराओर ध्यान देलक, परमप्रभु कहले । तोहनीसबके पिता पुर्खासब अब कहाँ वा ? अगमवक्तासब कठी हरदम उसब बाँचले रही त ? लेकिन कठी हम अपन दाससब, हमर अगमवक्तासबके आज्ञा कएल वचनसब आ विधिसब तोहनीसबके पिता पुर्खासबके उछिनले ना रहे ? तब उसब पश्चाताप करके कहलक, “सर्वशक्तिमान परमप्रभु हमनीके चाल आ व्यवहार अनुसार हमनीसे जठी करेके निश्चय कएले रहे सो उ हमनीसे कएले बा ।” (जकरिया १:१-२)

कठि अपने अगमवक्ता जकरिया यहूदीसबके देहल चेतावनीके सुनली ? उ कहलकः “परमप्रभु तोहनीसबके पिता पुर्खासे बहुते अप्रसन्न रहे ! तोहनीसब अपन पिता पुर्खासब जईसन नबन !” तोहनीसबके पिता पुर्खासे परमेश्वर काहे क्रोधित रहे त ? परमेश्वर उसबके लागि पठावल अगमवक्तासबके वचनसब उसब ध्यान ना देलक । एहीकारण उसब बेबिलोनमे कैदी भेगेल । उसबके पिता पुर्खासब धार्मिक रहे, लेकिन परमेश्वर उसबसे प्रसन्न रहे काहेकी उसब अगमवक्तासबके वचनके बेवास्ता कएले रहे । उ समयके यहुदीसब आजके आदमीसब जईसन रहे जे कहले, "हमनीसब अगमवक्तासबमे विश्वास करईसी ।" लेकिन यी बात स्पष्ट बा कि उसब अगमवक्तासबके साँच्चो विश्वास ना करले आ परमेश्वर अपन अगमवक्तासबसे पवित्र धर्मशास्त्रमे प्रकट कएल बातके अनुसरण ना करले । उसबके एगो धर्म बा, लेकिन उसबके परमप्रभु परमेश्वरसँगे व्यक्तिगत सम्बन्ध न बा । अधिकांश यहूदीसब अपन पिता पुर्खासब जईसन रहे । उसब अगमवक्तासबके वचनके कदर ना कएलक । उसब अपन ओठसे मात्र परमेश्वरके आदर कएलक, लेकिन उसब उनकर वचनके अपन हृदयमे ग्रहण ना कएलक । एहीसे परमेश्वर अपन सेवक जकरियाके उसबके अपन पिता पुर्खासबके उदाहरणके नपछ्याएके चेतावनी देबेके लागि उसब कहाँ पठएलक । उसबके ओठमे “परमेश्वर, परमेश्वर, परमेश्वर” रहे लेकिन परमेश्वर उनकर अगमवक्तासबसे पठाएल बचनके वेवास्ता कएलक ।

जकरिया यहुदीसबके चेतावनी देलाके बाद, उ पृथ्वीमे आएबाला उद्धारकर्ताके बारेमे बात करे लागेल । अगमवक्ता जकरिया ख्रीष्टके बारेमे लिखल सब बात पढेके हमनीके पास समय न बा, लेकिन यहाँ कुछ अंशसब बा । जकरियाके पुस्तकके अध्याय ९ मे, जकरिया ख्रीष्ट गधामे सवार होके यरुशलेममे प्रवेश करी कहके भविश्यवाणी कएले रहे । उ अईसे कहलक : हे सियोनके बेटी, खूब रमा ब । हे यरुशलेमके बेटी, जोरसे करा ब ! देख, तोहर राजा तोहराकहाँ आईत बा । उ धर्मात्मा आ मुक्तिदाता बा । उ भला बा आ गधाउपर, अर्थात गधाके वच्चा एगो बाछा उपर सवार होके आईत बा । (जकरिया ९:९)

अध्याय ११ मे जकरिया दोसर उल्लेखनीय भविश्यवाणी लिखले बा । हमनीसँगे एकर बारेमे विस्तृत रुपमे व्याख्या करेके समय न बा, लेकिन जकरिया ख्रीष्टके तीस टुक्रा चाँदीमे बेचदेई कहके एगो घटनाके बारेमे भविश्यवाणी कएले रहे । अगमवक्ता अईसे लिखलक : तब हम उसबके कहली, "तोहनीसबके असल लागि त हमर ज्याला द । न त राख ।"

एहीसे उसब हमरा चाँदीके तीस टुक्रा देलक । हम उ चाँदीके तीस टुक्रा लेलक, आ उ परमप्रभुके घरमे फेकदेल (जकरिया ११:१२-१३) ।

अध्याय १२ मे, जकरिया ख्रीष्टके छोरके मरजाई कहक भविश्यवाणी कएलक । अगमवक्ता यी वचनसब लिखलक: हम दाऊदके घराना आ यरुशलेमके बासिन्दासबके उपर अनुग्रह आ नम्र निवेदन करेके आत्मा खन्यादेम, उसब हमरा देखी, जेकरा उसब घोचले बा, आ जईसे एक मात्र बेटाके लागि केहु शोक करले, अउसही उसब उनकरा लागि शोक करी, पहिले जनम लेले पुत्रके लागि कएल जईसन शोक करी ।

केहु ओका तोहर शरीरमे रहल यी चोटसब कठी बा ? कहके पुछी त, उ जवाफ देई, यी हमर मित्रसबके घरमे हमरा मिलल चोटसब बा । " (जकरिया १२:१०) अइसही, जकरिया ख्रीष्टके घाउसबके बारेमे लिखलक । कईसे ख्रीष्टके संगी यहुदीसब रोमीसबके उनकरा कुसमे टाँगेके, उनकर हात आ गोरके क्रूसमे किला ठोकके आ उनकर कोखामे भालासे घोचेके लागि सुम्पले रहे कहके विषयमे कएल भविश्यवाणी हमनीके सुसामाचारमे पूरा भेल देखम । अगमवक्ता जकरियाके लिखल बातसब अगमवक्ता दाऊद सयौँ वर्ष अगारी भजनसंग्रहमे भविश्यवाणी कएले रहे । उ अईसे लिखले रहे : उसब हमर हात आ गोर छेडले बा - भजनसंग्रह २२:६) ।

प्रिय मित्रसब, आदमके सन्तानसबके पापके दण्डसे बचाबेके लागि कुसमे खीष्टके पिडा आ मृत्यु उनकर योजनाके केन्द्रिय भाग बा जेमे धर्मी ख्रीष्ट अधर्मीसबके लागि अपन खून बगाएके रहे कहके हमनीके बुभु परमेश्वर चाहले । उहे परमेश्वरके अगमवक्तासबके सन्देश बा । कठी यी बात स्पष्ट बा ? ख्रीष्टके जनम होएसे पाँचसय वर्ष अगारी जकरिया भविश्यवाणी कएल बात अपने बुझली ? ख्रीष्ट दुःख भोगी, मरी आ मृतकसे बौरी उठेबाला पहिला आदमी बा कहके अगमवक्तासबके देहल सन्देशमे कठी अपने विश्वास करईसी ? आ उनकर यी बातमे विश्वास करेबाला सबके लागि पाप क्षमा आ परमेश्वरसँगेके शान्तिके घोषणा करले ? कठी अपने अगमवक्तासबके विश्वास करईसी ? कि अपने उ आदमीसब जईसन बारी जे परमेश्वरके अगमवक्तासबके अपन ओठसे मात्र आदर कएलक लेकिन उसबके सन्देशके विश्वास ना कएलक ? धर्मशास्त्र कहले : अगमवाणीके तुच्छ नठान (१ थेस्सलोनिकि ५:२०) हमनीसँगे अगमवक्तासबके वचन अभि निश्चित बा, आ अपने उमे ध्यान देहम त असल होई, अन्हार ठाउँमे चम्केबाला ज्योतिके रुपमे, जबतक दिनके इन्जोत आ बिहानके तारा अपनेके हृदयमे ना उठी । (२पत्रुस १:१९)

कठी अपने अगमवक्तासबमे विश्वास करईसी ? (प्रेरित २६:२७) ।

परमेश्वरके इच्छामे, हमनीके दोसर कार्यक्रममे अगमवक्ता मलाकीसे सुनम,

जे पुराना करारके अन्तिम पुस्तक लिखले

बा । अपने परमेश्वरके वचनसे यी महत्पूर्ण प्रश्नके जवाफ देइत समय परमेश्वर अपने सबके आशिष देले होखे : कठी अपने अगमवक्तासबमे विश्वास करईसी ? (प्रेरित २६:२७) ।

कार्यक्रम ५९

अगमवक्तासबके सन्देशके संक्षेप

मलाकी

लम्बा समयसे हमनीके धर्मशास्त्रके पहिलका खण्डके अध्ययन करईत बारी । यी पहिला खण्डके पुरान करार कहले जेमे तोराह, भजनसंग्रह आ भविश्यवक्तासबके अन्य लेखसब समाबेश कएल बा । यी पहिला करार लिखेके लागि १५०० वर्षके अवधिमे परमेश्वर तीस जनासे बेसी अगमवक्तासबके प्रयोग कएले रहे ।

आज हमनीके परमेश्वरके पुस्तकके पहिलका खण्डसे हमनीके यात्रा पूरा करम । लेकिन हमनीके पहिला करारके अन्तिम अध्यायसबसे सुनेसे पहिले, हमनीके पहिलका दिनसे आजतक सुनल बातसबके बारेमे थोरै बात करेके चाहम । हमनीके सब अगमवक्तासबके केन्द्रिय सन्देशके तीनगो बरका विचारसबमे संक्षेप करेसकम : एक परमेश्वर पवित्र बा आ उ हरेक पापके लागि न्याय करेके परी ।

दु : आदमके सन्तानसब पापमे जनम लेले बा आ परमेश्वरके न्यायके उसबके सामना करेके परी ।

तीन : परमेश्वर आदमके सन्तानसबके लागि पापके दण्ड भोगेके पवित्र उद्धारकर्ताके पृथ्वीमे पठाबेके प्रतिज्ञा कएलक ।

एकरा दोहराएके लागि, यीहाँ फेर अगमवक्तासब प्रचार कएल ३ गो बरका सत्यतासब बा :

पहिला : परमेश्वर पवित्र बा आ परमेश्वर पापके बेवास्ता करे ना सकी ।

दोस्रो : (आदमी पापसे अपवित्र, भ्रष्ट बा, आ उ अपनाके अपन पापके सजायँसे बचाबेके कौनो उपाय न बा ।

तेस्रो : परमेश्वर पापीसबके उसबके पापके सजायँसे बचाबेके योजना कएलक ।

कठी अपने यी सत्यतासबके बुझली त ? कठी अपने परमेश्वरके प्रज्वलित पवित्रताके चिन्हले ? अपनेके न्याय करेबालाके नजरमे अपनेके पापसब केतना गम्भीर बा, कहके कठी अपने बुझईसी ? परमेश्वर अपनेके पापसबसे शुद्ध करेके योजना कएले बा कहके कठी अपनेके थाह बा ?

वास्तवमे, परमेश्वर पवित्र बा, आ आदमी अपवित्र बा । हमनीके पवित्र धर्मशास्त्रके हमनीके अध्ययनमे दुगो सत्यताके प्राय सुनले बारी । परमेश्वरके पवित्रताके कारण परमेश्वर शैतान आ शैतानके पछ्यायके सबके लागि नभुताएबाला आगीके सृष्टि कएलक । परमेश्वरके पवित्रताके कारण परमेश्वर आदम आ हव्वाके उसब निषेधित फल खाएलाके कारण अदनके स्वर्गमय बगैंचासे निकालदेल । पाप ढाकेके लागि होमबलिके रुपमे पशुसबके बलि देबेके लागि परमप्रभु परमेश्वर आदमके बेटासबके आज्ञा देलाके कारण उनकर पवित्रता रहे। परमेश्वर पवित्र भेलाके कारण परमेश्वर नोआके समयके पापी आदमीसबके जलप्रलयसे नाश कएलक आ अब्राहामके समयमे सदोमके आदमीसबउपर आगीके वर्षा कएलक । परमेश्वरके पवित्रताके कारण परमेश्वर एगो दिन तोक्देले बा, जेमे परमेश्वर अपना नियुक्त कएल आदमीसे धार्मिकतामें संसारके न्याय करी । (प्रेरित १७:३१) परमेश्वरके अगमवक्तासब परमेश्वरके पवित्रता आ आदमीसके अपवित्रताके बारेमे कठी लिखलक सुनु : हे परमप्रभु, कठी अपने सनातनसे ही

नबारी ? अपनेके दृष्टि एतना शुद्ध बा, कि अपने दुष्ट बात देखे नसकम, आ खराबी देखके अपने सहे ना सकम (हबकूक १:१२-१३) | हमनीके सबजन अशुद्ध आदमी जईसन भेल बारी, आ हमनीके सब धार्मिक काम फूहर झुत्रा जईसन बा (यशैया ६४:६) ।

यदि परमेश्वर एतना पवित्र बा, आ आदमी एतना अशुद्ध बा त, के उद्धार पाएसकी त ? हमनीके कईसे अनन्त आगीसे बाँचेसकम त ? आदमके सन्तानसब कईसे शुद्ध आ पवित्र परमेश्वरके उपस्थितिमे सधैके लागि बाँचेसकी त ? उ प्रश्न अगमवक्तासबके सन्देशके तिसरका बुँदा बा । अगमवक्तासब परमेश्वर पवित्र बा आ (आदमकै सन्तानसब अपवित्र बा कहके प्रचार कएलाके बाद, उसब आदमके सन्तानसबके उसबके पापसे शुद्ध करेके योजना परमेश्वर अपने कएले रहे कहके घोषणा कएलक ।

पहिलका करार(पुराना करार) के पुस्तकके सबसे महत्पूर्ण सन्देश यी बा कि परमेश्वर संसारमे एकजना धर्मी उद्धारकर्ता पठाबेके प्रतिज्ञा कएले रहे जे उनकरामे विश्वास करेबाला सबके छुटकारा देबेके लागि आदमके अधर्मी सन्तानसबके ठाउँमे दुःख भोगेके बा, आ मरेके बा । यीहे पापीसबके उसबके पापसे छुटाकारा देबेबाला परमेश्वरके योजना रहे आ छ । उद्धारकर्ताके बहाएल खुनसे मात्र परमेश्वर पापके क्षमा करेसकी आ पापीसबके उहाँके पवित्रतामे सम्झौता न करके अपनासँगे मिलाप कराए सकी ।

मुक्तिदाताके पठाबेके अपन योजनाके अगारी बढाएके लेल, परमेश्वर अब्राहामके नयाँ राष्ट्र बनाबेके लागि बोलएलक, जेकासे परमेश्वरके अगमवक्तासब आ ख्रीष्ट आएबाला रहे । परमेश्वर अब्राहामके कहलक, “तु आशिषके मूल होख्ब आ तोहरा माध्ययमसे पृथ्वीके सब कुलसब आशिष पाई” (उत्पत्ति १२:२-३) । एहीसे अब्राहाम अपन बुढेसकालमे इसहाकके जनम देलक, आ इसहाक याकुबके जनम देलक, आ याकुब अपन बाह्रजना बेटासबके जनम देलक जे ईस्राएलके बाह्र कुलसबके जनम देलक । अईसही हमनीके सिखली कि जब परमेश्वर अब्राहामके बोलएलक, उ मुक्तिदाताके यी पृथ्वीमे पठाबेके अपन योजनाके अगारी बरहाईत रहे, काहेकी, यी अब्राहामके वंशसे, ईस्राएल राष्ट्रसे ख्रीष्टके जनम होएके योजना रहे। एकाबाद हमनीके ईस्राएलके सन्तानसब कनान छोरके मिश्रमे रहेलागल कहके सुनली, जहाँ उसब फारोके दाससब बनल रहे । लेकिन परमेश्वर अब्राहामके सन्तान, इस्राएलीसबके ना बिसरलक । परमेश्वर (इस्राएलीसबके मिश्रदेशसे छुटकारा करके बहुत वर्ष अगारी परमेश्वर उसबके पुर्खा अब्राहामके प्रतिज्ञा कएल देशमे लेआएके लागि मोशाके बोलएलक । परमेश्वर अगमवक्ता मोशाके भि हमनीके तोराह कहेबाला पुस्तक देबेके लागि प्रयोग कएलक, जौन उ समयसे परमेश्वर हमनीके बतावल सब बातके जग बा ।

मोशाके समयके बाद, कईसे परमेश्वर ईस्राएलीसबके बहुत अगमवक्तासब पठएलक, लेकिन बहुतजन उसबके बचनके ध्यान ना देलक कहके हमनीके सुनली । तपरभि, इस्राएलीसबके अविश्वासनियताके कारण परमेश्वरके योजनाके विफल तुल्याय ना सकल । आ एहीसे कईसे परमेश्वर दाऊदके इस्राएलके राजा आ खीष्टके जनम देबेबाला वंश होएके लागि चुनलक । कहके हमनीके सुनली । दाऊद भजनसंग्रहके पुस्तकमे पाएबाला आधा जेतना शक्तिशाली आ गहिरा गीतसब आ प्रार्थनासब भि लिखलक । अगमवक्ता दाऊद ख्रीष्टके बारेमे बहुत लिखलक । आदमके सन्तानसब ख्रीष्टके कईसे सताई आ परमेश्वरके हात आ गोरसब छेडी कहके भविश्यवाणी कएलक । आ ख्रीष्ट पापके धोएबाला बलिदानके रुपमे अपन खुन बहएलाके बाद, परमेश्वर मृत्युके जितलेई, आ चिहानसे बौरी उठ्जाई कहके भि दाऊद भविश्यवाणी

कएलक ।

लेकिन अगमवक्ता मोशा आ दाऊद मात्र ख्रीष्टके बारेमे लिखले रहे । परमेश्वरके सब अगमवक्तासब उनकर आगमनके घोषणा कएले रहे । उदाहरणके लागि अगमवक्ता यशैया ख्रीष्टके जनम कईसे होई कहके भविश्यबाणी कएले रहे । जईसे कौनो आदमीके जनम कहियो ना भेल रहे । यशैया अईसे लिखलक : सुन, कन्या गर्भवती होई आ उ एगो बेटाके जनम देई आ उ उनकर नाम इम्मानुएल राखी, जेकर अर्थ परमेश्वर हमनीसबसँगे कहके होखले । (यशैया ७:१४, माती

१:२३)

यशैयाके समयमे बाचल एकजना अगमवक्ता भि रहे । जेकर नाम मीका रहे । मसीहके जनम कौन शहरमे होई कहके परमेश्वर मीकाके प्रकट करदेले रहे । मीकाके पुस्तक अध्याय ५ मे हमनीके सुनम : “लेकिन ए बेथलेहेम एप्राता, तु यहुदाके कुलसबमध्ये छोट बार तपरभि तोहरा से हमरा लागि एकजना निकलके आई, जे इस्राएलके शासक होई, जेकर शूरु पुराना समयसे अर्थात प्राचीनकालसे बा ।" (मीका ५:२) यी भविश्यवाणीसे मीका राजा दाऊदके गृहनगर बेथलेहेममे ख्रीष्टके जनम होई कहके भविश्यवाणी कएल रहे । लेकिन उ काहे बेथलेहेम एप्राता कहलक ? काहे बेथलेहेम मात्र कहलक ? काहेकी यहुदीसबके जनमभूमिमे बेथलेहेम नामके दुगो शहरसब रहे । एगो एप्राता यहुदाके दक्षिणमे रहे आ दोसर उत्तरमे रहे । यहुदाके बेथलेहेमके एप्राता भि कहले । एहीसे मीकाके भिवश्यवाणी स्वर्गके ख्रीष्ट राजा बेथलेहेममे जनम होएके बात स्पष्ट कएले रहे । संसारके मुक्तिदाताके आगमनके लागि परमेश्वर केतना सावधानीपूर्वक तयार भेल रहे ! भविश्यवक्तासबके लेखसबमे आएबाला खीष्टके बारेमे सयौँ सन्दर्भसब बा । शायद अपने पुछम कि, काहे परमेश्वर ख्रीष्टके संसारमे आएसे पहिले उनकर बारेमे यी सब विचारसब अगमवक्तासबके दिमागमे राख्देल त ? जब येशू यी संसारमे अएलक, आ अगमवक्तासबके लिखल सब बातसब पूरा भेलक, तब हमनीके कौनो शंका न करके केवल उहेमात्र परमेश्वरके चुनल आ पठाएल एकमात्र मुक्तिदाता बा कहके जानेसकु कहके परमेश्वर अगमवक्तासबके ख्रीष्ट आएसे पहिले ख्रीष्टके बारेमे बहुत लिखेके लागि प्रेरित कएलक । केहु अपनेके धोका देव कहके परमेश्वर ना चाहले । अपने ख्रीष्ट के बा कहके जानकारी भेल, अपनेके पापसबसे बचाबेके लागि अपने उनकरा विश्वास आ उनकरा पछ्याउ कहके चाहले ।

हमनीके सत्यके गलतसे छुट्याए सकु कहके परमेश्वर हमनीके यी पहिलका करार (पुराना करार) कहेबाला यी अदभुत, भरपरेबाला पुस्तक देबेके यी एगो कारण बा । पवित्र धर्मशास्त्रके पहिलका भागके हमनीके यात्राके समाप्त करेके लागि हमनीके मलाकीके पुस्तकसे पढेके परी । यीहे पहिला करारके अन्तिम पुस्तक बा ।

अगमवक्ता मलाकीके बचनसब हमनीके लागि महत्पूर्ण बा । काहेकी उसब ख्रीष्ट पृथ्वीमे आएसे पहिले परमेश्वर आदमके सन्तानसबके देहल अन्तिम वचनसब बा । उद्धारकर्ताके जनम होएके चारसय वर्षसे कम समय बाँकी रहे । आउ अब हमनीके यी अन्तिम अध्यायमे परमप्रभु कठी कहले सुनु : “खून, हम अपन समाचारबाहकके पठाएम, आ उ हमर अगारी रास्ता तयार करी । तब एक्कासी उ प्रभु, जेकरा तोहनीसब खोजईत बार, अपन मन्दिरमे आई, अर्थात करारके उ समाचारबाहक आई, जेकरा तोहनीसब बहुत चाह करईस" सर्वशक्तिमान परमप्रभु कहले । काहेकी हम परमप्रभु कहियो परिवर्तन ना होखेम । लेकिन हमर नामके आदर करेबाला तोहनीसब उपर धार्मिकताके सुरुज अपन पाँखमे लेके उराई । (मलाकी ३:१, ६) अईसही परमेश्वर अपन मार्ग तयार करेके लागि ख्रीष्टके अगारी एकजना

अगमवक्ता पठाई कहके अगमवक्ता मलाकी अगमवाणी कएलक । कठी अपनेके थाह बा उ अगमवक्ता के रहे ? दोसर कार्यक्रममे हमनीके उनकरासे भेटम । ख्रीष्टके अगारी रास्ता तयार करेबाला अगमवक्ता युहन्ना रहे । मलाकी यी भि लिखले रहेः सर्वशक्तिमान परमप्रभु कहले, सुन, हम अपन समाचारवाहकके पठाएम, आ उ हमर अगारी अगारी रास्ता तयार करी हम परमप्रभु कहियो परिवर्तन ना होखेम । " (मलाकी ३:१,६) । करिब दुहजार वर्ष अगारी अगमवक्ता यर्मिया भविश्यवाणी कएले रहे : परमप्रभु कहले, “उ दिन आई, जब ईस्राएलके घरानासँगे आ यहुदाके घरानासँगे हम एगो नयाँ करार स्थापना करम । उसबके पुर्खासबसँगे बाधल करार जईसन यी ना हाई, जब हम उसबके हातमे थामके मिश्रदेशसे डोर्याएके लेअएले रहली, परमप्रभु कहले : उसब हमर करार भङ्ग कएलक, यद्यपी हम उसबके पिता रहली । परमप्रभु कहले, उ दिनकेबाद हम इस्राएलके घरानासे यी करार बाँधम, उसबके मनमे हमर व्यवस्था राखदेम, हम उसबके अपराधसब क्षमा करदेम, आ हम उसबके पाप कहियो ना सम्झना करम । " (यर्मिया ३१:३१-३४) ।

यी बचनसबसे, परमेश्वर घोषणा करईत रहे की ख्रीष्ट अपन जनसबसँगे नयाँ करार स्थापना करी जे प्रतिकसब आ पहिलका करारके सर्तसब पूरा करी । आदमके सन्तानसबके पापसब क्षमा करे सको कहके हजारो पुस्तासे परमेश्वर जनावरसबके बलिदान चाहले रहे । पशु बलिदानसब पहिला करारके महत्वपूर्ण भागसब रहे जौन परमेश्वर अपन अगमवक्तासबसे आदमीके देले रहे । लेकिन ख्रीष्ट संसारमे एगो नयाँ सम्झौता लेके आई, उ नयाँ करार बा, जे सब पशु बलिसबके प्रतिकात्मकताके पूरा करी आ उ पहिले करारके अलग करी । ख्रीष्ट अगमवक्तासबके वचनसबके रद्ध करम कहके ना आएबाला रहे, लेकिन उसबके पूरा करे आएबाला रहे । एहीसे अगमवक्ता मलाकी उनकरा धार्मिकताके सूर्य कहले बा । ख्रीष्ट कईसे सूर्यजईसन होइ त ? अगमवक्तासब अन्हार संसारमे प्रकाशके किरणसब फैलाबेबाला चन्द्रमा वा मैनबत्ती जईसन रहे । लेकिन खीष्ट उडाईत सूर्यजईसन होई, जे हमनीके पाप आ लाजके अन्धकारके बाहर निकाली, आ उनकरामे भरोसा करेबाला सबके लागि मुक्तिके स्थायी ढोका खोली । सूर्य उदएलाके बाद चन्द्रमाके इन्जोत वा मैनबत्ती केकरा आवश्यक परले जे ? ख्रीष्ट धार्मिकताके सूर्य बा । हमनीके दोसर पाठमे हमनीके युहन्नाके बाबु जकरियाके कहलक : "हमनीके परमेश्वरके कोमल कृपाके कारण अन्धकार आ मृत्युके छाँयामे रहेबालासबके ज्याति मिली, आ हमनीके पाउ शान्तिके रास्ताओर जाई ।” (लुका १:७८-७९)

मित्रसब, हमनीके पहिलका करारके यात्राके अन्त्यमे आएल बारी । दोसर कार्यक्रममे, परमेश्वरके इच्छामे हमनीके एकरा पछयायबाला खण्डके शुरु करम, आ एकरा पूरा भि करम यी नयाँ करार, सुसामाचारके पुस्तक (इन्जिल) बा । यी सुसामाचारमे हमनीके कईसे ख्रीष्ट अगमवक्तासबेक बचन पूरा कएलक कहके पत्ता लगाहम । परमेश्वरके ओरसे यी वचनसबमे अपने ध्यान देईन क्रममे परमेश्वर अपनेके आशिष देले होखे : हमनीसँगे रहल अगमवक्तासबके वचन अभि निश्चित भेल बा । झिसमिसे इन्जोत नहोखे तक आ तोहनीसबके हृदयमे बिहानके तारा न उडाएतक अन्धकारमे बरेबाला दियाके अभिभि तोहनीसब उ वचनके ध्यान देब त असल कहब (२पत्रुस १:१९)

कार्यक्रम ६०

अगमवक्ता युहन्ना

लुका १

हमनीके अगारीके कार्यक्रममे पवित्र धर्मशास्त्रके पहिलका खण्डके माध्यमसे हमनीके यात्रा पूरा कईली, जेकरा अन्तर्गत तोराह (तवरात), भजनसंग्रह (जबर) आ अगमवक्तासब परले ।

उ पहिलका खण्ड पुराना करार कहके चिनहे बाला पुराना करार बा । करार के अर्थ, सम्झौता वा समझदारी बा । आज हमनीके परमेश्वरके वचन, नयाँ करारके दोसरका भागमे हमनीके अध्ययनके शुरु करम, जेकरा नयाँ करार कहले । परमेश्वर नयाँ करार धर्मशास्त्रके लिखे लागि प्रेरित करेसे छ सय वर्ष अगारी, उ अपन अगमवक्ता यर्मियाके अईसन लिखेके प्रेरित कएले रहे : “परमप्रभु कहले, उ दिन आई, जब हम एगो नयाँ करार स्थापना करम" (यर्मिया ३१:३१) । काहे परमेश्वर आदमीसबसँगे नयाँ करार स्थापना करेके योजना बनएलक ? जनावरसबके बहाएल खुन आदमीसबके पापके ढाकेबाला पहिलका तरिका प्रतीकात्मक आ अस्थायी मात्र रहे कहके पहिला कारण बा । नयाँ करार परमेश्वरके स्थायी आ अन्तिम प्रावधान लेआई जेकरासे उ पाप क्षमा करेसकी आ पापीसबके धर्मी घोषना करे सकी । कौनो आदमीसब पुराना आ नयाँ करार भेलाके कारण पवित्र धर्मशास्त्रके आलोचना करले । नयाँ करारके अर्थके केहू अगमवक्तासबके मौलिक लेखसबके दोसर पुस्तकसे रद्ध करके आ प्रतिस्थापन करेके प्रयास कएले बा कहके उ सोचले । लेकिन नयाँ करार अगमवक्तासबके लिखल बातसबके रद्ध ना करले, बरु उसबके लेखसबके पुष्टि करेके काम करले । कईसे परमेश्वर पहिला करारके प्रतिज्ञासब आ भविश्यवक्तासब आ प्रतीकसबके पूरा कएलक कहके नयाँ करार रेकर्ड करले । पहिलका करारमे अगमवक्तासब यी घोषणा कएले रहे : ख्रीष्ट आई । उ आई ! लेकिन नयाँ करार हमनीके यी सुचित करले : ख्रीष्ट आगेल बा । उ ख्रीष्ट जेकर बारेमे अगमवक्तासब बोलले रहे आ लिखले रहे, उ त आगेल बा ! ह, पवित्र धर्मशास्त्रमे पुरान आ नयाँ दुनु करारसब बा कहके हमनीके आनंदित हृदयसे स्वीकार करके परमेश्वके उसबके लागि धन्यबाद देबेके परी, काहेकी उ दु भागमे हमनीके पत्ता लगईली की परमेश्वरके अगमवक्तासब बहुत अगारी कएल भविश्यवाणीसब परमेश्वर पूरा करदेल । जईसे बाओबाब के विवा एगो शक्तिशाली जाधवाव गाँधीमे बैठते बावले अईलही पुराना करार नयाँ करारमे परिपक्कतामे बरहले । नयाँ करारमे सुसमाचार समावेश बा । अरबी भाषामे एकरा इन्जिल कहले । दुनु शब्दके अर्थ शुभ खबर बा । साँच्चो सुसामाचारके सन्देश अत्यन्त असल समाचार बा, काहेकी यी अगमवक्तासब भविश्यवाणी कएल बातसबके ख्रीष्ट कईसे पुरा कएलक कहके बताबले । उ अपने धार्मिकताके रास्ता बा, जेकासे असहाय पापीसब पवित्र परमप्रभु परमेश्वरसँगे हरदम शान्ति पाए सकी । ख्रीष्ट सुसामाचारके पुस्तक(इन्जिल) ना लिखलक । जईसे परमेश्वर पहिलका करारके पुस्तकसब लिखेके बहुत आदमीसबके प्रयोग कएलक, औसही परमेश्वर नयाँ करारके पुस्तकसब लिखेके लागि अउर बहुत आदमीसबके प्रयोग कएलक । नयाँ करारमे चारगे सुसामाचारके पुस्तकसब बा । काहेकी एगो मात्र न चारगो सुसामाचारके पुस्तकसब भेल होई ?

तोराहमे, परमेश्वर मोशाके कहलक : दु वा तिन साक्षीके वयानसे मात्र कौनो भि करारके छानविन होएके चाही(व्यवस्था १९:१५) । कौनो भि साक्षी वा गवाहीके पुष्टि करेके लागि, परमेश्वर ख्रीष्टके कथा लिखेके लागि चार जना

आदमीसबके प्रयोग कएले रहे । उ चारजना आदमीसब, मत्ती, मर्कुस, लुका आ युहन्ना रहे । परमेश्वर हमनीके एगो सन्देश देबेके चाहईत रहे जौन विना शंका आ पूर्ण भरोसाके यौग्य होई ।

जईसे एगो गोर भेल टेबुलसे निमन चारगो गोर भेल टेबुल बेसी स्थिर रहले, औसही एकजना साक्षीसे चार जना साक्षीसब बेसी भरपर्दा रहले । ख्रीष्टके बारेमे सुसमाचारके पुस्तकमे लिखल सब बातसब सत्य बा कहके जानेके लागि परमेश्वर चारजना साक्षीसबके नियुक्त कएले रहे ।

जइसे परमेश्वर अपन वचनसब अगमवक्ताके दिमागमे राख्देल रहे, औसही उ खीष्टके समयके युगमे बाँचल यी चारजना आदमीसबके संसारके मुक्ति दाताके बारेमे उसब देखल आ सुनल बातसब लिखेके निर्देशन देलक । परमेश्वर जम्मा आठ जनाके नयाँ करार लिखेके प्रेरित कएलक । प्रेरितसब, पावल पत्रुस, याकूब, यहुदा आ युहन्नाके पत्रसब भि सुसामाचारके लेखसबके भाग बा । उसबके लिखल सब बातसब एकआपसमे मेल खाबले । परमेश्वरके सेवक सब पवित्र सुसामाचार कौन भाषामे लिखल रहे कहके कठी अपनेके थाह बा ? यी ग्रीक भाषा रहे । हमनीके अखनी निःसन्देह भोजपुरी भाषामे सुनईसी । काहेकी हमनीमेसे बहुत ग्रीक भाषा ना बुझले ! हमनीके परमेश्वरके धन्यबाद देईसी कि उ विद्वानसबके हृदयमे ग्रीकसे सुसामाचारके हमनीके हृदयके भाषामे, साथै संसारभरके अन्य राष्ट्रसबके भाषामे अनुवाद करेके देलक । कभिकाल हमनीके सुसामाचारके पुस्तकके बदनाम करेके प्रयास करेबाला सबके मुहसे सुनईसी "एकरा केहु विश्वास करे ना सकि । यीमे छेडछाड भेल बा । यीमे गल्टीसब बा आ यी विरोधाभासपुर्ण बा ।" मित्रसब, जे सुसमाचारसे लरईत बा उ आदमी परमेश्वरे लरईत बा (एगो अण्डा चट्टानसे कुश्ती खेलेके न चाही । पवित्र शास्त्र हमनीके पूर्ण विश्वास आ आज्ञाकारिताके योग्यबा । जईसे परमेश्वरके वचन तोराह आ भजनसंग्रहमे सिद्ध बा, औसही यी सुसामाचारमे भि सिद्ध बा । परमेश्वर महान बा आ उ अपन सारा हृदयसे खोजेबालाके लागि उनकर सत्यता सुरक्षित राखले बा । वास्तवमे केहू भि परमेश्वरके जीवित आ स्थायी वचनके परिवर्तन करे ना सकी । उ प्रभु अपने सुसामाचारमे घोषणा करले, जब उ कहले स्वर्ग आ पृथ्वी बित्जाई लेकिन हमर वचन बित्के ना जाई । (मत्ति २४:३५)

एहिसे सुसामाचार मार्फत हमनीके यात्रा सुरु करेके समय आएल बा । हमनीके अन्तिम कार्यक्रममे, हमनीके अगमवक्ता मलाकीके बारेमे सुनली, जे ख्रीष्ट आएसे पहिले चारसय वर्ष अगारी बाँचल रहे । मलाकी आ मसीहबीचके चारसय वर्षके अवधिमे परमेश्वर उनकर वचन लिखेके लागि कौनो भि अगमवक्तासबके ना पठएलक । अईसे काहे होलक त, जईसे अपनेके लागले ? पुराना करारके धर्मशास्त्रत्रसब पूरा भेलाके कारण उ कौनो प्रकाश ना पठएलक । परमेश्वर अगमवक्तासब आ प्रतिकसब मार्फत कहेके चाहल सब बातसब कहले रहे । उ अब अपन प्रतिज्ञा कएल मुक्तिदाताके नयाँ करार स्थापना करेके लागि संसारमे पठाएबाला तोकल समयके पर्खाईमे रहे ।

अगमवक्ता यशैया आ मलाकी कईसे ख्रीष्टके आगमनके बारेमे घोषणा करेके लागि अगमवक्ता पठाबेके परमेश्वरके योजनाके बारेमे भविश्यवाणी कएले रहे कहके हमनीके पहिले हि सुनले बारी । उ अगमवक्ता जकरियाके बेटा युहन्ना रहे । जकरिया एक पुजाहारी रहे जे यरुशलेमके मन्दिरके वेदीमे पशुबलि चढाके परमेश्वर आ आदमीसबके सेवा करईत

रहे ।

अब हमनीके सुसामाचार (इन्जिल) के खोलु आ लुका अगमवक्ता युहन्नाके जनमके बारेमे कठी लिखले बा उ सुनम । डा. लूका एक चिकित्सब आ एक होशियार इतिहासकार भि रहे, जे ख्रीष्ट यी पृथ्वीमे चलईत समयमे बाँचल रहे । अपन पुस्तकके अध्याय १ मे, लुका लिखले बा : यहूदीयाके राजा, हेरोदके समयमे, अबियाके दलके जकरिया नाम भेल एक जना पूजाहारी रहे । उनकर पत्नी हरुन वंशके रहे । उनकर नाम एलीशिबा रहे । उ दुनु परमेश्वरके सामु धर्मी रहे, आ परमप्रभुके सब आज्ञा आ धार्मिक विधानसबमे निर्दोष होके चलईत रहे । लेकिन उसबके कौनो सन्तान ना रहे, कोकी एलीशिब बाँझी रहे, आ उ दुनुके उमेर ढल्गेल रहे ।

जब जकरिया परमेश्वरके सामुन्ने अपन दलके समयमे पूजाहारी काम करईत रहे । परमप्रभुके एक जना स्वर्गदूत धूप वेदीके दाँया ओर खरा भेल देखा परलक । जकरिया उनकरा देखके आत्गेल, आ भयभीत होगेल ।

लेकिन दूत उनकरा कहलक, “नडेराब जकरिया, काहेकी तोहर प्रार्थनाके सुनुवाई भेल बा । अब तोहर पत्नी एलीशिबा तोहरा लागि एगो बेटाके जनम देई, आ तु उनकर नाम युहन्ना राखिह ।

तोहरा रमाहट आ आनन्द होई, आ बहुत जने उनकर जनममे रमाई । काहेकी उ परमप्रभुके सामुन्ने महान होई । उ दाखमद्य आ औउरी कौनो भि मद्य कहियो ना पिइ, आ अपन माईके गर्भसे उ पवित्र आत्मासे भरिपूर्ण होई । उ ईस्राएलके सन्दानसबमे बहुत जनेके उसबके परमप्रभुओर फर्काई । बाबुसबके मन बेटाबेटी ओर आ अनाज्ञाकारीसबके धर्मीसबके बुद्धिओर फर्काएके लागि आ प्रभुके लागि योग्य बनल एक जाति तयार पारेके लागि उनकर अगारी अगारी उ एलियाके आत्मा आ शक्तिमे जाई ।” तब जकरिया दूदार्य कहलक, “यी हम कईसे जाने सकम ? हम बुरह होगेल आ हमर पत्नीके उमेर भि ढलगेल बा ।”

स्वर्गदूत उनकरा कहलक, “हम गाब्रिएल बारी, हम परमेश्वरके सामुन्ने खरा रहईसी । तोहरा से बात करेके लागि आ यी खुशीके समाचार सुनाबेके लागि हम पठावल बारी । जौन दिनतक यी बातसब पूरा ना होई, तबत क तु गुँगा होएब आ बोले ना सक्ब, काहेकी तु हमर वचनउपर विश्वास ना कएल, जौन वचन अपन समयमे पूरा होई ।” आदमीसब जकरियालारुकल रहे आ मन्दिरमे देर कएलासे चकित होगेल । उ बाहर निकलके अएलक त उसबसे बोले ना सकल आ उ मन्दिरमे दर्शन देखी कहके उसब बुझलक । जकरिया उसबके इशारा करेलागेल, आ उ गुँगो रहगेल । जकरियाके सेवाके दिन समाप्त भेलाके बाद उ अपन घर गेलक । एकराबाद उनकर पत्नी एलीशिबा गर्भवती होगेल आ कहलक, “आदमीसबके बीचमे हमर कलङ्क हटाबेके लागि अब परमप्रभु हमराउपर यी कृपा कएले बा । (लुका १:५-८) अईसही परमेश्वर स्वर्गदुत गब्रिएलके जकरियाकहाँ पठएलक आ उनकरा उनकर पत्नी एलीशिबा बेटाके जनम देई कहके घोषणा कएलक । यी बेटा अगमवक्ता बनी जे ख्रीष्टके अगारी अगारी उनकरा लागि रास्ता तयार करेके लागि विशेष अधिकार पएले रहे । पहिलका अध्यायके अन्त्यमे, धर्मशास्त्र कहले : अब एलीशिबाके सुत्केरी होएके समय आगेल, आ उ एगो बेटाके जनम देलक । परमप्रभु उनकरा उपर अपन बरक अनुग्रह देखएले बा कहक यी सुन्के उनकर छिमेकीसब आ नातेदारसब उनकरासँगे खुसी भेलक । आठौं दिनमे उसब बालकके खतना करे अएलक, आ उनकर नाम उनकर बाबुके नाम जईसन जकरिया राखेजाईत रहे, लेकिन उनकर आई कहलक, “ना, एकर नाम युहन्ना होई ।" उसब कहलक, "तोहर नातेदारमे अईसन नाम भेल केहू ना बा ।" तब उसब उनकर बाबुके ईशारा करके पुछलक, “तु एकर नाम कठि राखेके चाहईत बार ?" उ लिखेबाला एगो पाटी मगाके " ओकर नाम युहन्ना बा"

कहके लिखदेल । तुरुन्ते उनकर मुह खुल्गेल, आ उनकर बाक्य फुटगेल, आ उ परमेश्वरके प्रशंसा करे लागेल । उसबके सब छिमेकीमे डर छागेल । यहुदीयाके जम्मे पहाडी मुलुकभर यी घटनाके चर्चा फैलगेल । यी बातसब सुनेबाला सब यी बालकके बाद कठी होई कहके मनमे गुनलक । काहेकी परमप्रभुके बाहुली उनकरा उपर रहे । उनकर बाबु जकरिया आत्मासे भरके अगमवाणी बोलेलागल, "ईस्राएलके परमप्रभु, परमेश्वरके प्रशंसा होखो, काहेकी उ आएल बा, अपन आदमीसबके उद्धार देले बा ! उ हमनीके लागि अपन दास दाऊदके वंशमे एक शक्तिशाली मुक्तिदाता खडा कएले बा, जईसे उ प्राचीनकालसे अपन पवित्र अगमवक्तासबके मुहसे बोललक, कि हमनीके शत्रूसबसे आ हमनीके घृणा करेबाला सबके हातसे हमनीके उद्धार पाउँ । उ हमनीके पुर्खासबके कृपा देखाबेके लागि आअ पन पवित्र करार स्मरण करेके लागि, जौन शपथ उ हमनीके पुर्खा अब्राहामसँगे खाएले रहे, कि हमनीके अपन शत्रुसबके हातसे मुक्त होउ, आ निर्भयताके साथ हमनीके समस्त जीवनभर पवित्रता आ धार्मिकतामे उनकर सामुन्ने उनकर सेवा करे पाउँ ।

यी कहलाके बाद, जकरिया बालक युहन्नाओर फिरके कहले, हे बालक, तु सर्वोच्च अगमवक्ता कहएब, काहेकी तु प्रभुके अगारी अगारी मार्ग तयार करेके लागि जएब, उनकर जातिके पाप क्षमासे मुक्तिके ज्ञान प्रदान करेके लागि, हमनीके परमेश्वरके कोमल कृपाके कारण, स्वर्गसे बिहानके ज्योति हमनीके उपर परी, आ अन्धकार आ मृत्युके छायाँमे रहेबालासबके ज्योति मिली, आ हमनीके पाउ शान्तिके रास्ता ओर जाई । " (लुका १:५७-७९)

उ वचनसबसे जकरिया युहन्नाके जनमके लागि परमेश्वरके प्रशंसा कएलक, जेकर अर्थ लम्बा प्रतिक्षित उद्धारकर्ताके जनम होएबाला समय आगेल रहे । जकरियाके बेटा युहन्ना, विशेष अगमवक्ता रहे जेकरा परमेश्वर ख्रीष्टके आगमनके घोषणा करेके लागि आ आदमीसब उनकरा चिने आ ग्रहन करेके लागि तयार पारेके लागि चुनले रहे । हमनी - अपके दोसस्का चोटि ट्यून करेके आग्रह करईसी, काहेकी हमनीके कईसे परमेश्वर फेरी अपन स्वर्गदूत गब्रिएलके एमकी बेर मरियम नाम भेल एकजना कन्याँकहाँ पठएलक कहके हमनीके सुनम ।

“ईस्राएलके परमप्रभु परमेश्वरके प्रशंसा होखो, काहेकी उ आएल बा, आ अपन आदमीसबके उद्धार कएले बा । उ हमनीके लागि अपन दास दाऊदके वंशमे एक शक्तिशाली मुक्तिदाता खडा कएले बा, जईसे उ प्राचीन कालसे अपन पवित्र अगमवक्तासबके मुहसे बोललक । (लूका १:६८-७०) ।

कार्यक्रम ६१

सूचना

लूका १ मत्ति १

वितल ६० गो पाठसबमे हमनीके पहिलका करारके धर्मशास्त्रके अध्ययन कएले बारी, उ बा, मोशाके लिखल तोराह (तवरात), दाऊदके लिखल भजनसंग्रह (जबुर) आम थ प्राचीन अगमवक्तासबके लेखसब । वितल कार्यक्रममे हमनीके नयाँ करारके अध्ययन करईत बारी, उ बा ईन्जिल, एक अरबी शब्द जेकर अर्थ सुसामाचार बा । साँच्चो, सुसमाचारके सन्देश (इन्जिल) विश्वास करेबाला सबके लागि बहुत निमन खुशीके खबर बा । काहेकी यी हमनीके कईसे परमेश्वर अपन अगमवक्तासबसे यी पृथ्वीमे उ प्रतिज्ञा कएल शक्तिशाली उद्धारकर्ता पठएलक कहके बताबले ।

सुसामाचारके बारेमे हमनीके अध्ययनके शूरु करेसे अगारी, परमेश्वर आदमके सन्तानसबके लागि मुक्तिदाता पठाबेके योजना काहे कएले रहे कहके बुझला असल होई । आदम आ हव्वा परमेश्वरके आज्ञा उलंघण कएल दिन कठी भेलरहे, कठी अपनेके याद बा ? तोराहके हमनीके अध्ययनमे हमनीके आदमके अनाज्ञाकारीता मानव जातिके परमेश्वरके राज्यसे दूर आ शैतानके राज्यमे कईसे लेगेल कहके सुन्ती । आदमके पापके कारण हमनीके सब कुटिलतामे जन्म लेले बारी । जईसे मोसा अपन कहल बात मात्र पावले, औसही आदम आ उनकर सन्तान केवल पापी सन्तानसब मात्र जनम देबे सकी । पापीसब केवल पापीसब हि उत्पादन करले, आ हमनीके पापके हमनीके दोषी ठहराबले काहेकी हमनीके न्याय करेबालाके सामु अपनाके ठीक ठहराएके लागि हमनीके कौनो सम्भावित उपाय न बा । लेकिन परमेश्वरके प्रशंसा होखो, अगमवक्तासबके धर्मशास्त्र आदमके अपराधसे अन्त्य ना होखले । हमनीके पहिले हि सुनली, आदम आ हव्वा पाप के कएल दिनमे, परमेश्वर आदमके सन्तानसबके शैतान आ पापके शासनसे छुटकारा देबे सकेबाला उद्धारकर्ताके संसारमे पठाबेके अपन अदभूत योजना बनावे लागल | उ को दिनमे जब पाप संसारमे प्रवेश कएलक, तब परमेश्वर घोषणा कएलक कि यी पवित्र उद्धारकर्ता एक स्त्रीसे मात्र जनम लेई (उत्पत्ति ३:१५, गलाती ४:४) ।

पापीसबके लागि सिद्ध बलिदानके रुपमे अपन खून बहाएबाला मसीह, पापसे कलंकित बापसे आए ना सकल । जईसे परमेश्वर सिद्ध आ पवित्र बा, उ सिद्ध आ पवित्र होएके रहे । एहीकारण अगमवक्ता यशैया ख्रीष्ट आएसे ७०० वर्ष अगारी लिखलक, सुन, कन्या गर्भवति होई, आ उ एगो पुत्रके जनम देई, आ उनकर नाम इम्मानुएल होई, जेकर अर्थ परमेश्वर हमनीसँगे होखले (यशैया ७:१४, मत्ती १:२३) ।

आऊ अब हमनीके सुसामाचारके पुस्तकमे फिरके देखु कि कईसे परमेश्वर यी सिद्ध आ पवित्र उद्धारकर्ताके सम्बन्धमे कएल प्रतिज्ञाके पूरा कएलक, जे एगो कन्यासे जनम लेले रहे । उ कौनो पुरुषसे सहवास भेल स्त्री ना रहे । हमनीके वितल कार्यक्रममे, सुनली कि कईसे परमेश्वरके स्वर्गदूत, गब्रिएल, जकरिया नाम भेल एक वृद्ध यहुदीकहाँ देखा परलक । गब्रिएल जकरियाके उ आ उनकर पत्नी युहन्ना नाम कएल बेटाके जनम देई, जे उद्धारकर्ताके लागि अगारीअगारी रास्ता तयार करदेई कहके कहले रहे । मरियमकहाँ गब्रिएल देखा परल कहके कथाके सुनेके लागि हमनीके लूकाके सुसामाचार १ अध्ययन मे । युहन्नाके माई एलीशिबा गर्भवति भेल छववा महिनामे परमेश्वर गब्रिएल स्वर्गदूतके गालिलके नासरत नामके शहरमे पठएलक । उ एगो कन्या लरकीकहाँ गेलक, जेकर मगनी

दाऊदके घरानाके योसेफ कहेबाला एकजना आदमीसे भेल रहे । उ कन्याके नाम मरियम रहे । स्वर्गदूत मरियमकहाँ जाके कहलक, “हे कृपा पात्र, तोहरा अभिवादन ! परमप्रभु तोहरा सँगे बा ।” लेकिन मरियम यी बातसे बहुत विचलित होगेल, आ यी कईसन किसिमके अभिबादन बा कहके मनमे सोचेलागल ।

स्वर्गदूत मरियमके कहलक, “न डेराब, मरियम, काहेकी तु परमेश्वरसे कृपा पएले बार । अब सुन, तु गर्भधारण करब, आ एगो बेटाके जनम देब आ तु उनकर नाम येशू राख्ब । उ महान होई आ परमप्रधानके पुत्र कहलाई, आ परमप्रभु परमेश्वर उनकरा उहाँके पुर्खा दाऊदके सिंहासन देई । उ याकूबके वंशउपर सदासर्वदा राज्य करी, आ उनकर राज्यके अन्त्य ना होई ।”

मरियम स्वर्गदूतके कहलक, “यी कईसे होएसकी, काहेकी हम एक कन्या बारी ।" स्वर्गदूत उनकरा जवाफ देके कहलक, “पवित्र आत्मा तोहरा उपर आई, आ सर्वोच्चके शक्तिके छायाँ तोहरा उपर परी । एहीसे जे जनम लेई, उ पवित्र अर्थात परमेश्वरके पुत्र कहलाई । सुन, तोहर नातेदार एलीशिबा भि उनकर वृद्धावस्थामे बेटा गर्भधारण कएले बा, जे बाँझी कहलाईत रहे, उ अभि छवबा महिनामे बा । काहेकी परमेश्वरके लागि कौनो बात असम्भव ना बा ।"

आ मरियम कहलक, “सुनु, हम परमप्रभुके दासी, हमरा अपनेके वचन अनुसार होखो ।” तब स्वर्गदूत उनकरासे विदा भेगेल । (लूका १:२६-३८)

आऊ अब हमनीके कुछ देर तक परमेश्वरके स्वर्गदूत, गब्रिएल मरियमकहाँ देखापरलाके बाद कठी भेलक कहके बुझु । मरियम परमेश्वरके वचनके आदर करेबाला एक युवती रहे । उनकर मगनी योसेफसे भेल रहे, फिरभि योसेफसे विवाह करके सँगे बईथल रहे । योसेफ आ मरियम दुनुजने राजा दाऊदके वंशके रहे । परमेश्वरके अगमवक्तासब खीष्ट कुमारीसे जनम लेई कहके भविश्यवाणी कएले रहे कहके बातके अपनेके याद करेके परी । यी बातके केहु गलत तरिकासे नबुझो कहके मरियमके बारेमे बुझेबाला दोसर बात भि बा । उ बात बा: मरियम भि आदमके सन्तान रहे । हमनी सब जईसन उ भि पापी स्वभाव लेके जनम लेले रहे । हमनीके यी बुझला आवश्यक बा, कि कुछ आदमीसब मरियमके पूजा करले आ उनकरा प्रार्थना करले । यी कएला मूर्तिपूजा बा । निश्चय मरियम सम्मानके योग् यबा काहेकी मरियम उ स्त्री रहे जेकराद्धारा परमेश्वर खीष्टके संसारमे लेअएलक । लेकिन परमेश्वर उनकरा देहल यी अनुग्रहसे उनकरा अराधनाके योग्य ना बनाबले काहेकी धर्मशास्त्र कहले, परमप्रभु अपन परमेश्वरके आराधना कर, आ उनकर मात्र सेवा कर (मत्ती ४:१०) ।

हमनीके भरखे सुनल कार्यक्रममे, गब्रिएल मरियमके भेटएलक आ उनकरा कहलक की उ कन्या कुमारी रहे, जेकरामाध्यमसे परमेश्वर पापीसबके मुक्तिदाताके संसारमे लेआबेके चाहईत रहे । गब्रिएल मरियमसे जनम लेबेबाला बालकके नाम भि कठी राखेके परी कहके बतएलक, आ कहलक, “तु उनकर नाम येशू राखिह ।” येशू नामके अर्थ उद्धारकर्ता अर्थात प्रभु बचाबले कहके बा । जे भि होए, उहाँ दोसर भि नाम रहे, जेकरासे गब्रिएल ख्रीष्टके बारेमे बतएलक । कठी अपने उ सुनले बारी ? गब्रिएल उनकरा सर्वोच्चके पुत्र कहके कहलक । यी ठिक लागो या फिरभि गब्रिएल कहले रहे । हमनीके पहिले हि दाऊदके भजनमे सुनली जहाँ परमेश्वर ख्रीष्टके अपन पुत्र कहलक । अब हमनीके परमेश्वरके स्वर्गदूत गब्रिएल खीष्टके परमेश्वरके पुत्र कहके सम्बोधन कएल सुनम ।

नलागो

प्रिय स्रोतासब, हमनीके थाह बा कि परमेश्वरके पुत्र कहेबाला शब्द सुनेबाला अपनेमध्ये केतनाजने “यी असम्भव बा !

लेकिन बोलोफके हितोपदेश कहले : गोठालोके मुहमे थप्पड मारेसे अगारी, उ कौन बातके लागि सिट्टी बजाईत बा कहके अपनेके पत्ता लगाबेके परी । औसही, अपने परमेश्वरके पुत्रके नामके निन्दा करेसे पहिले अपने परमेश्वरके पुत्र शब्दके अर्थ कठी बा कहके जानेके परी ।

पवित्र धर्मशास्त्रमे, ख्रीष्टके १२० चोटीसे बेसी परमेश्वरके पुत्र कहले बा । फिर, हमनीके अगमवक्तासबके लेखसबमे विश्वास करेबालासबके परमेश्वर ख्रीष्टके उनकर पुत्र कहले कहके अस्वीकार करे ना सकी । परमेश्वर येशूके काहे अपन पुत्र कहले कहंके हमनीके जानेके चाहईसी । पहिले, हमनीके परमेश्वरके पुत्रके अर्थ कठी न बा कहके जानेके परी । एकर मतलब यी ना की परमेश्वर विवाह करके अपना लागि पत्नी लेलक आ बेटाके जनम देलक । यी विचार कएला निन्दा कएल बा । परमप्रभु परमेश्वर सर्वोच्च बा, आ उ आदमीसब जईसन सन्तान उत्पादन ना करलेव । यी बात हमनीके दिमागमे पूर्ण रुपमे स्पष्ट होएके परी । आज हमनीसँगे परमेश्वरके पुत्रके नामके अर्थ कठी बा कहके सब व्याख्या करेके समय न बा, लेकिन एकर अर्थ कठी न बा कहके हमनीके पूर्णरुपमे स्पष्ट होऊ । एकर अर्थ परमेश्वर पत्नी लेके बेटाके जनम देलक कहके न बा यी बात बुझेला हमनीके गाह्रो ना होई । उदाहरणके लागि, यदि अपने सेनेगेलमे जनम लेली, आ बरहली, आअ पने देश बाहर यात्रा करईसी त आदमीसब अपनेके "सेनेगलके पुत्र " कही लेकिन एकर मतलब सेनेगल पत्नी लेआके बेटाके जनम देल कहके ना होई । एकर सरल अर्थ कठी बा की, अपने अपन मूल थलो सेनेगलसे आएल बारी । येशू ख्रीष्टमे भि यीहे बात लागु होखले । परमेश्वर येशूके अपन पुत्र कहले, काहेकी उ परमेश्वरके ओरसे अएलक । ख्रीष्ट स्वर्गसे अएलक । उ जनम लेबेसे पहिले परमेश्वरसँगे रहे। उ परमेश्वरमे रहे । उ रुह अल्लाह बा, परमेश्वरके ओरके आत्मा, आ कालिमत, वचन जे आदिमे परमेश्वरसँगे रहे । धर्मशास्त्र कहले

"

आदिमे वचन रहे, वचन परमेश्वरसँगे रहे, आ वचन परमेश्वर रहे। उ आदिमे परमेश्वरसँगे रहे। सब थोक उनकरासे बनलक, आ बनल कौनो भि चिज उनकरा विना ना बनलक । आ वचन देहधारी होलक, आ अनुग्रह आ सत्यतासे पूर्ण होखे हमनीके बिचमे वास कएलक । हमनीके उनकर महिमा देखली, जौन महिमा पितासे आएल एकमात्र पुत्रके जईसन रहे (यहुन्ना १:१-३,१४)।

हँ ख्रीष्ट परमेश्वरके वचन बा, जे आदमीसबके रुपमे जनम लेबेके लागि स्वर्गसे आएल रहे । हमनीके सबजनके थाह बा कि, ख्रीष्टके कौनो शारीरिक पिता ना रहे। फिर उनकर शारिरिक पिता ना रहे त, उ कहाँ से आएल रहे त ? उ केकर पुत्र बा ? गब्रिएल मरियमके कहले रहे, "पवित्र आत्मा तोहरा उपर आई, आ सर्वोच्चके शक्तिके छायाँ तोहरा उपर परी । यीहेकारण, जे जनम लेई उ पवित्र अर्थात परमेश्वरके पुत्र कहलाई ।" (लूका १:३५)

शायद अपने केकरो अईसे कहईत सुनले होखेम, "ओहो, हमनीके थाह बा, कि येशूके कौनो शारिरिक पिता ना रहे, लेकिन येशू कन्यासे जनम लेलक यी बात ओतना महत्वपूर्ण ना बा । परमेश्वर अपन शक्तिमात्र देखाबेके चाहईत रहे । परमेश्वर आदमके कौनो बाबु वा माईबिना हि सृष्टि कएलक । एकाबाद, उ हव्वाके केवल एक बाबुके साथ बनएलक, अर्थात परमेश्वर हव्वाके आदमके करसे बनएलक । एकाबाद अपन अतिरिक्त शक्तिके देखाएके लागि,

परमेश्वर स्त्रीके मात्र प्रयोग करके, एगो पुरुष सृष्टि कएलक । यीहे कारण येशूके शारीरिक पिता ना रहे आ उ शारीरिक पिता बिना जनम लेलक । ”

प्रिय स्रोतासब, यी सत्य बा की परमेश्वर सर्वशक्तिमान बा आ उनकरा लागि कौनो भि बात असम्भव न बा । लेकिन कन्यासे होएबाला येशूके जनमके बारेमे अपनेके थाह होएके परी कि एकर कारण परमेश्वरके शक्ति प्रदर्शन करेसे भि बहुत महत्वपूर्ण रहे ! अपनेके केहू धोका न देबे । परमेश्वर आदम आ हव्वाके सृष्टि करेसे हजारो वर्षबाद येशू कन्यासे जनमेक एगो बहुत महत्वपूर्ण कारण बा । कठी अपनेके कारण थाहा बा ? पवित्र धर्मशास्त्र हमनीके येशू ख्रीष्ट पापीसबके बचाबेके लागि संसारमे अएलक कहके बताबले (१ तिमोथी १:१५) ।

येशू हराएल, पापी, दूषित, आ दोषी आदमके सन्तानसबके छुटकारा देबेके लागि संसारमे जनम लेले रहे । एहीसे उ पापके दाग लागल आदमीसे जनम लेबे ना सकल ।

परमेश्वरके योजना अनुसार ख्रीष्ट पापके ज्याला तिरेके लागि बलिदानके रुपमे अपन खून बगाएके परल रहे, कहके बात हमनीके पहिले देखले बारी । पूर्ण बलिदान होएके लागि, उद्धारकर्तामे कौनो भि पाप वा दोष ना होएके रहे, जईसे, बलिदानके चाह (ईद अल-अधा) मे वार्षिक रुपमे बलिदान देबेवाला स्वास्थ्य निर्दोष भेडासब रहईत रहे ।

ख्रीष्ट आ आदमके सन्तानसबबीच बहुत फरक बा कहके हमनीके बुझु परमेश्वर यी चाहले । हमनीके आदमके सन्तान बारी, लेकिन येशू परमेश्वरके पुत्र बा । हमनीके, आदमके सन्तानसब, हमनीके पापके कारण फोहोर पृथ्वी जईसन बारी, लेकिन येशू स्वर्गसे आएबाला वर्षा जईसन बा । उ परमेश्वर जईसन शुद्ध आ पवित्र बा । एहीकारण, येशू ख्रीष्टके परमेश्वर अपन पुत्र कहेसे लाज ना मानले ।

यी कुछ विचारसव ख्रीष्ट कन्यासे जनम लेबेके परल आ परमेश्वरके पुत्रके नामके अर्थ कठी बा आ एकर अर्थ कठी ना बा कहके स्पष्ट करेके लागि मद्धत करी कहके हमनीके आशा करईत बारी । हमनीके भर्खर मरियमके कथा सुनली, लेकिन उनकर मगनी भेल पति योसेफके बारेमे कठी कहम त ? मरियम परमेश्वरके आत्माके शक्तिसे गर्भवती भेल कुछ महिनाके बाद, परमेश्वर अपन स्वर्गदूतके योसेफकहाँ पठएलक। हमनीके मत्तीके सुसामाचारके १ अध्यायसे सुनु : येशू ख्रीष्टके जनम यी प्रकारसे भेलक : उनकर माई (मरियमके मगनी योसेफसे भेल रहे, लेकिन उसबके विवाह होएसे अगारी, मरियम पवित्र आत्मासे गर्भवती भेल रहे कहके थाह भेल । लेकिन उनकर पति धार्मिक आदमी होएके कारण, मरियमके शर्ममे नपारके गुप्तमे छोरेके इच्छा कएलक । लेकिन जब योसेफ यी बात विचार करईत रहे, सपनामे परमप्रभुके दूत देखा परलक, आ उनकरा कहलक, “योसेफ, दाऊदके बेटा, तोहर पत्नी मरियमके स्वीकार करेसे नडेराब, काहेकी जे उनकर गर्भमे बा, उ पवित्र आत्मासे बा । उ एगो पुत्रके जनम देई, आ तु उनकर नाम येशू राख्व, काहेकी उ अपन आदमीसबके उसबके पापसे बचाई।" अगमवक्तासे परमप्रभुके बोलल वचन पुरा होएके लागि यी सब भेल बा : “सुन, कन्या गर्भधारण करी, आ उ एगो पुत्रके जनम देई, आ उनकर नाम ईम्मानुएल होई,” जेकर अर्थ बा, परमेश्वर हमनीसँगे ।” योसेफ निद्रासे उठलक, आ परमप्रभुके दूतके कहल बमोजिम योसेफ मरियमके अपन पत्नीके रुपमे स्वीकार कएलक । मरियम पुत्रके न जन्माएतक योसेफ सहवास ना कएलक । योसेफ उनकर नाम येशू राख्लक । (मत्ती १:१८-२५)

हमनीके यीहबे रुकेके परी, लेकिन परमेश्वरके इच्छामे, दोसर कार्यक्रममे हमनीके मुक्तिदाताके जनमके बारेमे अदभूत कथा सुनेके लागि(सुसामाचारके (निरन्तरता देहम | स्वर्गदूत योसेफके कहल यी बातके ध्यान देईत परमेश्वर अपनेके आशिष देबे : तु उनकर नाम येशू राख्ब, काहेकी उ अपन आदमीसबके उसबके पापसे बचाई । (मत्ती १:२१)

कार्यक्रम ६२

ख्रीष्टके जनम भेल बा

लूका २ मत्ती २

अन्तिम पाठमे, पवित्र सुसामाचार (इन्जिल) मे हमनीके सुनाइमे कईसे परमेश्वर अपन स्वर्गदूत गब्रिएलके ईस्राएलके भूमि, नासरत शहरमे मरियम नाम भेल कन्याकहाँ पठएलक कहके सुनली । स्वर्गदूत मरियमके परमेश्वरके आत्माके शक्तिसे उ गर्भवती होई, एकजना बेटाके जनम देई आ उनकर नाम येशू राखी कहके कहलक । येशूके अर्थ परमप्रभु बचाबले कहके बा । आदम निषेधित फल खाएके समयमे परमेश्वरके कएल प्रतिज्ञा कठी अपनेके याद बा ? परमेश्वर स्त्रीके सन्तान (उत्पत्ति ३:१५) सर्पके शिर कुच्याई कहके घोषणा कएले रहे । उ प्रतिज्ञा कएल सन्तान अब कन्या कुमारीके गर्भमे रहे आ उनकर प्रवेशद्धार बनाबेके लागल रहे । हमनीके आजके कार्यक्रमके खीष्टके जनम भेल बा कहले ।

इतिहासमे उ समयमे रोमके सम्राट कैसर अगस्टस यहूदीसबके भूमि लगायत बहुत देशसबमे शासन करईत रहे । लेकिन रोमी सम्राज्य उद्धारकर्ताके संसारमे पठाबेके परमेश्वरके योजनामे बाधा पुगाएबाला ना रहे । वास्तवमे, परमेश्वर अगमवक्तासबके वचन आ उनकर योजना पूरा करेके लागि रोमीसबके प्रयोग करेके योजना बनएले रहे ।

कठी अपनेके याद बा, अगमवक्ता मीका ७०० वर्ष पहिले ख्रीष्टके जनमके बारेमे कठी लिखले रहे ? ख्रीष्ट राजा दाऊदके प्राचीन गृहनगर बेथलेहेममे जनम लेई, कहके मीका लिखले रहे । लेकिन उहाँ समस्या रहे । मरियम आ योसेफ १५० किलोमिटर दूर उत्तरमे नासरतमे रहईत रहे । अब, धर्मशास्त्र कईसे पूरा होईत त ? बेथलेहेममे ख्रीष्टके जनम कईसे सम्भव होईत त ?

आहा, स्रोतासब, अपनेसबके थाह बा, परमप्रभु परमेश्वरके लागि कौनो काम बहुत कठीन ना बा । उ परमेश्वर बा, उ पूर्ण नियन्त्रणमे बा । अब कठी होएबाला बा कहके उनकरा सब बात थाह रहले ।

जब मरियमके बालकके जनम देबेबाला समय नजिक अएलक, रोमके महान सम्राट प्रत्येक पुरुष आ महिलाके अपन पुर्खासबके शहरमे जाके उहाँ कर तिरेके लागि अपन नाम दर्ता करेके लागि हुकुम जारी कएलक कहके धर्मशास्त्र हमनीके बताबले । एकर मतलब एकरा लागि योसेफ आ मरियम राजा दाऊदके शहर बेथलेहेममे जाएके रहे, काहेकी उसब दुनुजने दाऊदके सन्तान रहे । अब हमनीके लुकाके सुसमाचारके अध्याय २ के सुनु आ अगमवक्तासबके घोषणा कएलअनुसार येशू ख्रीष्ट कईसे बेथलेहेममे जनम लेलक कहके सुनु । धर्मशास्त्र कहले : उ दिनमे कैसर अगस्टर उनकर सारा सम्राज्यमे जनगणना लेबेके हुकुम जारी कएलक । सब जना नाम दर्ता कराएके लागि अपन अपन शहर गेलक । योसेफ भि गालीलके नासरतसे यहुदीयाके बेथलेहेम कहेबाला दाऊदके शहरमे गेलक, काहेकी उ दाऊदके कुटुम्ब आ वंशके रहे । नाम दर्ता कराबेके लागि उ अपनासँगे मगनी भेल मरियमके साथमे लेके गेलक । मरियम गर्भवती रहे । उसब बेथलेहेममे रहल समयमे मरियमके बालक जन्माएके बेला आगेल । उ अपन जेठ बेटाके जनम देलक आ उनकरा लुगासे बेरके डूंडमे राख्लक, काहेकी उसबके लागि पौवामे ठाउँ ना रहे । (लूका १:१,३-७)

जानीके इहाँ एकछिन खेकू । ख्रीष्टके जनम होएलके अवस्थाके कठी अपने याद कईली ? उ किसानके रुपमे, अत्यन्त कमजोर परिस्थितिमे जनम लेले रहे । बेथलेहेमके सराय भरेके कारण उ एगो जनावरके गोठमे जनम लेबेके परल रहे । संसारके मुक्तिदाता आ न्यायकर्ता होखेबाला आदमी एगो दुर्गन्धित तवेलामे जनम लेलक !

शायद केतनाजने सोचईत होई: "यी विश्वास करेबाला बात नईखे । यदि येशू संसारके मुक्तिदाता आ महिमाके प्रभु बा आ आदमके सब सन्तानसबके न्याय करी त, सब राजासबके राजा प्रभुसबके प्रभु वा कहके जानेसको कहके उ काहे महिमित दरबारमे जनम ना लेलक त ? "

प्रिय स्रोतासब, परमेश्वरके विचारसब हमनीके विचारसबसे फरक बा, आ परमेश्वरके महिमा हमनीके महिमासे फरक बा कहके हमनीके याद करेके परी । निश्चित रुपमे, येशूके जनम बरका महिमाके साथ भेल रहे, लेकिन आदमके अधिकाँश सन्तानसब यी बातके पहिचान ना कएलक काहेकी परमेश्वरके महिमा आ संसारके महिमामे बहुत फरक बा । उदाहरणकै लागि, शायद अपने धनी आदमीसबके देखले होएम, जे बरका आ सुन्दर घरसबमे रहले, महँगा लुगा लगाबले आ उसबके हरेक ईच्छासब पूरा करेबाला नोकरचाकरसब रहले आ उसब विलासी जीवन विताबले । संसारके महिमा यीहे बा । लेकिन परमेश्वरके महिमा संसारके महिमासे फरक बा । यीहेकारण परमेश्वरके उपस्थितिसे आएल ख्रीष्ट आराम आ विलासितामे जनम ना लेले रहे । उ गरिबके दुःख कष्ठ नबुझेबाला धनी आदमीसब जईसन ना रहे । आदमके सन्तानसबके शैतान आ पापके शक्तिसे छुटकरा देबेके लागि उ पठाएलगेल रहे, आ अस्तव्यस्त अवस्थामे भि जनम लेले रहे । ख्रीष्ट धनीसबके बचाबे आएल रहे, वा उ गरिबसबके भावनाके बुझे ना सकईत कहके अब केहु कहे ना सकी । उनकराके विश्वास करेबाला वृद्ध आ जवान, पुरुष आ महिला, धनी आ गरीब, स्वतन्त्र आ दास जे केहुके भि छुटकारा देबेके लागि आ बचाबेके लागि मुक्तिदाता संसारमे आएल बा कहके जानो परमेश्वर चाहले । जईसे धर्मशास्त्र कहले : काहेकी हमनीके प्रभु येशू ख्रीष्टके अनुग्रह तोहनीसबके थाह बा, उ धनी रहे, फिरभि तोहनीसबके खातिर उ गरीब होलक, ताकि उनकर गरीबी से तोहनीसब धनी होए सक । (२ कोरिन्थी ८:९)

ख्रीष्ट शब्द हिब्रू शब्द मसीहके लागि प्रयोग भेल ग्रीक शब्द बा, जेकर अर्थ अभिषिक्त आदमी वा परमेश्वरसे नियुक्त कएल बा । येशू ख्रीष्ट मात्र एगो अईसन आदमी बा जे गरीब आदमीके रुपमे जनम लेबेके लागि रोजलक । येशू तवेलामे जनम लेलाके एगो कारण शायद उ परमेश्वरके थुमा वा कहके हमनीके सम्झएला बा । तवेलामे बहुत भेडासब जनम लेबले । अबसे कुछ पाठ सबमे हमनीके परमेश्वरके थुमा उपाधिके रुपमे येशूके बारेमे थप बातसब सिखम । आऊ अब हमनीके बेथलेहेममे भेल येशूके जनमके कथाके निरन्तरता देऊ । धर्मशास्त्र कहले : उहे ईलाकामे गोठालासब रहे, जे चउरमे बईथके रातमे अपन बगालके रखवाली करईत रहे । प्रभुके एकजना स्वर्गदूत आके उसब कहाँ देखा परलक, आ प्रभुके तेज उसबके आसपास चमकलक, आ उसब डेरागेल । तब स्वर्गदूत उसबके कहलक, "नडेराब, काहेकी, देख, हम तोहनीसबके बरी आनन्दके सुसामाचार सुनाएम, जे सब आदमीसबके लागि होई । आजु दाऊदके शहरमे तोहनीसबके लागि एकजना मुक्तिदाताके जनम भेल बा, जे ख्रीष्ट प्रभु बा । तोहनीसबके चिन्ह यी होई : तोहनीसब एगो बालकके लुगासे बेरके आ हूँडमे सुताएल भेट्टएब ।"

तब अचानक उ स्वर्गदूतसँगे स्वर्गीय सेनाके एगो दल देखापरलक । परमेश्वरके स्तुति करईत, उसब कहलक, "सर्वोच्चमे परमेश्वरके महिमा, आ पृथ्वीमे जौन आदमीसबसँगे उ प्रसन्न बा, उसबके शान्ति !" जब स्वर्गदूतसब उसबसे बिदा होके स्वर्गमे गेलक, तब गोठालासब आपसमे कहलक, "आब, हमनीके बेथलेहेमतक जाऊ, आ उहाँ घटल

यी घटना आ परमप्रभुके बतावल यी बात जाके देखु ।" उसब आत्तुरीसे जाके, आ मरियम आ योसेफ दुनुजनेके, आ बालकके विषयमे जौन बात उसबके कहल गेल रहे उ बात उसब बतादेल । गोठालासबके बताएल बातसब सुनेबाला सब आश्चर्यचकित भेगेल । जईसन उसबके कहल गेल रहे औसने सब बात सुनल आ देखलासे, परमेश्वरके महिमा आ स्तुति करईत गोठालासब फिरगेल । (लुका २:८-१८, २०)

ख्रीष्टके जनमके बारेमे सुसामाचार सुनेके लागि परमेश्वरके चुनल पहिलका आदमीसब कौन रहे ? कठी परमेश्वर रोमी सम्राट, धनी वा धार्मिक नेतासबके उ सबसे महत्वपूर्ण खबर देलक त ? ना, ना देलक, परमेश्वर सर्वप्रथम उनकर आगमनके पर्खाईमे रहल किसानसब, नम्र गोठालासबके ख्रीष्टके जनमके खबर देलक । बालक येशूके देखके गोठालासब केतना रोमाञ्चित भेलक ! कईसन अदभुत सुअवसर! सब अगमवक्तासब जेकर बारेमे लिखले रहे, ख्रीष्ट, मुक्तिदाता, बालकके छोट शरीरमे बेहल परमेश्वरके अनन्त वचनके देखेबाला उसब हि पहिलका आदमी रहे ! आउ अब हमनीके येशूके जनम भेल कुछ समयबाद कठी भेल रहे कहके बात सुसमाचारके निरन्तरता देईत सुन्ना कईसे परमेश्वर आकाशमे देखा परल उनकर स्वर्गदूतसबसे कुछ किसानसबके येशुके जनमके बारेमे घोषणा कएलक कहके हमनीके भरखे सुनले बारी । अब हमनीके परमेश्वर कईसे आकाशमे देखापरेबाला असमान्य तारासबसे ख्रीष्टके जनमके बारेमे (ज्योतिषीसबके घोषणा कएलक कहके बारेमे सुने जाईत बारी । अब हमनीके मत्तीके सुसामाचारके २ अध्यायसे सुनेजाईत बारी : हेरोद राजाके समयमे यहूदियाके बेथलेहेममे जब येशूके जनम भेलक, पूर्वके ज्योतिषीसब यरुशलेममे अएलक, आ उसब कहलक, “यहूदीसबके राजा होके जनम लेबेबाला कहाँ बा ? काहेकी हमनीके उनकर तारा पूर्वमे देखली, आ उनकरा दण्डवत करेके लागि आएल बारी ।"

जब हेरोद राजा यी सुनलक, उ बेचैन भेगेल, आ उनकरासँगे सारा यरुशलेम भि बेचैन भेगेल । आ उ सब मूख्य पूजारीसब आ जनताके शास्त्रीसबके भेला कएलक, आ "खीष्टके जनम कहाँ होई” कहके सोधपूछ कएलक । उसब कहलक, “यहुदियाके बेथलेहेममे । काहेकी अगमवक्ता लिखले बा : “ए बेथलेहेम, यहुदा मुलुकके गाउँ, तु कौनो किसिमसे यहुदाके शासकसबके बीचमे कौनोसे भि तुच्छ न बार, काहेकी तोहरा से एकजना शासक निकलके आई, जे हमर आदमीसब, ईस्राएलके रेखदेख करी ।” तब हेरोद उ ज्योतिषीसबके गुप्तमे बोलाके तारा कौन समयमे देखा परलक, सो उसबसे पत्ता लगएलक । उसबके कहलक बेथलेहेममे पठएलक, “जाब, आ ठीकसे उ बालकके खोजी कर, आ हम भि उनकरा दण्डवत करम । " (मत्ती २:१-८)

लेकिन राजा हेरोद बालकके आराधना करेके योजना ना बनएलक । उ बालकके मारेके योजना बनएलक । उ आपना बाहेक दोसर केहु राजा होए कहके ना चाहईत रहे । राजाके बात सुनके उसब (ज्ञानी आदमीसब) अपन रास्ता लागेल । जौन तारा उसब पूर्वमे देखले रहे, उ तारा उसबके अगारी अगारी गेलक, आ बालक भेल ठाउँमे पुगलाके बाद उ तारा उहबे अडगेल । जब उसब उ तारा देखलक, तब उसब बहुत आनन्दित होके रमएलक । आ घरभितर पईसके उसब बालकके उनकर माई मरियमके साथमे देखलक आ घोप्टो परके उनकरा दण्डवत कएलक । तब अपन कन्तुर खोलके उनकरा, सोना, सुगन्धित धूप आ मुर्रके भेटी चढएलक । आ हेरोदकहाँ फिरके न जाब कहके सपनामे चेतावनी पाके उसब दोसर रास्ता होके अपन देशमे फिरगेल । (लूका २:९-१२)

हेरोद ख्रीष्ट राजाके हत्या करेके चाहईत रहे । यरुशलेमके आदमीसब उनकरा बेवास्ता कएलक । लेकिन उनकरा खोजेके लागि उजाड मरुभूमि पार करके आएल ज्योतिषीसब उनकर आराधना कएलक आ उनकरा राजाके देबेबाला

किसिमके सोना, सुगन्धित धूप आ मुर्रके बहुमुल्य भेटीसब चढएलक । उ सुगन्धित धूप आ मूर्र मृतकसबके सुगन्धित करेके लागि प्रयोग करेबाला बहुमुल्य मसला बा । सुगन्धित मसला काहे ? येशु मरेके लागि जनम लेले बा कहके कठी यी ज्ञानी ज्योतिषीसबके थाह रहे त? ख्रीष्ट राजाके जनमके बारेमे अपने कठी सोचईसी ? एगो बातमे हमनीके सब सहमत होएसकम कि येशूके जनममे संसारके ईतिहासमें अतुलनीय बा । पृथ्वीके सब अगमवक्तासब आ राजासब आ आदमीसबमध्ये, येशू जईसन केहू भि जनम लेले ना बा । परमेश्वरके अगमवक्तासब आ स्वर्गदूत गब्रिएलके भविश्यवाणी कएल जईसन ख्रीष्ट परमेश्वरके शक्तिसे कन्यासे जनम भेल बात हमनीके सुनली । अगमवक्ता मीका लगभग ७०० वर्ष पहिले घोषणा कएल जईसन येशू बेथलेहेम शहरमे जनम लेले रहे कहके हमनीके सुनले बारी ।

कईसे परमेश्वर उनकर स्वर्गदूत आ गोठालासबके यी बात कहेके लागि स्वर्गसे एगो महिमित ज्योति पठएलक कहके बारेमे हमनीके सुनली : "हम तोहनीसबके बरी आनन्दके सुसामाचार सुनाएम, जे सब आदमीसबके लागि होई । आज दाऊदके शहरमे तोहनीसबके लागि एक जना मुक्तिदाताके जनम भेल बा जे ख्रीष्ट प्रभु बा ।"

एकरावाद हमनी के सन्ली कि कईसे स्वर्गदूतसबके भीड परमेश्वरके प्रशंसा करईत पहिला स्वर्गदूतके साथ देखा परलक, “सर्वोच्चमे परमेश्वरके महिमा आ पृथ्वीमे जौन आदमीसबसँगे उ प्रसन्न बा, उसबके शान्ति !” परमेश्वर दूरके भूमिमे रहेबाला कुछ ज्योतिषीसबके ख्रीष्ट-राजाके जनमके घोषणा करेके लागि आकाशमे एगो बरका तारा राखदेल कहके बात भि हमनीके सुन्ली यी आदमी जईसन केहू भि जनम लेले नईखे । येशूके जनम अद्‌वितीय वा । हमनीके उनकरा दोसरासे तुलना करे ना सकम । येशू अगमवक्तासे बरहके रहे । उ उहे बा जेकर बारेमे सब अगमवक्तासब लिखले रहे । उ स्वर्गसे आएल प्रभु बा । प्रिय स्रोतासब, यदि येशू बहुत अगमवक्तासबमध्ये केवल एक अगमवक्ता मात्र रहईत त, परमेश्वरके अगमवक्तासब उनकर जनम होएसे सय वर्ष अगारी उनकर बारेमे काहे लिखाईत त ? तब उनकर जनम उत्सव मनाबेके लागि स्वर्गसे स्वर्गदूतसब काहे अएलक त ? यदि येशु अगमवक्तासबमध्ये केवल एक अगमवक्ता मात्र रहे त, परमेश्वर उनकर जनमके घोषना करे आकाशमे एगो बरका तारा काहे राख्लक त ? आ कौन कारणसे उ कन्यासे जनम लेलक त ? यी महत्वपूर्ण प्रश्नसब ध्यानपूर्वक विचार करु ।

सुन्के साथ देली अपने सबके बहुत बहुत धन्यबाद बा । दोसर कार्यक्रममें, हमनीके परमेश्वरके ईच्छामे येशू ख्रीष्ट पृथ्वीमे अपन सेवकाई कईसे शुरु कएलक कहके सुनम । स्वर्गदूतसब गोठालासबके देहल यी सन्देशके अपने विचार करईत परमेश्वर अपनेके आशिष देवे : न डराब, काहेकी सुन, हम तोहनीसबके बरी आनन्दके सुसमाचार सुनाएम, जे सब आदमीसबके लागि होई । आज दाऊदके शहरमे तोहनीसबके लागि एकजना मुक्तिदाताके जनम भेल बा, जे ख्रीष्ट प्रभु बा ! (लूका २:१०-११)

कार्यक्रम ६३

पवित्र पत्र

लूका २, मत्ती ३-४

वितल कार्यक्रममे हमनीके ख्रीष्टके जनमके कथा सुनली । येशूजईसन आजतक केहु भि जनम लेले ना बा । भविश्यवाणी कएल अनुसार, उ ठीक बेथलेहेममे एगो कन्याके कोख से जनम लेलक ।

उनकर जनमके रात, परमेश्वर बेथलेहेमके खेतसबमे रात बिताबेबाला गरिब गोठालासबके लागि स्वर्गदूतसबके बरका भीड पठएलक । आ एक जना स्वर्गदूत उसबके कहलक, “हम तोहनीसबके बरी आनन्दके सुसमाचार सुनाएम जे सब आदमीसबके लागि होई । आज दाऊदके शहरमे एक जना मुक्तिदाताके जनम भेल बा, जे ख्रीष्ट प्रभु बा !” (लूका २:१०) । येशुके जनमके बाद योसेफ आ मरियमके चार जना बेटासब आ कुछ बेटीसब जनम लेले रहे कहके सुसमाचारके पुस्तक हमनीके बताबले । बालक येशू अपन छोट भाई-बहिनीसबसँगे उत्तर प्यालेस्टाईनके नासरत शहरमे भेल एगो भिडभाड भेल घरमे बरका होलक । जईसे अपनेके थाह भेल बात बा, येशूके योसेफ जनम ना देलक, लेकिन आदमीके दृष्टिमे येशू योसेफके बेटा रहे । योसेफ सिकर्मी रहे, येशू अपन बाबुके घरमे रहल समयमे उ सिकर्मीके रुपमे काम करईत रहे । उ कडा परिश्रमी रहे । धर्मशास्त्र कहले : आ येशू बुद्धिमे, कदमे आ परमेश्वर आ आदमीसबके अनुग्रहमे बढते गेलक (लूका २:५२) ।

रूप बालकसब जईसन येशू खएलक, आ सुतलक, खेललक आ अध्ययन कएलक । उनकर बारेमे कुछ बात रहे जे उनकरा अन्य बालकसबसे फरक बनादेल । उनकरा फरक बनाबेबाला यी कौन बात रहे कहके कठी अपनेके थाह बा ? धर्मशास्त्र हमनीके बताबले : उ कौनो पाप ना कएलक, आ उनकर मुहमे कौनो छलके बात ना पएलक (१ पत्रुस २:२२) । "हमर गल्तीके लागि हमरा क्षमा देऊ" कहके उ केकरो कहियो ना कहलक, उ केकरो विरुद्धमे कौनो गल्ती ना कएलक । उ पाप करे ना सकल काहेकी उनकरामे पापके जरा ना रहे । उनकरामे पवित्र स्वभाव रहे । दुष्टता उनकर भाग ना रहे । उ परमेश्वरके मन परेबाला बात मात्र कएलक । हमनीके जईसन उनकर भौतिक शरीर रहे, लेकिन उनकरासँगे हमनीके जईसन दुष्ट स्वभाव ना रहे । धर्मशास्त्र यीहे घोषणा करले कि : काहेकी हमनीके प्रधान पूजाहारी हमनीके दुर्बलतामे हमनीसँगे सहानुभूति देखाए नसकेबाला ना बा । लेकिन हमनी जईसन उ सब बातमे परीक्षित भेलक, आ फिरभि पापरहित रहे (हिब्रू ४:१५)।

येशूके पत्नी, घर वा सांसारिक धनसम्पत्ति ना रहे। लेकिन उनकरासँगे एगो मिशन रहे : उनकरा पठाबेबाला स्वर्गके पिताके ईच्छा पूरा कएला आ उनकर काम पूरा कएला उनकर उ मिशन रहे । जब येशू तीस वर्षके रहे, एकदिन उ नासरतमे अपन परिवारसे बिदा लेलक, आ यर्दन नदीमे गेलक, जहाँ अगमवक्ता युहन्ना आदमीसबके प्रचार करईत बप्तिस्मा देईत रहे । कठी अपने युहन्ना (याहया) के याद करईसी ? उ येशूके जनम होएसे ६ महिनासे अगारी जनम लेले रहे । युहन्ना अगमवक्ता रहे जेकरा परमेश्वर आदमीसब पश्चाताप करे सको आ स्वर्गसे पठाएल खीष्टके स्वागत करे सको कहके उसबके हृदयके तयार करेके लागि चुनले रहे । अगमवक्ता युहन्नाके बारेमे सुसमाचारमे कठी लिखल बा आ उ ख्रीष्टके लागि उनकर अगारी अगारी कईसे रास्ता तयार कएलक कहके अब सुनु । मत्तीके सुसमाचारके ३ अध्यायमे धर्मशास्त्र कहले उहे समय बप्तिस्मा देबेबाला युहन्ना यहुदीयाके उजाडस्थानमे अएलक, आ

प्रचार करेलागेल, “पश्चाताप कर, काहेकी स्वर्गके राज्य नजिक आएल बा ।" काहेकी यी उहे बा, जेकर बारेमे यूहन्ना अगमवक्तासे यी कहलगेल रहे :“उजाडस्थानमे एक जनाके आवाज, परमप्रभुके मार्ग तयार कर, उनकर पथ सोझ बनाब ।”

यूहन्ना ऊँटके रौँके वस्त्र लगाबईत रहे, आ कम्मरमे छालाके वपटुका बाँधईत रहे । उनकर खाएबाला चिज सलह अ बन मह रहे । यरुशलेम आ सब यहूदिया, आ यर्दन आसपासके ईलाकाके सब आदमीसब उनकरा कहाँ गेलक, आअ पन पाप स्वीकार करईत, यर्दन नदीमे उनकरा से बप्तिस्मा लेबे लागेल (मत्ती ३:१-६) ।

कठी अपने यूहन्नाके सन्देशके सुनली ? संक्षेपमे युहन्ना अईसे प्रचार कएलक : “पश्चाताप कर आ स्वर्गसे तोहनीसबकहाँ आबेबाला ख्रीष्टसे भेटेके लागि तयार होख !” परमेश्वरके सामु अपन पाप स्वीकार करेबाला सबके यूहन्ना यर्दन नदीमे बप्तिस्मा देईत रहे । यीहे कारण यूहन्नाके बप्तिस्मा देवेबाला यूहन्ना कहके चिने लागेल । पानीके बप्तिस्मा आदमीसबके पापके धोए ना सकल, लेकिन बप्तिस्मा लेके उसब अपन पापसे उ सबके शुद्ध करे, उसबके लाजसे निमन करे आ उनकर धार्मिकताके लुगा लगाबे आएबाला मसीहमे अपन विश्वास देखएलक ।

सदूकी आ फरिसीसब नाम मात्रके यहुदीसबके दुगो गुटके आदमीसबके युहन्नाके बप्तिस्मा देहल बातमे उसब प्रतिकृया देले रहे । सदुकीसब सबसे धनीक यहुदीसब रहे आ रोमी सरकारमे उसबके प्रभाव रहे । उसब धार्मिक रुपमे देखापरेके मन पराईत रहे, लेकिन उसबके हृदयमे उसब अगमवक्तासबके लेखसबके कौनो वास्ता ना करईत रहे । औसही फरिसीसब धार्मिक विज्ञसब रहे जे प्रार्थना, उपवास, दान देबे लागि आ दशांस तिरेबाला काममे जोसिला रहे । फिरभि, उसबके आराधना व्यर्थ रहे, काहेकी उसब अपने प्रयाससे परमेश्वरके सामु धर्मी बनेके खोजईत रहे । साथै फरिसीसब परमेश्वरके साँचो वचनसे अपने परम्परासबके मिश्रण कएले रहे । परिणाम स्वरुप, परमेश्वरके उसब कएल आराधना उसबके समूहमे नभेलसबके लागि केवल देखावटी मात्र रहे। छोटकरीमे कहम त, फरिसीसब आ सदुकीसब अपन ओठसे मात्र परमेश्वरके आदर करईत रहे, लेकिन उसबके हृदयसब उनकरासे दूर रहे ।

बाब हमनीके यी धार्मिक विशेषज्ञसबके उसबके कपटके लागि कईसे हप्कएलक कहके एकर बारेमे पढेके आ सुनेके निरन्तरता देहम । धर्मशास्त्र कहले :

लेकिन फरिसीसब आ सदुकीसबमध्ये बहुत जनाके बप्तिसमा लेबे आईत देखके युहन्ना उसबके कहलक, “ए सापके बच्चा सब, आएबाला क्रोधसे भागेके तोहनीसबके के चेतावनी देलक ? यीहेकारण पश्चातापके सुहाएबाला फल फलाब । अब्राहाम हि हमनीके पिता बा कहके अपनसमे ना कह । काहेकी हम तोहनीसबके कहईसी, परमेश्वर यी पथलसबसे अब्राहामके लागि सन्तान उत्पन्न करे सक्जाई (अभिने गाँसीके जरमे ताँगी परगेल बा । यीहेकारण असल फल न फलाबेबाला हरेक गाँसी काटाजाई आ आगीमे फेकाजाई । हम त तोहनीसबके पश्चातापके लागि पानीसे बप्तिस्मा देईसी, लेकिन हमरा पछारी आएबाला हमरासे भि अझ शक्तिशाली बा, जेकर जुता बोकेके योग्यके हम न बारी । उ तोहनीसबके पवित्र आत्मा आ आगीसे बप्तिस्मा देई ।

तब येशू गालीलसे युहन्नाकहाँ उसबसे बप्तिस्मा लेबेके लागि यर्दनमे अएलक । लेकिन युहन्ना यी कहके उनकरा रोकेके खोजलक, “लेकिन हमरा अपनेसे बप्तिस्ममा लेबेके आवश्यक बा, आ कठी अपने हमरा कहाँ आएम ?” लेकिन येशू उनकरा कहलक, “अखनी अइसने होखे द । काहेकी अईसहीए हमनीके सब धार्मिकता पूरा करेके परी ।” तब

युहन्ना राजी भेगेल । युहन्ना प्रभु येशूके यर्दन नदीमे बप्तिस्मा देल बात हमनीके यीहा देखईसी । केहु के प्रश्न करी, “पापरहित भेल येशू अगमवक्ता युहन्नाके बप्तिस्मा देबेके लागि काहे अनुरोध कएलक ? प्रभु येशू कौनो भि बातके लागि पश्चाताप करेला आवश्यक ना रहे, काहेकी उ कौनो पाप ना कएले रहे कहके यी सत्य बा । फिर यूहन्ना पापीसबके बप्तिस्मा देल जईसन उनकरा भि बप्तिस्मा देबे सको कहके काले येशू यूहन्नाकहाँ अएलक त ? एकर बारेमे येशु कठी कहलक त ? उ यूहन्नाके कहलक, “अभिके लागि अईसहिए चले द ।

काहेकी अईसहीए हमनीके सब धार्मिकता पूरा करेके परी ।" बप्तिस्मा लेके, येशू हमनीके सामु पछयाएके लागि उदाहरण मात्र ना छोरलक, लेकिन उ हमनीमध्ये एक होके बाँचे आ हमनीके लागि मरे भि अएलक कहके बातके देखादेल | यी अध्यायके अन्त्यमे, धर्मशास्त्र कहले : तब येशू बप्तिस्मा लेके तुरुन्ते पानीसे उपर अएलक आ स्वर्ग उघरके, परमेश्वरके आत्माके ढुकुर जईसन (अपना उपर आईत देखलक । तब स्वर्गसे यी बाणी अएलक, “यी हमर प्रिय पुत्र बा, एकरासे हम बहुत प्रसन्न बारी ।” (मत्ती ३:१६-१७)

।

आकाशसे केकर आवाज अएलक ? हैं, उ परमेश्वर पिताके आवाज रहे । आ उ कठी कहलक त ? उ येशूके बारेमे कहलक, “यी हमर प्रिय पुत्र बा, एकरासे हम अति प्रसन्न बारी ।" हमनीके अगमवक्ता दाऊद आ गब्रिएल स्वर्गदूत ख्रीष्टके “परमेश्वरके पुत्र" कहके सम्बोधन करईत सुनले बारी । अब हमनीके परमेश्वर अपने येशूके "हमर प्रिय पुत्र" कहके सम्बोधन करईत सुनले बारी । काहे परमेश्वर येशूके अपन पुत्र कहलक त ? येशू ख्रीष्ट परमेश्वरके पुत्र बा कहके हमनीके पहिले हि सुनले बारी, काहेसे उ परमेश्वरसे आएल रहे, लेकिन उहाँ दोसर कारण भि बा । परमेश्वर येशूके अपन पुत्र कहके बहुत खुसी भेलक, काहेकी उ परमेश्वरके स्वभावके प्रतिबिम्बित कएलक । आदमसे आएल सब सन्तानसब पापके दाग लागल स्वाभाव लेके जनम लेले बा, लेकिन येशू आदमसे आएल ना रहे । येशू मानव परिवारमे अएलक, लेकिन येशु आदमसे उत्पन्न ना भेलक ।

खष्ट हमनीए जईसन भौतिक रुप धारण कएलक, लेकिन उ हमनीके पापी स्वभावके धारण ना कएलक । उ एक सिद्ध, पवित्र स्वाभाव भेल आदमी रहे । यीहेकारण पवित्र परमेश्वर येशू आज्ञाकारी, विश्वासयोग्य जीवन जियलासे प्रसन्न भेलक । बेटा बापके छायाँ वा कहके कभिकाल कहले । जे पुत्रके वा बेटाके देखले, तब ओका उ बेटाके बाबु कईसन बा कहके थाह होखले । औसही जे येशूके चिन्हले, उ परमेश्वरके कईसन बा कहके जानले, काहेकी येशू हि परमेश्वरसे आएल वचन बा जे परमेश्वरके चरित्र देखाए आएल बा । धर्मशास्त्र कहले, वचन देहधारी होएलक, हमनीके बीच मे वास कएलक । परमेश्वरके केहु कहियो ना देखले बा । पिताके साथमे रहेबाला एकमात्र पुत्र उनकरा प्रकट कएले बा युहन्ना १:१४,१८) । येशू पवित्र पुत्र बा । यी कारण परमेश्वरके स्वर्गसे यी कहेके लाज ना लागलक : “यी हमर प्रिय पुत्र बा, जेकरा से हम अति प्रसन्न बारी !” आजके बाँकी समयमे हमनीके येशू बप्तिस्मा लेलाके बाद कठी कएलक

कहके सुनम :

तब दियाबलससे परीक्षा होएके लागि पवित्र आत्मासे येशु उजाडस्थानमे गेलक । उहाँ चालीस दिन आ चालिस राततक उपवास बईथलाके बाद भुखागेल । तब परीक्षा करेबाला (शैतान) येशूकहाँ आके कहलक, “अपने परमेश्वरके

पुत्र बारी त यी पत्थरके रोटी होजाव कहके आज्ञा देऊ ।" लेकिन येशू जवाफ देलक, “लिखल बा, आदमी रोटीसे मात्र ना, लेकिन परमेश्वरके मुहसे निकलल हरेक वचनसे जीवित रहले ।” तब दियाबलस उनकरा पवित्र नगरमे लेजाके मन्दिरके शिरमे खडा कएलक, आ येशूके कहलक, “अपने परमेश्वरके पुत्र बारी त, यीहाँसे निचा कुदजाऊ, काहेकी यी लिखल बा, परमेश्वर अपन स्वर्गदूतसबके जिम्मामे तोहनीसबके देई, आ स्वर्गदूत तोहनीके अपन हातसे थामली।” येशू उनकरा कहलक, “ लिखल बा, तु अपन परमप्रभु परमेश्वरके परीक्षा न करीह ।” फेर दियाबलस येशूके उच्च पर्वतमे लेजाके संसारके सब राज्य आ उनकर वैभव येशूके देखएलक, आ कहलक, “अपने झुकके हमरा दण्डवत करम त, यी सबथोक हम अपनेके देहम ।” तब येशू दियाबलसके कहलक, “शैतान तु दूर होजा ! काहेकी लिखल बा, तु परमप्रभु अपन परमेश्वरके दण्डवत करीह आ उनकरे मात्र सेवा करीह ।" तब दियाबलस उनकरा छोडके चलगेल आ स्वर्गदूतसब आके उनकरा सेवा टहल कएलक । (मत्ती ४:१-११)

तीन चोटी शैतान येशूके उनकर आज्ञा पालन करे आ पाप करेके लागि फसाएके खोजलक । सब तीन बेरतक येशु परमेश्वरके उधृत करके शैतानके जवाफ देलक । जईसे शैतान आदम आ हव्वाके अदनके बगैँचामे पाप करेके लागि प्रलोभनमे पारले रहें, औसही शैतान प्रभु येशूके भि उजाडस्थानमे पाप करेके लागि प्रलोभन देखएलक । लेकिन येशू

पाप ना कएलक ।

दियाबलस अर्थात शैतान काहे येशूके परीक्षा कएलक त ? काहेकी आदमके सन्तानसबके उसबके पापसे बचाबेके लागि आ शैतान से से छुटकरा देबेके लागि येशु स्वर्गसे यी पृथ्वीमे आएल उद्धारकर्ता बा कहके शैतानके थाह रहे । यदि येशू एगो मात्र पाप करईत त, उ आदमके सन्तानसबके पापके पभुत्वसे बचाबे ना सकईत कहके शैतानके निमनसे थाह रहे । अईसही शैतान येशूके छल करके धोका देबेके खोज्लक । लेकिन येशू शैतानके जालमे ना परलक ।

ह, शैतान हमनीके पुर्खासब, आदम आ हव्वाके जित्लक, लेकिन उ परमेश्वरके पवित्र पुत्रके जिते ना सकल । प्रभु येशू पाप करे ना सकी काहेकी परमेश्वर पाप करे ना सकी । जईसन बाप औसन बेटा । येशू मानव शरीरमे आएल

|

परमेश्वरके पुत्र रहे । आदमके सन्तानसबके शैतानके शक्ति आ पापके दण्डसे छुटकरा देबेके लागि परमेश्वर उनकरा संसारमे पठएले रहे । केवल प्रभु येशू मात्र हमनीके शैतान आ पापके शक्तिसे छुटकरा देबे सकी, काहेकी उ मात्र शैतान आ पापके जित्लक । एहीसे धर्मशास्त्र ख्रीष्टके बारेमे कहले : काहेसे यी उचित रहे कि हमनीके लागि अईसन एक जना प्रधान पूजाहारी होएके चाही, जो पवित्र, दोषरहित, निष्कलङ्क, पापीसबसे अलग, आ स्वर्गसे भि उपर उच्च कएल बा । प्रभु येशू अउर प्रधान पूजाहारीसब जईसन पहिले अपने पापके लागि आ ओका दिनदिने बलिदान चढाएके ना परी । (हिब्रू ७:२६-२७)

सुनके साथ देली अपने सबके बहुत बहुत धन्यवाद बा । परमप्रभु अपनेके यी सब बातके अन्तर्दृष्टि देले होखे । परमेश्वरके थुमा दोसर कार्यक्रमके लागि हमनीके अपनेके दोसरका कार्यक्रममे सहभागी होएके लागि आमन्त्रण करईतबारी । हमनीके अपनेके लागि पवित्र धर्मशास्त्रसे यी पद पढईत बारी : येशू ख्रीष्ट हमनीके पापसब उठाके लेजाए लागि प्रकट भेलक, आ उनकरामे कौनो पाप न बा । (१ युहन्ना ३:१५)

कार्यक्रम ६४

परमेश्वरके थुमा

युहन्ना १, ३

वितल दुगो कार्यक्रमसबमे, हमनीके सुनली कि येशू ख्रीष्ट उनकर जनम आ उनकर चरित्र (स्वभाव) मे अद्धितीय बा । उनकर जनमके सन्दर्भमे, येशू अद्धितिय रहे । उनकर संसारिक पिता अर्थात शारीरिक पिता ना रहे । कन्या कुमारी स्त्रीसे (जनम लेके उ मानव जातिमे अएलक, लेकिन उ मानव जातिसे उत्पन्न भेल ना रहे । उनकर चरित्रके स्तनदर्भमे, येशू पुन पवित्र रहे । काहेकी उ परमेश्वरसे आएलक, लेकिन आदम से ना । येशूके हमनीके जईसन शरीर रहे, लेकिन येशूमे हमनीके जईसन पापी स्वभाव ना रहे ।

आज हमनीके सुसामाचार (इन्जिल) के निरन्तरता देहम आ अगमवक्ता युहन्ना (याहया) येशके बारेमे गवाही देल बात सुनेके योजनामे बारी । युहन्ना अगमवक्ता रहे जेकरा परमेश्वर खीष्टके अगारी अगारी रास्ता तयार करेके लागि ख्रीष्टके पठाबेसे पहिले पठएले रहे । हमनीके सुबल : जब यरुशलेमसे यहुदीसब पूजाहारीसब आ लेवीसबके यूहन्नाकहाँ "तु के बार ?" कहके पुछेला पठएलक, तब युहन्नाके गवाही रहे । उ स्वीकार कएलक, आ इन्कार ना कएलक, आ "हम ख्रीष्ट न बारी" कहके स्वीकार कएलक । उसब युहन्नाके कहलक, "तु के बार ? हमनीके कह, आ हमनीके पठाबेबालाके हमनी जवाफ देबे सकू । तु अपन विषयमे कठी कहल ?" उ कहलक, "यशैया अगमवक्ताके कहल अनुसार, परमप्रभुके मार्ग तयार कर कहके उजाडस्थानमे कराएबाला एक आदमीके हम आवाज बारी ।" यूहन्ना उसबके जवाफ देलक, "हम त पानीसे बप्तिस्मा देईसी, लेकिन तोहनीसबके अगारी एक जना खड्डा बा, जेकरा तोहनीसब ना चिन्हला । हमरा पछारी आएबाला उहे बा । उनकर जुताके फिता खोलेके योग्यके हम ना बारी।" यी बात यर्दन नदीके पार बेथानियामे भेल रहे, जहाँ यूहन्ना बप्तिस्मा देईत रहे। दोसरा दिन यूहन्ना येशूके आपना ओर आईत देखके कहलक, "देख, संसारके पाप उठाके लेजाएबाला परमेश्वरके थुमा । छ उहे बा, जेकर विषयमे हम कहले रहली, हमरा बाद एकजना आदमी आई, जे हमरासे भि उच्च बा, काहेकी उ हमरासे अगारीए रहे। " (युहन्ना १:१९-२०, २२-२३,२६-३०) ।

आऊ अब हमनीके एक तैईका अगमवक्ता युहन्नाके बारेमे विचार करु । उ ख्रीष्टके बारेमे कठी कहलक कहके कठी अपने सुनली ? हमनीके फिर धर्मशास्त्रके सुनु । यीमे कहल बा : युहन्ना येशूके अपना ओर आईत देखके कहलक, "देख, संसारके पाप उठाके लेजाएबाला परमेश्वरके थुमा !" हमनीके पहिले पढलेल बारी कि कईसे परमेश्वके अगमवक्तासब ख्रीष्टके उद्धारकर्ता, मुक्तिदाता, राजा, आ प्रभु, परमेश्वरके वचन आ परमेश्वरके पुत्र जईसन बहुत नामसब पूरा कएलक । अखनी हमनीके उनकरा परमेश्वरके थुमा कहईत सुनईत बारी । यूहन्ना काहे येशूके परमेश्वरके थुमा कहलक त ? कठी येशू थूमा रहे त ? ना, येशू वास्तविक थुमा रहे, जईसे हमनीके सेनेगालीसब वास्तविक सिंहसब ना, बारी आ फिरभि हमनीके कभिकाल अपनाके सिंहसब हि कहईसी । हमनीके स्पष्ट रुपमे थाह बाकी यी त केवल कहेबाला तरिका मात्र बा, काहेकी हमनीके सिंहके बल आ तागत अपनासँगे रहो कहके चाहईत बारी । लेकिन अगमवक्ता यूहन्ना काहे. येशूके परमेश्वरके थुमा कहलक त ? ख्रीष्ट कईसे थुमा जईसन रहे ? काहे यूहन्ना येशूओर देखाईत अपन चेलासबके "देख, संसारके पाप उठाके लेजाएबाला परमेश्वरके थुमा !" कहलक ?

परमेश्वरके थुमाके यी उपाधिके अर्थ कठी बा, कहके बुझेके लागि, हमनीके आदम आ हव्वा पाप कएलाके बाद परमेश्वर कठी कहले रहे कहके सम्झेके परी ।

परमेश्वर पापके ज्याला वा भुक्तानी मृत्यु आ नरक बा आ यदि निष्कलंक बलिदानके खून ना बहावल जाई त, पापके क्षमा ना होए सकी कहके आदेश देले रहे । एकरा बाद, हमनीके सुनईसी की कईसे आदम आ हव्वाके दोसरका बेटा हाबिल परमेश्वरमे विश्वास कएलक, एगो थुमा मारलक, आ अपन पाप ढाकेके लागि बलिदानके रुपमे परमेश्वरके अर्पण कएलक । जब परमेश्वर थुमाके खून देखलक, उ हाबिलके पापके सजायँ रद्ध करदेल, आ उनकरा धर्मी ठहरएलक काहेकी उनक सट्टामे एगो निर्दोष थुमाके मृत्यु भेल रहे । लेकिन उ थुमाके खून अस्थायी समाधान मात्र रहे कहके परमेश्वर बतएलक । एगो थुमा पापके लागि पर्याप्त (भुक्तानीके रुपमे स्वीकार ना होई, काहेकी थुमाके मूल्यसे पुरुष, स्त्री वा बच्चाके मूल्य बराबर ना होई । उ थुमा उद्धारकर्ताके एगो छायाँ मात्र रहे जे संसारमे आएबाला रहे आ पापीसबके परमेश्वरके धार्मिक न्यायसे छुटकारा देबेके लागि अपन खून बहाएबाला रहे । येशू जे रहे - अनन्त वचन आ परमेश्वरके पुत्र) उनकरा कारणसे हि उ संसारके पापके ऋण तिरेके योग्य रहे । येशूके जनम होएसे सात सय वर्ष अगारी, ख्रीष्ट हमनीके पापसब उठाएके लागि बलिदानमे मरेबाला थुमाके रुपमे आई कहके यशैया अगमवक्ता लिखले रहे (यशैया ५३:७) । अईसही हाबिल आ ख्रीष्टके समयके बीचमे परमेश्वरमे विश्वास करेबाला सब थुमाके बलिदानमे सहभागी होईत । नोआ, अब्राहाम, मोशा, दाऊद, अन्य अगमवक्तासब, आ परमेश्वर आ उनकर योजनामे विश्वास करेबाला सबके पाप ढाकेके लागि निष्कलंक थुमाके बलिदान करेके बानी रहे । यी बलिदानसब एगो समयके देखएले रहे जब परमेश्वर अपने थुमाके पठाएबाला रहे आ जे पाप उठाएके लागि आएबाला रहे ।

अईसहीए, प्रिय स्रोतासब, जब अगमवक्ता युहन्ना येशूके अपना ओर आईत देखलक, आ उनकरा ओर देखाईत अपन चेलासबके कहलक, “देख, संसारके पाप उठाके लेजाएबाला परमेश्वरके थुमा !” अईसही, युहन्ना अपन चेलासबके बतएलक कि उसबके अगारी खरा होएल येशू हि ख्रीष्ट, थुमा बा, केकरा परमेश्वर स्वर्गसे पूर्ण बलिदान होएके लागि पठएले रहे । येशू हि पवित्र बलिदान बा जे आदमके सन्तानसबके स्थानमे मरेके लागि संसारमे अएलक ता कि परमेश्वर हमनीके पापसब सदाके लागि क्षमा करे सकल होए । एकराबाद धर्मशास्त्र कहले : फेर, दोसर दिन, युहन्ना उनकर चेलासबमध्ये दु जनासँगे खरा भेल रहे, उ येशूके जाईत देखके कहलक, “देख, परमेश्वरके थुमा !” उनकर कहल यी बात सुनके उ दुगो चेलासब येशूके पछारी लागेल । येशू फिरके देखलक, आ उसबके पछारी पछारी आईत देखके उसबसे पुछलक, “तोहनीसब कठी खोजईत बार ?” उसब येशूके कहलक, “रब्बी (जेकर अर्थ बा गुरुज्यू), अपने कहाँ रहईसी ?” येशू उसबके कहलक “आब आ तोहनीसब देख्ब ।" उसब गेलक आ उ बईथल स्थान देखलक । उसब उ दिन उनकरा सँगे रहलक, काहेकी प्रायः चार बजगेल रहे । युहन्नाके कहल बात सुनेबाला आ येशूके पछ्यायबाला उ दु जनामध्ये एक जना सिमोन पत्रुसके भाई आन्द्रियास रहे । उ पहिले अपन भाई सिमोनके भेट्टएलक । येशू उनकरा देखलक आ कहलक, “तु योआनेसके बेटा सिमोन बार, तु (जेकर अर्थ पत्रास अर्थात चट्टान) कहलएब ।” दोसर दिन येशू गालीलमे जाएके निश्चय कएलक । आ फिलिपके भेट्टाके कहलक, “हमर पछारी लाग ।” आन्द्रियास आ पत्रूस जईसन फिलिप भि बेथसेदा शहरके रहे। फिलिप नथानेलके भेट्टाके कहलक, "जेकर विषयमे मोशा व्यवस्थामे आ अगमवक्तासब भि लिखले रहे, योसेफके पुत्र नासरतके येशूके हमनीके भेट्टाएल बारी ।” नथानेल

फिलिपके कहलक, “कठी नासरतसे भि असल बात चिज आएसकी त ? फिलिप उनकरा कहलक, “आके देख ।” (युहन्ना १: ३५-४६)

अईसही, परमेश्वरके अगमवक्ता यूहन्नाके चेलासब येशूके पछारी लागेल । अब यूहन्नाके चेलासब काहे यूहन्नाके छोरके येशूके पछारी जाए लागेल त ? काहेकी उसब यूहन्ना येशूके बारेमे उसबके जौन बात कहले रहे, उमे विश्वास कएले रहे । अगमवक्तासबके लिखल अनुसार येशू हि परमेश्वरके थुमा आ खीष्ट बा कहके उसब विश्वास करेके कारण उसब यूहन्नाके छोरके येशूके पछारी उसब लागेल रहे । यीहेकारण आन्द्रियास (जे यूहन्नाके चेला रहे), जब येशू हि ख्रीष्ट बा कहके बुझलक, तब उ अपन भाई सिमोन पत्रुसके खोजेगेलक आ उनकरा कहलक, “हमनीके ख्रीष्टके भेट्टाएल बारी !”

1

आ जब दोसर चेला, फिलिप येशूके के बा कहके चिन्हलक, तब उ भि खुशी होगेल, आ अपन मित्र नथानेलके कहलक, “हमनीके उनकरा भेटईली, जेकर बारेमे मोशा व्यवस्थामे आ अगमवक्तासब अपन लेखमे लिखले रहे : नासरतके येशू !” आन्द्रियास आ पत्रास, फिलिप आ नथानेल सबजन येशूके देखके बहुत खुशी भेगेल, काहेकी उसबके थाह रहे कि हजारो वर्षसे अगमवक्तासब ख्रीष्टके आगमनके बारेमे भविश्यवाणी करईत आएल रहे । आ अब उसब येशूके अपने आँखसे देखईत रहे । परमेश्वरके स्तुती होखे ! सब अगमवक्तासबके लिखल शक्तिशाली उद्धारकर्ता अखनी उसबके बीचमे रहे ! अन्तमे ख्रीष्ट आएल रहे ! यूहन्नाके यी चार जना चेलासब येशूके पछ्याबे लागेल आ उसब हि येशूके प्रथम चेलासब बनगेल । धर्मशास्त्रके दोसर खण्ड कहले : उ रास्तासे जाईत समयमे दोसर दुगो भाई, जब्दियाके बेटासव याकूब आ उनकर भाई यूहन्नाके उसबके बाबु जब्दियासँगे डुङ्गामे अपन जाल तुनईत देखलक, आ येशू उसबके बोलएलक । येशू उसबके कहलक, हमरा पछारी लाग, आ हम तोहनीसबके आदमीसबे मछुवा बनाएम । ") तब उहे समयमे आ उसबके बाबुके छोरके उसब येशूके पछारी लागेल । आ येशू उसबके सभाघरसबमे सिकाईत राज्यके सुसाचाचर प्रचार करईत, आ आदमीसबमे रहल हरेक किसिमके रोग आ शारीरिक दुर्वलता निमन करईत सारा गालीलभर घुमलक । येशूके कीर्ति सिरियाभर फैलगेल आ बिरामीसब अर्थात हरप्रकारके रोग आ पीडासे सताएल, भूत लागल आ छारेरोग लागल, आ पक्षघात भेल सबके आदमीसब येशूकहाँ लेअएलक । येशू उसबके निमन कएलक । आ गालील, डेकापोलिस, यरुशलेम, यहूदिया आ यर्दन पारिके बरका भीडसब उनकर पछारी लागेल ।(मत्ती ४:२१) दोसर पाठमे हमनीके, बरका आश्चर्यकर्मसब कएलक कहके बारेमे थप बातसब पढेके योजना कएले बारी । लेकिन आजके बाँकी समयमे हमनीके अगमवक्ता यूहन्नाके कठी भेलक कहके देखेके चाहम । सब अगमवक्तासबके लिखल येशू हि ख्रीष्ट बा कहके जब उ घोषणा कएलक, तब उनकरा छोरके यूहन्नाके चेलासब येशूके पछारी लागेल । कठी यी बातसे यूहन्नाके खुशी लागल रहे त ? एकर जवाफ हमनीके यूहन्नाके ३ अध्यायमे सुनेसकम, जहाँ यी प्रकारसे लिखल बा : कुछ आदमीसब यूहन्नाकहाँ आके कहलक, “गुरुज्यु, यर्दन पारि जे अपनेसँगे रहे, जेकर बारेमे अपने गवाही देली, देखु उ बप्तिस्मा देईत बा, आ सब जन उनकरा लगे जाईत बा ।” यूहन्ना जवाफ देलक, “आदमीके स्वर्गसे जब तक ना मिली तबतक उ कौनो चिज पाए नसकी । हम ख्रीष्ट न बारी, लेकिन हम उनकरासे अगारी पठाएल बारी कहके हमर गवाही तोहनीसब अपने देबल । जेकरासँगे दुलही बा, दुलाहा उहे बा । दुलाहाके मित्र, जे उनकर छेउमे खरा होई, उनकर सोर सुनके अत्यन्त आनन्दित होई । यीहे कारण हमर यी आनन्द पूर्ण भेल बा । उ बरहो, लेकिन हम घटु यी आवश्यक बा । (यूहन्ना ३:२६-३०)

अपनेके यी बारेमे कठी लागले ? यूहन्नाके चेलासब उनकरा छोरके ख्रीष्टके पछारी जब लागलक यूहन्ना बहुत आनन्द व्यक्त कएलक । युहन्नाके आनन्द पूर्ण रहे, काहेकी उ अपन मिशन पूरा कएले रहे । यूहन्ना मसीहके लागि रास्ता तयार कएले रहे । परमेश्वरके साँचो अगमवक्ता होके यूहन्नाके चाहना आदमीसबके मुक्तिदाता ओर लेजाएके रहे । एहीसे युहन्ना कहलक, “उ बरहो, आ हम घटू यी आवश्यक बा । "

अगमवक्ता यूहन्ना आजके बहुत धार्मिक अगुवासबसे केतना फरक रहे । एक साँचो आत्मिक अगुवा अपनेके हरदम प्रभु येशूके देखाएके काम करले, काहेकी स्वर्गीयलोकमे परमेश्वरके उपस्थितिमे अपनेके येशू मात्र ले आए सकी । यूहन्नाके थाह रहे कि उहाँ परमेश्वरके बहुत अगमवक्तासब रहे, लेकिन मुक्तिदाता एगो मात्र रहे। अगमवक्ता यूहन्ना कहलक : जे पुत्रमे विश्वास करले, ओकरामे अनन्त जीवन बा । जे पुत्रके आज्ञा पालन ना करी, उ जीवन देखे ना सकी, लेकिन परमेश्वरके क्रोध उनकरा उपर रहले (यूहन्ना ३:३६) ।

यूहन्नाके जीवनके अन्त्यके बारेमे धर्मशास्त्र कहले : अईसही और बहुत अर्तीसबसे (खीष्टके बारेमे) शिक्षा देके यूहन्ना आदमीसबके सुसमाचार प्रचार कएलक ।

लेकिन शासक हेरोद अपन भाईके पत्नी हेरोदियासके राख्लाके कारण आ उनकर कएल सब सुकर्मके लागि यूहन्ना उनकरा हप्कएले रहे । (लूका ३:१८-१९) यूहन्ना राजा हेरोदके उनकर पापके लागि हप्कएले रहे, लेकिन अपन पापके पश्चाताप करेके सट्टामे राजा क्रोधित होके यूहन्नाके गिरफ्तार कएलक, यूहन्नाके बाँधके आ अन्तमे मारेके आदेश देलक । आ धर्मशास्त्र कहले, अईसही यूहन्नाके मृत्यु भेलक आ उ अपनाके प्रभुके साथमे पलक (२कोरिन्थी ५:८) । येशू अपन चेलासबके कहलक कि अगमवक्ता यूहन्ना उहाँसे पहिले आएल सब अगमवक्तासबसे महान रहे । यूहन्नाके कौन बात एतना महान बनएलक ? काहेकी उ आदमीसबके येशू ख्रीष्ट चिनाएके काम कएलक । पहिले अगमवक्तासब “ख्रीष्ट आई" कहके घोषणा कएलक त यूहन्ना "ख्रीष्ट यीहाँ बा !” उनकरामे विश्वास कर । उनकरा पछ्याब" कहके प्रचार कएलक ।

परमेश्वरके ईच्छामे हमनीके दोसर कार्यक्रममे हमनीके येशूके महान चिकित्सक- काहे कहले कहके पत्ता लगाएम । आज हमनीके अध्ययन कएल बातसब, विशेष करके अगमवक्ता यूहन्ना येशूके बारेमे कहल यी बातसबमे परमेश्वर अपनेके अन्तदृष्टि देले होए । “देख, संसारके पाप उठाके लेजाएबाला परमेश्वरके थुमा ! (युहन्ना १:२९) ।

कार्यक्रम ६५

महान चंगाईकर्ता मर्कुस १,२

अपनेसबमध्ये बहुतके थाह बा, पवित्र धर्मशास्त्रके माध्यमसे हमनीके यात्रामे अखनी सुसमाचार (इन्जिल) मे अध्ययन करईत बारी । यी पवित्र पुस्तक बा जे आदमके सन्तानसबके शैतान आ पापके प्रभुत्वसे मुक्त करे संसारमे आएल ख्रीष्टके बारेमे सुसामाचारके जोरले । हमनीके अन्तिम कार्यक्रममे येशू ख्रीष्ट शहरसब भ्रमण करेलागेल, भीडके शिक्षा देलक आ आदमीसबके सामने हरेक रोग आ विमारसबके निमन कएलक कहके सुनली । उनकर कीर्ति देशभर फैलगेल । आज हमनीके उनकर शिक्षासब सुने आ उनकर बहुत कामसबके देखेके लागि येशू ख्रीष्टके बारेमे भेल कथाके निरन्तरता देहम । मर्कुसके सुसामाचार १ अध्यायके हमनीके सुनम ।

येशू आ उनकर चेलासब कपर्नहुम कहेबाला शहरमे गेलक, आ तुरुन्ते शबाथ दिनमे सभाघरमे पईसके उ शिक्षा देबे लागेल । आ उसब उनकर शिक्षामे चकित होगेल । काहेकी उसबके शास्त्रीसब जईसन ना, लेकिन अधिकारसे सिकएलक । उहे समय उ सभाघरमे अशुद्ध आत्मा भेल एकजना आदमी रहे । उ यी कहके चिच्यएलक, “हे नासरतके येशू, हमनीके अपनेसे कठीके सरोकार ? कंठी अपने हमनीके सर्वनाश करेके लागि आएलबारी ? हम अपनेके चिन्हईसी अपने परमेश्वरके पवित्र जन बारी । लेकिन येशू ओका हकारके कहलक, “चूप, आ ओकर देहसे निकलजो ।” उ आदमीके लछारपछार करईत उ अशुद्ध आत्मा बरका स्वरसे चिच्याके उ आदमीसे बाहर निकलगेल । तब सब जना अचम्म मानगेल आ उसब आपसमे कहेलागेल “यी के बा ? यी त नयाँ शिक्षा बा । उ त अधिकारसे अशुद्ध आत्मासबके भि आज्ञा करले, आ उसब एकर आज्ञा मानले ।” तब जल्दीए येशूके कीर्ति गालीलके इलाका आसपास चारुओर फैलगेल ।(मर्कुस १:२१-२८)

येशूके शिक्षासब धार्मिक गुरुसबके शिक्षासे बहुत फरक रहे । सभाघर धर्मशास्त्रमे आराधना आ शिक्षा देबेके लागि प्रयोगकाएल विशेष भवनमे येशूके बात सुनेबालासब उनकर वचनसब सुनके छक्क परगेल काहेकी येशु उसबके अधिकारके साथ सिकाईत रहे जे उसबके व्यवस्थाके शिक्षकसबसँगे ना रहे । अपनेके व्यवस्थाके शिक्षकसबके बारेमे थाह बा । उसब तोराह (तवरात), भजनसंग्रह (जबुर) आ अउर भविश्यवक्तासबके पुस्तकसबके व्याख्या करेके रहे । जे भि होए, उसब भविश्यवक्ताके लेखसबके निमनसे व्याख्या करे ना सकल रहे, काहेकी उसब उ लेखसबसे साँचो रुपसे ना बुझले रहे । उसब अपन धार्मिक कर्तव्यसब आ उसबके पुर्खासबके परम्पराके बारेमे सब जानईत रहे, लेकिन परमप्रभुके वचन ना जनईत रहे । यी धार्मिक “विज्ञ"सब अपन ओठसे मात्र परमेश्वरके आदर करईत रहे लेकिन उनकर वचनके प्रेम करईत रहे । एहीसे जब येशू जे उसबके धार्मिक विद्यापीठसबमे कहियो अध्ययन ना कएलक) उसबके सभाघरमे प्रवेश कएलक आ अधिकार आ स्पष्टताके साथ धर्मशास्त्रके व्याख्या करे लागेल, तब यी शिक्षकसब बहुत लज्जित होगेल । उसबके अपनमानमे थपेके लागि सभाघरके आदमीसब येशूके वचनसब आ कामसब देखके छक्क परगेल आ एक दोसराके “यी के बा ?” कहके पुछईत रहे । “येशू यी नयाँ खालके शिक्षा कहाँसे पएले रहे त ? यी अधिकारके साथ उ कइसे सिकाएसकल ? उ दुष्ट आत्मासबके भि आज्ञा करले, आ उसब उनकर आज्ञापालन करले | हमनीके अईसन कहियो ना देखले बारी । यी आदमीसब जईसन केहु अभितक सिकाए ना सकल बा।” अईसने

बातसब उसब एकआपसमे कएले रहे । साँचो आदमके पाप कएल दिनसे येशू आश्चर्यकामसब करेके दिनतक आदमीसब ओतेक शक्तिशाली कामकएल दोसर केको भि ना देखले रहे । लेकिन अब उसब एके शब्दमे शैतान आ उनकर भूतात्मासब भगाएसकेबाला आदमीके देखईत रहे ।

"हे

स्वर्गसे आएल ख्रीष्ट मात्र उ काम करेसकी । भुतात्मा लागल आदमी कठी कहलक अपने सुनली ? उ कहलक, नासरतके येशू, हमनीके अपनेसे कठीके सरोकार ? कठी अपने हमनीके सर्वनाश करेके लागि आएल बारी ? हम अपनेके चिन्हईसी: अपने परमेश्वरके पवित्र जन बारी !" (मर्कुस १:२४) येशू कहाँसे आएल रहे आ उ के रहे कहके उ भुतात्मासबके निमनसे थाह रहे । लेकिन बहुत आदमीसब येशू के रहे कहके थाह ना रहे। शैतान आ उनकर दूतसब प्रभु येशूसे बहुत डेराएलक काहेकी उहे परमेश्वरके आदिमे स्वर्ग आ पृथ्वी सृष्टि कएल वचन रहे कहके उसबके पक्का थाह रहे ।

उसबके अनन्तके आगीमे फालेके अधिकार येशूसँगे मात्र बा कहके उसबके थाह रहे । एहीसे उसब येशूके नाममे डरसे थरथर कापलक । अब हमनीके अध्याय १ के निरन्तरता देऊ । धर्मशास्त्र कहले : येशू आ उनकर चेलासब तुरुन्ते सभाघरसे निकलके याकूब आ यूहन्नाके साथमे सिमोन आ आन्द्रियासके घरमे पईसलक । सिमोनके सास ज्ववरोसे थला परल रहे, आ उसब तुरुन्त उनकरा विषयमे कहलक । येशू नजिक आके उनकर हात थामके उठएलक, आ ज्वारो ओका छोरदेल । तब सिमोनके सास उसबके सेवा कएलक । उ साँझमे घाम डुबलाके बाद आदमीसब येशूकहाँ बिरामीसब आ भूत लागलसब जाके लेअएलक । सारा शहर घरके दरबाजामे जम्मा भेल रहे । अनेक किसिमके रोगसे ग्रस्त भेल बहुत विरामीसबके येशू निमन कएलक, आ बहुत भुतसबके निकाललक, लेकिन भूतसब येशूके चिन्हलाके कारण येशू उसबके बोले नादेल । बिहान इन्जोत होएसे पहिले उठके येशू बाहर एकान्त ठाउँमे गेलक, आ प्रार्थना कएलक । सिमोन आ उसबसँगे रहेबाला येशूके खोजईत गेलक । येशूके भेटएलाके बाद उसब कहलक, “सब अपनेके खोजईत बा ।" तब उ उसबके कहलक, “आब, हमनीसब नजिकके और शहरसबमे जाऊ, आ उहाँ भि हम प्रचार करे पाऊ, काहेकी एहीके लागि हम आएल बारी ।" तब येशू सारा गालीलमे उसबके सभाघरसबमे प्रचार करईत आ भूतसबके निकालईत गेल । आ एक जना कुष्ठरोगी येशूकहाँ आके घुँदा टेकके बिन्ती कएलक, “अपने ईच्छा करम त हम निमन होजाएम।” तब दन्यासे भरके येशू अपन हात पसारके ओकरा छुलक आ कहलक, “हम इच्छा करईतबारी, तु निमन होजो ।” उहे समय ओकर कुष्ठरोग ओकासे हट्गेल, आ उ निमन होगेल । (मर्कुस १:२९ - ४२) एहिसे हमनीके सुनली कि येशू आदमीके हरेक रोग आ बिमारसे निमन कएलक, आदमके सन्तानसबके दया देखएलक, काहेकी उसब बिना चरबाहके भेडा जईसन रहे असहाय आ हैरान भेल रहे । लेकिन येशूके कएल बहुत बरका चमत्कारसबके दोसर भि कारण रहे । परमेश्वर अपन अगमवक्तासब मार्फत बहुत पहिले प्रतिज्ञा कएल ख्रीष्ट उहे बा कहके आदमीसब जानेसको कहके उसबके लाग प्रमाणित करेके लागि येशू सब किसिमके रोग बिमारसब निमन कएलक आ भूतसबके भि भागादेल । उदाहरणके लागि,

येशू ख्रीष्ट जन्मेसे सयौ वर्ष अगारी यशैया अगमवक्ताके लिखल बातसबके बारेमे हमनीके पहिले हि सुनले बारी । यशैया लिखले रहे, जब ख्रीष्ट आई, तब अन्धासबके आँख खुली, आ बहिरासबके कान उघार होइ, तब लङ्गडासब मृग जईसन कुदी, गूँगासब बोली स्तुति करी । (यशैया ३५:५-६) यी शब्दसबसे अगमवक्ता यशैया घोषणा कएलक कि

खीष्ट आश्चर्यकर्म करी जे केहू भि कहियो ना कएले रहे । कईसे परमेश्वर मोशा आ एलियाके बरका बरका आश्चर्यकर्मसब करेके क्षमता देले रहे कहके बारेमे हमनीके पहिले हि सुनले बारी, लेकिन उ दुगो अगमवक्ताके कएल आश्चर्यकर्मसब ख्रीष्टके कएल आश्चर्यकर्मके तुलनामे बहुत कम रहे। साथै मोशा आ एलीयासँगे आश्चर्यकर्मसब करेबाला अपने कौनो शक्ति ना रहे, लेकिन येशू ख्रीष्ट परमेश्वरके शक्तिसे भरपूर रहे काहेकी उ स्वयम परमेश्वरके वचन रहे जेकरा से संसार सृष्टि भेल रहे । मर्कूसके सुसमाचारके निरन्तरता देईत, अध्याय २ मे धर्मशास्त्र कहले : कुछ दिनके बाद उ कफर्नहुम फिरके गेलक, आ आदमीसब येशू घरमे बा कहके सुनलक । तब एतना आदमीसब जम्मा भेल कि उसब उहाँ ना अँटएलक, यीहाँतक कि दरवाजाके बाहर भि ठाउँ ना भेल, आ येशू उसबके परमेश्वरके वचन प्रचार करईत रहे ।

तब, चार जना एगो पक्षघातीके लेके आदमीसब उनकरा कहाँ अएलक । भीडके कारण येशूके नजिक उ आदमीके पुगाए नसक्लाके बाद उसब येशू रहल ठाउँके उपरके छाना खोललक, आ उ ठाउँसे पक्षघातीके सुतल खातसमेत निचा उतारदेल । येशू उसंबके विश्वास देखके उ पक्षघातीसबके कहलक, “ए बेटा तोहर पापसब क्षमा होगेल ।” लेकिन उहाँ कुछ शास्त्रीसब बईथल रहे, आ अपन मनमे विचार करईत रहे, “यी आदमी काहे अईसे बोलले ? यी त ईश्वर निन्दा बा । केवल एक, अर्थात परमेश्वर बाहेक और के पाप क्षमा करे सकी ?” तब उसब आपसमे यी विचार करईत बा कहके येशू तुरुन्ते अपन आत्मामे थाह पाके उसबके कहलक, “काहे तोहनीसब अपन मनमे अईसन विचार करल ? पक्षघाटीके तोहर पापसब क्षमा होगेल, कहला कि तोहर खाट उठाके जो कहला, कौन सजिलो बा ? लेकिन आदमीसबके पुत्रके पृथ्वीमे पाप क्षमा करेके अधिकार बा कहके तोहनीसब जान ।" तब येशू उ पक्षघाटीके कहलक “हम तोहरा कहईसी, उठ, अपन खाट उठाओ, आ घर जो ।” उ उठ्के आ तुरन्ते खाट उठाके सबके सामनेसे चलगेल । यहाँतक कि, सब जना आश्चर्य चकिट भेगेल, आ “हमनीके अईसन कहियो ना देखले बारी” कहके उसब परमेश्वरके महिमा कएलक । (मर्कुस २:१-१२)

येशूके शक्ति एगो बिरामीके निमन करेमे मात्र सिमित ना रहे, लेकिन ओकासँगे व्यक्तिके पापी हृदयके निमन करेके शक्ति भि रहे कहके हमनीके यी कथामे सुनईसी । येशू, जे महान चिकित्सक बा, उनक

आदमीके सबसे

बरका समस्या ओकर लड्गडा गोर ना, लेकिन ओकर हृदय पापी बा कहके थाह रहे । एहीसे येशू सबसे पहिले उ आदमीके कहलक, बेटा तोहर पापसब क्षमा होगेल बा ।" येशू जब यी कहलक व्यवस्थाके शिक्षकसब कठी सोचईत रहे ? उसब मनमने यी सोचईत रहे, “येशू ईश्वर निन्दा करईत बा ! परमेश्वर मात्रे पाप क्षमा करे सकी ।" उसबके विचार आंशिक रुपमे सत्य आ आंशिक रुपमे सत्य आ आंशिक रुपमे गलत रहे । परमेश्वर बाहेक और केहू भि पाप क्षमा करे ना सकी यी बात साँच बा । यद्यपी, जब व्यवस्थाके शिक्षकसब येशू परमेश्वरके निन्दा करईत बा कहके सोच, यी बातमे उसब गलत रहे, काहेकी उसब येशू हि मध्यस्थकर्ता बा, जेकरा परमेश्वर पापीसबके परमेश्वरमे धर्मी बनाबेके लागि पठएले रहे कहके उसब बुझले ना रहे । येशू परमेश्वरके वचन रहे, एहीसे जब येशू तोहर पाप क्षमा भेगेल बा, कहलक, यी परमेश्वर अपने कहले रहे । प्रभु येशू पृथ्वीमे परमेश्वरके आवाज रहे । आ ओतनेमात्र ना, येशू त पापके सदाके लागि हटाएके लागि बलिदानके रुपमे अपन जीवन देबेके लागि जनम भेल एक मात्र आदमी रहे । जईसे एगो बाप अपन बेटाके ओकरा लागि काम करे आ बोलेके अधिकार देबले, औसही स्वर्गमे रहेबाला पिता भि

येशूके पृथ्वीमे पापसब क्षमा करेके अधिकार देलक । लेकिन व्यवस्थाके शिक्षकसब यी बातके विश्वास ना कएलक । हमनीके पास बहुत कम समय बा । यीहे कारण हमनीके यीसे पछारीके कुछ पदसब पढ़ू : येशू उहाँसे पक्षाघाटीके निमन कएल घरसे जब गेलक, तब मत्ती नाम भेल एगो आदमीके कर उठाएबाला अड्डामे बईथल देखलक, आ ओका कहलक, “हमरा पछारी लाग।” तब उ उठ्के येशूके पछारी लागेल (मत्ती ९:९) । येशू जब लेवीके घरमे भोजन करे बइथलक, तब कर उठाएबाला बहुत जना आ पापीसब भि येशू अ उनकर चेलासबके साथमे बईथल रहे । काहेकी येशूके पछ्यायबाला बहुत रहे । येशू पापीसब आ कर उठाएबालासबसँगे खाईत देखके फरिसी दलके शास्त्रीसब उनकर चेलासबके कहलक, “उ काहे कर उठाएबाला आ पापीसबसँगे बईथके खाबले ?” यी सुन्के येशू उसबके कहलक, 4 “निरोगीसबके वैद्यके जरुरी ना परले, लेकिन रोगीसबके मात्र परले। हम धर्मीसबके ना, लेकिन पापीसबके बचाव आएल बारी ।” (मर्कूस २:१५-१७)

यी वचनसबसे, महान चिकित्सक येशू व्यवस्थाके शिक्षकसबके, उसबके पापके कारणसे परमेश्वरके सामने बिरामी परल देखाएके चाहईत रहे । लेकिन यी धर्म गुरुसब अपन पापके ना चिन्हलक । वास्तवमे उसब येशूके आलोचना करईत रहे काहेकी उ कर उठाएबालासब आ "पापीसब" कहके चिन्हेबाला आदमीसबसँगे बईथके खएले रहे ।

यद्यपी पापीसबसँगे बा आ उसबके अपन पापसे बचाबेके लागि येशूके जनम भेल रहे । तब अपनेके बारेमे कठी बात ? अपने पाप नाम भेल भयानक रोग लेके जनम लेले बारी कहके अपनेके थाह बा ? अपनेभितरके पापसे अपनेके मरेके परी आ पवित्र परमेश्वरके न्यायके अगारी आएके परी । लेकिन परमेश्वरके प्रशंसा होखे, अपनेके हृदयमे रहल पापसे अपनेके निमन करेबाला एकजना व्यक्ति बा ! अपनेके थाह बा उ के बा ? ह, उ येशू ख्रीष्ट बा, जे पाप रहित रहे । उ आदमके सन्तानसबके उसबके पाप आ लाजसे बचाबेके लागि यी संसारमे अएलक । लेकिन परमेश्वर अपनेके हृदयके पापके निमन करेसे भि अगारी, अपने आपके हम पापसे विरामी भेल बारी कहके मानेके परी । अपना विरामी बारी कहके थाह पाएबालासब मात्रै डाक्टरकहाँ जाबले । औसही, हम पापी बारी कहके थाह पाएबालासब मात्रै पापीसबके मुक्तिदाता येशूकहाँ जाबले । अपनाके धमी बारी कहके कल्पना करेबालासबके लागि येशू न बा आएल, लेकिन हम पापी बारी कहके मानेबालासबके लागि येशू आएल बा । एहीसे येशू व्यवस्थाके शिक्षकसबके कहलक, “निरोगीसबके वैद्यके जरुरी ना परले, लेकिन रोगीसबके मात्र परले । हम धर्मीसबके मात्र ना, लेकिन पापीसबके बोलाबे आएल बारी ।” (मर्कूस २:१७)

प्रिय स्रोतासब, आज हमनीके यीहबे रुकेके परी । हमनीके दोसर कार्यक्रममे, परमेश्वरके इच्छामे, हमनीके सुसामाचारके निरन्तरता देहम आ पापीसबके निमन करेबाला येशूके मुहसे आएल कुछ अदभूत आ गहिरा वचनसब सुनम । येशू धार्मिक गुरुसबके कहल यी वचनसबके अपने विचार करईत परमेश्वर अपनेसबके आशिष देले होखे : “निरोगीसबके वैद्यके जरुरी ना परले, लेकिन रोगीसबके मात्र परले । हम धर्मीसबके मात्र ना, लेकिन पापीसबके बोलावे आएल बारी ।” (मर्कूस २:१७)

कार्यक्रम ६६

महान शिक्षक

“धन्य बार तोहनीसब, जब आदमीसब हमरा लागि तोहनीसबके निन्दा करी आ सताई, आ झूठ बोलके तोहनीसबके विरुद्धमे सब किसिमके खराब बात कही । तब रमाब, आ बहुत खुशी होख, काहेकी स्वर्गमे तोहनीसबके ईनाम बरका होई । काहेकी अईसही तोहनीसबसे अगारीके अगमवक्तासबके उसब सतएले रहे ।

“व्यवस्था अथवा अगमवक्तासबके रद्द करे हम आएल बारी कहके ना सम्झ । हम उ रद्द करे ना, लेकिन पूरा करे अईली । काहेकी साँच्चो हम तोहनीसबके कहईसी, जब तक स्वर्ग आ पृथ्वी टलके ना जाई तबत के सब चिज पूरा ना होके कौनो किसिमसे व्यवस्थासे एगो मात्र वा बिन्दू ना टली । यीहेकारण जे यी आज्ञासबमध्ये सबसे छोटके उलङ्घण करी, आ आदमीसबके ओइसही करेके सिकाई, स्वर्गके राज्यमे उ सबसे छोट कहाई । लेकिन जे उ आज्ञासब पालन करी आ सिकाई, स्वर्गको राज्यमे उ बरका कहाई । काहेकी हम तोहनीसबके कहईतबारी, तोहनीसबके धार्मिकता शास्त्री आ फरिसीसबसे बेसी ना होई त तोहनीसब कौनो रीतिसे स्वर्गके राज्यमे प्रवेश ना करी ।

"तोहनीसब सुनले बार, प्राचीन समयके आदमीसबके यी कहलगेल रहे, तु हत्या नकरी ह, आ जे हत्या करी उ दण्डके योग्य होई । लेकिन हम तोहनीसबके कहईसी, जे केहू भि अपन भाईसे क्रोध करी उ दण्डके योग्य होई, आ जे अपन भाईके अपमान करी, उ महासभामे जवाफदेही होई । लेकिन जे अपन भाईके मूर्ख कही, उ नरकके आगीमे परेबाला जोखिममे होई ।

तोहनीसब यी कहईत सुनले बार, तु व्यभिचार नकर। लेकिन हम तोहनीसबके कहईतबारी, जे केहू स्त्रीके काम वासनाके ईच्छासे देखी, उ अगारीएसे अपन हृदयमे ओकासे व्यभिचार करले । फिर तोहनीसब सुनले बार, की प्राचीन समयके आदमीसबके कहल गेल रहे, तु झुट सपथ नखाब, लेकिन परमप्रभुके लागि शपथ तु पूरा कर । लेकिन हम तोहनीसबके कहईसी, शपथ नखाब । स्वर्गके नाममे शपथ नखाब, काहेकी उ परमेश्वरके सिंहासन बा, नत पृथ्वीके, काहेकी उ परमेश्वरके पाउदान बा, न त यरुशलेमके, काहेकी उ महाराजाके शहर बा । तोहनीसबके कहल वचन ह बा तह, आन बात न मात्र होखो । यीसे बेसी दूष्टतासे आबले । तोहनीके सुनले बार, यी कहलगेल बा, आखके बदला आँख, आ दाँतके बदला दाँत । लेकिन हम तोहनीसबके कहईतबारी, दुष्टके मुकाविला नकर । जे तोहनीके दहिना गालमे बारी, ओक लागि दोसर गाल थप्द । यदि केहू आदमी मुद्धा चलाके तोहर कपरा लेबेके दाबी करी त तु अपन खाष्टा भि देद । यदि केहू तोहरा एक किलोमिटर जाए बाध्य करी त, ओकसँगे दु किलोमिटर चलजाब ।

तोहनीसब यी कहईत सुनले बार, तोहर छिमेकीके प्रेम कर, आ तोहर शत्रुके घृणा कर । लेकिन हम तोहनीसबके कहईतबारी, अपन शत्रुसबके प्रेम कर, आ तोहनीसबके सताबेबालाके लागि प्रार्थना कर आ तोहनीसब स्वर्गमे रहेबाला अपन पिताके बेटासब होखब |

परमेश्वर दुष्ट आ सज्जन दुनुके सूर्यके ताप देबले । काहेकी यदि तोहनीसबसे प्रेम करेबालासबके प्रेम करब त तोहनीसबके इनाम बा ? कठी महसुल उठाबेबालासब भि औसही ना करले त ? तोहनीसब अपन दाजुभाईसबके मात्र अभिवादन करब त औरसबसे बेसी कठी कएल ? कठी अन्यजातिसब भि औसही ना करले ? यीहेकारण जइसन तोहनीसबके स्वर्गमे रहेबाला पिता सिद्ध बा, तोहनीसब भि सिद्ध होएके परी । (मत्ती ५:१-४८) होशियार रह,

तोहनीसब आदमीसबके देखाबेके लागि धर्मकार्य नकर । नत स्वर्गमे रहेबाला तोहनीसबके पितासे तोहनीसब कुछो इनाम ना पएब । यी कारण जब तोहनीसब दान देबल, तब अपन सामने तुरही न बजाब, जईसे ढाँगीसब सभाघरसब आ सडकसबमे आदमीसबसे प्रशंसा पाएके लागि करले । साँच्चो हम तोहनीसबके कहईसी उसब अपन इनाम पालेल बा । लेकिन जब तोहनीसब दान देईस, तोहर दायाँ हात कठी करईत बा, उ बाया हात थाह नपाएसको । तोहर हात गुप्तमे रहो, आ गुप्तमे देखेबाला तोहनीके पिता तोहनीके इनाम देई । "जब तु प्रार्थना करईस, तब ढाँगीसब जईसन नहोख काहेकी उ सब सभाघरसबमे आ सडकसबके कुनामे आदमीसब देखो कहके खड़ा होके प्रार्थना करले । साँच्चो हम तोहनीसबके कहईतबारी, उसब अपन नाम पालेल बा ।

लेकिन तू जब प्रार्थना करल, अपन भित्री कोठामे जाके, आ ढोका बन्द करके गुप्तमे रहल अपन पितासे प्रार्थना कर आ गुप्तमे देखेबाला तोहनीके पिता तोहरा इनाम देई । आ प्रार्थना करेसमयमे अन्यजातिसब जईसन व्यर्थ नबरबराब । काहेकी बहुत शब्दमे बोलेसे उसबके सुनुबाई होखले कहके उसब विचार करले । यीहेकारण उसब जईसन न होख । काहेकी तोहनीसब उनकरा सँगे मागेसे पहिले तोहनीसबके कठी कठी के खाँचो बा, सो पिता जानले । "तोहनीसब यी किसिमसे प्रार्थना कर, हे हमर पिता, जे स्वर्गमे बारी, अपनेके नाम पवित्र होखे । अपनेके राज्य आए । अपनेके इच्छा स्वर्गमे जईसन बा, औसने पृथ्वीमे पूरा होखे । हमनीके आज दैनिक भोजन देऊ । हमनीके अपराध क्षमा करु, जईसे हमनीके अपन अपराधीसबके क्षमा कएले बारी । हमनीके परीक्षामे परे ना देऊ, लेकिन दुष्टसे छुटाउ काहेकी, राज्य पराक्रम आ महिमा सदासर्वदा अपनेके बा, आमेन ।

जब तोहनीसब उपवास बइथइस, तब ढोंगीसब जईसन उदास चेहरा न देखाब । काहेकी आदमीसबके उपवास बईथल देखाबेके लागि उसब अपन मुह अन्हार करले । साँच्चो हम तोहनीसबके कहईतबारी, उसब अपन इनाम पालेल बा । लेकिन तु जब उपवास बईथईस त अपन शिरमे तेल लगाब, आ अपन मुह धोअ । आ तोहर उपवास आदमीसब ना, लेकिन गुप्तमे रहेबाला तोहर पिता देखो, आ गुप्तमे देखेबाला तोहर पिता तोहरा ईनाम देई । "अपना लागि पृथ्वीमे धन जम्मा नकर, जहाँ किरा आ खिया उ नष्ट करले, आ जहाँ चोरसब घर फोरके उ चोराबले । लेकिन अपना लागि स्वर्गमे धनसम्पत्ति जम्मा कर, जहाँ कीरा वा खिया नष्ट ना करी, आ चोर भि ना चोराई । काहेकी जहाँ तोहर धन रही, उहाँ तोहर मन रही । आँख शरीरके बत्ती ह । यीहेकारण यदि तोहर आँख स्वस्थ बा त, तोहर सारा शरीर इन्जोत होई । लेकिन तोहर आँख खराब बा त तोहर सारा शरीर अँन्हार आ घोर अन्हार रही ! केहू दुगो मालिकके सेवा करे ना सकी । काहेकी उ एगोके घृणा करी आ तोसराके प्रेम करी । अथवा उ एगोप्रति भक्ति राखी, आ दोसराके उ तुच्छ ठानी । तोहनीसब परमेश्वर आ धनके सेवा करे ना सक्ब । यीहेकारण हम तोहनीसबके कहईसी, कठी खाएम, कठी पिएम, कहके अपन प्राणके लागि आ कठी लगाएम अपन शरीरके लागि फिक्री नकर । कठी जीवन खाएबाला चिजसे आ शरीर लुगाकपडासे उत्तम न बा ? आकाशके चराचुरुङ्गीके देख । उसब न त बीया रोपले, न अन्न कटनी करले, न भकारीमे बटुलले, लेकिन तोहनीसबके स्वर्गके पिता उसबके खियाबले । कठी तोहनीसब उसबसे बेसी मूल्यवान न बार ? तोहनीसबमध्ये कौन आदमी फिक्री करके अपन आयुमा एक घडी थपेसकी ? आ लुगाफाटाके लागि तोहनीसब फिक्री करईस ? मैदानके लिली फूलके देख, उ कईसे बढले । उ न परिश्रम करले, न धागो काटले । लेकिन हम तोहनीसबके कहईतबारी, सोलोमन राजा भि अपन सारा बैभवमे उसबमध्ये एगोजईसन आभूषित ना रहे ।

आज रहेबाला आ विहान अँगेनोमे फेकाएबाला घाँसके परमेश्वर अईसे पहीराबले त, ए अल्पविश्वासी सब, कठी तोहनीसबके झन बेसी परमेश्वर ना पहिराई ? यीहेसे कठी खाएम ? कठी पिएम ? कठी लगाएम कहके फिक्री नकर ।

काहेकी अन्यजातिसब यी सबथोक खोजले, आ तोहनीसबके स्वर्गमे रहेबाला पिता तोहनीसबके यी सब थोकके खाँचो बा कहके जानले । लेकिन पहिले उनकर राज्य आ उनकर धार्मिकताके खोजी कर, आ यी सबथोक तोहनीसबके लागि थपाई । (मत्ती ६:१-३३)

“दोसराके दोषी न ठहराब, आ तोहनीसब भि दोषी ना ठहरब । काहेकी जईसे तोहनीसब दोसराके दोषी ठहराईस, औसही तोहनीसब भि दोषी ठहरब । जौन नापसे तोहनीसब नापल, औसही तोहनीसबके लागि भि नापाई । काहे तु अपन भाईके आँखमे रहल धूराके कण देखल, लेकिन तोहर अपने आँखमे रहल मूढा थाह न पाबल ? अथवा तोहर अपने आँखमे मूढा बा त, कईसे तु अपन भाईके कहेसक्ब कि हमरा तोहर आँखसे धूराके कण निकाले द । ए ढाँगी पहिले अपन आँखसे मूढा निकाल, तब तोहर भाईके आँखसे धूराके कण निकालेके लागि सफासे देखे सक्ब । आदमीसब तोहनीसबसँगे जईसन व्यवहार करो कहके तोहनीसब चाहइस, तोहनीसब भि उसबसे औसने व्यवहार कर, काहेकी यी हे व्यवस्था आ अगमवक्ताके शिक्षाके साराँश बा । “माग त तोहनीसबके देई । खोज त तोहनीसब भेट्टएब, ढकढक्याब त तोहनीसबके लागि खुली । काहेकी जे मागले, उ पाबले, जे खोजले उ भेटाबले, जे ढकढक्याई ओका लागि खोली । सकेत ढोकासे भित्र पईस, काहेकी विनाशमे पुगाबेबाला ढोका फराकिलो आ रास्ता सजिलो रहले, आ यीसे भितर पईसेबाला बहुत रहले । काहेकी जीवनमे पुगाबेबाला ढोका सकेत रहले आ रास्ता कठीन रहले, जे जीवनमे पुगाबले, आ उ भेट्टाबेबाला बहुत कम रहले ।

झूटा अगमवक्तासबसे होशियार रह, जे तोहनीसबकहाँ भेडाके भेषमे आबले, लेकिन भितरसे डरलागेबाला ब्वाँसासब जईसन रहले । उसबके फलसे तोहनीसब उसबके चिन्हब । कठी काँटके गाँसीसे अँगुर अथवा सिउँडी के गासीसे अञ्जीर टिपाबले त ? औसही हरेक असल गासी असल फल फलाबले । लेकिन खराब गासी खराब फल फलाबले । असल गासी खराब फल फलाबे ना सकी, न त खराब गाँसी असल फल फलाबे सकी । असल फल न फलाबेबाला हरेक गाँसी काटालाई आ आगीमे फेकाजाई । अईसही अगमवक्तासबके उसबके फलसे चिन्हब । हमरा प्रभु, प्रभु कहेबाला सब स्वर्गके राज्यमे प्रवेश ना करी । स्वर्गमे रहेबाला हम पिताके ईच्छा पालन करेबाला आदमी मात्र परमेश्वरके राज्यमे प्रवेश करी ।

उ दिन बहुते जन हमरा कही, प्रभु, प्रभु कठी हमनीके अपनेके नाममे अगमवाणी ना बोलली ? अपनेके नाममे भूतसब न धपईली, आ अपनेके नाममे अनेक शक्तिशाली काम ना कईली ? आ हम तोहनीसबके साफ साफ कहेम, हम तोहनीके कहियो ना चिन्हले बारी । ए अधर्म काम करेबालासब, हमरासे दूर होख ।” यीहेकारण जे यी वचन सुनी आ पालन करी हम एकजना बुद्धिमान आदमीसे ओकर तुलना करम, जे अपन घर चट्टानउपर बनएलक । आ पानी परलक, आ बाढी अएलक, आ हुरी चललक आ उ घरउपर बजारलक, फिरभि उ घर नाशीक । काहेकी उ चट्टानउपर बनाएल रहे । जे हमर यी वचन सुनके भि पालन ना करी, ओकर तुलना एगो मूर्ख आदमीसँगे होई, जे अपन घर बालुवाउपर बनएलक । पानी परलक आ बाढी अएलक, आ हुरी चललक आ उ घर उपर बजारलक, आ उ घर गिगेलआ ओकर बरका विनाश होगेल ।” येशू यी बात कहलाके बाद भीड उनकर शिक्षा सुनके छक्क परगेल । काहेकी येशू उसबके शास्त्रीसब जईसन ना, लेकिन अधिकार भेल आदमीसब जईसन सिकाईत रहे । (मत्ती ७:१-१९) प्रिय स्रोतासब, आजके लागि एतने बा, काहेकी हमनीके समय पूरा होगेल बा । दोसर कार्यक्रममे हमनीसँगे अपनेसब सहभागी होखेम कहके हमनीके आशा करईत बारी आ स्वर्गीय शिक्षक येशूके बहुत गहिरा आ अद्भुत वचनसबके विचार करम कहके आशा करईतबारी । अपनेके आज यी सुनल बातसबमे परमेश्वर अपनेके समझ देले होखे ।

हमनीके अपनेके प्रभु येशू डाँडामे बोलल यी शक्तिशाली वचनके साथ विदा होईत बारी लेकिन पहिले उनकर राज्य आ उनकर धार्मिकताके खोजी कर, आ यीसब चिज अपने सबके दिन (मत्ती ६:३३) ।

कार्यक्रम ६७

अपनेके नयाँ होके जन्मेके परी

सबजना

पवित्र सुसमाचार (इन्जिल) के हमनीके अध्ययनमे हमनीके येशू ख्रीष्टके जनममे, उनकर चरित्रमे आ उनकर कामसबमे अद्धितिय रहे कहके सुनली । आ हमनीके वितल कार्यक्रममे येशू ख्रीष्ट अपन शिक्षामे अद्वितीय रहे कहके बुझली । उनकरा जईसन स्पष्ट आ गहिरा खालके शिक्षा देबेबाला आदमी कहियो ना भेटाएल रहे । येशूके सुनेबाला छक्क परजाईत रहे, काहेकी येशू उ सबके अख्तियारकेसाथ सिखाईत रहे, जौन उसबके मासा (पुजाहारीसब) आ व्यवस्थाके शिक्षकसब (इमामसब) ना सिखएले रहे । येशूके मुहसे आएल कुछ वचनसब उसबके धार्मिक अगुवासबके बहुत शब्दसब वा वचनसबसे बहुत महत्वपूर्ण रहे । यीहेकारणसे, यहूदीसबके अधिकांश येशसँगे खुशी ना रहे। येशू उसबके परम्परासब विपरीत होएबाला बातसब मात्र ना सिकएलक, लेकिन उसबके कपटके भि सबके अगारी उजागर कएलक । हमनीके वितल पाठमे येशू पहाडमे उनकर चेलासब आ उनकरा पछ्यायबालासबके भीडके सिकाएल उपदेशसब सुनले रहली । उनकर देहल प्रवचनके कुछ शब्दमे संक्षेपमे कहेसकम | "तोहनीसब पाखण्डीसब जईसन ना होख" (मत्ती ६:५) ।

।

पाखण्ड परमेश्वरके लागि घृणित आ आदमीके लागि विनाशकारी होखले । एहीसे येशू आदमीसबके एकर विरुद्धमे चेतावनी देलक । पाखण्डीके अर्थ कठी बा कहके अपनेके थाह बा ? यदि केहू अपन हृदयमे रहल बातसबसे मेल न खाएबाला चरित्रके बहाना करी त, उ पाखण्डी बा । येशू कहलक कि पाखण्डीसब चुन लगाएल उजर चिहानसब जईसन रहले, बाहर सुन्दर देखाएबाला, लेकिन भितर अशुद्धतासे भरल रहले (मत्ती २३:२७) । केहु भि परमेश्वरके छल करे ना सकी । परमेश्वरके वचन कहले : परमेश्वरके दृष्टिमे सृष्टिके कौनो भि बात लुकाएल ना रहले । उनकर नजरके सामुन्ने सब बात स्पष्ट आ खुला बा, उनकरे हमनीके लेखा देबेके परी । (हिब्रू ४:१३) । आदमीके हृदय जानेबाला येशू, धर्मगुरुसब, फरिसीसब आ व्यवस्थाके शिक्षकसबमे रहल कपट देखलक । बाहरसे उसब प्रार्थना, उपवास आ दान देबेमे जोसिला रहे, लेकिन उसबके भित्री हृदयमे उसब वास्तवमे परमेश्वर आ उनकर वचनके प्रेम ना कएले रहे । परिणामस्वरुप, उसबके सब धार्मिक कामसब आ अनुष्ठासब बेकार रहे । एहीसे येशू अपन चेलासबके प्रार्थनाके बारेमे यी बातसब सिकएलक : जब तोहनीसब प्रार्थना करईस, तब ढोंगीसब जईसन ना होख, काहेकी उसब सभाघरसबमे, आ सडकसबके कुनामे आदमीसब देखो कहके खडा होके प्रार्थना करले । साँच्चो हम तोहनीसबके कहईसी, उसब अपन ईनाम पालेल बा(मत्ती ६:५) । यीहे कारण, जब तोहनीसब दान देइस, तब अपन सामने तुरही नबजाब, जईसे ढाँगीसब सभाघरसब आ सडकसबमे आदमीसबसे प्रशंसा पाएके लागि करले । साँच्चो हम तोहनीसबके कहईसी, उसब अपन ईनाम पालेल बा (मत्ती ६:२) अतिरिक्त, जब तोहनीसब उपवास बइथईस, तब ढोगीसब जईसन उदासी चेहरा न देखाब | काहेकी आदमीसब उपवास बइथल बारी देखाबेके लागि उसब अपन मोहोडा अन्हार करले । साँच्चो हम तोहनीसबके कहईतबारी, उसब अपन इनाम पालेल बा(मत्ती ६:१३) ।

तोहनीसब ढाँगीसब जईसन न होख । काहेकी हम तोहनीसबके कहईत बारी, तोहनीसबके धार्मिकता शास्त्री आ फरिसीसबसे बेसी ना होई त तोहनीसब कौनो रीतिसे स्वर्गके राज्यमे प्रवेश करे ना सक्ब (मत्ती ६:५)

धन्य आत्मामे दीन होएबालासब, काहेकी स्वर्गके राज्य उसबके बा । धन्य धार्मिकताके लागि भुखाएबाला आ पियासलबाला शासन, काहेकी उसब तृप्त होई । धन्य शुद्ध हृदयबालासब, काहेकी उसब परमेश्वरके देखी । यीहेकारण जईसे तोहनीसबके स्वर्गमे रहेबाला पिता सिद्ध बा, तोहनीसब भि औसने सिद्ध होएके परी (मत्ती ५:३) । सकेत ढोकासे भितर पईस, काहेकी विनाशमे पुगाएबाला ढोका फराकिलो आ रास्ता सजिलो रहले, आ यीसे भित्तर पईसेबाला बहुत रहले । काहेकी जीवनमे पुगाबेबाला ढोका सकेत आ रास्ता कठीन होखले, जे जीवनमे पुगाबले, आ यी भेट्टाएबाला कम रहले (मत्ती ७:१३-१४) ।

अईसही, प्रभु येशू आदमीसबके अनन्त जीवनमे लेजाएबाला सकेत रास्ता रोके आग्रह कएलक । मुक्तिके रास्ताके बारेमे येशूके कहल बात कठी अपने बुझली त ? यी अत्यन्त महत्वपूर्ण वा ।

यदि कौनो आदमी परमेश्वरके जीवनभरके लागि परमेश्वरके देखे आ उनकर उपस्थितिमे जिएके चाहईत बात, ऊ कईसन होएके परी त ? एकर बारेमे येशू कठी कहलक ? छोटकरीमे उ कहलक, “तोहनीसबके हृदय शूद्ध आ सिद्ध होएके परी ।"

X

+

लेकिन पापमे जन्मल आदमके सन्तानके हृदय कईसे शुद्ध आ सिद्ध होए सकी ? कठी उ अपन पापसे प्रदूषित हृदयके परमेश्वरके चाहना जईसन, शुद्ध हृदयमे रुपान्तरित कराएके लागि कुछो करेसकी ? अँ हैं, उ औसे ना करे सकी । आदमीसँगे अपने आपके शुद्ध करेसकेबाला कौनो माध्यम नईखे । यदि घेट बहुत समयतक पानीमे भिजजाई त फिरभि उ आदमी गोहिया न होजाई । औसही हमनीके पापीसब भि परमेश्वरके सामुमे, अपनाके शुद्ध करे ना सकी । आजके हमनीके बाँकी समयमे, आदमीके लागि असम्भव बात भि परमेश्वरके लागि सम्भव बा कहके सुनम । आउ अब हमनीके अपन सुनाईके निरन्तरता देऊ आ यरुशलेमके निकोदेमस नामके एकजना धार्मिक शासकके बारेमे सुनु, जे एक रात येशूसे बात करे अएलक । कईसे पापी आदमी शुद्ध हृदय आ अनन्त जीवनके बरदान प्राप्त करे सकी कहके प्रभु येशू उनकरा बतएलक । हमनीके युहन्नाके सुसमाचार ३ अध्यायसे सुनम । धर्मशास्त्र कहले : अब फरिसीसबमध्ये निकोदेमस नाम भेल एक जना आदमीस रहे । उ यहूदीसबके महाँसभाके एक सदस्य रहे । उ रातमे येशूकहाँ अएलक आ येशूके कहलक, “गुरुज्यू, हमनीके जानईसी की अपने परमेश्वरसे आएल शिक्षक बारी, काहेकी परमेश्वर साथमे ना रही त, अपनेके कएल यी चिन्हसब कहू करे ना सकी।” येशू जवाफ देलक, “साँचो हम तोहराके कहईसी, अगर केहू नयाँ होके नजन्मीय, उ स्वर्गके राज्य देखे ना सकी।” निकोदेमस येशूके कहलक, “आदमी बुरह होके कईसे जनम लेई ? कठी उ अपन माईके कोखमे दोसर बेर पईसके जन्मे सकी ? येशू जवाफ देलक, “साँच्चो हम तोहरा कहईत बार लाली, केहू पानी आ आत्मासे जनम ना लेई त परमेश्वरके राज्यमे पईसे ना सकी । शरीरसे जनम भेल शरीर बा आ पवित्र आत्मासे जनम भेल आत्मा बा । हम तोहरा नयाँ होके जनम लेएके परी कहईत बारी त अचम्म न मान । हावा जाहाँ चाहले उहे दिशा बदले ।

तु बतासके आवाज सुनईस लेकिन बतास कहाँसे आवले आ कहाँ जाबले उ थाह नपाईस । आत्मासे जनम भेल हरेक आदमी औसने होखले ।” निकोदेमस येशूसे पुछ्लक, “यी कईसे होए सकी ?" येशू जवाफ देलक, “तू इस्राएलके गुरु बार फिरभि य बात ना बुझल ? साँच्चो हम तोहरा कहईत बारी, हमनीके जठी जानईसी उ कहईसी, आ हमनीके जठी

देखले बारी ओकर गवाही देईसी लेकिन तोहनीसब हमनीके गवाही स्वीकार ना करईस । हम तोहनीसबके पृथ्वीके बात कहली, फिरभि तोहनीसब विश्वास ना करईस, फिर तोहनीसबके स्वर्गके बात बताएम त कईसे विश्वास करे सक्ब ? स्वर्गसे आएबाला आदमीके पुत्र बाहेक केहू भि स्वर्गमे ना गेल बा ।

जईसे मोशा उजाडस्थानमे सापके उचाललक, औसही, आदमीके पुत्र उच्च होई, आ जे उनकरामे विश्वास करी, उ अनन्त जीवन पाई । काहेकी परमेश्वर संसारसे अईसन प्रेम कएलक, कि उ अपन एकमात्र पुत्र देलक, ताकि उनकरामे विश्वास करेबाला केहू नाश न होखो, लेकिन उ अनन्त जीवन पाओ ।" (युहन्ना ३:१-१६) ।

प्रभु येशू धार्मिक शासक निकोदेमसके कठी कहले रहे, एकर बारेमे विचार करू येशू निकोदेमसके अनन्त जीवन आ हरदम परमेश्वरसँगे जिएके लागि अधिकार पाएसे अगारी कठी होएके परी कहके बतएलक ? येशू कहलक, “साँच्चो हम तोहराके कहईत बारी, केहू नयाँ होके ना जनम लेइ, त उ परमेश्वरके राज्य देखे ना सकी । तु नयाँ होके जन्मेके परी ।” कठी निकोदेमस नयाँ होके जन्मेके अर्थ जानले रहे ? अँ हँ, न जानले रहे। एहीकारण, येशु कहलक, “तु इस्राएलके गुरु बार, फिरभि यी बात ना बुझल ? शरीरसे जनम भेल शरीर बा, आ पवित्र आत्मासे जनम भेल आत्मा वा । हम तोहनीके नयाँ होके जन्मेके परी कहईत बारी त अचम्म न मान ।” (यूहन्ना ३:६,७) । छोटकरीमे, परमेश्वरके देखे आ उनकर उपस्थितिमे सदाके लागि जिएके चाहेबाला जे केहू भिदु चोटी जनम लेबेके परी कहके येशू निकोदेमसके कहले रहे । एकर मतलब माईके गर्भमे दोसर बेर प्रवेश करके शारीरिक रुपमे पुनर्जन्म लेबेके परी से बात ना । पुनर्जन्म के अर्थ परमेश्वरके आत्मासे अपनेके पुननिर्माण करल होएके परी, अपनेके हृदय धोएल होएके परी, आ उनकर शक्तिसे अपनेके नविकरण कएल होएके परी (तितस ३:५) ।

अपने स्वर्गसे आएल शक्तिसे जनम लेएके परी, जे धर्मके बाह्य स्वरुपसे पूर्णरुपसे फरक बा । अपने भितरसे परिवर्तन भेल होके परी । आदमसे जनम लेल जे केहू आदमी भि पापके दाग लागल रहले आ उ परमेश्वरके राज्यमे भाग लेबे ना सकि । आदमके सन्तानसब उसब के हृदयमे बरहल पापके जरा हटाबेके शक्तिहिन बा । जईसे पानीमे बहुत समय तक विताई त केहू गोहिया ना बनेसकी, औसही धार्मिक काम आ पुण्य कर्म करके समय विताई त केको न निमन मन शुद्ध होए ना सकी । परमेश्वर अपनेके हृदयमे चमत्कार करदेले होएके परी आ एकरा नविकरण करदेल होएके परी, काहेकी जे नाशवान बा उ अमरत्व पाए ना सकी, न त नाशवान आदमी अविनाशी उत्तराधिकारी बने सकी(१ कोरिन्थी १५:२०) । छोटकरीमे कहम त, “अपनेके नयाँ होके जनम लेबेके परी ।” यीहे बात येशू धार्मिक शासक निकोदेमसके सिकएले रहे । लेकिन निकोदेमसके यी बात बझेके कठीन भेगेल आ उ येशूसे पुछलक, की यी कईसे होए सकी, आ कईसे अपने नयाँ आ शुद्ध हृदय प्राप्त करे सकी ।

येशू जवाफ देलक, “जईसे मोशा उजाडस्थानमे सापके उच्च कएलक, औसही आदमीके पुत्र उच्च होई, आ जे उनकरामे विश्वास करी, उ अनन्त जीवन पाई । काहेकी परमेश्वर संसारके अईसन प्रेम कएलक, कि उ अपन एक मात्र पुत्र देलक, ताकि उनकरामे विश्वास करेबाला केहू नाश न होखे, लेकिन उ अनन्त जीवन पाएसको । (यूहन्ना ३:१४-१६) ।

निकोदेमसके कईसे नरकके न्यायसे बचेके आ अनन्त जीवन प्राप्त करे सकी कहके देखाएके लागि, येशू मोशाके समयमे मरुभूमिमे अपन पुर्खासबके कठी भेल रहे कहके सम्झएलक । जईसे हमनीके तोराहमे देखली, एकबेर जब

ईस्राएलके सन्तानसब परमश्वर आ मोशाके विरुद्धमे गनगन कएलक, तब परमेश्वर उसबके काटेके लागि विषालु सापसब पठएलक जेसे बहुत जनाके मृत्यु भेल रहे । लेकिन ईस्राएके सन्तानसब पश्चाताप कएलक, तब परमेश्वर मोशाके एगो काँसाके साप बनाएके आ ओका एगो खाँमामे झुण्डयायके आज्ञा देले रहे । आ जब सापके डसल सब जन काँसाके साप देखते बाँचगेल (गन्ती २१:९) ।

अईसही जईसे इस्राएलके सन्तानसब मृत्युसे बाचेके लागि खाँमामे रहल काँसाके सामके विश्वासमे देखेके रहे, औसही आदमके सन्तानसब भि उसबके अनन्त सजायसे बचाबेके लागि परमेश्वरके प्रदान कएल उपायमे विश्वास करेके परी कहके येशू निकोदेमसके बतएलक । हमनीके सबजन भि उहे सापके डसल इस्राएलके सन्तानसब जईसन बारी शैतान विषालु साप जईसन बा, आ पाप उ साँपके विष जईसन बा जे आदमीके नाश करले । शैतान आदमके सब सन्तानसबके डस्ले बा, आ यदि परमेश्वर हमनीके उपचार ना करी त, पापके विष हमनीके सदाके लागि नास करदेई । परमेश्वरके न्यायसे बचाबेबाला हमनीसँगे कौनो सम्भावित माध्ययम न बा, काहेकी पापके कमाई मृत्यु आ नरक बा । लेकिन परमप्रभु परमेश्वरके प्रशंसा होखे, काहेकी जईसे उ इस्राएलके सन्तानसबके लागि पापके विषसे बचाबेके उपाय भि देले रहे, औसही आदमके सन्तानसबके भि पापके विषसे बचाबेके उपाय देले बा ।

पापसे दुषित भेल आदमके सन्तानसबके हृदयके पुनस्थापना आ नवीकरण करेबाला परमेश्वरके योजना कठी अपनेके थाह वा ? प्रभु येशू निकोदेमसके एकर बारेमे कठी कहले रहे त ? येशू कहले रहे कि पवित्र उद्धारकर्ताके पापीसबके लागि दण्ड भोगेके लागि (एगो खाँबो: क्रुसमा) झुण्डयायके परी, उनकरामे विश्वास करेबाला केहू भि नाश नहोखो, लेकिन उ अनन्त जीवन पाओ । (युहन्ना ३:१४-१६)

के उद्धार पाएसकी ? धर्मशास्त्र कठी कहले ? धर्मशास्त्र कहले : उनकरामे विश्वास करेबाला केहू भि नाश ना होखले । हमनीके केकरा विश्वास करेके परी ? हमनीके परमेश्वर हमनीके लागि पठादेल उद्धारकर्तामे विश्वास करेके परी । कठी अपने उनकरामे विश्वास करईसी ? केहु भि नाश न होखो कहके चाहेबाला परमेश्वर मुक्तिदाता येशूके अपनेके लागि, अपनेके पापके सजायँ भोगेके लागि पृथ्वीमे पठएले बा, कहके कठी अपने अपन हृदयमे विश्वास करईसी ? हमनीके पापके समस्याके लागि परमेश्वरके धार्मिक उपाय कुसमे येशूके मृत्यु वा । धर्मशास्त्र कहले : हमनीके उनकरामे परमेश्वरके धार्मिकता बने सकु कहके, परमेश्वर येशू ख्रीष्टके हमनीके लागि पाप बनएलक (२ कोरिन्थी ५:२१) ।

आदरणिय स्रोतासब, परमेश्वर परिवर्तन भेल ना बा । करिब दु हजार वर्ष पहिले प्रभु येशू निकोदेमसके जौन बात कहले रहे, आज भिउ हमनीके यीहे बात कहईत बा : “तोरा नयाँ होके जनम लेबेके परी ।” परमेश्वर अपनेके हृदयके सफा करेके लागि आ पुन बनाबेके लागि आ उनकर शक्तिसे अपनेके नवीकरण करेके चाहले, लेकिन अपनेके उनकर सुसमाचारमे विश्वास करेके परी । अपने परमेश्वरके पठावल मुक्तिदातामे विश्वास करेके परी । अपने कहियो पाप नकरेबाला अपने सबदिन परमेश्वरके पवित्र उपस्थितिमे रहे सकूँ कहके येशू अपनेके पापके रिया चुक्ता करदेले बा कहके विश्वास करेके परी । “अपने नयाँ होके जन्मेके परी । जबतक केहू नयाँ होके जनम ना ली, उ परमेश्वरके राज्य देखे ना सकी ।” आमेन ।

सुनके साथ देली अपनेसबके बहुत बहुत धन्यबाद बा । परमेश्वरके इच्छामे, दोसर कार्यक्रममे हमनीके सुसमाचारके पुस्तकसबके निरन्तरता देहम आ प्रभु येशू पाँच जना पाँच जना पुरुष भेल स्त्रीके कठी कहलक कहके सुनम । येशू

ख्रीष्टके घोषणा कएल यी बातसबके बारेमे गहिरा रुपमे सोचईत परमेश्वर अपनेके आशिष देले होखे, हम तोहरा नयाँ होके जन्मेके परी कहईत बारी त अचम्म न मान । (युहन्ना ३:७) धन्य शुद्ध हृदयबालासब, काहेकी उसब परमेश्वरके देखी ।(मत्ती ५:८)

कार्यक्रम ६८

संसारके मुक्तिदाता

यूहन्ना ४, लूका ४

अखईन तक सुसमाचारके पुस्तकके माध्यम से हमनीके यात्रामे येशू ख्रीष्ट उनकर जनममे, उनकर चरित्रमे, उनकर कामसबमे आ उनकर शिक्षासबमे उ अद्‌वितीय वा कहके सुनली । उनकर जनमके बारेमे कहम त, येशू जईसन केहू भि कहियो जनम नईखे लेले कहके हमनीके बुझली, काहेकी उ परमेश्वरके वचन, परमेश्वरके पवित्र आत्माके शक्तिसे कन्यासे जनम लेले रहे । येशू अपन चरित्रमे भि अद्‌धितिय रहे, काहेकी उनकरा जईसन पवित्र स्वभाव लेके दोसर केहू भि अभितक ना जनम लेले बा । येशू उनकर कामसबमे भि अतुलनीय रहे, काहेकी उनकरा जईसन आश्चर्यकर्मसब कहियो केहू कएले न बा । उ एगो वचन मात्र बोलईत रहे त विरामीसब निमन होईत रहे, अन्धासब देखईत रहे, लङ्गडासब चलईत रहे, आ शैतान भागईत रहे । येशू उनकर शिक्षामे अद्‌धितीय रहे कहके भि हमनीके पत्ता लगएले रहली । हमनीके वितल कार्यक्रममे हमनीके येशू आ निकोदेमस नाम भेल एकजना धार्मिक शासकबीच भेल बातके भ सुनले रहली । परमेश्वरके आत्मा अपन हृदयके नवीकरण नकरेतक, उ कहियो भि परमेश्वरके उपस्थितिमे प्रवेश करे ना सकी कहके येशू निकोदेमसके देखएलक । एहीसे प्रभु येशू उनकरा कहलक, “तोरा नयाँ होके जनम लेबेके परी ।” (यूहन्ना ३:७)

।

कईसे येशू ख्रीष्ट निकोदेमससे बहुत फरक आदमीसँगे बात कएलक कहेक आज हमनीके सुनम । निकोदेमस एगो यहूदी रहे, लेकिन आज हमनीके कार्यक्रममे सुनेबाला आदमी पलिस्तीनी रहे । निकोदेमस एक पुरुष रहे त आज हमनीके एक जनाके बारेमे सुनम उ स्त्री पलीस्तीनी रहे । निकोदेमश एक धार्मिक आदमी रहे त, यी स्त्री एक पापी रहे जेकर पाँचजना पत्ती होगेल रहे । आदमीके नजरमे धार्मिक शासक निकोदेमस उ अनैतिक स्त्रीसबसे निमन रहे । लेकिन परमेश्वर की लेखा ना देखले, काहेकी आदमके सब सन्ता धार्मिक लोक आ महान पापीसब समान रुपसे पापके अधीनमे बा । यीहेकारण आदमके सन्तानसब उपरसे आएल शक्तिसे नयाँ होके जन्मेके परी ।

अब आउ, हमनीके सुसमाचारमे फिरु आ प्यालेस्टाईनके सामरियाके उ अनैतिक स्त्रीसँगे येशूके कएल बात सुनु । सामरिया यहूदीसबके देशमे यहूदीया आ गालीलबीचके क्षेत्र रहे। बहुत सामरीसब विदेशी रहे, यहूदीसब उसबके मूर्तिपूजक ठानले, एहीसे उसब एकदोसरासे ना मिलले । जेभि होए, येशू ख्रीष्ट पक्षपात ना देखएलक, काहेकी परमेश्वर पक्षपात ना देखाबले । नयाँ आ शूद्‌ध हृदय पाएके चाहेबाला हरेक पापीके खोजे आ बचाएके लागि येशू यी संसारमे आएल रहे । एहीसे पाँच जना पत्ति भेल सामरी स्त्रीसे बात करेके लागि येशू ना लजएलक । धर्मशास्त्र कहले : येशू सामरियाके सुखार कहेबाला नगरमे अएलक । यी नगर याकूब अपन बेटा योसेफके देहल जमिनके नजिक परले । उहाँ याकूबके इनार रहे । येशू यात्रासे थाकल रहे, एहीसे इनारके छेऊमे बईथल रहे । प्राय : मध्यान्ह भेल रहे । एगो सामरी स्त्री पानी भरे अएलक । येशू ओकरा कहलक, “हमरा पानी पिएके द ।”

उनकर चेलासब शहरमे खाएबाला सामान किनेगेल रहे । तब सामरी स्त्री येशूके कहलक, “अपने यहूदी होके सामरी स्त्रीके हातसे कईसे पानी पिएम ?" (काहेकी यहूदीसब सामरीस्त्रीसे कुछो सम्बन्ध ना राखले ।) येशू स्त्रीके कहलक,

“तु परमेश्वरके बरदान आ तोहरासे पानी मागेबाला आदमीके चिन्हले रह त, त तू ओकासे पानी माग त,, आ उ तोहरा जिन्दा पानी देईत ।” उ स्त्री येशूके कहलक, “र, अपनेके पास पानी भरेवाला बर्तनन बा, आ इनार भि गहिरा बा | तब अपने कहाँसे उ जिन्दा पानी लेआएम ? कठी अपने हमनीके पुर्खा याकूबसे बरका बारी ? उहे हमनीके यी इनार बनादेल, आ उ अपने, उनकर सन्तान आ उनकर गाईबस्तु यीहे इनारके पानी पिलक।” येशू उनकरा कहलक, “यी पानी पिएबाला हरेक फिरसे मियासीलेकिन जे हमर देहल पानी पिइ, उ कहियो ना पियासी जौन पानी हम ओकरा देहम उ अनन्त जीवनके लागिबल पानीके मूल बनी !” उ स्त्री येशूके कहलक, र, हमरा उहे पानी देऊ, तब हम ना पियासम आ यीहाँ पानी भरे आएके ना परी ।” येशू उ स्त्रीके कहलक, “जा, तोहर पतिके बोलाके लेआब ।” उ स्त्री कहलक, "हमर पति न बा ।”

येशू उ स्त्रीके कहलक, "तोहर पति न बा कहके तू ठीके कहल, काहेकी तोहरा पाँचजना पति होगेल बा, आ जे अभि बा उ तोहरासँगे बा, उ तोहर पति न बा । तु यी ठीक कहल ।” उ स्त्री येशूके कहलक, “हर, अपने अगमवक्ता बारी कहके हम जानईत बारी । हमनीके पुर्खा यी पहाडमे आराधना कएलक, आ अपने कहईत बारी की आराधना करेबाला स्थान यरुशलेम बा ।” येशू उ स्त्रीके कहलक, “ए नारी, हमरा विश्वास कर, उ समय आई, जब तोहनीसब यी पहाडमे, न यरुशलेममे पिताके आराधना करब । तोहनीसब जे आराधना करईस सो न जानईस । हमनीके जौन आराधना करईसी वाचन, काहे की भक्ति यहूदीसवसे आदले । लेकिन समय आईत बा, आ उ समय अभि बा, जब सच्चा आराधकसब पिताके आत्मा आ सत्यतामे आराधना करी । काहेकी आराधना करेबाला अईसने आराधकसबके पिता खोजले । परमेश्वर आत्मा बा, आ उनकर आराधकसब आत्मा आ सत्यतामे आराधना करेके परी ।” उ स्त्री येशूके कहलक, “हम जानईत बारी कि मसीह आई, (जेकरा खीष्ट कहले), आ जब उ आई, तब उ हमनीके सब बात बतादेइ ।”

येशू उ स्त्रीके कहलक, “तोहरा से बोलेबाला हम उहे बारी ।” उहे समय येशूके चेलासब अएलक, आ उनकरा एगो स्त्रीसे बात करईत देखके छक्क परगेल, लेकिन “ अपने कठी चाहईत बारी ?” अथवा “अपने उ स्त्रीसे काहे बातचित करईतबारी ?” कहके केहु ना पुछलक । तब उ स्त्री अपन घईला छोरके नगरमे गेलक, आ आदमीसबके कहलक, “आब, एक जना आदमीके देख, जे हमर कएल सब काम हमरा बतादेल कठी उ खीष्त त न बा ?” तब उसब नगरसे निकलके उनकरा कहाँ अएलक । “हम जठी कईली उ हमरा सब बतादेल" कहके उ स्त्रीके गवाहीसे उ नगरके सामरीसबमध्ये बहुत जने येशूमे विश्वास कएलक । यीहेकारण जब सामरीसब उनकरा काहाँ अएलक तब उसब येशूके उसबसँगे बईथेला बिन्ती कएलक आ येशू उहाँ दु दिन बईथलक । आ येशूके वचनके कारण अउर बहुतजने उनकरामे विश्वास कएलक । उ स्त्रीके उसब कहलक “अब तोहर कहल बातसे हमनीके विश्वास ना कईली, लेकिन हमनीके अपने सुनेके कारण साँचो उ संसारके मुक्तिदाता वा कहके हमनीके जानली । "(युहन्ना ४:५-४२)

सामरी स्त्रीके कथा यीहबे समाप्त होखले । यी कथा साँचो महत्वपूर्ण बा, काहेकी कईसे एक अनैतिक स्त्री येशू हि परमेश्वरके पृथ्वीमे पठाएल मुक्तिदाता बा कहके पत्ता लगएलक कहके यी बात देखाबले ।

उ स्त्रीके उ अनुसन्धानसे उनकर जीवनके हि परिवर्तन करदेल । बातके शुरुमे, उ स्त्रीके अपनासँगे के बोलईत बा कहके थाह ना रहे । उ स्त्री येशूके अउर यहूदीसबमध्ये एक यहूदीके रुपमे देखईत रहे । जेभि होए, बातके क्रममे, येशू उ स्त्रीके कुछ बातसब बतएलक जौन केवल एक आदमी थाह पाए ना सकले, एहीसे स्त्री येशूके एक अगमवक्ता बा

कहके निष्कर्षमे पुगलक । लेकिन धिरे धिरे उ जानलक कि ओकासे बात करेबाला येशू अगमवक्तासे बेसी रहे । उ त संसारके मुक्तिदाता ख्रीष्ट रहे जेकर बारेमे अगमवक्तासब भविश्यवाणी कएले रहे ! इनारके छेउमे बईथके ओकासे बात करईत आदमी ख्रीष्ट बा कहके थाह पाके, उ अपन पानीके घईला उहबे छोरके शहरमे दौरके गेलक आ आदमीसबके कहलक, " आब, एक जना आदमीके देख, जे हमर कएल सब काम हमरा बतादेल । कठी उहे ख्रीष्ट त न बा ?" शहरवासीसब येशूकहाँ अएलक आ येशूके रहेके अनुरोध कएलक । उसबके कईसे नयाँ आ शुद्ध हृदय प्राप्त करेके लागि आ परमेश्वरके साँचो अराधक होएके सिखाईत येशू उहाँ दु दिन तक बईथलक । सुसमाचार कहले, उनकर वचनके कारण बहुत जने येशूमे विश्वास कएलक । उ स्त्रीके उसब कहलक, "अब तोहर कहल बातसे हमनीके विश्वास ना कईली, लेकिन हमनीके अपने सुनेके कारण साँचो उ संसारके मुक्तिदाता बा कहके हमनीके जानले बारी ।" (यूहन्ना ४:४१-४२) । आउ अब हमनीके सुसमाचारके निरन्तरता देऊ आ येशूके सामरिया भ्रमणके कुछ दिनके बाद कठी भेलक कहके सुनु । सबजने येशूके मुक्तिदाताके रुपमे ग्रहण ना कएलक कहके हमनीके सुनम । लूकाके सुसमाचारके ४ अध्यायमे धर्मशास्त्र कहले : येशू पवित्र आत्माके शक्तिमे गालीलमे फिरगेल, आ उनकरा विषयमे आसपासके सब ठाउँमे फैलगेल । येशु सभाघरसबमे शिक्षा देबे लागेल, आ सबजने उनकर प्रशंसा करईत रहे । येशू नासरतमे अएलक जहाँ उ बरका भेल रहे । उ अपन आदत अनुसार शबाथ - दिनमे सभाघर गेलक, आ पढेके लागि खरा भेलक । येशूके यशैया अगमवक्ताके पुस्तक देहलगेल । येशु उ पुस्तक खोललक, आ यी बात लिखल खण्ड निकाललक : "परमप्रभुके आत्मा हमरा उपर बा, काहेकी गरिबसबके सुसमाचार सुनाबेके लागि उ हमरा अभिषेक कएले बा ।

कैदीसबके छुटकाराके घोषणा करेके लागि, आ अन्धासबके दृष्टि देबेके लागि, थिचोमिचोमे परलसबके स्वतन्त्र कराबेके लागि, आ परमप्रभुके प्रसन्नताके वर्ष घोषणा करेके लागि उ हमरा पठएले बा ।"

येशू पुस्तक बन्द कएलक, आ एकजना सेवकके देके बईथलक । सभाघरमे रहल सबके नजर येशूमे परलक । तब येशू उसबके कहलक, "आज धर्मशास्त्रके यी वचन सुनईत सुनईत पूरा भेल बा ।" (लूका ४:१४-२१)

येशू हि ख्रीष्ट आ मुक्तिदाता बा जेकर बारेमे सात सय वर्ष अगारी यशैया अगमवक्ता लिखले रहे कहके येशू यी वचनसबसे दाबी कएलक । जेभि होए, नासरतमे रहेबाला यहूदीसब उसबके बीचमे बरका भेल येशू हि स्वर्गसे पठाएल संसारके मुक्तिदाता बा कहके स्वीकार करे ना सकल । यीहेकारण उसब येशूके यी कहईत गिल्ला कएलक, "कठी यी योसेफके बेटा न बा ?" धर्मशास्त्र कहले कि कईसे येशू नासरतके आदमीसबके परमेश्वके पठाएल ख्रीष्टके तूच्छ न ठानेक चेतावनी देलक । लेकिन उ बातसे यहूदीसबके रिस उठलक । यी बात सुनके सभाघरमे रहल सबजना रीससे चूर भेगेल । उसब उठलक आ येशुके शहरसे बाहर निकालके जौन पहाडमे उसबके शहर बनल रहे, उहेके टुप्पामे लेजाके येशूके निचा गिराएके खोजलक। लेकिन येशू उसबके बीचसे निकलके चलगेल । उ सब काहे येशूके मारेके खोजकल त ? उसब येशूके मारेके खोजलक काहेकी येशू अपनाके ख्रीष्ट होएके दाबी कएले रहे, जेकर बारेमे परमेश्वरके सब अगमवक्तासब लिखले रहे । सत्य तित मर्चा जईसन बा । येशूके सत्य वचनसबसे नासरतके आदमीसबके एतना रिस उठादेल कि उसब येशूके पहाडके उपरसे शीशम के प्रयास कएलक । लेकिन उसव श्रीराम नसकलक , काहेकी येशूके मृत्युके लागि परमेश्वरके तोकल समय अभि आएल ना रहे । बोलोफ बुद्धि कहले : काठ काटेबाला गाउँके मुख्य गासी न काटले (जेकरानिचा आदमीसब भेटघाट करले) । येशू ख्रीष्ट परमेश्वरके "भेटस्थलके गाँसी" बा। परमेश्वर संसारके मुक्तिदाता आ न्यायकर्ताके रुपमे नियुक्त कएल आदमीके "काटेके" चाहना कइसन

मूर्खता आ दुष्टता बा । बादमे आदमीसब येशूके मारी, लेकिन तीन दिनके बाद येशू मृत्युके शक्तिके पराजित करईत चिहानसे उठी । भविश्यके पाठमे, हमनीके इतिहासके यी सबसे बरका घटनाके बारेमे अभि भि जानम । आज हमनीके आदमीके दुगो समुहके बारेमे सुनले बारी । दुनु समूह येशू अपनाके ख्रीष्ट बारी कहके सुनले रहे, लेकिन उनकर दाबीप्रति उसबके प्रतिकृया बहुत फरक रहे । पहिलका कथामे, हमनीके इनारमे एगो पापी स्त्री आ सामरियाके आदमीसबके बारेमे सुनली । उसब येशूके वचनसब बरका आनन्दके साथ स्वीकार कएलक आ येशू हि संसारके मुक्तिदाता ख्रीष्ट वा कहके विश्वास कएलक । हमनीके दोसर कथामे नासरतके धार्मिक आदमीसबके बारेमे सुनली । उसब येशूके वचनसबके तुच्छ ठानलक । उसबके शहरमे बरका भेल येशूके संसारके मुक्तिदाता ख्रीष्ट बा कहके विश्वास ना कएलक । अपनेके बारेमे कठी त ? यी दुगो समूहसबमध्ये अपने कौन समूहके नजिक बारी ? कठी अपने सामरियाके उ आदमीसब जईसन बारी, जे येशूके अपन मुक्तिदाता आ प्रभुके रुपमे विश्वास कएलक आ उनकर अनन्त जीवनके वरदान प्राप्त कएलक ? कि अपने नासरतके उ आदमीसब जईसन बारी, जे येशूके उसबके पापसबसे बचाबेके लागि स्वर्गसे पठाएल ख्रीष्ट वा कहके विश्वास करेसे इन्कार कएलक ? कठी अपने येशूके उद्धारकर्ता कहके चिन्हले बारी, जेकर बारेमे सब अगमवक्तासब लिखले रहे ? कठी अपने उनकरा अपन मुक्तिदाता के रुपमे ग्रहण कएले बारी ? येशू ख्रीष्टके बारेमे, पवित्र धर्मशास्त्र कहले : उ ज्योति अन्धकारमे चम्कले, आ अन्धकार ओकरा उपर विजय ना भेल बा । उ संसारमे रहे, संसार उनकरासे बनलक, फिरभि संसार उनकरा ना चिन्हलक । उ अपने आदमीसबकहाँ अएलक, लेकिन उनकर अपन आदमीसब उनकरा ग्रहण ना कएलक । लेकिन जेतना जने उनकरा ग्रहण कएलक, आ उनकर नाममे विश्वास कएलक, उ उसबके परमेश्वरके सन्तान होएके अधिकार देलक । उसब खुनसे, शारीरिक इच्छासे, आ कौनो आदमीके इच्छासे ना लेकिन परमेश्वरसे जनम लेले रहले । (यूहन्ना १:५,१०:१३) आदरणिय स्रोतासब, कठी अपने परमेश्वरसे जनम लेले बारी ? कठी अपने साँचो येशूमे विश्वास करईसी ? कठी अपने येशूके अपन प्रभु आ मुक्तिदाताके रुपमे ग्रहण कईदली ? हमनीके अपनेके दोसर कार्यक्रममे सबजने येशू हि संसारके मुक्तिदात बा कहके विश्वास करे सको कहके येशूके देखावल कुछ चिन्हसबके बारेमे सुनेके लागि सहभागी होएके लागि निमन्त्रणा करईत बारी । सामरीसब येशूके बारेमे कठी कहले रहे : साँच्चो ख्रीष्ट संसारके मक्तिदाता बा कहके हमनीके जानले बारी (यूहन्ना ४:४२) ।

कार्यक्रम ६९

येशूके अधिकार

मत्ती १२, यूहन्ना ५

विगतके कार्यक्रममे कैसे येशू यहूदीसबके देशभर येशूके पछयाएबाला भीडके सिकाईत आ बिरामीसबके ठिक करलक यी बातके हमनी सुनलेली । अईसे बडका भिड ओकरा पछयएले रहे ।

लेकिन धार्मीक शासकसब येशूप्रति ईष्यालु रहे काहेकि ओकनीसब येशूके कहल बातके खण्डन करे नसकल, नत उनकर कैल आश्चर्य कामसबके ईकार करे सकल ।

आज हमनी सुसमाचारके निरन्तरता देहम आ विश्रामके दिन, शबाथके सन्दर्भमे प्रभु येशू धार्मीक शासकसबके कैसे सामना कैलक हमनी सुनली । यी हप्ताके सातौ दिन रहे, जौन दिन परमेश्वर यहूदीसबके ६ दिनतक काम कैलाके बाद सातौ दिन विश्रामके रुपमे देले रहे । लेकिन उ समयक धार्मीके शासकसब फरिसीसब येशूके शबाथ उलङ्गन कैलक कहके आरोप लगएलक काहेकी येशू उ दिन असल कामसब कैलक । फरिसीसब येशूके बदनामके रुपमे प्रयोग कैले रहे काहेकि फरिसीसब येशूके दोष लगाएला कौनो खराब बात भेटाए नसकल ।

मत्तीके सुसमाचार १२ अध्यायमे धर्मशास्त्र कहलेः

उ दिन येशू शबाथमे अन्नके खेतमाहे जाईत रहे । उनकर चेलासब भोकाएल रहे आ अन्नके बाला तुरके खाए लागल । लेकिन फरिसीसब यी देखके उनकराके कहलक, अपनेके चेलासब शबाथमे जथि करेला अनुचित बा, उहे करैता । लेकिन येशू फरिसीके कहलकः दाऊद उ आ ओकर साथमे रहल भोकाएखुना कथि कैलक, कथि तोहनीसब पढले नबाडे ? कैसे दाऊद परमेश्वरके भवनभितर पैसके चढाएल रोटी खएले रहे ? उ रोटी खाएला नत दाऊदके नत ओकरासँगे रहेबालासबके, लेकिन पुजाहारीसबके लागि मात्र उचित रहे । कथि व्यवस्थामे पढले नबाड, कैसे शबाथमे पुजहारीसब मन्दीरमे शबाथके अपवित्र तुल्यावले आ तैओभि निर्दोष ठहरी ? लेकिन हम तोहनीसबके कहै सि, मन्दीरसे बेसी कौनो यलङ कौनो महान बा ? लेकिन हम बलिदान न, लेकिन दया चाहैसि, अकर अर्थ कथि बा कहके तोहनीसब जानले रहते त तोहनीसब निर्दोषीसबके दोष लगएले नरहते । काहेकि मानिसके पुत्र शबाथके प्रभु बा । (मत्ती १२ः१-८)

येशू हम कथि बाडि कहले बा यी बातके अपने याद कैली ? पवित्र धर्मशास्त्रमे येशूके कैयौ नाउँ आ उपाधिसब बा । उ उपाधिसब मध्ये एगो उपाधि जेकराद्वारा येशू अपने आपके मानिसके पुत्र कहके कहलक । यी उपाधि हमनीके मसिह आदमके बेटाके रुप धारण करेला अपने आपके नम्र बनएलक कहके सम्झना करावले । यीसे उनकर महिमाके प्रकट करले, परमेश्वर आदमसबके सन्तानसबके बतावेके चाहैता परमेश्वर ओकनीके न्याय करेला सम्पूर्ण अधिकार प्राप्त कैले बा । अकरा बारेमे सोचुः वचन आ आत्मा, परमेश्वरके शक्ति आ महिमा पृथ्वीमे अएलक आ मानव शरीर धारण कैलक ! हँ, येशू ख्रीष्ट मानिसके पुत्र, शबाथके प्रभु आ सबसे उपर

महान परमप्रभु बा । लेकिन फरिसीसब उनकराके वास्तवमे जौन रहे उहे रुपमे स्वीकार नकैलक । ओकरा बाद कथि होएलक कहके अब हमनी सुनु । धर्मशास्त्र कहलेः

येशू ओलडसे निकलके ओकनीसबके सभाघरमे गेल । ओलङ एगो हात सुखल आदमि रहे । ओकनीसब येशूके दोष लगाएला अभिप्रायसे उनकरासे पुछलै, कथि शबाथमे कौनोके ठिक करेके उचित बा ? येशू ओकनीके कहलक, तोहनीमध्ये केकरो एगो भेडा बा, आ शबाथमे उ खदलीमे गिरगेल, कथि तोहनी ओकरा खदलीमेसे ननिकालबे ? भेडासे मानिस केतना मूल्यवान बा ? यीहे कारण शबाथ दिनमे भलाई करेके उचित बा । तब येशू उ आदमिके कहलक, तोहर हात पसार । तब उ हात पसारलक आ हात एकदम ठिक होगेल । लेकिन फरीसीसब बाहर जाके येशूके कैसे नाश करु कहके उनकर विरुदमे मत्तो करे लागल । तब यी बात थाह पाके चलगेल, तब बहुतजना येशूके पिछा चलेलागल आ येशू उ सबजनाके ठिक कैलक । (मक्ती १२ःऽ-१५)

कैसे फरिसीसब येशूके गल्ती आरोप लगलक हमनी सुनली । कैसन कपट ! यी धार्मिक शासकके कौनो भोकासबके, बिरामीसबके लागि कौनो दयामाया नरहे । शबाथके दिनमे कैल असल कामसबके निषेध करेला ओकनीसबके परम्परासब परमेश्वरसे आएल बा कहके ओकनीसब आदमिसबके विश्वास दिलाएके चाहैत रहे । लेकिन ओकनीसबके हृदय जानेबाला परमेश्वरके धर्मशास्त्रमे घोषणा कैल बातके सम्झना करादेल आ अईसे कहलक, लेकिन हम बलिदान न, दया चाहै सि एकर अर्थ तोहनीसब जानले रहते त, तोहनीसब निर्दोषीके दोष नलगएते । काहेकि मानिसके पुत्र शबाथके प्रभु बा ।

तब येशूकहाँ भूत लागल एकजना अन्धा आ गूँगा आदमि लेआएल । येशू ओकरा ठिक कैलक, यहाँतक कि उ गूँगा आदमि देखे आ बोले लागल । तब सब भिड अचम्म मानके कहलक, कथि यी दाऊदके पुत्र येशू ख्रष्ट बा ? लेकिन यी सब सुनके फरिसीसब कहलक, ंयी आदमि भुतके मालिक बालजिबुलद्वारा मात्र भुतसबके भेगाए सकि । लेकीन येशू ओकनीके बात थाह पाके ओकनीसबके कहलक, आपसमे फुट कैल राज्य उजाड होई आ हरेक शहर आ परिवार अपन बीचमे फाटो परजाई त नटिकी । यदि शैतान शैतानके निकाली त, उ अपन विरुद्धविभाजित बा आओईसन बात, ओकर राज्य कैसे टिकी ? यदि हम बालजिबुलद्वारा भुतसब भेगाएम त, तोहनीके बेटाबेटीसब केकराद्वारा उ निकालले ? यीहे कारण ओकनीसब तोहनीके न्यायकर्ता होई । (मत्ती १२ःऽऽ-२८)

ओकराबद यहूदीसबके चाड रहे आ येशू यरुशलेममे गेल । यरुशलेममे भेडा ढोकाके लगमे ५ गो दलानबाला एगो जलकुण्ड बा, जेकराके हिब्रू भाषामे बेथस्दा कहले । ओलङ अनेक रोगीसब अन्धा, लङ्गडा, पक्षघातीसब पस्रईत रहे । ओकनीसब पानी ककौनबेला छचल्कि कहके देखैत रहे । ओलङ ३८ से बिरामी आदमि रहे । येशू ओकरा पस्रल देखलक तब बहुत समयसे यी देशमे बा कहके थाह पाके येशू कहलक, कथि तु ठिक होएके चाहैसे ? रोगी येशूके कहलक, जी, जौन समय पानी छल्कावले हमरा जलकुण्डमे राख्देवेबाला हमर कौनो नबा, हमरा जाएसे आगा दोसर आदमि पानीमे चलजावले । येशू ओकरा कहलक, खडा हो, आअ पन बिछउना उठा, आ चल । तब उ तुरुन्ते उ आदमि ठिक होगेल, आ अपन बिछउना बोकके चलेलागल । उ दिन शबाथ दिन रहे

। उहेसे ठिक कैल आदमिके यहूदीसब कहलक, यीत शबाथ दिन बा, तोहरा बिछउना बोकेके उचित नबा । उ ओकरा जवाफ देलक, जौन हमरा ठिक कैलक, उहे हमरा कहलक, अपन बिछउना उठाके चल । ओकनीसब ओकरा कहलक, तोहर बिछउना उठाके चल कहेबाला आदमि कौन बा ? लेकिन ठिक भेल आदमि उ कौन रहे कहके चिन्हले नारहे, काहेकि उ ठाउँमेभीड होएलासे येशू ओलडसे चलगेल रहे ।

ओकरा बाद येशू ओकरा मन्दिरमे भेट कहलक, तु ठिक होगेल बाडे । लेकिन अब पाप नकर, आ तोहरा उपर आउर खराबी नआवे । ओकराके ठिक करेबाला त येशू बा कहके सारा यहूदीसबके कहदेल । उहे कारणसे यहूदीसब येशूके खेदो करे लागल, काहेकि काहेकि येशू यी काम शबाथ दिनमे कैले रहे । तब येशू ओकनीसबके कहलक, हमर पिता अभिले काम कर रहल बा, आ हम भि काम कर रहल सि । यीहे कारण यहूदीसब येशूके मुआएके लागि शडयन्त्र रचे लागल, काहेकि काहेकि येशू शबाथ दिन मात्र न, लेकिन अपने आपके परमेश्वरके बराबरी तुल्याके येशू परमेश्वरके अपन पिता कहले रहे । (यूहन्ना ५ः १-३, ५-१८)

काहे धार्मीक शासकसब येशूके मुआएला खोजलक ? कथि शबाथ दिनमे येशू अशक्तसबके ठिक करदेल यीहे कारण बा ? उहे सम्पूर्ण कारण नरहे । ओकनीसब येशूके मुआवेके खोजैत रहे काहेकि येशू परमेश्वर हमर पिता बा कहले रहे । लेकिन ओकनीसब येशू परमेश्वरके उपस्थितिसे आएल मसीह बा कहके स्वीकार नकैलक । लेकिन येशूके र्यश्वर निन्दाके ओरोप लगाएल आ नष्ट करेला खोजलक । लेकिन धर्मशास्त्र अईसे कहलेः

येशू ओकनीसबके कहलक, साचोके ह मतोहनीके कहैसि, पुत्र अपने कीछो करे नसकि, लेकिन पिता कैल अनुसार करि , काहेकि पिता जथि करले पुत्र उहे करले । । काहे पिता पुत्रके प्रेम करले , आ पिताके कैल सब काम पुत्रके देखावले । यीसे महान काम पुत्रके देखावले, आ तोहनीसब आश्चर्यचकित होएबे । काहेकि जैसे पिता मृतकसबके जीउठावले आ ओकनीके जीवन देवले , ओईसहि पुत्र भि जेकरा ईच्छा करि, ओकरा जीवन दी । काहेकि पिता केकरो न्याय नकरले, लेकिन सब काम पुत्रके देले बा, ताकि सबजना पुत्रके आदर करे, जैसे ओकनीसब पिताके आदर करले । जौन व्यक्ति पुत्रके आदर नकरि उ ओकरा पेठाएबाला पिताके भि आदर नकरि । साचोके ह मतोहनीके कहैसि जौन हमर वचन सुनी आ हमरा पेठाएबाला उपर विश्वास करि, ओकरासँगे अन्नत जीवन बा । उ न्यायमे नपरि, लेकिन मृत्यूसे उ जीवनमे प्रवेश करि । यदि हम अपन विषयमे गवाही देहम त हमर गवाही सँच नहोई । हमर विषयमे गवाही देवेबाला दोसर बा, आ हम जानैसि, कि हमर विषयमे पिता जौन गवाही दी , उ गवाही सत्य ठहरी । तोहनीसब यूहन्नाकहाँ पुछेला पेठएले, तब उ सत्यके गवाही देले बा । हमर ग्रहण कैल गवाही आदमिके नबा, लेकिन तोहनी उद्धार हाखो कहके हम यी बात कहै सि । यूहन्ना ईजोत बत्ती रहे, तोहनीसब उनकर प्रकाशमे कम समय आनन्द मनएले । लेकिन हमरासँगे जौन गवाही बा, उ यूहन्नासे बडका बा । काहेकि जौन काम पुरा करेला हमरा पिता देले बा, उ काम हम कर रहल बाडि, ओहीसे उ हमर विषयमेगवाही देरहल बा कि पिता हमरा पेठएले बा । हमरा पेठाबाला पिता हमरा विषयमे गवाही देले बा । पिताके स्वर तोहनीसब कहियो नसुन्ले बाडे, आ उनकर रुप तोहनी कहियो नदेखले बाडे ।

उनकर वचन तोहनीसबमे नरही, काहेकि जेकरा पिता पेठएले बा, तोहनीसब ओकरा उपर विश्वास नकरल । तोहनीसब धर्मशास्त्रमे खोजी करलस, काहेकि उमे अन्नत जीवन बा, कहके तोहनी सोचलस । हमर विषयमे गवाही देवेबाला उहे धर्मशास्त्र बा, तईओ भि तोहनीसब जीवन प्राप्त करेला ईन्कार करल । हम आदमिसबसे महिमा ग्रहण नकरिले, लेकिन परमेश्वरके प्रेम तोहनीसबमे नबा कहके हमरा थाह बा । हम अपन पिताके नाउँमे आएल सि, लेकिन तोहनीसब हमरा ग्रहण नकरल । । दोसर कौनो अपन नाउँमे आई त ओकरा ग्रहण करबे । तोहनीसब कैसे विश्वास करे सकबे, जब कि तोहनीसब एक दोसरामे ईज्जत खोजल, लेकिन उ ईज्जत खोजी नकरल जौन एकमात्र परमेश्वरसे आवले ? यी नसम्झ कि, हम पिताके सामु तोहनीसबके दोष लगाएम । काहेकी तोहनीसब मोशाके विश्वास करते त, हमरा भि विश्वास करते, काहेकि उ हमर विश्यमे लेख्ले रहे । लेकिन तोहनीसब मोशाके लेखल बातमे विश्वास नकरबे त, हमर वाणीके कैसे विश्वास करबे ? (यूहन्ना ५ः१९-२४, ३१-४७)

प्रभु येशूके मुआए चाहेबाला फरिसीसबके कैसे हप्काएल कहके कथि अपने सुनली ? येशू ओकरा कहलक कि जौन व्यक्ति परमेश्वरके स्वर्गसे पेठावल मसीहके अस्वीकार करि उ मसिहके वचन आ कामसबके गवाहीके अस्वीकार करि ः

उ अगमवक्ता यूहन्नाके गवाही, अगमवक्ता मोशाके गवाही, आ धर्मशास्त्रके गवाहीके अस्वीकार कैल जैसन बा । जौन पुत्रके अपमान करि, उ स्वयम परमेश्वरके अस्वीकार करि । जौन पुत्रके अपमान करि उ पुत्रके पेठावेबाला पिताके अपमान करि ।

येशूके वचन आ अधिकारके अस्वीकार करम त, परमेश्वरके वचन आ अधिकारके अस्वीकार करम, काहेकि येशू परमेश्वरके वचन बा आ येशूके परमेश्वर न्याय करेला आ सम्पूर्ण अधिकार देले बा । जौन परमेश्वर आ उनकर अगमवक्तासबके विश्वास करि उ स्वर्गसे आएल येशू हि मसिह बा कहके विश्वास करि, काहेकि परमेश्वरके सब अगमवक्तासब उनकर विषयमे गवाही देले रहे । येशूके परमेश्वर मुक्तिदाताके रुपमे चुन्ले रहे कहके जानीले आ विश्वास करिले । यीहे बात येशू धार्मीक शासकके कहले रहे,

तोहनीसब धर्मशास्त्रमे खोजल, काहेकि ओमे अनन्त जीवन मिली कहके तोहनीसब सोचल । हमर विषयमे गवाही धर्मशास्त्र बा, तईओ भि जीवन प्राप्त करेला तोहनीसब हमराकहाँ आवेला ईन्कार करल । यी नसमझ कि हम पिताके सामने तोहनीसबके दोष लगाएम । तोहनीसबके दोष लगाएबाला मोशा बा, जेकरामे तोहनी आशा कैले बाडे । काहेकि तोहनी मोशाके विश्वास करते त, हमरा उपर विश्वास करते, काहेकि उ हमर विषयमे लेख्ले रहे । लेकिन तोहनीसब मोशाके लेखल बातसबके विश्वास नकैले त, हमर वाणी लकैसे विश्वास करबे ? (यूहन्ना ५ः३९-४०, ४५-४७)

यदि हमनी अगमवक्ताके विश्वास करम त, जेकर विषयमे ओकनी लेखले रहे उहे येशू मसिह बा आ ओकनी उनकर बारेमे देल गवाहीके हमनी विश्वास करेके परि । बहुत जना एगो व्यक्तिके गवाहीमे जलदी विश्वास

करले, लेकिन अचम्मके बात, कम मात्र पवित्र धर्मशास्त्र लेखेबाला परमेश्वरके अगमवक्तासबके पुष्टि करल गवाहीके विश्वास नकरले । लेकिन अपने कथि करम ? कथि अपने अगमवक्तासबके विश्वास नकरम ? (प्रेरित २६ः२७)

आज हमनी एतनेमे राखेके चाहै सि । हमनी अपनेके दोसर बेजी हमनीसँगे सहभागी होएके लागि आमन्त्रण करिले काहेकि हमनी येशू आ उनकर अतुलनीय शक्तिके बारेमे आउर थप बातसब सिकम ।

येशू फरिसीसबके कहल यी बातमे अपने विचार करैत समय परमेश्वर अपनेके आशिष देवेः

लेकिन यदि तोहनीसब अगमवक्ता मोशाके लेखल बातमे विश्वास नकरबे त, हमर वचनके कैसे विश्वास करे सकबे ? (यूहन्ना५ः४७)

कार्यक्रम ७०

येशूके शक्ति

मर्कुस ४-६ मत्ती ९-१०

बितल कार्यक्रममे हमनीके सुन्ली कि कईसे यहूदीसबके धार्मिक शासकसब येशूके नास करेके चाहइत रहे काहेकी येशू परमेश्वर उनकर पिता बा कहके अपनाके परमेश्वरके बराबरी होएके दाबी कएले रहे । प्रभु येशू जहाँ-जहाँ जाईत रहे बरका भीड उनकरा पछारी लागईत रहे । उसबमध्ये केहू येशूके वचनसबमे विश्वास करेबाला आ केहू उनकर वचनमे विश्वास ना करेबाला सब रहे । येशू अपनाके विश्वास करेबाला मध्येसे बाह्र जना प्रेरितसब (सुसमाचार प्रचार करेबालासब) के उनकरा सँगे रहेके लागि, उसबके शिक्षा देबेके लागि आ मुक्तिके सुसमाचारके घोषणा करेके लागि चुनलक । येशुके चुनल बाह्र प्रेरितसबके नाम यीहे बा : सिमोन पत्रुस, आ (उनकर भाइ आन्द्रियास, जब्दीके बेटा याकूब आ उनकर भाई यूहन्ना रहे । उ चार जना मछुवा रहे । अउर प्रेरितसब बार्थोलोमाई, थोमा, कर उठाएबाला मत्ती, अल्फयसके बेटा याकूब, थेदियास, सिमोन कनानी, आ येशूके धोका देबेवाला छुदा इस्करियोत रहे (मत्ती १०:२-४) । येशूसँगे आएल उ बाह्रजना चेलासन रहे । येशू जहाँ जहाँ गेलक, उहाँ बहुत स्त्रीसब भि येशूके पछारी गेलक, मरियम मग्दलिनी, जेकरासे येशू सातगो भूतसब निकालले रहे, योआना, हेरोदके घरके प्रबन्धक खुजासके पत्नी, सुसन्ना आ अन्य स्त्रीसब । यी स्त्रीसब अपन धनसे येशूके सेवकाईमे मद्धत करईत रहे (लूका ८:२-३) । येशूके शिक्षा देखके आदमीसब छक्क परगेल, काहेकी येशू उसबके एगो अधिकार भेल आदमीसब जईसन सिखाइत रहे, जौन उसबके धार्मिक गुरुसब ना सिखएले रहे । येशूके अख्तियार शब्दसबमे मात्र सिमित ना रहे । उनकर शक्तिशाली कामसबसे उनकर वचनसब सत्य रहे कहके प्रमाणित कएलक कहके हमनीके सुनली । आजके कार्यक्रममे हमनीके कईसे प्रभु येशू पृथ्वीके हरेक प्राणी आ हरेक शक्तिउपर अपन शक्ति आ अधिकार राख्लक कहके सुनम । (मर्कुस ४) उ दिन साँझ परलाके बाद येशू चेलासबके कहलक, “आओ, हमानीके दोसर पार जाउ ।” आ भीडसे बिदा लेके, येशू (जौन डेंगीमे बइथल रहे, उहेमे चेलासब अपनासँगे लेगेल । आ अउर हुँगासब भि येशूके साथमे रहे । उहाँ गसके हावा चलल्क, आ छालसब डुंगामे ठोकेलागेल, यीहातक की डुङ्गा पानीसे भरे लागेल । येशू अपने डुङ्गाके पछारीके भागमे एगो सिरानी लगाके सुतल रहे । उसब येशूके उठएलक, “गुरुज्यू, हमनीके डुबईतबारी, अपनेके वास्ता न वा ?” तब येशू उठके, आ हावाके आज्ञा कएलक, आ समुद्रके छालके कहलक, “शान्त होख ! रुक्जा !” आ हावा रुकगेल आ बरका सन्नाटा छागेल । येशू चेलासबके कहलक, "तोहनीसब काहे अईसे भयभीत होखेल ? तोहनीसबमे विश्वास न बा ?” उसब बहुत भयभित होगेल आ आपसमे कहेलागेल, “यि के बा ? हावा आ समुद्र भि एकर हुकुम मानले ।” (मर्कुस ४:३५ -४१) तब येशू समुद्रके पार गेरासेनके मुलुक अएलक । येशू डुङ्गासे बाहर निकल्ते मातुर चिहानसे अशुद्ध आत्मा लागल एक जना आदमी येशूके भेट्एलक । उ चिहानमे रहईत रहे । केहूभि ओकरा साङ्गलासे समेत बाँधे ना सकईत रहे । काहेकी उ बहुत बेर नेल आ साङ्गलासे बाँधल रहे, फिर भि उ साङ्गलासब टुक्रा-टुक्रा करदेइत रहे ।

कौनो आदमी भि ओकरा बशमे ना पारेसकल रहे । उ रात दिन चिहानसब आ पहाडसबमे चिच्याइत अपनाके पत्थरसे काटईट रहे । जब उ येशूके दुरसे देखलक तब दौरके अएलक, आ येशूके दण्दवत कएलक । आ बरका स्वरसे चिच्याके कहलक, “हे सर्वोच्च परमेश्वरके पुत्र येशू, अपनेके हमरासे कठी सरोकार ? हम परमेश्वरमे सपथ खाके अपनेसे बिन्ती करईतबारी, कि हमर दुःख ना देऊ ।” काहेकी येशू ओकरा कहले रहे, “ए अशुद्ध आत्मा, उ आदमीसे

निकलजा ।" आ येशू उ आदमीसे पुछलक, “तोहर नाम कठी बा ?” उ आदमी येशूके कहलक, “हमर नाम त फौज बा, काहेकी हमनीके बहुते जने बारी ।” उ भूतात्मासबके (उ इलाकाबाहर निकालु कहके उ येशूके आग्रहपूर्वक बिन्ती कएलक । उहाँ नजिके पहाडमे सुँगरके एक बरका बगाल चरईत रहे । उ भूतात्मासब येशूके बिन्ती कएलक, “हमनीके सुँगरसबकहाँ जाए देऊ, हमनीके उ भितर पइसु ।” तब येशु उसबके अनुमति देलक, आ अशुद्ध आत्मासब बाहर निकलके सुँगरसबभितर पइसलक, आ करीब दु हजार सुँगरके उ बगाल पहाडसे समुद्रमे डुबके मरगेल । उ सुँगर चराबेबालासब भागगेल, आ शहर आ गाउँ गाँउमे खबर देलक । आ कठी भेलबा उ देखे आदमीसब उहाँ अएलक । तब उसब येशु कहाँ अएलक, आ देखलक कि उ त भूत लागल आदमी ठीक मनके होके लुगा लगाके बइथल रहे ।

यी देखके उसब डेरागेल । आ जेइ देखले रहे, उसब भूत लागल आदमी आ सुँगरसबके कठी भेल रहे सो बतादेल । आ उसबके इलाकासे चल्जाउ कहके आदमीसब येशूसे बिन्ती करेलागेल । जब येशू डुङ्गामे जाईत रहे उ भुत लागल आदमी उनकरा सँमे रहेलागि बिन्ती कएलक । लेकिन येशु ओकरा अनुमति ना देलक, लेकिन ओकरा कहलक, “तु अपन घरमे जाके तु अपन मित्रसबके प्रभु तोहरा लागि कएले महान काम आ तोहरा देखाएल बरका दयाके वर्णन कर ।” तब उ आदमी चलगेल, आ येशू उनकरा लागि केतना बरका काम करदेले रहे सो डेकापोलिसभर प्रचार करे लागेल, आ सब आदमीसब अचम्म मानलक । जब येशू फिरसे डुङ्गामे समुद्रके पार गेलक तब, एगो बरका भीड येशुके आसपास जम्मा होगेल । येशू समुद्र के किनारमे रहे । सभाघरके शासकसबमध्ये याइरस नामके एक जना येशु कहाँ अएलक, आ येशुके देखके उनकर पाउमे परके बिन्ती कएलक, “हमर छोट बेटी मरईत बा, आके ओकरा उपर अपनेके हात राख्देउ, आ उ निमन होजाई आ बाँच्जाई ।” तब येशू ओकरासँगे गेलक । एगो बरका भीड येशूके पछारी लागेल, आ आदमीसब येशूके आसपास ठेलमठेल करे लागेल । आ बाह्र वर्ष अगारीसे खुन बहेबाला रोग भेल एगो स्त्री उहाँ रहे । उ बहुत बैद्यसबके हातसे अनेक कष्टमे परके अपनासँगे रहल सारा धनसम्पत्ति खर्च करके भि निमन ना होके बरु, अउर खराब हालतमे पुगेल रहे । येशूके विषयमे उ सुनले रहे, आ भीडके पछारीसे आके येशूके बस्त्र उ छुलक । काहेकी उ मनमने कहलक, “हम येशूके वस्त्र मात्र छुएम त हम भि निमन होजाएम ।” तब तुरन्त उनकर खुन बहल बन्द होगेल, आ अपन शरीरके रोग निमन भेगेल कहके उ थाह पएलक । अपनासे शक्ति निकलल थाह पाके येशू तुरन्त पछारी घुम्के पुछलक, “केहु हमर वस्त्र छुलक ?” चेलासब येशूके कहलक, “भीडसे ठेलमठेल कएले बा, अपने देखते बारी, फिरभि अपने कहईत बारी, के हमरा छुलक ?” येशूके छुएबाला के बा कहके येशू चारुओर देखेलागेल । तब अपनाके जठी भेल रहे सो थाह पाके उ स्त्री डरसे कापईत आके येशूके अगारी आके सब सत्य बात बतादेल । तब येशू उ स्त्रीके कहलक, “ए बेटी, तोहर विश्वास तोहरा निमन कएले बा । शान्तिसे जा । तोहर रोग निमन होखो ।” जब येशू बोलईत रहे, शासकके घरसे आदमीसब आके कहलक, “अपनेके बेटी त मरगेल । गुरुज्यूके अब अउर कंष्ट काहे देईत बारी ?” लेकिन उसबके कएल बातसबके ध्यान देके येशू सभाघरके शासकके कहलक, “न डेराब, विश्वास मात्र कर ।” तब येशू पत्रूस, याकूब आ यूहन्नाके बाहेक अउर केकरो भि अपना साथ आएके अनुमती ना देलक । उसब शासकके घरमे अएलक, आ उ खैलाबैला करेबालासब, रोएबालसब आ बरका स्वरसे विलौना करेबालासबके देखलक । भितर जाके येशु उसबके कहलक, "तोहनीसब काहे खैलाबैला करईत बार आ रोईत बार ? ठीटी मरल नबा, लेकिन सुतल बा ।” लेकिन उसब येशूके बातमे हास्लक । लेकिन येशू उसबके बाहर निकाललक, आ ठिटीके बाबु आमाइ आ येशूसँगे रहलसबके साथमे लेके ठिटी भेल ठाउ भितर गेलक । आ उ ठिटी तुरन्ते उठलक, आ चलेलागेल । उ बाह वर्षके रहे । आ उहे समय उसब आश्चर्य चकित होगेल । येशू उसबके यी बात केहू थाह नपाओ कहके कडा आज्ञा देलक । आ बालिकाके खाएके देबेला उसबके कहलक । (मर्कुस ५:१-४३)

येशू जब उहाँसे जाईत रहे, दु जने अन्धासब “हे दाऊदके पुत्र, हमनीके उपर दया करु" कहके चिच्याईत उनकर पछारी लागेल । जब येशू घरमे भितर गेलक उ अन्धा आदमीसब येशूकहाँ अएलक । येशू उसबके कहलक, “हम यी करे सकम कहके कठी तोहनीसब विश्वास करइस ?” उसब येशूके कहलक, “ज्यू प्रभु ।” तब येशू उसबके आँख हुक कहलक, “तोहनीसबके विश्वासअनुसार तोहनीके होखो ।” आ उसबके आँख खुलगेल । येशू यी कहके उसबके कडा आज्ञा देलक, “यी बात केहू थाह न जानेपाओ ।" लेकिन उसब गेलक, आ उ इलाकाभर येशूके कीर्ति सुनादेल । जब येशू निकलके जाईत रहे, तब भूत लागल एगो गूँगा आदमी येशूकहाँ अएलक । भूत निकाललाके बाद उ गूँगा आदमी बोललक । आ “इस्राएलमे कहियो अउसन ना देखलक" कहके भीड छक्क परगेल । लेकिन फरिसीसब कहेलागेल, “भूतसबके मालिकसे उ भूत निकालले ।” (मत्ती ९:२७-३४) । उहाँसे निकलके येशू अपने नगरमे फिरगेल । उनकर चेलासब उनकर पछारी लागेल । शबाथ दिनमे येशू सभाघरके शिक्षा देबे लागेल । बहुत जने सुनेबाला सब छक्क परके कहलक, “यी आदमीसक यीसब कहाँसे पएलक ? एकर देहल ज्ञान कईसन बा ? यिनकर हातसे भेल कामसब केतना शक्तिशाली ? कठी यी उहे सिकर्मी न बा ? कठी यी मरियमके बेटा आ याकूब, योसेफ, यहूदा आ सिमोनके दाजु न बा ? कठी एकर बहिनीसब हमनीसँगे न बा ?” तब उसब येशूसे खिसियागेल ।

तब येशू उसबके कहलक, “अगमवक्ताके अपन देश आ अपन नातादारसबके बीचमे आ अपने घरमे बाहेक अन्त केनहू अनादर ना होखले ।” तब येशू उहाँ कौनो कौनो रोगीउपर अपन हात राखके, उसबके निमन करेबाला कामबाहेक दोसर कौनो शक्तिशाली काम करे ना सकल । उ सबके अविश्वास देखके येशु छक्क परगेल । तब येशू गाउँ गाउँमे शिक्षा देईत गेलक । येशू बाह्र जनेके अपनाकहाँ बोलएलक, आ उसबके दुजने दुजने करके पठएलक । उसबके अशुद्ध आत्माउपर अधिकार भि देलक । उसबके येशू यी आज्ञा भि देलक : (मर्कुस ६:१-८) “सुन, हम तोहनीसबके ब्वाँसासबके बीचमे भेडा जईसन पठाईत बारी, यीहेकारण तोहनीसब साप जईसन चलाख, आ ढुकुर जईसन निर्दोष होख । लेकिन आदमीसबसे होसियार होख, काहेकी उसब तोहनीसबके अदालतमे सुम्पदेइ, आ उसबके सभाघरसबमे तोहनीसबके कोर्रा लगाई ।

उसबसे नडेराब, जे शरीरके मारले, लेकिन आत्माके मारे ना सकले । बरु आत्मा आ शरीर दुनुके नरकमे नाश करेबालासे डेराब । हम पृथ्वीमे शान्ति लेआए आएलबारी कहके न ठान । शान्ति लेआए ना, लेकिन तरबार चलाबे हम आएल बारी । काहेकी हम आदमीसबके उनकर बाबुके विरुद्ध, आ बेटीके उनकर माईके विरुद्ध, आ बुहारीके उनकर सासुके विरुद्ध कराए आएल बारी । आदमीके शत्रू ओकर अपने घरपरिवार भित्रके रहले । जे हमरासे बेसी अपन बाबु वा माईके प्रेम करले, उ हमर योग्यके न बा । जे हमरासे बेसी अपन बेटाबेटी के प्रेम करले, उ हमर योग्यके न बा । जे अपन प्राण जोगाई उ अपन प्राण गुमाई, आअ पन प्राण हमरा लागि गुमाएबाला उ बाची । (मत्ती १०:१६-३९) आमेन । आज हमनीके उनकर वचन आ उनकर कामसबमे येशूके शक्तिके देखले बारी, जे येशूके पछ्यायबाला उ भीडके प्रश्न करेबाला बनादेल : "यी आदमीसब यी सब कहाँसे पएलक ? एकर देहल ज्ञान कईसन बा ? एकर हातसे भेल आश्चर्य कामसब केतना शक्तिशाली ?” येशूके शक्ति आ बुद्धि कहाँसे आएल रहे त ? येशू यी केनहुसे पएले ना रहे, काहेकी उ स्वयम परमेश्वरके शक्ति आ बुद्धि बा । येशू कहाँसे अएलक आ उ के बा कहके आदमीसबके देखाएके लागि प्रभु येशू पृथ्वीमे परमेश्वरके शक्तिशाली कामसब कएलक । उ हरेक सृष्टि आ हरेक प्रकारके शक्तिउपर अधिकार रहे काहेकी येशू कलिमत अल्लाह रहे, अर्थात येशू परमेश्वरके आवाज आ वचन रहे आ

बा । यीहे कारण येशू आँधीके शान्त पारेके लागि आ भूत लागल आदमीके एके शब्द बोलके निमन कएलक । परमेश्वरके सारा असिमित शक्ति येशूमे बास कएले बा ०५ यीहे कारण बाह्र वर्षतक खून बहेबाला स्त्रीके निमन करे सकल । उ स्त्री अपन सब धनसम्पत्ति बहूत डाक्टरसब आ उसबके औषधीसबमे खर्च करदेल रहे, लेकिन उ येशूके बस्त्र छुलाके बाद निमन होगेल । आ जब येशू उ दुगो अन्धा आदमीके आँख छुलक, तब उसबके दृष्टि भि तुरन्त वापस आगेल । आ येशूके अधिकार जीवित आदमीसबे निमन करेके लागि मात्र सिमित ना रहे, लेकिन मरल सबके उपर भि, उ अधिकार रहे । यीहेकारण उ मरल ठिटिके जीवित पारदेल । येशू मानव शरीरमे परमेश्वरके वचन रहे । ह, धर्मशास्त्र हमनीके बताबले कि सारा शक्ति आ सारा अधिकार प्रभु येशू ख्रीष्टके देहल बा । यीहेकारण यदि अपने उनकरामे भरोसा करम त, अपने अब कौनो भि बातसे डेराएके ना परी, मृत्युसे, जीवनसे, दुष्तात्मासबसे, जादुगरसे, वर्तमान वा भविश्यसे, कौनो बातसे भि डेराएके ना परी । अपनेके अब आकर्षक लुगा लगाएके वा व्यक्तिगत सुरक्षा देबेबाला आत्माके लागि प्रस्ताव करेके ना परी । काहेकी प्रभु येशू अपनेके रक्षा करी । प्रिय स्रोतासब, कठी अपने प्रत्येक शक्ति आ अधिकारके शिर होएबाला येशूमे भरोसा करईत बारी ? कि अपने यी संसारके कम शक्ति आ अधिकार भेलसबके सन्तुष्ट करेके खोजईत बारी ? दोसर कार्यक्रममे, हमनीके येशू दृष्टान्तसबसे कईसे सिखएलक कहके सुनेके योजनामे बारी । अपने यी अदभूत कार्य विचार करईत परमेश्वर अपनेके आशिष देले होखे ।

येशूमे भरोसा राखेबाला सबके लागि धर्मशास्त्रके पद : काहेकी ख्रीष्टमे ईश्वरत्वके सारा परिपूर्णता शरीरमे वास करले, आ उनकरामे जीवनके परिपूर्णतामे तोहनीसब आएल बार। उहे समस्त शासन आ अधिकारके शिर बा । (कलस्सी २:९-

१०)

कार्यक्रम ७१

दुगो

लुका ८ः मत्ती

हमनीके गत कार्यक्रममे हमनी अगमवक्तासबके लेखल बातसबके अधिकारसबके पुरा करेके लागि मसिहसँगे अधिकार रहे कहके पत्ता लगईली । येशू वास्तवमे मानव शरीरमे आएल, परमेश्वरके शक्ति उहे कारणसे येशू आधिके शान्त पारे सकल, भुतसबके भगावे सकल, बिरामी आ अन्धासबके ठिक पारेला

अब हमनी सुसमाचारके पुस्तकके निरन्तरता देम आ कैसे प्रभु येशू भीडके दृष्टान्तसब प्रयोग करके सिकएलक एकर विषयमे हमनी सुनम । येशू प्रायः सत्यके दृष्टानतमे प्रस्तुत कैलक काहेकि उनकराके पछयाएबाला अधिकांश आदमिसब वास्तवमे परमेश्वरके वचन जानेला नचाहले ।

येशू ओकनीसबके शरीरके रोगसब ठिक करदेवे कहके ओकनीसब चाहले, लेकिन येशू ओकनीसबके पापके आत्माके ठिक करे कहके नचाहैत रहे । साथे येशूके पिछे पिछे आके येशू केने केने गल्ती करि आ येशूके उ गल्तीके दोष लगावेके चाहइत रहे । बहुत आदमीसब धनके खोजी करले ओईसही हामनी सत्यके खोजी करेके परमेश्वर चाहले । अगमवक्ता कहले, यदि तु उनकराके चाँदीके रुपमे खोजबे त लुकाएल खाजाना जैसन खोजबे त हमरा पएबे । कथि अपने रुपैयापैसासे बेसी परमेश्वरके सत्यके कदर करीले ? कथि अपने मन आ हृदयमे परमेश्वरके सत्य वचन सबसे बेसी महत्वपूर्ण स्थान ओगटले बा ?

सायद अपने परमेश्वरके सामने अपनेके हृदयके वास्तविक अवस्था थाह नबा । ओसन बात, अब हमनी येशूके बिऊ छरल दृष्टानत सुनु । हमनी लुका ८ अध्याय पढे जारहल बाड । धर्मशास्त्र कहलेः

जब बडका भिड जम्मा भेल आ शहर शहरसे आदमिसब येशूकहाँ आएल, तब येशू ओकनीसबके एगो दृष्टानत कहलक, एक जना बिउ छिटेला निकलगेल, छिटेके समय कौनो रास्ताके किनारमे परल आ उ गोडसे कुचागेल, आ आकाशके पक्षीसब खागेल । आउर बिउ पथलबाला जमिनमे परल आ उ उबतजे सुखगेल, काहेकि उ जमिन ओबानो रहे । कौनो बिउ काँटके झारमे परल आ काँटके झार भि बढगेल आअ ोकरा बढे नदेलक । केतनाचाहिँ असल जमिनके परलक आ उबजल त सय गुणा फल फल देलक । तब येशू उच्च स्वरमे कहलक, जेकर सुनेबाला कान बा उ सुनो । उनकर चेलासब यी दृष्टान्तके अर्थ कथि बा कहके येशूसे पुछलक । येशू कहलक, लेकिन अब दृष्टान्त यी बाः बिउचाहिँ परमेश्वरके वचन बा । रास्ताके किनारमे गिरल बिउ उ बा जौन वचन सुनले लेकिन वचन सुनके विश्वास करे नदेवले आ नबाँचो कहके दियाबलस आके ओकनीसबके हृदयसे वचन लेजाई । पथलबाला जमिनमे परल बिउ उ बा, जौन वचन सुनके खुशीसाथ ग्रहण करि, लेकिन ओकर जर नरही आ किछो समयके लागि विश्वास करले, लेकिन परिश्राके समय ओकनीसब पतन होई । काँटसबके बिचमे परलसबचाहिँ यी बा, जौन सुनी लेकिन बादमे यी जीवनके चिन्ता, धन, सुख चैनमे परके बढे नसकले, आ

ओकनीके फल पाके नपावले । लेकिन असल जमिनमे परल बिउ उ बा, जौन वचन सुनके निष्कपट आ भला हृदयमे ओकरा जोगाके राखले आ धैर्यसाथ फल फलावले । (लुका ८ःः४-१५)

कथ् िअपने बिउ छिटल दृष्टान्तके बुझली ? यी दृष्टान्तमे हमनी बीउ आ माटी देखम । बिउ कथ् िबुझावले ? बीउ परमेश्वरके सत्य वचनके चित्रण करले कहके प्रभु येशू कहलक । माटी कैसन बा ? यी कीथ चित्रण करले ? माटी आदमिके हृदयके चित्रण करले ।

हँ, परमेश्वरके वचन बिउ जैसन बा, काहेकि यी जीवित बा आअ पनेके हृदयमे, अपनेके जीवनमे अनन्त जीवन आ आशिष ल्यावेके शक्ति बा । लेकिन आदमिके मन माटी जैसन बा जौन बहुत कडा आ सुख्खा होए सकि । एकर विषयमे एकबेजी सोचु त ? यी दृष्टान्तमे हमनी केतना प्रकाके माटी बा ? कैसे बीउ ४ किसीमके माटीमे परल हमनी यी दृष्टान्तमे सुनली ।

१, कडा रास्तामे परल बिउ रहे । २, पथलबाला जमिनमे परल बीउ रहे ।

३, काँटके झाङमे परल बीउ रहे । ४, असल जमिनमे परल बीउ रहे ।

पहिलाके, संसारमे बहुत हृदयके आदमिसब चलेबाला कडा रास्ता बा कहके येशू सिकएलक । केतना आदमिके हृदय बहुत कडा रहले । कडा रास्तामे बीउ परगेल त कथि होई ? कथि यी उमरी आ फल दी ? अहँ फल नफली । एकर जर भि कमजोर रही । आदमिसब उहे उप चली आ चकनाचुर पारदी आ आकाशके पक्षीसब यी खाजाई । बहुत जनाके हृदय भि अईसनके रहले । कडा माटी जैसन हृदयबाला आदमिसब उ बा, जौन भविश्यवक्ताके लेखाईमे ध्यान नदेवले आ फसलस्वरुप ओकनसिब येशू हि संसारके मुक्तिदाता बा कहकेविश्वास नकरले । ओकनीसब केबल अपन विचार आ अपन पुर्खासबके परम्पराके ख्याल करले । परमेश्वरके सत्य वचन ओकनीसबके हृदयमे जीवन देवे नसकि, जैसे कठीन रास्तामे परल बीउ जीवन उत्पादन करे नसकले ।

दोसर प्रकारके माटीमे बहुत पथलबाला माटी रहे । बहुत चट्टानबाल माटी परमेश्वरके वचन सुनेबाला आ खुशीसाथ तुरुन्ते स्वीकार करेबाला व्यक्तिके हृदयके चित्रण करले, लेकिन उ बहुत समयतक टिके नसकि, काहेकि परमेश्वरके वचन व्यक्तिके हउृदयमे जरा गडाएल नरहले । अईसन व्यक्ति हम विश्वास करम कहि, लेकिन जब कौनो परिक्षा आई आ सत्यके वचनके कारण कौनो सतावट आई, तब ऊ सत्यसे दुर होई । बहुत आदमि अईसन रहले । ओकनीसबके हृदयमे परमेश्वरके वचनके जरा गईहर रुपमे गडाएल नरहले । काहेकि ओकनीसब परमेश्वरके प्रशंसासे बेसी आदमिके प्राथमिकता देवले । फलस्रुप, परमेश्वरके वचन ओकनीसबके लागि पथलके जमिनमे परल बीउ बेकार जैसन यी भि बेकार बा ।

तिसरका प्रकारके माटी काँटसे भराएल रहे । बीउ काँटमे परि त कथि होई ? कथि यी फल दी ? अहँ यी फल देवे नसकि । फल फले आगा काँटसब ओकरा बढे नदी । काँटबाला माटी परमेश्वरके वचन सुनेबाला उ आदमिसबके हृदयके चित्रण करि ःः

लेकिन संसारके फिक्री आ धनके छल आ लोभ कैलासे वचन सुनेबाला व्यक्तिके बढेनदी आ उ बढे नसकि । आदमके बहुत सन्तानसबके हृदय काँटके झाँङ जैसन रहले । ओकनीसब सोचले, हँ एकदिन हम भविश्यवक्तासबके लेखके देखे लागम । जब हमरासँगे समय रहि, तब हम परमेश्वरके वचनके सुनम । शैतानके थाह बा कि ओईसन आदमिसब परमेश्वरके वचन कहियाभि समय देवे नसकि । ओकनीसब कहेलागी हमरा बजार जाएके बा, किनबेच करेके बा, सुतेके बा कहके बहाना बनाए लागी । कथ् िअपनेके अनुभव बा ? कथि अपनेके जीवन अश्यकक्ता आ चिन्तासे भरल बा कि अपने अपन सम्पूर्ण हृदय परमेश्वरके सत्यके खोजी करेला अभि समय निकालेके सि ?

याद करु कि एक दिन मृत्यू अचानक आई आ अपनेके अनन्त जीवनमे लेजाई । उ दिन अपनेके थाह होई कि सत्य कथि बा, आ झुट कथि रहे, लेकिन अपने अपन जीवनमे नखोजल आ नमानल सत्यके थाह पएलासे अपनेके लागि कौनो महत्वके नलागि, काहेकि पश्चतापके समय सुधजाई आ हमनीके अनन्तके जीवनके निम्ति समय सुधजाई ।

चौथा प्रकारके माटी असल जमिनके माटी रहे । किसान निमन खेती करेके लागी असल माटीबाला जमिनमे रोपाएल बिउके जरा गडाएल तब बढल आ प्रशस्त फसल उत्पादन कैलक जेकरासे किसानके छिटाएलसे बेसी सय गुणा कटनी कैलक । बीउ प्राप्त करेला असल जमिनके माटी परमेश्वरके वचन सुनेले आ ईमान्दार हृदयमे राखके धार्मीकता आ अनन्त जीवनतर्फ डोरयाएल जैसन बा । परमेश्वरके वचन जीवित आ शत्तिलशाली बा आ यीसे नम्र आ ईमान्दार हृदयसे ग्रहण करेला सबमे अनन्तछ जीवन आ धार्मीकता उत्पन्न करि ।

बिउ छिटाएल दृष्टान्तमे येशू संक्षेपमे सिकएले बा । परमेश्वरके वचन असल बीउ जैसन बा आ हमनीके हृदय कडा माटी जैसन बा । कडा माटीमे बीउ छिटेसे आगा कथि करेके परि ? जोते परि कहके किसानके थाह बा । ओईसहि परमेश्वरमे खुशी पारेला टुटेला आ नम्र हृदय बा, जौन परमेश्वरके वचनके असल बीउके स्वीकार करला तयार होई । परमेश्वरके खुशी करेबाला हृदय उ बा जौन उनकर वचनके नम्रता आ विश्वासमे ग्रहण करि । यी बात धर्मशास्त्रमे घोषणा कैल बात बा । यी प्रकारसे कहले ः

प्रत्येक आदमि सुने जलदी, बोलेमे कम होएके परि । यीहे कारण सब फोृहोर बात आ समस्त दुष्टताके हटाओ, आ तोहनीसबके हृदयमे रोपाएल वचन नम्रतापूर्वक धारण कर, जौन तोहनीसबके प्राणके उद्धार करे सकि । (याकूब १ः१९, २१)

अपनेके हृदयके अवस्था कैसन बा ? कथि अपनेके हृदय नम्र बा ? कथि परमेश्वरके अगमवक्तासबके पवित्र धर्मशास्त्रमे कहल बातसब स्वीकार करेला तयार सि ? कथि अपने हृदयमे वचन बढढरहल बा ? कि कडा पथल आ काँटसे भरm माटी जैसन अपनेके हृदय बा ? परमेश्वरके वचन असल बीउ बा, लेकिन यीसे सँच्चा विश्वास आ पालन करेबालासबके हृदयमे मात्र जीवन आ आशिष ल्याई । आउ अब हमनी दोसर किसानके दृष्टान्त, येशू भिडके सुनएले रहे । यी दृष्टान्त सामाके दृष्टान्त बा । धर्मशास्त्र कहले ः

येशू फेरु ओकनीसबके दोसर दृष्टान्त कहलकः स्वर्गके राज्यमे एक जना आदमि जैसन बा, जौन अपन खेतमे असल बिउ रोपलक । लेकिन आदमिसब सुतल समय ओकर शत्रु आएल आ गहुके बिच बिचमे सामाके छिटके चलगेल । जब बोट निकलके ओमे दाना लागेल, तब सामा भि देखा परलक । घरके मालीकके कमारासब आके येशूके कहलक, हँ कथि अपने अपन खेतमे असल बीउ रोपले नबाडि, ओलङ सामा केनेसे आएल ? घरके मालीकके ओकनीसब कहलक , कौनो शत्रु ओईसे कएले बा । कमारासब येशूके कहलक, कथि हमनी जाके उ उठाउ ? लेकिन उ कहलक, ओईसे नकर, नत्रता तोहनीसब सामा उखाले खुना गँहू भि उखलाजाई । फसलके समयतक दोनोके सँगेसँगे बढे दे । फसलके समयमे हम कटनी करेबालाके कहम, पहिला सामा उखारके बिटा बाँध, लेकिन गँहूचाहिँ हमर ढुकुटीमे राख ।

तब येशू भिडके छोडके घरमे गेल, आ उनकर चेलासब येशूकहाँ आके कहलक, खेतके सामाबारे दृष्टान्तके अर्थ हमनीके बतादु । येशू ओकनीसबके जवाफ देलक, असल बिउ छिटेबाला मानिसके पुत्र बा । खेत संसार बा । असल बीउचाहिँ राज्यके सन्तान बा आ सामा दृष्टके सन्तान बा । सामा रोपेबाला शत्रुचाहिँ दियाबलस बा फसलके समयचाहिँ युगके अन्त्य बा । खेतालासब स्वर्गदूतसब बा । जैसे सामा उखारके आगीमे भस्म होई, युगके अन्त्य भि ओईसहि होई ।

मानिसके पुत्र अपन दूतसब पेठाई आ पाप करेला लगाएबाला प्रत्येक थोक आ दृष्ट काम करेबालासब सबके ओकनीसब ओकर राज्यसे बटुली आ ओकनीसबके आगीके भट्टीमे फेकाई । उहाँ आलदमिसब रोई आ दाह्रा किटी । तब धर्मीजनसब अपन पिताके राज्यमे सूर्य जैसन चहकिलो होई । जेकर कान बा उ सुने ः (मत्ती १३ः २४-३०, ३६-४३) आमेन

सामाके दृष्टान्त प्रभु येशू संसारके गँहूके खेतसँगे तुलना कैलक । बीउ छिटेबाला येशूके मसिहके चित्रण करले । खेतमे उब्जाएल गँहू मसिहके सुसमाचारमे विश्वास कैलाके कारण परमेश्वरके सन्तानके चित्रण करले । गँहूके बिचमे सामा छिटेबाला शत्रु शैतान बा । सामा उबा, जौन परमेश्वरके नबा, काहेकि परमेश्वरके वचनके ग्रहण नकैले बा । फसलके अर्थ न्यायके दिन बा । अन्न घरमे भण्डार कैल गँहू परमेश्वरके उपस्थितीमे सदाके लागि बाँचेके अधिकार पाएबालासबके चित्रण करले । जम्मा कैल आ जराएबाला सामासबके लागी, ओकनीसब अनन्तके आगीमे फेकाएबालासबके चित्रण करले । जौन ठाउँ परमेश्वर उनकर विरुदमे विद्रोह करेला खोजेबाला अनन्तके आगीमे जराएके लागी अलगे राखेके लागी बनएले रहे ।

आदरणीय श्रोतावृन्द, अपने गँहू जैसन बाडि कि सामा जैसन ? अपन हृदयके पुछु ? न्यायके दिन आ रहल बा । न्यायकर्ता दुआरीएमे बा । कथि अपनेके न्यायके दिनमे न्यायकर्तासे सामना करेके परि कहके विश्वास बा ? यदि अपने अनन्त नरकसे बाँचाए आवेबाला मुक्तिदाताके सुसमाचाके अपन हृदयमे विश्वास करम त, अपने उ दिनमे डराएके नपरि । काहेकि येशू मुक्तिदाता भि बा, न्यायकर्ता भि बा । न्यायके दिनके बारेमे येशू कथि कहलक सुनली ? येशू कहलक, हम साँचोके तोहनीके कहैसि, जौन हमर वचन सुनी आ हमरा पेठाएबाला उपर

विश्वास करि, ओकरा अनन्त जीवन मिली । उ न्यायमे नआई लेकिन मृत्यूसे उ जीवनमे प्रवेश करि । (यहन्ना ५ः२४)

सुनली ओरा लागि बहुत धन्यवाद बा । दोसर पटक परमेश्वरके ईच्छामे हमनी सुसमाचारके निरन्तरता देम आ कैसे येशू पाँच हजारसे बेसी आदमिसबके पाँगो रोटी आ दुगो मछरीसे चमत्कारपूर्ण रुपमे खिअएलक कहके हमनी सुनम ।

प्रभु येशूके कहल यी वचनसब आज अपन मनमे विचार करैत समय परमेश्वर अपनेके आशिष देवेः

जेकर कान बा उ सुने । (मती १३ः४३)

कार्यक्रम ७२

जीवनके रोटी

मर्कूस ः६, यूहन्ना

हमनीके गत पाठमे, हमनी प्रभु येशूके भीडसँगे बोलैत देखली । येशू अपन शिक्षाके दृष्टासबमे प्रस्तुत कैले रहे जाजौन अनन्त सत्यसे भराएल रहे । लेकिन बहुत भिडसब दृष्टान्तके अर्थ नबुझलक काहेकि ओकनीसबके हृदय कठोर रहे । ओकनीसब स्वर्गके बातसबके कदर नकैलक । बहुत जना येशूके पिछा नकैलक काहेकि ओकनीसब येशू पापीसबके मुक्तिदाता बा कहके विश्वास कैलक ।

आज हमनी प्रभु येशूके बोलल थप बातसब सुनम । येशू कैसे चमत्कार चिन्ह देखाके अपन वचनसबके पुष्टि कैलक यीहे विषयमे सूनम । आज हमनीके पाठ जीवनके रोटी बा । आउ अब हमनी सुसमाचारके पुस्तक मर्कूस ६ अध्यायके निरन्तरता देम ः

येशू ओकनीसबके कहलक, तोहनीसब हमरासँगे एकान्तमे आके थकाई मार । काहेकि ओलंङ आएबाला आ जाएबाला बहुत आदमि रहे, ओकनीसबके फुर्सद नरहे । तब सबजना डुङगामे एगो एकान्तमे चलगेल । बहु आदमिसब ओकनीसबके जाईत देखलक, आ तब बहुतजना चन्हिलक, सबजना शहरसे पैदले ओलङगेल ओकनीसबसे आगा पुगेल। जब येशू किनारमे उतरलक, तब येशू बडका भिड देखलक, आ येशूके ओनी उपर दया लागेल । काहेकी ओकनीसब गोठालो बिनाके भेडा जैसन रहे ।

लेकिन येशू ओकनीसबके कहल, तोहनीसब ओकनीसबके किछो खाएला दे, लेकिन ओकनीसब कहलक, कथि हमनी जाके २ सय दिनारके रोटी किनके ओकनीके खाएला दु ? येशू ओकनीके कहलक, तोहनीसँगे केतना रोटी बा देख । तब चेलासब कहलक, ५ गो रोटी आ २ गो मछरी बा । येशू उ आदमिसबके बैठेला हुकुम कैलक । ओकनीसब सय आ ५० के जोडीमे बैठलक । येशू उ ५ गो रोटी आ २ गो मछरी स्वर्गमे उठाके आशिर्वाद देके तुरलक, चेलासबके कहलक आदमिसबके आगा राख्दे आ उ मछरी भि सबके बाटदेल । तब सबजना खाके तृप्त होगेल । उबरल १२ डालाभर रोटी आ मछरी उठएलक । रोटी खाएबाला पुरुषसब ंं५ हजार रहे । तब येशू अपन चेलासबके लेके बेथसेदामे जाएला कहलक आ लेकिन येशू भिडके बिदा करैत रहे । ओकनीसे बिदा होके येशू डाँडामे प्रार्थना करेगेल । साँझके समयमे डुङगा समुन्द्रके बीचमे रहे आ येशूचाहीँ अकेले पाखामे रहे । चेलासबके डुङगा चलाएला कष्ट होईत देखलक, काहेकि बतास ओकनीके बिपरित रहे । तिन बजे येशू ओकनीकहाँ समुन्द्रके उपर चलैत देखके प्रेत बा कहके चिचियाएल । काहेकि येशूके देखके सबजना डेराएल रहे । लेकिन येशू ओकनीके कहलक, ढाडस कर, हम बाडी नडरा । तब येशू डुङगामे चढलक त आधी रुकगेल । तब ओकनीसब अचम्म मानगेल, काहेकि ओकनीसब रोटीके विषयके बात नबुझले रहे लेकिन हृदय कठोर होगेल रहे । समुन्द्र टपलाके बाद सबजना गनेसरेतके मुलुकमे आगेल आ तब डुङगा किनारमे लगाएल । (मर्कूस ६ः३०-५३)

समुन्द्रपार रहल भीड बीहानखुनी ओलङ एगो मात्र डुङ्गा रहे । ओकनीसबके थाह रहे । कि येशू अपन चेलासँगे डुङ्गाम चढल नरहे । लेकिन उनकर चेलासब मात्र गेल रहे । येशू आ चेलासबके नदेखलाके बाद येशूके खोजैत कफर्नहुममे गेल । ओकनीसब येशूके समुन्द्रमे भेटके कहलक, रब्बी अपने यहाँ कखुनी अईली ? येशू कहलक, साँचोके ह मतोहनीके कहिले, तोहनीसब चिन्ह देखके न, लेकिन अघाके रोटी खएलासे हमरा देखल । नष्ट होएबाला भोजनके लागि परिश्रम नकर, लेकिन अनन्त जीवनतक रहेबाला भोजनके लागी परिश्रम कर, जौन मानिसके पुत्र तोहनीसबके दी । काहेकि परमेश्वर पिता येश ू उपर अपन छाप लगएले बा । (यूहन्ना ६ः२२, २४-२७)

आउ अब हमनी एक तईका रुकु, नष्ट होएबाला भोजनके लागी परिश्रम नकर, कहके येशू काहे भिडके कहलक ? कथि एकर मतलब हमनी खाएके लागी कौनो काम करेके नपरि ? नबा, एकर मतलब यी नबा, काहेकि परमेश्वरके वचन कहलेः यदि कौनो काम नकरी त, उ खाना भि नखो । (२ थिसलोनिकी ३ः१०) ओईसन बात, काहे येशू नष्ट होएबाला भोजनके निम्ति परिश्रम नकर कहलक ? एकर अर्थ यी बाः यदि अपने अपन कामके लागि मात्र काम कैल ीआ केवल संसारके बातसबके खोजी मात्र करम त, अपने सब चिज गुमाएम, अपनेके शरीर एकदिन मरजाई आ माटीमे मिलजाई । लेकिन यी बात याद राखु कि अपनेके शरीरमे एगो बहुमूल्य चिज बा जौन अस्तित्वमे कहियो समाप्त नहोई । यी अपनेके आत्मा बा । मानव आत्माके हमेसा अस्तित्व रहि कि अनन्तके स्वर्गमे रहि कि अनन्तके नरकमे रहि । उहे कारण येशू कहलक, नष्ट होएबाला खाके लागी परीश्रम नकर, लेकिन अनन्त जीवनके लागी रहेबाला खानाके लागी परीश्रम कर । अईसे येशू भिडके चेतवानी देलक, ताकि आदमिसब नाश होएबाला चिजमे मात्र मन नलावे लेकिन नाश नहोएबाला चिजके खोजी करे । काहेकि आदमि रोटीसे मात्र नबाँचले, लेकिन परमेश्वरके मुखसे निकल्ल हरेक वचनद्वारा बाँचले कहके प्रभु येशू कहलकः (मत्ती ४ः४)

दुःखके बात यी बा, येशूके वरिपरि रहल अधिकाँश आदमिसब परमेश्वरके वचनके वास्ता नकैलक, नत ओकनीसब परमेश्वरके पेठावल येशू उपर विश्वास कैलक । परमेश्वरके न्यायसे बचाए सकेबाला सत्यके अपन हृदयमे भरेसे बेसी ओकनीसबके लागी खानासे पेट भरेके लागी महत्वपूर्ण रहे । ओईसे येशू ओकनीके कहलक, नष्ट होएबाला भोजनके लागि परीश्रम नकर, लेकिन अनन्त जीवनतक रहेबबाला भोजनके निम्ति परीश्रम कर । उहे कारण ओकनीसब येशूके कहलक, परमेश्वर ईच्छा अनुसारके काम करेके लागी हमनीके कथि करेके परि ?

येशू ओकनीसबके जवाफ देलक, परमेश्वरके काम यीहे बाः जेकरा परमेश्वर पेठएलक ओकरा उपर विश्वास कर । (यूहन्ना ६ः२७-२९)

कथि अपने येशूके जवाफके सुनली ? पापमे जन्मल आदमके सन्तान कैसे परमेश्वरके खुशी पारे सकि ? कथि हमनी परमेश्वरके प्रसन्न तुल्याएबाला कामसब करेसकम ? कथि हमनी शैतान आ पाप आ नरकके शक्तिसे अपने आपके बचावे सकम ? कथि हमनीके परमेवरके चाहल सिद्ध आ शुद्ध हृदय उत्पन्न करे सकम ? अहँ, कहियो भि नसक । काठके मुडा बहुत समयतक पानीमे भिजी तईओ भि गोह िबने नसकि । नत धार्मीक

होएलासे आदमिके धर्मी बनाई । प्रार्थना, उपवास आ असल कर्मसबसे आदमिसबके आदमिसब अगाडि धर्मी देखाए सकि, लेकिन ओईसन प्रयाससे ओकनीसब परमेश्वरके अगाडी कहियो धर्मि नबनाएल जाई । ओईसन बात आदमके सन्तानसब कैसे परमेश्वरके खुशी पारके सकि ? प्रभु येशू एकर विषयमे कथि कहलक ? येशू कहलक, परमेश्वरके काम यीहे बा, कि तोहनीसब उनकरा उपर विश्वास कर जेकरा परमेश्वर पेठएले बा । कौनो भि व्यक्ति परमेश्वरके पेठावल मुतीदातामे विश्वास नकरेतक उ परमेश्वरके कहियो भि खुशी पारे नसकि ।

दुःखके बा, बहुत जना भीड परमेश्वरके पेठावल मुक्तिदाताके येशू बा कहके विश्वास नकैलक । उहेसे ओकनीसब येशूके कहलक,

यीहे कारण ओकनीसब येशू कहलक, अपने कथि चिन्ह देखाएम, हमनी देखु आ अपनेके विश्वास करु ? अपने कथि करम ? हमनीके पिता पुर्खा उजाड स्थानमे मन्न खएली, जैसे लिखाएल बा, येशू ओकनीके खाएला स्वर्गसे रोटी देलक । येशू ओकनीसबके कहलक, साचोके ह मतोहनीसबके कहै सि, तोहनीसबके स्वर्गसे रोटी देवेबाला मोशा नबा, लेकिन स्वर्गसे तोहनीसबकेलागी सँच्चा रोटी देवेबाला हमर पिता बा । काहेकि परमेश्वरके रोटी उहे बा, हँ स्वर्गसे उतरके आई, आ संसारके जीवन दि । ओकनीसब परमेश्वरके कहलक, प्रभु, यी रोटी हमनीके हर रोज दु । येशू कहलक, जीवनके रोटी हम हि बाडी, हमराकहाँ आएबाला कहियो नभोकाई आ हमरा उपर विश्वास करेबाला कहियो नतिरखाइ । (यूहन्ना ६ः३०-३५)

यी शब्दसे, येशू भिडके सिकावईत रहे कि जैसे परमेश्वर इस्राएलके सन्तानके खीआएला स्वर्गस खाना पेठाएलक ताकी ओकनीसब मरुभूमिमे बाँच सको आ ओकनीसब मरुभूमीमे नष्ट नहोखो उहे कारणसे परमेश्वर आदमके सन्तानसबके लागी ओकनीसब अपन पापमे मरेके नपरे कहके अनन्त जीवनके साथमे स्वर्गसे खाना पेठादेल ।

यी खाना केने बा ? कथि पृथ्वीमे हमनी खाएबाला कौनो भौतीक खाना बा जौन हमनीके हमेशाके लागि परमेश्वरके उपस्थितीमे बाँचेला अधिकार देवे सकि ? अहँ नसकि, ओईसन बा त, जीवन देवेबाला यी खाना कथि बा ? येशू उ प्रश्नके जवाफ देलक । येशू कहलक, जीवनके रोटी हम बाडी । हमराकहाँ आएबाला कौनो नभोकाई आ हमरा उपर विश्वास करेबाला कहियो नतिरखाई । लेकिन ह मतोहनीसबके कहैसि, तोहनीसब हमरा देखले बाडे तईयो भि विश्वास नकरल । पिताके देवल सबजना हमराकहाँ आई आ हमराकहाँ आएबालाके कौनो रितीसे हम नत्यागम ।

काहेकी हमर पिताके ईच्छा यी बा, कि पुत्रके देखेबाला आ उनकर उपर विश्वास करेबाला सबजना अनन्त जीवन प्राप्त करि, आ हम ओरा अन्त्यके दिनमे जीवित पारम । यहूदीसब येशूके विरुदमे गनगनाए लागल, काहेकि येशू कहलक, स्वर्गसे आएल रोटी हम हि बाडी । ओकनीसब कहलक, कथि यी योसेफके बेटा, येशू बा ? एकर माता आ पिताके हमनी नचिन्हीले ? लेकिन यी त हम स्वर्गसे आएल रोटी बाडी कहैता ? येशू ओकनीके जवाफ देलक, तोहनीसब आपसमे नगनगना । उ सब जना परमेश्वरसे सिकाएल जाई कहके अगमवक्तासबके

पुस्तकमे लेखाएल बा । सबजना जौन पितासे सुनी आ सिकी उ हमराकहाँ आई । पिताके कौनो आदमि नदेखले बा, केवल उहे देखले बा जौन परमेश्वरसे आएल बा, उहे पिताके देखले बा ।

साचोके हम तोहनीके कहैसि, जौन विश्वास करि ओकरासँगे अनन्त जीवन बा । हम जीवनके रोटी सि । तोहनीसबके पितापुर्खा उजाड स्थानमे मन्न खएलक, तईओभि मरके गेल । स्वर्गसे आएल रोटी यीहे बा, जौन एकरा खाई उ नमरि । स्वर्गसे आएल जीवनके रोटी हम बाडी । जौन यी रोटी खाई ओकर आत्मा कहियो नमरी आ जौन रोटी हम संसारके जीवनके लागी देम, उ चाहीँ हमर देह बा । यी सुनलाकेबाद उनकर चेलासबमध्ये बहुतजना कहलक, यी वचन कठोर बा, कौन यी बात सुने सकि ? लेकिन उनकर चेलासब एकर विषयमे गनगन करईत थाह पाके येशू ओकनीके कहलक, कथि यी बात तोहनीसबके लागी कठोर कारण बा ? तोहनीसब मानिसके पुत्रके जहाँ उ पहिला रहे ओलङ चढईत देखली ? जीवन देवेबाला आत्मा बा, शरीरसे किछो पाईदा नहोई । जौन वचन हम तोहनीसे कहले बाडी, उ आत्मा आ जीवन बा । लेकिन तोहनीसबमध्ये केतनाजना अईसन बा, जौन विश्वास नकरले । काहेकि विश्वास नकरेबाला कौन कौन बा, आ येशूके धोका देवेबाला कौन बा कहके येशूके पहिलेसे थाह रहे ।

एकराबाद उनकर चेलासकमध्ये बहुतजना पिछा हटगेल आ येशूसँगे चलेके छोडदेल । येशू १२ जना चेलाके बोलाके कहलक, कथि तोहनीसब भि हमरा छोडदेबे ? सिमोन पत्रूस जवाफ देलक, हे प्रभुहमनी केकरालङ जाउ ? अपनेसँगे अनन्त जीवनके वचन बा आ हमनी विश्वास कैलेसि, अपने परमेश्वरके पवित्र जन बाडी । (यूहन्ना ६ः३५-३७, ४०-४३, ४५-५१, ६०-६४, ६६-६९)

बहुत चेलासब येशूके कठीन शिक्षासबके कारणसे येशूके साथ नदेम कहके छनोट कैलक । लेकिन येशूके पछयाएबाला सबमध्ये कौनो कौनो रहे जौन येशूके नछाडलक, काहेकि ओकनीसब येशू स्वर्गसे आएल मुक्तिदाता, पवित्र, जीवनके रोटी, अनन्त जीवन देवेबाला सच्चा खाना बा कहके विश्वास कैले रहे ।

हँ, यीहेसे । एकबेजी अपने येशू वास्तवमे कौन बा आ उ कैसन बा आ येशू अपनेके लागी कथि कैलक कहके चिन्हम त, अपने दोसर मालीकसँगे प्रभु परमेश्वरसँगे सम्बन्ध जोडाई । अनन्त जीवनके लागी येशू मात्र एगो रास्ता बा । आ मुक्तिके आश्वासन आ परमेश्वरसँगे घनिष्ठ सम्बन्धके लागी भोकाएल हृदयके उहे मात्र सन्तुष्ट पारे सकि ।

कथि अपने अनन्त जीवनके निम्ति भोकाएल आ पियासल बाडी ? कथि अपने यीहे पृथ्वीके जीवनमे आ बादमे आएबाला जीवनमे परमेश्वरके सामने पूर्ण भरोसा राखेके चाहै सि ? तब प्रभु येशू ख्रीष्टके यी महान निमन्त्रणाके सुनु जौन कहले, हे सब थाकल आ बोझसे दबाएल आदमिसब, हमरालङ आओ, ह मतोहनीके विश्राम देह । जीवनके रोटी हम बाडी । हमरालङ आएबाला कहियो नभोकाई आ हमरा उपर विश्वास करेबाला कौनो भि पियास नलागी । (मत्ती ११ः२८, यूहन्ना ६ः३५)

प्रिय मित्रसब सुनली ओकरा लागी बहुत धन्यवाद बा । दोसर पटक, परमेश्वरके ईच्छामे, हमनी सुसमाचारके निरन्तरता देम आ येशूके कारण भीड कैसे विभाजीत भेल यी विषयके बारेमे सुनम ।

येशू मसिहके यी जीवन देवेबाला वचनके मनन करईत समय परमेश्वर अपने सबजनाके आशिष देवे ः

जीवनके रोटी हम बाडी । हमरालङ आएबाला कहियो नभोकाई आ हमरा उपर विश्वास करेबाला केकरो प्यास नलागी । (यूहन्ना ६ः३५)

कार्यक्रम ७३

येशू विभाजन कराई

मत्ती १५-१६

गेल कार्यक्रममे हमनी प्रभु येशू ५ हजारसे बेसि आदमिसबके भिडके खीएला ५ गो रोटी आ २ गो मछरीके गुणनात्मक रुपमे बढादेल कहके हमनी सुनले रहि । ओकरा बिहानखुना बडका भीड येशूके घेरले रहे, लेकिन ओकनीसबके हृदय जानेबाला यू ओकनीके कहलक,

साँचो ह मतोहनी कहैसि, तोहनीसब चिन्ह देखके न, लेकिन अघएलातक रोटी खएलासे हमरा खोजल । नष्ट होएबाला भोजनके लागी परिश्रम नकर, लेकिन अनन्त जीवनतक रहेबाला भोजनके निम्ति परिश्रम कर, जौन मानिसके पुत्र तोहनीसबके दी । काहेकि परमेश्वर पिता उनकरा उपर विश्वास अपन छाप लगएले बा । जीवनके रोटी हम बाडी । हमरालङ आएबाला कहियो नभोकाई आ हमरा उपर विश्वास करेबाला केकरो प्यास नलागी । (यूहन्ना ६ः२६-२७, ३५)

दुःखके बात, बहुत आदमिसब बादमे येशूके पिछा चलेला छोडदेल, काहेकि ओकनीसब अपन शरीरके पारेषण देवेबाला खानाके अपन अत्माके पोषण देवेबाला खानासे बेसि मूल्यवान सोचैत रहे । लेकिन कौनो कौनो निरन्तर रुपमे येशूके पिछा लागैत रहे काहेकि ओकनीसब अपन हृदयमे उहे परमेश्वरसे आएल पवित्र आ अनन्त जीवन देवेबाला बा ।

आज हमनी सुसमाचारके निरन्तरता देम आ कैसे येशू यहूदीसबके धार्मीक शासकसबके सामना कैलक आ कैसे येशूके कारण यहूदीसब विभाजीत भेल यीहे विषयमे हमनी सुनम । एकरा सुरु करेसे आगा हमनीके यी जानेके उपयोगी बा कि अधिकाँश यहूदीसब ओकनीके पुर्खासबके स्थापना कैल रितीरिवाज आ चलनसब मानले । उदाहरणके लागी, जब ओकनीसब सार्वजानिक स्थानसबसे फिरजाईत रहे, तब ओकनीसब अपने आपके एक निश्चित तरिकासेनधोएतक खाना नखाईत रहे । ओकनीसबके आउर बहुत परम्परासब भि रहे । मत्तीके सुसमाचार, अध्याय १५ मे लेखाएल बात हमनी सुनम ।

यरुशलेमसे आएल फरिसीसब आ शास्त्रीसब येशूलङ आके कहलक, अपनेके चेलासब पुर्खाके परम्परा काहे भङ्ग करले ? काहेकि ओकनी खाएसे आगा अपन हात नधोवले । येशू ओकनीके कहलक, तोहनीसब भि काहे अपन परम्पराके खातिर परमेश्वरके आज्ञासब भङ्ग करल ? काहेकि परमेश्वर कहले बा, अपन माता आ पिताके आदर कर, अपन माता आ पिताके बारेमे दृष्ट बात जौन बोली, उचाहिँ निश्चय मरेके परि । लेकिन हम तोहनीसबके कहैसि, जौन अपन माता आ पिताके कहि, अपने हमरासे जथि प्राप्त करेके खोजैत रहि, उ परमप्रभुके चढएले बा, ओकरा अपन पिताके आदर करेके नपरि । अईसे तोहनीसब अपन परम्पराके खातिर पमेश्वरके वचनके बेकम्मा बनएले बाडे ? ढोँगीसब, यशैया अगमवक्ता तोहनीसबके विषयमे ठिक अगमवाण्ी बोल्लक, यी जाति

हमरा ओठसे मात्र आदर करले, लेकिन ओकनीसबके हृदय हमरासे बहुत दुर बा । ओकनीसब व्यर्थमे हमर उपासना करले, लेकिन ओकनीसबके शिक्षासब आदमिसे सिकाएल विधी मात्र बा । (मत्ती १५ःः१-९)

येशू कैसे धार्मीक अगुवासबके कपटके कैसे उजागर कैलक कथि अपनेके याद कैली ? ओकनीसब आदमीसबके सामन धर्मी बनेके खोजैत रहे, लेकिन ओकनीसबके हृदयमे कथि बा कहके येशूके थाह रहे । ओकनीसबके हात, ओड आ चेहरा सफा रहे तईओ भि ओकनीसबके हृदय पापसे दुषित रहे । सफा हातसे बेसी सफा हृदय महत्वपूर्ण बा । खाली बाहर धोएलासे ओकर हृदय शुद्ध नहोई । अपनेके भात पकाएबाला बरतन भितरसे फोहर बा त, कथि बाहर मात्र धोएम त साफ होए सकि ? अहँ नहोई । ओहिसे यहूसब अपन हृदयके पाप हटाए नसकल ।

येशू आदमिसबके अपनेसँगे बोलएलक, आअ ोकनीके कहलक, सुन आ बुझ । जथि मुहभित्रर पैसि, उसे आदमि अशुद्ध नहोई, लेकिन जथि मुहसे बाहर निकली, उहेसे आदमीके अशुद्ध पारले । तब चेलासब जाके कहलक, कथि अपनेके थाह बा, फरिसीसब अपनेके बात सुनके चिडाएल रहे ? लेकिन येशू कहलक, स्वर्गमे रहेबाला हमर पिताके नरोपल हरेक गाछी उखलाजाई । ओकनीसबके छोडदे, उ अन्धा अगुवासब बा । अन्धा अन्धाके डोरयाई त, उ दोनो खदलीमे गिरी ।

पत्रुस येशूके कहलक, हमनीके यी दृष्टान्तके अर्थ बतादु । येशू कहलक, कथि तोहनीसब अबिभी अबुझ बाडे ? कथि तोहनीके थाह नबा, जथि मुहभितर पैसिउ पेटमे जाई आ बाहर निकल जाई ?

लेकिन जौन बातसब मुहसे बाहर आई, उ हृदयसे निकली आ उहेसे आदमिके हृदय अशुद्ध बनावले । काहेकि हृदयसे खराब विचार, हत्या, परस्त्रीगमन, व्यभिचार, चोरी, झुट गवाही आ निन्दा बाहर निकलले । यी बातसबसे आदमिके अशुद्ध पारले । लेकिन हात नधोके खएलासे अशुद्ध नपारि ।

तब येशू गालीलके समुन्द्र होके चलगेल आ पहाड उपर चढके बैठलक । तब बडका बडका भिड येशूकहाँ आएल आ ओकनीसबके साथमे ल्याएल लङ्गडा, लुला, अन्धा, गूँगा आउर बहुत येशूके चरण लेआएल, तब येशू ओकनीसबके ठिक करदेल । यहाँतक कि, गूँगासब, बोले लागल, बहिरासब सुने लागल, आ अन्धा देखे लागल, तब आदमिसब अचम्म मागेल आ ओकनीसब इस्राएलके परमेश्वरके महिमा करे लागल । (मत्ती १५ःः१०-२०, २९-३१)

ओकरा बाद फरिसी आ सदुकीसब आके येशूके जाँच करेला स्वर्गसे एगो चिन्ह देखाएला येशूसँगे माग कैलक । लेकिन येशू ओकनीसबके जवाफ देलक, साँझ कैलाके बाद तोहनीसब कहल, बिहानके दिन निमन बा, काहेकि आकाश लाल बा । बिहानचाँहि कहल, आकाशके तारा बादलसे तोपाएल ब, आज आँधी आएबाला बा । तोहनीसब आकाशके अवस्था देखके दिन कैसन बा कहके छुटयाएला जानल, लेकिन समयके चिन्हके अर्थ खोले नसक्बे । दुष्ट आ व्यभिचारी पुस्ता चिन्हेके खोजले, लेकिन योनाके चिन्हबाहेक दोसर ओकरा नदिआई । तब तोहनीसबके छोडके येशू अएलक । मत्ती १६ःः१-४)

काहेकि जैसे योना बडका मछरीके पेटभितर तीन दिन तीन रात रहे, ओईसहि मानिसके पुत्र भि पृथ्वीके गर्भमे तिन दीन तिन रात रहि । निनवेके आदमिसब न्यायके दिनमे यी पुस्ताके साथ खडा होई, आ एकरा दोषी ठहराई, काहेकि ओकनीसब योनाके प्रचारमे पश्चताप कैले रहे। लेकिन देखयोनासे महान एलङ कौनो बा । (मत्ती १२ः४०-४१)

अईसे येशू भविश्यवाणी कैलक कि अगमवक्ता योना बडका मछरीके पेटमे रहे आ तिसरा दिनमे बाहर आएल, ओईसहि येशू गाडाई, आ तिसरा दिनमे चिहानसे बाहर आई, उहे स्वर्गसे आएल मसिह बा, जौन हमनीके पाप, मृत्यू आ नरकके शक्तिसे बचाए आएल बा यीहे विषयमे यी निर्विवादन प्रमाण दि । लेकिन धार्मीक विज्ञसब अपन विश्वासमे आगा रहे । यूहन्नाके सुसमाचार ७ अध्यायमे धर्मशास्त्र कहलेः

तब येशू गालीलमे घुमफिर करे लागल, लेकिन येशू यहूदीमे जाएके नचाहल, काहेकि यहूदीसब येशूके मुआएके दाउमे रहे । यहूदीसबके चाँड लग आईत रहे । यीहे कारण येशूके भाईसब येशूके कहलक, यी ठाउँ छोडके यहुदीया जो, आअ पनेके कैल कामसब चेलासब भि देखि । जौन आदमि ख्याति प्राप्त करेके चाहैता, उ गुप्तमे काम नकरि । अपने यी काम करेके चाहम त, अपने आपके संसारमे प्रकट करु । काहेकि येशूके भाईसब भि येशूके विश्वास नकरैत रहे ।

भीडके बिचमे उनकर विषयमे चर्चा होए लागल । कौना कहे, येशू असल बा । आउर कहैत, नबा, यी आदमिसबके भ्रममे पार, रहल बा । लेकिन यहूदीसबके डरसे किछो नकहैत बा । चाँके दिन येशू मन्दिरमे शिक्षा देईत रहे लेकिन यहूदीसब अचम्म मानके कहलक, कौनो अध्ययन नरके भि कैसे एतना विद्या हासिल कैलक ?

तब येशू कहलक, हमर शिक्षा हमर नबा, लेकिन उनकर बा, जौन हमरा उठएलक ।यदि कौनो आदमि परमेश्वरके ईच्छा पालन करेला इच्छा करी, हमर शिक्षा परमेश्वरके तरफसे बा । कथि आदमिसब तोहनीके व्यवस्था नदेलक ? लेकिन तोहनीसब यी व्यवस्था पालन नकरल । तोहनीसब हमरा काहे मुआएके चाहैसे ? भीड कहलक, तोहरा भुत लागल हउ । कौनो तोहरा मुआएके चाहैता ? लेकिन येशू कहलक, एगो काम हम करली, यीमे तोहनी आश्चर्य नमान । मोशा तोहनकि खतानाके रीती देले बा, मोशाके तरफसे नबा, लेकिन पित पुर्खासबसे बा, आ तोहनीसब आदमिके खतनाकरल । मोशाके व्यवस्था भङ्ग नहोखो कहके कहके खतना करि त, शबाथ दिनके खतना करि तएजनाके शबाथ दिनमे हम ठिक कैली कहके तोहनी हमरासँगे रिस करैसे ? मुहदेखके न, ठिक किसिमसे ईन्साफ कर । यीहे कारण येशूके पकडेके खोजलक, लेकिन कौनो उनकरा उपर हातचाँहि नराख्लक, काहेकि उनकर समय अभि नआएल बा । भिडमेसे बहुत आदमिसब उनकरा उपर विश्वास कैलक । ओकनीसब कहलक, जब ख्रीष्ट आई तब कथि यीसे बेसि चन्हसब येशू करे सकि ? चाँडके दिनमे, येशू कहलक, यदि कौनो पियासल बा त, हमरालङ आके पि जौन हमरा उपर विश्वास कर, धर्मशास्त्रके कहल अनुसार ओकर अन्तस्करणसे जीवित पानीके नदीसब बहि । यी बात सुनेबाला कौनो कौनोअईसे कहलक, यी त, साँचोके अगमवक्ता बा । आउरसब कहलक, यी ख्रीष्ट बा, लेकिन कौनो कहलक, कथि ख्रीष्ट गालीलसे आए सकि ?

कथि धर्मशास्त्र कहले नबा, कि ख्रीष्ट दाऊदके वशंसे आ दाऊदके गाउ बेथलेहेमसे आई ? यीहेसे आदमिसबके बिचमे फाटो आएल । ओकनीसब केतना येशूके पकडेके खाजलक । तब मन्दिरमे पहरेदारसब मुख्य पुजहारीसब फरिसीकहाँ आएल । ओकनी कहलक, ओकरा काहे नलेअएले ?

पहरेदारसब जवाफ देलक, यी आदमि जैसन कहियो कौनो आदमि नबोललक । फरिसीसब कहलक, तोहनीसब भि बहकगेले का ? कथि फरिसीसबमध्ये कौनो उनकरा उपर विश्वास कैले बा ? लेकिन यी भिड जौन व्यवस्था नजानी, उ श्रापीत बा । ओकनीसबमभ्ये एकजना निकोदेमस, जौन पहिला एकबेजी येशूलङ आएल रहे, उ कहकल कथि हमनीके व्यवस्था पहिला आदमिके सुनवाई नहोके, उ कथि कैले बा उ थाह नपाके ओकरा दोषी ठहराएके मिली ? ओकनीसब कहलक, कथि तु भि गालीलके बाडे ? धर्कशास्त्र खोजके देख तब तु देखबे, कि गलीलसे अगमवक्ता ननीकली ।

तब हरेक आदमि अपन घरे चलगेल । (यूहन्ना ७ः१-५, १२-१७, १९-२४, ३०-३१, ३७-३८, ४०-५३)

दुःखके बात, अधिकांश धार्मीक अगुवासबके कठोर हृदय रहे । ओकनीसब येशूके घृणा कैलक आ ओकनीसब मसिह बा कहेबालासबके सभाघरसे निस्कासन करेला धम्की समेत देलक । येशूके कारणसे भिड विभाजन होगेल कौनो भि येशूके बारेमे बोले नसकल, काहेकि ओकनीसब धार्मीक अगुवासब आ पुजहारीसबसँगे डेराईत रहे । गोप्य रुपमे आपसमे कौनो कौनो असल आदमि बा कहके बात करैत रहे । आउरसब कहलक, न,उ जनताके धोका दी । आउरजना बहलक, जब मसिह आई तब कथि उ यी आदमिसे बेसि चमत्कारी चिन्ह देखाए सकि ? कहके अचम्म मानलक । प्रिय मित्रसब, येशूके बारेमे अपने कथि कहम ? उनकर बारेममे अपने कथि सोचम ? येशू हि मसिह बा जेकर बारेमे सब अगमवक्तासब लेखले रहे कहके कथि अपने विश्वास करम ? कि येशू अगमवक्तासबमध्ये एक रहे कहके अपने सोचैसि ? यी बारेमे कौनो भ्रममे नपर । कथि अपनेके था बा ? सच्चा येशू कौन बा ? उ काहे यी संसारमे अएलक कहके अपनेके थाह बा ? येशू अपन विषयमे कथि कहलक सुनुः

रास्ता सत्य आ जीवन हम बाडी । हमरा बाहेक कौनो भि पिताकहाँ जाए नसकि । यीहे खातिर हम जनम लेले बाडी आ यीहे सत्य गवाही देवे हम संसारमे आएल बाडी । प्रत्येक जौन सत्यके(य पक्षमे बा, उ हमर आवाज सुनी । (यूहन्ना १४ः६, १८ः३७)

प्रिय मित्रसब, अपने केकर पक्षमे बाडी ? अपनेके अपन परिवार अपनेके साथ नदी तईओ भि सत्यके साथ देवेला कथि अपने ईच्छुक बाडी ? बुद्धि कहले, जेकरा मह चाहि, ओकरा मौरीके सामना करेके परि । प्रभु येशू कहलक, हम पृथ्वीमे शान्ति ल्याए आल बाडी कहके नसोेच । काहेकि हम आदमिके ओकर पिताके विरुद्धमे आ बेटीके माताके विरुद्धमे, पतोहके अपन सासके विरुमे कराए अईलील । आदमिके शत्रु हमनीके परिवारे भितर होखले । जौन हमरासे बेसि अपन माता आ पिताके प्रेम करि, उ हमर योगयके नहोई । (मत्ती १०ः३४-३७)

सुनली ओकरा लागि बहुत धन्यवाद बा । जन्मेसे अन्धा आदमिके येशू कैसे ठिक कैलक । अमनी दोसर बेजी सुनेके लागी हमनीसँगे सहभागी होउ । अपने यी वचनके विचार करैत समय परमेश्वर अपनेके आशिष देवेः प्रत्येक जौन सत्यके पक्षमे बा, उ हमर स्वर सुनी । (यूहन्ना १८ःः३७)

कार्यक्रम ७४

संसारके ज्योति

यूहन्ना ८

हमनीके गत कायृक्रममे हमनी कैसे धार्मी अगुवासब येशूके मुआएके लागी येशूके सतावईत रहे आ येशूके गिरफतार करेके प्रयास करैत रहे । लेकिन पापसे छुटकारा देवेके लागी सिद्ध बलिदानके रुपमे येशूके पेठएले रहे । कैसे येशू जन्मेसे अन्धा आदमिके ठिक कैलक । यूहन्नाके सुसमाचारके ८ अध्याय हमनीके एक बिहान येशू यरुशलेमके मन्दिरमे जाके शिक्षा देवे लागल ः

हम संसारके ज्योति बाडी । हमरा पछयाएबाला अन्धकारमे नचलि, लेकिन ओकरा जीवनके ज्योति मिली । तब फरिसीसब कहलक, तु अपने विषयमे गवाही देरहल बाडे । तोहर गवाही सतय नबा । येशू कहलक, हम अपन विषयमे गवाही देम, तईओ थि हमर गवाही सत्य बा । हमरा थाह बा, हम कहाँसे आए सि, आ हम केने जारहल सि । लेकिन तोहनीके थाह नबा, हम केनेसे आएल बाडी आ काहाँ जाएम । तोहनीसब निचाके बाडे । हम उपरके बाडी ।

ओकनीसबबब कहलक, तु कौन बाडे ? येशू कहलक, हम उहे बाडी, जोन हम तोहनीके पहिलेसे कहरहल बाडी । यीहे कारण येशू कहलक, जब तोहनीसब मानिसके पुत्र उपर उठाएल देखबे, तब हम उहे बाडी कहके थाह पएबे, आ हम अपन अधिकारसे किछो नकरम, लेकिन पिताके सिकावल बातसब हम बोल लरल बाडी कहके थाह पएबे । तब सत्य कथि बा कहके, थाह पएबे आ सत्यसे ताहनीसबके स्वतन्त्र करि । ओकनीसब कहलक, हमनी अब्राहमके सन्तान सि, आअ भितक कौनोके दासत्वमे नपरल बाडी । तोहनीसब स्वतन्त्र होएम कहके कैसे कहैसे ? येशू कहल, साँचोके ह मतोहनीसबके कहरहल सि, पाप करेबाला सबजना पापके कमारा बा । कमारा हमेशा घरमे नरहले, लेकिन पुत्रचाँहि हमेशा घरमे रहि । पुत्र स्वतन्त्र करी तब हि स्वतन्त्र होई । हमरा थाह बाातोहनी अब्राहमके सन्तान बाडे । लेकीन तोही हमरा मुआएके खोजैसे, काहेकि हमर वचन तोहनीमे स्थान नपाई । हम जथि जथि पिताके स्थानमे देखले सि, उहे हम कहैसि । तोहनीसब जथि तोहनीके पितासे सुनल बात करल । ओकनी कहलक, हमर पिता त अब्राहम बा । येशू हओकनीके कहलक, यदि तोहनी अब्राहमके सन्तान रहते, अब्राहम जथि काम कैलक उहे करते । हम परमेश्वरसे सुनल बात तोहनीके कहैसि, लेकिन अखुनी तोहनीसब हमरा मु आएके खोजैसे । अब्राहम अईसन काम नकैलक । पिता जथि कैलक, तोहनीसब भि उहे काम कर । ओकनीसब येशूके कहलक, हमनी व्यभिचारमे जन्मल नबाडि । हमनीके पिता एकेगो बा, उहे परमेश्वर बा ।

येशू ओकनीके कहलक, परमेश्वर तोहनीके पिता रहईत त, तोहनीसब हमरा प्रेम करते, काहेकि हम परमेश्वरके पुत्र बाडि । हम अपन ईच्छासे आएल नबाडी, लेकिन परमेश्वर हमरा पेठएले बा । हमर कहल तोहनीसब काहे नबुल ? काहेकि तोहनी हमर वचन नबुझल । तोहनीसब दियाबलसके सन्तान बाडे, आ दियाबलसके ईच्छा पुरा

करेके लागि तोहनीसबके संकल्प बा । उ त शुरुसे हत्यारा रहे आ सत्यसँग ओकरा कौनो वास्ता नबा । काहेकि ओकरामे कौनो सत्य नबा । जब उ झुट बोलले, उ अपने स्वभाव अनुसार बोलले, काहेकि उ झुट बा आ झुटके पिता बा । हम सत्य कहईसि, लेकिन तोहनीसब हमरा उपर विश्वास नकरल ? जौन परमेश्वरके बा, जौन परमेश्वरके वाणी सुनले । तोहनीसब परमेश्वरके नबाडे, ओहिसे तोहनीसब नसुनल । यहूदीसब येशूके कहलक, कथि हमनीके भनाई ठिक नबा, कि तु सामरी बाडे आ तोहरा भुत लागल हउ ? येशू जवाफ देलक, हमरा भुत नलागल बा, लेकिन हम अपन पिताके आदर करिले, आ तोहनीसब हमरा अनादर करल । लेकिन हम अपन महिमा नखोजम, एकजना बा, जो महिमा खोजले आ फैसला करले । साँचोके ह मतोहनीसबके कहिले, यदि कौनो हमर वचन पालन करि त, उ कहियो मृत्यू नदेखि । यहूदीसब येशूके कहलक, अब हमनीके पक्का थाह होगल बा कि तोहरा भुत नलागल बा । अब्राहमके मू हागेल, अगमवक्तासब भि मरगेल, लेकिन तु कहैसे, कौनो हमर वचन पालन करि त, उ कहियो मृत्यू नचाखी । कथि हमर पुर्खा अब्राहमसे तु महान बाड ? ओकर मृत्यू होगेल, आ अगमवक्तासब भि मरगेल । तु अपने कौन बाडी कहके दाबी करैत बाडे ?

येशू जवाफ देलक, यदि हम अपन महिमा करम त, हमर महिमा व्यर्थ बा । हमरा महिमा देवेबाला हमर पिता बा, जेकरा तोहनी हमर पिता कहल । तोहनी उनकरा नचीन्हलेसे, लेकिन हम उनकर चिन्है सि । हम उनकराके चिन्हैसि त, ह मतोहनी जैसन झुट ठहरम । लेकिन हम उनकराके चिन्हीले आ उनकर वचन पालन करिले । तोहनीसबके पुर्खा अब्राहम हमर दिन देखेला प्रफुलित भेल रहे, आ तब हमरा देखके खुशी भेल । यीहेसे यहूदीसब कहलक, तु अभि ५० वर्ष नपुगल बाडे, कथि तु येशूके देखले बाडे ? येशू कहलक, साँचोके ह मतोहनीके कहरहल सि, अब्राहमसे आगा हम रहि । तब ओकनीसब उनकराके पथलसे मारलक, लेकिन येशू लुकाके मन्दिरसे बाहर चलगेल । (यूहन्ना ८ः१२-१४, २५, ३२-५९)

तब येशू एकजना जन्मसे अन्धा के देखलक । उनकर चेलासब कहलक, रब्बी, कौन पाप कैलक, एकर कि एकर माता पिता आ यी अन्धा जन्मएलक ? येशू कहलक, नत यी पाप कैले बा, नत एकर माता पिता, लेकिन यी परमेश्वरके काम यी आदमिके जीवनमे प्रकट भेल । हमरा पेठाएबालाके कामसब समय रहते करेके परि । रात आई त, कौनो काम करेनसकि । हम संसारके ज्योति सि । यी बात कहके, येशू थाकगेल, आ थुकसे माटी सौनके लेप बनाके ओकर आँखमे लगादेलै । तब येशू अन्धाके कहलक, जो सिलोआमके तलाउमे जाके धो । उ जाके धोएलक, आ दखेबाला होगेल । तब ओकर परोसिसब आ ओकरा भिख मागेबाला कहलक, बैठके भिख मागेबाला यीहे बा ? कौनो कौनो कहलक, यी उहे बा । आउर कहलक, यी उहे जैसन लउकैता । उ कहलक, हम उहे बाडि । तब ओकनीसब ओकराके कहलक, तोहर आँख कैसे ठिक होगेल ? उ जवाफ देलक, येशू हमरा माटीके लेप आँखमे लगाके जाके धो कहलक । तब हम जाके धोएली आ हम देखेबाला होगेली ।ओकनीसक कहलक, उ कने बा ? उ कहलक, हमरा थाह नबा । अगाडि अन्धा रहे ओकरा फरिसीकहाँ लेआएल ।

जौन दिन येशू उ अन्धाके ठिक कैलक, उ सबाथ दिन रहे । फरिसी कहलक, तु कईसे देखे लागले ? उ ओकनीके कहलक, येशू हमर आँखमे माटीके लेप लगादेल तब धोएली आ देखेबाला होगेली । फरीसीसबमध्ये

कौनो कहलक, उ आदमि परमेश्वरसे आएल नबा, काहेकि उ शबाथ दिन पालन नकरलक । लेकिन आउरसबकहलक, कैसे पापी आदमि यी चिन्ह करे सकि ? आ ओकनीके बिचमे फाटे आएल । ओकनीसब उ अन्धाके कहलक, तोहर आँख खोलदेलक, अब उनकर विषयमे तु कथि कहबे ? उ कहलक, उ अगमवक्ता बा । दृष्टि पाएबालाके माता, पिताके बोलाके नपुछलातक ओकनीसब उ अन्धा दृष्टि पागेल कहके विश्वास नकैलक । तब ओकनीसब कहलक, कथि यी तोहनीके बेटा बा, जौन जन्मसे अन्धा रहे ? लेकिन अब दृष्टि पाके देखेबाला होगेल ? ओकर माता, पिता कहलक, हमनीके थाह बा यी हमर बेटा बा, यी जन्मसे अन्धा रहे । लेकिन कौन आँख खोलदेल हमनीके थाह नबा । एकर उमर पुगेल बा, एकरेसे पुछ । अपन विषयमे उ अपने कहि । ओकर माता, पिता यी कहलक, काहेकि ओकनीसब यहूदीसे डराईत रहे । काहेकि कौनो उनकराके ख्रीष्ट कहके स्वीकार करि, ओकरा सभाघरसे निकाल दि कहके यहूदीसब अगाडुवे सहमत कैले रहे । उहे कारण ओकर माता पिता कहलक एकर उमर पुगेल बा, एकरे पुछ । तब अन्धाके दोसरबेजी बोलाके कहलक, परमेश्वरके महिमा दे । हमनी जानैसि यी पापी बा । उ जवाफ देलक, उ पापी नबा कि बा, हमरा थाह नबा । लेकिन हमरा एगो बात मात्र थाह बा कि हम अन्धा रलि आ अब दृष्टि मिलगेल बा । तब ओकनीसब कहलक,उ तोहरा कथि कैलक ? उ तोहर आँख कैसे खोलदेलक ? उ कहलक, ह मतोहनीके कहचुकल बाडी, लेसकन तोहनीसब नसुनले । अब फेरु काहे कहैसे ? कथि अपनेसब भि उनकर चेला होएके चाहैसी ? ओकनीसब ओकरा गाली देईत कहलक, तु ओकर चेला बाडे, लेकिन हमनी त मोशाके चेला बाडी । हमनीके थाह बा मोशासँगे परमेश्वर बोलले रहे , लेकिन हमनीके थाह नबा कि यी आदमि केने बा । उ आदमि जवाफ देलक, कैसन विचित्र बात । उ केनेसे आएल बा अपनेसबके थाह नबा, लेकीन हमर आँख उ खोलदेलक । हमनीके थाह बा कि परमेश्वर पापीसबके बात नसुनी, लेकिन परमेश्वरके भय मानेबाला आ उनकर ईच्छा पालन करेबाला व्यक्तिके बात परमेश्वर सुनले ।

संसारमे शुरुसे अन्धाके आँख कौनो खोलदेले बा यी बात कहियो सुनले नरहे । यदि यी मानिस परमेश्वसे नआईत त,उ किछो करे नसकईत । ओकनीसब कहलक, तु त विलकुल पापमे जन्मल रले, आ अब कथि हमनीके सिकावेके चाहैसे ? यहूदीसब ओकरा बाहर निकाल देल । ओकरा बाहर निकाल देल कहके येशूके थाह लागेल, ओकरा भेटके कहलक, कथि तु मानिसके पुत्र उपर विश्वास करल ? उ कहलक, प्रभु उ कौन बा ? हम उनकरा उपर विश्वास करम ? येशू ओकरा कहलक, तु ओकरा देखले बाड, आ तोहरासँगे बात करेबाला उहे बा । तब उ कहलक, प्रभु हम विश्वास करम, आ उ येशूके दण्डवत कैलक । येशू कहलक, हम न्यायके लागी यी संसारमे आएल बाडी, कि नदेखेबाला देखो आ देखेबालाचाहिँ अन्धा होखो । यी बात सुनके फरिसीसबमध्ये कौनोकहलक, कथि हमनी भि अन्धा बाडी ? येशू कहलक, तोहनीसब अन्धा रहते त, पापके दोष नलागैत, लेकिन तोहनीसब देख सकैसि कहल, उहे कारण तोहनीके पाप रहले रहि । (यूहन्ना ९ः१-४१)

अईसे प्रभु येशू अन्धा जन्मल आदमिके ठिक कैलक आ फरिसीसबके अन्धा दिमागके लागी हप्कएलक । यी फरिसीसब आ पुजहारी सबजना अन्धा रहे ओहिसे येशूके मारेकेलागी पथल उठएले रहे । एकनीके दिमाग बन्द

रहे । यीहे मसिह बा आ संसारके ज्याति बा कहके विश्वास करेके चाहैत नरहे । अब्राहमसे पहिला येशू रहे, उहाँ आदीमे परमेश्वरसँगे रहे, उहाँ वचन रहे कहके विश्वास करेके नचाहैत रहे ।

आजुके कथामे हमनी दु किसीमके अन्धा आदमि देखली, आँखके अन्धा आ दिमागके अन्धा । दिमागके अन्धापन शरीरके आँखके अन्धापनसे खराब बा । यदि अपनेके आँख अन्धा बा, अपने संसारके चिजसब देखे नसकैसि, लेकिन यदि अपनेके दिमाग आ हृदय अन्धा बा, अपने अनन्तके चिजसब देखे नपाईसि । परमेश्वरके वचन हमनीके सिकावले कि आदमके सन्तानसब ओकनीके दिमाग आ हृदयमे जन्मसे बा । आदमके पापके कारण, हमनीसब पापमे आ अज्ञानताके अन्कारमे जन्मल बाडी । बत्ती बारेखुना तितरबितर होएबाला साङलासब जैसन, हमनी परमेश्वरके वचन ज्योतिके बेवास्ता करिले, आ अन्धकारमे हमनब िजीवन विताएला हमनी सन्तुष्ट हाएम । दुःखके बात, आदमके अधिकांश सन्तानसबपाप आ अज्ञानताके अन्कारमे मरि । बुद्धि कहले, अपने यी जानेसे आगा, अज्ञानता अपनेके मार दि । अगमवक्ता होशे कहले, परमप्रभुके वचन सुन, हमर आदमिसब ज्ञानके कमीसे नाश होरल बा । काहेकि तोहनीसब हमर ज्ञानके इन्कार कर रहल बाडे, आ हम भि तोहनीके इन्कार करम । (हाशे ४ः१, ६)

अब सुसमाचारचाहिँ कथि बा कहके, परमेश्वर हमनीमध्ये कौनो भि पाप आ अज्ञानताके अन्कारमे नष्ट नष्ट होखे कहके नचाहले । ओईसहि हमनीके उनकर वचन, येशू उदाएबाला सूर्य कहके बालले रहे जेकरासे अन्धकार आ मृत्यूके छायाँमे बैठेबालासबके ज्योति मिली, आ हमनीके पाप शान्तिके रास्तामे डोरयाई । (लुका १ः७९) अगमवक्तासब रातके ईजोत पारेबाला तारासब जैसन रहे, लेकिन येशू ख्रीष्ट उदायल सूर्यै जैसन बा, जौन ओकरामे विश्वास करेबाला सबके जीवन आ ज्योति मिली । हमनीके संसारके इजोत बनाएला परमेश्वर केतनागो सूर्यसब सृष्टि कैलक ? एगो मात्र । पापीसबके पाप आ अनन्त नरकके अन्धकारसे छुटकारा देबेला परमेश्वर स्वर्गसे केतना मुक्तिदातासब पेठएले बा ? एगो मात्र । यद्यपी, बहुत आदमके सन्तानसब यी नबुझले, ओहिसे ओकनी अभिभि अपन पाप आ लाजके अन्धकारमे ठेस खारहल बा । धर्मशास्त्र प्रभु येशू ख्रीष्टके बारेमे घोषणा कैल बात यीहे बाः उ ज्योति अन्धकारमे चम्कले, आ अन्धकार ज्योतीमे विजय नहोएल बा । उ संसारमे रहे, संसार उनकराद्वारा बनल, तैओ भि संसार उनकराके नचिन्हलक । (यूहन्ना १ः५, १०)

आदरणीय श्रोतावृन्द, कथि प्रभु येशू अपनेके मन आ हृदयके आँख खोलदेले बा ? कि अपने अभि भि अन्धकारमे ठेस खारहल सि ?

सुनली ओकरा लागी धन्यवाद बा । हमनीके दोसर अध्ययनमे, परमेश्रके इच्छामे, हमनी परमेश्वरके महिमा येशूसे कैसे सूयृ जैसन चम्कल कहके हमनी सुनम । येशू अपने यी घोषणा कैल बातके अपने मनन करेके समय परमेश्वर अपनेके आशिष देवेः

हम संसारके ज्योति बाडी । हमरा पछयाएबाला अन्धकारमे चलले, लेकिन ओकरा अनन्तके जीवनके ज्योति मिली । (यूहन्ना ८ः१२)

कार्यक्रम ७५

प्रभुके महिम

मत्ती १६-१७

सुसमाचारके पुस्तकमे रहल हमनीके अध्ययनमे, गेल समयमे हमनी कैसे येशू मसिह एकजना जन्मेसे अन्धा आदमिके आँख ओलदेले रहे यीहे विषयमे हमनी देखली । येशूके लागी कौनो चिज असम्भव नबा काहेकि मसिह पृथ्वीमे मानिसके रुपमे देखा परलक उहे कारण हावा आ समुन्द्र, भूतसब, रोग आ मृत्यू जैसन पृथ्वीमे रहल सब शक्तिसे उपर उनकर शक्ति आ अधिकार रहे । येशू जेनेभिगेल भिड पछयाए लागल, लेकिन भिडमेसे कम मात्रमे येशू कौन बा कहके चिन्हलक । ओकनीसब येशूके अगमवक्ता मानैत रहे लेकिन सम्पूर्णता उनकरमामे वास करलेकहके नबुझलक । येशू स्वर्गसे आएल महिमाके प्रभु बा कहके नबुझलक ।

आजुके कार्यक्रममे, परमेश्वरके इच्छामे येशू एकेले प्रार्थना करैत रहे, चेलासब येशूसँगे रहे, आ येशू चेलासबसे पुछलक, आदमिसब हमरा कौन बा कहले ? चेलासब कहलक, कौनो बप्तिस्मा देवेबकाला यूहन्ना बा कहले, कौनो एलिया आ अगमवक्ता कहले । येशू कहलक, तोहनीसब हम कौन बाडी कहल ? सिमोन पत्रुस जवाफ देलक, अपने मसिह बाडी, जीवित परमेश्वरके पुत्र । येशू कहलक, योनाके बेटा सिमोन, तु धन्यके बाडे । काहेकि आदमिसे ताहरा यी प्रकट नहोएल हउ, लेकिन साँचोके, येशू चेलासबके महत्वपूर्ण प्रश्नके जवाफ हमनीके भि देवेके परि ।

आदरण्ीय श्रोतावृन्द, आजु अपने जथि सुनरहल सि, कथि अपने येशू कौन बा कहके थाह पएली ? उनकर विषयमे अपने कति सोचिले ? कथि अपनेके अगमवक्तासँगे मात्र वर्गीकरण करले बा ? कि अपने पत्रुससँगे सहमत सि, जौन येशूके, जीवित परमेश्वरके पुत्र बा कहके घोषणा कैले रहे ?

अपनेके विचारमे येशू कौन बा ? आदम आ हव्वाके पापके करेसे आगा परमेश्वरके प्रतज्ञा कैल उद्धाकर्ता उहे बा कहके कथि अपने विश्वास करैसी ? येशू जीवीत परमेश्वरके पुत्र बा, स्वर्गसे आएल परमेश्वरके वचन बा कहके कथि अपने विश्वास करैसि ? आज यी संसारमे देखम त, बहुत आदमिसब येशू परमेश्वरके पुत्र बा कहके इन्कार करले काहेकि ओकनीसब सोचले कि परमेश्वर एगो पत्नी लेअएलक आ उहेसे बालक येशूके जन्म भेल । लेकिन ओईसन नबा । परमेश्वरके महिमा उ बातसे बडका बा । येशू पवित्र आत्मासे गर्भधारण भेल तब जन्मल ।

परमेश्वर आत्मा बा, आ आदमिके बालक जैसन जन्म नलेलक, लेकिन यी बातसे परमेश्वरके पुत्र येशू बा कहसे रोके नसकि । हमनी पहिले यी बातके अईसे चित्रण कलै रहि, यदि एक सेनेगाली अपन देशसे बाहर जाई तब आदमिसब ओकरा सेनेगलके बेटा कहके बोलाई त, एकर अर्थ यी नबा कि सेनेगल पत्नी लेके बेटा जन्मल । ओकरा सेनेगलके बेटा कहि काहेकि उ सेनेगलसे आएल बा ।

कन्या कुमारीसे जन्मल येशूकेसँगे भि ठिक ओईसहि भेल रहे । येशू जन्म लेवेसे आगा उ स्वर्गमे रहे । उ परमेश्वरके वचन आ आत्मा बा । केवल येशू मात्र स्वोच्च परमेश्वरके पुत्र कहेला योग् यबा, काहेकि उहे मात्र एक वचन बा जौन आदीमे परमेश्वरसँगे रहे ।यी एगो रहस्यके बात बा । लेकिन उसे बेसि बडका बातचाहिँ उनकरामे सत्य बा । हमनीके पापसे बचावेके लागी मात्र न, लेकिन परमेश्वर कैसन बा कहके देखावेके लागी परमेश्वर अपन वचन अर्थात पुत्र येशूके यी संसारमे पेठएलक । येशू पृथ्वीमे अपन चरित्र देखएलक । जौन पुत्रके देखावले, यीसे पिता कैसन बा कहके थाह लागले । जौन येशूके देखावले, उ परमेश्वर कैसन बा कहके जानले । जौन पिताके देखी उ पुत्रके भि देखी । येशू परमेश्वरके पुत्र बा कहके चिन्हाले, काहेकि उ परमेश्वरके पेठाएल पुत्र बा, काहेकि उ परमेश्वर जैसन बा, आ उ वचन बा । प्रिय मित्रसब, हमनी यी बातके विश्वास करु चाहे नकरु, लेकिन सत्य यीहे बा कि येशू परमेश्वरके पुत्र बा ।

अब हमनी मत्तीके पुस्तकमे सुनम, पत्रुस येशूके जीवित परमेश्वरके पुत्र मसिह कहके घोषणा कैले रहे, ओकराबाद कथि भेल हमनी सुनम । धर्मशास्त्र कहलेः येशू यरुशलेममे कैसे जाएके परि आ मुख्य पुजहारीसब आ शास्त्रीसबसे बहुत कष्ट भोगेके परि, मरेके परि आ तिसरका दिनमे जीवित होके उठेके परि कहके येशू उहे समयसे अपन चेलासबके बताईत रहे । पत्रुस येशूके हप्काए लागल, परमेश्वर अईसे नकरे, प्रभु अपने उपर अईसन कहियो नहोई ।

लेकिन येशू पत्रुसके कहलक, ए शैतान हमर सामनेसे हटजो, तु हमरा लागी बाधा बाडे । काहेकि तु परमेश्वरके बातमे न, लेकिन आदमिसबके बातमे ध्यान देवल । (मत्ती १६ःः२१-२३)

येशू अपन चेलासबके कथि कहलक, अपने सुनली ? बशुत कष्ट शहेके परि आ मरेके परि आ तिसरका दिनमे जीवीत होएम कहलक । अईसे येशू हमनीके पापके ऋण तिरेला अपन पवित्र खुन बहएलक ।

लेकिन पत्रुस येशूके बातपर विश्वास करे नसकल । ओहिसे पत्रुस येशूके कहलक, अईसे नहोखे, प्रभुकहियो अईसन नकरे । लेकिन येशूके थाह रहे कि पाप उठाके लेजाएला बलिदानके रुपमे अपन खुन बहाएला संसारमे आएल रहे । उहे कारण पत्रुसके शैतान, हमर सानमेसे हटजो, तु हमर निम्ति बाधा बाडे । काहेकि तु परमेश्वरके बातके न, लेकिन आदमिसबके बातमे ध्यान देवल कहलक ।

आदरणीय श्रोतासब, यदि हमनी आजुके कथासे हमनी सिखली । येशू मसिह हमनीसबके पापके बलिदान देवेके लागी यी संसारमे आएल रहे । परमेश्वरके इच्छाद्वारा उनकर भविश्यवाणी कैसे पुरा भेल कहके हमनी सुनम । यीहे कारण श्रोता मित्रसब, यदि कौनो परमेश्वर अर्थात येशूके भविश्यवाणीसे दोसर शन्देश कहि तईओ भि सतयचाहिँ कहियो परिवर्तन नहोई । क्रुसमे येशूके मृत्यूके फैसला करेबाला परमेश्वर बा, कौनो भि परमेश्वरके आदेशके परिवर्तन करे नसकि । येशू हमनीके पापके भारी अपना उपर लेके हमनीके लागी बलिदान होगेल । येशू हमनीके लागी मरलक काहेकि, येशू हमनीसे बशुत जादा प्रेम करले, हमनी नाश होखो कहके नचाहले ।

आउ अब हमनी येशू अपन चेलासबके यरुशलेममे अपन जीवनके अर्पण करेके परि कहके बतएला एक हप्ता बाद कथि भेल कहके हमनी सुनम ।

६ दिन बाद येशू पत्रुस, याकूब आ ओकर भाइ यूहन्नाके अपनासँगे एगो उच्च पहाड उपर लेगेल । ओकनीसबके सामने उनकर रुप परिर्वतन होगेल । उनकर चेहरा सूर्य जैसन चम्के लागल । उनकर वस्त्र प्रकाश जैसन उजर रहे । (मत्ती १७ःः१-२)

येशूसँगे दु जना आदमि बातचित करैत रहे, ओकनी मोशा आ एलिया रहे । ओकनीसब महिमित रुपमे देखा परलक आ येशूके मृत्यूके विषयमे बातचित करैत रहे । यी बात यरुशलेमे पुरा करेके रहे । (लूका ९ःः३०-३१)

पत्रुस कहले, हे प्रभु, हमनी एहीलङ ठिक बाडी । अपनेके ईजाजतसे हम यहाँ तिनगो वासस्थान बनाएम, अपनेके लागी, मोशाके लागी, आ एलीयाके लागी । ओतनेमे चम्किलो बादलसे सबके तोपदेल, आ उ बादलसे आवाज आएल, यी हमर प्रिय पुत्र बा, उनकरासे हम अति प्रसन्न बाडी । उनकर बात सुन । तब चेलासब भयभित होके निचावर झुकलक । येशू चेलासबके कहलक, उठ नरा । जब चेलासब आँख खोललक तब येशू बाहेक केकरो नदेखलक । पहाडसे निचा आएके समय, येशू चेलासबके आज्ञा देलक, जबतक आदमिके पुत्र मृतकसे जीवित होके नउठि तबतक तोहनीसब यी दर्शनके बात केकरो नहिए । (मत्ती १७ःः४-९)

उ पहाडमे कथि होएल रहे हमनी सुनली । यी एगो सत्य घटना रहे । येशूके चेहरा सूर्यजैसन चम्किलो आ उनकर वस्त्र प्रकाश जैसन उजर होके येशूके रुप परिवर्तन भेल कहके हमनी सुनली । परमेश्वरसे चम्केबाला आ स्वर्गमे परमेश्वरके सिंहासनके घेरल भयानक अदभुत, शुद्ध ज्योति येशूसे चम्कैत रहे । मोशा आ इस्राएलीसब उजाडस्थानमे भेटेके समय पालमे महापवित्रस्थानके महिमाके ज्योति उहे ज्योति येशूमे रहे, यद्यपी आदमिसब एकरा देखे नसकैत रहे । लेकिन केहि क्षणके लागी, येशूके तिनजना चेलासबके उपस्थितीमे, परमेश्वर येशू के शरीरमे लुकाएल अपन अदभुत महिमा खोलदेल आ उहे समय परमेश्वर स्वर्गसे दुजना अगमवक्तासब, मोशा आ एलीयाके येशूसँगे यरुशलेममे उनकर मृत्यूके विषयमे बात करेला पेठएलक ।

हमनी यी भि पढम कि एगो चम्किलो बादलसे पहाडके तोपदेल आ सर्वशक्तिमानके आवाज बादलसे अईसे गरजल, उ हमर प्रिय पुत्र बा, जेकरासँगे हम अति प्रसन्न बाडी, उनकर बात सुन । यीसबके कारण कथि रहे ? पत्रुस, यूहन्ना आ याकूबके उपस्थितीमे परमेश्वर महिमीत कामसब काहे कैलक ? यीहे कारण बा, परमेश्वर तीन साक्षीसबके एगो बरियार प्रमाण देवेके चाहैत रहे कि वास्तवमे येशू स्वर्गसे आएल अनन्त पुत्र बा आ सबजना उनकर बात सुनेके परि । यी धर्मशास्त्रमे घोषणा कैल बात यीहे बाः पुत्रके आदर ंनकरेबाला उनकराके पेठावेबाला पिताके भि आदर नकरि । (यूहन्ना ५ःः२३)

प्राचिन कालमे हमनीके पिता पुर्खासब अगमवक्तासबद्वारा बहुत किसिमसे परमेश्वर बोललक । लेकिन यी आखीरी दिनसबमे परमेश्वर अपन पुत्रद्वारा हमनीसँगे बोलले बा । पुत्रके सबचिजके अधिकार देले बा, उनकरद्वारा समस्त पृथ्वी रच्लक । उहे प्रतिबिम्ब आ परमेश्वरके स्वभावके वास्तविक प्रतिरुप बा, आ सारा

विश्वके अपन शक्तिके वचनसे सम्हाली । पापके शुद्धि कके, महिमित परमेश्वरके दहिना हातवरि उच्च विराजमान भेल । (हब्रू १ः१-३)

आजु अपनेसब जथि सुनरहल सि, अपनेके येशूके बारेमे कैसन लागल ? उनकर बारेमे कथि कहम ? येशू स्वर्गसे आएल महिमाके परमप्रभु बा कहके अपने विश्वास करैसि ? कि अपने उनकराके अगमवक्ताके रुपमे मात्र वर्गिकरण करम ? आजु छुटेसे आगा, हमनी येशूके प्रेरितसब, पत्रुस, यूहन्ना पहाडके सबसे उपर येशूसे चम्कल परमेश्वरके महिमा देखलक तब अपन अनुभवके बारेमे कथि लेखले रहे ? आउ हमनी सुनी । प्रेरित अइसे लेखले बाः

काहेकि हमनी तोहनीसबके प्रभु येशू ख्रीष्टके माहाशक्ति आ आगमनके समाचार यी कौनो दन्त्य कथा नबा, लेकिन उनकर वैभव प्रत्यक्ष देखेबाला हमनी साक्षी सि । येशू परमेश्वर पितासे आदर आ महिमा प्राप्त कैलक । उ पवित्र डाँडामे हमनी स्वर्गसे आएल उनकर वाणी हमनी सुनले रहि । (२ पत्रुस १ः१६-१८)

प्रेरित यूहन्ना अईसे लेखले रहेः जविनके सत्य वचनके विषयमे, जौन शुरुसे रहे । जौन हमनी सुनली, जौन हमनी अपन आँखसे देखली, जौन हमनी हातसे टोईली, उ जीवन प्रकट भेल जौन पितासँगे रहे । हमनीकहाँ प्रकट भेल । हमनी उनकर महिमा देखली, जौन महिमा पितासे आएल एक मात्र पुत्रके जैसन अनुग्रह आ सत्यतासे पूर्ण रहे । (१ यूहन्ना १ः१-२, यूहन्ना १ः१४)

सुसमाचारके पुस्तकके अन्तमे यूहन्ना अईसे लेखलक ः

यीहे कारण येशू आउर बहुत चिन्हसब चेलासबके सामने कैलक, जौनचाहिँ यी पुस्तकमे लेखाएल नबा । लेकिन यी लेखाएल बा, तोहनीसब येशू परमेश्वरके पुत्र बा कहके विश्वास कर आ विश्वासद्वारा तोहनीके अनन्त जीवन मिली । (यूहन्ना २०ः३०-३१)

कथि अपने यी बातमे विश्वास करैसि ? परमेश्वर अपनेके यी अदभुत सत्यतामे अन्तरदृष्टि देवेके चाहैता ।

धर्मशास्त्र अईसे कहले ः

जौन आदमि आत्मिक नबा, उ परमेश्वरके आत्माके बात ग्रहण नकरि । काहेकि उ बात ओकनीके लाग िमुर्खता रही, उ बुझे नसकि, काहेकि उबातसब आत्मिक रितीस मात्र चिन्हे सकि । तईओ भि परिपक्व बालासबके बिचमे हमन िबुद्धिके प्रचार करम, लेकिन यी युगके बुद्धिके न, नत यी युगके शासके बुद्धि जौन निश्चय बितके चलजाई । लेकिन हमनी परमेश्वरके गुप्त आ लुकाएल बुद्धिके प्रचार करम, जैन युगयुग आगा हमनीके महिमाके लागी परमेश्वर नियुक्त करदेल । यी युगके कौनो भि शासकसब उ बात नबुझलक । ओकनीसब बुझले रहैत त, महिमाके प्रभुके क्रुसमे नटाँगैत । (१ कोरन्थि २ः१४, ६-८)

आजुके वचनके परमेश्वर स्पष्ट बनादेवे । दोसर समयतक, एगो परमेश्वर येशू महिमाके बारेमे पहाडके सबसे उपर कथि घोषणा कैले रहे कहके विचार करईत समय परमेश्वर अपनेके आशिष देवे ः

यी हमर प्रिय पुत्र बा, जेकरासँगे हम बहुत प्रसन्न बाडी । उनकर बात सुन । (मत्ती १७ः५)

कार्यक्रम ७६

असल चरवाहा

यूहन्ना

हमनीके गेल कार्यक्रममे हमनी प्रभु येशू चेलासबके यरुशलेममे मरेके परि, आ तिसरका दिनमे मृत्यूसे जीवीत होके उठलक कहके हमनी सुनले रहि । संसारके पाप उठाके लेजाएबाला बलिदानके रुपमे अपन खुन बहाएला येशू यी पापी संसारमे जन्म लेलक कहके हमनी सुनली । प्रभु येशू चेलासबसँगे पहाडमे उनकर महिमा देखली । येशूके चेहरा सूर्य जैसन चम्कैत रहे, आ उनकर वस्त्र एगो चम्किलो उजर प्रकाश जैसन भेल रहे ।

आज हमनी सुसमाचारके निरन्तरता देम आ कैसे येशू अपन आदमिसबके सन्तुष्ट रहेबाला भेडासबसँगे तुलना कैले रहे यी विषयमे हमनी सुनम । हमनी अगमवक्तासबके लेखसबसे परमेश्वर कैसे आदमके सन्तानसबके गोठाले बिनाके भेडाके रुपमे तुलना कएलक कहके हमनी सुनली । जथिभि हाखे, लेकिन परमेश्वर हमनीसे बहुत प्रेम करले उहेसे परमेश्वर हमनीके गोला बिनाके भेडा जैसन नाश नहोखो कहके चाहले ।

येशू कहले, साँचो ह मतोहनी कहैसि, जौन भेडा गोठके भितरसे नपसि, लेकिन दोसरवरीसे आई, उचाहिँ चोर आ डाँकू बा, लेकिन ढोकासे भितर पैसेबाला भेडाके गोठालो बा । येशू ओकनीसबके यी दृष्टान्त कहलक, लेकिन येशूके कहल बातसब ओकनी नबुलक । यीहे कारण येशू फेरु ओकनीसबके कहलक, साँचो हम तोहनीसबके कहैसी, भेडासबके ढोका हम हि बाडी । ढोका हम हि सि, यदि कौनो आदमि हमरासे भितर पैसि त उ बचाएलजाई, आ भितर बाहर करे सकि ।हम कहली तोहनीसब देव बाडे ? जेकरालङ परमेश्वरके वचन आई, ओकनीसब देव कहलाई । पिताके पेठावल येशू, हम परमेश्वरके पुत्र बाडी कही त, कैसे ईश्वर निन्दा होई ? यदि हम हमर पिताके काम कर रहल सि तईओ भि तोहनी विश्वास नकरवे त, यी कामसब उपर विश्वास नकर, आ तब तोहनी थाह पएबे कि, पिता हमरासँगे बा, आ हम पितामे सि । ओकनीसब फेर येशूके पकडेके खोजल, लेकिन येशूके पकडे नसकल । (यूहन्ना १०ः१-२, ६-७, ९-१५, १७-२१, २४-३९)

येशू यहूदीसबके कथि कहलक ? येशूके वचनसब विस्तृत रुपमे व्याख्या करेला समय हमनीके अनुमती नदेवले, येशूके उल्लेख कैल नाउँसब यीहे बाः भेडासबके ढोका आ असल चरवाहा ।

येशू आदमिसबके भेडाके रुपमे तुलना कैलाके बाद, येशू भिडके कहलक, भेडासबके ढोका हम बाडी, यदि कौनो हमरासे भित्र जाई त, उ उद्धार पाई । येशू अपने आपके काहे हम भेडासबके लागी ढोका सि कहलक ? काहेकि आदमीसब भेडा बा, आ येशू हमनीके असल गोठालो बा । यी संसारके गोठालो त कौनो सकस्या आएते मात्र अपन भेडाके छोदके चल जावले, लेकि येशू संसारके गोलालो जैसन नबा, उ त हमनी स्वर्ग लेजाएबाला ढोका बा ।

एकर अर्थ यी बा, कि येशू अपन भेडासबके रेखदेख करले । यदि कौनो शैतानके जालसे, पापके दण्(डसे, मृत्यूसे, अनन्त नरकके दण्डसे बचेके चाहैत बा त, उ व्यक्ति येशूके माध्यसे होके जाएके परि । पापीसब अनन्त जीवनके ढोकाभितरसे प्रवेश करेबाला ढोका केवल येशू मात्र बा । ओहिसे परमेश्वरके वचन अईसे कहलेः

दोसर कौनोमे मुक्ति नबा, काहेकि हमनीसब मुक्ति पाएके लागी स्वर्ग निचा आदमीसबमे दोसर कौनो नाउँ नदेले बा । (प्रेरित ४ः१२) केबल येशू मात्र मुक्तिके लागी एक ढोका बा ।

अगमवक्ता नोआ आ जलप्रलयके बिषयमे हमनी पहिलाके कार्यक्रममे हमनी सुनचुकल सि । जलप्रलयके न्यायसे उमके चाहेबालासबके लागी शरस्थानके लागी जहाजमे नोआके कैगो ढोका बनाएला परमेश्वर आज्ञा देले रहे ? जलप्रलयसे बाचेके लागी केवल एगो ढोकासे जाएबाला रास्ता रहे । जौन व्यक्तिसब उ ढोकासे जहाजमे गल उ व्यक्ति बाचगेल जौन न जाएबाला नाश होगेल । उहे दिन न्यायके दिनके बारेमे, पवित्र धर्मशास्त्र हमनीके पुष्टि करले कि परमेश्वर आदमके सन्तानसबके लागी मुक्तिके एगो ढोका खोलदेले रहे । मसिह स्वयम एगो ढोका बा जौन आदमिसबके अनन्त जीवनमे प्रवेश करावले । उहेसे येशू कहलक, ढोा हम बाडी । यदि कौनो आदमि हमरासे भितर पसि त उ बचाएल जाई, लेकिन जौन भेडा ढोकासे भितर नपैसि, लेकिन दोसरसे आइ, उ चाहिँ चोर बा । (यूहन्ना १०ः९,१)

दोसर नाउँ यी बाः उ नाउँ पहिला जैसन बा । येशू भेडाके लागी ढोका मात्र नबा, लेकिन येशू असल गोठालो भि बा । येशू असल गोठाले बा काहेकि येशू हमनीके प्रेम कैलक आ हमनीके लागी अपन जीवन अपर्ण कदेल । आहो येशू त कैसन अचम्मके गोठालो बा । येशूके बारेमे, अगमवक्ता दाऊद भजासंग्रह २३ मे अईसे लेखाएल बा ः

परमप्रभु हमर गोठालो बा, हमरा कौनो चिजके अभाव नहोवले । येशू हमरा हरियो खर्कमे चराई ।, आ हमरा शान्त पानीके छेउमे लेजाई । हमर प्राणके पूर्ण जीवीत पारी । येशू अपन नताउँके खातिर हमरा धार्मिकताके मार्गमे डोरयावले । मृत्यू अन्धकारमय घाटी हाके जाएके परि तईओ भि हम कौनो खतरासे नडराएम, काहेकि अपने हमर साथमे सि । अपनेके लाठीसे हमरा सान्त्वना देवले । हमर शत्रुसबके अपने हमर भोज तयार पारिले । अपने हमर शिर तेलसे अभिसेक करले, हमर कचौरा भरके गिरीले । निश्चय हि अपनेके भलाई आ करुना हमर जीवनभर हमर पीछा लागी, आ परमप्रभुके घरमे हम सदासर्वदा वास करम । (भजनसंग्रह २३ः१-६)

हमनीके बुझेबाला बात कथि बा कि, मसिह अपने असल गोठाले बा, जेकरा बारेमे दाऊद लेखले रहे । ओहिसे येशू कहले रहे, असल गोठालो हम हि बाडी । हम आ हमर पिता एक बाडी । (यूहन्ना १०ः११, ३०) जब येशू

हम आ पिता एक सि कहलक, तब यहूदीसब येशू के ईश्वर निन्दाके आरोप लगाएल आ उनकरा मारेके लागी पथल उठएले रहे । येशू मानव शरीरमे आएल परमेश्वर बा कहके स्वीकार करे नसकल । आजुके दिनतक आदमके सन्तानसब येशूके वचनमे ठेस खारहल बा । कौनो कौनो यी सोचले कि येशू आ पिता यी दुगो परमेश्वर बा । लेकिन यी नबा, काहेकि अगमवक्तासबके धर्मशास्त्रमे स्पष्ट रुपमे परमेश्वरके एकताके घोषणा करले । यी अईसे कहलेः परमप्रभु हमर परमेश्वर एकेगो परमेश्वर बा । (व्यवस्था ६ः४) लेकिन एगो बा यी तथ्यसे परमेश्वरके मानिसे रुपमे पृथ्वीमे प्रकट हाएसे रोकले नबा ।

सायद हमनीके यी बात बुझेके लागी एगो दृष्टान्त मदत करि । पृथवीमे प्रकाश आ गर्मी देवेबाला सूर्यके बारेमे सोचु त, हमनीलङ कएगो सूर्य बा ? एगो मात्र । सूर्य केने बा ? यी अन्तरीक्षमे हमनीसे बहुत दुर बा, यद्यपी यी पृथ्वीमे भि बा, हमनीके जीवनमे एकर जीवन देबेबाला सूयृके कीरण प्रवेश करि ।

ज्वलन्त सूर्य अपन ज्योति आ तापमे एकेगो बा । ओईसहि परमेश्वर, उनकर वचन आ उनकर पवित्र आत्माके एकेगो बा । उहेसे येशू कहलक, प्रभु येशू हमनीके संसारमे परमेश्वरके प्रेम आ मुक्तिके ज्योति सन्चार करेला अएलक । पवित्र धर्मशास्त्र परमेश्वर आ येशूके बारेमे कथि घोषणा करले ः अब सुनु,

परमेश्वरके थुमा येशू अन्य कौनो भि विपत्तिसे खराब होएबाला विपत्तिसे छुटकारा देई, नरकके अनन्त आगी । उदारकर्ताके क्रुसके मृत्यु अन्तिम आ सिद्ध बलिदान होई, जे परमेश्वरके धार्मिक व्यवस्थाके सन्तुष्ट करी । निस्तार चाडके दिनमे मुक्तिदाताके अपन खून बहाएबाला आ अईसे बलिदानके थुमाके प्रतिकात्मकताके पूरा करेके लागि परमेश्वर योजना कएलक । यीहे मुक्तिदाता येशू उनकरामे भरोसा करेबाला पापीके दण्ड नदेके पापके दण्ड देबेबाला रास्ता उपलब्ध कराएके परमेश्वरके योजना पूरा करी । येशु यी बात कहलाके बाद अपन चेलासबके कहलक, "तोहनीसबके थाह बा, अबके दु दिन बाद निस्तार चाड आई आ आदमीके पुत्र कुसमे टाँगेके लाग पक्रादेई ।" तब कैयाफा नामक प्रधान पूजाहारीके दरबारमे मुख्य पूजाहारीसब आ जनताके धर्म गुरुसब जम्मा होगेल । आ उसब येशूके कइसे छलसे पक्रेके आ मारेके कहके मत्तो कएलक । लेकिन उसब कहलक, “चाडके समयमे ना, नत आदमीसबमे खैलाबैला होई ।”

तब बाह्रमध्ये एकजना यहूदा इस्करियोत कहेबाला मुख्य पूजाहारीसबकहाँ गेलक, आ कहलक, “यदि हम येशूके अपनेसबके हातमे पक्रादेम त, हमरा कठी देहम ?” उसब यहुदाके चाँदीके तीस सिक्का देलक । उहे समय यहूदा येशूके पक्रादेबेके मौका खोजे लागेल ।(मत्ती २६:१-५)

अखमिरी रोटीके चाडके दिनमे, जब उसब निस्तार चाडके थुमा बलिदान चरहाबईत रहे, येशूके चेलासब येशुसे पुछलक, “अपनेके इच्छा कठी बा ? हमनीके कहाँ जाके अपनेके लागि निस्तार चाडके भोज तयार करु ?” तब येशू अपन

चेलासबमध्ये दु जनाके कहलक, “शहरमे जा, आ घैलामे पानी बोकके लेजाएबाला एक जना आदमी तोहनीसबके भेटाई । ओकर पछारी लाग । उ आदमी जहाँ जाई उ घरके मालिकके कह, गुरुज्यू कहईत बा, हमर चेलासबसँगे निस्तार चाडके भोज खाएबाला हमर आफन्तके कोठा कहाँ बा ? आ उ तोहनीसबके सजिसजाउ करके तयार कएल उपर तल्लाके एगो बरका कोठा देखाई, आ उहबे तोहनीसब हमनीके लागि भोज तयार कर।" तब उ चेलासब गेलक, आ शहरमे पईसलक, आ येशुके कहल अनुसार भेट्टएलक, आ उसब निस्तार चाडके भोज तयार कएलक । (मर्कूस १४:१२-१६)

जब समय अएलक, येशू अपन बाह्र प्रेरितसबसँगे बईथलक । येशू उसबके कहलक, “हम दुःख भोगेसे अगारी यी निस्तार चाडके भोजन तोहनीसबसँगे खाएके बरका इच्छा कएले रहली, काहेकी हम तोहनीसबके कहईतबारी, परमेश्वरके राज्यमे यी पूरा ना होएतक हम यी भोज फेर ना खाएम।” (लूका २२:१४-१६)

उसब ढलके खाईत रहे उहे समयमे येशू कहलक, “साँच्चो हम तोहनीसबके कहईत बारी, तोहनीसबमध्ये हमरासँगे खाएबाला एक जना हमरा धोका देई ।" उसब दुःखि भेगेल आ पल्हापल्हीसे येशूके “कठी उ हम बारी ?” कहके पुछेलागेल । येशू उसबके कहलक, “बाह्रजनामध्ये एक जना, जे हमरासँगे थालमे रोटी चोपईतबा । काहेकी आदमीके पुत्र ओकर विषयमे लिखल बमोजिम होई, लेकिन धिक्कार उ आदमीके जेकरासे आदमीके पुत्रके धोका होई । उ आदमीके त जनम 6 त असल रहईत ।” (मर्कूस १४:१८-२१) तब येशूके पक्रदेए बाला यहूदा पुछलक, “गुरुज्यू कठी उ हम बारी ?” येशू यहूदाके कहलक, “तु अपने कहईत बार।” (मत्ती २६:२५) तब रोटीके टुक्रा लेलाके बाद यहूदा इस्करियात तुरन्त बाहर निकलगेल । उसमय रात परल रहे । (यूहन्ना १३:३०)

नहोईत

।

उ सब भोज खाईत समयमे येशू रोटी लेलक, आ आशिर्वाद देके उ रोटी तस्केका चेलासबके देलक, आ कहलक, “ल,

खाब, यी हमरा शरीर बा ।” तब कचौरा भि लेके धन्यवाद देके येशू उसबके कहलक, “तोहनीके सब जने यीसे पिअ । काहेकी यी नयाँ करारके हमर खून बा, जौन बहुत जनाके लागि पापके प्रायश्चितके लागि बहाबले (मत्ती २६:२६-२८) पाप मिटाबेबाला बलिदानके रुपमे अपन खून बगाएसे अगारी येशू अपन चेलासबसँगे कएल अन्तिम रात्रिभोजके बारेमे सुसमाचारमे लिखल बात यीहे बा । येशू अपन बाह्र जना चेलासबके उसबमध्ये एक जना येशूके धोका देई कहके बतादेल । उ यहूदा इस्करियोत रहे । आदमीसब यहूदाके येशूके विश्वासयोग्य चेला ठान्ले रहे, लेकिन यहूदा अपन हृदयमे संसारके चीजसबके मात्र ख्याल राखईत रहे । साथे यहूदा एगो अउसन खीष्ट राजाके आशा कएले रहे, जे रोमी शासकसबके नष्ट करदेई, आ यरुशलेममे नयाँ सरकारके स्थापना करदेई । उ परमेश्वरके योजनाके नबुझलक जौन आवश्यक्ता रहे, कि ख्रीष्ट पृथ्वीमे राज्य करे सकेसे अगारी, संसारके पापके रिण तिरेके परी, आ मृत्युउपर विजय करेके परी । एहीसे, यहूदा मुख्य पुजाहारीसबके कहाँ जाके उसबके कहलक, “यदि हम येशुके तोहनीसबके हातमे सुम्पदेहम त तोहनीसब हमरा कठी देबेके तयार बार ?

पूजाहारीसब यहूदाके चाँदीके तीस सिक्का देलक । ख्रीष्टके तीस टुक्रा चाँदीके लागि धोका देई कहके जब लिखलक, तब अगमवक्ता जकरियाके सयौं वर्ष अगारी कएल भविश्यवाणी पूरा भेगेल । (जकरिया ११:१२-१३) यद्यपी, हमनीके

भरखेः

वेसनल बातसबमे सबसे महत्वपूर्ण बात येशू अपन चेलासबके नयाँ करारके बारेमे बतएले बा । येशू कठी कहलक आ कठी कएलक कहके कठी अपने सुनली ? उसब भोज खाईत समयमे येशू रोटी हातमे लेलक, आ आशिर्वाद देके येशू रोटीके टुक्रा कएलक आ चेलासबके देके कहलक, “ल, यी हमर शरीर बा।" फिर कचौरा भि लेके धन्यबाद देके येशू उसबके यी कहके देलक, “तोहनीसब यीसे पिअ । काहेकी यी नयाँ करारके हमर खून बा, जे बहुतके लागि पापके प्रायश्चितके लागि बही । (मत्ती २६:२६-२८)

पशुबलिके खून चाहेबाला पूरानो करारके प्रतिस्थापन करेबाला नयाँ करारके येशू कईसे घोषणा कएलक, येशू अपन चेलासबके अगारी दुगो प्रतीकसब राख्लक, एगो रोटीके प्रतीक, आ दोसर कचौराके प्रतिक । येशू टुक्रा करके अपन चेलासबके देहल रोटी अपन शरीरके चित्रण करईत रहे, जौन येशू बलिदानके रुपमे अर्पण करेजाईत रहे । अंगुरकोरस भेल कचौरा खूनके चित्रन करईतरहे, जौन उद्धारकर्ता येशू आदमीसबके पापके रिण तिरेके लागि बहाबेके रहे, ताकि येशू आ उनकर बलिदानमे भरोसा करेबाला वा विश्वास करेबालासब सबदिन परमप्रभु परमेश्वरसँगै घनिष्ठ सम्बन्धके आनन्द लेबे सको ।

अइसहीए, येशू अपन चेलासबके सिखएलक कि उ संसारमे आएके कारण उनकर जीवन उनकर शरीर आ खून पापीसबके लागि बलिदानके रुपमे देबेके रहे । जईसे पृथ्वीमे भेल सब जीवित रहेके लागि खाना आ पानी लेबेके परले, ओइसही, परमेश्वरसँगे सबदिन रहेके लागि हमनीके सबजने येशू अपन शरीर आ खून बलिदानके रुपमे हमनीके लागि देलक, कहके विश्वास होएके परी । हमनीके अनन्त जीवन देबेसकेबाला आदमी प्रभु येशू ख्रीष्ट मात्र बा, आ उनकर बहाएल खून पापके लेआएल श्रापसे अपने आ हमरा छुटकारा देबेके लागि परमेश्वरके एक मात्र उपाय बा ।

प्रिय श्रोतासब, यदि आजके सुनाईसे अपने एगो मात्र बात याद कएले बारी त, उ यी होखे : ख्रीष्ट येशू पापीसबके बचाबेके लागि यी संसारमे अएलक (१ तिमोथी १:१५) अपनेके बचाबेके लागि । यीहे परमेश्वरके अगमवक्तासबके सन्देश बा । अब्राहाम अपन बेटाके सट्टामे बलिदान चढाएके अर्थ भि यीहे बा ।

क्षमाके मार्ग सिद्ध बलिदानके मार्ग बा । पवित्र उद्धारकर्ताके बलिदानसे परमेश्वर अपनेके पापसब क्षमा करेसकी, जे अपनेके लागि अपन खून बहएलक । आदमके सन्तानसब पार करे सको कहके हजारो वर्षतक परमेश्वर पशू बलिसब चाहलक । नयाँ करारमे येशू ख्रीष्टके लेआबेके बात कएल पूराना करार ह, जौन परमेश्वर अपन अगमवक्तासबके उनकर बारेमे अगमवाणी करेके काम सुम्पदेल रहे । येशू खीष्ट उ पशू बलिके प्रति जके पूरा करे आएल रहे । उनकरा परमेश्वरके धार्मिक न्यायसे बचाबेबाला उहे बा कहके, विश्वास करेबाला जे केहूके लागि येशू ख्रीष्ट अन्तिम निस्तारके थुमा बा । एहीसे पवित्र धर्मशास्त्र कहले : ख्रीष्ट हमनीके निस्तार-चाड, हमनीके ठाउँमे बलिदान कएल थुमा बा (१ कोरिन्थी ५:७) । हमनीके येशूमे परमेश्वरके धार्मिकता बनेसकू कहके पाप नचिनेबालाके हमनीके लागि पाप बनएलक (२कोरिन्थी ५:२१) ।

येशूके खून असिमित मूल्यके बा । मानव बनल परमेश्वरके वचनके खूनके शुद्धिकरणके बारेमे धर्मशास्त्र कठी घोषणा करले, सुनु । धर्मशास्त्र कठी कहले : परमेश्वरके पुत्र येशू ख्रीष्टके खून हमनीके सब पापसबके शुद्ध करले (१ यूहन्ना १:७) । तोहनीसब जानइस कि, अपन पिता पुर्खासे आएल व्यर्थके बातसे, सोना, चाँदी जईसन नाश होएबाला चिजसे दाम तिरके तोहनीके छुटाएल नबार, लेकिन निष्खोट आ निष्कलङ्क थुमाके जईसन ख्रीष्टके अनमोल खूनसे दाम तिरके छुटाएल बार । उ सृष्टिसे अगारी नियुक्त भेल रहे, लेकिन तोहनीसबके लागि समयके अन्त्यमे प्रकट भेलक । उनकरेसे परमेश्वरउपर तोहनीसबके भरोसा बा, जे खीष्टके मृतकसे जीवित करके महिमा देलक, ताकि तोहनीसबके विश्वास आ आशा परमेश्वरमे रहो । (१ पत्रुस १:१८-२१)

परमेश्वर अपनेके यी महान सत्यतासबमे अन्तरदृष्टि प्रदान कएले होखे । आएबाला कार्यक्रममे हमनीके येशू पक्राउ परल रात अपन चेलासबके कहल अचम्मके बातसब सुनम । अगमवक्ता यूहन्ना तीनवर्षसे अगारी येशू ख्रीष्टके बारेमे घोषणा कएल बातसबमे गहिराईसे सोचईत समयमे परमेश्वर अपनेसबके आशिर्वाद देले होखे : “देख, संसारके पाप उठाके लेजाएबाला परमेश्वरके थुमा ! (यूहन्ना १:२९)

कार्यक्रम ८२

येशू पक्राउ परल

यूहन्ना १४, मत्ती २६

वितल कार्यक्रममे, हमनीके परमेश्वरके थुमाके रुपमे, कष्ट भोगे आ मरेसे अगारी येशू अपन चेलासबसँगे निस्तार चाडके बारेमे बात कएले रहे कहके सुनली । येशूके बाह्र जना चेलासबमध्ये एक जना येशूके धोका देई आ पूजाहारीसबके कहाँ येशूके सुम्पदेइ कहके, येशू उसबके कहल बात सुनली ।

लम्बा समयसे प्रतिज्ञा कएल नयाँ करारके घोषणा करईत, आ टुक्रा कएल रोटी येशूके शरीर बलिदानके प्रतीक बा, आ अंगुरके रसके कचौरा पाप क्षमाके लागि बहाएबाला खुनके चित्रण करले । कहके व्याख्या करईत येशू अपन चेलासबके रोटी आ कचौरा दाखरस देले बारेमे भि हमनीके सुनली । आज हमनीके येशु पक्राउ परल रात अपन चेलासबके कठी कहले रहे एकर बारेमे थप सुनेके योजना बनाईत बारी । हमनीके यूहन्नाके सुसमाचार अध्यायमे पढेजाईत बारी । यी समय येशू अपन जीवन अर्पण करेबाला समय बा कहके यी जान्के, येशू कहलक,

“तोहनीसबके हृदय व्याकुल नहोखो । तोहनीसब परमेश्वरउपर विश्वास करईस, हमरा उपर भि कर । हमर पिताके घरमे बहुत रहेबाला ठाउँसब बा । न त, कठी हम तोहनीसबके कूहती, आ कि तोहनीसबके लागि ठाउँ तयार करे हम जाईत बारी ? फिर जाके हम तोहनीसबके लागीठाउँ तयार केलाके बाद हम फिर आएम, आ तोहनीसबके अपनाकहाँ लेजाएम, आ जहाँ हम बारी, उहाँ तोहनीसब भि होखब । जहाँ हम जाईत बारी, तोहनीसब उहाँ जाएबाला रास्ता चिन्हईस ।” थोमा येशूके कहलक, “हे प्रभु अपने कहाँ जाईतबारी, हमनीके ना जानईत बारी, तब हमनीके रास्ता कईसे चिन्हम ?” येशू थोमाके कहलक, “रास्ता, सत्य, आ जीवन हमही बारी । हमरा बाहेक केहू भि पिताकहाँ आए ना सकी । तोहनीसब हमरा चिन्हले रहत, त हमर पिताके भि चिन्ह त, । अबसे पिताके चिन्हइस, आ उनकरा देखले बार ।” फिलिप येशूके कहलक, “हे प्रभु हमनीके पिता देखादेउ । उहे हमनीके पुरजाई ।” येशू फिलिपके कहलक, “फिलिप, एतना दिनसे हम तोहरासँगे बारी, फिर भि तु हमरा ना चिन्हइस ? जे हमरा देखले बा, उ पिताके देखले बा । तु कईसे कहईत बार, हमनीके पिता देखादेउ ? हम पितामे बारी, आ पिता हमरामे बा कहके कठी तु विश्वास ना करईस ? जौन बाणी हम तोहनीसबके कहईत बारी, उ हम अपन अधिकारमे ना बोलईत बारी, लेकिन हमरामे बास करेबाला पिता अपन काम करले । हमरा विश्वास कर, कि हम पितामे बारी, आ पिता हमरामे बा, न त यी कामसबके खातिर विश्वास कर ।” “तोहनीसब हमरा विश्वास करइस त, हमर आज्ञा पालन करब । आ हमर पितासे बिन्ती करम, आ

पिता तोहनीसबके दोसर सल्लाहकार देई, आ उ सदासर्वदा रही। यी सत्यके आत्मा बा, जेकरा संसार ग्रहण करे नसकी

काहेकी संसार ओकरा न त देखले, न चिन्हले । तोहनीसब ओकरा चिन्हइस, काहेकी उ तोहनीसबसँगे बास करी

आ उ तोहनीसबमे रही। हम तोहनीसबके टुहुरा ना छोरम । हम तोहनीसब कहाँ आएम । अब कुछ समयबाद संसार हमरा कहियो ना देखी, लेकिन तोहनीसब हमरा देख्ब । हम जीवित भेला से, तोहनीसब भि जीवित रह ब । उ दिन तोहनीसब जान ब, कि हम अपन पितामे बारी, आ तोहनीसब हमरा मे, आ हम तोहनीसबमे बारी । हमरा प्रेम करेबाला उहे बा जेकासँगे हमर आज्ञा बा, आ उ पालन करले । आ हमरा प्रेम करेबालाके हमर पिता प्रेम करले । हम ओकरा प्रेम करम, हम अपनाके ओकरा प्रकट करम ।” येशू थोमाके जवाफ देके कहलक, “जे हमरा प्रेम करले, उ हमर

वचन पालन करी, आ हमर पिता ओकरा प्रेम करी, आ हमनीके ओकरा कहाँ आएम, आ ओकरासँगे वास करम | हमरा प्रेम नकरेबाला हमर वचन पालन ना करले । जौन वचन तोहनीसब सुनईस, उ हमर न बा, लेकिन हमरा पठाबेबाला पिताके बा । यी बात हम तोहनीसबसँगे बारी तभि तोहनीसबके कहईत बारी ।

लेकिन सल्लाहकार, अर्थात पवित्र आत्मा, जेकरा पिता हमर नाममे पठाई, उ तोहनीसबके सब बात सिकाई, आ हम तोहनीसबके कहल सब बात तोहनीके याद दिलाई।

शान्ति हम तोहनीसबकहाँ छोरके राखम । हम अपन शान्ति तोहनीसबके देहम । संसारके देहल जईसन हम तोहनीके ना देहम । तोहनीके हृदय व्याकुल न होखो, आ भयभीत नहोखो ।" (यूहन्ना १४:१-११) अईसही प्रभु येशू अपन चेलासबके हृदयके सान्तावना देलक आ कठी होए जाईत रहे ओकरा लागि तयार कएलक । येशु उसबके सल्लाहकारके बारेमे कठी घोषणा कएलक कठी अपने सुनली ?

हमनीके यी बात बुझला बहुत आवश्यक बा, काहेकी आज कुछ आदमीसब येशुके वचनसबके विक्री करले आ उ दोसर अगमवक्ताके आगमनके बारेमे घोषणा करईत बा, कहके आदमीसबके विश्वास करेके खोजले । लेकिन येशु दोसर सल्लाहकारके बारेमे कठी कहलक उ बात अगमवक्ता वा कौनो आदमीके बारेमे उल्लेख ना कएले बा, काहेकी येशू कहलक कि यी सल्लाहकार उनकर अदृश्य आत्मा बा जे येशूके साँचो चेलासबमे वास करे आई ।

यी सल्लाहकार के बा त ? प्रभु येशू हमनीके यी सल्लाहकार के बा कहके स्पष्ट रुपमे बताबले । येशू कठी कहलक कहेक यी बातके फिर एकबेर सुनु, "आ हम पितासे विन्ती करम, उ तोहनीसबके लागि दोसर सल्लाहकार देई, आ उ तोहनीसबसँगे सदासर्वदा रही । यी सत्यके आत्मा बा, उ तोहनीसबमे रही । हम तोहनीसबके टुहुरा ना छोरम । हम तोहनीकहाँ आएम । लेकिन सल्लाहकार, अर्थात पवित्र आत्मा, जेकरा पिता हमर नाममे पठाई, उ तोहनीसबके सब बात सिकाई, आ हम तोहनीसबके कहल यी सब बात तोहनीसबके याद दिलाई।" (यूहन्ना १४:१६-१८)

फिर भि, हमनीके प्रश्न पुछईसी : येशू अपन चेलासबके प्रतिज्ञा कएल सल्लाहकार के बा ? उ पवित्र आत्मा बा, जे परमेश्वरसे अएलक आ येशुमे रहे । उ परमेश्वर आ येशूके आत्मा बा । उ पवित्र आत्मा बा, जेकरा परमेश्वर येशूके अपन मुक्तिदाता आ प्रभुके रुपमे विश्वास करेबाला सबके हृदयमे राखी । येशू अपन चेलासबके प्रतिज्ञा कएलक कि उ मरलाके बाद, पुनः बौरी उठ्लक, आ स्वर्गमे फिरके गेलक, येशू उसबके पुनः उत्पन्न करे, उसबके शुद्ध करे, तोहनीसबके बरियार बनाबे, आ सब सत्यमे मार्गदर्शन करे उनकर हृदयमे अपन पवित्र आत्मा पठाई । (यूहन्ना १६:१३, तितस ३:४-७) । अबसे परमेश्वरके इच्छामे, येशू स्वर्गमे गेला दश दिनके बाद पवित्र आत्मा अएलाके बाद यरुशलेममे वास्तवमे कठी भेल रहे कहके एकर बारेमे कुछ अध्यायसब पढमं । येशूके सब चेलासबके हृदयमे रहेके लागि उनकर प्रतिज्ञा कएलअनुसार पवित्र आत्मा अएलक ।

आगेके कार्यक्रमके लागि हमनीके यी सल्लाहकार, पवित्र आत्माके बारेमे अउर बुझम जे आत्मकेन्द्रित पापीके परमेश्वरके प्रेम करेबाला आ उनकरा खुशी करेके चाहेबाला आदमीमे परिवर्तन करे सकी । लेकिन अब येशू अपन चेलासबसँगे अन्तिम भोज खएलाके बादके उ असाधारण रातमे कठी भेलक कहके बुझेके लागि सुसमाचारमे फिरु । धर्मशास्त्र कहले : एगो भजन गएलाके बाद, उसब जैतुन डाँडामे गेलक । तब येशू उसबके कहलक, "आज रात हमर कारण तोहनीसब पछारी हट जएब । काहेकी यी लिखल बा, "हम गोठालाके प्रहार करम आ बगालके भेडासब चारुओर

छरपष्ट होजाई । लेकिन हम मृत्युसे जीवित भेलाके बाद तोहनीसे अगारी गालीलमे जाएम ।" पत्रुस येशूके जवाफ देलक, “अपनेके कारण सबजना पछारी हट्जाई लेकिन हम कहियो पछारी ना हटेम ।” येशू पत्रुसके कहलक, “साँचो हम तोहनीसबके कहईत बारी, आजके रात मूर्गा बोलेसे पहिले तु हमर तीन बेर इन्कार कर ब ।” पत्रुस येशूके कहलक, “हम अपनेसँगे मरेके लागि भि तयार बारी ।" अउर सब चेलासब भि यीहे कहलक । तब येशू गेतसमनी कहेबाला ठाउँमे उसबसँगे गेलक, आ चेलासबके कहलक, “तोहनीसब यीहबे बइथ, हम तईका दू जाके प्रार्थना करम । " आ अपनासँगे पत्रुस आ जब्दियाके दुगो बेटासबके लेके येशू शोकित आ व्याकुल होगेल ।

तब येशू उसबके कहलक, "हमर प्राण गहिरा शोकसे मरल जईसन भेल बा । तोहनीसब यीहबे बइथ, आ हमरा सँगे जागल रह ।” आ येशू कुछ दूर जाके लम्पसार परके प्रार्थना कएलक, "हे पिता, हो सकी त, यी कचौरा हमरासे हटादेउ । फिरभि हमर इच्छा ना, लेकिन अपनेके इच्छा बमोजिम होखो ।” (मत्ती २६:३०-३९)

येशु पिएसे डेराएल कष्टके कचौरा कठी बा ? काहे येशू मृत्युतक पुगे जइसन शोकसे मरलजईसन भेल रहे ? येशू अकल्पनीय शोकमे रहे, काहेकी येशू आदमके सन्तानसबके लागि पापके दण्ड भोगेके समय नजिक बा कहके येशूके थाह रहे। परमेश्वरके अगमवक्तासबके लिखल समय आगेल रहे । आदमीसब उद्धारकर्ताके यातना देई आ कुसमे झुण्डयाई, लेकिन येशूके लागि सबसे डर लागेबाला बात कठी रहे कि स्वर्गके परमेश्वर येशूके प्रेम करईत रहे, फिर भि येशू उपर सारा संसारके पापके बोझ थुपारईत रहे कहके येशूके थाह रहे । यीहे कारणसे येशू प्रार्थना कएलक, “हे, पिता, हो सकी त, यी कचौरा हमरासे हटजाओ। फिर भि हमर इच्छा ना, अपनेके इच्छा अनुसार होखो ।” धर्मशास्त्र कहले : तब येशू चेलाकहाँ आके उसब निदाएल अवस्थामे भेट्टएलक, आ पत्रुसके कहलक, “कठी तोहनीके हमरासँगे एक घण्टा भि जागा रहे न सक ल ? जागा रह, प्रार्थना कर, आ परीक्षामे नपर । आत्मा त साँचो तयार बा, लेकिन शरीर दुर्बल बा ।" फिर दोसर बेर येशू प्रार्थना कएलक, “हमर पिता, हमरा यी कचौरा नचिलासे ना होई त अपनेके इच्छा पूरा होखो ।”

येशू फिर आके चेलासबके सुतल अवस्थामे भेट्टएलक, काहेकी उसबके आँख लोलाएल रहे । यीहेकारण येशू उसबके फेर छोडलक, आ जाके फिर उहे शब्दसब दोहराके तिसरबेर प्रार्थना कएलक । तब येशू चेलासबकहाँ आके कहलक, “तोहनीसब अभिले सुतल बार आ विश्राम करईत बार ? सुन, हमर समय नजिक आगेल बा । आदमीके पुत्र पापीसबके हातमे परेजाईत बा । उठ, जाओ । देख, पक्रादेएबाला नजिके बा।” येशू बोलईत समयमे, बाह्रमध्येके एकजना अर्थात यहूदा इस्करियोत अएलक । ओकरासँगे मुख्य पूजाहारीसब आ जनताके धर्मगुरुसबके पठाएल एगो बरका भीड तरबार आ लाठी लेके अएलक । अब येशूके पक्रादेबेबाला (उसबके संङ्केत देले रहे, जौन आदमीके हम धुम्मा खाएम, उहे बा ओकरा पक्र।” तुरुन्त येशूकहाँ जाके कहलक, “हे गुरु प्रणाम !” आ येशूके चुम्मा खएलक ।

येशू यहुदाके कहलक, "मित्र, तु जठि करे आएल बार उ कर ल ।” तब उसब अगारी आके येशूके गिरफ्तार कएलक । येशूके साथमे रहेबालामध्ये एक जना हात बरहाके अपन तरबार निकालके, आ मुख्य पुजाहारीके दासके प्रहार करके कान काट्देल । लेकिन येशु उ आदमीके कान छुके निमन करदेल, आ उनकारा बचाएके चाहेबाला आदमीके येशू कहलक, (लूका ५२:५१) “ तु अपन तरबार म्यानमे राख, काहेकी तरबार लेबेबाला सब तरबारसे नष्ट होई । तू कठी ठानइस कठी हम अपन पिताके विन्ती करे ना सकम, आ उ तुरुन्ते स्वर्गदूतसबके बाह्र पल्टनसे बेसी हमरा लागि न पठादेई ? लेकिन अउसे करम त यी बात अइसे होएके परी कहके धर्मशास्त्रमे लिखल बात कईसे पूरा होई ?” उहे

समय येशू भीडके कहलक, "डाँकूके विरुद्धमे आएल जईसन हमरा पक्रेके लागि तरवार आ लाठीसब लेके तोहनीसब काहे अएल ? हम दिनहूँ मन्दिरमे शिक्षा देईत रहली आ तोहनीसब हमरा ना पकरे सक्ल । लेकिन अगमवक्तासबके धर्मशास्त्रसब पूरा होखो कहके यी सब होइत बा ।" तब सब चेलासब येशूके छोरके भागेल । येशूके पक्रेबाला सब प्रधान पूजाहारी कैयाफकहाँ लेगेल । उहाँ शास्त्रीसब आ धर्मगुरुसब जम्मा भेल रहे । (मत्ती २६:४०-५७)

एहिसे आज हमनीकें सुनलेबारी कि कईसे येशू अपनाके यातना देबे आ मारे चाहेबालासबके हातमे अपनाके सुम्पदेल । सायद केहू पुछि, “येशू काहे अपनाके शत्रुसबके हातमे परे देलक ? जे आँधीके शान्त कएलक, भूतसब निकालक अन्धासबके निमन कएलक, आ मरलसबके जीवीत कएलक, उ काहे अपने आपके ना बचएलक ?” येशू अपने हमनीके काहे बतएलक ?

जब येशू चेलासबमध्ये एक जना येशूके बचाबेके खोजलकं, येशू ओकरा कहलक, “तू अपन तरवार म्यानमे राख् अथवा तुरुन्ते अपन स्वर्गदूतसबके बाह्र पल्टनसे बेसी हमरा लागि न पठादेई ? लेकिन यी बचन पूरा होहीके परी कहके धर्मशास्त्र मे लिंखल बा ?” (मत्ति २६:५२-५४)

येशू काहे अपने आपके अपन अपन शत्रूसबसे पकाए देलक ? येशू अगमवक्तासबके धर्मशास्त्रके पूरा करेके लागि औसे कएलक, जे बारम्बार अगमवाणी कएले रहे कि ख्रीष्ट दुःख भोगेके परी आ पाप हटाबेबाला बलिदानके रुपमे अपन खुन बगाएके बा । हमनीके परमेश्वरमे लेआएके लागि धर्मी उद्धारकर्ता अधर्मीसबके लागि मरेके परल रहे । अगमवक्तासबके वचनसब पूरा करे येशू अएलक । येशू अपने आ हमरा हमनीके पापसबके लागि आवश्यक दण्डसे बचाबे अएलक । एहीसे येशू अपनाके घृणा करेबालासे अपनाके पक्रेके लागि अनुमति देले रहे । येशू अपने आ हमरा लागि अपन जीवन त्याग कएलक । कठी अपने कहियो यी संसारमे मुक्तिदाता पठादेबेके लागि परमेश्वरके धन्यवाद देले बारी । जे अपनेके प्रेम कएलक, अपनेके लागि अपन जीवन अर्पण कएलक ? (यूहन्ना १०:१७-१८)

प्रिय श्रोतासब हमनीके आशा करईत बारी कि अपने हमनीसँगे कईसे धार्मिक अगुवासब भविश्यवक्तासबके कहल वचन पूरा करईत येशू मृत्युके निन्दा कएले रहे, कहके बारेमे दोसर कार्यक्रममे सहभागी होखेम । परमेश्वरके थुमा येशूके कहल बात याद करईत परमेश्वर अपनेके आशिष देबे । येशु अपन चेलासबके कहलक : काहेकी हम अपन प्राण फेरु फिर्ता लेबेके लागि अर्पण करईसी । केहु हमरासे हमर प्राण लेबे ना सकी, लेकिन हम अपने इच्छासे अपन प्राण अर्पण करईसी । (यूहन्ना १०:१७-१८) गलाती २:२०

कार्यक्रम ८३

येशूके दोष लगएलक

मत्ती २६-२७, यूहन्ना १८-१९

पवित्र धर्मशास्त्रके माध्यमसे हमनीके यात्रामे हमनीके सुनले बारी कि कईसे परमेश्वरके अगमवक्तासब मुक्तिके योजना घोषणा कएले रहे, जौन परमेश्वर पापीसबके अनन्त दण्डसे बचाने आ उसबके परमेश्वरसँगेके घनिष्ठ आ पवित्र सम्बन्धमेधुमाबेके लागि व्यवस्था कएले रहे ।

परमेश्वरके अगमवक्तासब बारम्बार अधर्मीसबके लागि ख्रीष्ट अपन खून बहाई, आ हमनीके पापसबके लागि येशू आवश्यक दण्ड भोगेके बा आ निर्दोष थुमासबके बलिदान जईसन उ मरेके बा कहके गवाही देले रहे। परमेश्वर हमनीके पापसब क्षमा करे आ अपन धार्मिकतामे सम्झौता ना करके हमनीके धर्मी ठहराबेके यीहे मात्र एगो तरिका रहे । धर्मशास्त्र मार्फत हमनीके कार्यक्रममे हमनीके सबसे महत्वपूर्ण कथाके नजिक बारी, उ बा, ख्रीष्टके मृत्यु, दफन आ पुनरुत्थानके ऐतिहासिक विवरण । परमेश्वरके ईच्छामे, आज आ आएबाला पाठसबमे कईसे ख्रीष्ट येशू, संसारके पापके रिण चुक्ता करेके लागि अपन जीवन देलक कहके बारेमे हमनीके सुनम

हमनीके वितल कार्यक्रममे, कईसे मुख्य पूजाहारीसब उसबके येशू आ उनकर चेलासब भेल ठाउँमे लेजाबेके लागि धोका देबेला पैसा देलक कहके सुनली । उसब कईसे येशूके पकरलक, बाँधलक, आ येशुके लेगेल कहके हमनीके सुनली । आश्चर्यजनक ! परमेश्वरके शक्तिसे भरिपूर्ण होएबाला येशू काहे अपन शत्रुसबके पक्रेके अनुमती देलक ? धर्मशास्त्र पूरा करेके लागि । उसब भविश्यवाणी कएले रहे कि ख्रीष्ट कष्ट भोगी आ मरी आ तिसरका दिनमे जी उठी, ताकि उनकारामे विश्वास करेबाला सब पापके क्षमा पाई । जईसे अगमवक्तासब अगमवाणी कएले रहे । औसही, ख्रीष्टके मारेके लागि थुमाके जईसन लेजाई (यशैया ५३:७) । अब हमनीके निरन्तर सुनम आ धार्मिक शासकसब येशूके गिरफ्तार कएलाकेबाद उ रातमे कधी भेल रहे कहके सुनम । सुसमाचारके पुस्तकमे, मर्कूस १४ अध्यायमे धर्मशास्त्र कहले : तब उसब येशूके प्रधान पूजाहारीकहाँ लेगेल, आ उहाँ सब मुख्य पूजाहारीसब, धर्मगुरुसब आ शास्त्रीसब जम्मा भेल रहे । पत्रुस दूरसे प्रधान पूजाहारीके आँगनभितर येशूके पछारी गेलक, आ उहाँ सिपाहीसब बइथके आगी तापेलागेल । अब मुख्य पूजाहारी आ पूरा महासभा येशुके मारेके लागी उनकरा विरुद्धमे गवाही खोजलक लेकिन कुछो ना पएलक । बहुतजने येशुके विरुद्धमे झुठा गवाही देलक । लेकिन उसबके देहल गवाही मेल ना खएलक । केहू केहू उठके येशुके विरुद्धमे कहलक, “यी हनक, आदमीके हातसे बनाएल मन्दिर हम तुरदेम आ हाते विना बनाएल दोसर मन्दिर हम तीन दिनमे निर्माण करदेम ।” लेकिन यीमे भि उसबके गवाही एको मतके ना रहे । तब प्रधान पूजाहारी बीचमे खडा होके येशूसे पुछलक, कभी तोहरा पास कुछो जवाफ नईखे ? यी आदमीसब तोहर विरुद्धमे देहल गवाही कठी बा ?” लेकिन येशु चूम लागेल, आ कुछो जवाफ ना देलक । फिरसे प्रधान पूजाहारी येशुसे पुछलक, कथा तु परमधन्यके पुत्र ख्रीष्ट बार ?” येशू कहलक, “हम उहे बारी, फिर अपनेसब आदमीके पुत्रके सर्वशक्तिमानके दाहिना बाहुलीतर्फ बईथल आ आकाशके बादलसबके साथमे आईत देखम ।" तब प्रधान पूजाहारी अपन बस्त्र फारूके कहलक, “हमनीके अउर साक्षीसबके कठीके जरुरी परी ? तोहनीसब ईश्वर-निन्दा त सुनल= । तोहनीसबके कभी विचार बा ?” आ उसब येशूके मृत्यु दण्डके योग्य ठहरएलक । फिर केहु केहु येशूके उपर थुके लागल, आ उनकर मुह छोपके थप्पड मारके कहलक, “अगमवाणी बोल ।” एकराबाद पहरादार येशुके अपन जिम्मामे

लेगेल, आ येशुके मुक्कासे मारलक । जब पत्रुस निचा आँगनमे रहे, प्रधान पूजाहारीके नोकर्नीसबमध्ये एकजना उहाँ अएलक, आ पत्रुसके आगी तापईत देखके कहलक, “तुहु त येशू नासरीसँगे रह ल ।” लेकिन पत्रुस इन्कार कएलक, हम ओकस नाजा तैसी।"

फिर पत्रुस बाहरके मूल ढोकामे गेलक । आ मुर्गा बोललक । नोकर्नी खरा भेलसबसे कहेलागेल, “यी त येशूमध्येके एक बा ।” लेकिन पत्रुस फिर इन्कार कएलक । लेकिन कुछ देर बाद आसपास खरा भेल आदमीसब फिर पत्रुसके कहलक, 'पक्का, तु येशुमध्ये के एक बार, काहेकी तु गालीली बार ।” लेकिन पत्रुस अपनाके धिकारईत राम कहलक, “जेकर विषयमे तोहनीसब कहईत बार, उ आदमीके हम ना चिन्हिले !” आ तुरुन्ते दोसर बेर मुर्गा बालक आ पत्रुसके येशूके कहल बात याद आगेल, “मूर्गा दुबेर बोलेसे पहिले तु हमरा तीनबेरी इन्कार कर ब ।” आ उ बात समझके पत्रुस धुरुधुरु रोएलक । (मर्कूस १४:५३-७२)

बिहान सबेरे, सब मुख्य पूजाहारीसब आ जनताके धर्मगरुसब येशुके मृत्यु दण्ड देबेके सरसल्लाह कएलक । आ उसब येशुके बाँधके लेगेल आ हाकिम पिलातसकहाँ सुम्पदेल । तब येशूके पक्रादेबे बाला यहूदा येशूके उपर दण्डआज्ञा भेल देख्के पछ्तएलक, आ मुख्य पूजाहारीसब आ धर्मगुरुसबके चाँदीके तीस सिक्का फिर्ता देके कहलक, “हम निर्दोष आदमीके धोखा देके पाप कएले बारी ।" लेकिन उसब कहलक, "हमनीके कौन मतलब ? तु अपने जान ।" तब चाँदीके उ सिक्कासब मन्दिरमे फेकके उ चलगेल, आ आ फासी भुलके आत्म हत्या कलेल । (मत्ती २७:१-५)

1

तब उहे समय उसब येशुके कैयाफ प्रधान पूजाहारीके घरके महलमे लेगेल । उ समय सबेरेके समय रहे । बिटुलके निस्तार चाडके भोज खाए ना पाएम कहके डरसे उसब महल भितर ना गेलक । यीहे कारण उसब कहाँ बाहर निकलके पिलातस कहलक, “यी आदमीके विरुद्धमे तोहनीसब कठी अभियोग लगाबइत बार ?" उसब कहलक, “यदि यी आदमी अपराधी ना रहईत त अपनेकहाँ एकरा ना लेअईती ।” पिलातस उसबके कहलक, “तोहनीसब एकरा लेजाब, आ तोहनीके अपने व्यवस्था बमोजिम एकर इन्साफ कर ।" यहूदीसब पिलातुसके कहलक, “कौनो आदमीके प्राणदण्ड देबेके अधिकार हमनीके ना बा ।” येशुके मृत्यु कौन रीतीसे होई, ओकर सङ्केत देके येशुके कहल वचन पूर्ण होखो कहके यी भेल रहे । पिलातस फिर महलभितर जाके आ उ येशूके बोलाके कहलक, “कठी तू यहूदीसबके राजा बार ?” येशू जवाफ देलक, “अपनही कहईत बारी, वा हमर विषयमे अपनेके केहू कहलक ?” पिलातस जवाफ देलक, “कठी हम यहूदी बारी ? तोहरे जाति आ मुख्य पूजाहरीसब तोहरा हमर हातमे सुम्पदेल । तु कठी कए ल ?” येशू जवाफ देलक, “हमर राज्य यी संसारके ना बा । हमर राज्य यी संसारके रहईत त, हमर सेवकसब हमरा लागी लडईत, आ हम यहूदीसबके हातमे ना परती । लेकिन हमर राज्य यी संसारके ना बा ।” पिलातस येशुसे पुछलक, “कठी तू राजा बार त ? येशू जवाफ देलक, “हम राजा बारी कहके अपनही कहईत बारी । यीहेके लागि हम जनम लेले बारी, आ यीहेके लागि सत्यके गवाही देबे हम यी संसारमे आएल बारी । प्रत्येक जे सत्यके पक्षमे बा, उ हमर सोर सुनी।”

पिलातस येशूसे पुछलक, “सत्य कठी बा ?” एतना कहके उ यहूदीसब कहाँ बाहर निकलके चलगेल, आ उसब कहलक, “हम एकरामे कौनो दोष ना भेट्टाईत बारी ।” (यूहन्ना १८:२८-३८) लेकिन उसब बरी जोर देके कहलक, “यी सारा यहूदिया आ गालीलसे यी ठाउँतक शिक्षा देके आदमीसबके भडकबइत बा । लेकिन पितालस यी सुनके, यी आदमी गालीलके बा कि कहके पुछलक । आ उ हेरोदके इलाकाके आदमी बा कहके थाह पाके, पिलातस येशूके हेरोदकहाँ

पठादेल । उ दिनमे हेरोद अपने भि यरुशलेममे रहे । अब येशूके देखके हेरोद अत्यन्त खुशी होगेल । काहेकी उ येशूके विषयमे सुनलाके कारण बहुत दिनसे येशूके देखेके इच्छा कएले रहे । आ उ कुछ आश्चर्यकाम कएल देखेके आशा करईत रहे । हेरोद येशूसे पुछलक, लेकिन येशु हेरोदके कौनो जवाफ ना देलक । मुख्य पूजाहारीसब आ शास्त्रीसब खरा होके येशुके जोरतोरसे दोष लगाबे लागेल । हेरोद अपन सिपाहीसबसँगे मिलके येशूके तिरस्कारपूर्ण व्यवहार कएलक, आ येशूके गिल्ला कएलक । एकरा बाद येशूके रवाफिलो पोशाक पहिराके पिलातसकहाँ फिरादेल । उहे दिन पिलातस आ हेरोद दुनुजने आपसमे मित्र होगेल । काहेकी अगारीएसे उसबके बीचमे बैरभाव रहे । तब पिलातस मुख्य पूजाहारीसब, शासकसब, आ जनताके जम्मा कएलक ।

पिलातस उसबके कहलक, “तोहनीसब आदमीसबके भड्काएके लागि एकरा हमरा सामु लेअएल । तोहनीसबके सामुन्ने केरकार करईत समयमे एकरा उपर लगाएल अभियोगके दोष ना भेट्टइली । हेरोद भि दोषी ना भेट्टएलक, काहेकी उ एकरा हमरा कहाँ फिरादेल । अब, देख, यी मृत्यु दण्ड पाएके योग्यके कौनो काम ना कएले बा । यीहेकारण हम एकरा सजायँ करके छोरदेहम । ” (लूका २३:५-१५)

लेकिन निस्तार चाडमे एक जनाके हम तोहनीसबके लागि छोरदेबेबाला तोहनीके प्रथा बा । त कठी तोहनीसब चाहईत बार, कि यहूदीसबके राजाके छोरदेऊ ?” लेकिन उसब फिर कहलक, “एकरा ना, लेकिन बारब्बाके छोरदेऊ ।” बारब्बा डाँकू रहे । (यूहन्ना १८:३९-४०)। बारब्बा शहरमे भेल कौनो विद्रोह आ हत्याके अभियोगमे कारागारमे थुनामे परल रहे । येशूके छोरदेबेके इच्छा करके पिलातस फिरसे उसबके सम्झएलक । लेकिन उसब चिच्याएते रहगेल, “क्रूसमे टाँगु ! कुसमे टाँगु !” फिर पिलातस तिसरबेर उसबके कहलक, “काहे ? यी आदमी कठी खराब कएले बा ? हम त एकरा मृत्युदण्ड देबेके कौनो कारण ना भेट्टइली, यीहेकारण हम एकरा सजायँ करके छोरदेहम । "

तब पिलातस येशूके लेजाके कोर्रा लगाएके कहलक । आ सिपाहीसब काँटके मुकुट गाँथके येशूके शिरमे लगादेल आ येशूके बैजनी रङ्गके बस्त्र पेन्हादेल, आ उनकर नजिक आके कहलक, “प्रनाम, यहूदीसबके राजा !” आ उसब येशूके थप्पड मारलक ।(मत्ती २७:३०) फिर बाहर निकलके पिलातस उसबके कहलक, “सुन, हम एकरा तोहनीसबकहाँ बाहर लेआईत बारी, आ तोहनीसबके जनाबेंके चाहईत बारी, हम एकरामे दोष ना भेट्टइली ।" तब काँढाके मुकुट आ बैजनी रङ्गके सस्त्र लगाएल येशू बाहर अएलक । आ पिलातस उसबके कहलक, देख, यी आदमी !” जब मुख्य पूजाहारीसब आ पहरेदार येशुके देखलक, उसब यी कहके चिच्याबे लागेल, “एकरा क्रूसमे टाँगु, एकरा क्रूसमे टाँगु !” पिलातस उसबके कहलक, “तोहनीएके एकरा लेजाके क्रूसमे टाँग, काहेकी हम एकरा मे कौनो दोष ना भेटइली !” यहूदीसब येशूके जवाफ देलक, “हमनीके एगो व्यवस्था बा, आ उ व्यवस्था अनुसार यी मरहीके परी, काहेकी य अपनाके परमेश्वरके पुत्र कहले बा ।” यी बात सुनके पिलातस अउर डेरागेल । उ फिर महल भितर जाके येशूसे पुछलक, “तु कहाँके बार ?” लेकिन पिलातसके कुछो जवाफ ना देलक । यीहेकारण पिलातस येशूके कहलक, “कठी तु हमरा से ना बोल ब ? तोहराके छोरदेबेके अधिकार हमरा बा, आ तोहरा कुसमे टाँगेके अधिकार भि हमरा पास बा कहके तोहरा थाह नईखे ?" येशू जवाफ देलक, “अपनेके उपरसे ना मिलईत त, हमरा उपर अपनेके कौनो अधिकार ना रहईत । यीहेकारण हमरा अपनेके हातमे सुम्पदेबेबाला आउरी बेसी पापके दोषी बा ।” एकरा बाद पिलातस (येशूके छोडेके बहुत प्रयास कएलक । लेकि यहूदीसब चिच्याके कहलक, “यदि अपने यी आदमीके छोरदेहम त, अपने कैसरके मित्र ना बारी । अपने आपके राजा बारी कहके दाबी करेबाला प्रत्येक जन कैसरके विरुद्धमे खडा होखले !” (यूहन्ना १९:१-१२) ।

।

एहिसे कौनो उपाय न लागईत देखके, बरु खैलाबैला मचि कहके डरसे पिलातस पानी लेके भीडके सामु अपन हात धोके कहलक, “तोहनीसब अपने जान, हम यी आदमीके खूनसे निर्दोष बारी । आदमीसब जवाफ देलक, “ ओकर खून हमनीसब आ हमनीसबके सन्तानके उपर परो !” (मत्ती २७:२४-२५) ।

तब पिलातस भीडके सन्तुष्ट पारेके इच्छासे उसबके लागि बारब्बाके छोरदेल, आ येशूके कोर्रा लगाके क्रूसमे टाँगेके लागि सुम्पदेल ।(मर्कूस १५:१५)

ह, अगमवक्ता यशैया ७०० वर्ष पहिले भविश्यवाणी कएल जईसन सब बात ठीकसे भेगेल, जौन समय उ ख्रीष्टके बारेमे लिखले रहे : उ थिचोमिचोमे परलक, आ ओकरा कष्ट परलक, फिरभि उ अपन मुह ना खोललक । मारेके लेजाईत थुमा जईसन ऊ डोरयाएके लेगेल, अपन उन कत्रेबालाके सामु भेडा जइसन उ भि अपन मुह ना खोललक (यशैया ५३:७) ।

हम अपन पीठ हमरा पिटेबालासबके, आ दाह्री लुछेबालासबके अपन गाला फर्कादेलक । ठट्टा आ थुकाइसे हम अपन मुख लोकालेली (यशैया ५०:६) ।

आज हमनीके सुनली कि कईसे यहूदीसबके धार्मिक नेतासब अगमवक्तासबके लेखसब पूरा कएलक । आ काहे धार्मिक शासकसब ख्रीष्टके मृत्युदण्डके निन्दा कएलक ? उसब निन्दा कएलक काहेकी उसब सत्यके ज्योतिके सहे ना सकल । जईसे येशू कहलक, “फैसला यीहे बा, ज्योति संसारमे आएल बा, आ आदमीसब ज्योतिसे बरु अन्धकारके रुचएलक, काहेकी उसबके काम दुष्ट रहे" (यूहन्ना ३:१९ । आ आदमके सन्तानसब उ ज्योतिके नसकेके कारण, उसब एगो उपाय यी ज्योतिके भुताबेके रहे । एहीसे धर्मशास्त्र कहले उ ज्योति अन्धकारमे चम्कले, आ अन्धकार ओकरा उपर विजय ना भेल बा (यूहन्ना १:५) । यी युगके कौनो भि शासकसब यी बात ना बुझलक । उसब बुझले रहईत त महिमाके प्रभुके क्रूसमे ना टाँगईत (१ कोरिन्थी २:८) । उ संसारमे रहे, संसार उनकरा से बनलक, फिरभि संसार उनकरा ना चिन्हलक । उ अपने आदमीसबकहाँ अएलक लेकिन उनकर अपन आदमीसब उनकरा ग्रहण ना कएलक । लेकिन जेतना जने ग्रहण कएलक आ उनकर नाममे विश्वास कएलक, उ उसबके परमेश्वरके सन्तान होएके अधिकार देलक । (यूहन्ना

१:१०-१२)

प्रिय श्रोतासब, सुन्केसाथ देली अपनेसबके बहुत बहुत धन्यबाद । आदमके सन्तानसब कईसे ख्रीष्टके बचनसब पूरा कएलक, जौन अगमवक्ता दाऊद भजनसंग्रहमे लिखले रहे कहके सुनेके लागि दोसर बेर हमनीके सुनेके लागि दोसर बेर हमनीसँगे सहभागी होएके लागि निश्चित होउ : "उसब हमर हात आ हमर गोरसबके छेडले बा ।" (भजनसंग्रह २२:१६) अगमवक्ता यशैया ७०० वर्ष पहिले ख्रीष्टके बारेमे भविश्यवाणी कएल बातसब मनन् करईत परमेश्वर अपनेसबके आशिष देबे :

ऊ थिचोमिचोमे परलक, आ ओकरा कष्ट परलक, फिरभि उ अपन मुह ना खोललक । मारेके लागि लेगेल थुमा जईसन ऊ डोर्याके लेगेल । अपन ऊन कत्रेबालाके सामने भेडा मौन भेल जईसन उ भि अपन मुह ना खोललक (यशैया ५३:७)

कार्यक्रम ८४

अब सिद्धगेल !

मत्ती २७, मर्कुस १५, लूका २३, यूहन्ना १९

हमनीके वितल कार्यक्रममे सुनली कि कईसे धार्मिक शासकसब येशूके कुसमे टाँगे सको कहके गिरफ्तार कएलक, प्रधान पूजाहारीके घरमे लेगेल, दोषी ठहरएलक, आ उनकरा देशके राज्यपाल पिलातसकहाँ लेगेल कहके सुनली । सिपाहीसब क्रुरताके साथ येशूके कोर्रा लगएलक, एकराबाद काँडाके मुकुट एकेसँगे घुमएलक आ येशूके लगादेल । येशूके गिल्ला करइत, उनकर मुहमे थुकलक, आ येशूके मुरमे लाठिसे मालक । स्वर्गसे आएल महिमाके राजा आदमके सन्तानसब अईसे व्यवहार कएलक । येशूके यातना देबेबालासबके थाह ना रहे, कि उसब अगमवक्तासबके वचनसब पूरा करईत रहे, जे पापीसबके हातसे ख्रीष्ट अईसे दुःख भोगी कहके घोषणा कएले रहे ।

आज हमनीके अगमवक्तासब बहुत पहिले भविश्यवाणी कएल अनुसार परमेश्वरके मुक्तिके महान योजनाके पूरा करईत, येशू ख्रीष्ट कईसे दुःख भोग्लक, आ क्रुसमे मरलक कहके सुसमाचारके पुस्तकके निरन्तरता देहम । हमनीके आजके अध्ययनके शुरु करेसे अगारी, येशू पृथ्वीमे जब तक रहे रोमी सरकार कुछ अपराधि सबके एगो खाँबोमे, वा गाँसीमे अर्थात विशेष रुपसे बनाएल क्रूसमे किला ठोकके मृत्यु दण्ड देइत रहे कहके जानईत रहे । यी किसिमके मृत्युके क्रुसिकरण अर्थात क्रूसिफिक्सन कहले । सार्वजनिक रुपसे रोमी सिपाहसब पीडित वा अपराधीसबके अभि शर्ममे थपेके लागि उसबके हात आ गोरमे कीलासब ठोकके भयानक पीडामे पारेसे अगारी नाड्गा करदेइत रहे । यी पीडादायी लाजमरइत मृत्यु सबसे खराब अपराधीसबके लागि आरक्षित रहे ।

शायद अपनेसबमध्ये केतनाजनो ख्रीष्टके अईसन पीडादायी आ लाजमर्दो मृत्यु भोगेके लागि यहोवा परमेश्वर काहे चाहलक कहके साचईत होखेम । यी हमनीके पापके घृणित प्रकृतिके कारण बा । पाप संसारके समस्या बा । हमनीके सबजने पापी बारी आ हमनीके पापसब पवित्र आ धर्मी परमेश्वरके लागि अपराध बा । यदि परमेश्वर अपन धार्मिक नियमसबमे समझौता ना करके अपने आ हमरा हमनीके गल्तीसब क्षमा करी त, उ हमनीके पूर्ण आ न्यायोचित न्यायके साथ न्याय करेके परी ।

परमेश्वर हमनीके पापसब कौनो भि तरिकामे क्षमा करे ना सकी । परमेश्वर धर्मी न्यायकर्ता बा आ उ अपन व्यवस्था अनुसार हरेक पापके दण्ड देबेके परी । पापके दण्ड मृत्यु आ परमेश्वरसे अनन्तके लागि अलग होएबाला बात बा । यी जरिवाना पूर्ण रुपमे तिरेके परी । एहीकारण परमेश्वर आदमी बनेके लागि अपन वचन पठएलक, ताकि उ हमनीके पापसबके दण्ड तिरेसको । जौन परमेश्वर क्रोधसे माग कएले रहे । अब, प्रिय श्रोतासब, हमनीके सुसमाचारसे सुनईत समयमे अपनेसब हरेक जनेके अपन मन आ हृदयसे सुनेके लागि अमन्त्रण करईत बारी : तब पिलातस येशूके क्रूसमे टाँगेके लागि उसबके हातमे सुम्पदेल । यीहेकारण सिपाहीसब येशूके जिम्मा लेलक । उ अपन क्रुस अपने बोकके “खप्पर कहेबाला ठाउँ" मे गेलक, जेकरा “गलगथा” कहले । (यूहन्ना १९:१६-१७)

उसब येशूके उहाँसे लेजाईत समयमे, गाउँसे आएल सिमोन नामके कुरेनी निवासीके पकरलक आ कुस बोकके येशूके पछारी पछारी जाएके कहलक । आदमीसबके बरका भीड येशूके पछारी लागेल । उमे स्त्रीसब भि रहे, जे विलाप करईत आ रोईत रहे । अब उसब दुगो अपराधीसबके येशूसँगे मृत्यु दण्ड देबेके लागि लेगेल । जब उसब खप्पर

कहेबाला ठाउँमे अएलक, तब उहाँ उसब येशूके कुसमे टाँगलक, आ उ अपरधीसबमध्ये एकजनाके दाहिनेओर आ दोसरके बायाँ ओर टाँगलक । आ येशू कहलक, “हे पिता यीसबके क्षमा करु, काहेकी यीसब कठी करईत बा सो ना जानईत बा ।”

आदमीसब खरा होके देखईत रहे शासकसब येशूके ठट्टा करईत कहलक, “यी दोसराके बचएलक, यी परमेश्वरके ख्रीष्ट आ उनकर चुनल जन बा त यी अपने आपके बचाओ !” सिपाहीसब भि आके येशूके सिर्का देईत गिल्ला करके कहलक, “तु यहुदीसबके राजा बारे त, अपने आपके बचा ।” (लूका २३:२६-२७)

पिलातस एगो दोषपत्र लिखके, क्रुसउपर टाँसदेल । दोष पत्रमे लिखल रहे, “नासरतके येशू यहूदीसबके राजा ।” अब बहुत यहूदीसब यी दोषपत्र पढलक, काहेकी येशू क्रूसमे टाँगाएल ठाउँ सहरके नजिक रहे । यी हिब्रू, ल्याटिन आ ग्रीक भाषामे लिखल रहे । यहुदीसबके मुख्य पूजाहारीसब पिलातसके कहलक, “यहूदीसबके राजा ना, लेकिन यी हम यहूदीसबके राजा बारी कहलक कहके लिखू ।” पिलातस जवाफ देलक, “हम जठी लिखली, उ लिखली ।” जब सिपाहीसब येशूके क्रूसमे टाँगलक, तब उसब येशूके बस्त्र लेके प्रत्येक सिपाहीके एक एक भाग होखो कहके चार भाग कएलक । येशूके बाहिरी वस्त्र भि लेके, उ बस्त्रके बारेमे कहलक, “यी वस्त्र न फारके यी केकर होई कहके चिठा लगाऊ ।” धर्मशास्त्रके पूरा होखो कहके यी भेल रहे : “उसब हमर वस्त्र आपसमे बाडलक, आ बाहिरी वस्त्रमे चिठा लगएलक।” (यूहन्ना १९:१९-२४)

"

क्रुसमे टाँगल अपराधीसबमध्ये एक जना अपराधी येशूके अपमान करईत, कहलक, “ कठी तु खष्ट बार ? अपने आपके आ हमनीके बचाब ।” लेकिन ओकरा हकारके दोसरका अपराधी जवाफ देलक, “तू भि यीहे अपराधमे परल बार, फिरभि परमेश्वरके डर ना मानेल ? हमनीके दण्ड त न्यायोचित बा, काहेकी हमनीके त अपन कामके उचित फल भोगईत बारी, लेकिन यी आदमी त कौनो अनुचित काम नईखे कएले ।” तब उ कहलक, “हे येशू, अपने अपन राज्यमे आएम त हमरा याद करु ।” येशू उ अपराधीके कहलक, “साँच्चो हम तोहरा कहईतबारी, आज तु हमरासँगे स्वर्गलोकमे होख ब ।” (लूका २३:३९-४३)

बाह्र बजेसे तीन बजेतक सारा देशके अन्धकार छोप्देल । तीन बजेओर यी कहके येशु जोरसे चिच्यएलक, “इलोई, इलोई, लामा सबखथनी ?” जेकर अर्थ बा, "हे हमर परमेश्वर, हे हमर परमेश्वर, अपने हमरा कोहे त्यागले बारी ? " (मर्कुस १५:३३-३४)

दोपहर से सुरु होके सारा देश अन्धकार भेगेल । तीन घण्टातक परमेश्वर आदमके सन्तानके पापसबके लागि पवित्र उद्धारकर्ताउपर अपन क्रोधसे भरल दण्डके मोटरी राख्देल । हमनीके येशु हमनीके लागि भोगल पीडाके गति के कल्पना समेत करे ना सकम । क्रुसके वेदीमे, प्रभु येशू स्वर्गमे परमेश्वरसे अलग भेल डरलागेबाला महशुस कएलक । एहीसे उ “हे हमर परमेश्वर, हे हमर परमेश्वर, अपने हमरा काहे त्यागलेबारी ?” कहके चिच्यएलक । अन्धकारके उ समयमे, आदमीसबके आँखसे लुकाएल, परमेश्वर हमनीके सब पापसब लेके अपन पवित्र पुत्रके देदेल । येशू अन्तिम पाप बलि

बनलक ।

एकराबाद येशू सब बात अब पूरा होगेल कहके जानके धर्मशास्त्र पूरा होखो कहके कहलक, “हमरा प्यास लागेल ।” उहाँ सिर्का भरल एगो बर्तन राखल रहे । यीहे कारण सिर्कासे भरल स्पञ्ज एगो हिसपके हाँगामे राख्के उसब उनकर मुहमे पुगादेल । जब येशु सिर्का लेलक, तब येशू कहलक, “अब पूरा होगेल,” आ येशू शिर निहुराके अपन प्राण त्यगदेल । (यूहन्ना १९:२८-३०)

एकरा बाद मन्दिर के पर्दा उपर से निचा

के पर्दा उपर से निचा दुभाग होके फागेल ।

नचा भाग होके फाट्गेल । येशूके अईसे अपन प्राण त्यागईत देखके, येशूके सामु खरा भेल कप्तान कहलक, “साँच्चो यी आदमी परमेश्वरके पुत्र बा ! उहाँ दुरसे देखेबाला कुछ स्त्रीसब भि रहे । उसबमध्ये मरियम मग्दलिनी आ याकूब आ योसेफके माई मरियम आ सलोमी रहे ।

जब येशू गालीलमे रहे, यीसब येशूके पछारी चलईत रहे, आ उनकर सेवा टहल करईत रहे । येशूके साथमे यरुशलेममे आएल अउर बहुत स्त्रीसब भि उहाँ रहे । (मर्कूस १५:३८-४१)

उ दिन तयारीके दिन रहे । यीहेकारण यहूदीसब शबाथमे (विशेष कके यी शबाथमे, जौन महत्वपूर्ण रहे) मृत शरिरसब क्रूसमे नरहो कहके पिलातसके बिन्ती कएलक, आ उसबके गोर टुरके उसबके शरीर लेजाएके माग कएलक । तब सिपाहीसब आके उनकरा सँगे कुसमे टाँगल सबके गोर टुरलक, पहिले एक जनाके एकरा बाद दोसरके । जब उसब येशूकहाँ अएलक, उसब देखलक कि येशूके मृत्यु अगारीए होगेल बा, आ येशूके गोर ना टुरलक । लेकिन सिपाहीसबमध्ये एक जना येशूके कोखामे भालासे घोचलक, आ तुरुन्ते खून आ पानी निकललक । तोहनीसब भि विश्वास करे सक कहके यी देखेबाला सब गावाही देले बा, आ उनकर गवाही साँच बा, आ साँच बोलईसी कहके ऊ जानले। "उनकर कौनो भि हडी नातोडी कहके धर्मशास्त्रके वचन पूरा होखो कहके यी बात होएलक । आ फेरु दोसर पदमे धर्मशास्त्र कहले, “जेकरा उसब घोचले बा, उसब उनकरा देखी ।" एकरा बाद अरिमाथियाके योसेफ, जे यहूदीसबके डरसे गुप्तमे मात्र येशूके चेला भेल रहे, उ पिलातसबके येशूके मृत शरीर लेजाबे पाउँ कहके बिन्ती कएलक । पिलातस अनुमती देलक । तब उ आके येशुके मृत शरीर लेगेल । आ अगारी उनकरा कहाँ आएबाला निकोदेमस भि प्राय तेत्तीस किलो मूर्र आ एलवा मिश्रित द्रव्य लेके उहाँ अएलक । अईसही उसब येशूके शरीर यहूदीसबके दफन कार्यके रीति अनुसार सुगन्धित द्रव्यसे सुती कपरामे बाँधलक । येशू क्रूसमे टाँगल ठाउँमे बगैंचा रहे । उ बगैंचामे कहियो केकरो नराखल एगो चिहान रहे । काहेकी यहूदीसबके तयारीके दिन रहे, आ उ चिहान भि नजिक रहे, आ उसब येशूके उहे चिहानमे राख्लक । (यूहन्ना १९:३१-४२)

प्रिय श्रोतासब हमनीके सुनल बात अचम्मके बा । हमनीके सुनले बारी कि कईसे आदमके सन्तानसब जीवनके प्रभु ख्रीष्टके तुच्छ ठानलक आ येशूके कुसमे टाँगके मारलक । लेकिन उ रोमी कुसमे ख्रीष्टके मृत्यु परमेश्वरके मुक्तिके योजनाके पूर्ति रहे । प्रभु येशू मरेसे अगारी क्रुससे कठी घोषणा कएले रहे कठी अपनेके याद बा ? येशू कहले रहे : “अब पूरा होगेल !” (यूहन्ना १९:३०)

येशू काहे ओईसे कहलक त ? “अब पूरा होगेल !” कहके येशू कहलक काहेकी परमेश्वरके मुक्तिके योजनाके पूर्ण रुपमे पूरा कएले रहे । कठी संसारके धर्मसब कहियो “अब पूरा होगेल !” कहके कहले त ? अहँ ना कहले । उसब अहँ

पूरा नईखे भेल कहले । अपन निमन कोसिससे अपने आपके बचाबेके प्रयास करू । अपन पापसब मिटाबेके लागि काम करु ! एकर साथ लेऊ ! अउरी कडा मेहनत करु ! कुछो ना पूरा होएल बा ! यदि अपने स्वर्गमे प्रवेश करेके चाहईत बारी त, , अपन धार्मिक कर्तव्यसब पूरा करु, प्रार्थना करु, व्रत करु, आ न्यायके दिनमे उत्तम चिज प्राप्त करेके आशा करु ! यीहे आदमीके धर्म बा । लेकिन अपनेके लागि परमेश्वरके अनुग्रहके सन्देश यी बा: अब पूरा होगेल । येशू क्रूसमे कठी कएलक, उमे विश्वास करु आ मुक्ति पाऊ ! ख्रीष्ट अपनेके पापके ऋण उनकर अपने खूनसे तिरदेले बा । उ अपनेके हृदय शुद्ध आ परिवर्तन करे सकी । उनकरा सँगे क्रूसमे टाँगल अपराधीके लागि येशू उहे कएलक । येशू ओकरा कहलक, “साँच्चो हम तोहरा कहईत बारी, आजे तु हमरासँगे स्वर्गलोकमे रह ब । ” (लूका २३:४३)

प्रिय श्रोतासब, पापके दण्डसे बचाबेबाला काम पूरा होगेल । परमेश्वर येशूके बलिदानसे पूर्ण रुपमे सन्तुष्ट बा । परमेश्वर अब हमनीके थुमाके बलिदान लेआबेके ना परी, अब उ काम बन्द करेके परी कहके कहले । प्रभु येशू ख्रीष्ट परमेश्वरके सिद्ध आ अन्तिम बलिदान बा । परमेश्वरके थुमा येशू कुससे घोषणा कएल बातमे विश्वास करेके बाहेक हमनीके लागि दोसर कौनो विकल्प ना बा : “अब पूरा होगेल !” अपनेके पापके ऋण अब पूरा भेल बा ! कठी अपने येशूके देहल भुक्तानीके स्वीकार करईसी ?

ख्रीष्ट संसारमे आएसे सात सय वर्ष अगारी, अगमवक्ता यशैया उनकर बारेमे लिखले रहे : उनकर चिहान दुष्टसबसँगे बनएलक, आ मृत्युमे धनीसब उनकर साथमे रहे, यद्यपी उ कौनो उपद्रव ना कएले रहे, न त उनकर मुहमे कौनो छल रहे । लेकिन उ त हमनीके अपराधसबके लागि छेडलगेल । हमनीके अधर्मके लागि उ कष्ट सहलक । हमनीमे शान्ति लेआएबाला दण्ड उनकरा उपर परलक, आ उनकर कोर्राके चोटसे हमनीके निमन होगेली । हमनीके सब भेर जइसन छरपष्ट बारी । हमनीके हरेक अपने रास्तामे लागल बारी, आ परमप्रभु उनकरा उपर हमनीसबके अधर्म हालदेल बा । (यशैया ५३:९)

आदरणीय श्रोतासब, कठी अपने अगमवक्तासबके सन्देशमे विश्वास करईसी ? प्रभु येशू अपनेके लागि मुक्तिके काम पूरा कएलक, कहके कठी अपने विश्वास करईसी ? कठी अपने अभि उनकर पीडा आ कुसमे मृत्युके कारण बुझले बारी ? एकर कारण हम आ अपनेसब बारी । हमनीएसबके पापके कारण उ एगो थुमाके बलिदान जईसन अपन खून बहएलक । हमनीके नरकमे अनन्त सजायँके हकदार रहली, लेकिन परमेश्वर हमनीके लागि उनकर महान प्रेमके कारण उनकर वचन, प्रभु येशूके हमनीके लागि दण्ड भोगे आ हमनीके पापसबके दण्ड भोगेके लागि पठएलक । धर्मशास्त्र कहले :

धार्मिक आदमीके लागि मरेके तयार होएबाला कमे होइ, केहू असल आदमीके लागि मरेके आँट भि करी । लेकिन परमेश्वर हमनीके लागि उनकर प्रेम यीहेमे देखाबले कि हमनीके पापी रहली, फिर भि ख्रीष्ट हमनीके लागि मरलक । (रामी ५:७-८) हमनीके ख्रीष्टमे परमेश्वरके धार्मिकता बने सकू कहके पाप नचिनेबालाके परमेश्वर हमनीके लागि पाप बनएलक (२कोरिन्थी ५:२१) ।

कृपालु, दयालु परमेश्वरके महिमा होखे, अब पूरा होगेल ! येशू अन्तिम बलिदान ह ! अगमवक्ता अब्राहामके बलिदानके अर्थ स्पष्ट होखले ! अब्राहाम अपन बेटाके स्थानमे निर्दोस थुमाके बलिदान कएल उहे पहाडके श्रृंखलामे, उनकरामे विश्वास करेबाला केहू भि नाश न होखो, लेकिन उ अनन्त जीवन पाओ कहके पापरहित ख्रीष्ट येशू अपने

आपके हमनीके ठाउँमे बलिदान देलक । (यूहन्ना ३:१६) अपने येशू ख्रीष्टके उ मरेसे पहिले घोषणा कएल यी गहिरा मुक्त करेबाला वचनके मनन् करईत परमेश्वर अपनेके आशिष देबे : अब पूरा होगेल ! (यूहन्ना १९:३०)

कार्यक्रम ८५

येशु मरके जी उठल वा ।

!

मत्ती २८, लूका २४; यूहन्ना २०

हमनीके वितल कार्यक्रममे कईसे येशू खीष्ट हमनीके पापके क्रूण तिरेदेबेके लागि आ हामनीके परमेश्ववरमे धुभावे के

लागि अपन खून बहएले रहे कहके सुनली । परमेश्वरके अगमवक्तासब अगमवाणी करके जठी कहले रहे उहे भेल रहे । ख्रीष्टके गिल्ला करईत रहे, कोर्रा लगएले रहे, आ कुसमे कीला ठोकले रहे । जईसे अब्राहामके बेटाके ठाउँमे निर्दोष थुमाके मृत्यु भेगेल, ओसही हमनीके ठाउँमे भि पापरहित उद्धारकर्ता येशू मरलक । उहे कारण येशु मरेसे ठिक अगारी “अब पूरा होगेल !” येशू चिच्यएलक (यूहन्ना १९:३०) । कुसमे ख्रीष्टके मृत्यु सब धर्मशास्त्रसबमे सबसे महत्वपूर्ण सुसमाचार बा, काहेसे उ मृत्युसे हि परमेश्वर हमनीके पापसब क्षमा करे सकी आ न्याय कायम राखे सकी । क्रूसमे येशूके मृत्यु भेलाके बाद, एकजना सिपाही पुत्र भाला लेके येशूके कोखामे घोचके खून आ पानी बहलक जे येशूके मरल प्रमाणित करदेल । एगो धनी आदमी येशूके लाश लेके अपना लागि बनाएल ढुङ्गामे खोपके बनाएल एगो नयाँ चिहानमे राख्लक । एगो बरका गोल पत्थर चिहानके प्रवेशद्धारमे राखदेल । सब बात परमेश्वरके अगमवक्तासबके भविश्यवाणी कएल जईसन भेलक । सुसमाचारमे यी लिखल बा : अब विहान, अर्थात तयारीके दिनके दोसर दिन, मुख्य पूजाहारीसब आ फरिसीसब पिलातसकहाँ भेला होलक, आ कहलक, “हमनीके याद बा, कि उ ठगाहा जब जिन्दा रहे तीन दिनके बाद हम फिर उठजाएम कहले रहे । यीहेकारण तिसर दिनतक उ चिहान सुरक्षित राखेके लागि हुकुम करु, नत ओकर चेलासब आके उ लाश चोराके लेजाई, आ उ त मरके जीवित होगेल कहके आदमीसबके कही हो, आ उ धोखा पहिलेसे अउर ननिमन होई । पिलातस उसबके कहलक, “तोहनीसबके अपने पहरा हैले बा । जाब, तोहनीसब सुरक्षित राख ।” तब उसब जाके पत्थरमे मोहर लगएलक, आ पहरादारसब खटाके चिहान सुरक्षित राखलक । (मत्ती २७:६२-६६)

शबाथके बाद हप्ताके पहिलका दिन रिमरिम इन्जोत रहे, मरियम मग्दलिनी आ एकजने मरियम । चिहान देखे अएलक । बरका भूकम्प भेलक, काहेसे परमप्रभुके एगो दूत स्वर्गसे निचा अएलक, आ पत्थर हटाके उपर बइथलक । ओकर रुप विजुली जईसन आ पोशाक हिउँ जईसन उजर रहे । ओकर डरसे उ पहरादारसब थरथर काँपलक, आ मरल जईसन होगेल । (मत्ती २८ः१-४)

जब उ स्त्रीसब चिहानमे अएलक, तब उसब पत्थर उ चिहानसे हटाएल देखलक । लेकिन जब भितर गेलक प्रभु येशूके शरीर ना भेट्टएलक । जब उसब यी विषयमे अलमल्लमे परल रहे, तब चहकिला वस्त्र पहिरले दु जना पुरुषसब उसबके पासमे खरा भेगेल । उसब भयभित भेगेल, आ जमिनमे शिर झुकएलक, लेकिन उ दुजने पुरुष कहलक, “तोहनीसब जीवित आदमीके मृतकसबके बिचमे काहे खोजईत बार ? उ यहाँ ना बा, लेकिन जीवित होके उठल बा । गालीलमे जब प्रभु येशू रहे तोहनीके कथी कहले रहे उ याद कर, कि आदमीके पुत्र पापी आदमीसबके हातमे सुम्पी, आ क्रुसमे टाँगल, आ तिसरका दिनमे जीवित होके उठला आवश्यक बा ।" उसब प्रभु येशूके वचनके याद कएलक । आ चिहानसे फिरके सब बात एघार चेला आ अउर सबके बतादेल । उ स्त्रीसब मरियम, मग्दलिनी,

योहन्ना, आ याकूबके (माई मरियम रहे । उसबसँगे रहल अउर स्त्रीसब भि यी बात प्रेरितसबके कहलक । लेकिन उसब यी बात बाहयात बा कहके ठान्लक, आ उसब विश्वास ना कएलक । लेकिन उसबके अभि भि येशू मृत्युसे बौरी उठी कहके धर्मशास्त्रके कहल बात थाह ना रहे। लेकिन पत्रुस उठके चिहानमे दौरके गेलक, आ निहुरके देखलक त सूती कपडाके पट्टीसब मात्र देखलक । उ घटना देखके अचम्म मानके उ चलगेल ।

उहे दिन येशूके चेलामध्ये दुजना यरुशलेमसे प्राय: एघार किलोमिटर दूरके इममाउस नामके एगो गाउँमे जाईत रहे । घटल सब घटनासबके बारेमे उसब आपसमे बातचित करईत रहे । उसब आपसमे बातचित करईत आ बहस करईत समयमे येशू अपने नजिक आके उसबके साथमे लागेल, लेकिन उसबके आँख येशूके चिने (नसकेबाला होगेल रहे । येशू उसबसे पुछलक, “तोहनीसब चलइत आपसमे कठीके बारेमे बहस करईत बार ?" उसब उदास होके रुकगेल । उ दुमध्ये क्लेओपास येशूके जवाफ देलक, “यरुशलेम घुमफिरके अएल, फिरभि आजकल उहाँकभी घटइटवा अपनेके थाह न बा ?” येशू उसबसे पुछलक, “कौन बात ?” तोहनीसब जवाफ देलक, “येशू नासरीके बारेमे, उ एक जना अगमवक्ता रहे, आ परमेश्वर आ सब आदमीसबके सामुन्ने काम आ वचनमे शक्तिशाली रहे । लेकिन मुख्य पूजाहारीसब आ हमनीके शासकसब येशूके मृत्युदण्डके लागि सुम्पदेल, आ उनकरा क्रूसमे टाँगदेल । ईस्राएलके उद्धार करेबाला उहे बा, कहके हमनीके आशा कएले रहली । यीसब बात छोरके, यी घटना घटला आजु तिसरका दिन बा । यी बाहेक हमनीमध्येके केहू केहू स्त्रीसब हमनीके चकिट बनएले बा । उसब आज बिहाने सबेरे चिहानमे गेलक, आ येशूके शरीर ना भेट्टएलक । उसब आके हमनीके सुनलक, हमनीके स्वर्गदूतसबके देखली, जे येशू जीवित बा कहके । हमनीसबमध्येके केहू केहू चिहानमे गेलक, आ उ स्त्रीसब जे कहले रहे, औसने भेट्टएलक, लेकिन येशूके ना देखलक । येशू उसबके कहलक, “अए, अबुझ आदमीसब, तोहनीसबके हृदय एतना सुस्त होगेल बा, कि अगमवक्तासबके कहल बातसबमे विश्वास ना करईस कभी खीष्ट यी कष्टसब भोग्ला आ अपन महिमामा प्रवेश करेके आवश्यक ना रहे ?” तब मोशा आ सब अगमवक्तासब सुरु करके येशू धर्मशास्त्रमे अपन विषयमे लिखल बातसबके अर्थ खोलदेल ।
"

उसब जौन गाउँमे जाईत रहे, उ गाउँ नजिके पुगेल । येशू अभि दूर जाएके चाहलक । लेकिन उसब येशूके कहलक, “हमनीसँगे रहू, काहेकी साँझ परल जाईत बा, आ दिन बहुत ढल्गेल बा ।” आ येशू उसबसँगे रहेके लागि घरभितर गेलक । जब येशू उसबसँगे खाए बइथलक, येशू रोटी लेके आशिर्वाद देके उसबके देलक । तब उसबके आँख खुलगेल, आ उसब येशुके चिन्हलेल । आ येशू उसबके दृष्टि अलप होगेल । उसब आपसमे कहलक, “उ हमनीके सँगे जब रास्तामे बातचित करईत रहली, तब हमनीके धर्मशास्त्रके अर्थ खोलके कहलक तकभी हमनीके हृदय प्रज्वलित ना भेल रहे उसब उहे समय उठके यरुशलेममे फिरके गेलक, आ एघार चेला आ उसबसँगे जम्मा भेलसबके भेटलक, आ उसबके कहलक, “प्रभु साँच्चो जीवित होके उठलगेल बा आ सिमोनकहाँ देखा परलक ।" उसब रास्तामे भेल बातसब आ रोटी टुक्रा करईत समयमे कईसे उसब येशूके चिन्हलक, उ बतादेल । जब उ सब यी बात करईत रहे तब येशू उसबके बिचमे खडा भेगेल, आ कहलक, “तोहनीसबके शान्ति होखो ।” उसब डेरागेल आ डरसे आत्तगेल, आ “हमनीके त प्रेत देखईतबारी” कहके समझलक । लेकिन येशू उसबके कहलक, “तोहनीसब काहे विचलित होखेल, आ तोहनीसबके हृदयमे काहे शंका उत्पन्न होखले ? हमर हात आ हमर गोर देख, हम उहे बारी, हमरा छुके देख | काहेकी प्रेतके मास आ हडी ना होखले, लेकिन तोहनीसब त देखईत बार, हमर हात बा । "यी कहके, येशू उसबके अपन हात आ पाउ देखएलक । येशू उसबके कहलक, “तोहनीसबसँगे रहईत समय हमर बोलल बचनसब यीहे बा, अर्थात मोशाके

व्यवस्था, अगमवक्ता आ भजनके पुस्तकमे हमर विषयमे लिखल सब बात पूरा होएके परी ।" तब धर्मशास्त्र बुझेके लागि येशू उसबके समझ खोलदेल । येशू उसबके कहलक, “यी लिखल बा, कि ख्रीष्टके दुःख भोगल आ तिसर दिनमे मृतकसे जीवित होएके परी, आ यरुशलेमसे सुरु करके सब जातिसबके उनकर नाममे पश्चाताप आ पाप क्षमाके प्रचार होएके परी । तोहनीसब यीहे बातके साक्षी बार । देख हम पिताके प्रतिज्ञा तोहनीकहाँ पठाएम, लेकिन उपरसे शक्ति प्राप्त नकरेतक तोहनीसब यीहे शहरमे रह ।” (लूका २४:१-४०) जब येशू अएलक, बाह्र जनामध्ये एक जना थोमा उसबसँगे ना रहे। यीहेकारण अउर चेलासब कहलक, “हमनीके प्रभुके देखली !” लेकिन थोमा कहलक, “जब तक हम येशूके हातमे कीलासबके डोब ना देखम, आ कीलासबके डोबमे हम अपन अँगुरी ना राखम, तब तक हम, विश्वास ना करेम ।” आठ दिनके बाद येशुके चेलासब फिरसे घर भितर रहे । थोमा भि उसबसँगे रहे ।

ढोकासब बन्द रहे, लेकिन येशू भितर प्रवेश कएलक, आ बीचमे खरा होके कहलक, “तोहनीसबमे शान्ति !” तब येशू थोमाके कहलक, “तु अपन औला यीहा राख, आ हमर हातसब देख । तोहर हात बरहाके कोखामे राख । शङ्का ना कर, लेकिन विश्वासी होख ।” थोमा येशूके कहलक, “हमर प्रभु आ हमर परमेश्वर !” येशू थोमाके कहलक, “तु हमर देख ल, एहीसे हमरा मे विश्वास कएल । धन्य बा उसब, जे हमरा ना देखले बा, फिर भि हमरामे विश्वास करले ।” येशू अउर बहुत चिन्हसब चेलासबके सामने कएलक, जौन यी पुस्तकमे लिखल नईखे । लेकिन यी लिखल बा, कि तोहनीसब येशु परमेश्वरके पुत्र ख्रीष्ट बा कहके विश्वास कर, आ विश्वासद्धारा तोहनीसबके जीवन प्राप्त होखो । (यूहन्ना

२०:२४-३१)

हँ, येशू मृत्युसे जिन्दा होगेल ! संसारके पापके ऋण चुक्ता कएलाके बाद, येशू आदमीसबके सबसे डरलागेबाला शत्रुके जित्लक : मृत्यु ! चिहान येशूके पकरे ना सक्लक । तिसरका दिनमे, येशू जईसे पुतली अपन कोषा अवस्थाके खोल छोरके जाबले, अउसही अपन चिहानके लुगाके उहबे छोरके जिन्दा होगेल । येशुके शरीर भेल ठाउँमे चिहानमे उनकर लुगा मात्र बाँकी रहे । प्रभु अपनामे विश्वास करेबाला सब एक दिन प्राप्त करेबाला शरीर जईसन महिमित शरीरमे फिर जीवित होगेल । धर्मशास्त्र कहले : लेकिन अखनी खीष्ट मृतकसे जीवित भेल बा । सुतलमध्येमे येशू प्रथम फल बा । काहेकी जईसे आदमीसे मृत्यु अएलक, अउसही, मृतकसबके पुनरुत्थान भि आदमी से अएलक । लेकिन हरेक अपने अपने क्रमअनुसार ख्रीष्ट अगौटे फल, एकरा बाद, येशूके पुनरागमन ख्रीष्टके अपनेसब । येशूके पुनरुत्थान प्रमाणित करले कि उहे बा कहके दाबी कएलक । येशू कहलक, “पुनरुत्थान आ जीवन हम बारी । हमरा विश्वास करेबाला मरजाई फिरभि जीवित होजाई । ” (युहन्ना ११:२५) येशू अपनामे विश्वास करेबाला सबके अनन्त जीवन देबेके प्रतिज्ञा कएलक, लेकिन यदि उ अपने आपके मृत्युके ना जितईत त उ दोसराके मृत्यु आ पाप आ नरकके शक्तिसे कईसे बचाबे सकईत ? शायद यी बात बुझेके लागि एगो दृष्टान्ट हमनीके मद्दत करी । एगो बालक समुद्र के किनारमे खेलईत

वा । अचानक एगो शक्तिशाली छाल उ बालकके समुद्रमे लेजाई । बालक किनारमे आएके कोशिष करी, लेकिन नासकी

। केहू न बचाए सहले आ उ बालक मरजाबले । ओकर किनारमे एक जना आदमी बा, जे उ बालकके देखले, आ चिच्याके कहले, “न डेराब, हम तोहरा बचाएम !” एहीसे उ आदमी तैरके उ बालकके ठाउँमे पुगले, लेकिन अफसोस,

ओकरा लागि उ छाल बहुत शक्तिशाली होके अएलक जेकरा कारण उ आदमी आ बालक दुनु जने डुबोल । उ आदमी उ बालकके बचाबेके सोचले रहे, लेकिन ओकरामे अपन मनसायके पूरा करेके शक्ति ना रहे । ओकरा लागि समुद्रके छाल शक्तिशाली रहे ।

अउसही, हमनीके अपने मुक्तिदाता भेल दाबी करेबालासब आदमीसबके यी कहईत सुनईसी, “हमरा पछारी लागू, हमरा विश्वास करु, आ अपने स्वर्गमे पुगम ।” अउसन प्रतिज्ञा करेबालासबके नियत निमन होखेसकी, लेकिन उसब अपन वाचा पूरा करे ना सकी । उसब अपनाके बचाए भि ना सकी, काहेकी उसब अपने पाप आ मृत्युके शक्तिके जिते ना सकी । उसबके लागि मृत्युके शक्ति बहुत शक्तिशाली बा, आ जब उसब मरले उसब गाँराजाई, उसबके शरीर चिहानमे सरजाई, आ उसबके आत्मा न्यायके दिनला रुकल रही । लेकिन प्रभुसँगे अउसन ना रहे । अपन कएल प्रतिज्ञा पूरा करेके शक्ति येशुमे बा, कहके दाबी करेबाला येशू रहे । येशूके भविश्यवाणी कएल सब बात उ पूरा कएलक । येशू पाप हटाएके लागि बलिदानके रुपमे मरलक, गाँरलगेल, आ एकराबाद तिसरका दिनमे उ चिहानसे बाहर आगेल । अगमवक्तासबमध्ये केहू भि अउसन न बा, जे मारलक, गारलक, आ चिहानसे बाहर अएलक । लेकिन येशू ख्रीष्ट मृत्यु आ चिहानके पराजित कएलक । येशू पाप आ शैतान आ मृत्यु आ नरकके जित्लेल । आ यी सबमे सबसे अचम्मके बात कठी बा कि, जे येशू ख्रीष्टके मृत्यु आ पुनरुत्थानके बारेमे यी सुसमाचारके विश्वास करले, उ सबदिनके लागि प्रभु येशूके महिमामे भाग लेई ! यीहे बात प्रभु येशू मरलसबसे बौरी उठलाके बाद घोषणा कएलक, “ना डेराब ।

शुरु आ अन्त हमही बारी । हम मरल रहली । देख, हम सदासर्वदाके लागि जीवित बारी, आ मृत्यु आ पातालके चाँबीसब हमरा साथमे बा ।" (प्रकाश १:१७-१८)

परमेश्वर येशुके जीवित कएलक, ताकि अपनेसब निश्चित रुपमे जानेसकू कि उहे, संसारके मुक्तिदाता आ न्यायकर्ता बा, जेकरा परमेश्वर नियुक्त कएलक । उ बात धर्मशास्त्र घोषणा कएले बा, जब यी कहले : अउर दोसर केकरोमे मुक्ति न बा, काहेसे हमनीके मुक्ति पाएके लागि स्वर्गके निचा आदमीसबमे दोसर कौनो नाम देले न बा । काहेसे परमेश्वर एक दिन तोकदेल बा जौन दिन उ अपन नियुक्त कएल एक जना आदमीद्धारा धार्मिकतामे संसारके इन्साफ करी । येशुके मृतकसे जीवित करके परमेश्वर सब आदमीसबके एकर निश्चयता देले बा । काहेसे यदि तु येशूके प्रभु बा कहके अपन मुहसे स्वीकार कर ब, आ परमेश्वर उनकरा मरलसबसे जिवित कएलक कहके अपन हृदयमे विश्वास करब त भव्य तोहर उद्धार होई काहेकी प्रभुके नाम पुकारेबाला हरेकजने उद्धार पाई । (प्रेरित ४:१२,१७:३१, रोमी १०:९,१३)

प्रिय श्रोतासब, सुन्केसाथ देली अपनेसबके बहुत बहुत धन्यबाद बा । परमेश्वरके इच्छामे, हमनीके दोसर कार्यक्रममे हमनीके कईसे प्रभु येशू अपन पुनरुत्थानके बाद बहुत साक्षीसब सामु देखा परलक, आ उ जीवित रहे कहके बहुत विश्वासयोग्य प्रमाणसब देखएलक कहेक बारेमे सुसमाचार सुनेके लागि निरन्तरता देहम । परमेश्वर अपनेके चिहानमे आएल स्त्रीसबके स्वर्गदूत कथी कहले रहे, ओकर सब प्रभावसबमे अन्तरदृष्टि प्रदान कएले होखे : येशू यीहाँ न बा उ जिन्दा होगे लबा लूका २४:६)

वा, लेकिन

कार्यक्रम ८६

येशू स्वर्गारोहण बा

मत्ती २८; लुका २४; प्रेरित १

लम्बा समयसे हमनीके पवित्र सुसमाचारके सुनईत आएल बारी, उ पुस्तक जेमे मुक्तिदाता येशू ख्रीष्टके कथा समावेश कएल बा । हमनीके सिखल अनुसार येशूके अर्थ परमेश्वर बचाबले बा । ख्रीष्ट हिब्रू शब्द, मसीहके लागि ग्रीक शब्द बा, जेकर अर्थ परमेश्वर अभिषेक कके नियुक्त कएल होखले ।

आदमके सन्तानसबके पापके प्रभुत्वसे बचाबेके लागि यी धर्तीमे पठाएल एकमात्र परमेश्वर येशू खीष्ट बा। लेकिन बहुत आदमीसब येशू के बा, कहके चिन्हे ना सकल । केहू येशूके अगमवक्ता मानईत रहे, लेकिन उ अपने मानव शरीरमे परमेश्वरके वचन (कलिमत अल्लाह) बा, कहके उसब ना बुझलक । मुख्य पूजाहारीसब आ यहूदीसबके शासकसब जईसन केहूकेहू येशूके ईर्ष्या कएलक आ अन्तमे येशूके कुसमे कीला ठोकके मारलक । लेकिन यीमध्ये कौनो भि घटना परमेश्वरके अचम्ममे ना पारलक । धर्मशास्त्र कहले : लेकिन हमनीके परमेश्वरके लुकाएल आ गुप्त बुद्धिके प्रचार करईसी, जौन युगयुग अगारी हमनीके महिमाके लागि परमेश्वर नियुक्ति करदेल, यी यूगके कौनो भि शासकसब उ बात ना बुझलक । उसब बुझले रहईत त महिमाके प्रभुके क्रूसमे ना टाँगईत । (१ कोरिन्थी २:७-८) हमनीके वितल कार्यक्रममे, कईसे परमेश्वर येशूके तिसरका दिनमे जीवित कएलक कहके हमनीके सुनले रहली । आदमके सन्तानसबके पापके शक्ति, मृत्युके डर आ नरकके दण्डसे छुटकारा देबेके लागि येशूके बहाएल खून परमेश्वर स्वीकार कएलक कहके येशूके पुनरुत्थान प्रमाणित करले । येशू फेरु जीवित भेलाके बाद, उ अपन चेलासबकहाँ देखा परलक, आ उसबके सिपाहीसब उनकर हात आ गोरमे कीलासब हानल घाउसब देखएलक । सुसमाचारके पुस्तक कईसे येशू अपन चेलासबकहाँ अपनाके प्रकट कएलक आ उसबसँगे परमेश्वरके राज्यके बारेमे बात कएलक, कहके बताबले । एकबेर उ एके समयमे अपन पाँचसयसे बेसी चेलासबकहाँ देखा परलक (१ कोरिन्थी १५:६) । लेकिन आज येशू जीवित बा कहके सबसे बरका प्रमाण उनकरामे विश्वास करेबाला आ उनकर अख्तियारके अधीनमे रहेबाला सबके हृदयमे उ अपन पवित्र आत्मासे वास करले कहके बा। आज हमनीके परमेश्वर प्रभु येशूके देहल असिम अधिकारके बारेमे सुनम, आ कईसे येशू अपन चेलासबसे अलग भेलक आ स्वर्गमे चलगेल कहके बारेमे सुनम । हमनीके आज मत्तीके सुसमाचार अन्तिम अध्यायसे शुरु करम । धर्मशास्त्र कहले : लेकिन उ एघार जना चेलासब गालीलके उ डाँडामे गेलक, जहाँ येशु उसबके जाएके आदेश देले रहे । उसब प्रभु येशूके देखके दण्डवत कएलक, लेकिन बहुते जने शंका कएलक । तब येशू उसबकहाँ आके कहलक, “स्वर्ग आ पृथ्वीमे समस्त अधिकार हमरा देले बा । यीहेकारण जाब, आ सब देशके जातिसबके चेला बनाब, पिता, पुत्र आ पवित्र आत्माके नाममे उसबके बप्तिस्मा देब, हम तोहनीके आज्ञा कएल सब बात पालन करेके लागि उसबके सिखाब । देख, हम युगके अन्ततक सबदिन तोहनीसबके साथमे बारी ।" (मत्ती २८:१६-२०)

येशू अपन चेलासबके कठी कहलक ? कठी अपने सुनली ? येशू कहलक, “स्वर्ग आ पृथ्वीमे समस्त अधिकार हमरा देले बा । जाब, आ सब देशके जातिसबके चेला बनाब ।” स्वर्ग आ पृथ्वीमे समस्त अधिकार हमरा देले बा कहके येशू काहे कहलक ? कईसे परमेश्वर पहिलका आदमी आदमके बनएलक कहके बात हमनीके मोशाके तोराहमे सुनली

। परमेश्वर आदमके पृथ्वीमे शासन करेके अधिकार देलक कहके हमनीके सुनम । आदम परमेश्वरसँगे रहे आ परमेश्वरसँगे शासन करो कहके चाहईत रहे ।

लेकिन आदम उ अधिकारके गुमालेल, जौन दिन उ परमेश्वके आज्ञा उलंघन कएलक आ असल आ खराबके ज्ञान देबेबाला गाँसीके फल खएलक । आदम हमनीके पुर्खा भेलाके कारण, आ जेकरासे विपत्ति उत्पन्न भेल बा उमे मात्र सिमित न भेलाके कारण, हमनीके भि परमेश्वरसँगे बाँचे आ शासन करेके विशेष अधिकार आ मौकाके गुमालेल बारी । आदम जईसन, हमनीके सब जने पापी बारी, हमनीके भी पापके राज्यमे जनम लेले बारी, आ परमेश्वर आ उनकर महिमासे दूर भेल बारी । लेकिन परमेश्वर हमनीके फिर्ता लेआएबाला योजना बनएले रहे । धर्मशास्त्र उ योजनाके अईसे साराशित करले :

हमनीके परमेश्वरकहाँ लेआएला येशू खीष्ट, धर्मीजन अधर्मीके लागि एकबेर कष्ट भोग्लक (१पत्रूस ३:१८) । आदम जईसन येशू भि परीक्षाके सामना कएलक, लेकिन येशू कहियो पाप ना कएलक । येशू परमेश्वर जईसन सिद्ध आ पवित्र रहे । जईसन बाबु अउसन बेटा । आ पवित्र पुत्र हमनीके पापसबके लागि दुःख भोग्ला आ मरलाके बाद, परमेश्वर उनकरा फिरसे जीवित कएलक आ उनकरा पृथ्वीमे शासन करेबाला मात्र ना, लेकिन समस्त अधिकार देलक । परमेश्वर येशूके स्वर्ग आ पृथ्वीमे समस्त अधिकार देलक । केहु केहू यी प्रश्न करी, “यदि येशूके समस्त अधिकार बा त, हमनीके संसार अभि काहे समस्या आ पापसे भरल बा ?” एकर जवाफ पवित्र धर्मशास्त्र देबले : काहेकी जईसे आदममे सब मरले, आईसही ख्रीष्टमे सब जीवित होई । लेकिन हरेक अपन अपन क्रमअनुसार ख्रीष्ट अगौंटे फल, एकरा बाद उनकर पुनरागमनमे ख्रीष्टके अपनेसब । तब अन्त्य आई, जब उ हरेक शासन, हरेक अख्तियार आ शक्ति नष्ट करके परमेश्वर, अर्थात पिताके राज्य सुम्पदेई । यीहेकारण यी लिखल बा, “पहिलका आदमी आदम जीवित प्राणी होगेल ।” अन्तिम आदम जीवन देबेबाला आत्मा होगेल । पहिलका आदमी माटिसे बनल, पृथ्वीसे बा, दोसरका आदमी स्वर्गके बा । जइसे हमनीके माटीके रुप धारण करले बारी, अउसही स्वर्गके आदमीके रुप धारण करम ।(१ कोरिन्थी १५:२२-२४) येशू उसबके आँखके आँशु पूर्ण रुपसे पोछदेई, आ फेरु मृत्यु ना होई, आ शोक आ पीडा भि ना होई । काहेकी पहिलेके बातसब बिगेल बा । (प्रकाश २१:४) उ पदसब आ अन्य सयौं पदसबके आधारमे, हमनीके जानईसी की परमेश्वर स्वर्गीय आदमी येशूके समस्त अधिकार सुम्पदेल बा । धर्मशास्त्र बताबले कि परमेश्वर सब ठाउँमे सब आदमीसब पश्चाताप करो कहके आज्ञा देले बा, काहेकी उ एक दिन तोकले बा, जेमे उ अपन नियुक्त कएल आदमीसबसे संसारके धार्मिकतामे न्याय करी । जेकर बारेमे उ सब आदमीसबके आश्वासन देले बा कि परमेश्वर येशूके मृतकसे जीवित कएले बा । (प्रेरित १७:३०-३१) संसारके न्याय करेके लागि परमेश्वरके नियुक्त कएल पवित्र आदमी येशू बा । एहीसे अपने जे बारी, आ फिरभि परमेश्वर अपनेके विश्वासमे अपनाओर फिरेके आज्ञा देबले । यदि अपने प्रभु येशू ख्रीष्ट अपनेके पापसबके लागि मरलक, गारलगेल, आ फेरु जीवित भेगेल कहके विश्वास करम त, परमेश्वर येशूके नाममे अपनेके सब पापसब क्षमा करी, आ पवित्र आत्माके शक्तिसे अपनेके हृदयके नवीकरण करदेई । यदि अपने ख्रीष्टमे विश्वास करम त, उ अपन आत्मा अपनेके हृदयमे पठाई आ उनकर राज्य अपनेमे स्थापित करी । जब तक येशू व्यक्तिगत रुपमे संसारके न्याय करेके लागि ना आई, तबत क येशू यी संसारके परिवर्तन ना करी । लेकिन उ आज अपनेके परिवर्तन करे सकी! कठी अपने उनकरा अपन हृदयमे उनकर राज्य स्थापना करेके अनुमति देईत बारी ? प्रिय श्रोतासब, येशू संसारके मुक्तिदाता आ न्यायकर्ता बा । उहे मात्र अपनेके पापसबके दण्डसे बचाबे सकी । उ मात्र अपनेके समय आ अनन्तके लागि परमेश्वरसँगे शान्ति देबे सकी । बौरी

उठेबाला प्रभु येशू ख्रीष्टके अपन धर्मी मुक्तिदाताके रुपमे अस्वीकार करेबाला सबके लागि, येशू उसबके धर्मी न्यायकर्ता होई । धर्मशास्त्र कहले : प्रभु येशू अपन शक्तिशाली स्वर्गदूतसबसँगे बरईत आगीमे स्वर्गसे प्रकट होई, परमेश्वरके नचिनेवालासबके आ हमनीके प्रभु येशूके सुसमाचार नमानेबाला सबके उ दण्ड देई । उसब अनन्त विनाशके दण्ड आ प्रभुके उपस्थिति आ उनकर शक्तिके महिमासे अलग होएके दण्ड भोगी ।

जब उ दिन उनकर सन्तसबमे महिमा पाएके लागि आ विश्वास करेबालासबके आश्चर्य चकित करे उ आई, काहेकी तोहनीसबके देहल हमनीके साक्षीमे तोहनीसब विश्वास कएल । (१ थेस्लोनिकी १:७-१०) प्रिय श्रोतासब परमेश्वरके वचन स्पष्ट बा । यी हमनीके बताबले की जे अपनेके पापसबके लागि कुसमे येशू ख्रीष्टके मृत्यु आ चिहानसे उनकर पुनरुत्थानके बारेमे देहल सुसमाचारमे विश्वास करले, उ मुक्ति पाई । लेकिन विश्वास ना करेबाला दोषी ठहरी । येशू अपन खून बलिदानके रुपमे बहएलक जे सदाके लागि अपनेके पापके ऋण मिटादेबे सकी । लेकिन यदि अपने एकरा अपन हृदयमे विश्वास ना करेम त, येशू अपनेके लागि बहाएल खून कौनो मूल्यके ना होई । काहेसे धर्मशास्त्र कहले : काहेकी परमेश्वर संसारके अईसन प्रेम कएलक कि उ अपन एकमात्र पुत्र देलक, ताकि उनकरामे विश्वास करेबाला केहू भि नाश ना होखो, लेकिन उ अनन्त जीवन पाओ । जे उनकरामे विश्वास करी, उ दोषी ना ठहरी, लेकिन विश्वास ना करेबाला अगारीए दोषी ठहरगेल बा, काहेकी उ परमेश्वरके एकमात्र पुत्रके नाममे विश्वास ना कएले बा । (युहन्ना ३:१६,१८) । ह, यदि अपने येशु ख्रीष्टके सुसमाचारमे विश्वास कएले बारी त, अपने मुक्ति पाएम, लेकिन यदि अपने विश्वास ना करम त, अपने अपन पापसबमे नष्ट होजाएम । उ मुक्तिके वचन बा, जौन परमेश्वर आदमके सन्तानसबके पठएलक । यीहे कारण येशू अपन चेलासबके कहलक : स्वर्ग आ पृथ्वीमे समस्त अधिकार हमरा देले बा । जाब आ सब देशके आदमीसबके चेला बनाब" (मत्ती २८:१८-१९) ।

अब हमनीके कथाके निरन्तरता देऊ । येशु मृतकसबसे बौरी उठला चालीस दिनके अवधीमे उनकर चेलासबकहाँ देखा परलक । एक दिन जब येशू अपन चेलासबसँगे खाईत रहे तब यी आज्ञा देलक : तोहनीसब यरुशलेमसे केनहु न जाब, लेकिन पिताके प्रतिज्ञाके प्रतिक्षा कर । एकर बारेमे तोहनीसब हमरासे सुनईत बार । काहेकी यूहन्ना त पानीसे बप्तिस्मा देलक, लेकिन अबके तइका दिनमे पवित्र आत्मामे तोहनीसबके बप्तिस्मा होई । " (प्रेरित १ : ४-५) । कठी अपने येशूके कहल बात सुनली ? कईसे येशू अपन चेलासबके स्वर्गमे रहेबाला पिता उसबके लागि सल्लाहकार पवित्र आत्मा पठाई जे उसबके हृदयमे वास करी, उसबके शुद्ध करेबाला, नवीकरण करेबाला बा, उसबके बरियार करी, आ उनकर सत्यतामे चलाई, कहके हमनीके पहले ही पढलेल बारी । येशु उनकर चेलासबके उनकर पवित्र आत्माके लागि यरुशलेममे रुकके बईथे लागि कहलक हमनीके सुनले बारी, जेकरा स्वर्गमे उ फिरके गेलाके बाद पठाबेबाला रहे । हमनीके अपन दोसर कार्यक्रममे कईसे येशू ख्रीष्टमे विश्वास करेबाला सबके हृदयमे बइथेके लागि पवित्र आत्मा स्वर्गसे अएलक कहके बारेमे सुनम लेकिन अब हमनीके येशू उनकर पुनरुत्थानके चालीस दिनबाद, यरुशलेम बाहर जैतुन डाँडामे उनकर चेलासबसँगे कईसे भेट भेल रहे कहके बारेमे सुनु : एहीसे जब प्रेरितसब भेला भेलक, तब उसब येशूसे पुछलक, “हे प्रभु, कठी अपने इस्राएलके राज्यके पुनर्स्थापना करदेहम ?” येशू उसबके कहलक, “पिता अपन अधिकारसे तोकल समय वा अवधि जोनेके तोहनीसबके काम न बा । लेकिन पवित्र आत्मा तोहनीमे आई त, तोहनीके शक्ति पएब आ तोहनीके यरुशलेममे, सारा यहूदियामे, सामरियामे आ पृथ्वीके अन्तिम छेउतक हमर साक्षी होएब ।” येशु यी बाद कहके, स्वर्गमे चलगेल । जब उसब येशूके जाईत एकटक लगाके आकाशमे दैखईत रहे, तब अचानक उजर पोशाक लगाएल दु जना आदमी उसबके अगारी आके खरा भेगेल । उसब कहलक, “गालीलके

आदमीसब, तोहनीके काहे आकाशके ओर देखईत खरा बार ? यीहे येशू, जे तोहनीसबसे स्वर्गमे चलगेल, अभि जइसे तोहनीसब येशुके स्वर्गमे जाईत देख ल, अउसही उ फिरसे आई । " (प्रेरित १:६-११) एहीसे येशू स्वर्गमे चलगेल, अपन पिताके घरमे फिरगेल जहाँसे उ ३३ वर्ष पहले आएल रहे । अपन जनम, जीवन, मृत्यु, गराई, पुनरुत्थान आ स्वर्गारोहणमे नासरतके येशू उनकर बारेमे अगमवक्तासबके लिखल प बात सब पूरा कएले रहे । आदरणीय श्रोतासब कठी अपनेके थाह बा, उ बौरी उठल प्रभु आज कहाँ बा ? उ परमेश्वरके दाहिना हातपति बईथल बा, उ स्वर्गमे गेल बा, स्वर्गदूतसब आ अधिकारीसब आ शक्तिसब उनकर अधिनमे बा, कहके धर्मशास्त्र बताबले (१ पत्रुस ३:२२) । उहाँ स्वर्गमे त सृष्टिसब येशूके अधिनमे बा । यीहा पृथ्वीमे, बहुत आदमीसब उनकर अधीनमे न बा ।

आ अपने ? कठी अपने अपनाके संसारके मुक्तिदाता आ न्यायकर्ताके रुपमे परमेश्वरके चुनल आदमीकहाँ समर्पण कएले बारी त ? हमनीके भरखे सुनली कि, प्रभु येशूके स्वर्गमे फिर्ता लेलाके बाद दु जने स्वर्गदूतसब येशुके चेलासबकहाँ देखा परलक आ उसबके कहलक, तोहनीसब काहे आकाशमे देखईत खरा भेल बार ? यीहे येशू जे तोहनीसबसे स्वर्गमे गेलक, अखनी जईसे तोहनीके उनकरा स्वर्गमे जाईत देखल, अउसही, उ फिर आई" (प्रेरित १:११) । एक दिन येशु फिर आई । कठी अपने उनकरासे भेटेके लागि तयार बार ? हमनीके अपनेके खीष्टके जीवन आ उनकर मिशनके यी सारांशके साथमे छुटईत बारी :

ख्रीष्ट येशू, जे परमेश्वरके स्वरुपमे होके भि उ परमेश्वरके बराबरी होएबाला बातके एगो पक्रेबाला चिज जईसन ना ठानलक । लेकिन अपने आपके रित्याके कमाराके रुप धारण करके, मनुस्य होके जन्म लेलक । स्वरुपमे आदमी जईसन होके अपनेआपके होच्यएलक, आ मृत्युतक अर्थात कुसके मृत्युतक आज्ञाकारी रहलक । एहीकारण परमेश्वर उनकर अति उच्च कएलक, आ उनकरा उ नाम प्रदान कएलक, जौन नाम हरेक नामसे उच्च बा, कि स्वर्गमे पृथ्वी उपर आ पृथ्वी निचा भेल हरेक प्राणी येशूके नाममे घूँडा टेकेके परी (फिलिप्पी २५-१०) ।

आदरणीय श्रोतासब, हमनीके आशा करईत बारी कि अपने येशूमे भरोसा करेबालासबके हृदयमे बइथेके लागि कईसे परमेश्वर उनकर पवित्र आत्मामे पठएलक कहके सुनेके लागि दोसर बेर हमनीसँगे सहभागी होएम । अपने उनकर यी निमन्त्रणाके मनन् करईत समय परमेश्वर अपनेके आशिष देले होखे : प्रभु येशू ख्रीष्टमे विश्वास करु, आ अपने उद्धार पाएम, अपने आ अपनेके परिवार (प्रेरित १६:३१) ।

कार्यक्रम ८७

पवित्र आत्मा आएल बा !

प्रेरित १-२

थी

हमनीके सुसमाचारमे कएल हमनीके वितल कार्यक्रमसबमे ख्रीष्टके मृत्यु आ पुनरुत्थानके बारेमे परमेश्वरके अगमवक्तासबके लिखल बातसब येशू कईसे पूरा कएलक कहके सुनईत रहली । आदमके सन्तानसबके लागि येशू कुसमे अपन पवित्र खून बहाके पापके ऋण तिरदेल कहके हमनीके सुनली । हमनीके यी सुनली कि उनकर शरीर कुससे निचा भरल रहे आ चिहानमे राखल रहे, लेकिन तिसरका दिनमे, परमेश्वर येशूके फेरसे जीवित कएलक । येशू बौरी उठलाके बाद, उ साँच्चो जीवित बा कहके प्रमाणित करईत, चालीस दिनके अवधिमे येशू अपन चेलासबके सामु प्रकट भेलक । एकरा बाद, हमनीके वितल कार्यक्रममे, हमनीके येशू स्वर्गमे उठावलगेल कहके सुनली आ उनकर चेलासब देखईत रहे कहके थाह पईली । येशू स्वर्गमे जाएसे पहिले उनकर चेलासब उनकर देहल अन्तिम आदेश कथ रहे अपनेके याद बा ? आऊ हमनीके एकरा फिरसे सुनु : तोहनीसब यरुशलेमसे केनहु न जाब, लेकिन पिताके कएल प्रतिज्ञाके प्रतिक्षा कर । एकर बारेमे तोहनीसब हमरासे सुनले बार । काहेकी यूहन्ना त पानीसे बप्तिस्मा देलक लेकिन अबके कुछ दिनमे पवित्र आत्मामे तोहनीसबके बप्तिस्मा होई । " लेकिन पवित्र आत्मा तोहनीसबमे अएलाके बाद तोहनीके शक्ति पएब, आ तोहनीसब यरुशलेममे, सारा यहूदियामे, सामरियामे आ पृथ्वीके अन्तिम छेउतक हमर साक्षी होख ब ।" येशू यी बात कहलाके बाद, उसब देखईत देखईत येशू उचालल गेल, आ बादलमे चेलासबके दृष्टिसे लोप होगेल । (प्रेरित १:४-५)।

अइसही, येशू अपन चेलासबसे छुटगेल, उनकर स्वर्गीय घरमे फिरके गेलक, आ उच्चमे महाराजाके दाहिना हातओर बइथलक कथी अपने स्वर्गमे जाएसे पहिले येशू अपन चेलासबके कभी आज्ञा देलक कहके सुनली त ? येशू उसबके पवित्र आत्मा उसबमे नआएतक यरुशलेममे रुकेके कहलक ।

यी पवित्र आत्मा के बा ? उ परमेश्वरके आत्मा आ येशूमे रहेबाला आत्मा बा । उ पिता परमेश्वर आ पुत्र परमेश्वर येशूसँगे एक बा फिर भि उसबसे भिन्न बा । संसारके सृष्टि होखईत समयमे पवित्र आत्मा आ वचन परमेश्वरसँगे शूरुमे अवस्थित रहे । पवित्र आत्मा सल्लाहकार बा, जेकरा येशू अपन चेलासबकहाँ पठाबेके प्रतिज्ञा कएले रहे । उ कहले रहे : "हम पितासे बिन्ती करम, आ उ तोहनीसबके दोसर सल्लाहकार देई, आ उ तोहनीसबसँगे सदासर्वदा रही। यी सत्यके आत्मा बा, जेकरा संसार ग्रहण करे ना सकी, काहेसे संसार ओकरा न त देखले न चिन्हले । तोहनीसब उनकरा चिन्हइस, काहेकी उ तोहनीसबसँगे वास करले, आ उ तोहनीसबमे रही । " (यूहन्ना १४:१६-१७) येशू अपन चेलासबके यी सल्लाहकार के आगमनके बारेमे कथी कहलक उ हमनीके बुझला महत्वपूर्ण बा, काहेसे आज केहू केहू आदमीसब येशूके दोसर अगमवक्ताके आगमनके बारेमे घोषणा कएले रहे कहके विश्वास करेके चाहले । लेकिन प्रभु येशूके प्रतिज्ञा कएल दोसर सल्लाहकार मानव होए ना सकी, काहेसे उ सल्लाहकार शुद्ध पवित्र आत्मा बा, आ केहू ओकरा देखे ना सकी, लेकिन उ सबदिन ख्रीष्टके चेलासबमे वास करले कहके येशू स्पष्ट रुपमे बतएलक । फिर यी पवित्र आत्मा के बा त ? परमेश्वर येशू ख्रीष्टमे विश्वास करेबाला सबमे राख्देबे बाला आत्मा उहे बा । उसबके

बरियार बनाबले, उसबके परमेश्वरके अपने विशेष आदमीसबके रुपमे चिन्ह लगाबले, आ उसबके अपन पवित्र उपस्थितिमे सदासर्वदा बाँचेके अधिकार देबले ।

लेकिन येशूके परमेश्वर मृत्युके पीडासे छुटकारा देके जीवित कएलक । काहेसे मृत्युके अधीनमे येशूके रहला असम्भव रहे, काहेसे दाऊद प्रभु येशूके विषयमे कहले, यीहेकारण हमर हृदय आनन्दित आ हमर जीवनहर्षित भेगेल । यी बाहेक हमर शरीर भि आशामे जिई । काहेकी अपने हमर प्राणके पातालमे ना छोरेम, न त अपने अपन पवित्र जनके शरीर सरेदेहम । अपने हमरा जीवनके रास्ता बतईली, अपने हमरा अपन उपस्थितिसे आनन्दसे गदगद करदेहम।" "भाईसब, हमनीके पुर्खा दाऊदके विषयमे हम अपनेसबके निश्चयतासे कहेसकम कि उ मरगेल, आशाइल आ आजके दिनतक उनकर चिहान हएले बा । यीहेकारण एक अगमवक्ता भेलाके कारण, उ जानईत रहे, कि परमेश्वर शपथ खएले रहे कि उनकरे सन्तानसे उनकर सिंहासनके एक जना परमेश्वर बसाई । अगारीएसे यी देखके उ ख्रीष्टके पुनरुत्थानके विषयमे कहलक कि उहाँ न पातालमे छोरलक, न त उनकर शरीर सरलक । "यीहे येशूके परमेश्वर जीवित कएलक । यी बातके हमनीके सब साक्षी बारी । यीहेसे परमेश्वरके दाहिना बाहुलीमे उ उच्च होलक, आ पितासे पवित्र आत्माके प्रतिज्ञा पएलक, आ उ यी खन्यादेल बा, जे आज अपनेसब देखईसी आ सुनईसी । "यीहेकारण, इस्राएलके सारा परिवार यी पक्का जानो कि, येशू, जेकरा अपनेसब कुसमे टाँगली, परमेश्वर उनकरा, प्रभु आ ख्रीष्ट बनएलक।" यी बात सुनके उसबके हृदय टुक्राटुक्रा होगेल, आ पत्रुस आ अउर प्रेरितसबके उसब कहलक, "ए, भाइसब, हमनी के कथी करु ?" पत्रुस उसबके कहलक, "पश्चाताप कर, आ तोहनीसबके पाप क्षमाके लागि येशूखीष्टके नाममे तोहनीसब प्रत्येक जने बप्तिस्मा ल, आ तोहनीसब पवित्र आत्माके वरदान पएब । काहेकी प्रतिज्ञा तोहनीसबके लागि, तोहनीसबके सन्तानके लागि आ दुर दुरमे रहल सबके लागि बा, हरेक जेकरा प्रभु हमनीके परमेश्वर बोलावले ।" आउर बहुत बातसबसे उसबके गवाही देलक, आयी कहके अर्ती देलक, "यी दुष्ट पुस्तासे तोहनीसब अपनेआपके बचाब !" (प्रेरित २:१-१७)

प्रिय श्रोतासब कथी अपने पत्रुसके उपदेशके बुझली ? परमेश्वर ख्रीष्ट येशूके बहुत बरिस पहिलेके परमेश्वर अगमवक्तासबसे प्रतिज्ञा कएल अनुसार उ यरुशलेममे भेल भीडसबके प्रचार कएलक । पत्रुस उसबके कहलक : परमेश्वर स्वर्गसे पठाएल ख्रीष्टके तोहनीसब तुच्छ ठान्लक । तोहनीसब येशूके कुसमे कीला ठोकके मार ल, लेकिन परमेश्वर येशूके मृत्युसे जीवित कएलक । हमनीके सबजने उ बातके साक्षी बारी । परमेश्वर येशूके अपन दाहिना हातमे उच्च कएले बा, आ उ प्रतिज्ञा कएल पवित्र आत्मा पठएले बा । पश्चाताप करु आ प्रभु येशूके ओर फिरु ! दोसर अवसरमे पत्रुस प्रचार कएलक : सब अगमवक्तासब उनकर गवाही देले बा, कि उनकरामे विश्वास करेबाला हरेक जने उनकर नामसे पाप क्षमा पाई । (प्रेरित १०:४३)

जब भिड पत्रुसके वचन सुनलक, उसब अपन हृदयमे बरका पीडा महसुस कएलक काहेसे उसब नासरतके येशू जेकरा उसब क्रूसमे कीला ठोकले रहे, परमेश्वर मुक्तिदाता आ संसारके न्यायकर्ता होएके लागि पठाएल ख्रीष्ट रहे कहके बुझलक । उ दिन बहुते जने अपन गलत सोचाईसे पश्चाताप कएलक, आ उनकरामे विश्वास कएलक । यी नयाँ चेलासब येशू ख्रीष्टके मृत्यु, गराई आ पुनरुत्थानमे विश्वास करके उसबके पापसे उसब शुद्ध भेल तथ्यके सार्वजनिक गवाही देबेके लागि बप्तिस्मा लेले रहे । पानीमे बप्तिस्मा लेलासे उसबके पाप धोएल ना रहे, लेकिन यी त उसबके विश्वासके भितरसे शुद्धिकरणके बाहिरी चिन्ह देले रहे । आ एहीसे धर्मशास्त्र कहले : ऋणि जेजे पत्रुसके सुसमाचार खुशीसे ग्रहण कएलक, उसब बप्तिस्मा लेलक, आ उहे दिन प्राय तीन हजार आदमीसब उसबके संख्यामे बढगेल उसब

प्रेरितसबके शिक्षा, संगति आ रोटी भाँचे आ प्रार्थनामे भक्तिके साथ लागईत रहे । चेलासब आनन्द आ पवित्र आत्मासे परिपूर्ण होगेल । (प्रेरित २:४१-४२)

आज हमनीके पेन्तिकोसके दिनमे येशूके चेलासबमे कईसे परमेश्वर अपन पवित्र आत्मा खन्यएलक कहके देखे जाईत बारी । पेन्तिकोसके अगमवक्ता मोशाके समयमे ईस्राएलीसबके लागि परमेश्वरके स्थापना कएल चाड रहे । यी हरेक वर्ष, निस्तार चाडके ५० दिनबाद मनाएबाला चाड रहे । एकर बारेमे अपने तोराहमे पढेसकम । पेन्टिकोष ईस्राएलीसबके लागि अन्नके पहिलका फसलके लागि परमप्रभुके धन्यबाद देबेबाला दिन रहे । लेकिन उ दिन भि रहे जौन दिन परमेश्वर अपन पवित्र आत्माके येशू ख्रीष्टमे विश्वास करेबाला सब भितर वास करेके लागी पठाबेके योजना कएलक । जईसे निस्तार चाडके पचासो दिनबाद पेन्तिकोसके चाड अएलक, औसही परमेश्वर येशू मृतकसे बौरी उठला ५० दिन बाद पवित्र आत्मा पठाबेके योजना कएलक । उनकरामे विश्वास करेबाला सब परमेश्वरके बरका फसलके हिस्सा बा ।

अब येशू स्वर्गमे फिरला दश दिन बाद पेन्तिकोसके दिनमे कठी भेलक कहके सुनु । धर्मशास्त्र हमनीके कहले कि एघार जना चेलासब येशूके स्वर्गारोहण देखलाके बाद उसब यरुशलेम ओर फिरके गेलक जहाँ उसब येशूके प्रेम करेबाला आ उनकरा मृत्युसे बौरी उठलाके बाद देखल अउरसबसे भेट कएलक । १२० जना विश्वासीसबके यी समूहमे येशूके माई मरियम, अउर बहुत स्त्रीसब आ येशूके भाईसब रहे । (प्रेरित १:१२-१५) । धर्मशास्त्र कहले : जब पेन्तिकोसके दिन अएलक, तब सब जने विश्वासीसब एके ठाउँमे जम्मा भेल रहे । आ स्वर्गसे अचानक बरका बतासके झोकाजईसन एगो आवाज अएलक, आ उसब बईथल पूरा घर भरदेल । आगीके जिब्रा जईसन उसबकहाँ देखा परलक, आ भाग भाग हरेक उपर अएलक । आ उसब पवित्र आत्मासे भरगेल, आ पवित्र आत्माके देहल उच्चारण अनुसार उसब अन्यभाषासबमे बोलेलागेल । स्वर्ग निचा भेल हरेक देशसे ईश्वरभक्त यहूदीसब उ समय यरुशलेममे बईथल रहे । तब यी आवाज सुनके भीर जम्मा होगेल । उसब आश्चर्यचकित होगेल, काहेसे हरेक अपन अपन भाषामे उसब बोलईत सुन्लक । उसब आश्चर्यचकित होगेल, काहेकी हरेकजने अपन अपन भाषामे उसब बोलईत सुनलक । उसब आश्चर्यचकित होगेल, आ अचम्म मान्छे कहलक, कधी यी बोलेबालासब गालीली न बा ? त कईसे यी सब हरेक अपन अपन मातृभाषामे बोलईत हमनीके सुनईत बारी ? हमनीसब यीहा पार्थीह, मादीसब, आ एलामीसब, आ मेसोपोटामियाके, यहूदियाके, कापाडोकियाके, पोन्टस आ एशियाके बासिन्दासब बारी । आ फ्रिगिया, पामफिलिया, मिश्र आ कुरेनीमे परेबाला लिबियाके केतना क्षेत्रसब आ रोमसे आएल यहूदी आ यहूदी मत मानेबालासब दुनु बारी, यहुदी आ यहूदी मत मानेबालासब दुनु) क्रेटके बासिन्दासब आ अरबीसब भि बारी, आ हमनीके अपन अपन भाषामे परमेश्वरके महान कार्यसबके चर्चा उसके करईत सुनईत बारी ।" उसब आश्चर्यचकित भेगेल आ अन्योलमे परके एकदोसराके कहेलागेल, "एकर अर्थका बा ?" लेकिन अउर आदमीसब हसके कहलक, "यी सब नयाँ मद्यसे मातल बा !" एकराबाद, पत्रुस एघार जनासँगे खरा होके जोरसे उसबके कहलक, "यहूदियाके आदमीसब आ यरुशलेमके पूरा बासिन्दासब, अपनेसबके यी बात थाह होखो, आ हमर बात सुनु । काहेकी अपनेसबके सोच अनुसार यीसब मातल ना बा, काहेसे अखनी सबेरेके ९ मात्र बजल बा । लेकिन योएल अगमवक्तासे कहल बात यीहे बा, "आखिरी दिन सबमे यी होई कहके परमेश्वर कहले, हम आदमीसबउपर अपन आत्मा खन्यादेहम, आ तोहनीसबके बेटासब, जा सोहनीसक्के बेटासन अगमवाणी बोली, आ तोहनीसब युवकसब दर्शन देखी, आ तोहनीसबके बूढापाखासब स्वप्नदर्शी होई । आ जे परमप्रभुके नाम लेई, उ उद्धार पाई ।"

“इस्राएलके आदमीसब, यी बात सुनु, नासरतके येशू अईसन आदमी रहे, जेकरा परमेश्वर शक्तिशाली कामसब, अचम्मके कामसब आ चिन्हसबसे अपनेसबके सामुन्ने प्रमाणित कएलक । अपनेसबके थाह बा कि परमेश्वर अपनेसबके बीचमे यी कामसब म येशूके माध्यमसे कएले बा । लेकिन परमेश्वरके ठहराएल निश्चित योजना आ पूर्वज्ञान अनुसार पक्राउ परल यीहे येशूके अधर्म आदमीसबके हातसे अपनेसब क्रूसमे टाँगके मारली ।

एहीसे उ विशेष पेन्तिकोसके दिनमे मण्डलीके जनम भेगेल । मण्डली कौनो भवन वा धरम ना हँ । ग्रीकमे चर्च वा मण्डलीके लागि एक्लेसिया शब्दके प्रयोग भेल बा, जेकर अर्थ बोलाएल होखले । परमेश्वर बोलाएलसबमध्ये एक भेलाके अर्थकाबा कहके प्रेरित पत्रुसके कएल व्याख्याके सुनु :

लेकिन तोहनीसब त चुनल वंस, राजकीय पूजाहारीगिरी, पवित्र जाति, परमेश्वरके निजी प्रजा बार । उ तोहनीके अन्धकारसे उनकर उदेकके ज्योतिमे लेअएलक, ताकि तोहनीसब उनकर आश्चर्यपूर्ण कामसबके घोषणा करे सक । एकबेर तोहनीसब प्रजा ना रह ल, लेकिन अब तोहनीसब परमेश्वर (प्रजा भेल बार । (१ पत्रुस २:९-१०)

जहिया अपने अपन कामसबमे भरोसा करेके छोरम, आ प्रभु येशू आ उनकर काममे अपन विश्वासके हस्तान्तरण करम, अपने परिवारके हिस्सा बनम । परमेश्वर अपनेके उनकर अनन्त परिवारके हिस्सा बनेके लागि राष्ट्रसब वा जातिसबसे बोलएले बारी । ख्रीष्टमे विश्वास करेबाला सबके ख्रीष्टियन कहले । लेकिन अपनेआपके ख्रीष्टियन कहबाएबाला सबजने ख्रीष्टके साँचो अनुयायीसब न बा । येशू ख्रीष्टके सच्चा मण्डली सबजने मिल्के बनल बा, जे पेन्टिकोषके दिनसे येशू आ उनकर सिद्ध बलिदानमे विश्वास करके आदमके परिवारसे ख्रीष्टके परिवारमे हस्तान्तरण कएल बा ।

हमनीके भरखर सुनल पेन्तिकोसके घटनासब लगभग २००० वर्ष अगारी भेल रहे, आजके दिनतक, पवित्र आत्मा अभि भि येशूमे विश्वास करेबाला सबके हृदयमे वास करे आबले । धर्मशास्त्र कहले : आ तोहनीसब, जे सत्यके वचन, अर्थात अपन मुक्तिके सुसमाचार सुनली, आ येशूमे विश्वास कईली, उनकरेमे तोहनीसबके प्रतिज्ञा कएल पवित्र आत्माके छाप लगाएल रहे । परमेश्वरके अपने सम्पत्ति, अर्थात हमनीसब अपन पूर्ण उद्धार नपाएतक उनकर महिमाके प्रशंसाके लागि पवित्र आत्मा हमनीके उत्तराधिकारके बैना बा । (एफिसी १:१३-१४)

दोसर कार्यक्रममे येशुके पुनरागमनके बारेमे सिखेके लागि सहभागी होउ । येशू अपन चेलासबके कहल बचनमे विचार करईत समयमे परमेश्वर अपनेके आशिष देले होखे :

पवित्र आत्मा तोहनीसबमे अएलाके बाद तोहनीसब शक्ति पएब । पृथ्वीके अन्ततक तोहनीसब हमर साक्षी होख ब ।” (प्रेरित १:८)

कार्यक्र

येशू फेरु आइत बा !

प्रकाश १९-२२

परमेश्वरके वचनके क्रमिक अध्ययनमे आज हमनीके (अठासी औं कार्यक्रममे आगेल बारी । बहुत सय वर्षके अवधिमे परमेश्वरके आत्मा तीस जनासे बेसी अगमवक्तासबके पवित्र धर्मशास्त्रके पहिलका भाग अथवा तोराह, भजनसंग्रह आ अगमवक्ताके पुस्तकसब लिखेके प्रेरित कएलक । परमेश्वरके पुस्तकके उ पहिलका भागके पूरानो करार कहले, जेमे स्थ अगमवक्तासब संसारके मुक्तिदाता आ न्यायकर्ता होएके लागि परमेश्वरके नियुक्त कएल आएबाला मसीह के देखएले रहे

पवित्र धर्मशास्त्रके दोसरका भागके नयाँ करार कहले, जे येशू ख्रीष्टके कथा बताबले, जे एक मात्र पूर्ण पवित्र जीवन जियल आदमी रहे । येशू परमेश्वरके शक्तिसे भरिपूर्ण रहे, काहेकी उ मानव शरीरमे आएल परमेश्वरके वचन रहे । उनकर बारेमे परमेश्वर अईसे घोषणा कएलक, “यी हमर प्रिय पुत्र बा, जेकरासे हम बहुत प्रसन्न बारी ।” (मत्ती ३:१७) आदमीसब परमेश्वरके पवित्र जनके क्रूसमे कीला ठोकके हत्या करदेल । लेकिन परमेश्वर येशूके तिसरका दिनमे जीवित कएलक । बहुत साक्षीसब येशूके देखलाके बाद, येशू स्वर्गमे चलगेल जहाँ परमेश्वर येशूके उच्चस्थानमे उचाललक । लेकिन यी कथा यीहबे समाप्त ना होखले । यी दुष्ट संसार येशूके अन्तिम बातके सुनले न बा । परमेश्वरके वचन हमनीके बताबले कि शैतान आ ओकर दुष्ट स्वर्गदूतसबके अग्नी कुण्डमे फालेके लागि, आदमके सन्तानसबके न्याय करे आ हमनीके ग्रहके फिरसे सिद्ध बनाबे आइ । अपनेके आजके कार्यक्रमके कहले : येशू फेरु आईत बा !

हमनीके नयाँ करारके अन्तिम खण्डमे भेल प्रकाशके पुस्तकसे पढम । प्रकाशके पुस्तक एगो गहन आ शक्तिशाली पुस्तक बा, काहेसे यी युगके अन्तमे कठी होई कहके घोषणा करले । प्रकाशके पुस्तकमे २२ अध्यायसब बा, जे प्रभु येशू ख्रीष्ट विश्वास करेबाला सबके लागि विजयके घोषणा करले ।

लेकिन यी अध्यायसब येशुके अपन मुक्तिदाताके रुपमे अस्वीकार करेबाला सबके लागि बरका डर भि समावेश कएले बा, यी उसबके न्यायकर्ताके रुपमे येशूसे कईसे भेटाएम कहके प्रकट करले । यदि अपने परमेश्वरके थुमाके स्वीकार ना करम त, अपने परमेश्वरके सिंहके सामना करेके बा, काहेसे पाप हटाबेके लागि बलिदानके थुमाके रुपमे अपन खून बहाएबाला प्रभु येशू पापके न्याय करे शक्तिशाली सिंहके रुपमे आई । अब, प्रकाशके पुस्तकसे कुछ अंशसब ध्यान देके सुनम । प्रभु येश स्वर्गमे गेलाके बाद, संसारके अन्त्यमे होएबाला घटनासब प्रकट करेके लागि उ अपन स्वर्गदूतके प्रेरित युहन्ना कहाँ पठएलक । पहिलका अध्यायमे प्रेरित युहन्नाके लिखले बा : यी येशू ख्रीष्टके प्रकाश बा, जे परमेश्वर जल्दिए आएबाला बातसब अपन सेवकसबके देखाएके लागि देलक । उ अपन दूत पठाके यी बात अपन सेवक यूहन्नाके प्रकट कएलक । यूहन्नाके देखल सब बातसबके, अर्थात परमेश्वरके वचन आ येशू ख्रीष्टके साक्षीके गवाही देलक । उ धन्य बा, जे अगमवाणीके यी वचनसब उच्च स्वरसे पाढले आ धन्य बा उसब, जे सुनले आ उहाँ लिखल बात पालन करले, काहेसे समय नजिक बा । परमेश्वरसे उसबके अनुग्रह आ शान्ति, जे बा, रहे, आ आएबाला बा, आ उनकर सिंहासन अगारी रहेबाला सात आत्मासे हमनीके प्रेम करेबाला अपन खूनसे हमनीके पापसे

स्वतन्त्र करेबालाके, हमनीके एगो राज्य, उनकर पिता आ परमेश्वरके पूजाहारीसब तुल्याएबाला येशूके महिमा आ पराक्रम सदासर्वदा होखो

। आमेन । सुन, उ बादलसबके साथ आईत बा, आ हरेक आँख उनकरा देखी ।

उसब भि जे उनकरा घोचलक, आ पृथ्वीके सब कुलसब उनकरे कारण विलाप करी । आमेन । “अल्फा आ ओमेगा हम हि बारी" सर्वशक्तिमान परमप्रभु परमेश्वर कहले, “जे बा, जे रहे, आ जे आईत बा । "(प्रकाश १:१-८)

एकराबाद हम स्वर्गसे एगो बरका भीड चिच्याके कहलक, “हल्लेलुयाह ! मुक्ति, महिमा आ शक्ति हमनीके परमेश्वरके बा, काहेसे उनकर इन्साफ सत्य आ न्यायसंगत बा । सारा पृथ्वीके अपन व्यभिचारसे भ्रष्ट करेबाला उ महा वेश्याके उ दण्ड देले बा, आ उनकर दाससबके खूनके बदला देले बा । एकरा बाद एगो बरका भीडके स्वर जईसन हम सुनली, पानीसबके आवाज आ बरका शक्तिशाली मेघ गर्जनके आवाज जईसन हम सुनली, जे कहईत रहे, हल्लेलुयाह ! काहेसे प्रभु हमनीके परमेश्वर सर्वशक्तिमान राज्य करी ! (प्रकाश १९-२,६) । “संसारके राज्य हमनीके प्रभुके आ उनकर ख्रीष्टके राज्य भेल बा, आ उ सदासर्वदा राज्य करी !”(प्रकाश ११:१५)

19

हम स्वर्ग उघ्रईत देखली आ उहाँ एगो उजर घोरा रहे । ओकराउपर सवार होएबाला “विश्वासयोग्य” आ "सत्य' कहलाबले । धार्मिकतामे उ ईन्साफ आ युद्ध करी । उनकर आँख आगीके ज्वाला जईसन रहे, आ उनकर शिरमे बहुत राजमुकुट रहे । उनकरामे एगो नाम अङ्गित रहे, जे उनकरा बाहेक केकरो थाह ना रहे । उ खूनमे चोबल पोशाक लगएलेरहे, आ उनकर नाम “परमेश्वरके वचन" रहे । स्वर्गके सेनासब उजर आ स्वच्छ मलमलके वस्त्र पहिरके उजर घोरासबमे चहरके उनकर पछारी पछारी लागेल । जाति जातिसबके प्रहार करेके लागि उनकर मुहसे धारिलो तरबार निकलले, आ उ फलामके डण्डासे उसबउपर शासन करी । सर्वशक्तिमान परमेश्वरके क्रोधमे दाख कुण्ड उ कुल्ची । उनकर पोशाक आ तिघ्रामे "राजासबके राजा आ प्रभुसबके प्रभु” अङ्कित बा । एकरा बाद अतल कुण्डके चाँबी आ एगो बरका साङ्लो हातमे लेले एगो स्वर्गदुत स्वर्गसे निचा आईत हम देखली । उ अजिङ्गर, उ प्राचीन साप, जे दियाबलस लख शैतान बा, ओकरा पकरलक, आ हजार वर्षके लागि बाँधके राखलक । उ अजिङ्गरके अतल कुण्डमे फेकदेल, आ उ कुण्ड बन्द करके मोहोर लगादेल, ताकि हजार वर्ष अन्त्य नहोएतक जाजितिसबके उ बहकाए न पाओ । एकरा बाद कुछ समयके लागि ओकरा फुक्का करेके परी । तब हम सिंहासनसब आ उ उपर रहेबाला सबके देखली, जेकरा इन्साफ करे अधिकार देले रहे । तब येशूके गवाहीके लागि आ परमेश्वरके वचनके लागि शिर कटाएलसब हम देखली । उसब ख्रीष्टसँगे एक हजार वर्षतक राज्य कएलक ।

एक हजार वर्ष बितलाके बाद शैतान ओकर कैदसे छुटी, आ पृथ्वीके चारो दिशामे भेल देशदेशके आदमीसबके बहकाए, अर्थात गोग आ मागोगके लडाईके लागि भेला करे निकलके आई । उनकर संख्या समुद्रके बालुवा जेतना होई । उसब सारा पृथ्वी भर जाके सन्तसबके छाउनीके आसपास आ प्रिय सहरके घेरलक, लेकिन स्वर्गसे आगी बरसके उसबके भष्म करदेल । उसबके बहकाएबाला उ दियाबलस आगी आ गन्धकके कुण्डमे फेकागेल, जहाँ उ पशू आ भुटा अगमवक्ता रहे । उहाँ उसब दिनरात सादसर्वदा यातना कष्ट भोगी ।

तबह म एगो बरका उजर सिंहासन आ उमे विराजमान होएबालासबके देखली । उनकर सामनेसे पृथ्वी आ आकाश भागके गेलक, आ उसबके लागि केनहु ठाउँ ना पएलक। हम बरका आ छोट सब मृतकसबके सिंहासनके सामने खरा भेल देखली, आ पुस्तकसब खोलल गेल । दोसर एगो पुस्तक भि खोललगेल, जौन जीवनके पुस्तक बा । उ पुस्तकसबमे लिखल बात मुताबिक, उसबके काम अनुसार मृतकसबके इन्साफ भेलक । समुद्र उमे रहल मृतकसब देलक, आ मृत्यु आ पाताल भि तोहनीसबमे भेल मृतकसब देलक । उसब प्रत्येकके अपन अपन काम अनुसार इन्साफ भेलक । मृत्यु आ पाताल अग्नी कुण्डमे फेकागेल । यी अग्नी कुण्ड दोसरका मृत्यु बा । जेकर नाम जीवनके पुस्तकमे लिखल ना भेट्टएलक उ अग्नीकुण्डमे फेकागेल । (प्रकाश २०:१-४)

|

तब हम नयाँ स्वर्ग आ नयाँ पृथ्वी देखली, काहेकी पहिलका स्वर्ग आ पहिलका पृथ्वी बितगेल रहे । समुद्र त अब हएले नरहे । सिंहासनसे यी जोरके अवाज हम सुनली, “देख, परमेश्वरके वास आदमीसबसँगे भेल बा । उ उसबसँगे वास करी, आ उसब उनकर प्रजा होई, आ परमेश्वर अपने उसबके परमेश्वर होके उसबसँगे रही । उ उसबके आँखके आँशु पूर्ण रुपसे पुछ्देई, आ फिर मृत्यु ना होई, आ शोक आ पीडा भि ना होई । काहेसे पहिलेके बातसब बितगेल बा । " सिंहासनमे विराजमान होएबाला हमरा कहलक, “देख हम सब चिज नयाँ करदेहम।" आ कहलक, “यी लिख, यी बातसब भरपरेबाला आ सत्य बा ।” उ हमराके कहलक, “अब सिद्धगेल । हम अल्फा आ ओमेगा बारी । पियासल सबके जीवनके पानीके फुहरासे हम फिरीमे देहम। जे विजय प्राप्त करले उ यी अधिकार पाई, आ हम ओकर परमेश्वर होखेम, आ उ हमर बेटा होखी । लेकिन डरपोकसब, अविश्वासीसब, घिनलागेबाला सब, हत्यारासब, व्यभिचारीसब, जादूगरसब, मूर्तिपूजकसब आ झुटा बोलेबालासबके हिस्सा आगी आ गन्धक दन्केबाला कुण्डमे होई । यी दोसरका मृत्यु होई ।(प्रकाश २१:१)

तब उ हमरा (स्फटिक) जईसन चहकिला जीवनके पानीके नदी देखएलक । उ नदी परमेश्वरके आ थुमाके सिंहासनसे निकलके उ सहरके सडकके बीचसे बहइत रहे । उ नदीके किनारमे जीवनके वृक्ष रहे, जे हरेक महिना बाह्र किसिमके फलसब देईत रहे । अबसे उहा कहियो सराप ना होई । परमेश्वर आ थुमाके सिंहासन उहाँ होई आ उनकर दाससब उनकर आराधना करी । उसब उनकर मुहार देखी, आ उनकर नाम उसबके निधारमे होई । उहाँ फेरसे रात ना होई, उसबके बत्ती वा घामके उज्यालो ना चाहि, काहेसे परमप्रभु परमेश्वर उसबके उज्यालो रही, आ उसब सदासर्वदा राज्य करी । उ हमरा कहलक, “यी वचन भरपरेबाला आ सत्य बा । अब जल्दी होएबाला बातसब अपन दाससबके देखाएके लागि परमप्रभु, अगमवक्तासबके आत्माके परमेश्वर अपन स्वर्गदूत पठएलक ।” देख हम जल्दीए आईत बारी । हरेक आदमीके ओकर कएल अनुसार देबेबाला प्रतिफल हमरासँगे बा । हम अल्फा आ ओमेगा, पहिलका आ पछिल्का आदि आ अन्त्य बारी । जीवनके वृक्षके हम पाएके लागि आ सहरके ढोकासबसे भितर पइसे पाउँ कहके अपन वस्त्र धोएबालासब धन्यके बा । बाहर असत्य मन पराएबालासब आ उहे अनुसार चलेबालासब रही । “हम येशू अपन दूतसबके तोहनीसब कहाँ मण्डलीसबके लागि यी गवाही देबेके लागि पठएले बारी । दाऊदके मूल आ सन्तान, आ बिहानके चहकेबाला तारा हम हि बारी ।” पवित्र आत्मा आ दुलही कहले, “आउ ।” जेक सुनी उ कहो, “आउ ।” जे तिर्खाई उ आओ, जे इच्छा करले उ जीवनके पानी फिरिम लेओ । यी पुस्तकके अगमवाणीके वचन सुनेबाला हरेक आदमीके हम चेताउनी देईतबारी : यदि केहू उमे थपी त यी पुस्तकमे लिखल विपत्तिसब परमेश्वर उमे थमि । आ

केहू यी अगमवाणीके पुस्तकक वचनसे कुछो घटाई त, यी पुस्तकमे लिखल जीवनके वृक्ष आ पवित्र सहरसे उ अपन पाएबाला हिस्सा परमेश्वर ओकरासे छिनलेइ ।(प्रकाश २२:१-६)

1

अईसही लेखसबके संग्रह भेल परमेश्वरके पुस्तक समाप्त होखले, जे परमेश्वर, आदमी आ पाप आ मुक्तिके बारेमे सत्य प्रकट करले सृष्टिसे खीष्टतक आ खीष्टसे नयाँ सृष्टितक । प्रिय श्रोता, कठी अपने उ दिनके लागि तयार बारी, जब अपनेके प्रेम करेबाला आ अपनेके लागि अपनेके अर्पण करेबालाके सामु खडा होई ? कठी अपनेके नाम थुमाके जीवनके पुस्तकमे लिखल बा ? धर्मशास्त्र कहले : यदि तु येशू प्रभु बा कहके अपन मुहसे स्वीकार कर ब, आ परमेश्वर येशूके मृतकसे जीवित कएलक कहके अपन हृदयमे विश्वास करब त तोहर उद्धार होई (रोमी १०:९) । परमेश्वर अपनेके क्षमा करो आ अपनेके धर्मी घोषणा करी कहके क्रूसमे प्रभु येशू खीष्ट अपनपेके लागि पापके दण्ड भोगलक कहके कथी

अपने अपन हृदयमे विश्वास करईसी ? उ अपनेके लागि मृत्यु आ नरकके जित्लक कहके कठी अपने विश्वास करईसी ? कठी अपनेके मुक्तिके आशा उनकरामे मात्र बा ? यदि बा त मात्र प्रभुके वचन अपनेके उ बचाई कहके बताबले !

प्रभु येशू ख्रीष्टसँगे अपनेके सम्बन्ध कइसन बा ? कठी उ अपनेके मुक्तिदाता बा ? वा उ कठी अपनेके न्यायकर्ता होई ? धर्मशास्त्र कहले : लेकिन प्रियसब, यी एगो बात नभुला ब, कि प्रभुके लागि एक दिन हजार वर्ष आ हजार वर्ष एकदिन जईसन होखले । अपन प्रतिज्ञाके बारेमे प्रभु देर करले कहके केकरो कहावत बा, फिर भि उ देर ना करले, लेकिन केहू भि नष्ट न होखो, लेकिन सब जन पश्चाताप करो कहके इच्छा करके प्रभु अपनेसब प्रति धैर्यवान होखले । लेकिन प्रभु के दिन त चोर जईसन झट्टे आई, जेमे आकाश बरका आवाजके साथ वित्जाइ, तत्वसब आगीके रापसे पगिल्जाई, आ पृथ्वी आ उमे रहल सब चिज भष्म होई । (२ पत्रुस ३:८-१०)

सुन, ग्रहनयोग्य समय अभि बा, मुक्तिके दिन अभि बा (२कोरिन्थी ६:२)

प्रिय मित्रसब, एतना ध्यान देके सुनली अपनेसबके बहुत धन्यबाद बा। परमेश्वरसँगे हमनीके प्रार्थना यी बा की अपने यी धार्मिकताके रास्ता कार्यक्रमसब सुनल बात अपनेके जीवनमे आशिष होखो । अपने आ अपनेके परिवार समुदायके परमेश्वरके मुक्तिके उपहारके स्पष्ट बुझाईमे सन्तुष्ट करु जौन उ अपनाके भरेसा करेबाला सबके लागि स्वतन्त्र रुपमे देबले । यदि अपने हमनीके आज पढल सुसमाचारके सम्पूर्ण पुस्तक के एक प्रति प्राप्त करेके चाहईत बारी त कृप्या हमनीके लिखू । पवित्र धर्मशास्त्रमे पाएबाला येशूके अन्तिम प्रतिज्ञामे अपने दैनिक रुपमे विचार करईत परमेश्वर अपनेके आशिष देले होखे : “ह, हम जल्दीए आईतबारी ।” (प्रकाश २२:२०)

धार्मिकताके रास्ता

सारांश

“हे सब थाकल आ बोझसे दबल सब, हमरा कहाँ आब, आ हम तोहनीसबके विश्राम देहम।” येशू (११:२८) “तब हमनीके एतना महान मुक्तिके वास्ता न राखम त हमनीके कईसे बचेसकम ? " (हिब्रू २:३)

कार्यक्रम ८९

असल खबर

यी कार्यक्रमके पहिलका खाका बोलोफमे मालिक फलसे लिखल रहे, युनु एनजुब ११२ के रेहियो अवाजमे सुसमाचारके पुस्तक के हमनीके सुनाईमे प्रभु येशू ख्रीष्ट बौरी उठलाके बाद उ अपन चेलासबके देहल यी महान आज्ञाके हमनीके सुनले बारी । " (मर्कुस १६:१५)

येशू स्वर्ग गेलाके बाद, पाल नाम भेल एगो आदमी जेकरा कुर धार्मिक उत्कटतासे खीष्टके भक्ति अनुयायी बनेके लागि परिवर्तन कएले रहे : हम पावल, येशू खीष्टके दास, प्रेरित होएके लागि बोलाएल, आ परमेश्वरके उ सुसमाचारके लागि अलग कएल बारी, जौन सुसमाचार उ अगारीएसे अपन अगमवक्तासे पवित्र धर्मशास्त्रमे प्रतिज्ञा कएले रहे । काहेकी सुसमाचारसे हम ना शर्माइले । काहेकी विश्वास करेबाला प्रत्येकके लागि यी परमेश्वरके शक्ति बा, काहेसे सुसमाचारमे परमेश्वरसे आएबाला धार्मिकता प्रकट भेल बा, उ धार्मिकता जौन समपूर्ण रुपसे विश्वाससे आबले । यी लिखल बा, "धर्मी विश्वाससे हि जिइ । " (रोमी १:१-२)

सुसमाचार, सुसमाचार ! सुसमाचार ! सुसमाचार ! यी सुसमाचार कठी ह, जौन परमेश्वरके वचन हमनीके बारम्बार बताबले ? आज, परमेश्वरके सहायतामे, हमनीके पवित्र धर्मशास्त्रमे घोषणा कएल यी सुसमाचारके बारेमे बात करेके चाहईत बारी । लेकिन हमनीके यी सुसमाचारके बारेमे बात करेसे अगारी खराब समाचारके भि सम्झेके परी ।

खराब समाचार कठी बा त ? सुरुमे, परमेश्वर स्वर्ग आ पृथ्वी सृष्टि कएलाके बाद उ आदम आ हव्वाके भि बतएलक, आ उसबके पृथ्वीके स्वर्गमै बगैंचामे राख्लक कहके हमनी के यादवा परमेश्वर उसबके सृष्टि कएलक, ताकि उसब उनकरा चिन्हो, उनकरा प्रेम करेसको, उनकर आज्ञा पालन करो आ उनकरा सदासर्वदा महिमा करो। एकरा बाद उसबके जाँचेके लागि परमेश्वर आदमके कहकलक, “बचैचाके सब गाँसीके फल तु शंका न मानके खाए सक्ब, लेकिन असल आ खराबके ज्ञान देबेबाला गाँसीके फल न खईह, काहेसे जौन दिन तु उ खएब, तु निश्चय मरजएब । ” (उत्पत्ति २:१६-१७)

अब खराब समाचार कठी बा कि आदम आ हव्वा सापके बात सुनलक, अर्थात शैतानके बात सुनलक, जे उसबके निषेध कएल गाँसीके फल खाएके लागि परिक्षामे पारले रहे । आदम आ हव्वाके पापसे संसारमे समस्या आ मृत्यु लेअएलक, उसबके आ उसबके सब सन्ताके उ दुषित करदेल । जईसे हमनीके प्राय सुनईसी, विपत्ति जेकरासे उत्पन्न होखले उमे मात्र सिमित ना होखले । परमेश्वरके वचन हमनीके खराब समाचार बताबले जब यी कहले: “आदमीके लागि एकबेर मरला निश्चित बा, आ एकरा बाद इन्साफ । प्रभु आईत बा सबके इन्साफ करे, सब आदमीसबके दण्ड देबे, जे अधार्मिक रीतिसे भक्तिहीन कामसब कएले बा, आ उ भक्तिहिन आदमीसबके दण्ड देबे जे उनकर विरुद्धमे कठोर बात बोलले बा । " (हिब्रू ९:२७)

खराब समाचार कठी बा, हमनीके सब पापीसब परमेश्वरके न्यायके सामना करईत बारी। सुसमाचार उहाँ अनन्दमै बगैंचामे शूरु भेल रहे, जहाँ कृपासे भरिपूर्ण होके परमेश्वरके घोषणा कएले रहे कि उ एक दिन संसारमे पापरहित एक जना आदमीके पठाई, आ उ आदमी कुमारी कन्यासे जनम लेलक । यी पवित्र आदमी, यी धार्मिक मुक्तिदाता आदम आ उनकर सब पापसबके ऋण तिरदेबेके लागि बलिदानके रुपमे अपने आपके अर्पण करी । हमनीके अपन पापके

लागि योग्यके दण्ड यी पापरहित उद्धारकर्ता परी । उहे सुसमाचार बा, जौन परमेश्वर आदम आ हव्वा पाप कएल दिन घोषणा कएले रहे ।

यी उद्धारकर्ताके आगमनके घोषणा करे परमेश्वर बहुत आदमीसबके प्रयोग कएलक, जेकरा ख्रीष्ट भि कहले । परमेश्वरके हरेक अगमवक्ता खीष्टके बारेमे कुछ न कुछो घोषना कएलक, ताकि उ आई त, सब परमेश्वरके नियुक्त कएल आदमी उहे बा कहके चिन्हे सको । उदाहरणके लागि, ख्रीष्टसे पहलेके यशैया अगमवक्ता लगभग ७०० वर्षतक, ख्रीष्टके जनम कईसे होई, कहके भविश्यवाणी कएलक : कन्या गर्भधारण करी, आ उ एगो पुत्रके जनम देई, आ उनकर नाम इम्मानुएल राखाई, जेकर अर्थ बा, "परमेश्वर हमनीसँगे ।" (मत्ती १:२३, यशैया ७:१४) दोसर अगमवक्ता मीका ख्रीष्ट स्वर्गसे आएबाला आ बेथलेहेमके गाउँमे जनम लेई कहके भविश्यवाणी कएलक । ठीक उहे ठाउँमे ख्रीष्टके जनम भेल रहे । यद्यपी, मीका ख्रीष्टके जनम होएसे सायौँ वर्ष अगारी यी भविश्यवाणी कएले रहे ।

यी उद्धारकर्ता पापीसबके लागि कष्ट भोगी आ ओकरा मारी कहके भि उसब भविश्यवाणी कएलक । उदाहरणकै लागि अगमवक्ता दाऊद आदमीसब ख्रीष्टके घृणा करी, यातना देई, उनकर हात आ गोर छेडी आ उनकरा मारी कहके भविश्यवाणी कएले रहे । आ दाऊद खीष्टके मृत्युके घोषणा मात्र ना कएलक, परमेश्वर खीष्टके मरलसबसे बौरी उठाई कहके भि भविश्यवाणी कएलक, अईसही परमेश्वर आदमके सन्तानसबके पापके दण्ड जौन मृत्यु आ परमेश्वरसे अनन्तके लागि अलग भेला बा, उसे बचाबेके लागि पठाएल एक मात्र मुक्तिदाता बा कहके प्रमाणित भि कएलक ।

ख्रीष्टके जनमके बारेमे कम तर्कसब बा, लेकिन बहुत जने उनकर मृत्यु आ पुनरुत्थानमे ठेस खएले बा । कईसे परमेश्वर अपन पठाएल ख्रीष्टके आदमीसब अपमानित कएल अवस्थामे छोरे सकईत कहके उसब ना बुझले । बहुत आदमीसब बुझे नसकेबाला बात कठी बा कि, हमनीके प्रेम करेबाला परमेश्वर बा, जे ख्रीष्ट हमनीके पापसबके लागि उ दुःख भोगेके परी कहके उद्देश्य राख्ले रहे । फिरभि अगमवक्तासब यी कहईत घोषणा कएलक, फिरभि ओकरा चकनाचूर आ कष्टमे पारेके परमप्रभुके इच्छा रहे(पापके ऋण तिरे बलिदानके रुपमे । (यशैया ५३:१०)

कठी हमनीके अगमवक्तामे विश्वास करईसी ? हमनीके उसबके विश्वास करईसी कहके हमनीके कहईसी । लेकिन यदि साँच्चो हमनीके अगमवक्तासबके विश्वास करईसी त हमनकि उनकर लिखल बातके भि विश्वास करेके परी । हमनीके बुझेके परी कि उ अगमवक्तासब अपने विचारसब घोषना ना कएले रहे । उसबके कहेबाला बातसब उसबके आत्मामे राखेबाला परमेश्वरे रहे । यीहेकारण यदि हमनीके अगमवक्तासबके सन्देशके विश्वास करसे अस्वीकार करम त, हमनीके वास्तवमे केकरा अस्वीकार करईसी ? ह, हमनीके परमेश्वरके अस्वीकार करईत बारी ? काहेसे परमेश्वर संसारके प्रेम करले आ उ क्रूसमे ख्रीष्टके मृत्युके योजना बनाएल पापमे केहू भि नष्ट होखो कहके ना चाहले । एक धर्मी आदमी अधर्मीसबके लागि उसबके परमेश्वरके न्यायसे बचाबेके लागि मरला आवश्यक रहे । पहिलेके समयमे भेडा आ बाखाके बलि चढाएबाला बातके प्रतिकात्मक रुपमे बलि लेबले । परमेश्वरके शक्तिसे कन्यासे जनम भेल येशू ख्रीष्ट हि परमेश्वरके अन्तिम बलिदान बा । कहले, यदि केहू अपनेके अगारी खरा बा त, तस्विर खिच्ला आवश्यक न बा(कौनो आदमी कईसन बा कहके जानेके लागि) । अइसही अभि हमनीसँगे पापके लागि सिद्ध आ स्थायी बलिदान होलाके कारण, असिद्ध, प्रतीकात्मक बलिदानसब चढाईत अपनाके थकाई रहेके आवश्यक न बा । प्रभु येशू मरेसे ठीक अगारी क्रुसमे कठी घोषणा कएलक, कहके कठी अपने याद करे सकम ? येशू कहलक, "अब, पूरा होगेल ।" (यूहन्ना १९:३०), अपन खूनसे, उ हमनीके पापके ऋण एकेबेरमे सबदिनके लागि तिरदेल । हमनीके करेके

बाँकी रहल बात विश्वास कएला मात्र बा । जईसे हमनीके सुनली: “विश्वास करेबाला सबके लागि मुक्तिके लागि यी परमेश्वरके शक्ति बा ।” (रोमी १:१६) । दुःखके बात, येशूके मृत्यु आ पुनरुत्थानके बारेमे यी सम्पूर्ण एगो कथा मात्र बा कहके बहुते जने उनकरामे विश्वास करेसे अस्वीकार करले । यद्यपी, जब हमनीके सुसमाचारके अध्ययन करईसी, हमनीके पत्ता लगाईसी कि अगमवक्तासब ख्रीष्टके बारेमे भविश्यवाणी कएल सब बात येशू ख्रीष्टसे पूरा भेल रहे । सब बात, उनकर जनम, उनकर जीवन, उनकर मृत्यु, उनकर पुनरुत्थान आ उन्कर स्वर्गरोहणके बारेमे सब बात ।

अइसही, सुसमाचार घोषणा करले कि धर्मशास्त्र अनुसार अगमवक्ताके कहल अनुसार ख्रीष्ट हमनीके पापके लागि मरलक, उ गारलगेल, आ पवित्र धर्मशास्त्र अनुसार तिसरका दिनमे पुनर्जीवित होलक । सब बात अगमवक्तासबके भविश्यवाणी कएल जईसन भेलक । येशूके घृणा करेबाला सब येशूके गिल्ला कएलक, यातना देलक आ मारलक, आ उनकरां प्रेम करेबालासब येशूके गाडदेल । लेकिन मृत्यु येशूके चिहानमे राखे ना सकल । हमनीके सुनली कि उनकरा कुसमे टाँगलाके तिसर दिन कुछ स्त्रीसब बिहाने उठलक आ येशूके गारल चिहानमे गेलक आ उ खुला आ खाली रहे कहके थाहा पएलक । येशू मरलाके बाद फिर जीवित होलक, उ चालीस दिनके अवधिमे उनकर चेलासबकहाँ अपने आपके प्रकट कएलक । उनकर पुनरुत्थानके बाद पाँचसयसे बेसी आदमीसब येशूके देखलक । यी सत्य रहे । ख्रीष्ट आदमीके महा शत्रु मृत्युके जित्ले रहे । येशूके पुनरुत्थान प्रमाणित करदेल कि परमेश्वर आदमके सन्ताके पापसब पूर्ण भुक्तानीके रुपमे येशूके बलिदानके स्वीकार कएले बा, ताकि उनकरामे विश्वास करेबाला सब उनकर अनन्त जीवनमे भाग लेबे सको ।

सुसमाचार उहे बा । येशू ख्रीष्ट अपनेके पापसब मिटाबेके लागि मरलक, आ उ अपने आ हमरा अनन्त जीवन देबेके लागि तिसरका दिनमे चिहानसे बाहर अएलक । यी सुसमाचारके उद्देश्य विश्वास करेबाला सबके बचएला बा । एहीसे अपने आपके जवाफ देबेबाला प्रश्न कठी बा कि, कठी हम विश्वास करईसी ? धर्मशास्त्र कहले, मुक्तिके दिन अखनी बा (२कोरिन्थी ६:२) अपन हृदय कठोर नपारु । विश्वास करु ।

मुक्ति हमनीके कएल कामसबके परिणाम ना बा, काहेकी पर्याप्त रुपमे काम करके केहू मुक्ति कमाए ना सकी । परमेश्वर अपनेके उनकर महान मुक्ति कहियो ना बेची लेकिन उ अपनेके फिरीमे देई । असल काम प्रार्थना आ उपवाससे अपनेके भित्तरसे अच्छा अनुभूति देबे सकी, लेकिन उसब परमेश्वरके धार्मिकताके लागि एगो मात्र रास्ता बा । येशू ख्रीष्ट हि मुक्तिदाता बा, जेकरा परमेश्वर अपनेके पापसब हटाबेके लागि क्रूसमे मरेके लागि पठएलक आ अपनेके अनन्त जीवन देबेके लागि परमेश्वर उनकरा मृत्युसे बौरी उठलक कहके अपने पहिले विश्वास करेके परी । यदि अपने यी सुसमाचारमे विश्वास करम त अपने मरलाके बाद अपनेके स्वर्गमय बगैंचामे लेजाई कहके अपने पक्का होए सकम, काहेसे यदि हमनीके प्रभु येशू ख्रीष्टके नाममे विश्वास करम त हमनीके अनन्त जीवन बा कहके परमेश्वर हमनीके उनकर वचनमे प्रतिज्ञा कएले बा । (यूहन्ना ५:९-१३) ।

,

येशू ख्रीष्टमे हम कईसे विश्वासी भेली कहके अपनेके बताबेके लागि हम यहाँ एकछिन रोकेके चाहम । एक जवान आदमीके रुपमे हम दिनमे पाँच बेर प्रार्थना करे आ वार्षिक उपवास पालना करे बफादार रहली, लेकिन हम मरलाके बाद कहाँ जाएम, कहके हमरा थाह ना रहे । हम चारुओर पुछली, लेकिन स्पष्ट जवाफ ना पइली । लेकिन जब हम सुसमाचार के सुनली, तब हम जनली कि हम मरलाके बाद कहाँ जाएम कहके जानेसकम, काहेसे येशू ख्रीष्ट स्वयम

सुसमाचारमे कहले बा, “साँच्चो, हम तोहनीसबके कहईत बारी, जे हमर वचन सुनी आ हमरा पठाएबाला उपर विश्वास करी, ओकरामे अनन्त जीवन बा । उ न्यायमे न आई, लेकिन मृत्युसे उ जीवनमे प्रवेश करी" (यूहन्ना ५:२४) । येशू कहले बा,“ पुनरुत्थान आ जीवन हमही बारी । हमरा विश्वास करेबाला मरजाई फिरभि जीवित होई । ” (यूहन्ना ११:२५)

अईसही, हम अपनाके बचाबेके लागि अपने प्रयाससबसे पश्चाताप कईली आ ख्रीष्टमे विश्वास कईली जेकर बारेमे अगमवक्तासब यी कहईत भविश्यवाणी कएले रहे : सब अगमवक्रासब उनकर गवाही देले बा कि उनकराउपर विश्वास करेबाला हरेक उनकर नामसे पाप क्षमा पाबले । (प्रेरित १०:४३) । हम सब आशा लेके प्रभु येशू ख्रीष्टमे झुण्डयादेल । आ उ समयसे आजतक परमेश्वर हमर आत्मामे शान्ति लेअएले बा ।

हमरासँगे अब विचलित अन्तस्करण न बा । क्रूसमे येशूके कएल कामके कारण हमर भविश्य अचम्म रीतिसे इन्जोत भेल बा, ख्रीष्टके चेलाके रुपमे हमर जीवनमे, कभिकाल हम समस्या आ पीडाके सामना करम, काहेसे हमर विश्वास हमर अफन्त आ साथीसबके विचारसे फरक बा लेकिन हमरा शान्ति बा । परमेश्वरके शान्ति हमर हृदय आ हमर मनके भरदेई । आ यी हमरा देबेबाला येशू कहले : यदि संसार तोहनीसबके घृणा करले त, तोहनीसब जान, कि तोहनीसबके घृणा करेसे पहिले उ हमरा घृणा कएले बा । शान्ति हम तोहनीसबमे छोरदेहम । हम अपन शान्ति तोहनीसबके देहम । संसारके देल जईसन हम तोहनीके ना देहम । तोहनीसबके हृदय व्याकुल न होखो आ भयभीत नहोखो । (यूहन्ना १५:१८) । आ प्रिय श्रोतासब, प्रभु हमरा लागि आ हमरामे कठी कएले बा, उहे बात उ अपनेसब प्रत्येकके लागि भि करे सकी। अपने उनकरा अपन हृदयसे विश्वास करम कि ना करम कहके उ अपनेसँगे एगो बात पुछले । बाँकी काम उ करी । काहेकी प्रभु येशू अपने कहले बा, “ह

अब हमनी पापी संसारमे प्रवेश कैल दिनमे कथि होएल रहे कहके बातके समिक्षा करु । आदम आ हव्वा असल आ खराबके ज्ञान देवे बाला गाछिके फल खाएलाके बाद कथि कलै कथि अपने के याद बा ? ओकनी सब अपन शरम ढाकेके लागि अन्जीरके पातसब गाँसके अपन कम्मरमे बाध्लै (काहेकि ओकनी सब पाप करेसे आगा ओकनी सब लडटे रलै आ उ समय ओकनी सब एक दोसरामे न लजाईत रलै) । ओकनी सब अपना लागि बनाएल कपडा कथि परमेश्वर स्वीकार कलै ? अँ हँ नकलै । परमेश्वर ओकनी सबके बनावल कपडाके काहे स्वीकार नकलै ? ओकनी सब परमेश्वरके सामनेअपन लाज तोपेके लागि कैल तोपेके लागि करे सकेबाला कौनो भि बात नरहे कहके परमेश्वर ओकनी के सिकावे के चाहैत रलै । जैसे भि परमेश्वर आदम आ हव्वाके लागि किछो करदेलै । कैसे परमेश्वर कौनो सिद्ध, निर्दोष जनावरसबके छानलै, आकनी सबके मुअलै, ओकनी सबके छाला बनलै आ आदम आ आदमे पत्नी हव्वाके लागि कपडा बनादेलै कहके हमनी सुनलि । ऐसे परमेश्वर आकनीके पापके ज्याला मृत्यू बा कहके सिखलै । परमेश्वर जनावर सबके बलिदान मात्र नदेलै, लेकिन परमेश्वर उद्धारकर्ताके पृथ्वीके पेठाबाला समय तक पाप तोपेके लागि बलिदानके रुपमे आदम आ ओकर सन्तान सबके निर्दोष जनावर मुआएला भि आज्ञा देलै ।

ऐसे परमेश्वर ओकनी सबके पापसे मुक्ति प्राप्त करे लागि एकेगो रास्ता देखादेलैः निकलङक बलिदानके रास्ता ।

पापीसब निर्दोष जनावरके छानेके परि आ पापके तोपेला बलिदानके रुपमे मानेके परि कहके परमेश्वरके निर्णय कैल धार्मिकताके रास्ता आवश्यक रलै । यी बलिदान सबसे आदमके सन्तान सबके पापके रिण तिरेके लागि आवेबाला क्रुसमे अपन खन बहाए बाला पवित्र उद्धारकर्ताके चित्रण करले । ओइसन पाप बलिसबद्वारा परमेश्वर पापी सबके सामने येशू मसीहके छाया राखदेलै, जौन पाप हटाएके लागि सिद्ध बलिदानक रुपमे मरे बाला रलै । ऐसहि परमेश्वर धर्मी बा कहके देखैलक, ताकि परमेश्वर अपने येशमे विश्वास करेबाला सबके धर्मी ठहराए सके । (रोमी ३ः२६)

आदमके पाप आ उद्धारकर्ता पेठाए बाला परमेश्वरके प्रतिज्ञाके कथाके बादके अध्यायमे, हमनी आदमके पहिला दुगो सन्तान, कयिन आ हाबिलके बारेमे पढम । हाबिल परमेश्वरके निर्दोष थुमा चढलै आ परमेश्वरके आज्ञा कैल बमोजिम पाप तोपे बाला बलिदानके रुपमे थुमाके मुएलै कहके थाह पैलि कयिन अपन प्रयाससे परमेश्वरके नजिक पुगेला प्रयास कैलक । अपन खेति कैल फलफूल आ तरकारि सब परमेश्वरलङ उ लेके आएल । लेकिन ओकरामे खुन नरहे । यीमे मृत्यू भूक्तिानी नहोए रहे । ओहि कारण परमप्रभु हाबिल आ ओकर भेटिके आदर कलैक, लेकिन परमेश्वर कयिन आ ओकर भेटिके आदर नकैलक । (उत्पत्ति ४ः४-५) परमेश्वर काहे कयिनके बलिदानके ग्रहण नकलै ? हमनी देखलि परमेश्वरके र्धार्मिकताके मार्गसे खुन बहाएके बाहेक (पापके रिणके क्षमा नबा) कहके निर्णय कलै । (हिब्रू ९ः२२)

कयिन परमेश्वरके चाहल बलिदानके मार्गके बेवास्ता कलै । कयिन परमेश्वरके विश्वास करेके बहाना कैलक, लेकिन ओकर कामसब यी बातके इन्कार कदेल, काहेकि उ अपना पाप सबके लागि खुनके बलिदान नचढएलक । ओहि कारण परमेश्वर कयिन आ ओकर बलिदानके अस्वीकार कैलक । लेकिन परमेश्वर हाबिलके बलिदान स्वीकार कैलक, ओकर सब पापसब क्षमा कैलक काहेकि हाबिल परमेश्वरके वचनमे विश्वास कैलक आ उनकाराके थुमाके खुन चढएलक । हाबिलके ठाउँमे थुमाके मृत्यू होगेल । पापके रिण तिरेके लागि अपन खुन बहाए बाला येशूमे विश्वास कैलाके कारण परमेश्वरसे धर्मी घोषणा कैलसबके हाबिल चित्रण करैत बा । परमेश्वर स्वगसे पेठावल उद्धारकर्ताके बलिदानके स्वीकार करेला अस्वीकार करैत अपन प्रयासद्वारा परमेश्वरके सामने धर्मी बने बनेला खोजेबाला सबके कयिन चित्रण करैत बा । आजुतक, ओलङ केवल दुगो तरिकासब बाः हाबिलके रस्ता आ कयिनके रस्ता । अपने कौन रास्तामे चल रहल बाडि ?

कथि अपने हाबिलके रास्ताके स्वीकार कैले बाडि ? अर्थात धार्मीकताके रास्तामे पिछा करैत बाडि, जौन पवित्र मसिहके बलिदानमे आधारित बा जेकराके परमेश्वर स्वगसे यी पृथ्वीमे पेठलै ? कि अपने आउर भि कयिनके अधर्मी रास्तामे चलैत बा जौन आदमि सबके कामसब आ धर्मके आवश्यकतासबमे आधारित बा ?

परमेश्वर धर्मी बा आ परमेश्वर पापके सहे नसकलै कहके हमनीके जानु परमेश्वर चाहैत है । परमेश्वर आदम आ हव्वा, कयिन आ हाबिल आ ओकनी सबके सनतान सबके ऐसे कहे नसकलैः हमरा मालुम बा तु पाप कैले बाडे, लेकिन ठिके बा, यी कौनो बडक बात नबा , हम तोहनीके कैल पापसबके भुलजाएम । कथि परमेश्वर ऐसे पापसब क्षमा करे सकि ? पक्का सकि । यदि परमेश्वर औसन कलै त , पापी सब उनकर पवित्रताके कैसे चिन्हे सक्तियै त ? परमेश्वर धर्मी न्यायकर्ता बा जौन पापके दण्ड दिएके परि । पापके दण्ड मृत्यू बा । ओहिकारण पवित्र उद्धारकर्ता हमनीके पापके लागि मरेके परलै । जब येशू क्रूसमे मरलै, तब उ अपने आ हमरा पापके दण्ड तिर देलै । परमेश्वरके बनावल योजना आ धार्मिकताके रास्ताके बारेमे सुसमाचारमे कथि लिखाएल बा सुनु । धर्मशास्त्र कहलेः

काहेकि सब कोई पाप कलै बा आ परमेश्वरके महिमा तक पुगेसे चुकल है । परमेश्वरके अनुग्रहके वरदानसे ख्रीष्ट येशूमे होखल उद्धारसे तोहनीसब फिरिमे धर्मी ठहरएले बा । परमेश्वर ख्रीष्टके उनकर खुनद्वारा प्रायश्चितके बलिदान स्वरुप प्रस्तुत कलै, जौन प्रायश्चित विश्वासद्वारा ग्रहण करेके परि । यी काम परमेश्वर अपन धार्मिकता देखावेके लागि कलै, काहेकि उनकर ईश्रीय धैर्यमे अगाडिके पापसबके परमेश्वर वास्ता कैले नरहे ।परमेश्वर अपने धर्मी बा आ येशूमे विश्वास राखेबाला सबके परमेश्वर धर्मी ठहराई कहके प्रमाणित करेला परमेश्वर वर्तमान समयमे यी कलै । (रोमी ३ः२३-२६)

सुनेके लागि अपनेके धन्यवाद बा । दोसर पटक, परमेश्वरके इच्छामे, हमनी अगमवक्तासबके सन्देशके समिक्षा करेला निरन्तरता देहम आ कैसे परमेश्वर संसारमे मुक्तिदाताके पेठाए बाला अपन योजनाके हिस्सा बा अब्राहमके बोलएले रलै कहके सम्झम ।

अपनेके जीवनके परिर्वतन करे सके बाला उनकर वचनके यी कथनमे अपने मनन करैत समय परमेश्वर अपने सबके आशिष देवेःकाहेकि पापके ज्याला मृत्यू बा, लेकिन परमेश्वरके फिरिके वरदानमे ख्रीष्ट येशू हमनी प्रभुमे अनन्त जीवन बा । (रोमी ६ः२

कार्यक्रम ९४

समीक्षा २ अब्राहम

विश्वासद्वारा धर्मी बनाएल

उत्पत्ति ६-२२

आजु हमनी परमेश्वरके अगमवक्तासबके सन्देशके समिक्षाके निरन्तरता देई छि । यी सन्देश सत्य कथा बा । पापमे भुलाएल आदमके सन्तान

सबके खोजेला आ बचाएला परमप्रभु परमेश्वर कथि कैलक कहके यी अभिलेख बा ।

छोटकरीमे कहम त, यी परमेश्वरके अगमवक्तासबके सन्देश कैसे अधर्मी आदमिसब परमेश्वरके सामु धर्मी बनाए सकि कहके यी सुसमाचार बा । हमनी आजुके समिक्षा पाठके शिर्षक बाः विश्वासद्वारा धर्मी बनाएल ।

सब कथा जैसन, परमेश्वरके पुस्तकमे समावेश होखल कथाके भि शुरुवातके समिक्षा कैलि आ पहिला व्यक्ति, आदम कैसे परमेश्वरके शत्रु

शैतानके पछयाएला रोजले रहे कहके देखलि । आदमके एगो पापके कारण सब सन्तानसब पापमे जनम लेले बा आ आकनीसब परमेश्वरसे विराना होएल रलै । कौनो कौनो सब ऐसे कहैत यी बातके अस्वीकार करेला प्रयास करैथैः आदमके पाप ओकर अपने समस्या बा ।

यी हमनीके असर नकरि । लेकिन ऐसे कहि ओकनीसब अगमवक्तासबके धर्मशास्त्रके बेवस्ता करि, जौन ऐसन कहके घोषणा करि, ओहिकारण जैसे एकजना आदमिद्वारा संसारमे पापआएल, आ पापद्वारा मृत्यू सब आदमिसबमे सरगेल, काहेकि सब पाप कैले बा, (रोमी ५ः१२) ।

हितोपदेश कहलेः महामारिके असर ओकराके संक्रमित कराए बाला मात्र सिमित नहोई । लेकिन यी हमनी सबमे एक संक्रमक रोग जैसन फैलगेल । सब आदमिसब पापी स्वभाव लेके जन्मेके कारणआदमके मौलिक पाप हि बा । मुस जथि खनले उहे पाई । औसहि हमनी सब हमनीके पुर्खा आदमके स्वभाव हमनीके सदाके लागि दोषि ठहराएला निश्चित बा–जबतक परमप्रभुपरमेश्वर हमनीके लागी कौनो उपाए प्रदान नकैलक । परमप्रभु परमेश्वर हमनीके लागी एगो उपचार प्रदान

कैले बा कहके यीहे सुसमाचार बा । हमनी तोराहमे पढल अनुसार, जौन दिन आदम आ हव्वा पाप कैलि, परमेश्वर अपन कृपामे एगो प्रतज्ञा कलै । परमेश्वर पृथ्वीमे कन्यासे जन्मेबाला एगो धर्मी उद्धारकर्ता पठाएला प्रतिज्ञा कलै । यीहे उद्धारकर्ता आदमके सन्तान के पापसबके पापीसबके लागि बडका रिण तिरेके निम्ति बलिदानके रुपमे अपन खुन बहाएबाला रलै ।सुसमाचारके पुस्तकके हमनी अध्ययनमे, जब परमेश्वरके तोकल समय आएल, तब उनकर प्रतिज्ञा कैल व्यक्तिके पेठलै कहके हमनी देखलि । परमेश्वर प्रतिज्ञा कैल आ पेठावल

यी मुक्तिदाता कौन बा ? उ पुर्ण रुपमे धर्मी आदमी आ पाप नकरेबाला ख्रीष्ट बा । परमेश्वरके वचन पाप करेबाला आदम आ पाप नकरेबाला ख्रीष्ट बिचके भिन्नताके कैसे देखाई कहके सुनु । धर्मशास्त्र कहलेः

यदि एकेगो आदमिके अपराधके कारण उ आदमिद्वारा मृत्यू राज्य कैलक त आउर जादा प्रशस्त अनुग्रह आ धार्मिकताके फिरीके वरदान पाए बाला सब एकेगो आदमि येशू ख्रीष्टद्वारा जीवनमे प्रवेश करि । ऐसहि जैसे एकेगो आदमिके अपराधसे सब आदमिसब दण्डके भागिदार बनल, एकेगो आदमि येशू ख्रीष्टके धार्मिकताके कामसे सब आदमिके निम्ति धर्मी ठहराके अनन्तके जीवन ल्याई । काहेकि जैसे एकेगो आदमिके अनाज्ञाकारीतासे संसारमे सब आदमि पापी होगेल , ओइसहि एक जनाके आज्ञाकारीतासे पापी आदमिके धर्मी ठहरएले बा । (रोमी ५ः१७-१९)

आदममे होखल आ ख्रीष्टमे होएबाला सबके बारेमे धर्मशास्त्र यीहे कहले । हमनी सब आदमके प्रतिरुपमे जन्मल बाडि, लेकिन परमेश्वर आदमके सन्तानसबके ओकनीसबके हृदयमे नयाँ जन्म लेवेके लागि आलमके प्रतिरुपके हटावेला आ ख्रीष्टके प्रतिरुपमे लेवेके लागि प्रस्ताव करैत बाडि । यी कैसे होए सकि ? यी केवल विश्वासके आज्ञाकारितासे होए सकि (रोमी १ः५) धर्मशास्त्र कहले कि यदि अपने आपके गलत सोचाई आ कामसबसे पश्चतापकैलि आ प्रभु येशू ख्रष्टि अपनेके पापके लागि मोल तिरदेल कहके अपन हृदयमे विश्वास करम त, परमेश्वर अपनेके हृदयके शुद्ध पारके अपनेके अपनेके नवीकरण कके नयाँ जन्म दि । पवित्र आत्माके शक्ति । अपने ख्रीष्टमे नयाँ सृष्टि बनम अपने अब अपना लागि नबाचम, लेकिन परमेश्वरके लागि बाचम जौन हमनीके निम्ति मरलक आ फेर जीवीत होगेल ।

अब आउ हमनी परमेश्वरके उद्धारकर्ताके यी संसारमे पेठाएला अपन योजनाके कैसे अगाडि बढलै कहके सम्झम त हमनी समीक्षाके निरन्तरता देवेके लागि तोराहमे फर्कु ।

हमनी पहिले आदमके दुगो बेटा कयीन आ हाबिलके बारेमे देखलि । पापके ज्याला भुतानीके रुपमे अपन खुन बहाए आएल मुत्तिदाताके बारेमे परमेश्वरक प्रतिज्ञा कैल बातमे हाबिल विश्वास कलै, लेकिन कयिन विश्वास नकैलक । परमेश्वर कयिनसे लेखा देवेला बोललै ताकि कयिन पश्चताप करसके, लेकिन कयिन केवल खिसियाके मात्र आ अपन भाई हाबिलके मुअलै ।

ओकरा बाद हमनी देखलि कि आदमके अधिकांश सन्तानसबके कयिन पिछाकलै, पापेमे रमलै, ओहिसे जब हमनी नोआके समयमे आवै छि, धर्मशास्त्र कहलेः पृथ्वीमे आदमिके दुष्टता बहुत बढैत बा आ हमनीसब हृदयके विचारके जौनो भि भावना निरन्तर खराब मात्र होलासे परमप्रभु देखलै (उत्पत्ति ६ः५)

कैसे परमेश्वर आदमके सन्तानसबके जलप्रलयद्वारा नाश करेला उदेश्य राखले रलै । उ भ्रष्ट आ कुटिल समयमे नोआ मात्र एक जना परमेश्वरके विश्वास करेबाला आ धार्मिकताके रास्तामे चलेबाला व्यक्ति रलै । फलस्वरुप परमेश्वर नोआके फुटबल ग्राउण्डमे डेढ गुणा लम्बाई जेतना बडका आ फैलि जहाज बनाएला आदेश देलै जौन उनकर परिवार आ प्रत्येक जनावरके एगो जोडिके लागि शरणस्थान होएबाला रलै । नोआ जहाज

निर्माण करेके समय पुरेशताब्दी तक परमेश्वर पापी सबके धैर्यता पूर्वक सहलै । लेकिन नोआ आ नोआके परिवार बाहेक कौनो भि पश्चताप नकलै आ परमेश्वरके वचनमे विश्वास नकलै । आ अन्त्यमे, परमेश्वर जौन अपन वचनमे विश्वासयोग्य बा, उनकर प्रतिज्ञा कैल सब बात पुरा कलै । शरणके लागि निर्माण कैल उ जहाज भितर प्रवेश करेला इन्कार करेबालासबके नाश कदेल । ओकरा बादमे नोआके सन्तानसब परमेश्वरके वचन धिरे धिरे भुल गेल काहेकि ओकनीसब भि आदमके सन्तान रहे आ पापी स्वभावके रहे कहके देखलि ओकरा बादमे हमनी बाबेलके धरहराके विषयमे देखलि आ कैसे आदमिसब संसारके आदमि सबके एगो ठाउँमे भेला करेला आ विरुद्धमे विद्रोेह करके एगो बाडका शहर आ एगो उच

धरहरा बनाएके खोजैत रहे एकर बारेमे देखलि यधपि परमेश्वर ओकनीसबके भाषा खलबल कदेल आ ओकनीसब पृथ्वीभर तितर बितर पारके न्याय कैलक ।

ओकराबाद हमनी अगमवक्ता अब्राहमके अदभुत कथामे अैलि । आदमके सन्तानसबके पापके प्रभुत्वसे छुटकारा देबेला परमेश्वरके योजनामे अब्राहमके महत्वपूर्ण भूमिका रलै । अब्राहमके पिता एक मूर्ति पुजक रलै, आ अब्राहम अपने आदमके सन्तानसब जैसन पापी रलै । यधपि हमनी देखलि कि परमेश्वर अपन अदभुत डिजाएनमे अब्राहमलङ देखा परलै आ ओकर अपन बुबाके घर छोडेला आअ पन देश छोडेला आदेश देलै ।

परमेश्वर अब्राहमके नयाँ राष्ट वा जाति बनाएला योजना कलै, जेकरा मारफत पवित्र उद्धारकर्ता संसारमे आबेबाला रलै । उ बात हमनी तोराहमे, उपत्ति १२ अध्याय मे बा , जब परमेश्वर अब्राहमके बोललै तब परमेश्वर ओकनिके कहलै ः

तोहर देश आ तोहर कुटुमब तथा तोहर पिताके घरसे निकलके जौन देश हम तोहरा देखाएम वलङ जो । हम तोहरासे एगो बडका जाति खडा करम आ ह मतोहरा आसिस देहम । ह मतोहर नाउ प्रसिद्ध कराएम आ तु आसिसके मल होएवे ।

तारा आसिस देवेबाला सबके आसिस देहम आ तोरा श्राप देवे बाला सबके श्राप देहम । तोहरासे हि पृथ्वीके सब कुलके आसिस पाई । (उत्पत्ति १२ः१-३)

परमेश्वर अब्राहमके दोसर देशमे जाएला काहे आज्ञा देलै ? परमेश्वर अब्राहमसे एगो नयाँ जाति आ नयाँ रष्ट बनावेके चाहैत रलै । उ नया जाति आ राष्टसे परमेश्वरके धर्मशास्त्रमे लिखल अगमवतासबके उठाएला योजना कलै । आ उहे राष्ट आ जाति मार्फत परमेश्वर मसिहके संसारमे ल्याएके चाहलै । ओहि कारण परमेश्वर अब्राहमके यी प्रतिज्ञा कलै तोहरा आसिस देवेबालाके आसिस देबौ आ श्राप देवे बाला सबके श्राप देबौ । (उत्पति १२ः१-३)

कथि परमेश्वर अब्राहमके कैल प्रतिज्ञा पुरा कलै ? हँ परमेश्वर पुरा कलै । जब अब्राहम एक सय वर्षके रलै आ ओकर पत्नी सारा ९० वर्षके रलै परमेश्वरके प्रतिज्ञा कैल बमोजिम इसाहक नाउके एगो बेटा देलै । इसाहकके यकुब नाउ कैल एगो बेटा रलै जेकर १२ जना बेटासब रलै जौन इजराएल नामके एगो जाति आ राष्ट खडा

कलै । पवित्र धर्मशास्त्रके ज्ञान होएबाला अपने सब मध्ये केतनोके मालुम होखि यीहे इजराएल जाति आ राष्ट मार्फत उद्धारकर्ता यी पृथ्वीमे आएल रलै, काहेकि येशूके माता मरियम आ संसारिक पिता येशूके संरक्षण करेके लागि परमेश्वरके देवल व्यक्ति योसेफ दुनो अब्राहम केसन्तान रलै । ओहि कारण सुसमाचारके पहिला पदमे लिखल बाः अब्राहमके पुत्र, दाऊदके पुत्र, येशु ख्रीष्टके वंशावाली (मति १ः१)

उनकर पृथ्वीमे रहल जीवनके बारेमेः येशु ख्रीष्ट अबाहम, इसाहक, याकुबक सन्तानसब मार्फत आएल रलै । लेकिन उनकर आत्मा आ प्राणके लागि उ सर्वाच्चके परमेश्वरके पुत्र बा, परमेश्वरके अनन्तके वचन जौन हमनीके लागि संसारमे आएल ।

आउ अब हमनी अब्राहमके कथामे फर्कु, काहेकि उनकर बारेमे सम्झना करेला दोसर महत्वपूर्ण बात बा । हमनी देखलि कि अब्राहम आदमके सब सन्तानसब जैसन पापेमे जनम लेले रलि । लेकिन पवित्र धर्मशास्त्र हमनीके बतावैत बा कि आजु अब्राहम पवित्र परमेश्वरके उपस्थितिमे स्वगमे बा जहा उ सदाके लागि होखी । अब हमनी पुछेके परि अब्राहम कथि कलै से जेकरा कारण परमेश्वर ओकरा लउनकर पापसब क्षमा करेला, धर्मी ठहराएला आ स्वगमे स्वागत करेला पे्ररित कलै ? यी बारेमे धर्मशास्त्र कथि कहले ? यी कहले कि अब्राहम परमप्रभु परमेश्वरमे विश्वास कलै, जौन ओकराके धार्मिकताके श्रेय देलै । (उत्पत्ति १५ः६)

अब्राहम परमप्रभु परमेश्वरमे विश्वास कलै । अब्राहम परमेश्वरके वचनमे विश्वास कलै । ओहि कारण परमेश्वर अब्राहमके क्षमा देलै आ ओकराके धर्मी होखेला घोषणा करैत ओकराके उनकर धार्मिकताके श्रेय देलै । प्रिय श्रोतासब कथि अब्राहमके विश्वास जैसन परमेश्वरके वचनके अपने भि विश्वास करु ? एक मात्र परमेश्वर बा कि नबा , कहके अपने विश्वासके बारेमे हमनी अपनेके पुछैत नबाडि । परमेश्वरके अस्तित्व बा कहके शैतानके भि मालुम बा । अब्राहमके विश्वास जैसन अपने भि परमेश्वरके मुक्तिके मार्गमे विश्वास करेला परेश्वर चाहैथै । हमनी कथि विश्वास करे परि कहके अब्राहम हमनीके कहैत बा । अगमवक्ता अब्राहम अपन बेटाके सटामे थुमाके बलिदान चढाएके समयमे उ विशेष पर्वतके घोषणा कैले रलै, अपनेके थाह बा ? उ ऐसे कहले बा ः बेटा, परमेश्वर हि होमबलिके लागि थुमा जुटादि (उत्पति २२ः८) आ थुमाके मुआके उ ओ पहाडके नाउ परमप्रभु जुटतै कहके राखलै । (उत्पति २२ः१४) परमेश्वर तुरुन्ते बलिदानके निम्ति थुमा जुटएलाके समय काहे अब्राहम उ पर्वत के नाउ परमप्रभ जुटाई कहके राखलक त ? एक अगमवक्ताके रुपमे अबके बाद कथि हाएबाला बा कहके घोषणा करैत रहे । जब अब्राहम परमप्रभु जुटाई कहके घोषणा करैत रहे उहे समय उ उहे पहाडमे बादमे कथि होई कहेबाला बातके बारेमे भि अपन बेटाके वेदीमे राखेके समय भविश्यवाणी करैत रहे । उ दिनके परखाईमे रलै जब, उहे पर्वतमे हि उद्धारकर्ता परमेश्वरमे विश्वास करेबाला सबके परमेश्वरके धामीर्।क न्यायसे बचावेके लागि अपन खुन बहाई ।

सुसमाचारके अध्ययनमे हमनी देखलि कि अब्राहमके भविश्यवाणी पुरा करेला अब्राहमके लगभग २००० वर्षके बाद मसीह यी संसारमे अलै । येशूके मारे चाहेबाला यहूदी धर्मगुरु सबके कहलै तोहनी सबके पिता अब्राहम हमर दिन देखके आनन्दित होएल । उ ओकराके देखलक आ खुशी होईत रहे । (यूहन्ना ८ः५६) । ऐसे

उद्धारकर्ता येशू आदमके सन्तान सबके लागि ओकनी सबके पापसे ओकनी छुटकारा देवेके लागि खुन बहाएल यी ठाउ यरुशलेमके यी पर्खाल बाहर पहाडके लगमे रलै जहाँ अब्राहम अपन बेटाके सटा थुमाके बलिदान चढैले रलै ।

उहे कारण क्रुसमे अवर्णनिय पिडाके घन्टौ बाद अब सुधगेल कहके येशू कहलक कहके हमनी सुनलि । अब सुधगेलके अर्थ उ भविश्यवाणी अब पुरा हागेल कहके बा । येशू उ भविश्यवाणी पुरा होगेल कहके काहे कहलक ? येशू यी कहलक काहे कि येशू क्रुसमे उनकर मृत्यू मुक्तिके योजनाके पुरा कैले रहे जौन परमेश्वर अपन अगमवक्ता सब मार्फत बहुत आगा घोषणा कैल रलै । येशूके मृत्यूसे अब्राहमके चढाएल बलिदान आ सब पशु बलिसबके प्रतिकात्मकसे पुरा कैले रहे । ओहिसे येशू सूधगेल कहके कहले बा ।

आजु सुनेबाला अपने श्रोता सब वृन्द कथि अपने येशू ख्रीष्ट स्वयम परमेश्वर स्वर्गसे पृथ्वीमे पेठाएबाला सिद्ध आ अन्तिम बलिदान बा कहके विश्वास करम ? कथि अपनेसँगे अब्राहमके विश्वास बा ? अब्राहमके विश्वासके बारेमे सुसमाचार कथि कहले सुनुः

परमेश्वरसँगे ठिक होएके बारेमे अब्राहम कौन बात पत्ता लगएले रहे ? यदि अब्राहम कामद्वारा धर्मी ठहर बा त ओकरा घमण्ड करेला कौनो ठाउ नरहे, लेकिन परमेश्वरके सामु त नबा । कहेकि पवित्र धर्मशास्त्र कहलेः अब्राहम परमेश्वर उपर विश्वास कैलक आ उ ओकरा निम्ति धार्मीकता गनागेल । प्रतिज्ञा कैल बात परमेश्वर करे भि सकि कहके अब्राहम पुरा निश्चय रहे । यीहे कारणसे ओकर विश्वास ओकरा निम्ति धार्मीकता गनागेल । धार्मीकता गनागेल बा यी वचन ओकरे खातिर नलिखल बा लेकिन हमनी सबके लागिलिखल बा । हमनी जौन येशू प्रभु मरल सबसे जीवित पारेबाला उपर विश्वास करिले, यी हमनीके निम्ति भि गनाई । येशू हमनीके अपराध सबके निम्ति मरगेल, आ हमनीके धर्मी तुल्याएला जीवित कलै । (रोमी ४ः१-३) आमेन हमनी आशा करैछि कि अपने दोसर कार्यक्रमके लागि हमनीस्ँगे फेरु सहभागि होउ काहेकि हमनी परमेश्वरके कथा आ सन्देशके समिक्षाके निरनतरता देहम आ दोसर प्रशिद्ध अगमवक्तासे सिखम जेकराके संसारके मुक्तिदाताके लागि रास्ता तयार करेला रोजलै । पवित्र धर्मशास्त्रके यी अदभुत कथनके गहिरो रुपमे मनन करैत समय परमेश्वर अपनेके आशिस देवे ।

अब्राहम पमेश्वरमे विश्वास कैलक आ यी परमेश्वरके निम्ति धार्मिकता गनाएल आ उ परमेश्वरके मित्र कहलाएल । (याकूब २ः२३)

कार्यक्रम ९५

समीक्षाः मोशा

परमेश्वरके पवित्र प्रस्थान १ः२०

आजु हमनी पापीसब कैसे परमेश्वरसँगे सही बने सकम कहके देखाएबाला अगमवक्ता सबके शन्देशके हमनी समिक्षाके निरन्तरता देहम कहके योजना कैले बाडि । हमनी और भि परमेश्वरके अपन अगमवक्ता मोशाके दिमागमे राखल धर्मशास्त्र तोराहके समिक्षा करिले ।

सत्यके जाने चाहेबाला सबके निम्ति मोशाके तोराह बहुत मुल्यवान बा काहेकि यी परमेश्वरसे आएल बा कि नबा कहके हमनीके स्नलसब बातसब प्रमाणीत करेसके कहके परमेश्वर उ जग राखले रहे कहके सुनलेले बाडि ।

तोराहके सुरुमे हमनी हमनीके पुर्खा आदम कसै पाप कैलक कहके थाह पएलि । आदमे करल पाप एगो संक्रमण रोग जैसन ओकर सब सन्तानसबमे फैलगेल जौन परमेश्वरके चेतावनी बमोजीम ओकनीसब दुःख, मृत्यू आ अनन्त दण्ड ल्याएल । लेकिन धर्मशास्त्र कहलेः लेकिन जेलङ पाप बढगेल अनुग्रह बहुत मात्रामे बढगेल (रोमी ५ः२०) । हँ आम आ हव्वाके पाप कैल दिनमे परमेश्वर अपन न्याय, कृपा आ अनुग्रहमे यी घोषणा कैलक कि परमेश्वर एक दिन आदमके सन्तानके ओकनी सबके पापके कारण ल्याएल श्रापसे बचावेला संसारमे उद्धारकर्ता पेठलै ।

हमनी सुनलिकि परमेश्वर अबाहमके बोलले, अब्राहमके एगो नयाँ जाति आ राष्ट बनाएम जेकरासे भविश्यवक्तासब आ संसारके मुक्तिदाता आई कहके प्रतिज्ञा कैलक कहके देखलि । अब्राहम इसाहकके जन्मले, आ याकूब ओकर १२ जना बेटासब जन्मएलक, जेरासे इजराएलके १२ कुलसब आएल । अब हमनी अब्राहमके सन्तान, इजराइलि सबके कैसे यहोवा परमेश्वर कैसन बा, आ पापी सब उनकर धार्मिक न्यायसे बाचेके लागि कौन रास्ता अपनाएके परि कहके आदमि सबके सिखाए बाला तरिकाके रुपमे कैसे प्रयोग कैलक कहके हमनी यी समिक्षाके निरन्तरता देलि । हमनीके आजुके कायैक्रममे परमेश्वरके पवित्र व्यवस्था कहके कहले ।

तोराहके बारेमे हमनीके अध्ययनमे, हमनी देखलि कि परमेश्वर अब्राहमके पहिले बताएल अनुसार एजराएलके सन्तान सबके मिश्रके भूमिमे चारसय वर्ष तक दास बनेला देलै । जब परमेश्वरके तोकल समय आएल, तब परमेश्वर मोशाके इजराएलिकाहाँ पेठैलक । मोशा एक इजराएलि रहे जौन मिश्रके दुष्ट राजा फारोके घरमे हुर्कल रहे ।

परमेश्वर मोशाके फारोलङ ऐसे कहेला पेठैलक, परमप्रभु परमेश्वर कहैत बाः हमर प्रजाके जाएदे, आ ओकनी सब हमर आराधना करे । लेकिन फारो इन्कार कैलक आ गिल्ला करैत कहलक, परमप्रभु कौन बा ? हम इजराएलके आदमि सबके कहियो जाए नदेम । तब परमेश्वर अपन शक्ति आ महिमा फारो आ मिश्री सबके ९ गो

भयानक विपत्तिसबद्वारा प्रकट कैलक जौन इजराएलि सब बाहेक देशके सब आदमि सबमे परलक । लेकिन फारो के अगाद्धि परमेश्वरके कैल चिन्हसब आ आश्चर्यकर्म सबसे फारोके पश्चताप करेला आ मोशाके वचन पालन करेला उत्प्रेरित नकैलक । परमेश्वर मोशामके कहलक, हम फारो आ मिश्री उपर दोसर विपत्ति ल्याएम । तब पारो मिश्री सबके जाए दि ।

उ विपत्ति कथि रहे थाह बा ? उ विपत्ति रहे हर घरके जेठ बेटाके मृत्यू हाई । आ हमनी देखलि कि मृत्यूके दूत फरोके घरमे आ मिश्रके सब घरसबमे जेठ बेटा मरगेल । लेकिन परप्रभु इजराएलि सबके जेठा सन्तान सबके थुमाके खुनके कारणसे छुटकारा देलै जौन तोहनी सबसे परमेश्वरके आज्ञा पालन करैत अपन घरके केमारिमे लगैले रलै । परमेश्वर स्वयम ऐसे प्रतिज्ञा कैले रलैः तोहनी सब बैठल उ घरसबमे खुन तोहनी सबके लागि चिन्ह होई । जब हम उ खुन जेकरा घरमे देखम तब उ घरके आदमिके छोडदेम, आ हम मिश्रके प्रहार करेला नाश करेबाला कौनो विपत्ति तोहनी सबके नछोएसकि । (प्रस्थान १२ःः१३) थुमाके खुनके कारण, परमेश्वर इजराएलि सबके घरके पार कके गेल, आ ओकनी सबके जेठ सन्तान सबके रक्षा कलै ।

हमनीके देखल अनुसार, निस्तार चाडकृ कथाके फारोके सासनसे ईजराएलि सबके छुटकारासे भि गईहर अर्थ बा । धर्मशास्त्र कहलेः

यी बातसब ओकनी सबके (१ कोरन्थि १०ः११) थुमाके खुनके कथा जौन इजराएलि सब अपन घरके केमारिमे पोतले रलै जेकरासे परमेश्वर ओकनी सबके छेठ बेठा सबके मृत्यूसे जोगाएला आ ओकनि सबके फारोसे छुटकारा देवे । यी पापी सबके शैतानसे बचावेके लागि परमेश्वरके स्थापना कैल मुक्तिके रास्ताके चित्रण करले । उ पाप कर्म करे लगाए बाला व्यक्ति शैतान फारेसे भि बहुत दुष्ट बा ।

अपने सब मध्ये कौनो ऐसे सोचरहैत होखम, हँ हमनी के थाह बा कि हमनी परमेश्वरके दास सब बाडि । लेकिन उ विचार प्रभु येशूके सुसमाचारमे घोषणा कैल बातसे अपने सहमत नबा, ह ह मतोहनी सबके कहैछि, पाप करे बाला सबकौनो पापके दास बा । (यूहन्ना ८ःः३४)

आ आदमके सब सन्तानसब पापके दास होलासे ओकनी सब शैतानके दास सब भि है काहेकि शैतान पापके मालिक बा । जौन शैतानके दास बा उ अपने आपके मुक्त करेला ओकरासँगे कौनो उपाए नबा कहके निश्चित बा । कथि दास अपने आपके मुक्त करे सकि ? कथि उ अपने आपके स्वतन्त्र जाए देवे सके कहके अपन मालिकके किछो देवे सकि ? यी एगो निमन मालिकसँगे काम कर सकले, लेकिन शैतान चाहिँ नसकले । फारो जैसन शतान अपन दास सबके स्वएच्छासे स्वतन्त्र होए देवे नसकि । कहियो भि नदि । अहो हमनी आदमके सन्तानसब, कैसे श्रापीत होलि । हमनी अपन दास बनाएला शैतानके शासनसे छुटकारा देवेबाला कौनो बा ? हँ बा, परमेश्वरके प्रसंसा हाखे, ओलङ एक जना उद्धारकर्ता बा । उनकर नाउ येशू बा । परमेश्वर हमनीके मुक्ति देवेके लागि परमेश्वरके पेठावल उद्धारकर्ता बा । येशू स्वगसे आएल धर्मी तथा शक्तिशाली मुक्तिदाता बा जेरा विषयमे परमेश्वरके सब अगमवक्ता सब अगमवाणी कलै रहे । कैसे परमेश्वर कन्यासे जन्मल पवित्र

उद्धारकर्तासे शैतानके मुडके कुचेला प्रतिज्ञा कैले रहे यी बारेमे हमनी तोराहमे पढलि । अगमवक्ता दाऊदके लिखल भजनसंग्रहमे परमेश्वर अपन प्यारा पुत्र कहले रलै यीहे उद्धारकर्ता कैस भयानक रितिसे मरलै येशूके यातना देलै आ उनकर हात गोडमे काटि ठोकि कहके लिखल हमनी देख सकैछि । सुसमाचारे पुस्तकमे हमनी यी अदभुत उदारकर्ताके बारेमे बाडका विवरण पढलि । उ कन्य मरियमके पूत्र येशू ख्रीष्ट है जौन सिद्ध जीवन जिलै आ ओकरा बाद हमनी पापी सबके लागि क्रुसमे दुख भोगलै आ मरलै आ चिहानसे जीवीत होगेलै । हँ पापी सबके मुक्तिदाताके बारेमे परमेश्वरके अगमवक्त सब बहुत पहिलेसे हि लिखल बातसब पुरा करेबाला येशू ख्रीष्ट हि बा ।

परमेश्वरके वचन येशू ख्रीष्टके परमेश्वरके थुमा कहके कहले (यूहन्ना १०:२९) निस्तार चाडके दिनमे मुआएल थुमा जैसन, हमनीके न्यायसे बचाएला येशू अपन खुन बहलै । परमेश्वर पहिला निस्तार चाडमे थुमाके खुनसे इजराएलि सबके छुटकारा देवल लगभग १५०० वर्ष बाद, परमेश्वर आदमके सन्तान सबक यश धर्मी मसिहके क्रुसमे टगेला अनुमति देलै । आ नीस्तार चाडके दिनमे उनकाराके क्रुसमे टागले रलै ।

जैसे येशू अबाहमके बलिदानके प्रतिकात्मकता पुरा कलै, औसहि परमेश्वर निस्तार चाडके थुमाके प्रतिकात्मकताके भि पुरा कलै । उ दिन येशूके क्रुसमे टागे बाला आदमि सब अनाज्ञातामे वैसे कलै, लेकिन परमेश्वर संसारके सृष्टि करेसे आगा उ घटनाके पुर्वसुचना आ योजना बनएले रलै ।

यश पापके लागि सिद्ध आ अन्तिम बलिदान बा । येशु ख्रीष्टके खुन कानुनी मुल्य बा जौन परमेश्वर आदमके सन्तान सबके पापके प्रभुत्वसे छुटकारा देवेला आवश्यक रलै । धर्मशास्त्र घोषणा करलेः

हमनीके निस्तारके थुमा, ख्रीष्टके बलिदान होचुकल बा । (१ कोरन्थि ५०:७), (प्रकाश १३०:८), (प्रेरित ३०:१८)

काहेकि हमनी दुर्बल होवेलाके समयमे हि ख्रीष्ट अधर्मी सबके खातिर ठिक समयमे मरलै । धार्मी आदमिके लागि मरेला तयार होएबाला कौनो कम मिली, केनहु असल आमिके लागि मरेला आट कर भि सकले । लेकिन परमेश्वर हमनीके लागि उनकर प्रेम यीहेमे देखावले कि हमनी पापी रहते ख्रीष्ट हमनीके निम्ति मरलै । (रोमी ५०:६-८) निस्तार चाडके कथाके छोडके, अब हमनी पवित्र व्यवस्थाके बारेमे कथि सिखले बाडि, जौन परमेश्वर ईजराएलि सबके सुम्पिदेले रलै यी बातके सम्झु । तोराहमे कैसे परमेश्वर आगि आ गर्जन आ बिजुलिमे सिनाई पर्वतमे उतरलै आअ पन पवित्रता आ महिमा मोशा आ इजराएलि सबके उजाड स्थानमे प्रकट कलै कहके देखलि । उहे ठाउमे परमेश्वर इजराएलि सबके अपन दश आज्ञासब आ अन्य बहुत आज्ञासब देलै, जेकरा मोशाके व्यवस्था भि कहलै । परमेश्वर इजराइली सबके ऐसे कहलैःतु अपन परमेश्वरके तोहर सारा हृदयसे, सारा प्राणसे, सारा मनसे प्रेम करः परमेश्वर बाहेक दोसर कौनो देवीदेवताके नमान । अपना खातिर खोपके कौनो किसिमके मुर्ति नबना । तु परमप्रभु अपन परमेश्वरके व्यर्थमे नले । शबाथ दिन पवित्र मानेके परि कहके याद राख । तु अपन परोसिके अपने आपके जैसन प्रेम कर, अपन पिता आ माताके आदर कर । हत्या

नकर । व्यविचार नकर । चोरी नकर । अपन परोसिके विद्धमे झुट गवाहि नदे । अपन छिमेकिके घरके कौनो भि सामानके लालच नकर । (प्रस्थान २०ः१-७) आ यी आज्ञा सबमे परमेश्वर यी वचनसब थपल बा । काहेकि जौन सम्पूर्ण व्यवस्था पालन करि आ एगो बातमे चुकि त व्यवस्थाके सब बातमे उ दोषि ठहरि । (याकूब २ः१०) व्यवस्थाके काम सब उपर भर परेबाला सब श्रापित बा, काहकि धर्मशास्त्रमे ऐसे लिखाएल बा, व्यवस्थाके पुस्तकमे लिखल सब बातमे नरह आ उ पालन नकरे बाला हर कोहि श्रापित हाई । (गलाति ३ः१०)

परमेश्वर मोशाके पेठाएल पवित्र व्यवस्थासे हमनी सब दोषि ठहराई ।

आदरणीय श्रोता मित्रसब कथि अपने अपन जन्मके दिनसे मृत्यके दिन तक मन, वचन आ कर्ममे पुर्ण रुपमे पवित्र होएके आवश्यक परेबाला यी पवित्र व्यवस्था पालन कैले बाडि ? हरेक दिन आ हरेक घण्टा, हरेक रात आ दिन अपने अपन सारा हृदय, अपन सारा प्राण आ आत्मा आ मनसे परमप्रभु अपना परमेश्वरके प्रेम करेके परि । साथे अपने अपने परोसिके अपने आपके जैसन प्रेम करेके परि । कथि अपने यी पवित्र नियमके पुरा कैले बाडि ? अपने आ हमरा थाह बा कि हमनी उ पुरा कैले बाडि । धर्मशास्त्र कहलेः धर्मी कौनो नबा, अँ हँ, एको जना नबा । (रोमी ३ः१०) हमनी मध्ये कौनो भि परमेश्वरके नियम पालन कैले नबाडि, काहेकि हमनी सब पापी स्वभाव लेके जन्मल रलि ।

सायद कौनो पुछ सकले, यदि हमनी मध्ये कौनो मोशाके व्यवस्था पालन करे नसकि त, उ व्यवस्था परमेश्वर हमनीके काहे देलै त ? कथि परमेश्वर सब जनाके नाश हाखो कहके चाहले ? अँ हँ वैसन नबा, लेकिन परमेश्वर त प्रेम बा, आ कौनो भि नाश होखल परमेश्वर नचाहले । वैसन बात कौनो भि उ पालन करे नसकि कहके परमेश्वर काहे पापी सबके उनकर पवित्र आज्ञासब देलै ? उ आज्ञा सबके उदेश्य कथि बा ? परमेश्वर उ प्रश्नके जवाफ यैसे कहके देले बा ः

व्यवस्थाके कर्मसे कौनो प्राणी उनकर दृष्टिमे धर्मी नठहरी, काहेकि

व्यवस्थाद्वारा पापके चेतावनि होई । (रोमी ३ः२०)

हमनीके पाप आ लाज देखावेके लागि परमेश्वर पापी सबके अपन पवित्र

आज्ञासब देलक आ हमनीके लागि श्राप आ पापसबसे ल्याएल लाज बोकेला मुक्तिदाताके आवश्यकता रलै । सम्पूर्ण मानवतामे प्रभु येशू मात्र एगो बा जौन परमेश्वर मोशाके देल पवित्र व्यवस्था पालन करे सकम । येशू और सब आदमिसे फरक रलै ।उ हमनीके पापी स्वभावके येशू अपनेसँगे नलै येशू अनन्त वचन है, जौन स्वगसे आएल कन्याद्वारा जनम लेलै । येशू हमनीके जैसन शरिर धारण कलै, लेकिन येशू हमनीके दूष्ट स्वभावके घारण नकलै ।

ओहिसे पृथ्वीमे रहलाके समय येशू ऐसे कहलै, व्यवस्था आ

अगमवक्ता सबके रद्द करे हम आएल बाडि कहके तोहनी सब

नसम्झ । हम उ रद्द करे न, लेकिन पुरा करे आएल बाडि । (मक्ति ५ः१७) येशू कथि कहलै, अपने सनलि ? यी गहिरो आ अ दभुत सत्य बा । परमेश्वर मोशाके सुम्पल पवित्र व्यवस्था पुरा करे येशू संसारमे अलै कहके येशु कहलै । कथि अपने एकर अर्थ बझै छि ? येशू हमनीके लागि कलै जौन हमनी आदमके सन्तान सब अपना लागि कहियो करे नसकि ।

येश परमेश्वरके पवित्र व्यवस्था पालन कलै, ओकरा बाद कष्ट भोगलै, अपने आ हम जैसन व्यवस्था उलङघन करे बाला सबके लागि व्यवस्थाके श्राप सहेके लागि क्रुसमे मरलै-हमनीके परमेश्वरके न्यायके दण्डसे बचेके लागि । येशू हमनीके पापके लागि मरेके लागि योगयके रहे काहेकि येशू कहियो पाप नकैले रहे । लेकिन परमेश्वर अगमवक्ता सबद्वारा प्रतिज्ञा कैल मुक्तिके योजनाके पुरा करेके लागि, प्रभु येशू अपन इच्छाके स्वतन्त्र रुपमे हमनीके लागि अपन जीवन देलै । आ हमनीके पापके रिण तिरेके लागि येशू अपन खुन बहैलाके बाद परमेश्वर यशूके तिसरा दिनमे मृत्यूसे जीवित कलै । एकर विषयमे पवित्र धर्मशास्त्र कथि घोषणा करैत सुनु ः

यी कारण अब ख्रिष्ट येशूमे विश्वास करेबाला सबके दण्डके आज्ञा नहै । काहेकि पापमय स्वभाव दुर्बल होएलासे व्यवस्था जथि करे नसकल उ परमेश्वर कैलक, मतलब परमेश्वर अपन पुत्रके पापमय स्वभावके स्वरुपमे पापबलि जैसन पेठलै । ऐसे परमेश्वर पापके शरिरमे हि दण्ड देलै । (रोमी ८ः१,३)

आदरणीय श्रोतासब, अपने अपन आशा कथिमे राखले बाडि ? कथि हमनी धर्मी उद्धारकर्ताके बारेमे परमेश्वरके सुसमाचामे भर परै छि, जौन हमनीके पापके लागि दण्ड भोगलै ? कि हमनी आउर भि अपन असल काममे भर परै छि ? परमेश्वरके वचन ऐसे घोषणा करलेः

काहेकि व्यवस्थाके काम उपर भर परेबाला सब श्रापित बा, काहेकि वचनमे ऐसे लिखाएल बा, व्यवस्थाके पुस्तकमे लिखाएल सब बात सबमे नरहेबाला आ उ पालन नकरेबाला हरकोहि श्रापित हाई । हमनीके निम्ति येशू श्राप बनके हमनीके व्यवस्थाके श्राप मोल तिरके छुटकारा देलै, काहेकि काठमे टागल हरेक श्रापित होई कहके लिखायल बा । ताकि उनकारा उपर विश्वास करे बाला, कौनो भि नाश नहोए, लेकिन ओकरा अनन्त जीवन मिले । (गलाति ३ः१०, १३), (यूहन्ना ३ः१६)

आगमी अध्ययनमे, परमेश्वरके ईच्छामे हमनी, अगमवक्ता सबके धर्मशास्त्रके समिक्षाके पुरा करम आ कैसे येशू मसिह उनकर बारेमे अगमवक्ता सबके भविश्यवाणी कैल सब बातसब पुरा कलै आ आदमके सन्तान सबके लागि मुक्ति आ शान्तिके केमारि खोल देलै एकरा बारेमे देखम ।
परमेश्वरके वचनके यी प्रतिज्ञामे अपने मनन करेके समय आजु हमनी अध्ययन कैल बातसब मे परमेश्वर

अपने के अन्तर दृष्टि देवे ः

दण्डके आज्ञा नबा । (रोमी ८ः१) ।

यिहे कारण ख्रीष्ट येशूमे विश्वास करेबाला सबके

कार्यक्रम ९६

समिक्षा ४ः येशू ख्रीष्ट

अब सुधगेल !

यूहन्ना १९, हिब्रू १०

तिनगो कार्यक्रमसे अगाडि हमनी परमेश्वरके अगमवक्ता सबके करैत रहि । आजु हमनी समिक्षाके समाप्त करेके योजना बा । यी अन्तिम भागके कहलेः अब सुधगेल !हमनीके देखल अनुसार, परमेश्वरके पुस्तक दुगो खण्डमे विभाजन बा, पुराना करारआ नयाँ करार । पुराना करार परमेश्वरके अदभुत पुस्तकके पहिला खण्ड बा । यीमे तोराह, भजनसंगह आ अगमवक्त सबके अन्य लेखसब बा । हमनी परमेश्वरके यी पहिला खण्डमे देखलि कि कैसे हमनीके पुर्खा आदम परमेश्वरके अनाज्ञाकारि काम कैलक, आ ऐसे आदम अपन सब सन्तान सबक शैतानके राज्यमे लेआएल । जैसे भि होखे,उनकारामे विश्वास करेबाला सब परमेश्वरके राज्यमे फिराके ल्याएला आदमके सन्तान सबके लागि एक जना शक्तिशालि मुक्तिदाता पेठाएला परमेश्वर प्रतिज्ञा कलै । यी अदभुत प्रतिज्ञा पहिला करारके एक महत्वपर्ण भाग रलै । मुक्तिदाताके पेठाएला अपन योजनाके गति दिन, परमेश्वर अब्राहमके उनकर बुढ अवस्थामे बोलाके, परमेश्वर अब्राहमके कहलै, हम तोहरासे एगो बडका जाति खडा करम । तोहराद्वारा पृथ्वीके सब कुलसबके आशिष मिलि । (उत्पत्ति १२ः२-३) ओकरा बाद कैसे परमेश्वर अब्राहमके इजराएल राष्ट आ जातिके पिता बनलै कहके हमनी देखलि । उ राष्ट आ जातिके परमेश्वर अगमवक्ता सबके लेखल लेखोट सुम्पदेलै । १५०० ८ं

वर्ष तक परमेश्वर इजराएली सबके अपन वचन पेठाइत रलै, जौन परमेश्वर अगमवक्ता मोशासे लेके अगमवक्ता यूहन्ना तक लिखेके लागि विभिन्न आदमि सबके मनमे राखदेलै । यीहे अगमवक्ताद्वारा परमेश्वर आदमके सन्तान सबके अधर्मके निन्दा कलै आ ओकनि सबके पापके रिण तिरेला अपन खुन बहाए बाला पवित्र उद्धारकर्ताके आगमनके बारेमे ओकनी सबके प्रकट कलै ।

हमनी देखलि कि, आदमि सबके पाप क्षमाके लागि जनावर सबके बलिदान बलिदान चाहि कहके पहिले पुराना करार स्थापना कैले रलै । यी खुन नबहएलासे पापके क्षमा नहोई, काहेकि पापके ज्याला मृत्य बा कहके यी बातके घोषणा कलै ! लेकिन जनावर सबके बलिदान, जौन आदमिसब पहिले पुस्तासे हि करैत आएल रलै, वास्तवमे, यी पापके लागि तिरेला प्रयाप्त नरलै, काहेकि जनावरके मुल्य आ मानवके मुल्य असमान बा । उदाहरणके लागि, यदि हमरासँगे खेलौना कार बा, त कथि हम कारके डिलरमे जाके ओकरासँगे वास्तविक कार बादले सकम, पक्का नसकम । काहे नसकम त ? काहेकि हमर खेलौना कारके मुल्य उ वास्तविक कारके मुल्य बराबर नबा । हमनि देखलि, पशु बलिसब केबल दृष्टान्त सब रलै जब परमेश्वर वास्तविक बलिदान पेठतै, धर्मी उद्धारकर्ता, जौन नयाँ करारमे ल्याएल । जनावरके बलिदानसे पाप मात्र तोपे सकि, लेकिन ओकनि सबके

पापसब हमेशाके लागि हटाए नसकलै ।दोसर भागके परमेश्वरके पुस्तकमे नयाँ करार वा सुसमाचार कहले । यी हमनीके स्वृगसे आएल उदारकर्ताके खनसे आदमि जातिसँगे स्थापित कैल करारके बारेमे बताईता । ससमाचारके पुस्तक येशू उदारकर्ताके कथा बा, जौन अपन खुन क्रुसमे बहाएके समय सब पशुके बलिसबके प्रतिकात्मकताके पुरा कदेलै ताकि हमनी सबके पापके क्षमा पाए सके । काहे उदारकर्ताके स्वगसे आएके परलै ? काहेकि आदमके हरेक सन्तानके पापके बोझ बोकले रलै । पापी आदमि पापीके पापसे छुटकारा देवे नसकि । उदाहरणके लागि, मुडमे पानीके बरतन बोकल एगो स्त्री दोसराके लागि भि मुडमे पानीके बरतन बोके सकि ? अहँ, औसहि एक पापी आदमि दोसर पापी आदमिके लागि पापके सजाय सहे नसकि । लेकि उदारकता, येशू ख्रीष्ट, जेकराके परमेश्वर पेठलै, येशू पापके बोझ बोकले नरलै, काहेकि येशू परमेश्वरके पवित्र पुत्र रलै, आ उ आदिमे परमेश्वरसँगे रहल वचन रलै । काहेकि येशू कन्या कुमारीसे जन्मल रलै । उनकारा सँगे हमनी जैसन शरिर रलै, लेकिन उनकारा सँगे हमनी जैसन खराब स्वभाव नरलै । उनकारा उपर पापके बोझ नरलै । उहे कारण परमेश्वर हमनी सबके पापके बोझ येशू उपर राखदेलै । हमनीके पापके लागि पवित्र येश मरलै आ तिन दिन बाद, येश हमनीके नयाँ जीवन देवेके लागि मृत्यसे जीवीत होलै । येशू चिहान, मृत्यू, पाप आ शैतानके जितलै ।

हमनी सब पापके गईहर खदलिमे जन्मल रलि आ उपरसे आवे बाला मसिह बाहेक हमनीके उद्धारके लागि आए सकेबाला दोसर कौनो नबा । यदि अपने उनकारामे अपन आशा राखम त, येशू अपनेके उ पापके खदलिसे निकालि । येशू आदमके सन्तान सबके पापसे छुटकार देवेके लागि स्वगसे अलै, आ अब उनकारामे विश्वास करेबाला सबके लागि मध्यस्थता करेला येशू स्वगमे चलगेलै । धर्मशास्त्र यीहे कहलेः

काहेकि परमेश्वर एकेगो बा, परमेश्वर आ आदमि सबके बिचमे मध्यस्थकर्ता भि एकेगो बा, आदमि, ख्रीष्ट, येशू । येशू सबके छुटकारा के मोलके निम्ति अपने आपके सुम्प देल, जौन बातके गवाहि ठिक समयमे दियाएल । (१तिमोथि २ः५-६) काहेकि यी उचित रलै कि हमनीके लागि ऐसन एक जना प्रधान पुजाहारि होएके परि, जौन पवित्र, दोष रहित, निष्कलंक, पापी सबसे अलग बा । येशू हमनीके पापके शुद्धिकरण कैलाके बाद, महिमित परमेश्वरके दाहिना हातवरि उच्च स्थानमे येशू विराजमान होलै । (हिब ७ः२६, १ः३)

(यूहन्ना १ः४१) जैसे हमनी सुसमाचारमे देखलि, येशू मसिह यी धर्तीमे रहेके समय कौनो आदमि सब उनकरामे विश्वास कैले रहे । येशूके चिन्हे बाला सब बहुत हर्षित रहे । ओकनी सबके मालुम रहे कि हजारौ वर्षसे परमेश्वरके अगमवक्ता सब मसिहके अगमवाणीके घोषणा करैत आएल रहे आ अब ओकनीसब उनकराके अपन आँखसे देखैत रहे । येशूके चेलासब मध्ये हमनि अपन नातेदार आ साथीसब के खाजेबाला सबके सुनलि आ

ओकनी सबके ऐसे कहलै, हमनी मसिहके भेटैली । हमनी उनकाराके भेटैलि, जेकरा बारेमे मोशा व्यवस्थामे आ अगमवक्ता सब लिखले रलै !

दूःखके बात, येशूके समयमे जीए बाला बहुत आदमिसब येशू वास्तवमे कौन है कहके चिन्हे नसकल । तदानुसार धर्मशास्त्र घोषणा करले ः

आदिमे वचन परमेश्वरसँगे रहे, वचन देहधारी होएल, आ हमनिके बिचमे वास कलै, उ ज्योति अन्धकारमे चमकेला आ अन्धकार यी उपर विजय नभेल । उ संसारमे रहे आ संसार उनकरेद्वारा बनल, आ संसार आ संसार उनकाराके नचिन्लक । उ अपन अपनासबलङ अैलक, आ उनकर अपनासब उनकाराके ग्रहण नकैलक । (यूहन्ना १ः२, १४, ५, १०-११)

हमनी देखलि, बहुत आदमिसब मसिहके कैल चिन्हसब आ आश्चर्यकर्म सब देखले रलै । येशूसँगे रोगसब, आधिबेहरी, भतात्मासब, पाप आ मृत्यू उपर शक्ति रलै, लेकिन बहुत जना आदमिसब येशू कौन रहे कहके चिन्हे नसकल, काहेकि शैतान ओकनिके समझके आन्धा कदेले रहे । भिड येशूके छोएलक, आ उनकाराके ठेल्लक, लेकिन ओकनीसब वास्तवमे उनकाराके चिन्हे नसकल । ओकनीसब उनकाराके अगमवक्तासब मध्ये एक अगमवक्ता मानलक, लेकिन परमेश्वरके सम्पूर्ण पूर्णता उनकारामे वास करले कहके ओकनिसब विश्वास नकैलक ।

यहूदी सबके धार्मीक अगुवा सबके लागि, हमनी देखलि कि ओकनीसब येशूके पूर्ण रुपमे अस्वीकार कलै । ओकनीसब उनकारा प्रति बहुत ईष्र्यालु रलै, आ अन्तमे आकनीसब उनकाराके क्रुसमे किला ठोकके मुआ देलै । लेकिन शुरुसेहि परमेश्वर यी योजना बनैले रलै । क्रुसमे मसिहके मृत्यू उनकर पवित्र योजना अनुसार रलै, जौन परमेश्वर अपन अगमवक्ताद्वारा बहुत पहिले घोषणा केले रलै । उहे कारण जब पुजाहारीसब येशूके मुआएके लागि गिरफतार कलै । येशूके बचाए चाहेबाला पत्रूसके येशू कहलै, त कथि ठानैसे, कथि हम अपन पिताके बिन्ति करे नसकम, आ हमर पिता तुरुन्ते स्वर्गदूतसबके १२ पल्टनसे बेसी न पेठाई ? लेकिन ओईसन होतिऐत यी बात ऐसे होएके परि कहके धर्मशास्त्रमे लिखाएल बात कैसे पुरा होई ? (मत्ति २६ः५३-५४)

येशू यी संसारमे काहे आएल रलै कहके येशूके निमनसे मालुम रलै । अगमवक्तासबके भविश्यवाणी कैल अनुसार येशू पापी सबके लागि अपन जीवन देवेला, खुन बहाए आए रलै । अब्राहमके बलिदान थुमा आ सब पशु बलिदानसबद्वारा उनकारामे पुरा होखे कहके येशू आएल रलै । येशू मरेसे आगा क्रुससे कथि घोषणा कैले रलै कथि अपने याद करे सकम ? हँ, येशू उच्च आवाजमे कहलै, अब सुधगेल ! (यूहन्ना १९ः३०) तब येशू प्राण त्यागलै ।

उनकर मृत्यू होएके समयमे, मन्दिरके सबसे पवित्र स्थान लुकाएल पर्दा उपरसे निचातक दु भाग होके फाटगेल । मन्दिरके पवित्र स्थानके पर्दा, जेलङ ओकनीसब अपन पाप तोपेला प्रत्येक वर्ष पशु बलिके खुन छरकैत रलै- काहे दु टुक्रा होगेलै ? येशू घोषणा कलै, अब सुधगेल ! आ उ पर्दा दु भागमे फाटगेल ताकि परमेश्वर आदमके सन्तानसबके ओकनिसबके पापसब क्षमा करि आ ओकनी सबके परमेश्वरके पवित्र उपस्थितिमे हमेशाके लागि वास करेला अधिकार दि कहके सबजना जाने सको ।

उनकर मृत्यद्वारा, प्रभु येशू ख्रीष्ट अगमवक्ता सबके वचन आ पशु बलिसबके प्रतिकात्मकताके पुरा कलै । आ तिसरा दिनमे होखल उनकर पुनरुस्थान परमेश्वर उनकर बलिदानके हमनीके पापसबके हमेशाके लागि तिरेबाला मूल्यके रुपमे स्वीकार कलै कहके यी बातके पुष्टि कलै । येशू ख्रीष्ट उनकारामे विश्वास करेबाला कौनो भि नाश नहोखे, लेकिन उ अनन्त जीवन पाए कहके परमेश्वर संसारके लागि प्रदान कैल सिद्ध बलिदान बा ।

ओईसन बात अब, अगमवक्ता सबके सन्देशके बारेमे हमनी समिक्षा समाप्त करेके लागि, पापके ज्याला तिरेके लागि क्रुसमे अपन खुन बहाएला येशूके देहल प्रसिद्ध आ अन्तिम बलिदानके बारेमे परमेश्वरके वचनसे कौनो गहन पद सबके पढु । धर्मशास्त्र ऐसे कहलेः

काहेकि व्यवस्था अब आएबाला उत्तम बात सबके खास रुप नबा, लेकिन ओकर छाया मात्र बा । यीहेकारण सालिन्दै नित्य चढाएला उहे किसिमके बलिसबद्वारा लग आवे बाला सबके यी सिद्ध पारे नसकि । नत बलि चढाए बाला काम रोकाएल नरहैत ? काहेकि आराधक सब एके खेपमे शुद्ध होखैत त, ओकनिसबमे ओकरा बादमे पापके चेतना नहौत । लेकिन उ बलिदान सबसे सालिन्दा पापके सम्झना करावले । काहेकि साढे, आ बोकासबके खुनसे पाप हरण करेके असम्भव बा ।

यीहेकारण संसारमे आएखुना ख्रष्टि कहलै, बलि आ भेटीसब अपने नचाहलि, लेकिन अपने हमरा खातिर एगो शरीरि तयार पारलि । होम बलि आ पापबलिसबमे अपने प्रसन्न नबाडि । तब हम कहलि, देखु, हे परमेश्वर, हम अपनेके ईच्छा पुरा करेला आएल बाडि । दोसरके स्थापित करेला परमेश्वर पहिलाके खारेज करि । उहे ईच्छासे येशू ख्रीष्टके शरीरिके बलिद्वारा हमेशाके लागि हमनी पवित्र बनाएल बाडि । हरेक पुजहारी एकेगो किसिमके बलि बारम्बार चढावैत प्रतिदिन सेवामे खडा रहि जौन बलिसे कहियो पाप हरण करे नसकि । लेकिन ख्रीष्ट त पाप सबके खातिर हमेशाके लागि एकेबार एकेगो बलिदान चढलै, आ येशू परमेश्वरके दहिना हातवरि विराजमान होएल बा । पवित्र आत्मा भि हमनिके गवाहि देवले । पहिला परमेश्वर कहले, उ दिन बाद तोहनिसब सँगे बाधेला हमर करार यीहे बा, परमप्रभु कहलेः तोहनि सबके हृदयमे हम हमर व्यवस्था राखदेम, आ तोहनी सबके मनमे भि हम उ लिखदेम । तब परमेश्वर कहले, तोहनी सबके पाप आ तोहनी सबके दुष्कर्मसब हम फेरु नसम्झम । अब जेलङ यी सबके क्षमा बा, ओलङ अब फेरु पापके निम्ति कौनो बलि नबा ।

यिहेकारण भाईसब, येशूके खुनद्वारा महापवित्र स्थानमे प्रवेश करेला साहस हमनीके बा । हमनीके खातिर एगो नयाँ आ जीवित रास्ता येशू खोलदेलै, जेकरा कारण पर्दाद्वारा, अर्थात येशू ख्रीष्टके शरीरिसे होके हमनी भित्री पसे सकम ।

परमेश्वरके घरानामे हमनी एक महान पुजाहारी होएलासे, सच्चाँ हृदयसे विश्वासके साथ हमनी परमेश्वरके सामु चलु । हमनीके दृढ स्वीकार कैल आशाके दोधार नहोके बरियार होके थामले राखु, काहेकि जौन हमनीसे प्रतिज्ञा कलै, उ परमेश्वर येशू ख्रीष्ट विश्वास योग्य बा ।

काहेकि यदि सत्यताके ज्ञान पाके भि हमनी जानके भि पाप करम त पापके निम्ति दोसर अवर कौनो बलिदान नरहि, लेकिन ईन्साफके डर लागेबाला प्रतिज्ञा आ विरोधि सबके भस्म करेला क्रोधके अग्नि मात्र रहि । मोशाके व्यस्थाके उलङघन करेबाला आदमि दुगो वा तिनगो साक्षिसबके गवाहिमे दयाविना मरेके परि । तोहनीसब अपने विचार कर परमेश्वरके पत्रके गोडनिचा कुचेला, अपने आपके पवित्र तुल्याएल करारके खुनसे अपवित्र बनाएबाला आ अनगहके आत्माके अपमान करेबाला त आउर भि बहुत कडा दण्डके योग्य ठहरि । काहेकि प्रतिशोध लेवेबाला काम हमर बा, प्रतिफल हम देहम । ऐसे भि कहले बा, परमप्रभु अपन आदमि सबके ईन्साफ करि । जीवित परमेश्वरके हातमे परेला बहुत डरलागे बाला बात बा । (हिब्रू १०ः१-७, ९ः२३, २६-३१)हमनि यतना महान मुक्तिके वास्ता नराखलि त हमनी कैसे उम्कम ? (हिब्रू २ः३)

उनकर प्रदान कैल एक मात्र रास्ताके बेवास्ता नकरेला संसारके यी परमेश्वरके चेतावनि बा ।

जौन परमेश्वर अपन पुत्र, उनकर वचन मसिह येशूके पेठाके प्रदान कैल बलिदानके बेवास्ता करि, पापके लागि

दोसर कौनो बलिदान नबा कहके जानेके परि । ओलङ परमेश्वरके न्याय बाहेक कौनो बाकि नबा, जौन दयाबिनाके होई ।

प्रिय मित्र, येशू अपनेके पापके ज्याला तिरदेले बा कहके कथि यी बात अपनेके मालुम बा ? येशू अपनेके लागि मुक्तिदाताके काम पुरा कलै कहके कथि अपने विश्वास करैसि ? अथवा कि अपने और भि अपने श्रोतसे प्रदूषित होखल अपन कामसबद्वारा अपनेके बचाएला खोजैसि ? अपने कैसे पवित्र परमेश्वरके साम खडा होए सकम दोसर समय तक, अपने क्रुससे मसिहके विजयी प्रकारके गईहर अर्थके मनन् करैत समय परमेश्वर अपनेके आशिष देवे ।

कार्यक्रम ९७

नरक

लुका १६

पवित्र धर्मशास्त्र कहलेः लेकिन डरपोकसब, अविश्वासिसब, घिनलागे बाला कम करेबालासब, हत्यारासब, व्यविचारिसब, जादुगरसब, मुर्तिपुजकसब आ झुट बोलेबाला सबके हिस्सा आगि आ गन्दक दन्के बाला कण्डमे होई । (प्रकाश २१ः८) ओकनि सबके बाहर अन्धकारमे फेकदि जेलङ रुवाबासी आ दाह्रा किटाई होखी, उ आगिके कण्ड जौन दियाबलस आ ओकर दूतसबके लागि तयार कैल बा । (मत्ति ८ः१२, २५ः४१) तब एकनिसब दण्डके भागी होई, लेकिन धर्मी जनसब अनन्त जीवनमे प्रवेश करि (मत्ती २५ः४६)

नरक ! एकर बारेमे कौनो भि बात करेके नचाहे । हमनी एकर बारेमे सोचेके भि नचाहम ! लेकिन आजु हमनि अध्ययन करेके हमनिके योजना नरकके बारेमे बा । काहेकि परमेश्वर एकर बारेमे बहुत बात कहेके बा । पवित्र धर्मशास्त्रमे परमेश्वर सयौ चेतावनीसब देले बा जेकरासे आदमिसब ओलङ जाएके नपरि । आजु दोसर पाठमे, हमनीके धर्मशास्त्र स्वर्ग आ नरकके बारेमे कथि सिकावले, आ हमनि कैसे स्वर्गमे जाएम आ नरकमे जाएम कहके निश्चित होए सकम कहके सिखेके योजनामे बाडि । भविश्यमे कथि होई, वा ओकनीसब अनन्त जीवन केलङ बिताई कहके केकरोके थाह नबा कहके बहुत आदमिसब सोचलै । काहेकि ओकनिसबके मुक्तिके वरदानके बारेमे किछो थाह नहै जौन विश्वासद्वारा प्राप्त करेला सबके लागि परमेश्वर प्रदान कैले बा । हमनी मरम त स्वर्ग जाएम कि नरकमे जाएम कहके परमेश्वरके वचनके कहल बातमे हमनी कैसे निश्चित होए सकम ? पक्का भि परमेश्वरके वचन कहलेः यी बातसब हम तोरा परमेश्वरके पुत्रके नाउँमे विश्वास करेबाला सबके लिखले बाडि ताकि तोहनीसबके अनन्त जीवन पएले बाडि कहके जानसके । (१ यूहन्ना ५ः१३)

आदरणीय श्रोता मित्र, कथि अपनेके थाह बा कि अपनेसँगे परमेश्वरके देल अनन्त जीवन बा, जौन उनकर वचनसे हमनीके प्रदान करले ? जौन दिन अपने मरम, अपनेके आत्मा कहाँ जाई कथि अपनेके थाह बा ? कथि अपने स्वर्ग लोकमे प्रवेश करम आ अपनेके नरकमे नपेठाई कहके यी बातमे अपने निश्चित बाडि ? यदि अपनेसँगे उ निश्चियता नबा त, हमनीके आजुके पाठ अपनेके लागि बडका ईच्छाके बिषय होए सकि ।

हमनिके सुसमाचारमे देखल अनुसार, मुक्तिदाता येशू पृथ्वीमे रहेके समय, येशू प्रायः स्वर्ग कहेबाला ठाउँके बारेमे सिखलै आ आदमिसबके नरक कहेबाला ठाउँके बारेमे चेतावनी देलै । येशू मरल दुजना व्यक्तिके बारेमे बतावल एगो सत्य कथा सुनेला आउ हमनी सुसमाचार वर फर्कु । यी कथामे एगो मरल आदमि स्वर्गमे गेल आ दोसरचाहिँ नरकमे गेल । येशू भिडके ऐसे कहके बोलाएलः

एकजना धनी आदमि रलै, जौन बहुमूल्य बस्त्र आ मिहीन मलमल लगाके दिनहु मोज मज्जामे बैठैत रलै । ओकर केमारिमे लाजरस नाउँके एक जना गरिब आदमिके ल्याके राखदेलै । ओकर सौसे देहे घाउ घाउ रहे । उ धनी आदमिके टेबलसे गीरल टुक्रासब खाके लाजरस अपन पेट भरेला ईच्छा करैत रहे । कुतासब भि आके लाजरसके घाउसब चाटैत रहे । उ गरिब आदमि लाजरस मरगेल, आ स्वर्गदूतसब लाजरसके ल्याके अबाहमके साथमे राखदेल । उ धनि आदमि भि मरगेल आ गाडगेल । नकरमे कठोर कष्ट भोगलाके समय धनी आदमि नजर उठाके देखलक आ दुरसे अब्राहम आ उनकर साथमे लाजरसके देखलक । (लुका १६ः१९-२३)

आउ अब हमनी एकतैका एलङ रुकु । उ धनि आदमि आ भिखारि लाजरसके कथि होलै अपने सुन्लि ? उ भिखारि मरके काहाँ गेल ? तरुन्ते लाजरसके आत्मा स्वर्गलोकमे, परमेश्वरके उपस्थितिमे गेल जहाँ परमेश्वरके अगमवक्ता अब्राहम भि रहे । आ उ धनि आदमि काहाँ गेल ? ओकर आत्मा तरुन्ते नरकके पिडामे रहे ।

भिखारि लाजरस स्वर्गमे आ धनि आदमि नरक काहे गेल त ? पहिला यी बात सुनु कि गरिबहोएके मतलब अपने बचाएल जाएम कहके नबा, आ बहुत धनिके मतलब अपने नष्ट होएम कहके भि नबा । लाजरस गरिब आदमि, स्वर्गलोकमे गेल काहेकि उ मुक्तिदाताके रास्तामे ध्यान देले रहे और परमेश्वर अगमवक्ता सबके लेखमे घोषणा कैले रहे । धनि आदमि चाहिँ परमेश्वरके वचनके बेवास्ता कैले रहे । उ धनि आदमि आजके बहत धनि आदमिसब जैसन रहे जौन बाहर रुपमे धार्मिक बा । ओकनी सबके मालुम बाकि ओलङ एक परमेश्वर बा आ अगमवक्ता सबके लेखक अवस्थित बा लेकिन ओकनिसब नरकके रास्तामे बा, काहेकि ओकनिसब भविश्वयवक्ता सबके धर्मशास्त्रमे प्रस्तुत कैल मुक्तिके रास्ताके बारेमे कहियो वास्ता कैले नहै । हमनीके सत्य कथामे होएल धनि आदमि जैसन, पैसा कमाएला आ निमन समय बिताएला ओकनी सबके लागि सत्यके वचन सुनेला महत्वपूर्ण बा, जौन ओकनी सबके आत्माके बचाए सकि ।

आउ हमनि यी कथाके निरन्तरता दिउ आ कैसे परमेश्वर नरकमे गेल उ धनि आदमिके स्वर्गलोकमे होवल अगमवक्ता अब्राहमसँगे बातचित करेला अनुमति देलै कहके हमनि सुन्लि । ओकनि सबके ओलङ कैल बातचितसे हमनि किछो बात सिखेके परमेश्वर चाहैत बा । येशू कहलक,

नरकमे कठोर कष्ट भोगलाके समय उ नजर उठाके देखलक आ दुरसे अब्राहम आ ओकर साथमे लाजरसके देखलक । तब उ चिलाके कहलक, हे पिता अब्राहम, हमरा उपर दया करके लाजरसके पेठादु आ ओकर अपन औलिके टुप्पा पानिमे चोपके हमर जिभके शीतल पारदेवे, काहेकि हम यी ज्वालामे भयङ्कर वेदना पाईत बाडि । लेकिन अब्राहम कहलक, बेटा याद कर, तु अपन जीवन कालमे निमन-निमन चिजसब भोग कैले, आ वैसहि लाजरस दूःखे दूख भोगलै । लाजरस अब एलङ आराममे बा, लेकिन तुचाहिँ कष्टमे बाडे । यी सब बात बाहेक एलङसे तोरालङ ओ पार जाएके खोजे बालासब जाए नसके आ ओपारसे हमनिलङ एपार आएके नसके कहके हमनीसब आ तोहनीसबके बिचमे एगो बहुत गईहर धाँदो बा । धनि आदमि कहलक, यिहे कारण हम बिन्ति करै सि, अपने लाजरसके हमर बाबुके घरमे पेठादु, काहेकि हमर पाँच भाई बा, आ उ ओकनि सबके चेतावनि

देवे, नत ओकनि भि यि कष्टके ठाउँमे आई । लेकिन अब्राहम कहलक, ओकनि सबके साथमे मोशा आ अगमवक्ता सबके पुस्तक बा । ओकनिसब उ सुने । लेकिन धनि आदमि कहलक, न, पिता अब्राहम, मरल आदमिसे कौनो एक जना ओकनिसबलङ जाई त, ओकनिसब पश्चताप करि । अब्राहम कहलक, मोशा आ अगमवक्ता सबके बात ओकनिसब नसुनि कहलक, मृतकसबसे कौनो जीवित होई भि त ओकनिसब विश्वास नकरि । (लुका १६ःर३-३१)

धनि आदमि आ लाजरसके कथा यीहेसे समाप्त होई आ हमेशाके लागि जारि रहि ! नरक एगो ऐसन ठाउँ बा जहाँ दया नबा । उ धनि आदमिके पिडा पानिके एक थोपा देके भि कौनो कम करे नसकल । आ उ धनि आदमि आजु भि नरकमे बा, न्यायके दिनके पर्खाइमे जब ओकर शरीरिरके अग्नी कुण्ड कहेबाला ठाउँमे फेकल जाई । ओलङ उ सदासर्वदाके लागि अपन पापमे मरलसब जेतनासँगे होई । धर्मशास्त्र कहलेः जेकर नाउँ जीवनके पुस्तकमे लिखाएल नभेटाई, उ गन्धक मिसावल अग्नी कुण्डमे फेकाजाई, ओकनी सबके पिडा सदासर्वदाके लागि उपर जाई । ओकनीसब दिन रात विश्राम नपाई । (प्रकाश २०ःर५, १४ःर०-११)

एकरा बारेमे विचार करु ! परमेश्वरके मुक्ति धार्मीक रास्ताके बेवास्ता कैल आ नरकमे प्रवेश कैल सबजना कहियो अस्तित्वमे नरहि, आकनिसब ओलङसे कहियो बाहर आए नसकि, आ ओलङके आगि भि कहियो नमुझाई । कहियो न !

पापी सबके किछो समय नरकमे दूख भोगलाके बाद, ओकनिसब बाहर निकलके स्वर्गलोकमे जाई कहके कौनो-कौनो सोचले । लेकिन स्वर्ग आ नरकमे हमनी समयके अस्तित्व नपाएम । अबके ठाउँसब दुनु अनन्तके बा । आदमिके रुपमे हमनी अनन्तके अवधारणाके बुझे नसकम । यी दोसर आयाम बा । नरक अनन्तके सजाय देवेबाला ठाउँ बा । (मत्ती २५ःर४६) आ आत्मासब यिहेमे प्रवेश करेबाला क्षण, ओकनिसब एकर गम्भीर तर्कके बुझेसकि । कौनो भागेला रास्ता नबा । यीहेसे अगमवक्ता सबके लेखमे मृतकसबके लागि कौनो पार्थनासब नबा । मृतकसबके लागि प्रार्थना करेबाला बात विशुद्ध रुपमे आदमि सबके बनाएल परम्परासबसे आएल बा । परमेश्वरके वचन कहलेः यी आदमिके लागि एक पटक मरेला आ ओकरा बाद इन्साफ नियुक्त कैल बा । (हिब्रू ९ःर७) मृतकसबके लागि प्रार्थना केलासे नरकमे भेल आदमिसबके पिडासे ओकनिसब मुक्त होए नसकि, न त यी ओकनि सबके न्यायके दिनमे बचाए नसकि । स्वर्गमे होएबाला सबके सम्बन्धमे, ओकनि सबके हमनिके पार्थनाके आवश्यक्ता नपरि काहेकि ओकनिसब परमेश्वरके उपस्थितिमे आ आनन्दमे होई ।

